# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

www.ziyouz.com kutubxonasi

ӨЗБЕКСТАН ИЛИМЛЕР АКАДЕМИЯСЫНЫҢ
ҚАРАҚАЛПАҚСТАН БӨЛИМИ

ҚАРАҚАЛПАҚ ГУМАНИТАР ИЛИМЛЕР
ИЛИМИЙ-ИЗЕРТЛЕЎ ИНСТИТУТЫ

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

***Көп томлық***

67–76-томлар



НӨКИС «ИЛИМ» 2014

www.ziyouz.com kutubxonasi

ББК 82.3 (5Ў-6К)
*К 59*

Ертеклер — халық аўызеки дөретпелериниң ишиндеги ең ески үлгилериниң бири сыпатында ерте дәўирлерден-ақ пайда болып, хәрқыйлы жәмийетлик тәсирлерге байланыслы раўажланып киятырған түрлериниң бири. Бул дөретпелер дүнья жүзи халықларынын ертеклери менен хәртәрепleme уқсас болыўына қарамастан, терең миллий сыпатларға ийе. Қарақалпақ халық ертеклеринде де алыс ата-бабалардын, әлленешше әўладлардын дөретиўшилик қәбилетлерин белгилейтуғын факторлар, арзыў-әрманларын, турмыс тәжирийбелерин, дүньяға көз-қарасларын көрсететуғын сюжетлер менен мотивлер миллий талапларға ылайық сүўретленеди.

Республика Парламенти хәм Ҳүкиметинин қоллап-қуўатлаўы менен «Қарақалпақ фольклоры» атамасындағы 100 томлықты баспадан шығарыў жумысларының жолға қойылыўы, руўхый қәдириятларымызға жанаша нәзер таслап, сол арқалы миллий сана-сезимлеримизди байытып, жас әўладты Ўатанға садық перзентлер етип тәрбиялаўдағы әхмийетли қәдем болып саналады.

Қарақалпақ халқының миллий руўхый байлықларының бири болған ертеклер сан жағынан да, сапа жағынан да айрықша әхмийетли. Әсиресе, олардың көптүрлилиги, мазмунлық өзгешеликлери, идеялық дәрежелери айрықша дараланып турады. Биз бул басылымға усы ертеклерди мазмунлық, көркемлик дәрежесине қарай тийисли түрлерге бөлип жибериўди мақул көрдик. Усы тийкарда қыялый, сыйқырлы, батырлық, турмыслық, дидактикалық, юмор-сатиралық, тымсал, жумбақ, ҳайўанатлар ҳаққындағы ертеклер ҳәм балалар ертеклери баспаға таярланды.

Дыққатыңызға усынылып отырған басылымға бурын баспа жүзин көрген ертеклер менен бир қатарда, фундаментал китапханамыздың қолжазбалар фондындағы илгери жәрияланбаған ертеклер де киргизилди. Бул ертеклерден халқымыздың аўызеки дөретпелерин жаңа дәўир көз-қарасынан үйрениўди нийет еткен илимпаз хәм изертлеўшилер, оқытыўшылар хәм студентлер, руўхый мийрасларымыз бенен қызығатуғын кең жәмийетшилик ўәкиллери пайдаланыўы мүмкин.

Бас редактор:
*профессор Н. Қ. Аимбетов*

Жуўаплы редакторлар:
*филология илимлериниң кандидаты А. И. Альниязов*
*филология илимлериниң кандидаты Ж. Хошниязов*

Бул көптомлық Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Илим хәм технологияларды раўажландырыўды муўапықластырыў Комитетиниң И1-ФК-0-24819-санлы Инновациялық гранты жәрдеминде баспадан шығарылды.

К 59 **Қарақалпақ фольклоры.** Т. 67-76 / Бас редактор Н.Қ.Аимбетов; Жуўаплы редакторлар: А.И.Альниязов, Ж.Хошниязов. ӨзИА Қарақалпақстан бөлими, Қарақалпақ гуманитар илимлер илимий-изертлеў институты.— Нөкис: «Илим».— 2014.— 560 б.

ББК 82.3 (5Ў-6К)

ISBN 978-9943-374-33-1

© «Илим», 2014

www.ziyouz.com kutubxonasi

# МАЗМУНЫ

Алғы сөз .......... 4

Қыялый ертеклер .......... 9

Сыйқырлы ертеклер .......... 181

Батырлық ертеклер .......... 227

Турмыслық ертеклер .......... 291

Дидактикалық ертеклер .......... 367

Балалар ертеклери .......... 395

Ҳайўанатлар ҳаққындағы ертеклер .......... 417

Юмор-сатиралық ертеклер .......... 433

Тымсал-ертеклер .......... 483

Жумбақ-ертеклер .......... 503

Түсиниклер .......... 557

www.ziyouz.com kutubxonasi

***«Ҳәр қандай халық яки миллеттиң мәнаўиятын оның тарийхынан, өзине тән үрп-әдет ҳәм дәстүрлеринен, турмыслық қәдириятларынан бөлек ҳалда көз алдымызға келтирип болмайды. Бул бағдарда, әлбетте, мәнаўий мийрас, мәдений байлықлар, әййемги тарийхый естеликлер ең әҳмийетли факторлардың бири болып хызмет етеди».***

**ИСЛАМ КАРИМОВ**

# АЛҒЫ СӨЗ

*Қарақалпақ халық ертеклери миллий аўызеки дөретпелеримиздиң ишиндеги әййемги дәўирлерден-ақ пайда болып, қәлиплесип, ҳәр қыйлы жәмийетлик тәсирлерге байланыслы раўажланып киятырған ең ески түрлериниң бири. Бул жанрдың өзине тән өзгешеликлери дүнья жүзи халықларының ертеклери менен ҳәр тәрепleme уқсас болыўына қарамастан, терең миллий сыпатларға ийе екенлиги менен де ажыралып турады. Онда ата-бабаларымыздың дөретиўшилик қәбилетлерин анықлаўшы факторлар, арзыў-әрманларын, қыял-ойларын, турмыс тәжирийбелерин, дүньяға көз қарасларын белгилеўши сюжетлер менен мотивлик үйғынласыўлар миллий талапларға ылайық сөз етиледи.*

*Әдетте, ертеклер қыялый пикирлеўден, қандай да бир әҳмийетли ўақыяны көркем баянлап бериў арқалы жүзеге келеди. Олардың мазмунларында турмыста болмаған ҳәдийселер сәўлеленеди. Бирақ, қандай ертек болса да, белгили бир жәмийетлик тәсирдиң, мәлим орталықтың талаплары тийкарында дөретилетуғынлығын итибарға алыўымыз тийис. Ертеклер қаншама дәрежеде ойлап табылған тоқыма сюжетлерге бай болмасын, бәри бир олар тарийхый-жәмийетлик зәрүрликлерге бойсынады.*

*Қарақалпақ халық аўызеки дөретпелериниң басқа түрлери менен салыстырғанда ертеклер ең көп тарқалған жанр. Ҳәзир бизиң китапханамыздың қолжазбалар фондында ҳәм басқа да тийисли орынларда мыңнан аслам ертеклердиң барлығы анықланады. Бундай болыўының тийкары — оның атқарыўшыларының көплиги менен тиккелей байланыслы. Себеби, «қулақтан кирип бойды ийелеген» ҳәр қандай ертек тыңлаўшылар тәрепинен басқа орынларда да қайталанып айтылып, тыңлаўшылар атқарыўшылар дәрежесине көтерилип, оған жеке дөретиўшилик мүнәсибеттиң тәсиринде емин-еркин вариантласады. Ҳәттеки, күшли өзгерислерге ушырап, жаңа дөретпениң пайда болыўына да жағдай жаратылыўы мүмкин. Солай да болса, биз қарақалпақ халық ертеклерин ылғый вариантласқан ертеклердиң жыйнағы деп баҳалаўдан аўлақпыз. Олар мазмунлық, көркемлик, идеялық жақтан ҳәр қыйлы композициялық тәрептен турақлы жеке аўызеки дөретпелер сыпатында халқымыздың орталығында қәлиплескен ҳәм елеге шекем өзиниң раўажланыў жолын даўам етип киятырған ҳәрекеттеги жанрлардың бири.*

*Қарақалпақ халық ертеклерин жыйнаў жумыслары XVIII әсирдиң екинши ярымынан басланды. 1740-41-жыллары Муравин ҳәм Гладышев патша Россиясының арнаўлы тапсырмалары менен Орскпен Хийўаға шекемги саяхат сапарында Сырдәрья қарақалпақларынан бир неше ертек үлгилерин жазып алған. Буннан кейин П.Рычков, Н.Каразин, А.Россикова, Ш.Уәлийханов, А.Кун, Риза Кули Мирза, И.Беляев ҳәм т.б. қарақалпақлардың аўызеки әдебияты менен қызығып, бир қанша фольклорлық материаллардың қатарында ертеклерди де жыйнаўға үлес қосқан. Ертеклерди системалы жыйнаў жумыслары 1920-жыллардан кейин жанлана баслады. Н.А.Баскаковтың басшылығындағы қарақалпақ тилиниң диалектлик өзгешеликлерин анықлаў ушын жыйналған мағлыўматлардың көпшилиги ертеклерден ибарат болды. Кейин халық аўызеки әдебиятына қызығыўшы жергиликли қәнийгелердиң көбейиўи менен бул ийгиликли жумыс айрықша ҳәўиж алды. Республикамыздың дерлик барлық районларынан жазып алынған ертеклердеги тийисли мағлыўматларға нәзер аўдарсақ, онда К.Айымбетов, О.Кожуров, С.Бекназаров, И.Юсупов ҳәм тағы басқа да зиялылардың атлары жазып алыўшылар топарында жийи көринеди. Сондай-ақ, 1936-46-жыллардың аралығында Шымбай педагогикалық техникумының студентлери К.Баймуратов, Р.Бабаназаров, Б.Ғайыпов, К.Тәжимуратовлар бир қанша ертеклерди ел арасынан жазып алған. Төрткүлден музыкалық училищениң оқыўшысы К.Палымбетов, Шораханда аўыл хожалық техникумының студентлери Б.Байдашев, О.Айтмағанбетов, М.Нурманов ҳәм т.б. ертек жыйнаўшылар қатарында тилге алынады.*

*1940-70-жылларға келип бул исти бир неше мәрте арнаўлы түрде шөлкемлестирилген фольклорлық*

www.ziyouz.com kutubxonasi

*экспедицияның ағзалары Қ.Мақсетов, Қ.Мәмбетназаров, А.Каримов, Т.Нийетуллаев, Ө.Ерполатов, Ә.Алымов, А.Төреев ҳәм тағы басқалар даўам етти. Олар өзлериниң дала жазыўларында ертеклерди жыйнаўға айрықша кеўил бөлди. Соң бул жумысқа қызығыўшылардың саны көбейип, ел арасынан өзлери жыйнаған ертеклерди китапханамыздың қолжазба фондына өзлери әкелип тапсыратуғын дәрежеге жетисти. Сондай-ақ, «Халық аўзынан жазып алынған» деген анықлама менен бир қатар ертеклер «Әмиўдәрья» журналы, «Жеткиншек», «Қарақалпақстан жаслары» газеталары бетлеринде усы күнге шекем жәрияланып киятыр.*

*Қарақалпақ халық ертеклерин жәриялаў жумыслары да жыйнаў жумысы менен теңдей алып барылды. 1930-жыллардан баслап жыйнаған ертеклер әдебий альманахларда, «Егеделер саўаты» оқыўлықларында жәриялана баслады. 1939-жылы Қ.Айымбетов ҳәм О.Кожуровлардың таярлаўында, 1940-жылы Н.Жапақовтың таярлаўында, 1949-жылы С.Бекназаров, Х.Тәжимуратовлардың таярлаўында (алғы сөзин жазған Қ. Айымбетов), 1956-жылы Қ.Айымбетов, Г.Есемуратов, А.Каримовлар таярлаўында, 1965-жылы Қ.Мәмбетназаров таярлаўында «Қарақалпақ халық ертеклери» деген атама менен баспадан шығарылды.*

*Миллий ертеклеримиздин рус тилинде жәрияланыўы 1950-жыллардың ақырларына туўры келеди. Соң рус тилинде ҳәр қыйлы атамалар менен ертеклеримиз турақлы түрде жарық көре баслады.*

*1970-жыллардың ақырына келип (1977-ж.) «Қарақалпақ фольклоры» көптомлығының дәслепки еки томында қарақалпақ халық ертеклери жәрияланды. Бул томларға жиберилген ертеклердиң басым бөлеги бурыннан жәрияланып киятырған нусқалар тийкарында ҳәм жаңадан қосылған ертеклердиң есабынан әдеўир кең көлемли, мазмуны, көркемлиги жағынан да итибарға ылайық дөретпелер қатарында жарық көрди.*

*Ўақыт өтиўи менен ҳәм өз ғәрезсизлигимизге ерискен дәўиримиз талапларына ылайық ата мийрас руўхый қәдириятларымызды қайта көрип шығыўға даңғыл жол ашылыўы нәтийжесинде халық аўызеки дөретпелерин жыйнаў, жәриялаў, изертлеў жумысларын тереңлестириў, ҳәр тәреплеме үйрениў зәрүрликлери туўылды. Усындай имканиятларға байланыслы биз қарақалпақ фольклоры жанрларының қатарында ертеклерди де ең салмақлы руўхый ғәзийнемиз сыпатында заманға ылайықластырыў, оннан ҳәзирги күнимиз ҳәм келешегимиз мүтәжликлери ушын пайдаланыў ўазыйпаларын ортаға шығардық. Нәтийжеде ертеклердиң барлық басылымлары жыйналды. Китапханамыздың қолжазбалар фондында сақлаўлы турған ертеклик материалларды топлаў жумыслары әмелге асырылды. Әдетте, ертеклер өз алдына жазылып алынбай, басқа фольклорлық жанрлар менен қосыла жазылып алынады. Сонлықтан да оларды бирмлеп жыйнаў усылын басшылыққа алдық. Диалектологиялық, этнографиялық экспедициялар барысында жазып алынған ертеклерге де усындай илажлар исленди. Бул халықлық дөретпелерди Қарақалпақ фольклорының көптомлығына таярлаў даўамында мыңнан аслам атамодағы ертеклердиң бар екенлиги анықланды. Сонлықтан да оларды томлардың шәртли көлемине жайластырыў ушын таңлап алыў жумысларын да алып барыўға туўра келди. Әлбетте, ертеклердиң барлығы бирдей, баспа ушын жарамлы емес екенлигин де есапқа алыўымыз тийис. Олардың гейпаралары композициялық тутаслыққа ийе болмаса, базыларында сөз етилетуғын ўақыялардың өз-ара үйлесимсизлиги, ўақыялық ҳәм толық мазмунлық қайталаўлар, бир мазмунға ийе ертектиң ҳәр қыйлы атамада болыўы, ҳеш қандай ўақыясыз, ылғый баян түриндеги, мәниси сайыз ҳәм т.б. елеўли кемшиликлерге ийе болған ертеклерден ибарат дөретпелерди томларға киргизбеўди мақул көрдик.*

*Биз ертек таңлаўда арнаўлы илажлар ислеп шығып, мүмкин болғанынша ертеклердиң мазмунлық қайталаныўларына жол қоймаўды, өз-ара уқсас мазмундағы, бирақ, вариантлық дәрежеге ийе болған, анығырағы, өз алдына көркемлик сыпаты бар дөретпелерди, сюжетлери тутас, қәлиплескен ертеклерди, мотивлескен ўақыялардың трансформациялық (көшпели) усыл менен басқа ертеклердеги белгили бир мазмунға сиңисиў жағдайларының утымлылығын қатаң басшылыққа алдық ҳәм усы принциплер тийкарында томларды таярлаўға еристик. Бизиң ең баслы дыққат-итибарға алған тәрепимиз — ертеклерде пайдаланылған сөзлерди, сөзлердиң бирикпелерин, гәп дизбеклерин түп нусқадағы түринде, ҳасыл ҳалында сақлаўдан ибарат болды. Әсиресе, архаизмлерге айрықша кеўил бөлинди. Себеби, биз ушын мәнисин жоғалтқан сөзлер бир ўақлары жасап өткен ата-бабаларымыздың турмыс орталығында жийи қолланылған. Соған бир жағы ҳүрмет көз қарасынан, бир жағы, тилимиздиң семантикалық имканиятларын байытыўды, қалаберсе, ҳәзирги жасларға, изги әўладларға руўхый мийрас, мүлк сыпатында қалдырыўды ойлап, арнаўлы сөзликлер исленди. Буннан ертеклерди таярлаўда улыўма текстологиялық жумыслар исленбеген екен деген жуўмақ шықпаўы керек. Гөнерген сөзлерди қайта ислеўде олардың мәнилери анықланды, басқа араб, парсы, түркий халықларының сөзликлери менен салыстырылып, илимий көз қарастан үйренилди.*

*Басылымға жиберилип атырған ертеклерди паспортизациялаў мәселеси де жолға қойылды. Ҳәр бир ертектиң инвентарь саны көрсетилип, усы тийкарда кимнен, қашан, қай жерден, ким жазып алғанлығы ҳаққында мағлыўматларды алыў итималы бар екенлигине дыққат аўдардық. Дурыс, бул мәселени толық шештик деп те айта алмаймыз. Себеби, қолжазбаларда усылардың барлығын анықлайтуғын тийисли*

www.ziyouz.com kutubxonasi

*дәреклер толық емес. Соған қарамастан биз қолда бар мағлыўматларды барынша пайдаланыў ушын ҳәрекет еттик.*

*Ертеклерди тематикалық жақтан тәртипке келтириў жумыслары да бир ўақыттың өзинде алып барылды. Бурынғы басылымларда «Қыялый ертеклер», «Турмыс ертеклери», «Ҳайўанатлар ҳаққында ертеклер» деп үлкен үш түрге бөлинип жиберилген болса, биз бул принциптен шығып, шәртли түрде олардың түрлерин мазмунлық өзгешеликлерине ылайық үлкен он түрге бөлиўди мақул көрдик. Себеби, бизиң қолымызда бар ертеклердиң көп тармақлы мазмунда сәўлелениўи усындай илажларды ислеўге мүмкиншиликлер жаратып берди. Пикиримиздиң дурыслығын тастыйықлаў ушын ертеклердиң ҳәр бир түрине тийисли критерийлар ислеп шығылды ҳәм олардың мазмунлық өзгешеликлерине, қаҳарманларына, ўақыялардың шешилиў усылларына, идеялық мәнилерине тийкарғы дыққат аўдарылды. Басылымға жиберилип атырған ертеклердиң түрлери ҳәм олардың өзгешеликлери төмендегилерден ибарат:*

*Қыялый ертеклер — ойдан тоқылған ҳәдийселерди, ўақыяларды, сюжетлерди, мотивлик уқсаслықларды ҳәдден зыят усыллар менен сәўлелендирип келеди. Бул түрдеги ертеклердиң басым бөлеги қаҳарманның узақ сапарларға атланыўы менен байланыслы болып, ўақыялар оның жолдағы барған жериндеги көрген қыйыншылықлары менен раўажланып барады. Көбинесе қаҳарманға жәрдемши күшлер сыпатында қуслар, (қарақус, суймурық), перилер, дәўлер болып тәрийпленеди. Олар қаҳарманның мақсетине ерисиў жолында баратуғын жерине апарып, әкелип, тийисли мәсләҳәтлер берип, өз жәрдемлерин аямай хызмет етеди.*

*Биз жәриялаған мақалалардың биринде қыялый ертеклерди сыйқырлы ертеклер менен қосып, оларды улыўма «Сыйқырлы ертеклер» деп атаў усыныс етилген еди. Бирақ, соңынан жыйналған материалларды үйрениў барысында бул пикирлер қайта көрип шығылды. Сыйқырлы ертеклерден қыялый ертеклерди бөлип алыў зәрүрлигиниң бар екенлиги анықланды. Буған себеп болған жағдай, сол дөретпелердиң өзине тән өзгешеликлериниң дараланып баян етилиўиниң нәтийжелери екенлигине байланыслы. Олар ата-бабаларымыздың тотемлик түсиниклери менен тығыз байланыслы, ерте дәўирлерде-ақ пайда болып қәлиплесип, раўажланып келген. Адамлардың қуслардан, жабайы ҳайўанлардан (көбинесе жылан, жолбарыс) жәрдем алыў дәстүри қыялый ойлаўдың көринислери болыўы менен бирге тотемлик түсиниклердиң тәсиринде дөретилгенлигин байқарлаў қыйын.*

*Қыялый ертеклердиң идеясы белгили бир мақсет жолындағы қыйыншылықларға шыдам бериў, қалай болмасын жеңиске ерисиў зәрүрликлерин сөз етеди.*

***Сыйқырлы ертеклердиң** сюжетлери оғада қоспалы, қызықлы, тартымлы болып келеди. Олардың қаҳарманлары тийкарынан адамлар. Бир-бирине мүнәсибетлери сыйқырлы күшлердиң жәрдеминде әмелге асырылады. Ертектиң бас қаҳарманы бир қатар сыйқырлы тәсирлердиң нәтийжесинде мурат-мақсетине жетеди ямаса оның қурбаны болады. Оның жәрдеминде адам «көзди ашып жумғанша» қәлеген жерине барып-қайтып, мүтәжин питкереди, душпанлары үстинен жеңиске ериседи. «Ҳәпзаматта» қалалар қурылады, дәръялардың суўы музға айланады ҳәм т.б. Көпшилик жағдайда ҳәр қыйлы сыйқырлар: дуўа, жайтас, мөженетас, жүзик, айна, тарақ, ушар гилем, тастабақ, ашыл дәстурхан, сыйқырлы ийне ҳәм т.б. жансыз затлардың жәрдеми менен исленеди. Олар адамды ҳайўанға айландырып болып, қайтадан адам ҳалына келтире алады. Сыйқыр ийелери: дуўаханлар, перилер, мәстан кемпир ҳәм т.б. ертектиң мазмунына ылайық қаҳарманға дослық яки душпанлық қатнаста болады. Бул топарға киретуғын ҳәр бир ертектиң композициялық желиси ҳәм кульминациялық шешимлери сыйқырлы күшлердиң тиккелей араласыўы менен байланыслы болғанлықтан, биз оларды өз алдына қыялый ертеклерден ажыратып алыўды мақул көрдик. Сыйқырлы ертеклердиң пайда болыў дәреклери де узақ дәўирлик тарийхый-жәмийетлик қатламларды өз мазмунларына сиңдирип алған. Адамлардың ең дәслепки исениминиң (культ) бири болған сөз-дуўа ҳәм жансыз затлардың қәсийетли күшке ийе болыўы ҳаққындағы түсиниклер (фетиш) пайда бола баслағаннан-ақ, олардың ертеклердиң мазмунларына сиңисиўи тәбийғый ҳалат болып, тутас мың жыллықлар даўамында миллий сана-сезимлеримизден беккем орын алып келгенлиги байқалады. Идеясы — адамның имканиятынан тысқары ғайры күшлерди нәсиятлаўдан ибарат.*

***Батырлық ертеклер** — турмыслық машқалаларға жақын, белгили бир қаҳарманның алыс үлкелердеги машығына үйлениў ушын сапарға атланыўы, жолындағы дус келген қарама-қарсылықларды батырлық пенен жеңиўи ҳәм ел-журтына келип, мурат-мақсетине жетиўи сыяқлы улыўма сюжетлик желис пенен баян етиледи. Мазмуны жағынан қаҳарманлық дәстанларға уқсас болып, ол ел қорғаўшы ар-намыс қурбаны, мақсетке өз күши менен ерисиўши қаҳарман образында тәрипленеди. Бунда экзогамиялық некени қоллап-қуўатлаў, халқын душпанларынан азат етиў, қутлы абат турмыста өмир сүриў идеялары басшылыққа алынады.*

***Турмыслық ертеклер** — атқаратуғын хызмети жағынан ата-бабаларымыздың күнделикли турмысында болып өткен ўақыяларды сөз етиўге қаратылады. Оларда үлгили турмыс тәжрийбелери, үрп-әдет, дәстүрлеримиздиң ўақыяларға тийисли болған айырым тәреплери, өз-ара унамлы, унамсыз адамгершилик*

www.ziyouz.com kutubxonasi

қатнаслар; ақыллылық, ақмақлық, садықлық, дослық, душпанлық, опасызлық, ҳийлекерлик, еріншеклик ҳәм т.б. ҳәр қыйлы кеширмелер ертеклердиң тийкарғы мазмунын қурайды. Қаҳарманлары патшалар, саўдагерлер, шопанлар, балықшылар, бағманлар ҳәм басқа да ҳәр қыйлы кәсип ийелеринен ибарат. Бундай ертеклерде тоқыма сюжетлер аз дәрежеде, елеспесиз түрде қолланылыўы мүмкин. Басқа ертеклерден айырмашылығы да усы өзгешеликлери менен көринеди. Сюжетлери ҳақыйқат турмыс тәшўишлерин, ҳәр кимниң басынан өтиўи мүмкин болған ғалма-ғаллы өмирдиң талапларынан келип шығады. Идеясы адамгершилик пазыйлетлерди ҳүрметлеў, жақсыны жаманнан ажыратыў, татыў, татлы турмыс кешириў зәрүрликлерин үгит-нәсиятлаўға қаратылған.

***Дидактикалық ертеклер*** — адамларға ақыл-нәсият бериўде ең утымлы ҳәм нәтийжели усыл болып есапланады. Ол улыўмалылық характерде, ҳәмме ушын теңдей бағдарда айтылғаны менен, оларды ҳәр ким өзинше қабыл етеди ҳәм тийисли жуўмақлар шығарыўға «мәжбүрлейди». Ертеклердеги ўақыялар ҳәм сюжетлер жақсы пазыйлетлердиң абзаллығын, жаман ҳәрекетлердиң азаплы ақыбетлерин турмыслық фактлар менен дәлийллеп бериўге бағышланады. Яғный, олар туўры, тиккелей айтылмастан, образластырылған ҳәм көркемлестирилген, тийисли ўақыялық дәреклер менен байытылған түринде баян етиледи. Қаҳарманлары даналар, көпти көрген жасы үлкенлер, айырым жағдайларда жас балалар, қызлар, кәсип-кәр, өнер ийелери, мәсләҳәтшилер ҳәм т.б. қатнасыўында дөретиледи. Тийкарынан дидактикалық ертеклер адамларды ийгиликли ислерге бағдарлаўшы ҳәм оларға руўхый күш бағышлаўшы халықлық тәрбия дәреги болып есапланады.

Идеялық сыпатлары өз-ара ҳүрмет-иззет, сыйласық, аўызбиршилик, ғамхорлық, кишипейиллик ҳәм т.б. ҳасыл пазыйлетлерди үгит-нәсиятлаўында көринеди.

***Балалар ертеклери*** — балалар турмысында жүз беретуғын ҳәр қыйлы ўақыялардан ҳәм сюжетлерден қуралады. Балалардың өзлерине ылайық қыйыншылықларды жеңиўи, ата-аналарының тәрбиясында болып, өз шаңарағына пайда келтириўи ямаса шоқлық, еркелик етиўи, жәрдемшилик хызмет атқарыўы, ақыллылық, садалық, билиўге, үйрениўге қызығыўшылық нийетлери ҳәм т.б. ҳаққындағы ўақыялық факторларды көркем сүўретлеп береди. Балалар ертеклериниң тағы бир өзгешелиги, оларда қыялый, сыйқырлы, турмыслық сыяқлы ертек түрлериниң мотивлери жийи ушырасады. Деген менен, ўақыялар ҳәм сюжетлер балалар турмысын сөз ететуғын болғанлықтан, биз оларды «Балалар ертеклер» деп алғанды мақул көрдик.

Әдетте, ертеклердиң қаҳарманлары балалар ҳәм олардың дөгерегиндеги сыртқы дүньяға көз-қараслары, қатнаслары, арзыў-әрманлары, тилек-мақсетлери жолындағы талпыныслары ҳаққында сөз етиледи. Соны да атап өтиўимиз керек, бул ертеклерде тоқыма сюжетлер еркин пайдаланылады. Идеялық жақтан балалардың сана-сезимлерин қәлиплестириў, беккемлеў ҳәм раўажландырыў ушын хызмет етеди.

***Ҳайўанатлар ҳаққындағы ертеклер*** — ҳәр бир ҳайўанның өзине тән минез-қулқына, келбетине ылайық образлар жыйнағының сәўлелениўин тәмийинлейди. Олардың қаҳарманлары ҳайўанлар дүньясы. Адамлар дерлик араласпайды. Бирақ, усы ертеклерди дөретиўши адамлар, қандай дәрежеде болса да өзлериниң ҳайўанлар ҳаққындағы түсиниклерин ертеклердиң мазмунларына сиңдирип барады. Олар түлкини — сум, қасқырды — жаўыз, арысланды — айбатлы, өгизди — мийнеткеш, ешекти — ақмақ, қоянды — қорқақ ҳәм т.б. сыпатында сүўретлеп, ҳайўанлардың жеке характерине сүйенген ҳалда тәсирли, ықшам, қызықлы ертеклер дөреткен. Ўақыялар ҳайўанлардың образлары арқалы баян етилгени менен, олар адамлардың ҳайўанларға болған көз қараслары нәтийжелери екенлигин дурыс қабыл етиўимиз тийис. Ҳайўанлар ҳаққындағы ертеклерде астарлы шешимлер қолланылмайды.

***Юмор-сатиралық ертеклер*** — басқа да ертек түрлери сыяқлы ата-бабаларымыздың узақ өтмиштен бери қарай турмыслық тәжирийбелери тийкарында дөретилген. Әзелден ҳәзилкеш, ҳақыйқатлықты қәстерлеўши халқымыз өзлериниң басларынан кеширген кемшиликлерин, жетискенликлерин күлкили образлар менен сәўлелендириўге шебер болған. Соның нәтийжесинде юмор-сатиралық бағдардағы ертеклердиң пайда болыўына тийкар салынған. Ертектиң қаҳарманлары — байлар, патшалар, ўәзирлер, қарапайым адамлар, дин ўәкиллери, қазылар, талабы келиспеген адамлар, қосжақпас ериншеклер, сум балалар, қорқақлар ҳәм т.б. персонажлар күлкили ис-ҳәрекетлери менен көринеди.

Юмор-сатира ата-бабаларымыздың турмысында оғада әҳмийетли роль ойнаған. Олардың ўақтын хош етиў менен бир қатарда өз кемшиликлериниң ямаса ерси ҳәрекетлериниң үстинен күлиў арқалы өзлерин нуқсанларынан азат етиўдеги ең бийҳазар қурал хызметин атқарған. Бундай ертеклер дүркиниңиң өмиршеңлигине усындай өзгешеликлери себеп болған болса керек.

***Тымсал-ертеклер*** — қандай да бир ўақыяны ямаса айтылажақ пикирди аўыспалы мәниде тымсаллап сәўлелендиреди. Мазмунлары тутасы менен аллегориялық сыпатлаўлардан турады. Қаҳарманлары қуслар ҳәм ҳәр қыйлы ҳайўанатлар болады да, оның астарлы мәнилери тиккелей адамларға қаратылады. Олардың «Ҳайўанатлар ҳаққындағы ертеклер»ден айырмашылығы да сонда. Сөзлерди тымсаллап айтыў дәстүри де узақ дәўирлердиң жемиси. Мәниси жағынан тийшли ҳәм өткир болып келеди. Тыңлаўшылардың

www.ziyouz.com kutubxonasi

*өзлери ҳаққында ойланыўына жағдай жаратып береди. Идеялық мазмуны ҳәр ким өзине ылайықлы туўры жол таңлаў зәрүрликлерин сөз етеди.*

***Жумбақ-ертеклердиң*** *мазмунлары жумбақ сөзлердиң мәнилерин дурыс шешиўге қаратылады. Бундай ертеклердиң дүзилиси бир-бирине жүдә жақын. Әдетте, патша ўәзирлерине ямаса басқа да қол астындағы адамларға жумбақ сөздиң сырларын анықлап бериўди буйырады. Олар жуўап излеп таба алмай, ел арасынан оны билетуғын адам излейди. Ақыр-ақыбетинде бир ғарры ямаса ақыллы ҳаял, бала, қыз, шопан, қулласы шеткериде күн кеширип атырған адам табылады. Ўәзирлер олардың кеўлин таўып, жумбақ сөздиң мәнисин шағыўға ериседи. Ўақыялар усындай бағдарда даўам етип, оны тапқан қаҳарман сарай хызметине алынады. Жумбақ ертеклер ата-бабаларымыздың сөз қәдирин ҳүрметлейтуғын даналықларының нәтийжелери. Олар адамларды ойланыўға, пикир жүритиўге үйрететуғын өзгешеликлери менен баҳаланады.*

*Ертеклердиң жанрлық көз қарастан көп түрлерге бөлиниўи ҳәм биз белгилеп өткен критерийлердиң тиккелей сол түрдеги ертеклерде қолланылыўы, яғный мазмунлық жақтан өз атамасына ийе болыўы усындай халық дөретпелерин тереңнен, ҳәр тәреплеме, анық түсиниўге қолайластырылғанын да атап өтиўимиз тийис. Бирақ, ертеклердиң ҳәр бир түринде жанрға байланыслы барлық түрлери де қатнасыўы мүмкин. Сонлықтан да, биз усылардың ишинде бир түри басым сәўлеленетуғын, ўақыялардың раўажланыўында, кульминациялық шешимлеринде тийкарғы әҳмийетке ийе болған түрин есапқа алып, оны сол түрдиң аты менен атаўды уйғардық.*

*Ертеклерди баспаға таярлаўда Өзбекстан Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институтының илимий хызметкерлери: филология илимлериниң кандидатлары А.Альниязов, Ж.Хошниязов, илимий хызметкерлер Г.Нуратдинова, Т.Қанаатов, А.Бекимбетов, П.Өтениязов, Г.Бегмуратова, компьютер операторлары Б.Сейтбекова, Ш.Сайымбетов, А.Пурханова, З.Аманбаева, Р.Юлдашева, А.Бекбергенова, У.Мамбетмуратовалар қатнасты.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

67- ТОМ



# ҚЫЯЛЫЙ ЕРТЕКЛЕР

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ШОПАН БАЛА
(Р-335. № 176487)

Бурынғы өткен заманда бир шопан болған екен. Сол шопан патшаның қойын бағып күн көреди екен. Өзинин басы да таз, гүри де әбеший болып, жүдә усқынсыз екен. Неше жыл ханның қойын бағып жүрип, бир күни түс көреди. Түсинде басында ай туўып, киндигинен шолпан жулдыз туўып турғанын көреди. Ол, кимде-ким менин түсимди жорыса, алдымдағы қойлардың хәммесин беремен деп, гүзар жолға барып отырады. Бир ўақытлары астында көк ешек, көк шапанлы, көк сәллели, ақ сақаллы бир үлкен адам келе берди. Алдынан кес-кеслеп шығып, тәңир сәлемин берип:

— Ата түс көрип едим, түсимди жорып кет. Түсимди жорысаң, алдымдағы қойларымның хәммесин беремен, — деди.

— Яқшы, балам, жорып берейин, — деп ғарры келисим берди.

Ғаррыға көрген түсин айтты.

— Балам, еки патшаның қызына үйленеди екенсең, — деди.

Шопан алдындағы қойын инам етсе, ғарры алмады. Ғарры қойды алмаған соң, бала қойды таслады да, алсам ертерек алайын деп, қанғып кете берди. Күни бойы жол жүрип, биймезгил ўақыт болып кетти. Түнниң ортасы болғанда бир шәхәрге келди. Үйлердиң бәри илик, киретуғын жай таппай үлкен бир дәрўазалы жайға барды. Жол жүрип, харып-шаршап келген бала дәрўазаның қапталында жата кетти. Баланың көзи уйқыға кетпей-ақ, бир атты минген, бир атты жетеклеген бир жигит үстине жетип келди. Келди де, дәрўазаның аўзына еки атты қойып, дәрриў ишке кирип кетти. Бала орнынан турып, еки атты ийегинен услады да турды. Көп кешикпей-ақ иштен еки қолында еки толы коржыны бар бир қыз, шығып келеди. Дәрўазадан шығып:

— Келдиң бе? — деди.

Бала да:

— Келдим, — деди.

Сол күни сол байдың қызы бир байдың баласы менен қашатуғын болған екен, оған шопан бала тап болған екен. Қыз келиўден иркилместен атқа минип, «жүр кеттик» деп атты шаўып кете берди. Тан атқанша жол жүрди. Таң атқан ўағында жигитке қараса, өзинин қашаман деген жигити емес, басы таз, гүри де әбеший бир адамды көреди. Қыз қатты қапа болады. Қапа болса да, қолдан келер әмел жоқ, «мениң несийбем шығар» деп қайыл болады.

Бир жерлерге барғанда отлақлы жерди көреди. «Бул жигит адам бола ма екен, буны сынап көрейин» деп, қыз:

— Бес-алты түйең болса, шубатты ишип, қарныңды тыр-тыр қасып жататуғын жер екен, — деди.

Бала оған индемеди. Және жүрип кете берди. Көп майданлар жол жүргеннен кейин бир булаққа ушырайды. Булақтың бойына барып, аттан түсип, шатырын қурып, баланы булаққа шомылдырып, таза кийимлер кийгизди. Таза кийим кийгизип қараса, өзиниң жигитинен анағурлым артығырақ болды. Қыздың кеўли толады. Бүйерде жатып дем алып, және атланып жүрип кете берди. Бирнеше күн жол жүргеннен кейин, бир шәхәрдиң қарасын көреди. Шәхәрге жақын барып:

— Усы жер қонысқа тәўир жер екен, усы жерден қоныс басайық, — деп, аттан түсип шатырын қурды. Сол жерде мийман болды. Ертеңине базар күни еди. Қыз балаға:

— Буннан қалаға бар, он еки күнликши әкел, алты кирейкеш арба әкел. Бир арбаға салып азық-аўқат әкел. Усы жерден жақсылап жай салайық, мына қоржында жатып жегендей ақша бар, — деп, қолына пул берип қалаға жибереди.

Бала қалаға барып, он еки күнликши, алты арба таўып, жейтуғын азық-аўқат алды. Шатырына қайтып келеди. Сол жерден патшашылыққа минәсип болғандай үлкен жай салады. Жай питип, ишине кирип алады.

Бир күни сол елдин патшасы сәўирлеп шәрдәреге шығады. Шәрдәреге шығып жән-жағына қараса, қаладан сыртқарыда патшалыққа минәсип бир жай салыныпты. Патша ўәзирин шақырып алып:

— Бул не жай екен, қандай адамның жайы екен, билип келиң, — деп ўәзирлерин жибереди.

Ўәзир келсе, қызды көрип еси аўып қалды. Патшаға қайтып келди. Ўәзирден «кимниң жайы?» деп сораса:

— Бир жигит бар, бир нашар бар, дүньяға келмеген арыў, патшалыққа минәсип екен, — деди. Патша буған ашық болды.

— Кәне, сол жигитти өлетуғын жерге жумсағандай қандай ақыл бар? — деди патша ўәзирлерине.

Сонда турып бир ўәзир айтты:

— Барсакелместе бир дарақ бар, бир жапырағы алтыннан, бир жапырағы гүмистен. Өзин пери ийелеп кеткен. «Соннан бир шақа әкелип бересең» деп жумсасаңыз, оны пери қағып өлтиреди. Соннан соң сол

www.ziyouz.com kutubxonasi

қызды сиз алмай ким алады? — деди.

Бул сөз патшаға мақул түсип, балаға жәллад жиберди. Еки жәллад барып, «сени патша шақырады» деп баланы алып қайтты. Бала кетеринде ҳаялы айтты:

— Шопанлық етип, есик бетте отырма, төрге өрлеп, алтын тахтта отыр. Сени патша узақ жаққа жумсайды. Үш күн мәўлет алып қайт, — деди.

Бала патшаның алдына кетти. Патшаның алдына барып сәлемин берди. Патша сәлемин алды. Төрде өрлеп отырыў жоқ, есикте отыра кетти. Патша баланың шопан екенин сезди.

— Сизди шақырғаным, сизге хызмет бар, барарсыз ба?

— Патша жумсаса, пухараға не турыс, бармармыз тақсыр!

— Барсакелмес деген жерде бир байтерек бар, соннан бизге бир шақа әкелип бересең, — деди.

— Тақсыр, үш күн мәўлет бериң, үш күннен кейин кетейин, — деди.

Патша үш күн мәўлет берди. Бала үйине қайтты. Үйине қайтып келди. Ҳаялы:

—Не хызметке буйырды? — деп сорады.

— Барсакелмес деген жерде бир байтерек бар, сол бай теректен бир шақа әкелип бересең деди, — деп бала патшаның буйрығын айтты.

Үш күни де питти, патшаға бармақшы болды. Ҳаялы айтты:

— Патшадан қырық түйе сора, «қырық түйениң жүгин тарыға толтыр» де. «Қырық жылқы бер» дегейсең. Барарда арқа аўыздан кир, шығарда қубла аўыздан шық, — деди.

Бала атланып патшаға кетти. Патшаға барып сәлемин берди. Патша сәлемин алды.

— Кәне, ғәзийнеден керегиңди айт, — деди.

— Маған қырық түйе бересиз, үстин тарыға толтырасыз, қырық жылқы бересиз, — деди.

Патша сораған затларын тайын етти. Бала малларды алып үйине келди. Сол күни болып, ертеңине жолға түсти. Кетерде ҳаялына:

— Ақыл айт, кәне, буларды, тарыны не қыламан? — деди.

Сонда ҳаялы:

— Бул кеткеннен кетерсең, нешше күн жол жүрген соң есабы жоқ, саны жоқ, көп қумырысқаға ушырайсаң. Сени бир адым да жүргизбейди. Сол ўақытта қапқа пышақты салып жибергейсең. Тарыны жеп болғаннан соң патшасы келип, сеннен жол болсын сорап жаныңа келер. Баратырған жағыңды айт. Сени жолға шығарып салар. Нешше күн жол жүргеннен кейин алдыңнан көп жолбарыс шығар. Түйени жүргизбес. Буған жылқыны сойып тасла, жылқыны жеп болғансоң жолбарыстың патшасы саған келип жолығар. Талап етип баратырған жериңди айт. Сениң жаныңа биреўин қосар, сени жолға салар. Қарақусқа жолығатуғыныңды айтар. Нешше күн жүргеннен кейин шарлап ушып жүрген қарақусқа ушырасасаң. Олар сени жүргизбес, сен мына түйелерди сойып тасла. Түйени жеп болар. Соннан кейин қус патшасы келип жол болсын сорар, — деди.

Сөйтип баланы жолға салды. Бала кете берди. Нешше күн жол жүргеннен кейин көп қумырысқаға ушырады. Бир адым да жол жүргизбеди. Аттан түсти де, қолына пышақ алып түйениң үстиндеги қапқа салып жиберди. Тары төгилип қалды. Қумырысқалар тарыға жабысты. Жеп болған соң патшасы жол болсын сорап, баланы жолбарысқа жумсады. Бала жолбарысқа барып, жылқысын сойып берип, жумысын айтады. Жолбарыстың патшасы:

— Енди саған бир жолбарыс қосаман, ол сени қарақус патшасына апарып салады. Барғаннан кейин қарақустан сорарсаң, сениң айтқан жериң жақын. Бәлким, жәрдем етер, — деп, бир жолбарысты қосты.

Нешше күн жол жүргеннен кейин «енди бир мезгил жол қалды» деп, жолбарыс қайтып кетти. Бир мезгил жүрген соң сызылдап ушып киятырған есабы жоқ қарақусқа ушырады. Бир адым жүргизбеди. Бала аттан түсти де, түйелерди сойып таслады. Өзи бир төбеге шығып дем алып отырды. Жеп болған соң бир қус ушып келип баланың қасына қонды, жол болсын сорады. Бала:

— Бизди патшамыз Барсакелмес деген жерде бир байтерек бар, сол теректиң бир жапырағы алтыннан, бир жапырағы гүмистен, сол теректен бир шақа әкелип бересең деп, буйырды. Соған келдим, — деди.

Қарақус патшасы сол бай теректи билетуғын еди. Ол:

— Байтерекке барыў қыйын. Өйткени, оны пери меншиклеген. Астыңдағы атың жүйрик болса, барыўға болады. Бүгин бул жерде мийман бол. Ертең азанда атлан. Бар да, бир шақасын ал да, қаш. Бизлердиң шетимизге жетсең болды, жәрдем беремиз. Жаныңа жолдас қосаман, — деди.

Сол күни мийман болды. Азанда атланды. Астындағы қара аты жүйрик еди. Қапталына бир қус қосты. Бул төменде, қус жоқарыда кетип, бир байтеректиң қасына жетти. Бала атты қатты шаўып барды да, бир шақасын алып кейинине қашты.

Перилер сол күни сайран етип жүр еди. Байтеректен бир шақа урланғанын билди де, булардың изинен қуўды. Енди жеттим дегенде қарақустың жерине жақын келди. Алдынан қарақуслар шығып айырып алды. Бала сол күни мийман болды. Ертеңине қайтар ўақта қарақус, «бизлердиң керегимиз

www.ziyouz.com kutubxonasi

болар» деп бир пәрин жулып берди.

Бала нешше күн жол жүрип жолбарысқа келди. Сол жерде бир ақшам жатты. Ертең қайтар болды. «Бизиң де керегимиз болар» деп бир түгин жулып берди. Нешше күнлерден кейин қумырысқаларға жетти. Ол жерде де бир ақшам жатып, ертеңине кетер ўақта қумырысқа бир муртын жулып берип, жолға шығарып салды.

Нешше күн жол жүрип, үйине жетти. Шопанның хаялы апарған шақаны өзиниң хаўызының бойына шаншып қойды. Сөйтип патшадан хабар алмай жата берди.

Бир күнлери патша шәрдәраға шығып жән-жаққа қарап турса, жалтырап турған теректиң шақасына көзи түсти. Патша төменге түсип, тахтына минип ўәзир, қусбегилерин шақырып алды:

— Бизиң жумсаған баламыз келген қусайды. Енди қайда жумсаймыз? — деп ойласты.

Сонда қусбегилер айтты:

— Енди ол баланы, Үндемес ханның қызы бар, соған жумсаң. Оның үш шәртин питкермесе, өлтиреди. Нешше палўанлар соның жолында өлген. Бул бала шәртти питкере алмай өлер, әкелип бермесе, сиз өлтиресиз. Оннан кейин шопанның хаялын сиз алмай ким алады, — деди.

Патшаға бул сөз мақул түсип жәллат жиберди.

Жәллат барып:

— Хабарласқандай ким бар? — деп есикти қағып еди, ишкериден баланың хаялы шықты.

Ҳаялды көрген ўақта жәллаттың еси аўып аттан қулады. Бир мәҳәллери өзине келип, балаға «сизди патша шақырады» деп жәллат қайта берди. Бала қара атын минип патшаның алдына барды. Патша да «әкелген теректиң шақасы қайда?» деп баладан сорамады.

Патша айтты:

— Бала, сизге және хызмет табылып тур, барарсыз ба? — деди.

— Әжеп, тақсыр, барайын, — деди.

Патша хызметин айтты.

— Күнниң шығыс астында Үндемес ханның қызы бар. Сол ханың қызын бизге айттырып әкелип бересиз, — деди.

— Әжеп болар, тақсыр, — деп бала патшадан руқсат алып, үйине қайта берди. Үйине келип бир ақшам мийман болып, хаялынан ақыл сорады.

— Кешеги барып келген жолыңдағы жорадарыңнан шақырғанда келгендей түгин алдың ба? — деди хаялы.

— Алдым, — деди.

— Алған болсаң, ханның қызының үш шәрти бар. Үш шәртин орынлаўға қарсы сол үш жоранды шақырсаң, сениң алдыңа қойған шәртлериңди орынлап шығар, — деди.

Бала хаялы менен хошласып жолға түсти. Нешше күн жол жүрип, Үндемес ханның шәҳәрине жетти. Турған бир ылашыққа барып, қайсы патшаның ели екен, қай патшаның журты екен, не хабарлар бар екен деп, ылашыққа қайрылды. «Ассалаўма-алейкум» деп кирип барса, бир қулағын жамылған, бир қулағын төсенген бир кемпирдиң отырғанын көрди.

— Кел, балам, қайдан жүрсең, қайдан турсаң? — дейди.

— Улсызға ул, қызсызға қыз боламан, — деди бала.

— Мениң улым да жоқ, қызым да жоқ, маған бала бола ғой, балам, — деди.

— Әжеп, мама, — деп, кемпирге бала болып жүре берди.

Күнлерде бир күн бала суўық демин алып, гүрсине беретуғын болды.

— Балам, неге гүрсине бересең? — деди.

— Мениң гүрсингенимниң себеби — бизиң елдиң патшасы, Үндемес ханның қызын айттырып әкелип бересең, деп хызметке буйырып еди, — деди.

— Балам, сени өлимге буйырған екен, сен алалмайсаң. Мениң жети балам бар еди, жетеўи де соның жолында өлди. Ғайыптан тапқан баламсаң, сен де өлип қаларсаң, барма, шырағым, — деди.

— Жоқ, мама, бармасам болмайды. Бизди патша буйырды, — деди.

Бала барарман болды. Мама қалай баратуғынының жолын айтты:

— Анаў турған Үндемес ханның үйи. Азанғы ўақытта барып, қолыңа шыбық алып, есигин үш мәртебе бирим-бирим түртип өтсең, ишкериден биреў шығып, саған қыздың шәртин айтады. Жеңсең жеңгениң, жеңбесең, сени қылыштан өткереди, — деди.

Өлсем де бараман деп, бала қолына шыбығын алып, үйди бирим-бирим түртип шықты. Ишкериден қыз жеңгеси шығып, мийманды ишкериге алып қызға хабар берди. Қыз келип балаға шәртин айтты. Бир қап тарыны қыз атызға септи. Сөйтип жигитке, үш рет айдап, мала басасаң деп, қолына қос өгиз берди. Жигит үш рет айдап, маласын басты. Буннан кейин қыз:

— Азанға шекем усы қапқа тарыны толтырып қоясаң, — деп қолына қапты берди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бала ойланып отырып, баяғы қумырысқа ядына түсти. Шақмағын шағып, қумырысқаның берген муртын отқа басты. Сол ўақытта қумырысқа патшасы канатлы қызыл кумырыска нөкерлери менен жетип келди. Баланың алдына келип хызметин сорады.

— Хызметим сол, мына атыздын ишиндеги тарыны терип бересиз? — деди бала.

— Бул шәртиң аңсат. Бизин бир тұқымнан өрбиген қумырысқаны алып калсаң да, бир дәнеден жетиспейди, — деп, бир атадан өрбиген қумырысқасын таслады да, басқасы кайтып кетти.

Қумырсқалар хәр кайсысы бир дәнеден тислеп балаға жыйнап берди. Қыз биринши шәртин түўел орынлатып алды.

— Ендиги шәртим, таласатуғын ийтим бар, ийтимди женип бересен, — деди.

Бала «жақсы» деди де, каладан тысқарыға шықты да, жолбарыстың муртын отқа басты. Ыңыранған жолбарыс жетип келди.

— Хызметинди айт, аға, — деди жолбарыс.

— Мына Үндемес ханның ийти менен таласатуғын бирсўиниз керек, — деди.

Сонда турып бир жолбарыс:

— Жолбарыстын ишиндеги пәжмүрдеси мен, соған мени апар, мойнын жулып алайын, — деди.

Бала жолбарыстын мойнына белбеўин байлап кыздың үйине келди. Келсе, бир ийтти еки ат арбаға байлаған, тырылдатып сүйреп жүргенин көреди. Ортаға ийтлерин жибереди. Жолбарыс кыздың ийтинин мойнын жулып алады. Қыздын усының менен екинши шәрти питеди. Ерген үшинши шәрти — қус таластырыў болады. Сол ақшамы бала карақустын пәрин отка басып, қарақусты шақыртып алады да, қусын қолына кондырып қурға барады. Булар аспанға қусларын жибереди. Қуслар аспанға көтерилип, каракус қыздың қусының мойнын жулып алады. Сөйтип каракус өз жолына түсип кетип калады.

Буннан кейин «күйеў болдын» деп, баланы ак кийизге салып көтерип кетеди. Ақ отаўға киргизип, Үндемес хан жети күн той берип, кыздын некесин балаға кыяды.

Бала неше күн, неше ай болып, атасы Үндемес ханнан жуўап сорап елине қайтады. Бала Үндемес ханның қызын алып, баяғы кыяметлик мамасынын үйине келеди. Бала мамасынан жуўап алып елине кайтады да, кызды патшаға апармай, туўры үйине апарады. Бала патшаға хабарласпай үйинде жата берди.

Усының менен арадан бир жыл өтти. Бир жыл өткеннен кейин патша жәллатларын шакырып алып:

— Баланын үйинен хабар алың, келсе, шақырып қайтың, келмеген болса, баланың өлгенин билип, ҳаялын алып келиң, — деди.

Жәллатлар баланың үйинин есигине барып:

— Хабарласкандай ким бар? — деп кышқырды.

Сол ўақытта бала үйден шығып хабарласты. Жәллатлар балаға «Патша шақырады» деп, өзлери кетип, патшаға баланың аман келгенин айтты. Патша жәллатларын шақырып алып:

— Енди баланы өлтиргендей не әмел бар? — деди.

Ишинен биреўи шығып:

— Енди атаннын карасына сойған қара ябыны әкелип бер, деп жумсамасаң, басқа илаж калған жок, — деди.

Бала ертенине патшаға келип, тәнир сәлемин берип, қандай хызметке буйыратуғынын сорады. Патша:

— Сизге ендиги хызметимиз — атамнын қарасына сойған кара ябыны әкелип берсеҥ. Ғәзийнеден не ғәрежетин болса ал, — деди.

Бала:

— Якшы, барайын тақсыр. Маған үш күн мәўлет бересеҥ, — деди.

Бала үйине қайтып, ҳаялына патшаның буйырған хызметин айтты.

— Ҳәзир патшаға барып айт: «үш күнге шекем қырық арба жантақ шаптырып, бир жерге гүдиле, үстине минип отыраман, сизлер гүдиге от бересиз, әне оннан кейин түтин менен барып кайтаман» дегейсеҥ, — дейди.

Бала патшаға барып:

— Тақсыр, арзым бар. Үш күннин ишинде қырық арба жантақ шаптырып, бир жерге үйдиресеҥ. Мен үстине минемен. Сизлер астымнан от бересиз, оннан кейин түтин менен барып, атаннын қарасына сойған атынды әкелип беремен, — деди.

Бул сөз патшаға жәдә мақул түсти. «Баланын өлетуғын жерин енди таптым» деп, қуўаныш пенен жантағын шаптырып, бир жерге гүдилеп үйип қойдырды. Үш күннен кейин бала келип, жантақтын үстине минди. Жәллатлар астынан өте берди. Баланың еки ҳаялы анық от алысқан ўақытта екеўи көк кептер болып ушып барып, баланы от ишинен аман алып кайтты. Баланы әкелип үйине таслап, еки ҳаял ушыўы менен патшаның сойылған кара ябысын алып кайтты. Бала қараса, аяғы үшеў. Бала:

— «Аттын аяғы үшеў ғой?» деп патша сорай ғойса, мен не деп жуўап беремен? — деп ҳаялынан сорады.

— Патша сораса, «атаң ашығып, бир аяғын жеп қойыпты» дей ғой. Оннан кейин «атаң сәлем айтып

www.ziyouz.com kutubxonasi

атыр, усы түтин менен келип мени көрип кетсин леди» дегейсен, — деди.

Бала атты жетеклеп патшаға кетти. Патшаға барып атасының «маған келип кетсин» деген сəлемлемесин айтып, үш аяқ ябысын тапсырды. Патшаға бул сөз мақул түсип, тезирек барып қайтайын деп, сексен арба жантақ шаптырып, үстине өзи минип жəллатларға от бергизди. От анық қызған ўағында патша парт болып күйип тамам болды.

Патшасы күйип қалғаннан кейин, баланы сол жерге патша көтерди. Бала əдил патша болып, даңқы көтерилип мурат-мақсетине жетеди.

## МАҢЛАЙЫНДА АЙЫ БАР ҚЫЗ

(Р-141, №50413)

Бурынғы өткен заманда, сол заманның қəдиминде бир кемпир менен ғарры болыпты. Оның жалғыз қызы бар екен. Ғарры қызын сол аўылдағы қызларды оқытатуғын мектепке береди. Қыз мектепте оқып жүре береди.

Бир күнлери қыздың муғаллими оны қасына шақырып алып:

— Сениң анаң жаман хаял, ол бир күни саған жаманлық қылады. Соның ушын сен оны өлтир, — деп үгитлей баслайды.

Қыз:

— Мен қалай өзимниң туўған анамды өлтиремен?! — деп қайылшылық бермепти.

Бирақ муғаллим қыздың изинен қалмай, ақыры оны көндирипти.

— Анамды қалай өлтириўим керек? — деп сорапты қыз хаялдан.

— Сен, анаң үйиңниң қасындағы көлге суў алыўға барғанда, изинен барып суўға ийтерип жибер, — депти.

Қыз жуўха хаялдың айтқанын ислеп анасын өлтирип қойыпты.

Айтқаны болған муғаллим хаял қызды күнде үйине апарып сыйлап, қыздың əкесине тийиўди ойлайды. Қызға əкесин сол хаялға үйлениўге үгитлеўин айтады.

Қыз əкесине:

— Аға, сен енди үйлениўиң керек. Бизлерди оқытатуғын муғаллимимиз жақсы хаял. Соған үйленсең, — депти.

Əкеси қызының сөзин жықпай, жаңағы хаялға үйленипти. Ол хаялдың бурынғы күйеўинен бир қызы бар екен. Қыздың əкесине тийип алған хаял қызға күн бермейтуғын болыпты.

Күнлерден бир күни сол елде үлкен бир той болады. Өгей ана өзиниң қызын ертип тойға баратуғын болады. Ол өгей қызына түни менен ийириў ушын бир қушақ жүн береди. Түнде хəмме жатып қалғаннан кейин қыз жүнди алып далаға шығады. Далада қатты самал болып турған екен, жүнди самал ушырып бир қудыққа апарып таслайды. Қыз өгей анасының жазасынан қорқып, өзи де жүнниң изинен қудыққа секирипти.

Бир ўақытта қыз көзин ашып қараса, қасында бир ғарры отыр. Ғарры қызды үйине ертип келеди. Қыз ғаррының үйин жақсылап сыпырып, тазалайды. Ол ғаррының үйинде еки-үш күн болғаннан кейин ғарры оған:

— Жойтқан жүниң ишки бөлмеде тур, ала ғой, балам, — дейди.

Қыз ишке кирип жүнин алады. Қараса, жүнниң қасында жылтыраған бир зат тур. Қыз қызықсынып, жаңағы затты услап көрген екен, маңлайында ай пайда болыпты. Айнаға қараса, бурынғыдан мың есе сулыўланыпты.

Ғарры хошласып атырып, оған жипек көйлек пенен гүмис жалатылған геўиш берипти.

Қыз үйине келгеннен кейин өгей анасының иши жанып, өзиниң қызын да сол жерге жибериўди ойлапты. Қыз оған болған хəдийсениң хəммесин айтып берипти.

Өгей ананың қызы да баяғы қудыққа келип, бир етек жүнди таслап жиберип, изинен өзи де секиреди. Көзин ашып қараса, қасында бир ғарры отыр. Ғарры буны да ертип үйине əкеледи. Қыз хеш жумыс ислемей, ғаррының үйинде еки-үш күн болыпты.

Төртинши күни ғарры оны шақырып алып:

— Қызым, жойтқан жүнин төрги бөлмеде, — депти.

Қыз бөлмеге кирсе, жүнниң қасында бир жылтыраған зат тур. Оны услаған екен бетинде жара пайда болыпты.

Арадан бир хəпте өткеннен кейин баяғы айтылған той күни де жетип келипти. Өгей ана өз қызын ертип, маңлайында айы бар қызға бирталай жумыс тапсырып, тойға атланыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыз да баяғы ғарры берген кийимлерди кийип, олардың изинен кетипти. Қыз тойға келсе, көп адам жыйналған екен. Ол да қызлардың қатарына барып отыра береди.

Қызлар отырған үйге кирип келген байдың баласы оның сулыўлығын көрип ҳайран қалыпты. Ол қыздың қасына келип, оған айрықша ҳүрмет көрсетипти. Қыздың есине өгей анасының буйырған жумыслары түсип, той тарқамастан асығып кетип баратырғанда аяғындағы бир геўиши түсип қалады.

Бир ўақытта жигит қызды излесе, оны ҳеш жерден таба алмапты. Хызметкерлер тек оның геўишин ғана таўып келипти.

Ертеңине ол сол елдеги қызлардың барлығына геўишти кийгизип көриўди буйырады. Геўиш тек өзиниң ийесиниң аяғына ғана шақ болады. Хызметкерлер қызды байдың үйине әкелип, баласына көрсетеди. Жигит маңлайында айы бар қызға үйленип, екеўи де мақсет-мурадына жетеди.

## ЖАМАН КҮЙЕЎ

(Р-89. № 24617)

Бурынғы ерте заманда бир патша болыпты. Ол патшаның үш қызы бар екен. Бир күнлери патша, қызларым мени жақсы көрерме екен, деп ойланыпты. Жақсы көргенин патшаның, ўәзирдиң, байдың балаларына узатайын, ал мени жаман көргенин адамның жаманына берейин, депти ишинен. Әне, патша усы мақсет пенен қызларын алдына бирим-бирим шақырып алып сорапты. Ең дәслеп үлкен қызын шақырып:

— Қызым, сен мени қалай көресең? — деп сорапты.

Сонда қызы:

— Ата, мен сени набаттай көремен, — деп жуўап берипти.

Буған патша шадыман болыпты да, ортаншы қызын шақырып оннан да сорапты:

— Қызым, сен мени қалай көресең?

— Ата, сени қанттай көремен, — деп жуўап берипти ортаншы қызы.

Буған да патша шадыман болыпты. Енди патша киши қызын шақырыпты да:

— Қызым, сен мени қалай көресең? — деп сорапты.

Сонды қызы:

— Мен сени дуздай көремен, — деп жуўап берипти.

Патша киши қызының сөзине ашыўланып:

— Үлкен қызым менен ортаншы қызымды жақсы байға беремен. Сени жаман байға узатаман, — деп ғазапланыпты.

Патша тап өзиниң ойындай етипти. Үлкен қызын ҳәм ортаншы қызын патшаның, байдың баласына берипти. Ал киши қызын күйеўге бериў ушын сорамындағы барлық пухарасын жыйнапты, бирақ олардың ишинен қызға күйеў болғандай жаманы табылмапты.

Бир күни патша қус салып жүрсе, қусы бир нәрседен қорқып, тоғайдың ишинде турған бир ылашыққа барып қоныпты. Әне, патша қустың изинен қуўып ылашыққа келипти. Сол ўақта ылашықтан бир кемпир шығып, патшаға хабарласыпты.

— Әй, кемпир, қула дүзде тоғайдың арасында не қылып отырсыз? — деп сорапты патша.

Сонда кемпир:

— Қус салған мырзалар, меннен аўҳал сораман, мен айтпай-ақ қояйын, — дегенде, патша:

— Айта бериң, — депти.

— Бул жерге келгенимизге алты жыл болды, — деп баслайды сөзин кемпир. — Мениң жалғыз балам бар. Ол да аўырыў. Күни-түни иши өтеди, тамақ ишеди. Бул аўырыўға шатылғанына тоғыз жыл болды. Төсенерге төсек, жамыларға көрпе жоқ, тек шөптиң үстинде жатырмыз. Баламды үш жыл аўылда бақтым, бирақ жазылмады. Аўылдағы адамлар оннан жеркенип, мени усы тоғайға көширди. Мине, тоғайда мәкан басқаныма алты жыл болды. Аўылыма күн арадан барып ҳақлайман. Табылған нәрсени балама берип, күнелтип отырмыз. Өзиңнен туўған бала болған соң, таслап кетиў қыйын екен.

Патша кемпирден бул сөзди еситип, ылашықтың ишине көз жиберип қарайды. Тек шықпаған жаны бар жатырған баланы көрип, адамның жаманы усы болар деп ойлайды.

— Ҳә, кемпир, мен сениң балаңа қызымды беремен. Мен усы елдиң патшасыман, — дейди.

Буған кемпир таңланып:

— Маған патшаның қызы жараспайды ғой, өйтип ермек қылма, балам, — деп жуўап береди.

Патша ылашықтың басындағы қусын алады да кейнине қайтады. Шәҳәрине барады. Ўәзирлерин шақырып алып, кишкене қызының қолына мың тилла ҳәм кийим-кеншеклерин берип, баяғы жаманның

www.ziyouz.com kutubxonasi

ылашығына оны апарып таслатады.

Патшаның қызы бул жәбирге қайыл болып, ылашықтағы кемпирди ҳәм аўырыў баланы көреди. Ол қолына бел алып, тазадан ылашық соғыў ушын тоғайдан жер ашады. Кемпирдиң қолына тилла берип, қаладан азық-аўқат әкелиўге жибереди.

Ертеңине қыз кемпирине:

— Ене, бул қалада зергер бар ма? — деп сорайды.

— Бар, — деп жуўап береди кемпир.

Қыз кемпирди сол зергерге мыстан қазық соқтырып әкелиўге жумсайды ҳәм қолына тилла береди. Кемпир мыс қазықты келинине әкелип береди. Қыз аўырыў жигитке тәўипшилик етиў ушын кемпирин далаға жумсайды, мыстан соғылған темир қазықты отқа қыздырып, қып-қызыл етип аўырыўдың қуйрығына суғыпты. Сонда аўырыў «бийт жеди ме?» деп ыңырсыпты. Екинши рет темир қазықты қызартып басқанда «бүрге шақты ма?» деп аўдарылып түсипти. Ал үшинши рет усы емди ислегенде аўырыў жигит тәўир болып, бурынғы қәддине келипти. Әне, патшаның қызы жаманға қырық күн бойы тамақтың ҳасылын берип бағыпты. Жигит қәдимгидей болып, орнынан түргелипти. Бирақ та жигит аты-жолы жоқ, Жаман аталыпты.

Енди сөзди Жаманнан еситиң. Жаман қалаға барып талап ислеп, хаялын ҳәм кемпирин бағып күн көре берипти. Бир күни қалада бир жаршынын:

— Ким талапкер болса, бизлер менен пәлен деген шәҳәрге кәрўан тартады. Ҳақысы жигирма түйениң жүги. Ўақты бир жыл, — деген даўысын еситe сала, үйине барып ҳаялы менен ойласыпты.

Сонда ҳаялы:

— Барсаң, бара ғой, бирақ жолда үш жаман деген жер бар, ол жерден де аман өтерсең, — деп жуўап берипти.

Жаман қалаға барып саўдагерлерге ерип, түйе тартып кете береди. Бир күнлери кәрўанлар бир қудықтың үстинен шығады. Сонда Жаман саўдагерлерге:

— Усы жерге қонайық, — дейди.

— Бул жер жаман, қоныўға болмайды, — деп жуўап береди саўдагерлер.

Бирақ Жаман айтып қоймаған, соң булар сол жерде қонады.

Кәрўанлар шөллейди. Олар суў излеп жүрип, баяғы гөне қудықтың ишинде жарқырап турған суўды көрип, меслерин қулдыққа салады. Бирақ меске бир уртлам суў илинбейди. Сонда жаман саўдагерлерге қарап:

— Қудықта дәўпери бар, мен түсейин, — дейди де, ол қудыққа түседи.

Айтқанындай, қудықтың ишинде дәўпери бар екен. Жаман онын тас төбесинен түседи. Дәўпери Жаманнан, Жаман дәўпериден қорқады.

— Не қылған адамзатсаң, жаныңнан безген? — дейди дәўпери.

— Сен неткен жансаң, адамларға суў бермей? — дейди Жаман.

Сол ўақта дәў пери:

— Мен бир шәрт етип едим, кимде-ким усы қудыққа жүрек етип түссе, ол адам менен дос болайын деп, енди екеўимиз дос болайық, — дейди.

Жаман менен дәўпери дос болады. Жаман қудықтан шығады. Дәўпери алақаны менен қудықтағы суўды далаға серпе береди. Кәрўанлар суўдан қанғанынша ишип ҳәз етип қалады.

— Достым, Жаман, сен мениң менен дос болдың. Қайтарсың да қонып кет, — деп тапсырады дәўпери.

Кәрўанлар жол тартып кете береди. Бир күни кеште тағы бир жерге келгенде Жаман саўдагерлерге «усы жерде қонайық» дегенде, саўдагерлер:

— Бул жер жаман, адамға уйқы бермейди, қонбайық, — дейди.

Бирақ Жаман айтқанын қылмайды. Саўдагерлер Жаманның айтқанына қайыл болады, сол жерге қонады. Саўдагерлер уйқылап қалады. Ал Жаман бул жер уйқы бермейди деп, уйқыламай ояў жатырса, бир жылаған даўыс шығады. Жаман орнынан түргелип даўыс шыққан жаққа қарап жүреди. Қойымшылықтың ишинде бир тири адам өли адамды шырқыратып сабап атырғанын көреди. Жылаған даўыс өлиниң даўысы екен. Жаман тири адамнан:

— Бул бийшараның қандай жазығы бар, неге сабап атырсаң? — деп сорайды.

— Меннен бул киси өлмесинен бурын бир тилла қарыз алып еди, оны төлемей өлип кетти. Сол қарызым ушын күнде күн батқаннан таң атқанға дейин сабайман, ол жылайды, — деп жуўап береди.

Сонда Жаман:

— Мен усы өлиниң қарызы ушын бир тилла берсем бола ма? — дейди.

Тири адам мақул дегендей болып басын шайқайды ҳәм бир тилла алып жөнине кетеди. Жаман да қайтып келип, орнында жата береди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөйтти де баланы алдастырып, барлық түйелерин, затларын ҳәм қырық жигитин алып Қыран қарақшы балаға «усы жерде отырабер» деп, Мәкке-Мәдинаға қарап бәдар кетеди. Ал енди бала барлығынан айырылып, жәзийрада жалғыз қалып, баланың аўҳалы қыйынласты.

Ал Қыран қарақшы баладан түсирген олжаларын, қырық жигитин Мәккеге апарып, өзиниң пайдасына жумсап жата берди.

Бир күни Қыранға саза келеди.

— Сен шөл-жәзийрада жатырған патшаның баласын мурад-мақсетине жеткересең, — деген Аллатааладан келген саза еди.

Буннан қорыққан Қыран қарақшы сол заматында баланың қасына жетип келеди ҳәм балаға мынадай тапсырмалар береди.

— Сен усы жерде қырық күнге шекем шеңгел шап. Сол шапқан шеңгелллериңди қырық биринши күни бир жерге жыйнап үйип топла. Сол шеңгелиңе от бер. Мен сол оттың жарығы менен жетип келемен, — дейди.

— Болады, — дейди бала.

Соннан соң Қыран қарақшы кетип қалады. Бала сол күннен баслап шеңгел шабыўға кириседи.

* * *

Әне, ол қыздың бир қанша қоррандозлары бар еди. Қыз соларға қорра таслатып, биразына китап аштырып, айрымларына карта қағаз таслатып отырса, Қыран қарақшының қызға жаўшы болып киятырғанын хабарлайды. Қыз қаланың дәрўазасын бекиттиреди. Иштен сыртқа, сырттан ишке адам кириўди сол күннен баслап қадаған етеди. Дәрўазаға келип тирелген Қыран қарақшы бул аўҳалды түсинип, бираз ҳийлелер жасап көреди. Ақырында есабын таўып қаланың ишине киреди. Қоррандозлар, карташылар, китап ашыўшылар Қыранның қаланың ишине киргенин хабарлайды.

Қыран қарақшы қарғылы қара тазы болып қалаға киреди.

Қоррандозлар «Қыран қарғылы қара тазы болды» деп хабарлайды.Қыз:

— Қарғылы қара тазы көринсе, өлтире бериң, — деп буйрық шығарады.

Патшаның ўәзирлери қарғылы қара тазыларды коймай қырады.

Бул аўҳалды билген Қыран қарақшы көпек болып тез өзгереди.

Қыран қарақшының ала көпек болғанын қоррандозлар қызға хабарлайды.Қыз:

— Көшеде ала көпек болса, бәрин өлтире бериң, — дейди.

Ўәзирлер көшедеги ала көпектиң бәрин қырып таслайды. Көше ийт әўладынан жуда болады. Көшеде үрген бир ийт те қалмады.

Қыран қарақшы енди бир дийўана болды. Қыран қарақшының дийўана болғанын қоррандозлар қызға хабарлайды.Қыз:

— Дийўана атаўлыны өлтирип таслаң, — деп буйрық шығарады.

Оннан соң ўәзирлер дийўана көринсе, бәрин өлтире береди.

Қыран қарақшы әбден аш болып болдырады. Сөйтип жүрсе, бир-еки қатынның тандырға нан жаўып атырғанын көреди. Соннан соң тандырдың басына барады. Тандыр басындағы қатынлар жабырласып «нан же, ата, нан же» деп, ҳәр қайсысы бир бир шөректен Қыранға береди.

Шөреклерди қолына алып турып Қыран күледи.

— Неге күлдиңиз? — дейди қатынлар.

— Сизлердиң жас баладай мениң қолыма нан бергениңизге күлемен. Бизиң жақта дәстурханы менен алдына қоятуғын еди — дейди Қыран.

— Ондай кеўлиңизге келип турса, дәстурханнан-ақ жең, — деп қатынлар дәстурханларын Қыранның алдына қояды.

Қыран қарақшы да дәстурханларды бириниң үстине бирин қойып, төрт бурышынан услап алып, дийўалдың сыртына секирип түседи. Наннан айырылған қатынлар «сеннен болды, сеннен болды» деп, бириниң шашын бири жулып, қырылысып төбелесип қала береди.

Нанға тойған Қыран қарақшы қаланың сыртын айланып жүре береди. Бир жерге келсе, бир тышқанның ин қазып атырғанын көреди. Қыран дәрриў тарғыл пышық болады да, инди аңлып отыра береди. Бир ўақытлары тышқанды қақшып услап алады. Тышқанға:

— Сен мен сыйғандай ин қазып, қыздың отырған жерине апар. Болмаса, мен сени жеп қояман, — дейди.

Пышықтан қорыққан тышқан пышықтың буйрығына қайыл болып, қыз отырған жайға қарай ин қазады.

Усы ўақытқа шекем Қыран қыздан бир де хабар ала алмай, қалада еркин жүре алмады. Тышқан ин қазып, қыз отырған сарайдың ишинен шығарды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыран қарақшы қыз отырған сарайға ин арқалы түнде кирип барды. Сарайдың ишине кирсе, қыз жоқ. Ана жер-мына жерди қарайды, қыз жоқ. Қыз бир сырланған аршаның ишинде уйқылап атыр екен. Қыран қарақшы аршаны жақсылап арқасына таңып алады. Соннан соң қапыларды биримлеп ашып, дәрўазаға келеди. Дәрўаза алдына келсе, дәрўазаманлар уйқылап атыр екен. Қыран қарақшы дарўазаманларды оятып, биреўине «мынаў бақсы байрағың болсын» деп, қалтасынан үш тийинлық қара пул шығарып бирине береди. Екиншисине «Сен де бос қалма» деп, қалтасынан бир демлемдей чай, асықтай бир бөлек қант береди. Оннан соң қызды арқалап турған Қыран қарақшы дәрўазаны ашып қашып кетеди. Бул ҳәдийсеге хайран қалысқан дәрўазаманлар «қыз кетти, қыз кетти!» деп шаўқым салысып қала береди. Әри-бери изинен қуўады. Қуўған менен Қыран қарақшы жеткизбей араны ашып узап, кейин көзге көринбей кетип қалады.

* * *

Әне, баяғы бала да есаплы күни болғаннан соң, сол күни кеште қырық күн шапқан шеңгелине от берди. Оттың шет-шебириндеги шеңгелди отқа ысырып салып, Қыран қарақшының келиўин күтип тура береди.

Қыран қарақшы сол оттың жарығы менен таңның алдында баланың қасына жетип келеди. Маған қыз әкелип береди, деп жүрген бала Қыран қарақшының бир аршаны арқалап келгенин көрип, бираз қапаланып қалады. Бирақ Қыран қарақшы оған:

— Сен қапаланба, мине бул енди сеники. Мен қырық күннен бери уйқы көрмедим, енди бираз уйқылап алайын, сен мына аршаны ашпа, — деп, Қыран қарақшы уйқыға кетеди.

Бала ойланып:

— Бул қалай? Маған қыз әкелип беремен деп кетип еди ғой, — дейди.

Әри ойланып, бери ойланып, көп ойлаўдың соңында «не де болса мен бул аршаны ашып көрейин» деген шешимге келеди. Сөйтип аршаны ашып көреди. Аршаның ишинде бир перийзат қыз жатырған екен. Ол қыз түргелип басын көтерип:

— Мени саған әкелди ме? — дейди балаға.

Бала қызға:

— Аўа, маған әкелди, — дейди.

Сол ўақта қыз аршаның қақпағын серпип таслап, қашып алып өтә кетеди.

Бала әри қуўады, бери қуўады қызға жете алмайды.

Қыздың қашып кетиў себеби, бала сонша күннен бери шеңгел шаўып азып-тозып кеткен. Онын үстине, от жағып жүрип, шала жанған күйик шеңгеллерди отқа ысырып жүрип бет-аўзына барлық күйени жаға берген еди. Соннан соң қыз қап-қара алба-жулба болған баланы өзине ылайық көрмей қашып кеткени еди.

Қыран қарақшы аз уйқылады ма, көп уйқыладыма, ол жағы бизге белгисиз. Бир ўақлары оянып әтирапына қараса, қыз жоқ. Арша ашық тур. Бала да жоқ.

Болған аўҳалға түсинген Қыран қарақшы қыздың изинен жуўыра береди. Бир жерлерге келгенде баланы көреди. Балаға:

— Сен отыра бер, мен өзим алып келемен, — дейди.

Сөйтип Қыран қарақшы қыздың изинен қуўып кете берди. Қыз ҳәр секиргенде жетпис қырды асып түсетуғын еди. Ал Қыран қарақшы ҳәр секиргенде сексен қырды асып түсетуғын еди. Бир жерлерге келгенде Қыран қарақшы қызға жақынласады. Сол ўақта қыз дәрриў кийик болып қашады. Қыран қарақшы оның изинен қарғылы қара тазы болып қуўады. Қыз дәрриў булдырық болып ушады. Қыран қарақшы оның изинен лашын болып қуўады. Қызға жақынлап қалады. Қыз дәрриў тағы бир нәрсеге өзгерсе, Қыран да дәрриў сол нәрсениң душпаны болып изинен қуўып келе береди.

Әне, қыздың қашып киятырғаны коррандозларға түседи. Олар:

— Қыз қашып киятыр, дәрўазаны ашып қойың, — дейди.

Коррандозлардың айтыўы менен дәрўазаны ашып қояды.Қыз сол қашып келиўи менен дәрўазаға бир аяғы кирип, екинши аяғы сыртта турғанда, изинен Қыран қарақшы да қуўып жетип, қыздың жаўырнына пәнже салып, қызды арқалап қайта береди.

Қызды арқалап баланың қасына келсе, бала баяғы қызды қуўып, терлеп, өз терине өзи шомылып, аппақ поррықтай болған екен. Қыз буны көрип қайыл болады.

Сөйтип Қыран қарақшы, қыз, бала — үшеўи бирге баланың аўылына қайта береди. Жолда киятырып бир гөне тамлардың арасынан өтип баратырып үш ат ер-турманы менен сай болып байлаўлы турғанын көреди. Бала атты көрип қуўанып кетти. Ал Қыран менен қыз бул аттың сырларын толық билип киятыр. Бала:

— Мына атларға минип кетейик, — дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыз да баланың сөзин қуўатлап:
— Минсек минип кетейик, — дейди.
Қыран қарақшы да қайыл болады. Қыран қарақшы баланы атқа алды менен миндирмекши болып еди, бирақ баланың түсинбеўшилигинен пайдаланған қыз атқа бурын минип, екинши рет қашып кетеди.
Қыран қарақшы да қыздың изинен қуўып алып кете береди.
Бул аўҳалға таңланған бала ҳайран қалып аўзын ашып тура береди. Бул үш ат қыздың изинен қуўып келген қуўғыншылар еди.
Қәдимги әдети бойынша қыз үйрек болып ушады, Қыран қарақшы туйғын болып қуўады. Қызға жақынласып келгенде алдыларынан бир үлкен көл дусласып, қыз бир мәкибас шортан болып көлге түседи де кетеди. Изинен қуўып киятырған Қыран қарақшы үлкен бир жайын болып қуўады. Қутылмасын билген қыз суўдан шыға сала от болып жанып қаша береди. Қыран қарақшы суў болып оттың изинен қуўа береди. Жеткенин «быж» еттирип өширип бара береди.
Бир патшаның елине келгенде қыз патшаның басында тажы болып тура береди. Бурын патшаның бир тажы бар еди. Енди буның менен екеў болады.
Қыран да дәрриў дийўана болып патшаның есигине келеди. Есиктиң алдында турған дийўанаға патша дән береди, дийўана алмайды. Нан береди, алмайды, ақша береди, алмайды, алтын, гүмис береди, алмайды. Ашыўы келген патша:
— Енди не аласаң? — деп дийўанадан сорайды.
Дийўана оған:
— Тақсыр, маған басыңыздағы тажыңыздың биреўин берсеңиз екен, — дейди.
Патша:
— Өзи биреў ғой, — дейди.
Дийўана:
— Жоқ, тақсыр, екеў — дейди.
Патша:
— Жоқ, биреў ғой, — десе,
Дийўана:
— Инанбасаңыз, алып көриңиз, — дейди.
Патша басындағы тажын ала бергенде бир тажы жерге тары болып төгилип кетеди. Қыран қарақшы да шөжели таўық болып, төгилген тарыны жыйнап терип алып қайта береди.
Сөйтип Қыран қарақшы балаға жетип баланың аўылына қайта берди.

* * *

Әне, баласының қызды алып киятырғанын әкеси еситип, баласының алдына қастыянлық ушын үш ат жиберди.
— Мына атты балам минсин, — деп бөлек жиберди. Себеби, ол аттың ер-турманлары уўланған еди. Балаға уўланған атты Қыран қарақшы миндирмеди. Себеби, Қыран қарақшы ол аттың уўланып келгенин билетуғын еди. Белиндеги қылыш пенен Қыран қарақшы атты шаўып өлтиреди. Сөйтип басқа атларға да, минбей үшеўи пияда келе береди.
Бала әкесиниң үйине келеди. Баласының қыз алып келгенлигине патша қуўанған болып той береди. Усы тойда баласына бир қызыл зеренге қатық қуйып, оны уўлап, баласына береди. Қасында отырған Қыран қарақшы бала қатықты ишейин деп атырған жеринен өзи алып, қалтасынан полат пышағын алып зерендеги қатықты төртке бөледи. Сөйтеди де:
— Ал енди ише бер, бала, — дейди.
Бала бир зерен қатықты ишип жибереди. Уўланған қатықтын зәҳәрин полат пышақ өзине тартып алады екен.
— Балаң қатықты ишти, тақсыр, — деп барған ўәзирге патша еки ләген тилла береди. Себеби, баласын енди өледи, қызды өзим аламан, деп ойлаған еди. Бирақ баласының өлмей жүргенин көрип патша қатты қапа болады.
Бундай ҳийлелер менен баласын өлтире алмаған патша енди баласын шақыртып алып, бир сарайды көрсетип:
— Сен балам, мына жайға бир кирип шық. Соннан кейин сен мениң орныма патша боласаң, — деп алдайды.
— Мақул, ата, — дейди бала.
Бул аўҳалды билген Қыран қарақшы баланың артында постынның ишинде келе береди. Патша жайды ашып, баласын ишине киргизип жибереди. Сөйтип патша, «енди өлген шығарсаң» деп, сарайына қайта береди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бала жайдың ишине кирсе, бир арыслан тәп берип балаға умтылады. Қыран қарақшы қынындағы қылышы менен бир тартады. Сол ўақытта арыслан аўдарылып түседи. Бирақ арысланның аўзынан бир нәҳән әждарҳа шығып, баланы жута баслайды. Дәрриў Қыран қарақшы қылышы менен бул да әждарҳаның ишине кете берди. Соннан кейин әждарҳа еки бөлинип қалады. Әне, бала менен Қыран қарақшы үйге қайтты.

Соннан соң да бала әкесине күнде азанда сәлемге барып тура берди. Бул баласын көрген патша ҳайран қалды.

Бир күни түнде бала үйинде уйқылап атырса, түнде шаңарақтан бир әждарҳа түсип, буны көтерип баратырғанын Қыран қарақшы билип жата берди. Баланы жерден әдеўир көтерген ўақытта Қыран қарақшы қылыш пенен әждарҳаны қағып жибереди. Қылыш қәте тийип, әждарҳаның аўзын жырып кетеди.

Ертеңине азанда күндеги әдети бойынша бала әкесине сәлемге барып қайтты. Бала келгеннен кейин Қыран қарақшы бала менен ҳал-аўҳал сөйлесе баслады. Себеби, патша барлық ҳийлелерин ислеп болған еди. Түндеги ислегени ең соңғы ҳийлеси еди. Патша усы ҳийледен кейин хеш нәрсе ислемейтуғынын Қыран қарақшы билди.

— Бала, әкеңе сәлемге бардың ба? — деди Қыран қарақшы.

— Аўа, бардым, — деди бала.

— Әкең не қылып отыр екен? — деди Қыран.

— Аўзын таңып отыр екен, — деди бала.

— Ҳа, аўзын таңып отырмекен? — деди Қыран.

— Әне, бала билдиң бе сен? — деди Қыран қарақшы балаға сораў қойып.

— Жоқ билмедим, — деди бала.

— Олай болса, тыңла, мен айтайын. Сен қызды алып киятырғанда әкеңнен сүйинши соратып жибергенде алдыңыздан үш ат жиберди. Сондағы сен минсин деген аты уўланған еди. Саған миндирмей өлтирип таслаў себебим сол еди. Екиншиден, сениң қыз әкелгениңе қуўанып әкең той берди. Сол тойда сени өлтирмекши болып ишине уў салып бир зерен қатық берди. Әне, мен оны полат пышақ пенен төрт бөлип зәҳәрин полатқа алдырдым, соннан кейин саған қатықты ишиўге рухсат еттим. Әне, оннан кейин Арысланды, әждарҳаны өлтирдим, оны өзиң көрдиң. Соңында әкеңниң өзи сени өлтирмекши болып, түнде шаңарақтан әждарҳа болып сени әдеўир көтергенде мен оны қылыш пенен қағып жибердим, қылыш қәте тийди. Тек ғана аўзын жырып кетти. Әне, бул енди әкеңниң ең соңғы саған қолланған ҳийлеси еди. Енди саған ҳеш те илаж етпейди. Енди сен бахытлысаң, — дейди.

Бала қуўанғанынан:

— Рахмет, аға, — деп Қыранның мойнынан қушақлап бетинен сүйип-сүйип алады.

Әне, Қыран қарақшы патшаның баласы Мәўленди мурады-мақсетине жеткерип, Мәкке-Мәдинаға қарай жолға түсип кете береди.

## ЖЕТИМ ҚЫЗДЫҢ БАХТЫ

(Р-22а. № 82401)

Бурынғы өткен заманда, сол заманның қәдиминде, бир кәмбағал киси болыпты, өмиринше мийнеттен басқаны көрмеген, тапқаны тапқанына жетпеген, оның үстине ҳаялы да өлип, жалғыз қызы жетим қалады. Ол арадан бираз ўақыт өткеннен кейин бир қызы бар ҳаялға үйленипти.

Өгей ана өз қызын жақсылап кийиндирип, тәрбиялап, ал өгей қызға мал бақтырып, отын арқалатып, азаптан басқаны бермейди. Бул кисиниң жалғыз «Көк сыйыр» деген сыйыры болады. Ҳаял жетим қызға ҳәр күни усы сыйырды бағып келиўге ҳәм қайтарда бир арба отын арқалап келиўди буйырады. Қыз үйине келгеннен кейин де өгей ана зулымлығын асырып, күнде бир етек пахта берип, «шигитин шығарып, ийирип келесең» деп жибереди екен. Ал өзиниң қызын салландырып, жасандырып кийиндирип, ҳеш жумыс буйырмайды екен. Оны тойларға, отырыспа, мерекелерге қыдыртып, ҳәмме ўақыт қасынан қалдырмай алып жүреди екен. Өгей қыз болса пахтаны шығарыўға шығыршық жоқ, ийириўге шарық жоқ, уршық пенен өндире алмай қатты азап шегип, дүзде жүрип қатты қапа болып, бир күни өксип жылапты. Буған көк сыйырдың рейими келип:

— Сен, буған қапа болма! Маған көп жақсылық етип едиң, саған да бир жақсылық етейин. Мен тойып гүйсеп жатқанда, сен пахтаны мениң алдыма әкелип қой, жалмап жутаман, сен қуйрығымнан жипти келеплеп ала бер, — депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыз жумсақ пахтаны айтқанындай сыйырдың алдына қояды, сөйтип артынан сабақты келеплеп ала береди. Өгей ана ертеңине буннан да көп жумақ, соңғы күни күндегиден де көп берипти. Қыз сыйырдың жәрдеминде бәрин иийирип әкеле береди.

Өгей ана бул жерде бир сыр бар екенин сезип, өзинин қызын аңлыўға жиберипти. Қыздың өгей қыз апасы гәп Көк сыйырда екенин билип қалады да, барлық сырды анасына жеткереди. Ҳаял енди сыйырды сойып денгене етиўди ойлап, ақыры күйеўин буған көндиреди. Буны қыз сезип, падаға барғанда жылап, аўҳалды айтады. Сонда сыйыр қызға:

— Сен буған жылама. Мени сойғаннан кейин барлық сүйеклеримди жыйнап алып, белгили бир жерге көмиўди умытпа. Басына қыйын ис түскенде сол жерге бар, — депти.

Қыз бәрин сыйырдың айтқанындай етип, сүйеклерин жыйнап, хеш нәрсе баспастай бир таза жерге әкелип көмеди де, өзи күндегидей өгей анасынын оты менен кирип, күли менен шығып жүре береди.

Күнлерден бир күни сол ўәлаятта даңқы шыққан бир бай үлкен той бермекши болып ҳәммени тойға айттырады. Буны өгей ана да еситип, өзинин қызын бурынғыдан да жасандырып кийиндирип алып кетеди. Өгей қызға көп жумыс буйырып үйге таслап кетеди.

Енди өгей қыз қапа болып, «егер менин де анам болғанда, мени де тойға алып барар еди» деп жылап отырғанында, баяғы Көк сыйыр ядына түсип, усы тойға барыўдың жолын Көк сыйырдан сораў ушын баяғы төбеге барады. Барып:

— Көк сыйыр, сен мениң анам жоқта анам болдың. Енди қасымда сен де жоқсаң, — деп қапа болып жылапты.

Бир ўақытта жердиң астынан Көк сыйырдың даўысы еситилипти:

— Келдиң бе, шырағым? Ҳаслан қапа болма! Мен сенин де тойға барғың келип турғанынын билемен. Үстиңе мына кийимлерди кий де, тойға бар. Сол жерде өз бахтыңды табасаң, — деген екен, қыздың алдында ҳасыл кийимлерге толы сандық пайда болыпты. Қыз кийимлерди кийип тойға кетипти.

Ол тойға келсе, туманат адам жыйналған екен. Тойханадағы қызлардын хәммесинин дыққаты той ийесиниң баласында екен. Ҳәмме мийманлар байдың өзи оқымыслы, ақыллы ҳәм шырайлы баласын өзлерине күйеў бала болыўын қәлепти. Бирақ жигиттиң нәзери кишипейил ҳәм ақыллы жарлынын қызына түсипти. Жигит қыздан хәмме нәрсени билип алып, оны айттырып алыў ушын адам жиберетуғынын айтыпты.

Ертеңине жарлы кисиниң үйине байдың жиберген адамлары қызды айттырып келипти. Солай етип, жарлының қызы үлкен салтанат пенен өз сүйген жигитине узатылып, бахытқа ерисипти ҳәм өмириниң ақырына дейин қайғы көрмей жасапты. Халық арасындағы «Жетим қыздың бахтын бер» деген сөз соннан қалған екен.

## МУРАТЫНА ЖЕТКЕН ЖЫЛАН

(Р-71, № 50414)

Бурынғы өткен заманда бир бай болыпты. Байдың үш ҳаялы болып, олардың ҳәр биринен бир-бирден үш қызы болыпты.

Бир күни бай бир жаққа қыдырып кетпекши болып, атын ертлеп, енди кетейин деп атырғанда, аттың зәңгисине өрмелеп киятырған бир жыланды көреди. Жыланнан қорқып кетип, оны қолындағы қамшысы менен бир урады. Бирақ жылан қаймықпай, өрмелеп, енди оның дизесине дейин өрмелейди. Бай оны және урып еди, жылан жан айбат пенен оның мойнына оратылады. Бай қорққанынан жыланға:

— Мени жаздыр. Қәлесең, үлкен ҳаялымды берейин, — депти.

Жылан оны бурынғыдан да қаттырақ қысады.

— Онда екинши хаялымды берейин, — дейди.

Бунда да қаттырақ қысады.

— Үшинши ҳаялымды берейин, — дейди.

Жылан бунда да оны жаздырмапты. Буннан кейин ол жыланға туңғыш ҳәм ортаншы қызларын бериўди усыныпты. Бай ең ақырында генже қызын ўәде еткенде ғана жылан оны жаздырыпты. Байдың ўәдесин алған жылан оған:

— Мен бир айдан кейин келемен, — деп көзден ғайып болыпты.

Бай үйине келип ҳаялларының ҳәр бирине оны жыланға бергенлигин айтып көрипти. Ҳаялларының ҳәммеси:

— Жыланға да адамды бере ме екен? — деп жылапты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Үлкен еки қызы да буған ыразы болмапты. Тек ең кишкене қызы буны еситип, өзиниң ырзашылығын билдирипти.

Күнлерден күн өтип, баяғы жыланның келетуғын, ўақты жақынлайды. Мүддеттиң жақынлағанын сезген байдың кишкене қызы жеңгесине айтып, үстине кирпиниң терисинен тон тиктирип кийеди. Жыланның келетуғын күни қыз кирпиниң тикенли терисинен тигилген тонды үстине кийип алып, оны күтип отырады. Жылан келип, үйге киреди. Сыртынан жеңгелери сығалап қарап турады. Жылан қызға қарап:

—Кирпи-кирпи, кирпишай,

Кирпи тонды таслашай, —деген ўақта кирпи тонын кийген қыз:

— Жылан-жылан, жыланшай,

Жылан тонды таслашай,— дейди.

Жылан үстине кийген жылан қабағын сыйырып, шешип таслап, суп-сулыў жигит болып шығады. Кирпи де үстиндеги кийген кирпи тонын шешип таслайды. Бул да бир суп-сулыў қыз болып шығады. Сырттан қарап турған қыздың жеңгелери көрип, хайран қалысады. Қыздың әкеси де бар гәпти еситеди. Екеўине әкеси алты түлик мал, бир ақ орда береди.

Күнлерден күн өтеди. Бир күнлери жигит қызға:

— Мениң мына жылан қабымды жасырып қой, биреў көрип отқа таслап жиберсе, мен саған жоқпан, сен маған жоқсаң, —депти.

Көп узамай жигит аңға шығып кетип қалады. Жигит кеткеннен кейин үлкен апалары киши қыздың үйине қыдырып келеди. Ҳәммеси чай ишип отырғанда бир апасы кесениң түбиндеги чайын жерге төгиў ушын шыптаны көтерип жиберип еди, екинши апасы жыланның қабығын көрип, қорққанынынан терини жанып турған отқа атып урады. Сол отырыстан апалары тарқасады.

Аңға кеткен жигит үйине келип:

— Мениң жылан кебим қайда? — деп ҳаялынан сорайды.

Сол ўақытта ҳаялы болған ўақыяның бәрин түсиндирип айтады. Жигит:

— Ўаҳ! Несип етпеген екен, — деп, қусқа айланып ушып кетип қалады.

Қыз изинен жуўырып, қуўып отырады. Бир жерлерге келип, шаршап жығылады. Әдеўир ўақыттан кейин орнынан ушып түргелип қараса, күн батайын деп тур екен. Қыз жән-жағына қараса, бир жайды көреди. Сол жайға қарай жүреди. Барса, бир ҳаял отыр екен. Бул ҳаял буны көрип:

— Сен бул жерден кет, егер кетпесең, мениң ерим менен қәйним сени жеп қояды, — дейди.

Қыз ҳаялға басынан өткен ўақыяны айтып береди. Буннан кейин ҳаял қызды аршаның ишине салып жасырып қояды.

Бир ўақытта үйге дәўлер кирип келеди. Булар әтирапты ийискеп көрип, ҳаялға:

— Адамның ийиси бар ғой, — депти.

Қатын түрли жоллар менен қызды билдирмей аман сақлап алып қалады. Дәўлер азанда жумысларына кетип қалады. Дәўлердиң кеткенин билген қыз да үйден аман шығып кетип қалады. Жүрип киятырып бир кемпирге жолығады. Кемпирге де болған ўақыяны айтып береди. Кемпир бул сөзди еситкеннен кейин қызға:

— Мына теректиң басында бир қус бар. Сол қус күнде:

— Алты түлик малым-ай,

Ақ ордалы үйим-ай,

Арыў ҳаялым-ай, —деп зарлайды да турады. Күндиз уйқылайды. Кеште сол қосықты айтып зарлайды, — деп, сол теректи силтеп жибереди.

Қыз аңлып барып, кустың қуйрығынан услап алады. Усылай етип, қыз бенен жигит екеўи қосылып, мурат-мақсетине жетеди.

## КИШИ МӘЛИЙКЕ

(Р-71, № 50414)

Бурынғы өткен заманда бир патша болыпты. Патшаның үш қызы бар екен. Ол бир күни «мен қызларымды кимди қәлесе, соған беремен» деп ўәде етипти. Солай етип, өзлериниң қәлеўи бойынша үлкен еки қызын бектин, метердиң баласына узатыпты.

Патшаның кишкентай қызы ҳешкимди қәлемепти. Елаттағы ҳәмме абыройлы адамлар келип, патшаның қызын сорап, оның алдынан өтип болыпты. Қызының ҳешкимди қәлемегенине ашыўы келген патша, қызын сарайда бурын қара жумыс ислеген хызметкердиң бир етигиниң қонышы жоқ,

www.ziyouz.com kutubxonasi

басы кәл, шапанының шалғайы тар баласына берип жибереди.

Патша үлкен қызы менен күйеў баласына ҳәм ортаншы қызы менен оның күйеўине ақ отаў тиктирип, барлық керек-жарағын берипти. Ал кишкене қызы менен күйеў баласына бир ешек кора берипти. Булар сол ешек қорада жасай берипти.

Үлкен еки күйеўи күнде қус салады екен. Бир күни қыз өзининң күйеўине:

— Сен де қуры отырғанша, мениң еки жездем қусап аңға шығып, қус салсаң болар еди, — депти.

— Ондай болса, маған базардан бир жақсы әтшөк қус ҳәм бир қораз алып келип бер, — депти.

Ҳаялы оған базардан әтшөк қус ҳәм қораз әкелип береди. Бала ешегин минип, қоразын қолына алып қус салыўға кетеди. Барып ешекти байлап қояды. Әкесининң оған өлмесинен алдын «Бир күниңе жарар» деп берип кеткен жолбарыс пенен тулпардың түгин қалтасынан шығарып жағады. Бир ўақытта оның алдында тулпар, жолбарыс тайын болады.

Жигит тулпарды минип, жолбарысты ертип аң аўлайды. Кешке шекем ол бирталай аң аўлайды. Аңның ҳәммесин ешекке артып үйине келеди.

Ертеңине ол тағы бажалары менен қус салыўға шығады. Еки үлкен бажасы сонша жүрип, ҳеш нәрсе тута алмайды. Кишкене қыздың күйеўи жәнe көп аң аўлайды. Үйлерине қуры қол қайтыўға уялған бажалары оннан тутқан аңларынан бериўин сорапты. Ол еки бажасына да сорағанын берипти.

Үйине келгеннен кейин жигит ҳаялына ол аўлаған аңлардан аўқат писирип, қайнатасын шақырыўды буйырыпты да, аўқат тайын болғанда оған бир түйир ешектиң тезегин салып жиберипти. Қайнатасы аўқатты мақтап жеп атырып, оның арасынан тезекти таўып алады. Сонда хан:

— Мениң бул ислеп қойғаным надурыс екен. Балаларым ешек қорада жасағаннан кейин олардың писирген асына басқа не түседи, — деп ойланып қалады. Буннан кейин ол киши күйеў баласына да ақ отаў тиктирип береди.

## АДАМНЫҢ ТЕРИСИ

(Р-71, № 50414)

Қарақалпақ журтында Аманқул деген бир бай болған екен. Ол үйине хызметке келген адамлардың хәрқайсысына бир етиктен берип:

— Усы етик жыртылған ўақытта ҳәр қайсыңызға бир баспақтан беремен, — деп ўәде береди екен.

Талапкерлер буған қайыл болып, байдың малын бағып, түрли жумысын ислейди. Бир жыл, еки жыл, үш жыл, төрт жыл ислейди, бирақ сирә аяғындағы етик тозатуғын бәле емес. Адамлар ойлана-ойлана ҳайран болады. Олар бир күни байға барып:

— Қәне, бизлердиң мийнет ҳақымызды бериң, — деп сорайды.

Бай оларға:

— Сизлерге берген ўәдем бойынша, сизлер мен берген етикти тоздырыўыңыз керек. Ҳәзирше ҳеш қайсыңыздың аяғыңыздағы етиклериңиз тозбаған. Ҳақыңызды етиклериңизди тоздырғаннан кейин аласыз, — деп, оларды қуўып жибереди.

Шыдай алмаған жарлылар бир күни байдың жумысын таслап қашып кетип қалады.

Бир күни Аманқулдың үйине бир жас жигит келип, Аманқулға сәлем береди. Бай оннан:

— Сен не қылып жүрген баласаң? — деп сорапты.

— Мен жумыс излеп жүрген талапкермен, — деп жуўап берипти бала.

— Мейли, онда бизде жумыс бар. Ислей ғой, — депти бай ҳәм ол балаға да бир етикти шығарып берип:

— Ал, мен берип отырған усы етик тозған күни мийнет ҳақына бир сыйыр беремен, — дейди.

Бай жигитке қой бағыўды тапсырады. Жигит ертерек етикти жыртып тоздырыў ушын, қойды бағып жүрип, шөңгеден-шөңгеге, тоғайдан-тоғайға аямай басып жуўырады. Күнде шаршап келип, етикти шешип қойып уйқылайды. Қойшы жигит күнде қойды бағып келип, етикти аяғынан шешип уйқылап, азанда етикти көрсе, кеште түсин берген етик азанда баяғы жаңа қәддине келеди де турады. Жигит аямай кийиўи менен бир-еки жылды байдың есигинде өткереди. Етик тозатуғын түри жоқ. Жумыстан шаршап, жигит өлетуғын болады.

Бир күни ол жолда бир ғаррыны ушыратып, оған дәртин айтады:

— Ата, мен бир байдан бир етик алып кийдим. Сол етик тозған күни маған бай бир сыйыр беретуғын болды. Мениң ислеп жүргениме еки жылға шамаласты. Етик тозатуғын емес. Қайта күннен-күнге жаңаланып баратыр. Мен болсам жумыстан шаршап өлетуғын болдым. Ата, аяғымдағы етиктиң тозбайтуғын не бәлеси бар? — деп сорайды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғарры балаға:

— Ҳәй, балам-ай! Усы етикти түнде жатқанында аяғыңнан шешип жатасаң ба? — деп сорайды.

— Аўа, ата, етикти жатарда аяғымнан шешип жатаман, — депти.

— Балам, енди жатқанында етикти түнде аяғыңа кийип жат, — депти.

Бала ғаррының сөзине танланып:

— Ата, не ушын түнде етикти кийип жатыўым керек? — деп сорайды.

Сонда ғарры оған:

— Балам, бул етик адамның терисинен тигилген. Бул етикти түнде шешип қойып жатсаң, ол тозбайды. Себеби адам күни менен жумыс ислеп келип, түнде уйқылап дем алса, азанда бурынғы қәддине келип, кешке дейин шаршамай жумыс ислеп кете береди. Бул етик те сондай, — депти.

Жигит ғаррыға алғысын айтып, жумысына кетеди ҳәм ол сол күннен баслап етикти аямай кийип, кеште жатарында да оны аяғынан шешпей уйқылайды. Бир күнлери азанда уйқыдан турып қараса, етиктиң жүйи, қапталлары дал-дал болып, қақ айрылып кеткенин көреди. Ол дәрриў етикти Аманқул байға апарып көрсетеди. Аманқул ўәдеси бойынша балаға бир сыйыр бериўге мәжбүр болады. Усылай етип бала байдың темир торынан аман есен қутылып, ҳақысын алыпты.

## ШЫНА ТАЎ

(Р-71, № 50414)

Бурынғы өткен заманда бир ғарры менен бир кемпир болыпты. Ол ғарры менен кемпирдиң бир баласы еки қызы болады. Бир күнлери баласы да, қызлары да өсип, ер жетеди. Әсиресе ғаррының үлкен қызы адам таң қалғандай жүдә сулыў болыпты. Усы теңи тайы жоқ қызға өз ағасы ашық болып қалады ҳәм ол қарындасына үйлениўди алдына мақсет етип қойыпты.

Бул аўҳалды қарындасы еситип:

— Ағасы да қарындасын ала ма екен?! — деп қатты қыйналады.

Ең соңында қыз басқа бир елатқа кетип жоқ болайын деп, жылағып кетип қалады.

Сол кеткеннен бир неше күн жол жүрип, таўлардың етегинде турған бир жайды көреди. Қыз жайға барған ўақытта жайдың қапысы ашылады. Қыз жайдың ишине киреди. Қызды жойытқан ата-анасы, туўысқан-туўғаны ҳәммеси қыздың изин қуўалап, баяғы қыздың кирип кеткен жайына келеди.

Анық усы жайға кирип кеткенлигин билип,

Әкеси:
— Ашыл-ашыл, Шына таў,
Мен қызымды көрейин,
Ашыл-ашыл Шына таў, — деп жалынады.

Сонда қыз:
— Ашылма-ашылма, Шына таў,
Өз ағам күйеў болажақ,
Ашылма-ашылма, Шына таў, — дейди.

Анасы:
— Ашыл-ашыл, Шына таў,
Мен қызымды көрейин,
Ашыл-ашыл Шына таў.

Қызы:
— Ашылма-ашылма Шына таў,
Өз ағам күйеў болажақ,
Ашылма-ашылма, Шына таў.

Ағасы:
— Ашыл-ашыл, Шына таў,
Қарындасымды көрейин,
Ашыл-ашыл, Шына таў.

Қыз:
— Ашылма-ашылма, Шына таў,
Өз ағам күйеў болажақ,
Ашылма-ашылма, Шына таў.

Сиңлиси:
— Ашыл-ашыл, Шына таў,
Мен апамды көрейин,
Ашыл-ашыл, Шына таў.

Қыз апасы:
— Ашыл-ашыл, Шына таў,
Мен сиңлимди көрейин,
Ашыл-ашыл Шына таў, —

деген ўақытта қапы ашылады. Сиңлиси жайдың ишине киреди. Апасы менен сиңлиси екеўи жайдың ишин қыдырып жүре береди.

Бир неше айлар, бир неше жыллар өткеннен кейин еки қыз далаға шығады. Екеўи кетип баратырғанда киши сиңлиси шөллеп апасынан суў сорайды. Екеўи ишетуғын суў излеп жүрсе, алдынан бир дәрья

www.ziyouz.com kutubxonasi

шығады. Қызлар суў ишейин деп қараса, дәрьяның бир жағында сыйыр ишетуғын суў, бир жағында ешки ишетуғын суў, бир жағында қошқар ишетуғын суў ағып тур екен. Булардан қашығырақ бир жерде адам ишетуғын суў ағып турады. Бирақ екеўи адам ишетуғын суўға жете алмай, қошқар ишетуғын суўдан ишип қояды. Кишкене қыз суўды ишип болыўдан қошқарға айланады.

Үлкен апасы жылап-еңиреп, синлисин изине ертип кетип баратырса, алдынан бир бай шығады. Бай қызға ашық болып қалады ҳәм оған үйленеди.

Байдың үлкен ҳаялы күйеўин қызғанып, қызға жаманлық ойлайды.

Бир күни екеўи суўға киятырғанда үлкен хаял қызға шомылыўды усыныс етеди. Қыз шомылыўға ыразы болады. Байдың үлкен ҳаялы қызды суўға ийтерип жибереди.

Баяғы қошқардың суўын ишип қошқар болып кеткен қыз байдың есигиниң алдына келип тәшўишленип маңырай берипти. Буннан бай қызға бир бәле болғанлығын билип, еки үлкен өгизди алып, қыз бенен ҳаялдың шомылған жерине келеди. Еки өгизге суўдың барлығын иштиреди. Қараса, суўдың түбинде қыз шашын тарап отыр екен. Қыз болған аўҳалды байға айтады. Бай жаманлық еткени ушын қызды суўға жиберген ҳаялын түйениң қуйрығына байлап, шеңгелден-шеңгелге, қарабарақтан-қарабараққа сүйретип, денесин ҳәр жерде қалдырып азаплап өлтиреди.

## ҮШ ДОС
(Р-459. № 176402)

Бурынғы өткен заманда бир байдың үш баласы болыпты. Бир күни бай қатты аўырыпты. Алдына үш баласын шақырып алып, былай депти:

— Балларым, мен енди тәўир болмаспан. Мен өлгеннен кейин мал дүньяларды өзлериңиз бөлип аларсыз, — депти.

Үш бала әкеси өлгеннен кейин мал-дүньяларын бөлисип алыпты. Сөйтип, мал-дүньясы таўсылғаннан кейин үшеўи жумыс ислепти. Ең үлкени жумыс ислеп-ислеп, ақыры хеш нәрсе өндире алмайды. Ортаншысы да жумыс ислепти, ол да ҳеш нәрсе өндире алмайды. Оннан кейин ең кишкенеси жумыс ислепти ҳәм көп ақша таўыпты. Ағаларына қыз алып берипти. Бир күни еки ағасының ҳаяллары балаға жаманлық ойлапты. Баланың ағалары жумыстан келгеннен соң екеўи ойласып былай депти:

— Сизлер иниңизди өлтириң, өйткени сизлер оның жуўындысын ишип жүрсиз, барлық байлық онда қалып атыр, — депти.

— Бизлер оны қалай өлтиремиз? — депти ағалары.

— Буның жолы аңсат, — депти хаяллары, — сизлер оның дәрўазасына қылыш байлаң. Сөйтип «малыңа уры түсти!» деп бақырың. Ол далаға жуўырып шығып киятырғанда қылыш кесип кетип өледи. Сонда еки ағасы ҳаялларының айтқанындай етип, инисиниң үйиниң дәрўазасына қылыш байлапты да, өзлери сыртта турып, «малыңа уры түсти!» деп бақырыпты. Сонда бала сыртқа жуўырып шығып, есиктен енди атлай бергенде, аяғын қылыш кесип кетипти. Ағалары баланың шарасыз қалғанын көрип, сол жерде оның мал-дүньясын алып кетипти.

Бир өзи қалған бала ақсаңлап тоғайға қарап жол тартыпты. Оның алдынан кийик қуўған бир адам шығыпты. Жигит серлеп қараса, жаңағы адамның мурны пушық екен. Бала сары жай менен кийикти атып түсирипти. Кийикти қуўып киятырған адам жуўырып келип балаға:

— Екеўимиз жолдас болайық, — депти.

Екеўи кетип баратырса, алдынан тағы кийик қуўған адам шығыпты. Бала және ол кийикти де сары жай менен атыпты. Кийик қуўған адамның бир қолы жоқ екен. Енди үшеўи жолдас болып жүре берипти. Бир күни бир қолы жоқ адам былай депти:

— Патшаның қызы күйеўге шығайын деп атыр, бизлер де тойға барайық, — депти.

Үшеўи патшаның сарайына қарай жол алыпты. Балаға патшаның қызы унап қалыпты. Қасындағы еки досты оған қызды алып қашыўды мәсләҳәт берипти. Сөйтип олар қызды тойы болып атырған жерден алып қашыпты. Қыздың изинен қуўғыншылар қуўыпты, бирақ оларды қуўып жете алмапты.

Енди олар төртеўи тыныш жасай берипти. Үш дос аңға шығып кетеди екен, ал қыз үйинде қалып аўқат писирипти. Бир күни қыз аўқат писирейин десе, от таба алмапты. От излеп жүрсе, узақтан бир ылашық көринипти. Қыз ылашыққа барса, ишинде мәстан кемпир отыр екен. Қыз кемпирден от сорайды. Мәстан кемпир қызға басын қараўды өтиниш етеди. Қыз басын қарап атырған ўақытта кемпир қызға биз суғып ала береди. Басын қаратып болғаннан кейин кемпир қызға отты күли менен тесик қапшыққа салып береди. Жол бойынша қапшықтан күл шашылып келеди. Кемпир ертеңине күлдиң шашылған изи менен келип қыздың үйин таўып келип, тағы басын қаратады. Бул сапары да басын қарап атырғанда қызға биз суғып ала береди. Қыз азып кетеди. Бир күни үш дос буны сезип, қыздан:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сен неге азып кеттиң? — деп сорапты.

Сонда қыз болған ўақыяның хәммесин оларға айтып берипти. Сол күннен баслап олар гезекпе-гезек қызды қараўыллаўға келисипти. Биринши күни қыз бенен мурны пушық қалыпты. Бир ўақытта мәстан кемпир жетип келипти.

— Сен бе бизиң қарындасымызға азап беретуғын?! — деп, ол мәстан кемпир менен гүресип кетипти. Ақырында мәстан кемпир оны жығыпты хәм мурны пушықты ағашқа байлап, қызға мәжбүрлеп басын қаратыпты. Оған және биз суғыпты. Екинши күни бир қолы жоқ қалыпты. Бираз ўақыттан кейин мәстан кемпир келипти.

— Сен бе бизиң қарындасымызға азап берип отырған?! — деп, ол да мәстан кемпир менен узақ гүресипти. Ақырында мастан кемпир оны да жығыпты. Оны да бир ағашқа байлап қызға басын қаратыпты хәм және биз суғыпты. Үшинши күни гезек жигитке келипти. Арадан көп ўақыт өтпей кемпир жетип келипти.

— Сен бе бизиң қарындасымызға азап беретуғын?! — деп, жигит те мәстан менен гүресип кетипти. Ақырында жигит шаққанлық етип кемпирди жығып, бир ағашқа байлап қояды. Бир ўақытта ана екеўи де жетип келипти. Кемпирди енди өлтирейин деп атырғанда ол былай депти:

— Аяғы жоққа аяқ берермен, қолы жоққа қол беремен, мурны жоққа мурын беремен, — деп қышқырыпты.

Сонда олар буны сынап көриўди мақул көрипти. Кемпир мурны жоқты жутып жиберген екен, ол кемпирдиң аўзынан мурны бар болып шығыпты. Қолы жоқты жутса, ол қоллы болып шығыпты. Гезек жигитке келип, оның да аяғындағы жарасы жоқ болып кетипти. Олар мәстан кемпирдиң «Енди қайтып хеш кимге жаманлық етпеймен» деген ўәдесин алып, оны босатып жиберипти. Жигит қызға үйленипти. Үш дос мәңги айрылмаўға ўәделесип, өмири бойы тыныш бахытлы турмыс кеширип, мурат-мақсетине жетипти.

## АЛЛАМУРАТ ХӘМ ҚАССАП
(Р-71, № 50414)

Бурынғы өткен заманда, сол заманның қәдиминде өзи сықмар хәм бай бир қассап болған екен. Қассаптың хәр күнги әдети, қалаға барып, халыққа: «Кимде-ким маған келип жумыс ислеўди қәлесе, үйиме барсын» деп жар урдырады екен.

Ол заманда жумыс табылмайтуғын ўақыт болғанлықтан, көп адамлар жумыссыз қарап жүреди екен. Байдың урған жары бойынша бир жарлы оның үйин излеп барып, жумысын ислейди. Екинши күн болғанда бай қассап қаладан қара малдың қарнын әкелмекши болады. Ол жигитке қарынды арқалатып киятырып, бийик таўдың етегине барып дем алып отырады. Бай қассап бир ўақытта жигитке қарынның ишине кириўди буйырады. Жарлы жигит иләжсыздан қарынға киреди. Қассап қарынның аўзын тигип, оны таўдың етегине апарып қояды. Бир ўақытларда бир үлкен қара бүркит келеди де, қарынды ишиндеги адамы менен қосып, таўдың басына көтерип ушып алып кетеди. Таўдың басына шыққаннан кейин, жигит еплеп қарынның ишинен шығады да жән-жағына қарайды. Жерге түсейин десе, таўдың басы бийик. Текшеси болмағаннан кейин жерге түсе алмайды. Жерге қараса, баяғы қассапты көреди. Қассапқа «мени жерге түсирип ал» деп әри-бери жалынады. Сонда қассап жигитке:

— Таўдың басындағы алтынларды жерге тасла, оннан кейин мен сени жерге түсиремен, — депти.

Жигит жерге таўдың басындағы алтынларды ылақтырып таслай береди. Қассап жерде турып, алтынға алты қапты толтырады.

— Енди, мени түсирип ал! — деп бақырыпты жигит жоқарыдан.

Бирақ қассап дым үндемей алтынларды алыпты да кетип қалыпты. Таўдың басында қалған жигит ашлықтан хәм суўсызлықтан өлип кетеди.

Қассап келеси күни қалаға келип, тағы жар урдырады. Көп адамлардың ишинен жасы он алты-он жети жаслар шамасындағы бир жигит жумыс ислеўге ыразы болады. Бул жигиттиң аты Алламурат деген еди.

Алламурат қассаптың үйинде үш күн жумыс ислейди. Ол жас болса да, ақыллы жигит екен. Қассаптың қандай да бир сырының бар екенин дәрриў-ақ аңлапты. Қассап өзиниң әдети бойынша буны да қаладан қара малдың қарнын алып келиў ушын ертип кетеди. Олар алты түйе хәм бир неше қапшықларды алып таўға қарай жүре береди. Таўдың қасына келип дем алып отырады. Қассап әдеттегидей, қарынды тигип, бир мушынан адам сыйғандай ашық жер қойып, жигитке усы тесикке кириўди буйырады. Алламурат қатты қарыўлы күшли жигит екен, байдың өзин еки бүклеп қарынның ишине тығады да,

www.ziyouz.com kutubxonasi

оны таўдың етегине апарып қояды.

Бир ўақытта баяғы бүркит ушып келип, қарынды ишиндеги қассап пенен қосып, таўдың басына алып шығады. Өлдим-азарда қарынның ишинен шыққан қассап жерде турған Алламуратқа:

— Мени түсир! Сораған нәрсеңди беремен, — деп жалыныпты.

— Таўдың басындағы алтынларды жерге тасла, соннан кейин түсиремен, — депти.

Қассап таўдың басындағы алтынларды жерге ылақтырып таслайды. Алламурат алты түйеге алтынды артып, қассапты таўдың басында қалдырып кетеди. Қассап таўдың басында жүрип өледи.

Ол үйине қайтып келгеннен кейин қассаптың барлық малы-дүньясын адамларға бөлип береди.

## ЖЕТИМ БАЛА

(Р-1076. № 182778)

Бурынғы өткен заманда дәўлер болған екен. Олар адам жейди екен. Соның ушын халық гезеклесип, күнде бир адамнан береди екен.

Бир күни әке-шешеси өлип қалған жетим баланың гезеги келипти. Баланың өзинен бөтен кишкене қарындасы да бар екен. Хеш илаж ете алмаған бала қарындасын изине ертип, басына түскенине қайыл болып, тәўекел деп, қолына оқжайын алып дәўдиң алдына барады. Баланың тәўекел деп атқан оғынан қудайдың хәмири менен дәў өлипти. Бурын адамлар атса, оғы өтпей, шапса, қылышы өтпеген дәў, қуданың хәмири менен, жетимниң көз жасы қабыл болып, мук қаўыпты. Бала дәўдиң басын кесип алып, изине қарындасын ертип елине қайтады.

Халық шуўласып, қуўанысып жылап, олардың алдынан шығып:

— Дәўди неге бурын өлтирмедиң? Бул дәў бизлердиң не деген балаларымызды жеди, — депти.

Сонда бала турып:

— Бурын да бул дәўлерди нешше рет атқан жоқ па едиңиз? Аттыңыз, бирақ олар ол оқтан өлмеди. Бизлер еки жетим түни менен қудаға ибадат етип, тәўекелге бел байлап келдик. Қуда көз жасымызды қабыл етип, атқан оғымыздан дәўлер өлди, — депти.

Солай етип бала өз елин дәўлерден қутқарыпты. Ол халқы хәм қарындасы менен тыныш жасай берипти.

Күнлерден бир күни бала жасап атырған қалада бир жолбарыс пайда болады. Ол қаланы үш айланып, хан сарайының дәрўазасының алдына келип жатып алады. Хан ўәзирлери менен ойласып, жетим баланы сарайға шақыртады хәм оған:

— Бул истиң илажын сен таппасаң, биз хеш илаж ете алмаймыз, — депти.

Бала илажсыздан жолбарыстың алдына барыпты. Бала жолбарысқа жақсылап нәзер салып қарап, оның жаманлығының жоқ екенин билипти. Ол жолбарыстың қасына әсте ақырын барып, басынан сыйпапты. Сонда жолбарыс баланың батырлығына тән берип:

— Сен не ушын мениң басымнан сыйпадың? — деп сорапты.

— Сениң менен дос болмақшыман — депти бала.

Сонда жолбарыс та баланың дослығын қабыл етипти хәм өз жүнинен бир тутамын жулып алып берип:

— Басыңа қандай ис түссе де, усы жүнди түтет, мен жәрдемге тайын боламан, бирақ мениң де сеннен бир өтинишим бар, — депти.

— Меннен саған қандай жәрдем керек? — депти бала.

— Сен усы елатыңдағы барлық халқыңды қураллаңдырып, кимисин атлы, кимисин пияда ертип усы жерден мың шақырымдағы таў етегине апарып, ойын-заўық етесиз. Сол жерде мениң атайы душпаным айдарха бар. Ол сизлердиң шаўқымыңыздан оянып, басын көтерип қарар, сонда сен пайыттан пайдаланып оның басын шаўып ал. Мен ислеген жақсылығың ушын саған хәм халқыңа көп дүнья-мал, саған өзимниң алтын тахтымды инам етемен, — депти де, жолбарыс қала дәрўазасын тәрк етипти.

Бала ханға келип болған ўақыяны айтыпты. Хан дәрриў қала халқына жар урдырып, оларды бир жерге жыйдырыпты. Халық бәрин баланың айтқанындай етип, айтылған жерге барып ойын-заўық қурыпты. Олардың шаўқымынан оянып кеткен айдарха «мениң жеримде шаўқымласыўға кимниң хәдди сыйды» деп ойлап, басын көтерип қарапты. Усыны күтип турған бала шаққанлық пенен оның басын қылышы менен шаўып алыпты.

Жолбарыс өз лебизинде турып, айтқанындай, халыққа көп дүнья-мал, ал балаға өз тахтын инам етипти. Солай етип жетим бала өзиниң дәўжүреклилиги хәм ақылының арқасында тахт хәм дәўлетке ийе болып, қарындасы менен бахытлы турмыс кеширипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҲАҚ НИЙЕТЛИНИҢ НЕСИЙБЕСИ
(Р-1076. № 182778)

Бурынғы өткен заманда бир журтта үш дос болған екен. Бир күнлери олар ел ишинен дурыслы талап таба алмай хан сарайына жумыс сорап барыпты. Патша олардың қандай адамлар екенин сынап көриў ушын жигитлердиң үлкенине Гүл исмли оғада сулыў кәнизин зыяратқа апарыўды буйырып, оған жүйрик бир ат берипти. Екиншисине мың тилла берип, биринши жигитке жолдас болыўды буйырыпты. Ал, үшинши жигитке хеш нәрсе бермепти.

Олар хан кәнизин алып, төртеўи зияратқа, узақ сапарға атланыпты. Жолда ханның кәнизи тапсырылған жигиттиң кеўлине «Мың тилла алған жигитти өлтирип, тилласын алсам» деген кара нийет келипти. Өз гезегинде кәниздиң сулыўлығына лал болып, оған жетисиўди әрман етип киятырған екинши жигит те достын өлтириўдиң пайытын излепти. Сол күни түнде шаўкымнан оянып кеткен үшинши жигит орнынан турып караса, ана екеўиниң қызыл қанға боялып жатырғанын көреди. Жигит досларының өлгенине қатты қайғырып, оларды арыў кепинлеп, жақын жердеги әўлийеге жерлеп, Гүл кәнизди өзине қыяметлик карындас тутынып, және жолға түседи.

Олар көп жүрсе де, мол жүрип, көп мәнзиллерден асыпты хәм ақыры бир елатқа келип жетипти. Жигит бир есикке барып, үй ийесинен бир түнге баспана сорайды. Үй ийеси бай, дәўлетли бир киси екен. Бирақ жалғыз баласы наўқас екен. Жигит тутынған қарындасын сол үйдиң бала-шағасына қосып, өзи бағдағы бир мийўа теректиң астына барып жатады. Түн аўғанда жигит бир сытырлыдан оянып кетеди. Қараса, ол жатырған теректен сәл арманда биреўи ақ, биреўи қара, еки жылан сөйлесип турған қусайды. Ақ жылан қара жыланға:

— Әй, надан! Еки гүзе алтынға ийелик етемен деп бир инсанның жалғыз баласының ишине кирип, оны еки жылдан берли бийтап етип койыпсаң. Усы ашкөзлигиң бир күни басыңды жейди, — депти де, арман қарай жылысып кетипти.

Ертеңине бала үй ийесине баспана бергени ушын рахмет айтыпты да, кейин оның бийтап баласына жети жылдан бери туўмай жүрген сыйырдың майын ишкизиў кереклигин айтыпты. Бай хәммесин жигит айтқандай етип орынлапты. Бир ўақытта баланың аўзынан әсте қара жылан жылысып сыртқа шығыпты. Бай қолындағы ҳасасы менен жыланды бир урып өлтирипти. Бала бир майданда өзине келип саўалыпты. Бай балаға көп мал-дүнья инам етипти. Ол қарындасын ертип және жолга түсипти. Жигит патшаға берген ўәдеге муўапық, Гүлди зияратлатып, және изине, елине карай қайтыпты.

Олар елге жақынлаған жерде отаў тигип дем алып отырса, узақтан онлаған атлының булар тәрепке киятырғанын көрипти. Атлылар булардың тусына келгенде жигит олардың арасынан өз елиниң патшасын дәрриў танып, оны мийман болыўға мирәт етипти.

Гүл кәниз оларға түрли тағам таярлап берипти. Алдына келген тағамды татып көрген патша:

— Мениң бир ўақытлары Гүл исимли кәнизим бар еди, мына аўқат оның писирген аўқатын есиме салды, — депти.

Бул гәпти еситкен жигит дәрриў отаўға кирип, Гүлди патшанын алдына әкелип көрсетипти хәм болған ўақыялардың бәрин патшаға айтып берипти. Баланың әңгимесин тыңлаған патша оның ҳадаллығына рахмет айтып, оны өзине ўәзир етип алыпты.

«Кудайдан тилегениң пүтин шығады, кисиден тилегениң көзиңди шығарады» деген гәп усыдан қалған екен.

## ТОҒЫЗ АҒАЙИНЛИ ТЕМИРБЕК
(Р-98, № 24641)

Бурынғы өткен заманда тоғыз ағайинли жигит болған екен. Сол жигитлердиң биреўи оғада батыр болып, оның аты Темирбек деген екен. Бир күнлери Темирбектиң сегиз ағасы оның батырлығын көре алмай: «Бул қалай, бизлерден озып кетти ғой» деп қызғана баслапты. Ақыры олар былай ойласыпты:

— Буны бизлер өлтирейик, есикке қылыш байлайық, сөйтип «Темирбек, жаў келди!» деп бақырайық, соннан соң Темирбек батыр далаға жуўырып, есикке барғанда баяғы кылыш аяғын кесип кетер, соннан соң бизлер де батыр болармыз, — деп, усы ойларын әмелге асырыпты.

Сөйтип баяғы сегиз ағалары малларын айдап, Темирбектиң қолына оқдәриси менен мылтықты берип кетипти. Темирбек үйде қалыпты. Бир ўақытлары Темирбек жатып аш болады. Аздан соң жанына бир хәкке келип шықылықлай берипти. Сол хәккени Темирбек атып, еңбеклеп барып алып, жулып отқа писирип жепти. Соннан соң хәккелер қасына келе берипти. Темирбек те хәккелерди

шетинен атып ала берипти. Атылған хәккелерди шетинен қақлап қоя берипти. Қақлап қойып Темирбек жатырса, қубла тәрептен бир адам кийикке сүйенип киятыр екен. Қасына жақынлай берген ўақта Темирбек оның кийигин атыпты. Бағанағы сүйенип киятырған адам:

— Жол-жөнекей аш болсам жейтуғын азығым еди, — деп жылапты.

Темирбек оған:

— Жылама, екеўмиз дос болайық, — депти.

Ол Темирбекке:

— Сен не кәр етип атырсаң? — депти.

— Әй, жора, меннен несин сорайсаң?! Мениң өзимнен үлкен сегиз ағам бар еди, сол ағаларымның еткен жаманлығынан усы жердемен. Олар мени «бизлерден басып озып кетер» деген кәўетер менен өлтирмекши болыпты. Бир күни азан менен «Жаў киятыр!» деген қатты бақырыстан оянып, көйлегимди кийип далаға жуўырып едим, есикке қылыш байлаған екен, сол қылыш аяғымды кести де кетти, сөйтип жатырман, — депти.

Баяғы киси:

— Бизлер де сегиз ағайинли жигит едик, мен журтта жоқ жүйрик едим, жети ағам мениң көзимди шығарды, соқыр болдым, — депти.

Сөйтип еки дәртли бирге сөйлесип, дос болыўға келисип отырса, және бир киси кийикке сүйенип киятыр екен. Жақынлаған ўақытта оны да Темирбек атып алыпты. Бул киси де жылап:

— Бул мениң жолдағы азығым еди — деп, олардың қасына келипти.

— Кел, дос болайық, мен де бир жатқан ақсақпан, сен не жумыс ислеп жүрсең? — деп сорапты Темирбек оннан.

— Мен журтта жоқ палўан едим, мениң ағаларым еки қолымды кесип алды, — депти жаңағы келген киси.

Соннан бул үшеўи дос болыпты. Бир күнлери узақта бир байдың тойы болыпты. Тойда барлық батырлар ат шаптырыпты. Баяғы еки көзи жоқ жүйрик адамды Темирбек те минип тойға кетипти. Атларды еки-үш күнлик жолға байраққа жиберипти. Баяғы жүйрик адам еки күн алдын келипти. Еки күннен соң байраққа жиберилген атлар да келипти. Соннан соң адамлар:

— Сениң алдын келгениң өтирик, сен ярым жолдан қашып келдиң, — деп оған исенбепти.

— Кейинги атлар хәм келсин, солардан сораң, мен бирге шаптым. Өтирик болса сорап көриң, — депти.

Сораса, олар:

— Өтирик емес, бизлер бирге шаўып едик, — депти.

Тойдың ийеси ат байрақтан озып келгени ушын байрағына бир үйир мал берипти. Бир үйир малды айдап Темирбек жүйрик адамға минип киятырса, жолда бир топар қызлар баратыр екен:

— Хаў, мына бир жигит адамға минип киятыр ғой! — деп таңланысыпты.

Соннан соң баяғы адам:

— Сен қызлардың ортасынан жүрип бир сулыў қызды тақымыңа бас, соннан соң маған «шүў» де, мен қашайын, қызлардың көзи илмей қалсын — депти.

Сөйтип Темирбек досларының арқасында хәм үйленип, хәм мал-дүньялы болып, мурат-мақсетине жетипти.

## ХАНДЫ ЖЕҢГЕН СОҚЫР
(Р-22, № 82401)

Ертеден ерте бир заманда, ел-журт әлемде бир патша бар екен. Төрт түлиги сай, өзи дәўлетли екен. Бул патшаның перзенти жоқ, жалғыз бир қызы бар екен. Қызы ержеткен соң «қызымды қырық өтирик айтқанға беремен» дейди екен.

Патшаның елиндеги көп жигитлер қырық өтирик айтыўдың жолын таба алмайды, патшаға батынып бара алмайды.

Күнлердиң бир күни патшаға бир көзи соқыр бир жигит келипти.

— Қуллық, тақсыр! Мен қырық өтирик айтып берейин, — депти.

— Айт, айт, — депти патша.

Соқыр жигит патшаға қырық өтиригин айтып баслапты:

— Туўмай атырып уллы атамның жылқысын бақтым. Жылқыны бағып жүрсем, питпеген тобылғының түбинде туўмаған туў қоян жатыр екен. Аттым, атпай атырып-ақ жаны шықты, ишинен ярым батпан

www.ziyouz.com kutubxonasi

майы шықты. Майды етигиме жақтым, бир етигиме жетти, биреўине жетпей қалды. Сол жерде етигимди дастанып жата қалдым.

Түн ортасы болғанда төбелес шықты, оянып кеттим. Қарасам, еки етигим төбелесип атыр. Биреўин басқа урып, биреўин төске урып, төбелести қойдырып жатып қалсам, май жақпаған етигим қашып кетипти. Майлы етигиме еки аяғымды тығып жиберип, из кесип кеттим.

Из кесип киятырсам, алдымда бир аўыл бар екен, онда бир үлкен жыйын бар екен. Аламанның ишине кирип араласам, асханадан етигим жылт етип шыға келди. Етигим сонда табақшы болып жүр екен. Маған сасқанынан сас табақ, қорыққанынан қос табақ әкелип алдыма қойды. Жеп болдық.

Етигимди таўып, етке тойып, етим қызып, бетим жылтырап жылқыма қайтып келдим. Жылқыма келсем, тоқпақ жал торы айғыр жоқ. Әстен қыдырып баратырсам, теңиздиң бир атаўында арқырап тур. Барайын десем, қайық жоқ, өтейин десем, өткел жоқ. Қосбаўлы пышағым, қыным ядыма түсти. Қынымды қайық қылып, пышағымды ескек қылып, теңизге түсип едим, батып кеттим. Пышағымды қайық қылып, қынымды ескек қылып едим, зырлап өттим де кеттим.

Сонда патша:

— Теңиз дегениң — өгиздиң сидиги шығар, — депти.

— Болса болар, мына жағынан азанда ушқан қарақус кешке зордан арғы шетине қонады.

— Қарақус дегениң — шыбындағы, — депти патша.

— Шыбын болса болғандай еди. Бир қанатына бес-алты аўыл қонып, қой жайып жайлағанды билмейди, — депти.

Сонда патша енди не айтарын билмей:

— Хәй, сөзиң қурысын, айтабер енди, — депти.

— Атаўға шығып енди айғырымды алып қайтайын десем, муз қатып қалыпты. Қазандай музды ойып алып аяғыма салып, сырғанақ теўип кете бериппен. Шөллеп шаршап жүре алмадым. Музды тептим, ойылмады. Мойнымды үзип, басымды жулып алып, басым менен тоқ-тоқ еткизип урып едим, суў шықты. Суўды ишип қанып алып, үйге қарай хайдадым-аў.

Үйге келип, үйдеги адамларға суў қайнаттырдым. Сол суўды ишейин деп алдыма алсам, басым муз ойған жерде умытылып қалыпты. Басыма жуўырдым. Барсам, бир ғарға басымның аржағына бир, бержағына бир шығып жүр екен. Жуўырып жетсем, ғарға мына көзимди шоқып болып, мына көзимди айналдырайын деп атыр екен. Сондағы ғарға шоқыған көзим, мине усы көзим еди, — депти.

Патша жеңиледи. Соқырға қарсы сөз айта алмайды. Соқыр жигит патшаның қызын алып мурадына жетеди.

## КӨП ЖАСАҒАН САЎДАГЕР

(Р-89. № 37578)

Бир бар екен, бир жоқ екен. Бурынғы өткен заманда Абдулла деген саўдагер болыпты. Ол еки жүз жасқа шығыпты, сонда да оның жигирма бес жасар жигитлерден қуўаты кем емес қусайды.

Бир күни Абдулла саўдагердиң үйинде досты қонып отырып, оннан усынша узақ жасағанының сыры туўралы сорапты. Сонда Абдулла төмендеги ўақыяларды айтып берипти:

— Бизлер саўдагершилик пенен қырық еки адам болып Шын теңизиниң ортасы менен Хадиса журты дегенге қарап кемели жүрип кеттик. Бир күни теңиздиң ортасы менен киятырғанымызда арқамыздан қатты даўыл соғып, кемемизди өз бағытымызға жүргизиўге ықтыяр бермей, бет алды ығып кете бердик. Арадан жети күн өткенде кемемиз барып бир белгисиз жарға қапты. Бир неше күннен берли қорқынышта киятырған жолдасларым кемеден қырға шықты. Аўқат писирип жеў ушын ким қолына балта, кимиси кетпен алып, отын алып келиўге тарады. Бул жерде ел жоқ, жатқан далалық екен. Отын жыйнап жүрип узынлығы он гез бир әжайып гүмбездиң үстинен шықтық. «Бул не екен?» деп гүмбездиң жән-жағын айланып көрдик, бирақ хеш жеринен аўзын таба алмадық. Жолдасларымның ишинен биреўи кетпенниң енсеси менен гүмбезди урып жиберип еди, табақтың аўзындай бир жери ойылып түсти. Тесилген жерге хәммемиз үңилип қарадық. Ишинде қустың қанаты қыймылдады. Аңлап қарасақ, гүмбез деп жүргенимиз қарақустың мәйеги екен. Ал, ишинде қыймылдап атырған жаңа пайда болып киятырған палапаны болып шықты. Сол палапанның өзи нар түйедей бар екен. Буны көрип бизлердиң зәрремиз ушты, тамақ қайда, шай қайда, тез-тезден кемемизге минип алып, намазлыгерде жолға шықтық. Түни менен ықтық. Ертеңине песин ўақта қатты бир даўыл пайда болды. Азмаздан кейин алыстан адамды адам көрместей болып киятырған булт көринди. Қорқыныш кем-кем арта берди. Аспанға сер салсақ, булт дегенимиз қарақус екен. Бизлердиң төбемизге жақынлап қалыпты. Даўыл болып

www.ziyouz.com kutubxonasi

есип турған да сол қарақустың кәхәри екен. Қарақус кемедей бир тасты аяғына бурап алып, туўры төбемизге келди де, таслап жиберди. Бизлер оғада қорқыстық, гей биреўлер шуўлап бақырып жиберди. Бирақ, қарақустың таслаған тасы самалдың пәти менен кейин қарап кетти де, кемениң үстине туўры түспей, хәммемиз аман қалдық. Қарақус бизлерди байқамастан ушып алып өтә кетти, ығып жүрип кеште теңиздиң жағасына шықтық. «Басқа жер шығар» деп байқастырып қарасақ, баяғы мәйек табылған жер екен. Мәйекти қарақус алып кетипти, ал, орнында қарақустың еки пәри жатыр екен. Пәрдиң ишине суў қуўып көрип едик, оған он тоғыз қаўға суў кетти, және де пәриниң түбинде қатыўаш ети бар екен. Оны жонып алғанда бир самар гөш шықты. Етти сол жерде асып жедик. Ишимизде жасы жетписке шыққан, сақал-шашы аппақ болған жигирма еки ғарры бар еди. Азанда сол ғаррылардың аппақ сақал-шашы қап-қара болып, өзлери жасарып кетипти. Сол ғаррылардың биреўи мен едим. Бунның себеби Шын теңиздиң арғы жағасында Шажыратыл деген шөп болады екен, сол шөптиң суўын ишкен адам қартаймайды. Қарақус узақ жасаў ушын Шын теңизиниң арғы жағына ушып барып, жети күнде бир мәрте Шажыратылдың суўына қанып қайтады екен. Бизлердиң жасарып қартаймаўымызға қарақустың пәриниң ети себеп болған екен, — деп сөзин тамамлайды.

— Сол еттен сизде азы-кем жоқ па? — деп сорайды Абдулланың досты.

Абдулла «азы-кем бар» деп, достына сақлап қойған гөшинен береди. Ол да көп жасайтуғын болып шыға келеди. Саўдагердиң көп жасаў тарийхы усылай болған екен.

## ҚАРЫЗДАР АДАМ
(Р-21. № 1081)

Бурынғы өткен заманда бир саўдагер болыпты. Ол тоғыз айшылық жолдағы Пәрең патшасы менен керекли буйымларды, зәрүр затларды алмастырып, саўдагершилик пенен шуғылланады екен. Оның жалғыз баласы болады, оннан басқа улы да, қызы да болмайды. Патша қартаяды. Өзи Пәрең патшасының елине бара алмайтуғын болады. Сонда ол баласына:

— Балам, мен қартайдым, жумысқа жарамайтуғын болып қалдым ғой. Буннан тоғыз айшылық жолда Пәрең патшасы бар еди. Биз сол патша менен бес жылда бир рет саўда аўмастырып туратуғын едик. Алтын апарып берип, қымбат баҳалы затларды алып қайтатуғын едик. Енди бир мәрте барып қайтатуғын ўақыт жетти, — дейди.

— Сол ушын не қыламыз? — дейди баласы.

— Барып қайтасаңдағы.

— Ким менен барып қайтаман? — деп сорайды баласы.

Оған атасы:

— Базарға барып дийқан таўып аларсаң. Сол адам менен барып қайтарсаң, — деп жуўап береди.

Баласы да атасына усаған «шықбермес шығайбай» еди.

— Яқшы, болады, — дейди ол.

Базар күни қалаға барып жар салдырады. Қаладағы адамларға:

— Мен тоғыз айшылық жолдағы Пәрең патшасына саўда алмастырыў ушын бараман. Ким де ким дийқан болып маған ерип баратуғын болса, кийим-кеншеги менен азық-аўқатын төлеймен ҳәм мийнет ҳақысы ушын жигирма тиллә төлеймен, — деп бақырады.

— Мен бараман, — дейди бир дийқан.

— Яқшы, келистик, — деп, бала оны изине ертип қайта береди.

Дийқанды сынап көриў ушын жолда атынан түсип аўырыў болып жатады. Ыңқылдайды, ыңырсыйды, дийқан қасында бир қанша отырғаннан кейин:

— Сен аўырыў емессең, әўмесер екенсең, — деп, дийқан баланы сөгип-сөгип кетип қалады.

Бала үйине қуры келеди.

— Дийқан таптың ба, балам? — дейди бай.

Баласы:

— Таўып едим, жолдаслыққа жарамайтуғын болды. Сонлықтан да, оны қайтарып жибердим, — деп жуўап береди бала атасына.

— Зияны жоқ. Бүгинги базар болмаса ертеңги базар табылар. Бир адам таўып алмасаң, бир өзиңе қыйын болар, — дейди бай.

Арадан төрт күн өтип, бесинши күнге қарағанда узақ базар болады. Тағы базарға кетип баратырғанда жол үстиндеги әўлийеде жаңа көмилген бир адамды еки адам ашып алып сабап атырғанының үстинен шығады. Олардан бала:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сизлер неге өлген адамды урып атырсыз? — деп сорайды.

— Бизлерден жигирма тиллә карыз алған еди. Соны төлемей өлди. Бул киси бизлерге карыздар, — дейди олар.

— Мен өзим жигирма тилләны төлеймен. Өлген адамға азап бермең, — деп, қарызын төлеп, карыздар адамды кәбирине қойдырып калаға жүрип кетеди. Қарыздар адам бурын бир жарлы еди. Күнин көриў ушын көп адамнан карызға акша алған еди. Бир күнлери ол аўырған. Акша қарыз алған адамлары күнде-күнде келип есикти тындырмаған, оннан соң хаялы күйеўине:

— Мен сени өлди деп, әўлийеге апарып қойдырайын, соннан олар келмес, — дейди.

— Қойдыра ғой, — депти жарлы.

Соның менен апарып әўлийеге қояды. Әўлийе басындағы адамлар тарасып кеткеннен соң карыздар адам кәбиринен шығып, түнде хеш кимге көринбей үйине барады. Байдың баласы базарға барып және жар салдырады. Тағы бир дийқанды таўып алып, изине ертип кетип баратырып атынан қулап, аўырып жатады. Дийқан қасында көп ўақыт отырады. Күн батып, ымырт жабылады. Ол турмайды. Дийқанның ашыўы келип таслап кетип қалады. Бала тағы бос келеди.

— Не қылдың, балам, биреўди таптың ба? — деп сорады бай.

— Аўа, ата, таптым, бирақ қорқақ шықты. Жолдаслыққа жарамайтуғын болғаннан кейин ертип келгеним жоқ, — деп жуўап береди баласы.

Сонда бай:

— Сен келе болмайсаң! Күнде базардан бос келесең. Журттың баллары бәп-бәле, бизиң бала нәпбәле?! — деп, перзентине кеўли толмай қатты бақырады.

— Жоқ, ата, қалай болса да ертеңги базар таўып аламан, — дейди баласы.

Базар күни бала тағы базарға жар салдырыў ушын кетеди. Бул күни баяғы қарыздар адам да дийқаншылық етип, бурынғы қарызларынан қутылыў ушын базарға келген еди. Бала базарға барып жар салдырады. Қарыздар адам:

— Мен бараман, — дейди.

Бала оны танымайды. Ол баланы таныса да, өзин танытпайды. Бала изине ертип келе береди. Аўылға жақынлаған жерде бурынғы әдети бойынша сынап көриў ушын аўырыў болып жатады. Қарыздар адам қапталында қуптанға шекем отырады. Кеўлиндегидей болып шыққаннан кейин орнынан турып, өзи менен бирге атасының алдына алып келеди. Оған өзине жолдаслыққа жарайтуғынлығын айтты.

Бай он жети түйеге алтынды артып, үш түйеге азық-аўқатты салып, барлығы жигирма түйе менен баласының қасына дийқанын қосып Пәрең патшасының елине жибереди.

Ол баласына:

— Үш ай жол жүргеннен кейин алдыңыздан нәҳән таў шығады. Айналасы жантақ, түйеге от-шөп болады. Бирақ, бул жерге қызығып қоныўшы болмаң. Оннан ары қарай үш ай жол жүргеннен кейин жолыңыздың үстинде бир кемпир үйине мирәт етеди, «айран-шалап ишип, һәзлесип кетиңлер» дер. Оның сөзине инанып, патшалық сүрип отырған елине жақын жердеги бузылған гөне қалалықты пана көрип жатыўшы болмаң! Усы үш жерде үлкен қәўип бар. Егер мениң айтқанымды айтқанымдай етип орынласаңыз, аман барып, саў қайтарсыз, — деп нәсият берип атландырып жибереди.

Алдындағы түйеге бала, артқы түйеге қарыздар адам минип, қолларына шолақ қылышларын алып кете береди. Үш ай жол жүргеннен кейин бай айтқан үлкен таўға келеди. Таўдың етеклери жантақ, түйеге отлы екен. Түйелер де от-шөплерди көрип, жүргиси келмейди.

— Енди не қыламыз? — деп сорайды қарыздар адам.

— Усы жерде қонамыз, — дейди бала.

— Бул таўдың айналасына қонбаң, деп еди ғой атаңыз, — дейди қарыздар адам.

— Атамыз айта береди. Бүгин жатып көрейик, түйелер аш болды. Өзлеримиз де шаршадық, — дейди бала.

Екеўи келисип қонады. Көп отырмай-ақ бала уйқылап қалады. Қарыздар адам қылышын қолына алып, түни менен түйелерге қараўыл болып отырады. Бир ўақлары түйелер үркип, пысқырып, жатқанлары турыўға, турғанлары қашыўға қайымласады.

Қарыздар адам түйелердиң үрккен жағына қараған екен, бир топар әйдарҳаның киятырғанын көреди. Олар келе сала түйеге аўыз салыпты. Қарыздар адам қылышын қолына алып, әйдарҳалардың басларын шаўып таслапты.

Таң атып күн шыққаннан кейин бала оянып, бул ўақыяны көреди. Қарыздар адамның қылған иси екенин билип, оған көп рахмет айтады. Қайтадан түйелерине минип жүрип отырады. Тағы үш ай жүргеннен кейин жол үстинде бир кемпирдиң отырғанын көреди. Сүйрстилген шашы, қалтылдаған басы, тиркисленген аяғы, қолында иймек таяғы, көзи масаладай жанған, қулағы сыпырадай, қулласы, ғарры айтқан баяғы кемпирге усайды.

— Шеше, не ислеп отырсыз? — деп сорайды бала.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қудайы сорап отырман, — дейди кемпир.
— Бизлерге бүгинше қонақ жер табыла ма?
— Аўа, табылғанда қандай, балам. Бизиң үйге барасыз, қырық жети қызым бар. Өзим менен қырық сегиз. Табылғанды ишерсиз, табылмағанын көресиз, — дейди кемпир.
Бала қарыздар адамды шақырып ойласады:
— Мен билмеймен, өзиң бил, — дейди оған қарыздар адам.
Баланың айтыўы бойынша қонбақшы болады. Кемпир оларды изине ертип үйине қайтады. Кемпирдиң қырық жети қызы емес, қырық жети уры баласы бар екен. Өткен-кеткенлерди үйине шақырып, балаларына тонатып алып қала береди екен. Бурынғы әдети бойынша қонақларын далада қалдырып, өзи балаларына хабар бериў ушын жайына киреди. Ол балаларына:
— Жигирма түйе алтыны бар еки адамды ертип келдим. Таярланың, — дейди.
Бул сөзлердиң барлығын да есик алдында турған қарыздар адам еситеди. Даладағы адамларды шақырып келиўге биреўин жибереди. Далаға шыққан ўақтында қарыздар адам келген уры баланың басын кесип таслайды. Көпшилик «жаңағы бала келмеди ғой, сен барып кел» деп, екинши адамды жибереди. Оны да қарыздар адам өлтиреди. Усындай етип қырық жетисиниң де басын шаўып алып, ең изинен кемпирди де өлтиреди. Оннан соң жайға келип қараса, адам баласына биреўден көп өжиреси бар екен. Иши толы зат екен. Оннан басқа да жайлары көп. Бир жайында ат, екинши жайында зат, үшинши жайында бийе, төртинши жайында түйе, барлығын да алып, екеўи алдына салып, жолға шығып кете береди. Оннан ары жүрип Пәрең патшасының елине жақын жердеги бузылған гөне қалаға жетеди. «Сол бузылған гөне қалаға қонбаңлар! деп саўдагер бай айтса да, жол жүрип шаршаған екеўи не де болса қудайдың қылғанына көнбекши болады. Түйелерин шөгирип таслап жата береди. Бала жатыўдан-ақ сеспестен қатады. Қарыздар адам таң атқанша қараўыл болып отырады, айналып жүреди. Бала таң ата көзин ашып қараса, бас ушында бир сулыў қыздың бетин желпип отырғанын көреди. Бала сөйлеспекши болып басын көтере бергенде қыз ушып кетеди. Бала болған исти қарыздар адамға айтып келеди. Ол:
— Қызды услап алыўың керек, — дейди балаға.
Бала қызды услап алыў ушын кеште бурынғы орнына келип жатады. Уйқыламастан көзиниң асты менен қарап жатады. Қыз ушып келип тағы отырады. Бала қолын созып услай берейин дегенде қыз және ушып кетеди. Оның жегдеси қолына илинип қалады. Ол Пәрең патшасының қызы еди. Пери болып ушып келип жүрген еди. Қыз ушып үйине барады.
Анасы:
— Жегдең қайда? — деп сорайды.
Қыз индемейди. Қыстастырып сораса да, хеш нәрсе демейди. Анасы бул аўҳалды патшаға айтып береди. Патша қызын шақырып алып:
— Қызым, жегдең қайда? Ким алып қалды? — деп сорайды оннан.
Қыз қорққанынан:
— Бузылған гөне қала қасында бир адам алып қалды, — дейди.
Буған ашыўы келген Пәрең патшасы өзиниң ўәзирлерине «баланы алып келиң» деп әмир етеди.
Олар жети-сегиз атлы болып баланы алып келеди. Бала кетпестен бурын-ақ қарыздар адамға:
— Жегдени жыртып, түйелерге айыл етип байла, — деген еди.
Ўәзирлер баланы патшаның алдына алып барады.
— Қыздың жегдесин алып қалған сен бе? — деп сорайды патша баладан.
— Жоқ, алла-жалла, алғаным жоқ, Қандай жегде? — дейди бала.
Патша соның менен түслес жегдени әкелип көрсетеди. Бала:
— Ўай-буў, тақсыр, бундай жегделерди, жипеклерди бизлер түйелерге айыл етип байлап қойыппыз. Бизге бундай жипектиң кереги шамалы, — дейди оған.
Патша баланың түйелерин көриўге жибереди. Ўәзирлери хәр түйениң белинде желбиреп жүрген жипеклерди көреди. Көргенлериниң барлығын патшаға айтып келеди. Патша сол ўақтынан баслап балаға қызын берип хәм орнынан патша сайлап алтын тағына миндиреди. Бала патша болған күниниң ертеңине қарыздар адамды ўәзир етип алайын деген еди. Ол болмапты.
Бир күни түнде бала уйқылап жатса, ата хәм анасы түсинде аян береди. Олар:
— Бизлер күттик-күттик, келмедиңиз? Бир қыз ушын ата-анаңыздан бездиңиз бе? Атаңның байлығы патшадан кем бе еди? — дейди түсинде балаға.
Азанда орнынан тура сала елине қайтыўға таярлық көреди. Бурынғы Пәрең патшасына хабар жиберип шақыртып алады. Патша келеди. Оған бала:
— Мен өз елиме қайтаман. Сиз өз орныңызға патша болып қала бериң, тақсыр, — деп өтиниш етеди.
— Не ушын? — деп патша баладан сорайды.
Сонда бала:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Тыңланыз, таксыр, патшайым! Бүгин мен бир түс көрдим, — дейди патшаға.

— Қандай түс? — дейди патша.

Бала түсинде көрген ислердиң барлығын айтып береди. Буны еситкеннен кейин Пәрең патшасы қарсылық етпейди. «Тез-тез келип турын» дейди хәм қызын, оларға керек буйымларды, затларды қосып жибереди. Бала қызды ертип, бузылған гөне қала қасындағы мал басындағы қарыздар адамнын қасына келеди. Ата-анасының түсине енгенлигин айтып, елине қайтатуғынлығын билдиреди. Қарыздар адам да туўылған елине қайтыўға асығып жүрген екен. Бирақ, қыз бираз қарсылық етеди:

— Мен бармайман, — дейди ол.

— Неге бармайсыз? — дейди бала.

— Мен сизди көргенимде қасымда Күнқарша патшасының қызы да бар еди. Екеўимиз де тендей көрген едик. Ол «мен тийемен» деди, мен «мен тийемен» дедим. Екеўимиз келисип, екеўимиз де тиймекши болған едик. Сол ушын Күнқарша патшасының қызын алып келиң. Сонда елиңе бараман, — деп жуўап береди қыз.

Күнқарша патшасының қызын алып келиў балаға қыйын болады. Әри ойланады, бери ойланады, есабын таппайды.

— Мен алып келейин, — дейди қарыздар адам.

Буны еситкен жигит қуўанғанынан «якшы» деген сөзди қалай айтқанын билмей қалады.

Үш түйеге азық-аўқатын, буйымларын артып, қарыздар адам Күнқарша патшасының елин излеп кетеди де, бала қыз бенен ойнап-күлип қала береди.

Қарыздар адам бир неше күн жол жүреди. Бир күни кетип баратырса, жол үстиндеги бир түп ақтерекке алдыңғы еки аяғынан асылып турған жолбарысты көреди. Оның еки аяғы да теректиң шақасына өтлесип кеткен екен. Қарыздар адам теректи кесип, жолбарысты азат етеди. Жолбарыс азат болғаннан кейин қумырысқаның уясынан еки қысым қумырысқа әкелип береди. Оны қарыздар адам белбеўине түйип алып кете береди. Оннан арман қарай кетип баратырса, жол жағалаўындағы атызларда бир топар қоян бағып отырған бир адамға көзи түседи. Қашқан қоянларды алты адымға апармай услап келип қоса береди.

— Сен ким боласаң? — деп сорайды қарыздар адам.

— Қоянлардың пири Әмет тың-тың боламан, — дейди ол.

— Сиз ким боласыз? — дейди Әмет тың-тың.

— Күнқарша патшасының қызын айттырып киятырған жаўшыман. Атым Қарыздар адам, — дейди ол.

Сол жерде сөйлесип, екеўи де дос болады. Әмет тың-тың да жолдас болып қарыздар адамға ереди. Оның бир түйесине минеди. Екеўи сөйлесип кетип баратырса, алдынан еки урты томпайған, қабағы жабылған бир адам шығады.

— Мына жол Күнқарша патшасының елине шыға ма? — деп сорайды оннан қарыздар адам.

Ол ым қағады, басын ийзейди.

— Тилиң бар ма? — дейди олар.

Ол уртлап киятырған суўын төгеди. Жолдың бир жағы көл болып кетеди. Суўдың бир тәрепи буларға да келип жетеди.

— Бир көлдиң суўын уртлап жүрген ким боласыз? — дейди қарыздар адам күлки етип.

— Балықлардың пири боламан. Суўы таўсылып атырған балықлардың үстине суўы бар көлдиң суўын алып келип қуяман, атым Әмет көлбар, — дейди ол.

— Түйе үстинде күлискен сизлер ким боласыз? — деп сорайды ол.

— Бизлер Күнқарша патшасының қызын айттырып баратырған жаўшы боламыз, — дейди олар.

— Ондай болса, үшеўимиз бирге барайық. Мен де бир көрмеге хәўес едим, — дейди ол.

Олар үшеўи жолдас болып, узын жол менен кете береди.

Үш ай, үш күн жол жүрип Күнқарша патшасының елине жетеди. Олар патшаның алдына барып, қолларын қаўсырып сәлем береди.

— Арзың болса айтың! — дейди патша.

— Пәрең патшасының елине келдик.

— Қандай хызмет пенен?

— Сизиң қызыңыз Сулыўшашты айттырып келген жаўшылар едик, — дейди қарыздар адам.

Сол ўақытта Сулыўшаш жигирма жети жасына шығып отырған екен. Сонда турып патша:

— Олай болса, алдыңызға төрт шәрт қояман. Соны орынласаңыз, қызым Сулыўшашты беремен. Егер орынламасаңыз, келген жолыңызға қайта алмайсыз. Өзлериңиз өлимдар, мал-дүньяңыз патшалық болады. Қайыл боласыз ба? — дейди оларға.

— Қайылмыз, патшамыз, — дейди олар.

Патша шәртлерин айтады:

— Биринши шәртим — бир батпан тарыны жерге себемен, үстинен мала басаман. Соны толық жыйнайсыз. Екинши шәртим — Мәкке-Мәдинадан жуўырғыш жуўырыстырамыз. Сонда менин

www.ziyouz.com kutubxonasi

кемпиримнен озып келесиз. Үшинши шәртим — бир дәрьяның суўын ишип бериўиңиз керек. Төртинши шәртим — мениң Гүркирер деген бас палўанымды жығыўыңыз тийис.

Биринши күни бир батпан тарыны жыйнаў шәртинде қарыздар баяғы жолбарыс берген қумырысқалардан пайдаланады. Қумырысқалар көзди ашып жумғанша тарыны жыйнап алады. Бул шәрт орынланады.

Ертеңине қарыздар адамның жуўырғыш жолдасы патшаның айтқан жуўырғыш кемпири менен жарысады. Кемпир дегени болмаса, жигирма жасар жигиттиң қарыўы бар қусайды. Жолларда сол мәстан кемпир хәр түрли сыйқырлы сөзлерди қолланып, ҳийле ислесе де, жуўырғыш жолдасы биринши болып келеди.

Бир күннен кейин көл-дәрьяны симиретуғын жолдасы дәрьяның суўын бир уртлап жутады. Халық суўсыз қалады. Ақырында патша:

— Болды, болды, енди суўды қайтар, — деп жалынады.

Қайтадан суўды дәрьяға қуяды.

Арғы күни қарыздар Гүркирер палўанның жаўырынын жерге тийгизип, ең қыйын шәртин орынлайды. Патша қызын қарыздарға берип, жети күн тойын, жети күн ойын берип, ақ пәтиясы менен шығарып салады.

Қарыздар хәм оның жолдаслары, Сулыўшаш мәлийка бир жерлерге келгенде жол үш тәрепке бөлинеди. Олар жыласып-еңиресип хошласады да, үш тәрепке бөлинип жүрип кетеди. Қарыздар Сулыўшашты баяғы жигитке алып барып береди. Жигит қарыздардың бул ерлиги ушын терең миннетдаршылық билдирип, оның барлық қарызларын төлейди. Ол Пәрең патшасының жалынлы сәлемин атасына жеткерип, оны ыразы етип, барлық тапсырмаларын орынлайды. Қарыздар барлық қарызларынан толық қутылса да, адамлар оны бәрибир Қарыздар батыр деп атайды екен. Жигит те, қарыздар адам да үйли-жайлы болып, шаңарақ қурып, бала-шағалы болып, мурат-мақсетине жетеди.

## МӘЛИКҲӘСЕН

(Р-456. № 176399)

Қуры болмас бул дүньяда құдай деген, ҳикая менен сөйлейин талай жерден, баласы Шах Махмуд Шарийдиң, аты болар Борай деген.

Бир күн патша уйқылап жатып түс көрипти, түсинде бир әжайып ис көрипти.

Аққан суў, көгерген бағ, көп әжайып ишинде бир қәпесли қус көрипти. Арасы бул қаланың қашық болды, түсинде көргеннен соң ашық болды. Бар еди бул патшада үш бала, ишинде Мәликҳәсен ақыллы дана.

Патша ишин жеди, жети жыл ашық болған қусының аты Бүлбилгөя. Усы қустың қайда екени белгисиз болған соң, буған барып алып келиўге ҳеш бир адам табылмай турғанда патшаның еки үлкен баласы:

— Ата, бул жумысты бизлер питкерейик, руқсат ет, — деп сорады.

Патша илажсыз еки үлкен баласына руқсат берди. Ағаларының руқсат алғанын билип Мәликҳәсен де атасынан руқсат сорады.

— Буған сен еле жассаң, — деп руқсат бермеди.

Мәликҳәсен атасы руқсат бермегенине қапа болып, «руқсатсыз-ақ ағаларым менен бирге кетемен» деп, ағаларына қосылып кете берди. Үш бала жолға шығып бир неше күн жол жүрген соң, алдынан жол үшке айрылды. Бир жол — Барсакелер, екинши жол — Барса келер-келмес, үшинши жол — Дым келмес. Үлкен ағасы биринши жолға, ортаншысы екинши жолға кетти. Мәликҳәсенге үшинши келмес жол туўры келди. Себеби, анаў еки ағасы ойласып, Мәликҳәсенди келмес жолға қойып еди. Еки үлкен ағасының Мәликҳәсеннен анасы бөлек еди. Әне, Мәликҳәсен өзи жас, барса келмес жолға кетти.

Мәликҳәсен бир неше күн жол жүрип, аш-әптада болып ҳарып-шаршап, бир жақсы бағы бостанлық жайға келди. Келсе, бул жайда ҳеш қандай адам баласы жоқ, бирақ барлық аўқат түрлери писип тур екен. Аш болып келген Мәликҳәсен жән-жағына қарады. Қараса, топар-топар кийик, басқа ҳеш нәрсе көрмеди. Қазан басына отырып тойып алды. Сол ўақта Мәликҳәсенниң қасына түси суўық бир кемпир келип:

— Руқсатсыз мениң аўқатымды не ушын жейсең? — деди.

— Апа, аш болып келип едим, руқсат сорайын десем, таппадым, оннан кейин жедим, — деди Мәликҳәсен.

Сонда кемпир ана:

— Кемпир кеширим усындай болады, — деп гүбирлеп дуўа оқып, бир қысым топырақты Мәликҳәсенге қарап шашып жиберди. Жас жигит секирген бир кийик болып шыға келди. Оны жетелеп көп кийиктиң арасына қосып жиберди. Мәликҳәсен ойлады:

— Мынадай бул кийиклер кийик емес, барлығы да мендей адам, мына кемпирдиң ислеген иси екен,

www.ziyouz.com kutubxonasi

бул жерде турыўға болмас, кете берейин, — деп, өз жолына шығып кете берди. Мәликҳәсен кийик көринисинде бир неше күн жол жүрип тағы бир бағы бостанлық жайға келди. Қорқып қалған Мәликҳәсен абайлап жүрди. Бул жүрип баратырып көп қызларды көрди. Мәликҳәсен «бул қызларға туўры барайын, кийик болдым, көп болса, сойып жердағы» деп қызларға туўры барып сәлем берди. Қызлар усламақшы болып еди, сонда бир қыз:

— Усламаң! Бул кийик емес, адам ғой, көзлеринен сездим. Кийик болғанда бул жерге келмес еди. Бизлерден жәрдем сорап келген болыўы керек, — деп сөзди жумсақлады.

Қыз тағы да «бул кийик негизи жигит екен, буны кийик қылған мениң терис қайткан анам болыўы керек» деп, бир дуўа оқып кийиктиң басына бир қысым топырақ шашып жиберди. Кийик адам болды. Қызлар қараса, сондай келискен өспирим жигит. Буны кийик қылған кемпирге қызлар нәлет айтты. Қыз жигитке:

— Ким деген нинң баласысаң, атың ким? — деди.

— Патша Шаҳ Махмудтың баласыман. Атым Мәликҳәсен.

— Бул жерлерге не жумыс пенен келип един?

— Атам Бүлбүлгөяға ашық болып, соны излеп шығып едим. Жолда бир кемпирдиң асын руқсатсыз жеп, кийик болдым. Адам қәддине келтиргениң ушын сизге мың-мың рахмет!

— Арзымайды! Мениң атым Айнижамал. Сизди кийик қылған кемпирдиң қызыман. Анам сондай мийримсиз болған соң, анамнан бөлек бунда отырман. Сен бунда бол, мен саған ашық болдым, сени жибермеймен, — деп қыз сөзин жуўмақлады.

Мәликҳәсен илажсыз усы жерде қырық күн болды, усы қызды алды. Күнлерден бир күн Мәликҳәсен аҳ урды.

— Не ушын аҳ урасаң, себеби не? — деп сорады Айнижамал.

— Мениң усында жатқаным қалай? Атаның ҳүрметин аяққа басқанлық емес пе? — деди Мәликҳәсен.

— Жаным, Мәликҳәсен, атаның тапсырмасын орынлаў орынлы, бирақ, бурын сол Бүлбүлгөя мениң қусым еди. Мен Айнижамал болсам, және бир перининң патшасы — Ғайнижамал деген қыз бар еди. Сол қусымды зорлық етип, меннен тартып алып кетти, оған барыў қыйын, жети түрли тилсим бар, соннан өтип, мен ала алмай жүрмен, сени соған жибериўге көзим қыймай жүр, сеннен сол қусты аяп жүргеним жоқ, — деди Айнижамал.

Сонда Мәликҳәсен қустың хабарын еситип, сондай қуўанды:

— Жолдағы бәле жетеў болмақ түўе, мың болса да, бараман, көп болса, атам ушын өлгеним болар, — деди.

Қыз Мәликҳәсеннинң кетерин билип:

— Усыннан кетесең, қырық күн жол жүрип, бир таўға жетесең, сол таўда үлкен ағашта суймурықтың уясы бар, уяда еки палапаны бар, сол баласын жылда бир әйдарҳа жейди. Сол әйдарҳаны өлтирсең, сол суймурық жақсылық етип, пери патшасы Ғайнижамалға алып барар, — деди.

Қыз бенен хошласып, Мәликҳәсен жол тартты. Қырық күн жол жүрип, таўдағы суймурықтың уясына келди. Келсе, уяда еки палапан отыр екен. Мәликҳәсен дем алып отыр еди. Сол пайыт палапанды жеўге әйдарҳаның киятырғанын Мәликҳәсен көрди. Палапанлар сондай жылады, Мәликҳәсен шыдап тура алмай, қолына алмас қылыш алып, жыртқыштың алдына барғанын билмей қалды. Ол киятырған әйдарҳаның еки көзи ағаш басындағы палапанларда. Мәликҳәсенди көрген де жоқ. Сол ўақта Мәликҳәсен сол душпанды алмас қылыш пенен шапты. Әйдарҳа сол жерде жан тапсырды. Мәликҳәсен ағаштың үстине қайта келсе, палапанлар сондай шадлы шүйкилдеседи. Бир ўақта палапанларға тил питти:

— Достым болған адамзат, ағаш басына, мында, уяға кел!

Мәликҳәсен ағаштың басына палапанлардың қасына келип отырды. Палапанлар Мәликҳәсенди сондай сыйлады, адам айтарлықтай емес. Мәликҳәсен палапанларға ырза болып отыр еди, даўыл болды, бир ўақлары жаўын болды, әллен ўақыттан кейин күн ашылып жақты болды. Мәликҳәсен палапанларға:

— Бул қандай аўҳал? — деди.

— Жаўын жаўып берди. Анамыз асығып ушып киятыр еди, жаўын жаўғаны — «балаларым өлген екен» деп жылап киятырған көзининң жасы, жақтылықтың болғаны — бизлерди тири көрип қуўанып киятырғаны, — деди бир палапан.

Сол ўақта суймурық келип ағашқа қонды, балаларының тирилигине қуўанып, өлип атырған әйдарҳаға көзи түсти.

— Балаларым, мына мийримсиз залымды ким өлтирди? — деди суймурық палапанларына.

— Бир адамыйзат келди. Сол бизлерге рейими келип, усы душпан залымды өлтирди, — деди палапанлары.

— Палапанларым, усы залым көсеўимди көгертпес еди, әттең, сол азамат адамзат кетип қалған екен, болмаса, мен дос болып, қыйын жумысын ислер едим, — деп өкинип отырды.

Сол ўақта қустың балалары қанатларының астынан Мәликҳәсенди шығарды. Мәрт қаҳарман қусқа

www.ziyouz.com kutubxonasi

сәлем берди. Суймурық оны көрип:

— Бурын балам екеў еди, енди үшеў болды! Балам, бул жерге қандай жумыс пенен келип един? — деп сорады.

Жигит келген жумысын айтты. Сонда суймурық тауға шығып кетип, жетпис кийик алып келип:

— Бул мениң азығым, арқама байла, — деди.

Терисин жип етип, батыр қустың арқасына байлады. Өзи де минди, қус ушып кетти.

— Көзлеринди жум, — деди қус.

Ол көзин жумып отырды. Бир ўақлары көзин ашса, от дәрьясының үстинде екен, сондай жети түрли тилсиматтан өтти. Қус бир жерге түсти. Көзин ашып қараса, бир қаланың шетине қонған екен. Сол ўақта суймурық:

— Шырағым, усы Ғайнижамалдың қаласы. Олар айына жети күн уйқылайды, басын кесип тасласаң да билмейди. Сен усыдан бар, кәпестеги қусты ал, егер қусты алмасаң, ол сайрайды, оннан кейин барлығы оянады, соның ушын кәпести ал, онда бүлбүлгөя бар, саған кереги сол. Екинши, Ғайнижамалдың жүзигин бармағына тақ, өзиңниң жүзигинди Ғайнижамалдың бармағына тақ. Оннан кейин қыздың қасына хат таслап кет. Кейнине «Мәликҳәсен» деп жаз, басқа сөз қоспа, — деди.

Сол тапсырманы алып жигит қалаға кирди. Кирсе, барлық пәрийлер уйқыда екен. Ҳеш қандай билер емес, сөйтип жүрип Ғайнижамалды таўып алды. Биринши рет кәпестеги Бүлбүлгөяны алды. Екинши рет қыздың жүзигин алып тағып алды, өзиниң жүзигин қыздың бармағына тақты. Хат жазды: «Қусты, жүзигинди алдым, орнына жүзик бердим». Сөйтти де тапсырмаларды питкерип қустың қасына келди. Сонда қус:

— Жүр, шырағым, енди төрт күн уйқысы қалды, — деп асығып ушып кетти.

Аман-есен келди. Мәликҳәсен суймурықтан белги алды ҳәм баяғы жолдағы Айнижамалға әкелип таслады. Келсе, бул да көшиўге тайын болып отыр екен. Бул жолдағы кийик қылған кемпирди қызы Айнижамал сыйқырлы сөзлер менен әлпайым инсанға айландырды. Мәликҳәсен Айнижамалға қарап:

— Сен усында қал, мен атамнан руқсат алып, сени алып кетемен, — деди.

Айнижамал Мәликҳәсенди баяғы жолдың айырмасына әкелип, өзи қайтып кетти. Мәликҳәсен ағаларын излеп таўып алып келди. Бири дийқан, екиншиси дийўана болып жүр екен. Ағаларына бастан өткенлерин айтты. Ағалары сөзлерин еситип алып, екеўи ойласып, иниси Мәликҳәсенди сол жердеги зинданға таслап, қусты өзлери әкелген болып, атасы Шаҳ Махмудқа барды. Мәликҳәсенди көрмеген болып шықты. Атасы Мәликҳәсенди қайғырды. Усы сөз усы жерде турсын.

Ендиги сөзди Ғайнижамалдан еситиң. Ол жети күн уйқысы питип оянса, кәпес ҳәм Бүлбүлгөя, бармағындағы жүзиги жоқ, бармағындағы жүзиги басқа. Қасында жазылған хатты оқып көрсе, барлығын айтыпты. «Мәликҳәсен» деп атын жазыпты. Ғайнижамал барлық перилерге буйрық берди:

— Мәликҳәсен дүньяның жүзинде болса, табың!

Перилер дүньяның жүзин жигирма бир мәрте айланып шықты «Мәликҳәсен дүнья жүзинде жоқ» деп келди. Ғайнижамал көп әскерлери менен өзи шықты. Айланып жүрсе, қустың сайраған даўысын таныды. Сол қус сайраған жерге барлық пери түсти. Патша Шаҳ Махмудқа Ғайнижамал сәлем берди. Патша қыздан не жумыс пенен келгенлигин сорады. Сонда Ғайнижамал:

— Мына қусты ким алып келди? — деди.

— Бул қусты мениң балаларым алып келди, — деди патша.

— Ондай болса, усы қусты алып келген балларыңызды алдырын, көрейин.

Патша балаларын шақырды. Ғайнижамал оларды көрип:

— Ата, бул балаларыныздың қолынан қусты алып келиў келмейди. Жигитлер, атларыңыз ким? — деди.

Олар атларын айтты.

— Ондай болса, Мәликҳәсен қайда? — деп сорады Ғайнижамал.

Олар жуўапты иркилип айтты.

— Билмеймиз, — деди екеўи де.

Қыз патшаға жүзикти көрсетип:

— Ата, мына жүзикти таныйсыз ба? — деди.

— Таныйман, Мәликҳәсенниң жүзиги ғой! — деди патша жүзикти көрип.

— Олай болса, бул балаларың Мәликҳәсенди таўып берсин, мен дүньяның жүзин жигирма бир мәрте қарап шықтым, жоқ.

Патша балаларына қарап:

— Мына қусты қайдан алдыңыз? — деди.

— Өзлеримиз барып алдық, — деди үлкени.

Сол ўақта Ғайнижамал Бүлбүлгөяға қарап:

— Мениң бағымнан сени алып келген ким? — деп сорады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мәликҳәсен, — деди қус.
— Не менен барды? — деп сорады қыз.
— Суймурық пенен барды.
— Мәликҳәсенди суймурыққа алып барған ким?
— Айнижамал.
— Яқшы, Мәликҳәсен қайда?
— Ол үш жолдың айрылған жериндеги зинданда.
— Оны зинданға ким салды?
— Мына еки ағасы, — деп жуўап берди бүлбүл.
— Ата, балаларыныңың ислеген ислерин көрдиңиз бе?
Патша ҳайран болды. Сол ўақта Ғайнижамал перилерге қарап:
— Мәликҳәсенди, суймурықты, Айнижамалды алып келиң, — деп буйрық берди.
Сол заматта перилер атлары көрсетилгенлерди алып келди. Ғайнижамал Айнижамалға:
— Мәликҳәсенди суймурыққа силтеген сен бе? — деди.
— Аўа.
Ғайнижамал суймурыққа қарап:
— Бизиң бағқа кимди апардың? Мына Мәликҳәсен бе мениң қасыма барған? Қусымды, жүзигимди алған Мәликҳәсен бе? — деди.
— Аўа.
Ғайнижамал турып:
— Еки үлкен балаңыз өтирик айтып, сизди алдағанына, жазықсыз Мәликҳәсенди зинданға салғаны ушын қандай шара қоллайсыз? — деди.
Патша ойланып, балаларына ғәзеп пенен қарап:
— Не қылсаң да, шараны өзиңе бердим, — деди.
Қыз Мәликҳәсенге бийликти берди. Сонда ол:
— Бийликти маған берсеңиз, мениң шара көриў ойымда жоқ, ким не қылса өзине қылады, мениң шарам усы, жибере бериң.
Бул сөзлерди еситкен, қанша жаманлық көрсе де туўысқанларын қыймағанлығын көрген Шаҳ Махмуд патшалықты Мәликҳәсенге берди. Қыз Ғайнижамал да патшалығын оған берди. Мәликҳәсен пери менен қусты, адамларды қосып, әдил патша болып, халқы абадан турмыста жасап мақсет-мурадына жетти.

## ҮШ АҒАЙИНЛИ ЖИГИТ ҲӘМ ӘЙДАРҲА ҲАЯЛ
(Р-89. №24617)

Бурынғы өткен заманда үш жигит қус салмаға шығыпты. Үшеўи азаннан кешке дейин жүрипти, бирақ булардың алдыларынан бир де қоян қашпапты. Буған ашыўланған биреўи турып айтыпты:
— Жигитлер, ертең ең кеминде бир нәрсе таппасақ, үйлерге қайтпайық, —депти.
Ҳәммесине оның сөзи мақул түсипти, сөйтип булар тағы алдыларына қарап кете берипти. Жолда түн болып қалыпты. Булар үшеўи ойласып қула дүзде қоныпты. Түнде уйқылап жатырса, биреўи түс көрипти. Түсинде үшеўиниң де қаршығаларын мәлим пышық жеп кетипти. Шоршып оянса, айтқанындай үшеўиниң де қаршығаларының басын бир нәрсе жеп кетипти. Буны көрген ана жигит дәрҳал еки жолдасын оятыпты. Түнде үшеўи түргелип қаршығаларынан айырылып қапа болып турса, кеште байлаған атларының да жоқ екенлигине көзи түседи. Жуўырып атларын байлаған путаларға келсе, үшеўиниң де атларының шылбырын бир нәрсе тап байлаған жерден қырқыпты. Соннан соң босанған атлар өзлери кетип қалғанларын биледи. Бирақ жақын-жуўық жерде атлардың жоқ екенликлерин сезеди.
Булар үшеўи түни менен отырып, азанда босанып кеткен атлардың излерин кесип атларын таўып алады. Үшеўи тағы ойласып:
— Бул қалай болды? Аң алмақ түўе, қаршығаларымыздан да айрылып қалдық ғой, енди не қыламыз? — дейди.
Биреўи турып айтады:
— Бизлер булай елге бармайық, уят болар, басқа бир елге барайық, сөйтип бир-бирден қаршыға сатып алайық, ең болмаса қаршығалы болып барайық, — дейди.
Бул сөз ҳәммесине мақул түседи. Үшеўи өз аўылына барыўға уятсынып, қаршыға сатып алыў ушын басқа бир елди излеп үшеўи кете береди. Үш түн жүрген соң бир үлкен шәҳәрдиң үстинен шығады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Атларын тез-тез айдап қалаға келеди, келсе, қалада ҳеш қандай жан көрмейди. Булар үшеўи атлы бираз көшелерди аралайды, ҳеш бир тири жанды гезлестирмейди. Соннан соң:

— Бул қаладағы патшаның сарайын табайық, мүмкин, сол жерден биреўди табармыз, — дейди.

Сөйтип үшеўи патшаның сарайын излейди. Қаланы бир күн қыдырып зордан дегенде үшеўи патшаның сарайын таўып алады. Келе сала атларынан түсип ишкериге кирген ўақытта бир сулыў қызды көреди. Қыздың сулыўлығы буларды ҳайран қалдырады. Бирақ хан сарайының ишинде қыздан басқаны көрмейди. Тахта отырған қызға булар үшеўи:

— Сен бир өзиң бул қалада не қылып отырсаң? Бул қаланың халқы қайда кетти? — деп сорайды.

Қыз буларға:

— Қаланы жақында әждарҳа жутты, нәрсесин қалдырған жоқ, патшаны да жутты, ал мен патшаның қызы едим, қазанның астына кирип зордан аман қалдым, — дейди.

Жигитлер бул қалай деп ҳайран қалысып, биреў-биреўине қарайды.

Сонда қыз турып:

— Сизлер таңланбай-ақ қойыңыз. Бул қала қайтадан демде-ақ ел болады. Сизлер биреўиң патша болың, мен соған тийейин, — деди.

Жигитлер тағы биреў-биреўине қарасады. Сөйтип үшеўи ойласып, ишиндеги ең жасы үлкени сол қызды алады, сөйтип ҳеш адамы жоқ қалаға патша болады. Қасындағы еки жигит оның ўәзири болады.

Көп узамай-ақ қалаға бирме-бир, соңынан көплеп адам келип, бара-бара қала толысады. Қала үш жылда жақсы толығады. Қалада ҳеш қандай уры-гәззап болмайды. Қала жүдә абадан, халқы тоқ қалаға айланады.

Бир күни қалаға ғаўасат түседи. «Уры бар-мыш, мал урлайды-мыш. Усы күнде урлық көбейди» деген арыз патшаға да келип түседи. Көшелерде тыншы қойдырады. Бирақ ҳеш жерден ҳеш нәрсе сезилмейди. Патша қалаға жар да урдырып қояды:

— Егер де кимде-ким урыны усласа, сөйтип патшалыққа билдирсе, оған көп дүнья бериледи, жараса ўәзирликке де алынады, — деген.

Бирақ ҳеш жерден урыны усладық деген хабар еситилмейди.

Бир күни бир ғарры қулаған бир гөне тамлардың арасы менен кетип баратырса, бир бүкленген хатты таўып алады. Ашып қарап оқыса, хатта мынадай деп жазылған екен: «Бул қаланың салынғанына жети жүз жыл болды, бирақ қала жақсы толысқан ўақытта бул қаланы әйдарха жутады, бурын да үш рет жутты. Қаланың әйдарҳасы қаланың ишинде, ол да болса патшаның ҳаялы, қаланы жутып болып өзи отырады. Ким келсе, соған тийип, оны патша етип, өзи ҳаялы болады. Ол қарап жүрмейди. Ҳәр күни қаладан бир нәрсе жутады, қаланың толысқанын өзи биледи, оны билиўдиң үш жолы бар: биринши, түнде жатқанда қарнын сыйпап көрсең, киндиги болмайды. Екинши, түнде қойныңа киргенде муздай болып киреди. Үшинши, жүкли болмайды» делинген.

Бул хаттағы жазыўды көрген ғарры дәрҳал патшаға ала жүўырады. Патшаның отырған сарайына иркилместен кирип келип, мынадай бир хатты таўып алғанын айтады.

Патша хатты оқып көриўден жаны шығып қорқады. Буны тапқан ғаррыға көп сыйлық берип, қайтарады. Бирақ:

— Қудайдың жолына, тисиңнен шығарып жүрме, — дейди.

Ғарры «әжеп» деп, ханнан алған сыйлығы менен үйине қайтады.

Патша хаттағы жазылғанларды оқығалы дым қорқады. Кеш болады, түнде патшаның қатыны келип қойнына кирип атырғанда ҳаялдың денеси патшаға муздай тийеди. Патша оннан қәўипсинеди. Бир заман жатқан соң патша ҳаялының қарнын сыйпап көрсе, киндиги жоқ екен. Патша буны билип жүдә қорқады. Өз ҳаялының ети суўықлығы, киндигиниң жоқлығы ҳәм туўмағанлығы тап бағанағы ғаррының әкелип берген хатындағыға туўра келеди.

Патша, қайдан шатылдым бундай бәлеге деп, жүдә уўайым қайғы жейди. Сол күни патшаның қорыққанынан дым уйқысы келмейди. Бир ўақытлары түн жарымында патшаның ҳаялы әстен төсегинен түргелип майданға шығады. Уйқыламай жатырған патша да, қайда барар екен деп, оны аңлып изинен шығады. Бир ўақытта патшаның ҳаялы бир төбениң басына минип, бар кийимлерин шешип, тырдай жалаңашланып, бираз ўақыт ийретилип, адам сүўретинен жылан сүўретине келип, қуйрығының ушынан шаншылып тикке турып қалаға бир қарайды да:

— Қала толысқан екен, енди жутыўға болады, — дейди.

Буны патшаның өзи де аңлып турып еситеди.

Бир ўақытлары жылан болып қуйрығынан шаншылып турған патшаның ҳаялы сол турған жеринде бир ешекти, бир ийтти жутып болып, қайтып адам сүўретине келеди. Патша буны да көрип тура береди. Ол кийиниўге қарағанда, патша билдирмей келип орнына жатады. Бир ўақытта қатын да патша жатқан

www.ziyouz.com kutubxonasi

төсекке келип киреди. Сол күни түни менен патша дым қорқып уйқылай алмайды.

Өз ҳаялының әйдарха екенин толық билген патша енди оннан қутылыўдың жолын излеўге кирисипти. Сөйтип қаладағы бираз жас үлкенлерди жасырын кеңеске шақырады. Бирақ оны өз ҳаялына билдирмейди.

Ол қаланың барлық жас үлкенлери жыйналған кешесинде патшаға мынадай ақыл береди:

— Буннан қутылыў жүдә қыйын ҳәм қәўипли, сонын ушын қалаға усы ўақытлардан баслап «урыс бар» деп жар урдырып қоя бер. Сөйтип бир күни ҳәмме атланысқа шығыў керек. Соның ишинде патшаның өзи де өз ҳаялы менен атланысқа шығыўы керек. Қаланың көп адамын ертип суў жоқ жәзийраға айдаў керек. Бирақ ҳәмме тайларын үйинде калдырып, байталларды минип жүриўи керек. Оған қосымша қырық арбаға ағаш, қырық арбаға дуз, қырық арбаға қамыс, қырық арбаға ҳәк, қырық арбаға суў тийеў керек. Сөйтип оны да алып жүре бериў керек. Бирақ ол арбаларға жегилген атлар да қулыны аўылында қалған байтал болыўлары керек. Солар менен кең шөлистанға қарай жол тартыў керек, ол жолда шөллейди, әйдарха шөлге шыдамайды, «суў бер» дер, оған ҳеш суў бермеў керек. Жүдә шөллегеннен кейин тағы жалынар, бирақ дым суў бериўши болман, жүдә шөллеп, суўға шыдамас, сол ўақытта да суў бермен, ен ақырында өзинен-өзи ашыўланып, аттан жерге түсер, ол қәҳәрининң келип, жүдә шыдамаған ўақытта оны таслап қалаға қарап ҳәмме қашыў керек. Ол соннан соң ашыў менен әйдарҳаға айланып, қырық арба ағашты, қырық арба дузды, қырық арба қамысты, қырық арба ҳәкти, қырық арба суўды жутар. Соннан соң қалаға келгенше суў менен ҳәк қосылып әйдарханы жарады. Әне, сөйтип ол бәледен қутылыўымыз мүмкин, — дейди.

Бул сонда отырған ханға да, басқа адамларға да мақул түседи.

Хан ойласықтан шығыў менен қалаға:

— Жақын күнлерде урыс болады, соған таярланың, — деп жар урдырады.

Бир күни хан урысты өз қаламыздың ишинде етпеймиз, душпанның жолын тосамыз, соның ушын урыста тайлы байтал миниў керек, бирақ қулынын қалада қалдырамыз, — дейди. Және де қырық арба ағаш, қырық арба қамыс, қырық арба дуз, қырық арба суў ҳәм қырық арба ҳәк таярлаўға буйырады. Қала үлкен қәўипте болып, үлкен таярлық көреди. Бир күни ханның «урысқа шығасыз» деген буйрығы болады. Ҳәмме қулынын үйинде байлап таслап кетип, тек байтал минип жүреди, бирақ бул не туўралы болып атырғанын патшанын ҳаялы билмейди.

Сөйтип бир күни жығын болып жәзийраға шығады, баяғы қырық арбадан тийелген ҳәк, суў, ағашлар, қамыс бәрин де артып, ерип келе береди. Қаладан шығып бираз жүрген соң патшаның ҳаялы:

— Шөлледим, суў бериң, — дейди.

Патша оған:

— Тоқтап турын, ҳәзир сизге суў жоқ, және азмаз жүрейик, — деп тоқтатады.

Тағы азмаз жүргеннен кейин «суў бер» деп сорайды. Патша оған: «тағы азмаз жүре турын» дейди, тағы ҳаялы үндемей жүреди. Патша халықты шубыртып жәзийра шөлистанлықтың көп жерлеринен асады.

Тағы бираз жүрген соң:

— Қәне, суў бересиз бе, жоқ па? — дейди патшаның ҳаялы.

Патша оған:

— Тағы азғана тура тур, — дейди.

Бир ўақта патшаның ҳаялы аттан секирип түседи. Сол ўақытта ҳәмме кейин қарап қашады, издеги арбашылар да арбалардан байталларын шығара минип қалаға қарай қашады.

Патшаның ҳаялы қәҳәр менен аттан түсип, көп ўақта әйдарҳа сүўретине келип, қуйрығынын ушы менен турып дин аспанға шығып, қайтып жерге қулап болып, ашыў менен өзин таслап, қашқан адамлардың изинен қуўады. Қәҳәр менен жолда турған барлық арбаларды да жутады, сөйтип тап қалаға келген жерде баяғы жутқан ҳәк, суў, дуз, қамыс, ағаш бәри араласып, әсиресе суў менен ҳәк әйдарханы жарады. Халықтың бәри қашып келип қалаға киреди. Сөйтип неше жыл адам жутқан, қаланы қарап етип турған әйдарҳадан халық биригип ойласып, тәсил таўып, оны өлтирип қутылады. Соннан кейин барып халық ол қалада абадан, қайғысыз жасапты дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МӘЛИЙКА ҲӘМ ЖЕТИМ БАЛА

(Р-89. № 24617)

Бурынғы өткен заманда Қулман деген қул өтипти. Таўдай күши болса да, тоны өмиринше дизесине жетпепти. Ол күнлерден бир күн әжели жетип өлипти. Ҳаялы жесир, баласы жетим қалыпты. Бала кемпирин асыраў ушын бир байға шопан болып көп азаплар көрипти. Дүзде жүрип те, үйге келип те оған тыным болмапты. Сөйтсе де бес-алты жыл жүрип, кемпирине алты ылақ топлап берипти. Балаға шопан болып жүриў унамапты. Кемпирин елине таслап, өзи бахтын сынаў ушын ел гезип кетеди. Бир елге барса, бир байдың баласы жоқ екен, бала байға ўәкил бала болып жүре берипти. Баланы бай саўдаға үйретпекши болып, қолына мың тилла берип қалаға жибереди. Бала қалада жүрсе, сырлы аршаға көзи түседи. Қызығып көрип, аршаны алмақшы болады. Аршаға мың тилла сорайды. Бала сатып алады. Ашық майданға шығып, бунын қандай қәсийети бар екен деп аршаны ашып көрипти. Ашып көрсе, ишинде бир сулыў қыз отыр. Қыздың сулыўлығы сонша, жигит бийҳуш болып қалады. Бала есин жыйнап алғаннан кейин, жөн-жосағын сорасады. Қыз бул жағдайға қалай түскенин айтады. Ол қыз Рум деген шәҳәр патшасының қызы екен. Оны әкеси күнниң жүзин көрсетпей сақлапты. Қыз күнниң жүзин көриўге ашық болыпты. Соннан қыздың бойына ҳәмле пайда болыпты. Сол ушын әкеси қызды жазалы етип, өлимге буйырыпты. Қызды пашшаплардың өлимге көзи қыймай, аршаға салып сатқан екен. Бала қыздан истиң бәрисин еситкеннен кейин өзинин туўған елине баратуғын кәрўанларға шешесине тапсырыўды аманат етип жиберипти. Кәрўанбасы аманатқа қыянет етпей, аршаны баланың кемпирине апарып тапсырады. Кемпир баласының тирилигин еситип қуўанып қалады. Кемпирдиң қуўанышы қойнына сыймай, гүймеңлеп жүргенде аршаның ишиндеги қыз гилти менен аршаны ашып шығады. Кемпир қорқып қалады. Қыз барлық жағдайларды түсиндирип айтады. Кемпир корққанды қойып, келини менен қайтадан көриседи. Ертеңине базар екен. Кемпирдиң келини шығарда атасының қазнасынан өмирлик жейтуғын азығын алып шыққан екен. Кемпирдиң келини қаладан жигирма дәў алады. Дәўлерге жаптың жағасынан жай салдырады. Жайдың сыртынан калыңлығы еки аршын етип пақса қорған жүргизеди. Жайды ҳасыл бояўлар менен сырлатады. Жайды питкергеннен кейин еки дәўди қараўыллыққа алып қалып, басқасын қайтарады. Қәйин енеси бир жайда, өзи бир жайда, жегени алдында, жемегени артында, усылайынша өмир кеширеди. Күйеўи жылына бир рет келип турады. Күнлерден бир күн кемпирдиң келини есиктиң алдындағы жапқа шашын жуўып атырғанда шашының бир талы суўға түсип кетеди. Ол суў менен ханның ҳәўизинен шығады. Ҳәўиздиң қасында самаллап отырған ханның баласының көзи бир тал алтын шашақа түседи. Шашты көриўден ханның баласы ашық болады. Қыз ишқысталығына түсип, күн-күннен жүдейди. Хан баласынан қорқады. «Тәўир еткен адамға еки ләген алтын беремен» деп жар салдырады. Баланың аўрыўынан хабардар мәстан кемпир бар еди. Ханның үйине мәстан кемпир келип, баласының бир қыздың ышқынан аўырыў тапқанлығын ханға айтады. Мәстан кемпир алтын шашлы қызды алып берген жағдайда баланың аўырыўдан жазылатуғынлығын айтады. Оны ислеў мәстанға тапсырылады. Шебер усталарды жыйнап өрге қарап жүретуғын қайық соқтырып береди. Мәстен еки ләген алтынды алып, қуўанышы қойнына сыймай, жаптың өрине қарай қайық пенен жолға шығады. Бир күн өтип екиленши күни қыздың салған жайын көреди. Қайығын кемпир алысырақққа қойып, кемпирдиң келинининң суўға келетуғын жеринде жылап отыра берипти. Кемпирдиң келини суўға келгенде, жылап отырған кемпирге көзи түсипти. Кемпир «әмеңгерим жоқ» дегенликтен, кемпирге ес болсын деп үйине апарыпты. Мәстан кемпир әдеўир күн болғаннан кейин, кейинге қайтып ханға келипти. Ханның баласын ҳаял кийиминде кийиндирип, «патшаның қызы қыдырып киятыр» деген сылтаў менен қыздың үйине әкелипти.

«Патшаның қызы» кемпирдиң келини менен жатыпты. Жатқаннан кейин патшаның «қызы» еркек екенлигин билдирипти. Қыздың қатты ашыўы келип, қараўылда турған дәўди шақырып патшаның баласын өлтиртипти. Кишкентайдан майдалатып, қапшыққа салып, ханның есигиниң алдына апарып таслапты. Оны хан сезип, баласын жерлеп болғаннан кейин, қыздан өш алыў ушын урысқа таярланыпты. Қыз да патшаның урысатуғынын билип, қаладан сексен дәў сатып алып, патшаға қарсы қураллandырыпты. Хан қырық мың адам менен атланыс жасапты. Бирақ дәўлер бәрин қырып салыпты. Хан урысып өшин ала алмайтуғын болғанлықтан, ақылгөйлери менен ойласып, қыздың күйеўине шешеси болып, «келиним айтқанымды етпей өз басына кетти. Енди илажын өзиң ислейсең» делинген хат жазыпты. Бул хабар кемпирдиң баласына жеткен соң, сол күни ақшамы менен үйине келипти. Келсе, қыз уйқылап жатқан екен. Көкирек аўзынан жоқарысы ашық екен. Жигит кемпирине хабарласпастан, қыздың көкирек аўзына пышақ урады. Қыз өлгеннен кейин оны аршаға салып, гилтин илдирип, суўға атып жиберипти. Оннан кейин кемпирине келип хабарласыпты. Кемпир күйип-писип баласына бақырыпты. Бала бузақылардың иси екенин сезипти ҳәм аршаның кейнинен жуўырып кетипти. Жаптың қатты ағысы көп жерге алып кетипти. Жаптың жағасында жүрген тәўип суўға ығып баратырған аршаны көрипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол өлген адамды тирилтетуғын дәри ислеў ушын шөптиң басын жыйнап жүрген екен. Тәуип дәрьяға ығып баратырған аршаны далаға шығарып, ишин ашып караса, өлип атырған сулыў қызды көрипти. Тәуип сол жерде дәри ислеп, қызды тирилтип алыпты. Оны тәуип ҳаяллыққа алмақшы болыпты. Қыз:

— Егер ҳаяллыққа алатуғын болсаң, аўылыңнан кийим, бирге баратуғын қыз әкел, — депти.

Тәуип аўылына кеткенде қыз қайтадан аршаға кирип, суўға ығып кетипти. Тәуип келсе, қыз жоқ екен. Ол да жапты жағалап кете берипти. Суўға ығып баратырған аршаны қармақ салып отырған үш бала көрип, далаға шығарып, ишин ашып көрипти. Көрсе, ишинде жатқан сулыў қызды көрипти. «Мен аламан» деп қырылысып қалыпты. Қыз:

— Сизлер маған төбелеспең, ана төбешикке барып, берман қарай жүўырың, қайсысыңыз бурын келсеңиз, соған тиймен, — депти.

Балалар кетиўден қыз қурғақ пенен кетип қалыпты. Балалар қыздың кетип қалғанын билип, жаптың ығына қарай жүре берипти. Қыз жолда баратырып шаршап, шеңгелдиң саясында уйқылап қалыпты. Сол күни бир байдың баласы қус салып жүрген екен. Оның аңға жиберген қусы қыздың жатқан жерине келип қоныпты. Байдың баласы қусына келгенде уйқылап атырған қызды көрип, еси аўып қалыпты. Есин жыйнап алғаннан кейин қызды оятып, ҳаяллыққа алмақшы болады.

— Онда мен атыңды минип жүрейин, — деп, атын минип алғаннан кейин араны ашып, байдың баласынан да қутылады. Дәрьяға барып жаптан ары өтпекши болады. Дарғашы баласына хаял болатуғын болса ғана өткизетуғынын айтады. Қыз келисим береди. Жаптан өтип сол күни дарғашының үйинде болады. Дарғашының үйи палаў асады. Қыз палаўды жемей, өзине тийислисин белбеўине түйип:

— Несип етсе, күйеўим менен жеймен, — деп жатады.

Үйдиң адамлары уйқыға кеткеннен кейин еркекше кийинип үйден шығып кетеди. Түни менен басқа бир патшалықтың қол астына келеди. Атын босатып жиберип, қалың шеңгелликте күн ыссыда жүре алмай уйқылап қалады. Сол күни сол елдиң патшасы өлгенликтен, орнына патша тиклеў ушын дәўлет қусын ушырып атыр екен. Дәўлет қусы үш ретке шекем қыз жатқан шеңгелликке қоныпты. Шеңгелликти қарап қызды таўып алады. Қыз сол елге патша болыпты. Оның қыз екенин ҳешким билмепти. Қыз патша болғаннан кейин, изинен излеп күйеўи келер деп, патшалықтан жақсы еки сүўретши алдырыпты. Күйеўи турғандай етип сүўретин салдырыпты. Сүўретшилерге, егер соны биреўге айтса, өзлерин өлимдар, мал-дүньясын патшалық ететуғын болыпты. Сүўретти үш жолдың бәндиргисине қойып, қасына үш қараўыл қойдырыпты. «Кимде-ким усы сүўретти көрип кетпесе, услап алып қамалсын!» деп буйрық берипти. Дәслеп қалаға үш бала келипти. Олар сүўретти көрип кетпегенликтен, услап алып қамап таслапты. Соңғы келген тәуипти де, қыздың күйеўин де қамап таслапты. Қыз ҳәммеси келип болғаннан кейин, қала халқын жыйнап мәжилис ашыпты. Мәжилисте дәслеп баладан, соң тәуиптен сүўретке қараған себеплерин сорапты. Олар қыз туўралы көргенлерин, оның изинен келгенде усы қаладан сүўреттиң табылғанын айтыпты. Қыз:

— Сол келген мийнетиңиз ушын неге қайыл боласыз? — деп сорапты.

— Ҳеш нәрсе де керек емес, — деп жуўап берипти.

Сонда да қыз тәуипти, дарғашының баласын ўәзирлериниң қызларына үйлендирипти ҳәм елине апарып таслайтуғын болыпты. Гезек қыздың күйеўине келипти. Қыздың күйеўи өзи тәрепинен кеткен ислерди айтыпты да, жылап қоя берипти. Соннан соң қыз еркек кийимлерин шешип, күйеўи менен қосылыпты. Сол жерде дарғашының үйиндеги палаўын бирге жепти. Күйеўин патша етипти. Усындай иске гириптар еткен патшаға атланыс жасап, оның елин де бағындырып алыпты. Кемпирин, баласын, күйеўиниң өгей әкесин алдырып, халықты әдил сорап, мурат-мақсетине жетипти.

## ГЕНЖЕ БАЛА

(Р-459. № 176402)

Бурынғы өткен заманда бир кемпир менен ғарры болыпты. Олардың үш баласы болыпты. Бир күнлери әкеси қатты аўырып атырғанда балаларын жанына шақырып алып:

— Мен өлсем, қалай жайғастырасаң? — деп алды бурын үлкен баласынан сорапты.

— Сениң асты-үстиңди алтын менен қаплайман, — депти үлкен баласы.

Екинши рет ортаншы баласын шақырып, оннан да, ол өлсе, қалай көметуғынын сорапты.

— Мен, сен өлсең, сени үлкен ағамнан да бетер үлкен абырой-иззетке бөлеп көмемен, — депти.

Ғарры енди ең кишкене баласынан сорапты:

— Мен халық қандай етип көмсе, сондай етип жерлеймен, — депти.

Күнлердиң күнинде әкеси өлипти. Еки ағасы әкесинен қалған дүньяны бөлисип алып кетипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғаррыны кишкене баласы жерлепти. Үйинде кемпири екеўи қалып қойыпты. Еки ағасы бир бирден ҳаял алып, үйленип, булар менен иси болмай, өзлери менен өзлери болып кетипти. Бала менен анасы күн көре алмай қатты қыйналыпты. Қатты тарығып, бир күни «ағаларым жәрдем берер-аў» деген үмит пенен олардың үйине барыпты. Бирақ көргенсиз ағалары «өзлеримиз күнимизди зорға көрип отырмыз» деп, оған хеш нәрсе бермепти. Бир күни бала анасына бөтен аўылларға барып талап ислемекши екенлигин айтыпты. Апасы оған жолда жеў ушын жүўери уннан нан ислеп берипти. Бала нанды алып жолға түсипти. Бир жерлерге барған ол аш болыпты. Бир дәрьяның жағасына барып нанды суўға басып жемекши болып, оны суўға басса, жүўери уннан ислеген нан тез жибип кетеди. Сөйтип, бала аш қалыпты. Қорлығы келип жылап-жылап, уйқылап қалады. Уйқылап атырып түс көреди. Түсинде бир ғарры:

— Балам, оң тәрепинде бир тут өсип турыпты, соннан бир шақасын сындырып алып, суўға тийгизсең, өткел болады. Оннан арғы жүзге өтсең, қасыңа бир қара ат келеди. Оны услама. Кейнинен бир ақ ат келер. Ер-турманы, үстинде қурал-жарағы бар. Усыны услап минип, алға кете бер, үш күн жүргеннен кейин алдыңнан бир сарай көринер, сарайға жақынлаған соң атыңды бир тасаға жиберип қоя бер, сөйт те қурал-жарағыңды асынып, сарайға жақынла. Сарайдың аўзына барғанда алдыңнан бир дәў шықса, өлгениң, дәў шықпаса, өлмейсең, соннан кейин сарайдың аўзында тура бер, бир ўақытта адамның ийисин билип биреўи далаға шығар, шыққаның шыққандай өлтире бер. Сарайдың ишинде қырық дәў бар, қырқын да усылай өлтиресең, сарайға киресең, сарайдың ишин аралап болып, ең төриндеги бир жайда сандық бар, соның ишинде алтын-гәўхар таслар бар, керегиңди алып кетерсең, — депти.

Бала оянса түси екен. Түргелип дөгерегине қарайды, оң жағында үлкен бир түп тут өсип тур екен, соның бир шақасын сындырып алады, сөйтип арғы жағаға өтеди. Өткеннен кейин қасына бир қара ат келеди, оны усламайды, соң бир ақ ат келеди, оны услап минип алады. Үш күн жүргеннен кейин бир сарай көринеди. Сарайға жақынлағаннан кейин бир таса жерге атын жиберип, өзи әстен сарайдың алдына келсе, хеш нәрсе жоқ екен. Бала сарайдың ишинде қырық дәў гөш писирип жеп отырғанын билип алыпты. Бир ўақытлары олардың биреўи:

— Адамның ийиси шығып кетти, бар, далаға барып көрип кел, — депти және бир дәўге.

Дәў далаға шығып баратырған ўақытта бала қылыш пенен оның геллесин алды. Үлкен дәў жумсаған дәў хә дегеннен келмегеннен кейин, тағы биреўин жумсапты. Бала қырық дәўди де усылай өлтирди. Ол енди сарайдың ишине кирип аралай баслапты. Сарайдың ишинде ҳәўиз, ҳәўиздиң жағасында терек, теректиң астында сыпа, сыпаның үстинде гөш писирип жеген жери екен. Бәрин аралады, ең кейнинде төрги жайға барса, үйиўли турған сандықты көрипти, оның жети жеринде қазық тығыўлы тур екен. Ишин ашып көрсе, иши алтын-гәўхарға толы екен. Олардан бала керегинше алып, қырық дәўди бир шуқырға көмип кетипти. Үш күннен кейин бала бир қапшық алтын менен үйине қайтып келди. Келгеннен кейин анасына:

— Анажан, бир тәрези таўып келсең, мына алтынларды өлшер едик, — депти.

Кемпир үлкен баласының үйине барып тәрези сорапты.

— Оны не қыласаң? — депти баласы таңланып.

— Алтын өлшеймиз.

— Оны қаяқтан алдыңлар?

— Балам әкелди, — деп жуўап берипти анасы.

Үлкен баласы тәрезиниң ортаншы инисиниң үйинде екенлигин айтыпты. Ол енди ортаншы баласының үйине келип тәрези сорапты. Кемпири ҳақыйқатлықты айтыпты. Келини тәрезини әкелип берипти. Енди бала менен кемпири алтынды өлшеп баслаған екен, ортаншы баласының ҳаялы келипти. Баланың еки ағасы олардың айтқанының ырас ямаса өтирик екенин билиў ушын ортаншы келинди жумсаған екен. Келсе, олар ырасында да алтын өлшеп атырғанын көрип, болған ҳәдийсени баланың ағаларына баян етипти. Ағалары ҳаяллары менен жуўырысып келеди. Ақ көкирек бала олардың хәр қайсысына бир-бир тәрезиден алтын береди. Ағалары мийнетсиз табылған алтынды парықсыз жумсап, тез арада таўысады. Олар енди таўсылмайтуғын байлыққа ийелик еткиси келип, және инисиниң алдына келип байлықты қалай қолға киритkенин сорайды. Ол дурысын айтады. Сөйтип ағалары да дәрьяның жағасына келип уйқылайды, бирақ түс көрмейди. Олар туттың бир шақасы арқалы дәрьядан өтеди. Көп узамай қара ат келеди. Олар ақ аттың келиўин де күтпестен, қара атқа минип, бир күн жол жүрип, бир қорғанға жақынлайды. Жақынласа, аўзында бир дәў тур екен. Дәў буларды дәрриў услап алады. Сол ўақытта баланың ишип отырған шайы бирден қызарып кетеди. Ол ағаларына бир нәрсениң болғанын дәрриў-ақ сезип, дәўлер мәканына жол алады. Барса, дәўлер оның ағаларынынан кәбап ислеп жеп отыр екен. Енди ол дәўлерди толық өлтирип болғанына көзи жетип, өзи кемпири менен дәўлердиң сарайына көшип келеди. Кемпирине:

— Мына дәўлерди көмген жерге суў қуйма, — деп қатаң тапсырады да, өзи аң аўлап келмеге үш

www.ziyouz.com kutubxonasi

күнге кетеди. Кемпир «бунда қандай сыр бар екен» деп ойлап, ўәдесинде турмай, баласы жоқта дәўлер көмилген шуқанаққа суў қуя береди. Бир күнлери шуқанақтан гүңгирлеп даўыс шығады, кемпир суўды оннан сайын қуя береди. Бир ўақытта:

— Маған доссаң ба, душпансаң ба?, — деген сес шығады. — Дос болсаң, қорғанның ишине киргеннен кейин он еки өжиреден өткеннен соңғы өжиреде бир сандық бар, соның ишинде мениң жаным бар, соны мынаның ишине тасласаң, мен тирилемен, соны орынласаң, барлық тилеклериңди орынлайман, — депти.

Кемпир оның айтқанларының бәрин орынлапты. Бир ўақытта шуқырдан бир дәў тирилип шығыпты. Дәў кемпирди алдастырыпты, сөйтип енди дәў кемпир менен сарайда жасырын жасай берипти. Дәў баланың келер ўақты болғанда төрги бөлмеде жасырынып жатады екен. Кейинги сапары ол кемпирине бир жылға жететуғын азық топлап берип, аң аўлаўға бир жылға кетеди. Бир күнлери кемпир өзинин жүкли болғанын сезеди. Арадан тоғыз ай тоғыз күни өтип уллы болды. Атын Жетилмес қойды, баласы бир жылда да келмеди, еки жылда келеди. Келетуғын күни дәў билип:

— Енди баланы не қыласаң? — депти.

Кемпир дәўге буның шарасын өзи табыўы кереклигин айтады. Дәў баланы жигит келетуғын жолға жатқарып қойыўды хәм оны жигиттиң әлбетте таўып, оларға алып келетуғынын айтыпты. Олардың айтқаны дурыс болып, бала нәрестени жолдан таўып үйине — анасына алып келеди. Олар енди өз баласы болғанлықтан, үлкен баладан қалай қутылыўдың жолларын излей баслайды. Дәў кемпирге, бала келгенде «кийимиң тозды» деген сылтаў менен кийим тигип, оны қазылған қудықтың үстине жабылған кийиздиң үстине қойыўды хәм баланың кийимди аламан деп қудыққа түсип кететуғынлығын айтады. Кемпир тап солай ислейди. Кийим турған жайдың ишинен қудық қазып қояды, үстине кийиз жаўып, тиккен кийимин таслап қояды. Бала олардың ойлағанындай, кийимлерин енди алайын деп баратырғанда оны иниси Жетилмес тоқтатып:

— Кийимлериңди мен әкелип берейин, аға, — депти де, қолына таяқ алып, оның ушы менен кийимлерди тартып алыпты. Бала таза кийимди кийип тағы аңға кетеди. Кеткеннен кейин «мына жүўернемек айтып қойды» деп, кемпир менен дәў Жетилмести урады.

Екинши рет дәў кемпирге балаға палаў писириўди хәм оған уў салыўды буйырыпты. Бул сапары Жетилмес:

— Буны жеме, аға, таза сорпа писиртип иш, —дейди.

Ағасы инисиниң сөзин қайтармайын деп, сорпа писиртип ишеди.

Үшинши рет кемпир бала аңнан келгенде өзин кеселге салып жатады. Ол балаға:

— Мени емлейтуғын болсаң, тоғыз айлық жолда, Барсакелмес деген жерде бир арыслан бар, соннан бир гүзе сүт әкелип бер, соны ишсем, тәўир боламан, — депти.

Бала кемпирине шыпа излеп жолға түсипти. Узақ жол жүрип Барсакелмеске жетипти. Кетип баратырса, алдынан еки арыслан шығады. Олардың биреўиниң реңи ақ, екиншиси — қара екен. Жигит қара арысланды қылыш пенен шаўып өлтиреди. Ақ арыслан жигитке:

— Не тилейсең? — депти.

— Маған бир гүзе сүт керек, — депти.

Арыслан жигитти ертип бийелер жайылып жүрген бир падаға алып келеди. Жигит бийеден бир гүзе сүт саўып алады. Арыслан оны үйине шекем арқасына мингизип алып келеди. Кетеринде ол балаға үстиндеги түгинен биреўин алып берип:

— Мен қайўақ керек болсам, усы жүнди түтетип шақыр, жәрдем беремен, — дейди.

Бала анасына сүтти береди. Кемпир «еле анық тәўир болмадым» деп, енди үш айлық жолда жасайтуғын бир дәўдиң мәканына барып, оның есигиниң алдында өсетуғын алмадан бир дана алма әкелип бериўди буйырады. Бала және жолға раўана болады. Узақ жол жүрип, ақыры дәўдиң мәканына жетеди. Келсе, үлкен бир дәў қурылдап уйқылап атыр екен. Шынжыр таўып тас қылып байлап таслайды. Жигит алманы алып атырғанда дәўдиң үстине қулап, дәў оянып кетеди. Дәў шоршып оянып қараса, үстинде бир жигит отыр. Қорқып кеткен дәў жигитке «мени өлтирме» деп жалынады. Жигит алманы алып, дәўдиң үстине минип үйине қайтады.

Сөйтип бала дәў менен үйине келди. Кемпирдиң ашыўы келди. Бирақ билдирмей баланың алмасын жепти. Баланы өлтире алмағанына ашыўланған дәў оны өзи өлтирмекши болыпты. Сол ўақытта бала арысланнынң берген жүнин түтетип жибереди. Арыслан пайда болады. Ол арысланға кемпирди де, дәўди де өлтириўди буйырыпты. Арыслан кемпир хәм дәўди өлтирипти. Енди бала үкеси Жетилмес пенен екеўи қалыпты.Сөйтип екеўи аўылына қайтатуғын болып жолға шығыпты. Жол жүрип бир аўылға келипти. Бир кемпирдиң үйине қонады. Азанда ағасы турып далаға шығып дөгерегине қараса, шығыстан бир, күн батыстан бир күн шығып тур.

— Бул неден? — деп Жетилмес ағасынан сорапты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Батыстағы күн — мәстан кемпир, — депти ағасы.

Жетилмес ағасына:

— Кемпир есигиниң алдына келгенде «атымның аяғы нешеў?» деп сорайды, «алтаў» де, «төртеў» десең, өлтиреди, — депти.

Кемпирдиң есигине жақынлағанда ол үлкен баладан:

— Аттың аяғы нешеў? — деп сорапты.

— Төртеў, — депти.

Кемпир оны жутып жиберипти. Жетилмес кемпирдиң сораўына «атымның аяғы алтаў» деп жуўап берип қутылып қалыпты. Ол аңламай турғанда кемпирдиң басын қылыш пенен шаўып өлтирип, ишин жарып ағасын сыртқа шығарып алыпты. Сөйтип екеўи домалап баратырған кемпирдиң басып қуўып кете берипти. Бир бир ўақытта бас алдынан шыққан қудыққа думалап түсип кетипти. Сонда ағасы инисине:

— Алды менен қудыққа мен түсемен, — депти.

Ағасы бир ўақытта «мени тартып ал» деп бақырыпты. Енди қудыққа иниси түсетуғын болыпты. Ол ағасына:

— Мен қудыққа түскенде «шығар» десем де, шығарма, жыласам да, арқанды тартып алма, — депти.

Ағасы тап инисиниң айтқанындай етипти. Ол қудықтың түбине жеткенде арқанды кесип түсип кетипти.

Жетилмес дөгерекке серлеп қараса, әтирапында көп жайлар бар екен. Бир жайға кирип қараса, төрде еки илмекке гөш қыстырыўлы тур екен. Гөштиң әтирапында мойнында бир талай гилт қыстырылған бир пышық гөшти айланшықлап жүр екен. Жетилмес малдың гөшинен бир бөлегин кесип, пышыққа таслайды. Пышық малдың гөшин жемепти. Ол енди адамның гөшинен кесип алып пышықтың алдына тасласа, пышық гөшти жей баслапты. Пышық гөшти жеп атырғанда ол билдирмей гилтлерди оның мойнынан алыпты. Енди ол қолындағы гилтлер менен тамларды бирим-бирим ашып көре баслапты. Бир тамның ишине кирсе, төрде сулыў бир қыз уйқылап атыр екен. Жетилмес шаққанлық пенен қыздың бурымынан қазыққа қатты етип байлап таслапты. Бир ўақытта қыз оянып, байлаўлы жатырғанын билипти. Ол жигитти көрип:

— Мени жаздыр, — деп жалыныпты.

— Мениң бир ағам бар, соған тийсең, жаздыраман, — депти бала.

— Мейли, мен ыразыман, ағаң соқыр болса да, гереӊ болса да тийейин, — дейди

Соннан соң Жетилмес қызды жаздырыпты. Сөйтип екеўи жердиң үстине шығатуғын жолды излеп кете берипти. Бир күни олар бир теректиң жанына келсе, Суймурық қустың уясы бар екен. Уяда ҳәр қайсысының еки басы бар, үш палапан бар екен. Палапанлардың биреўи шақалақлап күлип, екиншиси жылап, үшиншиси үндемей отыр екен.

Жетилмес олардан бунның себебин сорайды. Сонда күлип отырған палапан мынандай депти:

— Бул жерге ҳәр күни бир әйдарҳа келеди ҳәм бир палапанды жеп кетеди. Мениң күлип отырғанымның себеби, сол әйдарҳа бүгин мени емес, анаў жылап отырған палапанды, ертең үндемей отырғанын, ал арғы күни мени жейди, ҳеш болмаса еки күнлик өмирим бар деп қуўанып отырман, — депти.

Сол ўақытта узақтан үлкен әйдарҳа көринипти. Ол жерге түсип, пысқырып уяға жақынласыпты. Палапанлар шырылдаса баслапты. Жетилмес дәрҳал қылышын суўырып алып, айдарҳаны шаўып таслапты. Сол ўақытта ана Суймурық қус та жетип келипти. Палапанларының қасында бийгана еки адамды көрип, Жетилмес пенен қызға тасланыпты. Сонда палапанлардың үшеўи де бирден:

— Оған тиймең, ол бизди өлимнен қутқарып қалды, — деп шуўлапты.

Сонда Суймурық қус өлип жатырған әйдарҳаны көрип, кеўли толып жигит пенен қызға:

— Не тилегиңиз бар? Бәрин орынлайман, — депти.

— Тилегим — бизди жердиң үстине шығар, — депти Жетилмес.

Суймурық қус көзди ашып жумғанша Жетилмес пенен қызды жердиң үстине алып шығыпты. Олар жердиң үстине шықса, Жетилместиң баяғы жердиң үстинде қалған ағасы инисин күтип еле сол қудықтың жанында отыр екен. Инисин қайғырып көп жылағанлықтан оның еки көзи көрмей қалыпты. Суймырық қус пәрин оның көзине сүрткен екен, көзи қайтадан ашылыпты. Еки ағалы-ини табысып, қуўанысып қалыпты. Олар елине келип, ағасы қызға үйленип, бахытлы турмыс кешире баслапты.

Жетилмес бир күни бир патшаның қызын түсинде көрип соған ашық болады. .Соны алмаға адам жиберип айттырады. Бирақ патша қызды айттырып барған адамларға қызын оның еки шәртин орынлаған адамға беретуғынын айтып жибереди. Жетилмес патшаның шәртин орынлаў ушын сарайға келеди.

— Мениң биринши шәртим, — депти патша, — сен өзиңнин үйиңнен баслап сарайға шекем еки қатар: бир қатары ақ, бир қатары қара терек егип бересең. Екинши шәртим: көп ўақытлардан берли бир

www.ziyouz.com kutubxonasi

әйдарҳа елимниң тынышын алып жүр, соны өлтиресең.

Жетилмес сол күни ақшам еки қапшыққа қойдың қумалағы менен ешкинин қумалағын араластырып салып, қаптың түбин кишкене етип теседи. Сөйтип жол менен патшаның елине кете береди. Қаптың түбинен биресе ешкинин, биресе қойдың қумалағы түсип бара береди. Түскен қумалақлар азанда бир қатар ақ, бир қатар қара тереклерге айланады. Сыйқырдың күши менен ол патшаның екинши шәртин де орынлап, әйдарҳаны өлтирип, елди азат етеди. Ол патшаның қызына үйленип, елине келип бир неше күн той берип, балалы болып, ағасы екеўи татыў жасап, қартайып дүньядан өтеди.

## ҲӘРКИМ ҚЫЛСА, ӨЗИНЕ...

(Р-565, № 176508)

Бир бар екен, бир жоқ екен, бурынғы өткен заманда бир патша болыпты. Бул патша оғыры залым, көзи дүньяға тоймайтуғын ашкөз екен. Усы патшаның сорамында Қаллыбек деген бир жарлы жигит те бар екен. Қаллыбектиң ҳадалдан таўығы, ҳарамнан пышығы болмапты, тек ғана Бийбисулыў, «Бийбибилгиш» деген өмирлик жолдасы болыпты. Булар ҳәркимниң жумысын ислеп күн көреди екен. Бир күни Қаллыбек ҳаялы Бийбисулыў менен жумыс ислеп жүргенинде булардың үстинен аң аўлап жүрген патшаның ўәзирлери шығады. Олар Қаллыбектиң ҳаялының сулыў екенлигин көрип, таңлай қағысып кетеди. Ўәзирлер көрген-билгенин патшаға айтады. Ўәзирлер:

— Әй, патшайым, арзымыз бар, — дейди.

Патша:

— Қандай арзыңыз бар? — дейди.

— Әй, патшайым, бизлер қус салып, аў аўлап жүрип бир ҳәдийсе көрдик. Усы ўәлаятта, сизиң қол астыңызда Қаллыбек атлы бир жигитти көрдик. Оның Бийбисулыў деген ҳаялы бар екен. Бизлер бул ҳаялдың тәрийпин сизге баян етсек, өз аты Бийбисулыў, халық қойған лақабы «Бийбибилгиш» екен. Қара шашлы, алма көзли, қыпша белли, жуқа жүзли, ақ тамақ, бадам қабақ, кең қушақ, тап, несин айтасыз, сизлердей патшаға минәсип-ақ нашар екен, — дейди.

Сол ўақытта патшаның еси аўып, бир ўақытлары есине келип, ўәзирлерин қасына шақырып, «ол перийзатты қалай алыўға болар екен?» деп ойласады. Ўәзирлердиң бири:

— Әй, патшайым, бир қасық қанымнан кешсең, мен айтайын, — дейди.

Патша:

— Айт, — дейди.

— Мен айтсам, ҳәзир Ираннан киятырған кәрўан бар, сол кәрўанға Қаллыбекти жибериў керек, кәрўанбасыны жоқ қылып, барлық мал-мүлкти өзинизге әкелип берсин, — дейди. — Әкелсе, әкелгени кәрўанды, әкелмесе, оны өлтириў керек, — дейди.

Бул патшаға мақул түсип, Қаллыбекти шақырып алып, сол Ираннан киятырған кәрўанға жибереди.

— Сен сол кәрўанды қалай болмасын услап, кәрўанбасыны өлтирип, алып киятырған дүнья-мүлкин маған келтирип бересең, келтирмесең, өлесең, — дейди оған.

Қаллыбек үйине келип бул сырды ҳаялы Бийбисулыўға баян етеди. Бийбисулыў:

— Шабазым, сен оның ушын ҳеш уўайым шекпе, буннан кет, Қызылқумға жет, Қызылқумдағы әўлийеге барып жат, аржағынан кәрўан келип, сол әўлийеде қонар.Түн жарпы болғанда бар да, кәрўанбасының аяқ-қолын байлап, тағы әўлийеге кирип жат. Кәрўанбасы ҳаўлығып оянып, «Әй қудайым-ай, қолымды шешсең, өзимди өлимнен азат етсең, алып киятырған дүнья-малымның ҳәммеси садақа» дер, сол ўақытта бар да, аяқ-қолын шешип, әўлийеге кир де жат. Сол ўақытлары кәрўанбасы албырап сизди көрмейди де, өзиниң өлимнен қутылғанына қуўанып, мал-дүньясын таслап қашады, — дейди.

Қаллыбек те әўлийеге барып, тап Бийбисулыўдың айтқанындай етип жата береди. Кәрўан да келип сол жерге қонады.

Түн жарпы болғанда Қаллыбек кәрўанбасының аяқ-қолын байлайды. Кәрўанбасы ҳаўлығып оянып:

— Әй, қудайым-ай, бир шыбын жанымнан кеш, аяқ-қолымды шеш, өзимди азат ет, алып киятырған дүньямның ҳәммеси садақа, — дейди.

Сол ўақытлары Қаллыбек келеди де, кәрўанбасының аяқ-қолын босатады. Кәрўанбасы өзиниң азат болғанына қуўанып, алып киятырған дүньясын таслап өтә кетеди. Қаллыбек те кәрўандағы барлық дүнья-мүлкти алып келип патшаға береди. Патша ўәзирлерин шақырып алып:

— Бул бала буннан аман келди, енди не қылыў керек? — дейди.

Ўәзирлердиң бири:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Шыбын жанымнан кешсен, мен айтайын, тақсыр, — дейди.
Патша:
— Айт, — дейди.
— Мен айтайын, сен тыңла, қырық күншилик жолы бар, қырық күншилик шөли бар, сол шөлдиң ортасында бир булақ бар. Сол булаққа жети пери шомылады. Сол перигe жибериў керек, — дейди.
Патша Қаллыбекти шақырып алып:
— Ҳәй, жақсы жигит, қырық күншилик жолы бар, қырық күншилик шөли бар, сол шөлде бир булақ бар. Сол булаққа жети пери келип шомылады, сол жети перини алып келип бер, — дейди.
«Әжеп» деп Қаллыбек шығып кетип, өз жолдасы Бийбисулыўға ойласады. Бийбисулыў:
— Сен бар да, булақтың қасында жат. Перилер келип шешинип шомылар, сол ўақытлары барлық кийим-кеншегин жыйнап ал. Соннан соң перилер келип саған жалынып, «қайерге апарсаң, сол жерге барамыз» дер. Сөйтип бәрин дизип алып қайта бер, шабазым, — дейди ҳаялы.
Қаллыбек сүйиклиси Бийбисулыўдың айтқаны бойынша булаққа келип жата береди. Бир ўақытлары перилер келип шешинип, суўға шомыла баслайды. Қаллыбек перилердиң кийим-кеншегин жыйып алады. Перилер:
— Ҳәй, адамзат, биз, қайерге апарсаң да, барайық, кийимлеримизди бере ғой — дейди.
Қаллыбек жети перини изине ертип, патшаға алып келеди. Перилер бири кептер, бири жылан, ҳәр қайсысы ҳәр нәрсе болып, сарайдан шығып кетеди. Патшаның буған қәҳәри келип, Қаллыбекти шақырып алып ҳәм усы ҳийлени айтқан ўәзирди де шақырып алып, Қаллыбектиң көз алдында оны өлтиртеди. Соннан соң Қаллыбекке айтады:
— Сен мениң әкемниң бейиште ямаса дозақта жатқанын билесең бе? — дейди.
Қаллыбек:
— Билермен, тақсыр, — дейди. — Оны билиў ушын сиз қырық арба шеңгел жыйнаңыз, соннан кейин қалғанын айтарман, — дейди.
Патша Қаллыбекке жуўап береди. Қаллыбек үйине келип Бийбисулыўға ойласады. Бийбисулыў:
— Мен саған бир қапшық тигип, оны өз сүтим менен жуўып берейин. Сен бар да, қырық арба шеңгелдиң астына кирип жата бер, күймейсең де, жанбайсаң да, — дейди.
Бийбисулыў өз сүйиклиси Қаллыбекти өлимнен азат етиў ушын бир қапшық тигип, оны өз сүтине жуўып береди. Қаллыбек қапшықты алып, патшаға барып, енди қырық арба шеңгелдиң астына кирип жататуғынын, оны өртеген ўақытта өзи о дүньяға барып келетуғынын айтып, соның астына кирип жатады.
Патша да шеңгелге от бердиртеди. От та жанып питеди. Қаллыбек күлдиң ишинен аман-есен шығып:
— Тақсыр, о дүньяға барып келдим, әкеңди көрдим. Әкеңиз бейиште, бирақ сизге берген наныңа ыразы емес. Әкеңиздиң өлгенине жети жыл болыпты. «Жети жылдан бери балам изимнен «әкем» деп бир келмеди» деп сизге өкпелеп атыр, тақсыр, — дейди.
Патша өзиниң патша болғанын есапласа, жети жыл болған екен. Әкемниң өлгенине де жети жыл болған екен. Олай болса, мен әкемди көрип қайтайын деп, қырық арба шеңгел жыйнатып, енди шеңгелдиң астына кирип жатайын деп атырғанда ўәзирлери де:
— Әй, патшайым, руқсат етсеңиз, бизлер де сизиң әкеңиздиң дузын ишип едик, бизлердиң де о жарықлықты көргимиз келеди, — дейди.
Патша:
— Келиң онда, ўәзирлерим, «биреўден екеў жақсы» дегендей, ондай ойыңыз болса, ҳәммемиз бирге барып көрип қайтайық, — дейди.
Әне, соның менен патша ўәзирлери менен шеңгелдиң астына кирип жатады. Қаллыбек шеңгелге от береди. От түни менен лаўлап жанады.
Ертеңине көрсе, патша ўәзирлери менен бирге бир-бирине қарап ыржыйысып, күйип атырған екен. «Ҳәрким қылса, өзине» дегендей, патшаның ақылсызлығы өзин жаманлыққа гириптар етипти. Өзине де, халыққа да күн бермеген жаўыз патша менен жағымпаз ўәзирлерден қутылған Қаллыбек жети күн удайы той қылыпты ҳәм сол елге патша болып сайланыпты. Сөйтип ҳаялы менен бирге бахытлы дәўран сүрипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## СӨЙЛЕМЕС ҚЫЗ
(Р-565, № 176508)

Бурынғы өткен заманда, бир кемпир-ғарры жасапты хәм олардың жалғыз перзенти болып, ол сабыр-тақатлы, ақыллы, ата-анасын жанынан артық көретуғын хәм қолында хәрқыйлы өнери бар бала екен. Олар дәрьяның бойында жасағанлықтан, тийкарғы күнкөриси балықшылық болыпты. Зымыраған ўақыттың өтиўи менен жалғыз ул үлкейип, көзге көринерлик жигит болып өседи. Бир күни сол жигит дәрьяға қармақ салып отырса, қармағына әжеп бир балық түседи. Балықты тутып турса, ол сөйлеп қоя береди:

— Мени жибер. Саған үлкен дәўлет хәм әўмет келип тур, — дейди.

Жигит балықтың бирден сөйлеп қоя бергенинен албырап қалса да, өзин тез қолға алып, оны қайтадан дәрьяға қойып жибереди. Балық «ығбалың болғай!» дейди де, дәрьяға «шүмп» етип қойып жүзип кетеди. Балықты суўға қойып жибергеннен кейин үйине келип, болған ўақыяны ата-анасына айтып береди. Әкеси болса, түсип турған несибеден айырылып қалған баласына ашыўланып, оны сабап, дүзге қуўып салады. Бала илажсыздан басы аўған жағына қарай жүре берипти.

Ол бир жерлерде кетип баратырса, жол бойы тап өзиндей балаға жолығады. Екеўи аўхал сорасады. Сөйтсе, оны да әкеси қуўып жиберген екен. Екеўи жолдас болып, жолларын даўам еттирипти. Жол-жөнекей олар улан тойдын үстинен шығады. Бул тойда кимдур усы жердеги «Сөйлемес қыз» лақаплы қызды сөйлетсе, оны сол алады екен. Еки жигит қыздың қасына барып жайғасып алып, аннан сөйлейди, мыннан сөйлейди, бирақ қыз дым үндемейди. Сонда балық тутқан жигит қыздан:

— Дүньяда не үлкен? — деп сорайды.

— Аспандағы қарақус үлкен, — дейди қыз.

Қыздың сөйлегенине адамлар гүўа болғаннын кейин, оны сол сөйлеткен жигитке береди. Еки жигит жолда баратырып, «усы қызды сен ал, сен ал» деп бир-бирине мирәт салады. Лекин, екеўи де өз айтқанында турып алады. Балық услаған жигит:

— Онда, жатқарып қойып шаўып, биреўимиз бас жағын, екиншимиз аяқ тусын алайық, — дейди хәм оған екеўи де келисип, оны енди шабажақ болып атырғанда, қыздың мурнынан бир жиңишке жезбаўыр жылан шыйратылып шығып, жерге томп етип түсип қалады. Қызды сөйлетпейтуғын да усы жылан екен. Қыз сол себепли «Сөйлемес қыз» аталған екен. Жигитлер буған таңланысады, ал қыз кеңсиригин қысқан жыланның түскенлигине өлердей қуўанады.

Енди олар қызды ким алыў жөнинде қайтадан ойласады. Балық тутқан жигиттиң жолдасы болса әўелден-ақ қызды сөйлеткени, хийле ислетип, оның мурнындағы жезбаўыр жыланды түсиргени ушын қызды өз шеригине ылайық көреди хәм сөзин өткереди. Қыздын өзи де бул шешимге ыразы болады хәм танаўын жегидей жеп баратырған жыланнан қутылып, ғайыптан тайып келген балықшы жигитке турмысқа шығады. Қыз да он бармағынан өнер тамған шебер екен. Олар бир-бирине мүнәсип болып, мурады мақсетине жетипти.

## БАЛА МЕНЕН ДИЙЎАНА
(Р-565, № 176508)

Бурынғы өткен заманда бир дийўана болыпты. Ол үйме-үй кирип, хақлап жүреди екен. Бир үйден өтип, келеси бир үйге барса, ол үйдиң хаялы шығып:

— Жасым қырыққа келип қалды, еле қурсақ көтермедим, онын себеби не? — деп сорайды дийўанадан.

— Хәмилели бола алмай жүргениңди мен бурыннан билемен. Бул жерден алыс бир журтта атайы бағман адам бар. Соның бағында өзгеше қызыл алма бар. Егер соны жесеңиз, сиз хәмилели де боласыз, аман-есен бала да туўасыз, — дейди дийўана.

— Оны маған ким әкелип берер екен? — дейди хаял.

— Оны әкелиўге болады, бирақ бир шәрти бар. Сол туўған балаңызды үлкейгенде маған беретуғын болсаңыз, мен-ақ әкелип беремен алманы, — дейди дийўана.

— Онда келистик, лекин буны күйеўиме билдирмей-ақ қойыңыз, — деп, бийке дийўананың усынысына қайыл болады.

Бирқанша күнлерден кейин дийўана көзди қызықтыратуғын қып-қызыл алманы алып келип, бийкеге береди. Хаял алманы жейди. Күн өтеди, ай өтеди, ол хәмилели болады. Мүддетли тоғыз ай, тоғыз күни толып, шекеси торсықтай бир ул баланы дүньяға келтиреди. Анасы бар ықласын баласына берип, перзентин аймалап өсиреди. Бала да он жасына да шығады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Күнлердиң күни болғанда баяғы дийўана ҳаялдың үйине келип, оннан баланы сорайды. Ол илажсыздан ўәдеде турып, манлайына питкен жалғыз баласын дийўананың қолына тапсырып, жылап-еңиреп қала береди. Дийўана баланы изине ертип кете береди. Олар жол жүрип, жол жүрсе де мол жүрип, сол жоллардың ашасына, еки бөлинип кеткен жерине де жетти.

Әне, жолға жеткенде:

— Сен мына жолдан кет, мен мына жолдан кетемен, — дейди дийўана балаға.

Дийўана бир жолдан кетеди, бала да екинши жолға түсе берди. Жолда кетип баратырса, алдынан бир қуў гелле думалап өте берди де:

— Я, Алла! Я, Алла! — деп саза берди.

Бала бул сазаның думалап баратырған қуў бастан шыққанын аңлап, геллени таяғы менен түртип жиберди. Қуў бас екиге айырылып:

— Сен де мендей болғайсаң, — дейди.

— Мен неге сендей боламан? — деп саўал берди бала.

Сонда қуў гелле:

— Мен де сендей биреўдиң әнейдей баласы едим. Мени де сени алып баратырған дийўана ертип кетип, усы жолға келген жерде: «Сен мына жолдан жүр, мен мына жолдан жүремен» деди. Мен ол айтқан жол менен жүрип кете бердим, бир жерлерге келгенде, еки айры жол биригип, бир жол болды. Жолдың қосылған жеринде жолбарыс түсине кирип, усы дийўана отырған екен. Оннан сен қорықпа. Жолбарыс кебине кирип отырған диўана және адам қәлпине енип, сени изине ертип кетеди. Ары бара берсең, бир шүлен қазан толы гөш қайнап тур.

— Бала, сен мына қазанның ернегинен жүр, — дейди саған дийўана.

Сонда сен қазанға миниўши болма. Дийўанаға «өзиң минип көрсет» деп айт. Ол өзи қазанның ернегине миниўден, қазанның қулағынан услап қатты айландырып жибергейсең, сонда дийўана қазанға түсер, түсер де исип-писип өлер, — дейди қуў гелле.

Бала жолында гезлескен бул қуўбасқа миннетдаршылық билдирип, ары қарай жолын даўам еттиреди. Жол үлкен бир жолға қосылған жерде, шынында да жолбарыстың отырғанын көреди. Бала қорықпастан жолбарысқа жақынлап бара береди. Бир пайыт жолбарыс баяғы дийўана қәлпине келип, баланы жетелеўи менен жолға түсе береди. Олар бираз жол жүргеннен кейин тоғай ишиндеги кең алапқа шығады. Ол жерде қайнап турған, ишинде гөши толы қазанды көреди.

— Ал... шырағым, сен мына қазанның ернегине минип, адымлап жүр, — дейди дийўана балаға.

— Алды менен сиз өзиңиз көрсетиңизши, мен бундай қазанның ернегине минип көрмегенмен. Сизден кейин тап көрсеткениңиздей етип минейин, — дейди бала.

Дийўана буған қайыл болады да, қазанның ернегине минеди. Сол ўақытта бала қазанның ернегинен услап турған ҳалда бар пәрманы менен оны айландырып келип жибереди. Қазан оққыстан айланып кеткенде, аяғы тайып кеткен дийўана оны ишине түсип кетеди ҳәм демниң арасында исип-писип жан тәслим етеди. Дийўананың анық өлгенин өз көзи менен көрген бала келген жолы менен изине қарай қайта береди.

Бала үйине аман-саў қайтып келеди. Келсе, анасының етеги жасқа толып, зар әйлеп отырған екен. Анасы жатырынан шыққан жалғызын айланып-толғанып, әбден маўқын басқаннан кейин бала дийўананың ислеген қылықларын апасына айтып береди. Усы ўақыядан кейин бул аўыл дийўананың жәбиринен пүткиллей қутылыпты ҳәм парахат турмыста жасай баслапты.

## ЖИГИТ ҲӘМ КӨКҚУС

(Р-89. № 37578)

Бурынғы өткен заманда бир жигит шикарға шығып, қус салып жүрсе, таска қонып отырған бир көк қусты көрипти. Қустың қапталына барса, ушпапты. Бул не қылған қус деп услап алып қараса, қанат, қуйрығы жулынып, журдай болып қалған екен. Жигит оған рехими келип оны үйине алып келип, атасына көрсетипти. Атасы қусқа қарап отырып:

— Балам, бул қусты он бес күн бақ. Оннан соң ушырып жибер, — депти.

Жигит атасының айтқанын ислеп, қусты он бес күн бағыпты. Қусқа жаңадан қанат, қуйрық шығыпты. Тәўир болғаннан кейин жигит оны далаға алып шығып:

— Қәлеген жағыңа ушып кете бер, — депти.

Сонда көк қусқа тил питип:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Басыңа қыйыншылық түссе, мени таўып ал, мен анаў таўдың арқасында жасайман, — деп ушып кетипти.

Арадан жыллар өтипти. Бул арада жигиттиң ата-анасы, бала-шағасы да аўыр кеселликтен өлип, иси кери кетипти. Ең ақырында ҳәмме нәрсесинен айрылып, қара басы қалыпты. Сонда ол баяғы көк қусты еслепти. Солай етип ол көк қусты излеп жолға раўана болыпты.

Жигит көз ушындағы таўға қарай бир ай жол басыпты. Бир жерлерге барғанда алдынан бир адам шығады. Ол жигиттен:

— Қайда баратырсаң, жолаўшы? — деп сорапты.

— Көк қус деген достым бар еди. Соның үйин излеп баратырман. Билсең, маған жол силте, — депти жигит.

— Егер сыр болмаса, айт! Оны неге излеп баратырсаң? — депти жаңағы адам жигитке.

— Ата-анамнан, бала-шағамнан, дүнья-малдан айрылып, жалғыз қалдым. Достымнан көмек сорайын деп баратырман, — депти жигит.

Бийтаныс адам оған жол силтеп болып:

— Оның кишкене көк сандығы бар, оны үлкен бир сандыққа салып қойыпты, соны сора. Соны алсаң, бай да, бахытлы да боласаң, — депти де, өз жөнине кетипти.

— Жигит ертеңине көк қус достының үйине келди. Көк қус излеп келген достын жақсылап сыйлайды, кийиндирип, қарнын түрли тағамлар менен тойдырады. Бир неше күннен кейин ол қайтатуғын болады.

— Алыс жерден ҳарып-талып келе қалған екенсең, не тилегиң бар достым? — депти көк қус достына.

— Мал да, яр да сорамайман, тек ғана сандығыңның ишиндеги кишкене көк сандығыңды сорайман, — депти жигит.

— Мениң көк сандығымның барын қайдан билдиң, биреў айтты ма? — деп сорапты оннан көк қус.

— Жоқ, хешким айтқан жоқ, өзим билдим, — деп жуўап қайтарыпты жигит.

— Қыймас достым едиң, саған көк сандығымды берейин, бирақ сандықты үйиңе бармай ашпа, — деп сандығын береди.

Бир неше күн жол жүргеннен кейин, жигит сабыры шыдамай сандықты ашқан екен, ишинен пыр-р етип еки кептер ушып кеттпти. Ол кептердиң изинен қуўып, биреўин енди усладым дегенде бир көкжал, тарлан бөри пайда болып, кептерди қақшып алыпты.

— Бул кептерди қыймас достым берип еди, оны маған қайтарып бериң, — деп жалыныпты жигит бөриге.

Сонда бөри оған:

— Мейли, кептериңди жемеймен, бирақ бир жыл өткеннен кейин оның орнына өзиңди жеймен, соған ыразысаң ба? — депти бөри.

— Мейли, мен ыразыман, тек достымның кептерин қайтарып берсең болды,—депти.

— Яқшы ўәдеңде тур,—деп бөри кептерди берип, жөнине кетипти.

Ол кептерди сандыққа салып алып, бир неше күн жол жүрип, ҳарып-талып үйине келипти. Сандықты әсте ашыпты. Еки кептери еки жаққа ушып шаңараққа қонған екен, үйдиң ортасына қырмандай алтын теңге төгилипти.

Сол-сол екен, соннан баслап жаңағы жигит жүдә бай адамға айланыпты.

Күнлерден күн өтип, баяғы бөриниң келип оны жейтуғын ўақты жетипти. Ол «Бүгин бөри келип мени жейди ғой» деп оны күтип жатырса, бир нәрсе келип оны қулағынан көтерип, аспанға алып ушыпты. Бир ўақытта тарс етип атылған мылтықтың даўысы еситилипти. Жигит бәлентликтен жалп етип қулапты.

Бир ўақытта ол есин жыйып, өзине келип қараса, қасында баяғы көк қус отыр екен.

— Достым бола турып, мени неге бунша қорқыттың? — депти жигит көк қусқа.

— Як, қорқпа достым! Сени жейтуғын көкжал бөри мениң ағам еди, ол баяғыда мениң қанат-қуйрығымды жулып, өлсин деп, елсиз дүзге таслап кетип еди. Ол ағам болса да маған қас душпан болды. Сен мени таўып алып он бес күн бағып кәмалға келтирдиң, қанат-қуйрығымды емлédиң, дослық еттиң, мен де саған дослық етип, сандығымды бердим. Бирақ әзәзүл ағам саған жаманлық ететуғынын билдим. Сендей достым ушын ағамды өлтирдим, — депти көк қус.

Сонда жигит оған:

— Дослығыңа ырзаман, — депти.

Соннан баслап олардың арасындағы дослық және де беккемленипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## НАНБАЙДЫҢ БАЛАСЫ
(Р-80. № 85391)

Бунығы өткен заманда бир нанбай болыпты. Оның қызы да, улы да болмапты. Тек кемпири менен екеўғанасы жасайды екен. Бир күни нанбайдың үйине бир жас бала келип:

— Ата мениң ҳешкимим жоқ, улсызға ул, қызсызға қыз боламан, — дейди.

Перзентсизлик дағы басына тийген ғарры:

— Балам, бизиң қызымыз да, улымыз да жоқ. Бизге бала болағой, — дейди.

Бала нанбайдың үйинде бола береди. Бала келместен бурын зорға күнин көрип отырған нанбай, бала келиўи менен бири еки болып, күн көриси жақсыланады. Бала да ержетип жигит болады.

Бир күни ғарры:

— Балам, дүнья болса бар! Саған бир қыз алып, бизлер де келинли болсақ қалай болар екен? — депти.

— Мейли, өзлериңиз билесиз, — депти бала.

— Кимниң қызын аламыз? — дейди баласына ырза болған ғарры.

— Әперсеңиз, маған ханның қызын алып бериң, басқа қыз керек емес, — дейди бала бир ўақта.

— Ҳаў! Балам-аў! — депти ғарры ҳайран қалып, — биздей қарапайымға хан қызын бере ме? Буннан басқа бир қызды айт, — дейди.

Бирақ бала сол баяғы айтқан сөзинде қатты турып алады. Оның айтқанынан қайтпайтуғынын сезген ғарры илажсыз қайыл болады.

— Балам, оны қалай айттырамыз? — дейди сарайға барарда.

— Сиз хәр күни ерте барып ханның есигиниң алдын сыпырып қайта бериң. Оннан соң өзлери хабарласар, — дейди.

Ғарры баланың айтқанын қылып, ешегине минип, қоржынын ешегине бөктерип, ерте менен ханның есигиниң алдын сыпырып қайтып келеди.

Азанда ханның ўәзирлери оған бул ўақыяны жеткереди. Хан хызметкерлерине аңлыўға буйрық береди.

Азанда және ғарры күндеги әдети бойынша ханның есигин сыпырыўға барғанда хызметкерлер оны тутып алып, ханның алдына апарады. Хан ғаррыдан не ушын сарайдың алдын сыпырып жүргенин сорайды.

— Жалғыз балам бар еди, соған қызыңды сорайын деп едим, — депти.

Буны еситкен хан ғәзепленип, жәллатларына ғаррыны өлимши етип сабаўды буйырады. Олар ғаррыны өлтире урады. Ғарры сүйретилип, үйине зорға келеди. Ертеңине бала ғаррыны және сарайға жибереди.

Азанда ғарры сарайдың есигиниң алдын және сыпырып атырғанда ўәзирлер тутып алып, ханның алдына алып барады. Хан, ғаррыны пуштарлап, қоржынына тығып жибериўге буйырады. Хызметкерлер ғаррыны пуштарлап, бөлекленген мүшелерин қоржынға тығып жибереди.

Бала ғаррының келиўин асығыслық пенен күтип, кемпирге:

— Апа, қарап жибер, атам киятыр ма екен? — дейди.

Кемпир далаға шығып қараса, ғарры жоқ, ешектиң үстиндеги коржынның толы киятырғанын көреди. Бала сыртқа шығып, қоржынды ашып караса, атасының бөлекленген мүшелерин көрипти. Сонда бала бөлекленген денеге дем салған екен, ғарры өз қәлпине келип:

— Қатты уйқылап кетиппен-аў, — деп орнынан түргеледи.

Бала ғаррыны ертеңине және жибереди. Бул барғанда ханның хызметкерлери оны шеңгелди үйип, үстине отырғызып, күл етип, бир қысым күлин қоржынға салып жибереди.

Бала қоржындағы бир қысымдай күлди алып, бир дем салады. Ғарры және «Уйықлап кетиппен» деп орнынан турыпты.

Бала сонда да пикиринен қайтпай, ғаррыға жалынып, сарайға және бир рет барып қайтыўды сорайды.

Ғарры және сарайға келип, оның алдын сыпырыпты. Ханның жасаўыллары оны және ханның алдына апарыпты. Хан ўәзирлери менен ойласып, оған орынланыўы қыйын ўазыйпа бериўди ойласыпты. Сөйтип хан ғаррыға:

— Қызымды балаңа алатуғын болсаң, сексен тулпар ат, тоқсан торы ат, еки қос шынар, бир байтерек бересиз, — депти.

Ғарры үйине қайтып келип, ханның айтқанын балаға айтады.

— Ата, сиз қыйналмаң! Барлығын өзим табаман, — дейди де, ғаррыны ертип, шөлге қарай кетеди. Бир жерлерге келгенде бала жыланға айланып, ғаррыға:

— Ата, сен усы жерде тур, алдыңнан бир ат шығар, соны жибермей услап тур, — дейди.

Бир ўақытта, ырасында да, ғаррының алдында бир ат пайда болады. Ғарры оны жибермей услап тура

www.ziyouz.com kutubxonasi

береди. Аттың кейнинен сексен тулпар ат, тоқсан торы ат, еки қос шынар, бир байтерек шығады.

Бала әкеси менен қызды алып қайтыўға сарайға барады. Патша оның жылан екенин билип, қызын бергиси келмейди. Бирақ ўәдесине бола илажсыз, қызды бериўге көнеди.

Жигит әкеси ҳәм ханның қызын алып үйине қайтады. Үйине келгеннен кейин жигит қайтадан адам қәлпине келеди.

Бир күни жигит аңға шықпақшы болып, кетеринде қызға жыланның кебине қатты көз-қулақ болыўды тапсырып кетеди.

Сол күни жигиттиң үйине қыздың жеңгеси қыдырып келипти. Жеңгеси қызға:

— Бийкеш, сениң күйеўиңниң жылан кеби бар екен, соны бир көрсет, — деп коймайды.

Қыз жеңгесиниң ықласын жыға алмай, оны аршадан алып жеңгесиниң қолына услатыпты. Жеңгеси:

— Күйеў балаға усы кептиң не кереги бар? — деп, оны жанып турған ошаққа таслап жибереди.

Сол ўақытта баяғы жигит кептер болып ушып келип, «Енди биз сизге жоқпыз» деп, көзден ғайып болады. Жигитинен айрылған қыз жүдә қапа болып жылайды. Сөйтип әкесине барып күйеўин излейтуғынын айтады. Темирден ҳаса, геўиш соқтырып алып, қәлендер болып излеп кете береди.

Бир неше күн жол жүрип, жолда ушыраған бир адамға басынан өткенин айтып берипти. Сонда жаңағы киси оған:

— Усы жерде бир гөне там бар. Соған күнде бир қус келип:

— Сексен мениң тулпар атым,
Сағағынан жырылды,
Тоқсан мениң торы атым,
Тобығынан жырылды,
Еки байтерек, бир қос шынар,
Шықты мениң жаным-аў, — дейди де ушып кетеди. Онда, излегениң сол шығар, қызым, — депти.

— Мен оны қалай қолға түсиремен? — дейди қыз.

— Ертең кешки ўақытта ол қус келер, сен сол гөне тамның ишине кирип, қолыңа бир кесе пал алып, жасырынып жат, күндеги айтатуғын қосығын айтып болған ўақытта қолыңдағы палды серпип жибер, «зәҳәрди пал алады» деген, балам, ол кәҳәринен қайтып, сениң менен қосылар, — депти.

Қыз оның айтқан гөне тамын таўып алып, қыз қолына бир кесе пал алып жата береди. Бир ўақытта бир қус келип:

— Сексен мениң тулпар атым,
Сағағынан жырылды,
Тоқсан мениң торы атым,
Тобығынан жырылды,
Еки байтерек, бир қос шынар,
Шықты мениң жаным-аў, —
дей бергенде, қыз палды серпип жибереди. Сол ўақытта қус баяғы жигитке айланып қызға:

— Еле мени излеп жүрмедиң? — депти.

Сөйтип екеўи қосылып елине келеди. Келсе, баяғы хан атасы қызы менен күйеў баласын излеп кететуғын болып, ойға шүмип, ҳасасына сүйенген екен, ҳасасы жаўырнынан өтип, терек болып көгерип кетипти. Балаларының қайтып келгенин көрип, қуўанып өз қәддине келип, тахтын жигитке берипти. Олар үлкен той берип, ҳәммеси мурат-мақсетине жетипти.

## АҚҚУС

(Р-80. № 85391)

Бурында бир адамның үш қызы, бир баласы болыпты. Әкеси өлер алдында баласын шақырып алып:

— Балам, мен болсам қартайдым, қалған дүнья-малды жумсарсаң. Ал мынаў үш апаңның үлкенин жолбарыс сорап келер, ортаншысын сағал, ең кишисин қус сорап келер. Сен оларға бер де жибере бер, — деп, көп узамай дүньядан өтипти.

Бала әкеси өлгеннен кейин апаларын әкесиниң айтқанларына берип жибереди де, өзи әкесинен қалған дүнья-малын сатып жеп жата береди.

Бир күнлери бала адамлардан Күнбийке деген қыздың дәрегин еситип, оған ашық болады. Сөйтип оны алыў ушын жезделерин излейди. Бир неше күн жол жүрип, үлкен апасын алған жолбарыс жездесиниң үйин таўып алады. Апасы менен жылап көрисип, аманлық-есенлик сорасып болғаннан кейин:

— Жездем қайда кетти? — дейди апасына.

— Жездең көлге кетип еди, келип қалатуғын ўақты болды, — дейди апасы.

Бир ўақытлары жолбарыс жездеси келеди. Аман-есенлик сорасып, баланы үш күн қонақ қылып

www.ziyouz.com kutubxonasi

күтеди. Үш күннен кейин балаға:

— Ал, енди жол болсын! — дейди.

— Күншығыста Күнбийке деген қыз бар, маған соның жолын силтесең, — дейди бала.

— Мен ондай қызды еситпедим, мынаякта сағал жездең бар, бир билсе, сол билер, — дейди жолбарыс жездеси.

— Онда мени сол жездемниң үйине алып бар, — дейди бала.

Бала апасы менен хошласып баратырғанда апасы:

— Мына дуздың керек жери болып қалар, — деп, баланың қалтасына бир уўыс дуз салып жибереди.

Бала Жолбарыс жездесиниң изине ерип, сағал жездесиниң үйине барады. Ортаншы апасы менен көрисип, саў-саламатлық сорасаман дегенше тили салақлап сағал жездеси де келеди. Сағал жездесиниң үйинде үш күн қонақ болғаннан кейин:

— Жол болсын! — дейди балаға жездеси.

— Күншығыста Күнбийке сулыў деген қыз бар, мени сол қызға алып барасаң, — дейди бала.

— Мен ондай қызды көрмек түўе, еситкеним де жоқ. Мына жақта Аққус деген жездең бар. Бир билсе, сол билер. Оның бармайтуғын жери, баспайтуғын төбеси жоқ, — дейди сағал.

Бала ортаншы апасы менен хошласып кетип баратырғанда, апасы:

— Мына тарақтың керек жери болып қалар, қалтаңа салып кет, — деп тарақ береди.

Бала жолбарыс жездеси менен сағал жездесин алдына салып, Аққус жездесиниң үйинде үш күн конақ болады. Үш күн өтип, төртинши күни азанда Аққус жездеси баладан жол болсын сорайды.

— Мен Күншығыста Күнбийке сулыўға ашық болып излеп шыққаныма бир талай күн болды. Сол қыздың дерегин жолбарыс, сағал жезделеримнен сорасам, «Бизлер билмеймиз, бир билсе Аққус жездең билер» деп, сизге алып келди. Меннен жол болсын сорасаң усы еди, — дейди бала.

— Жезделериңниң айтқаны ырас, ол қыздың қай жерде туратуғынлығын билемен, бирақ баратуғын жеримиз алыс, қәўипли жерлери де көп. Не де болса, сениң ықласың ушын апарсам апарайын, — деп, жолбарыс пенен сағалға жуўап берип үйлерине қайтарады. Әжапасы керек болар деп инисине айна берип жибереди.

Аққус баланы арқасына миндирип атырып:

— Сен мениң арқама минесең. Мен сени алып ушаман. Жолда от теңизи, суў теңизи деген қәўипли жерлер бар, усы жерлерге барғанда көзиңди жум дермен. Еки көзиңди тастай жумғайсаң. Аш деген ўақтымда ашқайсаң. Оның бержағында ашып қойсаң, сен де, мен де өлемиз, — деп, баланы арқасына мингизип, Аққус Күнбийке сулыўдың елине жол тартады.

Көзиң жақсылық көрсин, Аққус баланы алып ушып, бир ўақытлары от таўына жақынлайды. Балаға:

— Көзиңди жум, — дейди.

Бала еки көзин жумып кете береди. «Бул жерде не нәрсе бар екен, көзимди ашқанда не қылар екен» деп ойлап, көзин ашып жибергени сол, жанып турған от Аққустың қанатын шарпып өтеди. Ақ қус «Жум көзиңди!» деп, пәт пенен жоқарыға шығып аман қалады. Сол ушыў менен суў теңизине жақынлайды. Аққус балаға:

— Биз енди суў теңизи деген жерге келдик, көзиңди ашыўшы болма, — деп ескертип қояды.

Суў теңизиниң үстинде кетип баратырып бала, «Бул жерде не бар екен» деп, және көзин ашып жибереди. Сол ўақтта Аққус көк толқынның астына кирип кетип, өзиниң қарыўлылығы менен суўдан жулқынып шығып, үлкен бир байтеректиң басына барып қонады. Байтерек Аққусты көтере алмай, үш сапар ийилип, үш сапар тикленеди.

Аққус баланы арқасынан түсирип:

— Анаў бийик ақтаўдың етегинде жалғыз үй бар. Бизиң излеп киятырған Күнбийке сулыўымыз жалғыз өзи сол үйде ақ пешехананың ишинде отыр. Күнбийке сулыўдың есигинде қызды бағып атырған бир дәў бар. Дәўдиң хәр көзи бизиң қазандай. Сол дәў қызға келген адамларды өлтирип, сүйегин жыйнап қояды. Көз ушында көринген таў — сол адамлардың сүйеги. Егер керек болсам, «Аққус қайдасаң» десең, тайын боламан. Бар жолың болсын, — деп, баланы қызға жибереди де, өзи ушып кетеди.

Бала қыздың жатқан үйине барып, қыз отырған пешеханаға кирип барады. Қыз да усы баланы нешше жыллардан бери күтип отырады екен. Қыз да жигитке сыртынан ғайбана ашық екен. Ол балаға:

— Бул жерде көп турсаң болмайды. Мына жатырған — мени бағып атырған дәў. Ертең уйқыдан оянатуғын күни. Сол ушын хәзирден баслап кетейик, — дейди.

Бала қызды ертип, екеўи кете береди. Бир жерлерге келгенде артына қараса, көзиң жақсылық көрсин, бир қара дүбелей киятырғанын көреди.

— Бул киятырған дәўдиң даўылы, бизлердиң кеткенимизди билип, қуўып киятырғаны, — дейди қыз.

Сол ўақыттта бала баяғы үлкен апасының берген бир уўыс дузын шашып жибереди. Дуз үлкен таўға айланады. Бала менен қыз арқасына қарамай кете береди. Бир ўақытлары дәў үсти-басы алба-

www.ziyouz.com kutubxonasi

дулба, қанамаған жери жоқ, булардың кейнинен және жетеди. Бала ортаншы апасының берген тарағын ылақтырып жибереди. Тарақ дүт тоғай болып тура қалады. Дәў тоғайдан өтемен дегенше булар бираз жерге кетип қалады. Бир ўақытлары дәў булардың кейнинен тағы жетеди. Бала киши апасының берген айнасын таслайды. Сол ўақытта тум-тусы шексиз теңизге айланады. Дәў теңизге кетип жоқ болады.

Бала ҳаялы менен бирге, буйырған жер усы шығар деп, дем алып жата береди. Бир күни жигиттиң ҳаялы дәрьяға шашын жуўып отырғанда бир неше шашы суўға ығып кетеди.

Дәрьяның аяғында бир патшалық бар екен. Бир күни патшаның баласы суўға шомылыўға барса, дәрьяның ишинде күнге шағылысып ығып киятырған бир нәрсени көреди. Алып қараса, алтын шаш. Патшаның баласы сол алтын шаштың ийесине ашық болып, сол күннен баслап төсек тартып жатып алады. Патша баласы аўырғаннан кейин жәҳән жерден палкер, қоррандоз алып қаратады, ҳеш ем таба алмайды. Патшаның баласының кеселинен ўәзирдиң баласының хабары бар екен. Бир күни ўәзирдиң баласы патшаға келип:

— Сизиң балаңыздың ҳеш қандай кесели жоқ, балаңыз ашықлық кеселине шатылған. Жақында дәрьядан ығып киятырған бир қыздың алтын шашын көрип, соған ашық болды, — дейди.

Патша бул хабарды еситкеннен кейин: «Кимде-ким сол қызды мениң балама әкелип берсе, бир ләген алтын беремен» деп жар урдырады. Сол елде бир мәстан кемпир бар екен. Кемпирдиң буннан хабары бар екен. Ол патшаның жарлығын еситип, оның алдына келип:

— Балаңның ашық болған қызын мен алып келсем, не бересең? — дейди.

— Бир ләген алтын беремен, — дейди патша.

— Сизиң бир ләген алтыныңыз мениң насыбай пулыма де жетпейди, — депти кемпир.

— Еки ләген алтын ал, — дейди патша.

— Жоқ, ол да азлық етеди, — дейди кемпир.

— Онда үш ләген алтын беремен, — дейди патша.

— Олай болса, барсам барайын. Енди маған арнап бир қайық соқтыр, қасыма қарыўлы бес жигит бер. Ары кеткенде жигирма күнниң ишинде алып келемиз. Сиз оған шекем тойға таярлана бериңиз, — депти.

Патша қайығы менен бес жигитти тайын етеди. Мәстан кемпир алтын шашлы қыздың үйи қайдасаң деп жолға раўана болады. Кемпир сол кетистен бир қонып, жигиттиң үйиниң үстинен шығады. Қайығын бир жерге жасырып байлайды да, алып шыққан жаман ылашығын бир ашықлыққа тигип отыра береди.

Бир күни жигит аң аўлап киятырып мәстан кемпирдиң ылашығының үстинен шығады. Бул не қылған үй екен, барып хабар алайын деп, кирип барса, бир кемпир жигитти көре сала жылап қоя береди.

— Мен бир мүсәпир кемпирмен, жақында елди қалмақ шаўып, барлық ел-халқымды бенде қылып алып кетти. Мен усы жерде көшке ере алмай қалып қойдым, — деп жылай береди.

— Сен жылама, мен де жалғыз үймен. Үйимде жалғыз ҳаялым бар. Бул жерде жалғыз өзиң отырғанша, биз бенен бирге бола бер, — деп, жигит кемпирди үйине көширип әкеледи.

«Батыр аңқаў, ер гөдек» дегендей, жигит кемпирдиң сөзине инанған менен, ҳаялы кемпирди жақтырмайды.

Бир күни жигит басы аўырып үйинде жатып қалады. Кемпир қыйналған адам қусап, биресе ол жағына шығып, биресе бул жағына шығып, қалай өлтириўдиң есабын таба алмай, тыным таппайды. Ол жигитке:

— Терлесең тәўир боласаң, саған өз қолымнан гүриш гөже писирип берейин, — деп, гүриш гөже писирип, жигиттиң ишетуғын табағына уў салып береди. Жигит гүриш гөжени ишиўден төсегине кирип жатып қалады.

— Енди терлесе, тәўир болады, — деп, үстине еки көрпени таслап, қызға:

— Келин, сен балам уйқылап турғанша суўға барып кел, — деп, ҳаялын суўға жибереди де, өзи үйдеги бар мүлкти түйистирип қояды.

Ҳаял қайтып келсе, күйеўи өлип атыр. Үйдеги бар нәрсе жыйнастырылған. Сонда мәстан кемпир оған:

— Келин, қапа болма, тәғдир иси болып, күйеўиң өлди. Енди бул жерде бир өзиң отырғанша, бизиң елге барып отыра ғой, — деп, баяғы бес жигитке хабар берипти. Олар ҳаялды патшаға апарып береди.

Патша келинине той берсин, ендиги сөзди ақ қустан еситиң.

Аққус қәйнисинен хабар болмағаннан кейин ел аралап ушып жүрсе, бир елде той болып атырғанының үстинен шығады. Бул не той екен деп барса, үйдиң ишинде баяғы өзиниң қәйнисине алып берген қызы отыр. Аққус бир дуўаны оқып жиберип, билдирмей қыздың қапталына барып:

— Ҳаў, сен не қылып отырсаң? — деп сорайды.

Қыз басынан өткенлериниң бәрин айтып береди.

— Ондай болса, сен былай қыл. Ертең кеште сен бир әмеллеп сыртқа шық, — депти.

Ертеңине кеште қыз қасындағыларға: «Мен далаға самаллап келиўге шығаман» деп сыртқа шығады да, оны күтип турған Аққустың арқасына минеди. Аққус оны жигиттиң қалған жерине алып келеди. Ол бир дуўаны оқып жиберип, жигитти тирилтеди. Жигит орнынан турса, қасында Аққус жездеси

www.ziyouz.com kutubxonasi

менен ҳаялы отыр. Ҳаялы болған истиң ҳәммесин айтып береди.

— Бул жерден кетпесеңиз, және бир кәўипке ушырап каларсызлар, — деп, Аққус екеўин арқасына мингизип алып үйине келеди. Киши апасының үйинде жети күн болып, ортаншы апасынын үйине барады. Бул үйде бир ҳәпте болып, үлкен апасынын үйине барады. Бунда да төрт-бес күн болып, үш апасынан алған көрпе-төсек, мал-дүньялары менен өзинин елине барып, өз жайына ийелик етип, мақсетине жетеди.

## ЖЕҢИСКЕ ЕРИСКЕН ЖИГИТ

(Р-98, № 76)

Бурынғы өткен заманда Әмиўдәрья бойында дийқаншылық пенен шуғылланатуғын бир адам жасаған екен. Оның ҳаялы менен бир баласы болыпты.

Бир күнлери оның өзи де, хаялы да қайтыс болып, баласы жетим қалыпты. Баланын турмысы қыйынласып, ол енди ел қыдырып, жумыс ислеўге мажбүр болыпты.

Солай етип, жетим бала ел аралап кетипти. Ол бир қалаға келгенде алдынан бир жөҳит шығып, балаға бир күнлик жумысы бар екенлигин, усы жумыс ушын оны қырық күн бағып және мың тилла беретуғынлығын айтыпты. Бала қатты қуўанып ыразы болып, жөҳиттиң изине ерип кетипти.

Олар жол жүрип үлкен бир үңгирдиң алдында тоқтапты. Ишине кирсе, ишинде жәннеттегидей ҳәўизли ҳәрем бар екен. Ҳәўиздиң бойында перидей қызлар ойнап, күлип отырған қусайды. Бала төрде үңгирдиң ишине жақтылық берип турған гәўҳар тасты көрип, ҳайран қалыпты.

Жөҳит ҳаялына келген балаға тағам таярлаўды буйырыпты. Ҳаял балаға ҳәр түрли жемислерден салып палаў писирип берипти. Бала өмиринде бундай тағамды жеп көрмеген екен. Ақырында бала тамаққа тойып уйқыға кетипти. Ол уйқылап атырып түс көрди. Түсинде әкеси оған:

— Балам, жақында бул қыйыншылықлардан қутыласаң. Сени әкелген жөҳит сени қырық күнге шекем мийман етип, иззетке бөлейди. Қырық күннен кейин қасыңа бир ғашыр берип жетеклетип бир үлкен таўдың етегине апарады. Сол ғашырды өзиңе сойдырып, терисин сыпырып алғызып, тулып тиктирип, сени сол тулыпқа киргизеди. Сен кирип жатырған тулыпты бир үлкен Қарақус таўдың басына көтерип ушады. Таўдың басына шыққаннан кейин Қарақус тулыптың ишинде адам бар екенин билип, кетип қалады. Қолыңдағы пышақ пенен тулыпты жыртып шығып, жерде қалған жөҳиттиң буйрығын орынларсаң, — дегенде бала уйқыдан оянып кетипти.

Әкесиниң түсинде айтқанындай, жөҳит баланың хызметине қырық қызды қойып, қырық күн мийман қылыпты. Қырық биринши күни ол балаға бир ғашырды жетелетип жолға түсипти. Олар бийик бир таўдың етегине келип тоқтапты. Жөҳит балаға ғашырды сойып, терисинен тулып тигиўди буйырыпты. Кейин оған сол тулыпқа кириўди буйырыпты. Бала тулыпқа кирипти.

Бир ўақытта таўдан бир Қарақус ушып келип, тулыпты көтерип таўдың басына қоныпты. Қарақус тулыптың ишинде тири адам бар екенин билип, оған тиймей ушып кетипти. Бала пышағы менен тулыпты жарып шығып қараса, әтирапы алтын тасларға толы екен. Жерде турған жөҳит оған:

— Сол жердеги алтын тасларды төменге тасла! Кейин сени төмен түсирип аламан, — деп бақырыпты.

Бала дөгеректеги алтынларды төмен қарай таслай берипти. Жөҳит төменде турып алтынларды қапқа салып, баланы төменге түсирип алмай кетип қалыпты.

Бала не қыларын билмей өрден-ыққа жуўырып жүрип, таўдан түсетуғын жол излейди. Төменге қарай жүрип, ақыры бир дәрьяның үстинен шығады. Басқа илаж таба алмай сол дәрьяға түсип ығып кете береди.

Дәрья таўдан түсип үлкен тоғайлыққа қарай бурылады. Ол бир үлкен тамырға асылып, зорға қурғаққа шығады. Тоғайдың иши ҳәр қыйлы мийўе ағашларына толы, тоты, бүлбүл қуслар сайрап, әтирап гүллерге жайнап тур екен. Бала тоғайды тамашалап жүрсе, узақтан оған қарап киятырған адамның сүлдерин көрипти. Сүлдер кем-кем жақынлап келип бир ғаррыға айланыпты. Ғарры баланы көрип:

— Бул жерге адамзат бир неше әсирлерден бери келмеген еди. Сени бул жерге не жетекледи? — депти.

Бала ғаррыға басынан кеширгенлерин баянлап берипти.

— Балам, көп қыйыншылықты көрип, кудай айдап келген бала екенсен. Ҳәзир мениң изиме ер, — деп, баланы өзиниң сарайына баслап келипти. Ғаррының сарайы ҳасыл таслар менен жүдә көркем етип салынған екен. Ол сарайдың дәрўазасын ашып баланы ишке мирәт етип:

— Бул сарайды салдырған адам жер жүзин сорап турған патша еди. Ол мени бәрше қуслардың патшасы етип тайынлап еди. Ол маған қуслардың тилин үйретти. Барлық қус мениң буйрығыма бойсынады. Ҳәзир олардың ҳәммеси узақ сапарға кеткен, жақында қайтып келеди, — депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда бала ғаррыға:

— Мениң сизден тилегим, егер сизиң қусларыңыздың арасында мени арқасында алып ушқандай қус болса, үйиме апарып таслаўға буйрық берсеңиз, — депти.

Сонда ғарры оған:

— Сол қуслар жақында келеди. Сени үйине де қуўыстырады. Ҳәзирше сарайды тамашалап, демиңди ал, — депти.

Бала ғаррының сарайында бир неше күн қалып сарайды тамашалайды. Бир ҳәптеден кейин ғарры баланы шақырып алып:

— Мен қусларды күтип алыўға шығаман. Сен ҳәзирше сарайда қал. Еки күннен кейин қайтып келемен, — деп, баланы сарайда қалдырып кетипти.

Бала иши писип, сарайды айланып жүрип, бурын көрмеген бир қапыны ашып қараса, ишинде периштедей бир қыз отыр екен. Ҳайран болған жигит қыздан:

— Сиз кимсиз? — деп сорапты.

Қыз жигитке:

— Мен бир үлкен мәмлекеттиң патшасының қызы едим. Әкем мени қоңсы патшаның жаўыз баласына бермекши болды. Бундай қанхор жаўызға тийгеннен еркинликти абзал көрип, сарайдан қашып кеттим. Ер адамның кийиминде көп жерлерди аралап, бир қалада бир жөҳитке дус болдым. Ол мениң басыма да сениң күниңди салды. Мен де сендей дәрья менен ағып келип, сени де бул жерге алып келген ғаррыға дус болып, усы жерден баспана таптым, — депти.

Жигит те қызға өзиниң басынан кеширгенлерин айтып берипти. Жигит пенен қыз бир бирин жақтырып қалыпты.

Қыз жигитке усы сарайда бир-еки жыл қалып, ғаррыдан тәлим алып, барлық ҳайўанатлардың тилин үйрениўди мәсләҳәт етипти.

Соның арасында ғарры да сарайға қайтып келип, қыз бенен жигитти бирге көрип:

— Бәрекелла, балаларым! Мен еле сени сынап-минемей турып қыздың дерегин саған айтқан жоқ едим. Мине өзлериңиз-ақ табысып алыпсыз. Жақсылыққа болсын, — депти.

Сода жигит ғаррыға:

— Ата, мен сизиң алдыңызда қалып, өзиңизден тәлим алмақшыман. Маған ҳайўанатлар тилин үйретсеңиз, — депти.

— Мейли, балам, талабың оң болсын! Мен саған бар тәлимимди беремен, — депти.

Жигит сарайда қалып, ғаррыдан дәслеп еки жыл даўамында қуслардың тилин, кейин барлық аңлардың тилин үйренипти.

Бир күни ғарры қыз бенен жигитке олардың енди өз алдына шаңарақ болатуғын ўақыттың жеткенин айтып, сарайда үлкен той өткерипти. Тойға қуслар менен аңлардың бәри жыйналыпты. Ҳәмме жанзатлар жигит пенен қызға тәжим етип сәлем берипти. Ҳәммеден соң жигиттиң алдына баяғы, баланы таўдың басына алып шыққан Қарақус тәжимге келипти. Жигит оны дәрриў танып:

— Сен дүньяны көп гезесең, маған әлемде не болып атырғанынан хабар бер, — депти.

Сонда Қарақус оған:

— Инсанлар дүньясында еки патша келисе алмай атыр. Олардың биреўи екиншисине өзиниң қызын бермекши болған екен. Ал қыз болса оның жаўыз баласын қәлемей, сарайдан қашып кеткен екен. Патша қызын қанша излесе де, таба алмапты. Екинши патша оған: «Сен қызыңды маған бергиң келмей, өзиң жасырып қойыпсаң» деп, сол патшаның журтына урыс жәриялап, ел үлкен бүлгиншиликке ушырап атырған қусайды, — депти.

Бул гәпти еситкен қыз:

— Ўаҳ! Сол патша мениң әкем еди, — деп жылап жиберипти.

Жигит қызды жубатып, ғаррының алдына келип, оған қыздың әкесиниң басына түскен саўданы айтып берипти. Ғарры жигитке:

— Сен маған өз перзентимдей болып қалдың. Инсаннан басқа барлық жанзатларды қараўыңа беремен. Өмирлик жолдасыңның елин жаўдан қутқар, — депти.

Барлық қуслар, ҳайўанлар жигит пенен қыздың изине ерип саўаш майданына атланыпты. Он еки күн жүрип, он үшинши күни қыздың журтына жетип келипти.

Душпан патшаның әскерлери жерден де, көктен де думандай бастырып киятырған бундай ләшкерлерди көрип, қатты қорқысып қалыпты. Еки жақ арасында ғажжа-ғаж саўаш басланыпты. Өмиринде ҳайўанатлар менен урыспаған душпан ләшкери ақыры кейин шегинипти.

Урысты сырттан бақлап, ҳайран болып турған қыздың әкеси, не гәп екенин билип келиў ушын, бир ләшкерин жиберипти. Ләшкер қыз бенен жигиттиң алдына келип, патшасының олар менен көриспекши екенлигин айтыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит қасына қызды алып патшаның алдына барыпты. Патша қызын көрип, төбеси көкке жетипти. Ол күйеў баласын ақ кийизге отырғызып, ақ отаўға алып киргиздирипти. Урыстың кейни үлкен тойға айланыпты. Тойға барлық адамлар, ҳайўанатлар ҳәм қуслар қатнасыпты.

Уллы тойдан кейин патша өз тахтына күйеў баласын отырғызып, оған ақ пәтиясын берипти. Адамлардың айтыўына қарағанда, жигит патшалық еткен ўақытларда халық мүтәжлик, жоқшылық не екенин билмей, бахытлы өмир кеширген екен.

## ЛАШЫН

(Р-71, № 50414)

Бурынғы өткен заманда бир ғарры ҳәм оның жалғыз баласы болған екен. Ғарры бир күнлери арпа егип, баласына қорытады. Баласы қорып жүргенде арпаның ишинде әкесиниң қурып қойған қақпанына Лашын деген қустың түскенин көрипти. Ертеңине пүткил аймаққа баланың Лашынды услағанлығы ҳаққындағы хабар тарқалыпты. Бул хабар сол елдиң патшасының да барып жетеди.

Патша баланы шақыртып алып:

— Сен маған қара үйдиң уўығы болатуғындай сегиз буўат балықтың сүйегин әкелип бересең, әкелмесең, сени өлимге буйыраман, — депти.

Бала жылап-еңиреп, патшаның тапсырмасын излеп кете береди. Алдынан бир үлкен байтерек шығады. Қараса, теректеги уяда үш палапан отыр екен. Олардың биреўи жылап, екиншиси күлимсиреп, үшиншиси шақалақлап күлип отыр. Бала байтеректиң басына қонып жылап отырған палапанға:

— Сен не ушын жылап отырсаң? — деп сорапты.

— Бизлердиң анамыз жылда үш палапан туўады. Оны жылда әйдарҳа жеп қояды. Бүгин мениң гезегим, соған жылап отырман, — депти.

Бала екинши палапанға барып:

— Ал, сен неге күлимсиреп отырсаң? — деп сорайды.

— Мениң гезегим бүгин емес, ертең еди. Соған күлимсиреп отырман, — депти.

Ең кейнинде ол үшинши палапанның қасына барып:

— Сен неге шақалақлап күлип отырсаң? — дейди.

— Әйдарҳаның мени жутыўына еле еки күн бар, соған шақалақлап күлип отырман, — дейди.

Бир ўақытта әйдарҳа келип, биринши палапанды жутып жибереди. Палапан менен бала да әйдарҳаның ишине кетип қалады. Баланың қолында қылышы бар еди. Ол жумалап баратырып қолындағы қылышын әйдарҳаның аўзына кесе тутып жибереди. Қылыш әйдарҳаны еки бөлекке бөледи. Өзи де, палапан да аман қалады. Палапанлар балаға:

— Сен жасырын! Болмаса, бизлердиң анамыз келип, сени жеп қояды, — депти.

Бала жән-жағына қараса, үлкен бир қустың ушып киятырғанлығын көреди. Ол ушып келип, уясына қонып отырып:

— Бул жерде адамзаттың ийиси бар ғой, — депти.

Палапанлар болған ўақыяны анасына айтып берипти. Қус бала менен танысып, екеўи дос тутынады. Ол баладан:

— Сен бул жерге не ушын келдиң? — деп сорайды.

Сонда бала оған басынан өткен ўақыяларды айтып береди. Қус бул сөзди еситип:

— Ҳеш қапа болма! Ҳәзир сен үстиме мин. Көзиңди жум, ашып жүриўши болма, егер ашсаң, екеўимиз де өлемиз, — дейди.

Бала қустың үстине минеди. Олар бираз ушқаннан кейин бала шыдамай көзин ашып жибереди. Қараса, әтирапы қып-қызыл от. Ол қайтадан көзин қатты жумып алады. Бир ўақытта қус төменге түседи. Балаға «Енди көзиңди аш» дейди. Бала көзин ашады. Қараса, таў-таў болып үйилип жатырған балықтың сүйеги бар екен. Соннан сегиз буўат сүйек алады. Усы сүйекти қустың арқасына артып, өзи де минеди. Ол балықтың сүйегин алып, баяғы жумсаған патшасына келеди. Патша баланың сүйекти алып келгенлигине ҳайран қалып:

— Сен тапсырылған исти орынладың. Енди маған мәстан кемпирдиң тисин әкелип бересең. Мен оннан кереге соқтыраман, — депти.

Бала не қыларын билмей жылап, баяғы байтеректиң басындағы қусқа барады. Қус буннан:

— Сен неге келдиң? — деп сорайды.

— Патша маған мәстан кемпирдиң тисин әкелип бериўди буйырды. Оннан кереге соқтырады екен, — депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сен жылама! Бунын да иләжын ислеймиз, — депти қус.

Қус баланы арқасына миндирип алып, ушады. Сол ушыўдан олар бир жерге келип жерге қонады. Бала көзин ашса, жән-жағы қалың тоғайлық екен. Қус балаға:

— Ана жерде мәстан кемпирдиң үйи бар. Сол үйге бар. Барғаннан кейин кемпир тамақ писирип береди. Тамағын же. Кейин жатасаң. Кемпир де жатады. Кемпир жатарда тислерин буўып, шыптаның астына алып қояды. Сен кемпир уйқылаўдан тисти алып қаш. Мен далада күтип тураман. Кел де, мениң үстиме мин. Егер мине алмай қалсаң, екеўимиз де өлип кетемиз, — депти.

Бала қус айтқан үйге барады. Кемпир:

— Кел, балам, аш болып қалған шығарсаң, — деп, тамақ асады.

Бала отырып тамақты жейди. Кеште:

— Балам, шаршаған шығарсаң, жатып дем ала ғой, — деп төсек салып береди. Өзи де жатады. Аңлып, баклап отырған бала кемпир уйқылаўдан шыптаның астын әсте көтерип, буўып қойған кемпирдиң тисин алып қашады. Далада баяғы қус тур екен, қустың арқасына минип алады. Қус алып ушып баяғы байтеректиң қасына келеди. Мәстан кемпирдиң тисин алып, бала патшаға барады. Барса, патша өлген екен. Халық жыйналып үлкен даў шығарып атыр екен. Олар: «Кимде-ким мийнетин көрсе, сол рәҳәтин көреди» деп таласып, бақырып атырғанларының үстинен шығады. Бала барыўдан халық:

— Баланың мийнети көп, усы бала патшаның орнына патша болады, — дейди.

Бала патша болып, мурат-мақсетине жетеди.

## ҮШ АПАЛЫ-СИҢЛИ

(Р-71, № 50414)

Бурынғы өткен заманда, сол заманның қәдиминде, қарақалпақ халқында, ата журты Түркистанда, Саркоп деген қалада бир кемпир менен бир ғарры болыпты. Олардың үш қызы болады.

Елде қытгершилик болып, халық көше баслапты. Ғарры менен кемпир қызларды ата журтқа таслап кетиў нийетинде бир күни қызларға:

— Қызларым, қамыр ийлеп қойып едим. Соны қатырып алайын, сизлер тезек, шөпшек терип келиң, — деп, үшеўин отынға жибереди.

Қызлар отынға кетип баратырып, жолда мол жийдеге дус келеди. Жийдени терип қабына сала береди, сала береди. Қараса, қабы сирә толмайды екен. Бир ўақытта қызлар қабының түбине қараса, түби тесик екен. Қызлар не қыларын билмейди. Бир ўақытта генже қыздың есине тақыясындағы ийне-сабақ түседи. Ол ийне-сабақ пенен тесикти тигеди. Кейин отынды жыйнап үйине қайтып келсе, ата-анасы көшип кетипти.

Қызлар қапа болып жыласып, ата-анасынан қалған нәрселерди жыйнастыра баслапты. Үлкен қыз затлардың арасынан айнасын, ортаншы қыз тарағын, кишкенеси гүлшесин таўып алыпты.

Енди булар үшеўи көштиң изин қуўып кетеди. Жолда бир тәрептен үрген ийттиң даўысы шығады, бир жақтан жылт-жылт етип оттың сәўлеси көринеди. Үшеўи: «Ийт үргенге барайық па, я от жанғанға барайық па» деп кеңеседи.

Кишкентай қыз:

— Ийт бизлерди қаўып алар, от жаққанға барайық, — депти.

Қызлар от жанған жаққа қарай жүрип кетеди. Барса, бир ылашықта қартайған кемпир отыр. Ол буларды көриўден:

— Келиң, қызларым, төрге шығып отырың, — деп орын береди.

Қызлар келип отырады. Кемпирдиң бир ийти бар еди. Қызлар үйге келип отырғаннан кейин кемпир далаға шығып ийтине: «Силкин, Барақ, силкин!» деген екен, ийттен бирталай бийт төгилипти. Кемпир оларды қызларға қуўырып берипти.

Еки үлкен қыз бийтти жемепти. Соның арасында кеш болады. Жатарда кемпир ең үлкен қызға:

— Қызым, сен қайда жатасаң? — деп сорайды.

— Мен бурын бәрҳа үйдиң шаңарағының басында жататуғын едим, — депти.

Ортаншы қыздан сораған екен.

— Мен бәрҳа есикте жататуғын едим, — депти.

Ең кишкене қыз:

— Мен бәрҳа апамның қойнында жататуғын едим, мен енди сениң қойнында жатаман, — депти кемпирге.

Солай етип олар уйқыға кетипти. Түнниң ярымында кемпирдиң қойнында жатқан кишкене қыз

www.ziyouz.com kutubxonasi

шыр етип жылайды. Үлкен қыз қолына пахта менен лампамай алып жатқан еди, пахтаға майды қуйып жағып жибереди. Кемпир қойнындағы кишкене қызды жей алмайды.

Ертеңине азанда кемпир қызларға:

— Қызларым, мен дигирман тартып қайтайын, сизлер үйде отырын. Бирақ анаў турған сандықты ашып жүрмең, — деп тапсырады.

Кемпир дигирман тартыўға кеткеннен кейин қызлар:

— Сандықты ашып көрейик, ишинде не бар екен? — деп қызықсыныпты.

Олар сандықты ашып қараса, ишинде өлген адамның аяқ-қолы, ал және бир мушында бир келиншек жатыр екен. Келиншектиң аяқ-қолы кесип алынған екен. Ол қызларды көриўден:

— Сизлер бул жерге неге келдиңиз? Жаңағы кемпир сизлерди жеп қояды, — депти.

— Бизлер жолда адасып жүрип, мында билмей келип қалдық, — деп жуўап береди.

Келиншек қызларға кемпирдиң оның аяқ-қолын кесип таслағанын айтып, олардың бул жерден тез кетиўин сораныпты.

Қызлар келиншекти де өзлери менен бирге алып, жолға түсипти.

Бираз ўақыттан кейин үйине кемпир келеди. Келсе, қызлар үйде жоқ. Ол қызларды излеп дәрьяға келеди. Қараса, қызлар дәрьяның арғы жағына өтип тур екен. Кемпир қызларға:

— Қызларым, аржаққа қалай өттиңиз? — деп сорайды.

Қызлар:

— Бизлер мойнымызға, шашымызға тас байлап, берги жаққа жүзип өттик, — деп жуўап берипти.

Кемпир қызларға:

— Қызларым, мен суўға бата қойсам, қызыл көбик шығады. Сонда сизлер жасайсызлар. Ақ көбик шықса, тири қалғаныма қуўанын, — деп, тасларды шашына, мойнына байлап суўға секиреди.

Дәрьядан қызыл көбик шығады. Қызлар кемпирдиң суўға батып жоқ болғанын билип, қуўанысып, енди қасындағы келиншекке шыпа излеп, қублаға қарай жүрип кетеди.

## СӘНАЎАР

(Р-456. № 176399)

Бурынғы өткен заманда Шын ўәлаятында Хуршида деген патша жасапты. Халқы абадан турмыста жасапты, өзи ҳадал инсан екен. Бирақ, патшаның перзенти болмайды.

Арадан жыллар өтип, жасы қырыққа келгенде уллы болады. Перзентине халық жыйналып Сәнаўар деп ат қояды. Бала он сегиз жасқа толып, жигит болады. Мектепте оқып, илимнен-билимнен қуры болмайды. Саўатын арттырып барады.

Күнлерден бир күн Сәнаўар қасына қырық жигит алып аңға шығады. Тоғайларды, жайлаўларды аралап, көп жол жүрип шаршап, бир жерде шатыр қурып, уйқылап қалды. Сәнаўар түс көрди. Бир гүлзардың ишинде бир перийзат қыз жүр. Сондай ҳүсни-жамалын көрген ўақтында Сәнаўардиң кеўлинде ашықлық пайда болып, қыздан:

— Атың ким? Елиң қайда? — деп сорады.

Сонда қыз:

— Атым Гүл, перилердиң патшасыман. Елим ҳәм мәканым жоқ, ашық болсаң, жүре бересең, үш жүз жылда жетесең, — деди де, Сәнаўардиң мурнына бир гүл ийискетип кетип қалды.

Сол ўақта Сәнаўар гүл ийиси менен оянды. Қараса, түси екен. Сол жерден үйине қайтты. Бул аўҳалды ата-анасына айтты. Соны излемесе болмайтуғынлығын ескертти. Ата-анасы илажсыз қасына сегиз жүз адам қосып руқсат берди. Сәнаўар атасына қарап:

— Ата, қайда барарымды да билмеймен, — деди.

Атасы бул жолды баслаған да өзи, табатуғын да өзи, деп ойлады.

— Балам, сени қудайдың бир өзине тапсырдым! — деп, патша баласына ҳақ жол тиледи.

Оннан кейин Сәнаўар жүрип кетти. Бир неше күн жол жүрип бир дәрьяға гез келди. Сәнаўар сегиз жүз адамы менен кемеге минди. Ҳәмме Аман атлы ай кемеде жүрди.

Бир күни даўыл болып, сегиз жүз адамы суўға кетип қурбан болды. Сәнаўар бир Шарша деген жолдасы менен саў-саламат дәрьяның арғы жағына өтти. Жолдасы Шарша өтсе де, сол жерде аўырып дүньядан өтти. Әне, Сәнаўар жалғыз бир өзи жолға раўана болды. Бир неше күн жол жүрип бир бағы-бостанға келди. Усы бағда қонды, уйқылап қалды. Түн жарымында оянды, қараса, бағдың ортасында бир дәрья көринеди ҳәм бир үлкен минар бар екен. Бир ўақта дәрьядан бир өгиз гәўҳар тислеп шықты. Сол гәўҳардың жарығы бағды күндизгидей етип жиберди. Сәнаўар қорқып ағаш басына минип кетти. Өгиз

www.ziyouz.com kutubxonasi

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БАЛЫҚШЫНЫҢ ҚЫЗЫ
(Р-456. № 176399)

Бурынғы өткен заманда орта хожалық ийесиниң баласын ер жеткен ўағында ата-анасы шақырып алып:

— Бизлер қартайып киятырмыз. Соның ушын келин түсиргимиз келеди. Сен қыз айттыр, қәлеген қызынды ал, — деп руқсат берди.

Жигит ата-анасына «яқшы» деп, қыз айттырып кетти. Жоқарыны, төменди қоймай аўылларды аралады. Патшаның, ўәзирдиң, молланың, байдың, ийшанның, қулласы, барлығын қалдырмай көрип шықты, ҳеш бири оған унамады, ҳеш жерден өзине ылайық қызды таппай, үш айда үйине қайтып келди.

Сол аўылда бир етикши адам бар еди. Ол бийперзент еди. Күнлерден бир күн ҳаялы балыққа жерик болды. Сол балықты излеп етикши атаўға барды. Атаўда бир балықшы ғарры бар қусайды. Ҳаялы, қызы сол үйде үшеўи жасайды екен. Үйинде күшиги менен пышығы бар екен. Балықшы ғаррының аўына күнде бес шабақ түседи. Соны жеп аўқат етип күн көрип отырады. Сол күни жети балық түсипти. Ғарры бесеўин алып, қалған екеўин суўға салып жибереди. Сөйтип үйине қайтты. Үйине келсе үйинде қонақ бар екен. Ғарры:

— Бағанағы еки балық қонақ ушын екен, мен оны қайта суўға жибердим, — деди.

Сонда қызы:

— Ата, жақсы болыпты, есабы болар, — депти.

Сол күни қонаққа қыз өз пайын берди. Азанда қонақтан жол болсын сорады. Мийман келген жумысын айтты, ғарры көлге кетти. Аўға он балық түсти. Ғарры әкелип қонаққа берди. Қыз жуп болсын деп, өз пайын берди. Әне, қонақ алты балықты алып кетти. Жигит ҳеш жерден қыз таппай, көп жасап отырған бир ғарры бар еди, соннан ақыл сораўға барды. Ғаррыға жигит барған жумысын айтты. Сонда ғарры турып:

— Шырағым, барлық қызды көрипсен, бирақ «жақсы жарлыдан шығады» деген, жарлының қызын көрмепсен, соның қызын да көр, айттырып бар, — деп ақыл берди.

Енди жигит жарлының қызын да көзден өткерди, ҳеш қандай жақпады. Күнлерден бир күн аўылындағы етикшиге аяғындағы етиги тозып барды. Сонда етикши:

— Ҳаў, иним, сен қыз алмадың ғой, бул қалай? — деп сорады.

Сонда жигит:

— Қыз табылмаса, қалай аламан? — деп жуўап берди.

Буны еситкен етикши:

— Жарлы демесең, мен бир қыздың хабарын айтайын. Бир болса, сол болар, — деди.

— Айт, аға, — деди жигит.

— Атаўда бир балықшы ғаррының қызы бар, сол саған болады. Соны көрейик, — деп, екеўи бирге кетти.

Жақынлаған жерде етикши:

— Өзим хабар алып келейин, сен усы жерде тура тур, — деди.

Жигит сол жерде қалды. Етикши балықшының үйине барып келген жумысын айтты. Сонда қыз:

— Ол жигит келмей қайта берсин, — деп, сабақланған ийне берди.

Етикши жигиттиң қасына қайтып келди.

— Қонақ қабыл етпейди, бирақ мынаў сабақлаўлы ийнени берди, — деди.

Буған түсинбей, жигит ашыўланып үйине қайтып келди. Жигит ертеңине баяғы ақыллы ғаррыға келди.

— Сизиң айтыўыңыз бойынша «жақсы жарлыда болады» деп көп изледим. Сөйтип жүргенде бир балықшының қызы үйине қонақ та қылмады, — деди жигит.

— Ең болмаса бир белги бермеди ме? — деди ғарры.

— Бир сабақлаўлы ийне берди, — деди жигит.

— Усы қыз ақыллы қыз екен, өзи жарлы қызы болған соң үстинде кийими жоқ екен, сабақлаўлы ийне бергени сол екен, қондырмағаны да сол, сен усы қыздан айрылма, қызға кийим жибер, соннан соң қонақ алады, — деди ғарры.

Бул сөз мақул болып, сол қызға ылайықлы кийим алып етикшиден жиберди. Етикши усы кийимлерди қызға апарып берди. Сонда қыз етикшиге:

— Енди келе берсин, — деди.

Әне, жигит жасы үлкенлери менен бирге жарлының үйине келди. Жигит қәледи, қыз да жигитти унатты. Қызды айттырды. Сонда қыздың әкеси:

— Маған малы-дүньяның кереги жоқ, қызымның ўақты хош болса болғаны, улым да, қызым да усы, — деди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әне, жигит ғаррыны елге көширип, жай салдырып берди, саўарға сыйыр, минерге ат, төсенерге көрпе-төсек берди. Ал, ҳасыл қызды сол жайдан узатып алды.

Күнлерден күн, айлардан ай өтти. Жигиттиң ата-анасы келинин қызындай етип сақлады.

Бир жақларда жигиттиң қәлемей, оны алмай кеткен бир қыз бар еди. Сол қыз түрин өзгертип, усы жигиттиң ҳаялына хызметкер болып өтти. Арадан неше күн өткеннен кейин жигиттиң алыста жумысы шықты. Соған кеткен күнлерде үйинде жүрген хызметкер қыз жигиттиң ҳаялына:

— Суўға шомылып келейик, — деди.

Келиншек «яқшы» деп, суўға шомылыўға бирге барды. Бул келиншек суўға шомылыўға барғанда жасынан сақлаған кийиги бар еди. Ал, ҳасыл келиншек суўға кетти, анаў хызметкер қыз келиншек кийимин кийип, тап келиншектиң өзи болып үйине қайтып барды. Келиншек болып:

— Хызметкер қыз суўға кетти, — деп айтты.

Кемпир-ғарры қыйналды, қарап көрип, таба алмады. Хызметкер қыздың жоқлаўын арттырды. Сонда ғарры:

— Кийик неге жылап тур? — деди.

— Жаңа аўырып едим, — деп жуўап берди хызметкер қыз келиншектей болып.

Ғаррының келинин танымаўының себеби, бетинде пәренже бар еди.

Күнлерден күн өтип жигит келди. Үйиндеги ҳаялын баяғы ҳаялына усатпады. Жигит ата-анасына:

— Келиниңиз қайда? — деди.

— Үйде, — деди олар.

— Үйдеги келиниң емес, хызметкер қыз ғой?! — деди жигит.

Сонда ғарры:

— Хызметкер қыз суўға кетип өлди, — деди.

— Аға, олай емес, суўға кетип өлген — келиниңиз! — деп, жигит жас кийикти алдына салып суўға кеткен жерине барды. Кийикте тил жоқ, жылап турды. Сол ўақта бир балық суўдан шығып:

— Жақсы жигит, қапа болып жылама, себеби мен суўдың патшасыман, мениң еки балам балық сүўретинде балықшы ғаррының аўына түскен. Мениң балаларымды аяп, қайтып суўға салып жиберди. Ал, сол ғаррының қызы суўға кетти, мен де жақсылық қылайын деп, сол келинди мен де аман сақладым. Солай етип, атасы, балықшы ғарры усы жерге аў салды. Ҳақыйқатында да, аўына қызы түсти. Қызын узын шекпенине орап, маған рақмет айтып алып кетти, тағы да сол келиншек еки қабат екен, шырағым, көп жылама, сол қыздың шыққан жерине, балықшы ғаррыға барағой, — деп ол көзден ғайып болып кетти.

Жигит излеп атасының үйине барды. Барса, келиншеги ул туўып, бесик алдында отыр екен. Амансаў еки жас қосылып, баласы менен ҳаялын үйине әкелип, той-тамаша берди. Баяғы хызметкер қыз өзине тийисли жазасын алды. Солай етип, жигит пенен балықшының қызы мақсет-мурадына жетти.

## ЖАМАНЛЫҚ ПЕНЕН ЖАҚСЫЛЫҚ
(Р-278, № 84306)

Бир күни Жаманлық пенен Жақсылық екеўи жолдас болыпты. Әўеле Жақсылық өзинде бар аўқатты ортаға қойып, оны екеўи бирге жепти. Усылай етип екеўи кетип баратырғанда, Жақсылықтың аўқаты таўсылады. Олар бир жерлерге келгенде екеўи де қатты аш болыпты. Жаманлық қасындағы жолдасын мирәт етпестен, бир өзи жайғасып отырып алып, аўқатланыўға кирисипти. Оның бул исине ҳайран болған Жақсылық:

— Ҳаў, жора! Мен усы ўақытқа шекем барымды сениң менен бөлисип жеп келип едим. Бул не қылғаның? — депти.

Сонда Жаманлық оған:

— Жақсылық жора, сен азығыңды таўыстың, мен аўқатымды хеш ким менен бөлиспеймен, — депти.

Жаманлық қарнын тойдырып, ал Жақсылық аштан-аш жолларын даўам еттирипти. Нешше күннен берли дуз татпаған Жақсылық дińкеси қурып, жүриўге шамасы келмей қалыпты. Сонда Жаманлық оған:

— Маған бир көзиңди ойып берсең, аўқатымнан азғантай беремен, — депти.

«Өлигим қуў далада қалғаннан, бир көзимди бергеним абзал емес пе?» деп ойлаған Жақсылық бир тислем нан ушын көзин Жаманлыққа ойып берипти. Олар екеўи және бир-еки күн жүргеннен кейин Жақсылықтың және диńкеси қурый баслайды. Енди жолды даўам еттире алмайтуғынлығына көзи жетип, Жаманлықтан және азғантай нан сорапты. Жаманлық нанды оның екинши көзине

www.ziyouz.com kutubxonasi

алмастыратуғынын айтыпты. Гөзлеген мәнзилине жетип алыў ушын Жақсылық екинши көзин де Жаманлыққа ойып берипти. Ол еки көзден айырлып, бир әўлийениң қасында қалады. Қармаланып жүрип бир мазарды таўып алып, соны паналап отыра береди. Соның арасында түн болыпты. Жақсылық енди көзи илинейин дегенде, қарсы алдындағы мазардан бир-еки адамның сыбырласып сөйлескен даўысын еситип қалыпты.

— Қәне! Бул әлемде қандай гәплер бар? Солардан әңгимелесип отырайық, — депти даўыслардың бири.

— Усы мазардың қасындағы гүжим теректиң жапырағын алып жеген адам хәмме дәрттен қутылады, — депти олардың бири.

— Ал, усы мазардың күн шығар тәрепине бир гүзе алтын көмилген, — депти екинши даўыс.

— Усы аўылдағы шопанның падасындағы үлкен ала серкениң басын жеген адам патша болады, — депти үшиншиси.

Даўыслар таң атқан соң тыныпты.

Жақсылық қармаланып жүрип гүжим теректи таўып алады да, оның бир жапырағын үзип жеп еди, еки көзи бурынғы ҳалына қайтыпты. Мазардың күн шығар тәрепине көмилген бир гүзе алтынды да таўып алады. Шопанға барып, ала серкени де көп алтын берип сатып алады.

Ол енди кеўлин жәмлеп кетип баратырса, алдынан үлкен бир қала көринеди. Қалаға кирсе, кең бир майданда үлкен аламан жыйналып турған екен. Адамлардан сорастырса, бул елдиң патшасы өлип, халық жаңа патша сайлаў ушын Дәўлет қусын ушырып атыр екен. Бирақ еки күннен бери қус хешкимниң басына қонбай жүр екен. Қус сол күни үшинши мәртебе ушырылғанда, ол туўры келип Жақсылықтың басына қонады. Ол әдил патша болып, елинде абаданшылық орнатыпты.

Баяғы Жаманлық болса, еле хәр кимге жаманлық етиў менен күн көрип жүрген екен. Бир күни ол биреўге жаманлық етип, жаңағы адам оны патшаның алдына сүйреп келипти. Жақсылық оны дәрриў таныып:

— Сен мени таныдың ба? — деп сорапты.

— Мен сени таныып турман, бирақ мен сениң еки көзинди ойып алған едим ғой? — депти.

— Мен, сол еки көзин сен ойып алған Жақсылықпан, — деп, басынан өткен ўақыялардың бәрин оған айтып берипти.

Жаманлық та усындай бахытқа аңсат ерисиўди ойлап, баяғы Жақсылық қалып кеткен әўлийени таўып алып, мазардың қасына барып отырыпты. Ярым түнде ол бир гүбирлини еситипти. Жаманлық қулақ салып турса, олардың биреўи:

— Гүжим теректиң бир жапырағын үзип, бир гүзе алтынды қазып алған, серкени де шопаннан алып кеткен адам бизлерди әзелден аңлып жүрген қусайды, — деп, әўлийени аралап кетипти.

Олар бир мазардың қасында отырған Жаманлықты көрип, оны сол адам деп ойлап, қылыш пенен шаўып таслапты. «Адамларға жаманлық ислеген адам жазасыз қалмайды» деген гәп усыдан қалған екен.

## БИР ПАТША ҚЫЗЫНЫҢ БАЙ БАЛАСЫ МЕНЕН ҚАШЫЎҒА ЎӘДЕСИ

(Р-278. № 84306)

Өткен заманларда бир патшаның қызын бай баласына жасынан атастырып қойған екен. Бай өлип қалып, қалыңмалды бай баласы патшаға таўып бере алмай қалады. Патша қызын бай баласына бермейтуғын болады. Патша қызы ер жетип кеткенликтен, кимге болса да әкесинен қашып турмысқа шығыўды ойлайды. Усылай етип ойлап жүргенде, жасында атастырған бай баласы қызға гезлесип қалады. Қыз:

— Мал бермесең де, мени алып қаш, — дейди. — Кейнин болса, өзим келистиремен, дүнья-малың жоқ болса, атамнан жасырып жүрген көп ақшаларым бар, сол ақшаларды алып жүремен, тек сен баспана тапсаң болады, — деди.

Усылай етип екеўи келисип, қашыўды ойласты. Түн жарпында патша қызы еки ат, азық-аўқат таярлап күтип туратуғын болды. Бай баласы менен патша қызы екеўи ойласып турғанда, аўылда өмиринше шопан падашы болып күн көрип жүрген бир таз бала бар еди, бул екеўиниң сөзин еситип, кеште бай баласының орнынан өзим келип турып, патша қызын алып қашайын, деп ойлады. Бай баласы менен патша қызы ўәдени бир жерге қойып, булар тарқасты. Булардан кейин таз бала да үйине кетип, жолға таярланды. Кеште патша қызы еки ат, азық-аўқат таярлап, бай баласын қашан келер екен деп, шыдамсызлық пенен күтип турған ўақытта түн жарпында таз бала жетип келди. Патша қызы:

— Келдиң бе? — деди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бай баласы болып таз бала:

— Аўа, — деди.

— Жүр, онда кеттик — деп, екеўи таяр турған еки атқа минди де, жолға шықты. Тас қараңғы жол менен булар атларды сүрип киятыр. Қыз алда, таз кейнинде, атлар қатты киятыр. Қыз анда-санда:

— Қатты айда, өз шегарамыздан шығып кетейик, — деп қояды.

Таз:

— Яқшы, —деп коя береди.

Булар атларды таң алдында қатты айдады, өз шегерасынан да шығып кетти. Жақынлаў бир патшалыққа араласты. Күн сәске болғанда қыз артына қарап, атларды отлатып, өзлеримиз азырақ дем алайық деп, бир үлкен көл бойында иркилип турды. Изинде қарама-қарсы киятырған таз бала да келе қалды. Патша қызы қараса, бай баласы емес, аўылдағы таз бала болып шықты. Патша қызы көп ойланды да:

— Кел, енди, ҳеш зыяны жоқ, маған сени несип қылған шығар. Енди елге барған менен атам өлтиреди. Оннан қайта сени тәрбиялап көрейин, — деди де, патша қызы атларды отлақ жерге жиберип, таздың басын көл суўына апарып, басын тырнап жуўып, қызыл қарақан етти. Басы аққуўақ болған соң соға жердиң ылайын алып, басына жағып таздың басын тез күн ишинде жазды. Патша қызы тазға тийди.

— Енди сениң ҳаялың болдым, алдағы бир үлкен қалаға барып, сол қаладан жай сатып аламыз. Сонда екеўимиз өмир сүре беремиз, — деди.

Таз бала қайыл болды. Екеўи алдағы бир үлкен қалаға барды. Үлкен бир жақсы жай сатып алды. Бул қалаға таз бала да үйренисип кетти. Бир-еки жора-жолдаслар да табылды. Таз баланың үйине олар да келетуғын болды. Үйренискен жоралары таз балаға ҳаялын миясар көрмеди. Таз секилсиз бир адам, кел-кетти де зордан биледи. Ал таз баланың ҳаялы бәрин билип баратыр. Жүдә сулыў, қайсы адамға болса да хызмети жағады, таздың таныс болған жоралары, усы ҳаял тазға миясар емес, бул ҳаялды тазды жаманлап, биреўимиз алайық, деп ойласты. Ең ақырында жәнжел үлкейип, бул ҳаял туўралы хабар усы елдиң патшасына жетеди. Патша да ҳаялды көрип өзи алмақшы болады. Сонда патша тазды өлтириў ушын жол изледи. Барлық әмелдарларын жыйнап, таз ҳаялын алыўға уйғарды. Патша:

— Тазды шақырып алып, жумыс буйырамыз, егер жумысты орынлай алмаса, тазды жазалы етип өлтиремиз. Болмаса, сол исти орынлайман деп жүрип сол бетте-ақ өзи өлип қалады. Соннан кейин таздың ҳаялы бизики болады, — деди.

Усылай пишти де, патша тазды шақырды.

— Саған бир жумыс бар. Соны питкерип келесең. Егер питкермесең, жазалы болып қаласаң. Усы жумысты тез питкерип кел, — деди. — Жумыстың түри — узақта тоғай ишинде бир арыслан бар. Сол арысланның азыў сүйеги жүдә керек болып тур. Қызыма сол азыў сүйектен тарақ соқтыраман. Тез барып қайт, — деп тазға ҳәмир етти.

Таз бул хабарды еситти де, ҳаялына жылап келди.

— Патша мени узақтағы қыйын иске жумсады. Мен сол жумысты қалай питкерип келемен? — деп көзиниң жасын тыймады.

Сонда ҳаялы:

— Сен ҳешқандай жумыстан қорықпа. Ол жумыс аңсат. Сени сол бетте өлсин деп арысланға жиберген екен. Сен өлмейсең, ол арыслан — жолбарыс, арысланлардың патшасы, оның аяғына ҳәзир тикен кирген. Сен бар да сол тикенди ал. Соннан кейин ол саған жақсылық етеди, жумысыңды питкереди, — деди.

Таз ҳаялы менен хошласып жолға шықты. Көп күнлер жүрип, тоғайлардан асып өтип, арысланға келди. Арыслан аяғына тикен өтип аўырып жатыр екен. Арысланға таз:

— Аяғыңдағы тикенди аламан, мен саған жәрдемге келдим, — деди.

Арыслан:

— Бәрекелла, онда бизге жәрдемге келсең, —деди. — Мениң қапталымда турма, тикенди суўырып алғанда аўнап, өлтирип қоярман. Тикенниң киргенине көп күн болды. Тикенди алғанда қатты ашыўым келип бақырарман. Сен қорқып жүрме, — деди.

Арысланның аяғындағы тикенди тартып суўырып алды. Арыслан бақырды, ашыўланды. Ең кейнинде аяғы жазылып, тазға:

— Сениң жақсылығыңды ҳеш ўақытта умытпаспан, мениң аяғымдағы тикенди алдың. Енди саған не керек? Келген жумысыңды айт, мен ҳәзир питкеремен, — деди.

Таз арысланға келген жумысын айтты:

— Патша қызы арысланның азыўынан тарақ соғып бер деген. Сол тарақ ушын сизиң елге келдим, мени патша жумсады, — деди.

Арыслан:

— Яқшы, питкеремен, — деди. — Ҳәзир арысланларды шақыраман. Сен байтеректиң басына шығып



www.ziyouz.com kutubxonasi

отыр. Қатты бақырып болғаннан кейин көзиңди аш. Соған шекем көзиңди жумып отыр, — деди.

Арыслан қатты-қатты үш рет бақырды. Содан кейин таз көзин ашып қараса, байтерек айналасы арыслан, жолбарысқа толған екен. Арыслан патшасы һәрбир арыслан, жолбарысқа жуўырып жүр екен. Бир ўақытта бәрин де қайтарып жиберди де, арысланның төрт азыўын тазға берди. Және төрт жолбарысты алма-гезек минип барыўға алдына сыйға қойды. Сыйға тартқан төрт жолбарыс қай ўақ таз жибергенше таз қолында болатуғын болды. Төрт жолбарысты алма-гезек минип, таз елге келди. Жолбарысларын миниў менен патша алдына барды. Патшаға арыслан азыўын берди. Патша, қашшан-ақ таз өлип қалды, деп отыр еди. Төрт жолбарысты минип келген соң, тарақ ушын азыўды әкелген соң, патша тазға ҳайран қалды. Неше күнлер қала иши таз жолбарысынан қорқып далаға шыға алмады. Патшаға адамлар келип:

— Таздың жолбарысын жоқ ет, бизлер далаға шығып, анда-мында барыўдан қалдық. Тез арада қаладан жолбарыслар кетпесе, бизлер тез арада жүрегимиз жарылып өлетуғын боламыз, — деп патшаның тынышын алды.

Патша тазды шақырып алып:

— Таз шырағым, сен мына жолбарысларды елине қайтар, бизиң елдиң адамлары қорқып жүр. Көпшилиги далаға шығыўдан қалған. Жолбарыссыз-ақ өмир сүре бер, —деди.

Таз «яқшы» деп жолбарысларды елине қайтарып, өзи қалада тыныш өмир сүре берди. Таз үйине келип-кетип жүрген жора-жолдаслары иши күйип, тазға бул ҳаял миясар емес, буны патша алыўы керек деп, патшаға айтып қоймады. Ҳәмме айтып қоймаған соң, патша және тазды бир жаққа жумсамақшы болды. Таз барған жеринде өлип қалар, соннан соң таздың ҳаялы бизге қалады деп ойлап, тазды шақырып алып:

— Сизиң бир жерге барып қайтатуғын жумысыңыз шықты. Сол жерге барып қайтасыз, —деди.

Таз:

— Жумысыңды айт, — деди.

Сонда патша:

— Өмиринде тоймас дәў деген бар. Сол тоймас дәўге барып, қызын маған алып бересең. Егер әкеп бермесең, өзиң жазалы болып өлтирилесең, — деди.

Сонда таз ҳаялына келип айтты:

— Мени патша «Тоймас дәўдиң қызын әкелип бер» деп буйырды. Мен оған қалай бараман? — деп ҳаялына жылай берди.

Сонда тазға ҳаялы:

— Ол дәўге барыў ушын қаладан қырық ешек толы нан алыў керек. Тоймас дәўдиң таўына жақынлағаннан кейин ешеклер қыйсаңлайды. Сол ўақта өзиң ешек кейнинде жүрип киятырып бир шуқыр я оқпанға түсип жасырынып қаласаң, болмаса Тоймас дәўе ешек-наны менен қоса өзиңди де жутып жибереди. Егер өзиң аман қалып, ешегиңди наны менен жесе, онда Тоймас дәўдиң тойғаны. Қәлеген нәрселериңди береди. Өзиң аман қалып, мақсетке жетесең, — деди.

Сонда таз ҳаялының айтқанын еситип, яқшы деди де, қалаға барып қырық ешек сатып алды. Қырық ешектиң үстин нанға толтырды да, алдына салып, Тоймас дәў елине қарап жолға шықты. Тоймас дәў таўына жақынлағанда тоймас дәў қырық ешекти наны менен жутып жеп, тамағы әбден тойып мәс болып, «мени ким бундай тойдырған? Тойдырған адамға не сораса, берейин» деп турғанда, оқпанға жасырынып қалған таз Тоймас дәўге қарай жүрди. Сонда дәў:

— Мен өмиримде ҳеш тоймадым. Сен мени тойдырдың, меннен не сорасаң ал, — деди.

Таз қызын сорады. Тоймас дәў:

— Ал, бердим қызымды, көп дүнья-мал да қосып беремен, — деди.

Таз дәў қызын изине ертип патшаға әкелди. Патша «Таз Тоймас дәўдиң қолында қашшан өлип қалды, енди таздың ҳаялын өзим аламан» деп отыр еди. Патшаның бул айтқаны болмады. Таз дәў қызын алып келгенде қорыққанынан қайда қашарын билмеди. Дәў қызын алмайман деп шықты. Таз дәў қызын патша қорқып алмайман деген соң, таз дәў қызын изине ертип үйине әкелди. Таздың бурынғы ҳаялы усы дәў қызын үйине қайтармай, усы үйде екеўимиз оңысамыз деп, тазға дәў қызын да алдырды. Солай етип таздың ҳаялы екеў болды. Буны көрген таз жораларының иши жанып, таздың ҳаялы бурын биреў еди, енди екеў болды деп, ишлеринен күйетуғын болды. Тазды өлтирейик десе, өлтире алмады. Таздың үйине келип-кетип жүрген адамлардың бәри тазды өлтириўди патшаға айтып қоймады. Патша жазықсыз тазды қалай өлтириўди билмеди. Ҳәм де буйырған жумысларын таз орынлап келди. Сонда да адамлар қоймаған соң, тазды шақырды да, өлтириўге бел байлады. Тазға:

— Сени өлтиремен, қырық арба отын, қырық арба қамыс, қырық арба лампамай қуйып өртеп жиберемен, — деди.

Сонда таз:

— Патшам, мениң не жазығым бар? Сизиң тапсырған жумысыңызды өз ўақтында орынлап келдим. Маған қандай гүна қоясаң? — деди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда патша:

— Хеш гүнаң жок, өзиңди өлтирип, хаялыңды аламан, — деди.

Сонда таз хаялларына келип патшаның ислейтуғын ислерин айтты. Ертең өлтириў күниниң белгиленгенин айтты. Сонда дәў қызы хаялы:

— Хеш қапа болма, от арқаңа өткен ўақта өзим қарлығаш болып барып алып қайтаман, — деди.

Ертеңине хәмме таз өлетуғын болды дегенге азаннан баслап көше толып жүрген адамлар үйилип атырған отын, қамыс, лампа май қасларында жүр. Хәмме хәрекетте. Қала тынышсыз, патша хүкими бойынша «көп жазалы тазды өртеп өлтиремиз» деген хүким де оқылды. Тазды жыйналған отын, қамыс, лампамай астына киргизди. От гүўлеп көтерилген ўақта дәў қызы қарлығаш болып ушып барып, тазды қанатына қысып қайтты. Тазды үйге әкелди де, төрден шуқыр қазып, сол шуқырдан шығармай бағa берди. Усы күнлери патша «Енди таз өлди, келместей жерге жоқ болды. Таздың хаяллары маған қалды. Тез күн ишинде той жасайман» деп қуўанды. Таздың хаяллары үш-төрт хәпте өткеннен кейин тазды үй төриндеги шуқырдан шығарып, астына бир жақсы жорға мингизип, көшеге шығарды.

— Усы қаланы қоймай көшеме-көше шаўа бер. «Хаў, таз, өлген жоқ па едиңиз?» десе, «аўа, өлип едим, бул дүньясы қурысын. Ол дүнья жақсы екен. Сизлердиң көп туўысқанларың, көп аға-инилериң, көп апа-сиңлилериң сәлем айтып атыр. Мен сизлерди көриўге келдим. Жақында кетемен» деп айт та, атты жорғаға сүре бер, —деди.

Сонда таз жорға минди де көшеге шықты. Ана көшени, мына көшени қоймай шаўа берди. Бир мәхәллери тазды таныған жоралары:

— Хаў, таз! Сен еле өлген жоқ па един? Сени бизлер өртеп жиберип едик, сениң бул қалай жүрисиңиз? — деди.

Биреў-екеўине таз жуўап бермесе де, көпшилик сорап қоймаған соң таз сөйледи:

— Бул дүньясы қурысын. Сизлердиң аға-инилериң сәлем айтып атыр. Ол дүньяда хәрбир еркек адамға алпыс хүр қызын береди екен. Хәр түрли жейтуғын тамақларын айтпай-ақ қояйын. Сизлерге сәлем бермеге келдим, жақында ол дүньяға кетемен, — деди.

Бул хабар патшаға жетти. Патша тазды шақырып алып:

— Сен не қылып жүрсең? — деди.

Сонда таз:

— Патшам, мени өлтиргениңиз жақсы болды. Ол дүньяда хәр бир еркек адамға алпыс хүр қызы тайын, ишиўге аўқат мол. Сизиң атаңыз, ағаларың, инилериң көп-көп сәлем айтып атыр. Егер мүмкин болса, бул дүньяны қойып, ол дүньяға келсин, ол патша болғаны ушын бир жүз жигирма хүр қызы тайын, басқалардан еки есе, сениң жолыңа гириптар болып жүрген хүр қызы жүдә көп екен. Мен сизлерди көрейин деп келдим. Жақында кетемен, — деди.

Сонда патша:

— Бәрекелла, балалар, таздың айтып отырғаны дурыс. Хәрбир адамға алпыс хүр қызының бары ырас. Таз кетпестен бурын отын, қамыс, лампа майды бир жерге үйиң, усы қаладағы барлық еркек болып тазға от бергизип, өзлеримиз сол отта күйейик. Таз бизлердиң кейнимизден барар, дәрриў барып алпыс хүр қызларына ийе болайық, — деди.

Сонда патша әмири орынланды. Тез арада отынлар үйилди. Патша усы қалада бир еркек адамды қалдырмастан отын астында отырыўға буйырды. Оннан кейин патша да отырды. Таз от басты. От гүўлеп жанды. Қалада патшадан баслап бир еркек те қалмастан жанып кетти. Барлық хаял-балаларға таз патша болып қалды дейди.

## ҚУДАБАЙ МЕРГЕН

(Р-80, № 36807)

Бурынғы өткен заманда Қудабай деген мерген болыпты. Оның бир кемпири хәм ғаррысы болыпты.

Бир күни ол аң аўлап киятырып, жылап отырған бир ғаррының үстинен шығады. Қудабай ғаррыдан неге жылап отырғанын сорапты.

— Балам, мен усы елдиң патшасының малайы едим, патша ушын хәр күни қоян әкелип беретуғын едим. Бүгин хеш нәрсе услай алмай, патшаның ғәзебинен қорқып отырман, — депти.

Қудабай атқан қоянларынан биреўин ғаррыға берипти. Күндеги әдети бойынша ол ертеңине және аңға шығады. Кешке шекем аң аўлап киятырса, узақта жанып атырған отты көрипти. Не болды екен деп, от жанып атырған жерге барса, бир байлаўлы әйдарха отта жанып атырған екен. Ол Қудабайды көрип, оған:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әй, адамзат, мени мына бир өрттен аман алып қалсаң, мениң төрт түлик малым бар, соның бир түлигин саған беремен, —дейди.

Қудабай әйдарҳаға реҳими келип, оны темир тусаўдан азат етип, оттан шығарып алыпты.

Ол ертенине әйдарҳаның ўәде еткен малын айдап келейин деп киятырса, жолда қой бағып жүрген шопанға ушырасады:

— Ҳәй, шопан, усы жерде туратуғын әйдарҳаның сенде қандай малы бар? Ол маған төрт түлик малының бир түлигин бериўге ўәде етип еди, — депти.

— Оның бир түлик те малы жоқ, бир тек гөне, жаман сандығы бар, оннан басқа заты жоқ, — депти шопан.

Қудабай оған исенбей, алдына қарап кете берди. Бир жерлерге барғанда және бир шопанға ушырасты. Ол бул шопаннан да әйдарҳаның малын сорапты. Шопан әйдарҳаның жаман, жалғыз сандығынан басқа ҳеш нәрсесиниң жоқ екенлигин айтыпты.

Ең ақырында ол әйдарҳаның үйине барып, кешеги ўәдесине бола келгенин айтыпты. Әйдарҳа оған үйиндеги жалғыз сандығын берип жиберипти.

Ол сандықты үйине алып келип ашып қараса, ишинде ай десе аўзы бар, күн десе көзи бар сулыў қыздың отырғанын көрди. Қудабай усы қызға үйленип өмирлик жолдас етип, мурады-мақсетине жетеди.

## ҚЫДЫР АТАНЫ ИЗЛЕП...

(Р-141, № 50413)

Бурынғы өткен заманда бир жарлы болыпты. Оның тек жалғыз баласы бар екен. Оннан басқа ҳеш нәрсеси болмапты. Арадан жыллар өтип, баласы ержетип, ал ғарры болса қартайыпты. Енди ғаррының жумыс ислеўге шамасы келмейтуғын болыпты. Ал баласы болса, өмиринде ҳеш жумыс ислемеген екен, себеби ол туўылған күни ғарры атасы: «Усы баланың маңлайы терлесе, өледи» деген екен. Солай етип, бала жигирма бес-отыз жасқа шыққанша ҳеш жумыс ислемей жүре берипти. Әкеси жүдә қартайғанлықтан, енди олар жүдә ашырқап, хожалығы төменлеп кетипти.

Арадан айлар өтип, бәҳәр келипти. Ҳәмме жерлерин егиске таярлай баслапты. Бала буларды көрип, жумыс ислеўге жүдә қызығыпты. Ол бир бийиктиң басына шығып отырып көп ойланып, ақыры әкесине келип:

— Ата, мен неге жумыс ислемеймен? — депти.

Сонда атасы оған:

— Сениң маңлайың терлесе, өлесең. Себеби, сен мийнет ушын жаратылмағансаң, — депти.

Бала бул сөзге ашыўы келип қолына үлкен бел алып, адамлардың қатарына барып жер ашайын десе, адамлар:

— Бул жерге егинеге алмайсыз, — деп, оны ысырып шығара береди.

Солай етип, бала адамлар жоламаған, бир бийиклеў жерге кетип, қаўын егиў ушын қарық қаза баслайды. Әдеп әстен-әстен ислейди. Маңлайын сыйпалап көрсе, тер шықпапты. Енди ол бурынғыдан қаттылаў ислей баслапты. Бир ўақытта маңлайынан тер шығады. Ол «енди өлетуғын болдым» деп әри-бери әжелин күтип отырады. Бирақ әжел келмепти. Соннан кейин тағы қарық жарады. Кеш болған соң үйине келеди. Ғаррысына сол күнги жумыс ислегенде маңлайының терлегенин, бирақ өлмей қалғанын айтыпты.

Ертеңине ол таң азан менен келип, жумысын даўам еттиреди. Оның бийик жерге қаўын егип атырғанын көрип адамлар:

— Бийик жерге де қаўын егиўге бола ма? Буған ҳеш жерден суў бармаса, — деп оның үстинен күлипти.

Бир күни көп жаўын жаўып, ойдағы жердеги қаўынлардың барлығын суў басып, жигиттиң бийиктеги қаўыны аман қалып, гүркиреп пәлек жаяды.

Жигит қаўынларын аралап жүрсе, бир қаўыны жетилип пискен екен. Ол қаўынды шөп пенен бастырып үйине келеди. Келип ғаррысына:

— Бир қаўын писипти, сол қаўынды Қыдыр атаға апараман, — депти.

Әкеси оған:

— Мейли, апара ғой, балам, — деп пәтиясын берипти.

Сөйтип жигит қаўынды шапанына орап, Қыдыр атаны излеп кете береди. Ол бираз жол жүргеннен кейин алдынан бир аўыл шығады. Усы аўылға барса, бул Сулайман патшаның аўылы екен. Жигит

www.ziyouz.com kutubxonasi

шеттеги бир үйге «Қудайы қонақпан» деп кирип барады. Сол үйдиң адамлары оның Қыдыр атаны излеп баратырғанын еситип, жигит кетер алдында:

— Бизиң қыз патшалықтағы хеш адамды жақтырмай атыр. Ол кимди қәлейди екен, соны сорап билиң, — депти.

Жигит ыразы болып, және жолын даўам еттирипти. Ол жол жүрип, қырық молла намаз оқып отырған мешитке дус болыпты. Моллалар намазын оқып болған соң, жигиттен жол болсын сорапты. Жигит оларға да Қыдыр атаны излеп жүргенин айтыпты.

Сонда моллалардың биреўи оған:

— Бизлердиң талабымыз — таң атыўдан күн батқанша намаз оқыў. Усыдан бөтен талабымыз жоқ. Бизлер бейишке барамыз ба, яки дозаққа барамыз ба? Усыны Қыдыр атадан сорап бил, — депти.

Жигит оларға билиўге ўәде берип, және жолға шығады. Бираз жүргеннен кейин, алдынан күн менен шағылысқан бир қала көринеди. Ол қалаға келип, бир қорғанға қонақ болады.

Усы елдиң патшасы да сол күни усы қорғанға келипти. Патша жигиттиң Қыдыр атаны излеп жүргенин еситип, оны алдына шақырып:

— Мениң сарайымдағы жерге хеш шөп көгермейди, оның себеби не екен, соны сен Қыдыр атадан сорап келсең, — депти.

— Әжеп болады, — дейди жигит.

Ертеңине ол қаладан шығып жол жүрип кете береди. Кеш жақынлағанда алдында жылт-жылт еткен бир от көринеди. Жақынлап барса, ортада қазан асыўлы, көп адам отты дөгереклеп отыр екен. Булар қырық қарақшы екен. Қарақшылар жигитти аўқатқа мирәт етеди. Олар да жигиттен оның Қыдыр атаны излеп баратырғанын еситеди. Сонда қырық қарақшының баслығы оған:

— Бизлер биреўдиң мал-дүньясын басып алып күн көремиз. Қыдыр атаны көрсең, бизлердиң жайымыз дозақ па, ямаса бейиш пе? Соны сорап билгейсең, — депти.

Жигит олардың өтинишин орынлаўға ўәде берипти.

Ол жүрип-жүрип бир үлкен тоғайлықтан шығады. Дыққат пенен қараса, дөгеректеги барлық тереклер көп-көмбек, тек бир терек бой көтермей қуўрап қалған екен. Сонда жигит ишинен: «Сен де мендей биййшара екенсең, сениң қасыңда жатайын» деп уйқыға кетипти.

Ол уйқылап атырып түс көреди. Түсинде терекке тил питип, сөйлеп атыр екен. Ол жигитке:

— Барлық терек көгерип тур, ал мен не себеп көгермеймен? Усыны Қыдыр атадан билип берсең, — депти.

Жигит оянып кетсе, түси екен. Кийимлерин қағып кийип, жолын даўам еттирипти. Бираз жүргеннен кейин оның алдынан бир шексиз теңиз шығыпты. Теңизден қалай өтерин билмей турса, алдына бир үлкен жайын келип, оны екинши жағаға шығарыпты. Жигит жайынға рахмет айтып, хошласып кетип баратырса, жайын оған:

— Мен не ушын суўға батпайман, соның себебин билип берсең, — деп жигитке өтиниш етипти.

— Сен маған жақсылық еттиң. Мен өзи Қыдыр атаны излеп баратыр едим. Оннан бул нәрсени әлбетте сорайман, — депти де, хошласып және жолға түсипти.

Кетип баратырса, алдынан қуўыршақ ойнап отырған бир бала шығады. Бала жигитти көрип, қасына келип, оның қаяққа баратырғанын сорайды.

Жигит балаға Қыдыр атаны излеп баратырғанын айтады. Сонда бала оған:

— Маған сол Қыдыр атаға алып баратырған қаўынынды бер, — депти.

Жигит соншa жолдан көтерип киятырған қаўынын баланың алдына қойыпты. Бала қаўынға тойып алып жигитке:

— Биринши мәртебе жолыңда ушырасқан үйдеги қызды оң көзинде қалы бар бир жигит алады. Мешитте намаз оқып отырған қырық молланың барар жери — дозақ. Себеби олар жумыс ислемей, тек жатып ишип, азаннан кешке шекем өтирик намаз оқыйды, — депти. — Ексе, егини шықпайтуғын патшаның сарайындағы жерге үш гүзе алтын көмилген. Жолда ушыратқан қырық қарақшы тәўбеге келсе, бейишке барады. Қуўрап қалған теректиң түбинде бир арша гүмис көмилген, ол қазып алынса, терек көгерип кетеди. Жайынның ишинде гәўхар тас бар, сол тас алынса, ол суўға бататуғын болады, — депти де көзден ғайып болыпты.

Жигит сонда баланың Қыдыр ата екенин билипти. Сөйтип бала кейнине қайта береди. Теңизге келсе, жайын тур екен. Ол жайынның аўзынан гәўхар тасты алады. Жайын оған рахмет айтып, суўға шүмип кетеди. Терекке келип, оның түбиндеги бир арша гүмисти қазып алады. Терек сол заматы көгере баслайды. Ол бираз жүргеннен кейин баяғы қырық қарақшыны көрип, оларға Қыдыр атаның айтқан сөзин айтады. Соннан баслап қырық қарақшы урлықты қойып, тәўбеге келеди. Кейин ол қырық моллаға келип Қыдыр атаның сөзин айтады. Олар сол күннен баслап өтирик намазды қойып, мийнет етиўге кириседи. Егини көгермейтуғын патшаға келип, егининиң көгермеўиниң себебин баянлайды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Патша үш гүзе алтынды алып жигитке инам етеди. Ен соңында ол баяғы жолға шыққанда қонақ болған үйге келеди. Ол үй ийелерине олардың қызын оң көзинде қалы бар жигит алатуғынын айтады. Жигиттиң оң көзинде қалы бар екен, оны көрип үй ийеси:

— Онда мениң қызым сизге несип еткен, — деп, қызын үлкен мал-дүньясы менен жигитке узатыпты. Жигит жаңа турмыс баслап мурат мақсетине жетипти.

## ЖИГИТ ҲӘМ ДӘЎ

(Р-141, № 50413)

Бурынғы өткен заманда бир жигит болыпты. Оның жалғыз қарындасы бар екен. Әке-шешеси өлип қалғаннан бери булар тек екеўи жасайды екен. Жигит үйине қашықлаў жерде, бир байдың үйинде жумыс ислепти. Қарындасы күнде тезек терип келип, ағасына аўқат писирип қояды екен. Сол жерде олардан бөтен бир дәў де жасапты. Дәў тек жаңағы жигиттен қорқады екен.

Бир күни жигит жумысқа баратырса, алдынан жаңағы дәў шығыпты да, жигит пенен айқаса кетипти. Дәўге қарағанда жигит күшлирек келип, жигит оны көтерип урыпты. Өлтирейин десе, көзи қыймай, оны сол жердеги бир шуқырға тығып кетипти. Сөйтип жигит жумысына кетип қалыпты. Қарындасы тезек терип жүрсе, оның қулағына бир жылаған даўыс еситилипти. Қыз даўыс шыққан жаққа барады. Қараса, шуқырда дәў отыр.

— Ҳәй, дәў! Бул шуқырға сени ким таслап кетти? — депти қыз.

— Мен сениң ағаң менен айқасып едим, ол мени усы шуқырға көтерип урды. Қарындасым, сен мени усы шуқырдан шығарсаң, саған жақсылық етер едим, — депти.

Қыз да дәўге сыртынан ашық болып жүр екен. Ол дәўге қарап:

— Егер сен мени алсаң, сени қутқараман, — депти.

Дәў қыздың шәртине ыразы болыпты.

Қыз үйине барып, арқан әкелип дәўди шығарып алады. Үйине апарып үлкен дәў сандығы бар екен, соған салып таслайды. Ағасы жумысқа кеткен ўақытта дәўди сандықтан шығарады. Ал келген ўақытта сандыққа салып таслайды.

Арадан күнлер өтип, қыз жүкли болыпты. Ол дәўден бир ул туўыпты. Баланы да дәўдиң қасына қойып баға береди. Бир күни қыз дәўге:

— Бала үлкейип киятыр. Оны ендигиден былай жасырыў қыйын, — депти.

Сонда дәў оған:

— Баланы ағаңның жолына тасла. Ол оны таўып алып усы жерге әкеледи. Сен ҳеш нәрсе билмегендей баға бересең, — дейди.

Бул қызға да мақул түсип, ол баланы ағасы жумыстан келетуғын жолға таслайды. Ағасы жолда жатқан баланы көрип, «Жекке едим, иним болсын» деп, үйине алып келип қарындасына береди.

Жигиттиң қарындасы буның менен де қанаатланбай, дәўге:

— Буннан күн болмас, ағамды өлтирейик, — депти.

— Қалай өлтиремиз? Мениң күшим жетпейди, — дейди дәў.

— Бизлер жас ўақтымызда ағам екеўимиз биримиздиң қолымызды биримиз байлап ойнайтуғын едик. Мен илажын етип, ағамның қолын байлайман. Сол ўақытта сен шығып, өлтиресең, — дейди.

Бул дәўге де мақул түседи. Кеште ағасы жумыстан келеди. Сонда қыз оған:

— Аға! Исим еригип кетти, баяғы қол дузақты ойнайық, — дейди.

Ағасы қарындасының сөзин жықпай:

— Яқшы, — депти.

Қыз ағасының қолын шырыстырып байлап таслайды. Сол ўақытта дәў де сандықтан шығады. Дәў менен жигит бес күн айқасады, ақырында дәў жигитти жығып, еки көзин ойып алады. Сөйтип жигиттиң жыйнаған дүньясының барлығын қарындасы менен дәў алып, басқа жерге көшип кетеди. Олар жигитти гөне журтқа таслап кетеди.

Жигиттиң үйинде болып отырған ўақыялардың барлығын мәстан кемпирден қашып жүрген бир байдың қызы бақлап жүрген екен. Ол бир байтеректиң төбесинде отырып, жигиттиң қарындасының дәў менен бирге кеткенин көрип, жигит жатырған жайға кирипти. Сол жерде ол жигит пенен танысып, оны көзден таса бир жерге апарып, елиндеги күшли тәўиплерди жыйнап көз емлетеди. Көзи тәўир болған соң қыз жигитке:

— Мен бир мәстан кемпирден қашып жүр едим. Ол ҳәр күни бизиң қаламыздан бир қызды жеп кетип жүр еди. Соны өлтире алмай жүрмиз, усыны өлтириў сениң қолыңнан келеди, — депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит қыздың берген қылышын алып, мәстан кемпирдиң үйиниң босағасына кадап қояды. Сөйтип өзи жасырынып турады. Қараңғыда кемпирдиң көзи көрмей, қылышқа сүрнигип, кемпир еки бөлинеди.

Енди жигит қарыўланып, баяғы дәў менен қарындасын излеп кетеди. Оларды излеп таўып, екеўин де жазалайды. Жигит үйине қайтып келип, баяғы байдың қызын алып, екеўи бахытлы турмыс кеширип, мурат-мақсетине жетеди.

## МУҢЛЫҚ-ЗАРЛЫҚ
(Р-80. № 50411)

Ертениң ерте елинде, елатиянын жеринде, ноғайлының ишинде Шанжархан деген патша өтипти. Әне, Шанжархан деген патша перзентсиз болады. Перзентсиз болғанлықтан тоғыз қатын алды. Тоғызынан да перзент болмады. Соннан кейин үлкен той берди. Тойында халқын жыйнап ақылгөй, билгишлердиң ортасында:

— Мен де үлкен хожалық едим, жасым алпысқа келди. Тоғыз қатын алдым, бунда да хеш бир шырлаған нәрестениң даўысын еситпедим, — деди.

Сонда адамлар ақыл берип:

— Сен тағы бир ҳаял ал, бир ул, бир қыз туўатуғын ҳаял ал, — деди.

Бул әңгиме ханға мақул түсип, жыйналған халқына қыз табыўды буйырды.

Сол елде ексе егини питпеген, мийнети бастан кетпеген, алты ай жазлай тапқаны тамағына жетпеген, жар басына қонған, жарты ылашық тиккен, ийнине қармағын салған, шортан шабағын алған, көл жағалап қонған бир «Жаўдыр ғарры» деген бийшара бар еди. Сол ғаррының ержеткен қызы бар еди. Бир күнлери ғаррының кеўлине «Қызым болса ержетти, қызымды патшаға берип, өлер халатта жақсы турсам қалай болар екен» деген ой келди. Сол ойы менен патшаға барып сөз алып:

— Мениң бир қызым бар, сол қызым бир ул, бир қыз туўады. Қызыма кепил болып миннетин аламан, — деди.

Көпшилик «Туўатуғын қыз табылды» деп қуўанысты. Патша:

— Қызыңның қалыңлығына не аласаң? — деп сорап еди, ғарры:

— Қызыма ойласып келейин, — деп үйине кетти.

Ғарры үйине барып аўырған адам қусап аўзына келгени айтып сандырақлай баслады:

— Ҳаў, айғанам, айғанам,
Мениң ойлап қойғаным,
Еле есимнен кетпейди,
Шанжарханның тойында,
Өлгенимше тойғаным.
Журт султаны Шанжархан,
Журттың бәрин жыйнады,
Жыйнап алып сыйлады,
Сыйлағаны қурысын,
Қасындағы жалғызды,
Бересең деп қыйнады.
Гедей болдым жасымнан,
Гедейлик ширкин кетпеди,
Жасымнан-ақ басымнан,
Ғәзийне толы көп тилла,
Тилласы қурсын, нетейин,
Жалғызды көзим қыймады,
Биреўге услатып қолымнан.

Әне, сандырақлап соны айтқаннан кейин қызының кеўлине келип:

— Арқадан даўыл турған екен, әкемди қудай урған екен, «патшаға берейин» деп мени келген екен. Буған жуўап бермесем, әдепсизлик болар, — деп, — Қәйериң аўырады ата? — деп қасына келди.

Бай дегенде қызы да жек көрмеди ме деймен:

— Жаңағы айтып атырғаның не, ата? — деди. — Не де болса сол гәпиң ырас болса, саған қалта тигип берейин, сол қалтаны толтырып алып, жеп жата бер. Мал алған менен, оны баққандай адам жоқ, — деди.

Аўырып атырған ғаррыға қалта тигип берип, «ақшаны ал» деген соң, қуўанғанынан жуўырып-жортып, қызара-бөртип, қалтаны алып патшаның алдына барды. Патша:

— Үш тиллалық қалта екен, алты тилла салыңыз, сиз де инсап қылыңыз, — деп, ғәзийнеханадағы адамға тапсырды.

Ғаррыны ертип ғәзийнехаға барады, сандықтың аўзын ашып жиберип алты тилланы қалтаға салып жибереди, қарасын көрмей барады, отыз тилла салады, бунда да қарасын көрмепти, тағы бир сандықтың аўзын ашып, оны да салады. Жети сандық бар еди, жетеўиндеги алтынды салды, онда да қалта толмады. Патшаның ақшасы таўсылды. Жети сандық толы тилланы жалғыз қалта жалмады. Енди үй басына он сомнан салғырт салып алады. Алып келип қалтаға қайта-қайта салса да, қалта толмады. Ойма таздан он теңге, қырма таздан қырық теңге, айна таздан алты теңге, төбей таздан төрт теңге жыйнап алып, қалтаға

www.ziyouz.com kutubxonasi

қайта-қайта салады, сонда да қалта толмады, толар күни болмады. Он сан жатқан ноғайды жалғыз қалта жалмады.

Патша тағы халқын жыйнап:

— Бул қалтаның толатуғын тәғдирин шешетуғын адам бар ма? — деди.

Бир адам:

— Көп жасап атырған бир кемпир бар, сол билер, — деди.

Кемпирди дәрриў қуўып келди. Кемпир:

— Мурныма ийискегендей насыбай пулы берсең, тәсилин айтаман, — деди.

Патша:

— Не аласаң? — деп, бир кесе алтын берип еди:

— Бул мениң насыбай пулыма жетпейди — деди кемпир.

Еки кесе алтын бергеннен кейин кемпир бир уўыс топыраққа дем салып қалтаға салып еди, қалтадағы барлық алтынлар көбейип толады, зыятын аш-арыққа үлестирип жибереди.

Патша қызды алдырды. Ҳақ некесин қыйдырып, ҳаяллыққа алды. Қыз кешикпей жүкли болды. «Қара түйе қарнында жата ма», ыңқылдап-сыңқылдап толғатады. Патша:

— Мен әдеўир жасқа шыққанымша шырлаған баланың сестин еситкен жоқ едим, жүрегим жарылып кетер, оннан қус салып кетейин, — деп, жас ҳаялын қатынларына тапсырып аңға шығып кетеди.

Патша аңға кетип баратырса, алдынан баяғы қалтаны толтыратуғын кемпир шығады. Кемпир:

— Ҳаў, балам, келинниң айы жақынлаған жоқпа еди, сен кетип баратырсаң ғой, келинди кимге тапсырып баратырсаң? — деди патшаға.

— Тоғыз қатыныма тапсырып баратырман, — деди патша.

— Ҳаў, ол тоғыз қатын күндес ғой, сен неге маған тапсырмадың? — дегенде, патша:

— Биз ол жағын ойламаппыз, шеше, сен барагөр, ертең туўа қойса, өзиң сүйинши сорарсаң — деп, кемпирди үйине жиберип, өзи қырық жигити менен аңға шығып кетип қалады.

Ендиги сөз кемпирден. Кемпир ҳаялдың қасында бола берди. Қатын толғатты, үйди қымтады. Бағанағы тоғыз қатын келип, «бизлер туўмаған баланы бул қалай туўады» деп үйден сығалап турды. Әне, толғақ жаман өрледи, ақ маңлайы терледи. Қысылыңқырап, «енди не қыламан» дегенде, бир ул, бир қыз туўды.

— Қәне, не туўды? — деди тоғыз қатын кемпирге.

Кемпир:

— Бир ул, бир қыз туўды — деди.

— Онда ҳәзир ҳәлсиреп атырған ўақтында сол балларды алып шық, — деп кемпирге әмир етти.

Соның арасында тоғыз қатынның биреўи жуўырып кетип бир ийттиң еки күшигин алып келип қатынның астына таслап, баланы алды. Тоғыз қатын тоғыз кесе тилла берип, «баланы жоқ қыл» деп, кемпирди зорлады. Кемпир балларды арқалап суўдың басына алып барды. Суўға таслайын деп атырғанда қуданың әмири менен балларға тил питти.

Тил питип бала сөйледи,
Сөйлегенде не деди:
— Мәстан кемпир анамыз,
Биз де сизиң балаңыз.
Жаңа қабыл болғанда,
Сениң менен бизиң тәўбемиз,
Өлмей қалсаң, шешемиз,
Басыңа шырақ жағамыз.
«Сөйлемегил бала» деп,
Шапалақлап урады,
Мәстан кемпир турады,
Қәҳәрленип бул мәстан,
Баланы суўға атады,
Сол ўақлары болғанда,
Ғайып Ерен-Қырық Шилтен,
Ғайыптан ҳасыл болады,
Көтерип алып баланы,
Бир таўларға апарып,
Таўдан үй қылып береди.

Бала менен қыз сол жерде жатып алты жасына келеди. Еки баланы бир кийик келип күнде емизип, адам қылады. Ал, балалардың анасы Қаншайымды еки күшиги менен өлтирип таслаў ушын патша әмир қылады. Патша тоғыз қатынның шуғыл сөзине ерип, «ҳаялым ийт туўды, буның барынан жоғы жақсы» деп ашыўға минеди. Патшаның бир ўәзири ҳаялға жақсылық етип, оны өлимнен аман алып қалып, «тири болса, бир жерден шығар» деп, бир таўлыққа апарып салады. Қаншайымның қасындағы еки күшик ер жетип, үлкейгеннен кейин таўдан таўшан, кийик услап әкелип, анасын асырап өлимнен аман сақлайды. Әне, Қаншайым усындай етип таўда жүре берсин.

Бир күни патша далада қус салып, аң аўлап жүрсе, далада жүрген еки баланы — Муңлық пенен Зарлықты көреди. Балалар патшаға услатпай қашып кетеди. Олар ержеткеннен кейин Қыдыр-Ильяс бабасы жолығып, усындай жағдайға түскен себеплерининң бәрин қалдырмай айтып береди. Баллар анасын табыўды ойлап излеп жүрсе, алдынан және патша шығады. Мунлық пенен Зарлық өзлерининң ким

www.ziyouz.com kutubxonasi

екенлигин айтады. Патша сол жерде балларын көрип, алып кетпекши болғанда:

— Ең әўели бизиң анамызды таўып әкелип бересиз, оннан кейин бизлерди ҳәм анамызды қаңғыртқан тоғыз мийримсиз қатынларыңыз бенен мәстан кемпирди жоқ еткеннен кейин барамыз, — дейди.

Патша тоғыз қатынын, мәстан кемпирди шақырып алып, олардың ислеген ҳарамлығын мойынларына қойып, ҳәммесин де өлтиреди. Ул менен қыздың анасы Қаншайымды таўып алып, барлық еткен гүнасын мойнына алып, сол перзентин көрип ўақты шадыман болады. Буннан кейин ели-халқын жыйнап, үлкен той берип, баласын тахқа мингизип, салтанат пенен патшалығын тапсырады. Бала басы бузылған елин қайта қурап, елине әдил төрелик берип, жетимлер мақсетине жетискен екен.

## ТАЛАП ИЗЛЕГЕН ЕКИ ЖИГИТ

(Р-80. № 50411)

Ертеде еки жигит талап ислеў ушын саўдагерлерге ерип жол жүрип кетеди. Бир жерлерге барғанда биреўи өз алдына кетеди де, биреўи саўдагерге ерип, екеўи еки жаққа кетеди. Бир өзи кеткен жигит бир неше күн жол жүрип бир аўылға келсе, қыбырлаған жан жоқ, барлық жай-мүлк, дүнья-мал ийесиз қалған. «Не де болса бир үйге кирейин» деп, үлкен бир отаўға кирсе, үйде адам жоқ, бир қыз төрдеги қосбаўдың үстинде отырғанын көрип:

— Ҳе, не қылып отырсаң? — дейди.

— Ўай, несин сорайсаң, мени түсирип ал, оннан кейин неге отырғанымды айтаман, — дейди.

Жигит қызды қушақлап жерге түсирип, себебин сорайды.

— Ҳәрдайым елди әйдарха жутатуғын еди, мен сонда усы қосбаўдың үстине шығып, аман қалатуғын едим. Кеше елимизди әйдарха жутып, мен усы жерде отырып аман қалдым. Мениң отырған себебим усы, — дейди.

— Онда сен маған тийесең бе? — дейди жигит.

Қыз:

— Тийейин, — деп жуўап береди.

Жигит бир дизесин муфтий қылды, бир дизесин қазы қылды да, некесин қыйып, қызды хаяллыққа алды. Соннан кейин хаял:

— Қәне, сениң елатың бар ма? Бул елди болса әйдарха жутып кетти, мынаў патшалық жай, дүнья-мүлкке ийелик ететуғын адам керек. Елиң болса, усы жерге көширип кел — дейди.

Бала:

— Елим бар, бирақ елим аш-әптада турады. Жүдә бәрекелла, көширип келейин, — деп, жигит елин көширип келиў ушын елине кетеди. Бир домалақ алтын алып, елине барып көширип келип, елин тегис орналастырады. Жигитти сол елге патша сайлап, жигит патша болып жата береди.

Ендиги сөзди баяғы жолдас жигиттен еситиң. Ол жигит те баяғы саўдагерге ерип бир қалаға жетеди. Сол жерде талап ислеп, ақша таўып, себетке салып нан сатып, қурғынласа баслайды. Кем-кемнен байып, ҳаял алады, дүкан ашып, белгили бай адам болады.

Бир күни сол елге бир дийўана сайыл барып, дүкан ашып турған жигиттен қайыр сорайды. Жигит қайырын берип турып, «бул бир ел гезген сайыл адам екен, мен баяғы жолдасымды сорайын, билмесе бир гезлескенде айтар» деп, жигит дийўана сайылдың қолына жуп теңге берип, досты-жорасын сорайды. Бирақ дийўана ондай адам көрмегенин айтады.

— Ондай болса, сен бир ел гезген адамсаң, бирде болмаса бирде ушырасып қалсаң, мениң аманлығымды айт. Усындай қурғынлы бай болды дегейсең. Егер күн көриси төмен болса, маған келип көтергенинше, зат алып кетсин, — деп, жорасының түр-түсин айтып жибереди.

Дийўанада турыс бар ма, «ҳүў» деп кете береди. Арадан бир нешше күнлер өткенде сайыл бир патшалық елатқа барады. Бул баяғы патша болған жигиттиң ели еди. Дийўана ойланып, «мен не де болса бир күн патшаның үйине барып қонайын» деген қыялға келеди. Сөйтип патшаның үйине барып, бир күн болады. Кеште әңгимеден әңгиме шығып, дийўана баяғы жигиттиң әңгимесин айтып береди. Сол ўақытта патша «бул баяғы мениң достым екен, бул дийўана сол елге және айланып бир барады ғой, усыдан сәлем айтып жиберейин» деп ойлап, өзиниң патшалық дәрежесине жеткенин айтып, «қыдырып келсин» деген хабар айтып жибереди.

Арадан нешше күнлер өткенде дийўана сайыл дүканшы жигиттиң елине барып, достының хабарын айтады. «Бәрекелла, мен дүкан услап байыған болсам, ол да меннен де зор — патша болған екен ғой. Кел, болмас, мен сол достымның патшалық елин көрип қайтайын» деп, бир күнлери жорасының үйине қыдырып келеди. Екеўи апақ-шапақ көрисип, жай-жағдай сорасады. Сөйтип жорасының үйинде бир

www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәпте болып елине қайтыўға рухсат сорайды. Патша жорасын шығарып салып, айырылысар жеринде қыдырып келген досты патшаға былай дейди:

— Үйинде бир ҳәпте болдым, сыйладың, рахмет. Патшалығыңа да шегим жоқ, бирақ сениң бир ғана кемислигиң бар екен, — дейди.

— Ол қандай кемшилик айтып кетиңиз, қолдан келсе дүзеймиз, — депти патша.

— Сениң ҳаялың әйдарха екен, ҳәрдайым қала толысқанда жутады екен. Сен усы ҳаялыңның әйдарҳа екенлигин мынадан бил: кеште барғаннан кейин «мәнисим жоқ аўырып келдим, түнде шөллегенде ишермен» деп, бас ушыңа бир табақ суў әкелип қойдыр да, өзиң уйқылаған адам болып пырылдап уйқылап қал. Сени әбден уйқыға кетти-аў дегенде сол суўды ийтшелеп шалпылдатып ишип қояр, әне оның белгиси, — дейди. — Оннан қутылыў ушын алпыс бир шебер уста жыйнап, жел арба соқтыр. Ҳаялың «буны неге соқтырып атырсаң?» деп сорар, сонда сен «кеше достым келгенде үйине мирәт қылып тойға шақырып кетти, соған екеўимиз барамыз» дегейсең. Ол жыйынды жақсы көреди, қуўанғанынан шақалақлап күлип те жиберер. Соннан кейин арбаның ишине отырғызып келе берерсең. Ол шөлге шыдамайды, бир жерлерге келгенде шөллеп суў сорар, сен әне жетемиз, мине жетемиз, әне суў деп, бир үлкен таўлыққа жетерсен, сол ўақытта алдыңнан қатты даўыл есер. Сен арбадағы аттың тамақсасын кесип жибер де, арбаны аўдарып, атты минип, туўры қашқайсаң, сол мезгилде шөлге шыдамай қақ айырылып өлер. Бир қутылсаң, усындай жол менен қутыласаң, ал кейни болса көре берерсең, — деп хош аллияр айтысып, жигит елине кетеди.

Патша кеште ылбырап-сылбырап үйине келип ҳаялына:

— Ат қақты болдым ба, мәнисим қашып келди. Маған төсек салып бер, бас ушыма бир табақ суў қой, түнде шөллегенде ишермен, — деп жатып қалады.

Түн жарпы ўақтында ҳаялы табақтағы суўды ийтшелеп шалпылдатып ишеди де жатып қалады. Патша азанда алпыс бир уста алдырып, «жел арба соғасаң» деп буйрық берип жибереди. Патшадан әмир болған соң турыс бар ма, сол күни арбаны тайын етеди. Ҳаялын арбаға мингизип алып атты жегип жолға түсип кете береди. Бираз жерлерге барғанда алып шыққан суўын да таўысып, ҳаял қатты шөллейди. Ишетуғын суў сорайды. Патша, әне жетемиз, мине жетемиз деп, бир таўдың етегине апарады. Усы ўақытлары қатты даўыл турады. Патша тамақсаны кесип жибереди де, атын мине сала артына қарамай шаўып өтә кетеди. Әйдарха ҳаял сол жерде бир аңқырғанда қақ айырылып өлип қалады. Патша ҳаялының сести басылғаннан кейин айланып барса, өлип атырғанын көреди. Әйдарханың сыртқы қайысын тилип алып, белине байлайды да, енди сеннен қутылған шығарман деп, кейнине қайтып патшалық тахтына отырады.

Патша келгеннен кейин «енди жарлының да қызын алмайын, байдың, патшаның да қызын алмайын, бир диййўана сайылдың қызын алайын» деп өзине өзи шәрт айтады. Бир күни патша көлдиң бойында шолпы салып күнелтип отырған бир ғаррының қызының хабарын еситип, айттырып алып келеди. Бир неше күннен кейин айы күни питип, ҳаялы қыз туўады. Қыз он бес жасына жеткенде бир түнниң ишинде жоқ болып шығады. Перзент дегенде көрген жалғыз қызы жоқ болып кеткеннен кейин патша қатты қапа шегип, тум-тусқа сораў салып адам жибереди. Ҳеш жерден көрдим-билдим деген хабар болмайды. Бармаған ел, баспаған таў қалмайды, ҳеш жерде қыз жоқ. Патша барлық ўәзирлерин шақырып алып:

— Биз бармаған қандай ел, биз көрмеген қандай адам қалды? — деп сорайды.

Жыйналған адамлардың ишинен биреўи:

— Шөлистанлықта аң аўлап мәкан туткан Арық мерген деген адам бар, тек ғана сол қалды, мәгар бир билсе, сизиң қызыңызды сол билер, — дейди.

Патша бир ўәзирин жиберип Арық мергенди алдырады. Патша Арық мергеннен қызының хабарын сорайды.

— Тақсыр, сизиң қызыңызды алмадым да, көрмедим. Бирақ, «көзиң менен көрип, басыңнан кешкенди айт» десеңиз, айтып берейин, — дейди.

Патша Арық мергенге:

— Көргениңди айтып бер, — дейди.

Арық мерген көргенин айтады:

— Мениң өмирим ашлық пенен өтип киятыр. Бир күни бир қуланды атып алып, кеште кәбап писирип жеп отыр едим, адам сүўретли биреў мениң қасыма келип отыра берди. Аўқатымды жеп шамаласқан шағымда жаңағы келген изине қарай қайтып тоғайға кирип жоқ болды. Жалғыз өзим болған соң қорқайын дедим. Атымның ер-турманын алып, сулама сексеўилдиң үстине шапанды жаўып, өзим басқа бир жерге жасырынып отыра бердим. Мениң отырғанымды болса көрип кетти, қалай болмасын бир келеди ғой, деп ойладым. Бир ўақытлары түн ишинде атым дүгир-дүгир етип қулағын тикирейтип, қақшыйып турып қалды. Мен де мылтығымды қолыма алып таярланып отыра

www.ziyouz.com kutubxonasi

бердим. Бағанағы көрген нәрсем келди де, шапанымды жаўып қойған сексеўилди қапсыра қушаклады. Сол ўақытта сыңсыған даўыс еситилди. Мылтығымды гөзледим де атып жибердим. Не де болса азанда көрейин деп, мылтығымды басыма таслап жатып қалдым. Таң атты. Азанда барсам, оқ тийген екен. Тырнағы бир қарыс бир бәле, тырнағы сексеўилге кирип кетипти. Бул «жезтырнак» деген аң екен. Тақсыр, мен усындай ҳәдийсени көрдим, бирақ сизиң қызыңызды ҳеш жерде көрмедим. Және көргенинди айт десеңь, айтып берейин, — дейди Арық мерген.

Патша:

— Көргенинди айт, — деп рухсат етти.

— Бир күни аң аўлап келип, кеште бир жерде атып алған қуланымды асып отыр едим, бойы бир тутам, шашы аяғына сүйретилген бир нашар келип, ол да тамағын қазанына салып от жағып отыра берди. Мен отырсам, отырады, турсам, турады. Қазанға отын салсам, ол да қазанына отын салады. Бир ўақытлары қазандағы аўқатым писип, гүртикке қамыр ийледим, ол да қамыр ийледи. Қазанға гүртик салдым, ол да гүртик салды. Аўқатымды табаққа шығарып жесем, ол да тамағын табаққа салып жей баслады. Мен не ислесем, ол да соны ислеп, еки көзин меннен айырмады. Не де болса усыннан бурын жеп болып, буны атып өлтирейин, деген ойға келдим. Мен оннан бир гүртик бурын жеп болдым да, мылтығымды қолыма алып атып салдым. Сол жерде сеспестен жан тапсырды. Бул адам жейтуғын албаслы деген мақлуқ екен. Тақсыр, мен усындай бәлени көрдим, бирақ сизиң қызыңызды көрмедим, және көргениң болса айтып бер десең, айтып берейин, — дейди Арық мерген.

Патша Арық мергенге көргенин айтып бериўге және рухсат етеди.

— Бир күни аң аўлап қайтып киятырсам бир ақ жылан менен қара жылан, екеўиниң урысып атырғанының үстинен шықтым. Қара жылан ақ жыланға зорлық қылып өлтирейин деп атыр екен. Ак жыланға реймимим келип, қара жыланды атып едим, оғым ақ жыланға тийип, сол жерде жан тапсырды да, қара жыланның арқасына үш пытырам дарып, аман қалып қашып кетти. Сол жерге үш адам келип, «сен патшамызға жаманлы болдың, ақ жылан патшамыздың ҳаялы еди, сени патшаға алып барамыз» деп, жердиң астына қарай алып кетти. Мен жердиң астына кирер жерде мылтығымды сыртқа қойып кеттим. Жаңағы адамлар мени жердиң астындағы жылан патшасының алдына алып барды. Патша меннен ақ жыланды атқанымның себебин сорады. Мен бирим-бирим айтып бердим.

— Ондай болса сол қара жыланды таныйсаң ба? — деди патша.

— Көрсем, таныйман, — дедим патшаға.

— Көзиң жақсылап көрсин — деп, буннан кейин патша жердиң астындағы, үстиндеги жыланлардың ҳәммесин алдырып, бирим-бирим алдымнан өткерди. Ол жыланлардың ишинен мен көрген қара жылан көринбеди.

— Булардың ишинде ол жылан жоқ, — дедим патшаға.

Оннан кейин жасаўыл жыланларын шақырып алып:

— Биз алдырмаған қандай жылан қалды? — деди.

Биреўи турып:

— Нағалай атаўда жети жылан бар, тек сол қалды — деди.

Патша еки жасаўыл жыланын жиберип жети жыланды алдырып алдымнан өткерди. Алты жылан өтип жетинши жыланды көрсеттим. Мениң айтқан қара жыланым сол екен. Арқасындағы дарыған үш пытырамның орны еле жазылмаған екен. Патша қара жыланды услап алып, мойнына буғаў салып асып өлтирди. Соннан кейин патша маған:

— Сениң айыбың жоқ екен, айып қара жыланда екен, — деп қолыма бир домалақ алтын берип, жердиң астынан үстине шығарып жиберди.

Жердиң үстине шыққананнан кейин баяғы қойып кеткен мылтығымды алайын деп барсам, мылтығымның тек сүлдери жатыр да, өзи күл болып қалыпты. Мениң мылтықсыз күним бар ма, «не де болса қолымдағы алтынға бир мылтық алайын» деп бир шәҳәрге барсам, бир адам қолында мылтығы бар, «ким бир домалақ алтын берсе, соған беремен» деп жүр екен. Бир домалақ алтынымды берип, сол мылтықты алдым. Мылтықлы болғаннан кейин бурыннан ислеп киятырған кәсибим аншылық болған соң, және аң аўлаўға кирисип кеттим.

Бир күни мылтығымды ийниме салып киятырсам, бир жолбарыс көлдиң ишинде үлкен бир ылақа менен илинисип атыр екен. Бир ўақытлары жолбарыс ылақаны ийни менен асырып ылақтырып жиберди. Ылақа анадай жерге барып дүрс ете қалды. Мен де балтамды қолыма алып, ылақаны шаўып өлтирдим. Көзиң жақсылық көрсин, қанша шыққанын кудай билсин, сол жерде сойып алып, жолбарыс пенен аўқат қылып жата бердим. Бир күни азанда қасымдағы жолбарыс зым-зыя жоқ болып шықты. Әне келеди, мине келеди менен сол күни келмегеннен кейин, ертеңине излеп таўып алайын деп киятырсам, дос жолбарысымның киятырғанын көрдим. Бурынғыдай мәниси де жоқ, арқалары жарадар болып қалыпты. Сол жерде адам қуны ақ дәрини арқасына жағып, бир неше күннен кейин жарасын жазып

www.ziyouz.com kutubxonasi

алдым. Бир күни жолбарысым және жоқ болып кетти. Еки күнге шекем күттим, келмеди. Буған бир ис болған шығар, не де болса излеп тауып алайын деп, излеп кеттим. Излеп киятырсам, алдымда еки жолбрастың өлип жатырғанын көрдим. Биреўи мениң дос жолбарысым екен, екиншиси жолбарыс мени жейин деп сыртымнан жерип жүрген жолбарыс екен. Буны дос жолбарысым сезип, зақым етип жүрер деп алысқанда екеўиниң де өлгениниң себеби усы екен. Буннан кейин дос жолбарысымды жақсылап көмип, қапаланып киятырсам, қарсы алдымнан бир қыз шықты. Маған ҳәр нәрсе тап бола берди ғой, бул да маған шыққан жаў шығар, деп ойлап, қасыма жақынластырмай атып өлтирейин деп, көкирек аўзыннан байлап атып жибердим. Қыз оқ тийгеннен соң сыңсып жылай баслады, қасына жақынлап барғаннан кейин ол маған:

— Мен саған он бес жыл сыртыңнан ғайбана ашық едим. Сени излеп шыққаныма нешше күнлер болды. Ақырында сениң оғыңнан өлип баратырман, — деп қыз айтып көзин жумды.

Мен сол жерде ақ жуўып арыўлап, көмип, үстине жай салдым. Мәгар болса, сизиң қызыңыз сол болар, — деп Арық мерген сөзин таўысыпты.

Буннан кейин патша қызының хабарын еситип, Арық мергенди қыяметлик күйеў бала етип, өзиниң бас ўәзири етип қасына алды.

## АҚҚУЎБАЙ ПАТША

(Р-80. № 50411)

Аққуўбай патша қарақус пенен урысып, бир кемпир менен ғаррының үйиниң шаңарағына келип қонады. Кемпир:

— Бизге қудай жеткерген шығар, услап алып сойып жейик, — дейди ғаррысына.

Сол ўақытта Аққуўбай:

— Мени сойған менен бир тоярсаң, оннан мениң жарамды таңып, келеге келтириңиз, мен сизлердиң мақсетиңизди орынлайман, — депти.

Ғарры Аққуўбайды шаңарақтан алып, жараларын емлеп, бирнеше күн үйинде бағады. Аққуўбай жарасы жазылып, өзине келгеннен кейин:

— Ал, мени ушыр, қай ўақытта мениң қарам үзилсе, сол ўақытта мениң ушқан жағыма қарай излеп бара бер. Не керегиң болса, тайын қыламан, — деп ушып кетеди.

Аққуўбайдың қарасы үзилгеннен кейин ғарры қолына ҳасасын алып излеп кете береди. Бир жерлерге барғанда көп жылқыға ушырасады.

— Бул кимниң жылқысы? — деп сорапты ғарры жылқышыдан.

— Аққуўбай патшаның жылқысы, — дейди.

Ғарры алдына қарап жүре береди. Бир жерлерге келгенде алдынан көп түйелер шығады.

— Бул түйелер кимниң түйелери? — деп сорайды ғарры.

— Аққуўбай патшаның түйелери, — депти түйеши.

Ғарры тағы кете береди. Бир ўақытлары алдынан жайылып атырған қойлар шығады.

— Бул кимниң қойлары? — депти ғарры.

— Аққуўбай патшаның қойлары, — деп жуўап береди қойшы.

Ғарры Аққуўбай патшаның усынша байлығын көрип аң-таң шығып, оның үйин де таўып алады. Патша ғарры менен көрисип оны қатты сыйлайды. Ғарры төрт-бес күн болғаннан кейин:

— Үйимде жалғыз кемпирим қорқып отырған шығар. Руқсат етсеңиз үйиме қайтайын, — деп Аққуўбай патшадан жуўап сорайды.

Патша:

— Бираз жерден келип бир-еки ай болыўыңыз керек еди. Қайтсаңыз, мениң изиме ериң, — деп, ғаррыны ғәзийнеханасына ертип апарады. Алты жайдан өтип, жетинши жайға киреди. Үлкен бир сандықты ашып, ишинен кишкене сандықшаны алып:

— Я далада жайылып жүрген малларымды ал, я усы сандықшаны ал, қәлеўиңиз өзиңиздики, — депти.

— Малға қарайтуғын адамым жоқ, оны айдап та жеткере алмаспан. Алып жүриўиме қолайлы усы сандығыңды-ақ бере ғой, — дейди.

Аққуўбай патша сандықты берип турып:

— Бул сандықтың баҳасы өристеги мал менен теңдей. Жолда ашыўшы болма. Үйиңе барғанда ашқайсаң, — деп, хош аллаяр айтысып ғаррыны жолға шығарып салады.

Әне, ғарры сол кетистен кетип, бир жерлерге барғанда «мен сонша малды бергенде алмай, усы

www.ziyouz.com kutubxonasi

кишкене сандықты алдым. Бунның ишинде не бар екен, өзи болса жеп-жеңил, көп узақламай усы алаңлықта ашып көрейин» деп ойлайды. Ғарры сандықты ашып жиберип еди, ишинен қара қурымдай мал шығып тум-туска өрип кете береди. Аң-таңы шығып, хәр қайсысына бир жуўырып, хеш қайсысын услай алмай отырғанынын үстине бир қарақус ушып келип:

— Я малыңнан без, я балаңнан без, — дейди ғаррыға.

— Япырмай бала, сонша малдан қалай беземен. Өзим болсам дүньяға шығып жаңа маллы болып атырман. Оннан қайта «баламнан бездим» дейин. Еки бастан үйимде жалғыз кемпиримнен басқа балам жоқ, мениң немди алады, — деп ойлайды. Ғарры «бар, баламды бердим» деген ўақытта бағанағы шығып кеткен маллардың хәммеси сандықтың ишине қайтып киреди. Ал қарақус болса өз жөнине кетеди. Ғарры да сандығын арқасына қағып салып үйине келеди.

Ғарры үйине барыўдан он жети жасар бир бала «биз әкемиздиң қарызына кеттик» деп үйден шығып кете береди. Ғарры кемпиринен:

— Бул кимниң баласы? — деп сорайды.

Кемпири:

— Бай-буў, маңлайым-ай, сен еле билмейтуғын ба едиң? Сен кеткенде усы балаға жерик қалып едим. Сениң кеткенине де бир талай жыл болып қалды. Сол ишимде қалған бала ғой. Хәзир, қудайға шүкир, жигит болып қалды, — дейди.

Ғарры үйинен жуўырып шығып баланың артынан әри-бери бақырып еди, бала хеш қайрылмай кете береди.

Кемпир менен ғарры мал-дүньялы бола берсин, ендиги сөзди баладан еситиң. Бала сол кеткеннен кетип, бир жерлерге барғанда дәрьяға шолпы салып атырған бир ғаррыға жолығып тәңир сәлемин берип, киятырған жумысын айтып, қарақус патшаның елин сорайды.

— Балам, өзиң болсаң жас жансаң, келешегиң алдында, өзиңди өлимге байлап бергенше, оннан аман қалыўдың жолын айтайын, — дейди.

— Айтсаң айт, қандай етсем өлимнен аман қутыламан? — депти бала.

— Қарақус патша сондай дуўахан адам. Оның үш қызы бар. Ең киши қызы әкесинен бир дуўа артық биледи. Сен сол киши қызын таўып ал. Сени өлимнен бир қутқарса сол қутқарады, — деп, балаға қарақус патшаның елин силтеп жибереди.

Бала Қарақус патшаның киши қызын таўып алып киятырған жумысын айтады.

— Әкемниң үш шәрти бар. Биринши шәрти: Есигинде байлаўлы қара аты бар. Келген адамды сол атты суўғарып келиўге жумсайды. Ат, алдынан барса, тислейди, артынан барса, тебеди, келген адамлардың бәри сол аттан өлип атыр. Ал, сени де сол атқа жумсайды. Сол ўақытта сен үйдиң оң жақ қапталында жатқан үлкен айбалтаны ала шыққайсаң. Ат тислейтуғын болса, басына ур, тебетуғын болса, аяғына ур. Соннан кейин ат жуўасыйды. Сол ўақытта аттың үстине минип ал да, суўғарып келип байлай ғой. Әкемниң бир шәрти соның менен питеди. Екинши шәртин қайтып келгеннен кейин айтаман, — деп, қыз баланы әкеси Қарақус патшаға жибереди.

Бала патшаның алдына барып:

— Тақсыр, әкем сизге бир бала қарыздар екен, соған келген баламан, — дейди.

— Келсең, жақсы болыпты. Қорада қара ат байлаўлы тур. Соны суўғарып келип, орнына байлап, от сал, — дейди.

Бала қыздың айтқанындай үйдиң оң қапталында жатырған айбалтаны алып атқа барады. Ат тислей бергенде, басына балта менен салып-салып жибереди. Ат тебиўге ыңғайласқанда аяғына урады. Буннан кейин ат жуўасыйды. Бала үстине қарғып минип, суўғарып келип, алдына от салып, патшаның алдына барады.

— Атты суўғарып келип, орнына байладым, — дейди бала.

Қарақус патша баланың аман қалғанына хайран қалып:

— Енди бир түнниң ишинде дәрьяға көпир салып бересең. Көпирдиң хеш жеринде мин болмасын. Бир шетинен жумалатқан мәйек екинши шетине иркилмей жететуғын болсын. Егер бир жеринен мин табылса, өлим жазасына буйырыласаң, —депти балаға.

Бала патшаның киши қызына келип, әкесиниң буйырған жумысын айтады. Қыз:

— Сен бул ушын қыйналма. Бул жумыс сениң қолыңнан келмейди. Мен дәўперилерди шақырып, бир түнниң ишинде көпирди тайын етемен. Сен азан менен барып көпирдиң басында тура бер. Азанда әкем келип, көпирди қабыл етер, — дейди.

Бала қыздың үйинде жата берсин, қыз барлық дәўперилерди шақырып түни менен көпирди салыўға кириседи. Көзиң жақсылық көрсин, азанда мүсиндей көпир пайда болады. Бала ерте турып көпирдиң басында патшаны күтип отыра береди. Бир ўақытлары патша қасында бес-алты адамы менен көпирдиң ол жағына бир, бул жағына бир шығып қарайды, хеш жеринен мин таба алмайды. Мәйек жумалатып

www.ziyouz.com kutubxonasi

көреди, хеш жерде иркилместен жумалап өте береди. Қарақус патша көпирди қабыл етти. Бирақ бул истиң бәри киши қызы тәрепинен исленип атырғанын биледи.

Қарақус патша ертеңине баланы шақырып алып:

— Мениң үш қызым бар, үшеўин кептер қылып алдыңа жиберемен. Киши қызымды усласаң аман қаласаң ҳәм сол қызымды саған беремен, ал үлкен қызымның биреўин усласаң, өлим жазасына буйырыласаң, — дейди.

Бала патшаның киши қызына келип, әкесиниң айтқан шәртин айтады. Қыз:

— Ертең бизлерди кептер етип жибергенде бир-биримизди айырып алыўың қыйын болады. Сол ўақытта мен қасымдағы еки кептерди шоқый беремен, сонда мени усларсаң, — дейди.

Патша ертеңине баланы алдына шақырып, үш қызын үш кептер етип жибереди де:

— Киши қызымды услап бер, — дейди.

Киши қызы қасындағы еки кептерди шоқый береди. Бала шоқыған кептерди услап береди. Буннан кейин үш қызын үш таўық етип жибереди. Киши қызы қасындағы таўықларды шоқыйды. Бала шоқыған таўықты услайды. Сол жерде патша киши қызын балаға береди. Қыз үйине келгеннен кейин балаға:

— Әкемниң жүйрик еки аты бар, мен соны алып келемен. Екеўимиз еки атқа минип елиңе қашайық, бул жерде болсақ, саған бир зақым болып жүрер, — дейди.

Бала да келисим береди. Бир күни түнде қыз әкесиниң еки атын урлап әкелип, екеўи еки атқа минип қашады. Қарақус патша булардың қашқанын билип, изинен қарақус болып қуўады. Енди жеттим дегенде екеўи еки кептер болып қашады. Қарақус патша лашын болып қуўады. Булар еки үйрек болып қашады. Енди жеттим дегенде, екеўи еки гөне там болып тура қалады. Қарақус патша бир-еки рет айланып ушып, әри-бери жалынады, булар гөне там болып тура береди. Буннан кейин Қарақус патша «ал, мен кеттим» деп, қублаға қарай ушып өте кетеди. Булар да адам сүўретине енип, атларына минип баланың үйине келеди. Кемпир менен ғарры баласын аман келгенине ҳәм келинли болғанына үлкен той берип, мурат-мақсетине жетеди.

## ЖАРЛЫНЫҢ БАЛАСЫ
(Р-278. № 84306)

Өткен заманларда бир жарлы адам болыпты. Оның баласы патша қызын алыўды әрман етер еди. Бул тилегин әкесине айтқанда әкеси:

— Балам, бизлер жарлымыз, патша — бай адам, дүнья-малға қызады. Мал-дүнья бизде жоқ екен, қалай патша менен сөйлесемиз? Қуда болыў жолын қалай келистиремиз? — дейди.

Сонда бала:

— Патша есигин сыпыра бер, сени услап алғанда жасырмай «мен сениң менен қуда боламан, мениң балама қызыңды бер, мен келин қыламан» деп айт. Соннан соң патша бир нәрсе айтады. Оннан кейин өзим келистиремен, — деп қоймайды.

Әкеси баланың айтқан сөзин қыймай патша үйине барады да, есигин адамлар турмастан бурын сыпырып жүре береди. Бир күни патша билип:

— Сыпырып жүрген адамды услап алың, неге есикти сыпырып жүр екен? — дейди.

Қараўылға қойған адам жарлы адамды услап алады да патшаның алдына әкеледи. Сонда патша:

— Қәне, жарлы, айт, не ислеп жүрсең? — дейди.

Сонда жарлы:

— Мен сизиң менен қуда түсейин деп жүрмен. Сиз қызыңызды бизиң балаға бериң, мениң жумысым усы еди, — дейди.

Патша:

— Бар, балаң журтта жоқ өнерди үйренип келсин, — дейди.

Жарлы келип баласына айтады. Жарлы баласы елден шығып, түрли қалаларға барып, жай салыў, жайға түрли нағыс салыў менен қатар билимди де ийелейди. Бир қалада билимли бир кемпирге бала болып, сол кемпирден көп илим үйренеди. Бала илим-билимди әбден үйренип алғаннан кейин сыйқырлық жолға түседи. Билим менен бала көп шуғылланып, кемпирде бар сыйқырлықты да үйренеди. Кемпирден де өткерип дуўахан болады. Кемпирине кетер алдында «кетпестен бурын сени бир байытып кетейин» деп, бала өзин базарға хеш кимде жоқ қошқар етип кемпирге жетелетип шығарады. Кемпир базарда бир байға қошқарын мың тиллаға сатады. Екинши базар бир жақсы жорға ат етип шығарады. Буны да бай мың тиллаға алады. Үшинши рет бала кемпирге:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бүгин жақсы бир түйе боламан, бас жибимди сатып алған адамға берип жиберме, берип жиберсең, шатақ болады, — дейди.

Бүгин де кемпир баланы түйе етип услап тур еди. Бир адам кемпирге келди де:

— Түйени неге beресең? — деди.

Сонда кемпир:

— Мың тилла, — деди.

Жаңағы адам «усы кемпир екен күнде адамды хәр не қылып сатып үйренген» деп мың тилла ақшаны кемпирге санап берди де, түйени үйине қарап жетеледи. Кемпир «бас жибин бермеймен» деп әри-бери умтылса да, хеш кимпирдиң сөзине итибар бермеди. Бул күни түйени алған қассап екен.

Қассап үйине түйени апарып сойыўға таярланып, үйине пышағын, қайрағын алыў ушын қайырылады. Қассаптың қызы әкесиниң киятырғанын көрип, «алып киятырғаны бир жас түйе екен. Әкем усыны сояды-аў, мен керекли затларын жасырайын» деп, пышақ пенен қайрағын үйдиң ишине қозаққа көмип таслады. Қассап келди де:

— Үйдиң төринде турған пышақ пенен қайрағымды әпер, — деди.

Қызы:

— Пышақ, қайрағың жоқ, — деди.

Қассап түйени белдеўине байлап үйге киргенде бала бир дуўаны оқыды да, шымшық болып ушып кетти. Қассап далаға шықса, шымшық болып ушып баратырғанын көрди де, қырғый болып қуўды. Сол күни патша аңға шығып киятыр еди. Бала басына барды да, жыға болды. Сонда қассап патша алдында жыраў болып айта берди. Патша жыраўдан «не керек?» деп сорағанда:

— Басындағы жыға керек, — деди.

Патша үш сорады, үшеўинде де жыраў «жыға керек» дей берди. Патша басындағы жығаны алып жыраў алдына ылақтырып жиберди. Жыға тары болып шашылып кетти. Жыраў үлкен бир қораз болып шөпледи. Тарыны жеп болдым деп, қораз қатты шақырып турғанда патша геўишинде бир тары жабысып қалып еди, ол сағал болды да, таўықты қағып салды. Дуўаны жаздырып жиберип патша алдында усы өнерлерди көрсетип:

— Енди қызыңызды бересиз бе? — деди.

Патша көрген өнерлерине хайран қалып, жарлы баласына қызын берди. Жарлы баласы патша қызын алып, сыйқырлықты қойып, қаладан түрли жай салыў, нағыс салыў қусаған жумыслар менен өмир сүрди дейди.

## ГҮЛЗИЙБА ХӘМ МЕЙТИН

(Р-98, № 1615)

Бурынғы өткен заманда бир патша болыпты. Оның жалғыз ғана Гүлзийба деген қызы бар екен. Ўәзириниң Есназар деген бир улы болыпты. Есназар Гүлзийба менен бир мектепте оқып шығыпты.

Патша басқа ул перзенти болмағанлықтан, қызына ул баланың кийимлерин кийгизип қояды екен. Сонлықтан да халайық «ханның ул баласы бар» деп пәмлейди екен. Хәттеки, ўәзирдиң өзи де патшаның перзенти қыз екенлигин сезбейди.

Күнлерден бир күн патша менен ўәзир пикир алмасады.

— Бизлер болсақ картайдық, балалар болса ер жетти. Енди мен ханлығымды балама берсем, сен ўәзирлигиңди балаңа берсең, — дейди хан.

Бул сөз ўәзирге де мақул түседи. Сөйтип, патша өзиниң гүллән сорамына хабар етеди. Отыз күн ойын, отыз түн тойын берип, патша тахтын қызына береди. Ўәзир орнын улына береди. Хәмме халайық «ханның улы атасының орнына хан болды» деп бақырысып тарқасады. Олар патшаның перзенти қыз екенлигин билмейди. Есназар да Гүлзийбаны ер бала деп ойлап жүреди.

Гүлзийба менен Есназар қанша ақыллы болса да, еле жаслаў еди. Олар патшалықтың жумысларын атқарыўда қыйналады.

Олар хәдемей жигирма жасына келеди. Күннен күнге олардың арасында дослығы артады. Бәлким, бирин-бири көрмесе, жалғыз отыра алмайтуғын болып қалған шығар. Сөйтип жүрип, Есназар оның қыз екенин сезеди, Гүлзийба да өзиниң қыз екенин оған әшкаралайды. Ортада ашықлық пайда болады. Бири аларман, бири тийермен болып ўәде етеди.

Бир күни Есназар:

— Мен сени көрмесем, бир күн де тура алмайман. Ўақыт болса өтип баратыр. Атам болса мени үйлендириўди ойламады. Сизиң атаңыз болса, сени қыз болсаң да улым деп сақлап отыр, ханлығын

www.ziyouz.com kutubxonasi

берди. Сени күйеуге бериўди ол да ойламайды. Бизлер өзлеримиз-ақ қосылып, турмыс кешириўдиң бир илажын етсек қалай болады? — деп айтады.

— Мен де соны ойлайман. Бирақ, ата-ананың хызметин қәйтемиз? Биз өз қайылшылығымыздың еркине елден шығынып кетсек, қартайған ата-ана бизди ғарғамай ма екен, сиз қалай деп ойлайсыз? – дейди Гүлзийба.

— Сизге ата-ана қандай керек болса, маған да сондай. Бирақ, ул балам деп сақлап отырған сизиң атаңыз, енди усы ханлық-бийликтен былай-былай жылжытпас. Екеўмиздиң сырымыз әшкара болған күни екеўмизге де жақсылық болмаўы мүмкин, — дейди Есназар.

Сөйтип екеўи елден шығарман болып, сол күни ўәде қойысады. Кеште Есназар еки атты ҳәзирлеп, ел жатар ўақты ханның ҳәреминиң ишинде күтпекши болады. Гүлзийба өзине дәрек кийимлерин, жат журтқа қашып барғанда жейтуғын азық-аўқатын, пулларын, дүнья-малын алып, ел жатар мәҳәл күтип отырған ярының жанына барып екеўи атланып қашпақшы болады.

Кеш болады. Есназар еки атты адамларына ҳәзирлетип, ханның ҳәремине алып келтирип байлатады.

— Өзим усыманда боламан, — деп адамларын қайтарып, атлардың қасында қалады.

Атлардың шылбырларын услап отырып, уйқысы келип қалқыйды. Қыйсайып жатып уйқылап қалады. Ол уйқылаған мәҳәлде сол күни ханның ғәзийнесине урлыққа түсиўге ўәделескен қырық урының еки адамы бунын қасына жетип келеди. Келсе, бир адамның еки аттың жанында уйқылап жатырғанын көреди. Урылар Есназардың уйқысын бузбай, еки аттың да шылбырын шешип алады. Ол уйқылап қала береди. Урылар былайырақ барып турса, бир адамның аяғын тырс-тырс басып киятырғанын көреди. Дәрҳал биреўи атқа минеди. Бири атты тутып турады. Бул тырсылдап басып, ўәде бойынша киятырған ханның қызы Гүлзийба еди. Атларды көрип, булардың жанына келеди. Қыз келип:

— Ўәзирмисең? — деп сорайды.

Урылардың атқа минип турғаны:

— Аўа, ўәзирмен, тез ғана атқа мине ғой, — дейди.

Сөйтип, булардың ким екенлиги де ойына келмей, қыз атқа минеди. Атлы турған уры алдына түседи. Ҳәремнен шығып жолға раўана болады. Үндемей, түн демей, екеўи таң атқанша жол жүреди. Таңның ала геўгиминде Гүлзийба кетип баратырып көз салып қараса, қасындағы атлы киятырған адамның кийген кийими, турпаты ҳеш ўәзирдиң баласына уқсамайды. Бул адамға кейнинде жүрип қарайды, алдында жүрип қарайды, бул адамның ким екенлигин билмей ҳайран болады. Ақырында, не болса да бахтымнан көрермен деп, Гүлзийба изине ере береди.

Күн шығып, көтерилип уллы сәске болады. Соған дейин жол жүреди. Таслақтың үсти менен бир ойпатлық жерге қулайды. Қараса, бир жағы көлатлық, бир жағы таўлық, бир жағы ойпаўыт екен. Бул ойпаўытта қырық урының жайы бар екен. Гүлзийбаны қолға түсирип алған уры баслығы екен. Өзинин жайына алып барады. Аттан түседи, үйге киреди. Шай қайнайды, аўқат писириледи. Аўқатты жеп отырып, Гүлзийбаны үйине алып келген урылардың баслығы жөн-жосақ сорап, сөз баслайды. Гүлзийба өзиниң ханның қызы екенин, ўәзирдиң баласы менен қашаман деп нийетине ерисе алмағанлығын айтып береди. Қырық урының баслығы да ханның ғәзийнесине урлыққа түсиўге барғанда еки аттың турғанын, бир адамның уйқылап атырғанын, оның уйқысын бузбай, шылбырын кесип атларды босатып алғанын ҳәм Гүлзийбаның келиўинен атқа миндирип үйине өзи алып келип отырғанын айтады.

Әне, сол күни түс болады. Сол ўақта биреўлер келип, қырық уры да жәм болады. Қырық уры жәм болып, алып келген мал-дүньяны ортаға үйеди. Гүлзийбаның дүньясын да соған қосып, өзин ортаға отырғызады. Урылардың баслығы барлық затты бөледи. Енди ортада бөлинбеген Гүлзийба қалады. Оны ким алыўы белгисиз. Ҳәр қайсысы ҳәр жақтан «мен аламан», «сен алмайсаң» деп, урылар өз-ара бир-бирине пышақ алып жуўырысады. Сонда Гүлзийба:

— Ағалар, мен сизлерге бир төрелик етейин. Сизлер мениң үстимде пышақласып, жаманласпаң! Ақыры, бирлигиңизди сақлаң. Сизлер ҳәзир атыңызды миниң. Бир майданлыққа шығайық. Сол майданлықта бир сызық белгилейик. Сизлер бәйгиге атларыңызды қосың. Мен атларды қасыма байлап, сизлерди күтейин. Қайсыңыздың атыңыз озып, сызықтан бурын өтсе, мени сол алатуғын болсын, — деди.

— Буны қалай көресиз? — деди урылардың баслығы.

Басқаларына да сол мақул түседи. Барлығы атланады. Үлкен бир майданлыққа шығады. Сол күни атларын сейислеп бир күншилик жерден ат шабысып, келеси күн азанда Гүлзийбаны қалдырып, қырық уры ат жарыспаға кетеди. Қырық уры арадан қараны үзип кеткен соң Гүлзийба өзиниң атларын ертлейди. Затларын атқа бөктереди, бирин минип, бирин жетелеп, алыстан көринген бир байтерекке қарап жүрис етеди. Байтерекке жақынлап барса, кишкене көлсымақ суў бар. Бир жағы шарўаға қолай жер екен. Булман өзиниң атасының қойларын бақтыратуғын отаў жайы еди. Қой бағып жүрген шопанлардың үстинен шығады. Шопанлар буны көрип сәлем береди, сәлемин әлик алады. Шопанлардың биреўи орнынан секирип турып:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ғайыптан жүрсиз бе, арнаўлы келдиңиз бе? Жолыңыз түсип келген екенсиз, аттан түсиңиз, есабы жоқ ханның қойларынан қозы пайыңызды жеп кетиңиз, — деп атын жылаўлайды.

— Мен ғайыптан да жүрген жоқпан. Булманға арнаўлы да келген жоқпан. Қырық жигитим менен шикарға шыққан едим, алдымнан бир кийик шығып, жалғыз қуўған едим. Кийик туттырмады, қырық жигиттен адастым, енди мени кимде-ким қырық жигитиме апарып қосса, мың тилла беремен, қайтымына жетегимдеги атты беремен, — деди Гүлзийба.

Шопанлар буны еситип таяғын тартып урады, белин беккем буўады.

— Әдеп сизиң хызметиңизди бәржай етемиз, — деп, олар қол қаўсырып тик турады.

Гүлзийба сер салып қараса, бир шопанның күш-ғайраты бардай. Сымбатына қараса, мәртликтиң нышаны көринеди. Шопанда болған түр-сымбат Гүлзийбаға унайды. Жетегиндеги атын мингизип, гүзар жолға түсип, шопанды изине ертип, «енди бәри бир атама жаманатлы болдым» деп, тағы бир ханның сорамағына қарап жол тартады.

Бир неше күн жол жүреди. Жолда киятырып барлық болған ўақыяны айтады. Шопанның атын Мейтин деп атайды. Гүлзийба тийермен, шопан аларман болады. Екеўи атлы жүрип отырып бир шәхәрге жетеди. Шәхәрге жетип, бир сарайманның жайына түседи. Жай тутады, атларды сатады. Гүлзийбаның алып шыққан дүньясы менен атлардың пулын жумсап жата береди.

Күнлерден бир күн Гүлзийба Мейтиннен жүкли болады. Туўар айлары жақынлайды. Тоғыз ай, тоғыз күн мүддети питип, Гүлзийба қошқардай бир ул туўады. Буған дейин Мейтинниң анасын да журтынан алдырған екен. Туўылған баланы Мейтинниң анасының етегине салады. Бул бала кемпирдиң етегинде өсе береди. Арадан тағы неше күн өтип, булардың қәрежети кемейеди. Қәрежет пулы болар деп, Гүлзийба бир тақыя тигеди ҳәм Мейтинге айтады:

— Ертең мына тақыяны базарға алып бар, баҳасын бес тилла дегейсең. Ким бес тиллаға алса, соған сат. Алмаса, сатпай алып қайт, — деди.

Ертеңине азанда тақыяны алып, Мейтин базарға барады. Базарда тақыяны қолына көтерип жүрсе, бир саўдагер:

— Тақыяны неге бересен? — деп сорайды.

— Бес тилла болса, сатаман, — дейди Мейтин.

— Ҳаў, тақыяның әўлийесин он бес пулға береди. Сениң тақыяңның бес тиллалық қандай қәсийети бар? — дейди саўдагер.

— Мен, тақыямның мынандай қәсийети бар, деп айта алмайман, — дейди Мейтин.

— Тақыяңа бир теңге берейик, — дейди саўдагер.

— Болмайды, — дейди Мейтин.

— Тақыяңа бир манат берейик!

— Яқ, жетпейди, — дейди жигит.

Саўдагер тақыяны қайтадан қолына алып қарайды. Абайлап қараса, «Кимде-ким перзенти болмаса, усы тақыяда жазылған дуўаны оқып сақлап қойса, ол перзентли болғай» деп жазып қойған екен. Оның перзенти жоқ екен. Тақыядағы дуўаны көрип, бес тилласына қайыл болып тақыяны сатып алады. Сөйтип, саўдагер жөнине кете береди. Мейтин бес тиллаға керек жарағын, азық-аўқатлық затларын алып келип Гүлзийбаға тапсырады.

Гүлзийба келеси базарға дейин тағы бир тақыя тигип шығарады. Буның баҳасын он тилла дейди. Мейтин тақыяны алып базарға барады. Тақыяны қолына алып базарды аралап жүргенде хәр ким баҳасын сорай баслайды.

— Баҳасы он тилла, — дейди ол.

— Тақыяның баҳасы да он тилла боламакен?! — деп биреў қолына қайтып берип кетеди.

Мейтин тақыяны қолына услап жүре береди. Бир заманнан баяғы биринши тақыяны сатып алған саўдагер дуўшар келеди. Мейтинниң тағы да бир жақсы тақыяны сатайын деп жүргенин көрип қасына келеди.

— Тақыяны неге бересен? — деп сорайды саўдагер.

— Он тиллаға беремен.

— Бес тилла берейин, — дейди саўдагер.

Мейтин сатпайды. Саўдагер тақыяны қолына алып қараса, «Кимде ким тақыядағы дуўаны оқып сақласа, байлығы ассын» делинген екен. Саўдагер он тиллаға сатып алады. Мейтин он тилланы алып үйине келеди. Бул пулларға кийим-кеншек, азық-аўқат алады.

Келеси базарға дейин Гүлзийба тағы да бир тақыя тигип шығарады. Мейтин тақыяны алып базарға барады. Тақыяны көтерип жүрсе, баяғы саўдагер бүгин де жолығады. Саўдагер тақыяның баҳасын сорайды.

— Он бес тилла, — дейди Мейтин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Саўдагер бул сапары хеш нәрсе деместен тақыяны он бес тилләға алады. Ол «тақыя тигетуғын адамды бир көрейин» деп ойланады. Сөйтип ол Мейтинге қарап:

— Егер сыр болмаса, бул тақыяны ким тиккен екен? — деп сорайды.

— Өзим тиктим, — дейди жигит. Өйткени, ҳаялы «мениң тиккенимди хеш кимге айтпа» деп қойған еди. Саўдагер Мейтинди үйине мирәт етеди ҳәм жақсылап күтеди. Мейтин «саўдагерден жаманлық шықпас» деп ҳаялының тиккенин айтып қояды.

— Жайыңыз қай жерде? — деп сорайды ол.

Мейтин аққөкирекленип, сол күни кеште үйине оны қонаққа алып келиўди ойлайды. Саўдагер пайтон арбасына еки ат жегип, изине өзи минип, Мейтинди қапталына отырғызып, үйине қарай жол алады. Булар үйдиң алдына барып пайтоннан түсип атырғанда Гүлзийба жайдың әйнегинен қараса, Мейтин биреўди ертип келипти.

— Бир бәле болып қалмасын, — депти де, өзи дәрҳал барып төрде турған үлкен сандықтың ишине жасырыныпты. Енесине «мени бир жаққа кетти деп қойыңыз» дейди ол.

Бир ўақта Мейтин алып келген қонағын үйине киргизипти. Саўдагердиң еки көзи Гүлзийба туўған, ойнап жүрген балада болады. Оны Мейтин де, анасы да сезбейди. Бирақ, Мейтин бир мәҳәли анасына қарап:

— Гүлзийба қайда? — деп сорайды.

— Қыдырып кетип еди, — дейди анасы.

Саўдагер сумлық етип, мийманханада отырып, таңның алдына шекем уйқыламай, Мейтин менен анасын сөзге айландырады. Таң алдында ғана қонақтан жуўап алып, Мейтин менен анасы өзлериниң жайына уйқылаўға кетеди. Саўдагер жатса да уйқыламайды. Турып барып кемпир менен Мейтинниң уйқылаған-уйқыламағанын барластырады. Олар уйқыға кеткен ўақтында саўдагер жайдың ишиндеги сандықты тыңласа, ишинде бир дыбыс сезиледи. Гүлзийба жатқан сандықты пайтонға салып алып қашады. Ҳәдемей-ақ саўдагер жайына келеди. Сандықты ишке киргизип ашып қараса, ишинен Гүлзийба шығады. Саўдагер Гулзийбаны көрип аң-таң болады. Оны бөлек басқа жайға алып барып отырғызып қояды. Ертеңине азанда усы қаланың ҳәкимине хабар етпекши болып отырса, азан менен үйинде жоқлаўын асырып Мейтин келеди. Саўдагер отырған жайға келип:

— Ҳә, қонағым! Жүдә ертелетип кетип қалыпсыз. Бизиң үйде жата алмадыңыз ба? — деп сорайды Мейтин.

— Түнде мен сизлерден қалған соң жата алмағаным ырас. Жайдың төринде турған сандықтың иши улы тықырлы бола берди. «Бунда бир бәле бар шығар» деп, үйге алып келдим. Ишин ашып қарасам, ишинде сизиң ҳаялыңыз бар екен. Ол мына жайда отырыпты, — дейди саўдагер.

Саўдагер Мейтинди ҳаялы отырған бөлмеге алып барады. Мейтин ҳаялын көрип қуўанып қалады. Бирақ, ҳаялының жүзинде ырас еместей шырай бар. Саўдагер шығып кеткен соң Мейтин ҳаялы Гүлзийбаның қасына отырады.

— Бул не ўақыя? — деп ҳаялынан сорайды.

— Қандай ўақыя екенин көрип турсаң. «Тақыяны тиккенимди айтпа, үйге адам шақырма» дегенимниң мәниси де усы еди, — дейди Гүлзийба.

Мейтин басқа не айтарын билмейди. Буны айтысып атырған жайға саўдагер кирип келеди.

— Мен сиз бенен сөйлесиўге келдим, — дейди саўдагер.

— Не гәпиңиз бар? Айта бериң, — деди Мейтин.

— Мен өзим жекке адам едим. Кейнимде иним ямаса балам жоқ. Сонлықтан да сен маған ини бол. Сизлер усы жайда бола бериң, — дейди саўдагер.

— Оны енди ойланып көрейик. Бизиң ҳәзирше өзимизге болғандай жайымыз бар, — дейди Мейтин.

Саўдагер жаңағы сөзин тағы қайталайды. Мейтин көнбейди. Ини болыўға сөз бермейди. Саўдагер үндемей шығып кетеди. Өзиниң жайына барып ойланады:

— Мен буны қасымда сақларман десем, мениң маңлайыма сыятуғын емес. Ини болыўды ол қәлемейди. Оннан да ҳәзир мен патшаға барып хабар берейин. Хан буның ҳаялынан айырсын. Өзин бир илажын етип өлимге жиберсин.

Саўдагер орнынан турып, сарайға, патшаның қабыллаўына ийилип сәлем берип барады.

— Бәрекелла, қәне не айтасаң? — дейди патша.

— Бир қасық қанымнан кешсеңиз, айтайын, тақсыр! — дейди саўдагер.

— Кештим, айтқыл! — дейди ҳүкимдар.

— Бизиң жайымызға бир мийман келди. Оның бир ҳаялы бар. Сол ҳаял ондай адамға мүнәсип емес, тек, хан ҳәзиретим, сизиң есигиңизге ғана мүнәсип көрдим. Соны сизге билдирейин деп келген едим, — дейди саўдагер ийилип.

Патша бул сөзлерди еситип шадыман болады. Саўдагерге сарпай жабады ҳәм, «исиң түссе, туппа-

www.ziyouz.com kutubxonasi

туўры келе бер» деп, жаўырынан қағады. Сөйтип, саўдагердиң қасына жасаўыл қосады. Саўдагер ханның қосқан жасаўылын ертип үйине келеди. Патшаның қосқан жасаўылы кирип келеди. Жасаўыл Гүлзийбаны патшаның алдына алып барады. Патша Гүлзийбаны көрип, бунның шырайлылығына, сымбатына ақылы ҳайран болып, ышқы кетеди.

— Сиз журт ағасы, хансыз. Мен болсам сизиң бир пуқараңыздың бала-шағасыман. Сиздей ақыллы патшаға өзиниң пуқарасының жеке турмысына араласыў жараспаса керек, — дейди Гүлзийба.

Патша бул гәпти илгери ҳеш еситип көрмеген екен. Кеширим сорап, Гүлзийбаны жасаўылы менен үйине қайтарады. Сөйтип, қасына ўәзирин шақырып алып, Гүлзийбаны қалай етип қолына түсирип алыўдың жөнин ойласады. Ўәзири турып:

— Қараўыңыздағы пуқараңыздың ҳаялын туўрыдан-туўры алағойсаңыз, әлемге күлки боларсыз. Сиз оның күйеўин қараўыңызға жумысқа алып, барса қайтып келе алмастай бир жумысқа жумсаңыз. Мәўлетинде қайтып келмесе, малы-мүлкин, ҳаялын, ҳәммесин ғазналық қыласыз да, аласыз. Оннан соң ҳеш гәп болыўы мүмкин емес, — дейди.

Ўәзирдиң берген мәсләҳәти ханға мақул түседи. Дәрҳал бир жасаўылды жиберип, Мейтинди шақыртып алдырады.

— Сен бүгиннен баслап мениң қараўымда боласаң. Саған ханлық ғазнасынан пул, кийим ҳәм азық-аўқат бериледи, — дейди патша.

— Бурын мен сарайда болып көргеним жоқ, — дейди Мейтин.

— Бурын ханның хызметинде болып көрмесең, енди болып көресең. Егер ертең азаннан баслап усыманда, мениң алдымда хызметте болмасаң, өзиң өлимдар, дүнья-малың, жаның, ҳәммеси ғазналық болады, — дейди патша.

Мейтин тәўекел етип, бир күнге руқсат алып бас ийип шығып кетеди. Сөйтип үйине қайтады. Патшаның айтқан сөзин Гүлзийбаға баян етеди.

— Мейли, хан ҳәмирин тутыўың керек. Не десе де, орынлаўың тийис, — дейди Гүлзийба.

Соның менен келеси күни азанда Мейтин патшаның хызметине барады. Мейтинди хызметте қабыл етеди. Бир күни патша Мейтинди алдына шақыртып алып:

— Сени бүгиннен баслап жолбарыстың тисинен жай салыўға тайынлайман. Сен саҳрада жүрген жолбарыслардың азыў тислерин жыйнап, усы сарайдың алдынан ықлымда бурын болмаған бир жай салыўды баслайсаң. Сол жай азлы-көпли қырық күнниң ишинде салынып питиўи керек. Егер бул орынланбаса, өзиң өлимдар, дүнья-малың, мүлкиң, бала-шағаң, ҳәммеси ғазналық болады, — дейди.

Мейтин руқсат алып үйине қайтады. Ҳаялына патшаның ҳәмирин баян етеди.

— Буған ғам жеме. Бунның илажын өзим табаман. Ертең азанда барып ҳәмирин орынлаўға кететуғыныңды айтып, кәрежет пулыңды алып кел, — дейди Гүлзийба.

Мейтин сарайға барады. Ҳәмирин орынлаў ушын ертең кететуғынын айтады. Сөйтип ханнан кәрежет пулын алып үйине келеди. Сол күни түнде:

— Сен буннан арқа тәрепке қарап кетесең. Отыз жети күн тамам болған соң жүргениңнен кетип сәске ўақта алдыңнан бир байтерек көринеди. Сол көл жағасындағы байтеректиң шақасына отырғаннан соң гүрсилдеп жер жарып, бир ақсақлаған арыслан келеди. Арыслан көлден суў ишип, сен минип отырған байтеректиң астына келип уйқылайды. Ол уйқылаған ўақытта сен байтеректен жерге түс. Жерге түсип болып, уйқылап жатқан арысланның ақсақлаған артқы аяғының алақанына кирген тиканди тисиң менен ғана ақырынлап тартып ал. Сөйт те байтерекке қайтадан минип отыра бер. Уйқысы қанғаннан соң арыслан оянар. Оянып қараса, аяғының аўырғаны бираз қайтқандай болар. Орнынан турып арман-берман жүрип көрер. Аяғының бурынғыдай аўырмағанына ҳайран болып жан жағына қарар. Жерде көзине ҳеш нәрсе көринбеген соң жоқары байтерекке қараса, сени көрер. Сени көргенде жер-жәҳәнди ләрзеге келтирип, бир ғарғып, қатты ақырар. Адам даўысы менен саған «жерге түс» дер. Сен түспе. «Ал, не тилегиң болса, тиле, жерге түсеғой» деп байтерекке маңлайын тийгизер, сонда сен жерге түс. Арысланның аяғына бас қой. «Басыңды көтер, не тилегиң болса да бәржай етемен» деген ўақтында басыңды көтер. Сөйтип оған патшаның ҳәмирин айт. Мақсетиңди арыслан ҳасыл етер, — дейди Гүлзийба.

Мейтин ертеңине азан менен жолға түсип раўана болады. Отыз жети күн жол жүрип, Гүлзийба айтқан көл бойындағы байтерекке жетеди. Байтеректиң түбине жетип, минип алып отырса, бираздан кейин артқы аяғы ақсаңлаған арыслан жер-жәҳәнди ләрземге келтирип, ақырып келеди. Келип суў ишеди. Суў ишип болып, байтеректиң түбине келип уйқылайды. Арыслан уйқылаған ўақытта Мейтин жерге түседи. Арысланның артқы ақсаңлаған аяғын ақырынлап көтерип алып қараса, табанына үлкен бир жийдениң шақасындағы бир шақа тикенлери менен кирип кеткен екен. Тиканди тиси менен әсте ғана тислеп тартып суўырып алады. Өзи қайтадан байтерекке минип отыра береди. Бир мәҳәли арыслан уйқысынан оянады. Аяғының аўырғаны қойғанлығын сезеди. Орнынан турып арман-берман жүрип көреди. Аяғы бурынғыдай аўырмайды. Буған ҳайран болып тум-тусына қарайды. Ҳеш нәрсе көрмейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Байтеректиң басына қарағанында Мейтинди көреди. Соннан арыслан бар күшин сынап, бир шапшыйды. Қатты ақырып гүрсинеди. Мейтинге қарап адам даўысы менен:

— Жерге түс! — деп шапшыйды.

Мейтин түспейди. Бир мәҳәли арыслан:

— Өтиниш, адамзат, жерге түссеңиз! Не мақсетиң болса да айт! Енди мен сениң менен дос боламан! — деп, маңлайын байтерекке тийгизеди.

Мейтин байтеректен жерге түседи. Басын төмен ийип арысланның аяғына қояды. Сонда арыслан:

— Басыңды көтер! Не тилегиң болса да бәржай етемен, — дейди арыслан.

Мейтин басын жоқары көтерип алып, патшаның ҳәмирин айтады. Арыслан буны еситип бираз ойланып турады да, «кел, енди сениң ушын ханның бул ҳәмири орынлансын» дейди. Сөйтип, арыслан қуйрығын жерге тиреп, омыраўын көтерип, аспанға қарап үш мәрте қатты ақырады. Арадан азырақ ўақыт өткеннен соң жери көкти қаплаған сансыз жолбарыслар жыйналады. Арыслан бир азыўдан қопарып алып, соннан жай салыў ушын, жолбарысларға буйрық береди. Жолбарыслар бир азыўдан тислерин жулып алып, хан ушын еки күнде бир жай дүзетип тайын етеди. Арыслан үш жолбарысты шақырып алып, жолбарыслардың азыўы менен салынған жайды Мейтинди мингизип, биреўине жайды салып, еки жолбарыс сарайға ханның алдына барады. Ханға барып сәлем береди. Хан сәлемин әлик алады, бирақ, аман-саў келгенине ҳайран қалады.

— Ҳә, кетпеппедиң? — дейди патша.

— Сиз кеткенди айтасыз! Мен сиз айтқан жайды салдырып, бүгин ўәдели қырық күнде мында алып келтирдим, — дейди Мейтин.

Патша инанарын да, инанбасын да билмейди. Ақыры ўәзирлерин шақырып алып, сарайдың алдына шыққанында ықлымда бурын болмаған, жолбарыстың азыў тисинен салынған жайды көреди. Патша жайды көрип қуўанса да, Мейтинниң аман-саў қайтып келгенине изинен өкинеди. Мейтин хан ҳәмирин орынлап, ханнан жуўап алып үйине келип бола береди.

Патша ўәзирлерин тағы шақырып алып, Мейтинди не қылыў кереклигин ақылласады.

—Оны тағы бир басқа нәрсеге жумсамақ керек. Сиз оған енди суймурық құслардың қанат пәринен салынған жай тайын етиўди буйырыңыз. Ол өмиринде де кетсе қайтып келмейди. Сизиң мурадыңыз ҳасыл болар, — дейди бир ўәзири.

Мейтинди жасаўыл менен алдырып, суймурық қуслардың қанат пәринен салынған жай тайын етиўди буйырады. Мейтин жүз күн мәўлет алады. Сөйтип үйине келип ханның ҳәмирин баян етеди.

— Ханның бул ҳәмирин де орынла. Сен буннан кетесең. Отыз үш күн жол жүрип, қула майданлыққа дуўшар боласаң. Сол майданлықтың бес күншилик жолы бар. Бес күн жүрип бир байтерек көресең. Байтеректе жер жүзилик қуслар патшасы суймурық қустың уясы бар. Уясында еки палапаны бар. Оның ҳәр жылы еки баласы болып, сол балаларын ҳәр жылы әйдарҳа келип жеп кететуғын еди. Сен сол әйдарҳаны өлтирип, суймурық қустың балаларын өлимнен аман алып қалсаң, сениң мақсетиңди сол қус орынлайды, — дейди Гүлзийба.

Мейтин сол күни азық-аўқатларын тайынлап, келеси күни азанда жолға раўана болады. Неше көллерден, неше шөллерден өтип, отыз үш күн жол жүрип үлкен тегислик, майданлыққа шығады. Бул майданлықта бес күн жол жүрип, баяғы Гүлзийба айтқан байтерекке жетеди. Байтеректиң былайырақ тусында Мейтин өзин паналап турғанда жер-жәҳәнди демине тартқан қара әйдарҳа келип, усы терекке өрмелей баслайды. Байтерекке адам бойы шелли өрмелеген ўақтында Мейтин жуўырып барып, қолындағы қылышы менен әйдарҳаны шаўып қақ бөледи. Бул аўҳалды суймурық қустың палапанлары уяларында жатып көрип турады. Бир мәҳәли даўыл көтерилип, даўылға араласып жаўын да жаўады. Мейтин бир нәрседен қәўипсингендей болып, барып өзин панаға тартады. Сөйтип «бул не даўыл, бул не жаўын?» деп аспанға қараса, байтеректиң ушын айланып еки суймурық қус ушып жүрген екен. Соның арасында суймурық қустың патшасы адамзаттың ийисин сезип, төменге көз жибергенде Мейтинди көрди.

— Балаларымды ҳәр жылы опат етип жүрген усы адамзат екен, быйыл бул ҳийлеси өтпей қалыпты, балаларым еле аман екен, тез буның ҳәмелин қылайын, — деп жерге қонып, жерден аўырлығы бес батпан келетуғын тасты көтерип алып панаға ушып Мейтиннин үстине тасты тасламақшы болады. Сол ўақта суймурық қустың палапанлары уясында жатып атасына қышқырады:

— Ол адамзат бизлерди өлимнен аман алып қалды. Ол адамзатқа зыян тийгизе көрмең, ата! — деп балалары уясында шырлай берген соң, суймурық қус тасты басқа жерге таслап, қайтып келип уясына қонады. Уясына қонып болғаннан кейин болған ўақыяларды балаларынан сорап билип алады. Сөйтип, байтеректиң ушынан қонып жерге түсип Мейтиннин қасына келеди.

— Адамзат, сен мында келип мениң балаларымды өлимнен аман алып қалыпсаң. Әлбетте, сениң мында келиўиңе бир мақсетиң бар шығар. Сениң қандай тилегиң бар? Мен оны бәржай қыламан, — дейди суймурық қус.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мениң сизден тилегим, ханның ҳәмири бойынша, суймурық қуслардың қанат пәринен бир үй салып тайынлаўым керек еди. Егер мен оны орынламасам, өзим өлимдар, дүнья-малым ғазналық болады. Мине, усы мақсетимди бәржай етсеңиз, бир өмир миннетдар болып жүрер едим, — дейди Мейтин.

Суймурық қус турып:

— Сениң ушын бул мақсетиңди бәржай етемен, — дейди.

Сөйтип, жер жүзиниң суймурық қусларын шақырып, ҳәр қайсысының қанат пәрлеринен алып, оннан жай дүзетеди, питкен жайды суймурық қусларға көтертип, ханның сарайының алдына апарып таслаўды буйырады. Суймурық қуслар барлығын алып келип таслайды.

Мейтин азанда ханның алдына барады. Барып сәлем береди. Патша сәлемин әлик алады. Бирақ, Мейтинди көрип ҳәзи ушып кетеди.

— Қайда болдың? Ҳәмиримди орынладың ба, жоқ па? — деп патшаның ети дирилдейди.

— Сизиң ҳәмириңиз орынланды. Суймурық қуслардың қанат пәринен болған жайды сарайдың алдына әкелип қойыппан, — дейди Мейтин.

Хан ўәзирлери менен барып караса, сарайының алдында суймурық қуслардың қанат пәринен болған жай туд. Сол пайыт патша Мейтинге жуўап береди. Мейтин аман-есен үйине келеди.

Патша ўәзирлери менен отырып, Мейтинди енди қалайынша жоқ етиўге мәсләҳәт сорайды.

— Енди биз басқа ақыл таба алмай турмыз. Бирақ, сизге мақул түссе, оны илажын таўып өлтириў керек. Бул ушын сиз, тақсыр, оған «арғы дүньядағы мениң ата-анамды көрип кел» деп айтсаңыз. «Мениң ата-анамнан хабар алып келесең» деп оны өртеп жибериў керек, — деди бир ўәзир.

Ертеңине патша жасаўыл жиберип Мейтинди алдырады.

— Сен барып, мениң бейиште жүрген ата-анамнан хабар алып қайт, — дейди патша.

— Әжеп болады, тақсыр! — деп Мейтин турып отырады.

Сөйтип Мейтин ханға ўәде берип үйине келеди. Гүлзийбаға баян етеди.

— Сени өртеўге ертең азанда хан жыйнатқан отынлар арасына қосып от береди. Сен оннан қорқпа. Сениң баяғы суймурық қус патшасының саған берген пәри бар. Сол пәрди қолыңа, от араластырып алып, отқа тутып тутандыр. Оның пәрин отқа түтетсең, суймурық қуслар патшасы түтин арасынан келип пайда болар. Сен оның арқасына жабыс. Сени ол алып ушып кетер. Уясына алып барар. Бул ҳәдийсени сен оған айтарсаң. Саған реҳими келип, ҳәр түрли мийўелер таўып берер ҳәм мында алып келип таслар. Сен туўры ханның алдына барарсаң. «Ата-анаң мени тезлик пенен қайтарды. Мен барсам, атаң бейиште екен. Келгенине он жыл толыў мүнәсибети менен тойын бериўге таярланып атыр, сени тойға шақырмақшы болса, кимди жиберерин билмей отырған екен. Сени тойға шақыртып жиберген жемислери» деп, қолыңдағы мийўелерди ханға берерсең. Хан сеннен «оған қалай бараман?» деп сораса, «мени қалайынша жиберген болсаңыз, өзиңиз де солайынша кетсеңиз, иркилмей турып барарсыз» дерсең. Әне, соннан кейингисин және көре берермиз, — дейди Гүлзийба.

Келеси күни азанда Мейтин патшаның алдына барады. Ол ўәзирлери менен барып, баяғы жыйнатқан сексен арба отынның ортасына Мейтинди отырғызады. Сөйтип отынға от қояды. От алысып, түтини аспанға шыққан ўақытта Мейтин қолындағы суймурық қустың пәрин отқа тутандырып жибереди. Түтинниң арасы менен суймурық қус патшасы тайын болады. Мейтинди еңсесине миндирип алып, ушып өзиниң баяғы Мейтин барып қайтқан уясына барып қонады. Соннан жерге түсип, Мейтиннен бул ўақыяның себебин сорайды.

— Баяғы мени жумсаған хан тағы да маған «арғы дүньядағы ата-анамды көрип келесең» деп ҳәмир етти. Сөйтип, мени өртеп өлтирмекши болғаннан кейин, мен сениң баяғы маған берген пәриңди отқа тутандырып жибердим, — дейди Мейтин.

— Сол патшаның көзине қан толған екен. Мен саған ҳәр түрли мийўелерди таўып берейин. Сен сол мийўелерди патшаға алып барарсаң. Бул ақылды ҳаялың Гүлзийба айтқан шығар, — дейди суймурық қус.

Сөйтип, суймурық қуслардың патшасы Мейтинге ҳәр түрли мийўелер жыйнап береди. Мейтинди бир суймурық қусқа миндирип, елине алып келип таслайды. Мейтин ҳеш жерде иркилместен, суймурық қуслардың патшасы берген мийўелерди арқалап, туўры патшаның алдына барады. Сарай ҳәмелдарлары да, патша да аң-таң болып қалады.

— Ҳаў-ҳаў, мынаў бир бәле шығар?! Буны өртеп өлтирип едик ғой, әстапуралла, бала! — деп патша қорқып кетеди.

Мейтин патшаға сәлем берип, қушақлап көриседи. Алып келген мийўелерин ханның алдына қояды. Патша буны көрип ақылы лал болып турғанда:

— Сиз мени бейишке жибердиңиз. Барған адамның қайтыўы да көзди ашып жумғанша жер екен. Бирақ, сизиң ата-анаңыз мени тез қайтарды. Себеби, сизиң атаңыздың бейишке барғанына он жыл толған екен. Анаңыз бурынырақ барған. Енди атаңыз бейишке барғанына он жыл толғанына той

www.ziyouz.com kutubxonasi

бермекши. Сени тойға шақырмақшы екен. Мениң барыўым мәттал, «бүгин тойдың ойласығы» деп, мына мийўелерди берип жиберди, — дейди Мейтин.

— Мен ата-анама қалайынша тез бара аламан? — дейди патша.

— Мен қалай барған болсам, солай. Отынға отырып, от пенен жанасыз. Сөйтип аңсат бараҒоясыз, — дейди жигит.

Дәрҳал патша, жети ўәзири, он еки жасаўылы күнге кеўип, үйиўли турған отынға жайласып отырып алады. От алыстырылады, «ўажж» етип патша, ўәзирлер, жасаўыллар жанып, күл болады. Әне, сөйтип халық жаўыз патшадан қутылғанына той берип, Мейтинди патша етип сайлайды. Гүлзийбаның ақыллылығы, Мейтинниң күш-жигери, сабыр-тақаты менен халық абадан турмыста жасаған екен.

## АЛТЫН БАЛЫҚ
(Р-280, № 87758)

Бурынғы өткен заманда, дин мусылман заманда бир бай болыпты. Оның қараўында бир қанша қуллары ҳәм балықшылары болыпты. Қуллар ҳәм балықшылар байға көп жақсы хызметлер етипти.

Күнлердиң биринде байдың қараўындағы кексе балықшы теңизге аў салып отырса, оның аўына бир алтын балық түседи. Алтын балық балықшының қолынан «томп» етип жерге түсип кетеди де:

— Мени хожейиниңе алып бара ғой, — дейди.

Балықшы балықты байға әкелип тапсырады. Алтын балықты көрип, бай балықшыға көп саўғалар береди. Сонда балық байға қарата мынадай дейди:

— Мен сизиң хызметиңизге бәрҳа тайынман, бирақ сиз мени теңизге қайтып жибериңиз, — дейди.

Бай алтын балықты теңизге жибергиси келмейди. Сонда балық өзин тутқан балықшыға жалынады. Балықшы қолындағы саўғаларды көзи қыймай, биресе алған сыйлығына, биресе алтын балыққа қарап аңқайып тура береди. Бир пайыт бай сыртқа шығып кеткенде ол алтын балықты қолтығына тыққан бойы теңизге апарады да, суўға атып жибереди. Алтын балық суўға бир шүмип кетеди де, бир заматтан кейин тап балықшының қасынан шығады.

— Сиз сирә да баярыңыздан қорықпаң, — дейди ол балықшының кейпин көрип. — Мен сизди ҳәр қандай қыйыншылықлардан өзим қутқарып аламан. Тек ишиңизден мени ойлап турсаңыз болды, — дейди. Алтын балық усыларды айтады да қайтадан суўға «шүмп» етип түсип кетеди.

Балықшы қайтып келгенде, хожейини қатты ашыўлы еди. Ол балықшыдан берген сый-саўғаларын қайтадан тартып алып, оны қылыш пенен шаўып таслайжақ болып тәп бергенинде, қолындағы қылышы өзиниң қақ маңлайына қайтып тийеди. Бай сол жерде о дүньяға атланады.

Залым хожейининен қутылған балықшы күндеги әдетинше теңизге келип аў салыўды даўам ете береди. Бирақ оның аўына, я қармағына хеш балық түспейди. Ол ҳәр күни бос қайтып жүреди. Ол сонда да өзиниң кемнесийбе болғанына налымайды. Күндеги кәри болғаннан кейин үйреншикли талабын ислей береди.

Бир күни оның аўына баяғы алтын балық тағы да түседи:

— Не тилегиң бар, айт? — дейди алтын балық.

— Маған мол дүнья, артықша дәўлеттиң кереги жоқ. Тек ҳәр аў салғанымда үйге босқол қайтпасам болғаны. Қудайға шүкирлигим мол, — дейди балықшы.

Алтын балық таўланып ойнап түседи де, қайтадан теңизге батып кетеди. Сол күннен баслап балықшының аўына ҳәр күнги дийдилеген несийбеси ғана түсип, өз тиришилгинен қанаат етип турмыс кешире берипти. Алтын балық болса, бул балықшы менен ҳақыйқый дос болып қалыпты.

## ӘЖЕЛ ҲӘМ БИЙМӘЛЕЛ БЕНДЕ
(Р-280, № 87758)

Бир бар екен, бир жоқ екен, бурынғы өткен заманда бир ғарры жасаған екен. Ол оғада узақ өмир сүрипти. Ҳәтте өлимниң не екенин де билмей, биймәлел жасай берипти. Өзиниң бир күни аманат жанын тапсырыўы кереклиги оның ойына да кирип те шықпапты. Күнлерден бир күн оның үйине Әжел кирип келип:

— Алланың бендеси, мени саған Жаратыўшымыз жиберди, мен тәнҳа ийемиздиң буйрығы бойынша енди сизиң жаныңызды алыўға келдим, — депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда ғарры:

— Ҳаў, Әжелжан-аў, мен еле өзиме табыт та соқтыра алмаған едим. Бу қалай болды, алдын хабар берсеңиз болады ғой. Ең болмаса соны соқтырып алғанша мениң жанымды өзиме қалдыра тур, — деп өтиниш етипти.

Әжел айтқанға көнипти. Ғарры да табытты соқтырып үйине әкелипти. Әжел тағы келипти ҳәм ғаррыға:

— Ал, енди табытыңның ишине түс, жаныңды алайын, — депти.

Ғаррының басқа шарасы қалмай, табытқа жатыў менен болыпты. Бирақ ол биресе оң жағына, биресе сол жағына, гә көкиреги менен жатып көрипти, дым болмапты. Оның дурыслап жата алмай атырғанын көрген Әжел ашыўы келипти де:

— Мине, былай жатады, — деп өзи табыттың ишине түсип шалқасына жатып көрсетипти.

Сол ўақытта қыялына сумлық келген ғарры әжелдиң үстине қапты жаўып жиберипти де, оны шырмап байлап таслапты. Әжел бақырыпты, шақырыпты, пайдасы болмапты.

Ғарры табытты сүйрей-сүйрей ағып турған дәрьяға апарыпты да, ҳарлап турған суўға ығызып жиберипти. Әжел өмири қайтып қарияға дарымапты.

Соннан берли өлимниң не екенин билмеген қария еле кеўили шад болып жасап атыр деседи.

## ШАҲЫ ДАРАП
(Р-535, № 176478)

Бурынғы өткен заманда Жанайбат қаласында Шаҳы Дарап деген патша өтипти. Патша алпыс жасқа келгенше тоғыз қатыннан да ҳеш бир перзент көрмепти. Патша күнлерден бир күн ойланып отырып, «қуры әрманнан ҳеш нәрсе шықпас, жатып қалғаннан атып қал деген, талабында болайын, көп ўайымнан ис питпес» деп, бир перзенттиң дәртинен тажы-тағын, мал-мүлкин таслап, бас алып кетпекши болады. Оның ең жақын ақылгөйи сыр айтысар Дәнебай, Сарыбай, Қарабай деген жораларының жанына ойласпақшы болып барды. Жоралары да асқан дәўлетли, белгили хожалықлардың бири еди. Ҳәр қайсысы сәнин келтирип, биреўи ақ орда, биреўи қызыл, биреўин қара менен безеп отаў тигип қояр еди.

Патша келип ақ отаўдың есигинен сығаласа, оннан ҳеш саза болмайды, қызыл үйдиң есигинен сығаласа, оннан да саза болмады, қара үйдиң есигинен сығаласа, үш қыз уршық ийирип, өз-ара сөйлесип отыр. Қарабайдың үлкен қызы:

— Егер мени Шаҳы Дарап патша сүйгилиги қылса, бир арпаның дәнесинен тамамы аламанға азық, атына жем етип жеткерер едим, — дейди.

Сонда турып Сарыбайдың қызы:

— Егер мени алса, бир пилле жипектен тамамы аламан әскерлериниң атына жипек жона, жипек шылбыр есип жеткерер едим, — дейди.

Дәнебайдың қызы:

— Мени Шаҳы Дарап патша алса, ең жақсы сүйгилиги қылса, бир айдары алтын, бир айдары гүмис, бир ул, бир қыз туўып берер едим, — дейди.

Бул сөзлерди еситкен патша кейнине ғырра қайтып, ҳеш кимге сездирмей тахтына отыра береди. Сон патша барлық ҳәмелдарларын жыйнатып, өз ойын ортаға салып, ақылгөйлер менен кенесип, қызларды алмақ болады. Үйлерине жаўшы жибермекши болып, тилге шешен, ақыллы Тамай ўәзирин басшы етип байларға жаўшы жиберди. Тамай ўәзир байға барып келген жумысының мәнисин айтып турған қусайды:

— Аў аўлап жүрген аўшыман,
Суў суўлап жүрген суўшыман,
Шық бул жаққа, бай аға,
Қызыңа келген жаўшыман.
Патшаға қызың бересең,
Шаҳ атасы боласаң,
Қулағың сал, бай баба,
Жаўшы болған Тамайман,
Питирмей барсам, бай баба,
Шаҳы Дарапқа жаманман,
Тилге жүйрик Тамайман,
Жалған сөзден аманман,
Айтпайман сөзди шамадан,
Ырасынан тек келейин,
Керек десең патшаның,
Ғәзийнесин аштыртып,
Алтын, гүмис берейин, — деп,

боз атты қамшылап, ғырра кейнине қайтып кете береди.

Сарыбай менен Дәнебай бул истен хабарсыз, қус салып өз кеўил хошлығында еди. Тамайдың бул хабарына қатты ашыўы келген Қарабай, Сарыбай менен Дәнебайдың келиўин күтип жата береди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Арадан бир неше күн өткен соң Сарыбай Дәнебай да келеди.

Қарабай болған исти буларға баян етеди. Байлар ҳайран болады. Ашыў кернеп қыйналды, аўнады, таўланды, ҳеш нәтийже шығара алмады. Ақыры болмады. Дәнебай «күшли менен алыспа, шақың сынар» деген, тиресеннен пайда жоқ, татыўласып той берип, патшаны күйеў бала етейик» деп, қызын алып атлана берди. Буны көрген Сарыбай менен Қарабай да, «бул барып қызын көрсетсе, бизлерге патшаның қәҳәри келер» деп, булар да қызларын алып патшаға қарай жөнеле берди. Бул байлар да қызларын әкелип, патшаға сәлемин берди. Бул истен хабардар болған Тамай бай айтқан ўәдеси бойынша алтын-гүмисти үйдирип, тәрезиниң бир жағына қызды миндирди, салмағына тенеп алтын-гүмис берди. Байлар қызларын алтын-гүмиске сатты. «Патшаның қайын атасы болдық» деп муртларынан күлип, үйлерине қайтты.

Кеште патша қызлардың ҳәр бирине бөлек отаў тигип, кутлы орынға қондырды. Үлкен қыздың отаўына барып:

— Сүйикли ярым, назлы дилбарым, ўәдеге опадармысаң? — деди.

Сонда қыз:

— Қудиретли патшайым, мен не ўәде етип едим? — деди.

Сонда патша баяғы қара үйде отырып, «бир арпаның дәнинен тамамы аламанға аўқат, атына жем таярлап беремен» деген сөзин айтты. Сонда қыз:

— Әй, тақсыр-ай, «қыз атасының үйинде патша» деген емес пе, патшалық дәўиримизде есирип айтсақ айтқанбыздағы, сол сөзге бола сиз де патшалықтың дүньясын анаў-мынаўсына қарамай шашып атырсыз ғой, сондайдағы, — деп отыра берди.

Бул сөзге патшаның ашыўы келип, қызды өлимши қылып урып, қаладан шығарып жибериўди буйырды.

Екинши күни патша Сарыбайдың қызының жанына келип:

— Сүйикли ярым, ўәдеге опадармысаң? — деди.

Сонда қыз:

— Маңлайы қара деген патша екенсен, бир пилле жипектен сонша аламанға ат жабыў, кийим-кеншек болады дегенге бала инанар ма?! Қыз атасының үйинде оны-муны айта береди. Сол сөзге инанып аңқылдап әўере болып жүргенине қара, «патшада қырық адамның ақылы болады» дегени қайда? — дейди.

Буны да патша қапқа салып сабап, қаладан шығарып жибереди. Патша өткен исине өкинип, қысына-қысына ләбин де тислеп, Дәнебайдың қызына келип:

— Сүйикли ярым, опадарым, ўәдеге опадармысаң? — дейди.

Сонда қыз:

— Әй, патшайым, ол сизге де байланыслы, көрермиз, — деди.

Арадан ай өтти, жыл өтти. Күнлерден бир күн әрманы орынланып, қарны қампайып, көкиреги қайқайып, патшаның сүйгилик яры болып шалқайып жүрип, айы-күни туўып шамаласты.

Өмири туўып нәрестениң сестин еситпеген патша, зайыбы «Гүлшара толғатса, шырылдап бала жерге түссе, оны еситип, мениңдей сорлының жүреги жарылап кетер» деп, патша қус салып кетпекши болады. Сонда Гүлшара айым патшаға қарап өз жағдайын айтып бир сөз айтады:

— Берregирек кел, пайтахттың ийеси,
Нашарыңның сизге айтар арзы бар,
Бир құдайдан бес ўақ намаз қарзым бар.
Мен бир болсам шарқаман,
Жипектен ескен торқаман,
Сиз кетсеңиз, пайтахттың ийеси,
Мына тоғыз күндесимнен қорқаман.

Гүлшара айымның бул айтқан сөзинен бул да гүманланып, қаланың күн шығар шетинде, душпанның келер бетинде, жаман-жарты ылашықта жасайтуғын, тоқадай болып тозған, дизеси қулағынан да озған мәстан кемпирди таўып, қолына жүз тилләә алтын берди.

— Мен келгенше Гүлшара айымға ҳәм зүриятыма жел тийгизбей әлпешлеп бағарсаң, — деди.

Сонда кемпир:

— Әй, маңлайы қара патша екенсең! Жүз тилләән шыраға пилик бола ма? — деп, кетермен болды. Патша және еки жүз тилләә алтын берди. Кемпир «бул насыбай пулы да болмайды» деп, түйиншигин ийнине қағып салды. Патша үш жүз тилләә берди. Кемпирдиң кеўили қарар тапты.

— Патшайым, сиз келгенше әмеллеп күн көре турайын, — деп, өтирик күлип патшаны шығарып салды.

Патша узап кеткен соң мәстан мамаңыз Гүлшара айым жатқан боз орданың ийнаўын түрип, суўық шамал қақтырды. Шекесине де бир шаппат урды. Гүлшара айым көзи тынып, естен айрылды. Сол жатыста алтын айдарлы ул, гүмис айдарлы қыз туўды. Мәстан мама күндеслерин шақырып, балаларын

www.ziyouz.com kutubxonasi

көрсетти. Буны көрген патшаның тоғыз ҳаялы күндеслик етти. Ҳәр бири бир ләген тиллә берип, мәстан мамаға жалбарына баслады. Маманың тилегени сол еди. Сонда мама:

— Сизлер көшеден көзин ашпаған күшик пенен пышық тауып келиң, пышық пенен күшикти Гүлшараның қойнына саламыз, патша келсе, күшикти көрсетип, бир мәсләҳәтте боламыз, — деп қақшаңлап отыра берди.

Күшик пенен пышықты көтерип Қараман қул келди. Кемпир күшик пенен пышықты Гүлшара айымның қойнына салып, патшанын перзентлерин қулдың қолына берип, патшаның тереӊ ҳәўизине таслаўға буйырды.

Патша «кейнимнен хабар келер» деп айланшықлай берди. Арадан он күн өтти. Ҳеш бир хабар болмады. Жигирма күн өтти, ҳеш бир хабар болмады. Патша ҳаялынан қәўипленип, елине қайтты. Патшаның киятырғанын билип, тоғыз ҳаялы алдынан шығып:

— Патшайым, сүйгилигиң барып турған мәккәр екен, сизди алдап жүрген екен. Бир күшик пенен пышық туўып шерменде етти, — дейди өтирикке жылап.

Патша буларға инанбай:

— Кетиң, заңғарлар, сизлер маған душпансыз, мен мәстан маманы көрмей, ҳасла инанбаспан, — деп жүре берди.

Мәстан мама да ҳаяллардан да бетер дат салып жылап, патшаға Гүлшараны жаманлай баслады. Бул сөзге де қулақ аспады, туўры жүрип Гүлшара айымның қасына келип көз жиберип қараса, омыраўында жатқан күшик пенен пышықты көрди.

Гүлшара айым патшаның келгенин билип, уйқылаған болып жата берди. Патша Гүлшараға қарап:

—Аш көзиңди арыўлы ярым,
Өширдиң ғой мениң шамыў-шырағым,
Билип пе едиң бул ислердин барын,
Аш көзиңди бергил маған хабарың, —деп,

патша айымды оятады. Гүлшара айымның көзинде жасы, қолында сазы болмаса да, патшаға қарап:

— Гәҳи шөлде қалды ма,
Гәҳи көлде қалды ма,
Гәҳи суўда қалды ма,
Туўған алтын аймағым,
Пал үстинде қаймағым,
Алтын-гүмис айдарлым,
Жигербентим пәрманым, — деп толғана берди.

Патша күшик пенен пышықты көрген соң сөзине қулақ салмастан жүрип кете берди.

Тоғыз ҳаял патшаға пәрмана болып, атын жылаўлап, ақ төсектиң үстине түсирип алды. Патша ҳаялларына қарап:

— Гүлшара айымды шешиндирип, қаладан шығарып жибериң, — деди.

Тоғыз ҳаял патшадан ишәрат болған соң қойсын ба, Гүлшара айымды қызыл көрген ғарғадай дуў-талақай етип шешиндирип алды. Өзин қаладан да шығарып салды.

Гүлшара айым тентиреп ҳәр үйге барса, анаў да, мынаў да қуўа береди. «Патшаның жаманлысын сақласақ, бир бәлеге жолығармыз» деп, сирә жантастырмайды. Оның үстине патша «Кимде ким Гүлшараға жақсылық етсе, өзи өлимдар,малы патшалық» деп жар урғызды.

Бир күнлери Гүлшара баяғы айттырып барған Тамай ўәзирдиң үйине барды. Бул хабарды патшаға жеткерди. Патша Тамай ўәзирин шақыртып алып сорады.

Тамай бий де ырасынан келди, ҳақыйқат патшаның жаманлысы болды. Тамай бийдиң өзин өлимдар, малын патшалық етпекши болып жар урдырды. Сонда Тамай бий патшаға қарап бир сөз айтады:

— Инаныпсаң залым кемпир сөзине,
Жалған дейсиз шаҳзаданың сөзини,
Айым ушын өлсем, қаным өзиңе,
Гөдек шаҳым, қум қуйылсын көзиңе, — деп,

Тамай ўәзир тиллә дардың астында турып ели-халқы менен хошласып, дүньядан кетти.

Гүлшара айымды патшаның шөлистандағы зинданына таслайды. Бийәжел адам өлсин бе, зарланған даўыс пенен излеп келген шопан жақсылық етип, асырап жата береди.

Арадан ай өтти, жыл өтти, баяғы еки нәрестеден ҳеш бир хабар болмады. Патшаның тоғыз ҳаялы Гүлшара айымды күнлеп, арасына шуғыл сөз салып, еки бирдей перзентинен айырып, қанатынан қайырып, өз ҳалына да қоймай, ели-журтынан айырып ҳәм шөлистанлыққа таслатып болып, күнде бир ўақ сыланып, барынша пәрўаз-пардоз берип, кимиси айнаға, кимиси суўдың тынығына жүзлерин қаратып ҳәрне ҳәлек болды.

Тоғыз қатынның биреўи патшаның ҳәўизине барып, суўға үңилсе, сәўлеси әлемге түскен еки баланың ойнап атырғанын көреди. Жүреги қанасына сыймай айрылып, күндеслериниң жанына келеди. Көрген әндийшесин бир-бир баян етеди. Мәстанды ортаға алып:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Патша хәўизге барса, баласын көрсе, бизлердиң етимизди гүржилер жейди. Мама, өзиң бир илажын таппасаң болмас», — деди.

Мәстан мама Қараман қулды шақырып, балаларды патшаның Айдын көл деген көлиниң ең терең жерине таслап келиўди буйырды.

Тоғыз ҳаялының баққысы Қараман қулға не турыс, балаларды услап алып, қапқа салып, қолтығына қысып жөнеле берди. Әне, қул «Айдын көлдиң терең жери қайдасаң, атаңа нәлеттиң перзентлери тирилип кетип, оңысықтан айырарсаң» деп, суўға ылақтырмақшы болғанда:

— Өлтирме мәрттиң баласын,
Бузба шаның қаласын,
Жылатпа Гүлшарадай анасын,
Бузсаң шаның қаласын,
Өлтирсең мәрттиң баласын,
Жылатсаң кейнинде қалған,
Гүлшара атлы анасын,
Қашып бойын жасырмай,
Қара суўға тарттырмасам,
Көллер атым қурысын, —

деп көллерден саза шығады. Суў да сөйлеп, арқадан даўыл турады. «Мени қудай урды» деп, балаларды арқалап, таўға шығып тырмасып, шөлде өлтирмек болады.

— Өлтирме мәрттиң баласын,
Бузба шаның қаласын,
Жылатпа кейнинде қалған,
Гүлшара атлы анасын.
Бузсаң шаның қаласын,
Қашып бойын жасырмай,
Қара жерге тарттырмасам.
Таўлар атым қурысын, —

деп таўлардан саза келеди.

Арқадан даўыл турды, Қараманды қудай урды. Сол ўақларында Қырық Шилтен Ғайып-Еренлер де тайын болды. «Маңлайы қара Қараман қул, бери кел» деп, қолындағы еки баланы алды, қулдың да еки шекесине керилип шаппат пенен салды. «Бар, кете бер» деп жолға салды.

Қулды жәнe шақырып алып:

— Әй, бийшара қул, сен де ўазыйпаңды орынла, мына таўдың аржағында жайылып жүрген кийиклер бар, соннан биреўин өлтирип, кийимиңе былғап апарағой, — деп силтеп жиберди.

Бул исти Қараман қул орынлап, қалаға қайта берди. Балаларды бир ақсақ кийик емизип жүре берди.

Күнлерден бир күн тағы бир елдиң патшасы Шасуўар үш жүз қулын үш жүз тоқсан түйе менен көмир өртеўге таўға жибереди. Шасуўар патшаның қуллары таўдың төбесине шығып, түнде қонады. Азанда ерте турып қараса, күн шығардан бир күн, күн батыстан бир күн шығып, көз қамасып бир-бирине қарай алмай турғанын көреди. Буны көрген қуллар «көрмегеним таў болсын, патша бизлерди анық көмир болатуғын жерге жиберген екен, Шасуўар патшаның қаласы қайдасаң?» деп жөней береди. Қуллардың ишинен биреўи араны узатпай ойланып, «қамап турған жаў жоқ, шешилмей атқан даў жоқ, қуры алҳа-алға шаўып меники не, не де болса кейиниreginен-ақ барайын» деп өзине тәселле берип, таўдың бәлент бир жерине барып отырып алды.

— Күншығыстан шығып турған кәдимги күнимиз ғой, ал мынаў бир бәламат шығар, не де болса жақынлап көрейин, пайманам толса, өлейин, — деп, сол қул жақынлап барса, таўдың жырасында уйқылап атырған еки баланы көреди. Балалардың бетиниң сәўлеси күн менен шағылысып көзди қамастырып тур екен.

Қул балаларды арқалап, адамзатқа сездирмей үйине қайта береди. Балаларды пинҳамы бағып отыра берсин.

Бул хабарды биреўлерден биреў еситип, Шасуўар патшаға жетти. Шасуўар патша да бир перзентке зар еди. Бул хабарға Шасуўар кетермен болып, алтын-гүмисти артып, қулдың үйине келеди. Патшаны көрген қул астына ақ кийиз төсеп, аттан түсирди. Ҳәр не барын берип, мийман қылды.

Патша келген жумысын айтып турған қусайды:

— Минип келген атым бар,
Ат үстинде затым бар,
Бул да саған саўға,
Баланы бер, қарағым.
Тоғай толы қойым бар,
Бул да саған садаға,
Баланы бер, қарағым.
Арша толы тилләм бар,
Буны да саған берейин,
Баланы бер, қарағым.

Сонда бул патшаның балаларына анық ышқы кеткенин билип, қасарысып турып, кеўлиндегисин таппағанша бергиси келмей, патшаға қарап абай сиясат қылып турғаны:

— Минип келген атыңыз,
Үш асына сойылсын,
Тоғай толы қойыңыз,
Үш жетиңе сойылсын,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Арша толы пулыңыз,
Ол үстине шашылсын,
Шасуўар патша хан дейди,
Зорлық етсең, ал дейди,
Тегинликте мен бермеймен,
Балада нениз бар дейди.

Сонда патша хәр жерден тымсал келтирип, «ғайып хандыки» деген сөз бар, «бала бизики болады» деп:

— Айнанайын қарағым,
Тәнде жаным сорағыл,
Тоғай толы жылқым бар,
Буны да саған берейин,
Баланы бер, қарағым.
Үш жүз танап жерим бар,
Жер үстинде зарым бар,
Буны да саған берейин,
Баланды бер, қарағым.

Сонда қул патшаны тағы бир сынап көрмекши болып:

— Тоғай толы жылқыңыз,
Жыл асына сойылсын,
Үш жүз танап жериңиз,
Ўақымыңа буйырсын.
Шасыўар патша хан дейди,
Зорлық етсең, ал дейди,
Текликте мен бермеймен,
Баламда нениз бар дейди.

Патша:
— Айнанайын қарағым,
Тәнде жаным сорағыл,
Үш жүз тоқсан қулым бар,
Ықтыярын берейин,
Көзиңниң жасын көрейин,
Береғойсаң баланды,
Перзентим деп әлпешлеп,
Қартайғанда мен сорлын,
Рәхәтин бир көрейин, —

деп зарлана берген соң, қулдың баўыры ерип:

— Маңлайы қара патша,
Бурыннан неге айтпайсаң,
Бунша неге қыйнайсаң,
Әдептен-ақ, бийшара,
Азатлық хатты айтпайсаң, — деди.

— Бала сизге қутлы болсын, дүнья да өзиңе олжа, қуллардын өз басы өзине олжа, — деп қала берди.

Патша балаларды алып, Ақдәўлет атлы айымынын жағасынан киргизип, етегинен шығарды. Патшаның таўып алған баласы деп айтпасын, бул сырды хеш ким сезбесин деп, Ақдәўлет айымнын қарнына көпшик байлап, қурсағын қампайтып, айы-күни туўған қылып, той-тамаша берип, балаларды пинхамы жайда сақлап, атын қоймақшы болды. Усы азан айтылар, ат қояр тойына Қырық Шилтен Ғайып-Еренлер таяр болып, патшаның баласынын атын қоймақшы болды.

— Мен қояйын атыны,
Және қойсам атыны,
Шанхайбаттың шәхәринде,
Шаҳы Дарап хан өтти,
Шаҳы Дарап аты ушын,
Және қойсам атыны,
Гүлшаранын хаққы ушын,
Улының аты Шәрияры әлам,
Қызының аты Әнжимжан болсын, —

деп ат қойып, Қырық Шилтен көзден ғайып болды. Патша улы менен қызына сән-салтанатын келтирип, үлкен бағ салып, қасына хызметкер берип, әлпешлеп баға береди.

Баяғы мәккар тоғыз анасы, нәрестелерге еткен гүнасын, Гүлшара айымға еткен жаласын умытпай, балалардын бул аўхалынан анық хабар еситпегенше кеўли қарар таппай қобалжып, тың-тыңлап бул хабарды еситти.

Тоғыз қатын мәстанға барып, аяғына бас урып, болған аўхалларды айтып, хәр қайсысы бир ләген тилла берип, кемпирди жолға салды. Кемпир жол жүрип, өлдим-талдым дегенде Шәрияры әламның бағына жетти.

Мәстан мама бағды айланып, кириўге тесик таппады, айланып жүрип тонырткәны көрди. Кийимлерин шешип пақсадан ылақтырып, тоңырткадан кирмекши болды. Тоңырткадан омыраўы өтсе де, бөксеси қурғыр сыймады. Қызыл көрген ғарға қойсын ба, тамамы ғарға жыйылды, кемпирдиң бөксесинде ойынды қурды.

— Көбейте берип нетейин,
Мәстан деген маманын,
Кейнине кетпен урады,
Урған жерин жулады,
Кемпир ўай-ўай салады,
Жаны бир шығып барады,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғарғалар шаўқым салады,
Ол да қудайдың буйрығы,
Жиңишкерди маманың,
Бөксеси менен қуйрығы,
Өлдим-талдым дегенде,
Тоңырткадан зомп етти.

Бағды аралап жүрген Шәрияры әлам кемпирге көзи түсип, кемпирдиң әпшеринен коркып, әллен ўақта өзине келип, кемпирге:

— Шайтанбысаң, жинбисең, адамбысаң, несең сен? — дейди.

Сонда мама баланы алдаркатып, «бағынды көрейин деп келген маманман» деп:

— Мен маманман, маманман,
Кәраматлы мамаңман,
Шыпасатлы мамаңман.
Тахты зерли қаланды,
Үш айланған мамаңман.
Бир бағшасы алтыннан,
Бир бағшасы мерўерттен,
Бир бағшасы шамшырак,
Бир бағшасы гәўҳардан,
Бийиклигин сорасаң,
Аспан менен барабар,
Тахты зерли қаланың,
Аржағында Барсакелмес қала бар,
Барсакелмес елинде,
Бүлбүлгөя кусы бар,
Бул бағыңа миясар,
Соны алып қондырсаң,
Бул бағыңның кемиси,
Сол екен ғана Шәрияр, —

деп кемпир Шәрияры әламды Барсакелмеске жиберип өлтирмекши болады. Бала маманың айтқанына инанып, атасынан ат сорайды. Атасы баласын иркпекши болып, ең болмаса ат турманын сазлағанша иркиўди ойлап, «ат жоқ» деп қайтарады. Буған Шәрияры әлам қапаланып, жылап, бағына келгенде Әнжимжан ағасының кеўлин алып былай дейди:

— Жаным аға, неге бунша мунайдың?
Қайсы залым тили тийди сизлерге?
Душпанлардың көриндиң бе көзине?
Жаным аға басым курбан өзиңе.

Шәрияры әлам көрген-билгенлерин баянлайды. Сонда Әнжимжан ағасына қарап:

— Қулға берсең, кетермен,
Қулдың бир қосына жетермен,
Бекке де берсең, кетермен,
Беглердиң қосына жетермен.
Бир ябыға өтермен,
Бир ябыға өтпесем,
Қарада шашым кесермен.

Бул гәплерди айтып болып, Әнжим атасына барады. Болған аўҳалларды бирим-бирим баян етеди. Атасы қызына қарап:

— Шәрияры әламға арнап соқтырып атырған ат-турманның питпей турған жери бар, сол питкенше иркпекши едим, — дейди.

Қарындасы атты ертлеп, Шәрияры әламның алдына апарады. Атасы менен Әнжимди көрип, ашыўды қойып, атқа минип, ата-анасы, жора-жолдасы менен хошласып, Барсакелмеске карай раўана болады.

Мәстан маманың айтқан Тахты зерли қалаға барады. Сол қалмақ елиниң патшасының қызына бир-еки аўыз орсақы сөз айтпақшы болды.

— Барайын ба, қызгене?
Бармайын ба, қызгене?
Ақ сийнеңниң үстине,
Минейин бе, қызгене?
Жуқа ғана ләбиңнен,
Сорыйын ба, қызгене?
Сорымайын ба, қызгене? —

деп Шәрияр алам тура берди. Бул сөзге ашыўланған патшаның қызы «жамай» деп бақырды. Шәрияры әламды тутып алыўға буйрық берди. Шәрияры әлам қарала атқа қамшы басып, қашып қутылды. Сол кетистен Барсакелмес елине барды. Бүлбүлгөя қусты көрди. Бүлбүлгөя қус пенен дуўа оқысты, қустың дуўасы басым келе берди. Бүлбүлгөя Шәрияры әламды дуўа менен тасқа айландырды. Қарала ат баладан гүдер үзип, неше күнлер жол жүрип, Әнжимниң қаласына барды. Бул аўҳалды көрген Әнжимжан атасынан рухсат алып, қарала атты жетелеп Барсакелмеске кете берди. Жолда баратырып жыланлар елине барып, жыланлардың дуўаханы менен айтысып, оны жеңип, көп дуўалар үйренди. Таўды-тасты аралап жүрип бүлбүлгөя қусты тапты.

Оқый берди дуўасын,
Жаздырмады сәнасын,
Оқый берди Әнжимжан,
Бүлбүлгөя ҳайяр қус,
Әл ҳаўаға ушады,
Әнжимге ҳалы келмейди,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Оң ийнине қонады,
Оқый берди дуўасын,
Жаздырмады сәнасын,
Бүлбилгөя кустың,
Әнжимжан берди сазасын.

Әнжимжан Бүлбилгөяға қарап:

— Егер дуўаңды жаздырмасаң, сени де тас етип кетемен, — деп, оқый берди дуўасын.

Сол ўақытта Бүлбүлгөя қус қанатының астына тумсығын тығып, барлық оқыған дуўасын бузды. Сол ўақытта үш жүз тоқсан мың адам узақ уйқыдан оянған адамдай көзлерин уўқалап жүре берди. Солардың бири болып Шәрияры әлам да орнынан турды. Қарындасы Әнжимжан менен көрисип, қарала атына минип, Бүлбүлгөя қусты қондырып киятырса, алдынан пайғамбар минген Әспижәҳәнгер деген дүлдүл бир жағы алтын, бир жағы гүмис болып, жалынлы оттай шарпып өтеди, суў болып та өтеди. Булардың бәринен де Әнжимжан дуўа оқып қутылады. Әспижәҳәнгер атты дуўа менен қолға түсирди. Әспижәҳәнгерди Шәрияры әламның өзи минип, қарала атқа Әнжимди мингизип, саў-саламат елине қосылды.

Неше күнлер той берип, өзинин туўған атасы Шаҳы Дарапты шақырып, жети күн хызмет қылды. Шәрияры әламды атасы да қонаққа шақырды. Шәрияры әлам да ат ҳасыллары менен үлкен салтанат пенен бара берди. Жолда Әспижәҳәнгер Шәрияры әламға:

— Ата, әўлийе болады, әўлийеге атлы барыўға болмайды. Аттан түсип жетелеп бар, барғаннан кейин де мени бәлент төбениң үстине байла, от салдырма, салған менен де, мен жемеспен. Сонда сеннен «атың не жейди?» деп сорар. Сонда сен «Мениң атым мезгилге алпыс батпан мерўерт тас жейди» десең, оған атаңыз ашыўланар. Сонда сен де сөзиңди жибермегейсең. «Ата, адам да ийт пенен пышық туўа ма?» дегейсең. Оннан кейинги жағын өзиң бил, адасқандай болсаң, өзиме кел, — дейди Әспижәҳәнгер.

Бала атасының елине жақынлағаннан кейин аттан түсип, жетелеп бара берди. Әспижәҳәнгердиң айтқанларының бәрин иследи. Патша палкерлерине пал салдырды, палкерлердиң бәри де «Шәрияры әлам сизиң балаңыз» деп жуўап бере берди.

Патша баласы менен танысып, қушақлап жылап, өткенлерин айтысып, ўақыттың қалай өткенин де билмейди. Шәрияры әламның атының от жемей турғанын атқосшылары айтып келди. Шәрияры әлам аттың жанына барса, Әспижәҳәнгир бир көзинен қан, бир көзинен жас төгип турғанын көрди.

Әспижәҳәнгер Шәрияры әламға қарап:

— Әй, Шәрияры әлам, мениң есиме сениң анаң түсип, балалығына қатты кеўлим қабарып, «ананың кеўли балада, баланың кеўли далада» деген сөзди есиме түсирип, жылап турыппан. Сен бул жатысты қой, анаңды таўып ал, анаңның қайда екенин патша биледи. Патша өз гүнасын мойнына алып, кеширим сораса, геллемди кес деп усынса, шөгирмесин қағып түсире ғой, уллы патшаға сол болады. «Қызыл жүзли жигиттиң қызарғаны өлгени» деген сөз бар. Шәрияры әлам, анаңды есиңнен шығарма. Анаңның еки көзи көр болып отыр. Анаңды аларда мениң жәрдемимнен пайдалан. Мениң туяғымның астынан бир қысым топырақ алып, анаңның көзине сүрт, сол ўақтында бурынғы қәддине келеди. Анаңа ғамхорлық еткен шопанға Әнжимжанды бер, — деп Әспижәҳәнгер сөзин таўысты.

Бала аттың айтқан сөзинин бәрин орынлап, анасын зинданнан шығарып, үшеўи көрисип, Әнжимди шопан балаға берип, мәстан кемпирдиң геллесин алып, күлин көкке суўырып, жолдың дәрбентине таслады. Тоғыз күндес қатынға барып:

— Қырық гүржи керек пе, я қырық қысырақ керек пе? — дейди.

— Гүржиси қурысын, қырық қысырақ керек, күнимизге жарар, — деп күлиседи.

Шәрияры әлам тоғайда туўылғалы қурық тиймеген қысырдан алдырып, қырқына қырық ҳаялды байлап, кейнине ийт қосып жибереди. Бир елге өзи, бир елге шопан баланы патша етип мурат-мақсетине жетеди.

«Тири бенде көрисер, жәбирге сабыр қыл, әзәзүлге өлим бер» деген усыдан қалған деседи.

## АҒАЛЫ-ИНИЛЕР ҲӘМ АПАЛЫ-СИҢЛИЛЕР

(Р-535, № 176478)

Бурынғы өткен заманда бир жарлы адам жасаған екен. Оның үш баласы болыпты. Жасы ортаға келгенде ҳаялы өлип, үш баласын өзи тәрбиялапты.

Арадан жыллар өтип жарлы адам картайып, белинен мәдет, дизесинен қуўат кетипти. Аўыр кеселликке жолығып, өлер алдында балаларын шақырып алып былай депти:

— Мениң бул кеселден саўалатуғын түрим жоқ. Өлмесимнен бурын бар дүньяны сизлерге үлестирип берейин.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ер жетип киятырған еки баласына жаман ылашығын берипти. Кишкенесине жалғыз ылағын атапты. Балаларына буннан артық не берерин билместен бийшара ғарры дүньядан өтипти. Балалары жыласып-еңиресип әкесин жерлепти.

— Әжелге шара жоқ, ендиги жасын сизлерге берсин! Енди сизлерге нәўбет жетти, — дейди қоңсы ағасы оларды жубатып.

Бирақ, бир үйде үш баланың аўзы бирикпеди. «Қой» дейтуғын әке, «хәй» дейтуғын ана болмаған соң, ешейин нәрсеге қырампыш төбелесетуғын бәлеге ушырады.

Еки үлкен ағасы биреўдиң дийқаны болып жумыс ислейтуғын еди. Ал, кишкентайы болса, сол жердеги бир байдың ешки-ылақларын бағады. Еки үлкен ағасын шайтан жолдан урып, кишкене инисине жаманлық ойлап, қолынан жалғыз ылағын басып алып қуўып жибериўди ойлады.

Кишкене иниси кеште қайтып келди. Ағаларының жаман ойын түсинип, шатақ салды. Оның басы да таз еди. Шатақ салған соң еки ағасының қаны қызып, инисиниң таз басына урып-соғып, қолынан ылағын басып алып, қуўып жибереди.

Генжетай иниси ағаларының қылған исине қапаланып, өксип-өксип жылап, басының аўған жағына кете береди. Аз жүрип, көп жүрип, харып-шаршап бир теректиң түбине келип жығылды да, уйқылап қалды.

Бул бала усы жерде уйқылай берсин. Ендиги сөзди пери патшасының қызынан еситиң.

Сол елдиң патшасының жалғыз улы бар екен. Ол жасынан аң аўлаўды жақсы көреди. Бир күнлери аң аўлап жүрип адасып кетипти. Тосаттан оның алдынан бир сулыў перийзат қыз ушырапты. Патшаның баласы перийзат қызды көрип, адасқанын умытып кетипти. Ол қызды жақсы көрип қалады. Қыз да оны жақсы көрген қусайды. Булар екеўи келисип, биреўи алмақ, биреўи бармақ болыпты. Бирақ, пери қыз:

— Мен сениң әкеңниң патшалығына бармайман. Егер сен сүйсең, басқа бир елге кетейик, — депти.

Жигит те буған иләжсыз разы болады. Олар бираздан кейин:

— Түн ишинде пәлен деген жаптың қапталындағы төлен деген теректиң түбинде ушырасайық, — деп ўәдени бир жерге қойыпты. Ўәделескен тереги баяғы шопан баланың түбинде уйқылап қалған тереги екен. Патшаның баласы сол күни сарайында үлкен мерекеге дуўшар болыпты. Патшаның зияпаты хә дегенде таўсыла қоя ма, түн бойы созылыпты. Арақ-шарап ишилип, көп адам жығылыпты. Соның ишинде пери қызға ўәде еткен патшаның баласы да бар екен.

Уйқы дүканына кирип, пери қызға берген ўәдесин умытып, патшаның баласы жата берсин. Ендиги сөзди пери қыздан еситиң.

Пери қыз патшаның баласына берген ўәдеси бойынша баяғы теректиң түбине келеди. Қараңғыда хеш нәрсени дурыс аңғара алмайды. Теректиң түбинде биреўдиң жатырғанын сезеди де, оны патшаның баласы деп ойлайды. Пери қыз еки тулпары менен келген екен. Уйқылап жатқанды патшаның баласы деп пәмлеп:

— Неге уйқылай бересең, тур, атқа мин! — депти пери қызы.

Жатқан баяғы шопан индеместен өрре турып атқа мине берипти. Түн ишинде кимди ким танысын?! Бири-бирин танымастан ыңсыз-жыңсыз атларына минип жүрип кете берипти. Пери қыз жолдасының индемегенине ҳайран болып, «патшаның баласы өзиниң журтынан, әке-шешесинен айрылған соң қапа болып баратырған шығар» деп ойлапты хәм жолын даўам етеди.

Таң саз берип, биреў биреўди таныйтуғын ўақыт болады. Пери қыз қапталына абайлап қараса, таз бир жигитти көрди. Өкингени соншелли, не қыларын билмей жылағысы келди. Пери қыз дәслеп өкиниште болса да, соңынан тәўекел етти. Индемей бирге жүре берди.

Көллерди асты, шөллерди асты. Жол жүрди, жол жүрсе де мол жүрди. Олар бир үлкен қалаға келди. Қаланың шетине келгенде пери қыз:

— Мәкан тутатуғын жер екен, — деп тил қатты.

Жигит те буны мақул көрди. Пери қыз кәраматы менен қанатын шығарып, жерди бир сыйпап жиберип еди, көк тастан сарай пайда болды. Әне, усы сарайда ерли-зайыплылар мәс болып дәўран сүре берди. Пери қыз түрли адамзат дүньясы билмейтуғын жақсы дәри-дәрмақлар менен жигиттиң басының жарасын тез арада саўалтты. Жигит «келсең кел» деген бир пәкизе, хошүрей жигит болды да турды. Пери хаялы күнде оған ийнесиз тақыя, шапан тигип береди. Жигит болса оны базарға сататуғын еди.

Олар усылай жасай берсин. Ендиги сөзди сол қаланың патшасынан еситиң.

Патша өзиниң ўәзирлери менен аң аўлаўдан қайтып киятырса, қаланың шетинде бир көк тастан салынған сарайды көрди. Сарайдың қасына жақынлап келип қараса, дәрўазаның алдында турған бир келиншекке көзи түседи. Келиншектиң сулыўлығына таңланып патша атынан жығылады. Бул баяғы жигиттиң пери келиншеги еди. Патша бираз ўақыттан кейин көзин ашып қараса, өзин сарайында жатқанлығын көреди. Оны жығылып қалған жеринен ўәзирлердиң әкелгени ядында жоқ. Ол пери

www.ziyouz.com kutubxonasi

келиншекти түсинде көргендей. Аңға шыққаны ядына түсип, қатты ғәзеп пенен ўәзирлерин шақырды. Патша шақырған соң не турыс, алпыс еки ҳәмелдар, отыз еки мөҳирдар, бәри бирден тайын болды. Патша көрген-билгени, ядындағы ўақыяларды ортаға салды. Ойласып, кеңесип, патшаның сол пери келиншекке үйлениўи ушын оның күйеўин өлим саўдасына жумсаўға келисти. Ақыллысымақ бир ўәзири турып:

— Патшайым, арзым бар! — деди.

— Арзың болса, айт! — деди патша.

— Мен ол жигиттиң өлетуғын жерин билемен.

— Әлҳәббиз, дурыс-дурыс, — деп ийек қағысты қасындағы ўәзирлери мәселеге түсинбей-ақ.

— Оған қыял менен тигилген теңиз қойының шөгирмесин таптырыў керек, — деди ўәзир.

— Мақул, — деди патша.

— Ҳақыйқат өлетуғын жери, — деп ғаўырласты ўәзирлер.

Баяғы жигитти патша жәллатларын жиберип шақырып алды. Жәллатлар оны алдына салып айдап алып келди. Патша оған:

— Маған қыял менен тигилген ҳинжили қойдың шөгирмесин әкелип бересең. Егер әкеле алмасаң, өзиң өлимдар, малың патшалық, туқымқурт қыламан, — деди қәҳәрленип.

— Ҳинжи қойдың терисинен бөрик жарасар ханыма, — деп, ўәзирлер ханның алдын тутты.

Гәптиң мәнисине қорққанынан итибар бермей, ийнинде геллеси барына қуўанып, «мақул, патшайым» деп, жигит басын ийди. Ол далаға шыққан соң ғана ҳақыйқат әжел күтип турғанын түсинди. Ҳаялына болған истиң барлығын айтып берди. Ҳаялы жигитке:

— Қыйналма, ҳәр бир истиң басы қыйын болса, ақыбети жақсы болады. Сен буннан кетерсең, жолды мәскан етерсең, бир нешше күнлер жол жүрип, бир таўларға жетерсең. Сол таўларға барғанда алдыңнан бир жол шығады. Сол жол менен таўдың баўырына киресең. Таў баўрайындағы бир мәканда от басында отырған бир маманы көресең. «Ассалаўма-әлейкум» деп сол мамаға сәлем берип, ҳал-жағдайыңды айтарсаң, бир питкерсе, исиңди сол мама питкерер, — деди.

Жигит ҳаялы менен хош-аллияр айтысып жолға шықты. Бир неше күн жол жүрип, баяғы ҳаялы айтқан таўға келди. Аспан менен тирескен гиддиман таўға келип ҳайран болып турса, таўдың үңгириндеги жолға көзи түсти. Сол жол менен «тас тийсе таңлайдан, муз тийсе маңлайдан» деп, тәўекел етип жүре берди. Бир жерлерге келгенде узақтан жылтылдап көринген отқа көзи түсти. Аяғын қаттырақ басып, ҳарып-шаршап, қызарып-бөртип, от жаққан жерге келди. Көз тигип от басына қараса, көзлери мәштей, арқасы қозған, топпысы тозған, еки дизеси қулағынан озған бир мәстан маманы көрди. Елес-қәпесте жигит кемпирге сездирмей «Ассалаўма-әлейкум, мама» деп кемпирге ийилип сәлем берди.

— Ўәлейкум-әссалам! — деп кемпир сәлемин әлик алды. — Еле де сәлем бердиң, егер сәлем бермегениңде, бул дүньядан ўаз кешип един, өзиң түўе, сүйегиң де қалмайтуғын еди, жеп қоятуғын едим.

Кемпир жигитти сыйлап қонақ қылды. Күн батып, таң атты. Жигит жайынан турды. Кемпир жигиттен жол болсын сорады. Жигит келген жөнин бирме-бир ҳал-жағдайын, сапарын кемпирге баян етти. Буны еситкен кемпир:

— Ҳәй, балам, бул исиң бир қыйын ис екен. Мениң пәлен деген таўда үлкен қызымның үйи бар, сол қызыма барарсаң, бир питкерсе, сол питкерер, — деди.

Жигит кемпирден руқсат алып, сол қызының үйине барды. Келген жөнин бир-бир баян етти. Кемпирдиң үлкен қызы жигиттиң қолына мылтық берип:

— Анаў жерде таўдың басында бир булақ бар, сол булаққа барасаң, булақтың қасынан тереӊ етип қазаны қазасаң. Сол булаққа шөллеп териси ҳинжили қойлар келеди. Қойлардың шөллегени соншелли, басларын суўға басып булақтан суў ишеди. Сол ўақта атсаң, атқаның, атпасаң, босқа қалғаның, — деп жигитке айтады.

Жигит мылтығын ийнине салып, баяғы айтқан жерге барып қаза дүзетип аңлып жата береди. Бир ўақлары болғанда таўдан-таўға секирген ҳинжили қойлар булаққа келип, «ҳеш ким жоқпекен?» дегендей қулағын түрип, жән-жағына қарайды. Ҳеш нәрсени сезбеген соң, шөл қойсын ба, дәрриў басын суўға басады. Қазада жатқан жигит артқы аяғын тиреп, мылтықты қолына беккем услап гөзлеп, «мойнының асты, ҳа, жүректиң үсти» деп биреўин атады. Атылған мылтықтың сести таўдың ишин гүңирентти. Жәниўар ҳинжили қойларға парахат суў ишпек қайда, ҳәр қайсысы ҳәр жаққа қашып алып бәдар кетти. Жигит орнынан турып қараса, ҳинжили қойдың биреўиниң булақтың басында жатқанын көрди. Жуўырып барып пышағын қолына алып, териден шығарып, терини алып, мәс болып баяғы кемпирдиң үлкен қызының үйине келди. Ол жигитке ақшам менен қыял менен ҳинжили қойдың терисинен бир шөгирме тикти, ақылың ҳайран, қарайсаң да турасаң.

Жигит азан менен турды, руқсат алып жолға раўана болды. Бир неше күн жол жүрип, жол азабын көп

www.ziyouz.com kutubxonasi

көрип, азап-уқыбеттен аяқлары қақсап аўырып, өлдим-талдым дегенде өз қаласына келеди. Ҳаялына келип болған ўақыяларды айтады. Соңынан ханның қабыллаўына келип, жигит әкелген шөгирмесин оған усынады. Отырған хан да, ўәзирлер де жигиттиң аман калғанына ҳайран қалады. Патша ҳәмириниң орынланғаны менен, жигиттиң аман қалғанына хан, ўәзирлер бир жағынан ҳайран қалса, бир жағынан пушайман жеп қалды.

Хан ҳәм оның ўәзирлери жигитти дүньяда сийрек ушырасатуғын тонды әкелиўге де буйырады. Перилердиң көмеги менен ҳинжили қойдың терисинен жигит тонды да әкеледи.

Ўәзирлер жигитти және де шақырып алып, бир өлсе усыннан өлер деп:

— Гөҳиқап таўының аржағында бир теңиз бар, сол теңизде суўтулпар бар, торғай баслы торыша ат жарасар ханыма, — деп, жигитти сол тулпарды әкелиўге жумсайды.

Жигит буны еситип, оғада қыйналып үйине келеди. Ҳаялы оған кеңес береди. Жигит жолға раўана болып, бир неше күн жол жүрип баяғы кемпирдиң ортаншы қызының үйине келеди. Оған келген сапарын баян етеди.

— Бул саған аңсат ис емес, — дейди оған ортаншы пери. — Буннан кетесең, теңиздиң бойына жетесең, даўыл болып, жаўын болып, теңиз асты-үстине түскендей, булт яңлы толқынлар жағаға урады. Мине, бул суўтулпардың жағаға киятырған пәти. Бир ўақытта баяғы астын-үстин болып киятырған толқынлар жағаға урады да, әсте кейинге қайтқандай болады. Жағаға урған толқынлар кем-кем басылып, теңиз тынышланып оның суўы қайтады. Сол жағаға жақын жерде суўдың қайтыўы менен суўтулпардың арқасы көринеди. Ол әдетте көп ўақытқа шекем басын суўға басып, арқасын күнге қыздырады. Сол ўақытта үстине ерди саласаң, айылды беккем шаласаң, өзиңди қырық қулаш арқан менен беккем етип уқшатып таңасаң, үстине де минип аласаң, соған дейин суў да қайтып болмайды, суўтулпар да суўдан басын көтермейди. Бир ўақытлары суў қайтып болған ўақтында ат үстиндеги адамзатты сезеди. Көкке алып ушады, суўға алып ушады, ҳеш үстинен қорқып түсиўши болма, тек ғана ең кейнинде атқа зибан питип, «ийем урсын, сеники болдым» деп айтар, сол ўақытта аттан түсип, қайтадан ертлеп аларсаң, әне, соннан соң ат сеники, онысыз атқа ийе болмассаң.

Жигит перениң айтқанларының барлығын булжытпай орынлаўға кириседи. Қулақтың қурышы жоқ, көп айта бергенниң мазасы жоқ. Жигит суў тулпарды минип, ханның сарайына келеди. Хан да, ўәзирлер де «әлҳәббиз!» деп ҳайран қалады.

Хан ҳәм ўәзирлери жыйналасып:

— Бул нешик аўҳал болды, буны ең ақырғы ҳәм қайтып келмейтуғын өлимге жумсайық, — дести.

Жигитти сарайға шақырып алып уәзирлердиң бири:

— Ҳинжили қойдың териси бөркин таптың ханыма, тонын таптың ханыма, торғай баслы торыша суўтулпарды келтирдиң, енди Гүлқағиха, Гүлзәмзе қыз жарасар ханыма, атын таптың, тонын таптың, енди қызын тап, бәтшағар, егер буны таппасаң, туқымқурт боласаң, заңғар! — деди.

Жигит ғамлы болды, әри ойланды, бери ойланды, ҳаялына келип ойласты. Ақыллы ҳаялының кеңеси оның қайғысын басты.

Жигит суў тулпар ат пенен көп жоллар жүрип баяғы кемпирдиң кишкене қызының үйине барды. Оннан Гүлқағиха, Гүлзәмзениң дерегин сорады. Ол:

— Гүлқағиха, Гүлзәмзе Гөҳиқаптың аржағындағы теңиздиң ортасындағы бир атаўда турады. Ол атаўға суўтулпар менен ушып барасаң. Атаўда үлкен сарай бар. Ол сарайға барғанда алдыңнан әўпилдескен жолбарыслар шығады, оған барғанда мына перилердиң сөзин айтасаң, дурыс айтсаң, аман өтесең, дәрўазаға келгенде арыслан тур ақырып, перилердиң мына сөзин айтасаң, дурыс айтсаң, аман өтесең. Дәрўазадан киргенде дем шегип жатқан әйдарҳаны көресең, оған барғанда мына перилердиң сөзин айтасаң, дурыс айтсаң, өтесең. Дәрўазаның ишинде бир қапы бар, сол есиктиң аўзында бир бәтшағар ғарры жылан ысқырып турады, оған барғанда мына перениң сөзлерин айтасаң, дурыс айтсаң, өтесең. Перилердиң ҳәр ҳайўанның қасына барғанда айтқан сөзлери оларды уйқылатып таслайды екен. Егер дурыс айталмаса, барған адам өлимге сазаўар болады екен. Егер сен жайдың ишине аман кирсең, үлкен бир арша тур, соның қасында гилти бар, сен сол гилтти қолыңа услағаннан арша ашылып кетеди. Сол сандықтың ишинде кишкене бир сандықша бар, соны ал да қайта бер. Сол аршаны алсаң, қызларды қолға түсиргениң, — дейди.

Жигит бир неше күнде перилердиң ҳайўанларды ушыратқанда уйқылатып таслайтуғын сөзлерин үйренеди. Суў тулпарға минип, жолға рәўана болады. Баяғы перениң айтқан шәртлериниң барлығын орынлайды. Перилердиң сөзлерин қәтелеспей айтқан соң, ушыратқан ҳайўанлардың барлығы бийҳуш болып уйқылап қала береди. Атаўдағы жайға кирип, жигит пери айтқан аршаны көреди. Гилтти қолына алғанда сандық ашылып кетеди. Үлкен аршаның ишинде кишкене бир сандықша бар екен. Жигит соны алады да, аяғын әсте басып, уйқылап атырған қараўыллардың, турған ҳайўанатлардың үстинен қорқа-қорқа зорға дегенде атының қасына келеди. Жигит «сонша мийнет еттим, бунның ишинде не бар

www.ziyouz.com kutubxonasi

екен?» деп аршаны ашып қараса, биреўи ағырақ, биреўи қызыл, еки алма бар. Жигиттиң журтында алма сийрек өседи екен, алманы қолына алып, барлық нәрсени умытып жемекши болғанда «жезде» деп бир қыз жигитти қушақлап алады, екинши алма да дүрлеп қыз кәлпине келеди. Бул қызлардың биреўи үлкен, биреўи киши екен. Сонлықтан да алма кәлпинде биреўи көгирек, биреўи қызыл екен. Бул қызлар және де жигиттиң пери ҳаялының туўысқанлары екен. Жигит қысыныңқырап, «орынларыңызға отырың» деп ишарат етипти. Қызлар ҳәпзаматта алма ҳалына келипти. Жигит оларды аршаға салып, атының үстине алыпты да кейнине қайтыпты.

Баяғы кемпирге келипти. Оның барлық қызларын жыйнап, хошласып, қайтпаға мейил болыпты. Сонда кемпир:

— Әй, балам, ҳәр ким биреўге жаманлық етсе, өзи жаманлыққа дуўшар болады, ким биреўге гөр қазса, ең ақырында өзи жығылады, кеўлиңдеги әрманың питер, улым, — деп ақ пәтиясын берипти.

Жигит ханның сарайына көп жылдан соң келип:

— Мынаў қызлар, мынаў ат, — деп тапсырыпты.

Аршаны ашып қараса, патшаның көзине еки алма көринипти. Патша алманы аўзына басайын дегенинде, қызлар патшаның сақалынан тутып алып, ўәзирлерди де, патшаны да перининң сөзлери менен көк тасқа айландырыпты. Қаланың адамлары жыйылып баяғы жигитти патша қылып көтерипти.

Бир күни жигит аўдан қайтып киятырса, баяғы өзин урып-қуўып жиберген еки ағасы диййўана болып жүр екен. Булар инисин қайдан танысын. Бирақ, иниси оларды танып, үйине әкеледи. Аўқат берип тойғызады, жақсы кийим кийгизеди. Оларға өзиниң баяғы қуўып жиберген иниси екенлигин айтады. «Жаманлық еткенге жақсылық ет, жақсылық еткен адам мақсетине жетеди» деп, жигит хор болған еки ағасын Гүлқағиҳа, Гүлзәмзе атлы пери қызына үйлендиреди. Солай етип, олар мурат-мақсетине жеткен екен.

## СЕКСЕННИҢ ӨЛИМИНЕ СЕБЕП ҚУЎ ГЕЛЛЕ
(Р-22а, № 82401)

Бурынғы заманда бир бай саўдагер болыпты. Бир күнлери бай саўдагер көп мал-дүнья алып бир журтларға саўда менен баратыр еди. Жолында бир қуў гелленин жумалап баратырғанын көрди. Бул қуў гелле қалай ҳәм қайда жумалап баратыр екен деп ойлап, буннан бир жуўап сорап қалайын деп, қуў геллеге барып:

— Ҳә, қуў гелле, қайда домалап баратырсаң? — депти.

— Тойға бараман, — деди қуў гелле.

— Адамның қуў басысаң. Тойда не бар еди?

— Бурын тири күнимде қырық адамның өлимине себепши болып едим, енди өлген қуўбас күнимде тағы қырық кисиниң өлимине себеп боламан, — деди қуў гелле.

— Қырық адамның өлимине себеп болғандай жумысың болса, сениң ақылың бар шығар, бир нәрсеге жарарсаң, — деп, бай қуў геллени бир қапқа салып, түйедеги жүклердиң арасына таслай береди.

Бир күнлери бай саўда сапарынан олжалы болып қайтады. Байдың үйинде бир ер жеткен қызы бар еди. Басқа журтларға барып әкеси олжалы болып келген соң қыз әкесине:

— Не базарлық алып келдиң? — деп, жүклерин аўдарып ақтарып қарай баслайды. Сол ўақытта жүктиң арасынан баяғы қуў гелле шығады. Қыз қуў геллени көрип, аўдарып-төнкерип көрип, орнына қойып кете береди.

Бир күнлери байдың жаңағы жалғыз қызы жүкли болады. Буны шешеси билип, «қайдан таптың усыны» деп қызды қысады. Әкесинен қорққан, шешесинен қысылған қыз:

— Әкем саўда менен шет журтларға барғанда бир қуў гелле алып келген екен. Сол қуў геллени көрип, қолыма услап едим, соннан жүкли болдым, — деди.

Буны қыздың шешеси байға айтты.

— Бәрекелла, мен бир қуў геллени көрип, ол қуў гелле қырық адамның өлимине себеп боламан дегенинен соң алып, оны жүктиң арасына таслап едим, сол қуў гелленин бәлеси екен ғой, тәғдир солай шығар, — деди де қойды.

Байдың қызы тоғыз ай тоғыз күн жүрип, бир ул бала туўды. Бай баланы өз баласындай етип асырап жүре берди. Бала тоғыз жасқа шықты. Бир күнлери бай тағы саўда менен бир журтқа кетпекши болды. Бала әкесиниң сапар шығатуғынын билип:

— Саўда менен шет журтқа мен де бараман, — деди.

Илаж жоқ, бай баланы таслап кете алмады. Оны да өзи менен сапарға алып шықты. Саўда менен бай



www.ziyouz.com kutubxonasi

бир жат журтқа барып, базарға малын шығарып турса, базарда бир жаршы жар урып жүрипти. Сол журттың патшасы жар урдыртқан екен.

— Кимде-ким балықтың тилин билсе, ол адамға патша мың тилла береди, — дейди.

Бала әкесине:

— Мен балық тилин билемен. Патшаның мың тилласын ал, мен балық пенен сөйлесейин, — дейди.

Бай патшаға барып:

— Мениң балам балық тилин биледи, — деп патшаның мың тилласын алады.

Патшаға бала барады. Патшаға бир балықшы сыйлыққа балық берген екен. Сол балықты патшаның жақсы көретуғын қатыны көрип:

— Мынаў балық еркек балық екен, — деп бетин жаўыпты.

Сонда балық күлип жиберген. Патша бул балықтың күлгенине хайран қалып, енди сол балықтың күлген себебин билейин деп, балық тилин билетуғын кисини излетип жар салдырған еди. Патша бул аўҳалды балаға айтты. Бала балықтың қасына барып, сөйлесип, бираз турып бираздан кейин патшаға қайтып келди.

— Балық пенен сөйлестим, — деди бала.

— Балық неге күлген екен? — деди патша.

— Балықтың күлген себеби, сизиң ҳаялыңыз балықты көргенде, бул балық еркек балық екен деп, жүзин басқан. Балық соған күлипти. Күлген себеби: — Мен еркек балық, нәмәҳрем болсам, меннен уялса, ҳаяллардың хызметкерлериниң бәри еркек, кеште солар менен бирге жатады, күндиз бирге жүреди, олардан жүзлерин неге жасырмайды екен, — деди. Балықтың айтыўына қарағанда, сизиң қырық ҳаялыңыз бар екен, олардың қырық хызметкери бар екен. Солардың бәри еркек көринеди. Қырық хызметкерди алдыңызға алдырып, шешиндирип көриңиз, — деди бала.

Патша қырық қатынының қырық хызметкерин алдырып бәрин де шешиндирди. Олардың ҳәммеси де еркек болып шықты. Патша қәҳәри келип, булардың барлығының да басын кести. Баяғы тағы қырық адамның өлимине себеп боламан деген қуў гелле айтқаны усы еди. Қуў гелле тағы қырық адамның өлимине себеп болды. Саўдагер мың тилла алып елине қайтты.

## ГҮЛСАРА ПЕРИ

(Р-312. № 99428)

Бурынғы өткен заманда бир патша болыпты. Оның алпыс ҳаялы бар екен. Ҳаялларының үстине және Гүлсара деген бир пери қызын алыпты. Себеби, усы алдыңғы алпысынан да перзент көрмепти.

Күнлерден бир күни Гүлсара патша менен өзлерине ғана арналған бағда отырып:

— Әй, патшаҳым, усы сизиң патшалық бахытыңызды кимде деп ойлайсыз? — дейди тосаттан.

Патша турып:

— Бул мениң ата-бабамнан киятырған патшалық. Бул бахыт өзимизде, — деп жуўап береди.

Сол ўақта Гүлсара перийзат турып:

— Тақсыр, бул бахыт бизде, бирақ, оны сиз билмейсиз, — дейди ойланбастан.

Буған патшаның қатты ашыўы келип:

— Егер сизде болса, буны да көрейин, — деп, Гүлсара перийзатты қуўып жибереди.

Гүлсара өзиниң ҳәмледар екенлигин жасырып жүрген екен ҳәм бул сырды айтпақшы болғанда ҳүкимдар әллеқашан ғәзепленген еди.

Патшаның хеш нәрсени түсинбестен қуўғанына Гүлсара перийзат қапа болып, кеўлиндеги гәпти айта алмай, қайда барарын билмей, ақылынан адасып, бир неше күн сол шәҳәрде күндиз аралап, ақшам ешейин бир жерлерде паналап жүрипти.

Сол қалада күнде бир арқа ақбас әкелип, нанбайларға сатып күн көрип жүрген, бала-шағасы жоқ, жалғыз баслы Сейитҳәзим деген бир ғарры бар еди.

Бир күни кеште Гүлсара сол Сейитҳәзим деген жасы үлкен адам менен дусласып қалады. Екеўи басынан өткен жақсы-жаман ўақыя-ҳәдийселерин айтысты. Сөйтип отырып, Гүлсара перийзат ғаррыға:

— Егер сиз қабыл етсеңиз мен, сизиң жупты-ҳалалыңыз болсам, — дейди.

Күтилмегенде айтылған бул сөзлерге Сейитҳәзим қатты ойланды:

— Мениң жайым жоқ, ал табысым өзиме ғана зорға жетеди. Күндеги табатуғыным еки пәтирек, буның менен шаңарағымды қалай бағаман?

Оның ойын Гүлсара перийзат сезип:

— Әй, баба, сиз хеш ойланбаң. Мына алтынларға базарға барып бир мәкийен таўық алып келиң,

www.ziyouz.com kutubxonasi

бирақ, туўып жүрген таўық болсын, — деп, қолына бес тиллә алтын берди. Сейитхәзим сонша жасаған өмиринде бундай алтын түўе, сары мыс теңге де усламаған адам еди. Бул ҳаялдың байлығына ҳайран болып, берген алтынын алып қалаға жол алды.

Барса, бир ҳаял бир таўық сатып тур екен. Ол таўықты хеш ким алмай тур. Баҳасына жети тиллә айтады. Ҳеш адам сорамайды. Өзи бир таўық, буған жети тиллә айтқан соң ким сорасын? Сөйтип турған ҳаялға Сейитхәзим баба тап келеди. Таўыққа баба төрт тиллә берди. Бабаның таўыққа төрт тиллә берип, саўдаласқанына пүтин қаланың адамлары таңланады. Биреў-биреўине:

— Ҳаў, мына баба күнде бир арқа ақбас арқалап келип, сатып, күнлик тамаған зорға таўып жүретуғын еди. Ал, бүгин төрт тилләға таўық саўдалады. Не де болса усы таўықты бабаға әперейик. Бар тапқанын бир таўыққа берсин, ертең аш болған соң бизлерге ярым теңгеге береди, — деп ғаўырласып, ҳаялға келип бабаға бериўин соранды.

Сатыўшы ҳаял:

— Яқ, мениң таўығымның баҳасы бес тиллә, ким алса да, сол баҳасын берип алады, — дейди.

Енди адамлар бабаға айтайын десе, бабаның ҳалын бурыннан биледи. Тап бирден байығанлығын хеш ким де билмейди. Баба айланып келип тағы сорады. Ҳаял бермеди. Ақыры баба бес тилләға таўықты сатып алып үйине келди.

Гүлсара перийзат таўықты көрди ҳәм ғаррыға:

— Баба, яқшы, ендигиден былай отын сатпа, мениң айтқаным менен бола бер, — дейди.

Бул гәп бабаға жүдә мақул түсип, отын сатыўдан қутылды. Гүлсара перийзат патшадан кеткенде ҳәмиледар еди. Айы-күни толып, бир күнлери жарылқап күн туўып, перийзат ат басындай ул туўды. Оның атын Баҳадыр деп Гүлсара перийзаттың өзи қойды. Әне, Сейитхәзим буған күтә қуўанып, сол баланы арқалап өсирип, кәмалға келтиреди.

Күнлер, ҳәптелер, айлар, жыллар өтип, бала кәмалға келди. Енди гәпти баяғы таўықтан баслаймыз.

Сол таўық емес, басқа кәраматлы қус екен. Ол гәўҳары шамшырақ туўады екен. Гүлсара перийзатты қуўып жиберген патшаның ғәзийнесинде бәри болғаны еки гәўҳары шамшырағы бар еди. Енди Гүлсара перийзаттың таўығы айына бир гәўҳар шамшырақ туўады. Бунық гәўҳар шамшырағы көбейеди.

Арадан бир қанша ўақыт өткенде патша Гүлсараны умытады. Бундай етиўинде бас ўәзириниң ҳәм баяғы алпыс ҳаялының мәсләҳәти бар еди.

Бир күни Гүлсара перийзат еки жуп гәўҳары-шамшырақты патшаға саўға етиўге алып барды. Ол ўақта бас ўәзири:

— Тақсыр, бул ҳаял — сизиң баяғы таслаған ҳаялыңыз. Ғәзийнедеги гәўҳар шамшырақты әкелип отыр, — дейди.

— Ғәзийнеңизде неше гәўҳар шамшырағыңыз бар еди? — деп сорады перийзат.

— Ғәзийнемизде Сүлайман мүлкинде еки гәўҳары шамшырағымыз бар, — деди ўәзир.

— Қуллық, тақсыр, — деп, Гүлсара перийзат отырған жеринен турып, қойнынан үш гәўҳары шамшырақты патшаның алдына қояды.

Сол мәҳәлде патша ўәзирине:

— Кеўлинде не мақсети бар екен, сора! — деди.

— Тақсыр, мениң мақсетим мынаў: сиз руқсат етсеңиз, мен мына қаланың бир шетинен патшалыққа ылайық бир сарай салайын, — деди.

Усыншама ҳүрмет-иззеттен кейин Гүлсара перийзатқа патша имарат салыўына руқсат етти. Әне, перийзат жайды баслады.

Бир неше жылда жай питти. Баяғы бала ер жетип, жигит болды. Гүлсара перийзат жайға той қылды. Бул тойға патшаны бас қонақ қылып шақырды. Патша қонаққа келип жайды көрди. Ойлап турса, патша өз дәўиринде тап усындай хеш имарат салған жоқ екен. Той тарқады. Кетер болды. Сол ўақта Гүлсара перийзат патшаға жети гәўҳары-шамшырақ сыйлық берди. Патша көп ойланып:

— Ҳәй, ҳаял, балаң бар ма, ериң бар ма? — деп сорады.

Гүлсара перийзат орнынан турып:

— Аллаға мың қәтле шүкир, балам да, ерим де бар, — деди.

Сөйтип, патшадан жүкли болып кеткен баланы ҳәм Сейитхәзимди шақырып әкелди.

— Тақсыр, мынаў балам, мынаў ерим, — дегенде патша есинен танып, не дерин билмейди.

Себеби, бала Сейитхәзимге улыўма уқсамайды. Бала өзиниң дәл өзи. Патша есинен кетип, жығылады. Бир өмир перзентли болыўды әрман еткен ҳүкимдар бунық я түси, я оңы екенлигин билмей ҳайран.

Бираздан кейин патша өзине келип:

— Мына жайды неге салдырғаныңды, не себептен жақсы мүнәсибетте болғаныңды енди билдим. Мени кешир, сүйиклим, бизди кешириң жасы үлкен, мени кешир, жалғыз перзентим, — деп олардың аяқларына бас урып кеширим сорайды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Патша бундай жағдайға түскенде пуқараға не турыс, олар бул ҳәрекетлерге қолайсызланып, оны түргелтеди. Гүлсара перийзат:

— Тақсыр, мен үйиңнен кеткенде ишимде ҳәмиле бар еди. Сол күни сизге «Патшалықтың бахты неде, кимде?» дегенде перзентли болыўды астарлап айтпақшы болып едим. Қанша азап-уқыбет шексем де, «балам ушын жасаўым керек» деген ой менен жасадым. Сөйтип жүрип мына атам менен бирге жасадым. Ол перзентинди өз баласындай етип өсирди, тәрбия берди, мийнетке шынықтырды. Ең әўеле қудайға, соң усы Сейтиҳәзим ағаға миннетдар болыўыныз керек, — дейди.

— Жасуллы, буның ушын сизге терең миннетдаршылық билдиремен. Усы жақсылығыңыз ушын сизди өзимниң бас ўәзирим етип тайынлайман. Балам Баҳадырды әскербасыма шәкиртликке беремен, батыр шаҳзада болыўына тилеклеспен, — дейди.

Гүлсара перийзаттың ақыл-зейини, сабыр-тақатлылығының нәтийжесинде патша өзиниң арзыў-әрманына жетти. Жыллардың өтиўи менен оның орнына улы Баҳадыр елди басқарды. Солай етип, олар мурат-мақсетине жетипти.

## ХАНСАЯТ

(Р-98, № 42923)

Бурынғы өткен заманда бир қақпаншы адам жасапты. Оның аты Абдулла қақпаншы деген екен. Оның басқа өнери жоқ, тек қақпан салып, түскен қоян-қырғаўылларды аўқат етип күнин кеширеди.

Бир күнлери ҳаялы ул туўып, атын Саят қойыпты. Баласы шағына жетпей-ақ әкеси өлипти. Бала жетимлик пенен камалға келди. Күнлерден бир күн Саят анасынан:

— Апа, ағам қандай кәсип ислейтуғын еди? — деп сорайды.

Сонда анасы:

— Ҳей, балам, әкеңнин кәсиби қурсын, әкең оңған талап ислеген жоқ. Оны не қыласаң, балам? Сен жассаң, қандай ис пенен шуғыллансаң да қолыннан келеди. Тәўиррек талап пенен шуғыллан, — деп, әкесиниң еткен талабын жасырады.

Баласы анасынан сол сораўына жуўап күтип, қайта-қайта сорай береди. Анасы айтпаўға шарасы қалмапты. Әкесиниң талабы қақпан қурыў болғанлығын айтады. Буны еситкен Саят:

— Ондай болса, ата кәсибимди ислеп көрейин, маған атамнан қалған қақпанды алып бер, — дейди Саят.

Анасы бул талаптың оңбайтуғынлығын қанша айтса да баласы айтқанына көнбейди. Қәйтсин, атасының еки қақпанын алып берди. Сөйтип, анасы:

— Балам, буннан кет, анаў әўлийениң күн батыс жағына бар. Сол жерде хәўиз бар. Олманға кийик келеди. Кийиктиң жолына қақпанды қурып, сол дөгеректе аңлып жата бер, — дейди.

Саят қақпанды алып, анасы айтқан хәўизге барып, кийиктиң жолына қақпанын қурып, өзи сол жерге жақын жерде аңлып жатты. Уллы сәске ўақта басы алтын, қуйрығы гүмис кийик шапқылап келип, келиўи мәттал, қақпанға түсипти. Саят барып қақпаннан жаздырып, мойнына белбеўин байлап, үйине жетеклеп келди. Анасы көрип:

— Балам, бул кийикти патшаға апарып бере ғой. Патша саған көп сыйлық берер. Егер алдыңнан биреў шығып кийикти сораса, берме, тек патшаға бер, — деп зинҳарлайды.

Саят кийикти патшаға алып кетип баратырса, алдынан патшаның ўәзири шығып:

— Ҳәй, бала, кийигинди маған сат, — дейди.

— Жоқ, патшаға беремен, — дейди Саят.

Ўәзир үш мәрте кийикти сатыўын өтиниш етеди. Саят басын шайқап, ыразы болмайды. Баланын бермейтуғынын билген ўәзир:

— Ҳәй, бала, бул есерлигиң ушын өлгенше кейнине адам қояман, — деп, Саяттың изинен жүрди. Саят кийикти патшаға апарып берди. Патша кийикти көрип мәс болып, жас қақпаншыға көп сыйлық берди. Саят керекли зат сатып алып, үйине келип тоқ жасапты.

Бир күни патша ўәзири менен бағ аралап жүрип, секирип жүрген басы алтын, қуйрығы гүмис өзлериниң кийигин көрип, ўәзирине қарап:

— Биздей патшалық бармекен? — депти.

Ўәзир ойланып:

— Ҳаў, тақсыр, сиз басқарғандай патшалық, патша хәр бир елден табылып қалар, — дейди.

— Сондай сулыў бағ, онда басы алтын кийик, қандай кемисим бар? — депти қәҳәрленген патша.

— Тақсыр, енди сизиң бир кемисиңиз, усы кийиктиң жубайын тапсаңыз, соң-соң бир гәп болар, —

www.ziyouz.com kutubxonasi

депти ўәзир ийилип.

— Оны ким табады? — дейди патша.

— Бир тапса, Саят бала табады, — дейди ўәзир.

Патша тахтына келип, Саятқа жасаўыл жиберип, сарайға алдыртады.

— Хәй, бала, баяғы әкелген кийиктиң жубайын табасаң, болмаса өзиң өлимдар, малың патшалық, — депти ҳүкимдар.

Ўәзир буған ишинен мәс болып, күлип турған екен. Саят буны уўайымлап, үйине келип, анасына бар гәпти айтады. Анасы ойланып:

— Балам, ҳеш уўайымлама, кийик ҳеш ўақта тақ жүрмейди. Сол жолға қақпаныңды қур, жубайын жойтып, күнине еки-үш келип жүр, усларсаң, оны да ҳеш кимге берме, тек патшаға бер, — дейди ескертип.

Саят сол жолға қақпанын қурды. Түс ўақтында екинши кийик те қақпанға түседи. Бул да тап сондай екен. Кийикти жолда алып кетип баратырса, алдынан кәдимги ўәзир шығып, баладан тағы кийикти сорады. Саят бермепти. Ўәзир әдеттегидей:

— Хәй, бала, өзим өлгенше кейниңдемен, — депти.

Саят буған итибар бермей, жол жүрип, сарайға келип, кийикти патшаға береди. Патша тағы Саятқа көп алтын теңге берип, сарпайлап жибереди. Патша кийикти өзиниң жубайы болған алдынғы кийикке қосып, бағқа жиберипти. Саят патшадан алған теңгелерине керекли буйымларын, азық-аўқатларын алып, үйине келип, анасын қуўантады.

Бир күнлери патша бағын аралап жүрип, еки кийиктиң секирип ойнап жүргенин көрип, ўәзирине қарап:

— Мендей де патша бармекен? Бағымда еки алтын баслы кийик ойнатып қойыппан, — депти.

— Бир кемисиң бар, тақсыр, — депти ўәзир.

Патша қапа болып:

— Айт, қандай кемис? —депти.

— Кемисиңиз, қырық суўын шақынан наўа соқтырсаңыз, бийиклигин қырық гез, еки жаққа еки қошқардың шақындай етип, алтынға берип ислетсең, ишине сүт қуйып қойсаң, алтын наўа, алтын кийик наўадан сүт ишип ойнап жүрсе, сонда бир атыңыз шығар, — дейди ўәзир.

— Буларды ким табады? — деп сорапты патша.

— Әлбетте, Саят табады, — депти ўәзир.

Патша тахтына минип Саят баланы пашшап жиберип алдырып:

— Мына бағдың ишине қырық суўынның шақынан наўа соғып бересең. Узынлығы мынадай, өзиңниң керекли күниңе мәўлет ал, — деп хәмир етипти.

Буны еситкен Саят:

— Анам менен ойласаман. Соң керекли күнимди аламан, — деп сарайдан шығып кетти.

Анасына келип, патшаның гәплерин бастан-аяқ айтады.

— Балам, әкең тири ўақтында, «мениң бир әрманым усы жерден алты айлық жолда қырық суўын бар, соларды услай алмадым» дейтуғын еди. Сен патшаға бар, патшалықтан бир ярым жылға мәўлет ал, қырық түйе пахта ал, шебер уста ҳәм азық-аўқат алып, сол жерге бар, суўынлардың суў ишетуғын жерине пахталарды шашып, суўға батырып қой, өзлериңиз алыс жерге қос басың, шөллеп келген суўынлар келе суўға аўзын басып, суў ишер, ишкенде пахтаны қосып жута берер. Суўға қанған соң жутқан пахталары тамағына тығылып, дем бермей, торса-торс қулар, сол ўақта шетинен сойып алың, қырқын да алған соң, сол жерде наўаны питкерип келиң, — депти анасы.

Саят патшаға барып, анасының айтқанларының бәрин алып, силтеген жерге бир неше күнде жетип, тум-тусқа қарапты. Бир булақ бар екен. Сол булақтан суўынлар суў ишеди. Дәрриў қырық түйе пахтаны суўдың бетине жайып, пахталарды суўға батырып, өзлери сол жерде аңлып жата берипти. Түс ўақта суўынлар тиллерин шығарысып, келе суўға аўызларын басыпты. Суўынлар суўға қанып майданға шыққаны да, сол тапыр-тупыр қулай берипти. Сондай болып қырқы да қулап, Саят адамлары менен келип, суўынларды сойып алып, гөшлерин жеп, шақынан наўасын соғып, жата берипти.

Бир күнлери наўаны питкерип, түйелерге артып, мәўлетли күни қалаға келип, наўаны бағдың ишине тиклетипти. Азанда патшаға келип сәлемин берипти. Патша Саят ҳәм усталарға тиллә берипти. Саят үйине келип, анасы менен қушақласып сәлемлесип, мәс болып жүре берипти.

Бир күнлери патша бағын аралап жүрип, кийиклердин, суўынлардың жүргенин көрип ўәзирине қарап:

— Ўәзир, мыналарды көрдиң бе? Алтыннан кийик, суўынлар менде бар. Алтын наўа менде бар. Мендей де патша бармекен? — депти.

Ўәзир бираз иркилип:

— Тақсыр, ырасын айтсам, сиздей патша табылар, — деди.

— Енди қандай кемисим бар? — деди патша ҳайран болып.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Соны алдырсаң, соннан соң сиздей патша болмас еди, — дейди ўәзир.

— Қандай кемшиликти сездиң? — деди патша.

— Барсакелместе дәўперинин елинде байшынар деген бар. Оның бир жапырағы алтыннан, бир жапырағы гүмистен, соны алып келтирсең, алтын кийик, алтын наўа, алтын шынар, оннан соң кемисиң болмас еди, — депти ўәзир.

Патша ойланып:

— Оны ким табады? — деп ўәзирге қарады.

— Кийикти тапқан Саят, наўаны соққан Саят, буны да сол табады, — дейди ўәзир.

Патша тахтына минип, Саятты пашшапқа қуўдырып алдырыпты.

— Барсакелместе дәўперинин журтында байшынар деген бар. Соны алып келесең. Егер бармасаң, өзиң өлимдар, малың патшалық, — деди патша.

Саят не ислерин билмей, анасына келип, болған ҳәдийсени айтыпты. Сонда анасы:

— Балам, патша залым болса, шара жоқ, бармасаң, өлтиреди, оннан да кете бергениң дурыс. Патшаға бар, еки жылға мәўлет ал, түйеден қырық бас, жылқыдан қырық бас, малдан қырық бас ҳәм азық-аўқатларыңды ал да кете бер. Алдында жырткыш хайўанлар бар, алыс жол жүргенде алдыңнан көп жолбарыслар шығып, сени жемекши болар. Сол ўақта қырық түйенди сойып тасла, жолбарыслар гөшке мәўлик болып қалар. Сен иркилме, жүрип кете бер. Қараң көринбей кеткенде жолбарыстың басшысы кейниңнен жетип, муртынан жулып берер. Жолың болсын, — дейди анасы кеўли елжиреп.

Солай етип, баласының кетиўине илажсыз руқсат берипти. Саят патшаға барып, анасының айтқанларын алып ҳәм еки жылға мәўлет сорап, жолға түсти.

Жол жүрипти, жол жүрсе де мол жүрипти. Бир неше ай жол жүрип, бир қалың тоғайлыққа жетипти. Алдынан көп жолбарыслар шығып, Саятқа айбат шегип алмақшы болыпты. Саят қырық түйесин сойып, алдына таслапты. Жолбарыслар түйениң гөшине мәўлик болып қалыпты. Саят иркилмей жүрип кете берипти. Қара көриним жолға барғанда кейнинен бир жолбарыс жетип, оған муртын усыныпты. Саят муртты алып тағы жүрип кетипти. Сол жүристен тағы жүрип, және бир тоғайға жетипти. Бул жерде неше түрли қуслар Саятқа булттай болып ҳүжим жасап, азық қылмақшы болыпты. Саят буларға да қырық жылқысын сойып, таслапты. Қуслар жылқы гөшине үйилисип қалыпты. Саят буннан да иркилмей өтип кете берипти. Тағы қара көриним жолға барғанда кейнинен бир суңқар ушып жетип, «биз тарыққанда көрсеткен жәрдемиң ушын мынаны ал» дегендей Саятқа бир пәрин усыныпты. Ол қустың пәрин де алып, жол жүрип кете берипти. Жол жүрипти, жол жүрсе де мол жүрипти. Кетип баратырса, алдынан үлкенлиги ийттей қанатлы қумырысқалар шығып, жол бермепти. Ол қалған малларын қумырысқаларға сойып, алдыларына таслапты. Қумырысқалар мал гөшине мәўлик болып қалыпты. Саят кете берипти, тағы бир жерлерге келгенде кейнинен қанатлы қумырысқалардың басшысы жетип, бул да бир муртын берипти. Саят муртты алып кете берипти. Көп жоллар жүрип, бир неше айдан кейин бир қалаға жетипти. Қаланың шетинде еки отаў тигиўли тур екен. Саят сол отаўдың қасына барып, атынан түсип сәлем берип, ишкери кирипти. Иште бир кемпир үстине қара кийип, матам тутып қайғыда отырған екен. Кемпир Саятты көрип, мойнынан қушақлап жылай берипти. Саят аң-таң болып түсинбейди. Бир ўақлары кемпирге қарап:

— Мама, мен саған түсинбедим, үстине қара кийипсең, матам тутып қайғыда отырсаң-ғо? — деди.

Кемпир аўыр гүрсинип, Саятқа қарап тағы жылай берди.

— Ҳәй, балам, меннен несин сорайсаң? Жигит болып ер жеткен жалғыз баламның өлгенине бүгин қырық күн болды. Сен есиктен кирип келгенде балам тирилип келген шығар, деп едим. Нағыз балама усайсаң, бойың, шырайың, жасың тап мениң баламның дәл өзисең! Балам, атың ким, қай шәҳәрдиң баласысаң? Не хызмет пенен жүрсең? — деп кемпир сорапты.

— Мама, мен пәлений шәҳәрдиң баласыман, атым Саят. Мениң де жалғыз анам бар еди. Патша жаманлық етип, елимнен шығыстым, — деди Саят.

— Шырағым, Саят, ондай болса, мениң баламның орнына бала бол. Мынаў отаў баламның отаўы еди. Мал-мүликке ийелик ет, картайған ҳалымда мени қаңғылатпа, — деди кемпир Саятқа жалынып.

— Яқшы, болады, — деп, Саят кемпирди тынышландырады.

Ертеңине уллы той берип, Саяттың қолына жарақ услатып, халыққа бала еткенин мәлимлепти. Саят кемпирдиң баласы болып жүре берипти. Сол дөгеректиң жигитлери менен танысып, тап өзиниң елиндеги досларындай татыў турыпты.

Бир күнлери жигитлер менен қаланың ишинде қыдырып жүрсе, бир жерден он жигит, бир жерде он бес жигит шоқ-шоқ болып, сыбыр-сыбыр өз-ара мәсләҳәтлесип турғанын көрипти. Саят қасындағы жолдасларынан сорап еди, жолдаслары «ҳәй, достым, сорап не қыласаң?» деп жуўап бермеди. Тағы бир жерге барса, тағы сондай, шоқ-шоқ жигитлер. Саят ҳайран болып қасына барса, олар тарқасып, тағы бир жерге барып, және сондай ойласық. Булардың сырына түсинбей, Саят үйине келип, мамасынан сорапты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳәй, балам, сен мениң көзимниң ағы-қарасысаң, жалғыз перзентимсең. Оны сорап не қыласаң? — деп мамасы да айтпады.

Саят айтпауға қоймай қайталап сорай берди.

— Балам, сорап қоймадың ғой. Айтпасам, саған әрман болар. Бирақ, сен оның қолына түспе, — деп мама сөзин баслапты. — Балам, усы шәҳәрдиң патшасының перийзат қызы бар. Сол қыз ержетип, оған үйленемен деген талабанларға қойған патшаның шәрти бар. Биринши шәрти, патшаның баққы көпеги бар. Сол көпек ийтин жеңиў лазым. Екинши шәрти, бир қусы бар, үш күнлик жолдан қус ушырасады, кимниң қусы озып келсе, қыз соныки. Үшиншиси, қырық батпан тарыны бир ақшамда сепситпей сөк етип, кепегин бир жаққа, сөкти бир жаққа қойыў керек.Бул шәртлерди бежере алмай, бир неше жигитлер өлип кетти.

— Мама, бул шәртлерин өзим орынлайман, — депти Саят.

Мамасы бул сөзлерди еситип, жылап қоя берипти.

— Мама, жылама, патшаның қызын келин етип, хызметинди еткизесең, маған басшы жигит таўып бер, патшаға барып күн кесисип қайтаман, — депти.

Мамасы басшы таўып берипти. Саят патшаға барып, оннан руқсат алып, үйине қайтады.

Патша қалаға мынадай жар урғызыпты:

— Кимде ким тамашагөй болса, ертең усы қаланың патшасының қызына талабан бир жесир бас кемпирдиң баласы Саяттың ойыны болады.

Саят күн батқан соң баяғы жолбарыстың муртын отқа түтетипти. Сол заматта жолбарыс жетип келип:

— Достым, басыңа қандай ис түсип қалды? — депти.

—Ис мынадай. Маған түри көпек ийтке қусаған қарыўлы бир жолбарысыңды жибер. Усы қаланың патшасының ийти менен таластыраман, — деп жуўап берди Саят.

— Болады, — деп жолбарыс изине қайтып, тоғайына келип, барлық жолбарысларды жыйнап, ишинен аўзы дорбадай, ийттен айырып таный алмайтуғын бир көпек жолбарысты жиберипти. Жолбарыс Саятқа келипти. Мойнына белбеўин байлап, үйине жетеклеп келипти. Буны кемпир көрип, шалқасына таслапты.

— Балам, бундай айбатлы көпек ийтиң жоқ еди ғой, қайдан таптың? — деп кемпир хайран болады.

— Мама, менде бәри де бар, қорқпа, — депти Саят.

Дәрриў бир қойды сойып, жолбарысты тойдырып, таңның атыўын күтип жата берипти. Таң атыпты. Патшаның мүддетли ўақтында өзиниң дослары менен Саят да барыпты. Патша жыйылған халыққа Саяттың биринши шәртиниң болатуғынын айтыпты.

Патша еки жаққа пашшап қойып, өзиниң көпек ийтин ортаға шығарыпты. Саят та жолбарысын шығарыпты. Саяттың көпегин көрип, халық «бундай да көпек бола ма, аяқлары жуп-жуўан?!» деп таң қалысыпты. Патшаның кериле өскен ийти келе жолбарысқа аўыз салыпты. Жолбарыс қайрыла берипти. Көпектиң желкесинен тислеп, патша отырған тахтқа ылақтырыпты. Жолбарыстың күши қойсын ба, патша тахтан аўнап түсипти. Көпек арман барып, жерге алты аўнап түсипти. Патша биринши шәртинен утылады. Көпегиниң аўзынан қан кетип, өлип қалыпты. Патшаның өзи де аўырған жерин сыйпалап, халыққа сыр билдирмей, «ендиги шәртте көремен» деп отырыпты.

— Енди ертең қус ушырыў! — деп жыйналған халыққа дағазалапты.

Саят биринши шәртин орынлап, мәс болып, енди екинши шәртине таярлық көрипти. Күн батып қараңғы түскен соң үйинен аўлақ жерге шығып, қустың қанатын отқа күйдирипти. Сол ўақытта қустың басшысы «қандай жумысың бар, достым» деп жетип келипти.

— Жумыс мынаў, маған қусларыңнан ең бир ушқыр суңқарыңды жибер. Ертең патша қусы менен ушыраман, — депти Саят.

— Яқшы, достым, — деп, ол қусларын жыйнап, ишинен ең ушқыр бир суңқарын жиберипти. Саят суңқарды гөшке тойдырып, үйине қондырып, қоян берипти. Таң атыпты. Жигитлери менен патшаның белгиленген ўақтына барыпты. Патша халыққа белгилеп, қайтадан бир жасаўыл алып үш күнлик жолдан қус жарыстырыўға жиберипти. Бунда да Саяттың суңқары патшаның қусынан бир күн бурын озып келипти.Саят екинши шәртин де орынлады.

Енди үшинши шәртине патша:

— Қырық батпан тарыны өлшеп, бир ақшамда бир өзиң сөк етип, кепегин өз алдына, сөгин өз алдына сепситпей бересең, — депти.

Саят тарыны өлшеп алып, ел жатқан соң қумырысқаның муртын отқа күйдирипти. Қумырсқаның басшысы жетип келип:

— Қандай хызметиң бар? — депти.

— Хызмет мынаў, патшадан қырық батпан тары алдым. Соны сепситпей сөк етип берерсең, — дейди Саят.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қумырысқаның басшысы дәрриў кейнине қайтып, барлық қумырысқаларын жыйнап, Саят турған жерге келип, бәрин бир жерге жыйнап, әмир етипти:

— Мынаў тарыдан биреўиңиз бир тары жемең! Сепситпей, сөгин бир жерге, кепегин бир жерге жыйнайсыз!

Қумырысқалар тарыға тийисипти. Бир қумырысқаға бир тарыдан да жетпей қалыпты. Көзди ашып жумғанша сөк етип берипти. Саят қумырысқаларға руқсат берип, өзи таң атқанша уйқыламай қараўыл болыпты. Таң атқан соң патшадан адам келип караса, қырық батпан тары сөк болыпты. Ҳайран қалысып, тарыны өлшепти. Кем келмепти. Патша қалаға, халыққа жар урғызып, қырық күн тойын, отыз күн ойын дағазалапты. Уллы тойды баслап, тойды тарқатып, Саятқа қызын берипти. Саят патшаның қызын үй-үскенеси менен мамасының қасына алып келип, сол жерде жасай берипти. Сол жүристе Саяттың мүддетли күни де питип қалыпты. Бир күни патшаның қызы менен ойын етип отырса, Саяттың ядына өзиниң анасы түсипти.

— Мен елимнен шығысып кеткениме сонша ўақыт болыпты. Ғәрип анамның күни не кешип атырған екен? — деп, анасын ойлап қапа болыпты.

Оның қапаланғанын ҳаялы сезип, Саяттан не себеп қапа болғанын сорапты.

— Мен ҳеш кимнен жаман гәп, сөз де еситпедим. Сени де сондай сүйемен, сеннен кеўлим қалып қапа емеспен. Қапалығымның себеби мынаў: маған патшаның ўәзири жаманлық етип, «Барсакелместе дәўпери журтында байшынар деген бар, бир жапырағы алтыннан, бир жапырағы гүмистен, сол шынарды патшалығыңа алдырсаң, сендей патша болмайды» деп патшаны аздырды. Ҳүкимдар «ким табады?» дегенде «Саят табады» деди. Патша маған ғәзеп етип, еки жыл мәўлет берип, «шынарды алып келесең» деп жиберди. Мениң кейнимде жалғыз анам қалған еди. Анам ядыма түсип, қайғырып отырман, — депти Саят.

Бул сөзлерди еситип, ҳаялы көп ойланып отырып, бир дуўаларды оқыпты. Алдына сықылсыз бир дәў келип:

— Қандай хызметиң бар? Не хызмет айтсаң да орынлайман, — депти.

— Хызмет мынадай, — деп болып, тағы иркилип Саяттан сорапты:

— Неше күниң қалды?

— Мүддетли күни ме? Қырық күним қалды, — депти ол.

Ҳаялы дәўге қарап:

— Сениң журтыңда Байшынар бар, сол шынарды қырық күн толған ақшамы кемпирдиң отаўын, бизиң отаўды жатқан уйқымызды бузбай көтерип, шынарды Саяттың патшасының бағындағы алтын наўа қасына орнастырып, кемпирдиң отаўын Саяттың анасының атаўының оң жағына, ал бизиң отаўды еки кемпирдиң атаўының ортасына орнатып бересең, — деп буйырды.

Дәў көзден ғайып болып кетипти. Ҳаялы Саятқа:

— Енди ҳеш нәрседен уўайым шекпе, қырқыншы күнинде елиңде боламыз, — депти.

Арадан қырық күн өтипти. Сол ақшамы дәў шынарды, отаўларды, мал ҳалларын көтерип, айтқан жерлерине алып барыпты.

Енди патшаның ўәзири азанда күн шыға турса, бағдың ишинде жарқыраған нәрсени көрип қорқып, жаны қалмай, патшаға келипти.

— Тақсыр, ләшкерлерди жыйна, сизиң бағыңызға бүгин ақшам жаў келип орналасыпты. Жаңа майданға шықсам, жарқылдаған найза, есап-саны жоқ, — депти ўәзир.

Патшаның да жаны алқымына келип, майданға шығып, бағқа қараса, ўәзир айтқандай. Патшалықтан бир адамды жиберипти.

— Бағқа бар, бизге жаў болып келген кимлер екен, бизде қандай алмағы бар екен? — деп патша ҳәмир етти.

Жиберген адамы да қорқа-қорқа барса, жаў да жоқ, даў да жоқ, бир әжайып терек бар. Бир жапырағы алтын, бир жапырағы гүмис, кийиклер де секирип-секирип жүргенин көрипти. Бул адам патшаға келип болған исти айтыпты.

Енди Саяттың қоңсы кемпири майданға шықса, еки жақта еки отаў, ортада бир отаў, бир жүдә әжайып, шаңарағы алтыннан, босағасы гүмистен қусайды. Кемпир «түсим бе, оңым ба, кеше бул жерге ҳеш адам көшип келген жоқ еди ғой, болмаса көзиме бир нәрсе болды ма?» деп көзин қайта-қайта уўқалап қарапты. Қанша уўқаласа да сол көринис. Кемпир әсте-ақырын келип, ортаңғы отаўдың есигин көтерип қараса, кемпирдиң баласы Саят, қасында перийзат қыз, дәрриў жуўырып Саяттың анасын оятып, сүйинши сорапты. Қоңсы кемпирдиң сөзине анасы исенбепти. Майданға шығып қараса, кемпир айтқандай, еки отаў, еки жерде, ортада бир әжайып отаў, ишине қараса, өзиниң баласы, қасында перийзат бар, кемпирдиң еси кетип жерге қулапты. Саят ояныл, ҳаялы менен екеўи кемпирдиң басын сүйеп, отаўға киргизипти. Кемпир есин жыйнап өзине келип, баласының, келининиң бетлеринен сүйип мәс болыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ертеңине Саят патшаға барыпты. Ҳүкимдар оған көп теңгелер береди. Саят үйине келип, өз талабында жүре берипти.

Бир күнлери патша ўәзири менен бағды аралап жүрип, алтын кийик, алтын наўа, алтын шынарға көзи түсип, мәс болып, ўәзирге:

— Енди не, дүньяда мендей патша бар ма? — депти.

Ўәзир әдеттегидей сумлық пенен:

— Тақсыр, сиздей патша болмас еди, егер қырық серкеге ылақ туўдырсаң, — депти.

Патша ҳайран болып:

— Есиң дурыс па? Серке де ылақлай ма екен? Оны ким ылақлатады? — депти.

— Оны Саят бала ылақлатады, — дейди ўәзир.

Патша тахтына келип, Саятқа пашшап жиберип, сарайына алдырыпты. Патша Саятқа қарап:

— Ҳәй, бала, сен кийик таптың, кийикке наўа таптың, шынар таптың, енди бир кемисиң — маған қырық серкени ылақлатып бересең! Егер ылақлатпасаң өзиң өлимдар, малы-дүньяң патшалық, — депти.

Саят буған не дәлил айтарын билмей, үйине келип, ҳаялына айтыпты. Ҳаялы оған:

— Ҳеш уўайым шекпе, бар да серкелерин алып кел, қырқына қырық күн мәүлет ал, қалған жағын өзим келистиремен, — депти.

Саят патшаға барып, қырық серкесин алып ҳәм қырық күн мәүлет сорап үйине келипти. Келген күни биреўин сойып алыпты. Солай етип, қырқын да сойып жеп болыпты. Мәүлетли күнинен бир неше күн өтип те кетипти. Келетуғын Саят жоқ.

Бир күнлери патша ўәзирлери менен қус салып киятырып:

— Саяттан хабар болмады ғой, үйинен билейик, — деп, жол-жөнекей келип, есигиниң алдында турып, «хабарлас» депти.

Сол ўақта Саят ҳаялына «ал патша келди» депти. Ҳаялы «ондай болса, дым үндеме, өзим жуўабын беремен» депти. Патша екинши даўыслағанда ҳаялы шығып, «Саят толғатып атыр» депти. Патша күйип-писип:

— Ҳаў, еркек адам да толғата ма екен? — депти.

Ҳаялы сонда:

— Ҳаў, тақсыр, еркек серке де туўа ма екен? — депти.

Патша өзиниң орынсыз буйрығына намысы келип, кетип қалыпты.

Бир күнлери ўәзир патшаға келип:

— Тақсыр, сиз бул жақта патшасыз, сизиң ол дүньяда ата-анаңыз азапта ма, рәҳәтте ме, соны билсеңиз, кейиниңиздеги адамлар дәстан етип айтып жүрер еди, — депти.

— Оны ким биледи? — депти патша аңқаўланып.

— Оны да Саят биледи, — депти.

Патша Саятты қуўдырып алдырып:

— Саған тапсырма, мениң ата-анам азапта ма, рәҳәтте ме, соны жети ай ишинде билип кел, — депти.

Саят енди өзиниң өлетуғынына көзи жетип, үйине қапа болып келипти. Ҳаялы қапа болғанының себебин сорапты. Саят патшаның айтқанларын айтып түсиндирипти. Ҳаялы ойланып:

— Ҳеш қорыкпа, мен қырық жазыў жазаман, бул қаладағы моллалардың жазғанына сәйкес етпей жазаман, — депти.

Сөйтип, жазыпты. Арадан қырық күн өтип, Саятқа түсиндирип:

— Патшаға мына хатларды тапсыр, усы хатта бәри айтылған ҳәм «кетеримде, өзиң де аўызеки айт деп, тапсырды» деп мыналарды айт: «Ҳәй, қәдирдан балам, мен сени өсирип кәмалға келтирип, патша болыў мақсетиңе жеткерип едим, бизлер өлип кеттик, сен кейнимизде қалып, усы ўақытқа шекем ҳалымызды сорамадың, өлиниң айтқанын тири қыла ма деп, саған қатты өкпе етип жатыр един, бундай ойыңа алып бизге адам жиберипсен, оған да қуўанып қалдық, енди сен өзиңниң адамларың менен маған келип кет, келиўдиң жолы мынадай болады: үш ай жантақ бар ма, шеңгел бар ма, үйдир, таў болып үйилгеннен соң бала-шағаң, ҳәмелдарларыңды алып үстине мин, оннан соң Саяттың өзи алып келеди. Бирақ үйилген шөпке Саят басшылық етеди» деп айт. Усы сөз хатта да жазылған, — деди.

Саят хатты патшаға берипти ҳәм аўыз бенен де бәрин айтыпты. Патша хатты оқып, Саятқа:

— Көп рахмет, бала, сол шөпке өзиң басшылық етесең, — депти.

Саят үйине келип, ҳаялы менен ойласыпты. Ҳаялы:

— Ондай деген болса, үш ай шөп үйдир, бир қабаты шөп, екинши қабаты дәри болсын, сол қәлипте питкерип болып, патшаны, оның ҳәмелдарларын үстине миндирип, өзиң жүйрик ат минип, қолыңа узын сырық алып, дәриге атты тийгизбей, атқа қамшы бас. Соннан соң патша ол дүньядағы ата-анасын көреди, — дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Саят патшаға барып, шөп тасыйтуғын арба, адамларды алып, шөп үйгизипти. Бир қат шөп болса, бир қаты дәри болыпты. Үш ай үйдирип, дәриниң қасынан шуқыр қазып, сексеўилдиң қозына ишин толтырып, патшаға хабар берипти. Патша өзинин ҳәмелдарларын, бала-шағаларын минар шөптиң үстине, ата-анасын көрмеге минипти. Саят астына жүйрик ат минип, қолына узын сырық алып, сексеўилдиң қозына сырықты урып, атқа «шүў» деп қамшы урыпты. Ат көзди ашып-жумғанша араны ашыпты. Дәриге қозы түскен соң үйилген шөпти аўдарып, астын үстине шығарыпты. Патша, ўәзир ҳәм басқа ҳәмелдарлары да ол дүньяға жол тартыпты. Үш ай үйген шөп бир неше айға созылып жаныпты. Қала халқы «мийнетти ким етсе, рәҳәтин сол көрсин, алтын кийик, алтын наўа, алтын шынарды тапқан Саят усы қалаға патша болсын» деп, батырды хан көтерип, Саят патша болып, еки анасы ҳәм ҳаялы менен кеўилли ҳәм тоқ жасап, мурат-мақсетине жетипти. Соннан бери Хан Саят аталып кетипти.

## КӨК СЫЙЫР
(Р-63, № 34661)

Ерте-ерте заманда бир жарлы дийқан жасапты. Оның ҳаялы, қызы ҳәм бир көк сыйыры болыпты. Күнлерден бир күн усы ҳаялы дүньядан ерте көз жумып, қызы анасыз жетим қалады. Бир күнлери әкеси изинде қызы бар бир ҳаялды әкеледи. Сол ҳаялы анаў жетим қызға жүдә зулым, қатал қатнас жасайды. Отырса басқа, турса аяққа урады. Өз қызына сондай жайма шуўақ, жайдары, жақсы болады. Анаў жетим қызға баяғы көк сыйырды бақтырады. «Сен баққалы сүт шықпайды» деп урады. Сыйырдың суў ишпегенине, шақы қыйсайып кеткенине де қыз таяқ жейди екен. Қулласы, өгей анасы жетим қыздың басынан таяқ айырмайды. Күнлерден бир күн өгей анасы жетим қызға:

— Сен енди үлкен қыз болдың, жумысты көбирек ислеўиң керек, — деп, қолына бир қулаш пахта берди. — Усыны жип етип ийирип келеплеп келесең, болмаса меннен өлгенше таяқ жейсең, қатын, — деп зорлық көрсетеди.

Пахтаны қолына алып, көк сыйырын жетелеп, жылап-еңиреп қыз шығып кетти. Жолда баратырып қыз көп жылайды. Сол ўақта көк сыйыр:

— Шырағым, жылама, мен бул пахтаны жеймен, оннан кейин артқы жағымнан келеплеп ала бер, — дейди.

Солай етип, көк сыйыр пахтаны жалмап жеп қойды. Қыз сыйырдың арт жағынан жипти келеплеп алды. Бул жипти өгей анаға апарып береди.

— Бул жипти қайдан алдың? — деп өгей анасы және урады.

Ертеңине сол жипти қыздың қолына берип:

— Сен бүгин усыны бөз етип алып кел, қатын, — деп урады.

Қыз және жылап-еңиреп көк сыйырды жетелеп алып кетти. Далаға шығып көп жылады. Сонда көк сыйыр:

— Жылама, кешегидей етесең, — дейди.

Жипти сыйыр жалмап жеди, қыз артына шығып, таяр болған бөзди алды. Кеште өгей анаға әкелип береди.

— Буны қайдан алдың? — деп және урады.

Сөйтип жүргенде өгей анасының қызы да, жетим қыз да он бес жасқа жетти. Көк сыйырды бағып жүрип жаңағы қыз бир кемпирдиң үйине барды.

— Кел, қызым, — деп, кемпир табаққа жарма қуйып береди.

Қыз жарманы ишип болып, табақты тазалап, жуўып қойды. Кемпир турып:

— Ҳе-е, ақудай, маңлайыңа ай питсин, — деп алғыс айтып қойды.

Қыз көк сыйырдың жанына келип, салмада ағып турған суўға бет-қолын жуўды. Кемпирдиң берген алғысы келип, қыздың маңлайынан ай шықты. Кеште үйине келди. Өгей анасы:

— Қаңғыбас, бүгин қаяққа бардың?—деп және урды. Қыз турып:

— Бир кемпирдиң үйине бардым, — деп жуўап берди.

Өгей анасы өз қызына қарап:

— Ақудай, сен де бар, — деди.

Ол қыз да жол жүрип кемпирдиң үйине барды. Бирақ, кемпирге сәлем бермеди.

— Кел, қызым,отыр, — деди кемпир.

Қыз отырды, кемпир табаққа қуйып алдына жарма қойды. Қыз ишип болып, ас қуйған табақты сол жерде қалдырды. Кемпир оны көрип:

— Маңлайыңа аттың маңлайы питсин, — деп ғарғыс айтты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыз жолда киятырып салмадағы суўға бет-қолын жуўды. Қыздың басы аттың маңлайындай питти. Үйине маңлайы салбырап келди. Анасының зәрреси ушып:

— Бул не деген бәле?! — деп маңлай шашларын кесип таслады. Орнына без көгерип шықты. Әне, бунын да ашыўын жетим қыздан алды. Мине, соның дәртинен өгей анасы аўырыў болды. Усылардың бәри көк сыйырдан шығар, сойдырайын деп, күйеўине айтты:

—Усы көк сыйырдың сорпасын ишсем жазыламан, сой, — деди жыламсырап.

— Сыйырды ертең сояйын. Бүгин кеш болып қалды, — деди қыздың әкеси.

Қыз көк сыйырдың сойылатуғынына қыйналып, көп жылады. Көк сыйыр қызға қарап:

— Жылама! Мени сойып асканда сен жеме, барлық сүйегимди «апарып далаға тасла» дер, далаға алып шығып, мына ағаш түбине көм, қысылған ўағында керек боламан, — деди.

Ертеңине қыздың әкеси көк сыйырды сойды. Буған қыз оғада қапа болып жүрди. Ҳаял сыйырдың гөшин асты. Қыз жемеди. Ҳәмме жеп болған соң өгей анасы:

— Барлық сүйегин алып бар, далаға тасла, — деп қызға жекиринди.

Қыз жылап жүрип сыйырдың барлық сүйегин баяғы ағаштың түбине көмди. Ертеңине азанда өгей анасы:

— Енди бағарға сыйыр жоқ, мынаны айыр, — деп, қызыл тары менен ақ тарыны араластырып бир қап тарыны қыздың қолына берди.

Қыз жылап-еңиреп отыр еди. Бул қыздың дән салған таўықлары бар еди. Бир қызыл таўық, бир ақ таўық келип:

— Жылама, жақсы қыз, төк тарыны, — деди.

Қыз тарыны төкти. Қызылын биреўи, ағын биреўи айырып, бир заманда болды. Таўықлар жөнине кетти.

Күнлерден бир күн сол аўылда үлкен той болды. Жаңағы өгей анасы өз қызына жақсы кийимлерди кийгизип, тойға кетиўди жобаластырды. Бирақ, оннан алдын жетим қызға келип:

— Мына таўық қурық болып жүр, он бес мәйек бастырып, шөже шығартып қой! Болмаса меннен өлесең! — деп, өз қызы менен тойға кетти.

Бир күнниң ишинде шөже шығартыў мүмкин бе? Әлбетте, мүмкин емес. Қыз жылап қоя берди. Баяғы кемпир пайда болып, қурық болған таўыққа он бес мәйек бастырды. Бир жат таўықты мәйек үстинде жатқарып, өз үйиндеги жаңа шыққан шөжеден он бес шөже әкелип, таўықтың астына салып, он бес мәйекти шағып, бузып таслады. Таўық шөжелерди ертип, далаға шығып кетти.

Ал, жетим қыз сыйырды ойлап, оның көмилген жерине келип, сүйекти ашып қараса қызға керекли кийимлер бар екен. Соны кийип алып, бул да тойға барды.

Патшаның қызы деп, буны төрге шығарып сыйлайды. Баяғы ҳаялдың қызы есикте қалады. Бул өгей анасы қызы менен есикте қалғанына өкпелеп қайтпақшы болады. Соны жетим қыз билип, олардан бурын үйине барып отырыўға асығып-үсигип жүргенде бир геўиши түсип қалыпты. Қалай болса да үйге бурын келип отыра берди. Ҳаял үйге келип шөжени көрди. «Бул өтирик!» деп, қызды және өлгенше урды.

Әне, сол ўақта солардың патшасы өлип, патша табылмай тур еди. Баяғы түсип қалған геўиш патшаның ўәзириниң қолына түсти. Ўәзир турып:

— Усы геўиштиң биреўи кимде болса, ол усы елге патша болады, ийесин табың! — деп жар салдырды.

Жасаўыллар баяғы жетим қыздың үйине келди. Дәслеп өгей анасының қызына да кийгизип көрди. Аяғына болмады. Сол ўақта өгей анасы қыздың патша болып кетиўин ойлап, қызғанып, жетим қызды тандырға салып жасырып қойған екен. Баяғы қызыл таўық тандырдың басына минип, «ғоқ-ғоқ» деп қышқыра береди. Буннан жасаўыл басы сезикленип, тандырға үңилди. Қараса, тандырдың ишинде суп-сулыў қыз жатыр. Геўишти кийдирип көрди, буған шап-шақ, геўиш те бирдей екен. Қызды алып кетип, халық жыйналып қызды патша етип қойды. Қыз патша кийимин кийип, ортаға шыққанда мысалы айға усады. Әне, бул елге жетим қыз патша болып, халық абаданшылықта жасапты.

## БАЛЫҚШЫ ЖИГИТ ҲӘМ АЛТЫН БАЛЫҚ

(Р-63, № 34661)

Ерте-ерте заманда бир балықшы болыпты. Оның үш баласы бар еди. Күнлерден бир күн балықшының көзлери көрмей қалады. Бир күни ол еки баласын қасына шақырып алыпты.

— Балларым, мениң көзлеримниң емин таўып келиң, — дейди әкеси.

«Яқшы!» деп еки баласы жолға атланды. Ең киши баласы буны еситип турған еди. «Әжағаларымды жумсады, мени неге жумсамайды?! Мениң қолымнан ҳеш нәрсе келмейди деп ойлаған ғой» деп генжеси оларға өкпеледи. Ол да атадан руқсатсыз жолға шығып кетти. Бала жол жүрип, жол жүргенде де мол

www.ziyouz.com kutubxonasi

жүрип, ушы-кыйыры жоқ үлкен теңиздиң бойына жетти. Таңның алдында оның алдынан ақ сақаллы ғарры шықты. Оның менен еки қоллап сәлемлести.

— Балам, жол болсын, қайда барасаң? — деп сорады ғарры.

Бала атасының көзиниң емин излеп жүргенин айтты.

— Қулыным, үйиңе қайта бер, базарға бар, бес қадақ жипек ал, соны аў қылып тоқы, сол аўды анаў көлге сал, сол аўға бир алтын балық түседи. Ол балықтың қанын атаңның көзине жақ, атаңның көзиниң еми сол, — деп, ғарры баланың көзинен ғайып болды.

Бала үйине келди. Атасына бул хабарды айтты. Оны ақша берип базарға жиберди. Бала базарға барып, бес қадақ жипек алып келди. Үйинде отырып аў қылып тоқыды. Соң ғарры айтқан көлдиң қуйған аяғына аўды салды. Аўға алтын балық түсти. Сол балықты таўарға орап алды. Жолда балыққа қараса, балық жылап киятыр. Бала балықтың жылағанын көрип, рейими келип:

— Усы балықтың бир кәраматы бар шығар. Буны суўға босатып жиберсем, атамның көзи жазылып шыпа табар, — деп, балықты услап алған жерине апарып қоя берди.

Бала үйине келди. Атасы турып:

— Балық қайда? — деп сорады.

Бала болған исти жасырмай атасына айтты. Атасы ашыўланып:

— Ҳә, оңбаған! Сен бала оңбайсаң! — деп, баласын үйден шығарып қуўып жеберди.

Бала жылап жолға рәўана болды. Күнлерден бир күн жолда баратырып таў арасында тигиўли ақ отаўды көрди. Сол отаўға «Ассалаўма-әлейкум!» деп кирип барды. Бир ақ сақаллы ғарры турып:

— Уәлейкум-әссалам, балам, — деп сәлемин әлик алды ҳәм оннан жол болсын сорады.

Бала не ушын жолға шығып баратырғанын айтты.

— Балам, ондай болса, усында қала бер, — деп ғарры оған өтиниш етти.

Бала қарсылық етпей усы үйде бола берди. Үйде жалғыз темиршиниң қурал-жарақлары, әсбап-үскенелери бар, басқа ҳеш нәрсеси жоқ. Күнлерден бир күн сол елдиң патшасының қылышы сынып, бир ўәзирге берди:

— Ҳеш қандай сынбағандай етип қуратып алып кел. Болмаса өзиң өлимдар, малың патшалық!

Бул ўәзир көп устаға барды. «Сынбағандай етип қурай алмайман» деп, ҳеш ким бул қылышты усламады. Ўәзир уста таппай жүрип ғаррыға келди.

— Мына қылыш патшаныки, усыны сынбағандай етип қурайсыз, — деди ўәзир.

— Әжеп болады, қылышты анаў көриктиң үстине қояғойың, — деп, ўәзирдиң алдына шай қойды.

Ўәзир шайды ишип болғанша қылыш сынбағандай болып питти. Әне, патшаның орынбасары қуралды көрсе — пүтин, ҳеш сынбағандай.

— Мениң ислеп болғаным, патшаға апарып берегойың, — дейди уста ғарры.

— Жасыуллы, патшаның тапсырмасы питти. Енди сизде қандай тилек бар? — деди ўәзир кисесинен алтын шығарып атырып.

— Тақсыр, маған сизлердиң алтынларыңыз керек емес. Патшамызға айтың, егер мүмкин болса, мына балама қызын бере ала ма екен? — деди.

— Айтып көрейин, — деди ўәзир жумысының питкенине қуўанып.

Ўәзир алтын арбасына отырды да сарайға асықты. Сарайдың төрине барып патшаға қылышты берди. Патша қылышын көзден өткерип:

— Буны ким орнына келтирди? — деди.

— Қылышыңызды бир ғарры сынбағандай етип иследи, — деди ўәзир.

— Ғарры қатты шебер адам екен! Оны сыйлықладың ба? — деди патша.

— Таксыр, ол байлыққа қызықпайтуғын адам екен. Егер бир қасық қанымнан кешсеңиз, бир өтинишин айтар едим, — деди ўәзир.

— Кештим, айт тез! — деди патша.

— Ол устаның баласы бар екен, сол баласына келип-келип сизиң қызыңызды сорайды, — деди ўәзир дизерлеп.

Патша ҳеш нәрсе демеди. Ўәзирдиң кетиўине руқсат етти.

Күнлерден бир күн патша аңға шығады. Баяғы ғаррының үйине жақын келип, патша бир шабарман жигитти шақырып:

— Ғаррыға айт, куда боламан! Бирақ ҳәр түринен мың қара бас мал берсин, — деди.

Ол жигит ғаррыға соны айтты. Ғарры ҳеш ойланбастан:

— Болды, тақсырға өзим сол қалың малды беремен. Жума күни келип тойын жеп, малын алсын, — деп, шабарманды сарпайлап жиберди.

Негизинде патша ғаррыны кәмбағал болғаннан кейин өзинен алыслатыў, қашырыў ушын усы қалыңлықты айтып еди, жарлы темиршиниң гәплерин еситип, буған ҳайран болды. Патша елге қайтып, баяғы жигиттен сорады:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сол ғаррының қорасында малы көп пе?
— Уллы патшайым, кориктен басқа нәрсеси жоқ, — деп жигит жуўап берди.
Ўәдели күн де жақынлап қалды. Ғаррыға баласы:
— Бул қалай болды? Патша келсе, сизге «Айтқан малларым қайда? Мени неге масқара қыласаң?» деп өлимдар етеди ғой, — деди тәшўиишленип.
— Балам, ғам жеме, өзим бәрин бежеремен, — деди ғарры оны тынышландырып.
Әне, ўәдели күн болды. Патша адамларын алып ғаррының үйине келди. Келсе, адамға бир отаўдан. Хәр отаў алдында хызметкер келип, ат, оның қасында атқосшысы, от-шөби, ат жеми, барлығы таяр тур. Олар мийманларды жыллы жүзлилик пенен күтип алды. Патшаны ғаррының өзи аттан түсирип алды. Түн бойына сондай бир қызық болды, келген адамлар ойнап қайғысыз жүр. Таң атып күн шықты. Баяғы айтылған маллар бәри таяр болып турды. Қонақ кетер болды. Көп сарпайлар берилди. Малды да алды, бәри дурыс, кемис емес. Патша бундай хүрмет-иззеттен кейин:
— Сәршемби күни қызымды узатайын, — деп ўәде берди.
Ўәдели күни келди. Ғарры баласына:
— Балам, екеўимиз патшаның үйине барамыз. Хеш ўақта меннен руқсатсыз хеш жаққа барма! Түнде қыздың жеңгеси келип, қызға сени күйеўлетиўге алып кетер. Бул жерде үш күн боламыз. Патшаның қызына жети жайдан өтип, сегизинши жайда жолығарсаң. Аманлық сорас. Сөйт те, отыр. Қыз қасыңа келер. Сен қаш. Қыз қуўсын. Хасла усы үш күнниң ишинде қызға жақынлама, уйқылап қалма. Қыз бенен сөйлеспе. Әне, усыларды ядыңда тут, — деди.
Олар патшаның сарайына кетти. Той басланды, ел жатқан ўақта қыздың жеңгеси күйеў баланы қыздың қасына алып кетти. Жети бөлмеден өтип сегизинши бөлмеде отырған қызға барды. Қыз бенен аманлық сорасты. Қыздың қасында отырмай, басқа орында отырды. Қыз жигитти қуўды, жигит қашты, соның менен таң атты. Баласы қасынан кеткеннен кейин ғарры қолына алмас алып жети бөлмеде айланып жүрди. Таңның алдында қәхәрленип әйдарха келди. Оны ғарры алмас қылыш пенен шаўып таслады. Күн шықты. Жигит өлген әйдарханы басып шығып кетти. Келеси күни түнде қыз қуўды, жигит кашты, соның менен таң атты. Жигит бул күни де өлген әйдарханы басып шығып кетти. Үшинши күни жигит қашты, қыз қуўды, таң атты. Бүгин де өлген әйдарханы басып шықты. Әне, той тарқады, патша қызының маңлайынан сүйип хошласты. Алдын малға, кейнин шаңға толтырып перзентин узатты. Ғарры патшаға:
— Өзлериңиз де барып тойларыңызды жең, — деп өтинди.
Әне, булар да барыўға таярланды. Патша хәм басқа ўәзирлери, жақын-жуўықлары тойға барып, сарпайларын жамылып, хүрмет-иззет пенен қайтты. Той тарқап дем алғаннан кейин ғарры балаға мәнили қарап:
— Бул маллар кимдики, билесең бе? — деди.
— Сизики, ата, — деди бала.
— Жоқ, балам, сениң де үлесиң бар, тең бөлемиз, — деп, ғарры қолына алмас қылыш алып патшадан келген затларды түйе, жылқы, кийим-кеншек демеди, ортасынан қақ айырып бөле берди. Бөлиў қызға келди.
— Ата, қыз өлмесин, өзин-ақ алағой, — деп бала ғаррыға жалынды.
Ғарры оның өтинишине қулақ аспады.
— Жартысы мелики, бөлип аламан, — деп, қыздың аяқ-қолын керип байлады. Солай етип, алмас қылышты алып урыўға қолайлап турғанда қыз «ўай-й!» деп бақырып жиберди. Сол ўақта қыз қорққанынан қайтарды. Аўзынан бир бәле атылып шықты. Ғарры сол қара нәрсени шаўып таслады. Қыздың еси аўып жығылды.
— Енди келинди орнына жатқар. Бираз дем алсын, — деди ғарры.
Бала бул келиншекти жатқарып далаға шықса, ғаррының шаўып бөлген нәрселери өлген жоқ, өрип баратыр екен. Жигит хайран қалып атасына келди. Ғарры турып:
— Балам, сен хеш нәрсе аңламайсаң, саған айтайын. Атаңның көзиниң емин излеп, суў бойына шықтың. Сонда алдыңнан шыққан мен едим. Мениң айтқанымдай етип иследиң, аўына алтын балық түсти. Сол балықты шалғаўыңа орап алып қайттың. Бир ўақта сол балық адамзатлық етип жылады, балыққа рейимиң келип, қайтарып, услап алған жерине жибердиң. Сол мениң балам Сулайман еди. Оннан кейин атаң сени қуўып жиберди. Жылап сен журттан шықтың. Мениң де саған рейимим келип, алдыңа үй тигип қойдым хәм саған патшаның қызын алып бердим. Бул қыз жүдә жақсы, сулыў қыз. Басқа еллердиң патшаларының, бийлердиң балалары, аталықлардың балалары айттырды, бәрине де берди, барлығы да қыз қасына барған түнде өлип шықты. Ақыры адам айттырыўды қойып еди. Мен саған айттырдым. Түнде қыздың қасына бардың. Қыз қуўды, сен қаштың, бурынғы жигитлерди жылан шағар еди. Сен қыздың қасында болмадың хәм мен көмек бердим. Өзиң көрген шығарсаң,

www.ziyouz.com kutubxonasi

бул қызға әйдарҳа ашық еди. Келгенди келгендей шағып өлтирер еди, биринши күни өлген әйдарҳа атасы, екинши күни өлген әйдарҳа иниси еди.Үшинши күнги күйеўи еди. Усы үшеўин де өлтирдим, қызды қорқытып, ишиндеги әйдарҳаның баласын да түсирдим. Енди саған зыянсыз болды, балам, мал да, қыз да сеники, мына дүкандағы күл соқыр атаңнын көзиниң бирден-бир даўасы, еми, — деп, шаршыға орап күл берди.

— Бар, балам, жортқанда жолың болсын, Қыдыр ата жолдасың болсын! — деп балаға руқсат етти.

Бул жигит атадан руқсат алып, туўған жерине, алдын малға, кейнин шанға толтырып қайта берди. Келиншеги, мал-дүньясы менен үйине келсе, атасы аўыр аўҳалда жатыр екен. Еки әжағасы болса, дийўанашылық етип қара басын ойлап кетипти. Дәрҳал атасының көзлерине күлди сүртип, жарық дүньяны көриў бахтына миясар етипти. Еки туўысқанын таўып алып, екеўин де үйлендирип, мурады-мақсетине жеткен екен.

## ТҮЛКИБАЙ

(Р-448. № 176391)

Бир бар екен, бир жоқ екен. Бурынғы өткен заманда кемпир менен ғарры бар екен. Ғарры тоғайдан отын әкелип сатып, күн көреди. Отыннан кешигип қалса, кемпири «бүкир ғарры» деп шақырады екен.

Күнлерден бир күн кемпири «бүкир ғарры» деп шақырып жүрсе, оны түлки еситип, ғаррының алдынан шығыпты. Түлки ғаррыға:

— Бүкир ғарры, мен сениң улың болайын, — дейди.

Ғарры келисим берип, түлкини үйине алып келеди. Олар биргеликте жасай береди.

Бир күни ғарры тоғайда отынын арқалай алмайды. Соннан кейин «Түлкибай, Түлкибай!» деп баласын шақырады. Түлкибай жетип келеди.

— Не ушын кешиктиң? — дейди ғарры.

Сонда Түлкибай:

— Анам айтты, бар деди,
Отын терип кел деди.
Оннан тердим он қушақ,
Қырдан тердим қырық қушақ, — дейди.

Түлкибай ер жетип камалына келгеннен кейин:

— Ата, маған патшаның қызын айттырып кел, — дейди.

— Ҳәй, балам, «Тең теңи, тезек қабы менен» деген. Бизлердиң теңимиз ханбеди?! Үйде ҳеш нәрсемиз жоқ ғой. Патша қызын берермеди? — дейди ғарры.

Сол ўақытта кемпири:

— Ғарры, сонда да мен барып, патшаның есигиниң алдын сыпырайын. Патша хабарласқандай болса, қызын сорайын,—дейди.

Кемпир патшанын есигиниң алдын сыпарады. Сол күни ҳеш ким хабарласпайды. Ертеңине және барады. Онда да ҳеш ким хабар алмайды. Үшинши күни барғанда патша кемпирди шақырып алады. Соннан кейин патша кемпир менен ҳал-аўҳал, жумысын сорайды.

— Шырағым, бизлердиң Түлкибай деген баламыз бар, сол бийшара балам сизиң қызыңызды унатып қалған екен. «Тең теңи, тезек қабы менен» деген десек, тыңламайды. Соған сизиң қызыңыздың қолын сорап келип едим, — дейди кемпир.

Сонда патша:

— Апа, билесиз, патша өзиниң ғәзийнесин ойлайды. Демек, қырық түйеге алтын, алпыс түйеге тиллә артып әкелсеңиз, қызымды беремен, — дейди.

Кемпир буған оғада қапа болып үйине қайтады. Үйине келип, патшаның сораған қалың малын айтады.

— Әй, апа, оның несине қапа боласыз, патшаның сораған қалың малын ҳәзир-ақ тайын етейин, — деп Түлкибай үйден шығып кетип, тез арада қырық түйеге артқан алтын менен алпыс түйеге жүклеген тилләны тайын етеди. Кемпирди үстине мингизип, патшаға жибереди. Кемпир келининиң қалын малын патшаға тапсырады.

Патша қызын той-тамаша менен Түлкибайға узатады. Ол үйине келгеннен кейин бир силкинип жибергенде сулыў жигит болып шыға келипти.

Бир күни аўылдың қыз-келиншеклери Түлкибайдың келиншеги менен түлкиниң терисин көрейик, деп келипти. Түлкибайдың түлки терисин көрип, тартысып қалады, сол пайытта терини отқа түсирип алады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол ўақытта Түлкибай үйге кирип келип, хаялына:
— Енди сен маған жоқ, мен саған жоқ. Егер де көргиң келсе, мен керек болған болсам, қолыңа темир ҳаса алып, аяғыңа темир геўиш кийип, ҳаса ийнедей, геўиш жоқ болған ўақытқа шекем жүрсең, табарсаң. Мени Шийшадағ деген таўдан таўып ушыратарсаң, — деп түлки көзден ғайып болады.
Ҳаялы жылап-еңиреп, қолына темир ҳаса алып, аяғына темир геўиш кийип, түлки күйеўин излеўге рәўана болады. Ҳаса ийнедей, геўиши желинип жоқ болған ўақытта Шийшатаўға жетипти. Таўға барса, түлки күйеўин көреди. Сол жерде қосылып, мақсет-муратына жетеди.

## КӨК ҚОШҚАР
(Р-448. № 176391)

Бир бар екен, бир жоқ екен. Бурынғы өткен заманда бир ғарры ҳәм кемпир жасапты. Олар бир тырнаққа зар болып, бийперзент жасай береди.
Арадан көп ўақыт өтеди. Оның үйине жетим шопан бала келеди. Кемпир менен ғарры сол жерде жетим баланы өзлерине бала етип сақлайды.
Күнлерден бир күн кемпир жетим балаға бир калта жүн берип:
— Усыны ийирип келмесең, аўқат бермеймен, — деп зинҳарлап жибереди.
Жетим бала жүнди қой бағып жүрген жерине алып барып, ийире алмай жылап отырса, бир көк қошқар келип:
— Неге жылап отырсаң? — дейди.
— Мына жүнди ийире алмай отырман, — дейди бала.
— Мениң аўзыма жүнди тут та, артымнан жипти ала бер, — дейди көк қошқар.
Бала қошқардың артынан ийирген жипти думалақлап алып қалтаға салды. Оннан соң көк қошқар бир силкинип еди, үстинен кишмиш төгиледи. Бала кишмишти жеп үйине қайтты.
Шопан бала үйине барғаннан кейин кемпир ийирилген жүнди көрип ҳайран қалды. Кемпир балаға қатып қалған нан берип, оны төсегине жатқарды.
Азанда бала турып кеткеннен кейин кемпир баланың жатқан орнынан бир түйир кишмиш таўып алып, сол кишмишти таўып келиўди балаға буйырады. Егер таўып келмесе өлтиретуғынын айтты. Бийшара бала қойлардың изинен барып, бир төбешиктиң басында жылап отыр еди, көк қошқар жетип келип:
— Неге жылап отырсаң? — деди.
— Кешеги жеген кишмишимниң биреўи кийимиме жабысып барыпты, соны кемпир көрип қалып, «маған да әкелип бересең, болмаса өлтиремен» деп жиберди, — дейди шопан бала.
— Сен сол ушын жылама. Сол кемпирге мени алып бар. Мени апарғаннан кейин кемпир «тамағым табылды» деп қуўанар. Сол ўақытта сен қолыңа өтпейтуғын пышақ алып, аяғымды ширик жип пенен байлағайсаң. Соннан кейин мен жипти үзип, сени арқама мингизип алып қашарман. Кемпирден сени сөйтип қутқараман, — дейди көк қошқар.
Бала көк қошқарды жетелеп, кемпирдиң алдына алып барады. Кемпир қошқарды көргеннен кейин кишмишти умытып кетип:
— Аўқатымды таўып келипсең, мына көк қошқарды маған сойып бер, — дейди.
Бала қошқардың аяғын байлап соярын деп атырғанда қошқар баланы арқасына мингизип алып, қашып кетеди.
Көк қошқар баланы алып кетип, бир жерлерге барғанда бир қазан муздай суў, бир қазан қайнаған суўдың қасына отырғызып:
— Усы суўға қарап отыр, бираздан кейин алтын шығады, — деп, өзи кетип қалады.
Бала еки қазан суўдың басында отырған ўақытта бир ҳийлекер кемпир келип, жүзигин таслап жиберип:
— Балам, мына жүзикти алып бер. Мен түссем, мине алмайман, — дейди.
Бала жүзикти алып берип атырғанда, кемпир баланың қолынан шарпа услап алып қоржынына салып кетип қалады. Жетим шопанға бир патшаның қызы ашық болып, усы ҳийлекер кемпирди алып келиўге жиберген екен.
Ҳийлекер кемпир бир уйқыласа үш күн, үш түн уйқылайды екен. Кемпир жолда уйқыға кетеди. Бала қоржыннан шығып, қоржынның ишине кесек толтырып қашып кетеди. Кемпир үш күннен кейин оянып, қоржынды ешектиң белине салып кете береди.
Кемпир патшаның алдына келип қоржынды ашса, ишинде бала жоқ, кесектиң толып турғанын көреди. Сол жерде патшаның қызы:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бул кемпир бизди мазақ қылған екен, — деп, кемпирди шаўып өлтиреди.

Патша ертеңине екинши кемпирди жибереди. Баяғы сол қазанның ортасына барып отыр еди, ҳийлекер кемпир шопанның қасына барып, алтын саплы пышақты таслап жибереди де:

— Балам, мына пышақты алып бер, — дейди.

Жетим бала пышақты алып берип атырғанда қолынан тартып алып қоржынына салып кете береди. Ҳийлекер кемпир жетим баланы патшаның алдына алып барады. Патшаның қызына бала үйленип, отыз күн ойын, қырық күн тойын өткерди. Сөйтип жетим бала халықты басқарып, мурат-мақсетине жетеди.

## АНАРГҮЛ
(Р-448. № 176391)

Бир бар екен, бир жоқ екен, бурынғы өткен заманда бир патша болыпты. Ол бийперзент екен. Патша ҳәр ўақыт:

— Егер мен балалы болсам, бир ҳәўизди суўға, бир ҳәўизди палға толтырып қояр едим, — деп айтар екен.

Күнлерден бир күн патшаның ҳаялы туўып, перзентли болыпты. Өзиниң айтқанын ислеп, бир ҳәўизге пал, бир ҳәўизге суў толтырып қойыпты.

Патша баласының атын Әдишер қойыпты. Бир күни патшаның ҳәўизинен бир кемпир суў алып отырғанында оны патшаның баласы кесеклеп қоймайды. Соннан кейин кемпир балаға:

— Балам, сен маған кесек атқанша, Анаргүлди алып келсең-о, — дейди.

Бала он жети жасына келип, нардай күшине толып, Анаргүлди излемекши болады. Әдишер баяғы кемпирге келип, Анаргүлге баратуғын жолды сорайды.

— Балам, сен усыннан кеткеннен кейин үлкен тоғайлықтың ишинде жабайы ҳайўанларға ушырасасаң, сен олардан қорықпай өтип кете бер. Соннан кейин бир кемпирге ушырасасаң. Ол Анаргүлге барыўыңа жәрдемлесер, — деп жолға салып жибереди.

Әдишер батысқа қарай кете береди. Кемпирдиң айтқан тоғайлығынан да аман-есен өтип, баяғы айтқан кемпирге ушырасады. Кемпир баладан жол болсын сорайды. Әдишер Анаргүлди излеп баратырғанын айтады.

— Анаргүлге баратуғын болсаң, анаў көринген таўдың басында бир тулпар бар. Сол тулпарды минип, астыңдағы атыңды сол жерге таслап кет. Тулпар үш айлық жолды үш күнде басып өтеди, — дейди кемпир.

Әдишер барып, тулпарды услап минеди де, атын сол жерге таслап кетеди. Анаргүлдиң есигиниң алдына барса, әйдарҳалар жатырған екен. Бала әйдарҳалардан өтип ишкериге кирсе, шарбақтың ишиндеги анардың ағашының түбинде бир дәўдиң уйқылап атырғанын көреди. Ол анар ағашынан бес анардан жулып алып, тулпарына минип кейин қайтады. Жолда кетип баратырып төрт анарын кеседи, ишинен төрт қыз шығады. Қызлар Әдишерден суў сорайды, суў береди. Нан сорайды, нан береди. Сол жерде төрт қыз да өледи. Әдишер бир анарды алып кете береди. Тулпарды таўдың басына таслап, өзиниң атын минип баяғы кемпирине келеди. Кемпирге анарды әкелгенлигин айтады. Сонда кемпир:

— Анарды әкелген болсаң, суўдың бойына барып, анарды кес. Ишинен бир сулыў қыз шығады. Суў десе, нан бер, нан десе, суў бер, — дейди.

Жигит кемпирдиң айтқанларының барлығын булжытпай орынлайды. Әне, ол Анаргүлди алып елине келеди. Барса пүткил халық олардың келиўин асығыслық пенен күтип турған екен. Қырық күн тойын, отыз күн ойын берип, мурады-мақсетине жетипти.

## АЛТЫН АЙДАРЛЫ УЛ, ГҮМИС АЙДАРЛЫ ҚЫЗ
(Р-63, № 34661)

Бурынғы өткен заманда үш ҳаял бир күнде алмаға жерик болады. Алма ҳеш жерден табылмапты. Тек бир ғаррыда ғана алма бар екен. Сондағы бир алма бар қусайды. Сол ғаррыдан еки ҳаял алмасын сорайды, оларға бермей жибереди. Үшинши ҳаял барып сорайды.

— Мен алмамды берейин. Сизлер бөлисип жең. Ҳәр қайсыңыз алтын айдарлы ул, гүмис айдарлы қыз туўасыз. Сол балалар он еки жасына келгенде мен биреўин аламан. Соған ыразы болсаңыз алманы алың,

www.ziyouz.com kutubxonasi

болмаса меннен аўлақ жүриң, — деди ғарры.

Үш ҳаял ойласып, алманы алып, бөлисип жеди. Айы-күни толған соң алтын айдарлы ул, гүмис айдарлы қыз туўды. Сол балалар он еки жасқа толғанда баяғы ғарры келди.

Олар ғаррыны жақсылап сыйлады. Сарпай жапты ҳәм бир баласын берди. Баланы алып ғарры елине қайтты. Жолда олар шаршап дем алды. Ғарры уйқылады. Бала ойнап жүрип қуўрап қалған адамның басын көрип, теўип жиберди. Қуўраған қуўбас тилге кирип:

— Мендей боларсан, бала, — деди бирден.

— Мен неге сендей боламан? — деди бала.

— Усыннан ғаррының үйине бараарсаң. Ол сени аўқатқа тойдырады. Соннан кейин ғаррының қызының үлкен қазаны бар. Сол қазанды «үш айландыр» дейди. Сен айландырсаң, үшинши айланғанда сени қазанға ийтерип жибереди. Оннан кейин мендей боласаң. Ғарры «үш айлан» дегенде «мен жас баламан, сен өзиң айланып көрсет» де. Ол айланар, үшинши айланғанда қазанға ийтерип жибер. Оннан кейин ғарры өлер, қалтасындағы гилтлерин ал, саған керек болар, балам, — деди қуўбас.

Әне, бала ғарры менен үйине барды. Баланы жақсылап тойдырды.

— Балам, мына қазанды үш айландыр, — деди ғарры.

— Ата, мен жас баламан, өзиң маған көрсет, — деди бала.

Ғарры қазанды айлана баслады. Еки айланып үшинши айланғанда бала ғаррыны қазанға ийтерип жиберди. Ғарры тым-тырыс болды. Қалтасынан гилтлерди алып, барлық ғәзийнеханаларды аша баслады. Бул жайда барлық малдың түри бар екен. Хәр қайсысынан бир түк алып, азат етип босатып жиберди. Булар «саған рахмет, қай ўақта керек болсақ, тайынбыз» деп кете берди. Бала да өз елине қайта берди.

Жолда қайтып киятырып шопансыз көп қойларды көрди. Соларды айдап киятыр. Булар бир байдың қойлары еди. Оның алдынан бай шықты. Сәлемлесекеннен кейин бай:

— Балам, қаяқтан киятырсаң? — деп сорады.

— Мына жақтан киятырман, шопаны болмаған соң айдап киятырман, — деди бала.

— Балам, усы қойды бағасаң ба? — деди бай.

— Бағайын, — деди бала.

Сөйтип, ол қойларды баға берди. Усы байдың үш қызы бар еди. Еки үлкенин бай узатты. Оларға жақсы жай салып берди. Олар шадланып жасай берди.

Бир күни киши қызын узататуғын болды. Сонда киши қызы:

— Мен қәлегеним менен турмыс қураман, адамларды алдымнан өткериң, кимди алма менен урсам, сол адамды қәлегеним, — деди.

Атасы барлық адамды алдынан өткерди. Қыз алма менен өз есигинде жүрген шопанды урды. Буған атасы менен анасы ыразы болмады. Илаж жоқ, ақыры ыразылық берди. Буған жасаўға ешек төле берди.

Күнлерден бир күн бай кийик етин жегиси келип, қәдирли еки күйеў баласын кийик аўлаўға жиберди. Олар таўға барды. Бала кийиктиң түгин отқа тийгизди. Гүллән кийик балаға келди.

— Анаў екеўине хеш қандай услатпаң, — деп, үш кийикти алып қалды.

Күйеў балалары азаннан кешке дейин жүрип кийик көрмеди. Көринген кийик услатпады. Ақыры баланың қасына келип:

— Бизлерге бир-бирден кийик бер, — деди.

— Яқшы, берейин, бирақ, бир шәртим бар, орынлайсыз ба? — деди күйеў балаларға.

— Ол қандай шәрт, айт? — деди бир күйеў бала.

— Шәрт мынаў, екеўиңиздиң де жамбасыңызға тамға басаман, — деди.

Олар ыразы болды, бала буларға тамға басты, және еки кийик берди. Алып келип асты.

— Булардыки ашшы, мeники пал болғай, — деди бала.

Айтқанындай, булардыки ашшы болды. Бай жей алмады. Киши қызының үйине келди. Бул қызы табаққа гүртик, үстине ешектиң тезеги, оның үстине кийиктиң етин салды. Баслап жесе, ет палдай, бир ўақта ешектиң тезеги шықты.

— Мынаў не, оңбаған? — деди бай қызына бақырып.

— Еки ешек тебиссе, оның тезеги қазанға түспес пе? — деди қызы.

Бай хеш нәрсе айта алмай қалды. Қызына ешек төле бергени есине түсип қысынды.

Күнлерден бир күн бай еки күйеў баласын ертип, патшаның тойына кетти. Баланы адам деп есапламады. Олар кетип қалған соң шопан баланың ары келип, далаға барып, ат ҳәм адам белгисин отқа тийгизип еди, патшалықта болмаған ат пенен адам тайын болды.

Байдың изинен қуўып барса, еки баласын шеп жағына отырғызып, мәс болып отыр екен. Ол барып, оң жағына отырды. Буған сыйлы дастурхан келди. Той тарқап, олар қайтты. Бала бурын қайтты. Байдың үш қызы қарап тур екен. Үлкени «мениң күйеўим» деди, ортаншысы «мениң күйеўим» деди. Киши қызы күйеўин танып, «бул сизлердиң маңлайыңызға сыймайды» деди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Атлы жигит билдирмей өтип кетти. Бай да еки баласын ертип келди. Сол ўақта кешеги тойдағы байдың баласы да келди. Бай далаға жуўырып шығып, танымай:

— Аттан түс, шырағым, — деди.

— Жок, ата, рахмст, кеше тойда айтыўға уялдым, менин еки қулым бар еди, соны жойтып алып едим, сол сизиң қолда екен, соны бересиз, — деди атлы жигит.

— Ол ким, шырағым? — деп бай сорады.

— Мына еки жигит, — деди бала.

— Болыўы мүмкин емес!

— Инанбасаңыз, қуйрығын көриңиз, тамға бар шығар, — деди атлы жигит.

Қараса, ырасында да тамғалары бар екен. Сөзлери ырас, усыны билип көрсетти де, үйине қайтып, аттан түсти. Бай:

— Жигит қайда кетти? — деп сорады.

— Анаў шопанның үйине түсти, — деди биреў.

— Ол үй бизиң үйден артық па екен? — деди бай.

— Ҳәр ким өз қатарына түседи. Шопан деп қорлай бересиз, ол шопан алтын айдарлы, мына қәсийетсиз жездемлерден артық, барлығын да ислеп жүрген сол балаңыз, сиз танымайсыз, — деди қыз атасына қарап.

Бай барлық қәтелерин түсинип, күйеў баласы менен қызына сарайдай жай салып берди. Олар мазмунлы өмир сүрип, мурат-мақсетине жетти.

## ҒАРРЫНЫҢ ДАНАЛЫҒЫ

(Р-63, № 34661)

Бурынғы өткен заманда бир залым патша болыпты. Бир күни ол бир пәрман шығарды:

—Кимниң жасы алпысқа келсе жасаўға ҳақысы жоқ!

Жасаўыллар пәрман шыққан күннен баслап халықты аралап, жасы алпыстан өткенлердиң барлығын дарға аса баслайды.

Бир жарлы адам бар еди. Оның да алпысқа шыққан әкеси бар екен. Жәллатлар аўыллардағы көплеген жасүлкенлерди дарға асады. Гезек олардың аўылына келеди.

Баласы әкесин өлтириўин қәлемей, ярым ақшамда бир таўға бирге алып барады. Мине, усы таўда әкеси ушын ислеген жай бар еди. Сырты, қорған қапысы қайда екенлиги тек жигиттиң өзине белгили. Сол қорғанның ишине керекли затларды, буйымларды есабын таўып жыйнаған еди. Әкеси сол жайда бола берди. Бул сырды ҳеш ким билмейди.

Күнлерден бир күн патша ылғый жасларды суў астындағы гәўҳарды алып келиўге жумсады. Барған адамлардың биреўи де суўдан аман шықпады.

Бир күни гезек усы жигитке келди. Жигит әкесине барып бул аўҳалды айтты. Ол баласына:

— Балам, сен суўға түспе. Бир қайық таўып ал, теңизге бар. Жигирма шақырым жүр. Алдыңнан үлкен байтерек шығар. Сол теректе үлкен қустың уясы бар. Қайықты ағашқа байла. Терекке мин де, қустың қасына бар. Қус саған тиймес. Патшаның гәўҳар дегени сол ағаштың жапырағы. Сәўлеси суўдың түбине түседи. Патша ақмақ, зулым болғаны ушын адамларды суўға салып өлтирип атыр. Сен бар да, қайыққа қанша сыйса сонша толтырып алып, патшаға бер, — деди.

Әне, баласы бул ақылды алып, қайыққа минип теңизге жүрип кетти. Сол айтылған байтерекке барды. Барса, жапырағының барлығы гәўҳар екен. Әкеси айтқандай, қайықты ағашқа байлады. Өзи ағашқа минди. Қустың қасына барды. Қус бул жигитти сыйлап, қасынан орын берди. Ал, қысқасы, қайықты гәўҳарға толтырды. Алып келип патшаға берди. Патша ҳайран болып:

— Ҳәмме өлгенде сен неге өлмедиң? Бул ақылды саған ким айтты? Жасырмай айт, болмаса басың кетер, — деди қәҳәрленип.

— Тақсыр, бир қасық қанымнан кешиң, мен айтайын, — деди жигит.

— Айт, кештим!

— Сизиң ҳәмириңиз бойынша алпыс жасқа жеткен атамды өлтириўге таўға алып бардым. Барсам да, әкемди өлтириўге көзим қыймады. Атамды сизден жасырып бир неше жыл сақладым. Бир күни гәўҳарға өзимди де жумсадыңыз. Оннан кейин атама ақыл сораўға бардым. Барғанымда усы ақылды атам айтты, — деди жигит.

Патша орнынан турып:

— Ҳәзир сол атаң бар ма? — деди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бар, тақсыр!

Патша узақ ойланып калды.

— О, әдиўли пуқарам! Мен шынында да надан болған екенмен. Мени кешириң, — деди патша.

Әне, соннан кейин ҳүкимдар зулымлықты қойып, пәрманын бийкарлап, жигиттиң әкесин ўәзир етип сайлап, жигитке қызын берип, қырық күн тойын, қырық күн ойын берип, мурады-мақсетине жеткен екен.

## НЕСИЙБЕЛИ ЖИГИТ
(Р-63, № 34661)

Бурынғы өткен заманда бир балықшы бар еди. Сол балықшы қырық жасқа келгенше перзенти болмады. Солай етип, жүргенде балыққа қурған аўына бир алтын сандық түсти. Бул аршаны сол жерде аша алмай, үйине арқалап келди. Ҳаялы екеўи биргеликте аршаны күш пенен ашты. Ашса, аршаның ишинен бир қыз шықты. Ҳаялы ҳайран қалып:

— Сени сандыққа ким салды? — деп сораў берди.

— Мен патшаның қызыман. Атам мени далаға шығармастан үйде сақлады. Күнлерден бир күн өзим де билмеймен, жүкли болып қалдым. Атам маған ашыўланып, «енди өзинен көрсин, өлсин» деп, сандыққа салып суўға таслады. Сол ығыўдан сизиң аўға түстим. Енди не қылсаңыз да, ықтыяр сизлерде, — деди ҳал-дәрманы жоқ қыз.

— Онда үйимизде бола бер. Бизлер де бир тырнаққа зармыз. Құдай бизге көктен тилегенди жерден берди, — деди балықшы қуўанып.

Олар үшеўи усындай ўақты хошлықта бола берди. Арадан бир неше күн өтти. Балықшының ҳаялы да жүкли болды.

Бир күни балықшының ҳаялы да, патшаның қызы да толғатты. Сол күни екеўи де қошқардай ул туўды.

Бул балалар он сегиз жасқа келгенде екеўиниң де анасы, атасы өлди. Булар жетим қалды. Күнлерден бир күни патшаның қызынан туўылған бала:

— Усы жасы үлкен сен бе, я мен бе? — деди.

— Екеўимиз де жаспыз, бирақ, анам «Ҳәшим сеннен бираз бурынлаў туўылды» деп еди. Соған қарағанда, сиз үлкенсиз аға, — деди.

Енди Ҳәшим жасы үлкенлик етти.

— Иним, бул жерден кетейик. Басқа журтқа барып талап ислейик, — деди.

— Туўылған жерди таслап кетиў қыйын ғой, талап бул жерде жоқ па? Жигит киндик қаны тамған жерин таслап кете ме? Кетпейик аға, — деди балықшының баласы.

Ағасы оның сөзлерине итибар да бермеди. Әне, иниси илажсыз ағасына ерип кете берди.

Бир күни бала ағасы Ҳәшимге:

— Аға, сиз патшаның баласысыз! Мен болсам, балықшының перзентимен, көп азаптан кейин келе боламан. Екеўимиз еки жаққа айырылар ўақыт болды ма деген қәўпим бар, — деди.

Ҳәшим индемеди. Жолда киятырса, жақын жерде адамлар жыйналып қалған екен. Аныҡлап қараса, бир елдиң патшасы өлип, орнына басқа патша табылмай, «дәўлет қусы кимге конса, сол патша болсын!» деп дәўлет қусын ушырып атырған қусайды. Усы дәўлет қусы ушып барып жолаўшы Ҳәшимниң басына қонды. Дәўлет қусы қонған соң Ҳәшим патша болды.

— Сен мениң ўәзирим боласаң, — деди Ҳәшим.

— Яқ, аға, мен өзимниң қара мийнетим менен бахтымды сынап көриўим тийис, — деп, бала ағасы менен хошласып, басқа патшалыққа кетти. Узақ жол басып бир кемпирдиң үйине келди. Бул кемпир оғада бай, өзи дуўахан еди.

— Маған бала бол, — деди кемпир.

— Апа, мениң кемшилигим — түнде астымды бүлдирип шығаман, сиз жеркенерсиз, оннан кейин болмайды ғой, — деди бала.

— Мен жеркенбеймен, — деди кемпир.

— Онда бала болайын, — деди ол.

Солай етип, ол кемпирге бала болды. Кемпирдиң жылына бир туўатуғын мәкийен таўығы бар еди. Соны сойып балаға жегизди. Себеби, бул таўық астын бүлдириў кеселлигине ем еди.

Азанда бала орнынан турса, бас ушында бир талай теңге жатыр.

— Кемпир мени сынаған екен, — деп, байлыққа нәзер көзин де салмады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир ўақта кемпир:

— Балам, мына ақшаң шашылып атыр, жыйнап қой, — деди.

— Бундай ақшаға мениң нәзерим түскен емес. Менде буншелли көп ақша болған емес. Ақша сизики, — деп, бала усламады.

Кемпир балаға ҳайран қалды. «Кемпир болмайды екен, не ушын мени ақша менен сынайды?» деп, бала кемпирге өкпелеп, бул үйден де кетип қалды. Тағы бир үйге қудайы қонақ болды.

Азанда турса, жатқан жеринде көп ақша шашылып атыр екен. Бала буған да нәзер салмады. Үйдин ийеси:

— Балам, енбек етип тапқан ақшаны шашпаў керек. Ақшаларыңды жыйнап ал, — деди.

— Аға, менде бундай ақша жоқ, керек болса, жыйнасайын, жыйнап өзиң ал, — деди бала.

— Бул бала саў емес шығар, — деп ойлады үйдиң ийеси.

Бала турды да алға қарап жүре берди. Бир үлкен таўлыққа, адам жоқ жерге барып жатты. Азанда турып қараса, күндеги ўақыя. Бүгинги ақшалардың есап-саны жоқ, Сонда бала ойланды: «Мен қәте ислеген екенмен. Кемпир маған дурыс айтқан екен. «Мени сынады» деп өкпелеп едим. Енди кемпирге қайтайын». Усылай ойланып отырғанда аңға шыққан он-он бес адам келди.

— Балам, бул жерде неғып отырсаң? Мына жылан шағып алар! Бул жерден тез кет! — деди олар.

— Бул маған буйырған ақша екен. Буларға жылан болып көринди, — деп, бала кемпирдиң үйине барды. Үйине барып көп түйе алып, көп ақшаларды артып алып келди. Ал, енди кемпир баласына патшаның қызын айттырды. Сонда патша:

— Бай мама, сизиң балаға қызымды берейин, бирақ, бир шәртим бар. Мына көлдиң суўын куртып, астына тоқсан қабат жай салсын! Бир пақсасы алтын, екиншиси гүмис, үшиншиси зербарақ, төртиншиси гәўҳардан, сөйтип сол жайға мениң қызымды узатып барасаң, — деди.

Бай мама патшаға «яқшы» деп шығып кетти. Кемпир көлге барды. Көлдиң суўын қуртып, патша айтқандай етип жайды салып, питкерди. Бай мама патшаға келип:

— Тақсыр, жайды питкерип, шәртиңизди орынладым, — деп келинин сорады.

Патша кемпирдиң сөзлерине инанбай, адам жиберип, салынған жайды тексертти. Хызметкерлер «дурыс екен, тақсыр» деди.

— Ондай болса, қызымды берейин, — деп, қырық күн тойын, отыз күн ойын берип, қызын узатты.

Қыз узатылып келген сон бай мама да үлкен той берип, тойға қыз атасы ҳәм жигит ағасы Ҳәшим шақырылды. Той сондай тамаша болды, көргенлерге ҳәз болды, көрмегенлерге мәзи бир гәп болды. Той тарқап болған соң патша тахтты балаға берип, өзи ўәзир болды. Балықшының баласы урыссыз-қағыссыз, татыўлықта халықты әдил басқарып, мақсет-муратына жетти.

## ДУРЫС НӘСИЯТ

(Р-63, № 34661)

Бурынғы өткен заманда бир адамның баласы болыпты. Ол елинен хеш бир қызды кәлемей басқа бир елге кетиўди ойлайды. Сонда атасы:

— Балам, кетип баратырғанда қонақ жер табылмаса, үстинен ели кеткен қораға қонба. Табылса, әўлийеге қон. Басқа далаға қонба, — деп баласына нәсият етти.

Жигит ата-анасынан жуўап сорап, ақ пәтиясын алып жолға шықты. Бара-бара ел жоқ далаға шығып, қонық жер таппай, үстинен ели кеткен қораға жолықты. Атаның нәсияты ядына түсип, қораға қонбай кете берди. Солай етип кетип баратырғанда алдынан әўлийе шықты. Сол әўлийениң қасына барып:

— Хабарласқандай ким бар? — деп даўыслады.

Сол ўақта кәбир беттен бир жан:

— Хабарласқандай биз бар, — деп жуўырып шықты.

— Жора, қудайы қонақпан, — деди жигит.

— Ондай қонақ болсаң, аттан түс, — деп, жаңағы адам атын байлады. Атқа от-шөп те салды. — Жүр, жора, — деп, өзи шыққан кәбирге нусқады.

Бул жигит тирилей кәбирге кириўге қорқып, не қыларын билмей, илажсыз сол жигиттиң кейнинен кирди. Бираз қараңғыдан жүрип жақтылыққа шықты. Сол ўақта кәбирден шыққан жигит:

— Усы бизиң үй, — деп, бир жақсы бөлмеге алып барып, жақсы орынға отырғызды.

Солай етип, ол жигит қонағына қой сойды, асып та жиберди. Оннан кейин қонақ үстине бир неше жасы үлкен адамларды шақырды. Ас писип, табақ дара-дара тартылды. Барлығы аўқат жеўге қолайласты. Бир адамның қолы асқа жетпей, улыўма жей алмады. Сол адамның табағы жеўсиз орнында қалды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Аўқат жеп адамлар тарқасты. Олар тарқап кеткен соң қонақ үй ийесине қарап:

— Жаңағы адам аўқат жей алмады, обал болды-аў, бул келген қандай адамлар? Оларда қандай сыр бар? — деп сорады.

Сол ўақта жигит:

— Бир ўақлары елимизди талап алыўға басқа патшалықтан әскер келип, жаўгершилик болды. Сол жаўгершиликтиң болыўына усы қолы асқа жетпей отырған адам себепши болып, бизлер халық ушын жан бердик, усы жерге қойылдық, қандай болсақ та, усы адамнан артық жасаймыз, — деп жуўап берди.

Оннан кейин бул жигит те қыз излеген жумысын айтты.

— Онда баратырған жағыңнан қыз аласаң, достым. Жолда бир адам менен жолдас боларсаң, сораса, жөниңди айт, бирақ, оннан соң ол адамның ким екенин сорама, — деди қәбирдиң ийеси.

Бул жигит ертеңине жолға түсип, сәске ўағында астында көк аты, үстинде көк кийими бар ақсақаллы адам жолдас болып, шеттен қосылды. Жигит ол адамға сәлем берди. Ол бул жигиттен жөн-жосақ сорады. Ол барлығын айтты. Олар бир аўылға келди.

— Мына үйде жумысым бар еди, сен жүре бер, — деди ғарры.

Ол адам үйге барғаны да сол еди, иштен жыласқан даўыс шықты. Ол адам қайтып келип жолдас болып жүре берди. Әне, сондай аўхал үш рет қайталанды.

— Сизиң барған үйиңиз жыласып қалды. Сиз өзи кимсиз, ата? — деди жигит.

— Балам, сорап не қыласаң, айтсам, қорқасаң, — деди ақ сақаллы ғарры.

— Жоқ, ата, айтың, — деди жигит.

— Ондай болса, айтайын, мен жан алыўшыман, — деди ғарры.

— Мендеги жанды қашан аласыз? — деди жигит қорққанын билдирмей.

— Сендеги жанды анаў үйдеги қызды алсаң, тойында аттан жығыласаң, сол жерде аламан, — деди ақ сақаллы ғарры. — Балам, мениң жолым мынаў, сен анаў үйге бар, сол үйде бир қыз бар, соны аласаң.

Жигит ғарры силтеген сол үйге барды. Айтқанындай үйде қыз бар екен. Жолын таўып ата-анасын көрип, айттырды, үйиниң иши оған қызын берди. Бир неше күн болып қызды алып қайтты. Жолдағы әўлийеге келип:

— Хабарласқандай ким бар? — деп даўыслады.

Және баяғы жигит алдынан шығып атын байлады. Қыз бул иске ҳайран болды. Бирақ, илаж жоқ, ол да еки жигит артынан қәбирге кирди. Сол күни сол жайда болды. Жигит жолдағы аўҳалды қалдырмай айтты. Баяғы шейит жигит:

— Онда ылаққа барма. Жан алғыш үйге келсин, сен шықпа. Сен қыз, «ата бизлер еки жас едик, ең болмаса жолдас ҳақымды бер» деп сора, берер.

Ертеңине азанда буларды шығарып салды. Үйине жигит аман-саў, және қыз алып келгенине той басланды. Ылақ ойын басланды. Жигит ылаққа бармады.

— Сен неге ылаққа бармадың? — деп әкеси баласынан сорағанында, болған аўҳалды бастан-аяқ айтты. Бул сөзлер айтылып болынды. Жан алыўшы да есик алдына келип, жигиттиң атын айтып шақырды. Сол ўақта «Жан орнына жан» деп жигиттиң атасы шықты. Жан алыўшы ғаррыға пәнжени урды. Ғарры шыдай алмай «өз аманатыңды ал» деп тайын болып шықты.

— Ҳә, терис қайтқан, — деп кемпир далаға шықты.

Бул да тайын болып шықты. Сол ўақта жас келиншек шығып жан алыўшыға қарап сәлем берди.

— Ата, бул қандай аўҳал? Қандай бахытсызлық? Ең болмаса жолдас ҳақымды бер, — деп келиншек қарсы алдында турып алды.

Жан алыўшы еки жасты аяп, тилегин қабыл етип, «өнип-өсиң» деп қайта кетип қалды. Олар өнип-өсип, мәс болып, бала-шағалы болып, мурады-мақсетине жетипти.

## АҚ КИЙИК

(Р-460. № 176403)

Бир мерген аң аўлаў ушын үйинен шығыпты. Ҳеш аң аталмапты. Алып шыққан азығы да таўсылып аш болыпты. Бир күни алдында жортып баратырған бир кийикти атып алады. Кийикти жалма-жан сойып, етин кәбап етип сүмбеге шаншып жеп атырғанда, кийик:

— Бизиң аўҳалымызды Орманбет бийден сорап билерсең, — деп, орнынан ырғып турып кетип қалады.

Мерген кийиктиң бул исине ақылы ҳайран болып аўылына барады. Үйине келип ойланып, ой түбине жете алмай, аўылының адамларына көрген-билгенлерин айтып:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Еснеп тамақ ишпедим, шешинип жата алмадым, маған Орманбет бийдиң елин силтен, — дейди.

Адамлардың биразы «мергенди жин урған» десе, биреўлери «ырас болса ырас шығар. Орманбеттиң үйин силтеп жиберейик» депти. Сөйтип аўылының жас үлкен биреўи Орманбеттиң аўылын силтеп жибереди.

Мерген Орманбеттиң үйин излеп кетеди. Бир неше күнлерде Орманбеттиң аўылына келип, бир үйдиң алдында турған балаға ушырасады. Мерген баладан Орманбет бийдиң үйин сорайды.

— Анаў турған сол кисинин үйи, есигинин алдында турған — излеп киятырған адамыңның өзи. Бүгинше бизиң үйде болып, дем алып барарсаң, — деп, бала мергенди үйине киргизеди.

Мерген үш күн баланың үйинде жатып, Орманбет бийге барып, келген жумысын айтады.

— Япырмай, шырағым-ай, анаў отырған бизиң ҳаял, соның ишинде не бар, мысал сондай сөз екен, — дейди Орманбет бий. — Сениң келген жумысың питер, бирақ басымнан өткен бир азғантай ис бар еди, дәслеп соны айтып берейин, — депти.

— Айтсаң айта ғой, — дейди мерген.

— Биреўден илгери, биреўден кейин дегендей, азын-аўлақ жылқым бар еди. Қоңсы жора-жолдасларым менен таўда қонып жатып бағып жүретуғын едим. Жаңа үйленген ўақтым еди. Бир күни жораларым «Жылқыңа бизлер қарап турармыз, бир-еки күн қурдастың қасында жатып келерсең» деп, мени үйиме жиберди. Жол алыс болғанлықтан күндиз үйиме жете алмай, түнде үйиме келсем, ҳаялым жатып қалған екен. Үйге келип, «есикти аш» деп ҳаялыма сырттан даўыс бердим. Ҳаялым «биймезгил жүрген кимсең?» деп сыртқа шықты да, бир уўыс топырақты бетиме шашып жиберди. Мен сол жерде ийт болдым да қалдым. Ақылым болған менен, түр-түсим ийт болғаннан кейин, ҳаялымның бул қылғаны исине шыдай алмай, жақын жерде бир аўыл бар еди, сол аўылға барып, бир үйдиң көлеңкесине жата кеттим. Сол үйден бир адам шығып, көзи көзиме түсти. Сол ўақытта ол адам үйдеги ҳаялын шақырып:

— Мынаў ийттиң көзи жақсы екен, асырайық, мен келгенше тамақ қуйып, тойдырып қой, — деп, жаңағы адам атына минип кетип қалды.

Ҳаял қазан-табағын жуўыстырып, жуўындыны ийтаяққа қуйып кетти. Мен тәбиятым алмай ийтаяқтағы жуўындыны ишпедим. Кеште сол үйдиң адамы келип:

— Ийтке тамақ қуйдың ба? — деп сорады ҳаялынан.

— Ийтаяққа жуўынды қуйып едим, ишпеди, — деди ҳаялы.

Оннан кейин маған табаққа быламық қуйып берди. Ишип тойып алдым. Соның менен сол аўылдың қойына қасқыр шаптырмай, қойларын аман сақлап жата бердим. Мен ол аўылға қолқанат болдым.

Бир күни мени асыраған үйге бир адам келди. Үйдиң адамы келген адамға мени мақтай баслады. Бир ўақытта келген адам мени сорап алып, үйине алып барды. Сол күни ҳаялы туўған екен. Бирақ жылда туўған баласын Қарақус пери келип алып кетеди екен. Бул баласын да алып кетпекши болып келген пери маған тап болды. Мен келгеннен шап берип услап алдым. Сол ўақытта қус периси:

— Әй, Ормамбет бий, ер қәдирин ер билер, зер қәдирин зергер билер, босат мени, — деп жалынды.

Қарақус перини босатып жибердим. Бала аман қалды. Сөйтип баланы аман алып қалғаннан кейин сыйлы болып жүр едим, бир күни баяғы адам келип мени қайтып алып кетти. Мен де жүре бердим.

Бир күни мен, бүйтип жүргеним болмас, «ер туўған жерине, ийт тойған жерине» деген, деп қайтып үйиме бардым. Үйиме барып едим, «биймезгил жүрген қандай адам» деп, ҳаялым бир уўыс топырақты бетиме шашып жиберип еди, мен торғай болып, ушып өтә кеттим. Ағаштың басына қонып отырғанымда бир бала келип услап алып, кемпирине алып барды. Кемпир баласының қолын қағып жиберип:

— Отыр, Орманбет бий, — деп еди, мен адам қәддимди тиклеп, отыра кеттим. Соннан кейин бир дуўа оқып жиберип еди, маған тил питип сөйлей басладым. Баяғы туўған баланы алып кетиўге келген қарақус пери сол кемпир екен. Мен оны өлтирмей жақсылық еткениме, ол да жақсылық етип өз қәддиме келтиргени сол екен. Соннан кейин кемпир маған:

— Сениң ҳаялыңның молла жорасы бар екен, ол күтә дуўахан екен. Сени дуўалап ийт, торғай етип жүрген сол, — деди.

Кемпир маған дуўа үйретти.

— Усы дуўаны оқысаң ҳаялың маша ешек, молла ақ кийик болып кетеди, — деп, маған руқсат етип үйиме қайтарды.

Мен үйге келгеннен кейин дуўаны оқып жиберип едим, ҳаялым маша ешек, молла ақ кийик болып өтә кетти. Баяғы сениң атып алған кийигиң сол молла еди, «бизиң аўҳалымызды Орманбеттен сорап билесең» дегенининң мәниси усы еди, балам, — деп, Орманбет бий мергенге мән-жайын айтып берген екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БОЙЫ БИР ҚАРЫС, САҚАЛЫ ҚЫРЫҚ ҚАРЫС СЫЙҚЫРШЫ ҒАРРЫ ТУЎРАЛЫ ЕРТЕК
(Р-89. № 24617)

Бурынғы өткен заманда бир бай болыпты. Байдың тоғыз баласы бар екен. Бай тоғыз баласын да бир жерден үйлендирмекши болыпты.

Бир елде бир байдың тоғыз қызы бар екен. Соның менен қуда түсипти. Қызлар да, балалар да ер жетип, күйеўлеп жүре берипти.

Бай бир күнлери балалары менен барып, келинлерин алып қайтыпты. Киятырып алды кеш болғанлықтан, қула дүздеги бир қуйының басына қоныпты. Киши келини ақыллы екен, «бул жерде конбайық» депти. Сонда да қоныпты.

Ол қуйы жер астындағы Жылан ханның бойы бир қарыс, сақалы қырық қарыс сыйқырлы ғаррысының қуйысы екен. Ол байдың киши келинине ашық екен. Барлық истен хабары бар екен. Сол күни қонған ақшамы киши қызды алып кетип қалады.

Ертеңине азанда қараса, киши келини жойтылыпты. Ҳәммеси оған қапаланыты. Байдың киши баласы батыр екен. Ол басқаларына жуўап берип, өзи излеўге кете берипти. Ғарры да қызды алып, кеўлин жәмлеп, олардың сыртынан бақлап жүре берипти. Олардың түрин ғарры жаман көрип, Жылан ханға қызды саўғаға берипти. Байдың баласы сорастырып жүрип қорра таслатса, бойы бир қарыс, сақалы қырық қарыс ғаррының алып кеткени туўралы хабарды еситe берипти.

Күнлерден бир күн излеп жүрсе, ғарры менен ушырасып қалыпты. Ғаррыны тутып алатуғын жағдайға келипти. Ғарры дуўа менен демин от етип, қутылыпты.

Бир күнлери және байдың баласының қонып атырған жерине дус келипти. Қасындағы алты жигитиниң атын жоқ етип, байдың баласының атына келгенде, байдың баласы ояныпты. Ғарры менен айқасыпты. Ғарры тутылар жерге келгенде, зорға қашып қутылыпты. Оның изинен байдың баласы қуўады. Ғарры баяғы басында қонған қуйыға барып кирип кетеди. Оны көргеннен кейин байдың баласы алты жигитти ертип келип, қуйының басында жата береди.

Жигитлердиң күнде биреўи қалып аўқат писирип, басқасы аңға кетеди. Күнде аўқат пискен ўақытта бойы бир қарыс, сақалы қырық қарыс ғарры келеди. Әдеттегише күнде бир уртлам аўқат сорайды. Берсе де, бермесе де, аўқат писирип отырған адамды сақалынан бир қыл жулып алып байлап таслап кете береди. Алты жигитти де усылай етеди. Жетинши ретте байдың баласы қалады. Әдеттегише ғарры келеди. Байдың баласынан аўқат сорайды, аўқат бермейди. Ғарры екеўи айқасады. Ғарры күш бермейтуғын болады. Соннан кейин бала сақалынан услайды, ғарының күши қайтады. Байдың баласы үстем болады. Ғаррының сақалынан жулып алып, байлап таслайды. Ғарры балаға жалынады. Байдың баласы қызды таўып берген жағдайда өлтирмейтуғынын айтады. Ғарры қайыл болады. «Қызды алыў ушын Жылан ханнан сумлықты өткериў керек» дейди. Байдың баласы ғарры менен жердиң астына түседи.

Жылан ханды бағындырыў ушын еки нәрсени ислеў керек болады. Бириншиси, Жылан ханның бир аты бар екен. Оны миниў керек екен. Екиншиси, ханның бир дәўи бар екен. Соны бағындырыў керек екен. Оларды ислемей турып ханға барған менен, дуўа менен бәнт етип таслайды екен.

Байдың баласы ғаррының сақалынан кесип алады. Себеби сақалын отқа түтетсе, ғарры қайда болмасын жетеди екен. Байдың баласы дәслеп атқа барады. Ат баланың душпан екенин билип тепсинеди. Ҳәр тепсинген сайын баланың тумлы-тусы от болып кетеди. Бала оттан қорқпай, атты ийегинен услайды. Ат ийегин усласа бағынады екен. Сөйтип атты бағындырады. Байдың баласы атын минип, дәўге келеди. Келсе, дәў уйқылап атыр екен. Дәў бир уйқыласа жети күн уйқылайды екен. Дәўди де өлтирипти. Соннан соң ханның алдына келипти. Хан барлық күшин — атты, дәўди өлтиргеннен кейин байдың баласына бағынады. Бала қызды тартып алады. Жердиң үстине шығарыў ушын жолдас қосады. Жердиң үстине шыққаннан кейин, ғарры бизди ҳәлеклеп жүрер деп, ғаррының сақалын отқа күйдиреди. Ғарры келеди. Ғаррыны өлтиреди, қуйының басына келип жигитлерине қосылады. Елине қайтады, кемпир-ғаррысына қосылып, мурат-мақсетине жетеди.

## АСАН ГЕНЖЕ
(Р-98. № 24641)

Бурынғы өткен заманлардың биринде Хорезмде бир патша болыпты. Оның үш баласы бар екен. Үлкениниң атын Есен, ортаншысының атын Үсен, ең кишкенесин Асан генже деп атайды екен. Балалары ер жетип кемалға келипти. Патша балаларына жигит ертип, үлкенин қус салыўға, ортаншысын елден салық жыйнаўға, ал кишкенесин мал жайлаўына жиберип қоятуғын болған.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир күнлери патшаға: «Балаларым болса ер жетти, жигит болды, енди буларды үйлендирсем, үйлендиргенде де өзимдей патша менен қуда болсам, оның үш қызы болса» деген ой келди. Сөйтип патша усы мақсет пенен қасына ўәзирлерин алып патшалықларға қуда түсиў ушын қыз қыдырады. Патшаның бахтына, ойындағысы табылмайды. Бир патшалардың еки қызы бар, биреўлеринин үш қызы болған, бирақ биреўи өлип қалған сыяқлы, усындай патшаларға ушыраса береди. Ақырында, табылмаған соң патша қапа болып қайтып киятырса, алдынан бир кемпир шығып:

— Балам, бизиң үйге барып дуз-дәмек болып кетиң, — дейди.

Патша ҳайран болады, бул не қылған кемпир, бизди болса танымайды, жолдан өткен жолаўшыға бүйтип мирәт ете бергендей буның неси бар екен, деп ойланады.

— Барсақ барайық, — дейди патша.

Булар кемпирдиң үйине келеди. Бул кемпирдиң үйи ҳайран қаларлықтай, патшалардың сарайынан да жақсы. Кемпир ўәзирлери менен патшаны бир жайға, әскерлерин екинши жайға жайғастырады. Алдыларына тамақ тартады. Усындай етип атырғанда кемпир тағы да бир-бир жолдан өтип баратырған патшаны ўәзирлери ҳәм нөкерлери менен мирәт етип ертип келип, патшаны ўәзирлери менен әдепки патшаның үстине, нөкерлерин нөкерлердиң үстине отырғызады. Патшалар жүдә жақсы сыйланады. Таң атады. Азанда патшалар кемпирден рухсат сорап қайтпақшы болады.

Соңғы келген патша кемпирге:

— Қәне қандай тилегиң бар? — дейди.

Кемпир:

— Ҳеш қандай тилегим жоқ, сизлердиң пәтияңызды алып қалғым келип еди, — дейди.

Патша пәтиясын береди.

Ал Хорезм патшасы кемпирден рухсат сорайды. Кемпирге:

— Қандай тилегиң болса да орынлайман, айт, — дейди.

Кемпир:

— Сизиң үш балаңыз бар. Мениң хеш бир балам жоқ, маған ямаса еки үлкен баланды, ямаса киши баланды бер. Мениң сизден тилегим усы еди — дейди.

Патша ойланып турып, балаларымды бермеймен десем, «қандай тилегиң болса орынлайман» деп лебиз аштым. Қой, лебизимнен тутылмайын, не де болса еки баланы бергеннен, киши Асанды берейин, деп ойлайды да:

— Бар, киши баламды саған бердим, сеники болды. Усыдан қайтып барған соң сизге жиберемен, — деп ўәде етеди.

Булар еки патша көп жерге дейин жолдас болады. Жолда кетип баратырып, бир-биринен не мақсет пенен елинен шыққанлығын сорастырады. Соңғы патшаның да үш қызы бар екен, өзиндей патша болып, үш баласы болса, соған қуда түсиў ушын шыққан екен. Булар жолдың үстинде нан сындырысып қуда болады. Балаларын жибермекши болып хошласып, еллерине қайтады.

Хорезм патшасы елине келген соң балаларына адам жиберип шақыртады. Үлкен баласы Есен, ортаншысы Үсен шақырыўы менен келеди де ал, кишкене баласы Асан жиберген адамын «бармайман» деп қайтарып жибереди.

Патшаның ашыўы келип, қасындағы еки жақын ўәзирин жибереди. Асан бул ўәзирлердиң де айтқанына қулақ салмайды. Патшаның енди қатты қәҳәри келеди. Ақырында өзи Асан генжениң мал жайлаўына кетеди. Патша барса, Асан генже қасындағы жигитлери менен кемпирдиң үйине кетиўге таярланып атыр екен. Патша барыўдан-ақ «мениң шақырыўыма келмеген себепли, сениң жазаң өлим» дейди де, қылышын ала жүўырады. Сонда Асан генже:

— Тоқтап турыңыз, мениң бир аўыз айтатуғын арзым бар, оннан кейин өлтирсеңиз, ырзаман, — дейди.

Патша қылышты шабыўға таярлап:

— Айтажақ сөзиңди тезирек айт, — дейди.

— Мен сениң балаң емеспен, мен бул патшалықтың қараўына бағынбайман, өйткени сен мени басқа елдеги бир кемпирге бала етип бердиң, сонлықтан шақырығыңызға барғаным жоқ еди, — депти.

Патша «ўах» деп, кейин баласының ўәлийлигин билип, пушайман жепти. Баласына жөн-жосақтың бәрин түсиндирип айтып, қәҳәринен қайтып, «жолың болсын балам» деп, Асан генжеге кемпирдиң үйине барып бала болыўға рухсат етипти.

Асан генже қасына ҳеш кимди ертпестен бир өзи кемпирдиң үйине қарап жолға шығыпты. Бес-алты күн жол жүрип, кемпирдиң үйине жетипти. Ол кемпир де Асан генже қашан келер екен деп жолына айдай қарап отыр екен.

Асан генже аттан түспестен кемпирге:

— Қәне маған буйыратуғын жумысың болса айт, мен сизге мийнетимди сиңирмей турып бала бола алмайман, — депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

турғандай болады, — деп жуўап береди кемпир.

Асан генже буны еситкен ўақта өз елинен қандай мақсет пенен шыққанлығы ядына түседи. Күни менен Мысқал перини қалай да болса бир көриўдиң, сөйлесиўдиң жолын ойланады. Сол күни кеш болады, қала халқы жатады. Көшелер тым-тырыс, тек анда-санда ийттиң үргени ғана еситиледи. Асан генже ойланып отырса, баяғы жолда тышқанның берген түги ядына түседи. Дәрҳал түкти отқа тутандырады. Сол ўақта тышқан алдына тайын болады.

— Достым, басыңа қандай аўырманлық түсти? — дейди тышқанлар патшасы.

Асан генже болған ўақыялардың бәрин айтады. Тышқанға:

— Мениң усы үйимнен баслап Мысқал перининң жатқан жайына дейин жердиң астынан қазып жол түсирип бериң. Адам сезгендей болмасын, топырағын қаланың сыртына таслайсыз. Қазылатуғын жол адамның төбеси тийместей болсын. Усы жумысты, дос болсаң, ертеңге питкерип бер, — дейди Асан.

Тышқанлар патшасы қайылшылық билдиреди. Сөйтти де, қараўындағы барлық тышқанларына ертең усы ўақта, усы жерге жетиўин буйырады.

Ертеңине еки саатта Асан генженин жумысын питкерип, тышқанлар патшасы рухсат алып кетип қалды.

Асан генже жердиң астындағы жол менен Мысқал перининң жайына қарай жүреди. Жайдың астынан тесип, Мысқал перининң жатқан жайының мүйешинен аўыз шығарған екен. Асан генже жайға кирип барады. Жайдың иши күндизгидей. Ҳеш жерде жаныўлы турған шам жоқ, бул қыздың сулыўлығы жайды да күндизгидей етип турған екен. Бул ўақта Мысқал пери уйқыда екен. Бетине сийле жаўып жатыр екен. Асан генже сийлени көтерип қыздың жүзине қараған ўақта Мысқал перининң сулыўлығынан еси аўып қулап қалады. Аздан соң Мысқал пери оянып қараса, қасында бир жигит қулап жатыр. Жигиттиң жүзине қараған ўақта, оған ашық болып қыз да естен танады.

Бир мәҳәлде Асан генже есин жыйнап, өзине келеди. Естен айырылып жатырған қызға ҳеш нәрсе айта алмай келген жери менен үйине қайтады.

Таң атады. Мысқал перини күнде азанда патша өлшейди екен. Ол қыз туўылғанда аўырлығы бир мысқалдан зыят болмайды екен. Ал ер адамның жүзи қыздың жүзине түссе, бир мысқалдан зыят болады екен.

Азанда күндеги әдети бойынша патша Мысқал перини өлшейди. Бүгин қыз бурынғыдан аўырланып кеткен.

Патшаның қәҳәри келип, қыздың жайын қорғап турған қырық қараўылды дарға астырады. Ертеңине қыздың жайына жүз исенимли адамлардан қараўыл таярлап қояды. Бул күни пери қанжар алып отырған екен. Жайға кирип келген Асан генжени көргенде Мысқал пери естен айырылса, Асан генже де талып қалады. Көп узамай олардың екеўи де есин жыйнайды. Мысқал пери жигитти қанжар менен өлтирмекши болып умтылады. Сол ўақта Асан генже:

— Сизге бир аўыз арзым бар, оннан кейин өлтирсениз ырзаман, — дейди.

— Айт, ондай болса, — деп қыз қәҳәринен қайтып, кем-кем босаса береди.

Асан генже өзиниң не мақсет пенен шыққанлығын, жолда қандай азап көргенлигин, бул жерге қалай келгенлигин қалдырмастан айтады. Мысқал пери қанжарын алып қойып:

— Сен маған ашық болсаң, мен де саған ашық, бирақ әкемниң жаман үш шәрти бар. Сол шәртлерди орынлай алмай көп батырлар, көп патшазадалар өлип кетип атыр. Сен зая болмай-ақ қой. Бәри бир ол шәртлерин орынлай алмайсаң. Ендигиден былай бул жерге келме, мен бир рет өлимнен азат еттим, — дейди.

Бирақ Асан генже:

— Әкеңниң қандай шәртлери болса да орынлайман, мениң басым сениң жолында қурбан болады, — деп қоймаған соң, Мысқал пери қолындағы алтын жүзикти Асан генжеге береди.

— Сен ертең мениң әкеме адам жиберип, айттыр. Ол үш шәрт айтар. Сол үш шәрттиң биринши мынадай: Патша қаланың адамларын сарайдың алдындағы даланлыққа жыйнайды. Ашық жерде еки ин бар, сол инди саған көрсетип, «ал, шәртти орынла» дер. Сен инниң биреўине алтын қайнатасаң, биреўине гүмис қайнатасаң. Индеги алтын менен гүмис қайнап, бир-бирине қосылады. Сонда патша «шәрт орынланды» дейди. Сол ўақта белгили жерде сызық бар, соған дейин қашасаң, сызыққа жеткенше адамлар «алҳа, күйеў бала» деп түйе басты етер. Усылардан қутылып, сызыққа жетсең, биринши шәртти орынлағаның. Бул шәртти орынлаўға мен көмек ушын жүзикти берип атырман. Усы жүзикти патша «ал, шәртти орынла» деген ўақта адамларға билдирмей арқадағы инге салып жибер де, қарап тур. Иннен алтын ҳәм гүмис қайнар. «Шәрт орынланды» деген ўақта қолыңды қубладағы инге тығып, жүзикти ал да қаш. Адамларға жеткермей сызыққа жетиўиң өзиң менен, мине усыларды умытпа. Енди сол шәртти орынлағанша бунда келме. Екинши, үшинши шәртлерди әкем айтады. Оны орынлаў өзиң менен болады. Шәртлерди орынлаўыңа тилеклеспен, — деп Мысқал пери хошласып қалады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Азанда Асан генже кемпирин патшаға жумсайды. Бирақ кемпир:

— Балам, патшаның үш шәрти бар қусайды. Ол шәртлерди орынлай алмай көп адамлар өлип кетти. Сен ол қызды айттырғанды қой, — дейди.

Асан генже жалынып коймайды. Ақырында баласы қоймаған соң патшаның алдына барады:

— Патшайым, арзым бар.

— Арзың болса, айт! — дейди патша.

— Мениң балам бар еди, ер жетип адам болды. Енди ол сениң шәртлеринди орынлайман деп қоймай атыр. Соған келип едим, — дейди.

— Ондай болса, баланды жибере ғой, — дейди патша.

Кемпир үйине келип, патшаның айтқанларын Асан генжеге айтады. Асан генже патшаның алдына барады да, келген жумысын айтады.

Патша:

— Сен жас екенсең. Сен түўе, не бир қашақлар шәртти орынлай алмай, жоқ болды. Сен қалай орынлайсаң? — дейди.

— Қалай орынласам да, орынлайын, өлсем өлимге ырзаман, маған шәртлериңизди айтын, — дейди Асан генже.

— Болады, — дейди де, патша Асан генжеге Мысқал перининң айтқан биринши шәртин айтады. Ертең келип сол шәртти орынлайтуғынын ескертип жибереди.

Ертеңине шәртти орынлаў ушын Асан генже айтылған жерге келеди. Адамлар толып қалған. Асан генжениң бир өзи сонша адамлардың ортасында турады. Патша «ал шәртти орынла» дегенде Мысқал периниң айтқанындай ислейди. Сызыққа дейин қашып та қутылады. «Биринши шәрт орынланды» деп хабарлайды патша. Енди екинши шәрт үш күннен кейин орынланыў керек екен. Бирақ Асан генже патшаға:

— Сол екинши шәртти айт. Ертең орынлайман, — дейди.

— Екинши шәрт мынадай: қаладан сыртқа шығып, бир танап тақыр жерге бир батпан тары септиремен. Алыстан қоршап адам қояман. Тарының саны белигили. Сол тарыны кеш болғаннан азанға дейин терип бересең, бир батпаннан кемис болса да, бир дәни болмай шықса да өлимдарсаң. Егер терип берсең, екинши шәрттиң орынланғаны, — дейди.

Асан генже үйине келип, ойланады. Ақырында, қумырысқалардың берген түги ядына түседи. Сөйтип кеўлин жәмлеп Мысқал периниң жайына барады. Екеўи көп сөйлесип отырады. Таң атыўға жақынлайды. Азанда барып үйине келип, Асан генже патшаға барады.

Айтылған жерге баланы апарады. Асан генжениң көзинше өлшейди ҳәм санайды. Сөйтип бир танап жерге тарыны сеўип таслайды да, патша менен адамлары кетип қалады. Асан генжениң бир өзи қалып қояды. Күн батып, қараңғы түседи. Сөйтип, қумырысқаның түгин отқа түтеди. Демниң арасында жер-жәҳәнди қумырысқа алып кетеди. Қумырысқаның патшасына шәртти тапсырады. «Еки саатта орынла» дейди.

Қумырысқаның патшасы шәртти орынлаўға қумырысқаларға буйрық береди. Қумырысқалар тарыны әкелип ыдысқа сала береди. Арадан бир саат ўақыт өтпей-ақ тарыларды әкелип болады. Тарыны өлшесе, дурыс келеди. Санап көрсе, бир тары кемис. Барлық қумырысқа сол бир тарыны излейди, бирақ таба алмайды.

Қумырысқаның патшасы қумырысқаларды түўеллейди. Бир қумырысқа кемис келеди. Енди сол қумырысқаны излейди. Оны да таўып алады. Ол қумырысқаның аяғына кесек түсип кетип аяғы ақсап, аўзына тарыны тислеп, тәрезиге жете алмай жүрген екен.

Шәрт орынланатуғын болған соң, Асан генже қумырысқаларға рухсат берип, тарыны дастанып уйқылап қалады.

Сәскеде патша адамлары менен келсе, Асан генже уйқылап атыр. Оятып тарыны санап көрсе, дурыс, өлшейди, дурыс келеди. Солай етип, екинши шәрт те орынланады.

Енди үшинши шәрти мынадай: қаланың сыртындағы таўда бир әждарҳа бар. Сол әждарҳа қаланы жутыўға таярланып атырған. Ўазыйпа — соны өлтирип, елди азат етиў.

Асан генже шәртти орынлаў ушын сол күни кетеди. Таўға жетеди. Жолбарыстың берген түгин тутандырады. Жолбарыслар тайын болғаннан кейин шәртин айтып, өзи таўдың бир жырасында отырады. Еки жолбарыс әйдарҳаның еки жағына шығып, биресе биреўи екиншисине ылақтырып, екиншиси бириншисине ылақтырып, қулласы өлтирип тыныш табады.

Асан генже әйдарҳаны еки жолбарыстың үстине артып, өзи ең жоқарысына минип, қалаға келеди. Қала халқы «әйдарҳа жутыўға киятыр» деп кирерге тесик таппайды, патша талып қалады. Әйдарҳаны патшаның сарайының алдына қойып, Асан генже патшаға кирип барады. Патша жаңа есин жыйнаған екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Шәртти орынладым, — дейди Асан генже.

Патша:

— Мынаў бәленди көзиме көрсетпе, узаққа жоқ қыл, — дейди.

Буны жолбарысларға буйырып, олар менен хошласып қалады. Соннан Асан генже патшаның нағыз күйеўи болып алады. Патша қырық күн той, қырық күн ойын етип, қызын Асан генжеге береди. Асан генже менен Мысқал пери қосылады. Жети жылға дейин усы патшаның елинде өмир сүреди. Бир балалы болады.

Бир күнлери Асан генженин ядына ата-анасы, туўған-туўысқанлары хәм баяғы кемпирге берип кеткен ўәдеси түседи.

— Мысқал пери, енди елге қайтқым келип жүр. Кетейик, келип-кетип турармыз, — дейди.

Мысқал пери келисим береди. Сөйтип, патшадан рухсат алып, екеўи баласы менен елине қайтады. Оларды патшаның әскерлери сол елдиң шегарасына дейин шығарып салады.

Асан генже оғада шаршайды. Сөйтип, шегарадан шыққаннан кейин жолдың шетине шатыр қурып булар дем алып жатып қатты уйқыға кетеди.

Мысқал перинин елинде үш қарақшы бар еди. Олар Мысқал перигe өл деп ашық еди. Бирақ қалай етип алыўдың жолын билмей жүретуғын еди. Бул үшеўи Мысқал перини урлап алыў мақсетинде Асан генже патшаның елинен қайтқалы изинде жүрди. Қай жерде қайымы болар екен деп аңлыды.

Асан генже менен Мысқал перинин уйқылап жатырған жерине келип қарақшылар Мысқал пери менен таласып, өзлериниң атларына мингизип, Асан генжени байлап, дүзге таслап кетеди.

Арадан үш күн өткеннен кейин Асан генже уйқысынан оянып қараса, қасындағы хаялы менен баласы жоқ. Атлар да жоқ. Қолы байлаўлы. Бир бәлениң болғанын билeди. Енди пиядалап, диййўана болып Мысқал перини излеп кете береди.

Арадан бир-еки ай өткен соң баяғы атасының қаласына барады. Қалада патша өлип, орнына патша көтериў ушын дәўлет қус дегенди ушырып атыр екен. Дәўлет қус келип Асан генженин басына қонады. Патшаның ўәзирлери, диййўананың басына қонды деп, қайтадан ушырады. Бәри бир Асан генженин басына қона береди.

Ақырында патшалықты қолына алғаннан кейин, өз билдигин ислейди. Қалаға жар урдырады:

— Кимде-ким қарақшы болса, өзиниң еткен қарақшылығын айтқан адамға ғәзийнеден тилла беремен, — дейди.

Буны еситкен қарақшылар өзлериниң еткен урлығын айтып, патшадан тилла ала береди. Қарақшы емеслер де алдаў менен тилла ала береди. Бирақ елдеги барлық қарақшылар келип болса да, Мысқал пери жөнинде хеш хабар болмайды. Патша жәлладларын жыйнап:

— Елдеги қарақшылардың болғаны ма, ямаса бар ма? — деп сорайды.

Бир жәллад турып:

— Таўдың етегинде үш қарақшы бар. Оннан басқа қарақшылардың барлығы келип болды, — дейди.

Сол үш қарақшылар келгеннен кейин патша:

— Қәне, өмиринизде қандай қарақшылық еттиңлер, — дейди.

— Өмиримизде еткен қарақшылығымыз оғада көп, солардың бәрин айтайық па, ямаса, соларға жарын болғандай бир қарақшылығымыз бар, соны айтайық па? — дейди қарақшылар.

— Соңғыны айтағойың, — депти патша.

— Бизлер усы елдиң сеннен бурынғы патшасының қызы Мысқал перини урлап едик. Күйеўи уйқылаў менен қалды. Мысқал перини алып келген соң усы үшеўимиз таластық. Бирақ бизлерге тиймейтуғынын айтты. Хәзир қарындасымыздай болып отыр, — дейди қарақшылар.

Асан генже дәрхал буларды зинданға таслатады да, жәлладларға Мысқал перини әкелиўди буйырады. Мысқал пери Асан генжени әдеп танымайды. Олар пинхамы жайға барып, Асан генже бетиндеги перденi ашып жибергенде Мысқал пери таныйды. Сөйтип, олар патшалықты ўәзирине берип, түнниң ишинде адамға билдирмей елине қайтады.

Бир нешше күн жол жүрип мәстан кемпирдиң үйине жақынлайды. Сол ўақта Мысқал пери Асан генжеге:

— Асан генже, мен усы жерде қалайын. Сен атыңды қатты шаўып терлетип, кемпирдин үйине бар. Ол кемпир мени, сени қашан келер екен деп жайының басына минип отыр. Бар да, жайдың ишине кир. Там басына шығатуғын зәңгиде бир кептер отыр. Сол кептерди кемпир алып қоймастан бурын бар да, басын жулып ал. Тек шаўқым сала бер. «Ат жарамай, Мысқал пери жолда қалды» дей бер. Соған алаң болған кемпир кептерди ядынан шығарады. Кептердиң басын жулсаң, ол кемпир өледи. Бизлер сонда ғана қосыла аламыз. Егер ондай етпесең, бәри бир ол мени де, сени де тирилей жейди. Себеби, кемпирдин үш дәў баласы бар еди. Олар мениң жолымда шәртти орынлай алмай өлип кетти. Соның ашыўын меннен алмақшы болып, сени маған жумсаған, — деп ўәлийлигин айтады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Асан генже перинин айтқандай етип ислейди. Кемпирдиң үйине шаўқым салып барады.

— Ат таўып бер, ҳа, ат таўып бер, — дейди.

Кемпир Асан генжени көреди де, зәңгиге жууырады. Бирақ зәңгидеги кептерди Асан генже бурын алады да, басын жулып алады. Кемпир сылқ етип жерге қулап түседи.

Мәстан кемпирди өлтирип, Мысқал пери менен қосылып, Асан генже өзиниң елине келип ата-анасы, ағалары менен көрисип, қырық күн той, қырық күн ойын берип, мурат-мақсетине жетеди.

## АЛПАР, ТУЛПАР, СУҢҚАР

(Р-98, № 41533)

Халық аўзында «Ашық бақсы» деген сөз мынадан келип шыққан екен.

Ертеде Жети қырлы деген бир жарлы адам өткен екен. Бунын қолынан келмейтуғын өнери болмаған, ағаш, темир устасы болған, өзиниң сазенде-гөйенделиги сондай, билмейтуғын намасы жоқ, бирақ өмир бойы талабы оралмай, зорға күн көрип жүре берипти. Бул адамның үш баласы болады, перзентлериниң исмлери — Алпар, Тулпар, Суңқар деген екен. Туңғышы — аңқаў сорлы, ортаншысы — қуўақылаў, кишкенеси — сум, үндемейтуғын болады. Басқа ҳеш қандай малы болмайды, мүлктен — бир тамға шығатуғын зәңгиси, бир дуўтары, бир пышығы болады. Өлеринде әкеси балларын шақырып алып ўәсият қылады:

— Балларым, сизлерди үйлендире алмадым, енди сизлерди ақлап еншилестирип, енши атап кетейин деп отырман, мен жақын ўақыт ишинде өлемен, — депти.

Сөйтип, Алпарға ағаш зәңги, Тулпарға дуўтар, Суңқарға пышықты берипти. «Егер сатсаңызлар, баҳасы мың тилладан кем болмасын» депти. Сөйтип әкеси өлип кетипти. Баллары бир күни қатты аш болып, күн-көриси қыйынласқан ўақытта үлкен баласы Алпар зәңгини базарға апарып салады. Ҳәрким сорайды:

— Сатасыз ба? — деп.

— Сатаман, — дейди бул.

— Неге бересең? — деп сорайды.

— Мың тиллаға, — дейди.

Оған базаршылар мазақ қылып күлип кетеди. Кешке шекем турып өткере алмай, қайтып бала ойланады. «Буннан қайтып аштан өлгенше, журт асып кетейин» деп, және бир журтқа қарап кете береди. Бир күни түнде бир ханның ғәзийнесиниң сыртынан зәңги арқалы тамның басына шығып, төбеден түсип, алтынды көтергенинше арқалап алып, зәңгиден түсип зәңгини бир жерге таслап өртеп кетип, инилерине барады.

Инилери еле аштан бири дуўтарын шертип, бири пышығы менен ойнап отырған екен. Ағасы алтынды көмип, боларлығын апарып, үй тигип, ҳаял алып, бай болып отырады. Инилерине суў бермейди.

— Сизлер де әкемниң берген еншисин сатың, мен зәңгини мың тиллаға саттым, — дейди.

Соннан кейин Тулпар дуўтарды қалаға салып, түрли намаға шертип отырады. Саўда қылыўшыларға дуўтардың баҳасы бир мың тилла, дейди. Базаршылар буны мазақ етип күледи, бул да дуўтарын сата алмай, «Қайтып ағамның дүньясын көрип отырып өлгенше, ылағып өлейин» деп, басқа журтқа шығып кетеди. Бир үлкен гүзар менен шөлистанда кетип баратырса, жолдың бойында бир жақсы жай тур екен. Соған кирип барса, үй-жай сарай толып турған кийик екен. Бул баланы көрип кийиклер төрге қарап қашады, услайын десе услатпайды. Соннан кейин ортада бир диңгек бар екен, соған шығып отырып дуўтарды шертип отыра береди. Үрккен кийиклер бирден аўызға топарласып барып кепленип, шығалмай қысылып тура береди. Бир қаншасы айланып шаўып жүреди. Сөйтип отырса, басқа бир патшалықтан бир көп кәрўан саўдагер киятырған екен. Майдандағы әжайып жайдан бир жақсы саздың ҳаўазы менен дүрсилдеген шабыстың даўысы шыққан соң «бул не даўыс» деп, аўыздан кирип келеди, сол ўақта қысылған кийиклер өзлерин кейин қарай таслап, аўызды босатып қашады. Адам ишке киреди: дуўтар шертип отырған адамды көрип, бунын менен сөйлесемен дегенше кийиклер шығып қашып кетеди. Дуўтаршы бала кәрўанды услап:

— Сизлерди патшаның алдына апарып, мал-мүлкиңди патшалық етемен. Себеби, мен усы сизлер баратырған патша менен келисип, жүз күнде жүз кийикти дуўтарға үйретип апарып берип, бир мың тилла байрақ алмақшы едим. Отырғаныма он күн болды, тоғайдан дуўтарға үйретип алып келдим. Енди он күнде дуўтарның намасы менен ертип апарайын деп атырғанда, сизлер үркитип жибердиңиз, өлимдар мен емес, сизлерсиз, жүресиз, — дейди.

Кәрўанлар буған исенип, буған мың тилла төлеп, өзлери бул журттан шығып қашыўды талап етеди. Дуўтаршы бала зорға келисип, кейин қарай қарап қайтыўына буйрық берип, еки түйе жүгин түйеси

www.ziyouz.com kutubxonasi

менен алып қалады. Дуўтарды жерге тартып урып таслап, түйени жетелеп, ағасының қасына барып, бул да турмыс кеширe береди.

Булар екеўи өлейин деп отырған пышығы менен инисине суў бермейди. Бир күни иниси пышығын алып базарға барады. Пышықты қолына услап жүрсе, ҳешким сорамайды.

— Пышық алатуғын бар ма? — деп бақырады.

Оны базаршылар ермек етеди. Соннан кейин бала ары келип, базар тарқамай-ақ шығып, жөн алды қарабарақ ылағып кете береди. Сунқар бул журттан шығып кетеди, бир шөлистаннан өтип, аш-әптада болып, бир елге жетеди. Сол елдиң шетине барып бир үйден қайыр сораса, ол үйдиң адамлары бар затын ортаға үйип, иргени ашықлап, қолларына бир таяқтан алып, аяқларын санға шекем орап, мысалы бир урысқа таярланып турғандай болып тур екен.

— Сизлердики бул не турыс? — деп сорайды бала.

Ол үйдиң адамы:

— Сизге аўқат керек болса, ортадағы заттан керегиңди алып жей бериң, бирақ тезирек ғамыңды же. Күн батқаннан соң бизиң иргемизден келетуғын жаўымыз бар, ол сениң өзиңди де, қолыңдағы малыңды да жеп қояды, — дейди.

Бала:

— Ол қандай жаў? — деп сорайды.

— Ол тышқан. Бизиң патшалықты жети жылдан бери қамап, өзин қорғай алмайтуғын баланы, ғаррыны жеп болды. Енди өз басларымыздың ғамын көрип турмыз. Патшамыздың талабы да усы, — дейди.

— Ондай болса, пышығыма тамақ табылды, өзиме аўқат бериң, — деп, бийғам отырып алады.

Кеш болғаннан иргеден шыйқылдаған тышқан шыға баслайды. Аш пышық биреў-ярымын алып жеп, көбейип баратырған соң, бас салып әкелип үйе береди. Тышқан тұқымы бир майданда қурыйды. Үй ийелерине «отырыңлар» десе де, исенбей, таң атқанша урыс салты менен бағып турады. Азанда үй ийеси Сунқарды жақсы сыйлап:

— Бул заттың аты не? — деп сорады.

— Буның аты — арыслан. Бул бар жерде тышқан атаўлы болмайды, — дейди.

Соннан кейин үй ийеси патшаға хабар береди. Патшасы адам жиберип алдырып, қәдирли қонағы сыпатында қондырып, аўҳал сорайды ҳәм бир ақшам қолындағы затының душпанға қылған ҳүжимин көрип сынайды. Пышық аўылма-аўыл, қалама-қала алып жүрип душпанның бир қанша жерин жеңеди. Сөйтип Сунқарға:

— Бул арысланыңды бизге сат, баҳасын-қунын берип алып, патшалықта қалдырайық, өзиң усы патшалықтың ўәзири бол, — деп тилек етеди.

Сунқар арысланды бир мың тиллаға сатады. Өзи елине қайтыў ушын руқсат алады. Патша Сунқардың елине қайтыўы ушын көп жәрдем етеди. Кетеринде патша:

— Бул арысланның қандай минези-қулқы бар, адамға зыяны жоқ па? — деп сорайды.

Сонда пышық ийеси:

— Бул арыслан өзинше адамға зыян етпейди, адамсыз жерде турмайды, жейтуғын аўқаты — өзиңиз не жесеңиз, соны жейди, бирақ сүйек бермең. Егер сүйек берсеңиз, кейиннен аўзын тырнап «мыр» десе, басыңыздың ғамын ислей бериң, журтыңызды ўайран қылады, — дейди.

Сөйтип хошласып қайтып кетеди. Патша душпаннан қутылып мәзи-майрам бола береди. Бул патшаның душпаны — тышқан қоңсылас бир мәмлекетти басады. Ол елде де пышық деген болмайды ҳәм оның атын да билмейди екен. Соннан бул мәмлекеттиң патшасы бул патшадағы арысланның хабарын еситип, көп сыйлық пенен жәрдем сорап елши жибереди. Патшаның сораўына муўапық, ол елге барып душпанынан қутқарып, көп сыйлықлар алып келип келгеннен кейин, бул патша арысланның көп жасаўы, елдиң тыныш өсиўи ушын үлкен той берип, баяғы барған патшасын қонаққа шақырады. Сөйтип қонақлар менен сыйлық жеп, мәс болып арысланды мақтап гүррińге кетип отырып, жеп отырған гөшиниң сүйегин дәстурханның үстине таслап жиберипти. Қасында жатырған пышық бир сүйек алып кемирип атырған екен. Сүйек пышықтың тисине жабысып, пышық аўызын тырнап артқы аяғына отырып «мыр-мыр» деп жибереди. Сол ўақыт ишип-жеп қызып отырған патша бирден қорқып кетип:

— Арыслан қутырды, халық, басыңның ғамын етиңлер! — деп, жаўдан қашыў дабылын қағып жиберип, өзи дәрҳал атына минип, әскерлери менен бирге елди таслап қаладан шығып қашады.

Қонақ патша елине қайтады. Булар пүткил халқы менен қашып, бир үлкен дәрьядан өтип тоқтайды. Пүткил халықты өткерип, кемелерди бержаққа бәнт етип, жети күн-түн күтеди. Ҳешқандай қала беттен хабар жоқ. Патша жети күннен кейин қаладан хабар алып келгендей батыр излейди. Патшалық бойынша бир батыр шығады. «Қашса қуўасаң, қуўса қашасаң» деп, сол батырға патшалық бойынша бир жүйрик атты берип, жаў-жарағын асындырып, дәрьядан өткерип хош айтысып қалады. Батыр шәҳәрге барса, ҳеш

www.ziyouz.com kutubxonasi

жерде ҳеш нәрсе жоқ. Барлық нәрсе жайлы-жайында жатыр, тым-тырыс. Акырын жағалап патшаның тахты минарасына жақын барады. Батыр байқамай қалады: тар көшеде баратырса, пышық жалғыз өзи болған соң өрмелеп ең жоқарыда, патшаның өзи отыратуғын минарасының басына шығып отырған екен. Жалғызсыраған пышық адамды көрип қуўанып, бирден мияўлап бақырып жибереди. Батыр шоршып кетип, бурыла берип жоқары қарай бергенде пышық өзин атқа карап таслайды. Батыр «жаўдың тырнағына дәл түстим» деп, аттан өзин жерге таслайды. Пышықтың тырнағы аттың көпшигин иледи, ат бурылып дәрьяға қарай қашады. Пышық жабысып отырып алады, батыр жығылған жеринде қалады.

Енди елши жиберген патша қараўылыққа күн-түн адам қойып хабар күтпекте екен. Адамлар хәммеси дәрья жағасында турады.

— Бир шаң киятыр, батыр болыўы керек, — деп, хабаршы патшадан сүйинши сорайды.

Ҳәмме халықтың көзи қала тәрепте. Бир ўақта ат еркин көринеди. «Бирақ аттың үстинде адам жоқ сыяқлы» деп, журт тынышсызлана баслайды.

— Дурыслап қаран! — деп патша да тақатсызланады.

Анықлаўшылар:

— Аттың үстинде батыр жоқ, ўай-ўай, арысланның өзи отыр, батырды өлтирип жеп, енди өзи халықты жеўге киятыр, — деп хабарлайды.

— Анық па? — дейди патша.

— Анық, — дейди.

Халық патшаға қарайды, патша: — Уўлы тырнаққа түскеннен, жумсақ суўға батып өлген жақсы, — деп өзин суўға атады. Ҳәмме халық бәри суўға кетип ғарқ болады. Пышық минген ат та суўға келип таслайды. Сөйтип бир патшалық толығы менен дәрьяға өзинен-өзи кетип жоқ болыпты. «Пышық тасқысы» деген сөз усыдан қалған екен. Үш ағайинли Алпар, Тулпар, Сунқар өз табысларын түўеллеп, елеге шекем турмыс етип отырған болса керек.

## ЖАНСАП
(Р-98. № 1072)

Бурынғы өткен заманда бир патшаның Жансап атлы жалғыз баласы болыпты. Жансап он бес жасына келгенде, қасына алты баланы ертип, кеме менен аң аўламаққа шығады. Теңизде балық услап, қус атып жүрген жеринде қубладан қатты даўыл турып, кемесин самал алты күн қуўып, бир үлкен таўдың тусынан шығарады. Теңиздиң айланасы, қыр-дөгерегиниң барлығы таў екен. Сол таўдың ғар-баўыры жеринен шығып, алты күннен бери ашпыз, бул жерге тамақ асып жейик деп, жетеўи таўдың басына шығады. Таўдың басында тамақ писирип жейди. Соның арасында ылғый жартыбас, жалғызкөз, жартыаяқ адамлар буларды орап алады. Жети адамға жаңағы алты жарты адам ҳүжим етеди. Жетеўи жарты адамлар менен урыс салып, өлдим-азарда зорға қутылып, таўды жағалап кетеди.

Бир күн өткеннен кейин өзлери аш болып шаршап таўдың басына шығады. Таўдың басында аң аўлап, тамақ писирип, жаңа жеўге алдына алғанда, жалғызаяқ, еки көзли адамлар тура табаққа қол салады. Жетеўи жалғыз аяқлыларға шыдам бере алмай қашады. Көп күш салады. Жетеўи, кеш те болса бул жерде турмайық, жалғыз аяқлылар түнде келип зәҳмет тийгизер деп, түни менен таў жағалап қашады. Таң атқанда алдынан үлкен бир қала көринеди. Кемени қалаға тартып, жетеўи барады. Қаланың ишинде адамзатқа не нәрсе керек болса барлығы тайын, бирақ, ҳешқандай жан ийеси жоқ. Бул қаланың патшасы бар шығар, адамын көрейик деп, жетеўи қаланың ишин аралап, жән-жақты шолып барады. Бир жерлерге барса, патшаның отыратуғын орны бар. Асыўлы тамақлары тайын тур. Бирақ, жетеўи де сол жерде уйқылап қалады. Олар бир күн, бир түн жатып, ертеңине азанда турса, айлана-дөгерегинин барлығы маймыл. Шөпте, шарда есап бар, ал маймылларда есап жоқ. Базыбир маймыллар бул адамларға таңырқасып жақын отырған екен. Барлығы бирден адамларға телмирисип карайды.

Жансаптың ақылы ҳайран, ойы лал ҳалда я маймыллардың тилин билмей, яки сөйлесерге адам табалмай турғанда, бир мәпилик маймыл есикке қарап ым қақты. Жансап орнынан турды да ым қаққан маймылдың изинен ере берди. Қаланың ишинде ақтастан салынған бир келтеминар бар еди. Жансапты соның ишине алып барды да, минарға қарап ым қақты. Жансап соның түбине барып, «бунда не бар екен» деп минарға қарайды. Минарада жазыўлы турған хатты көреди. Хатта мынадай сөзлер жазылған: «Бул жерге келген адамзат және күншығарға қарап жүрсе, алты айшылық жолға шекем қумырысқалар адамды жеп қояды, ары қарай жүргизбейди. Қублаға қарап кетсе, алты айшылық жолға шекем жылан, жыланнан адам жүре алмайды. Адамды шағып өлтиреди. Күнбатарға кетсе, алты айшылық теңиз. Ол теңизден адамзат барса, қайдан-қайға келгенин билмейди. Арқаға қарап кетсе, «темиртырнақ» деген

www.ziyouz.com kutubxonasi

маймылдың жаўы бар. Адамзаттан маймылға патша болса, маймыллар биледи. Сол себептен Сулайман пайғамбер шәрт етип кеткен».

«Адамзаттан адам келсе бул қаладан кетпесин» деген сөзлерди Жансап хаттан оқып көрди де, «мына қаладан кете алмайды екенбиз» деп қалаға қайтып келеди. Енди «бул жерден қашайық» дейди жигитлерине. «Самал оң болса, елге барармыз ақыры» дейди Жансап. Өзлеринин кемесине келсе, маймыллар кемесин дал-дал етип сындырып таслапты. Жигитлер қалаға қайтып келеди.

Жансап жигитлерине:

— Бағанағы минардағы хатта «усы қалаға кимдур патша болса, не кереги маймыл менен питеди. Қандай нәрсе керек болса да, маймыллар таўып әкеледи» деп көрсеткен еди. Биз биримиз патша болайық, соннан кейин мынадай қылайық. Маймылларға «қаланың әтирапын көремиз, ат таўып әкелиң» деп буйырайық. Сөйтип ат минип, бул жердиң арқа жағына қазық қағайық, — дейди.

Бул усынысты жигитлер мақул деп табады. Жансап патша болады. Ертеңине ол маймылларға «ат алып кел» деп пәрман береди, олар ийттиң зорларынан таўып әкелди. Жигитлер ийтлерге минип алып, кешке қарай сол журттың шегарасында болды.

Жансап маймыллардың үлкенинен:

— Бул жерлер қайсы журт болады? — деп сорайды.

Кексе маймыл «буннан былайғы жерлер — қумырысқалар журты» дегенди ым менен түсиндирди. Өзлериниң бул журттан жырақласып, аўлаққа шыққанын билген Жансап маймылларға тойғанынша шарап бергизди. Маймыллар мәс болып қалды.

Таңның атыўы менен күншығар жаққа қарап жетеўи де ийтке минип қашты. Баяғы маймыллар оянса, патшасы жоқ. Соннан апалақлап, уйқысын шала ашып, патшасының изинен қуўады. Патшасының ийттей-ийттей қумырысқаның арасына кирип кеткенин көрип, маймыллар қумырысқаларға батына алмай еки көзинен дилгир болып турды. Қумырысқалар Жансапты бир батыр ийти менен қосып алып қалды. Жансаптың шериклери қырық күн дегенде жети ийтти де ири қумырысқаларға берип, өлдим дегенде майда қумырысқаларға шығады. Бирнеше күн жол жүрип, майда қумырысқадан да қутылады. Алдына көз жиберип қараса, бир үлкен шәхәр көринеди. Шәхәрди көргеннен кейин, қалаға келдим ғой, дем алайын деп, Жансап уйқылап турады. Ертең кешке қалаға барайын деп шықса, алдынан бир дәрья шығады. Дәрьяның жағасында бир минар, минардың үстинде бир адам бақырады.

— Бүгин өтсең, кетип өлесең, ертең аман өтесең, — дейди.

Жансап илажсыздан дәрьяның бойында қумырысқадан қутылғанына қуўанып жатады. Таң атты. Дәрья азанда қайтып та қалған екен. Дәрьядан аман өтеди. Қалаға барады.

Жансаптың бурын көрмеген қаласы, бул қаладағы адамларды көрмеген. Маймылшы келгендей, адамлар Жансапты орап алады. Жансап адамлар тарқап кеткеннен соң сыпада отыр еди. Бир ғарры бақырып келе береди.

— Қырық күн бағаман. Бир күн жумыс қылдыраман. Жумыс ҳақысына тилла беремен, — дейди.

Жансаптың ойына келеди. «Қырық күн бақса, тас тийине полат шаптырса да жумысына жарайман-аў» деп, бабаны шақырып алып, изине ерип кетеди. Қырық күн бақты. Бир күни ғарры бир өгиз әкелип, Жансапқа жетелетип, өз-өзинен бир таўға қарап жол жүрип кете береди. Жансаптың мың тилласын да қолына береди. Алдынан аспан менен барабар бир таў көринеди. Таўдың қапталынан үлкен бир дәрья ағып тур. Ғарры келип сол дәрьяның бойында бағанағы өгизди тулып қылып сояды. Жүн жағын ишине қаратып, терисин сыртына қаратып, ғарры Жансапқа:

— Мынаның ишине қара, бир жеринде саңлақ болмасын, — дейди.

Бала үңиле бергенде дизеси менен тулыптың ишине ийтерип жиберди. Ғарры тулыптың аўызын байлайды. Бала әри-бери бултақлап еди, оның менен ҳеш нәрсе болмайтуғын болғанлықтан тым-тырыс жатады. Баба тулыпты сол жерге қойды да, өзин кейинге алады. Баба кейин шегиниўи мәттал, бир үлкен қарақус келип, тулыпты көтерип алып ушып дәрьяның аржағына барып, таўдың басына қонған жеринде терини жыртты. Бала демигип, қорқып орнынан өрре турады. Буны көрип қус узағыраққа ушып барып қонады.

Баба ҳаўлығып:

— Балам, сен таўдың үстиндеги маржан, ҳинжи-гәўҳарларды таслай бер, өзим түсирип аламан, — дейди.

Бала солардан алып бабаға таслай береди. Баба қоржын, қабын толтырып алады. Баба маржан, ҳинжи-гәўҳарды ешегине артып алып, балаға қарамастан үйине бәдәр кетеди. Бала таўда жалғыз өзи қалады. Бала, көп турсам, куслар жеп қояр. Өлсем шөллерге жетип өлейин деп, қублаға қарап жүрип алып өтә кетеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Бала бир күн шамасы жол жүреди. Бурыннан қалған қус-пери жанлардың Шаймурқан деген патшасы бар еди. Әне, балаға соның қарасы көринди. Бала сол қалаға барады. Қалада Шаймурқанның өзинен басқа адамы жоқ еди. Гүзли-бәхәр қус, жылан перилердиң есабын алып, қанатына мөр басып, есаптан өткизип жиберетуғын еди. Әне, сол қуслар патшасы Шаймурқанды бала қаладан излеп таўып алады. Щаймурқанға бала сәлем береди.

Шаймурқан:

— Ҳә, бала, не жансаң? — деп сорайды.

Сонда бала:

— Баласыз адамға бала болайын деп жүрген баламан, — дейди.

Шаймурқан:

— Сен не қылып жүрсең, бундай аўҳалға қалай дуўшакер болдың? — дейди.

Жансап Шаймурқанға басынан кешкен аўҳалларын бирим-бирим баян етеди. Шаймурқан:

— Күтә жақсы болыпты, олай болса, маған бала бол, — дейди.

Жансап «Мақул болады ата» деп бала болады. Бираз күнлер дем алып жатады. Бир күни Шаймурқан:

— Ҳәй, Жансап балам, пери-қус, жыланлардың қашып кететуғын ўақты. Мен бир сырық көмемен, сырыққа қус, жылан, пери қатара қонып отырады. Солардың кемисин кемис, артығын артық есабын алып, қанатларына мөр басып беремен, үш күнге шекем келмеймен. Сен бағларды барып арала, кеўлиңди көтер, бирақ бир сәрхәўиз бар, оның аўзын ашпа, балам, — дейди де, баласына қатты тапсырып кетеди.

Жансап ҳәмме жерди атасы кеткеннен соң аралап кетеди. «Атам сәрхәўизге барма деп еди. Буны да көрейин, бунда жақсы ҳасыл затлар бар шығар» деп сәрхәўиздиң қапысын ашады. Сәрхәўиздиң бойында гүллер ашылып, бүлбүллер сайраған, пәттеклер нала шегип турған, бул бир ғайры нағыс жай екен деп, бир гүлдиң арасына барып жатады.

Бир заман жатып еди, үш көк кептер келип ҳәўиздиң бойына түсти. Кептерлер дир-дирлесип үшеўи ай десе аўзы, күн десе көзи бар перийзат болады. Ең үлкени:

— Бул жерде адамзаттың ийиси бар, суўға шомылмайық, — дейди.

Кишкенеси:

— Шомылғанда не болады, нәтинде адамзат бизлерди услап алардағы, — дейди.

Қызлар кийимлерин шешинди де, суўда шомыла береди. Жансап ең кишкене қызға ашық болады. Қызлар ҳәўизге түсе бергенде кептер липасларына қарап бирден тәп береди. Кишкене қыздың липасын дәрриў көкирегине басты. Еки қыз ушып алып өтә кетти. Қыз:

— Қолымды усладың, мен сеники болдым, — дейди.

Жансап:

— Онда жақсы болды, — деп, қызды жибере береди.

Қыз кептер липасын кийип ушып алып өтә кетти. Қыз:

— Мениң саған тийгеним тийген, липасымды бер, — дейди.

Жигит:

— Маған бир шәрт айтпағанша, липасыңды бермеймен, — дейди.

Қыз:

— Оллә-билләны айттым, — дейди.

Жигит:

— «Ҳақ Сулайман пайғамбар урсын, кетпеймен» де, — дейди.

Қыз:

— Сулайман пайғамбар урсын, кетпеймен, — дейди.

Жигит:

— Онда изиме ер, — дейди.

Кийимди кийгизип, қызды атасына апарады. Атасының ўақты хош болып:

— Келиним ҳәм қызымсаң, тийиўге ырза болдың ба? — дейди.

Қыз жылады. Соннан соң ғарры:

— Қыздың жылағаны — ырза болмағаны, — дейди.

Сол ўақытта Жансап:

— Қудайдан тилеп алған атам ҳәм енем бар еди, «жалғыз балама қыз әперейин, той қылып тамашасын көрсем» деген екен. Солардың ыразылығы менен неке қыйдырсам, мени үйге жибериң, — дейди.

Шаймурқан:

— Үйиме некесин қыйдырмай-ақ барағойсаң болмай ма? — дейди.

— Мен әке-шешемди көрмей неке қыйдырмайман, — дейди.

Шаймурқан:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Онда енди болмайды екен, — дейди.

Шаймурқан үлкен бир дәўди шақырып:

— Буларды саў-саламат Жансаптың үйине апарып тасла, — дейди.

Дәў «мақул» деп, дәрриў арқасына миндирип Жансаптың елатына екеўин тезлик пенен апарып таслайды.

Жансаптың әке-шешеси баласының келгенин билип алдынан шығып, қушақлап, көптен бери көрмегенликтен есинен танып жығылып қалады. Әке-шешеси көп ўақытлардан соң есин жыйнап, баласы менен келинин үйине апарады. Әкеси менен шешеси баласынан:

— Қарағым, усы ўақытқа шекем қаяқларда жүрип едиң? — деп сорайды.

Баласы басынан кешкен ўақыяларын бирим-бирим айтады.

— Шаймурқандикине келип, перининң қызын алып, Шаймурқанның өгей баласы болып едим. Ол киси «қыздың некесин қыйдыраман» десе де, айтқанын қылмай, сол кисиниң жәрдеми менен қызды алдыңызға әкелдим. Неке қылдырсаңыз да, ерик өзлериңизде, — дейди.

Баласынан бул сөзди еситип, патша:

— Мен қырық күн той беремен. Мениң пуқарам болса, үйине қазан аспасын, ошағына от жақпасын. Егер от жақса, қазан асса, мениң тойымда болып тамақ жемесе, өзи өлимдар, малы патшалық, — деп жар урдырады.

Соның менен патша сырнайшы, гернайшы, масқарапаз ойнатып, дәрўаз қурдырып, палўан туттырып, ат шаптырып, тойын баслайды. Күнде ҳаялы менен Жансап барып ойынларды көрип турып еди. Жансап кетер ўақытта Шаймурқан «пери мийримсиз болады. Ҳәр ўақыт перининң кебин баўырыңа басып жат» деп айтып еди. Айтқанын етеди. Соның айтқанын етип, күнде баўырына қысып жатататуғын еди. Ойынның тамашасы менен уйқыдан қалып, қалғып кетеди. Кеп қасында баўырына басылмай қалады. Пери кебин алып кийинип, кептер түрине кирип, шаңарақтың үстине минип, «ҳәй, Жансап» деп оятады. Жансап ҳаўлығып орнынан турады. Қараса, ҳаялы кептер липасын кийип шаңарақта отырғанын көреди. Сүйикли ярына қарап:

— Ҳаў, сен не қылдың, қаяққа барасаң? Сизиң ушын той-тамаша қылып атырмыз, бул кетис не? — дейди.

Сол ўақытлары перининң қызы:

— Сен ертип келип, Шаймурқанның жанынан бунда әкелдиң. Әке-шешемнен ырзалық алмай қалай тийиўимди билеймен. Бизди излесең, Гәўҳарнигин деген қаладан табасаң, — деп ушып кетеди.

Ушып кеткеннен Жансапқа аспан аядай, жер тебингидей болып қалады. Жансап кесел болып жатады. Жансаптың қасындағы сәнемлер әкесине «балаңыз кеселленип атыр» деп хабар береди. Әкеси менен шешеси еситиў менен баласының қасына дәрриў жуўырып келеди. Әке-шешеси баласын көрсе, баласы запырандай сарғайып, сөйлеўге шамасы келмей жатыр екен. Келе әке-шешеси баласының үстине бойын таслап, зар жылап «Жансап, тиримисең?!» деп бақырады. Буннан соң есине келип, болып өткен ўақыяларды әкеси менен шешесине бир-бир баян етеди. Әкеси:

— Оның ушын қапа болма, балам, — дейди. — Егер бизиң журтымызда болса, Гәўҳарнигин шәҳәри табылар, басқа журтта болса да табамыз, буған қапа болма, — деп, баласына әкеси тәселле береди.

Әкесиниң сөзине баласы бойын тиклеп турып отырады. Патша таңның атыўынан барлық пуқарасын жыйнап:

— Гәўҳарнигин деген қаланы билетуғыныңыз бар ма? — деп сорайды.

Ҳеш бир адам билмейди. Жансап:

— Улыўма журтың ол қаланы билмей қалды ма? Патшалығың да керек емес, — деп, перини излеп, басын алып өтә кетеди.

Ата-анасы бурынғысынан да бетер жылап қала береди. Жансап шөл-сахраларда машақатлар тартып, қырық күн жүрип, бир күни жумыс қылдыратуғын бабаның қаласына барады. Көшеде Жансап отыр еди, баяғы баба:

— Қырық күн бағаман. Бир күн жумыс қылдыраман. Кимде-ким жүремен десе, маған дәрҳал хабарлассын, — деп көшеден бақырып өте береди.

Жансап:

— Баба, мени бақпай-ақ, қой жумысыңды айт, — дейди.

Баба:

— Жақсы, болады, балам, мынаў өгизди жетеле, — деп, Жансапқа ғарры өгизди услатты. Ешекке қоржын қапты көп етип артып, баланың изине ереди. Бала Жансаптың баяғы көрген жерине келип тоқтайды. Дәрриў ешектен түсип, баба өгизди соймаға айланысты. Жансаптың асыққаны соншелли, «мен де қассаппан, ата» деп, бул да өгизди сойысып атыр. Өгизди сойып тулыплап болады. Бала үндеместен «тулыпты мен көрейин, ата, ишинде жыртық-пыртық болмасын» деп ишине кирип кетеди. Дәрриў баба

www.ziyouz.com kutubxonasi

байлап қойып кетеди. Таўдың басынан үлкен бир қус келеди де дәрриў тулыпты көтерип кетеди. Таўдың басына апара тулыпты жыртады. Жансап ишинен өрре тура келеди. Қус адамнан қашты. Жансап жәнжағына қараса, баба дәрьяның жағасында тур. Баба Жансапқа:

— Ҳаўлықпа балам, өзим түсирип аламан, таў үстиндеги ҳинжи-маржан, гәўҳарларды маған таслай бер, балам, — дейди.

Жансап бабаға қарап:

— Енди, баба, қудайдың гүрбектей өлимин ал. Маржан-ҳинжи, гәўҳар деп жаңағы өгизинниң тезегин ешегиңе артып қайта бер, — дейди. — Баяғы таўдың басында жалғыз қалдырған Жансабың мен ғой, танымадыңыз ба? — деп, бала қублаға қарап жүрип кете береди.

Бираз жол жүргеннен кейин Шаймурқан атасынының шәҳәрине барады. Атасын көрип зар жылайды. Сонда атасы турып:

— Ҳәй, балам, айтпадым ба, кебин жаздырма деп, кетеринде бир нәрсе айтып кетти ме?

Жансап:

— Айтып кетти, — дейди. «Бизди излесең Гәўҳарнигин деген шәҳәрден табасаң» деди.

Шаймурқан:

— Бул ҳеш ўақытта еситилмеген шәҳәр екен, — дейди. — Ертеңги күн қус, пери, жыланлар әнжам болатуғын күни, сол арадан сорайық, жылан билер, қус билер, пери билер ақыры бир, шырағым, оған қапа болма, — дейди.

Ертеңине баласын ертип қус, пери, жыланларға барады. Шаймурқан көше-көше болып отырған пери, қус, жыланлардан «Гәўҳарнигин деген шәҳәрди билесизлер ме?» деп бирим-бирим сорайды. Ҳеш қайсысы билмейди. Жүзге, еки жүзге шыққан қуслар бар екен, булар да «билмеймиз, Гәўҳарнигин деген шәҳәрди еситкенимиз жоқ» дейди. Шаймурқан баласына:

— Мен үлкен пери, қус, жыланлардың патшасы Нурықша деген адам бар. Қолыңа хат берип, енди сени соған жиберемен, балам, — дейди.

Дәрриў бир дәўди шақырып хатты жазып, Жансапты дәўге мингизип ағасыникине жибереди. Ҳә-пә дегенше Нурықшаға апарып тапсырады. Жансап Нурықшаның қолына хатты шығарып берди. Хатты Нурықша оқып көрип:

— Сен өзимиздиң баламыз екенсең ғой, — дейди. — Қапа болма, менде бес жүз, жети жүзге шыққан, Сулайман пайғамбарды көрген қуслар бар, солардың бири ақыры билер, сен қапа болма, балам, — деп, жаўырнынан қағып, баланы ертип, қус, пери, жыланлардың үстине апарады. Көше-көше болып отырған қуслардан:

— Гәўҳарнигин шәҳәрин билетуғының бар ма? — деп сорайды.

Қуслар:

— Билмек түўе, еситкенимиз де жоқ, — дейди.

Без жүз-жети жүзге шыққан қуслардан сорайды. Олар:

— Гәўҳарнигин деген шәҳәрди еситкенимиз жоқ. Буны алдап кеткен шығар, — дейди.

Нурықша қапа болады. Балаға:

— Ҳәммемиздиң үлкенимиз Нурықпәрман деген ағамыз бар. Ол гүллән аспан астындағы пери, дәў, қус, жыланлардың патшасы, сол саған таўып берер, — деп, баланың қолына ағасына хат жазып береди де, бир қусты шақырып Жансапты арқасына мингизип, қусқа:

— Дәрриў Нурықпәрманға жеткер, — дейди.

Қус «Әжеп болады» деп, Жансапты арқасына мингизип, көзди жумғанша Нурықпәрманға жеткереди. Бала Нурықпәрманның қолынан алады. Баяғы инисиниң хатын береди. Хатты оқып көрип:

— Өзимиздиң баламыз екенсең ғой. Бизде бир ярым мың жасқа шыққан қуслар бар. Дәў, пери, жыланлар бар, биреўи болмаса биреўи билер, — деп, ғарры баланы изине ертип жүре береди. Көше-көше болып отырған жылан, пери, дәў қусларға күн шықпай барып, шетинен сорап қалады. Ҳеш қайсысы билмейди. Ең қуслардың сонында жасы бир мың жети жүзге шыққан еки қус отыр еди. «Усылар билсе билгени, егер булар да билмесе, балам, өтирик болғаны» деп, сол еки ғарры қустан:

— Гәўҳарнигин деген шәҳәрди билесизлер ме? —дейди.

Екинши қус:

— Анығын бирақ билмеймен, палапан ўақтымда еситкеним бар еди. Биз кишкене палапан едик. Енемиз үш күн жоқ болып кетти. Үш күнге шекем аш отырмыз. Үш күн толғанда песин ўақтында енем келди, сонда мен:

— Ҳаў, ене, үш күннен берли қайда жүрсиз? — деп сорағанымда, енем: «Мен саяттың қолына түстим, балам. Сөйтип мени Гәўҳарнигин деген шәҳәрге апарды. Сизлердиң әжелиң жоқдағы, үш күннен соң ғырлап қаштым. Балаларым, бул жерден қашайық» деп, усы жерге қашып көшип келдик. Бул көшип келгели де пәлен мың жыл болды, — дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Нурыкпәрман:
— Ол қайерде болады? — дейди.
Екинши қус:
— Қайқап тауының аржағында жети күншилик жол, — дейди.
Нурықпәрман:
— Онда буны уясына шекем апарып таслаңыз, аржағына өзи кетер, — дейди.
Нурқпәрманның сөзин қабыл етип, уясына шекем қус апарып таслайды. Қус:
— Жора, буннан буяғына биз билмеймиз, өзиңиз кете бересиз, — дейди.
Жансап:
— Жақсы ондай болатуғын болса, енеңиз Гәўхарнигиннен келгенде қайсы тәрептен ушып келип еди, бағдарын айтыңыз, — дейди.
Қус:
— Күншығар беттен келди, — дейди.
Қус жөн-жосағын силтеди де, «жақсы, хош, Жансап» деп, келген жағына қайтып кетеди. Жансап та күншығарға қарап жүре береди. Баяғы пери патшаның қызы елатына ушып кеткеннен соң, атасына барлық гүрриңин айтып түсиндиргени ушын баяғы жигиттиң келетуғынын билип, барлық бәндиргиге адам қойған еди. Жансап бираз жол жүрген соң бир жас жигит алдынан шықты. Ол жигит:
— Сен қаяқтан киятырған жансаң? — дейди.
Жансап баяғы жигитке басынан кеширген ҳикаялардың барлығын баян етип айтады. Жаңағы жигит:
— Күтә бәрекелла болыпты, бизлерди неше адамларды, жолдың бәндиргисине пери патшасы қойып еди. Мениң пешанамда бар екен, сени ертип барып патшаға хабар берсем, көп инам аламан, — деп, Жансапты изине ертип жөнеле береди.
Бир нешше ўақыт жол жүрип Гәўхарнигинниң шәҳәриниң ишине киреди. Пери патшасының отырған жайына туппа-туўры барып еди, Жансапты жигит барған жерде иркип қойып, өзи патшаның қасына кетеди.
— Келетуғын адамыңызды таўып әкелдим, — дейди.
Патша:
— Ол адам қайда? — дейди.
Жигит:
— Далада қойыппан, — дейди.
Патша:
— Күтә жақсы болыпты, — деп патша жаңағы жигитке көп инамлар береди. Қасындағы ўәзирлерине:
— Күйеўге арнап белгилеп қойған отаўға киргизиң — дейди.
Патша тойдың тәтәрригин ете береди. Пери патшасының жеңгелери қызлар менен Жансаптың үстине киреди. Жансап пенен аманлық есенлик сорасып, көп үзир айтады. Патша бирнеше күн той қылып, қызын Жансапқа берип, тойын тарқатады. Патша Жансапты қасына шақырып алып:
— Сен де бир адамның жалғыз перзенти екенсең. Ата-енең кейнинде жылап қалған қусайды. Бир нашар ушын көп ҳайранлар болғансаң. Енди атаңа бар, бунда қал, ықтыярың бар, балам, — дейди.
Жансап бир нешше күн өткеннен соң, атамның журтына барып қайтсам еди, деп рухсат сорайды.
Патша:
— Мақул болады, — дейди.
Бир-еки дәўди шақырып:
— Сизлер Жансаптың ықтыярындасыз, биринщиден, Жансапты атасының елине апарасыз, оннан соң қайда апар десе, сонда апарасыз, — дейди.
Көп инамларды тайын етип, қызын, Жансапты дәў менен бирге күйеўиниң елине узатады. Дәўлер көзди ашып-жумғанша Жансапты елатына апарады. Атасының мәхремлериниң бириси Жансаптың келгенин билип, патшаға барып:
— Жансап балаңыз келиниңизди алып келди, — дейди.
«Жалғыз балаңыз келди» дегеннен соң, тахтта отырған патша тахттан бойын таслап, еси аўып қалады. Көп ўақытта өзине келип, орнынан турған шелли Жансаптың апасы да хабар таўып келеди. Патша менен ҳаялы екеўи бозлап, баласының мойнынан бир, келиниң мойнынан бир қушақлап, танысып, аман-есен еки баласын бир көреди. Адам баласы бир қуўанғанда, бир хорланғанда жылайды деген соннан қалған. Патша уллы журт жыйнап үш ай той берип, үш ай толғанда тойын тарқатады.
Жансап пенен келини биресе пери патшасына, биресе Жансаптың атасына келип, екеўи әри-бери жүретуғын еди. Бир күни пери патшасының елинен дәў алып ушып киятырған еди. Бир таўдың ортасында тумлы-тусының барлығы жуўсан, ҳәр түрли гүл көгерген бир азада жер екен. «Сол жерге түс» деп Жансап бурылды. Сол жерге түсип, шатыр-шәменди қурады. Булақ бөлегирек екен. Пери патшасының

www.ziyouz.com kutubxonasi

қызы «булаққа барып жуўынып келейин» деп күйеўинен рухсат сорайды да, суўда шомылады. Бир сүңгип шыққанша бир қасқыр тайын болады да, пери қызынын қарнып жарып өлтиреди. Бир заманнан кейин ҳаялы келмегеннен соң ҳаўлығып, изинен булаққа барады. Келсе, ҳаялының қарны жарылып өлип атырғанын көреди. Жансап «ўаҳ» деп, сөгинип, есинен аўып қалады. Көп ўақытта өзине келеди. Дәўлерди, жолдасларын шақырып әкелип, ҳаялын сол жерге көмеди. Дәўлерге, жолдасларына жуўап береди. Өзи бир кепехана салып, өмирин сол ҳаялының басында қайғы-ҳәсирет пенен өткереди.

## ҒАРРЫНЫҢ ҲИЙЛЕСИ

(Р-98. № 24641)

Бурынғы заманда бир ғарры ҳәм кемпир болыпты. Бир күни ғарры тоғайға барып қырғаўылдың мәйегин таўып алыпты. Сөйтип, үйине қайтып киятырса, бир үш дәўге жолығыпты. Дәўлерден ғарры жол болсын сорап:

— Қәне, дәўлер, мен адам арысланыман. Жерден май шығарғайлы, — дейди.

Бул дәўлерге мақул түсип, жерди тебе береди, тебе береди, бирақ май шықпайды. Ал, ғарры мәйекти топыраққа көмип, дәўлерге келеди.

— Ҳа, дәўлер, жерден май шықты ма? — дейди.

Дәўлер «жоқ» деп жуўап береди. Сонда ғарры:

— Жүриң, мен сизлерге жердиң майын шығарып берейин, — деп, дәўлерди ертип мәйекти көмген жерине келип, теўип жиберип мәйекти сындырады.

— Ҳа, дәўлер, қараң жердиң майына, мен тепкенде жердиң майын шығардым, — деп, дәўлерге тәп береди. Дәўлер қорқып ғаррыны қонаққа шақырады.

Ғарры дәўлердиң үйине барады. Сонда дәўлердиң үлкени мал алып келмеге, ортаншысы суў алып келмеге, кишиси отын алып келмеге кетеди. Әне, сонда ғарры дәўлердиң кеткенин билип, отырған төсегиниң астынан ура қазып, үстинде отыра береди.

Бир ўақытларда дәўлер тамақ алып келеди. Ғарры тойғанша жейди, аўысқанын ураға таслап:

— Ҳа, дәўлер, аш болдым, — дейди.

Дәўлер тағы алып келеди, оны да ураға төгеди. Қулласы, үш дәўдиң жегенин бир өзи жейди. Дәўлер ғаррыдан қорқады.

Әне, ғарры дәўлерден рухсат алып үйине қайтпақшы болып, кетер алдында дәўлерди үйине мирәт етеди. Сөйтип ғарры үйине қайтып келе береди. Барлық болған ҳәдийсени кемпирине айтады. Ғарры:

— Ал, кемпир, дәўлер қонаққа келеди, — дейди.

Кемпир:

— Не асып берейин? — дейди.

Ғарры:

— Пышақты қайрап отыра бер, өзим есабын табаман, — дейди.

Ғаррының кәсиби дузақ салып қырғаўыл, қоян аўлаў. Ғаррының күнде алған аңын бир қасқыр қорқытып, екеў болса биреўин, үшеў болса екеўин жеп қоя береди екен. Әне, бир күнлери ғаррының үйине дәўлер келеди.

— Ҳа, кемпир, дәўлерге қазан ас, — деп ғарры кемпирге бақырады.

Кемпир:

— Не асаман? — деп пышақ қайрайды.

Ғарры:

— Үлкен дәўдиң басын ас, киши дәўдиң төсин ас, оған қазан толмаса, ортаншысын қосып ас, — дейди.

Сонда кемпир дәўлерге тәп береди. Әне, дәўлер шыға қашады. Қашып киятырып дәўлер қасқырға жолығады. Қасқыр:

— Ҳа, дәўлер, сизлер неден қорқып қашып киятырсыз? — дейди.

Дәўлер:

— Адам арысланынан қорқып киятырмыз, — дейди.

Қасқыр:

— Ҳай, дәўлер, мен күнде үш қырғаўыл болса, екеўин, еки қырғаўыл болса, биреўин, ал биреў болса, жартысын алып қаламан, ол қорқақ ғарры ғой, жүриң дәўлер, ғаррыға өзим барайын, сизлер мениң қуйрығымнан услап жүриң, — дейди.

Қасқыр дәўлерди ертип ғаррының үйине келе береди. Буны көрген ғарры:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Хай, қасқыр, сениң әкеңиң меннен алты дәў қарызы бар. Мен ол үш дәўди алмайман. Берсең, түўеллеп бер, — деп бақырады.

Сонда дәўлер «қасқыр бизлерди алжастырып, қарызынаберейин деп алып киятыр екен» деп, қасқырды тартып урып өлтирип, қашып кетеди.

Ғарры барлық душпанларынан қутылып, кемпири менен өмир сүреди ҳәм мурадына жетеди.

## СУР ЖЫЛАН

(Р-289, № 181346)

Ер Жийен деген бир батыр бар еди. Шөлди, көлди аралап жүретуғын еди. Елге келген душпан бар ма, хәр дәрбенттен хабар алатуғын еди. Ел шетине жаў келсе, арысландай бойын таслар еди.

Киятыр еди Ер Жийен,
Дөгерекке ол қарап,
Қулағын салып тыңласа,
Көлге барып от тийген,
Енди көлдиң шетинде,
От ишинде бир жылан,
«Отта қалдым мен бүгин,
Алың» дейип шырлаған,
Турған екен зар жылап.
Бул даўысты еситип,
Қалай отлар жанса да,
Шырқыраған даўысқа,
Тура алмадым мен шыдап.
Астымда атым қамшылап,
Отқа бардым жақынлап.
Қыялмадым жыланды,
Шаўып барып атымды,
«Мин» деп туттым жеңимди.
Жылан кирди жеңиме,
Оралды мениң белиме.
Алып шықтым майданға,
Келдим дәрья бойына,
Жыланға «түс» деп жалындым,
Сонда да жылан түспеди,
Белиме еки оралып,
Сонда жылан сөйледи:
— Өлтиремен мен, — деди.
Жыланға мен де сөйледим:
— Бармай саған турғанда,
Жанатуғын едиң отларға,
Ат салып барған ықласым,
Сол ма мениң жазығым?
Жанатуғын едиң отларға,
Қарамай жанған отларға,
Алып шықтым майданға,
Жақсылық еттим сизлерге.
Ҳаслың жылан болған соң,
Жаманлық етип турыпсаң,
Өлимнен қутқарған бизлерге,
Жақсылық еттим сизлерге,
Аманлық етпедиң бизлерге.
Сонда жылан сөйледи:
— Жақсылық етсең бизлерге,
Жаманлық керек сизлерге,
Белиңде биз турамыз,
Дөгерекке жүр, —деди.
Көнлиңе мақул еткеннен,
Сизлер сорап көр, —деди.
Жақсылыққа жақсылық бар десе,
Өлтире ғойың бизлерди,
Жақсылыққа жақсылық жоқ десе,
Қысаман, балам, сизлерди.
Айтып болып бул сөзди,
Белине жылан оралып,
Қысып еди белини,
Аўып түсти атынан,
Неше саат өткенде,
Бала келди қәддине,
Баяғы айтқан ол жылан,
Оралып тур белинде.
Бала қыял етеди,
Сораўға истиң мәнисин,
Қыял қылды өзине,
Уўайым болып балаға,
Турып еди Ер Жийен,
Ақыл-кеўил жәм болып,
Бир дәрьяның бойында,
Киятыр екен көк сыйыр.
Тилин қарыс салыпты,
Көк сыйырдың бас бети,
Қызыл ала қан болып.
— Ҳәй, жәниўар, тур, —дедим,
Айтатуғын сөзим бар,
Жуўабын бер сен, — дедим.
Алла-таала меҳирбан,
Ҳайўанға берди тил-зибан:
— Мәтмурат бай деген,
Тана, қашар ўақтымда,
Сатып алды бизлерди.
Өриске барып жүргеним,
Бир пада енди мал болды,
Меннен өрбип туўғаннан,
Тилеп едим бир тилек,
Мийнетим алла көргей деп,
Садақа етип жиберип,
Бир алланың жолына.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жəне тилек тилеп-ем,
Бермесе ҳақтың жолына,
Қурбанлыққа бергей, — деп.
Ҳеш айтқаным болмады,
Байлар қурды кенести:
Сатайық деп сыйырды,
Апармаға қалаға,
Сатып пулымды алмаға,
Мықлы жип пенен байлады,
Тасладым кейин өзимди,
Себеп болды бул арқан,
Шақымды алып қалмаға.
Зордан турдым жайымнан,
Ыңыранып, ыңырсып,
Шақтан аққан қаныма,
Басым мениң боялып.
Айтқанымды сен қылсаң,
Жақсылыққа жақсылық,
Ҳеш ўақытта болмаған,
Қысып өлтир жылан, — деп,
Өте берди алдынан.
Белиндеги сур жылан,
Үш оралды белине,
Қысып еди баланы,
Еси аўып жығылды,
Дем алып бир ийиннен,
Зордан келди қəддине.
Барды дəрья бойына,
Аллаға налыш қылады,
Аққан дəрьяға қарап,
— Аққан дəрья, тур, — деди,
Алла-таалам меҳирбан,
Қудирети менен алланың,
Бизге жуўап бер, — деди.
Суўдан шықты бир даўыс:
— Ол ҳаялдан туўады,
Адамзаттың перзенти,
Жин менен қанға былғасып,
Ыбырық пенен жаўады,
Небир ылас затларын,
Алып келип жуўады.
Таза қылмақ биз билен,
Жасырмайды əўретин.
Тыр жалаңаш бир келип,
Ыбырықты ойланбай,
Ол бизлерге таслайды.
Ҳарамын ҳалал қыламан,
Ыласын таза қыламан.
Қəдиримди билмейди,
Жақсылыққа жақсылық,
Болған емес ҳеш қашан.
Қысып өлтир жылан, — деп,
Ағып суўлар кетеди.
Бир жерлерге келеди,
— Ҳəммениң шыққан жери един,
Бəденимиз сен един,
Сизден мениң тилегим,
Айтатуғын арзым бар,
Соған жуўап бер, — деди.
Бир алланың ҳəмири менен,
Жерден шықты бир даўыс:
— Тыңла, балам, сөзимди,
Бир қысым алып топырақ,
Жаратқан сени өзиммен.
Жанды алла береди,
«Көгерип едик жерден» деп,
Ҳəр бир ылас нəрсени,
Жасырмай да таслайды,
Бир жерлерди оймайды,
Уялып бизден турмайды,
Шыққан жерим жер дийип,
Бизди ибрат қылмайды.
Жарқыратып песинде,
Ойран қылып барады,
Айтқанымды сен қылсаң,
Жақсылыққа жақсылық,
Ҳешбир ўақта болмайды,
Қысып өлтир жылан, — деп,
Жерден келди ол даўыс.
Сонда турып сур жылан:
— Енди саған айтатуғын сөз бар, — деди.
Ер Жийен:
— Айта бер, — дейди.

— Менде еки əрман бар, — дейди жылан. — Бизде жалғыз қыз бар, мысал перийзаттың өзиндей, ай десе аўзы, күн десе көзи бар. Халықты ўайран етип, усы жыланды өлтирип, қызын алып кетейин деп жүрген душпан көп. Олар мени басып алалмай, халқымды ўайран қылалмай, соның менен изине қайтты. Ҳəзир ол елди қайта шаппаққа таярлық көрип атыр. Саған айтатуғын сөзим мынаў: сениң мени оттан алғаның, «жақсылыққа жақсылық жоқ» деп, белиңе оралғаным — сени изиме ертип, ини қылмақшы едим, — дейди.

— Ал, изиме ересең,
Мениң менен жүресең,
Душпанды елге келтирмей,
Мен изинен бараман.
Сен де бирге барасаң,
Маған көмек бересең,
Кеўлиңе мəлел келтирме,
Ығбалың болса, аласаң,
Қайтағойса бахтымыз,
Əжелиң жетсе, өлесең,
Саў-саламат биз келсек,
Алағойсаң душпанды,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қайтып елге келген соң,
Есит, балам, сөзимди,
Баяғы айтқан қызымды,
Шырағым, саған беремен.
Сеннен бөтен немиз бар,
Қызым түўе, шырағым,
Хәм инансаң, баламсаң,
Жыйған дүнья-мүлкимнин,
Сен ийеси боласаң.
Мақул десең бул сөзди,
Ал, белиңнен түсемен.
Өлтирмеймен сизлерди,
Айтатуғын сөзим сол,
Балам, қалай көресен?
Шырағым өзиң билесең.

Ер Жийен буны мақул көрипти. Сур жылан Жийенди изине ертип, үйине барып, халқын жыйнап алып, «хәм перзентли болдым, хәм инили болдым, хәм қуйрықлы болдым» деп, үш күн той берип, қудайтааланың парызын питкерип, «иншалла, душпаннан өшти аларман» деп, уламаларды жәмлеп, ҳалал нека қыйдырып, қызын Ер Жийен балаға береди. Солай етип, сол жерде ләшкерлерин ойнатып, ели-халқын жыйнатып, душпанға атланыўға узақ таярлықлар көрди.

Бир күни ләшкер тартып, Ер Жийен Сур жыланнын душпанына атланды.

Душпанның елин айланып,
Бир шетинен тийеди,
Душпан да мықлы жаў еди,
Ғажжа-ғаж қылыш сермелди,
Найзалар келип тирелди,
Саўытлар пыт-шыт сөтилип,
Найза кирип денеге,
Қызыл қанлар ағады,
Жүйрик деген атлары,
Оммақазан атады,
Небир батыр дегенниң,
Геллеси қаңғып қаңбақтай,
Әл ҳаўаға ушады.
Қанлар атып аспанға,
Жерлер ләрзем алады,
Шырқыраған даўысқа,
Лалаўласқан душпанлар,
«Тәслим болдық бизлер» деп,
Қол көтерип турады.
Буны көрген Сур жылан,
Жийенге ырза болады.
Мойынынан қушақлап,
Маңлайынан сүйеди.
Жаўды жеңип елине,
Саў-саламат қайтады.
Елине келип Ер Жийен,
Халқын сорап мәрдана,
Елин етип абадан,
Халыққа берип ықтыяр.
Мәзи-майрам болады,
Қой үстине торғай жумалаған,
Әдил заман болады.

Кимниң-кимниң заманы, Жийен батырдын заманы, Сур жыланның патшалығы аталып, Жийен әдил патша болып жасай берипти.

## БАЙ ҲӘМ ХАНДЫ ЖЕҢГЕН ШОПАН
(Р-98, №3435)

Бир күни бир жигит түс көреди. Түсинде бир жағынан ай, бир жағынан күн туўады. Ол заманларда түсти ким болса соған жорыта бермейди екен. Қаякта шопан болса, сол шопанға питегене садақа берип жорытады екен. Түс көрген жигит азанда ерте турып азанғы шайға да қарамай барлық жумысларын таслап, көрген түслерин жорытыў ушын шопан излеп кетеди. Бирнеше күн излеп жүрип бир шопанға гезлеседи. Атаған садақасын берип, түсиниң түри-түсин айтып, жорытайын десе, шопан:

— Усы көрген түсинди маған сат, — дейди.

— Сатайын жора, түсиме не бересең?— дейди жигит.

— Не бер десең берейин. Егер түсинди берсен, усы бағып жүрген қойларымнан да кешейин, — дейди шопан.

Жигит дүньяға қызып кетип:

— Ал онда сатқаным, — депти.

Шопан бағып жүрген қойларын, кийип жүрген кийимлерин берип жигиттиң көрген түсин сатып алады. Түс көрген жигит шопаннын кийимлерин кийип «көп қойлы болдым-аў» деп қала береди. Жигит қойлардын шопанның қойы емес, байдын қойы екенин билмейди. Шопан шопанлықтан қутылғанынан қуўанып, жигиттиң кийимин кийип кетеди. Жигит шопан кетиўден қойларды сата баслайды. Үйли-жайлы, атлы, бала-шағалы болады. Бурынғы шопан хәр жылда қойдың ийеси — байға барып хабар алып турады екен. Ал, жигит байдан хабар да алмайды. Бир жыл өтеди, шопан жоқ, еки жыл

www.ziyouz.com kutubxonasi

өтеди, шопан жоқ, ақырында бай:

— Ҳаў, бул шопанға не болды, неге келмейди?! — деп излеп келсе, қой азайып қалған, шопан болса өзгерип кетипти. Байды қойдың қасынан өткермейди. Буған бай ҳайран болады. Бай енди өз қойын даўласып қазы алдына барып, шопан жигиттен биротала қутылады. Жигит қамалып кетеди. Үй иши де бөлинеди.

Баяғы түсти сатып алған шопан жүриўден жүре отырып, танымайтуғын бир қалаға келеди. Ол ўақытта күнликши, дийқанлар өзин базарға салады екен. Шопан да басқа күнликши талапкерлерге усап, бир үлкен жолдың дәрбентинде өзин базарға салып, «кимге күнликши, кимге дийқан, талапкер керек» деп тура береди. Танымайтуғын қала. Азаннан кешке шекем турады. Ҳеш ким, не қылып турсаң, маған талапкер керек еди, демейди. Күн батып қараңғы түскен ўақытта, енди мен қай жаққа бараман, қайда жатаман, деген ойда турған шопанға биреў келип:

— Не қылып жүрсең, не кәриң бар адамсаң?— деп сорайды.

— Талапкермен, қолымнан келмейтуғын исим жоқ, Ким нени буйырса, соны ислей беремен, хат танымайман, оннан басқа жумыслардың барлығы да қолымнан келеди, — дейди шопан.

Келген адам үлкен бир бай адам екен. Маған тап сондай адам керек еди деп, үйине барыўға рухсат етеди.

Бай үйине келгеннен соң шопанға:

— Мине мынаў мениң үйим, он ҳаялым бар, сен есикте қараўыл боласаң. Мен бир жаққа кетсем, мени шығарып, кеткен соң есикти жаўып қулып ураасаң. Бир жақтан келсем, есикти ашасаң, кирген соң есикти жаўып қулып ураасаң. Меннен рухсатсыз есикти ашып жаппайсаң. Сырттан ҳеш адамды ишке киргизбейсең. Ал иштен ҳеш адамды далаға шығармайсаң, — дейди.

Шопан қайыл болады. Байдың айтқанындай етип хызметин атқарып жүре береди. Бай күнде күн батып қараңғы түскен соң шығып кетеди, сөйтип таң атып киятырғанда келеди. Шопан, бай келсе, есикти ашады, кетсе, есикти ашады, басқа ўақытларында дәрўазаны жаўып қулыпты урады. Ҳеш адамды далаға шығармайды. Ҳешкимди даладан ишке де киргизбейди.

Арадан бир неше күн өтеди. Бай сол баяғысы, түнде кетеди, азанда келеди. Бир күни шопанда «бул неси, бул уры ма? Күнде қай жаққа барады екен, аңлып көрсем не қылар екен» деген ой пайда болады. Кеште бай шығып кетиўден, шопан есикти тас етип бекитип, қулыпты урады да, бай кеткен жаққа қарап изинен жүре береди. Бай бир жайлардың үсти менен бираз жүрген соң жерге түсип, бир есикти ашып ишке кирип, ай десе аўзы, күн десе көзи бар бир қыз бенен қушақласып, биреўиниң аўзынан биреўи сүйип заўқы-сапа сүре береди. Шопан өзин тасаға алып, пәтиктен сығалап тура береди. Бай менен қыз аңлып турған шопанды сезбейди. Бираздан кейин бай қызға:

— Мениң саған қатнағаныма жетерли ўақытлар болды. Қыз деген әкениң үйинде мудамы отыра алмайды. Бизлердиң бир-биреўимиз бенен жүретуғынымыз ели-журтқа жайылды. Мәселени тез шешейик. Өлимнен басқаның ертеси жақсы, деген сөз бар. Усылай жүре бересең бе ямаса кейниме ересең бе? Я болмаса кеўлиңде басқа бир ой бар ма? — дейди.

— Менде басқа ой жоқ, басқа ой болғанда, сениң менен жүрер ме едим, он ҳаялыңның барын биле тура «тийемен» дегенди айтпаған болар едим. Егер сен алмайман демесең, сениң менен кетемен. Бирақ ел-журт бар, мени патшаның қызы дейди, сени бай дейди, сымпыйып кете берсек, сол атағымызға уят болар. Маған ертеңги саат екиге шекем рухсат бер, — дейди қыз.

Бай:

— Рухсатты не қыласаң, ҳеш нәрсениң кереги жоқ ғой, — дейди.

Қыз:

— Сен маған пурсат бер, мен ертеңги түнги саат екиде әкемниң қара аты менен көк атын зәртең-зәбертең ертлеп, еки қоржынның басы толы пул, он жылға жетерлик кийим алып дәрўазаның аўзына келемен. Әне, сол жерден кетемиз.

Байға бул мақул түседи. Ўәдени айтқан ўағына келисип, қол урысып тарқасады. Шопан барлық аўҳалды билип алады да, байдан бурын орнына келип тура береди. Бурын күнде шопан иште туратуғын еди. Бул күни сыртта тур екен. Бай келеди, шопан дәрўазаны ашады. Бай ишке кирип баратырып шопанға қарап:

— Күнде иште туратуғын едиң, бүгин неге сыртта турыпсаң?— дейди.

— Мениң иште турғанымнан сыртта турғаным пайдалы. Егер мен иште турағойсам, сырттан биреў келип жайды тесеме деген гүман пайда болды. Сонлықтан сыртта барлық жерди көрип турайын деп турман, — дейди шопан.

— Пай, ақыллысаң-аў, жақсы қара, — деп ишке кирип кетеди.

Бай қашан кеш болады деп асығып күтеди. Кеш болып, байдан бурын барып қызды алып кетер едим, ай қараңғы болса, мени қыз билмей алданар еди деп, шопан да асығады. Соның менен кеш

www.ziyouz.com kutubxonasi

болады. Түнде барып қызды алып кетиўге бай да таярлық көреди. Байдың сыртынан қулып урып, байдан бурын барып қызды алып кетиў ушын шопан да өзиниң ғамын жейди. Бай ярым ақшам болыўын күтип отырғанда шопан дәрўазаға қулыпты урады да, қызға барады. Қыз еки атты алып байды күтип тур екен. Қыз бенен шопан екеўи еки атқа минип, бирин-бирине танытпай таң атқанша бираз жерди асады.

Бай болса есикти аша алмайды, қызға барыўға ўәде берген ўақыты өтип кетсе де барайын деп, дәрўазаны балталап бузып, далаға шығып қыздың жайына келсе, қыздың кетип қалғанын көреди. Бай қараўыл жигиттиң алдағанын билип, қайтып жигитшилик етпеске тәўбе етип үйине қайтады.

Шопан менен қыз сол кеткеннен кете береди. Таң ата қыз кейнине қараса, екинши аттағы бай емес, басқа биреўди көрип ҳайран қалады. Тийкарында мениң пешанама жазылғаны сирә усы жигит шығар, мейли, енди не де болса бул жигитти шомылдырайын, кийиндирейин, деген ой пайда болады. Екеўи де аттан түсип, қыз шопанға қарап:

— Мениң қашатуғын жигитим сен емес един, сен мени алдадың, солай да болса өзиңде бир кәрамат бар шығар, — дейди.

Сөйтип, қоржындағы жақсы кийимлерди алып, кийиндиреди. Шопан кәдди-кәўмети келискен бир сүлиңгир жигит кәлпине келеди. Соның менен екеўи ерли-зайыплы адам болып, жолға түсип кете береди. Бирнеше күнлер жол жүрип бир патшаның жерине барады. Не де болса қалаға барып паналайық деп, бир кемпирдиң үйин таўып алып, соның қорасына ат байлайды. Еки күн өтип үшинши күнге қарағанда шопанның қулағына басқа бир таныс емес адамлардың даўысы келеди. Олар:

— Үш күн ишинде өзиниң қайдан келгенин, ким екенин, неге келгенин патшаға айтпаса, патша дарға асады, — деп бақырып жүр екен.

Шопан бул еситкен ҳәдийсени ҳаялына айтады. Ҳаялы жатқан жердиң кемпиринен сорайды. Кемпир де қаланың ҳәкимниң тутымының сондай екенин оларға түсиндиреди. Шопан жигит сол күни жатып, азан менен ҳаялын кейнине ертип патша сарайының алдына барады. Сарайманлардан жуўап сорап, патшаға өзиниң ҳал-жағдайын айтпақшы болады. Патшадан рухсат болғаннан кейин ҳаял сыртта қалады да, жигит ишке кирип патшаның алдына барады.

— Патшайым, кириўге бола ма? — дейди.

Патша басын ийзейди. Шопан:

— Арзым бар патшайым.

— Айта бер.

— Бир кәмбағал жигит едим, өзиме ес болсын деп биреўдиң қызын алып, душпаным көбейип кетти. Сол себепли ели-журтты таслап, патшамыздан жуўапсыз сизиң жериңизге, елиңизге келдим. Енди не де болса паналаўға жәрдем берсеңиз екен, — дейди шопан.

— Жақсы, қаланың арқа бетинде, қалаға еки ат шаптырымдай жерде бир таў бар. Сол таўдың баўырында отырған көп аўыллар бар. Аржағындағы тоғайдан келип, сол аўылда қос етип отырған өзиң қусаған адамлар көп. Сен де сол жерге бар, саған хешким тиймейди, — дейди патша.

Шопан буған қуўанып сарайдан шықты да, ҳаялын кейнине ертип кемпирдиң үйине келеди. Кемпирдиң үйине келип, «патшаның айтқан жери қандай жер?» деп сораса, кемпир:

— Ол жер, балам, бул жақтан келген өзиң қусаған адамлардың болатуғын жери,— дейди.

Сол күни кемпирдиң үйинде болып, ертенине азанда көшип кетеди. Олар таўдың баўырына барып, бир жақсы жерге орналасып, қос дүзетип отыра береди.

Арадан бир неше айлар, күнлер өтеди. Патша бир күнлери қосшылары менен қус салып жүрсе, патшаның қусы қашып барып, баяғы шопанның ылашығының төбесине қонады. Патшаның қосшылары қусты излеп кейнинен келсе, шопанның ылашығының басында отырғанын көреди. Олар ылашықты атқа қақтырып, қусқа умтылып ала берейин дегенде, шопанның ҳаялы ылашықтың тесигинен қолын шығарып қусты алып береди. Патшаның қосшылары жаңағы тесиктен шыққан аппақ сүйриктей қолды көрип ҳайран қалады. Жаман ылашықта отырған бул не қылған перийзат деп еси-ақылынан айырылып, бираздан кейин есин жыйнап ылашықтың саңлағынан қараса, ай десе аўзы бар, күн десе көзи бар бир ҳаялдың отырғанын көреди. Булар атларан шаўып туўры патшаға барып:

— Патшайым, бизлер бир ылашықта отырған бир перийзатты көрдик, күйеўи жаман, тек еркек деген аты ғана бар адам екен. Билмеймиз, ол ҳаялдың ондай еркек пенен қалай күнелтип отырғанын. Патшайым, сиз «қыз аламан» дей беретуғын един‌из, егер өзиңиз тәндар болсаңыз, соны көресиз бе? — дейди.

— Ҳаў, оның күйеўи болатуғын болса, оны қалай аламыз?

— Егер сол турысында қалса да, барып көриң, тақсыр. Егер жақсы болса, сүтбурыш писирер, нашар ақыллы болса, адамның ҳасылы патшаға сол жуғымлы тамақ — сүтбурыш. «Еки жақсының басы бахытлы адамның үйинде қосылады» деген. Ас жақсысы менен ел басшысының басын қосыў күтә аўыр ис, тақсыр. «Себеп пенен келген екенсиз, сүтбурыш ишиң» деп мирәт етер. Сөйтип бизди женер,

www.ziyouz.com kutubxonasi

онда үндемей қайтармыз. Егер ақылсыз болса, «басқа тамақтың илажы болмады, сүтбурыш болса да ишип қойың» дер. Онда күйеўиниң басын кесип, ҳаялды алып кетерсиз.
— Егер олай болмаса, сизлердиң басыңызды аламан, — дейди патша.
Төрт-бес атлы әстен барып ылашықтың есигиниң алдына түседи. Шопан «хош келдиң, патшайым, шай-пай ишиң» деп қарсы алады. Шопан пәр төсегин төсеп, ылашықтың есигин көтерип, патшаны ылашыққа киргизеди. Дәстурхан жайылып, шай келеди. Патша шай ише береди. Ҳаял ылашықтан гүриш салынған шанақты, май салынған қарынды, сүт салынған аўызқабақты майданға алып шығып, сүтбурыш писиреди, үстине сары май қуяды. Тамақ таяр болады. Ҳаял шопанға:
— Шабазым, қәне, тамақ таяр болды. Қонақлардың алдына тамақты не деп апарып қоясаң? — дейди ҳаялы.
Шопан:
— Не деп апарып қоятуғын едим. «Патшайым, басқа тамақтың рети болмады, бар тапқанымыз сүтбурыш болды, не де болса жей қойың» деп қояман, — дейди.
— Жоқ, шабазым, олай деп қойма, онда басың кетеди. «Патшайым, «ас басшысы сүтбурыш, ел басшысы патша» деген бар, жасымнан еки басшының басын бир қоссам, ел ағасын шақырып ас басшысы сүтбурыш берсем, дүньядан әрмансыз өтер едим дейтуғын едим. Себеп пенен келипсиз, еки жақсының басын бир қостым. Елиңе, өзиңе рахмет, сизиң елге келип бахытлы болдым. Енди әрманым жоқ. Әне, мынаў сол сүтбурыш, таўысып ишиңлер» деп, табақты алдына қой, — дейди ҳаял.
Шопан тап сол ҳаялының айтқанын айтып, сүтбурышты патшаның алдына қояды. Патша қосшыларына қарайды, қосшылары патшаға қарайды. Пәнт жейди, не дерин билмейди. Сүтбурышты терлеп-тепшип ишип, үйлерине қайтады. Бирақ патшаның кеўилине ҳаял жағып қалады. Қалай да болса сол ҳаялды алмақшы болады. Патша қалаға келеди. Екинши бир патшаның елинде Гүлдәсте деген патшаның қызы бар еди. Ким айттырып барса, қыздың шәртин орынлай алмай өлетуғын еди. Патша сол қызды алып келиўге шопанды жибермекши болды. Тезден шопанға патшадан адам келеди.
— Патша шақырып атыр, тез жүр, — дейди.
Ҳаял майданға шығып бир қарап, жерден бир қысым топырақ алып, шопанды далаға шақырады.
— Шопаным, сени Гүлдәсте деген қызды алып келиўге жибереди. Сен оннан ҳеш тартынба. Бирақ, патшаға «менде еки ат бар, әне, сол атқа полаттан саўыт дүзетип бер. Тордың көзлери кишкене болсын» де. «Соны ислеп берсең, Гүлдәстени алып келемен» де. Егер ислеп берсе, Гүлдәстени алып келесең, — дейди.
Шопан:
— Саўытты не қыламан? — деди.
— Саўытты еки атқа кийгизесең. Гүлдәстениң қара ат, сары ат деген еки аты бар, ким барса, усы еки атымды аты жеңген адамға тийемен деп отыр. Үйине жақынлап барған жерде усы еки аты даўыллатып, жаўынлатып шаңғытып келеди. Әне, сол ўақытта, егер алды менен сары атын жиберсе, сен тор саўытты жақсылап кийгизип қара атты жибер. Қара аттың саўытын тислеп, сары аты шаршай бергенде, көк атты жибер. Егер қара атын жиберсе, көк атты жибер. Қара аты көк аттың саўытын тислеп шаршай бергенде, қара атты жибер. Сөйтсең, Гүлдәстениң еки атын да жеңесең, — дейди.
Сөзлердиң бәрин де еситип алып, шопан патшаға барды. Патша жалбырақлап, жақсы көрген адамлардай қарсы алады. Бираздан кейин патша:
— Мениң бир хызметим бар. Екинши патшаның елинде Гүлдәсте деген қыз бар. Соны алып келиўге жиберемен. Соны маған барып әкелип бер, — дейди.
— Жақсы, әкелип берейин. Бирақ менде еки ат бар. Сол еки атыма полаттан торының көзин майда етип саўыт соқтырып бер, — дейди шопан.
Патша ең шебер усталарды шақырып, жақсы полаттан жеңил етип, алып жүриўге ҳәм атқа кийиндириўге қайым етип, саўыт соқтырып береди. Шопан тезлик пенен бир атты минип, бир атты жетелеп, тор саўытты атқа бөктерип, жолға раўана болады. Бирнеше күн, бирнеше түн жол жүрип Гүлдәстениң елине жақынласады. Алыстан Гүлдәстениң шардарасы көринеди. Енди бүгин кеште көринген шардараға жетемен-аў деген ўақта, үлкен булағай турады. Киснеген ат даўысы еситиледи.
Шопан тезлик пенен аттан түсип, атты да саўыт пенен кийиндиреди. Сөйтеди де аттың келиўин күтип тура береди. Арадан көп ўақыт өтпей-ақ Гүлдәстениң қара аты жетип келеди. Шопан ўақыт өтпей-ақ көк атты жибереди. Гүлдәстениң қара аты саўытты әри-бери тислейди, тислердиң қышыўы қанып, шаршап тоқтайды. Шопан қара атты жибереди. Қара ат шаршап өлейин деп турған қыздың атын тислеп жығады. Ақырында Гүлдәстениң аты өледи. Енди Гүлдәстениң сары аты келеди. Шопан буған қарсы қара атты қояды. Сары ат та қара аттың саўытын тислеп шаршаған ўақытта, шопан көк атты жибереди. Көк ат Гүлдәстениң сары атын мыжымырлап өлтиреди. Еки аты да өлген соң Гүлдәсте шәртинде турады. Шопан Гүлдәстениң еки атын да өлтирип, қыз отырған шардараға жаланлап жетип

www.ziyouz.com kutubxonasi

келеди. Шәртинен жеңилген Гүлдәсте шопанды ҳүрмет пенен қарсы алады. Шопан Гүлдәстеге қонақ болады. Үш-төрт күн қыз бенен бир болып заўқы-сапа қурады.

Гүлдәстениң Гүландам деген сиңлиси де, «ким мениң апамды жеңип келсе, мен де соған тийемен» дейди екен. Апасының жеңилгенин еситип, қырық түйеге дүньяларын жүклеп, қырық қызы менен ол да келеди. Шопан Гүлдәсте менен Гүландамды сексен түйе заты ҳәм ҳәр бириниң қырық кәнизеги, сексен қызы, үй жайы, малы-дүньясы менен алып қайтады. Жолда жигит неше күн жол жүреди. Патша шопан кеткен күннен баслап, шопанның ҳаялын алмақшы болып еди. Шопанның ҳаялы болса «ел ағасының пуқарасына қыянет етиўи жарамайтуғын нәрсе болады, мениң күйеўим өлмей келеди» деп, патша болса, «келмейди, өледи» деп тартысып отыр еди. Шопанның ҳаялының «шопан егер келмесе, саған тийемен» дегенине еки күн қалып еди. Шопанның ҳаялы:

— Япырмай, усыннан келмесе, мен усы патшаға ҳаял боламан ба?! — деген ўақытта шопан дүнья-маллары менен еки қызды алып жетип келеди.

Патша буған ҳайран болады. Патша енди шопанды басқа жол менен өлимге буйырып қутылмақшы болады. Шопанның бурынғы ҳаялы оқымыслы, соңғы ҳаялының биреўи көргиш ҳәм сезгиш, биреўинин қарақусы бар еди. Патшаның бул сумлығын шопанның көргиш ҳаялы көрип, сезип, шопанға:

— Сени бүгин өлимге буйырмақшы, бармайман десең де, өлтиреди, барсаң да, өлесең, енди не қыласаң? — дейди.

Және бир ҳаялы:

— Оннан өлмейсең, өзим аман алып қаламан, сени патша отқа күйдирип өлтирмекши, сен оннан қорықпа, — дейди.

Ең бириншн ҳаялы:

— Патша саған, мениң гөрдеги әке-шешемнен хат әкелип бер, деп жибермекши. Сен оннан қорқып, патшаға сыр берме. Патшаның өзиниң де өлетуғын ўақты жақынлап киятыр. Патша не десе де «қуллық тақсыр» деп буйрығына тақ тура бер, — дейди.

Булар айтып аўзын жумғанша патша шопанды шақырып алады. Шопанға:

— Сен қолыңнан ис келетуғын бир искер, ғайратлы жигит екенсең. Бүгин сени қырық арба шеңгелдиң үстине миндирип, от беремен, буннан еки жыл бурын мениң ата-анам өлип еди, от ишинде барып солардың аманлығын билип, солардан хат әкелип бересең, — дейди.

Шопан:

— Қуллық патшайым, — деп қарсы алады.

Патша ели-журтын жыйнап той береди. Тойдан кейин қырық арба шеңгелдиң үстине шопанды отырғызып, жан-жағын қомлап от береди. Шеңгел пысқып түтеп атырған ўақытта қарақусы бар ҳаялы:

— Бар, ана сорлы батырды адам баласына билдирмей от ишинен алып шық, үйге алып кел, — деп қарақусын жибереди.

Қара қус «әжеп» деўи менен барып от ишинен шопанды алып шығады. Түтин арасында қарақустың шопанды алып кеткенин ҳешким сезбей қалады. Шеңгел жети күн жанады, жети күнге шекем баяғы шопанның биринши қатыны патшаның өлген ата-анасының тилинен патшаға хат жазып тамам етеди. Патшаның әкеси саўатлы, күтә хаткер адам еди. Соннан ҳеш қандай айырмасыз етип жазады ҳәм сондай етип қол қояды. Көрген адам басқа биреўдиң жазғаны демейтуғындай болады. Патша жанып болған шеңгелдиң күлиниң арасын қаратып, шопанды таппады. «Үйи жанғырдың баласынан қутылдым-аў, күлине дейин қалмапты, енди бир емес, үш ҳаялы да мениқи болды» деген ўақта шопан қолында хат, патшаға сәлем бериў менен жетип келипти. Патшаның ҳүрреси ушып кетеди. Бираздан кейин жүрегин басып хатты оқыйды. Оқыса, тап сол баяғы әкесиниң өз қолы менен жазған хаты. Патшаның бир ўәзири бар еди, сол ўәзир патшаға субханларды үйрететуғын еди. Оны патшаның биринши ҳаялы билетуғын еди. Ол ўәзирди патша Таймасқара деп атайтуғын еди. Патшаның ата-анасы:

— Балам, бизлер аман саў жатырмыз, сениң бизиң аўҳалларымызды билиўге адам жибергенине рахмет. Балам, өлген ўақта саған айта алмай кетип едим, мен өлгенде ўәзириң Таймасқара маған көп азап берди, мениң қарама сойған гүрең аттың бир санын урлап үйине алып кетти. «Жатқан жериң жайсыз болсын, етиңди қурт-қумырсқа жесин» деди. Кемпир өлгенде ҳаялың азап берди, «усы ширкиннен қудай қутқарса бир қутылдым-аў» деп. Бизлерди ырза болсын десең, Таймасқара менен ҳаялыңды бүгиннен қалдырмай жоқ ет. Және бир сөзим бар, бирақ оны айтыўға болмайды. Еситемен десең, усы жигиттиң келген жолы менен қалай болмасын келип кетиўиңди тоқтаўсыз күтемиз. Ата-анаң, — деп жазған екен.

Патша ашыўланып, ели-журтын жыйнап, қырық түйе алдырыпы. Таймас пенен өзиниң сүйикли ҳаялын халық ортасында қырқ бийениң қуйрығына байлап сүйретип өлтиреди. Өзи жыйналған халқына ата-анасын көрип қайтыўға рухсат сораса, биреўлер:

— Өлген адамның кейнинен қалай барып қайтасаң? — десе, тағы биреўлер:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бара алғандай болсаң, барып келе ғой, — дейди.
Шопан:
— Барып келиўге болады. Мен барып хат алып келдим. Бирақ тез барып қайтыў ушын шеңгел қуўрақ болыўы керек екен. Патша буның сөзин мақул көрип, қуўрақ шеңгелди жыйнатып үстине минип:
— Ал, енди кемпир-ғаррымды көрип келемен, от бериң, — дейди.
Көпшилик отты берип жибереди, өзи де даўыллы күн екен бе, бес күн, бес түн дегенде жанып күл болыпты.
Биреўге жаманлық етемен деп ойлаған ойы патшаның өз басына жетипти. Патша шопанды өлтирип, сулыў қатынын аламан деп жүргенде өзи дүньядан өтипти. Шопаң патшаның малы-мүлкине, жайы менен жерине халқына ийелик етипти. Патша болса қырық арба шеңгел арасында жанып кетипти.
Ким де ким биреўге жаманлық ойласа, ол өзиниң алдына келеди. «Биреўдиң баспағы өлсин деп тилек тилесе, өзиниң өгизи өледи» деген усы.

## АҚЫЛСЫЗ АДАМ
(Р-89. №37578)

Бурынғы өткен заманда бир байдың әўмесер баласы болыпты. Бир күнлери атасы өлип, бурынғы байлық дегеннен ҳеш нәрсе қалмай, аш-әпталалықта қалыпты. Баланың қолынан талап ислеў де келмепти. Усылай қаңғырып жүргенде алдынан бир ғарры шығып балаға байыўдың жолын үйретипти:
— Балам, сен бүйтип қаңғырып жүргенди қой. Аспаннын астында, жердиң үстинде Бақ деген киси бар, сол Бақты излеп таўып ал. Егер ол қарай қойса, қолың келгени, бай боласаң, мәртебең бәлент болады. Бақ саған бирден қарай қоймайды. Оның ушын Бақты излеп таўып аласаң. Отырған жеринен услап аласаң да, етегинен сүйрей бересең. Сол ўақта Бақ қабағын үйип бир қарайды. Әне, Бақтың қарағаны!
Байдың баласы бул сөзди еситиўден жолға раўана болыпты. Кетип баратырса, алдынан ешкиниң басына усаған жылан шығыпты.
— Хош, адамийзат, қайда баратырсаң? — депти жылан.
Сонда бала:
— Мен Бақ деген биреўди излеп баратырман, ол қарай койса дәўлетиң асады, — деп жуўап берипти.
— Егер сен Баққа барсаң, мениң бир аманатым бар, соны айтқайсаң, — депти жылан. — Ол мынадай: мениң басым бәҳәрде бир ай ағарады, соннан оғада азап көремен, усының себебин билип кел.
— Әжеп болады! — деп, байдың баласы жолға түсип кете берипти. Бир-еки күн жол жүрипти. Кетип баратырса, алдынан қос қанаты бар бир тулпар шығыпты. Ол да баладан қайда баратырғанын сорапты. Оған да Бақты излеп баратырғанын айтыпты. Сонда тулпар турып:
— Егер сен Баққа баратырған болсаң, мениң бир аманатым бар, соны айтқайсаң. Мен тулпарман, не керек отымды жеймен, суўымды ишемен, сонда да семирмеймен. Буның себеби не екен? Соны Бақтан сорағайсаң, — дейди.
Буған да «әжеп болады» деп жөнине кете береди. Сол кетистен бир неше далалықтан, шөл-жәзийрадан асады. Алдынан минарланған қала шығады. Қалаға келгенине, елдиң қарасын көргенине қуўанып бир ақшам түнеп шығыў ушын қонақ жер излейди. Бирақ, буны ҳеш ким қондырмайды. Сөйтип жүрип бала елдиң патшасының үйине барады ҳәм ол үйде қонақ болады. Азанда ерте турып жүрип кетейин деп атырғанда патшаның ўәзири келип:
— Патшамызға хабарласып кетесиз, — дейди.
Байдың баласы патшаға хабарласып кетпеўдиң есабын таба алмай, патшаның алдына сәлемге барады. Патша оннан:
— Қайда баратырсыз? — деп сорайды.
Патшаға да бала өзиниң Бақты излеп баратырған жумысын айтады.
— Сен Баққа баратырған болсаң, мениң де аманатымды айта бар. Мениң қалама жазда бир рет тас жаўады. Елимиздиң үйи-жайын, бағ-ҳәремин ўайранлап кетеди. Усының себеби не екенин сорағайсаң, — дейди патша.
Бала айтып барыўға ўәде етип, бул жерден де шығып кете береди. Тағы да бир неше күн жол жүреди. Кетип баратырып бир үлкен дәрьяға ушырасады. Байдың баласы дәрьяның жағасы менен өткел ушыраспаспа екен деп, бираз жолларды асады. Сөйтип жүрип дәрьяның үлкен көпирине жолығады. Көпирдиң үстинен өтип баратырғанда бир гүңиренген сес қулығына шалынады. Не екен деп иркилип турса:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳәй, бала! Қайда сапар шегип баратырсаң? — дейди көпир.

Буған да кетип баратырған жумысын айтады. Көпир де аманатын Баққа жеткериўди өтинеди. Көпирдиң аманаты — ол бир ылақа екен. Дәрьяға кеселеп турып қалып, енди суўға қайтып бата алмай көпир болып қалған екен. Усының себебин билип келиўди соранады. Буған да айтып баратуғын болып ўәде етип, дәрьядан өтип кете береди. Арадан бир қанша ўақыт өткенде қумлықтың арасында отырған Бақты таўып алады. Бақтың бет-әпшерине қараса, адамға усаған, бирақ қабағы бетин жаўып турған бир мақлуқ екен. Байдың баласы Бақтың қасына барады да, оның шалғайынан услап тартқылай береди. Сол ўақта Бақ қабағын көтерип бир қарайды. Байдың баласына Бақ қарады ҳәм жолдағы аманатын оған айта баслайды. Сонда Бақ балаға мыналарды айтады:

— Жыланның басының ағарғаны, ақылсыз адамның басын жесе, кетеди. Тулпардың семириўи ушын бир ғошшақ жигит от-жемине қарап тәрбияласа болады. Жазда патшаның қасына тас жабыўының себеби, үйинде ер жетип отырған қызы бар, соны күйеўге берсе, тас жаўғанды қояды. Ылақаның дәрьяға көпир болыўы, ол бурын еки гәўҳар тас жутқан, сол тасты тасласа, суўға батып, еркин жүреди. Ол тасты таслатыўы ушын ылақаны қырға шығарыңқырап, дем алдырмай алқымынан қысса, ылақа гәўҳар тасты таслайды.

Байдың баласы қуўанып изине қарай қайтады. Жолда көпир болып турған ылақаға келеди.

— Ҳәй, адамийзат, мениң аманатымды айттың ба? Себеби не екен? — дейди ылақа.

— Аўа, айттым. Мен дәрьяның арғы жағына шыққан соң айтаман, — дейди де, дәрьядан өтип болып, Бақтың айтқанын айтады ҳәм ылақаны қырға шығарыңқырап тамағындағы еки гәўҳар тасты сыртқа шығарады. Сонда ылақа:

— Сен мына еки гәўҳар тасты ал. Бул сениң өмириңе азық болады, — дегенде байдың баласы:

— Жоқ, Бақ маған ондай деп айтпады, — деп, гәўҳар тасты таслап кетеди.

Бир неше күн жол жүрип, патшаға келип аманатын айтады. Сонда патша:

— Олай болса, сеннен артық жақсы жигит табылмас, қызымды сен ал, — дейди.

Бирақ, бала бул қызды да «Бақ маған ал деп айтпады» деп таслап кетеди. Тағы да бир неше күн жол жүрип, тулпарға келип аманатын айтады. Тулпар да «сениң атың болайын» дегенде, оған да әдепки жуўабын айтып, тулпарды алмастан жолына түсип кете береди. Әне, сөйтип бир неше күн жол жүрип баяғы ешки баслы жыланға келеди.

— Ҳәй, адамийзат, Бақты көрдиң бе? Мениң аманатымды айттың ба? Не деди? Соны айт, — дейди жылан.

— Аўа, Бақты көрдим. Бақ қарады, сениң аманатыңды айттым. «Ақылсыз адамның геллесин жесе, басы ағармайды» деди.

Сонда жылан:

— Қәне, сен жолда нелерди көрдиң? Маған айтып бер, — дейди.

Байдың баласы жолдағы көрген-билгенлерин қалдырмай айтып береди.

Сонда жылан:

— Ақылыңа болайын,
Гәўҳар тасты алмасаң,
Ханға күйеў болмасаң,
Ондай сулыў қыз бенен,
Әрмансыз дәўран сүрмесең,
Мин деп турған тулпарды,
Услап алып минбесең,
Буннан артық не дейин,
Сеннен ақылсыз ким дейсең? —

деп, байдың баласын турған жеринде өлтирип, геллесин жепти. Ақылсыздың тәғдири усылай болып тамамланыпты.

## ҒӘРИП ҲӘМ ҒӘРРЕМ

(Р-89, №37578)

Бурынғы өткен заманда еки адам талап излеп шығып, жолдас болыпты. Олардың бири оғыры аңғөдек ғәрип адам екен, ал екиншиси сумлыққа питип қалған ғәррем екен. Жолға шыққаннан кейин азықларын да бир қосып, қоржынға жайлапты. Ғәрремниң айтыўы бойынша, алды менен ғәриптиң азығын тамақ етип бара берипти. Жолда ғәррем ҳәр жерде бир тоқтап, тез-тез тамақ жей берипти. Бир күни ғәриптиң азығы түўесилипти. Енди сумлықлы жолдасы ғәрипке азығынан бермепти. Ғәрип бийшара аш болып, сумлықлы жолдасынан қайта-қайта нан сорап қоймапты. Сонда ғәррем шериги ғәрипке:

— Бир көзиңди ойып берсең, бир тойғандай нан беремен, — депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Буған ғәрип қайыл болып, бир көзин ойып береди хәм нанға бир тояды. Арадан бир күн өткен соң ғәрип тағы да аш болыпты, тағы да сумлықлы жорасынан нан сорапты. Сонда ол:

— Енди ана қалған көзинди ойып берсең, бир тойғандай нан беремен, —депти.

Ғәрип оған:

— Мен соқыр болып, жолда қаламан ғой, — дегенде, ғәррем жолдасы:

— Сени өзим жетелеп жүремен, — дейди.

Ғәрип буған да қайыл болып екинши көзин ойып береди хәм бир тойғандай нан алып, жеп алады. Ғәррем өз жолдасының көзлеринен айырып, оны зар жылатып жолға таслап жекке кете береди. Ол кете берсин. Сөз көр болып қалған ғәриптен.

Қуў тамақтың кесиринен қос жанарынан айырылған ғәрип қармаланып жүрип, бир гөне тандырды таўып алып, соның ишинде жылап жата береди. Сол күни ақшам тышқан, түлки, қасқыр хәм жолбарыс сол тандырдың түбине келип бир-бири менен дус болыпты. Сонда жолбарысқа түлки:

— Сениң неге жүниң тегис? — деп сорапты.

— Мениң еки түйе алтыным бар, сол алтынның үстинде жатаман, мине мениң жүнимниң тегислиги соннан, — деп жолбарыс жуўап берипти.

Түлки қасқырға қарап:

— Сениң неге жүниң жылтыр? — деп сорайды.

— Мениң бир түйе алтыным бар, мен де сол алтынның үстинде жатаман, жүнимниң жылтырлығы да соннан, — деп қасқыр жуўап береди.

Түлки тышқанға қарап:

— Сениң неге қуйрығың жылтыр?—деп сорайды.

Сонда тышқан:

— Мениң теңгем бар, оны қуйрығым менен ойнайман, — деп жуўап береди.

Сонда тышқан түлкиге:

— Сениң неге жүниң сарғылт?, — дейди.

Сонда түлки турып:

— Тандырдың ишинде мениң еки гүлим бар, барлық кеселдиң еми, жинлиге де, көзлиге де ем. Әне, сонлықтан мен сол еки гүлди жүниме сүйкеймен, соннан жүним сарғылт хәм түнде де нур шашып, жолымды жақтыртып турады, — дейди.

Бир ўақытта:

— Қасқыр, сен неден қорқасаң?, — деп сорайды түлки.

Сонда қасқыр:

— Ҳайта-хайт деген шаўқымнан қорқаман, — деп жуўап береди.

— Жолбарыс, сен неден қорқасаң? — дейди түлки.

Жолбарыс:

— Мен патшаның сары ала тулпарынан қорқаман, — деп жуўап қайтарады.

— Ал, тышқан жора, сен неден қорқасаң? — деп сорайды түлки.

Тышқан:

— Мен ийттен қорқаман, — дейди.

Сөйтип, булар жән-жаққа тарқасыпты. Көзден айырылып муңайып отырған бийшара булардың сөзлериниң барлығын еситип жата берген екен. Жаңағы хайўанлар тарқасыўдан түлкиниң айтқан гүлин таўып алып, көзлериниң орнына сүрткенде, оның көзи шайдай ашылыпты.

Ғәрип көзиниң ашылғанына қуўана-қуўана өзин таслап кеткен шеригиниң талап еткен шәхәрине қарай бул да кете берипти. Ол бирнеше күн жол жүрип, сумлықлы жорасының барған қаласына жетип барады. Қаланың ишинде талап излеп жүрсе, бир адамның кимде-ким патшаның жин урған қызын тәўир етип берсе, патшаның қызын хәм сары ала атын алатуғынлығын айтып жар салып жүргенин еситеди. Буны еситип, ғәрип патшаға барып қызын емлейтуғынын айтыпты. Сөйтип, ғәрип қыздың қасына барып, гөне тандырдан алған еки гүлди оның мурнына ийискелетипти. Қызға гүл ем болып, сол ўақыттың өзинде жазылып кетеди. Патша сонша күннен берли жыйнап атырған тәўиплерге, молла-порханларға руқсат берип, тарқатып жибереди де, ғәрипке қызын хәм Сары ала атын берипти. Ғәрип патшаға күйеў болғаннан кейин жолбарыстың, қасқырдың хәм тышқанның гизнеп қойған дүньяларын алып, өмир-өмирине жетерлик дүньялы болыпты.

Бир күни ғәрип баяғы өзине жаманлық еткен ғәррем жолдасына дусласып қалыпты. Ол көрген жерден танып хәм таңырқап:

— Ҳаў, мениң сениң еки көзинди ойып алып, таслап кетип едим ғой, сен қалай жазылдың? Патшаның қызына қалай үйлендиң? — деп сорайды ғәррем сыр жасырмастан.

Сонда ғәрип ол таслап кеткеннен кейинги басынан өткерген ўақыяларын қалдырмай айтып

www.ziyouz.com kutubxonasi

берипти. Тандырдың кәраматлы екенин де айтыпты. Ғәррем жолдасы мына сөзди еситe сала ғәриптиң жатқан тандырына келип, ишине кирип бул да жата береди. Сол күни ақшам жолбарыс, қасқыр, түлки ҳәм тышқан өзлериниң дүньяларынан айырылып тандырдың қасына келип ойласыпты. Сонда түлки:

— Усы тандырда бир бәле бар шығар, көрейик, — деп қасына жолдасларын ертип, тандырға барып үңиле бергенде, ишинде адамның жатырғанын көреди. Олар бас салып ғәрремди турған жеринде жеп қояды. Сөйтип, ғәрремниң ғәрип жолдасына еткен ғәрремлиги өз басына жетипти. Ғәрип жигит патшаның қызы менен бахытлы турмыс кеширип, бала-шағалы, үбирли-шүбирли болып, мурат-максетине жетипти.

## СЫЙҚЫРЛЫ САЗАН

(Р-21, №1075)

Бурынғы өткен заманда бир балықшы баба менен кемпири болыпты. Олардың жаратқаннан тилеп алған жалғыз баласы бар екен. Есигинде бир пышығы, бир күшигинен басқа нәрсеси болмапты. Жар басында жарты ылашық болып жасап, ата кәрин тутқан үй ийеси өзиниң балықшылық кәсибинен хәр күнги несибесин таўып отырады екен.

Балықшы бабаның қазасына күнде үш балық ғана түседи екен. Үш балықты кемпири, баласы үшеўи жеп, сорпа-суўлығын пышығы менен күшигине берип, аўқат етип отыра берген. Бир күни баласына:

— Мен болсам қартайдым, енди сен де ата кәринди үйрен. Бизлерди асырайтуғын ўақтың болды. Жүр, қазаны бирге барып қарайық, балам, — дейди баба.

Баласы менен екеўи барып қазаға шолпы салады. Сөйтип күндеги үш балығын алады. Қазаның әреби тағы дирр ете қалды. Баба пақыр тағы шолпы салды. Қараса, бир жағы алтын, бир жағы гүмис сазан балық түскен екен. Бабаның жүреги жарыла жазлап, қуўанышы қойнына сыймай, балықты жипке дизип баласының қолына береди.

— Ал, балам, балықты суўға салып, өлтирмей услап тура бер. Мен ханға барып сүйинши сорап келемен, — деп, ол жуўырып-жортыўы менен ханға кетеди. Ханға барып өзиниң келген жумысын баян етеди.

Хан:

— Бәрекелле, олай болса, алып келиң бул әжеп балықты, — деп, бабаның үстине жипек шапан жаўып, қолына бес-он тилла пул берип ҳүрметлейди.

Баба өзиниң келген жолына түсип, қазаға қарай жол тартады. Балықшы баба жүрип келе берсин, енди балаға келемиз.

Баланың қолындағы балық туўлап, суўды шолпыта берди. Оннан соң бала балыққа қарап турып:— Ҳай, жан ийеси, сени әкем ханға берип бес-он тилласын алар. Ол бизге ҳеш зат болмас. Мен ғой сени уўайымлап турман. Сениң тийтимдей етинди ханға жегизгеннен не болар, оннан да босатып жибере берейин, саған жақсылығым сол болсын, — деп өзи айтқанындай сазанды босатып қоя береди.

Бир мәҳәлде баба келип:

— Балам, қудай берип хан маған сарпай жапты, бес-он тилла берди. «Және де сыйлық беремен, балықты тирилей алып кел» деди. Абайлап ғана алып жүрейин, балықты бер балам, — дейди.

Бала:

— Әй, ата, бир жақсы балық екен, қыйналып туўлай берди. Мен оны аяп кетип суўға қайтадан жиберип қойдым, енди не қылсаң өзиң бил, — деди.

Баба қәҳәри келип, қатты ашыў қыстап:

— Мен енди ханға не айтаман. Хан ийем мени өлтиреди, қараптан-қарап өтирикши болып қалдымғо. Бүйткен кәриңнен, маған сендей бала керек емес. Тур, жоғал көзимнен, бездим сеннен, — деп урып, жылатып баласын қуўып жибереди.

Бала тәўекел етип, буған да қайыл болып, кәлте таяқты белине салып, узақ жолға раўана болады. Көп жерлерге барғанда алдынан өзи қусаған бир жолаўшы жигит шығып, екеўи сәлемлесип қол алысады. Жолда кетип баратырып екеўи ҳал сорасып, бир-бирине басынан өткенлерин айтысады. Анаў жигиттиң белинде жарты шөреги бар екен. Соны екеўи бөлип жеп отырып, айырылмас дос болыўға ўәде байласады. Сөзлери жарасып, бирин-бири дос тутынып, тапқан несибелери — жарты болса жарып, пүтин болса бөлип жейтуғын болады. Соннан соң екеўи бир аўылға барып, бир кемпирдиң үйине келеди. Кемпирдиң үйинде булар отырғанда:

— Ханымыздың он бес жасар қызы бар еди. Соны жақында жин урып, ханымыз қаралы болып отыр. Қаратпаған хожасы, оқытпаған молласы қалмады. Олардан дуўа болмай тур, — дейди кемпир.

Буны еситкен баланың жолдасы айтады:

— Мен ханның усы қызын оқыйман. Сен ҳәзир күниңди көре тур. Саў болсақ табысармыз, — дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Оннан соң балықшының баласы, әкемниң кәсиби балықшылық еди деп, сол аўылда қуўырдақшының қасында отжаққыш болып жүре береди. Анаў жигит ханға барып қызын оқыйтуғынлығын айтады.

Хан айтады:

— Егер қызымды оқып жазсаң, қырық түйени жүкленген зери менен, алпыс түйени артыўлы алтыны менен беремен. Отыз күн ойын, қырық күн той ўақтыхошлық етип, қызымды узатып беремен. Қызымның кеселин жаза алмасаң, басыңның кесилгенине қайыл бол. Болмаса оқыма, — дейди.

Жигит қайыл болады. Кеселин көриў ушын қыздың қасына барса, аяғына кисен, мойнына буғаў салынып, аўзынан көбик шашып, жалаңаш қутырып тур екен. Жигит қызды оқыўға кириседи. Еки күн, еки таң оқығанда, қыз есин билип:

— Япырмай! Мениң әкем сондай-ақ жарлы болып қалған ба? Бир жұрттың ханы еди ғой, мени неге бүйтип жалаңаш қойыпты? — дейди.

Буны еситип ханның тоқаллары, ханға барып, қызының айтқан сөзин айтады.

Хан хабарды еситкенен қуўанып, қызын илле менен пиллеге бөлеп таслайды. Қызды және еки күн, еки таң оқығанда, ол әбден айығып, мойнындағы буғаўын, аяғындағы кисенин алдырып, оқыған жигитке хызмет қыла баслайды. Және бир күн оқығанда баяғы кәддине келеди. Оннан соң хан ели-жұртын жыйып, отыз күн ойын, қырық күн тойын қылып, қыз бенен жигитке бөлек отаў тикти. Жигит баяғы достын шақырып алады. Ол да қуўырдақшының отын жағып, он-он бес манат тапқан екен. Табысы өзине жетерлик екен.

Арадан неше күн өткен соң жигит ханнан жуўап сорады. Хан көп дүньялар берип қырық түйеге зер, алпыс түйеге алтын арттырып, қызының жасаў-жыйғысын, арнап тиккен ақ отаўын берип, жұртына қайтарды.

Енди булар өз алдына бир көш болып жолға раўана болады. Баяғы қосылысқан жерине келип, ақ отаўын тигип, бирнеше күн демалды. Сол жерге балықшының баласы екеўи барлық дүньяларын тең бөлип алғанда, тек ғана қыз аўысып калады. Балықшының баласы:

— Мына дүнья маған жетеди. Сен өзиң жазған қызды өзиң ал, — дейди.

— Жоқ, мен алмайман. Сениң менен ўәде байласқанда, жарыны жарып, пүтинди бөлип аламыз деп шәртлескен едик. Мынаў қызды да тең бөлип жартысын сен, жартысын мен аламан дейди, — жигит.

— Хаў, жора, сен қалай-қалайсаң? Тири жанды жарған соң, ол өлип қалмай ма? — дейди.

Жигит оны тыңламайды. Қыздың аяқ-қолын еки терекке керип байлап, қылышын қолына алып шабыў ушын умтылғанда, қыздың аўзынан лақ етип қара жылан топ болып жерге түседи. Оннан соң жигит достына айтады:

— Буны өлтирип мени қудай урып па? Буны жин урыўға себеп болған усы жылан еди. Бул жылан сыртқа шықпағанда, ол тағы да жинли болатуғын еди. Шабаман деп қорқытпағанда жылан да түспейтуғын еди. Енди барлық зыяннан қутылды. Мынаў дүнья да, мынаў қыз да сеники. Баяғы бир жағы алтын, бир жағы гүмис сазан балық мен едим. Сен маған жақсылық етип, өлимнен қутқардың. Мен де сениң алдыңнан шыққаным еди, — дейди.

Сөйтип турғанда жигит:

— Я балық боларман, я халық боларман, — дейди де көзден ғайып болады.

Бала аң-таң болып хәм өз жақсылығының алдынан шыққанлығына қуўанып, үйине қарай асығады. Көш тартып өз аўылына келеди. Баяғы жар басындағы жарты ылашықтағы қартайған ата-анасы менен қайта табысып, жаман жарты ылашықтың орнына, ақ кийизден жабылған саўлатлы ақ отаўларын тигеди. Ата-анасын кийиндирип, жасандырып, аўылының жасүлкенлерине сәлемге барады хәм ақсақаллардың пәтиясын алып, қудай қосқан қосағы менен мурады-мақсетлерине жетеди.

## АЛТЫН ТАЎЫҚ
(Р-49, №66)

Бурынғы өткен заманда хәўли-хәремли, бағыў бақшалы, төрт түлиги сай бир бай болыпты. Онын еки ҳаялы болыпты. Бәйбишесинен Әсен, Үсен, тоқалдан туўылған Есен деген үш улы болыпты. Олар хешнәрседен хабарсыз, азаннан кешке шекем ойын-күлки менен өмирин өткерип жүре берипти.

Бир күнлери бай бақшаның ишин аралап, хәр бир түп мийўениң көринисинен денеси балқып, мәзи-майрам болып жүрсе, бир түп жүзим мийўесиниң жартыланып қалғанын көреди. Сол ўақытта бай әри-бери жүзим бағының әтирапын айланып, көз салады, бирақ хеш нәрсе таба алмай, үйине қайтады. Үш баласын шақырып алып:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бүгин жүзим бағына кирдиңлер ме? — деп сорайды.

Бай балалардың «барғанымыз жоқ» деген сөзине инанбай, олардың жүрип кеткен жалаң аяқ изин шөп пенен өлшеп те көреди. Онының менен турмай, балаларын жүзим бағына ертип барып:

— Көзиңизге не илинсе, соны услап алың, — деп алдын ала ескертеди. Булар ҳәммеси бағдың ишин жапатармақай қарап, я адамның, я басқа бир заттың жүргенин көрмейди. Ақырында бай балаларына қарап:

— Маған ким душпанлық қылыўшы еди, буны биреў қасақана ислеп жүрген шығар, — деп, бир нәрсениң хабарын сезгендей таңлана сөйлейди.

Балалар да атасының әлленемелерди ойлап, тарығып турғанын билип, үшеўи жүзим бағын гезеклесип қараўыллаўға атасынан рухсат сорапты. Бул сөз байға да мақул түсип:

— Онда бүгинги түн бағды қайсың гүзетип шығасыз? — дейди.

Сонда үлкен баласы Әсен:

— Ата, биринши гезекти маған бер, — деп, жүзим бағды бир күн қорыўға тайын екенин билдирип, белсенип турады. Бирақ Әсен жүзим бағын түн жарпысына дейин қорып отырып, таң алдында көзи илинип кетеди. Орнынан турып караса, уллы сәске болып қалған екен. Аяғын әлтек-дәлтек басып, бағды серлесе, белгилеп қойған орнының басқа жеринен тағы да омырайтып жеп кеткенин көрипти ҳәм буның не екенин де сезбей қалыпты. Шаңқай түсте атасына барып, болған ҳәдийсени буйынтықламастан, ашық баянлайды. Бай баласының ислегенине кеўли толмай, оған ашыўлы түрде кейинип, екинши баласы Үсенди шақырып алып:

— Балам, сен гезегиңе бүгин ақшам жүзим бағды қорып шығасаң, — деп буйырады.

Бала атасының усы сөзи бойынша келеси күни қолына бир шелек суў алып, жүзим бағына келеди. Ол да түни менен гүзетип турған еңбегин күйдирип, қалғып отырып, қәпелимде таңның алдында уйқылап қалыпты. Күндеги ўақты бойынша қус келип, жүзимди тағы жеп кетипти. Сөйтип бул күни де оның қандай мақлуқ екени анықланбай қалыпты. Бала муңайып, болған истиң жуўмағын атасына жасырмастан айтып берипти. Бай балаларының қылған исине өкинип, не қыларын билмей жүрсе, бул аўҳалдан хабары бар кишкене баласы Есен атасының алдына жуўырып келеди:

— Енди жуўапты бизге бериң, бүгин мен қараўыллап шығайын, — сораныпты.

Әкеси:

— Сени жин урып кетер, қорқарсаң, — деп ҳә дегеннен жуўап бермейди.

Өзиниң еле жаслығына да қарамай, қоярда-қоймай сорай бергеннен соң бай илажсыз:

— Барсаң бара ғой, — деп руқсат етеди.

Есен жүзим бағын бир ақшам гүзетип шығыў ушын қолына бир шелек суў менен тас шыра алып, күндеги ағаларының қараўыллық еткен жерине келип тура береди. Шелектеги суўды бир түп жүзимниң түбине қойып, шыраны жағып, белгисиз жанзаттың келиўин күтип отырады. Түн жарпы аўа бергенде узақтан бирнәрсе қанатын сермеп келип, жүзим бағының қақ ортасына қонады. Бирақ бала буның қандай қус екенин қараңғыда ажырата алмайды. Қус жүзимди тәўир-ақ тойғанша жеп болып, суў турған шелектиң ернегине келип қонақлап ҳеш қәўипленбестен шелектен суў ише баслайды. Оның барлық қыймылын аңлып турған бала әстен ғана артынан барып, бас салып услап алады. Таң атқаннан соң қандай қус екенин анықлап көрмекши болып, қолына ала берген ўақытта қус бирден талпынып, Есенниң қолынан жаздырылады да ушып кетеди. Лекин қустың саўрысынан еки пәри жулынып қалады.

Бала болған ўақыяның ҳәммесин қыпса сақламастан, өзиниң басы бирикпеген қысқа сөзлери менен, тутлығыңқырап атасына жеткереди. Бай Есенниң шулдирлеп, қуўанышы қойнына сыймай айтқан ҳәр бир сөзин писент қойып тыңлап, күле шырай берип, муртын қыймылдатып отырып, сол қусты қайдан болса да таўып келиў ушын балаларын узақ сапарға атландырады.

Байдың үлкен ҳаялынан туўылған балалары Есенди изине ертпей, бөлек кетеди. «Туўыспағанның түби шийки» деген деп, ағаларының берген хорлығына иши күйип, Есен де көп жол жүрип отырып, бир қалың тоғайлықтың ишинен кесип өтпекши болады. Ол тоғайлықты аралап киятырса, алдынан бир қасқыр шығыпты. Қасқыр Есенди көрип:

— Сен бул тоғайға не ушын келдиң? Бизге бир мезгиллик аўқат болайын деп келдиң бе? — депти.

Есен оған:

— Бир шыбын жанымды өзиме олжа етсеңиз, сонда ғана айтаман — дейди.

Солай етип, Есен қасқырға болған истиң жөнин баянлаў менен бирге, өз жумысының мәнисин де түсиндирипти.

Бала қасқырға унап, екеўи айырылмас дос болып алыпты. Булар әбден мәмиле болып, сырласып, истиң жөнине түсингеннен кейин қасқыр Есенниң излеген қусының Ҳәмир деген патшаның алтын таўығы екенлигин айтып, оны табыўға жәрдем бериўге ўәде береди. Ўәдени орынлаў ушын өз арқасына Есенди

www.ziyouz.com kutubxonasi

миндирип алып, бир хәпте жол жүрип, Ҳәмир патша елинин бир шетине келип түседи. Қасқыр балаға:

— Мынаў турған Ҳәмир патшаның журты. Геўгим жабыла сен ел шетине бар. Сол жерде патшанын сарайы жайласқан. Сарайда бир минар бар. Алтын таўық сол минарда алтын кетекте қонақлайды. Алсаң, тек таўықтың өзин ал, кәпеске тийме, — депти.

— Яқшы, бәрин сен айтқандай етип ислеймен, — деп, Есен алтын таўықтың жатқан жайына кирип, алтын таўықты алып атырғанда, көркем етип безелген кетекке айрықша ықласы кетип, қасқырға берген ўәдеси ядынан шығып, кетекти услағаны да сол, есиктен еки жигит кирип, баланы лаппа тутып алыпты. Жигитлер оны патшаның алдына алып барыпты.

— Бул жерлерге не мақсет пенен келдиң? Некәралы адамсаң? Не ушын мениң алтын таўығыма қол салдың? — депти сорапты патша.

— Бир қасық қанымнан кешиң, тақсыр, — деп Есен өзи сөйлеўге руқсат алып, болған ўақыяны патшаға айтып берипти.

— Егер саған алтын таўық керек болса, мен сени бир иске жумсайын. Сен Рахим патшанын журтына барсаң, онның бир орасан жүйрик Суўтулпары бар, мине усы тулпарды ер-турманы менен маған әкелип қуўыстырсаң. Егер усыны орынласаң, алтын таўық кетеги менен сеники, орынлай алмасаң, бир шыбын жаныңнан үмит үзип, гелленнен айрыласаң, — депти патша.

Бала қасқырдың үстине минип, жолға раўана болады. Бирнеше күн жол жүрип, Рәхим патшаның журтына жетеди. Қасқыр Есенге жолдың түрин айтып, бирқанша кеңеслер береди:

— Буннан кетип, сарайға бара қойсаң, тек тулпардың шылбырын кесип ал да жүре бер, ер-турманға көз де салма, қол да тийгизбе, тутылып қаларсаң, достым, — дейди.

Есен сарайдың сейисханасына кирип, айтылған сөз ядынан шығып, не де болса тулпарды барлық заты менен ала кетейин деп, ер-турманына енди қол соза бергенде қатты сес еситилип, хә демей-ақ артынан қараўыл келип, услап алады хәм урып-соғып Рәхим патшаның алдына алып барады.

Патша баланың не себептен суўтулпарды урламақшы болғанын билгеннен кейин, Есенди суўперилердиң басшысы Ғафур патшаның елине жибериўди ойлайды. Ол патшаның лақабы жер жарған жалғыз сулыў қызы бар екен. Рәхим бул қызға бирнеше жыл сыртынан ашық болып, қолға түсире алмай, ақырында гүдер үзип қойған екен. Мине, Есенди усы суўперисиниң қызын алып келиўге буйырады хәм балаға:

— Егер есабын таўып, оң сапарың келисип, маған суўперилер патшасы Ғафурдың қызын әкелип берсең, суўтулпарымды ер-турманы менен саўға етемен, — деп ықырар етеди.

Есен патшадан мәўлет алып, қасқыр менен бирге суўпери қыздың елине қарай раўана болады. Мәнзилге келгеннен кейин қасқыр баланы жаўырынан түсирип:

— Ендиги жағында қандай ҳийлең болса да, тартынбай қоллана бер, — деп, ушырасыў ўақтын белгилеп, өзи солмандағы дүт тоғайға кирип кетипти.

Есен пери қыздың ҳәўизге баратуғын жолын кеше-күндиз аңлып жатып, өлдим-азарда оны аңлаўсызда қолға түсирип алады да, ҳешкимге билдирмей, қызды ертип қаладан шығып кетеди. Сол жүрис пенен баяғы қасқырдың қалған жерине келип, үшеўи кете береди.

Олар Рәхим патшаның журтына келип жеткенде қасқыр бир силкинип пери қызға айланып, балаға:

— Сен, ҳәзир мени патшаның отырған жерине ертип барып «Буйрығыңызды орынладым, тақсыр! Енди маған Суўтулпарды ер-турманы менен бергейсиз» дейсең, ол саған айтқан шәрти бойынша тулпарды иркпей берер. Тулпарды алып, пери қызды артыңа мингестирип, кешеги жолдың сүлдери менен жайырақ жүрип кете бер. Ал мен болсам еки-үш күн той тарқағанша келиншек болып, кирип-шығып хызмет ислеп жүрермен хәм көп кешикпей, бир ай туўмаған қараңғы күни булманнан қарамды батырып, сениң изиңнен қуўып жетермен, жора, — депти.

Солай етип, қыз қәлпине келген қасқырды Есен патшаға ертип алып барады. Патшаның кеўили толып, ол да ўәдесинде турып, балаға сарпайлар жаўып, көп ҳасыл затлар менен суўтулпарын берип, Есенди олжалы, жоллы жигит қылып қайтарады. Есен де жаңағы таслап кеткен ҳақыйқат пери қызын атына миндирип алып, қыз болған қасқырды күтпестен, журтына қарай жүре береди.

Олар кете берсин, ендиги ўақыяны «Суўпериге үйлендим» деп тойды баслаған патшалықтан билиң.

Арадан бир күн өткеннен соң, патшаның бергизип атырған тойының изи тарқамай атырғанда кирип-шығып жүрген жаңа түскен келиншек қас қаққанша әбеший түрге енип кеткенин қасындағы қызлар сезип қалады. Ҳәммесиниң төбе шашы тик турып, келиншектиң жанындағы адамлар майданға тура-тура қашады. Бундай сумлықты еситкен патша ҳайран болып:

— Жин бе, шайтан ба, өзи? Из кесиң, излеп көриңлер, — деп халқына ҳәмир етеди.

Бирақ оның қайда жоқларым болғанын көрген-билген адам болмай, патша пәнт жеўи менен жағасын услап қала береди.

Қасқыр сол зым-ғайып болыўдан жол үстинен бир-ақ шығып, еки күннен соң Есенлердиң кейнинен

www.ziyouz.com kutubxonasi

қуўып жетеди. Хәмир патшаның жұртына жақынлағанда қасқыр өзиниң үйреншикли қубылмалы қылығын баслап, ирәс киснесе жер қозғалған, қуйрығы сала қулаш бир тулпар болады. Есен қыз бенен суўтулпарды қалдырып, тулпарға айланған қасқырды минеди де, тар көшениң ортасы менен түрли жүрислерге салып, қаланың ишинен арман-берман шаўып өтеди. Буны көрген есалаң адамлар тулпардың мақтаўын әбден нығызлап, Хәмир патшаға жеткереди.

Суўтулпарға қолы жеткен патша қуўанып сала береди. Ол шәртинде турып, өзиниң алтын таўығын кетеги менен қоса Есенге береди. Есен патшаның буйрығын орынлағанына шадыман болып, тулпарды сарайманларға тапсырады да, өзи жуўап алып, суўтулпар менен қызға келеди хәм ол жерде егленбестен туўылған елине қарай жол тартады.

Әдеўир күннен кейин қасқыр да Хәмир патшаның сейислериниң қолынан жырылып, бираздан соң Есенлер менен табысып, өзиниң әзелги тоғайдағы мәканына келгенде Есеннен жуўап сорап, хошласып қалып қояды.

Ендиги гәпти баяғы байдың үлкен ҳаялынан туўылған Әсен менен Үсеннен еситиң.

Олар Есеннен айырылысып кеткен соң баспаған жери, көрмеген көли қалмай, ең соңында «бирге қайтайық» деген ой менен кишкене инисиниң жолына айдай қарап, күтип жатыр еди. Ағаларының үстине Есен де жетип келипти. Келсе, олардың үсти-басы тозып, өзлериниң оғыры әбигер тартып қалғанын көреди. Есен ағаларына ғамқорлық етип, оларды жуўындырып-шайындырып, үстилерине жақсы кийимлер кийгизип, «байдың баласы» дегендей ҳалға келтиреди.

Лекин, «тойдырғанның сақалына» дегендей, еки ағасы бул жақсылыққа жаманлық пенен жуўап қайтарып, Есенниң алып киятырған алтын таўығын, суўтулпарын, пери қызын қызғанып, Есенди алдарқатып отырып, пышақ урып өлтиреди. Қыласынды қылып, ислерин питирген жигитлер алды-артына қарамастан, аўылдың жолы қайдасаң деп, барлық олжаға түскен дүнья-малларды баўырына басып, атасының жұртына қашады.

Тоғайда қалған сыйқырлы қасқыр негедур кеўили бир жаманлықты сезип, өз достын излеп, оның жұртына қарай жол тартады. Жортып киятырса, жол шетинде шықылықлаған хәккениң бир адамның гөўдесине минип-түсип жүргениниң үстине келеди. Қараса, өлик Есен болып шығады. Ол қәҳәри келип, шақалақлап күлип турған бир хәккени услап алып, Есенди ким өлтиргенин сорайды.

— Мен қайдан билейин?! Тек мениң жазығым, өликтиң үстине гезлесип қалған соң, буннан бир нәхәрленип кетейин дегеним. Оннан басқаны билмеймен ғой! Жүдә шын-шынға кетип, анығын сорасаң, ондай түкке турмайтуғын нәрсени биле бериўге қолым да тиймейди, — дейди хәкке.

Хәккениң сөзиниң зәҳәрин сезген қасқырдың қаны қайнап, хәккеге:

— Енди, адам баласын тирилтетуғын бир ғана шөп бар, ол таўда өседи. Соны таўып әкелип бересең, болмаса бир шыбын жаныңнан кешесең — дейди.

Хәкке де әри-бери суўқылдаўынан пайда түспеген соң, жаңағы кәраматлы шөпти таўып келиўге ушып кеседи, қасқыр достының қасында қала береди. Бираз ўақыттан кейин хәкке айтылған сөз бойынша ем ушын буйырылған шөпти аўзына тислеп алып келип, шөптиң суўын Есенниң аўзына тамызып, оны тирилтеди.

Есен өзин өлимнен қутқарған досты менен қушақласып көрисип, екеўи жолға раўана болып, ағаларының изинен булар да аўылына қайтады. Бирнеше күн дегенде Есен өзиниң елине жетип келеди. Келсе, үйинде той уллы басланып атыр екен. Той тарқап, изи саўылған соң Есен атасының алдына кирип барады. Әкеси хәмме ўақыялардан хабар табады. Ол көп ойланып, баласына:

— Не де болса мийнет сеники, зийнет те өзиңдики болсын, қалған жағын өзиң шеш, балам, — деп, Есенге ақ пәтиясын берип, дүньядан өтипти.

Есен ағаларының барық гүналарын кеширип, пери қызды Әсенге, Суўтулпарды Үсенге берип, өзи алтын таўықты адам қәлпине келтирип, соған үйленипти. Бәри бир, буннан кейин де ағалары оны сыйдырмай, елден көширип жиберипти. Соннан соң Есен алтын шашлы қыз ҳаялының арқасында және бир елге барып, узақ жыллар өмир сүрипти дейди.

## АЛТЫН ЖҮЗИК ХӘМ АҚЫЛЛЫ ШОПАН

(Р-1077. № 182778)

Баяғыда бир патшаның ўәзири менен шопаны киятырса, жолда жатырған бир алтын жүзикти көрипти. Сонда турып ўәзири сумлық ойлапты:

— Мына жүзикти мийнетти көп көрген адам алсын, соны айтысып болып, буған ийе болайық, — депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Онда шопан:
— Жасыңыз үлкен еди, сиз айтыңыз көрген мийнетиңизди, — депти.
Сонда ўәзир:
— Жигирма бес жасымда бир бай мени услап өгиздиң терисине салып, бир таўдың басына шығарып таслады. Бир қус келип мениң үстимнен тумсығы менен шоқып ашты. Соннан соң мен түргелип турып, жән-жағыма қарасам, тири жан көринбеди. Бир гезлери бир қоян келип алдымнан кесе өте берди. Сол қоянның изине ерип барып үлкен жолға түстим. Соннан сол жол менен жүре-жүре таўдың басынан жерге түстим, — деп ўәзир сөзин тамамлапты.
Соң шопан турып сөйлепти:
— Онда мен көрген азапларымды айтайын. Бир күни отырып ҳаялымның бетине алақаным менен бир бийдайды шертип жиберип едим, соннан ҳаялым ашыўланып мени дуўа менен қара тазыға айландырып жиберди. Ал өзи болса мениң орныма шопан болып алды.
Ойландым, қыйналдым, бир балдызым бар еди, сол ядыма түсти. «Мени адам кәлпине киргизе алар-аў» деп соны изледим. Жол жүрип бир аўылдың үстинен шығып едим, бир бай көшейин деп атыр екен. Олар көшкенде, байдың бир балтасы және бир қылышы қалды. Соны мен таўып алып, бир жерге көмдим. Жаңағы көшкен байдың изине ерип едим, мени «урлықшы ийт шығар» деп қуўып жиберди. Соннан соң мен қарамды көрсетпей изине ерип жүре бердим. Бир күни жаңағы байдың балтасы, қылышы ойына түсип, бир адамды жумсап еди. Мен соны еситип шаба бердим, сол қылыш пенен балтаны еки күнде әкелип бердим.
Буны көрип ол бай мени «бул — ийт емес, Қыдыр шығар» деди. Сөйтти де бир қалаға әкелип таслады. Сол қаладан балдызымның үйин изледим. Бир күни алдымнан бир өзгешелеў үй шықты. Соннан соң жаңағы үйдиң қасына барып едим, үйден түри ысық, мениң жубайыма уқсайтуғын келиншек шықты. Мен оған қарап қуўанып, «балдызым усы шығар» деп жатып едим. Балдызым да мени танып, күйеўине айтты:
— Мениң мынаў жездем шығар, мениң апам мақаў дуўахан еди, сол ийт қылып жиберген шығар, — деп, қара тазыны, яғный мени жети күн бақты. Әне, оннан кейин түрли дуўаны оқып, мени адам қатарына қайта қосты, — депти шопан суўық демин алып.
Ўәзир ойланып отырып, жүзикти шопанға бериўге қарар қылыпты. Сөйтип жүзикти шопан алыпты.

## ҮЙСИЗ ҚАЛҒАН ҮШ ҚЫЗ
(Р-80. №36807)

Бурынғы өткен заманда бир адам болған екен. Ол адамның үш қызы болыпты. Қызлардың шешеси өлгеннен кейин әкеси басқа бир ҳаял алыпты.
Бир күни бул ҳаял күйеўине:
— Мына қызларыңды көз алдымнан жоқ қылмасаң, мен бул үйде өмиралла да турмайман, — деп шәрт қойыпты.
Буннан кейин әкеси қызларын тоғайға ертип апарып адастырып кетипти де, өзлери үй-жайларын сатып, басқа бир жаққа көшип кетеди. Қызлар тоғайдың ишинде адасып жүрип, узақтан ийттиң үрген даўысын еситипти. Және тың-тыңлап турса, оттың жарығы көринипти. Сонда қызлардың үлкени сиңлилерине:
— От шыққан жаққа барайық па, ийт үрген жаққа барайық па? — дейди.
Кишкентай сиңлиси:
— От шыққан жаққа барайық, — дейди.
Сөйтип олар от шыққан жерге барса, бир жалғызбаслы кемпирдиң от жағып отырғанын көреди. Ол қызларды көрип, үйине қоныўға мирәт етипти. Үйинде бесик бар екен, бесикте бала да бар екен. Қызлар баланы ойнатады, кемпир оларға тамақ асып берип, кишкене қызды қасына алып жатады.
Кемпир түнде турып, қызлар анық уйқылады-аў деген ўақытта қасындағы кишкене қыздың дизесине тисин басып, қанын сора баслайды. Қыз шырлап жылап жибереди. Апалары сиңлисиниң даўысынан ояныл кетеди. Дизесинен қан ағып турған сиңлисин көрген қызлар бул кемпирдиң жалмаўыз екенин биледи. Кемпир оларды алдап:
— Мына қыздың жарасына ем иследим, — дейди.
Қызлар сонда да исенбей, таң атса, бул жерден кетпекши болады. Жалмаўыз олардың кететуғынын билип:
— Баламды жубатып отырың, мен ҳәзир келемен, — деп тисин қайрап келиў ушын таўға кетеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қызлар баланы жубатып отырып, бир үлкен сандықты көреди. Ишин ашып караса, сандықта аяқ-қолы жоқ еки адам жатыр екен. Олар қызларға:

— Сизлер бул жерден тезирек қашың! Бул кемпир — Жалмауыз. Кемпир тауға тисин қайрауға кетти. Келсе, аўҳалыңыз бизлердикинен де жаман болады, — депти.

Қызлар кемпирдиң баласын таслап кашып кетеди.

Жалмауыз үйине келсе, баласы жалғыз қалыпты. Ол баласын арқасына таңып алып, қызлардың изинен қуўады. Ең үлкен қыз жалмауыз кемпирдиң қуўып киятырғанын көрип, басындағы тарағын алып ылақтырыпты. Тарақ түскен жер дүт тоғайға айланыпты. Кемпир тоғайдан өтип, қызларға және жетип алыпты.

Сонда ортаншы қыз қалтасынан айнасын алып ылақтырған екен, айна кең дәрьяға айланыпты. Кемпир дәрьяның жағасында турып қызларға:

— Қызларым, дәрьядан қалай өттиңлер? — деп бақырыпты.

— Шеше, бизлер етегимизге кесек салып өттик, — деп жуўап берипти қызлар.

Жалмауыз сол жерде етегине кесек салып, дәрьяға түседи. Кесектин аўырлығы менен ол суўға батып кетеди.

Қызлар сол кеткеннен жүрип бир шөлистанлықтан шығады. Олар шөллеп суў излеп жүрсе, алдынан бир көлмек суў шығады. Бул көлмек — кийиклер ишетуғын суў екен. Кишкене қыз усы суўдан ишип, кийикке айланады қалады.

Киши қыздың апалары не қыларын билмей, кийикти ертип жылап кете береди. Булар сөйтип кетип баратырса, алдынан шикарға шығып жүрген, сол журттың патшасының баласы хызметкерлери менен шығыпты. Патшаның баласы қызлардың үлкенин жақтырып қалып, оны сиңлилери менен сарайға алып келеди. Ортаншы қыз сарайда ўәзирдиң баласы менен танысып, оған турмысқа шығады. Кийик патшайымның қасында қалады.

Келиншегиниң бойына ҳәмиле питкен күнлердиң биринде патшаның баласы ўәзирлерин жыйнап, дүзге аң аўлауға кетеди. Патшаның баласы шикарға кеткеннен кейин шорылардың бири патшайымды «жүр шомылайық» деп сәрҳәуиз басына ертип апарып, аңлаўсызда суўға ийтерип жибереди. Патшайым суўға батып шықпағаннан соң, ол дуўа оқып, өзи соның келбетине енип, ҳешнәрсе билмегендей болып жүре береди. Патшаның баласы да ҳешнәрсе сезбепти.

Бир күни шоры патшанын баласына:

— Мен мына кийиктиң гөшине жерикпен, маған оны сойып бересен, — дейди.

Патшаның баласы кийикти сойдыртажақ болғанда, кийик оның қолынан жаздырылып қашып, ҳәуиздиң бойына барып:

— Айрал, айрал, айралды,
Қазанға пышақ қайралды,
Тамаққа пышақ таялды,
Шыға ғой, апа, шыға ғой, — деп жылапты.

Оның даўсын патшанын баласы еситип, сәрхәуиздиң бойына келеди. Бир ўақытта суўдан:

— Кимим бар, менин, кимим бар,
Алтын айдарлы улым бар,
Гүмис тулымлы қызым бар,
Барып, жездеңе хабар бер, — деген ҳаўаз келипти.

Патшаның баласы суўды қурдымға тарттырып қараса, сәрҳәуиз түбинде ҳаялының алтын айдарлы ул, гүмис тулымлы қыз бенен отырғанын көреди. Ол перзентлерин хәм ҳаялын ертип сарайға келеди. Шорыны туттырып алып, атқа сүйретип өлтиртеди. Патшалықтағы атақлы тәуипти шақыртып, кийик болып кеткен балдызын қайтадан өз қәлпине келтиреди. Сөйтип, апалы-сиңлилер бир-бири менен жыласып, табысады. Патшаның баласы бул ўақыя ушын халқына той берип, қонағына қой берип, ел-журтының алғысын алып, мурады мақсетине жетеди.

## ЖЕЛҚАЙЫҚ

(Р-129а, №39342)

Бурынғы өткен заманда бир бай болыпты. Оның ул ҳәм қыз орнына көрген жалғыз баласы болған екен. Күнлерден бир күн, айлардан ай өтип, баласы ержетип, кәмалға келип, жигитлик мәҳәлине жетипти. Әкеси оған:

— Балам, енди саған усы аўыл-аймақтан өзимиз билетуғын орынлы бир жерден қыз айттырайық, — десе, ол хеш қызды кәлемепти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир күни жигит аң аўлаўға шығады. Сол аўылдағы қойшының баласы қой бағып жүрип, жолдан бир сүўрет таўып алған екен. Бул сүўретке шопан баланың ықласы кетип, гә қойларына қарап, гәҳи сүўретке қарап, қыял сүрип жүре береди. Оны аң аўлап жүрген байдың баласы көрип:

— Ҳа, бала, сен не затқа үңилип жүрсең? — деп сорайды.

Бала үндемей сүўретке қарап тура береди.

— Қолыңдағыны маған бер деймен, — дейди байдың баласы.

— Мен саған буны бермеймен, — дегенине қарамастан, байдың баласы шопанның қолындағы сүўретти тартып алды. Сүўреттеги қызды көрип байдың баласы:

— Сен буны қайдан таўып алдың? Кимниң сүўрети? Аты ким? — деп сорайды.

Сонда шопан бала:

— Атын билмеймен, жолдан таўып алдым, — деп жуўап береди.

Байдың баласы сүўретке қараса тап қарсы алдында турғандай бир арыў тур. Сол жерде-ақ сүўретке жабысып, оны қалтасына салып алады да, аўылына қарай қайта береди. Бул арыў баланы әбден ынтықтырады. Сүўретти көрген сайын ҳәмме нәрсени умытады, ишкенди, жегенди қояды. Жатса да, турса да, ойлағаны сол қыз болады. Ақыры жаңағы сүўретти палкер кемпирге көрсетип, пал аштырды. Сонда кемпир турып:

— Бул қыз жасайтуғын мәнзили әдеўир қашық екен. Оған барыўың саған оғада қыйын кешеди, себеби, ол журтқа пияда барыў мүмкин емес. Сен айтқан арыў — Шам патшасының қызы. Қызға барыўды анық нийетлеген болсаң, әкеңиздиң жыйнаған зерлеринен зергерге апарып, желқайық соқтырасыз. Сол қайықта барыў үш айшылық, қайтыўы үш айшылық, азық-аўқат дүзеттирерсиз. Сапар етип баратырғаныңызда, алдыңыздан бир үлкен таў шығады. Сол таўдан сизиң желқайығыңыздың өте алмай қалыўы мүмкин. Желқайығыңыз ушып барған жеринде қонарсыз, барып жеткен таўыңызда мәкан етип жатарсыз. Таўда жасаўшы қарақус бир күни уяда жатып, адамзаттың ийиси шыққанын билип саған келер. Бул қустың аўқатына сен бир қойдың гөшин берерсең, оннан соң ол сени таўдан өткерип салар. Сонда сен «мени қайтарсын да өткерип сал» деп қусқа айт. Қарақус саған бир пәрин жулып берер. «Мине, усы пәрди түтетсең, мен таяр боламан» деп көзиңнен ғайып болар. Сен сол кетистен Шам патшасының елине барарсаң. Патшаның қызының жүзиниң нуры менен түнде де күндиздей болып, базар болып турады екен, — деп палкер кемпир сөзин таўысты.

Әне, бала кемпирден еситкен әңгимесин әкесине айтады. Сонда әкеси:

— Балам, сен усы сорамақта кимниң қызын қәлейсең? Тап сениң өзиңниң қәлеген қызыңды қанша десе де қалыңына турып, алып берейин. «Алыстан арбалағанша, жақыннан дорбала» деген ата-баба. Ҳаў, я биз болып, я ел болып, ким қайдағы ҳаслы-нәслин, ата-тегин билмейтуғын жердиң қызына ҳәўес болып не қылайын деп единң, балам? — дейди.

Бирақ бала тек сол Шам патшасының қызына ашық екенлигин, ал басқа қызға көз-әм салмайтуғынлығын айтады. Ақыры, бай жан дегенде жалғыз баласының айтқанын орынлап, зергерге зер апарып, бир жақсы желқайық дүзеттирип береди. Бала үй ишине алты айшылық жолға азық-аўқат топлап, әке-шешеси менен хошласып, Шам патшасының журтына қарай рәўана болады.

Бала сол кеткеннен кетеди, баяғы палкер кемпир айтқан таўға күни-түни жол жүрип, еки айдай ўақытта жетеди. Желқайық пенен арман ушады, берман ушады, ҳешқандай өтиўге жол таппайды. Кемпирдиң баяғы сөзи ядына түсип таўда қонады. Таң атып, ала геўгим болған ўақытта қарақус балларына:

— Адамзаттың ийиси шықты ғой, — деп уясынан далаға қарай ушады. Желқайықта уйқылап атырған жигитти көреди.

— Сен не қылып жатқан жансаң? — деп ол жатқан жигитти оятады.

Жигит көзин ашса, баяғы палкер кемпир тәриплеген қус екен.

— Мен алыс жолдан киятырман. Сизге базарлыққа бир қойдың гөшин тутас әкелдим. Және мени усы таўдан өткерип салсаңыз, деген өтинишим-әм бар, — дейди жигит қусқа.

— Желқайығың менен қоса мениң арқама жайғас. Еки көзиңди жумып, мен «көзиңди аш» дегенде ғана ашасаң, — дейди Қарақус.

Жигит қуўанып, буған қайылшылық билдиреди. Әне, ушып киятырып, қус бир мәҳәли «көзиңди аш» дегенде жигит көзин ашып қараса, таўдан өтип турғанын көреди. Қус бир пәрин жулып берип:

— Сен киятырғанда усыны түтетсең, мен тайын боламан, — дейди де көзден ғайып болады.

Жигит ары қарай өз жолын даўам етип кете береди. Күн жүрди, түн жүрди, еки ай дегенде Шам патшалығының шетине жетти. Ол желқайықты бир сайға түсирип, сол жерде күндиз бола берди. Күн батқаннан кейин қалаға барып еди, патшаның хызметкерлери оның қызын үлкен минардың басына тахтырәўаны менен апарып қойғанын көреди. Сөйтип, қыздың жүзиндеги пердени ашып жиберип еди, ай десе аўзы бар, күн десе көзи бар, алтындай жарқыраған нур жүзли бир қыз болып шықты. Қала халқы

www.ziyouz.com kutubxonasi

түнге карай усы қыздың жарқыраған нуры менен күндиз жүргендей болып жүреди екен. Таң атқаннан кейин қызды қайтадан минардан түсирип, үйине апарады. Қала халқы түнде жумыс ислеп, күндиз уйқылайды екен. Буны көрип турған байдың баласы қыздын сарайына билдирмей әсте-ақырын барады.

Қызды оятады. Қыз жүрек етип сарайына кирип келген бул жигиттиң мәртлигине ҳәм мәрдана қәсийетлерине кеўили толады. Екеўи бирден-ақ тил табысады. Жигит өз журтының үш айшылық жерде екенлигин, қызға ашық болғанлықтан усы узақ сапарға қайыл болып шыққанлығын айтады. Патша қызы желқайықты көрип «бул не зат?» деп сорайды. Жигит өзиниң усы қыз ушын соқтырған көкте ушатуғын желқайығы екенин айтады.

— Жүр көрейик, — деп қыз желқайыққа барады. Барып қайыққа минген ўақытта бала желқайығын қозғап жибереди. Сөйтип, көкте пәрўаз етип, өз журтына қарай уша береди. Баяғы таўға келгенде пәрди түтетип жибереди, қарақус тайын болады. Қарақустың арқасына минип, көзин жумып еди, ҳәпзаматта таўдың арғы жағына өтеди. Көзин ашады, қарақусқа және бир қойдың гөшин береди. Сол жерде бул қүдиретли қус пенен хошласып жүре береди.

Бирнеше күнлерде өз журтына да келеди. Келсе, баланың ата-анасының дүньядан өткенине үш ай болған екен. Жигит ишинен қан жылап, ата-анасының ас-абатын берип, әкесиниң дүнья-малы менен үш-төрт жылға дейин талап ислемей жата береди.

Күнлерден күн өтип, айлардан ай өтип, баяғы әкесинен қалған дүнья-малы таўсылып, аш-әптада күйге түседи. Жигит келиншеги менен ойласық қурып, ендиги өмир ҳаққында ойласты. Ҳаялы қойлардың, ешкилердиң жүнлеринен алаша тоқып, арқан дүзетип базарға сата береди. Ол күйеўине:

— Сен дәрбент жолдың бойында отырып, өткен-кеткен жолаўшыларға, саўдагерлерге пал ашып бере бер. Жолын өзим үйретемен, — дейди.

Жигит ҳаялының сөзи бойынша жолдың дәрбентинде пал ашып отыра береди. Бирақ өткен-кеткен адамлар буған пал аштырмайды.

Ол ҳаялына келип ҳешким буған пал аштырмайтуғынлығын айтады. Ҳаялы:

— Ертең бир кәрўан өтеди, сондағы ақ боталақты шөгирип алып қал. Таса жерге апарып байла. Соны сорап, пал аштырыўға кәрўан ийелери келер. Сен оны қарақшылардың бир буйынтық жерге жасырып қойғанлығын айт та, өзиңниң апарған жеринди силтеп жибер, оннан кейин сениң жолын ашыла береди, — дейди.

Ертеңине узақ журттан келген саўдагерлер кәрўаны менен өтип кете береди. Кәрўанның соңында киятырған ақ боталақты палкер жигит изде қалдырып, шөгиреди де тоқтатады. Кәрўандағылар бул исти билмейди. Кәрўан анық алыслағаннан кейин жигит ақ боталақты көзден таса жерге жетелеп апарып, аяқларын буўады да, келип орнына отыра береди. Жаңағы саўдагерлер бир жерде демалып отырғанда, изде киятырған боталақты жоқлайды. Жолдағы отырған палкер жигитке пал аштырмағанына өкинеди. Сөйтип, қайтып келип пал аштырады. Сонда палкер:

— Сизлер көп ўақытлардан берли усы жолдан өтетуғын саўда кәрўаны екенсиз. Сизлерге қаслық етип жүрген қарақшылар бар екен. Әне, сол қарақшылардың биреўи ақ боталағыңды жолдың шығыс тәрепинде дейин бе, ямаса батыс тәрепинде дейин бе, бир жерге шөгирип, аяқларын буўып қойыпты, — деп кәрўанды силтеп жибереди.

Кәрўан көп жүрип зорға ақ боталақты таўып, палкер балаға бир түйеге артқан зерин береди. Ол заманда ақ боталақ қымбат турады екен. Сөйтип, саўда кәрўаны мәнзилине қарай жол тартып кете береди.

Бир күнлери патшаның алтын жүзиги жойтылады. Патша талай палкерлерди шақыртып, пал аштырады. Бирақ, олар таба алмайды. Сөзден-сөз шығып:

— Пәлен деген жерде жолдың дәрбентинде бир палкер жигит отыр, бир тапса, әне сол жигит сизиң алтын жүзигиңди таўар, — дейди саўдагерлердиң бири.

Патша ҳәмелдарларын жиберип, палкер жигитти алдырмақшы болады. Тапсырманы еситкеннен кейин олар палкер жигитке келеди. «Патша жиберди» дегенди еситип жигит қорқып кетеди. Ол «өлген жерим усы шығар?!» деп, өмирлик жолдасы менен хошласыў ушын үйине келеди.

— Сен «палкер бол» деп басыма бир бәле салдың. Қаяқтағы қолымнан келмейтуғын талапты қылыўға мәжбүрледиң. Енди мени патша шақырып атыр, оған барып мен қалай пал ашаман? — дейд ҳаялына.

Сонда ҳаялы:

— Патша шақырса, бара бер. Әне барып, қырық күн мәўлет сора. Хызметиңе еки ғошшақ жигит сорайсаң. Ерекке отаў тиктирт. Сол жатқанда сени аңлыўға қырық қарақшы келер. Патшаның жойтылған алтын жүзиги солардың қолында. Қарақшылар отаўыңның қасына келип ойласады, сонда сен олардың түрин танып қала бер. Олар саған төрт ләген тилла берер, оны алма, он ләген тилла берер, оны да алма. Қырық ләген тилла берер, сонда аларсаң ҳәм жүзикти де берер. Отыз тоғыз күн дегенде патшаның дәўлетқусын алдыр, сөйтип адам жоқта қустың аўзына алтын жүзикти сал да жибер. Қырық күн

www.ziyouz.com kutubxonasi

дегенде патша сени алдырар. Сонда сен «алтын жүзик дәўлетқустың ишинде» деп айт. Сонда ол дәўлетқусты сойдырар, алтын жүзигин алып берерсең, — дейди.

Палкер жигит патшаға барып, ҳаялының айтқанын ислейди. Патша қырық күн мәўлет береди, қасына хызметине еки ғошшақ жигит қосады. Палкер жигитке ерекке отаў тигип береди. Жигит отаўда күндиз уйқылап, түнде ояў жата береди. Арадан анық жигирма күн өткенде қырық қарақшы отаўға жақын жерге келип, ойласық қурып отырады.

— Сен бар да, мен бар, — деп шаўқым шығарып турғанын палкер жигит еситеди. Соңында қарақшылардың арасынан биреўи шығады. Ол үйге жақын келгенде иштен «орта бойлы, сары жигит» деген даўыс шығады.

— Мени билип қойды, сен бар, — деп екиншисин жибереди.

Екиншиси барғанда «узын бойлы қара жигит» деген иштен даўыс шығады. Әне, усылай етип қырық қарақшының да түр-түсин айтады.

Қарақшылар «бизлердиң бәримизди де билип қалды, енди барайық» деп ҳәммеси де ишке киреди. Қырық қарақшы палкер жигитке:

— Төрт ләген тилланы, жүзикти берейик, патшаға айтпайсаң ба? — дейди.

— Айтаман, — дейди палкер жигит.

— Қырық ләген тилланың қасына және алтын жүзикти берейик, — дегенде:

— Ал, енди келистик, — дейди палкер.

Қырық қарақшы өлим жазасынан қутылғанына қуўанып кетеди.

Отыз тоғыз күн болды дегенде патшаның дәўлетқусын алдыртады ҳәм жүзикти жуттырады. Ертеңине, патша палкер жигитти шақыртып алады.

— Қәне, бала, алтын жүзикти таптың ба? Таппасаң, өзиң өлимдар, дүнья-малың патшалық,— дейди патша.

— Тақсыр, сизиң алтын жүзигиңизди мынаў дәўлетқус жутып қойыпты. Палға усы ҳәдийсе түсип тур. Енди сиз, дәўлетқустан кешиңиз ямаса алтын жүзигиңизден кешесиз, — дейди.

Дәўлетқус кийели қус еди, сонда да патша дәўлетқусты сойдырады. Айтқанындай, ишинен алтын жүзик шығады. Патша палкер жигиттиң хызмети ушын оны бас ўәзир етип тайынлайды.

Патшадан дәўлетқусы кетип, оның дәўлети қайта баслайды. Бир күнлери ол тахтқа да отыра алмайтуғын ҳалға келеди. Ол өз қәтесин түсинип, дәўлетқус ушыртыўға мәжбүр болады ҳәм тахтты босатады. Дәўлетқус ушырғанда ол баяғы палкер жигиттиң, яғный соңғы бас ўәзирдиң басына келип қонады. Сөйтип, палкер жигит патша болып, үш күн, үш түн той берип ҳаялы ҳәм ели-халқы менен бирге мурады-мақсетине жетеди.

## АЛТЫН БАЛЫҚ

(Р-479, №176422)

Бурынғы өткен заманда, Мысыр деген шәҳәрде Махмуд деген патша болады. Сол патшаның қол астында бир кемпир менен ғарры өмир сүрипти. Олар балық аўлап күнелтеди екен. Кемпир менен ғаррының бир қызы болыпты. Қызы он жасына келгенде үшти-күйди жоқ, ғайып болып кетипти. Арадан жыллар өтипти. Ах урып, шартәрепти гезсе де, кемпир менен ғарры қызынан дәрек таппапты. Арадан төрт жыл өтипти. Кемпир менен ғарры алтын айдарлы, ай десе аўзы бар, күн десе көзи бар бир ул балалы болыпты. Оның атын азан айттырып, Ибрайым деп қойыпты.

Ибрайым ақыллы, ғайратлы батыр бала болып өсипти. Он жасына келипти. Күнлерден бир күни атасы менен балық аўлап жүргенде Ибрайымның аўына бир алтын балық түсипти. Алтын балықты алып, атасына билдирип былай депти:

— Ата, мен бул балықты патшаға апарып берейин, алтын балық патшаға ылайық ғой. Мени патша ўәзири етип алмас па екен? — депти.

Сонда әкеси:

— Балам, бул балықты патшаға апарма. Биреўлер душпанлық етип жүрер. Патшаға бергеннен алтын балықты суўға жибер,—депти.

Бала «балықты суўға жибердим» деп әкесин алдап, оны патшаға апарып береди.

Сол күннен баслап патша балықты ҳәўизге салып, сақлай береди. Ибрайымды хошаметлеп, сыйлықлап жибереди.

Патшаның сегиз ўәзири бар еди. Олар Ибрайымның келешекте патшалықтан орын алатуғынын, ақыллылығын байқап, оны қуртпақшы болды. Сөйтип, ойласық қурды. Ойласып-ойласып бир сумлықты

www.ziyouz.com kutubxonasi

ойлап тапты. Ўәзирлердиң патшаға келип сондағы айтып турғаны:

— Турады патшасына келип, кетип,
Күтпейди бул баланы енди нетип,
Өзиниң ақыл айтқан ўәзирине,
Кетеди патшаның кеўли ерип.

Жер жүзин жарық қылған күн ҳәм айым,
Жети журтты бийлеген патшайым,
Сегиз ўәзир сегиз күн ақылласты,
Бизлерге сениң ушын болды уайым.

Сөзимди тыңласаңыз усы ўақта,
Унайды ақыл затқа не айтсаң да,
Бай болсаң төрт түлигиң түўел патша,
Балықты өлтирместен мәңги сақла.

Бунда турып бул балық күнин көрмес,
Бул суўда узақ жасап өмир сүрмес,
«Былғары» деген суў бар бул дүньяда,
Ол суўдың турған жерин ҳеш ким билмес.

Ол суўдың билдирейин енди жайын,
Патшамыз «табылмас» деп қылма уўайым,
Балықты әкелген жан әкелмей ме,
Сол ғаррының баласы Ибрайым.

—Тез шақыр Ибрайымды, келсин, — дейди,
Мениң бул хызметиме көнсин, — дейди,
Биреўи Ибрайымды шақырады,
— Тез сени патша үйине келсин, —дейди.

Шақырған соң жуўырып келди бала,
Әдеп пенен сәлемин берди бала,
Алдында қол қаўсырып тура қалды,
Салдың деп қандай күнге аллатала.

— Сен бала қулақ салып мени тыңла,
Бар дейди «былғары» суў бул дүньяда,
Дүньяның төрт буршына излеў салып,
Сол суўды тезден таўып әкел мында.

Ҳеш адам сеннен басқа табалмайды,
Тар кешиў, табан жолға баралмайды,
Сол суўды тезден таўып әкел бала,
Ҳаўызда балық күнин көре алмайды.

Ибрайым буны еситип шығып кетти,
Үйине жыламсырап жетип кепти,
Бир қайғы ғәрип басқа тағы түсти,
Изле деп «былғары» суўды ҳәмир етти.

Аман бол, ели-журтым, ата-анам,
Алладан басқа жоқ ғой мениң панам,
«Былғары» суў излеп кетемен енди дүзге,
Табарман ол суўды қай жақлардан?

Патшамыз буйрық етти, илаж бар ма?
Көретуғын енди маған жарық қайда?
Көп жасап жасы жеткен ғәрип атам,
Бул суўды бир еситкен жериң бар ма?

— Әўелден бул балықты тасла дедим,
Өзиңе биреў қылар кәсте, — дедим,
Мен сени енди балам көре алмаспан,
Өмиримде бундай суўды еситпедим.

Тура тур еситпесең сөзге айналып,
Мен енди тез излейин ыңғайланып,
Ҳақ пәтиянды берeғой, жан, ата,
Келермен тири болсам бир айланып.

— Ҳәй, балам, ырастан да кеткениң бе?
Қартайып жасым мениң жеткенинде,
Қудайға зарлағанда берген балам,
Қаңғырып жақты көрмей кеткениң бе?

— Қарамай мениң жасыма,
Қудай салды басыма,
Ел-халықтан бала табылар,
Ермек қылсаң қасыңа.

Мен енди турмай кетейин,
Буған не ҳийле етейин,
Басыма қудай салған соң,
Жәҳән гезип өтейин.
Бизге жүрер жол болды,
Жүрегиме қан толды,
Қудайдан тилеп алғаның,
Екеўиңе дақ болды.
Аман бол енди, жан ата,
Бизден кетти көп қата,
Аталық хақ кеўлиңнен,
Жалғызыңа бер пәтия.

Барса келмес жолыңыз,
Жалғыз еди улыңыз,
Өлмесек бир күн келермиз,
Сабыр әйлеп турыңыз.

Мен кетемен узаққа,
Сизлер қалдыңыз азапта,
Патша ҳүким еткен соң,
Турыў жоқ биздей бийбаққа.

Атасы ессиз болып талып қалды,
Қудайым бийшараға ғамгун салды,
Базардан излеп жүрип Ибрайым,
Кийиўге темир етик сатып алды.

Үйине етик алып келди қайтып,
Бир түйеге жеткендей азық артып,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Атасы, анасы менен хош айтысып,
Енди ертең жөнейди сапар тартып.

Таң атса Ибрайым жүреди тез,
Кемпир-ғарры қайғыға болады гез,
Ата-ана тең турып зарлайды енди,
Әлеўмет усы жерин тыңласаңыз.

— Қолдан ушты суңқарым,
Таўдан асты тулпарым,
Шының менен кеттиң бе?
Айналайын иңкарым.

Биз хызметши қулыңыз,
Жалғыз еди улымыз,
Патшаға барып келейин,
Сабыр әйлеп турыңыз.

Патшаға барып келейин,
Анығын барып билейин,
Кетермен болсаң, жан балам,
Жолыңда сениң өлейин.

Ата-анаң қалып тур,
Ишим оттай жанып тур,
Тири ғайып жалғызым,
Есиңе мени алып тур.

Патшаға барып келипти,
Анығын әбден билипти,
Ботасыз қалған ингендей,
Анасы зарлап келипти.

— Қарағым мениң қандайым,
Кеттиң бе? деп зарлайын,
Кетериң, балам, шын болды,
Патшаң алып қалмаса,
Қасыңнан мен де қалмайын.

Ибрайым деген атыңнан,
Артық туўған затыңнан,
Далада жалғыз сен өлсең,
Хабар келмес артыңнан.
Тас емшекти жибиткен,
Тар қурсақты кеңейткен,
Айналайын қулыным,
Мийнет пенен күнелткен.

Сени қудай қолласын,
Қыдыр болсын жолдасың,
Саған қаслық еткен жан,
Бул дүньяда оңбасын.

Бар шырағым, жолыңа,
Кеттиң ғой мениң сорыма,
Излегениң қулыным,
Түсерме екен қолыңа?

Қайғылы болды атасы,
Зарлап қалды анасы,
Он жасына келгенде,
Алла болсын панасы.
Хошласып енди жөнелди,
Ибрайым жалғыз баласы.

Ибрайым сол кетистен кетти, дейди,
Арадан бир неше күн өтти, дейди,
Аш болғанда қаўжырап, ҳалы кетип,
Шетине бир шәҳәрдиң жетти, дейди.

Киятырса, алдынан мал көринди,
Мал ишинде ербеңлеген шал көринди,
Сол ғаррыдан жөн-жосақ сорайын деп,
Ғаррыға әдеп пенен сәлем берди.

— Ассалаўма-әлейкум, ақсақалым,
Ел-журтыңыз аман ба, қалай ҳалың?
Ата, маған жол силте рәҳим етип,
Кеўлинде қайғысы мол бул жалғыздың.

— Мен жолды силтейин саған балам,
Әўеле, жөниңди айтшы өзиң маған,
Киятырсаң қай тәрептен, патшаңыз ким?
Қай жақларға барасаң енди балам?

— Айтайын мен жөнимди, ата, сизге,
Жол силте рәҳим етип енди бизге,
Патшамыз — Махмуд, шәҳримиз Мысыр еди,
«Былғары» суў излеп шыққанман жапан дүзге.

— Келдим мен төрт жүз жасқа, балам, тыңла,
Көрмедим «былғары» суў дегенди бул жаҳанда,
Тәўекелге басыңды пай тигипсең,
Бул исиңди жаратқан оңғарғай дә.

Деген менен, еситкенмен бурынырақта,
Қудайым дәўлет бергей бизиң баққа,
Жасыңнан көп хорлықты көре берсең,
Минерсең ақырында алтын тахқа.

Табылар ма сеннен артық көп қаңғырған,
Бар екен бир душпаның сени аңлыған,
Жол екен «Барса келмес» сениң исиң,
Қандай адам қас қылған, қудай урған?

Сен, балам, мына жолдан бурылмай жүр,
Бурылсаң барған баста мойныңды бур,
Бурылмай усы жол менен жүре берсең,
Үстинде усы жолдың бир шәҳәр тур.

Жетерсең сол шәҳәрге таң атқан соң,
Минерсең бир кемеге күн батқан соң,
Егерде жылдам барып мине алмасаң,
Кетерсең сол шәҳәрден қырық жылдан соң.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир кеме соғылғалы қырық жыл болды,
Ишине қырық жылдан соң киси толды,
Теңизден өткен адам кеме менен,
Ғәриплер бәри бирдей қарап болды.

Теңиздиң кеңлиги қырық жылшылық,
Тынық болса, тез жүрер қырық айшылық,
Ишинде кәраматлы адам болып,
Оң сапарын бере қойса қырық күншилик.

Тағы да бир жол бар, балам, аржағында,
Ол жолды салдым, балам, өз бағына,
Тоқтамай сол жол менен жүре берсең,
Бир үлкен таў көринер аржағында.

Барарсаң таў бағына қәдем басып,
Көрерсең айналаңды көзиңди ашып,
Таў емес, таў дегеним алтын қорған,
Турады көргениңде қутың қашып.

Қорғанның ишине түс, ҳалың келсе,
Басыңа түспегей әжел келсе,
Сол қорғанның ишине өлмей түссең,
Жумысың аңсат болар, қудай берсе.

Алдыңнан табан соқпақ жол гез келер,
Бир сайды киятырғанда көзиң көрер,
Ол сайдың тереңлиги сексен аршын,
Түсиўге оған нағып ҳалың келер.

Булжытпай бул сөзлерди тыңла, балам,
Кеўлиңе ҳеш қорқыныш алма, балам,
Жағалап сай ишинен бара қойсаң,
Көрерсең бир жақсылық онда балам.

Бул ғаррыдан жолды билди Ибрайым,
Ҳәркимге ғайрат бергей бир қудайым,
Жолдың жөнин ғаррыдан еситкен соң,
Балаға тағы түсти көп уўайым.

Жуўырып бала келди жар басына,
Жылайды «жол бер» деп алласына,
Келсе, кеме кетейин деп турған екен,
Бала түсти секирип ортасына.

Ибрайым кәраматлы өзи батыр,
Тоқтамай кеме жүзип киятыр,
Баланың бахтына тынық болды,
Теңизден қырық күнде өтти ақыр.

Тағыда аржағында қырық күн жүрди,
Киятырып бир таўды көзи көрди,
Таў емес, таў дегени қорған екен,
Ҳайран болып қасында бираз турды.

Қасында бираз турды «ах, қудай» деп,
Бийшара енди өлимге басын байлап,
Қырық гез қорған үстинен өте ала ма,
Қудайына сыйынып турды бозлап:

— Өлимге қойдым басымды,
Ағыздым көзден жасымды,
Ата-анам билер ме,
Ҳәрбир басқан тасымды.
Гириптар болдым бәлеге,
Туўысқаным қай жақта?
Тилегимди тилерге,
Буннан қалай ғарғырман?
Қудайым қуўат берер ме?
Иним жоқ маған келерге,
Бийшара болған ата-анам,
Енди мени көрер ме?

Тәўекелге оқталып бираз турды,
Қудайым бийшараға қуўат берди,
Қорғаннан «я алла» деп секиргенде,
Ишине қустай ушып түсти енди.

Ишине ол қорғанның түсти барып,
Жатыпты ессиз болып үш күн талып,
Үш күннен соң орнынан ушып турып,
Тар соқпақ жолға түсти қәдем басып.

Тар соқпақ жол менен бала жүрди,
Бир сайды киятырып көзи көрди,
Жағалап сол сай менен киятырса,
Суўға келген бир қызды көзи көрди.

Ибрайым суўға барды бержағынан,
Ол қыз да суўға келди аржағынан,
Қолында қумрасы бар жаңағы қыз,
Қарайды мойнын бурып жән-жағына.

Жылап турған баланы көзи көрди,
Балаға жақынласып қызда келди,
— Атың ким? Шәҳәр қайда, патшаң ким? — деп,
Қыз болса Ибрайымнан сорайды енди.

— Айтайын мен жөнимди, апажаным,
Жапан дүзде қаңғырған ҳал жағдайым,
Патшайым Махмуд, шәҳәримиз Мысыр еди,
Сорасаң мениң атым Ибрайым.

— Мысырда қандай жанның баласысаң?
Көзиниң ағы менен қарасысаң,
Бул жерге не жумысқа келип един?
Жасыңнан бунша неге адасыпсаң?

— Сорасаң бир балықшы баласыман,
Көзиниң ағы менен қарасыман,
Атам — ғарры балық аўлап күнин көрген,
Айрылып жалғызынан ғәрип болған.

Мысырда оннан басқа балықшы жоқ,
Атадан мийрас болған балықшылық,

Апажан, хәл-дәрманым кетти мениң,
Аржағын айтыўға шамам да жоқ.

Буны еситип қыз көзинен жасын төкти,
— Қарағым, маған жақын келши, депти,
Мени урлап алып кеткен пери қызы,
Қарағым, мени танып алсаң, — депти.

Қудай-аў, усы турған иним болса,
Ата-анамды бир көрер күним болса,
Қарағым, суўдан өтип берман келши,
Секирип өтетуғын ҳалың болса.

Ибрайым еситкен соң мына сөзди,
Жас келди еки көзден қан аралас,
Қасына неде болса барайын деп,
Ибрайым суў үстинен кустай ушты.

Турған қыздың қасына келип түсти,
Сол жерде қыз бенен сәлемлести,
Ғәриплердиң кеўили суўдай тасты,
Екеўи бирин—бири әбден танып,
Муңласып еки ғәрип зар жыласты.

— Танымайсаң сен мени,
Танып турман мен сени,
Тентене болған қулыным,
Изледиң бе сен мени?

Мен кеткенде жоқ един,
Я еске алып жүрмедиң?
Ғәрип болған апаңды,
Я еситкен жоқпедиң?
Апарды үйине инисин,
Жаңа көрди тынысын,
Өз иниси екенин,
Байқады жүрис-турысын.
Ибрайым сонда сөйлейди,
Сөйлегенде бүй дейди:
— Излегеним «былғары суў»,
Бар ма, апа, сол, — дейди.
— «Былғары» суўды нетесең,
Әрманлы өлип кетерсең,
Күшиңе әбден толып ал,
Соннан соң излеп кетерсең.
Он жыл дем ал шырағым,
Мен мында хызмет қыламан,
Перилерге күң болып,
Ас писирип тураман.
Көрдиң, баўрым, түр-түсимди,
Перилер алды күшимди,
Дәмин татсаң биледи,
Тийгизбей жүр тисиңди.

Бул сөзге қулақ қояды,
Жасырынып жүреди,
Он жыл турды қасында,
Ой-ақыл толып ер жетти,
Тап жигирма жасында.

Ибрайым жасырынып жүреди екен,
Апасы ас писирип турады екен,
Үш қадақ ет әкелип үш мезгилде,
Писирип ыдысқа салады екен.

Ибрайым бир күни жатып уйқыламады,
Төсекте жатсадағы ой ойлады,
«Маған берши бул етти писирейин» деп,
Апасынан соранып ҳеш қоймады.

— Перилер билсе егер, басқа жетер,
Бермесем кеўили қалып кетер,
Ҳәмеллеп тәмин татпай писире гөр,
Билип қойса басыңды кесер, —дейди.

Ибрайым өзи батыр кәраматлы,
Аўқатты писириўге қолына алды,
Апасынан шеберликти арттырады,
Писирген ети болды аса татлы.

Писирип ыдысқа салып қойды,
Әлеўмет қулақ салып тыңлап қара,
Перилер ыдыстағы етти алып,
Апарып енди тартты тәрезиге.
Ет басым келди үш қадаққа,
Қудайым, ғәриплерди өзиң оңла,

— Бул аўқатты басқа адам писирипти, — деп,
Қыз патша ашыўланып турды сонда.
— Шолақ пери, тез барып шақыр,—деди,
Өлимге тайын болсын пақыр,—деди,
Сол замат, шолақ пери шақырады,
Жуўырып қыз бийшара келди енди.

Перилердиң патшасынан қорыққан қыз инисине қыздың кийимин кийиндирип, перинин алдына алып келеди.

— Өзим усы жаққа келгенде туўған қызым еди, — дейди ҳәм аяғына бас урып жалынады.

Патша оған рәҳим етип:

— Мейли,перилердиң арасында жүре берсин,—дейди.

Күнлерден бир күни перилер оның еркек адам екенин сезе баслайды да, гүдикленгенин патшаға жеткереди. Сонда патша шолақ перини шақырып алып, барлық перилерди суўға шомылдырып, тексерип қараўды ҳәмир етеди. Шолақ пери баланың бас кийимин шешип еди, оның алтын айдарына көзи түсти. Жүзиндеги липасын алып жибергенде, күндей сулыўлығына қарап, есинен танып қалады. Әллен

www.ziyouz.com kutubxonasi

ўақыттан кейин ол есин жыйнап патшаға хабар береди. Айдай аўзы бар, күндей сулыў, алтын айдарлы жигит екенин айтып, патшаға тәрипледи. Қыз патша буған таңланып, өзи барып көрмекши болды. Келип көрип еди, ол да ес-ақылдан айрылып талып қалды. Есин жыйнағаннан кейин, ақыл-ҳуўшы сол жигитте болып, ашық болды. Дәрриў молла шақыртып некесин қыйдырып, жигитке қыз патша тийип, заўқы-сапа сүрмекши болды.

— Бисмилла, — деди молласы,
Азан айта шығыпты,
Қасында бар жолдасы,
Молла да есинен таныпты,
Ессиз болып калыпты,
Бетине салқын суў бүркип,
Тирилтип оны алыпты,
Тирилтип алып болған соң,
Некесин оқып қыйыпты.
Минди Ибрайым тағына,
Гез келди бунын бағына,
Ас писирген апасын,
Алды тахтың жанына.
Бир неше күн болған соң,
Күн дәўирге толған соң,
Апасы менен екеўи,
Елин ойлап зарлады.
Зарлап турып патшаға,
Арыз етип барады:

— Ҳүрлиқа айым, ярымыз,
Садақа болсын жанымыз,
Бир жумыс пенен шығып ем,
Буған қулақ салыңыз.
«Былғары» суў изледим,
Енди буған инаныңыз,
Ол суў бунда болмаса,
Алла жолды онласа,
Мен оны излеп кетейин,
Ыразы болып қалыңыз.
Мында патша болдым деп,
Жүргеним болмас ойланбай,
Балам қашан келер деп,
Ата-анам жүрер қайғы жеп.

Сөйлейди Ҳүрлиқа айым аўзын ашып,
Аўзынан түрли гәўҳар маржан шашып,
«Ол суўың өзлеримизде болады» деп,
Сөйлейди Ибрайымның кеўлин басып.

— Излесең ол суў болар бизде,
Мен оны көрсетейин сизге,
Ол суўды елиңе алып барағойсаң,
Ярым-аў, бизден гүдер үзбе, — деди.

Ол суўды бир ыдысқа қуйып алды,
Шолақ перинин арқасына минип алды,
Көзди ашып жумғанша Ибрайым,
Баяғы өз елине келип қалды.

Ибрайым бир ўақытта көзин ашты,
Көзинен араласып қанлы жасы,
Еки тал шашын алып сол перинин,
Шәҳәрине қарата қәдем басты.

Ибрайым өз үйине келди кирип,
Турады ата-анаға сәлем берип,
Баласын кемпир-ғарры танымады,
Алдында турсадағы көзи көрип.

Ибрайым кеўлине алды бир алланы,
Ибрайым жыйнады енди көп молланы,
Китаптан өзинин жулдызын қарап,
Келгенин анық олар билди енди.

Атасы журтын жыйнап той қылады,
Ел-журты бул балаға таң қалады,
Келгенин баланың патша еситип,
Шақыртып бир адамнан алдырады.

Шақырған соң патшаға бала келди,
Патшаға әдеп пенен сәлем берди,
Сорасып аманлықты Махмуд патша,
Баяғы «былғары» суўды сорайды енди.

— Әкелдим ол суўыңды дүнья гезип,
Мен жүрдим ата-анамнан, елден безип,
Тазала тахтыңызды «былғары» менен,
Қудайым, жарқыратып, тақсыр, енди.

Тахтына Ибрайым суў тамызды,
Өтеди мойнындағы сол қарызды,
Алтындай суўды көрип жарқыраған,
Бул суўға барлық адам таң қалысты.

Жуўырып сегиз ўәзир келди дейди,
Айлана дөгеректе жүрди дейди,
Өшигип Ибрайымға сонда бири,
Патшаға турып жуўап берди дейди:

— Және бир тилеги бар әлеўметтиң,
Әрманы сол болады ҳасыл заттың,
«Бүлбил» менен «Күлдиргиш»ти тағы әкелсин,
Буннан да артық болар салтанатың.

Патша буны еситип сөз сөйледи,
Ашық болып еки қусқа көп сөйлейди,
«Бүлбил» менен «Күлдиргиш» жанлы нәрсе,
«Өнери оның қандай екен» деп сөйлейди.
— Тақсыр-аў, айта берсем сөз табылар,
Көзимнен сен себепли жаслар ағар,
Бүлбилдиң бир сайраған даўысынан,
Түрленип тоқсан еки күн тартылар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Айтайын Күлдиргишти патшам саған,
Тыңласаң қулақ қойып енди маған,
Дүньяның төрт буршында бәрше мақлуқ,
Ол қус келсе күледи бәри тамам.

Патша Ибрайымды сол еки қусты қайдан болмасын тез таўып келиўге жумсайды. Ибрайым ата-анасы менен хошласып, «Қырық күннен кейин айналып келемен» деп сапарға шығып кетеди.

Жөнелди Ибрайым хош айтысып,
Кетеди бир төбеден ары асып,
Еки тал шашты түтетип қойып еди,
Периси жетип келди көктен асып.

Перинин арқасына минип алды,
Шәхәрге хә демей-ақ келип қалды.
Яры менен апасы отырғанда алтын тахта,
Үстине сәлем берип кирип барды.

Ибрайым пери минип келген ушып,
Патшаңыз отыр екен оны күтип,
Келгенин Ибрайымның көргеннен соң,
Алдында хүрмет етти тахтан түсип.

Бул күнде жан туўмаған Ибрайымдай,
Тағына тағы минди он бес күндей,
Жумыс пенен келгени еске түсип,
Бир күни уйқыламады жарты түндей.

— Бул жерге патша болып өттиң,
Келемен деген шәртиңе жеттиң, — деди,
Уйқыламай неге сонша аҳ урасаң?
Ойланып не нәрсени кеттиң? — деди.

— Патшамыз еки қусқа болған ашық,
Бола ма айтқан сөзден жүрген қашып,
«Бүлбил» менен «Күлдиргиш»ти әкел деди,
Кетейин бул хәмирден қалай асып?

— Мениң апам бар еди мынаў жақта,
Ол өзи минип турған алтын тахқа,
Еншимизди әкеден бирге алып,
Кетип едик араз боп еки жаққа.

Апамда сансыз әскер турған сапта,
Баралмаймыз биз оған қарсылыққа,
Меннен оның сорап турған жери де көп,
Ол өзи артығырақ мал менен баққа.

Апамызда турыпты сол еки қус,
Ол қусларды қәйтсек те алалмаймыз,
Жерине оның жақын баралмаймыз,
Ғайрат салып, озбырлыққа шыдасқандай,
Күшине оның теңлес болалмаймыз.

Деген менен ол туўысқан, ол ағайын,
Қәйтсем де бир ҳийлени мен табайын,
Сиз бунда қонақ асы таярланлар,
Мен оны бир ҳийле менен шақырайын, —

Деди де, шолақ пери кетип қалды,
Үйине апасының жетип барды,
Аманлықты сорасып болғаннан соң,
«Сиңлиң күйеўге тийди» деп айтып салды.

— Сиз енди бизиң елге қонаққа жүр,
Сиңлиңниң тойын берип, күйеўди көр,
«Бүлбил» менен «Күлдиргиш»ти қалдырмаңыз,
Тойында үлкен қызық болсын ҳәр түр.

Перинин бул сөзине қулақ салды,
Аўзынан шыққан сөзин қабыл алды,
Күйеўин сол бийбақтың көрейин деп,
Әскер менен қайыстырып қара жерди,
Зуўлап сиңлисине жетип барды.

Сол ўақта Хүрлиқа айым ой ойлады,
Күйеўин көрсетпеўге бел байлады,
Мен буннан көримликти алайын деп,
Жасырыўға күйеўин жер сайлады.

Жасырып Ибрайымды тығып қойды,
Алдына шымылдықты қурып қойды,
Көримликке не нәрсе аламан деп,
Ойлады Хүрлиқа айым нешше ойды.

— Ярыңды көрсет маған, Хүрлиқайым,
Душпанлық етеди деп қылма уўайым,
Арнаўлы көрейин деп шығып едим,
Жақсы деп еситкеннен соң сениң байың.

— Мен оны көрсетейин саған, — деди,
Ол өзи пери емес, адам, — деди,
Жақсылап көримликти берсең маған,
Ҳәзир-ақ көрсетемен саған, — деди.

— Меннен сен көримликти алармысаң,
Сөзиме мениң айтқан инанармысаң,
«Бүлбил» менен «Күлдиргиш»ти мен берейин,
Соған сен ыразы болармысаң?

— Халқыма той бериўге жар саламан,
Сениң айтқан сөзлериңе таң қаламан,
«Бүлбил» менен «Күлдиргиш»ти берсең маған,
Мен сеннен оннан артық не аламан?

Көримликке еки қусты берди дейди,
Көреди Ибрайымдай ерди дейди,
Көрген соң сымбатына еси аўып,
Қулайды сүзе берип жерди дейди.

Тарс етип қара жерге басы тийди,
Шыдамай ашықпан деп иши күйди,
Бир ўақта апасы да есин жыйып,
Қушақлап Ибрайымның бетин сүйди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Апасы әллен ўақта қәддин тиклеп,
Сиңлисине қарата сөз сөйлейди:
— Сиңлим-аў, күйеўиңе болдым ашық,
Ҳасыл ер туўылыпты журттан асып,
Әўеле аразласып кетип едик,
Татыўласып, ал, енди қосылайық.

Сөзимниң күлме ағалар қәтесине,
Ҳүрлиқа айым берди рухсат апасына,
Бала менен қосылмақшы болғаннан соң,
Келеди ўәзириниң молласына.

Ибрайымды моллаға ертип келип,
Сол жерде неке қыйды апасына,
Ибрайым еки қусты қолына алып,
Жетиўге ыңғайланды мурадына.

Шолақ периниң арқасына минип алып,
Тартыўға тағы апарды Махмуд патшасына,
Өзиниң патшасы Махмуд Мысыры,
Өлгенше ыразы болып Ибрайымға,
Сол жерде неке қыйды өз қызына,
Ҳәм және тахтын берип Ибрайымға,
Ибрайым жеткен екен мурадына.

## ҮШ БАЛА
(Р-49, №66)

Бурынғы өткен заманда бир бай бар екен, оның үш баласы бар екен. Байдың еки үлкен баласы байбәтшеликте жүрип, хеш жумыс қылмайтуғын болыпты, ал киши баласы мал баққан падашы болыпты. Генже бала мал бағып жүрген жеринде сырнай шертиўди үйренипти.

Көп жыллар шет журтларда падашы болып жүрип, сырнайшы деген атақты алып, үйине қайтып келеди. Үйине келсе, атасы өлген, еки ағасы атадан қалған дүньяға ийе болып отыр екен. Падашы бала қайтып келгеннен кейин ағаларына:

— Атамыз өлипти, енди атадан қалған малдан маған еншимди бөлип бериңлер, — дейди.

— Атаң өлместен бурын өзиниң барлық дүньяларын жеп болды, хеш нәрсе қалған жоқ, — деди.

— Сөйтип маған хеш нәрсе бермейсиз бе? Атамнан қалған мал жоқ болды ма? — дейди.

— Атаңнан малын өзи сатып жегенин, хеш нәрсеси қалмағанын биз айтқанға исенбейсең бе? — деп падашы баланы ағалары урады.

— Бермесеңлер, жазаңызды қудай берсин, мениң сизге қылар илажым жоқ, — деп, падашы бала кете береди.

Падашы бала мал бағып жүргендеги сырнайын қолына алып, басы аўған бир жаққа кете береди. Бир күн жүреди, еки күн жүреди, ай жүреди, жыл жүреди, сонда алдында бир үлкен жай көринеди. Падашы бала «бул не қылған жай екен» деп, сол жайға барады. Жайдың ишине киреди. Ол жай дәўлердиң жайы екенин көреди. Ўақыт кешқурын екен. Бир ўақыт дәўлер келип жыйнала баслайды. Падашы бала дәўлерди көрип, өзи оларға көринбей жасырынып турады. Дәўлер хәўли жайдың ишине кирип болады, бир жерге жыйналып отырады, сол гезде биреўи ийискенип:

— Ўах, бир адамның ийиси шығады, адам келсе, не қылар едиң? — дейди.

Енди биреўи:

— Ўах, бир адам келсе, услап алып, бас-бас етип жер едик, ортаға салып, бирме-бир алып жер едик, — деди.

— Жақсы, — деп, хәммеси бирге мәсләхәт етти, келисти. Сөйтип дәўлер ийиси шыққан адамды излей баслайды.

Дәўлер излестирип падашы бала жасырынып турған орынға жақынлағанда, бала сырнайын шертип жибереди. Дәўлер сырнайдың даўысынан қорқып кетип қаша баслайды. Хәммеси дәрўазаға барады. Сол ўақытта бул үлкен хәўлиниң қапталынан көп кәрўан саўдагерлер өтип баратырған екен, сырнайдың даўысын еситип, «бул қәрада не, той бар ма?» деп, келип дәрўазаны ашып жиберди. Жүреги ушып қорққан дәўлердиң бәри дәрўазадан шыға-шыға қашып кетеди.

Жайдың ишинде сырнай шертип отырған бала саўдагерлерди көрип оларға:

— Бул қандай жағдай болды? Сеңлер патшаның қамап қойған дәўлерин дәрўазаны ашып қашырып жибердиңиз, мен сизлерди патшаға алып бараман, — дейди.

Үш саўдагер қорқып, сырнайшы балаға:

— Сен бизге тийме, бизди жибер, биз кете берейик. Саған мына бир атты берейик, — дейди.

Бирақ сырнайшы бала оған наразы болады.

— Патшаға алып бараман сизди, — дейди.

Саўдагерлер балаға жалынып, жалбарынып өтиниш етип:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сағаn мына үш атты ҳәм үш қоржын теңгени берейик, тек бизлер жиберин, иркпең, — деп соранады.

Сырнайшы бала саўдагерлерден үш ат, үш қоржын теңге алып, оларды азат етип жибермекши болады. Саўдагерлер сорағанын берип:

— Енди бизди жибер, бизге туўры жол көрсет, — дейди.

Падашы бала саўдагерлер қайтып өзин таўып ала алмасын, ислеп отырған ҳийлесин билмесин деп, оларды барған адам қайталмас бир жолға салып жибереди. Саўдагерлер солай етип белгисиз, барған адам қайтпас жол менен кете береди. Падашы бала үш жақсы ат, үш қоржын теңгени алып елине қайтып келип, елинен бир арыўға үйленип, бай болып, мурадына жетеди.

## ӘЛҲАМ ДИЙЎАНА

(Р—141, №50413)

Бурынғы өткен заманда бир патша болыпты. Патшаның жалғызы қызы бар екен. Қыз ержеткеннен кейин, оны абыройлы ҳасылзада адамлар айттырып келе баслапты. Бирақ, қыз олардың ҳеш қайсысына тийиўди қәлемепти.

Қайта-қайта сөзи сына берген патша ашыўы келип:

— Ертеңнен баслап, азанда шымшық шырқ еткен ўақытта ким де ким сарайдың алдын келип сыпырса, сол адамға қызымды беремен, — деп қалаға жар урғызыпты.

Ертеңине азанда Әлҳам дийўана деген бир киси шымшық шырқ еткен ўақытта патшаның есигинин алдын сыпырыпты. Патша ўәзирлери менен ойласып, дийўанаға қызын бериўге арсынып, «Буны не де болса қашырайық» дейди. Сөйтип, Әлҳам дийўана екинши күни есигин сыпырып атырғанда услап алып, патшаның алдына алып барыпты.

Сонда патша оған:

— Маған үш шамшырақ таўып әкелесең, сонда қызымды саған беремен, егер таўып келмесең, өзиң өлимдар, малың патшалық, — дейди.

Әлҳам еки пешин қайырып, көкиректи айырып, ақ таяқты қолына алып, «патшаның қызы да қурғай, өзи де қурғай» деп, шығысқа қарай жол тартыпты.

Бир күнлери оның алдынан бир дәрья шығыпты. Тап сол ўақыт оның песин намазын оқыйтуғын ўақты екен. Ол, намазымды қаза қылмайын деп, намаз оқыўға кирисипти. Сол ўақытта оқыған намазы қабыл болып, дәрьядан бир сары сазан суўдан шапшып шығып, бунның алдына үш шамшырақ қойып кетеди. Намазын оқып болғаннан кейин «Мен патшаның қызын алмай-ақ қояйын, шамшырақты берип қутылайын» деп, шамшырақларды қойнына салып, патшаның алдына барыпты.

Патшаның ўәзирлери: «Бул бир жүрген дийўана шамшырақты қаяқтан табады, бул патшаның ғәзийнесине урлыққа түскен шығар, буған және еки шәрт қояйық» деп келисип, оны шақыртып алып:

— Өзиң әкелген шамшырақлардай және үш шамшырақ әкелесең, — деп буйырыпты.

Басы бәлеге қалған дийўана баяғы дәрьяның бойына барып, және үш шамшырақ әкелипти.

Патша енди ўәдесин буза алмай, қызын беретуғын болады, бирақ ўәзирлер патшаның қызына: «Бул дийўана сениң теңиң емес, сен оған тийме» деп үгитлей баслайды.

Қыз ўәзирлердин Әлҳам дийўанаға жаманлық етип жүриўинен қорқып, сумлық ойлайды. Ол өзинин исенимли тәуибине адамды ўақытша өлтиретуғын дәрини таптырып, сол дәрини ишеди.

Патша ҳәм сарайдың барлық әмелдарлары қызды өлип қалды деп ойлап, жылап-сықлап жүрип, оны ақ жаўып, арыў кепинлеп көмеди.

Дәриниң күши кем-кем қайтып, қыз өзине келеди де, бир әмеллеп қәбирден шығады. Қыздың алдын-ала айтып қойған исенимли адамлары оған Әлҳам дийўананы таўып береди.

Солай етип, Әлҳәм дийўана менен патшаның қызы көзден жырақ бир жерден өзлерине қос дүзетип алып, тыныш өмир сүре береди. Арадан жыл өтип, олар бир уллы болады. Жети жасына шыққанда ата-анасы оны мектепке берди. Бала ҳәр күни оқыўға баратырып патшаның нанбайханасының алдынан өтеди екен. Усындай күнлердиң биринде оны нанға барған сарай кәнизеклеринин бири көрип қалады. Кәнизек сол күннен баслап ҳәр күни балаға еки шөрек беретуғын болады.

Бир күнлери бул хабар патшаның қулағына жетеди. Ол дәрриў кәнизекти алдына шақыртып:

— Сен не ушын маған арнап жабылған нанды бийгана балаға берип жүрсең? — деп сорапты.

Сонда кәнизек патшаға:

— Бир қасық қанымнан кешиң, тақсыр. Бул бала сизиң қайтыс болған қызыңызды есиме салды. Ол сизиң қызыңызға жүдә усайды екен, — депти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул гәпти еситкен патша хызметкерлерине баланы алдына алып келиўди буйырыпты.

Хызметерлер ертеңине баланың өтетуғын жолын аңлып, баланы тутып патшаның алдына алып келипти.

Өлген қызын сағынып жүрген патша баланы көрип, қызын көргендей болып жылап жиберипти.

— Сениң әке-шешең ким? — деп сорапты патша солығын басып болып.

— Мен Әлхам диййўананың баласыман. Мениң анам патшаның қызы екен, — депти бала.

Баланың гәпин еситкен патша оны анасының алдына алып барыўды сорапты.

Бала патшаны ата-анасының алдына алып барыпты. Патша қызы менен қушақласып көрисипти. Олар сарайға бирге қайтып, тыныш татыў турмыс кеширип мақсет-мурадына жетипти.

## ЖИГИТ ҲӘМ ҚАРЛЫҒАШ

(Р-569. № 176512)

Бурынғы заманда еки ағайинли жигит болыпты. Ағасы жүдә бай, ал иниси жүдә жарлы екен.

Иниси бир күни үйинде отырса, бир қарлығаш оның қапталына қулайды. Услап қолына алып қараса, қарлығаштың аяғы сынған екен. Жигиттиң қарлығашқа рейими келип, оның аяғының сынған сүйеклерин орын-орнына салып таңады. Қарлығаш жигиттиң үйинен дән жеп, бир айға шекем үйренисип қалады. Арадан бир ай өтип қарлығаштың аяғы жазылып, ол ушатуғын дәрежеге жетипти. Жигит қарлығашты далаға шығарып ушырып жиберипти.

Бир күни жигит үйинде отырса, баяғы қарлығаш ушып келип, аўзынан бир уўыс суўқабақтың дәнин жигиттиң алдына төгип кетеди.

Бәҳәрги егис ўақтында жигиттиң ядына баяғы қарлығаш берген туқым түсипти. Ол туқымды алып атызына египти.

Суўқабақ демде көгерип, мол ҳасыл берипти. Жигит гүз келгеннен кейин атызындағы егинлерин жыйнастырып жүрип, жақсы писken бир суўқабақты да үзип алып, суў қуятуғын ыдыс етпекши болып аўзын ашады. Қараса, суўқабақтың иши толған ақ ун екен. Қуўанып кеткен жигит унды үйине алып барып бала-шағасына жедиреди. Ун таўсылғаннан кейин жигит және бир суў қабақты ашса, иши толы алтын екен. Барлық суўқабақларды жыйнап алған жигит жүдә байып кетеди.

Буны көрген ағасы келип, инисинен бунша байлықты қалай тапқанын сорап қоймапты. Иниси қарлығаштың аяғының сынғанын, оны емлегенин, қарлығаштың оған туқым әкелип бергенин айтады.

Жигиттиң ашкөз ағасы да усындай қарлығашты таўып, байыўғысы келипти.

Ағасы үйине келип, қарлығашлардың аяғының сыныўын күтип, оларды аңлып отырады. Бирақ аяғы сынып, оның қасына ушып түскен қарлығаш болмағаннан соң, қарлығашларды үйине қамап, биреўин сипсе менен урып услайды да, аяғын өзи сындырып таңады. Сөйтип қарлығашты бир айдан кейин ушырып жибереди. Бул қарлығаш та инисине ислегендей, оған бир туқым әкелип берипти. Ол туқымды алып қуўанып, оны жақсы жерге егип әлпешлей баслапты. Бул суўқабақ та мол зүрәәт берипти.

Ағасы суўқабақты биреўин үйине әкелип ашқан екен, иши толған тезек болып шығыпты. Ол ашыўға буўлығып, барлық суўқабақларды жарып көрсе, олардың да иши толы тезек болып шығыпты. Буларды көрген бала-шағасы, қоңсылары оның үстинен күлипти. Сөйтип қарлығашқа жаманлық қылған бай ағасы журт алдында масқара болыпты.

## ДУЎАХАН

(Р-455, № 176398)

Бурынғы өткен заманда бир ғәрип диййхан менен оның кемпири жасаған екен. Олардың я улдан, я қыздан перзенти болмапты. Олар өмири бойы перзентли болыўды әрман етипти. Кудай олардың тилегин қабыл етип, бир күнлери кемпирдиң бойына ҳәмиле питип, олар бир балалы болады. Той бериўге шамасы келмеген ғарры сыпырадағы бар унынан пәтир писирип, халыққа тарқатыпты. Сол себепли балаға Қамырбай деп ат қойылыпты.

Қамырбай бес жасына толғаннан кейин ғарры баласы менен отынға бармақшы болып өзи бир арқан, баласына бир арқан берипти. Баласы арқанды атып урыпты, еки арқан берипти, алмапты, үш арқан берипти, алмапты, төрт арқан берипти, алмапты, ақыры болмағансоң:

— Ҳәй, заңғардың баласы, сонша арқан бердим, алмадың, хәр жасыңа биреўи болсын, — деп бес арқан берипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Баласы бес арқанды алып, аталы-балалы болып тоғайға отынға барыпты. Екеўи де отын шабыўға кирисипти. Атасы бир арқанлық отын шабаман дегенше баласы оннан бес есе көп шаўыпты. Олар шапқан отынларын тырмышлап арқалап үйине қарай қайтыпты. Жолда ғарры шаршап, дем алыў ушын жол шетине шығып отырады.

Бир ўақытта қара ат минген бир адам буларға қарай шаўып келе берипти. Ол баланын қапталына келгенде, төмен ийилип, баланы жерден қағып алып кетипти. Қолынан ҳешнәрсе келмеген ғарры маңлайына урып қала берипти.

Ендиги сөзди Қамырбайдан еситиң. Оны алып кеткен адам атағы шыққан дуўахан екен. Ол хәр жылы бир бала урлап алып, оны оқытады екен. Егер оқытқан баласы өзинен илгир болып шықса, оны өлтирип, ал билимсиз болса, бир жылға дейин оқыта береди екен. Дуўахан баланы үйине апарып оқыта баслайды. Бир күнлери дуўаханның ҳаялы баланы шқырып алып, оннан атын сорайды.

— Атым Қамырбай, — деп жуўап береди бала.

Дуўаханның ҳаялы баланы унатып қалып, оған:

— Сен бир қудай берген бала екенсен, бирақ басыннан бахыт тайып, жаман торға түсипсен, сени әкелген адам мениң күйеўим болады. Ол сени енди бир жыл оқытады. Бир жылдан кейин ол «Билдиң бе?» деп сорайды. Сонда «Жоқ, билмедим» деп жуўап бер. Егер «Билдим» десең, сени өлтиреди, — депти.

Қамырбай дуўаханда бир жыл оқыйды. Арадан бир жыл өткеннен кейин ол Қамырбайды шақырып алып:

— Билдиң бе? — деп сорапты.

— Яқ, билмедим, дуўахан аға, — деп жуўап берипти.

Буған дуўаханның қатты қәҳәри келипти. Ол төрт жылға дейин «билмедим» деп жуўап берипти. Бирақ дуўаханлықты оннан да өткеретуғын дәрежеге жетипти.

Бир куни Қамырбай дуўаханның ҳаялына:

— Мен төрт жыл оқыдым, билимим дуўаханның билиминен де зыят. Енди үйге, ата-анамның қасына қайтсам деймен. Мениң үйге кетиўиме жәрдем ет, — депти.

Ҳаял сол күни ақшам Қамырбайды қашырып жибереди. Бала бир неше күн жол жүрип, жол жүрсе де мол жүрип, ғәрип ата-анасы қалған елине келипти. Келсе, атасы өлип, үйинде тек жалғыз кемпири қалған екен. Кемпир баласының қайтып келгенине жүреги жарылып қуўанып қалады.

Арадан бир-еки күн өткеннен кейин бала кемпирине:

— Мен бир дуўаханның қолында төрт жыл оқыдым, билимим онын билиминен де күшли. Ертең азанда мен бир семиз серкеге айланаман, сен мени базарға апарып сат. Бирақ есиңде болсын, бас жибимди берме, болмаса, мени қайтып көрмейсең, — депти.

Ертеңине азанда Қамырбай бир силкинип, семиз серкеге айланыпты. Анасы оны жетелеп базарға әкелипти. Семиз серкени көрген қарыйдарлар дәрриў онын баҳасын сорапты.

— Серкемнин баҳасы бес жүз тилла, — депти кемпир.

Тағы да кемпир оларға:

— Серкем баққы серкедур,
Майы аққан серкедур,
Сатып алған адамнын,
Пулын қаққан серкедур, — деп жуўап берипти.

Қарыйдарлардың биреўи серкени услап көрип, кемпирге бес жүз тилланы санап берипти.

Кемпир серкениң бас жибин алып үйине қайтыпты. Қарыйдар серкени үйине әкелип, падаға қосыпты. Серке падада араласқаннан кейин, бир силкинип адамға айланып үйине қайта берипти. Буны шопан да сезбей қалыпты. Келеси базар Қамырбай боталақ болып базарға түсетуғын болыпты.

Базар күни азанда Қамырбай кемпирин шақырып алып:

— Апа, мен ҳәзир бир силкинип боталаққа айланаман. Мени базарға апарғанында, бир алакөз киси сораўы мүмкин, бирақ мени оған сатпа, сатсаң да, бас жибимди берегөрме, — дейди.

Қамырбай бир силкинип жақсы бир боталаққа айланыпты. Кемпир боталақты алып базарға барыпты.

Ендиги сөзди дуўаханнан еситиң.

Ол бир неше күн излеп, ҳеш жерден Қамырбайдың дәрегин таба алмайды. «Не де болса оны базардан излеп көрейин» деп, ол да сол күни базарға келеди. Базарды аралап жүрсе, боталақ услап турған кемпирди көрип, оған:

— Кемпир, боталаққа неше сом айтасаң? — дейди.

— Мың тилла, шырағым, — депти кемпир.

— Көп айттың ғой, кемпир, — депти дуўахан.

— Әй, шырағым, базарда мениң боталағымдай мал жоқ, — депти.

Дуўахан боталақты дыққат пенен айланып көре баслапты. Ол боталақтың көзине тигилип қараса,

www.ziyouz.com kutubxonasi

ол дуўаханнан көзин алып қаша берипти. Сум боталақтың сол өзи излеп жүрген бала екенин билип, оны кемпирден мың тиллаға сатып алыпты. Өмиринде бундай ақшаны көрмеген кемпир албырағанынан боталақтың бас жибин алыўды да умытыпты.

Дуўахан үйине келип:

— Ал, шабазым, базардан бир семиз боталақ әкелдим. Ҳәзир сойып жеймиз, — депти.

Дуўаханның ҳаялы жуўырып шығып қараса, боталақтың көзинен жас ағып тур. Буны көрип ол күйеўине:

— Сен ботаны маған бер, мен услап турайын. Үйден пышақ алып шық, — депти.

Дуўахан боталақты ҳаялына услатып, өзи үйине пышақ әкелиў ушын кетеди. Дуўахан кетиўден хаял өзиниң бармағын тислеп қанатып, боталақты босатып жиберипти де, даўысының барынша бақырыпты. Дуўахан үйинен жуўырып шығып:

— Ҳәй, үйиң күйгир, не болып қалды? — депти.

— Жаңағы әкелген боталағың қолымды тислеп алып, қашып кетти, — депти.

Дуўахан бир силкинип ат болып, боталақтың изинен қуўады. Ол енди жеттим дегенде, Қамырбай бир силкинип, бөденеге айланып ушады. Дуўахан тағы бир силкинип, қырғый болып қуўады. Қамырбай бир силкинип үйрекке айланады. Ал дуўахан және бир силкинип, лашын болып қуўады. Дуўахан енди жеттим дегенде, Қамырбай бир патшаның қызының күншуўақта моншақ дизип отырғанын көреди де, бир силкинип моншақ болып, патша қызының етегиндеги моншаққа қосылып кетеди. Сол күни дуўахан бир хош ҳаўаз бақсы болып, патшаның үйине келип, түни менен қосық айтады.

Азанда патша дуўаханға:

— Бақсы иним, ҳақына патшалықтан не қәлесең, соны ал, — депти.

— Тақсыр, қыйланбасаңыз, бизге қызыңыздың мойнындағы моншағын берсеңиз, — депти.

Патша қызын шақырып алып:

— Қызым, мына бақсы сениң мойныңдағы моншақты сорап тур, бересең бе? — депти.

Қыз, «мейли, ата» деп, моншақты мойнынан шешип атырғанда моншақ жерге тары болып төгиледи. Дуўахан бир силкинип шөжели таўыққа айланып, тарыны шөпшей баслайды. Көп тарының ишинен бир тары шоршып патшаның геўишине түсипти. Таўық тарыны излеп жүргенде, Қамырбай шағалға айланып, шөжели таўықты жеп қойыпты да қайтадан адам сыпатына енипти.

Бул ҳәдийсениң гуўасы болған патша да, қызы да қорққанынан қулап қалыпты. Қамырбай оларға дем салып, екеўин келеге келтирип, бастан кеширгенлериниң ҳәммесин патшаға айтып берипти. Патшаның Қамырбайға кеўили толып, қызын ҳәм дүнья малының жартысын оларға бөлип берипти.

Солай етип, Қамырбай төрт жыл оқып өз билимин дуўханнан да өткерип, дуўаханның ҳаялының жәрдеми менен бир неше мәртебе өлимнен қалып, патша қызына үйленип, кемпирин қолына алып мурат-мақсетине жетипти.

## ҚЫЗ ҲӘМ ҚОТЫР ТАЙ

(Р-80, № 50411)

Бурынғы өткен заманда бир байдың сулыўлықта теңсиз бир қызы болыпты. Қыз ержетип, оны дүньяның төрт тәрепинен бай-дәўлетли адамлар айттырып келе баслапты, бирақ қызға олардың ҳеш қайсысы унамапты. Әке-шешеси «келген адамлардың биреўин таңламасаң болмайды» деп қоймағаннан кейин, қыз өзинше бир ҳийле ойлап таўыпты ҳәм журтқа «кимде ким мен жасырған нәрсени таўып берсе, мен оған турмысқа шығаман» деп жәриялапты. Қыз өзиниң жақсы көретуғын, жыланның терисинен тигилген қалтасын жасырыпты. Қызға талабан көп жигитлер қыз жасырған усы қалтаны таба алмай, сүмирейсип үйлерине бос қайтыпты.

Күнлерден бир күни сол жерге жақын тоғайдан бир қасқыр қыздың алдына келип:

— Сен айтқан шәртти мен орынлайман, — депти.

— Оны адамзат таба алмағанда, саған жол болсын, — депти қыз.

Арадан көп ўақыт өтпей қасқыр қыз жасырған қалтаны таўып, оны қыздың алдына қойыпты.

Өзиниң берген ўәдесине муўапық, қыз илажсыздан қасқырға турмысқа шығыўға ырзашылық берипти. Қасқыр менен кетерден алдын қыз әкесиниң алдына келип:

— Ал, әкежан, мен мына қасқыр менен кететуғын болдым, еншиме не бересең? — депти.

— Жайылып жүрген жылқының ишинен бир ат услап мине ғой, — депти әкеси.

Қыз әкесиниң жылқы падасына барып қарап турса, бир қотыр тай шапқылап келип:

— Мени ал, — депти.

Қыз ашыўланып:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Тек сен кемис един! Тур, жоғал! — депти.
Бирақ қотыр тай:
— Мени алсаң, әлбетте, күнинe жарайман, — деп жалынып қоймағаннан кейин, қыз қотыр тайды жетелеп,әкесиниң алдына келип:
— Қотыр тайды аламан, — депти.
— Мейли, қызым, алсаң ала ғой, — депти әкеси.
Қыздың әкеси қотыр тайға қосып қызына бир үй ҳәм бир пада қой да берипти.
Солай етип, қыз қотыр тайды жетелеп, паданы алдына салып, үйди ешеклерге тийеп, қасқырдың изине ерип кете берипти. Қасқыр қызды ертип бир тоғайлыққа келипти. Сол жерде үйин тигип, жылқыларын қораға қамап отырған ўақытта қасқыр ысқырып жибереди. Сол ўақытта көп қасқырлар пайда болып, қорадағы қойларды жеп болғаннан кейин үйге кирип жатыпты.
Түн жарпы аўған ўақытта бир нәрсе келип үйге сүйкенеди. Қыз далаға шықса, қотыр тайы екен.
— Не қылып жүрсен? — дейди қыз тайына.
— Жаңа көп қасқырлар келип, корадағы қойлардың бәрин жеп кетти. Енди сени жейтуғын түри бар. Ҳәзир арқама мин, қашамыз, — депти.
Қыз сол жерде қотыр тайына минип қашыпты.
Ендиги сөзди қасқырдан еситиң. Қызды алып келген қасқыр оянса, қасында қыз жоқ. Қасындағы қасқырлады оятып, қыздың изинен қуўыпты. Қасқырлардың көпшилиги қызға жете алмай, болдырып, жолда қалып кетипти. Тек қызды алған қасқыр оларды қуўыўын даўам етипти.
Олар усылайынша бираз жерлерден асыпты. Бир ўақытта қасқыр олардың изинен енди жеттим дегенде, қотыр тай сулыў жигитке айланыпты. Жигит дәрҳал қонышынан қанжарын шығарып алып, қасқырға тасланып, оны өлтирипти.
— Мен бир атақлы байдың баласы едим, мына қасқыр кебиндеги адам бир жаўыз сыйқыршы еди. Ол мени сыйқырлап, өзи саған ийелик етпекши еди. Бүгин мен сыйқырдан азат болып, душпанымды өлтирдим, — депти.
Жигит пенен қыз сол жерде қыздың үйине қарай қайтыпты. Арадан көп ўақыт өтпей жигит қызды үлкен салт-салтанат пенен айттырып алып, олар бахытлы жасап, мурат-мақсетине жетипти.

## ИЗТАЙ ҲӘМ ҚЫРЫҚ ҚАРАҚШЫ
(Р-565, № 176508)

Бурынғы өткен заманда бир жарлы адам болыпты. Ол кисиниң кемпири ҳәм еки баласы бар екен. Ол бала-шағасы менен күн көриў ушын сол жердеги байдың қасына көшип барыпты. Өзи байдың малын бағыпты, ал ҳаялы байдың үйиниң хызметинде күни-түни жүрипти. Сол үйдиң гүбисин писип, отын жағып, аўқатын писирип, шайын таярлап, оты менен кирип, күли менен шығыпты. Усындай аш-әптадалық пенен балаларын асырапты. Азғантай ишетуғын тамағы менен кийетуғын жаман кийимлерден басқа ҳеш қандай ҳақы алмайтуғын болыпты. Олардың бундай күн көриўлери де узаққа созылмапты.
Күнлерден бир күни ғарры дүньядан қайтыпты. Кемпири менен балалары көп қарызланып ғаррыны жайғастырыпты. Баласының үлкени он сегизге, кишкенеси он алтыға келипти. Әкеси өлгеннен кейин бай еки баланы малдың изине салғысы келипти. Алған қарызларын мал бақтырып өтеттирмекши болыпты. Солай етип буларды мал кейнине салыпты. Ағайинли екеўи байдың малын бир жыл баққаннан кейин, күни-түни жүретуғын бундай мийнеттен қутылыў ушын кемпирин алып байдың үйинен кетпекши болыпты.
Азанда олар байдың алдына келип:
— Бай аға, бизлер өз күнимизди өзлеримиз көрейик деген шешимге келип, сизиң қармағыңыздан кетпекшимиз. Малларыңызды қайтарып алсаңыз, — депти.
Олардың бул гәпин еситкен бай ашыўға минип:
— Егер малды бақпайтуғын болсаңлар, ҳеш нәрсе төлемеймен, — депти.
Булар илажсыздан соған көнип, байдың үйинен кетипти. Булар тағы бир тоғайға жақынырақ бир аўылға барып, қос соғып отырыпты. Кемпирдиң үлкен баласы Изтай тоғайдан қалаға ешек пенен отын апарып сатып, кемпири менен инисин аш етпей сақлай берипти.
Күнлерден бир күни ол тоғайда отын алып атырса, узақта ғаўырласып киятырған көп адамлардың даўысын еситипти. Олардың дуўры ол турған жерге киятырғанын сезген бала ешегин бир тасаға байлап, өзи сол жердеги бир қарағайдың басына шығып, киятырғанларды бақлай баслапты.
Ҳә демей атлылар оған жақын жерге келип, атларынан түсип, ҳәр қайсысы бир терекке атын байлап,

www.ziyouz.com kutubxonasi

барлығы бир жерге жыйналыпты.

Бир ўақытта олардың ишинен биреўи:

— Есик, ашыл! — депти.

Сол ўақытта жерден үлкен есик ашылып, булар ишкери кирипти. Әкелген затларын жайғастырып қойып болып, аўқат писирип жеўге кирисипти. Булар кеш болғанға шекем ҳәр түрли аўқатлар жеп, шарап ишип мәс болыпты. Күн батқаннан кейин ҳәммеси далаға шығып, атларына минип, тоғайдың ишине қарай шабысып кетипти.

Олар кетип баратырғанда Изтай олардың изинен санап көрсе, атлылар саррас қырық адам екен. Сонда бала адамлардың «Елден қырық жигит шығып, қарақшылық етип, биреўдиң малын, биреўдиң өзин услап, қалтасындағы бар ақшасын басып алып, малларды қалаға апарып сатып, байлардың алтынларын урлап, жарлылардың бирли-ярым қой-ешкисин урлап, халыққа күн көрсетпей жүр» дегенин ядына түсирипти.

Қарақшылар кеткеннен кейин Изтай ағаштың басынан түсип, баяғы қапы ашылған жерге барыпты да қарақшылардың айтқанындай етип:

— Есик, ашыл! — деп бақырыпты.

Сол ўақытта жерден үлкен есик ашылыпты. Изтай ишкери кирип қараса, ҳәр түрли ҳасыл затлар, алтын салынған қапшықлар, мал ети, ҳәр қыйлы миййе-жемислер ҳәм мазалы аўқатлар турғанлығын көрипти.

Өмири туўып бундай затларға нәзери түсип көрмеген Изтай дәрриў аўқатлардан жеп тойып алыпты. Кейин алып жүрген қапшығын алтынға толтырып, азық-аўқатлардан да керегинше алып, оларды ешегине артып есиктен шығыпты. Ол шығыўдан, есик жабылып қалыпты.

Изтай алды-артына қарамай зымыраўы менен үйине қайтып келипти. Үйине кирип, анасы менен инисиниң алдына әкелген нәрселерин қойған екен, олардың хайранлықтан еси аўып қала жазлапты.

Ол болып өткен ўақыялардың ҳәммесин бирим-бирим айтып берип болып, оларға:

— Бирақ бул сырды ҳешкимге тис жарып айтып жүрмең! Егерде сырымыз биреўге әшкара болса, қарақшылар бизди аман коймайды, — депти.

Анасы менен иниси бул сырды ҳешкимге айтпаўға ўәде берипти. Олар кешқурын алтынның муғдарын билиў ушын оны өлшемекши болып, қоңсысынан тәрези алыпты. Алтынды өлшеп атырғанда бир алтын теңге тәрезиниң түбине жабысып қалыпты. Буны көрген қоңсысы «Бул алтынды олар қайдан алды екен» деп ҳайран болыпты.

Солай етип, Изтайдың хожалығы жоқшылықтан қутылып, жаңаша турмыс қура баслапты. Жай салыпты. Изтай сол жердеги өзиндей бир жарлының қызына үйленип алыпты.

Енди гәпти баяғы қарақшылардан еситиң. Бир күни қырық қарақшы адамлардан басып алған дүньясын есаплап көрсе, бир қалта алтын кемис шығыпты. Олар дәслеп «бул есикти басқа биреўдиң ашыўы мүмкин емес, арамыздан биреў буны алған» деп ойлап, өз-ара бираз жәнжеллесипти. Кейин олардың арасынан биреўи жақын әтираптың бәрин барлап шығыўды усыныпты. Бул усыныс қалған қарақшыларға да мақул түсипти.

Арадан көп ўақыт өтпей олар жақын аўылларда өзлерин «қудайы қонақлармыз» деп танытып, адамлардың үйлерине барып, алтынлардың дәрегин излестире баслапты.

Бир күни кеште олардың үшеўи Изтайдың аўылына келипти. Сөйтип ҳәр қайсысы бир үйге «қудайы қонақпыз» деп қоныпты. Олардың биреўи тап баяғы, Изтай тәрези сораткан қоңсысының үйине барыпты. Гәптен гәп шығарып, алтынды алған адамды сорапты. Қоңсының бир нәрседен хабары бар екенин сезген қарақшы оған бир қосыўыс алтын теңге берип, сырды билип алыпты.

Ертенине қарақшы болған ўақыяны қалған қарақшыларға жеткерипти. Енди олар Изтайдағы алтынды қалай қолға киргизиўди ойластыра баслапты. Сонда олардан биреўи:

— Оған мынадай илаж бар. Бизлер жигирма ешек, қырық дана адам сыятуғындай гүзе сатып алыўымыз керек. Сөйтип, ҳәр гүзеге бир адамнан салып, еки гүзени бир ешекке теңлеп артып, биреўимиз гүзелер артылған ешеклерди жетелеп, сол адамның үйине қонақ болып қоныўымыз керек. Барғаннан кейин гүзелерди түсирип, үйге жақын жерге қояман. Ол үй маған аўқат асар. Аўқатты жеп болғаннан кейин мен сизлерге хабар беремен. Соннан кейин ҳәммемиз барып биреўин қалдырмай қырып таслап, алтынларды ешеклерге артып қайта беремиз, — депти.

Бул ақыл ҳәммесине мақул түсип, ешек пенен гүзе таўып келиўге, атланып кетти. Белгиленген ўақытта булар ҳәммесин тайын етипти. Сөйтип түнде қарақшылар гүзелерди ешекке артып, Изтайдың үйине келди. Олар Изтайдың есигиниң алдында тоқтап:

— Бир түнге қудайы қонақ аласыз ба? — депти.

— Әлбетте, аламыз, — депти ҳеш нәрседен хабарсыз Изтай.

Қарақшы гүзелерди түсирип, ешеклерин байлап болып үйге кирип қонақ болып отыра берди. Изтай қонаққа сыйлы аўқат писирип, оны жақсылап күтипти. Олар аўқатты жеп болғаннан кейин, Изтай

www.ziyouz.com kutubxonasi

далаға шығып, гүзелердиң қасынын өтип баратырса, бир гүзеден:

— Келдиң бе? — деген даўыс шығады.

Изтай булардың қарақшылар екенин дәрриў түсинип, сыр билдирмей:

— Аўа, келдим, азғантай күтиң, — депти үйиндеги қарақшының даўысына салып.

Жигит үйине қайтып кирип мәс болып отырған қарақшыға:

— Қәдирли мийман, сизге бул аўқат пенен шекленип қалыўға болмайды, сизге өз қолларым менен қара үйде бир әжайып аўқат писирип беремен, — депти.

Қарақшы буны мақул көрипти.

Изтай үлкен қазанға майды, толтырып қуйып, қара үйде от жағып әбден қуйдирипти, кейин шелекти ыссы майға толтырып алып, бағанағы гүзеге қуйыпты. Ыссы майға писип қалған қарақшы тил тартпай өлипти. Ол басқа гүзедеги қарақшыларды да усылай етип өлтирип, үйиндеги қарақшыдан басқа хәмме қарақшылардан биротала қутылыпты. Енди ол соңғы қарақшыдан қутылыў ушын үлкен бир самар табаққа өткир қанжарды салып, үйиндеги «қонақ» тың алдына кирип:

— Ал, мийман, мен писирген аўқатты көриң, — деп оның алдына табақты қойып атырып, оның ишиндеги қанжарды алып, қарақшының жүрегиниң тусына қадапты. Қарақшы сол жерде тил тартпай муқ қаўыпты.

Солай етип, Изтайды өлтиремиз деп келген қарақшылар ақырында өзлериниң басын жутыпты. Усы ўақытқа шекем халыққа күн көрсетпеген қарақшыларды жоқ еткенине халық Изтайға шексиз миннетдар болып, қатты қуўанысып қалыпты. Изтай қырық қарақшының қалған байлықларының хәммесин аўылындағы аш-жаланашларға бөлистирип берипти. Солай етип Изтайдың өзи хәм ели бираз жылларға шекем ашлықты умытып бахытлы турмыс кеширипти.

## ҒАРРЫ МЕНЕН ДӘЎЛЕР

(Р-28. № 3663)

Бурынғы заманда бир үйде бир ғарры менен кемпири турыпты. Олардың екеўиниң бир пышығынан басқа хеш нәрсеси жоқ екен. Бул екеўи қаза салып тамақларын табатуғын еди. Ғарры қаза салып күнде азанда қазасын қарайды. Күнде қазасына үш шабақ түседи, сол үш шабақты аўқат қылып кемпири, өзи, пышығы күнелтеди екен.

Бир күни ғарры кемпирине:

— Кемпир, бизиң қазамызға хәр күни үш шабақтан түседи. Бул үш шабақ үшеўимизге бир бирден ғана жетеди. Тоймай қалып жүриппиз. Ал биз усы пышығымызды өлтирсек қәйтеди. Егерде пышықты өлтирсек, екеўимизге бир ярым шабақтан болып аўқатқа тояр едик, — дейди.

Кемпир ғаррының ойласық гәпин тыңлап:

— Мақул, пышықты өлтирейик, — дейди кемпир.

Ғарры пышықты өлтиреди. Азанда қазасына барса, қазада тек еки шабақ бар екен. Ғарры күндегидей үш шабақ болмай, тек еки ғана шабақ болғанына қапа болып, еки шабақты алып кемпирине келип:

— Кемпир, бизиң пышықты өлтиргенимиз қәте болған екен. Оның да несийбеси болған екен. Кеше пышықты өлтирип едик, бүгин қазамызға тек еки шабақ түсипти, — деди.

Енди ғарры ертеңине турып тағы қазасына барса, бүгин қазада тек бир шабақ. Буған ғарры хайран болып, шабақты алып, қазасын тағы салып қайтады. Түнде көп ойланып шала уйқылап азанда қазасына барса, қазасында бир шабақ та жоқ.

Кемпир-ғарры тағы ойласық етти. Ғарры:

— Кемпирим, пышықты өлтиремиз деп ырысқалдан айрылдық, енди не күн кеширемиз? — деп қапаланады. Сөйтип кемпирине:

— Кемпир, қудайға сыйынып, дүзге шығып бир нәрсе излеп көрейик. Ырысқалдан айырылып өлетуғын болдық ғой, — деди.

Ғарры менен кемпирдиң үйинде қурал деген нен бир балтасы бар еди. Сол балтаны белине қыстырып ғарры аңға шығып кетти. Ғарры кетип баратырып, бир көлдиң жағасына келип, сол жерден ғаздың он еки мәйегин таўып алды. Бул мәйеклерди қайтқанымызда аларман деп сол жерге қойып кете берди. Оннан ары баратырса, аттың бир қысым қуйрық қылы ушырасты, ғарры оны да алып кисесине салды. Оннан ары асып кетип баратырса, алдынан бир тасбақа шығады. Бул тасбақаны да алып ғарры қойнына салды. Сөйтип киятырса, алдынан бир дәў шықты. Дәўди көрип, ғарры қалай да бул дәўден пайдаланыў, оны алдап қалай да өзине аўқат табыў шарасын ойлады. Бул дәў менен бир нәрсе туўралы бәслесейик, — деди. Дәўге келип:

www.ziyouz.com kutubxonasi

—Ҳа, дәў иним, бийт жарыстырғайлы болсын, кимниң бийти калса бес жүз тилла бергейли болсын, — деди.

Дәў ғаррыны мазақ етип:

— Якшы, бийт жарыстырғайлы болсын, — деп макул көрди.

Сөйтип ғарры менен дәў бийт жарыстыратуғын болды. Ғарры баяғы қойнындағы тасбақаны алып бийт деп жиберди, ал дәў де көйлегинен бир нәҳән бийт алып жиберди. Дәўдин бийти жатып қалып, ғаррының бийти озып кетти. Бийт жарыстырыўға сөйлескендеги ўәде бойынша дәў ғаррыға бес жүз тилла қарыздар болды.

Ғарры дәў менен тағы бәслести. Бул жола бәслескенде ғарры баяғы көмип кеткен мәйегиниң қасына келип, дәўге:

— Жерден май шығарысқайлы болсын, — деди.

Дәў ғаррының сөзине ыразы болды. Ғарры жерге көмген мәйегиниң үстине барып аяғы менен теўип калып еди, мәйеклер жарылып, уўызы ағып шықты. Дәў май шығараман деп аяғы менен теўип еди, жерге дизесинен түссе де хеш нәрсе шықпады. Бул бәслесиўде де дәў утылып, тағы бес жүз тилла қарыздар болды. Ғарры дәў менен тағы бәслести. Екеўи қолтықларының қыл узынлықларын салыстырмақ болды.

Ғарры баяғы жолдан таўып алған ат қуйрығының қылынан биреўин жулып алып көрсетти. Ал дәў қолтық қылынан бир қылын жулып алып салыстырып еди, ол қысқа болды. Дәў бул жола да утылып, ғаррыға тағы бес жүз тилла қарыздар болды. Бәслесип, мың ярым тилла карыздар болған дәў илажсыз ғаррыны үйине алып келди. Ғаррыны қонақ етемен деп бир байталдың етин қалдырмастан бәрин асты. Пискен гөшти сепситпей ғаррының алдына қойып:

— Усы гөшти жеп таўыс, егерде таўыса алмасаң, маған мың ярым тилла бересең, — деди.

Сөйтип дәў майданға шығып кетти. Солай етип дәў далаға шыққан арада ғарры төсегиниң астынан ақым қазып, қазандағы гөштиң жегенин жеп тойып, қалғанын ақымға салып қазанды босатып қойды. Дәў майданнан келсе, қазан босап калыпты. Дәў енди ойда қалды:

— Енди не қыламан, бул ғаррыдан қалай кегимди аламан? Буны жеңе алмадым ғой, — деди.

Дәў ойланып енди ғаррыны түнде үйине жаткарып, түнде өлтирмекши болды. Ғарры дәўдиң бул ойын да билди. Кеш қонып ғарры жататуғын болды. Жатарында дәўге көрсетпей, оның темир келисин қулатты да оның үстине шапанын жаўып, өзи оның орнына барып жатты.

Дәў түнде қылышын сүйреп келип, шапанды жамылып жатқан келини ғарры деп қылыш пенен урды. Ғаррыны қылыш пенен шаўып өлтирдим деп дәў майданға шығып кетти. Ертең менен азанда дәў орнынан турып ғаррыны барып көрейин қалай өлди екен деп ғаррыға келсе, ғарры да орнынан турып отыр екен. Дәў не қыларын билмей ғаррыға:

— Саў-саламат жатып турдың ба? — депти.

— Аман жатып турдым, балам, — дейди ғарры.

Енди ғарры қайтпақшы болады, дәўден қарыз тилласын сорайды. Дәў илажсыз ғаррыға қарыз тилласын төлейди. Ғарры мың ярым тилланы алып кетип баратырып:

— Балам, сениң менен яр-дос болдық, енди бизиң үйимизге де барсаңыз болады. Үйим Байтерек деген жерде. Сол жерге барсаңыз табарсыз, — деди.

Ғарры дәў менен хошласып жүрип кетти. Көтере алғанын көтерип киятыр, көтере алмағанын жолға көмип киятыр. Ғарры олжалы болып кемпирине келди. Кемпири менен мол дүньяны ишип-жеп, хәз етип жасай берди. Солай етип бир неше күнлер өтти. Бир күни жолға қараса ғаррының үйине үш дәў киятыр екен. Бул үш дәў өз-ара кеңесип, ғаррыны өлтирип тилланы қайтарып алмақшы болып еди. Ғарры дәўлердиң өлтирмекши болып киятырғанын билди. Ойланып турып кемпирине:

— Кемпир, дәўлер киятырыпты, олар бизди өлтирмекши, тиллаларын қайтарып алмақ болып киятыр. Дәўлер келип үйге кирер, мен саған «қонақ келди, қазан ас» дермен, ал сен үндемей отыра бергейсең. Мен үш қайтара айтарман. Ал мен үшинши қайтара айтқанымда «хаў, ғарры, нени асайын?» дерсең, — деди.

Кемпир:

— Макул, солай етейин, — деди.

Дәўлер келип үйге кирди. Төрге шығып орналасып отырды. Ғарры баяғы ўәдели сөз бойынша кемпирине «қазан ас», еки рет айтты кемпир үндемеди, үшинши бақырғанында кемпир:

— Нени асайын? — деп шажбалаң салды.

Ғарры кемпирине қарап турып:

— Кемпирим, төрдеги дәўдиң төсин ас, ортаңғы дәўдиң басын ас, оларға қазаның толмаса, есиктеги дәўди қосып ас, — деди.

Бул сөзди еситкеннен кейин дәўлер қорқып тура-тура қашады. Булар артына қарай алмастан қашып киятыр еди, алдынан бир түлки шықты. Түлки дәўлерге:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қайдан қашып киятырсызлар?

— Бир ғарры бар екен, сол ғаррыдан қашып киятырмыз, — деп көрген, еситкенлерин түлкиге сөйледи.

Түлки:

— Ол бир ғарры дәрья бойында қаза салатуғын еди. Қазасына үш шабақ түсетуғын еди. Үш шабаққа тоймай пышығын өлтирди. Оннан кейин қазадағы шабақларын мен жеп кететуғын болдым. Ашыққан ғарры қаңғып кетип еди. Жүриңлер, барайық, оннан өшимизди алайық, — деди.

Дәўлер түлкиге ерип тағы ғаррыға келе берди. Ғарры бул жағдайды көрип тағы ойға қалды. Түлки дәўлердиң алдына түсип ғаррыға жақынлағанда алдынан шығып ғарры:

— Түлки, ха, түлки! Атаңның алты дәў бережақ қарызы бар еди, соның үшеўин алып киятырған екенсең, бәри-бир алмайман, қарызымды толық бер, — деди.

Дәўлер буны еситип:

— Астаўпыралла, түлки бизди алдап қарызына берейин деп киятыр екен ғой, — деди де, түлкини қуйрығынан услап былғап-былғап жерге урып, өзлери қаша жөнелди. Сол қашқаннан дәўлер еле қашып баратыр. Ғарры дәўлерден аман қутылып, кемпири менен кеўли хош болды.

## КӘПИРЛИК ХӘМ ШҮКИРЛИК

(Р-565. № 176508)

Ғайыптан тайып, төрт жигит дос болыпты. Бир сапары олар жолда киятырып, түнде бир тоғайда түнеўге мәжбүр болады. Олар өзлерин жабайы ҳайўанлардан қорғаў ушын гезекпе-гезек уйқылайтуғын болып келиседи.

Ең биринши гезекте турған жигит ағаштан түйме түйетуғын уста екен. Ол түни менен ақ қайыңнан сулыў бир қыздың мүсинин соғып болып, екинши гезектеги жигитти оятып, өзи уйқылап қалады.

Екинши жигит даңқы шыққан тигиўши еди. Ол бар өнерин иске салып мүсинге ҳасыл таўарлардан кийим тигип кийдиреди де, өзи үшинши жигитти қараўыллыққа оятады.

Үшинши жигит оянып қараса, сулыўлықта теңи тайы жоқ бир сулыў мүсин тур. «Бунын тек безеги ғана кемис екен» деп ойлап, түни менен ҳәйкел, өңирмоншақ, жүзик, билезик, әребеклерди ҳасыл таслардан, алтын-гүмислерден соғып, мүсинди жақсылап жасандырыпты, бул да төртинши жигитти қараўылыққа оятып, өзи уйқыға кетипти.

Төртинши жигит илми ғайыптан билими бар молла екен. Ол сулыўлықта теңсиз қыздың мүсинин көрип, оған жан бериўди уйғарыпты ҳәм дуўа оқып, қызға жан бағыш етипти.

Олар азанда уйқыларынан турып қараса, сулыўлықта минсиз бир қыз бир өкшеден айланып оларға хызмет етип жүрген екен. Олардың ҳәрбири қызды «өзиники» деп қабыл етеди. Төртеўи көп ўақ тартысып, ақыры буған сол журттың патшасы араласыўға мәжбүр болады.

Патша өз кеңесгөйлери менен ойласады. Бирақ, олар да бир келисимге келе алмайды. Олардың бир келисимге келе алмағанын көрген қыз ортаға шығып былай депти:

— Ағаш устасы ағаштан адам соғып, изине ертип жүре берсин. Зергер ҳәйкел, өңирмоншағын ағашқа илдирип қарап көрсин. Шебер де тиккен кийимлерин ағашқа кийдирсин, ал маған жан берген оқымыслы молланы мен өз атам деп есаплайман, — депти.

Қыздың ақыл-парасатына таң қалған адамлар оны «патшаға ылайық» деп таўыпты. Бирақ қыз патшаның алдына мынандай талап қойыпты:

— Сиз маған үйленерден алдын жансызлар журтына барып келесиз, усы шәртиме көнсеңиз ғана мен сизге ыразлық беремен, — дейди.

Патша қыздың шәртине ыразы болып, ақылгөйлериниң мәсләҳәти менен түн жарпы аўғанда, периштелер пайда болған ўақытта жолға түсипти.

Күн жүреди, түн жүреди, нешше дәрбент жолларды көреди. Жолда «жансызлар мәмлекетин көрдим, билдим» деген жанды ушыратпайды. Солай етип патша ҳарып-талып кетип баратырса, алдынан бир байтерек шығыпты. Көз жиберсе, байтеректиң уша басындағы уяда үш палапан отыр екен. Палапанлардың биреўи зар-зар әйлейди, екиншиси муңайыўлы, ал үшиншиси мәз болып отыр екен. Патша таң қалып сорапты:

— Сизлерге не болды? Неге биреўиңиздиң көзиңиз жаслы, биреўиңиз кеўилиңиз қапалы, ал үшиншиңиз мәз-майрамсыз? Бул қалай болғаны?

— Бизлер Суймырық қустың палапанларымыз. Ҳәзир бул жерге бир айдарха келеди ҳәм ҳәр күни ол биреўимизди жеп кетеди. Бүгин анаў көзи жасланып, зар-зар шегип отырған палапан оған жем болады. Ертең мынаў қапаланып отырған палапанды жейди, оннан кейин «еле де бир күнлик өмиримиз бар ғой» деп қуўанып отырған бизиң гезек, — депти кишкенеси.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Патша жағдайды түсинип, тәўекелге бел байлап, қолына қылышын алып, айдарханы күте баслапты. Арадан көп ўақыт өтпей ысқырған айдарха пайда болыпты. Айдарха жақынлағанда патша бар күшин топлап, қылышын сермеп, айдарханың басын қақ ортасынан бөлипти. Айдарха тил тартпай өлипти. Палапанлар наятый қуўанғанынан патшаны жабыла өбипти.

— Сиз бизлерге үлкен жақсылық еттиңиз, бирақ ҳәзир бул жерге бизиң анамыз келеди. Ол болған исти билмей, сизге зыян келтирип жүрер, соның ушын ҳәзирше жасырынып турыңыз, — депти.

Сол заматта күшли даўыл есип, ҳаўада Суймырық қус пайда болады. Ол уясына келип палапанларының түўел екенин көрип, олардан не ҳәдийсе болғанын сорайды. Палапанлары оған болған ҳәдийсениң барлығын айтып береди ҳәм патшаға жәрдем бериўин сорайды.

Суймырық қус патшаны арқасына миндирип, жансызлар мәмлекетине алып барады. Ол патша менен хошласар ўақтында оған бир тал пәрин берип, «керек болсам түтетерсен» деп, өз мәканына ушып кетеди.

Патша қаланы бастан-аяқ аралап көреди ҳәм бул жерде бир де тири жан таба алмайды. Ҳәмме жандар мүсиндей қатып, жансыз турған екен. Патша айланып-айланып қаланың патшалар жасайтуғын сарайын таўып алады. Қараса, бул журттың патшасы да тахтында отырыўы менен қатып қалған екен. Не қыларын билмеген патша илажсыздан баяғы Суймырық қусты шақырып, оған минип, өз журтына қайтады. Келип болған ўақыяның бәрин баяғы қызға айтады. Бул гәплерди еситкен қыз бирден есин жоғалтып қулайды. Патша ойланып-ойланып, тағы баяғы жансызлар журтына раўана болады. Барса, баяғы жансызлардың бәри тирилип, парахат турмыс кеширип атырғанын көреди. Мәмлекетиниң патшасы да әдиллик пенен журт басқарып отырған болады. Ол бул журттың патшасына не себеп бул жерге келгениниң лийкинин айтады.

Сонда өлип тирилген патша буған қарап:

— Ҳей, адамзат, қам сүт емген бенделигиңди енди түсиндиң бе? Сизлердиң нәпсиңиз ушын бир елат кәреп болып жансыз жатты. Сизиң озбырлығыңыз өз көзиңиз бенен көргенде де орнына түспеди. Жеке басыңыздың мәпи ушын журтты теңселттиңиз. Қыз тирилди, биз өлдик, биз тирилдик, қыз өлди. Өмир менен ойнамаў кереклигин түсинбедиңиз. Инсанға жан бериў — қудайлық ис, — деп және тилден қалыпты.

Патша өз журтына қайтып келип, болып өткен ислерден жуўмақ шығарып, ҳәммеге қалтыс иске қол урмаўға буйрық берипти. Усыннан баслап халық ҳаққа тәўекел әйлеп, жаратқан исине кәпирлик келтириўин шеклепти. Төрт жолаўшы да ҳақ ҳүкимине түсинип, буйрықсыз иске қол урмай, жаратыўшының несибесине шүкиршилик етип жасапты.

## ҮШ ЖИГИТ ҲӘМ ҚЫЗ
(Р-455, № 176398)

Баяғыда үш жигит бирге жолдас болып киятырып, жолдан үш мәйек таўып алыпты. Биринши мәйекти жарса, ишинен муз, екиншисинен дуз, ал үшинши мәйектен бир сулыў қыз шығыпты. Үш жигит қызға таласып қалыпты.

Сонда қыз оларға:

— Сизлер мен ушын таласпаң. Жолыңызды даўам еттире бериң. Қайсыңызды кәлесем, соның изинен еремен, — депти.

Үш жигит оның айтқанындай еткен екен, қыз үшинши жигиттиң изине ерипти. Жигит өзиниң аўылына жақынлағанда, жигит алды менен ата-анамды хабарландырайын деп, қызды бир теректиң басына отырғызып кетипти.

Сол ўақытта бир хызметкер қыз қолында гүзеси менен суў алыўға келипти. Ол енди гүзесин суўға батыра бергенинде, теректеги қыздың суўдағы сәўлесине көзи түсипти. Қыз суўдағы сәўлени өзиниң сүўрети деп ойлап, «усы сулыўлығым менен хызметкер болып жүриппен-аў» деп, қолындағы гүзени суўға ылақтырып жиберипти. Буны терек басындағы қыз көрип күлипти. Хызметкер қыз жоқарыға қараса, теректиң басында сулыўлықта теңсиз бир қыз отыр екен. Суўдағы сүўрет өзиники емес екенин билген хызметкер қыз сулыў қыздан өш алыўды ойлапты.

— Ҳәй, достым, жерге түс. Екеўимиз суўға шомылайық, — депти ол теректиң басындағы қызға.

Қыз теректиң басынан түсип, хызметкер қыздың қасына келипти. Сулыў қыздың басында алты қулаш алтын айдары бар екен. Ол хызметкер қызға:

— Мен шомылған ўақытта сен мениң айдарымнан услап тур, — депти.

Хызметкер қыз алтын айдарлы қыз суўға түскен ўақытта оның айдарын кесип жибереди. Қыз суўға

www.ziyouz.com kutubxonasi

ығып кетипти. Сум хызметкер қыз алтын айдарды басына тағып, теректиң басына минип отыра берипти.

Жигит қызды алып кетиўге келсе, оның түри өзгерип кетипти.

— Саған не болды? — деп сорапты ол қыздан.

— Сени күтемен деп усындай ҳалға келдим, — депти қыз.

Сол күни жигиттиң аўылы қыслаўдан жазлаўға көшипти. Баяғы алтын айдарлы қыз суўдан шығып боталаққа айланып, көшке ере берипти. Олар жазлаўға келгеннен кейин хызметкер қыз көшке ерип келген боталақтың алтын айдарлы қыз екенин сезип қалыпты. Ол жигитке:

— Мына боталақты маған сойып бер, — депти.

Жигит боталақты сойып атырғанда бир сүйек анандай жерге ушып түсипти. Сол сүйекти аўылдың бир кемпири таўып алып, оннан өзине уршық ислеп алыпты.

Қыз кемпир үйден шығып кеткен ўақытта үй ишин жыйнап, сыпырыстырып, кемпирге аўқат писирип қойыпты. Кемпир үйине келип қараса, үйи сыпырыстырылып, тазаланып қойылған, қазанда аўқат писип тур.

Ол ертеңине үйдиң сыртынан аңлыпты. Қараса, уршық сулыў бир қызға айланып, үйде хызмет етип жүр екен. Буны көрип кемпир дәрриў ишке кирип келипти. Уршыққа айланыўға үлгере алмаған қыз басынан өткенин кемпирге айтып берипти.

Ертеңине кемпир жигитке барып, қыздың басынан өткенлерди айтыпты. Жигит кемпирдиң үйине келип қараса, оның үйиндеги қыз — баяғы мәйектиң ишинен шыққан, алтын айдарлы қыз екен. Ол қызды үйине алып барып қырық күн той берип, оған үйленипти. Екеўи көп жыллар бахытлы жасап мурат-мақсетине жетипти.

## ТӘҢИРИ ҲӘМ ҮШ ПЕРИШТЕ

(Р-1085,Инв №182787)

Күнлерден бир күни тәңири оның буйрығысыз ис еткен хызметиндеги үш периштени усы айыплары ушын жазаламақшы болыпты. Тәңириниң буйрығы менен периштелер оның дәргайына шақыртылыпты. Пүткил әлемниң ҳүкимдары сонда оларға мынандай депти:

— Сизлер мениң ҳәмириме бойсынбай, өз ўазыйпаңызға қылаплық еттиңиз, басқаларға сабақ болыўы ушын тийисли жазаңызды алыўыңыз тийис. Мен ҳәзир сизлерди инсанларға айландырып, олардың арасына жиберемен. Сизлер инсанлар арасында жүз жыл жасаўыңыз тийис. Усы жүз жылды жасап алдыма қайтып келгениңиз — жазаңызды өтегениңиз болады. Маған усы ўақытқа шекем еткен жақсы хызметлериңизди есапқа алып, сизлерге инсанлар арасында жасағанда зәрүр болатуғын үш нәрсени өзлериңиз бенен алып кетиўге рухсат беремен. Булардың бириншиси — таўсылмас мал-дәўлет, екиншиси — өткир ақыл, үшиншиси — беккем денсаўлық. Ҳәр қайсыңыз усы нәрселерден тек биреўин таңлаўыңыз тийис. Қәне, сен усылардан қайсы бирин таңлайсаң? — депти ол биринши периштеге қарап.

Биринши периште бираз ойланып турыпты да:

— Уллы ҳүкимдар, мен инсанлардың мал-дәўлетке қаншелли өш екенин билемен. Олардың арасында жасайжақ жүз жыллық өмиримниң ҳәр бир күнин мың тиллаға сатып алсам да, сиз беретуғын байлық бәрине жетеди. Сонлықтан, мен «мал-дәўлет»ти таңлайман, — депти.

— Ал сен қалған еки нәрседен қайсы бирин таңлайсаң? — депти енди екинши периштеге қарап.

Екинши периште тәңирике жүзленип:

— Уллы ийем, инсанлар арасында «денсаўлық»тан қәдирсизирек нәрсениң өзи жоқ, соның ушын мен «өткир ақыл»ды таңлайман, — деп жуўап берипти.

Үшинши периштеге «беккем денсаўлық» тан басқа таңлайтуғын нәрсе қалмапты. Тәңириниң қүдирети менен көз ашып-жумғанша олар инсанларға айландырылып, жерге жиберилипти.

Арадан жүз жыл өтип, белгиленген мүддет питип, тәңири хызметкерлеринен периштелердиң хабарын сорапты.

— Уллы ийем! — депти бас хызметкер, — олардан тек биреўи ғана қайтып келди. «Мал-дәўлет»ти таңлаған периштениң басына өзи таңлаған мал-дәўлети жетип, ол инсанлар арасында бары-жоғы отыз жыл ғана жасапты. Екинши периштениң басына да сол өзи таңлаған «ақыл»ы жетипти. Инсанлар арасында оннан да ақыллы адамлар бар қусайды. Тек үшинши, «беккем денсаўлық»ты таңлаған периште сизиң қабыллаўыңызды күтип отырыпты, — депти.

— Қәне, оны алдыма алып келиң! — деп буйырыпты.

Үшинши периште ҳә демей тәңириниң алдында пайда болыпты.

— Сен инсанлар ушын қара пулға арзымайтуғын нәрсе менен кетип, қалай олардың арасында жүз

www.ziyouz.com kutubxonasi

жыл жасап келдиң? — депти.

— Жаратқан ийем, инсанлар арасында жақсы-жаманды көре берип, ақыллы да болдым. Ақылым себепли мал-дүньяның өзи мени тапты. Тек денсаўлығымның арқасында усы жасты жасап, алдыңызға келип турғаным, — депти сөзин жуўмақлап.

Тәңри өз ўәдесине муўапық, оның гүнасын кеширип, периштелик лаўазымына қайта тиклепти.

## АТАНЫҢ НӘСИЯТЫ
(Р-461. № 176404)

Бурынғы өткен заманда Кәўендер деген бир бай болыпты. Оның Еркинбай деген баласы бар екен. Сол Кәўендер байдан Досберген деген бир жарлы жигит мың тилла қарызға алып, басқа бир елге саўдагерлик етип кетеди. Сонша жол азабын, кәўип-қәтерди жеңген Досберген сол журтқа барып, саўда-сатық ислери менен болып, оғада байып кетипти.

Арадан бир неше жыл өтти. Кәўендер бай баласы Еркинбайды жолға таярлап, қарыз алып, хабар-атарсыз кеткен сол Досберген деген жигиттиң изинен саўдаға жиберетуғын болыпты. Бай баласына:

— Жолда жүрсең жолдасыңның атын сора, қонақ болып барған жериңде кешеги айтқан нәсиятларымды есиңде тут, балам! — деп ақыл-кеңесин береди.

Еркинбай ата-анасынан ақ пәтиясын алып, жолға раўана болады. Жолда алдынан бир ғарры шығыпты. Әдеплилик пенен оған сәлем берди. Сәлем-әликтен кейин ол ғарры менен жолын даўам етеди. Бул ғарры Қыдыр деген киси еди. Олар шексиз үлкен бир жолға шығыпты.

Көп жүргеннен кейин бир қалаға кирипти. Сол қаланың турғынларынан «Бул кимниң қаласы?» деп сорайды. Сонда бир ғарры турып:

— Бул Досбергенниң қаласы, — депти.

Сол айтқан адам байдың излеп табыўды тапсырған адамы екен. Досберген Әмиўдәрьяның бойына қатырып үлкен бир жай салдырған екен.

Соннан Досбергенниң үйине барды. Олар ҳал-аўҳал сорасып, танысып, бир-бир баянын айтты. Үй ийеси оларды жақсылап күтти. Енди жатыўына гезек келди. Дәрьяның бойындағы жайға барып, төсек салып жатқаратуғын болыпты. Баяғы әкесиниң айтқаны ядында бар екен. Жаңағы жолдасы Қыдырға «мен ҳаўлығып турман» депти де, сыртқа шығып, Досбергенге келгендеги жумысын билдирипти. Сонша бай-дәўлетли болса да, Досберген оның сораған мың тилласын бергиси келмейди.

— Ертең азанда мың тилланы беремен, ҳәзирше жатып дем алың! — деп Досберген күлип қоя береди. Еркинбай «ертең болса ертең» деп, уйқыға кетеди.

Азанда турса, таң атып кеткен. Жән-жағына қараса, қудайдың ҳәмири менен баяғы шәҳәр жоқ болып кетипти. Енди мың тилланы сорайын десе, адам таба алмайды. Соннан кейин ғарры менен екеўи жолға раўана болыпты. Ақырында патшаның сарайына келеди. Бала патшаға арзы етипти.

— Мен Досберген байдан мың тилла алатуғын едим. Бүгин ақшам дәрьяның дегишине кетипти. Мен мың тилланы кимнен аламан? — деп сорапты Еркинбай.

Сонда патша:

— Өзиң жат журттан келген екенсең. Пәрманларды билмейтуғын шығарсаң. Елимизде биреўге қарыз бериўге де болмайды, алыўға да болмайды. Егер сол Досбергенниң қарыз алғаны ырас болса, маған тилхатын әкелиң! — деди.

Әттең, бай Досбергеннен тилхат алмаған еди. Енди пайдасы жоқ, қазыларға барған менен, олар да патша сораған дәлийллеўши ҳүжжетти сораўы анық.

Ең ақырында Қыдыр менен изине қайтады. Жолда киятырып Еркинбай салмағы бес батпан тас таўып алады. Ол қымбат баҳалы тасты алып қоржынға салады. Ғарры менен бирге қайтады. Байдың баласы үйине келеди. Болған ўақыя-ҳәдийселерди бирме-бир баян етеди.

Сонда бай:

— Не әкелдиң, балам? — деп баласынан қоржынды алып, тексереди.

Ишиндеги тас алтыннан екен. Бул байлықтың дереги болып, оларға бир өмирге жетипти. Ал, баяғы жалатай Досбергенниң бир неше жынаят ислери ашылып, зинданға түскени ҳаққында хабарлар тарқайды.

Еркинбай саўда-сатық ислеп, ҳадал мийнети менен мурады-мақсетине жетеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

68- ТОМ



# СЫЙҚЫРЛЫ ЕРТЕКЛЕР

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТУЎРЫЛЫҚ ЖОЛЫ
(Р-98, №3435)

Өткен заманларда атақлы бир бай болыпты. Ол жолы туўрыға дос, натуўрыға қас екен. Оның үш баласы бар екен. Бир күнлери бай бирден аўырып, сол қулағаннан төсек тартып жатып қалыпты. Күн сайын өтлесип баратырған кеселинен айыға қоймағаннан кейин балаларын шақырып алып:

— Шырақларым, мен бул аўырыўдан тәўир болатуғын түрим жоқ, ҳақыйқат қорқып турман, өз көзимниң тирисинде сизлерге мал-мүлкти, бағ-бақшаны, ғәзийнехананы бөлистирейин, үлесеншилеринди берейин деп едим, — депти.

Оларға мына жатысының жақсы емес екенлигин түсиндиргеннен кейин үлкен баласына:

— Үшеўиңизге де еншиңиз, үлесиңиз туўралы айттым, сен соның ишинен қайсысын қәлейсең? — дейди.

Үлкени:

— Мен мал-мүлкти қәлеймен, төрт түликти тилеймен, иншалла шарўа боламан, — депти.

Екиншисине де сол сораўды берген екен, ортаншы баласы бағ-бақшаны сорапып, соны ийелеп алыпты. Ең соңғы кишкене баланың еншисине ғәзийнехана қалыпты. Әкеси балалары менен ырзаласыў алдынан бираз нәсият та айтыпты.

— Балаларым, қумарпаз болмаң, кисиниң ҳақын жемең, дурыслы болың, туўры жолдан жүриң, — депти.

Тағы да әкесиниң бир ҳасыл жүзиги бар екен, «генетай-генжетайым един» деп, соны кишкене баласына береди.

Дәм-дузы таўсылып, әкеси дүньядан өткеннен кейин үлкен ағалары төрт асық, қарақал ойынларының қумарына кирип, барлық нәрсе-дәскени уттырады. Кишкене баланың еншисине берилген ғәзийнени де басып алып, бир гезеги келгенде оны да уттырып жибереди. Киши бала енди бул жерде турыўдың қолайын таппай басқа жаққа кетип қалады. Сөйтип бир қалаға орналасады, сол жерде талап ислеп, үйли-жайлы болады.

Бир күни қалада базарлап жүрсе, еки ағасының ҳәркимниң таяғын жеп, жылап жүргенин көрип, рейими түседи ҳәм оларды үйине ертип келеди. Ағаларын алып киятырғанда еки ағасына қарата ақ күшиги қарсы шығып шабалап үре берипти. Бул ағаларын жуўындырып, шайындырып, үстибасларына таза кийимлер алып берип, оларды қайтадан адам қатарына қосады.

Ағалары бираз күнлер бул оңаша жайда емин-еркин турып, ес жыйнап тойынғаннан кейин инисиниң жағдайы жақсыланғанын қызғанады да, оны пышақлайды, ийтин де басына урып өлтиреди ҳәм үйдеги бар дүньяны алып кетеди. Пышақланып қалған бала шалажансар халатта қалады. Баланы излеп келген таныслары оның аўыр ҳалда жатырғанын көреди ҳәм ем-дем ислеп баланы тилге келтиреди. Бала көзин ашқаннан кейин:

— Мениң қалтамда бир жүзик бар, сол жүзик пенен қарнымды сыйпаңыз, — дейди танысына.

Танысы баланың айтқанын етип, кисесиндеги жүзикти таўып, баланың қарнын сыйпаған екен, өлим ҳалатында жатырған бала кем-кем тәўир бола баслайды. Өзи бойын жыйнап алғаннан кейин ийтин де сыйқырлы жүзиги менен сыйпап тирилтипти. Буннан соң бала басқа қалаға кетиўге бел байлайды. Жолда баратырып аш болады. Бир пайыт әбден диңкеси қурып, жүриўге жарамай ҳалы кетип атырғанында ийти еки нан таўып әкелип береди. Соны менен еплеп ҳәлленип алады да, екинши бир қалаға барады. Ол жерде дәслеп отжаққыш, соң қуўырдақшы болып күн кеширип жүре берипти. Оның қуўырдағын байлардың қызлары да жейтуғын болып, тез арада турмысын дүзеп алыпты. Кишкене болса да баспаналы болыпты.

Бир күнлери базарда шаўқым көтерилип, ҳәрким «мениң анаўымды урладың, мениң мынаўымды алдың» деп еки ағасын қуўып урып жүргенине көзи түседи. Олар бурынғыдан да жаман күйге түскен екен. Бала жәбирленген ағаларын көрип шыдап тура алмай, оларды өз үйине ертип келеди. Ағалары баладан кеширим сорап, оған жалынып-жалпаяды. Бала өзиниң кеширгенин айтады. Усыннан кейин олар сол жерде тура баслайды ҳәм инисиниң тапқан табысына шерик болып жасай береди.

Күнлерден биринде олардың пыйғалы тағы да өзгерип, инисин де, ийтин де, пышақлап үй ишин көтерип кетеди. «Қырықтың бир Қыдыр» дегендей, жол шетиндеги бул үйге «қудайы қонақпан» деп бир жолаўшы келсе, үй ийеси менен ийтиниң жараланып жатырғанын көреди. Қудайы қонақ қансырап жатырған баланың еринлерин сүртип, басын сүйеп, аўзына суў тийгизгенде ол тилге келеди ҳәм кисесиндеги жүзикти жараланған жерлерине тийгизип, сыйпаўды сорайды. Қонақ соны ислеген ўақытта бала ҳешнәрсе көрмегендей тәўир болып кетеди ҳәм ийтин де тирилтип алады. Қудайы қонақты қондырып, оны сыйлап жибереди.

Бул жерде де жаманлыққа жолыққаннан кейин бала басқа қалаға кетиўге шешим етеди. Соңғы

www.ziyouz.com kutubxonasi

қонысынан да безип басқа бир қалаға барса, жар урдырылып, адамлар жыйналысып, ўаз айтылып, дәўирқус ушырылып атырған екен. Бир ўақта дәўирқус хаўада пәлпеллеп уша баслайды. Бала да бир шеттен топқа кирип, қустың қызығына қарап турады. Көкте пәлпәллеп ушып жүрген дәўирқус баланың тас төбесинен айланып қалықлап, бирден оның басына келип қонады. Бала бул тосын жағдайға албырап қалады. Ханлықтың тәртиби бойынша дәўирқус кимниң басына конса, сол адам елге бас болады екен. Халық соны хан көтереди екен.

Ҳәмме дәўирқустың қонған жағына қарай жууырады. Журт келип көрсе, қус жас баланың төбесине қонып отыр екен. Бала да тырп етпей тура береди. Байлар:

— Биз мына баланы хан көтермеймиз, бул ханлыққа ылайық емес, — деп қарсылық көрсетипти. Олар баланы жәбирлей баслапты. Аламанның аяғы астында қалып кететуғын түри барын билген бала жантасқан адамына жүзикти тийдирип ала берипти. Бир қызығы, кимге жүзик тийсе, сол адам баланың сөзин сөйлей берипти. Ол өзиниң бастырылып қалмаўын ойласа, оның жүзиги тийген адамлар бул бағ-дәўлетли баланы хан көтериўди талап етип баслайды. Баланы жақыннан көриўге, оның қолынан алыўға ҳәмме умтылады. Бала солардың барлығына да жүзигин тийгизип шығады. Бир пайытта аламан оның өзин тикке көтерип алып кетип, ақ кийизге отырғызады ҳәм кийиз үстинде отырған ҳалында жоқары ылақтырып:

Дәўир кимниң дәўири,
Жаңа ханның дәўири,
Заман кимниң заманы,

Бала ханның заманы, — деп, жаңадан болған хан баланы халыққа жар урып, таныстырады. Бала салтанат пенен хан тахтына отырғызылады. Ол ханлық дәўирди баслап уллы мәртебеге ериссе де, өзиниң садық ийтин умытпастан оны тахтының қасында отырғызып қояды, заты ҳайўан болса да адамзаттан артық көрип, ҳүрмет етеди.

Хан халықтың жағдайын билиў ушын базар аралап жүрсе, бир жерде шаўқым-сүрен көтерилип атырғанының үстинен шығады. Ўәзирлери менен жәнжел болып атырған жерге келсе, ҳәрким-ҳәркимлердиң еки ағасын түйгишлеп:«Затымды бер-ҳа, затымды қайтар, ақшамды таўып бер-ҳа, ҳақымды қайтар» деп урып жүргенин көреди. Бала патша бул сапары жәллатларын шақырып алып, ол екеўин услатып, заты, ақшасы, ҳақысы кеткен адамларға патшалықтан зат, ақша берип, ҳақыларын толық төлетип, ағаларын дарға астырыўға пәрман береди.

Бала дар майданына келген көпшиликке:

— Урлықтың түби — қорлық, бир сынаған жаманды екинши қайтып сынама, жаманға аяўшылық жоқ, — деп, олардың бәрше қылмысларын жәриялап, екеўин де дарға астырады. Халық ханның әдиллиги ушын бас ийеди. Ол өмириниң соңына дейин ханлық салтанатында отырып, журтының алғысына бөленеди ҳәм мурады ҳасыл болады.

## ҒАЙБАНА АШЫҚЛЫҚ

(Р-46. № 50416)

Баяғы өткен заманда Турғанбай деген бир бай болыпты. Оның ул баласы жоқ еди. Күнлерден бир күн қартайғанда ҳаялы ул бала туўады. Жалғыз, қудайдан тилеп алғаны ушын бай баласының атын Тилеп деп қояды. Ол оғада ерке болып өсе береди.

Бир күни бай ҳаялы менен кеңеседи.

— Бизлер болсақ қартайдық. Бала еле жас, ол дүнья-малымызға ийелик ете алар ма екен? — дейди бай.

— Оған өнер үйретип, билим берип барсақ, әлбетте дүнья-малымызға ийелик етеди, — дейди ҳаялы.

Ертеңине бай баласын шақырып алып:

— Айнанайын, балам! Мениң саған айтатуғын гәплерим бар, — дейди.

— Не айтасыз? — деп баласы сорайды.

— Балам, бизлер қартайдық. Енди сен бизлерди бағасаң. Дүнья-малымыз көп болғаны менен, оның да шеги бар. Қуры, мийнет етпей, ишип-жеп жатыўға да болмайды. Сонын ушын сен де кәсип ийелеўиң керек, балам. Қандай кәрди қәлейсең, балам? — деди бай.

— Маған шәкирт услап, мектеп ашқан унайды, — дейди бала.

Солай етип, бай баласын сол журттағы мектеп ашып, шәкирт тутып отырған даңмоллаларға алып барады. Бала сол жерде тәлим ала баслайды. Күнлерден бир күн Тилеп түс көреди. Түсине ай десе аўзы,

www.ziyouz.com kutubxonasi

күн десе көзи бар бир перийзат енеди. Уйқыдан турса, түси екен. Бала сол қызға ашық болып қалады.

Бир күни бай баласына:

— Балам, енди әкелик парызымды өтейин. Сени үйлендирип, үйли-жайлы етейин, буған қалай қарайсаң? Унатқан қызың бар ма? — дейди.

— Мениң унатқаным бар, бирақ, ол бул журтта емес, — дейди Тилеп.

— Онда қаяқта? — деп әкеси ҳайран қалады.

— Түсимде бир перийзатты көрдим. Бирақ, оның қай журттан екенин билмеймен. Үйленсем, тек соған үйленемен, — дейди баласы.

Бай баласына «түс — түлкиниң тезеги» екенлигин түсиндирмекши болады. Бирақ, Тилеп сөзинде турып алады.

— Мейли, балам, өзиң бил, сол перийзатқа ашық екенсен, бизлер ҳақ жол тилеўден басқа не қылар едик!? — деп әкеси ақ пәтиясын берди.

Тилеп жол жүрди, жол жүрсе де мол жүрди. Алдынан үлкен тоғай шықты. Сол тоғайлықтан түсип кете берди. Бир мәҳәлде ғайрытәбийий бир үйге дус келди. Сол жерде бир баба көринди. Тилеп бабаға тәңир сәлемин берди. Соннан соң баба баладан аўҳал сорады. Бала өз жөнин, сапарының мәнисин айтты. Баланың сөзлерин тыңлап болған баба:

— Маған бала бол, бирақ та мениң бақырғаныма шыдаўың керек. Меннен ҳеш сыр сорамағайлы болсын. Сонда сениң тилегиң әмелге асады, — деди.

Гәп сол жерде туўарылды.

Әне, баба алдына келген бул бала менен аталы-перзент тутынып, бирге жасай берди. Баба ҳәр күни тоғайдан қусларды услап қәпеске салып қоса береди. Баланың бул қуслардың неге кереги бар екенин билгиси келип жүрди.

— Ата, бул қусларды неге услайсыз? Булар неге керек? — деди Тилеп.

— Мен саған шәртимди айттым, сорамағайлыдан еди. Сен оны буздың. Енди болмады, мен саған айтайын. Бул тотықус деген қус. Бул адамға ақыл керек ўақтында — ақыл, ой керек ўақтында — ой береди, — деди баба.

— Бунның баҳасы не? —дейди Тилеп.

— Бунның баҳасы мың тилла, — дейди баба.

Бала сонда «бул қустың екеўин бер» деп бабаға еки мың тилла берди. Баба еки мың тилланы алып, тотықусларын берип, бала менен хошласады. Бала бабадан пәтия алғаннан соң жолға түсти.

Жол жүрди, жол жүрсе де, мол жүрди. Бир тоғайдан өтип болғаннан кейин бир үлкен шәҳәрге дус келди. Шәҳәрге жақынлағаннан кейин «қусымды тартып алар» деп қәпесин таслап, қусты қолтығына қысып, қалаға жақынласты. Дәрўазаға барса, бирнеше адамның геллесин асып қойған екен.

— Бул қалаға киргенлердиң басын кеседи екен, — деп қалаға кирмей қорқып турады. Сонынан даладан адамлар кирип-шығып жүргенин көрип, ол да киреди ҳәм кеш болғанда қаланың ишинде жүреди. Кеште қонақжай излеп жүрип, үлкен дәрўазаның алдында бир ақ сақаллы ғаррыны көрди, оған қос қоллап сәлем берди.

— Ата, мен жол шеккен мүсәпирмен, сизикине қудайы қонақ болып қонсам қәйтеди? — дейди ол.

— Яқшы, балам, жүре ғой, — деп бул ғарры баланы мийман етеди. Бул үйде қонақ болып, ас-суў ишип болғаннан кейин бала қарияға:

— Дәрўазаның алдында қыстырып қойған не гелле еди? — дейди.

— Сен мүсәпирсең ҳәм жолаўшысаң, оның үстине еле жассаң, саған билиўдиң кәжети де жоқ, — дейди ғарры.

Бала қайта-қайта сол саўалды сорап қоймайды. Ғарры ақырында айтады:

— Патшамыздың бир сулыў қызы бар. Соны кимде-ким сөйлетсе, қызын соған береди. Егер сөйлете алмаса, басын кеседи. Әне, дәрўазадағы геллелер сол иске бел байлап барса да, сөзиниң үстинен, исиниң үддесинен шыға алмағанлар, — дейди.

Соннан соң бала:

— Ата, мен де барып қызға бир ертек айтсам, нешик болар? —дейди.

— Қой, балам, сен өзиң бир бийшарасаң. Жас басың менен қуры жазым болып кетерсең, — деп ғарры ақыл берди.

Бала тыңламады. Ғарры сол жерде дәрўазаман екен. Бала сол исти өзи еплей алатуғынлығын айтып, буны ислеўге ғаррының жәрдеми кереклигин айтты.

Ең ақырында ғарры баланың айтқанына қайыл болып, патшаның кәнизеклериниң бирине:

— Бир адам келип тур, — дейди.

Бала сарайға киргеннен кейин оны жақсылап кийиндирип, аўқатландырады. Баланың тотықуслары жәрдем бериўге қолтығында таяр тур еди. Бала әсте тотыларды көрпениң астына қояды. Бала ертек айтыўды баслайды. Патшаның қызы сөйлеп қоя жазлайды. Екинши күни және ертек айтыўды даўам етеди. Бул күни де тотыға қарап:

— Не жәрдем бересең? — деп сорайды.

Сонда екинши тоты:

— Сениң кешеги отырған көрпелериңниң бәрин отқа салып жиберди. Астына бир алтын көрпе қойыпты. Сен соның үстине барып отыр. Мени сол көрпениң астына жибер. Мен ертек айтып беремен. Сен сөзди хәкисине бура бер, — деди.

Оннан кейин бала ханның қызының алдына барды. Кешеги айтқандай етип тотыны көрпениң астына жиберип қойыпты. Ханның қызы үндемейди.

— Көрпе жора, ертек айтып бер, — дейди Тилеп.

Соннан кейин тоты баслады:

— Бурынғы заманда бир аўылда сулыў қыз болыпты. Сол қызды аламан деп жүрген үш жигит бар екен. Егер де сол қызды басқа аўыллардан айттырып келсе, қолына таяқ алып, қуўып жиберип, «өзлеримиз аламыз» дейди екен.

Бир күнлери сол аўылдың ақсақаллары үш жигитти шақырып алып:

— Сизлердиң таяғыңыздан басқа хешнәрсеңиз жоқ. Мал табыў керек, қыздың қалыңын төлейик, әне, соны ислегеннен кейин келин түсирейик, — дейди.

Соннан соң жигитлер ақсақаллардың сөзин мақуллап, үшеўи үш шәхәрге талап излеп кетеди.

Биринши жигит бир шәхәрге барып, талап ислеп мың тилла табады. Ақшаны қалтасына салып, көшеде жүрсе, бир адам орамал сатайын деп жүргенин көреди.

— Буны неге бересең? — деп жигит сорайды.

— Бунның баҳасы мың тилләә, — дейди жаңағы адам.

— Неге буншелли қымбат?

— Себеби, бул қәсийетли орамал. Егер орамалды жайып таслап, ортасына отырып, «мени пәлен қалаға апар» десең, ҳәпзаматта алып барады да таслайды, — дейди сатыўшы.

Жигит орамалға мың тилла берип, оны сүйгени ушын сатып алады. Жигит орамалын жайып жиберип, екинши жолдасының шәхәрине апарыўды буйырады. Бир заматта жолдасының жүрген шәхәрине келип жетеди.

Ол да талап етип мың тилла таўып, базарда жүргенде бир адамның кесе сатып турғанын көреди. Бул кесениң баҳасы да мың тилла екен. Буның менен өлген адамға суў иштирсе, өли тирилип кетеди екен. Екинши бала бул кесени мың тиллаға алады. Алып көшеде жүрсе, биринши жигит орамалын алып тур екен. Сөйтип екеўи үшинши жигитти излеп кетеди. Ол да талап ислеп мың тилла тапқан екен. Үшинши талапкер жигит киятырса, бир адам китап сатып отырғанының үстинен түседи.

— Саўдасы қанша болды? — дейди үшинши жигит.

— Мың тилла, — дейди сатыўшы.

— Ҳаў, неге буншелли қымбат? — дейди жигит.

— Себеби, бул китапты ашып қарасаң, өзиңниң ойыңдағынды, ойлағаныңды көриўге, егер ол адам болатуғын болса, оның жағдайын билиўге болады, — дейди сатыўшы.

Бала китапты мың тиллаға сатып алады. Бул үшеўи баяғы алайын деп жүрген қызы туўралы ойлайды. Китапты ашып қараса, қыз дүньядан өткен екен. Жигитлер буннан қапа болып, көзлерине жас алады. Сөйтип үшеўи де тез қызға жетип келеди. Қызға келсе, ҳақыйқатында да қайтыс болыпты. Екинши жигит қыздың аўзына кесе тутып, оған суў ишкизеди. Қыз тириледи. Қыздың тирилиўине үшеўиниң де пайдасы тийди. Қыз көп ойланады. Ең соңында «китап болмағанында мениң өлгенимди билмес едиңиз» деп үшинши балаға турмысқа шығады.

Сол пайыт патшаның қызы бирден:

— Ханның қызына еки жигит те ылайық еди ғой! Неге қыз булай ислейди? Бул әдалаттан емес, — деп сөйлеп қояды.

Тилеп қызды сөйлетеди. Қызды сөйлеткени ушын хан ўәдесинде турып, қызды шын қардарына қосады. Жигит түсинде көрген қызына усылай қосылып, кеўили жәм болып, бахытлы турмыс кеширеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТАҚЫЎА ДИЙҚАН
(Р-535, №176478)

Бурынғы өткен заманда бир тақыўа дийқан болған екен. Ол наятый қанаатшыл адам екен. Қандай қыйыншылық болса да, жумысқа жарамай қалса да, хеш налымай, тек шүкиршилик етеди екен. Аўыл арасында жумыс табылмаса, қоңсы журтларға барып талап ислеўди әдетке айландырыпты. Күнлердиң биринде иргелес журтқа талап етиўге шығып жүрип, бир сәрхаўыздың бойында үш отаўдың тигиўли турғанын көреди. Бул жерден қол ушы талап табыларын ойлаған дийқан биринши үйге кирип:

— Талап излеп киятырған адам едим, егер мийнет ҳақы төлесеңиз, есигиңизде талап ислеймен, — депти.

— Кеширерсиз, ҳақы төлейтуғын кәрежетимиз жоқ, — дейди үй ийеси.

Дийқан екинши үйге кирип барады. Ол үйдиң ийеси де:

— Мынаў қоңсы үйдиң гүндеси менен жер айдайтуғын едим, бизде де улыўма пулдың болмай турғаны, — деп үшинши үйге силтепти.

Дийқан үшинши үйдиң есигине де барып соны айтады. Ол үйдиң хожейини тап ҳәзир ақша жоқлығын, бирақ пул болған ўақытта ҳақысын төлейтуғынлығын айтады. Дийқан үшинши үйде талап ислеўге қалып қойыпты. Сол үйде алты ай хызмет ислепти.

Бир күни дийқан өз журтына баратырған көп кәрўанларды көрип, алты ай хызмет ислегени ушын үй ийесинен он теңге алып, кәрўанбасыдан үйине берип жибереди.

Кәрўанбасы жолда оның он теңгесине бир балық алып, дийқанның үйине алып барып береди. Дийқанның ҳаялы балықты асайын деп ишин жарса, ишинен үш гәўҳары-шамшырақ шығыпты. Ҳаял гәўҳардың биреўин сатып, мол дүньялы болыпты. Екинши гәўҳарды сатып, саўлатлы ҳәўли-ҳәремли жай алыпты.

Бир жылдан кейин дийқан қалған алты айына он теңгесин алып үйине қатады. Жолда базарлыққа алма алып келеди. Келсе, өз үйиниң орнында үлкен сарайды көрип ҳайран қалыпты. Үйине келип, бала-шағасын көрип, апақ-шапақ болып көриседи. Күтпеген жақсылықты еситип, және де шүкир етеди.

Дийқан усылай күн кеширип жүргенде, сол журттың патшасының баласы қатты аўырыпты. Баласын тәўипке көрсеткен екен, тәўип оның емине алма буйырыпты. Бирақ, патшалықтан алма табылмапты. Патшаның алма излеўши адамлары дийқанның алып келген алмасын алып ханға барыпты. Сол алманы балаға жегизген екен, баласы тәўир бола баслапты. Бул хызмети ушын патша дийқанға ғәзийнесинен көп дүнья берип қайтарыпты. Сөйтип, дийқан өзиниң ҳаққа шүкиршилигиниң арқасында бай-дәўлетли адамға айланыпты. «Бир нәрсеге бир нәрсе себеп болады» деген даналық усыннан қалған екен.

## «ЎАҚЫТША» ЛАҚАПЛЫ БАЛА
(Р-46. № 50416)

Бир бар екен, бир жоқ екен, бурынғы өткен заманда дәрья жағасында бир кемпир-ғарры өмир сүрипти. Олар ҳешнәрседен кемлик көрмепти, тек перзентли бола алмапты. Бир тырнақтың зарынан ол екеўиниң де ишкен асы бойына тарамапты, кеўили бәрҳа ғамлы екен. Үй ийесиниң күндеги кәри балық аўлаў болыпты.

Күнлерден бир күни ол балық аўлаўға кетип баратырса, алдынан бир жәдигөй кемпир шығыпты. Кемпир бабаның алдын орап:

— Ҳа, балықшы! Неге буншелли қапа көринесең? — депти.

— Ҳе, мен ғәрип дүнья-малдан уўайым шекпеймен, бирақ изимнен ерген перзентим жоқлығына, зүрият қалдыра алмағаныма иш-ишимнен жанаман, — депти.

Кемпир бул сөзди тыңлап болып:

— Сениң тилегиңди орынлаў мениң қолымнан келеди. Бирақ бир шәртим бар, — депти.

— Ол қандай шәрт? — деп сорапты балықшы.

— Сен үш балалы боласаң. Бирақ, балаларыңның үшиншисин маған бересең. Мен баланы жети жылдан кейин алып кетемен, — депти.

Балықшы баба ҳайран болыпты. «Бул өзи зордан жүрген бир кемпирде қандай кәрамат болсын, оның айтқаны я болды, я болмады» — деп ойлап, кемпирдиң шәртине ыразы болыпты.

Баба үйине қайтып келгеннен кейин болған ўақыяны кемпирине айтып берипти. Кемпири оны тыңлап болып:



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚОНАҚ ШЫМШЫҚ ҲӘМ КҮТИЛМЕГЕН СЫЙЛЫҚ
(P-565, №176508)

Бурынғы өткен заманда бир дийқан болған екен. Оның азғантай жери болып, сол жерге ол бийдай египти. Бийдайдың ортасында бир ағаш бар еди. Оған күнде бир шымшық келип қонып, дийқанның бийдайын жей берипти. Буған дийқанның ашыўы келип, шымшық қонақлап отыратуғын ағашты шаўып тасламақшы болады. Сөйтип, ол балтасы менен ағашты бир урғанда, шымшық адамша сөйлейди. Ол дийқанға былай дейди:

— Мен бул жерге ара-тура келетуғын бир қонақ шымшықпан. Маған бола ашыўланып, әнейдей өсип турған ағашты кеспе, мен саған бир таяқ берейин. Сол таяқты ал да жерге үш мәрте ур, сөйтип өзиңе керек затты сорап ала бер. Ол бәрин бәржай қылады, — дейди.

Дийқан шымшық берген таяқты алып, үйине барады ҳәм бул сырды ҳаялына айтады. Ҳаялы таяқты сынап көргенше асығады. Дийқан таяқты қолына алып, жерге үш мәрте урады да:

— Маған бир хантақта, ыссы нан менен сарымай керек, — дейди.

Олардың көз алдында дөңгелек хантақта, хантақтаның үстинде порсылдаған ыссы нан ҳәм сарымай тайын болады.

Буннан кейин оған ҳаялы:

— Енди буған зәўлим жай салдырып ал, ол жай байлардың гүңгиралы үйлеринен бир де кем болмасын, — дейди.

Дийқан өзине зәўлим жай керeклигин айтып турып, таяқты және жерге үш мәрте урады. Сол ўақытта сарайдай жай таяр болады. Сөйтип, дийқанның дәўлети кем-кемнен арта береди. Булар енди сол журттың патшасын қонаққа шақырғысы келип қалады.

«Патшаны қәйтип шақырсақ екен, датханасына барып айтсақ па екен?» деп ойланып турып:

— Бизиң үйге патшамыз қонаққа келиўи керек, — деп, қолындағы таяқты жерге үш мәрте урып қалғанында, дәрўазаның алдында патша өз нөкерлери менен пайда болады. Дийқан оларды өз үйине мирәт етип, жақсылап күтеди. Дийқан менен ҳаялы патшаға дәстүрхан жайғанына наятый қуўанады. Булардың ҳәмме нәрсениң қалай бәржай қылып атырғанын байқаған патша барлық заттың таяқ пенен болып турғанын билип, таяқты қалай да қолға түсириўди ойлайды. Патша бир ўәзирин шақырып алып, оған:

— Сен ана таяқтың орнына бөтен таяқ қойып, сол таяқты сарайға алып жүр, — деп буйырады.

Сөйтип, дийқанның таяғы қоллы болады.

Патша кеткеннен кейин дийқан таяғына ис буйырып көрсе, бежермейди. Оның аўыстырылғанын сезип, иши ғым ете қалады. Ертеңине патшаның алдына барып арызын айтады

Патша:

— Ҳе, не еди, дийқан достым? — дейди.

Дийқан таяғының қоллы болғанын, гүманы патша адамлары екенлигин мәлим етеди. Патша өз хызметкерлериниң ондай жарамас әдетлерди ислемейтуғынын түсиндирип, дийқанға жақсы сөзлер айтып, оны еплеп-сеплеп үйине қайтарады. Дийқан патшаның баладай алдастырғанына ары келип, жериндеги қонақ шымшыққа келеди. Шымшыққа дәртин шағынып, таяғын урлатып алғанлығын, енди бөтен таяқ бериўин сорайды. Сонда шымшық:

— Менде басқа таяқ жоқ, бирақ сениң тамыңда бир шөккиш бар. Соның менен жерге үш мәрте урсаң, үш дәў шығады. Сол үшеўине не буйырсаң да, исиңди бәржай келтиреди, — дейди.

Дийқан шымшықтың кеңшилигине ырза болып, үйине келеди де, шөккишти таўып алып жерге үш мәрте урады. Сол ўақытта үш дәў пайда болады. Олар:

— Не буйырасыз, хожейин? — дейди.

Дийқан:

— Мениң бир сыйқырлы таяғым бар еди, соны патшаның адамлары жымқырып кетти, сол таяғымды сарайдан әкелип бериңлер, — деп буйырады.

Дәўлер «Куп, әжеп!» дейди де көзден ғайып болады. Бир заматтан олар таяқты әкелип, дийқанның қолына услатады. Дийқан таяқты жерге үш мәрте урып:

— Дәстүрханға табақ-табақ ас келтир, — деп еди, айтқаны ҳәпзаматта тайын болды. Ол дәўлерди дәстүрханға мирәт етип, оларға зыяпат берди. Соннан баслап, сыйқырлы таяқ та, дәўлер де оның хызметинде болыпты. Дийқан сол жердеги кембағаллардың барлығына жәрдем берип, үйсизлерди үйли, күйсизлерди күйли етип, өзи солардың кәтқудасы болып мурады мақсетине жетипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТАСКЕСЕР
(Р-456. №176399)

Бурынғы өткен заманда бир адам болыпты. Оның жалғыз баласы бар екен. Баланың аты Таскесер еди.

Бир күни сол адам өлеринде аўырып, Таскесерди қасына шақырып алып:

— Балам, саған айтар нәсиятым бар, жақсылап тыңла. Биринши, адамды сыртынан сөз қылма, екинши, сөйлегенде келешекке пайдалы анықлықты айт. Үшинши, ҳақ та болсаң, ант ишпе. Төртинши, көзиң менен көрмеген нәрсеге инанба. Бесинши, жазықсызға қылыш жумсама. Алтыншы, қандай да бир жәнлик болса да жан қыйма. Жетинши, урлық ислеп, жалған сөйлеме. Сегизинши, кисиниң қостарына көз салып әўере болма. Тоғызыншы, бай болсаң, таспа. Оныншы, жарлы болсаң саспа. Мине, усы он нәсият саған. Және, мына тасты ал, аты Сүдик. Қандай бир нәрсе керек болса усы тасқа айт, ендиги әкең — усы, усыған ойласып ис қыл, — деп қолына тасты берди. Арадан бираз ўақыт өтип әкеси қайтыс болады.

Күнлерден бир күн жигит бир урыны аңлып гөне тамда отыр еди. Жетегинде аты, бир патшаның қызы келип:

— Таскесер, жүр, — деди.

Сол елде байдың баласы бар, оның аты да Таскесер еди. Сол байдың баласы менен патшаның қызы усы гөне тамды қашыўға ўәде етискен еди. Таскесер ойланды:«Бул қызда бир сыр бар ғой, неде болса кетейин». Ол атқа минип жүре берди.

Таң атты. Қыз қараса, басқа адам, байдың баласы емес.

— Жигит, атың ким? — деди патшаның қызы.

— Атым Таскесер.

Қыз «Анаў болмаса, мынаў Таскесер болар, айыбы жарлы екен, жарлы бай болар, байға бир жут келсе, байғус болар» деп кете берди. Сөйтип, киятырса, алдынан бир дәрья ағып тур екен. Аққаны суў емес, гәўҳар екен, көп алмады, еки гәўҳар алды. Дәрьядан өтти. Сол жүрис пенен басқа бир патшалыққа келип, бир жай таўып жасай берди.

Бир күнлери бул қызды усы журттың патшасы көрип ашық болды. Сарайда ойласық болды. Сол жигиттиң ҳаялын қалай алыў ҳаққында олар ойласып, қалай болмасын баланы өлтирип, ҳаялын алыўды ойлады. Патша адам жиберип жигитти шақырып алды. Сонда патша:

— Бизиң ғәзийнеден еки гәўҳарды алыпсыз, не ушын алдыңыз? — деди ғәзепленип.

— Тақсыр, мен урлық қылмайман, бер десеңиз, еки гәўҳар берейин, — деп еки гәўҳар берди.

— Сен урламасаң, буны қайдан алдың? — деди патша.

— Дәрьядан алдым.

— Дәрьядан алған болсаң, урламағаныңды билейин, тағы биреўин таўып кел.

Жигит шығып үйине келди. Патшаның қызы оның қапа болып турғанын сезип, себебин сорады. Жигит патша не дегенин, тапсырмасын айтты. Кейин баяғы дәрьяға барды. Дәрьяда гәўҳар жоқ, оннан кейин қалтасынан атасы берген сүдиктасты алды.

— Қәне, ата муразым, дәрьяда ағып турған гәўҳар қайда? — деп сорады Таскесер.

— Усы дәрьяның ығына жүр, бир көпир бар, астында бир қыз өлип атыр, «тур» деп сыйпа, сол қыз айтар, — деди сүдик.

Дәрьяның ығына жүрди. Көпирге жетип барса, шынында да бир қыз өлип атырған екен.

Сүдиктасты қолға алып, «тур» деп қызды сыйпады. Қыз орнынан турды.

— Дәрьядан ағып турған алтын-гәўҳар қайда? — деп сорады жигит.

— Бир дәў келип мени тирилтеди, қайтарда өлтирип кетеди. Сол дәўди өлтир, соннан кейин айтаман. Өзине оқ өтпейди, шапсаң қылыш кеспейди, —деди қыз.

Жигит басқа жерге барып сүдиктастан сорады.

— «Айтпасаң өл» деп мениң менен сыйпа, — деди сүдиктас.

Барды да, «айтпасаң өл» деп сыйпады. Қыз өлди, тағы сүдиктас айтты:

— Азанда усы көпирге бир ғарға қонып отырады. Ат ишинде арша бар, арша ишинде бир кептер бар, сол кептерди өлтир, дәў сол ўақта өледи.

Айтқанындай етип еди, дәў өлди. Оннан кейин қызды тирилтти. Қызға қарап:

— Дәўди өлтирдим, гәўҳарды айт, — деди.

— Мине, — деп қыз көп гәўҳарды көрсетти, соннан жүзин алды. Бул қызды өз жайына жиберди. Таскесер үйине қайтып келди. Ертеңине азанда жети гәўҳарды қалтасына салып патшаға сәлем берди. Патша турып:

— Қәне, гәўҳарларды алып келдиң бе? — деп сорады.

— Аўа, тақсыр, — деп биреўин берди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда бир ўәзир:
— Тақсыр, қазнада төрт гәўҳар бар еди, жаңа үшеў болды, енди биреўин берсин, — деди ҳийле ойлап.
Сол ўақта қалған алтаўын да шығарып:
— Өтириктен өлген екенсиз, — деп шашып жиберди.
Булар не қыларын билмеди. Жигит гәўҳарды шашып шығып кетти. Үйине келип патшаның қызына ойласты. Сонда патшаның қызы:
— Бул қандай зулымлық? Буған қалай көниў мүмкин? Жазығы мойнында, — деди.
— Тақсыр саған ашық болып қалыпты. Мен ондай нәлетий патшаларға заўал тилеймен. Буны булай қалдырыўға болмайды.
Солай етип отырғанда патшадан жасаўыл келип, Таскесерди алып кетти. Жигитке патша:
— Ҳаялың бунда қалады, өзиң қаладан шығып кет, — деди.
— Тақсыр, әдиллик қайда? Журт ағасы болып турып, биреўдиң өмирлик жолдасын тартып алыў көргенсизлик ҳәм көзкөреки зорлық емес пе? — деди Таскесер.
— Жәллат, мына есерди шығарып жибер, — деди зулым патша.
Жаны қысыныспаға түскен жигит «сүдиктас» деди. Сол ўақта жигиттиң бойында ғайрытәбийий күш пайда болды, саўыт-сайманы, бәрше әнжамы тайын болды. Таскесер жетип барып, патшаны шапты, сарайдағы жарамсақ ўәзирлерди, қанқор жәллатлардың бирин қоймай қырды. Патшаның дийўанханасында жарлы-жақыбайға көз қырын салып, қолынан келген жәрдемин берип жүретуғын бир хызметкер бар еди. Жигит соны патша жумсап жиберген жеринен алдырып, патшалықтың тахтына отырғызды. Өзи болса, ғайыптан тайып қосылған ақылы дана ҳаялы менен бахытлы дәўран кеширип, мурат-максетине жетипти.

## АБАТ ПАТШАЛЫҚ
(Р-98, №42923)

Бурынғы өткен заманда бир балықшы болыпты. Оның тек жалғыз баласы бар екен. Балықшының ҳәр күнги талабы дәрьяға барып керши салып, мезгилине үш балық услайды екен.
Бир күнлери балықшы аўырып қалыпты. Баласы кершини алып, атасының орнына аў салмаға кетипти. Түни менен керши салыпты. Балықты да көп услапты. Таң атыпты. Бала енди қайтайын деп атырғанда күн шыға дәрьяның жағасы менен бир көкбөри аўзында тислеген заты менен жортып киятырғанын көрипти. Бала үндемей отыра берипти. Бөри оның тусына келген ўақта бала оған бирден тәп береди. Бөри қорқып кетип, аўзындағысын таслай қашады. Бала бөриниң аўзындағы «не нәрсе екен?» деп барып көрсе, жипек қундаққа оралған нәресте екен. Балықшының баласы нәрестени қундағы менен алып, үстин өзиниң кийимлери менен қымтап, жаўып қойыпты да, өзи балықларын жыйнай берипти. Сол ўақта үстинде саўыт-сайманы, қолларында жаў-жарағы бар отыз атлы әскер жетип келди. Келе атларын иркип:
— Ҳей, жигит, бул жерден бөри өтти ме? — деп сорады.
Бала басын ийзеп «аўа» деди. Атлылар атларын «шүў» дегенде, бала атлыларға:
— Ол бөриниң сизлерге қандай кереги бар еди? — деп сорады.
Атлылар еситпей асығып, шаўып баратырғанда бала:
— Излегениңиз мында, — деп даўыслайды.
Атлылар қуўанысып, баланың жанына келип, оның қолынан қундақлаўлы гөдекти алды. Әскербасы жигитке:
— Ҳей, жигит, сен бир ығбалың жанған азамат екенсең. Бул нәресте бизиң патшамыздың перзенти еди. Патшаның ҳаялы жылда ул туўады. Туўған баласын туўғандай бир көкбөри алып кетеди. Патша ҳаялының толғағы тутқаннан оны қорытып, бирнешше қараўыл қойған еди. Бирақ, қалай қолайын тапса да, бул көкжал баланы тағы да алып кетипти. Патша аңсыз қалған қараўылларын дарғазап етип, қамап қойыпты. Бизлер сол көкбөриниң кейнинен қуўып киятыр едик. Сен көп адамлардың жанына ара болдың. Сен енди қорықпа, ертең таң ата анаў таўдың басына мин, төменинде патшаның атшабар ойыны болады. Қорықпа, бара бер. Сен жақынлаған ўақта өзлеримиз алдыңыздан шығып, патшаның алдына апарамыз. Патша саған бул азаматлығың ушын баланның баласына жететуғын дүнья береди, — деди.
Атлылар патшаның перзентин алып кете берсин, балықшының баласы балықларын жыйнап, үйине қарай раўана болды.
Ертеңине азанда кешеги патша адамларының айтқан таўының басына шығып қараса, таў жанбаўырында көп-көмбек темирге оранған атлылар тур екен. Барыўға қорқып, кейин қайтты. Патша

www.ziyouz.com kutubxonasi

жолына адам қойған екен. Баланың ғырра изине қайтқанын көрип, кейнинен ат пенен қуўып жетип:

— Хәй, жигит, кеше өзиңе айтып едик ғой бүгинги тамашаны, не себептен енди кейнине қайтып баратырсаң? — дейди.

Балықшының баласы өзиниң қорыққанлығын жасырмады.

— Қорықпа, олардың саған хешқандай зәлели жоқ, — деп жигитти ылақ ойнап жүрген адамлардың арасы менен патшаға алып барыпты. Бул патша пәрийлердиң патшасы екен. Патша бул баланы көп күн мийман етипти.

Бир күнлери бала патшадан қайтыўға руқсат сорайды.

— Сен де мениң бир перзентимсең. Жас болсаң да жүрек етип, жан дегенде жалғыз зүриятымды бөри аўзынан алып қалдың. Сениң бул азаматлығың анаў-мынаў адамзаттың қолынан келмес. Усы хызметлериңди бахалап, әўлад-әўладыңа жетерлик мал-дүнья беремен. Қәне, балам, не зат қәлейсең? — деп сорады патша.

Бала не дерин билмей, егленип қалады. Патша жигиттиң қыслығып, қысынып атырғанын билип:

— Хей, балам, сен хеш заттың атын атай алмадың. Енди өзим-ақ айтайын, — деп бир қалта, бир шапан, бир тас берипти.

— Мынаў қалта — көзқалта деген. Ишине қум салып, тилла бол десең, тилла болады, яки тас салып, гәўхары шамшырақ бол десең, гәўхары шамшырақ болады. Шапанды кийсең, хеш адамға көринбейсең. Мынаў тасқа «бар, анаў патшаның журтын гүлопат ет» десең, ямаса қанша жаў болса да «бар, анаў жаўларды қыр» десең, бирин қоймай қырады.

Балықшының баласы патшаның берген сыйлықларын алып, өз үйине қайтады. Ол жолда киятырып:

— Патша маған шынында да кәраматлы затларды сыйға тартты ма, яки әйтеўир бир затларды бере салды ма екен? Бәлки, өзи айтқандай шыны кәраматлы шығар? — деп қалтаны сынаў ушын ишине бир қосуўыс қум салып, «тилла бол» деди. Бир қосуўыс қум тилла болды. Бала наятый қуўанып кеткенинен тилланы қалтасына салып алды да, үйине жетиўге асықты. Үйине кирер ўақта шапанды кийип алып:

— Ассалаўма -әлейкум, — деп ишке кирип барды.

Ата-анасы даўыс шыққан тәрепке жалт қарады. Қараса, хешким жоқ. Ата-анасы хайран болды.

— Хаў, жаңа биреў үйге сәлем берип киргендей еди ғой. Көзге көринбейтуғын жин бе, шайтан ба? — деп қорқысып қалды.

Бала шапанның хақыйқат кәраматының барын билип, оны шешип, ата-анасына алған сыйлықларын баян етеди.

Бала «әне жигит, әйне жигит» деген жасқа де жетти. Ол өзиниң алған сыйқырлы буйымларын пайдаға жаратып, отаў тигип, жай салды. Атасы керши салатуғын дәрьяның жағасына қоныс басып, аш-жалаңаш адамларды дөгерегине жыйнап, оларға гүмис, тилла берип, аз ўақыттың ишинде бир келата ел болды. Журтқа пайдасы тийген бул жигиттиң хабарын еситип, үсти-үстине ел көшип келе берди. Үлкейе-үлкейе бул үлке үлкен бир патшалық болыпты. Журтшылық бул патшалыққа Тазабайдың өзин ылайық көрип, оған алтын тахт соғып берип, тахтқа отырғызады. Енди жигитти Тазабай патша деп атай баслайды. Тазабай патша қайтадан қала салдырыпты. Жайларға гәўхартаслар орнатып, оғада көркемли қала болыпты.

Шәхәрдиң сыртынан қорған жүргизип, дәрўазаларына түрли хасыл таслардан көз қойдыртыпты. Дәрьяға гүмис көпир салып, қалаға киргенше жолды хасыл таслар менен төсетипти. Қаладан кеткен кәрўанлар да, басқа жолаўшы адамлар да «қайдан келдиңиз?» деп сораса, «Тазабай патшаның журтынан киятырмыз» деген сөзлер еллерден еллерге, тиллерден тиллерге жайылыпты.

Бул хабар басқа бир патшаға да жетип, ол хайран қалып, кәрўанбасыларды қабыллаўына шақырып алып сорайды:

— Сол айтқан патшаңыз қай жерде? Мен усы жасыма дейин ондай патшалықты еситкен жоқ едим.

Кәрўанбасылардың бири:

— Тақсыр, Тазабай патша деген пәлен дәрьяның бойында турады. Ол бурын жалғыз үйли отырған балықшының баласы екен. Өзи жақсы жигит. Сондай сақый. Аты жоққа ат, өгизи жоққа өгиз хәм ишип-жеўине тилла берип, демде үстине ел жыйнап, хасыл таслардан безетип қала қурдырды. Дәрьяға гүмис көпир салдырды. Ол қаланы сизиң қалаңызға салыстырғанда, сизиң сарайыңыз Тазабай патшаның сейисханасына ғана жетеғаба, — дейди.

Патшаның буған қатты қәхәри келип, кәрўанбасыларды кәрўаны менен қосып қаматып таслайды. Сөйтип, ақылгөйлерин жыйнап, ойласыққа кирисипти. Ишинде бир адам турып:

— Тақсыр, ол патшаға топа-торыстан жаў болып барсақ болмас. Әўели елши жиберип билдирейик. Қалғанын кейин көрермиз, — депти.

Сонда патша:

— Олай болмасын, биз қырық атлы болып өзлеримиз қонаққа барайық. Елши жиберип басқа журттың патшасы емес, өзимиздиң қол астымыздағы журт. Ел де өзимиздики, халық та өзимиздики,

www.ziyouz.com kutubxonasi

журт та өзимиздики. Қонақтан қайтып келип, Тазабай патшаны қонаққа шақырайық. Сол жерде Тазабайды өлтирейик. Соннан соң ол жер басшысыз қалады. Соң оларды өзимизге қосып алып, бир сорамлы етемиз, — дейди.

Патша айтқаннан кейин бул сөз хәммеге мақул түсти. Ўәзири, қусбеги, мәтер хәм тағы да басқа хәмелдарлары менен патша Тазабай патшаға қонаққа кетипти.

Көп жүрип дәрьяға барыпты. Барып көрсе, дәрьяға адамның ақылы уғрас келместей етип, көпирлер қурдырған. Патша өз көзи менен көрип қайыл қалыпты. Патша жолдаслары менен қаланың дәрўазасының қасына келипти. Дәрўазаман патшаны ишкери киргизбейди.

— Мына заңғар не дейди? — деп патша қәхәрленеди.

— Патшадан руқсатсыз киргизбеймиз, — деп, Тазабай патшаға адам жиберди.

Тазабай патша үлкен миймандослық пенен, өзиниң адамлары менен сарайдың қасына келип аттан түсипти. Тазабай патша мийманларды сарайға киргизип, күте берипти. Олар еки-үш күн қонақ болып, сый-хүрмет көргеннен кейин жуўап сорап, өз патшалығына қайтыпты.

Иши оттай жанған патша өз журтына келгенне кейин тахтына минип, қалайша Тазабайды жоқ қылыўды әри ойланып, бери ойланып, ақыры сол бурынғы жобасы бойынша оны қонаққа шақырмақшы болыпты да, оған хат жоллапты. Жиберген адамы Тазабай патшаға жазған хатты тапсырыпты. Тазабай хатты оқып, патшаның жасырын ойын түсинипти.

Тазабай патша да қырық жигитин жыйнап, қоңсы патшаға қонаққа барыпты. Патша жыллы шырай менен қарсы алып, оны хәм жолдасларын мийман етти. Күн батыпты, геўгим түсипти.

Тазабай патша өзиниң жолдасларына қарап:

— Сизлер мени жойытпаң. Мен патшаның үстине барып, әңгимелесейин. Менде қандай кемшилик бар? Жетпеслик бар ма, сорайын. Бул көп ўақыттың адамы, өзара пикир алысайын, — деп, жолдасларынан руқсат алып майданға шығыпты. Үстине шапанын кийип, патшаның қабыллаўына кирипти. Бунының барғанын патша билмейди. Тазабай болса, «Патша қандай мақсетте мени қонаққа шақырған екен?» деп көзге көринбей отыра берипти. Патша аўқатланып болып есиктеги пәшшапты шақырып:

— Есикке беккем бол. Тазабай патшаның жансызы келип, бизиң сырымызды еситпесин, — деп ескертти.

Өзи қасындағы ақылгөйлери менен ойласыққа кирди. Патша турып:

— Бул Тазабайда жасырын сыр бар шығар. Қандай болса да бир байлығы бар. Болмаса, мен нешше жылғы патшаман. Мениң сарайым оның малханасындай жоқ. «Тазабайды мақтадың» деп кәрўанларды қаматқан едим. Өзим көзим менен көрип инандым. Енди қолға түскен адамды аман жибермейик, өлтирейик, — депти.

Бул сөз хәммесине мақул болды. Сол ўақта түни менен патшаның жасырын сырын еситкен Тазабай патша тосаттан шыға келди де:

— Хәй, мийи кеткен патша, сен өз басыңды жалмайын деп турыпсаң. Бул Тазабай патша қудайдың сүйген бендеси. Сен бизге жаманлық етемен деп, өзиң жоян болайын деп турсаң. Егер буған исенбесең, хәзир-ақ кәраматымды көрсетемен. Қара, — деп, қалтасынан суймыр тасын шығарды.

— Бар, патшаның дәрўазасын ылақтыр! Шоқ ала жалын болып әлемди ал! Даўысыңнан адам хаўлыққандай болсын!

Суймыртас шырт етип кетипти. Барып патшаның дәрўазасын ылақтырып, көк ала жалын әлемди алыпты. Даўысынан патша хәм оның ақылгөйлери еслеринен талып қалыпты. Сол ўақ жатып патша есин жыйнапты. Тазабай патша тағы сөзин тәкирарлап:

— Хәй, патша, көрдиң бе кәраматымды? Егер жаманлық етсең, сени жерге тарттыраман. Ертең Тазабай патшаға бар, ийилип тәжим ет. Патшаға қызыңды бер. Ол саған керекли адам. Егер қанша жаўың болса да, бир өзи жеңеди, — депти.

Айтып болып еки ийнине еки гәўхары шамшырақ қойып кетип баратырып, шыраны да өширипти. Шыра өшкен соң қараңғыда еки ийниндеги шамшырақ қып-қызыл болып нур шашыўы менен есиктен шығып кетипти. Патша бул servers-ди көрип қорқып, зәрреси ушыпты. Хәмме кәраматқа өз көзи менен гүўа болған патша Тазабайдың қудиретинен сескенип, ўәзирлери менен ойласып, оған қызын бермекши болыпты.

Азанда ўәзирлери менен Тазабай патшаға барып, ийилип тәжим етипти. Патша Тазабайдың алдында әл қаўсырып турып:

— Хаў, уллы дәрежели мийманым, сизди шақыртқандағы мақсетим, сизге қызымды берип, уллы тойымды баслаў еди, руқсат берсеңиз, тойымды басласам, — депти.

Тазабай руқсат берипти, патша тойын баслапты. Қырық күн той берди. Тойды тарқатып, Тазабай патшаға қызын берипти.

Енди сол қаланың атақлы бир байының баласы бар екен. Сол байдың баласы патшаның қызының жаслай ашығы екен. Қызды басқаға бергенин еситип, байдың баласы хатқа жазып «патшаның қызына

www.ziyouz.com kutubxonasi

тапсыр» деп бир кәнизекке берипти. Кәнизек қызға хатты тапсырыпты. Қыз хатты оқыса, мынадай депти: «Ҳей ашығым, сен мениң өмиримниң ишиндеги ең қәдирданым един. Маған берген ўәдең де солай еди. Егер кеўилиң менде болса, сол Тазабайдың жасырын сыры бар шығар. Сен сора, айтпаса ҳеш сөйлеспе, айтқанына жуўап берме. Оннан соң айтар. Сырын билсен, екеўимиздиң қосылыўымыз аңсат».

Әне, енди Тазабай патша өз журтына қайтыўға жуўап сорапты. Үйине қайтпақшы болып, патша үстине кирип, қалтасынан сегиз шамшырақ шығарып алдына қойыпты. Патша шамшырақларды көрип мәс болыпты. Тазабай патша руқсат алып, елине қайтты. Қаласына келип патшалық исинде тура берипти.

Бир күнлери патшаның қызы қостары Тазабай патшаға түрли-түрли наз етип, ерининң иши-баўырына кирип:

— Ҳей, сүйиклим, патшаҳым! Сен атама берген сегиз шамшырақты қайдан таптың? Мениң атамның бир де шамшырағы жоқ еди. Бул тас сондай терең, түбине адам бара алмайтуғын суўдың астында болады дейтуғын еди, —деп сорапты.

Тазабай патша:

— Ҳей, оны не қыласаң? — деп жөнин айтпапты.

Қыз жортаға:

— Ҳе-е, сениң кеўилиң бөлек екен. Меннен сыр сақласаң, онда патшалығыңа ылайық емес. Уллы патша да ҳаялынан қорқып, сыр жасырар ма? — деп жортаға ашыўланып, қапа болып, терис қарап отырып алыпты.

Сол терсекилик пенен бес-алты күн жүрипти. Патша келсе, арман қарап отырыпты. Сораса, жуўап қайтармапты. Жатса да терис қарап жатыпты. Тазабай патша:

— Ҳей, буннан онысық болмас. Қой, бир ҳаялымды қапа етип қоймайын. Ҳаялдан қорқып сыр айтпаған надурыс шығар. Бул мениң өмирлик қостарым ғой. Буннан сыр жасырмайын, — деп қостарына өзиниң сырын айта баслапты. Қолына алып:

— Мынаў көзқалта деген. Буған қум салып, «тилла бол» десем, тилла болады. Тас салып, «шамшырақ бол» десем, шамшырақ болады, — депти. Сөйтип төсқалтасына салып қойыпты.

Ҳаялы қай жерге қойғанын да билип алды.

Бир күнлери Тазабай патша уйқылап атырғанда ҳаялы көзқалтасын, суймыр тасын ҳәм шапанын урлап алып, күн демей, түн демей жол жүрип, әкесиниң жанына жетип барыпты. Жолда он алты тасты қалтаға салып «шамшырақ бол» депти, шамшырақ болыпты. Шамшырақларды әкесине берип:

— Мә, сизге керегиңиз шамшырақ болса. Мени қай жақтағы уры-гәззапқа бердиңиз. Түн болса баспашылық етип, журт талайды екен, — деп жылай берипти.

Қыз қозқалтаны жанына беккем сақлап, өзиниң кәнизеклери менен жүре берипти.

Енди Тазабай патша оянса, ҳаялы жоқ. Қалтасындағы қозқалта, шапаны, тасы да жоқ. Қапа болып, кейнинен қуўған менен де пайдасыз деп, қаладан шығып таўлыққа барып, қапашылығы жазылса, кеште сарайына келеди екен.

Бир күнлери таўлықта қапа болып, тунжырап отырса, баяғы қалтаны берген дәўпериниң патшасы көринис берипти.

— Ҳей, балам, саған ҳешкимге сырыңды айтпа, деп айтпап па едим? Енди саған үш алма берейин ҳәм мына пердени берейин. Пердени етине кий, басқа түрде өзиңнин ойлаған адамың боласаң. Сөйтип патшаның сарайы қасынан қолыңа үш алма ҳәм айна-тарақ алып өте бер. Патшаның қызы шақырар, бар. Ишиндеги рәўишлиси мына алманы алып, аўзына тийгизер. Сол ўақта тили гүрмеўге келмей, аяқ-қолы топ болып қалар. Сен тайсалып қашып кет.

Арадан бир жыл өтер. Мына липасты кий. Келискен тәўип боласаң. Патшаға барып ерек үй тиктирип, мына алманы ийискетсең, қыз көзин ашар. Тили сөйлеўге келер. Сол ўақта затларыңды алып, шапаныңды кийип үшинши алманы ийискет. Қыз тәўир болар. Сөйтип кетип қал, оннан соң да алдырсаң, сениң өлдим дегениңде көринис бермейин, — деп дәўпери көзден ғайып болыпты.

Тәўип көринисиндеги Тазабай перилер патшасының айтқанларын ислеп патшаның сарайының жанынан қолына алмаларын алып:

Айна, алма, тарақ бар,
Алмасаң да қарап қал, — деп өте бергенде патшаның қызы оны тоқтатты.

— Ҳей адам, алмаңды бери әкел, — деди қыз.

Қасына барыпты. Патшаның қызы наз бенен кәдимгидей алманы алып, қалтасынан бир теңге шығарып берипти. Тазабай теңгесин алып «берекет тап қызым» деп әстен тайсалып арманлаў барып қашып, елине келип бола берипти.

Енди патшаның қызы алманы аўзына апарыпты. Сол ўақта көзлери аларып, тили байланып, аяқ-қолы топ болып қалыпты. Бул хабар патшаға жетти. Патша қызын көрип, өзи де ҳаўлығып кетти. Елинде тәўип қоймай қаратыпты. Ҳеш қайсысынан шыпа таппапты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Арадан бир жыл өткеннен соң Тазабай патша тәўиплик липасын кийип, келискен бир тәўип болып патшаға барыпты.

— Тақсыр, мен атайы тәўип едим. Түсимде аян етти. Сизиң қызыңыз кәсте екен, қызыңды жазбаға келдим, — дейди.

Сонда патша ушып қуўанып турып:

— Егер қызымды жазсаң, өзимниң патшалығымнан не керегиңди беремен, — депти.

Сонда тәўип:

— Ондай болса тақсыр, маған ерек үй тигип берсеңиз. Бир ақшамда, қудай дәс берсе, жазаман. Тағы да патшалықтан қараўыл қоясыз. Үйдиң қасына адам жантасса, әрўағым қашады, хешнәрсе ислей алмай қаламан, — дейди.

Патшада бундай күшли тәўипти көргенде турыс бар ма? Сол ўақта бәрше исти бәржай етеди.

Тазабай қызды ерекке тигилген үйге апарып, ел-журт жата, алманы шығарып қызға ийискетти. Қыз көзин ашып, тилге келди. Сол ўақта тәўип:

— Хей, қызым, жас басыңнан бундай аўырыўға шатылыпсаң. Мен сизди тек тилге келтирдим, еле де толық саўалған жоқсаң. Қызым, саған айтатуғын сөз мынаў. Тазабай патшадан алған затыңды маған қайтарып бер, оннан кейин енеден туўған қәддиңе келтиремен. Егер бермесең, онда бурынғы қәддиңде саўалмай қаласаң, — депти.

Қызға да жан керек. Тәўиптен қорыққанынан барлық нәрсесин таўып, қайтып берипти. Тазабай патша көзқалтасын, шапанын, суймыртасын қайтып алып қызға алманы тағы бир мәрте ийискетип, өзи шапанын кийип, көзден ғайып болыпты.

Сол жүристен қаласына келип, әскер жыйнап, бурынғы патшаны тахттан тайдырып, өзи патша болып, еки патшалықты да әдиллик пенен өзи басқарады. Қайтадан хақ нийетли қызға үйленеди. Ал Тазабайдың ҳүким сүрген журты «Абат патшалық» деп аталып, оның даңқы жер-жерлерге жайылып, халқы парахат турмыс кеширипти.

## АЛТЫН ЖҮЗИКЛИ ЖИГИТ ҲӘМ АЙ ЖҮЗЛИ АРЫЎ

(Р-1076. № 182778)

Бурынғы заманда бир байдың Әмир деген жалғыз баласы болыпты. Әмир хешқандай кемтаршылық көрмей жети жасқа да шығыпты. Ол үйиндеги хызметкерлер менен татыў турып, олардың жумысларында жәрдем береди екен. Әмирдиң бул исин көрген, еситкен байдың балалары жек көрип, сыртынан жаманлап:

— Босаң бала, қолынан хеш нәрсе келмейди, байдың улына усаған бир де минези жоқ, — деп күледи екен.

Әмир тоғыз жасқа шыққанда әкеси қайтыс болыпты. Бала бул аўыр қайғыдан сарғайып, күннен-күнге жүдеп азып кетипти. Әмирдиң атасын жойтып, қыйналып жүргенине қоса қыйналған анасы оған әкесиниң алтын жүзигин берип:

— Әкең қайтыс боларында «Мал-мүлклер, байлықлар бир басқа, бирақ Әмир мына жүзикке беккем болсын» деп еди, — депти.

Әкесинен қалған жүзик Әмирдиң шунатай бармағына шақ болыпты, буған Әмир әбден қуўаныпты.

Бул жүзикти оның үлкен әкесине перилердиң патшасы сыйлыққа берген еди. Жүзик жер жүзин көрсетип турыўшы тилсим болып, қәлеген нәрсеңди тайынлап беретуғын еди, көргиң келген адамларды жақыннан көрсетер еди.

Бир күни Әмир жүзиктиң мерўерт қасын тазалап атырса, жүзиктиң көзинен ай жүзли сулыў қыз көринеди. Әмир жүзиктен сол қызды қайтадан көрсетиўди сорапты.

Мине дәрья бойы, минекей қос, әне жаңағы қыз қостан шықты да, сал бууўып атырған бабаға көмеклесе баслады. Анаў дәрьяның ортасы, жаңағы қыз суўға сүңгип шықты. Қыздың ийегинен тамшылаған суў тамшылары жигиттиң жүзигиниң мөлдир қасына усайтуғын еди.

Әмир жүзиктен ол қыздың кимлигин сорап, оның бир балықшының жалғыз қызы екенлигин билди. Әмир бир көриўден усы қызға ашық болып қалып, оны өзине өмирлик яр етиўди ойлайды. Қыз хаққында татлы ойларға талып, өз-өзинен қуўанып жүрди. Бирақ бул қуўаныш узаққа созылмады.

Бир күни Әмир уйқыдан оянса, шунатай бармағындағы жүзиги жоқ болып шығады. Әмир жүзикти ким алғанын билмей аң-таң болады. Ақырында ол сол дөгеректеги бәрше коррандозларға корра таслатып, палшыларға пал аштырады. Үш күн өтеди, жүзиктиң қайда екенин яки ким алғанын хешким айтып бере алмайды. Коррандозлардың басшысы келип:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Балам, бизлер жүзикти кимниң алғанын биле алмадық. Жүзигиңди урлаған адам тегин адам болмаса керек, үш күн қорра таслап, жоқты таўып бере алмай қалған емеспиз. Жүзигиңди алған адам күшли дуўахан, барды жоқ, жоқты бар қылыў қолынан келетуғын сийқыр ийеси екени шубҳасыз. Ол бизлерден де жетик болғанлықтан бул сырды биле алмай атырмыз, тағы да қорра таслап пал ашыўға бизлер қорқамыз. Соның ушын сен усы жерден қублаға қарап жети күн жол жүрсең, алдыңнан бир таў шығады. Сол таўдың арғы баўырында өсип турған жуўан терек бар. Оның жапырақлары шөлден сарғайып турғандай, ал ҳақыйқатында оның жапырақлары алтын. Усы теректиң геўегинде жасы бес жүзге шыққан, бул дүньяда билмегени жоқ, өзи кәраматлы, өзи айбатлы, ашыўланса еки таўды биреў қылыўға күши келетуғын кексе Қаратәўип бар. Сол алтын терек — оның баспанасы. Сен алтын теректиң түбине қабақ пенен суў тасып қуя берерсең. Қаратәўип сени аяп геўектен шығып, қайдан келгениңди сорар. Әне, сол ўақытта барлық жағдайыңды, не жумыс пенен келгениңди айтарсаң. Тек ғана мен ҳаққында айтпа, — дейди.

Бала жети күн жол жүрип жуўан теректиң түбине келип, алып келген суўын қуяды, тағы да суў әкелип қуяды. Үшинши мәрте суўға баратырғанда геўектен ақ сақаллы баба шығады. Оның түри адамға зорға уқсайтуғын екен. Бул пүткил қоррандозлардың пири Қаратәўип еди. Қаратәўип жигиттиң хызметине ырза болып, оның қасына жақынлады. Ол оң қабағын оң қолы менен көтерип Әмирге қарап, қолына еки бөлек тас береди де:

— Мыналар сениң жумысыңды питкереди. Мени көргенлигиңди тисиңнен шығарма, енди мени излеп келиўши болма. Бар, кете бер, — деди.

Ҳайран қалған Әмир еки бөлек тасты қабаққа салды да, үйине қайтты, үйине келип қабақты жерге қойды. Қабақты сындырса, ишинен бир пышық, бир күшик шықты. Булар баяғы еки тас еди. Олар:

— Бизлерге не буйырасаң, не ислейик, қайда жумсайсаң? — деп Әмирден сорайды.

Бала өзиниң алтын жүзигин жойытқанлығын айтты. Жүзикти излеў ушын пышық пенен күшик кетпекши болды. Барлық әнжамларын, жол азықларын алған пышық пенен күшик жүзикти излеп узақ жолға раўана болып жүрип кетти.

Қырық күн жол жүргеннен кейин олардан алдыларынан биймәлим бир қала көринеди. Олар жол жүрип шаршағанлықтан усы қалада қоныўды мақул көрди. Сөйтип усы қаланың шетирегиндеги бир ийесиз жайға кирип, екеўи де уйқыға кетти. Олар енди усы жерде жата берсин, Қаратәўип олардың түслерине енип, былай дейди:

— Усы қаладан бир күнлик жерде қалың тоғай бар, сол тоғайдың қақ ортасында алтын менен гүмистен салынған сарай бар, ол өзи уры, өзи залым мәстан кемпирдики. Сарайға мәстанның өзинен руқсатсыз ҳешким кире алмайды. Дәрўазасы тилсим менен бәнт етилген. Кемпир узақ жолдан келип, қырық бир күн уйқылайды. Дәрўаза кемпир уйқыламастан бир мезгил бурын жабылып, ояныўынан бир мезгил бурын ашылады. Ҳәзир кемпирдиң уйқыға жатқанына көп күн болды. Енди үш күннен соң оянады. Сизлер сарайдың ишине кириў ушын сарайдың қубла бетинде өсип турған бийик теректи таўып алың. Оның уша басына шығып алсаңыз, еплеп сарайдың үстине түсиўиңизге болады. Аман түсиўиңизге көмеклесермен, асығың! Баланың жүзигин мәстан кемпир таңлайында сақлайды.

Бул анық аян болған түсти бир-бирине айтып, қуўаныскан пышық пенен күшик көп иркилмей, жол жүриўди даўам етеди. Олар тоғайға келип сарайға барыў ушын тоғайдың ортасына қарап жүргенде, қараңғы түсип қалған еди. Пышық пенен күшик тынбай жүрип, таң саз бергенде сарайдың қарасын көрди.

Сарайдың дөгереги тып-тыныш, бирақ қорқынышлы екен. Сарайдың жартысы гүмис, оннан жоқарысы алтыннан екен. Олар қуўанысып сарайдың қубла жағына шықты.

— Мине, мына терек Қаратәўип атамның айтқан тереги болыў керек. Усы терекке екеўимиз де өрмелеп, қолдан келсе, сарайдың үстине секиремиз. Биринши мен өрмелеймен, сен жерде қарап тура ғой, — дейди де, пышық өзи терекке өрмелеп кетеди.

Сарайдың бийиклиги үш жүз аршындай, ал, терек оннан әдеўир бийик, сарайға онша жақын емес екен. Соның ушын үш жүз аршыннан бийигирек шығып секирсе, жерге түсиўи гүмансыз болғанлықтан, теректиң уша басына шығып алған пышық күшикке өрмелеўди буйырады. Көмпек күшик теректиң жартысына өрмелегенде қатты қыйналады. Енди өрмелеп шыға алмайтуғынына көзи жеткен күшик пышықтан жәрдем сорап, пышық көмеклескеннен кейин ол да теректиң уша басына шығады.

Сарайдың төбеси қатты ҳәм қашығырақ болғанына олар бираз ойланып қалады. Пышық бираздан кейин азырақ иркиледи де, көзин жумған ҳалда тәўекел етип өзин сарайдың үстине таслайды. Пышық сарайдың дәл төбесине түскени де сол еди, сарай қатты шайқалып кетти. Оның қатты шайқалғаны соншелли, пышық даўыллы теңиздеги қайықтай болды, сарайдың о басынан, бу басына домалайды. Бирақ түсип кетпей, аман қалғанына қуўанады.

Енди күшик секириў керек. Жаңағы ҳәдийсени көрген күшик секириўге бир-еки мәрте умтылады да, жүрек ете алмады. Күшик үшинши мәрте умтылып, бойын таслады. Ол сарайдың үстине түспей-ақ

www.ziyouz.com kutubxonasi

сарайдың қатты қозғалғанын пышық сезеди.

Ал, күшик сарайдың үстине түскенде, сарайдың қатты қозғалғаны соншелли, күшик бийшара есинен айрылып думалап жерге түсип кетти. Пышық болса, сарайдың үстиндеги бир нағыстан қатты услап жибермейди, бирақ аяғының бир-еки тырнақлары сынған еди. Сарайдың шайқалыўы саябырсыганнан кейин пышық ойланып қараса, кемпирдин ояныўына бир күн қалыпты. Ол асығып баспалдақ пенен сарайдың қоршаўына, дәрўазасының қасына түскен екен.

Сарайдың иши жарқырап тур. Сарай дәлизлерине дизеден алтын унтағы төгилген. Усы жердиң өзинде алтыннан, гүмистен, мерўерттен исленген ыдыслар, моншақлар, сырғалар, түрли-түрли тағыншақлар, қымбат таслардан исленген қарыў-жарақлар, кәпестеги қуслар, хәртүрли хайўанатлар бар екен. Олардың барлығы да жансыз ҳалда екен.

Пышық биринши жайға киреди. Бул жайдың ишинде хәртүрли қорқынышлы сүўретлер бар екен, усы сүўретлерге хәм жайдың басқа жаққа кететуғын қапысы болмағанына пышық таң қалыпты. Сүўретлердиң арасындағы жолбарыстың баласының сүўрети үлкен болғаны болмаса, өзиниң бирге жүрген досты күшикке қуйып қойғандай уқсайды екен.

Досты ядына түскен пышық оның қасына барғаны мәттал, бир жарыққа көзи түсти. Жолбарыстың баласын ийтерген сайын жарық үлкейип, жердиң астындағы бир жайдың қапысы пайда болды. Пышық қапыны ашып ишке кирип төрге көз жиберип еди, иште тағы да жай бар екен. Ол жайдың қапысы ашық. Иштен адамның көзин қамастыратуғын түрли затлар, дүньяда жоқ алтын ыдыслар, хешким көрмеген әшекейлер болып, усыларға қарап-қарап пышық алға жүре береди.

Төрги екинши жайға кире бергенде, пышық қорқып кетти. Ал бул жерде алтын босағаға басын қойып, Мәстан кемпир уйқылап атыр екен.

Ендиги мәселе: кемпирдиң таңлайынан жүзикти қалай алыў керек? Пышық көп ойланып турмай, қуйрығын кемпирдиң мурнына тықты. Мурны қышығанынан Мәстан түшкирип келип жибергенде, жүзик кемпирдиң аўзынан жерге қарай ушып түсти. Усыны күткен пышық жүзикти шап етип алды да, өжиреден шығып жөнеле берди. Ол жуўырып дәрўазаның жанына да жетеди. Дәрўаза азырақ ашылған, бирақ пышық сыйғандай емес екен. Бул кемпирдиң ояныўына бир мезгил қалғанын билдиретуғын белги еди.

Мине, дәрўаза тағы да азғана ашылғанда зорға-зорға дегенде пышық сыртқа шығып үлгерди хәм өзине қарсы жуўырып киятырған күшикти көрип қуўанып сала берди. Пышықтың жүзикти алып шыққанын билип, ол да шады-қуррам болады. Олар көп иркилмей баланың елине қарап жүрип кетипти. Жол бойы бир-бирине басынан кеширгенлерин айтып берди. Пышық өзиниң түрли қызықлы қорқынышлы нәрселерди көргенин, кемпирдиң жайлары ҳаққында, ең соңында жүзикти қалай алғанлығын да айтып берди. Буларды еситкен күшик пышықты «батыр деп мақтаўға арзыйды» деп ойлапты. Ол сарайдан шығып кеткенине қатты өкинсе де, тири қалғанына шүкир етти.

Олар кете берсин, ендиги жағдайды Мәстан мамадан билиң.

Уйқысы қанған Мәстан мама орнынан турып, күндеги әдети бойынша бар дүньяларын бирме-бир көзден өткереди. Хәмме нәрсе орнында екен. Бет-қолын жуўып, аўзын шаяр ўақытта аңласа, таңлайына салып жатқан алтын жүзиги жоқ! Кемпир жүзикти барлық жерден изледи. Қарамаған жер қалмады. Нәўийе хеш жерден таба алмады. Ашыўы келген кемпир қорра да тасламады, пал да ашпады. Тасқа айландырыўшы дуўаны оқыды да, өзин де, барлық мүлкин, дүньясын сарайы менен бирге мәңгиге тас етип, қатырып таслады. Бул ўақытта күшик пенен пышық жолдағы бир дәрьяның бойына келип, демалып атыр еди. Олар дәрьядан өтиўге таярланғанда, балаға жүзикти өзи қолынан бериўге қызыққан күшик:

— Усы жерге шекем сен алып келдиң, енди қалған жолға мен алып жүремен, — деп даў салып пышықтан жүзикти басып алды.

— Дәрьядан өткеннен кейин сен-ақ алып жүр, мен дәрьядан өткерип берейин. Сен өткере алмайсаң, суўға түсирип аласаң, себеби, сен жүзгенде бәрхама аўзыңды ашып жүзесең, жумып жүзе алмайсаң, — деп пышық өз ақылын айтты.

Бирақ, аўзына түскен жүзикти бергиси келмеген күшик дәрьядан өтиў ушын суўды кешип кетти. Сол күнги дәрьяның ағысы да қатты еди. Күшик дәрьяның ортасына жетпей-ақ бир-еки мәрте мантығып, аўзындағы жүзикти де, қасындағы жолдасын да гүллий умытты. Өз басы менен ғай болған күшиктиң аўзынан жүзик суўға түсип кете барды. Екеўи де арғы жүзге шыққанда ғана жүзиктиң суўға түскенин билинди. Буған екеўи де қатты қапаланыпты. Лекин, басқа илаждың өзи жоқ еди.

Олар қайда жүрерин билмей, дәрьяның ығына қарап кете береди. Бирнеше күн жол жүрип, қатты шаршаған олар бир демалмақшы болады. Дем алыўға қолайлы жер излеп алға көз жибергенде, көзлерине бир ылашық көринди. «Не де болса сол ылашыққа барайық» деп олар ылашыққа жақынлағанда, иштен айдай сулыў бир қыз шықты. Қыздың сулыўлығына, оның айдай жүзине олар қалшыйғанынша қатып қарап қалды. Қыз да оларды көрип, екеўин ылашыққа киргизип, аўқатландырады. Бул ай жүзли арыў аядай ғана ылашықта жалғыз өзи ғана турады екен. Әкесиниң қайтыс болғанына да бир айдай ўақыт болыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Пышық пенен күшик қыздың өзлерин шақырғанына, сыйлап-хүрметлегенине қуўанып, үйиндеги анаў-мынаў жумысларына көмеклесип, бирнеше күн сол жерде болыпты. Қыз баяғы балықшының қызы еди.

Бир күни қыз балықларды тазалап атырса, бир балықтың ишинен алтын жүзик шықты. Қыз күтилмеген олжаға таң қалып қуўанды. Қыздың қолындағы жүзикке сер салып қараған пышық бул жүзиктиң баяғы баланың жүзиги екенлигин таныды. Жүзикти көргенде, сонша көрген азаплары ядына түсип, пышық жылап жиберди.

Қыз пышықтың жылағанының себебин күшиктен сорады. Сонда күшик өзлериниң усы жүзик ушын басларынан кеширгенлерин қызға айтып берди.

«Булар қайғыдан қутылсын, алтын жүзиктиң маған не кереги бар, әкемниң қайтыс болғаны жақында болса, оның үстине бул жүзикке тағы да биреў мүтәж болып отыр, ол да қапа шығар» деп ойланып, қыз жүзикти пышық пенен күшикке берди. Пышық пенен күшик қыздан әбден миннетдар болды. Енди олар кетиўди ойластырды. Бирақ сонша күн дузын ишип, хешқандай жаманлығын көрмеген жалғыз қызды көлде қалдырып кетиў де оларға қыйын соқты. Олар қызды өзлери менен бирге жүриўин сораныпты.

— Елдиң ишине бараман ғой, адамлар менен бирге болған қандай жақсы, — деп, қыз азырақ ойланды да, олар менен бирге жүриўге келисим берди хәм өзиниң қосына көп ўақыт қарап турып:

— Келип тураман, келип тураман, өзимниң туўылған жерим, бул жерлерди мен хеш ўақытта умытпайман, — деп, өнип-өскен үй-жайы менен қыймай хошласты.

Қасына пышық пенен күшикти ерткен қыз әкеси жерленген әўлийеге де барды. Қыз әкесиниң қәбири басында отырып бираз көзжас төкти хәм бул жер менен де хошласты. Кейин қосқа келип, азықларын алыпты да, алтын жүзик ийесиниң журтына қарап жүрип кетти.

Олар бирнеше күн жол жүрип, Әмирдиң елине келди. Мәнзилге жақынлағанын билип, пышық пенен күшик қатты қуўанысты. Олар Әмирдиң үйине де келип жетти. Бирақ қай жерди излемесин, Әмир хеш жерде жоқ еди. Үйдиң иши де бурынғыдай азада емес, ыбырсып атырған еди. Төсеклер солайына жыйналмай жатырса, есиктиң алдылары ыбырсыққа толып кетипти, әтирап патас екен.

Бул үшеўи Әмирди излеп, сыртқа шықса, бир топар адамлар анадай жерде қос айдап, егин егип жүргенин көрди. «Әмир тиримекен, неде болса солардан сорайық» — деп бәри бирден атыздағы адамларға қарап жүрди. Ең шеттеги қос айдап жүрген кисиден күшик Әмирдиң қайда екенлигин сорады. Бул Әмирдиң өзи еди. Әмир өзин сорап келип турған ай жүзли сулыўға бир қарап, кеўилин ғайры бир қуўаныш бийлеп, пышық пенен күшикти қолына көтерип алды да, олардан жүзик хаққында асыға сорады. Пышық Әмирге жүзикти өз қолынан берди хәм өзлери бир мәрте жойтып алған бул жүзиктиң қыздың несибесине табылғанын да айтып берди.

Әмир қызға, пышыққа хәм күшикке шын жүрегинен кеўили толып, толайым миннетдаршылық билдирди. Ол қыз бенен көрискенде хәм рахмет айтқанда, бул ай қыз арқалы баяғы жүзиктиң көзинен көрген гөззалды ядына түсирди. Өйткени, жүзик жоғалғалы берли сол қыздың көринисин көз алдына келтире алмай жүрген еди. Соны ойлап турып жүзиктен баяғы қызды тағы бир мәрте көрсетиўин соранды. Әмир жүзиктиң көзине қараса, өзиниң үйинен шығып киятырған баяғы ай жүзли қызды көрди. Ол қасындағы қыз еди. Ойламаған жерден үйине өз аяғы менен келген қызға хайранлар қалып, тәңирдиң қүдиретине тәсийин болды. Енди олар төртеўи Әмирдиң үйинде жасай берди.

Арадан бираз күнлер өтип, бир-бирине бой үйрете баслағаннан кейин Әмир қызға оның айдай жүзин усы жүзиктен көргенин, биринши мәрте көргеннен-ақ жақсы көрип қалғанын айтты, енди барлық тәшўишлердиң изде қалып, қыз қайылшылық берсе, өзине турмысқа шығыўды сорады. Қыз да жигиттиң тилегин еситип болып:

— Сизиң де әкеңиз қайтыс болған екен, мениң де әкем жақында дүньядан өтти. Енди бир де ағайин-туўғаным жоқ, дәслеп әкелеримиздиң басына жай салдырайық, соннан кейин турмыс қурыўға қайылман, — деди.

Әмир қыздың көргенлилигине сүйсинип, өзлериниң әкелери басына жай салыўды жүзикке буйырады. Келеси күни көрген адамның кеўили толғандай еки жай олардың әкелериниң үстине салынып питкерилди. Жигит өз үйинде қуран-қатым шығартып, садақа тарқатты.

Ойына алған дәслепки нийетти орынлаған олар енди той бериўди ойлап, қырық күн той бериўге жететуғын қәрежетлерди таўып қойыўды жүзикке буйырып, өзлери әкелериниң жатқан жерин зиярат етиўге кетти. Олар еки қәбирдиң де басына барып зияратлады хәм әкелерине, өзлериниң турмыс қурыў тилеклерин ғайбана билдирди.

Зияраттан келип арадан үш күн өтип, тойды баслап жиберди. Тойға ең шебер ойыншылар, жыраўлар, бақсылар, шопанлар, қуллар да келипти. Атшабыс, ылақойын болып, гүреске басқа еллерден де палўанлар келди. Әмирдиң үйлениў тойы журт мақтағандай үлкен той болып өтти. Әмир өмириниң ақырына шекем өзиниң анасын, хаялын хәм пышық пенен күшикти де хешнәрсеге мүтәж қылмай өсирди хәм

www.ziyouz.com kutubxonasi

олардың жақсылығын өмиринше умытпады. Ҳақ жарылқап бул еки жас өзинен өсип-өнди, ул-қызды кәмалға келтирди ҳәм пышығы — ана пышық, күшиги — көпек болып, олар да ийелерине садық болып қалды. Ал алтын жүзик бул үйдиң қуты еди.

## ҲҮРТАС
(Р-535, № 176478)

Баяғы заманда өзи журттан асқан кеңпейил бир адам болыпты. Ол өзиниң баласынын да парасатлы, сабыр-тақатлы болып өсиўин тилеп, бәрқулла жақсы әңгимелерди оның қулағына қуйып барады екен. Бир күни ол жигит болып қалған баласын сынаў ушын оның қолына жүз тилла берип, «усыған кеўилиңе жаққанын ал» деп қалаға жибереди. Жигит қалаға барып, ананы көреди, мынаны көреди, қолайлы ҳеш нәрсе таба алмайды. Саўдасының сәти түспегеннен кейин кери қайта береди. Қайтып киятырса, жолдың үстинде еки бала бир пышықты сабап жүргенин көреди.

— Ҳә, жоражан! Маған пышағыңды сатасаң ба? — дейди.

Өзлери пышықтан қутыла алмай отырған балалар:

— Аўа, сатамыз, — дейди бирден.

— Неге бересең?

— Жүз тиллаға беремиз, — дейди олар.

Бала жүз тилланы санап берип, пышықты алып кете береди. Пышықты үйине апарады. Әкеси баласының алдынан шығып:

— Неше пулға алдың? — дейди.

— Жүз тиллаға алдым, — дейди баласы.

Ол «баламды тағы бир сынап көрейин деп», қолына жүз тилла берип, келеси базар күни тағы қалаға жибереди. Жигит қалаға барып, оңлы ҳешнәрсе таба алмай қайтып киятырса, баяғы еки баланың бир күшикти сабап жүргенине көзи түседи.

— Ҳо, жоралар! Күшигиңизди сатасыз ба? — дейди.

— Яқшы сатайық, — дейди балалар.

— Неге бересиз?

— Тағы да жүз тилла бериң, — дейди олар.

— Яқшы, берейин, — деп жүз тилла санап береди.

Сөйтип күшикти сатып алып, бала үйине әкеледи. Әкеси баласының күшик әкелгенине кейийди. Жигит бир күнлери әкесинен және жүз тилла алып қалаға жол тартады. Қалаға барып, ананы көрип, мынаны көрип, тирнекли ҳешнәрсе таба алмай, үйине қайтып киятырса, бир баба нәҳән сандықты арқалап баратырғанын көреди.

— Сандығыңызды сатасыз ба? — дейди жигит.

— Аўа, сатаман, — дейди баба.

— Неге бересең?

— Жүз тиллаға беремен, — дейди баба.

Жигит оны алмақшы болып, сандықтың ишин ашып көрейин десе, баба оны көрсетпепти.

— Жақ, аўзын ашпа, үйиңе барған соң ашарсаң, оннан берги жерде ашып жүрме, — дейди баба.

Жигит жүз тилласын қолма-қол берип, сандықты арқалап кете берипти.

Ол үйине жақынлаған жерде сандықтың ишинде «не бар екен?» деп ашып көрсе, ишинен бир нәҳән жылан шығады. Жылан жигиттиң белине оралып:

— Егер сен аман қалғың келсе, мени мына сандықтың ишине қайтадан салып, өзимниң ели-журтыма апарып тасла, — дейди.

Соннан кейин бала жыланды сандықтың ишине қайтадан салып, жылап-еңиреп сандықты арқалап кете береди. Бир жерлерге барғанда, үлкен дәрьяға ушырасады. Сол ўақтында сандықтың ишиндеги жылан жигитке:

— Сандықтың үстине мин, дәрьядан өтип болғаннан кейин мени арқалап жүре бер. Алдыңнан көп жыланлар шығады, бирақ ол жыланлар ҳешнәрсе қылмайды, — дейди.

Сөйтип, жигит сандықты арқалап жүре береди. Бир жерлерге барғанда алдынан көп жыланлар шығады. Олар жигитке тиймейди. Жигит арқасындағы жыланды жыланның әкесиниң үйине алып барып, жердиң астындағы төлеге апарып киргизеди.

Бул әкелген жыланның әкеси Ақжылан деген жылан екен, ол усы жердеги жыланлардың патшасы екен. Жигиттиң әкелген жыланы жолда киятырып:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мени апарсаң, мениң әкем хәрне тилегиңди береди, мал берсе, алма, тилла берсе, алма, алтын берсе, алма, мениң әкемниң хүртас деген тасы бар, ол таңлайының астында турады, егер саған не керек болса, хәммеси тайын болады, сен соны ал, — дейди.

Жигиттиң баяғы алып барғаны жылан патшасының қызы екен. Оны бир адам адастырып алып кеткен екен. Соннан кейин патша «сол жойылып кеткен жыланды таўып әкелип берген адамға не тилесе де беремен» деп айтады екен.

Сөйтип, патша қызының табылғанына бирнеше күн той берди. Жигит тойдың ишинде болып, қайтыўға рухсат сорайды.

— Якшы, қайтсаң не тилейсең? — деди жылан патшасы.

— Маған хешбир дүнья керек емес, маған хүртасыңды бер, — дейди.

— Якшы, — деп таңлайының астындағы хүртасын берип:

— Усыны таңлайыңның астына салып қой, енди сен не тилесең тайын болып турады. Қыз тилесең — қыз, бағ-шарбақ тилесең — бәрин усы хүртас тайын етип береди, — дейди.

Жигит хүртасты алып, баяғы дәрьяның бойына келди. Қолына хүртасты алып, бунының кәраматын көрейин деп:

— Ал, хүртас, маған бириншиден, ат тайын қыл, екиншиден, жақсы қус тайын қыл, оннан кейин алтын шашлы қыз тайын қыл, баў-бақшалы үй тайын қыл, — деп таңлайына салып қояды.

Айтқанларының хәммеси тайын болады. Жигит келиншегин үйине қалдырып, атына минип, қус салып жүре берди.

Дәрьяның аяқ тәрепинде бир ханның баласы суўға шомылып атырса, шаштың бир талы келип баланың қолына оратылады. Ол шашты қолына алып қараса, алтыннан екен. Бул баяғы жигиттиң келиншегиниң шашы еди. Сөйтип, бала суўдан шығып, шашты қолына алып үйине қайтады. Бала үйине келип «Бул қыздың шашы ғой, бул қандай арыўдың шашы екен?» деп ҳайран болып, бийтаныс қыздың өзин көриўге ашық болып, бийхуш халда жата береди.

Хан баласының кәсте болып жатырғанын көрип:

— Неге жата бересен? — деп сораса, баласы хешнәрсе айтпады.

Буннан кейин баласының басқа жақын адамы арқалы соратады, бала келген адамға:

— Мен суўға шомылып атырғанымда, қолыма бир тал шаш келип оралды. Қолыма алып қарасам, алтындай екен. Соны көрип, «қандай қыздың шашы екен?» деп ҳайран қалып жатырман. Сол қызды қайдан болса да таўып маған алып берсин, усыны әкеме айт, — дейди.

Келген адам баланың сөзин ханға айтып барды. Буннан кейин хан «сол қызды ким әкелип береди?» деп қалаға жар урдырады. «Мен бараман» деген хешким шықпайды. Сол журтта бир мәккар кемпир бар еди. Бул мәккар кемпир дүньяда не болып атырғанын бәрин билип отырар еди.

Паташаның адамлары мәккар кемпирге келип хабарласты. Ол:

— Мен таўып беремен, маған кишкентай бир қайық таўып бериң, — дейди.

Хан тилегиниң бәрин бәржай етеди. Кемпир қайықтың ишине минип алып, дәрьяның өрине қарай жүре берипти. Бир ўақытлары дәрьяның жағасындағы баяғы жигиттиң үйин көрипти. Усы ўақытта жигит те дәрьяның ишинде киятырған кемпирге көзи түсип:

— Ҳа, мама! Бунда не қылып жүрсиз? — деп сорайды.

— Хей, шырағым, анасызға — ана, панасызға — пана боламан, бирақ үйим-жайым болмай, қаңғырып жүрген бир жанман, қолымнан түрли өнер келеди, — дейди кемпир өзине жигиттиң рехимин келтирип.

— Мама, ондай болса, сиз қапаланбаң, бизиң үйде, ҳаялымның жанында бола бериң, — деп кемпирди аяп үйине алып келеди.

Кемпир усы үйде жүре берипти. Бир күни кемпир жигит аң аўлап кеткенде, келиншеги менен сөйлесип отырып, онда кәраматлы хүртас бар екенлигин аңлап, оның кимде екенин хәм қандай күшке ийе екенин билип алады. Кемпир жигиттиң келиншегине сол хүртасты «маған алып бер» деп жалынады. Келиншек:

— Күйеўим ол хүртасты хешкимге бермейди, босқа әўере болмаң, — дейди.

Сонда кемпир:

— Оны алыўдың жолы бар, ақшам қушағында жатқанда сора, сонда берер, — дейди.

Кемпир бир айтып, еки айтып қоймағаннан кейин, келиншек күйеўинен хүртасты сорайды, ери оны бермейди. Ертеңине кеште және сорайды. Сорай берип қоймағаннан соң жигит «Бир билгени бардур» деген ойда:

— Қоймадың ғой, бирақ хүртасты хешкимге берме, беккем сақлап қой, — деп ҳаялына берип кетеди. Ҳаялы хүртасты алғаннан кейин кемпирге береди. Кемпир хүртасты қолына алып турып:

— Хүртас, ал енди мени, мына ҳаялды бағы-шарбағы менен журтыма апарып тасла, — деп буйырады. Сөйтип аўзына салғанның арасында кемпирди тамамы дәскеси менен баяғы ханның үйине тайын етеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит аң аўлап үйине келсе, орнында бағ-шарбағы да, келиншеги де жоқ. Сол жерде отырып, ҳайран болды. Сол жерде баяғы пышығы менен күшиги тайын болды.

— Аға, қапа болма, бизлер саў болсақ, оны жерден болса, жерден, гөрден болса, гөрден таўып алып келемиз, — деп пышық пенен күшик ханнын үйин излеп, кеште таўып алады.

Пышық пенен күшик ханнын үйине кирип, адамлардың аўзын ийискелеп жүрип кемпирди таўып алады. Пышық қуйрығын кемпирдиң мурнына сүйкейди, усы ўақытта кемпир қатты түшкирип жибереди, аўзындағы хүртас жерге ушып түседи. Пышық хүртасты қағып алады да, қаша жөнеледи. Сол қашыў менен жигитке әкелип береди.

Жигит хүртасты қолына алып:

— Бағ-шарбағымды, келиншегимди тайын ет, — деп хүртасты аўзына салады.

Ҳәпзаматта ҳәммеси де тайын болады. Жигит бул жерден кетпекши болып:

— Ал, хүртас, мени ата-анама жеткиз, — деп буйырады.

Көзди ашып-жумғанша ол өз үйинде болады. Жигит саў-саламат үйине қуўысып, қартайған ата-анасын қуўантып, бирнеше күн той берип, халықтың пәтиясын алып, мақсети-муратына жетеди.

## МУРАДЫНА ЖЕТКЕН АШЫҚЛАР

(Р-89, №24617)

Бурынғы өткен заманда, сол заманның қәдиминде Түркистан шәҳәринде Әлимбет ҳәм Қәлимбет деген еки кембағал адам бар екен. Олар ҳәр күнин зордан кеширип, бир күн тапса, бир күн таба алмай бираз жыл өмир сүрипти. Әлимбеттиң сын-сымбаты келискен Жәлимбет деген бир баласы, Қәлимбеттиң ай десе аўзы, күн десе көзи бар сулыў Бийбисәнем атлы қызы болыпты.

Жәлимбет пенен Бийбисәнем бирге өсип, бир-биреўин унатып жүреди екен. Күнлерден бир күни олар үйлерине отын әкелиў ушын тоғайға барады. Күн ҳәдден тыс ыссы, қуяш нурлары әлемди жарқыратып турған еди. Жән-жағында бүлбиллер сайрап, ҳәртүрли намаға салып сайрайды. Жәлимбет Бийбисәнемниң айдай жамалына қараған сайын қарағысы келип, жақсы көргенликтен жүреги өртенип қоя берипти. Ишинен суўық демин алып, қызға не дерин билмей лал болып бир заман турыпты. Есин жыйнап өзине келгеннен кейин Бийбисәнемниң қулағына мынадай деп сыбырлапты:

— Бийби, мени бир мәрте өпсең, өзимди дүньядағы ең бахытлы адам деп есаплар едим.

— Өбиў, өбисиў еп емес, сүйиў былай турсын, мен сен ушын өмиримди бағыш етиўге таярман, бирақ ҳәмме ис өз жолы менен, — дейди қыз.

— Бийби, неге булай сырлы сөйлейсең? — дейди Жәлимбет.

— Өзиң билесең, дәстүр бойынша ата-ананың рұқсатысыз теңин табыўдың өзи уят, егер қолымды сорап саўшы жиберсең, онда әдетимизге қайшы келмес. Еки жақ келисип, оларға да бул ис мақул түссе, сонда жолымыз ашылар еди, — дейди Бийбисәнем.

Булар отынларын алып болып, кеш болғанда үйлерине қайтады. Бул ушырасыўдан кейин Жәлимбеттиң жүреги қатты-қатты урып, ол үйине барыўдан Бийбисәнемниң үйине адам жиберерин, жибермесин ойланып басы қатты. Қыздың әкеси қалың салса, қайдан таўып беремен, оннан да басқа шәҳәрге барып талап ислейин, дүньялы болып келген соң да қызды айттырсам болмас па, — деген шешимге келеди. Бул пикирин Бийбисәнемге де қыпсаламастан айтады. Қыз да жигиттиң ойын мақуллайды.

Жәлимбет ата-анасынан рұқсат алып, хошласып, жолға шыға береди. Ол жол жүрипти. Жол жүрсе де мол жүрипти. Бир шәҳәрге жақынлапты. Шәҳәрге жақын қалғанда бир үлкен бағдың үстинен шығыпты. Жәлимбеттиң үйинен алып шыққан азығы таўсылып, қарны аш болған еди. Сол ўақта ол бағдың ишине нәзер салып қараса, қызарып писип турған алмаларды көрди. Аш болып киятырған жигит оған көзи түсиўден бағдың ийесинен рұқсат сорамастан, бир саңлақ таўып бағқа киреди де, алмалардан алып жей береди. Алма жеп сызлаған аш жүрегин жалғаған ҳәм өзи жол ҳарытып, шаршап келген адам, сол жерде бир замат алма ағашына сүйенип отырған ҳалында уйқылап қалады.

Бул бағ сол шәҳәрдиң патшасының қызына тийисли екен. Патшаның қызы ҳәр ҳәптеде бир мәрте қасына қырық қызын ертип, усы бағда сайранлап, қыдырып қайтатуғын еди. Қызлар бағды аралап жүрсе, алма ағашының астында бир мүсәпир, үсти-басы алба-дулба, жалаңаяқ бир жигит жатырғанын көреди. Патшаның қызы қасындағы қызларға жигитти оятыўды буйырды. Жигит орнынан турып жән-жағына қараса, әтирапы толған перийзат. Бағдың ийесиниң усылар екенин айтпай-ақ аңлайды. Патшаның қызы болса Жәлимбеттиң сымбатын, түри-түсин көриўден бул жигитте бир нәтийже барын, тегин емес екенин түсинеди. «Ғош жигит пенен бир ақшам дәўран сүргеннин әрманы жоқ» деп ойлады да турған жерде оған кеўили кетти. Қыз жигитке қарап:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Хəй, жигит, бул жерде неге жатырсаң, қайдан келдиң, ким боласаң?— деп сорайды.

Жəлимбет қайдан келгенин, кəри не екенин қалдырмастан айтып береди. Патшаның қызы бул сөзди еситип, Жəлимбетти изине ертип бағдың ишиндеги сарайына алып барып, оны жуўындырып, үстине жақсы кийимлер кийдирди. Жəлимбет үстине қымбат кийим кийген соң бурынғыдан да шырайланып кетти. Қыз енди жигитке жети есе ашық болды. Бир майданның арасында Жəлимбет патшаның балаларындай саўлатлы ҳалға жетисти.

Булар усы бағда бола берсин, енди сөзди патшадан еситесиз.

Бул шəҳəрдиң патшасы басқа бир шəҳəрдиң патшасы менен урысып атыр еди. Ол урыста қыздың əкеси жеңилип, сырттан келген душпанға бенде болып түседи. Қыз бағқа кеткен ўақытта душпанлар шəҳəрдиң тас-талқанын шығарып үлгерди. Қəпелимде жүз берген жайсыз жағдай қыздың да қулағына тийип, ол изине ерткен қызларын қураллandырды да, атқа қонды. Жəлимбетке урысқа атланып баратырғанын хабарлаттырды. Суўық хабарды еситкен Жəлимбет те егленип турмастан, астына бир ат таўып, урыс майданына атланды, ол да ғажжа-ғаж саўашқа кирип кетти. Арадан үш күн өткенде патшаның қызы урыс майданында қаза тапты. Жəлимбеттиң те тула бойы жарадар болып, душпанлардың қолына бенде болып түсти. Патша оны апарып зинданына басты. Жəлимбет өзине ғамқорлық жасаған патшаның қызын бир ойлап, сүйгени Бийбисəнемниң тəғдири не болғанын еки ойлап, əрманлы ҳалды қайғылы намаларды жырлап жата берди.

Ендиги сөз Бийбисəнемнен.

Қыз Жəлимбетти күтип, жолына айдай қарап жүре берди. Келетуғын ашығы болмады. Жолдан өткен кəрўан болса, Жəлимбеттиң хабарын сорамай қалған күни аз болды. Өтип баратырған кəрўанларға əсте ғана:

— Тоқтаң кəрўан, қай жақлардан келесең?

Бизиң ярдан қандай хабар бересең?

Хабар берсең Жəлимбеттей ярымнан,

Сүйинши алып мурадына жетерсең, — деп бир шуўмақ айтып қалатуғын еди.

Арадан бир жыл өтти, еки жыл өтти, бирақ яры келмеди.

Бул шəҳəрдиң бир патшасы бар еди. Жасы алпыс-жетпислердиң шамасына келип қалып еди. Бир күни ол қус салып киятырса, дəрбент жолдың аўзында «Жəлимбет, Жəлимбет» деп сынсып жылап отырған бир қыздың үстинен шықты. Патша қызды көрип аңсары аўып қоя берди. Ол Бийбисəнемниң жанына келип:

— Не қылып отырған қызсаң, үйиң қайда? Кимниң қызысаң? — деп сорады.

Бийбисəнем бул кисиниң патша екенин танымады. Оған кимниң қызы екенин айтты да, бирақ неге жылап отырғанан айтпады.

Патша бул жерден шықты да тахтына барып, қасына ең жақсы көретуғын бир ўəзирин шақырып алып былай деди:

— Шəҳəрдиң шетинде Қəлимбет деген жарлы киси бар. Оның ай десе аўзы бар, күн десе көзи бар бир таўланған сулыў қызы бар. Соған өлермен ашық болып қалдым. Қасына еки жасаўылды ал да, сол үйге барып қызын айттыр. «Берсе қолынан, бермесе жолынан» деген тартып алып келиң, — деп буйырды.

Патша буйырған соң ўəзирде жан бар ма, қасына еки жасаўылды ертти де, қыздың үйине барды. Қəлимбетке келген жумысларын айтты. Бирақ ол «қызым биледи» деп бийликти қыздың өзине салды. Бийбисəнем келген қонақларға:

— Жанымды ҳəзир алсаңыз да, атамдай адамға тиймеспен. Маған патшалық керек емес. Патшаның қырық қатынының үстине түскеннен өлгеним абзал, — деп жуўап береди.

Бул сөзди еситип ўəзир қасындағы еки жасаўылға «қызды байлап алып жүриң» деп буйрық береди.

Бийбисəнемди шəҳəрге байлап апарып, патшаға тапсырды. Патша ашық ярының алдына келгенине қуўанып, оны өзиниң пинҳамы жайына киргизди де, сыртынан қулыпты урып қоя берди.

Бийбисəнем жайдың ояқ-буяғына сер салды. Асылып өлейин деп ойлады. Бирақ ўақытта жайдың ишин қарманып жүрип, бир пышақ таўып алды. Оны жениниң ишине жасырып отыра берди. Күн батып, геўтим түскен мəҳəлде патша жайға кирип келди. Қызға қол салып ойнай баслады. Бийбисəнем де оған онша қарсылық ете қоймады. Патшаның қыялы кем-кем бузыла баслады. Ҳаял-қызларды ермек қылып ойнап үйренип қалған патша қолын жыбырлатып, абайсыз турған ўақта Бийбисəнем оның тап жүрегине пышақты урды. Патша сол жерде-ақ сес шығармастан жан тапсырды. Қыз патшаны өлтирип болып не ислерин билмей, албырақлап қалды. Аяқ-қолының дəрманы кетти. Жайдың есигин иштен илип, ҳəртүрли ойлардың басына барды. Еркек кийим кийип, бул шəҳəрден басқа жаққа кетиў кереклиги де ойына келди. Тап усындай ислеўге бел байлап, патшаның шешип қойған кийимлерин қолына алып, бир нəрсеге түйди. Патшаны да жайдың бир мүйешине жайғастырып аўыржатар ўақытта жайдан сыртқа шықты. Жайды да жақсылап қулпырып, гилтин қалтасына салып алды.

Сарайдан еплеп шығып шəҳəрдиң сыртына барып, қолындағы еркек кийимлерди үстине кийип,



www.ziyouz.com kutubxonasi

жас жигит сыпатында болды да түни менен жол жүрип кете берди. Таңның алдында Бийбисәнем ушы-қыйыры жоқ бир тоғайлыққа дуўшар болды. Тоғайдың арасында кетип баратырса, алдынан жылтылдаған оттың сәўлеси көринди. Ол не болса да бахтынан көрип, оттың жанына жақынлап барды. Қараса, алты адам ортасына от жағып гүрриңлесип отыр екен. Олардың биреўи:

— Пай, мына гилемди ап-аңсат патшаның сарайынан урлап алдым-аў, буны минип ертең пәлен деген шәхәрге барайық. Ол патшаның ғәзийнесинде түрли хасыл затлар барға усайды, — дейди.

Сонда турып биреўи:

— Ол гилемниң қандай қәсийети бар? — деп сорайды.

— Сорама, жора, бунын үстине минип кай жерге апар десең, сол ўақтында хызметине тайын болады, — дейди.

Гилем урлаған уры:

— Сен не урладың, — дейди.

— Мен мынаў тастабақты урладым. Буны алдына қойып, не жеймен десең, сол ўақытта бәржай етеди, — дейди табақ урлаған уры.

Тағы да ол басқаларына қарап:

— Сизлер не таўып келдиңиз? — деп сорайды.

Олардан биреўи:

— Мен ийне таптым. Буны да зордан урлап алдым. Егер де ийне менен бир жаман көрген адамды түртсең, ол турған жеринде хайўанға айланып кетеди. Бунын қәсийети усындай, — дейди.

Урылардың қалғанлары хешнәрсе таба алмай, боска келген еди. Бийбисәнем урылардың бул сөзлериниң барлығын да еситти хәм бир жыңғылдың тасасында жасырынып отыра берди.

Бир мәхәллери урылар «күн шығайын деп тур, енди жатайық» деп хәркайсысы өзиниң отырған жеринде қыйсая-қыйсая кетти. Булар анық уйқылаған соң, Бийбисәнем орнынан турды да олардың жатырған жерине барып, гилемди, тастабақты алады. «Ийне каякта екен» деп қарап турса, бир урының жағасына қыстырыўлы тур екен. Оны да алып гилемниң үстине тастабақты қойып, өзи минди де:

— Мени Жәлимбет жүрген қалаға апар, — деп буйырады.

Гилем бул сөзди айтып болыўдан аспанға көтерилди. Көзди ашып-жумғанша үлкен бир шәхәрдиң қапталына келип түсти. Гилемди төрт бүклеп тастабақты алдына қойып:

— Палаў жегим келди, палаў, тайын бол, — деп еди, үстине хошийисли көкшөплер менен зире себилип, ширели сүргөш төселген палаў тайын болды. Палаўдың дәмли болғанлығы соншелли, оны жеген сайын жегиси келди. Қанша жесе де табақ орта болар емес. Бир ўақта қыз «тойдым» деп еди, табақтағы палаў тартылып жоқ болды. Бийбисәнем тастабақты гилемге орап, бар буйымын қолтығына қысты. Ийнени жағасына қыстырып шәхәрге кирип барды. Шәхәр көз тартарлықтай, хақыйқат таң қаларлықтай көркем хәм саўлатлы екен. Қыз да шәхәрдиң иши менен бара береди. Ол барған ўақыт базар күни еди. Бул шәхәрдиң патшасының қызы да қасына кәнизеклерин ертип, базарлап жүр еди. Түр-түси, үстиндеги кийими сол елдиң адамына усамайтуғын бир шырайлы жигитти көрген патшаның қызы оған таң қалды. Оның қасына жақынласып:

— Хәй, жигит, қайсы елден келдиң, қай жерден келдиң? Жүрис-турысың, кийим кийисиң бизиң журттың пуқарасына уқсамайды. Кимсең? Мен усы журттың патшасының қызыман. Маған хызметкер боласаң ба? — деп сорайды.

Бийбисәнем патшаның қызына сыр бермей:

— Мен Түркистаннан келип едим, талапкермен. Хызметке алсаңыз қайыл болайын, — деп жуўап берди.

Оның бундағы мақсети патшаның қызының хызметинде жүрип, Жәлимбетти де сол қаладан излеп таўып алыў еди.

Бийбисәнем патшаның қызының хызметинде бола берди. Қалада оның бармаған жери қалмады, бирақ та хеш жерден Жәлимбетти ушырата алмады. Хайран болып жүре берди.

Бир күни патша қызын шақырып алып:

— Қызым, зинданда бир батыр жатыр. Оны олжа етип алып едим. Хызметине берейин бе? — деп сорайды.

Патшаның қызы атасының бул усынысына иш-ишинен қуўанып, хызметине берилежак батырды көриўге ынтық болды хәм оны сарайға алыўға келисим берди.

Ертеңине азанда қыздың сарайына баяғы олжа болған жигит әкелинди. Аяғына кисен салыўлы екен. Бийбисәнем тутқын жигитти бирден таныды. Ол Жәлимбет еди. Өзиниң жүрегин усынған жигитиниң бундай аўхалға қалай түскенлигине ақылы жетпеди. Ойы жән-жаққа кетти. Қалай да Жәлимбетти бул азаптан қутқарып алыўдың жолын ойлады. Бирақ, Жәлимбет Бийбисәнемди танымады. Қыз жағасындағы ийнени қолына алып, ең дәслеп патшаның қызын түртип жиберди. Қыз шәўилдеген бир қаншық ийт болып тура қалды. Жәлимбеттиң кейнинде жүрген еки жасаўыл буны абайламады. Қыз Жәлимбеттиң

www.ziyouz.com kutubxonasi

қасына барып, жасаўыллардан кисенниң гилтин сорады. Олар «гилт патшада, не жумысың бар?» деп қызды түйгишлеп жибереди. Сол ўақта Бийбисәнем қолындағы ийне менен еки жасаўылды еки түйреп жибергени сол еди, биреўи айғыр, биреўи көпек болып тура қалды. Буны көрип Жәлимбеттиң ақылы лал болды. Қыз оған:

— Сен усы жерде тур, хеш жаққа кетпе. Мен патшаның сарайына киремен де шығаман. Бул ўақыяның барлығын саған түсиндиремен, — деди де патшаның сарайына қарай жуўырып кетти. Патшаның алдына барып:

— Тақсыр, анаў батырдың аяғындағы кисенниң гилтин бериң, қызыңыз соратып атыр, ол сол турғанында хызмет ислей алмас екен, — деди.

Патша:

— Гилт мениң қалтамда, бирақ саған да, басқаға да бермеймен. Ол жигит солай азап көрип өлсин, — деп жуўап береди.

Бийбисәнем бул сөзди еситти де қолындағы ийне менен патшаны ҳәм қасындағы ҳәмелдарларын түртип-түртип жиберди. Сарайдың иши демниң арасында киснескен айғыр ат болып шыға келди. Бийбисәнем жерге түсип қалған гилтти алды да, патшадан атқа айланған айғыршақты услап, минип алды. Қосаққа тағы бир ат алып Жәлимбеттиң қасына келди де, оның аяғындағы кисенди шешти.

Қосаққа алған атты оған берип, гилем менен тастабақты артына бөктерип, қаладан шығып жол тартты. Бир мезгил жол жүргеннен кейин қыз тоқтап атынан түсти. Жәлимбет те қыздың қасына барып отыра берди. Сол ўақта Бийбисәнем үстиндеги ер адамлардың кийимин шешип, Жәлимбетке ийилип сәлем берди. Жигит сол ўақытта ғана бул ержүрек батырдың өз сүйгени Бийбисәнем екенин таныл, қуўанғаннан көзинен жас шығып кетти. Сол жерде қос ашық бир-бири менен көрисип, қолларын қатты-қатты қысысып, басларынан өткен ўақыяларды бир-бирине айтып береди.

Қыз тастабақты алдына алып «гөш жегимиз келди» деп еди, табақтың иши толы гөш пайда болады. Екеўи жаңа ғана тамақ жеўге кирискенде қала беттен ушы-қыйыры жоқ әскер қаплап келе берди.

Бийбисәнем гилемди жайып жиберип оның үстине Жәлимбетти, еки атты ҳәм тастабақты салып, үстине өзи де минип, «ал енди өз елимизге жеткер» деп буйрық берди. Гилем жерден көтерилип көзди ашып-жумғанша елине келип түседи.

Аўылына келсе, ел түўе, қыбырлаған жан да жоқ. Тек ғана өртенип кеткен қоралардың күллери қалыпты. Булардың хайраны шығып, шәҳәрге таман баратырса, алдынан бир адам шығып:

— Сизлер бул ғарғыс атқан гөне журтта не қылып жүрген адамсыз. Патшаның алдына жүресиз, — деп зәўлим салды жаңағы адам.

Булар оған да ҳайран болды:

— Не жазығымыз болып қалды? —деп сорады Бийбисәнем ол адамнан.

— Еле сизлер билмейсиз бе? Патшаға керек адамлар нағыз сизлер екенсиз. Ол журт Бийбисәнемниң әкеси Қәлимбет жарлының аўылының журты. Ол патшаға жаманатлы болып, аўылы менен өртеп жиберилди. «Кимде-ким бул журтқа барса, өзи өлимдар, мал-дүньясы патшалық» деген патшаның буйрығын еситпедиңиз бе? — деди ол адам.

Булар патшаның сарайына қарап жол жүрди. Патшаның мынаў зулымлығына екеўиниң қаны қайнап келе берди. Сарайдың ишине кирип, Бийбисәнем қолындағы ийне менен патшаны ҳәм қасындағы ўәзирлери менен жәллатларын түртип-түртип жиберди. Патшадан басқасы шошқа болды да, патша бир ҳәңги ешек болып тура қалды.

Ешекти беккем услап алып, көшеде жүрген отыншының қолына тапсырды. Оған отынды бастырып артып, қалаға сатып күниңди көре бер, деп жиберди. Отыншы бийшара ешек патшаға отынды бастырып артып, мүтәжи питип қуўанып қалды.

Патшаның орнынан Жәлимбет патша болып, еки ашық қосылып дәўран сүрип, мурадына жетипти. Баяғы патшадан аўған айғыр ат та, ҳәңги ешек те еле тири деседи.

## ҚӘСИЙЕТЛИ АҚТАС

(Р-565, №176508)

Бурынғы өткен заманда, сол заманның қәдиминде бир бай болған екен. Бул байдың тек ғана жалғыз баласы болыпты. Бай баласына хеш жумыс ислетип, я бир базарға жумсап көрмеген екен. Бала да ер жетипти. Бир күнлери байдың қыялында бир ой пайда болыпты. «Усы мен балама хеш жумыс ислетип, я бир базарға жиберип, саўда ислетип көрмедим. Егерде мен олай-былай бола қалған жағдайда ол қалай күн көрер екен» деп ойланып, ақырында оны базарға жибермекши болады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөйтип баласының қолына он мың тилла теңге берип, оған қант-шай әкелиўди тапсырады. Әкеси берген кәрежетти алған жигит қалаға барып, қант-шайдың орнына он мың тилла теңгеге бир сандық сатып алады. Сандықты көтерип үйине келсе, бай тилин тислеп, баласынын қолынан ҳешбир талап келмейтуғынын аңлайды. Баяр ишинен қаншелли ынжылса да, бәрибир оннан ис питпейтуғынын билип, баласын тағы бир сынамақшы болыпты. Бул сапары оның қолына он мың тилла теңге берип, қаладан сыйыр сатып әкелиўди буйырады. Баласы қалаға барып сыйырдың орнына он мың тилла теңгеге бир пышық сатып алады. Пышықты алғанына қуўана-қуўана үйине келсе, әкеси бурынғыдан да қатты қапа болады.

Сонда да бай ойланып, «Қой қурсын, бала деген бирин болмаса, бирин бежерер. Неге қапа боламан, оннан да және бир жумсап көрейин. Бул жолы да билгенин ислесе, сабап-сабап қуўып жиберейин» деп, баласына тағы он мың тилла теңге берип, бир сенсең тон әкелиўди зинҳарлайды. Баласы қалаға барып, сеңсең тон орнына он мың тилла теңгеге бир күшик сатып алып, үйине мәз-майрам болып келеди.

Баласының қолындағы күшикти көриўден әкесинин жини атланып, оны сабап-сабап үйинен қуўып жибереди. Балан жигит өзи сатып алған сандықты арқалап, күшиги менен пышығын қолына алып, басы аўған жаққа ылағып жүре береди. Бираз жол жүргеннен кейин әбден силеси қурып шаршайды ҳәм сандықты жерге қоя берген ўақытта ишинен зып етип бир ақ жылан шығады да, оны шақпақшы болады. Сонда ақ жылан баланың қорыққанын билип, тилге енеди де:

— Сен маған ер. Мениң бир қара жылан деген душпаным бар. Мен қара жылан менен айқасқан ўақытта сен оны мына қылыш пенен шаўып өлтир, — деп бир қылыш береди.

Бала жыланның кейнине ериў менен болады. Олар қара жыланның мәканына келеди. Келиўден еки жылан айқаса кетеди. Еки жылан айқасқан ўақытта жигит қара жыланды шаўып өлтиреди. Сөзинде турған ақ жылан аўзынан бир ақ тасты шығарады да, оны өзин қутқарған бозбалаға береди. Соны берип турып:

— Еле алдыңнан бир қыз шығады, әне сол қызға үйлен, — деп ақыл береди. — Үйленгеннен кейин бир гөне жайға көшип барып, ақ тасты сол жайдың адам билмейтуғын жерине қойсаң, жайын тазарып, ишинен не керегиң табылады. Егерде оны адам билетуғын жерге қойсаң, бир күн болмаса бир күни мәстан кемпир урлап кетер, — деп ўәсият етеди де, ақшыл жылан көзден ғайып болады.

Балан жигит тағы да жолға түсип кетип баратырса, жыланның айтқаны айдай келип, алдынан бир қыз шығады. Ол өзи теңлес бул қыз бенен тезден-ақ тил табысып, оған үйленеди. Жыланның айтыўы менен гөне тамды да таўып алады. Келиншеги екеўи сол жайға көшип өтеди ҳәм айтқанындай-ақ, тамның иши тазарып, не керек заттың бәри де бул жерден табыла береди. Енди журт буларды «байеке», «байбийке» деп атайтуғын болыпты.

«Байеке» атанған жигит өзинин байбийкесине ақ тасты көзден таса беккем жерде сақлаў дәркар екенин айтады ҳәм мынаны ескертеди:

— Егерде ақ тастың қай жерде турғанлығы кимгедур мәлим болып қалса, онда оннан айырылдық дей бер. Биринши болып Мәстан кемпир урлап кетеди.

Усы өзлерди айтқаннан кейин өзи аңға кетеди. Мәстан кемпир қашшан-ақ ақ тастың қай жерде туратуғынлығынан хабар тапқан екен. Жигиттиң аңға кеткенин еситиўи мәттал, ол бирнемелерди бәнелеп, байбийкеге келеди. Байбийкени гәпке тартып:

— Қызым, балам қаяққа кетти? — дейди өтирикке жәдигөйленип.

— Аңға кетти балаңыз, — деп жуўап береди жас байбийке.

Байбийкениң қолынан терлеп-тепшип шай ишкен Мәстан:

— Қызым, өмириң узын болғай, жаның жайылғай. Қәне, бир мамаңның басын қарап жиберши, — деп келиншектиң дизи үстине басын қойып жатады.

— Яқшы, мама, — деп басын қарап атырғанында, Мәстанның өзи келиншектиң дизиниң қанын сорып, сорған жерге зәҳәрин жиберип, байбийкени бийҳуш етеди. Келиншек есинен танып қала береди. Сол ўақытта Мәстан кемпир ақ тасты турған жеринен таўып алып, урлап алып кетеди. Ал булардың тамының иши-тысы баяғыдай тозығы жеткен, дийўаллары унырап қалған қарабахана ҳалатына түсип қалады.

Жигит аңнан келсе, өзиниң сән-саўлатлы имараты жоқ, оның орында сүреңсиз бир гөне там тур. Ол ақ тастың урланғанын дәрҳал аңлайды. Гә ҳаялының итиятсызлығына ашынып, гәҳи ақ тасты өзи менен бирге алып жүрмегенлигине өкинип, қапа болып отыра береди. Баярының «байғус» болып отырғанын көрген пышығы менен күшиги оның қасына келип:

— Аға, ақ тасты өзимиз алып келемиз. Дым қапа болмаң, — деп ийесиниң кеўилин аўлайды ҳәм екеўи жарыса жуўырысып кетеди.

Пышық пенен күшик сол жарысыўы менен Мәстан кемпирдин үйине барады. Барса, ол үйиниң қақ төринде уйқылап жатырған екен. Үйди бир қатара көз бенен шолып шыққан пышық күшикке:

— Қәне, мениң қуйрығыма сен от бас. Түтеген ўақытта оны Мәстан кемпирдиң танаўына тутаман,

www.ziyouz.com kutubxonasi

сол гезде ол қатты түшкиреди. Сонда ак тас та оның аўзынан атылып шығады, сен оны дәрриў қақшып ал да, зып бер, — дейди.

Күшик дәрҳал отлы шала таўып әкелип, оны пышықтың қуйрығына басады. Пышық өзиниң пысқып жанған қуйрығын Мәстанның тумсығына тутады ҳәм күйиктиң ийисинен мурны кымыршыған кемпир барынша түшкирип келип жибергенде түшкирикке қосыла ақ тас та ушып шығады. Күшик оны ушып шыққанда-ақ қақшып алып, ала қашады.

Жуўырысып баратырып пышық пенен күшик өзара ежесип қалады. Пышық:

— Мәстанды мен түшкирттим, тасты өзим апараман, — десе, күшик:

— Оны ислеген мен, мен апарыўым керек, — деп киятырғанында ақ тасты көлге түсирип қояды. Екеўи баярларына барып «мынаў түсирди», «мынаў түсирди» деп, бир-биреўине жармасып кетеди. Жигит «бәрибир буйырмапты да» деп қапаланып жүре береди. Бир күнлери ол көлге аў салып отырып бир лапыш услап алады, лапыштың ишинен ақ тас шығады. Өз көзине исенбей таң қалады. Оны сынаў ушын үйине келсе, гөне там қайтадан саўлатлы жайға айланыпты, ишинде не кереги таяр турған екен. Ол енди өз үйине ата-анасын да алдыртып, оларды өзин мәпелегендей етип бағып, жақсылап қарай баслапты. Жигиттиң дәўлети оннан сайын артып, мурады ҳасыл болып, бахытлы дәўран кеширипти.

## ОРАЗЫ ОРАЛАН ЖИГИТ

(Р-565, № 176508)

Бурынғы заманда бир патша болыпты. Патшаның еки ҳаялы бар екен. Үлкен ҳаялынан жети баласы, киши ҳаялынан еки баласы бар екен. Киши ҳаялынан туўылған балаларының үлкениниң аты Йүсип, кишкенеси Якып екен. Патша балаларының ишинде Йүсипти айрықша жақсы көреди екен.

Күнлерде бир күн патшаның кишкене ҳаялы қайтыс болыпты. Патша ҳаялын ақ жуўып, арыў кепинлеп көмипти. Анасыз еки бала үлкен ҳаялдың қолында қалыпты.

Бир күни үлкен ҳаялдың балалары аң аўлаўға шықпақшы болыпты. Олар патшадан:

— Ата, бизге Йүсипти қосыңыз, аңға шығып қайтайық, — депти.

Патша үндемепти. Тағы да сораныпты. Патша ҳешнәрсе демепти. Үшинши мәрте соранғаннан кейин жуўабын берипти. Патшаның бирден руқсат бермегениниң себеби, оның бул баласынан үмити күшли екен ҳәм сол ушын Йүсипти қатты қадағалап, «өзим олай-былай болып кетсем, орнымды басар» деп, ҳеш көзден таса қылмайды екен. Усыны басқа балалары да сезипти.

Патшадан жуўапты алғаннан соң үлкен ҳаяллардын балалары баслап, жақсы атларды минип, бул шаҳзадалар аң аўлаўға шықты. Йүсип те үндемей излерине ерип келе берди. Жолшыбай алдыларынан бир қырғаўыл ушты. Балалар ата баслады, бирақ жетеўи де тийгизе алмады. Буны көрип турған Йүсиптиң балалығы тутып, ол да дәрҳал сарыжайды қолға алды ҳәм қырғаўылды атып түсирди.

Өзлериниң тийгизе алмағанына ары келген жети бала оңаша қалып ойласық қурды:

— Набада атамыз өлсе, Йүсиптиң патша болатуғыны тақыйық, соннан кейин бул бизди қуўып жибермей ме? Келиң, буны усы бастан-ақ гөне қуйының ишине таслап кетейик, атама «Йүсипти қасқыр жеп кетипти» деп айтармыз, — дести.

Олар усы ойларын иске асырыў ушын аңсыз турған Йүсипти аяғынан көттерип турып, гөне қуйыға таслап жиберди де, өзлери кеўиллери пүтинленип үйлерине қайтты. Үйлерине келсе, Йүсиптиң жоқ екенин узақтан көрип-ақ атасы бир истиң болғанына қәўетерленип отырған екен.

— Балаларым, Йүсип қайда? — деп сорады патша.

— Бизлер аң қуўалап жүргенде Йүсипти қасқыр жеп кетипти, ата, — деп жуўап берди балалары.

— Ҳмм, — деп патша үндемей қалып, басын шайқап отыра береди.

Ендиги сөзди Йүсиптен еситиң. Йүсип қуйының ишине қулағаны менен, аман қалады. Ол қудықтың ишинде жатырғанда жолдан өткен кәрўанлардың ғаўырлысы еситилипти. Олар тап Йүсип жатқан қуйының тусына келип тоқтады ҳәм бир-екеўи месин арқалап, суў алыў ушын қудыққа келипти. Семизлеў биреўи жипти шелекке байлап, қуйының ишине таслап жиберипти. Жипти шайқап-шайқап шелекти тартып киятырса, ишинде Йүсип отырыпты. Дәслебинде ол адам қорқып кетеди, бирақ «не де болса, сыртқа шығарайын» деп ойлайды. Сөйтип Йүсип сыртқа шығады. Кәрўанбасы қара муртлы, бийдай ирең, узын бойлы киси екен. Йүсип тис жарып сөйлемейди Баланың шарасызлығын байқаған кәрўанбасы қараўындағы адамлар менен ойласып: — Бул бийшараны өзимиз бенен бирге алып кетейик, — дейди. Бул сөз ҳәммеге мақул түседи ҳәм Йүсипти бир түйеге мингизеди. Кәрўан ғайры бир журтқа келеди. Олар бул журтқа келгеннен кейин бала менен иси болмай, оны өз еркине жибереди, ал өзлери әкелген затларын сатыўға кириседи.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бийшара бала көшениң ана басына бир, мына басына бир барып жүреди. Не ислерин де билмейди. Усылай басы қаңғалап жүргенде бир кемпирге жолығады хәм ол буның хешкими жоқ екенлигин билгеннен кейин баланы үйине алып кетеди. Йусип сол кемпирдиң үйинде жүре береди. Күнлерден бир күни «патша қайтыс болыпты» деген дағаза елге таралады. Бул журттың дәстүринде патша орнына жаңа тахт ийесин сайлаў ушын «дәўлетқус» деп аталған бахыт қусын ушырады екен. Сол салт бойынша «енди үш күннен кейин патшаның дәўлетқусы ушырылады, сол кимниң басына барып қонса, сол патша болады» деп жаршылардың жар урып жүргенин көреди.

Буны есите сала Йусип те көшеге шығады. Сөйтсе, патшалықтың барлық жеринен тәмедарлар ығылып келип атырған екен. Йусип еки күн кемпирдиң үйинде болып, үшинши күни қус ушырылатуғын майданға барады. Барғаннан соң, қус ушырылады, бирақ, ол адамларды үш мәрте айланып шығып, Йусиптиң басына келип қонады. Журт үсти-басы алба-жулба баланы мисе тутпай, қусты тағы да үш мәрте ушырады, лекин үшеўинде де ол Йусиптиң басына қонады.

Дәстүрден шыға алмаған кәтқудалар Йусипти тән алып, патшалық тахтына отырғызады. Йусип патша болғаннан баслап, патшалық сорамындағы халықтың турмысы абаданласып, пәраўан-парахат журтқа айланады.

Бирақ арадан жыллар өтип, бир күнлери ашаршылық басланады. Патшалықтың хәмме жерин ашлық жайлап, қараша халықтың күнкөриси аўырласады. Жағдай усындай болып баратырғаннан кейин Йусип бир ой ойлап, бетиндеги жети перденин биреўин алып таслайды. Мине, сонда патшалықтың хәмме пуқарасы Йусиптиң көркине тойып, тамақ жеўди умытып, бир жылша отырыпты.

Бул әмели пайда бергенин билгеннен кейин усылай етип жүзиндеги жети пердесин де алып таслап, жети жыл адамларды қаратып отырғызыпты. Халық өзлериниң ашқурсақ екенлигин пүткилллей умытыпты.

Арадан жети жыл өткеннен соң жағдай өзгерип, қайтадан тоқшылық бола баслапты. Журтшылық бойын жыйып, өз кәдди-кәлпине келипти. Йусип әдил патша болып жасай берипти. Бул патшалық енди басқа қоңсылас журтлар менен саўда-сатық жумысларын орнатыпты. Саўда жасаў ушын басқа журтлардан келген кәрўанлар қаланың дәрўазасының алдында гезек күтип турады екен. Сарай хызметкерлери олардың қайсы журттан, қайсы шәхәрден, теги ким екенин сорап-билип барып, патшаға айтады екен. Патша «кирсин» десе, киргизеди, «киргизбен» десе, дәрўазадан жибермейди екен.

Күнлерден бир күни дәрўазаның алдына бирнеше түйелери бар жети киси келипти хәм шәхәрге кириўге руқсат сорапты. Сарайманлар олардың қайсы журттан, қайсы шәхәрден, ҳаслы-нәсли, аты-заты ким екенликлерин сорап билипти де, Йусипке келип айтыпты.

— Патшамыз, Сизге бир жети адам келип тур, кире берсин бе? — деп, кәрўан ийелериниң қай журттан, қайсы шәхәрден екенин, олардың аты-затын, түр-түсин, не мақсетте келгенин айтыпты.

Патша ойланып турып:

— Биримлеп мениң алдыма әкелиң, — депти.

Сарайманлар ең дәслеп кәрўанбасыны әкелипти. Патша оннан:

— Қай журттан, қай шәхәрдensиз? Атаң ким, атың ким, неше ағайинлисиз? — деп қайтадан сорапты.

— Бизлердиң атамыз Ильяс патша болады, журтымыз күншығыс жақта он бес күнлик жол, өзлеримиз тоғыз ағайинли едик, жетеўи бир шешеден, екеўи бир шешеден, кейинги бир шешеден еки баланың үлкени Йусип деген туўысқанымызды аң аўлап жүргенде қасқыр жеп кетипти, — деп жуўап берипти кәрўанбасы.

— Хе, — депти Йусип.

Олар баяғы аң аўына шығатуғын Йусиптиң өз туўысқанлары еди.

Солай етип жетеўин де алдынан өткерипти. Жетеўи де жаңағы сөзди айтыпты.

— Хәзир неге жетеўсиз, биреўиңиз қайда? — деп сорады.

— Ол аўылда қалды, — деп жуўап берипти кәрўаншылар.

Енди Йусип булардың өз туўысқанлары екенине исеними кәмил болыпты. Сөйтип булардың хәр биреўине жеке жай берип қондырыпты, жақсылап сый-хүрмет көрсетипти. Жетеўиниң де жатқан өжирелериниң ишинде Йусиптиң аңға шыққанынан баслап өмирбаяны жазыўлы тур еди. Жетеўи де бул жазыўларды оқыйды, бирақ Йусиптиң тири екенлиги ойларына кирип-шықпайды. Ертеңине Йусиптиң өзи келип буларды бирме-бир сарпайлап, алып келген затларын қымбатына сатып, алатуғын затларын арзанына алып берип қайтарады. Қайтарғанда мынадай дейди.

— Келеси келиўиңизде кишкене иниңиз Яқыпты да ала келиң, — дейди патша.

— Яқшы, алып келемиз, — дейди кәрўанбасы.

Сөйтип олар өз журтына ўақты хош болып қайтады. Өз журтына аман-есен барып, апарған затларын кеўилдегидей сатып, дүньяға молығып, әкесине қуўанышлы ҳалда барады. Әкеси Йусип жоғалғалы берли еки көзи көрмей, көр болып отырған еди.

— Ата, енди бизге Яқыпты да қосың, барған журтымыздың патшасы «кишкене үкеңизди де алып

www.ziyouz.com kutubxonasi

келиң» деп айтты. Ол патша бизлерге айрықша сый-ҳүрмет көрсетти, — дейди кәрўанбасы болып барған Ильяс патшаның үлкен баласы.

Ол ойланып турып:

— Әй, балаларым, Йүсипти қасқыр жеп кетип еди, бул да ийт-қусқа жемтик болып кетпегей, — депти.

— Жақ, ата, ҳасла олай болмас, биз Яқыптың қасынан бир ели былай-былай шықпаймыз, қасқырға жегизбеймиз, — деп жалынып қойманты.

Балалары өлердеги сөзин айтқаннан кейин Ильяс патша Яқыптың барыўына қайылшылық билдирипти. Жетеўи қуўанғанынан Яқыпты алып, түйелерине минип, салтанат пенен кете берипти. Кәрўан мәнзилге аман-есен жетипти.

Олар дәрўазаға келип, сарайманларға хабарласыпты. Патша бул жолы оларды алдыңғысынша жетеўин жети жайға жатқарыпты, Яқыптың өзине де бир жай берипти. Түнде патша Яқыпты шақырып алыпты, бурынғы өткен ўақыяларды сорапты. Бул да алдыңғы жетеўдиң айтқанын айтыпты.

— Ҳәзир Юсуп ағаң қайда? — деп сорапты патша.

— Билмеймен, қасқыр жеп кеткен.

— Көрсең таныр медиң?

— Таныр едим.

— Қалай?

— Баяғыда екеўмиз қылыш-қылыш ойнап атырғанымызда оның жаўырнына мениң қылышым тийип кетип, соннан оның арқасында қарыстай тыртық қалып еди, — депти Яқып.

— Онда сол ағаң мен, — депти Йүсип.

Яқып патшаның айтып турған гәпине исенбепти. Соннан соң патша жектайын шешип, арқасындағы тыртықты көрсетипти. Буны көрген Яқып ес-түсинен айырылып қалыпты. Ол өзине келгеннен кейин патша оған:

— Енди сен усы жақта қал, — дейди.

— Егер Сиз мени алып қалсаңыз, ана жетеўи журтыңызды ўайран қылады, — дейди Яқып.

— Онда қалай етсем де, сени алып қаламан, — деп, Йүсип сарайына қайта берипти.

Бир күнлери кәрўанлар қайтар болыпты. Яқыптың түйесиндеги жүкке патша өзиниң алтын зағамасын салдырып жиберипти. Кәрўанлар еки күн жүргенде, излеринен қуўып киятырған әскерлерди көреди. Демниң арасында олар қуўып жетеди де:

— Биреўиңиз патшамыздың алтын зағамасын алып кетипсиз, соны таўып бересиз, — деп даў салады.

Олар:

— Алла-жалла, алтын зағама алған да жоқпыз, ондайды көрген де жоқпыз, — деп азар да, бийзар болады.

— Онда бизге тинтиў бересиз, ҳешнәрсе қалдырмай тинтемиз, — депти әскерлер.

Кәрўаншылар илажсыз егленеди. Келгенлер ҳәмме түйедеги теңлерди тинтип, бир ўақыт зағаманы таўып алыпты.

— Минекей, мына кишкентайыңыз урлапты ғой, — дейди әскерлер басшысы.

— Астапыралла, әнекей, буның үлкен ағасы Йүсип те сондай урлықшы еди, ақыры ол өз пейилинен таўып, қасқырға жемтик болды. Мине, енди бунысы да соған уқсап шығыпты, екеўи де жатырына тартқан жарамас екен, — депти жетеўи.

— Егер бул уры болса, бизде урыларды оқытып шығаратуғын мектеп бар, буны бизлер алып қалып қайтадан тәбиялайық, ендиги келгениңизде-ақ алып қайтарсыз, — дейди әскербасы.

Жетеўи де бул шәртке көнип, келисим береди. Баланы алып, әскерлер өз журтына қайтады.

Олар кеткен соң кәрўан тартқан жетеў «усы ислегенимиз дурыс болып па?» деген мақсетте ойласық қурады.

— Ҳаў, биз Йүсипти де анадай етип болып, жалған айтып барып едик. Енди буны да усындай аўҳалға салсақ, атамызға не бетимиз бенен барамыз? — деп, ҳәммеси қайтадан ойланды ҳәм бул журттың әскерлери менен урысыўға бел байлады. Сөйтип ғырра изине айланып, кәрўан тоқтаған журттың бир шетине келип турды. Отырысып ойласады.

Булардың бул ойын билген Йүсип кәрўанның изине өзиниң бес жастағы үлкен баласын жибереди. Себеби олар бурын «Егерде бир жағдайлар менен айырылысып кетсек, атамыз үйреткен дуўаны оқып, биримиздиң етимизге биримиздиң етимизди тийгизейик. Сонда дуўаның кәраматы менен даўысымыз шықпай қалады. Сол ўақытта туўысқан екенимизди билисермиз» деген сөзге ўәде байласып еди. Йүсип сол дуўаны баласына үйретип, «барып анаў жетеўиниң де үстине сүйкенип кел» деп жибереди.

Йүсиптиң баласы барды да дуўаны оқыды ҳәм жетеўиниң де үстине сүйкенди. Олар бул кишкене балаға кеўил бөлмеди. Бала сол жерден қайтып кетеди. Бир ўақытта жетеўиниң биреўи бақырайын десе, даўысы шықпайды. Мине, сол ўақытта олар усы қалада бир туўысқанының бар екенин биледи. Сөйтип

www.ziyouz.com kutubxonasi

қалаға барып Йүсип пенен жыласып көриседи. Йүсип туўысқанларын тағы да жақсылап күтеди ҳәм жол жүреринде көр киси көзине сүртсе, көзи ашылатуғын топырақ береди. «Усыны атама апарып бериңиз» дейди. Жетеўи топырақты Ильяс патшаға апарып береди. Ильяс қария ол топырақты көзине сүртеди ҳәм көзи ашылып кетеди. Ол баласының хабарын еситип бир қуўанса, көр болып қалған көзи ашылып тағы да қуўанады. Сөйтип өзиниң үйин көширип алады ҳәм бәрше туўысқанларының басын қосады. Йүсип өз ағаларынын ҳәр бирине бир үлкени бекитип берип, оларды сол жерлерге бий етип қояды. Усылайынша оның оразы оңынан оралып, ойына алған жақсы нийетлерине ерискен екен.

## ЖЕТИМЛИКТЕН ҚУТЫЛАН ТУЎЫСҚАНЛАР

(Р-98, № 1615)

Бурынғы заманда бир аўқатлы, қурғын адам болыпты. Күнлерден бир күн оның ҳаялы қайтыс болыпты. Өлген ҳаялынан бир ул, бир қыз қалыпты. Өгей анасы бул балаларды жақтырмайды, отырса опақ, турса сопақ екен. Оның мақсети — бала менен қызды атасына жаман етип көрсетиў екен.

Әкеси өгей ананың азғырғанына ерип, перзентлеринен қутылыўдың жолын излейди.

Бир күни балалары оқыўдан қайтып киятырғанда атасы алдынан шығып, оларды изине ертип кетти. Қолларына түби тесик қапты берип, жийделикке алып барды.

— Балларым, мына жердиң жийдеси жақсы екен, усы қапты толтырың. Қапшық толғаннан соң үйге алып барарсыз, шырақларым, — дейди де, өзи кетип қалады.

Олар әкесиниң қандай ой менен кеткенлигин сезбеген соң, жийдениң ана түбинен мына түбине шекем барып тере береди.

Өгей анасы ертеден жүклерди, кийим-кеншек, азық-аўқатларын тақластырып, тайын болды. Олар перзентлердиң жийде териўинен пайдаланып, оларды таслап көшип кетеди.

Бала менен қыз жийдени қанша терсе де, қапты сирә толтыра алмаған соң «бул қаптың бир бәлеси бар шығар» деп қараса, түбиниң тесик екенлигин көреди. Екеўи бир-бирине қарап ҳайран болды. Қыз турып айтады:

— Әкемиздиң бизлерге түби тесик қапты берип, жийде тердирип таслап кеткени жазатайым емес шығар!

— Ол бизлерге жаманлықты раўа көрмес-аў, — деди бала.

— Бул әкемизден шыққан бәле емес, не де болса, анамыздан шыққан пикир деп пәмлеймен, — деди қыз.

Гәп көп созылмады. Бала менен қыз қол усласып, үйине қарап жуўырды. Жийделиктиң арасы менен тез арада жетти. Қараса, ата-анасы буларды таслап көшип кетип қалған. Балалар олардың изинен барайын десе, қай тәрепке кететуғынлығын билмеди. Қол усласып, жыласып екеўи журтта қала берди.

Ата-анасы оларды таслап көшкенде, көш пенен бирге алып жүре алмаспыз деп, еки қотыр тайды қорада қалдырған еди.

Бала менен қарындасының күнде ойнайтуғын ермеги сол болады. Көп узамай қотыр тайлар тәрбия-күтимниң нәтийжесинде жазылып, еки ат болады.

Әжағасы он сегиз, қарындасы он алты жасына келеди. Сол ўақытқа шекем ата-анасынан ҳеш хабар болмайды.

Бир күни қыз ағасына қарап:

— Әжаға, енди бизлер де үлкейип адам болдық. Күшимизге толдық. Астымызда ат бар, енди гөне журтта жата бергенше, бастың ғамын етейик, — деди.

Бул гәп әжағасының да ойында бар еди.

— Буны мен де ойлап жүр едим, — деди ағасы.

Сөйтип, бала менен қарындасы атасы таслап кеткен журттан қайда болса да бир жаққа кетиўди ойлап, атларды ертлеп, гөне журт пенен хошласып, көзлериниң жасын моншақ-моншақ ағызып, жылап, жолға раўана болды.

Бир неше күн жол жүрди. Көллерден, шөллерден асты. Бала менен қарындасы жолға алып шыққан азықларын таўысып болды. Оның үстине, алдынан аўыл я қала шықпайды. Ҳеш азық-аўқатсыз кетип баратырғанда, алдынан бир шалқар теңиз шығады. Олар бул теңиздиң бойында бир қолайлы жерге келип, атларынан түсип, дем алды. Атлары отлаўға, өзлери уйқылаўға киристи.

Атадан тири жетим, анадан өлим жетим болып қалып, бала аң аўлаўды жақсы билетуғын еди. Бала қарындасын жалғыз қалдырды да, өзи аңға шығып кетти. Қолында таўып алған шолақ қылыш бар еди. Қарындасы силкинип орнынан турды. Жән-жағына көз салды. Жақын таўдың бир жағасына көзи

www.ziyouz.com kutubxonasi

түсти. Жүрип жағаға барды. Сол жерден түрли шөплерди алып үй дүзетти. Ағасы келгенше сол жерде отырды. Сол мәҳәл ағасы үш кийик, бир қоян алып келипти. Соларды пуштарлап, шақмақ пенен отты алыстырып отқа писирип тойып алды.

Ертеңине бала және қурал-жарақларын алып шықты.

— Қарағым, мен үш күнде қайтып келемен, бул жердиң аңларын да бездирип болдық, сирә туттырмайды, — деп ағасы аңға шығып кетеди.

Сол күни қыз үйдиң анаў-мынаў жумысларын иследи. Песин ўақта қостың саясында уйқылап жатыр еди. Ат туяқларынның дүбирлиси менен дәрриў оянып, көзин ашты. Қараса, бир атлы жигит турған екен. Ол дәрхал өзин жасырмақшы болып, қосына кире бергенде жаңағы жигит оны көрип қалды. Бул жигит қостың аўзына келеди. Қыз қорқып қылышын услап:

— Кимсең? Доспысаң, я душпанбысаң? Ҳәзир жуўабыңды айт, — деди.

Сонда жигит турып:

— Бизлер душпан болып, журт алайық, деп жүргенимиз жоқ. Аңға шыққан сақыймыз, — деди.

Жигит қыздың даланға шығып, хабарласыўын өтиниш етти. Бирақ, қыз қоста турып жуўап бере берди. Буған жигиттиң ашыўы келди. Аттан секирип түсти. Үйге кирип келди. Қызға қараса, ҳаслы адамзат демесең, жүзлери он төрт күнлик айдай. Оны сулыўлығы менен еритип, ақылын алды. Ашыўын басты. Жигит турды да айтты:

— Ҳә, қыз, мен сени қалай болмасын аламан!

— Сиз мени алыўыңыз еркли бола ма, ямаса көрген бойы алып кете бересиз бе? — дерти қыз.

Жигит сол ўақта ойланды.

— «Сени аламан» деп айтыўым турпайылық екен.

Қызға басқа ҳеш қандай сөз айта алмады. «Уялған тек турмас» дегендей, атының басын бурып, алға жүргенде аты қыймылдап кетип, шалқасына жығылды. Жигит өз-өзинен арланып, атын қамшылап, үстине минип алды.

— Айттырып алатуғын сениң кимиң бар? — деди ол қызға қарап.

— Туўысқан жалғыз ағам бар, — деди қыз.

— Ол қайда? — деди жигит таңланған кейипте.

— Аңға кетти, ертең песинде келсе керек, — деди қыз.

— Мейли, ағаң келсин-келмесин, ертең мен усы жерге қырық жигитим менен келемен. Ағаңыз берсе қолынан, бермесе жолынан, сени алып кетемен, — деди де, жигит атының басын бурып, саўрысына қамшы урып өтә кетти.

Бул жигит қыз менен бала болып атырған жерге үш айшылық жолдағы бир патшаның баласы еди. Қырық жигити менен келип, теңизди жағалап, аң аўлап жүргенде, бир кийикти жеке қуўып, олардан айра түсип қайтып киятырғанда бул қыздың қосына дуўшакерлескен еди.

Жигит асығып қырық жигитке қарай жүрип кетти. Қыз да изинен сығалап қарап турды. Бир мәҳәл көз ушынан ғайып болды. Қыз «болатуғын ислер бола береди» деди де, қосында отыра берди.

Келеси күни песинде ағасы аңнан қайтып келди. Қарындасы болған аўҳалды баян етти. Көп узамай-ақ қыз майданға шыққанда ала-қуйын шаңды көрди. Қосына жуўырып кирип, ағасына буны айтты:

— Жаңағы айтқаным ала-шаң болып киятыр.

Ағасы дәрхал орнынан турды. Сарыжайын қолына алып, шолақ қылышын белине байлап, атына минип, киятырған душпанның алдына қарсы шықты. Киятырған патшаның баласының елшиси алдынан шықты.

— Доспысаң, я душпанбысаң? — деди бала.

— Дос болғың келсе, қарындасыңызды патшамыздың баласына бериң, соған айттырып киятырман, душпан болсаң, көрмегениңди көрсетип, қарындасыңды олжа етип алармыз, — деди елши.

— Мен, душпан болсаңыз, душпанман, дос болсаңыз, доспан. Бирақ, оныңдай аң аўлап жүрген шаҳзадаға тосаттан, қулақ қағыссыз мениң беретуғын қарындасым жоқ, — деди қыздың әжағасы.

— Урыссаңыз урысың, тутыссаңыз тутысың, ерк өзиңизде болсын, — деп, елши ҳәм жасаўыллар изине қайтты. Барып шаҳзадасына барлық гәпти айтты. Патшаның баласы гөдек болып шықты. Өзиниң жанына рейими келмейтуғын тойған адам екен.

— «Атысса атыссын, шабысса шабыссын, тутысса тутыссын. Аң аўлап жүрген шаҳзадаға тосаттан, қулақ қағыссыз беретуғын қарындасым жоқ» деди, — дейди елши.

Патшазада бул сөзлерди еситип, кәҳәрленип, қылышын қынабынан суўырып алып, жасаўылларын ертип жигит пенен қарындасының үйине қарап ат қойды. Қыздың әжағасы бурыннан бундай урыс майданын көрмесе де, оңнан-солдан келгенниң геллесин қылыштан өткерди. Шаҳзада қырық жигитинен айрылып, дәрти шыдамай, ең ақырында баланың қарсы алдына келгенин билмей де қалды. Қыздың

www.ziyouz.com kutubxonasi

әжағасы шахзаданы қылышласыў менен қарсы алды. Екеўи урыс майданында неше түрли усыл менен қылышласып турып еди. Қарындасы шыдамай ағасына не болғанына көзи жетпей, тынышсызланып майданға шықса, ағасының шахзада менен қылышласып атырғанын көрди. Бир мәҳәл бала қылыш силтеўден алжасады. Сөйтип, шахзаданың қылышы биййжай тийип, аттан қулады. Шахзада буны көрип, қылышын қынабына салып, атына минип, басын бурып, қосқа қарай жүрис етти. Буны көрген қыз есинен танып жығылды.

Қыз есине келгеннен кейин көзин ашып қараса, басында шахзада отырған екен. Қыз дәрҳал орнынан турды.

— Қәне, палўан, мен сеники болдым, — деди қыз.

— Онда атыма мингессеңиз, — депти шахзада хәм елине қайтпақшы болырты.

Сол ўақта қыз:

— Хә, шахзадам, сиз бир мәртсиз. Сизде палўанлық, ерлик нышаны бар. Мен болсам нашарман. Сиз бул ҳәдийселердиң барлығын мениң ушын қылдыңыз. Мениң кеўлимде ҳеш әрман қалмасын десеңиз, жалғыз ағамның ҳүрмети ушын ең болмаса оның жүзин жаўып кетиўге руқсат етиңиз, — деди.

— Сениң ушын тоқтайман, қәне, тез бол, — деди де, шахзада атты тоқтатты.

Қыз аттан түсе сала ағасының өлип атырған жерине барды. Жән-жағын жыйнастырып, көмиўдиң илажын ойлайды. Сөйтип, таўдың бир үңгирине самал, ҳеш нәрсе кирместей етип жайғастырады. Ағасының қылышын алып, жигиттиң атының ериниң басына қыстырады. Өзи артынан мингесип, шахзада жол тартады. Қыз әбден кеўилин бергендей алжастырып, сөйлесип киятырғанда ағасының қылышын алып, шахзадаға билдирмей бир жағына аўғандай болып, тосаттан урып, басын екиге айырып жерге түсиреди.

Қыз жигиттиң геўдесин таслап артына қайтады. Қосына келеди. Сөйтип ағасының өлигиниң қасына барып жүреги шыдамай жалғыз бир өзи бола береди.

Арадан бир неше күн өтти. Бир күни қыз отырып «мен бул жерден кетсем, бир еллерге жетсем, журт көрсем, ағамның бул дүньяға қайтыўының илажы табылмаспа екен?!» деп ойланады хәм жайылып жүрген ағасының атын услап алады да, ертлеп минип, жолға рәўана болады. Бир неше күн жол жүрди. Бир қалаға барды. Аралап жүрсе бир уллы тойға дус келди. Қыз да тойдан пайын жейди. Онда палўан тутысыў, қошқар урыстырыў хәм басқа хәр қыйлы ойынлары болады. Әне, кешке таман ең соңында алтын қабақ аттырады. Қыз да алтын қабақты атыў ушын нәўбетте турады.

Бир ўақта қыздың нәўбети келеди. Буның қыз екенин адам билмейди. Қыз ағасының кийимлерин кийип, ерлердей еди. Дәрҳал нәзерлеп алтын қабақты атады. Оғы алтын қабаққа тийеди. Сонша ўақыттан бери ханның қол астындағы мергенлерден бир де биреўи алтын қабақты атып түсире алмаған еди. Қызды дәрриў көтерип ханның алдына алып барады. Ханның шәрти бойынша алтын қабақты ким атып түсирсе, соған қызын бермекши екен. Шәрт бойынша ханның қызын некелеп буған береди.

Арадан бир неше күн өткеннен кейин патшаның қызына қарап:

— Әкеңниң қандай қымбатлы нәрселери бар? — дейди.

— Оның алтынлары бар, — дейди мәлийка.

— Маған алтын керек емес, басқа түрли қандай ҳасыл затлары бар? — дейди қыз өзин жигитлердей тутып.

— Әкемниң көптен берли сақлап қойған кишкене таяғы бар. Бул таяқ пенен өлген адамды үш мәрте түртсе, тириледи. Бирақ, өлгенине үш ай болған болыўы керек, — дейди мәлийка.

Күйеўи болып турған қыз:

— Ондай болса, сол таяқты патшадан еншиге сорап алып бер, болмаса мен сени ҳаялым демеймен, — деди.

Патшаның қызы дәрҳал әкесиниң алдына барды. Барып таяқты еншиге сорады. Патша ойланып турып:

— Мә, яқшы, бар, саған еншиге бердим, — дейди.

Қыз таяқты күйеўине алып келип берди. Қыз оғада қуўанып, мәлийкаға рахмет айтты.

Арадан бир-еки күн өтти. Бул ханның екинши бир журтта ханлық сүрип атырған инисинен тойға мирәт келеди. Булар хан, күйеў баласы, ҳаялы — барлығы жәм болып тойға атланады. Тойдың ақырында тамамы алтын қабақ атыўға шығады. Алтын қабақты талабанлар ата береди. Атқан оқлары зая болады. Бир мәҳәли нәўбет күйеўге жетеди. Ол қуралды қолға алып алтын қабақты атып түсирди. Дәрҳал буны көрип ханның алдына алып барады.

Бул ханның да той берип, алтын қабақ аттырғандағы мақсети — алтын қабақты атып түсирген адамға қызын бермек екен. Буған екинши хан да қызын некелеп берди. Әне, күйеў екинши ханның қызын да некелеп алды.

Бир-еки күннен соң қыз ханның қызына:

— Әкеңниң қандай ҳасыл заты бар? — деди.

— Гәўҳар, алтынлары бар, — дейди мәлийка.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Оннан да басқа неси бар? — дейди «күйеўи».

— Айтпақшы, оның көптен бери сақлап жүрген нарт шыбығы бар. Шыбықтың қәсийети — өлген адамды тирилтеди. Бирақ, өлгенине бир жылдан артық болмаған болыўы керек, — дейди мәлийка.

— Сол нарт шыбықты маған әкеңнен алып бер, — дейди қыз.

Мәлийка патшадан сорап нарт шыбықты алып берди.

Арадан бир неше күн өткенде ханның тағы бир инисиниң тойына шақырып келеди. Бурынғы тойға барғандағыдай хәммеси тойға барады. Тамаша басланады. Бул тойда бурынғы тойлардағыдай алтын қабақ атыў басланады. Усы тойда да қыз алтын қабақты атып түсиреди. Сол ханнын да қызы бул «күйеўге» несип етеди. Және патшаның қызына:

— Әкеңниң қандай қәсийетли заты бар? — дейди.

— Алтын-гәўҳарлары, мал-дүньялары бар, — дейди мәлийка.

— Ондай затлары керек емес. Басқа да қәсийетли заты бар ма? — дейди «күйеўи».

— Оның және мамасы бар. Ол мама өлгенине үш жыл толмаған адамды тирилтеди, — дейди мәлийка.

— Әкеңе барып, «сол маманы бер» деп сора, — дейди қыз.

Қыз патшадан маманы алады. Сөйтип «күйеў баласына» алып барып береди.

Сол күни кеш болды. Күн батты. Жарым ақшам ўақтында күйеў уҳ тартады. Сонда мәлийканың түни менен уйқысы келмей шала уйқылы болып жатырғанда күйеўиниң қайғыда екенлигин билип, азанда буның себебин сорайды.

— Қай жериңиз аўырады? Сонша неге ойлайсыз? Жатып уйқыныз жоқ. Не әрманыңыз болса, айтыңыз, — деди мәлийка.

— Менде бир ғана әрман бар. Ол да болса ата — анамды көриў хәм сизлер менен таныстырыў. Бул мақсетиниң тезирек болғанын ханнын қызлары шеп көрмеди. Дәрхал анасының қасына барды. Болған аўҳалды баян етип берди. Анасы атасына хабар берди. Сөйтип, ис орнына түседи. Хан қызы менен күйеўин атландырыў ушын қасына қырық түйе менен қырық қул берди. Қырық түйениң үстин дүнья-малға толтырды. Булар бир неше күн жол жүрип, үлкен ҳаялын да, ортаншы хаялын да, алып ағасы жатқан қосқа жол тартады.

Жолда ҳаяллары сыр айтысады:

— Бундай да сабырлы еркек тұқымы болады екен-аў, — деди биреўи.

— Сабырлы болғанда да айтқан сертинде туратуғын, сондай ўәдеге берик адам екен, — деди екиншиси.

— Аман-саў елине барып жетсек, шәртин орынласа, соңғы жағы тамаша, кеўилли турмыс болмай қәйтер дейсиз, — деди кишкенеси.

— Япырмай, адамзаттың баласы-әй! Соншама үшеўимиздиң ортамызда киятырып, сирә буның кеўили селт етпейди ғой, — дейди үлкени.

— Ҳаў, бул не дегениниз?! Күйеў деп изине ерип киятырғанымыз еркек емес, қыз емес, бир бәле болмасын, — деди жеңгейлердиң биреўи.

Күйеў бала көптиң алдынан атының басын бурып, қызлардың қасына келип:

—Шәҳәримизге ертең сәскеде жетип барамыз. Бизлер барғанда ата-анамыздың хабарсыз болғаны болмас. Мен енди озып кетемен. Сизлер мениң жүрген изим менен келе бересиз. Мен сизлерди ата-анама, яры-досларыма билдирип, ертең сәске ўақтында күтип аламан, — деди.

— Хош бол, — деп жуўап берди қызлар.

Күйеў атының басын бурып, саўрысына қамшы урады. Озып алға жүрип кетеди. Сол күни түни менен де жол жүрип, таң ағарып атқанда баяғы өзиниң қосына келди. Ағасының қәбирине барды. Әжағасын ашып алады. Үстиндеги кийимлерин шешип, өзиниң үстиндеги кийимлерин кийгизип, аттың қапталына алып келип жатқызады. Аттың ала жериндеги ағына мынадай деп хат жазады:

«Әдиўли ағажаным! Бул ислерди ислеген мен қарындасыңман. Бүгин сәскеде сениң бул жатқан жериңе көп көш келеди. Оның ишинде үш ханның қызы бар. Оларды мен саған бағышладым. Келген көште адамды тирилтетуғын таяқ, шыбық, мама кемпир бар. Олар сени тирилтип алады. Сонда сен орныңнан тур да, «ҳаў, көп уйқылап кетиппен ғой» деп ушып тур. Көшлерди усы жерге түсирип заўқы-сапа сүре бер. Ҳүрмет пенен карындасың».

Бул сөзлерди жазып болған ўақытта күйеў болып жүрген қыз ақ пышықтың көринисине киреди. Өйткени, бул ағасы менен әдеп келип қос басқаннан соң буған сол жердеги теңиз асты перилериниң бири нәзер салған еди. Сонын ушын бул қыз да нәзерин салған суў перисине қосылып, заўқы-сапа сүриўди мақсет етти. Соның менен күн де шықты. Уллы сәске болды. Ханның қызлары да аттың изи менен келип, аты байлаўлы, өзи жатырғанының үстинен шықты. Көш айдаўшылар күйеўдиң өлип атырғанлығын сезди. Жүристи тоқтатып, дәрҳал ханның қызларына барып бул аўҳалды айтты. Қызлар да дәрриў түйеден түсип, өлип жатырған жигиттиң қасына келди. Қараса, кеше озып кеткен күйеў өлип жатыр. Кийимлери де соныки.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ўай-ўай, маңлайым қурысын! Өзи кетемен деп, түн ишинде урыларға ушыраған екен! Ўай-ўай! Ўай-ўай! — деген даўыслар шығып турды. Ханның үлкен қызы:

— Қуры ўай-ўайдан хеш нәрсе шықпайды. Нардың үстиндеги сандықты түсириң, ишинде бир таяқ бар, сол таяқ пенен үш мәрте урғанда тирилмеспекен? — деди.

Қыз таяқты алып, бир-еки мәрте урды, турмады. Үшинши рет урды, бир қыймылдап қойды, бирақ турмады. Үсти-үстине ура берди, турмады. Қасындағылардың дәрти шыдамай қыздан таяқты жулып алды.

Ортаншы қыз сандығындағы тал шыбық пенен урып тирилтиўге ҳәрекет етти. Бул да үш мәрте урды. Жигиттиң аяқ-қоллары бир қыймылдап, тым-тырыс жата берди. Ақырында кишкене қызға нәўбет жетти.

— Мен тирилтемен, — деп мамасын шақырды. Кемпир мамасы өлини көрип, қолларын таррашлап бир еснейди де, өлини сол мәҳәл жутып қояды.

— Шығар! — деп қызлар маманың мойнына асылды.

— Жүдә дәтиңиз шыдамай баратырған болса, өлини мен жемей-ақ қояйын, — деп жигитти аўзынан жерге шығарып қойды. Сол заматта жигит тирилип көзин ашып, «қатты уйқылап кеткен екенмен» деп отырды.

Жигит жән-жағына қараса, қасында аты байлаўлы турған екен. Атын танып, мойнынан қушақлап, жазылған хатты оқып, сырларды түсинип алды. Қызларға хеш нәрсе билдирмей:

— Келиңиз, усыманға көшлерди түсирип қоныс басамыз, — деди.

Қызлардың реңи өшип кеткен. Есинен айрылып қалажақ еди. Олар күйеўине жуўырып келип, мойнынан қушақлады ҳәм жыласып маўқын басты.

Олар көшлерди түсирип, ордаларды тигип, усы жерге мәкан басады. Жигит үш ҳаялының ортасында өзи жата береди.

Жигитти бир нәрсе ҳайран қалдырды. Ордадағы пышықтың ҳәрекетлери адамның жүрис-турысына усайды. Көзлери нағыз қарындасының көзлериндей мөлтилдеп тур.

Ол үлкен ҳаялына қарап:

— Егер де бул пышықтың кеўлин қалдырсаң, меннен өкпелеме! Буған жақсылап қара! — деди.

Арадан бир неше ўақыт өткен соң жигит аңға барып, қайтып келди. Күнде алдынан шығатуғын пышығы буған алдынан шықпады. Төрде ошаққа жақын жерде муңайып отыр екен.

— Бул пышық неге муңайып отыр? — деп үлкен ҳаялынан сорады.

— Не ушын екенин билмедим. Бирақ, бағана сандықтан кирип шығып жүр екен. Мен сандықты былай алып қойып едим, соннан бери муңайып отыр, — деди үлкен ҳаялы.

— Саған оның хеш кеўлин қалдырма дегеним қайда? Ырасыңды айт, оны урдың ба?

— Яқ, урмадым.

— Урмасаң, неге муңаяды?

— Урғаным жоқ, тек ешейин екеўимиз ойнап отыр едик, қарнын қытықлап отырғанда аңламай қалдым, «мыррыў» деп қолымды тислеп алды. Қолымның аўырғанына шыдамай «бул нең?» деп қолым менен силкип жиберип едим. Соны кеўлине қатты алып отырғаны болмаса...

Буны еситип жигиттиң ашыўы келди. Орнынан турып үлкен ҳаялын сабайды. Пышық муңайғанын қойып, жигиттиң аяғына сүйкенеди. Пышық «Қойың, оны урмаң» дегендей болады. Жигит пышықты ортаншы ҳаялының қолына береди.

— Егер пышықтың кеўлин қалдырсаң, өзиңнен көр! — дейди жигит.

Ортаншы ҳаялы пышыққа қарап, жүнин тарап, аўқат берип, күтип жүре береди.

Арадан бир неше күн өтеди. Ҳаял шашын жуўып атыр еди. Жигит аңға кеткен еди. Пышық ҳаялдың шашын жуўып атырғанда үйден шығады. Ҳаял да шашын жуўғанды қойып, қайда барар екен деп, изине ереди. Пышық хеш жерге тоқтамастан теңиздиң жағасына барады. Ҳаял да бирге барып турады. Сол жерде пышық арман-берман ойнап жүреди. Күн түс бола бергенде ҳаялдың қарны аш болады. Айтқысы келип, қасында ойнап жүрген пышықты алып қайтады. Пышықтың қайтқысы келмейди. Ҳаялдың қолынан пышық кеткиси келип, сонша талпынса да ҳаял жибермей, үйге алып келеди. Кеш болғанда әжағасы аңнан келгенде пышық алдынан шықпай муңайып отыра береди.

— Пышық неге муңайып отыр? — деди жигит.

— Қайдан билейин? — деди оған ортаншы ҳаялы әеш нәрсе билдирместен.

Жигиттиң ашыўы келип, орнынан турып ҳаялдың арқасына қамшы менен урады. Сол ўақта пышық келип жигиттиң аяғына сүйкенеди. Жигит енди пышықты кишкене ҳаялына тапсырады. Оған да тап ҳаялларына берген тапсырма береди. Кишкене ҳаялы пышықты көзиниң қарашығындай етип сақлап, отыра береди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир күнлери жигит аңға кетеди. Пышық үйден шығып теңиздиң жағасына барады. Ҳаял да изинен бирге барады. Бир ўақта пышық ойнап жүрип бирден көзден ғайып болады. Ҳаял пышықты әри-бери күтип отырады. Ақырында ҳаял уйқылап қалады.

Сол мәҳәлде пышық адам қәддине келип, бурынғы қосына барып жатқан еди.

Суў периси буған айтты:

— Жеңгеңди уйқылап атырған жеринен әстен жайға урлап апарамыз. Буған қарсылық етпейди.

Солай етип, екеўи бағанағы кишкене жеңгесиниң қасына келсе, еле уйқылап атырған екен. Уйқысын бузбастан теңиз суўының астындағы перииниң жайына алып барып, бир бөлек жайға киргизип қоя береди. Бир ўақта ҳаял көзин ашып қараса, нағысланған жақсы жайдың ишинде жатқан екен.

— Түсим бе, оңым ба? — деп ол қорқады. Арман-берман жүреди. Жайдың ишинде түрли аўқатлар қойылған. Бир жайға барғанда бир жигит пенен бир ҳаял қолынан алады. Олар отырыўды өтиниш етеди. Ҳаял отырады.

— Бизлерди таныйсыз ба? — деп сорады күлимсиреп ер адам менен ҳаял.

— Мен сизлерди бурын көрмесем, қаяқтан таныйман? — деди ҳаял.

Со[illegible]еўи менен келген ҳа[illegible] барлығ[illegible]н бастан-[illegible]қ[illegible]си[illegible]ирип бер[illegible]и. Ол келген ер [illegible]ам [illegible]рип кел[illegible]ен ҳа[illegible]ды [illegible]к[illegible]йе[illegible] Сол жердеги с[illegible] ер[illegible] ери[illegible]и пат[illegible]а[illegible] екен. [illegible] шкене хан[illegible] [illegible]йеў ни[illegible] ары [illegible] екенлигин б[illegible] айтып[illegible] иреди. [illegible] шеши мене[illegible] [illegible]ен жа[illegible]а бол[illegible]

[illegible]ы [illegible] ағы [illegible]

## АҚЫЛЛЫ КЕЛИН

(Р-89. № 24617)

Бурынғы өткен заманда бир залым патша болыпты. Оның тек жалғыз ғана баласы бар екен. Бир күнлери патшаның баласы ержетип, кәмалға келипти. Патша ишинен: «Мениң балам ер жетти. Басқа патшалардың балалары қыз алып, өз алдына үй болып атыр. Мен де балама елимнен таңлап бир сулыў алып берип үйлендирейин» деп ойлайды. Бул ойын барлық ўәзирлерин шақырып алып айтады:

— Қалай да болса мениң балама бир сулыўды таўып бересиз, — дейди.

Патша буйырған соң ўәзирлерде турыс бар ма?! Олар ел аралаўға шығып кетеди. Арадан көп ўақытлар өткенде ўәзирлер сол елден бир байдың сулыў қызын табады. Қыздың сулыўлығын патшаға жеткерип келеди. Патшаның ўақты хош болып, тезден байға жаўшылар жибереди. Оларға кетеринде:

— Байға барып айтың, бай қызын бизиң балаға берсин. Қалай да, биз бенен қуда болса, шеп болмайды. Егер де бермесе, тартып алып қайтың, — дейди.

Жаўшылар патшаның сөзин байға жеткерип келеди. Бай патшаның бул сөзин еситкеннен кейин:

— Патша баласына бизиң қызды алатуғын болса, жүдә бәрекелла. Ондай патша менен қуда болыў күтә қуўанышлы нәрсе, — деп патшаның баласына қызын узатады.

Бир күнлери патша келининиң жүзин көрип қалады. Оның сулыўлығына, дүньяда теңи жоқ арыў екенлигине ышқы кетип, өз келинине патша өлермен ашық болады. Ишсе ас батпайды. Суўық демин қатты алғанда ишинен сыртқа жалын шығады. Патша бул аўыр азапты шеккиси келмеди. Баламды қалай да болса бир жолын таўып өлтирип, келинимди алып дәўран сүрейин деген шешимге келеди. Сөйтти де, ўәзирлерин қасына шақырып алып, патша өзиниң ишиндеги әрманын түсиндиреди хәм оларға:

— Қалай етсеңиз де мениң баламды өлтириўдиң жолын табың, егер де ким өлтириўдиң усылын билип өлтирсе, мен ол адамға өмирине жатып ишетуғын дүнья беремен, — дейди.

Ўәзирлердиң ишинен дүньяпараз биреўи:

— Тап сол баланды мен өлтирип беремен, оның жолы нан жегеннен аңсат, — дейди.

Бул сөзди еситкен патша сол ўәзирге еркти береди. Баланы өлтириўге кирисер алдында ўәзир патшаға:

— Мен еки табаққа палаў салып, балаң жумысынан келгеннен кейин екеўиңиздиң алдыңызға қояман. Балаңның алдына қоятуғын табаққа уў саламан. Балаң уўланған палаўды жеп сеспестен қатады, — дейди.

Патша баласына ел басқарыў әмелин берип қойған еди. Бала хызметтен келип, үйине жақынлағанда алдынан келиншеги шығып:

— Ал, сүйген ярым, сениң әкең өлтирмекши болып уў салынған палаў асып атыр. Сениң алдыңа уўланған палаў қояды, ал әкеңниң алдындағы табақта уў жоқ. Есабын тапсаң, өлимнен қутыл, — дейди.

Бала бул сөзди еситип үйге киреди. Бираз дем алғаннан кейин, әкеси менен екеўине еки табақ палаўды әкелип, баяғы уў салынған табақты баланың алдына қояды. Бала палаўды бирден жемей, пышықты шақырып, оған бир қос уўыс палаў салады. Ийисин сезген пышық та палаўды жемейди. Буны көрип бала әкесиниң алдындағы палаўдан бир асайды да кейин шегинип отырады. Бул сапары ўәзирдиң жаманлығы орынланбай қалады.

Енди ўәзир тағы сумлық ойлайды. Ол ертеңине үйдиң есигиниң алдынан бир шуқыр қазып, ишине ислерди қояды. Бала келген ўақта шуқырды абайламай, оған түсип, иске илинип өледи деп ойлағаны еди. Бул исти баланың келиншеги ақыллығы менен билип, күйеўи келер алдында оның алдынан шығып, оны өлтириў ушын ислеп атырғанларды айтады хәм оған есикке кирер алдында туўры жүрмей, үйди қапталлап жүриўди тапсырады. Бала хаялдың айтқанындай етип үйге киреди. Бул ретте де өлимнен қутылып қалады.

Дүньяпараз ўәзир паташаға келип:

— Патшайым, баланды еки рет хийле ислеп өлтире алмадым, енди өлтириўдиң бир ғана жолы — ол жумысынан келген ўақытта бирден еки көзин ойып алып, өзин узақ шөлистанлыққа апарып таслаймыз. Сонда өзинен-өзи өледи, — дейди.

Патша бул исти де ислеўге кириседи. Бала жумыстан киятырғанда келиншеги алдынан шығып, патшаның сырын айтып береди, бул өлимнен қалай қутылыўдың жолын билмегенликтен, хеш нәрсе айта алмайды. Бала өлимге қайыл болып үйге кирип барады. Ол есиктен кириўден патшаның жәллатлары оның еки көзин бирден ойып алады да, ойылған көзди баланың қалтасына салып, патшаның әмири бойынша шөлистанлықтағы таўдың қапталына апарып таслайды.

Бала қула дүзде еки көзден айырылып, зар жылап жата береди. Бир ўақлары бир кептер келип, баланың бул аўҳалға ушырағанына жүдә жаны ашып оған:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳәй, бала, сен бул отырысты қой, мен өзимниң пәримнен жулып бир пәр берейин. Сол пәрди алып, анаў таўдың бийик жеринде атлығып ағып турған бир булақ бар. Соған барып, қалтандағы еки көзинди орнынан қойып мениң пәрим менен булақтың суўынан алып көзинди жуў, — дейди.

Бала жаңағы кептердиң айтқанындай етип ислейди. Сол ўақлары көзи күндей жарқырап, ашылып кетеди. Бирақ бир көзи сәл қысықлаў питипти. Бала көзи саўалған соң елине қарап жол тартады. Бир күн жол жүрип елине келеди. Шәҳәрдин шетиндеги бир кәмбағал ғаррының үйине барады. Ғаррының үйин бир қатара көзи менен шолса, керегеге илдириўли турған бир сарыжайға көзи түседи.

— Ҳаў, ата, сизиң үйиңизде мынаў сарыжай неге тур? — деп сорайды бала.

— Ҳәзир бизиң елдиң патшасы өз келинин алыў ушын оның менен жаўласып атыр. Бизлер де сол урыста патша тәрепинде урысып атырмыз, балам, — деп жуўап береди ғарры.

Бала ғаррыдан сарыжайын сорайды. Урысқа оның орнына баратуғынын айтады. Ғарры буған қайыл болады. Бала ғаррының жаў-жараған, атын алып урысқа жөнеп кетеди. Барса, еки тәреп болып кан төгисип атыр екен. Бала барыўдан патшаның әскерлерине тийисип кетеди. Усылай етип үш күн урыс болады. Ҳаял турып ойланады: «Күнде бир сары атлы бала патшаның әскерлерин қыйратып кетеди, мен қалай да ол балаға ушырасайын» деп, төртинши күни бала урысқа тийисерде онын алдынан шығып:

— Жигит, сиз батыр екенсиз, қай жерден келдиңиз, жөниңизди айтыңыз, танысайық. Оннан кейин урысқа кирисерсиз, — дейди.

Бул сөзди еситип бала басынан кеширгенлерин бирим-бирим сөйлеп береди. Буннан кейин барып ҳаял өзиниң ери екенин билип, мойнынан қушақлап жылайды. Мунлылар қосылып алып патшаның әскерлерине қайтадан ат қояды. Көп узамай патша әскерлери жеңиледи. Патшаны ўәзирлери менен коса тутып алып, жанын жәҳәннемге жибереди. Сөйтип бала тахтты тазартып, өзи елге патша болып, қатыны менен бирге журтын әдил сорап, мурадына жетеди.

## АЛТЫН АЙДАРЛЫ ҚЫЗ
(Р-455, № 176398)

Баяғыда үш жигит бирге жолдас болып киятырып, жолдан үш мәйек таўып алыпты. Биринши мәйекти жарса, ишинен муз, екиншисинен дуз, ал үшинши мәйектен бир сулыў қыз шығыпты. Үш жигит қызға таласып қалыпты.

Сонда қыз оларға:

— Сизлер мен ушын таласпаң. Жолыңызды даўам еттире бериң. Қайсыңызды қәлесем, сонын изинен еремен, — депти.

Үш жигит оның айтқанындай еткен екен, қыз үшинши жигиттиң изине ерипти. Жигит өзиниң аўылына жақынлағанда, алды менен ата-анамды хабарландырайын деп, қызды бир теректиң басына отырғызып кетипти.

Сол ўақытта бир хызметкер қыз қолында гүзеси менен суў алыўға келипти. Ол енди гүзесин суўға батыра бергенинде, теректеги қыздың суўдағы сәўлесине көзи түсипти. Қыз суўдағы сәўлени өзиниң сүўрети деп ойлап, «усы сулыўлығым менен хызметкер болып жүриппен-аў» деп қолындағы гүзени суўға ылақтырып жиберипти. Буны терек басындағы қыз көрип күлипти. Хызметкер қыз жоқарыға қараса, теректиң басында сулыўлықта теңсиз бир қыз отыр екен. Суўдағы сүўрет өзиники емес екенин билген хызметкер қыз сулыў қыздан өш алыўды ойлапты.

— Ҳәй, достым, жерге түс. Екеўимиз суўға шомылайық, — депти ол теректиң басындағы қызға.

Қыз теректиң басынан түсип, хызметкер қыздың қасына келипти. Сулыў қыздың басында алты қулаш алтын айдары бар екен. Ол хызметкер қызға:

— Мен шомылған ўақытта сен мениң айдарымнан услап тур, — депти.

Хызметкер қыз алтын айдарлы қыз суўға түскен ўақытта оның айдарын кесип жибереди. Қыз суўға ығып кетипти. Сум хызметкер қыз алтын айдарды басына тағып, теректиң басына минип отыра берипти.

Жигит қызды алып кетиўге келсе, оның түри өзгерип кетипти.

— Саған не болды? — деп сорапты ол қыздан.

— Сени күтемен деп усындай ҳалға келдим, — депти қыз.

Сол күни жигиттиң аўылы қыслаўдан жазлаўға көшипти. Баяғы алтын айдарлы қыз суўдан шығып боталаққа айланып, көшке ере берипти. Олар жазлаўға келгеннен кейин хызметер қыз көшке ерип келген боталақтың алтын айдарлы қыз екенин сезип қалыпты. Ол жигитке:

— Мына боталақты маған сойып бер, — депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит боталақты сойып атырғанда бир сүйек анандай жерге ушып түсипти. Сол сүйекти сол аўылдың бир кемпири таўып алып, оннан өзине уршық ислеп алыпты.

Қыз кемпир үйден шығып кеткен ўақытта үй ишин жыйнап, сыпырыстырып, кемпирге аўқат писирип қойыпты. Кемпир үйине келип қараса, үйи сыпырыстырылып, тазаланып қойылған, қазанда аўқат писип тур.

Ол ертеңине үйдиң сыртынан аңлыпты. Қараса, уршық сулыў бир қызға айланып, үйде хызмет етип жүр екен. Буны көрип, кемпир дәрриў ишке кирип келипти. Уршыққа айланыўға үлгере алмаған қыз басынан өткенин кемпирге айтып берипти.

Ертеңине кемпир жигитке барып, қыздың басынан өтенлерди айтыпты. Жигит кемпирдиң үйине келип қараса, оның үйиндеги қыз баяғы мәйектиң ишинен шыққан, алтын айдарлы қыз екен. Ол қызды үйине алып барып қырық күн той берип оған үйленипти. Екеўи көп жыллар бахытлы жасап мурат-мақсетине жетипти.

## БИР БАЙДЫҢ БАЛАЛАРЫН ҮЙЛЕНДИРИЎИ
(Р—278, № 84306)

Бурынғы өткен заманда бир бай болыпты. Байдың үш баласы бар екен. Бай дәстүр бойынша үлкен баласын үйлендириўдиң орнына, ең киши баласын үйлендиреди. Сонда үлкен баласы:

— Әкем дәстүр бойынша мени үйлендириўи керек еди, ондай етпеди, — деп қапа болыпты.

Бир күнлери бай ортаншы баласын үйлендирипти. Буған үлкен баласы қатты қапа болып, үйинен бас алып шығып кетеди. Ол қай жерге барарын өзи де билмей, бираз күн жол жүреди. Бир ўақытта оның алдынан бир үй шығады. Жигит тәўекел етип үйге киреди. Кирсе, төрде бир кемпир отырған екен. Ол жигитти төрге мирәт етип:

— Жол болсын, жигит? — депти.

Жигит оған ҳәмме гәпти айтып берипти.

Азанда кемпир жигитке:

— Мениң ер жеткен қызым бар. Егер мени гүресип жықсаң, қызымды саған беремен, жығылсаң, мен сени өлтиремен, — депти.

Жигит бул шәртке қайыл болыпты. Жигит пенен кемпир бирин бири жыға алмай, таң атқаннан кешке дейин гүресип, ақыры жигит кемпирди жығады. Кемпир берген ўәдеси бойынша қызын жигитке береди. Солай етип жигит кемпирдиң қызы менен өмир сүре береди.

Бир күни ол аңға шығып, тоғай аралап жүрсе, узақтан бир ешекли кисини көреди. Изинен билдирмей аңлып бара береди. Бир ўақытта жаңағы киси ешегинен түсип, жағасынан бир ийне алып оған дем салған екен, ийне сулыў ҳаялға айланыпты. Ҳаял оған шай қайнатып жүргенде, жаңағы киси намаз оқып баслайды. Енди ҳаял жағасынан бир тебен алып дем салса, тебен шырайлы жигитке айланыпты. Булар екеўи жаңағы ешекли киси намаз оқып болғанша, ойын-күлки менен машғул болыпты. Ешекли киси намазын оқып болыўға жақын, ҳаял бир дем салғанда жигит қайтадан тебенге айналады. Киси намазын оқып болып, бир дем салып, ийнени ҳаялға айландырады да ешегине минеди.

Усыларды көрип турған жигит ешекли кисиниң қасына келип, аманласып, оны үйине мирәт етеди. Олар екеўи жигиттиң үйине келгенде, жигит ҳаялына жети адамға жетерли тамақ асыўды буйырды.

Кешки аўқат тайын болғанда жигит ешекли кисиниң алдына бир табақ қойып:

— Мына табақты шеригиңди таўып же, — депти.

— Мениң қасымда шеригим жоқ, — депти.

Сонда үйдиң ийеси:

— Шеригиңди таппасаң, өлесең, — деп пышағын алып умтылған екен, ешекли киси жағасынан ийнени алып дем салып, оны сулыў ҳаялға айландырыпты да, екеўи бир табақты алдына ала бергенде, жигит ҳаялға:

— Сен өз шеригиңди таўып отыр, — депти.

— Мениң мына кисиден басқа шеригим жоқ, — депти ҳаял.

Жигит қолына қамшысын алып, оған умтылған екен, ҳаял жағасынан бир тебенди алып, дем салып, оны бир сулыў жигитке айландырыпты.

Енди жигит өз ҳаялына табақласын табыўды буйырыпты.

— Мениң сеннен басқа табақласым жоқ, — депти оның ҳаялы да.

— Онда, мен сени өлтиремен, — депти жигит.

Ҳаял қорққанынан төрдеги бир сандықты ашып, ишинен бир жигитти шығарып алыпты.

Солай етип, олар ҳәзир жети адам болыпты. Ешекли киси ҳаялы ҳәм оның жорасы менен бир табақ,

www.ziyouz.com kutubxonasi

жигит өзинин ҳаялы ҳәм оның жорасы менен бир табақ, кемпир өз алдына бир табақ болып аўқат жепти.

Аўқатты жеп болған еркек адамлар, буларды жолдан аздырған ҳаяллардан қутылыўды ойлап, төртеўи бирге жолға шығып кете берипти.

Жолда кетип баратырып, олар бир-биринен кимниң қолынан қандай ис келетуғынын сорастыра баслапты.

— Мен өлген адамды тирилте аламан, — депти ешекли киси.

— Мен бир теңгеден қырық қабат үй сала аламан, — депти ешекли кисиниң ҳаялының жорасы.

— Мен бир қаланы бир қалаға бир түнде көшире аламан, — депти жигиттиң ҳаялының жорасы.

Солай етип, бул төртеўи әңгимесесип киятырса, жақын жерден жолбарыстың бақырған даўысы еситилипти. Олар жолбарыстан қорқып, төртеўи төрт жаққа қарай қашыпты.

Қасындағы үш жолдасынан айырылған жигит бир неше күн жүргеннен кейин бир қалаға тап болды. Бирақ ол қаланың ишинде бир де тири жанды ушыратпапты. Қаланың көшелерин гезип жүрсе, алдынан перизаттай сулыў бир қыз шығыпты.

— Бул қаланың адамлары қайда кеткен? — деп сорапты жигит қыздан.

— Мен усы қаланың патшасының қызыман. Жақында бизиң қаланы айдарҳа жутты. Мен қалай аман қалғанымды билмеймен, — деп жуўап берипти қыз оған.

Жигит пенен қыз усы қалада жасап қала берипти.

Усы қалаға қоңсы бир қаланың патшасы өткен-кеткенлерден баяғы патшаның қызына усас бир қыздың бир жигит пенен жасап атырғанын еситип, буны анықлаў ушын бир жуўҳа кемпирди жиберипти. Кемпир қайық пенен қалаға жетип келипти. Ол қала көшелерин бирим-бирим аралап, қыз бенен жигитти таўып алыпты. Олар кемпирди қасына алып, бирге жасай берипти.

Кемпир жигит пенен қыздың исенимине кирип алып, жигиттиң тамағына зәҳәр салып берипти. Аўқатты жеген жигит ес-түсин билмей қалыпты. Кемпир «сени самаллатып келемен» деп, қызды алдастырып суў бойында турған қайыққа алып келеди. Ол қызды қайыққа отырғызып, туўры баяғы патшаға алып келеди.

— Сен енди меники боласаң, — депти патша қызға.

— Мейли, мен саған тийемен. Бирақ, мениң айтқан шәртлеримди орынлайсаң, — депти қыз.

— Шәртлериңди айт! Бәрин орынлайман, — деп сөз берипти патша.

Сонда қыз патшаға:

— Биринши шәртим — бир теңгеден қырық қабат жай саласаң. Екинши шәртим — усы жайлардың ишин алтын, гүмис ҳәм зер менен толтырасаң. Үшинши шәртим — қаланың барлық кемисин оңлатасаң. Соннан кейин некемди қыясаң, — депти.

Патша қыздың шәртин орынлаў ушын мәмлекеттиң барлық усталарын сарайға жыйнайды. Бирақ, усталар бир теңгеден қырық қабат жай салыў мүмкин емеслигин айтып, бул иске қол урмайды. Буны еситип ғәзепленген патша:

— Усы шәрт орынланбаса, ҳәмме усталарды дарға астыраман, — деп шәрт қояды.

Не қыларын билмеген усталар қала майданына жыйналып, мәсләҳәтлесип турса, буларға қарап үш бийтаныс адам келебереди.

— Бул жерде жыйналысып турғаныңыздың себеби не? — депти олардың бири, аламан менен сәлемлесип болып.

— Патша бизлерге бир теңгеден қырық қабат жай салыўды буйырды. Усыны орынлай алмасақ, бәримиз дарға асыламыз, — депти усталардың биреўи.

Сонда үш жигиттиң ишинен биреўи:

— Сизлер үйлериңизге кете бериң. Мен бир теңгеден қырық қабат жай саламан, — деп оларды тынышландырып, үйлерине қайтарыпты.

Бир теңгеден қырық қабат жай салыўды мойнына алған жигит ўәдесине муўапық жайды питкерипти. Патша енди оның ишин алтын, гүмис ҳәм зер менен толтырыў менен ҳәлек болып жүргенде, жигитлердиң қасына баяғы патшаның қызы келипти. Қыз жигитлерден:

— Сизлер жолға шыққанда нешеў единлер? — деп сорапты.

— Бизлер төрт дос едик. Жолда бир достымызды жоғалтып алдық. Енди соны излеп жүрмиз, — депти жигитлер.

— Ондай болса, мен де сизлерди излеп жүр едим. Сизлердиң табылыўыңыз ушын, мен патшаның алдына тек сизлер орынлай алатуғын шәртлерди қойдым. Излеген достыңыз маған сизkер ҳаққыңызда айтып берип еди. Енди патша қырық қабат жайды мен айтқан нәрселер менен толтырып болып, некемди қыяды. Усы күни сизлерге хабар беремен, сизлер мени бир илажын етип қутқарып алың. Соған дейин ҳеш жаққа кетпей, усы қалада бола бериң, — депти.

Патша тазадан салынған жайды алтын, гүмис ҳәм зер менен толтырып, қаланың да кемисин дүзеп



www.ziyouz.com kutubxonasi

болып, қызға неке күнин белгилеўди буйырып адам жибереди. Келген адамға патша қызы:

— Некемди ертең қыйдыра қойсын, — деп жибереди.

Хабаршы кеткеннен кейин патша қызы үш жигитти шақырып алып:

— Маған бүгин хабаршы келди. Патша менен некем ертең қыйылады. Тек бир түнлик ўақтыңыз бар, — дейди.

Үш жигиттиң арасындағы, бир қаланы екинши қалаға бир түнде көширетуғын жигит таза салынған жайды иши толы дүньясы менен баяғы жигит қалған қалаға көширип апарды.

Патша, «бүгин нийетиме жетемен, қалыңлығымды алып, ертең той беремен» деп, көп жерге хабар жиберген екен. Ертеңине ҳәмме тойға келсе, қыз да, иши алтын, гүмис ҳәм зерге толы қырық қабат үй де орнында жоқ болып шығады. Буны көрген патша қыйналғанынан тил тартпай өлипти.

Үш жигит ҳәм патша қызы иши байлыққа толы жайды баяғы жигиттиң алдына көширип апарғаннан кейин, олар жигит өлип жатырған жайға барыпты. Өлген адамды тирилтетуғын ешекли киси бир дем салғанда жигит көзин ашыпты. Қараса, қасында үш жорасы менен патша қызы отыр.

Усылай етип төрт дос қайтадан табысады. Олар бир неше жыл усы қалада турғаннан кейин өз елин сағынады. Ҳәр ким өз елине қайтқысы келипти. Үш жигит баяғы патшаның қызына үйленген жигитти, иши-сырты ҳасылдан жасалған үйи менен қоса елине көширип апарады да, жигит пенен хошласып өз журтларына кетеди.

Ертеңине азанда жигиттиң әкеси үйинен шығып қарап турса, күн батыста бир әжайып имараттың күнге шағлысып турғанын көрипти. Ол ҳайран болып, хызметкерин шақырып алып бул имарат кимге тийисли екенин билип келиўди буйырыпты.

Жигит әкесиниң жиберген адамын жақсылап мийман етип, хошласарында оған:

— Мен әкемнин ҳаял әпермеген үлкен баласыман. Бул жай да, хаял да меники. Мениң аманлығымды атама айтып барың, — депти.

Байдың жумсаған адамы қайтып келип, ҳәмме гәпти қалдырмай байға айтып берипти.

Ертеңине бай қасына хаялын ҳәм ҳәр түрли саўға-сәлемлер артылған түйесин жетелеп баласының алдына келипти.

— Балам, — депти ол, — меннен бир билмеслик өтти. Сен меннен сени неге үйлендирмегенимниң себебин сорамай кетип қалдың. Сен басқа туўысқанларыңнан артық едиң. Мен саған еле минәсип қызды таба алмай тур едим. Сени үйлендирмегенимниң себеби де усы еди. Өзине минәсип қызды тапқан екесең, мен сеннен ырзаман, — депти.

Бул гәпти еситкен жигит әкесиниң аяғына жығылып, оннан кеширим сорапты. Әкеси жигитти кеширип, ақ пәтиясын берипти. Олар узақ өмир көрип, бахытлы турмыс кеширипти.

## КӘРИМ ЕТИКШИ

(Р-21, № 1187)

Бурынғы өткен заманда Кәрим деген бир шебер етикши болыпты. Ол көп жүрип бир күнлери ҳаял алады, бирақ үйленген ҳаялы алдына адам салмайтуғын бийхая ҳәм салақ болып шығады. Кәримниң етик тигип тапқан пулын берекетсиз жумсап, оның өзине ҳеш күн бермей, үйинде күн қуры емес жәнжел шығаратуғын болыпты. Ақыры Кәрим етикшиниң шыдамы таўсылып, үй-жайын, мал-мүлкин ҳаялға таслап, өзи үйинен бас алып шығып кетеди.

Кәрим бир неше мәнзил жол жүрип, ақыры бир қалаға дус болады. Қаланың көшелерин аралап жүрсе, алдынан бир танысы шығыпты. Екеўи ҳал-аўҳал сорасқаннан кейин ол киси Кәримге:

— Мен саған жақсылық етейин. Саған бир ат беремен, сол атқа минип, таза кийинип, кәрўансарайға барып түс. Изиңнен мен де барып түсермен. Сени көрип, «бай аға, қашан келдиң? Үйге жүр» деп алып кетермен. Бизиң сарайда ҳәр жақтан келип атырған үлкен саўдагерлер бар. Олар «бул ким?» деп меннен сорар. Сонда мен оларға: «Бул бизиң қаладағы Кәрим деген бай. Оның изинде ҳасыл затлар тийелген үлкен кәрўаны киятыр. Кәрўан изинен жеткенге дейин оған ҳәзир пул керек болып тур» деймен. Олар бундай пайдалы адамның нәзерине түсиўди қәлегени ушын саған қарызға пул береди. Сен сол көп ақшаны алып, екинши қалаға барып зат алып сатып, артық пайдасын өзиң алып, қарызларыңнан қутыларсаң, сөйтип адам болып, келеге келип, қатарға қосылып кетерсең. Бирақ тапқаныңның ярымын маған бересең, — депти.

Етикши танысының айтқанын етип саўдагершилик етип, бираз пул топлап алыпты. Ол тапқан пайдасының көбин көшеде жатқан ғәрип-кәсерлерге, жумыссыз жүрген пақырларға үлестире берипти. Оның сақыйлығы баяғы оның пайдасына шерик танысына ҳеш жақпапты. Ол Кәримниң пақырларға

www.ziyouz.com kutubxonasi

берген пулын қызғанып, оны бул жолдан қайтарыўға урынылты. Бирақ ол етикшининң сақыйлығын қойдыра алмапты.

Бир күни Кәрим жаңағы танысы менен көше аралап киятырса, алдынан бир жүдә ғәрип, оның үстине ашлықтан диңкеси қурып киятырған бир ғаррыға дус болыпты. Етикши ҳеш ойланып отырмастан, ғаррының қолына бир қосыўыс тилла теңгени салыпты.

Сонда ғарры оған:

— Мақсетиңе жет, балам, — деп көзинен ғайып болыпты.

Буны көрип турған Кәримниң қасындағы танысының сабыры таўсылып, баяғы қарызға ақша берген саўдагерлерге барып:

— Баяғы сизлердиң қарызға ақша берген байдың затлары келмейтуғын болды. Енди оннан ақшаларыңызды алыңыз, — депти.

Байлар етикшиге келип:

— Ақшаларымызды, яки зат таўып бер, — депти.

— Сизлер маған ақшаны өзиңиз қәлеген ўақтыңызда қайтарып бересиз деген едиңиз, — депти.

Ақшаларынан айрылып қалыўдан қорыққан саўдагерлер оны дуў-сыйына қаратпай патшаның алдына алып барыпты.

Патша Кәримнен:

— Кәсибиң не? — деп сорапты.

— Бурын етикши едим, ҳәзир саўда ислеймен, алтын алып сатаман, — депти.

Патша оны сынап көрмекши болып:

— Мына мениң қолымдағы жүзиктиң баҳасы қанша? — депти.

— Тақсыр, бул жүзиктиң баҳасы еки жүз тилла. Бирақ бул жүзик сизге ылайық емес. Мен түсимде патшалыққа ылайық бир жүзик көрдим, ол жақын арада мениң қолыма түседи. Соны сизге саўға етемен, — депти.

— Жақсы, енди мына саўдагерлерге зат беремен деп ақша алғаның ырас па? — депти патша.

— Аўа,алғаным ырас, — деп жуўап қайтарыпты етикши.

— Онда неге олардың ақшасын қайтармайсаң? — депти енди патша.

— Кәрўан түйелерим еле келген жоқ. Келсе, беремен.

— Саўдагерлердиң айтыўына қарағанда, бундай кәрўанның өзи сенде жоқ екен, — депти патша.

— Дурыс, тақсыр, ондай кәрўанның өзи менде жоқ еди. Бирақ жақында түсимде маған аталған сол кәрўанды көрдим, — депти.

Көпти көрген патша Кәримниң бул гәпине ойланып қалыпты. Ол етикшиниң сөзине инанбайын десе, оның ҳақгөйлиги көзинен көринип тур. Патша ойланып-ойланып, Кәримге:

— Мен саған қызымды берип, сени өзиме күйеў бала етип аламан, — депти.

Буны патшаның ўәзири еситип, қасына келип:

— Тақсыр, бул адамда түйе де, байлық та жоқ. Жүрген жалғыз баслы, сөзине инанбаңыз. Буған қыз бериўге болмайды, — депти.

Патша ўәзирдиң сөзин тыңламай, қызын етикшиге береди.

Арадан көп күнлер, айлар өтеди, оның түйелери еле келмейди. Ўәзирлери патшаға келип:

— Енди сөзимизге инанарсыз, тақсыр. Бул адамның ҳеш нәрсеси жоқ, — деп патшаны тынышына қоймапты.

Ўәзирлердиң гәпи бир күни патшаның қызының қулағына жетип барыпты. Қыз күйеўи Кәримге келип:

— Кәрим, мен саған бир қоржын теңге ҳәм гәўҳарлар, алтынлар берейин. Сен атама барып, «тақсыр, түйелерим кешикти, соны излеп таўып келейин» деп жуўап сора. Сөйтип басқа қалаға барып зат, түйе алып келмесең, булар бизди тыныш қоймайды, — деп ақыл береди.

Солай етип, ол патшадан жуўап алып, жолға раўана болады. Бир неше күн жол жүрип, атызда қос айдап жүрген бир ғаррыға жолығады. Ол ғаррыдан жол сорайын деп оның қасына барып сәлем берипти.

Ғарры оның сәлемин алып болып:

— Балам, мени таныдың ба? Мен баяғы сен бир қысым теңге берген ғаррыман, сени көп ўақыттан берли күтип жүр едим. Саған ылашықтан жегендей нан, суў алып келейин, сен мына қосты айдап тур, — деп кетип қалыпты.

Кәрим қосты айдап бир неше адым атқан екен, пазна қатты бир нәрсеге тийипти. Ол топырақты ашып қараса, оның астынан бир темир есик шығыпты. Есик үлкен бир үңгирге қарай ашылыпты. Кәрим әсте үңгирге кирип қараса, иши алтын, ҳасыл таслар толтырылған сандықларға дус келипти. Сандықлардың ең үлкениниң үстинде әжайып бир жүзик тур екен.

Ол жүзикти алыўдан бир адам таяр болады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сен кимсең? — депти Кәрим.
— Мен усы жүзиктиң хызметкеримен, не тилегиң болса, орынлайман, — депти жүзиктиң хызметкери.
— Ондай болса, мына үңгирдеги байлықларды мына түйелерге артып, мени патшаның алдына жеткер.
Кәримниң тилеги ҳәпзаматта бәржай етилипти. Ол затларға толы кәрўаны менен патшаның қаласында пайда болыпты. Кәрим жүзикти патшаға саўға етипти. Патша Кәримди баяғы ўәзириниң орнына ўәзир етип алыпты. Солай етип, қарапайым етикши Кәрим ўәзир болып, елди әдил басқарыўға патшаға жәрдем етип, ҳаялы менен өмириниң ақырына дейин бахытлы жасап мурат-мақсетине жетипти.

## БҮКИР
(Р-63. № 34661)

Бурынғы өткен бир заманда бир аўылда бир бири менен қоңсы бай менен жарлы жасапты.
Бир күнлери жарлының баласы қатты аўырып, кеселдиң кейни бүкир-қуныш болып жазылыпты. Аўылдағы тәрбиясы кемис балалардың ҳәммеси бүкир баланың үстинен күлетуғын болыпты. Әсиресе, байдың баласының қудайы берип, ол қалған балаларды изине ертип, жүрген жеринде бүкир баланың күнин бермепти.
Бүкир бала бир күни бундай намысқа шыдай алмай басының аўған жағына ылағып кетиўди ойлап, үйинен шығып кетипти.
Ол узақ жол жүрип, ақыры күн батқанда паналаў ушын бир гөне тамды таўып алыпты. Тамның бир мүйешиндеги сабанның арасына кирип, уйқыға кетипти. Түнниң ярымы аўғанда бала адамлардың гүбирлисин еситипти. Гүбирли кем-кем жақынлап, үш адам бала жатырған жайға кирип келипти. Бала қорққанынан сес шығармай жата берипти.
Бир ўақытта жаңағы келген адамлар ортаға шыра жағып қойып, аўқат жеп отырып, өз-ара гүрриңлесе баслапты.
Сонда олардан бири:
— Қәне, бүгин ким қандай байлықты қолға киритти? — депти қасындағыларға.
— Мен бир байдың үйинен бир қалта тилла теңге урлап алдым, — депти мақтанып биреўи.
Сонда олардың және биреўи:
— Сол да байлық па? Мен бир саўдагердиң үйинен бир қалта ҳасыл тасты қолға киригтим, — депти.
— Мениң урлағаным ҳәммеңиздикинен қымбат екен. Мен бир сарай тәўибиниң үйинен ҳәр қандай кеселге шыпа болатуғын ҳәм адамға теңи тайы жоқ сулыўлық беретуғын дәрини урлап алдым. Ҳәр қандай патша бул дәри ушын ғәзийнеханасынан көтергениңше тилла, ҳасыл таслар береди, — депти.
Таң ата баслағанда олар тапқан байлықларын сол тамның бир мүйешине көмип, өзлери шығып кетипти.
Таң атқаннан кейин бүкир бала олар көмген жерди ашып, дәрини алып ишипти де, қалған теңге менен ҳасыл таслардан бир қысымнан алып, шығып кетипти. Ол сол жердеги сайдан суў ишейин деп еңкейгенде, өзиниң суўдағы сүўретине көзи түсип, қуўанғанынан жылап жиберипти. Арқасындағы бүкирин сыйпаған екен, оннан нышан да қалмаған екен. Бала қуўана-қуўана үйине қайтып келипти. Енди баяғы бүкир бала бир күнниң ишинде аўылдың ең шырайлы жигитине айланыпты. Бул баяғы байдың баласына жақпай, ол бул сырды билмекши болып баланың алдына келип:
— Бурын екеўимиз дос едик. Маған сырыңды айт, сен қалай бул дәрежеге жеттиң? — деп қоймапты.
Жарлының баласы болған ўақыяның ҳәммесин айтып берипти.
Бай баласы, жарлының алмай таслап кеткен байлығын алайын, дәриден ишип, жарлының баласынан да сулыў болайын деп, бала силтеген жерге келип, баяғы тамды таўып алыпты да, бир мүйеште жатып урылардың келиўин күтипти.
Таң атарға жақын әдеттегидей тамға үш уры жыйналыпты. Олар және баяғыдай урлаған байлықларына мақтана баслапты. Сонда баяғы тәўиптен дәри урлаған уры және:
— Мен баяғы тәўиптен бурынғыдағыдан да күшлирек дәри урлап алдым. Бул тәўип нағыз аңқаў екен. Бул дәрини және сол жерге қойыпты, — депти.
Таң атып шамаласқанда урылар тапқан байлықларын және бир мүйешке көмип, өзлери гөнетамнан шығып кетипти. Олар кеткеннен кейин бай баласы жасырынған жеринен шығып, урылар көмик көмген жерди қаза баслапты. Ол дәри менен тиллаларды таўып алып, дәрини нәрсе қалдырмай ишипти. Тамнан шығып баяғы сайдың жағасына барып, суўға үңилипти. Ол суўға өзине қарап турған бәдбешер адамды көрип, қорқып кеткенинен алды-артына қарамай үйине қарай қашып келипти. Аўылдың адалары оны көрип, қорққанларынан тиллери кәлиймаға келмей қалыпты.
Солай етип, иши тар, күншил бай баласы усылайынша жазаланыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАҚПАНШЫ ХАН
(P-98. № 41533)

Өткен заманның бир бурылысында, кең дүньяның бир мүйешинде жүдә кәмбағал бир адам жасаған екен. Ол аңшылықты кәсип етип, қақпан салып, аң аўлап, соның менен тиришилик етеди. Усындай кәмбағаллық себепли ол жас ортаға барғанда үйленип, бир ул балалы болыпты. Сонда қақпаншы, мен өмиримше жарлы болып кисиден нәрсе алсам да, бирақ хешкимге бир шуқым зат бере алмадым. Илайым, мына балам бай ҳәм сақый болсын деп, жаңа туўылған баласына Сақый деп қойған екен.

Арадан жыллар өтип, қақпаншы картайып, дүньядан өтип, енди баласы Сақый не қыларын билмей, әкесинен қалған қақпанды арқалап, қыя-қызылға барып қақпан салып аң аўлап жүре берипти. Әкесиниң қақпанына өзинен аўысарлық аң түсип, еплеп жыйнап, үйленген болса, ал бунық қақпанына зорға күнлик аўқат болатуғындай ғана аң илинеди екен. Сөйтип, бир тапқаны бир тапқанына жетпей жүриўи менен-ақ бираз өмири өтип, жасы қырыққа шамаласып, үйлениў оның ядына кирип те шықпапты.

Күнлерден бир күни Сақый қақпанына келсе, қақпанға үлкен еки кийик түсипти. Өмиринде бундайды көрмеген қақпаншы жүреги жарылып, кийиклерди қақпаннан жаздырып атырса, жән-жағынан ғаўырлаған даўыслар еситилип, бир топар адам пайда болыпты. Олардың бири қақпаншыға қарап:

— Ассалаўма-әлейкум, Сақый балам, бизлер бүгин сениң мийманың боламыз, — депти.

Сақый олардан хеш нәрсе сорамастан, дәрҳал еки кийикти кәбап етип писирип, олардың алдына қойыпты. Олар кәбапты жеп болғаннан кейин Сақыйды шақырып алып:

— Қәне, Сақый балам, қолыңды жай, — депти.

Сақый дәрриў қолларын жайыпты.

— Ал, балам, саған бахыт қарасын, дәўлетиң жүриссин, Қыдыр ата дарып, биз шилтенлер қоллайық, — деп, Сақый «әўмийин» дегенше жаңағылар көзден ғайып болыпты.

Жигит жән-жағына қараса, хешким жок. Ол болып өткен иске ҳайран болып үйине қайтып киятырса, алдынан қырық атлы адам шығып, оны да атқа миндирип алып кеттипти. Сақый атлылар менен үлкен бир шәҳәрге келипти. Шәҳәрдиң бәрше халқы кең майданға жыйналған екен. Бир ўақытта жыйналған халық үстинен дәўлет қусы ушырылыпты.

Қус адамлардың басынан үш рет айланыпты да, туўры Сақыйдың басына барып қоныпты. Жыйналған адамлар Сақыйды қолларына көтерип, тахтқа апарып отырғызып:

— Бизиң ханымыздың өлгенине бүгин үш күн болып еди. Дәстүр бойынша таза хан сайламай турып, бурынғысын жерлей алмаймыз. Бүгин дәўлет қусымыз сизиң басыңызға қонды, — деп жаңа хан сайлаў мүнәсибети менен үлкен тойды баслап жиберипти.

Солай етип, қақпаншыдан ханға айланған Сақый елди әдиллик пенен басқарып жүре берипти. Мәмлекеттеги барлық кәтқуда, бай ҳәм ҳәмелдар адамлар еле үйленбеген, бойдақ ханға өз қызын берип, оған жақын болыўға ҳәрекет етипти. Бирақ Сақый олардың хеш қайсысына мейиллик билдирмепти.

Бир күни Сақый ўәзири менен бағда сөйлесип отырса, бир гөдек бала жуўырып келип, ўәзирдиң мойнынан қушақлапты.

— Бул кимниң кимниң баласы? — деп сорапты Сақый патша ўәзирден.

— Тақсыр, бул мениң ең кишкене улым, — деп жуўап берипти ўәзир.

Ўәзирдиң баласына хәўеси кеткен Сақый үйлениўге бел байлапты хәм арадан көп ўақыт өтпей, сол елден жақсы бир қыз таптырып үйленипти. Арадан ўақыт зымырап өтип, ол еки уллы болыпты.

Балалары да әдеўир болғанда Сақый хан бир күни түс көрипти. Түсинде дәўлет қусы оның басынан ушып кетип, көп ўақытқа шекем айланып келмеген емиш. Сақый патша төсегинен шоршып ояныпты. Ол дәрриў көрген түсин ўәзирине айтып берипти.

Сонда ўәзири оған:

— Тақсыр, бул қорқынышлы түс емес, сиз аз мүддет патшалықтан түсип, тағы қайта тикленеди екенсиз, — депти.

— Енди мен не қылыўым керек? — депти патша.

— Бунық жолы аңсат. Сиз өзиңиз исенетуғын адамға бир-еки айға тахты тапсырасыз. Белгиленген мүддеттен кейин оны қайтып аласыз, — депти ўәзир.

Бул Сақый ханға да мақул түсип, ол ўәзирине:

— Ондай болса, сеннен артық исенетуғын адамым жоқ. Сен мениң орныма ўақытша хан боласаң, — депти.

Ертеңине Сақый хан барлық пухараларын бир жерге жыйнап:

— Мен ўақытша ханлықты ўәзирим Аббасқа тапсыраман. Маған қандай бойсынған болсаңыз, оған да солай бойсынасыз. Оның буйрықлары сөзсиз орынлансын, — деп жәриялапты.

Ўәзир Аббас хан болыўдан халықты жыйнап, жаңа заң шығарыпты. Ол шығарылған заң бойынша,

www.ziyouz.com kutubxonasi

халықтың мойнындағы барлық салықлар бийкар етилипти. Ханлықтағы барлық аш-әптада адамларға хан ғазнасы есабынан ғəрежет ажратылыпты. Буны еситкен халық «Мына ханымыз алдынғысынан да халыққа ғамхор шықты. Бизге усы хан мақул» деген жуўмаққа келипти.

Бир күнлери Сақый хан белгилеген мүддет таўсылып, ол ўәзир Аббастан тахтты сораған екен, Аббас:

— Буны ханлықтағы халық шешеди. Олар «тахты қайтарып бер» десе, тахт сеники, — депти.

Солай етип, ханлықтың барлық пухарасы сарайға жыйналыпты. Аббастың сумлығына түсинбеген халық ханлық тахтына ийеликти ўәзир Аббастың пайдасына шешип, Сақый ханды узақларға жер аўдартып жиберипти.

Сақый ханның дәўраны бир күн шелли болмай, ол изине бала-шағасын ертип, атасынан қалған қақпаны менен қазан-табағын бир ешекке тийеп қаладан шығып кетипти. Ол узақ жол жүрип, ақыры бир дәрьяның бойына мәкан басыпты. Қайтадан қақпанын қурып, түскен аңды азық етип, бала-шағасы менен журт қатары күнелтип жүре берипти.

Бир күни олардың қосына жақын жерден узақтан киятырған бир кәрўан өтипти. Усы кәрўаннан еки адам булардың қосына келип, ас писириў ушын олардан от сорапты. Олар кәрўанға келгеннен кейин, ылашықта бир қақпаншының еки баласы хәм жас, сулыў ҳаялы менен жасайтуғынын айтыпты.

Олардың гәпин еситкен кәрўанбасы:

— Қула дүзде ғарры адамның қолында арыў не қылсын? — депти.

— Яқ, бизлер оны анық көрдик. Ондай арыў хәтте сизде де жоқ, — депти жаңағы адамлар.

— Ондай болса, сизлер сол ҳаялды усы жерге алып келсеңлер, мен сизлерге жүз тилла беремен, — депти кәрўанбасы.

Баяғы еки адам Сақыйдың қосына қайтып келип, оның ҳаялына:

— Жеңге, бизиң кәрўанда бир жүкли ҳаял бар еди, сол толғатып туўа алмай атыр. Соған жәрдем етсеңиз, — депти.

Сақыйдың ҳаялы күйеўинен рухсат алып, олардың изине ерипти. Ҳаялды көрген кәрўанбасы оған ашық болып қалыпты. Ол ҳаялдың аяқ-қолын байлатып кәрўанға тийетипти де, жолға рәўана болыпты.

Сақый еки баласы менен ҳаялын әри-бери күтипти. Бирақ ҳаялдан хеш дерек болмапты. Ол ҳаялын излеп, адамлар кеткен жерге барса, кәрўаннан тек из қалған екен. Ол кәрўанның жолын кесип шығыў ушын шешинип дарияға түспеши болғанда, баллары «бирге түсемиз» деп жылапты. Сақый бир баласын мойнына миндирип аржаққа шығып, оны жағаға отырғызып, екинши баласын әкетиў ушын және дәрьяға түсипти. Ол енди ортаға барғанда тоғайдан бир қасқыр шығып, отырғызып кеткен баланы ийнине қағып салып, тоғайға кирип кетеди. Буны көрген екинши бала да қорқып, әкесине жетиў ушын өзин дәрьяға таслап жиберипти. Сақый балаға жете алмай қалып, оны суў ағызып кетеди.

Ҳәмме нәрсесинен айрылған Сақый ҳалдан тайып, дәрьның жағасына шыға жығылыпты. Қанша ўақыт жатқаны белгисиз, бир ўақытта есин жыйнаса, төбесинде бир қус шарқ урып айланып жүрген екен. Бир ўақытта қус туўры келип буның басына қонады. Оның изинше сол жерде жети атлы да пайда болыпты. Атлылар Сақыйды урып-урып шала-жансар етип, сол жерге көмип кетеди.

Бул атлылар дәрьяның өриниң патшасы өлип, дәўлет қусын ушырып, соның изинен келген ўәкиллер екен. Олар қустың қыя шөлдеги бир кисиниң басына қонғанына ашыўы келип: «Ишимизден биреўимизди қус қонды деп, хан көтерип барайық. Қалғанымыз ўәзир боламыз» деп ўәделескен екен. Олар елине қайтып барып, «Мынаның басына қус қонды» деп өзлериниң арасынан бир адамды көрсеткен екен, халық «Қус оның басына қонайын десе, усы жерде де қонбаспеди» деп даў шығарып, қусты қайтадан ушырыпты. Қус ол адамның басына қонбай, ары ушып кетипти. Қырық атлы оның изинен кетипти. Дәўлет қусы ушып барып, баяғы Сақый көмилген дүмпешикке қоныпты. Атлылар жетип келип, қус қонған дүмпешикти қазса, астынан Сақыйдың денеси шығыпты. Оның тек қыбыр еткендей жаны бар екен. Қырық атлы дәрхал оны кийизге салып көтерип, елге алып келип, тамамы тәўипти жыйнап, зорға жанын сақлап қалыпты.

Солай етип, баяғы Сақый және бир жерге хан болып, дәўран сүрип отыра берди. Ендиги сөз еки бала туўралы.

Қасқыр баланың көйлегинен тислеп қашып баратырса, алдынан еки атлы аңшы шыға келип, қыйқуўды салып, ийти-қусы жабыла қуўады. Қасқыр баланы таслап қашады. Аңшылар баланы алып ханның кәрўансарайына апарып ата-анасыз балаларға қосып қоя береди.

Суўға кеткен бала сол барысы менен ығып, ықта шолпы тутып отырған адамның шолпысына илинипти. Ол баланы алып, биринши бала апарылған кәрўансарайдағы жетимханаға апарып тапсырады.

Енди ўақыя кеткен ҳаял туўралы. Ҳаялды алып кеткен карўанбасы бираз жерге барғаннан кейин ҳаялдың аяқ-қолын шештирип:

— Мына байлықтың бәри сеники, тек маған кеўлиңди ашсаң болды, — депти.

Ҳаял оған:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сен мени алдап, бала-шағамнан айырдың. Егер маған кол тийгизсең, сениң бала-шағаннның басына да усындай күн саламан, — депти.

Кәрўанбасы, «сениң менен елге барғаннан кейин сөйлесемен» деп, ҳаялды бир сандыққа салдырып, сыртынан қулып салып, және жолға раўана болыпты. Кәрўан сол кетистен бираз жол жүрип, ақыры баяғы балалар қоным тапкан кәрўансарайға келип түсипти. Кәрўаннан баяғы ҳаял салынған сандық та түсирилипти. Сол ўақытта әлле қашан бир-бири менен табысып, ойнап жүрген еки бала да қызықсынып, жүк түсирилип атырған кәрўанның қасына келипти. Ҳаял сандықтың тесигинен өз балаларын көрип, әсте олардың атын айтып шақырыпты. Балалар анасының даўысын еситип, сандықтың қасына барып, жыласа баслапты. Бир нәрсени сезген кәрўанбасы балаларды таяклап қуўыпты. Балалар жетимхананың тәрбияшысына келип, болған ўақыяны айтыпты.

Тәрбияшы барып сандықты ашпақшы болғанда кәрўанбасы оған:

— Бул мениң сатып алған шорым еди. Қашпақшы болғаны ушын, сандыққа қамап қойдым, — деп оны сандықтың қасына жолатпапты.

Тәрбияшы да әнейилерден емес екен. Кәрўанбасы жақсылық пенен ҳаялды көрсетпегеннен кейин, ол арыз етип ханның алдына барып, оған болған ўақыяны бирим-бирим баян етипти.

Тәрбияшының арзын еситкен патша дарҳал жасаўылды кәрўанбасыға, ал тәрбияшыны балаларды алып келиўге жибереди де, өзи олардың келиўин күтип отырады.

Бир ўақытта тәрбияшы ҳаял еки баланы ертип сарайдың бир есигинен, ал екинши есиктен кәрўанбасы менен ҳаял кирип келеди. Еки бала төрде тахтта отырған атасын көрип, «Аға!» деп бақырып жылап жибереди де, тура патшаға қарай жуўырады. Оларды көрген кәрўанбасыға ерип келген ҳаял да көз жасын тыя алмай, оларға қарай жуўырып барыпты.

Сарайдағылар ҳеш нәрсеге түсинбей, ҳайран болыпты. Олар бир бири менен көрисип, маўқын басып алғаннан кейин, узақ сәўбетлесип, ҳәрким өз басына түскен саўдаларды бир-бирине айтып берипти.

Соннан кейин патша сарайдағыларға бала-шағасын таныстырып, болған ўақыяны баянлапты. Сақый патшаның халқы патшасының қуўанышына шерик болып, қырық күн той-тамаша берип, ўақты хошлық етипти. Айыплылар жазаланып, жақсылық еткенлер сыйлықланыпты. Олар сөйтип мәзи майрам болып атырса, бир топар атлы сарайға қарай келе берипти.

Олар сарайға келгенде Сақый патша атлылардың өзиниң бурын ханлық еткен елдиң адамлары екенин билипти. Елшилер келип, патшаға тәжим етип:

— Тақсыр, биз көп ўақыттан берли сизди излеп жүрмиз. Аббастың анық мақсети аян болғаннан кейин халық оған қарсы бас көтерип, оны тахтан аўдарып, өзин өлимдар етти. Елиңиз сизди өз тахтыңызды қабыл етиўди соранып, бизлерди елши етип жиберди, — депти.

Сақый патша өз ақылгөйлери менен келисип, еки патшалықты бириктирип басқаратуғын болыпты. Бул қосылған еллер өз-ара татыў парахатшылықта жасапты. Ал, оның Сақый атлы патшасы узақ жыллар елди әдил басқарып, мурат-мақсетине жетипти.

## АРЗЫЎ-ӘРМАНЫНА ЖЕТКЕН ЖИГИТ
(Р-1085. № 182787)

Бурынғы өткен заманда бир кәмбағал жигит болыпты. Оның я ата-анасы, туўысқанлары жоқ екен. Ҳәттеки, жаман ылашығы да жоқ екен.

Күнлерден бир күн сол жигит жатарға төсек, қонарға үй, ишиўге тамақ таппай, бир теректиң түбинде түнеп қалыпты. Аш болғаннан кейин оның дурыслы уйқысы да келмейди ҳәм ермек болсын деп, жатырған жерин бармағы менен әсте шуқып отырады. Сол гезде қандай да бир қустың жағымлы сайраған сести еситиледи. Даўыс жатырған жеринен шығып тур. Қараса, сол жерде саңлақ бар екен. Және қолы менен сол саңлақтың үстин қаза береди. Енди ол жердиң астындағы жақтыны көреди. Өзи сыярлық етип қазып, ишине түседи. Жән-жағына қарайды, ҳеш кимди көрмейди. Бирақ, сол жақтылық кем-кемнен үлкейип атырғанын көреди. Итибар берсе, бул жер сарайдың иши екен. Сер салып, аяғының ушы менен әсте жүрип қарсы алдындағы бөлмеге киреди. Қараса, жуп-жумсақ төсектиң үстинде тырнақлары орақтай, еки дизеси қулағына жеткен, тислери қылыштай, шашы уйпа-жуйпа әжептәуир кемпир уйқылап жатырған екен. Жигит дәрриў оның мәстан кемпир екенлигин биледи. Сездирмей барып, мәстанның қолынан сыйқырлы ҳасасын алып, жерге урып-урып жибереди. Мәстан кемпир ушып турып:

— Ҳәй, адамзат, мени өлтирме! Сен услап турған ҳасада мениң жаным жайласқан. Жерге ура көрме! Не қәлесең, тайын етемен, — дейди жалынып.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Онда сен маған түсиндир. Бул жер қай жер? Мен қайсы елге келип қалдым? — деп сорайды жигит.
— Бул перилер ели — Арзыўлар мәмлекети, — дейди мәстан.
— Бул сарай кимниң сарайы? — деп сорайды жигит.
— Перилердиң патшасы Гүлсәнемниң сарайы.
— Не ушын сарай тым-тырыс? Қыбыр еткен жан жоқ ғой?!
— Себеби, перилер уйқыда. Жети күн, жети түн уйқылайды. Мен соларға қараўыл болып турып едим, — дейди мәстан кемпир.
Сол пайыт қәпестеги қус турып:
— Ол өтирик айтады. Исенбең, адамзат! Ол перилерди дуўалап, уйқылатып, барлық байлықларын алып, хәммени қул етип жумсап қоймақшы. Мен жер үстинде сени сездим хәм жәрдемге келсин деп, сайрап едим, — дейди.
Жигит мәстан кемпирдиң тырнақларын егеп отырғанлығын сезип турған екен. Дәрхал хасаны жерге урып-урып жибереди. Мәстан кемпирдиң ҳалы болмай қулайды. Қәпестеги қус турып:
— Мына мениң қәпесиме қамаң. Таяғы менен түртип, «қус бол» десеңиз, мендей қусқа айланады, — дейди.
Жигит мәстан кемпирди таяғы менен түртип жибергенде, қусқа айланады. Ҳалы жоқ қусты дәрхал қәпеске қамайды, ал, қәпестеги қусты бостанлыққа шығарады. Сол пайыт қус:
— Мени де «өзиңниң бурынғы ҳалыңа қайт» деп ҳаса менен түрт, — дейди.
Жигит «өзиңниң бурынғы ҳалыңа қайт» деп, сыйқырлы ҳаса менен түртип еди, жаңағы қус бир сулыў қызға айланады.
— Сәлем, жақсы адам! Мен усы Арзыўлар мәмлекетиниң патшасы — Гүлсәнем боламан. Мына мәстан кемпир бизлердиң бурыннан киятырған душпанымыз еди. Бизлердиң шырт уйқымыздан пайдаланып, өзи патша болып алыўды ойлаған екен. Мен қәпеске түскеннен кейин сайрап, сеннен жәрдем күтип едим. Сен де мәртлик етип, жетип келип, жәрдем бердиң. Соның ушын сениң арзыў-әрманларыңды орынлаймыз, — дейди перилер патшасы.
Жигит оған ашық болып қалады. Пери де оны унатып қалған екен. Әне, кәмбағал жигит перилердиң патшасына үйленип, елге өзи патша болып, мурат-мақсетине жеткен екен.

## АТА ҲӘМ ҚАНАЛАС БАЛАЛАР

(Р-89. №24617)

Ерте заманларда жасы жары ортадан асқан бир жарлы киси хәм оның кемпири болыпты. Оның үш баласы бар екен. Үшеўи де ер жетипти. Кемпир күнде шөпшек терип келеди екен. Бир күни шөпшек терип киятырса, алдынан бағ ушырапты. Сол бағдан тойып алып қайта берипти. Кемпир үйине келип:
— Бир ийесиз бағ бар екен, соны ийелесең қалай болар екен? — депти қостарына.
Бул усыныс оған да мақул түсипти. Ертеңине ол бағды көрип келиўге кетипти. Бағдың ҳәр мийўесинен татып көрип, әбден тойыпты. Мийўелерден жеп болғаннан кейин шөллепти. Суў ишетуғын жерди излеп жүрсе, бир ғарры дус болыпты. Ғаррыдан:
— Кимниң бағы еди? — деп сорапты жарлы киси.
Ғарры буның атасының атын айтыпты.
— Ол мениң урпақларыма берерсең деп, маған аманат етип тапсырып кетип еди, — депти ғарры.
— Онда мен сол кисиниң ақлықларыман, — дейди бул да.
— Олай болса, мына бағына ийелик ет, балам, — депти ғарры.
— Бул бағ қай жерден суў ишеди? — деп сорайды жарлы киси.
— Мына жерде бабаның қазған қуйысы бар, бағқа суў керек болып шөллеген ўақытта қуйыдағы суў көтерилип суўғарады, — депти ғарры.
Еңкейип суў ишейин деп атырғанда ғарры буны қуйыға ийтерип жиберипти. Жарлы кисиге ушырасқан бул адам сыйқыршы ғарры екен.
Жарлы киси үйине келмей хабарсыз кеткен соң үлкен баласы әкесин излеп шығыпты. Ол да бағқа дуўшар болып, әкеси сыяқлы сыйқыршы ғаррының қуйысына түсип кете берипти. Оның изинен излеп шыққан ортаншы баласы да солай болады.
Арадан ўақыт өтип, жарлының киши баласы да ержетеди. Ол анадан-мынадан әкеси хәм ағаларының жоқ болып кеткен хабарын есите береди. Бир күнлери оны анасынан сорайды. Анасы хешнәрсени жасырмай шынын айтады. Олардың кеткен жолын анасынан сорап, сол жол менен кетеди. Бул да көп

www.ziyouz.com kutubxonasi

узамай бағқа ушырайды. Ол бағды аралайды да, миййеден жемейди. Бағды аралап жүрсе сыйқыршы ғарры оған да дус болады.

Оннан «бул кимниң бағы?» деп сорайды.

— Бул бағ бесинши атамның бабасының бағы. Маған усы бағды мениң урпакларым бар, соған тапсыр деген аманаты еди, — дейди.

— Онда оның шубырындылары — мен, ата, — дейди жигит.

— Олай болса, мына бағыңа ийелик ет, балам, — дейди.

— Ата, енди өз қолың менен миййе әкелип берсениз, соны жесек, — депти бала.

Сыйқыршы ғарры миййе әкелипти. Миййени дәслеп ғаррыға жегизипти. Бала бир дуўа оқып жепти. Миййени жеп болғаннан кейин жигит шөллепти. «Ишетуғын суў бар ма?» деп ғаррыдан сорапты. Сыйқыршы ғарры оның әкеси менен ағаларын ийтерип жиберген қудыққа ертип келипти. Ғаррыға «суўды ишип көрсетиңиз» депти.

Ғарры суўға аўзын басайын деп еңкейип атырғанда, жигит ғаррының басын шаўып алыпты. Басы гүмбирлеп қуйының ишине түсип кетипти. Серлеп караса, қуйы гөне қуйы екен. Жигит бағды аралапты. Суў таўып алып ишип, мийри қанады. Жигит бағдың ишиндеги бир жайға көзи түседи.

Барып көрсе, пайызлы жақсы жай екен. Жигит үй жағына барып, кемпирин әкелип бағды мәканлайды. Бир күнлери жигит аңға кеткенде анасы бағды аралап жүрип, гөне қуйыға дус болады. Қуйының ишине үңилиип турса, қуўрап қалған геллеге көзи түседи.

Сыйқыршы ғаррының геллеси кемпирге:

— Сизлер отырған жайда мениң жаным бар. Соны әкелип берсен, байыңды, балаларыңды тирилтемен, — дейди.

Кемпир ҳаўлығып кетип қалады. Еки-үш мәртеге шекем усылайынша қайталай береди. Ақырында кемпир жанын апарып береди. Сыйқыршы ғарры тириледи. Кемпир сыйқыршы ғаррыны сандықтың ишине салып бағады. Бир күнлери кемпир ғаррыдан жүкли болады. Кемпир үйде көз жарайын десе, баласынан қорқып, көз жарып болғаннан кейин, баласы аңнан келетуғын жолға апарып таслайды.

Аңнан қайтқан жигит шырлап жылап атырған гөдекти көрип үйине алып келе береди. Кемпир баланы емизип келе етеди. Бала жүрип сөйлейтуғын болады, ғарры менен кемпир енди билдирип қояр деп баладан қорқады. Бала билдирместен бурын жигитти өлтирмекши болады. Ертеңине аңға кетер ўақытта әкететуғын гүлшеге кемпир уў қосып писиреди. Жигитти өлтирежақ болып жүргенин еситкен бала далаға шығып:

— Аға, ийтиңди жақсы көрсең бе? — депти.

— Аўа, — дейди балаға.

— Онда қойныңдағы гүлшеңди ийтиңе тасла, — депти.

Инисиниң сөзин қыймай, гүлшесинен сындырып таслаған екен, ийт сеспестен қатыпты. Ол күни бала гүлшени жеместен қайтып келеди. Ертеңине және аңға кетеди, кеште дәрўазадан өте бергенде, ғарры оны өлтирмекши болады. Киши бала оны еситип, кеште ойнап ағасының алдына шығады. Ағасы баланы алдына алады. Дәрўазаға жақынлағанда, бала ағасының мойнына минеди. Сыйқыршы ғарры оны ол күни де өлтире алмайды.

Ертеңине кемпир менен ғарры жигитти өлтириў туўралы тағы ойласады. Олар жигит кеште атқа от салыўға барғанда, атының ақырында жатып өлтирмекши болады. Оны киши бала еситип, үйине келмей ағасының келетуғын жолында күтип жүре береди. Ағасы келеди, бала барлық ўақыяны түсиндирип айтады. Жигит үйине келгеннен кейин атты анасына байлатады. Анасы атты байлаўға кеткенде, баланың айтыўы бойынша сандықта жатқан сыйқыршы ғаррыны шаўып өлтиреди.

Анасының да гүнасын мойнына қойып, әкеси, ағаларының жанына қуйыға апарып шабады. Анасының қаны қуйыға ағады. Сол кемпирдиң қаны менен әкеси, ағалары тирилипти. Оларды қуйыдан шығарып алады. Ҳәммеси қуўанысып, шуркырасып көриседи. Үйлери толып қалғандай болады. Әкеси менен ағаларына жолдан таўып алған инисиниң ақыллылығын, оның өзин қутқарып қалғанлығын айтады. Сөйтип қаналас балалар бир-бири менен шүйиркелесип, маўқын басады.

Күн артынан күн өте береди. Үйде көтере еркек болғанлықтан, күн кешириў де аўырласады. Әсиресе, үй хызметине биреў керек болады. Ең үлкен жигит әкесине:

— Ата, сиз өзиңизге ылайық қостар табың, биз соны ойластырдық, — дейди.

Әкеси баласының айтқанын мақул көрип, кетип баратырса, бир қара таў көринипти. Соған барса, бир қара үйди көрипти. Барып ишине кирсе, үйде бир дәўдиң геўдеси ғана жатыр, оннан басқа жағы далаға шығып атырған екен. Дәўди бир сулыў қыз желпип отыр. Жарлы киси оннан:

— Қарағым, не қылып отырсаң? — деп сорапты.

— Мен бир патшаның қызы едим. Мынаў сыйқыршы Қарадәў мени әкелип усындай етип, хызметине

www.ziyouz.com kutubxonasi

қойыпты. Тезирек кетиңиз. Егер сизди сезсе, дәрриў өлтиреди, — депти қыз.

— Ол не қылар дейсең, — деп өжетлеседи жарлы.

Сол ўақытта Қарадәў сезип, «Ҳа, бул келген ким екен?» деп оянған екен, жарлы киси аты да, өзи де қара таўға барып қатып қалыпты. Әкеси келмеген соң алдын үлкен бала, оннан кейин ортаншы бала барыпты. Олар да солай болып қалыпты. Ең кейнинде сыйқыршы ғаррыны өлтирген жигит шығыпты.

Кетеринде киши инисине:

— Мына қылыштан қан ақса — мениң өлгеним, өлсем, барарсаң, — депти.

Ол да баяғы үйге дуўшар болыпты. Қаратаўға қараса, көп адамлар тас болып қатып турғанлығын көрип, бала түсинеди. Патшаның қызынан:

— Дәўдиң уйқылағанына неше күн болды? — деп сорайды.

— Бүгин ең кейинги уйқысы, тоғыз күн болды, — дейди.

Сол күни тосыннан даладан дәўдиң киятырғанын бала сезеди. Қыз «кет» десе де, кетпей тура береди. Бир ўақытта бир қоңыз дәўге ерип келе береди. Дәўдиң мурнынан кирмекши болады. Кирип үлгермей-ақ бала қоңызды алып, қысып өлтиреди. Дәў сол заматта жан тапсырады. Сол ўақта таў бетке қараса, тас болып қалған адамлар тирилип, «анда кетиң, мында кетиң» деп шаўқымласып кете берипти. Бала әкеси ҳәм ағалары менен қайтадан қосылып, патшаның қызын өзине қостар етип, алып қайта берипти.

Атасы басқа болса да анасы бир аналас бала да, оның қаналас ағалары да, олардың атасы да сыйқыр-жадыўлардан пүткиллей қутылады. Олардың үйленбегенлери үйленип, үйленгенлери гүлленип, татыў-татлы турмыс кеширеди ҳәм бәрше мурат-мақсетине жетиседи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

69- ТОМ



# БАТЫРЛЫҚ ЕРТЕКЛЕР

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҮШ АҒАЛЫ-ИНИЛИ БАТЫРЛАР
(P-455.№ 176398)

Бурынғы ерте заманларда қарақалпақлардың тийрелерге бөлинип атырған ўақты екен.Соның бир шақапшасы ашамайлы руўынан Қудайназар, Байназар деген еки адам өмир сүрген екен. Булардың атасы жас ўақтында өлип қалғанлығы себепли, ески салт бойынша әкеден қалған мийрасты екеўи бөлисип, хожалықларын айырып басқа шығады. Әкеден тек бир пүтин қазан, бир нан қатыратуғын жарты қазан,бир мыс қуман ҳәм бир қара қуман ғана мийрас қалыпты.

Арадағы қәткудалар жарты қазан менен қара қуманды Қудайназарға, пүтин қазан менен мыс қуманды Байназарға береди.Қорадағы сыйыр менен қой,азғантай арпа,он ағары мәш,он сери бийдай әкениң асына,жетисине кетеди.

Қудайназар менен иниси Байназар екеўи еки үй болып,жақын-жуўықларының көрсеткен қайырынан, көмегинен пайдаланып дийқаншылық етип,егин егеди.Сол заманнан қалған «Атаның жаман улы журт сорайды» дегендей,Байназардың дийқаншылығы питип,иси келисип,байып кетеди.Ол еки перзентли, көп жылқы, қарамал, қой, ешкили болады. Ал, оның туўысқан ағасы Қудайназардың еккен дақылы көгермей, жылма-жыл талап етип, күнин зорға көреди. Бала-шағасы да болмайды. Бирақ Қудайназар қанша қыйналса да, жүрген жеринде намазын қаза қылмай жүреди екен. Ҳаялы болса, Байназардың малын саўып, гүбисин писип, айранын атлап, бергенин алып, шаңарағына қосент етеди екен.

Қудайназар өмири бойы мийнет етип, өкшеси қырық жарық болып, картайып, өзи жетписке, кемпири алпыс төртке шығады. Соған дейин Байназардың қапталында ылашық етип отыра береди. Булардың ғайраты кемип, бурынғыдай күши, қол-қабысы жоқ болғанан кейин Байназардың ҳаялы оларды өлердей жаман көрип, күн бермейди.

Бир жылы Байназардың малының жайлаўы тарылып, мал отлайтуғын жер таппай басқа жаққа көшетуғын болады.Көш кеткеннен кейин бир күни Байназар ағасына келип,оларды үш күннен кейин келип алып кететуғынын айтып кетеди.

Қудайназар менен кемпири Байназарды көп күтеди, бирақ инисинен хабар атар болмай кетеди. Сонда ол жайнамазынан бас көтермей жылап отырып:

— Арба айдағандай ҳалым болғанда, биреўдиң арбасын сорап-ақ үйимди көширер едим. Иниме исенип, қула далада қалмасам болар еди-аў, — деп отырса, сырттан биреўдиң:

— Ассалаўма-алейкум, — деген даўысы еситилип, ишке бир ақ сақаллы бийтаныс ғарры кирип келеди. Қудайназар дәрриў оны төрге мирәт етеди.

— Сақаллас, бизди бүгин қудайы мийман етсең, үйиңде бир ақшам қонып шығайын, —депти ғарры.

— Мийман атаңнан уллы деген, келгениңиз мақул болыпты, — деп, кемпирин шақырып:

— Кемпир, жалғыз ешкиден мал болмас дегендей, көшсек, көшке ермес. Мынаў бир туўры келген адам екен, соған сойып берип пәтиясын алайық, — депти.

Кемпири де буған қарсылық етпепти.Олар ешкини сойып,басын отқа үйтип,гөшин қазанға салып писирип,қонақтың алдына қояды.Тамағын жеп болған соң мийман Қудайназардың кемпирине қарап:

— Келин, жай қолыңды, — депти.

Кемпир қолын жайыпты.

— Алла-таала жас бергей! Тоқпақтай үш уллы болғайсаң, — депти.

Мийманның пәтиясын еситкен кемпир:

— Өйппей! Бизди қартайғанда бүйтип масқара етпе, аға, — депти.

Сонда жаңағы ғарры оған:

— Келин, бала менен дәўлеттиң ерте, кеши жоқ, деген. Қуда қәлесе, үш уллы боларсаң. Үлкенниң аты Хожаназар, ортаншысы Қосназар, кишкенеси Төлес болсын, үшеўи де шоқ, зор болсын, аллаҳу-акбар, — деп ғарры көзден ғайып болыпты.

Сол ўақыта ғана олар екеўи келген ғаррының Қыдыр ата екенин биледи.

Қудайназар менен кемпири «Жаратқан қартайғанда бала берсе, басқасынан да қуры қалдырмас, берер» деп шүкирлик етип отыра берипти.

Арадан күнлер өтип, бир күни кемпир ғаррысына келип:

— Ғарры-аў, мен бир айғырдың басын жегим келеди-әй, — депти.

Ғарры бийшарада жан бар ма, қассап қоймай излеп, кемпирине айғырдың басын әкелип берипти.

Арадан айлар өтип кемпир қошқардай бир ул туўыпты.Арадан бир жыл өткен соң кемпир буғаның басына жерип,екинши улын дүньяға келтирипти.Үшинши улын көтергенде кемпир қошқарға жерипти. Олар үш баланың атын Қызыр ата айтқандай етип Хожаназар, Қосназар, Төлес деп қояды.

Қудайназардың усы балалары туўылмастан бурын иниси Байназар оны көширип әкетиўге келеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Инисине өкпелеген Қудайназар ата журтта қалыўды мақул көреди.

Арадан көп ўақыт өтпей,булардың жасап атырған мәканының үстине базар жол түсип,Қудайназар енди өткен-кеткенге шай,суў қайнатып берип,шайпурыш болып күнин көрип жүреди.

Арадан жыллар өтип, баласының үлкени он төртке, ортаншысы он үшке, кишкенеси он екиге шығады.Балаларының үшеўи де ержүрек,қасарысқан жеринен қан алатуғын мәрт,ҳадал ҳәм ақыллы болып ержетеди. Олар кәрўан жолдан өткен кәрўанлардан бажы пул алып, олардың тынышлығын тәмийинлеп туратуғын дәрежеге жетеди.

Булардың даңқын еситкен сол журттың ханы өзиниң еки жасаўылын жибертип,оларды сарайға алдырмақшы болады.

Ханның жасаўыллары көкирекликке салып, буларды ханның алдына барыўға мәжбүрлемекши болғанда,олар еки жасаўылды сабап,минип келген атларының қуйрық-жалын кесип,өзлерин қуўып жибереди.

Ханның тек үшинши мәртебе жиберген жасаўыллары Қудайназарға хабарласып,балалар менен де келисимге келеди.Қудайназар балаларына:

— Хан — халықтың атасы. Мен сизлерге ырзаман. Бирақ енди сол атаңыздан бул исиңиз ушын кеширим сорайсыз,— деп,оларды келген жасаўыллардың изине ертип,ханның алдына жибереди.

Хан өзиниң жек көрген адамларын айыў,жолбарыс усаған жыртқыш ҳайўанлардың үстине киргизип, олардың жүрегин жарып өлтиреди екен.Ол үш балаға да усы кәрин ислемекши болады.

Ертеңине ханның адамлары үш баланы бағқа киргизип,олардың алдына асаў пил менен қабаған ийтти киргизип жибереди.Қосназар өзине қарай жуўырып киятырған ийтти услап алып,асаў пилдиң маңлайына урады.Пил де,ийт те сол жерде тил тартпай өледи.

Ханның жасаўыллары азанда бағқа келип қараса,еки ҳайўан теңкейип өлип атыр екен.Олар бул ўақыяны жуўырып барып ханға жеткереди.

Келеси күни хан оларды қабыллаў алдында есиктиң алдына жолбарыс байлатып, өзи төрде отырады.Үш бала ханның алдына кирип келгенде,жулқынып турған жолбарыс бирден жуўасып,басын аяқларының үстине қойып жатып қалады.

Булардың ер жүреклигине таң қалған хан оларды өзиниң ата душпаны,ханнан қызын ҳаяллыққа сорап қоймай жүрген қалмақтың ханына қарсы урысқа жибериўди ойлайды.

Үш бала ханның буйрығы менен ханның қырық ләшкерин алып қалмақлар менен урысқа атланады. Қалмақлар үш бала баслап барған ләшкерден жеңилип қалады.Калмақтың ханы олардың журтына қайтып аяқ баспайтуғындай болып,қатты қорқып қалады.

Қудайназардың үш баласы елинде үлкен салтанат пенен күтип алынады.

Соннан берли халық бул үш батырдың ата-теги ҳаққында гәп болғанда:

— Булар қарақалпақтың үшбас ашамайлы руўынан шыққан,— деп,олар менен елеге дейин мақтанып жүреди екен.Сол үшбас ашамайлыдан өрбигенлер еле де сол аты менен аталыпты.

## ДАРАМАН
(Р-63,№34661)

Бурынғы өткен заманда Дараман деген бир жетим бала болыпты.Ол он сегиз жасқа келгенде аўырды. Буны байлар «елге жуғады» деп түйеге таңып,басқа журтқа — Баймурат патшаның елине жиберди.Бул баланы кәрўан бир қаланың шетине алып келип таслады. Бала қула дүзде,жерде аўырып жата берди. Оған жайлаўдағы шопанлар жәрдем берип турды.

Күнлерден бир күн Баймурат патшаға қонсылас Сайымбет патша деген урыс жәриялады. Урыс болғанда да,басқаша урыс,яғный,еки елдиң палўанлары гүресиўи,жеңилген тәреп утқан жаққа салық төлеп отырыўы тийис еди.

Солай етип,жаў тәрептеги Сайымбет патшаның палўанлары зорлыққа ушырап атырған патшаның палўанларын жығып болды. Олардан ҳеш қандай ортаға шыққандай палўан қалмады. Усы елдиң патшасы араға адам салып,үш ай мәўлет сорап,палўанларды алып келиўге ўәде етти.Буған себеп,бир жаққа кеткен палўаны бар еди.Дәмеси сол батырынан еди.Келген патша келисим берди.

Бир күни патша қапа болып,қаланың шетине шықты.Жол шетинде жатырған бир жигитти көрди. Бойы узын,басы қазандай,аяғы малдыкиндей,қулақлары қалқандай,турпатлы,буны көрген патша аңтаң болды.Оның менен сәлемлести.

— Қалай да бул адам палўан шығар.Ҳей,жигит,атың ким? — деди патша.

— Атым Дараман,— деди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Дараман? Атың да карыўлы ат екен. Өзиң де палўан шығарсаң?

— Таксыр, мен аўырыўман. Бирак, тәўир болсам, тоғыз адамға күшим жетеди. Жәрдем берсениз, тәўипке емлетсеңиз, мен де жазылып кетип, сизге өле-өлгенше хызмет етер едим, — деди Дараман.

— Бул аўырып атырғанда тоғыз жанды кырса, жазылғанда хәр урғанда жүз адамды кырады, көктен излегенди жерден бердиң ғой, кудайым, — деп патша куўанып, Дараманды ертип сарайға алып келди.

Оның аўырыўын тәўиплер емледи. Дараман жазылды. Соннан кейин патша:

— Ал, Дараман! Мынаў тулпар ат, батырлық жарак, — деп батырдың кийимлери менен кийиндирип атқа миндирди. Оған барлық курал-жаракларды калай жумсаўды үйретти. Атты минип, жаў-жаракты асынып, Дараман жаўға карай жүрип кетти.

Оның жолында өскен бир ағаш бар еди. Ағашты тамыры менен жулып алды. Буннан сескенип көпшилик жаўға карап алып кашты. Сол барыста көп адамларды ағаш қағып өлтирди. Кулласы, сол ат кешке дейин айланып адамларға урды. Душпанның көплеген палўанлары өлип, жаў кашып кетти. Дараман елди жаўдан куткарды. Патша Дараманды өзиниң перзентиндей көрип, саклап отырған кызын берип, өзине палўан етип алды. Бунның атын билген патшалар урыс жәриялаған жок. Әне, бул патша урыссыз халыкты баскарды. Дараманға патша кызын берип, олар максет-муратына жетти.

## ЕШМУРАТ БАТЫР

(Р-89.№37578)

Бурынғы өткен заманда бир адамның кырык баласы болыпты. Балаларының ең үлкени кырык, ең кишкенеси он бес жаска келгенде, ең кишкентай баласы Ешмурат атасына барып:

— Ата, бизлердиң үлкенимиз кырыкка, ен кишиси мен де он беске келдим, бизлерди енди үйлендирмейсең бе? — деп сорапты.

— Балам, аш адамға кырык жер менен куда болыў кыйын, ал кырык кызы бар адамның колайы тағы жок. Әне, сонлыктан үйлендире алмай жүрмен, — деп жуўап кайтарыпты.

Сонда баласы:

— Қашкар деген шәхәрде бир жарлы кисиниң кырык кызы бар, ата, сол адам менен куда болағойсаң калай болады? — дейди.

Бул сөз атасына жүдә макул түсип, баласының айтыўынша жолға раўана болмакшы болады. Сол ўакта баласы:

— Ата, сиз кетип баратырғаныңызда жолында бир үлкен там бар. Ол тамға конбағайсаң, ал, киятырғаныңда да сол тамға конагөрме. Егер ол жерге консаң, мен саған жокпан, — деп кайта-кайта тапсырып жибереди.

Әкеси балалары менен хошласып жолға шығады. Бир неше күн жол жүрип баратырып баласының айткан тамын көреди, бирак сол жерде иркилместен конбай өтип кетеди. Сол жүристен бираз жерлерди асып, бир күни кырык кызы бар жарлының үйине барып мийман болады хәм куда болады. Жарлыға мың тиллә берип, кырык кызын алып кайтады. Жолда олар Ешмураттың айткан тамының тусына келгенде шаршайды хәм алды кеш болып та калады. Сөйтип, олар сол тамға барып конак болады. Қонакларды еки дәў карсы алып, жаксылап сыйлайды. Азанда дәўлер ғаррыға:

— Өзиңниң хәм келинлериңниң жанынан кешесең, ямаса бизлерге хызметке Ешмурат деген кишкентай баланды жибериўге ўәде етесең, — дейди.

Ғарры өз жаны менен келинлериниң жанының аман калғанына кайыл болып, Ешмуратты жибериўге ўәде етеди. Дәўлер ғаррыға «Ешмурат жети күнде жетсин» деп тапсырады. Ғарры да бул жерден өкшени көтерип, келинлерин изине ертип, жолға раўана болады. Арадан үш күн өткенде алдынан Ешмурат шығады.

— Ата, маған пәтиянды бер, мениң айтканымды ислемедиң. Мен дәўлерге хызметке баратырман. Ўәдели күнде жетпесем болмайды, — дегенде ғаррысы жылап турып баласына ак пәтия береди хәм кырык кызды алып киятырғанын айтады. Олар бул жерде кушакласып, хошласып таркасады.

Енди ғарры елине кете берсин. Ендиги сөзди Ешмураттан еситесиз.

Ўәдели күни толғанда Ешмурат дәўлердиң мәканына жетип барады. Дәўлердиң үйине барып сәлемин береди. Олар Ешмураттан коркып, отырған орнын береди. Сол күни Ешмурат дәўлердиң үйинде конып шығып, азанда ерте орнынан турып дәўлерди оятады хәм олардан не хызмет бар екенлигин сорайды.

— Бизлердиң хызметимиз мынаў еди, — дейди дәўлер. — Алмас деген патшаның Бермес деген кызы бар. Оның алты айлык жолы бар, әне сол кызды бизлерге әкелип бересен.

Ешмурат дәўлерден буйырған хызметти есите сала «Әжеп болады» деп жолға раўана болады. Кетип

www.ziyouz.com kutubxonasi

баратырса, алдынан бир байтерек шығады. Байтеректиң астында дем алып отырса, теректиң басына төмен қарап киятырған еки қумырысқа оған сәлем береди ҳәм жол болсын сорайды. Сонда Ешмурат қумырысқаларға өзиниң баратырған хызметин айтыпты.

— Егерде ондай сапарға баратырған болсаң, бизлер саған жақсылық етейик, — дейди қумырысқалар. — Мынаў бизлердиң түгимизди қолына ал, қай ўақ тарықсаң, буны отқа түтетсең болды, бизлер тайынбыз. Бизлер — қумырысқаның патшалары боламыз.

Қумырысқалар бас ийип қала береди. Ешмурат та түкти қолына алып, Алмас патшасының жолына түсип кете береди. Ешмурат бир неше күн жүреди, аш та болады, сөйтип баратырғанда жолдың шетинде турған бир дәўге көзи түседи. Ол аспандағы қусларды ҳәм бултларды қолы менен услайды. Узақтағыны да тез көреди. Ешмурат оннан:

— Неткен жансаң? — деп сорайды.

— Усы жолдан Ешмурат деген батыр өтетуғын еди, соны күтип турман, — деп жуўап береди дәў.

Ешмурат өзин дәўге таныстырады. Екеўи дос болады ҳәм Ешмуратқа жолдас болып, бул да шығады. Екеўи тағы да бир неше күн жол жүреди. Олар киятырса, бир аяғын қолына алып, бир аяғы менен кийик қуўып жүрген бир дәўге дуўшакерлеседи. Ол да Ешмуратқа жолдас болады. Онық кәсип-кәри — алты айшылық жолды бир адымлайды екен.

Әне, үшеўи бул жерден де шығып жол жүреди. Тағы бир жерге барғанда булардың алдынан жер тыңлап отырған дәў ушырасады. Бул да Ешмуратқа дос болмақшы болып, оның жолын тосып жер тыңлап отыр екен. Ешмурат буны да өзине жолдас етип алады.

Арада неше күн жол жүрип, ақыры бир күни бир тенизднн суўын уртлап, екинши теңизге қуйып турған дәўдиң үстинен шығады. Бул да Ешмуратларды көрип, оларға дос болады. Сөйтип булар бесеў болып бир неше күн жол жүрип, Алмас патшасының шәҳәриниң үстинен шығады. Қаланың шетиндеги бир кемпирдиң үйине қонақ болады ҳәм Бермес қыздан хабар сорайды.

— Ҳәй, балаларым, өлимге өзиңизди тигип келипсиз ғой, қызды алыў ушын патшаның бес шәрти бар. Сол шәртти орынлай алмай бираз адамлар ҳәлек болды, қурбан болды, — деп жуўап береди кемпир ҳәм шәртиниң түрлерин айтады.

Азанда Ешмурат ҳәм жер тыңлайтуғын дәў екеўи патшаға барып, оған келгендеги жумысын айтады. Сонда патша:

— Мениң бес шәртим бар. Сол шәртти ким орынласа, соған қызымды беремен. Биринши шәртим, қырық батпан ақ тары менен қырық батпан қызыл тарыны араластырып беремен. Соны күн батқаннан күн шыққанға шекем айырып бересең. Бир дәни де кем болмаўы керек. Екинши шәртим, алты айлық жолға адам жуўырыстыраман, сонда адамың озып келиўи керек. Үшинши шәртим, қызымның бир минары бар, сол минарды күн батқаннан таң атқанша жығып бересең, тек қолыңа балға беремен. Төртиншиси, гүрес туттыраман, сонда палўаның жығыўы керек. Бесинши шәртим, елимниң адамын жыйнап, солардың ортасында сизлерди қырық күннен берли жыйналған шеңгелдиң ортасында отырғызаман да, жән-жағынан от беремен, буннан аман шығыўыңыз керек. Усы бес шәртимниң биреўи орынланбаса, өзлериңиз өлимдар, мал-дүньяңыз патшалық болады, — дейди.

Ешмурат бул бес шәртке де қайыл болады ҳәм патшаға шәртлерди орынлайтуғынын айтады. Булар биринши шәртти орынлаўға кириседи. Бирақ, түн ярымы болғанша тарының ағын, қызылын айыра алмайды. Сонда Ешмураттың ядына қумырысқалардың берген түги сап ете қалады да, қойнындағы түкти отқа түтетип ийисин шығарады. Сол заматта-ақ жер-жәҳәнниң бәрин қумырысқа қаплап кетеди. Қызыл қумырысқалар қызыл тарыны, қара қумырысқалар ақ тарыны бир майданның арасында-ақ айырып береди ҳәм олар өз жайына тарқасады. Усының менен биринши шәрти орынланады.

Екинши шәрт бойынша алты айлық жолға патша бир мәстан кемпирди жибереди де, Ешмурат бир аяғын қолына алып жүретуғын дәў достын қосады. Алты айлық жерден «ал әўмийин» деп қашар ўақта мәстан кемпир дәўди алдап уйқылатып таслайды да, қашып алып өте кетеди. Үш айлық жол қалғанда Ешмурат узын дәўге:

— Жолды қарап жибер, қайсысы озып киятыр екен, — дейди.

Узын дәў жолға қараса, булардың жиберген дәўиниң уйқылап атырғанын көреди. Ол қолына бир тасты алады да, уйқылап атырған дәўди тас пенен урып оятады. Жуўырғыш дәў оянып қараса, мәстан кетип қалған. Дәрҳал қолына алып жүрген аяғын орнына жайғастырып қояды да, алты айшылық жолды бир адымлап, кемпирден қырық күн бурын жетип келеди. Бирақ, патша «алдап қашқан» деп шатақ салады. Сонда кемпир өзиниң алдағанын мойынлайды. Сөйтип екинши шәрт те орынланады.

Олар үшинши шәртти орынлаў ушын күн батқаннан қолына балға алып минарға келеди. Ярым ақшамға шекем минардың ҳеш жерин буза алмайды. Сонда узын дәў минардың төбесине қолын созып, ишинде отырған патшаның қызының алқымынан қысып өлтирмекши болады. Сол ўақытта

www.ziyouz.com kutubxonasi

патшаның қызы өлимнен қорқып:

— Мен минарды дуўа менен бәнт етип отыр едим,мениң алқымымды жиберсең,дуўа менен өзим-ақ қулатып берейин, — деп дәўге жалынады.

Дәў қолын минардан тартып алыўдан минар қулайды. Буны көрип патша ҳайран болады хәм үшинши шәрт те орынланады.

Төртинши шәрт ушын Ешмураттың өзи гүреске түседи.Ол патшаның барлық палўанларын жығып, бул шәртти де орынлайды.

Бесинши шәрт бойынша қырық күн үйдирилген шеңгел отыннның үстине бесеўин мингизип,патша жән-жағынан от бергизеди.Сонда жер тыңлағыш дәў арқасына суў уртлайтуғын дәўди мингизип,бир дәрьяның суўын уртлатып алып келеди хәм әсте отыннның үстине суўды қуя береди.Бул оттан бесеўи де аман қалып,патшаның шәҳәрин суў алып кетпекши болады.Сонда патша «суўын тартсын,шәртлери орынланды» деп адам жибереди.Суў уртлағыш дәў суўды уртлап қайтадан баяғы дәрьяға қуяды.

Бес шәртти орынлағаннан кейин, патша қызын той берип узатады.Дәўлер өзлериниң гезлескен жерлеринде қала береди де, Ешмурат Сарыдәў менен Қарадәўдиң үйине қарап жол тартады.Жолда Ешмурат қызға Сарыдәў менен Қарадәўдиң хызметин орынлап киятырғанын,қызды да соларға апарып беретуғынын айтқанда,қыз «дәўлерди қалай өлтириўге болады?» деп ойласады.Сонда Ешмурат:

— Дәўлерди атсаң,мылтық өтпейди,шапсаң,қылыш кеспейди.Сен усыдан барған соң дәўлердиң өлетуғын жанын сора,сөйтип маған хабар бер.Мен кетпей жасырынып турайын,егер де олар жанын айтпаса,«мен кетемен» деп айт.Оннан соң жанын айтар, — дейди.

Арадан бир неше күн жол жүрип,дәўдиң үйине келип,қызды дәўлерге тапсырып, Ешмурат жуўап алып қайтады. Бирақ, ол кетпей жасырынып турады. Ешмурат кетиўден Бермесханым дәўлерди алдастырып жанын сорайды.Олар көп ўақытқа дейин айтпайды.Қыз ояғына шығып,буяғына шығып, қулласы,дәўлердиң жанын айтқызады.Қарадәўдиң жаны қара шыбын,ал Сарыдәўдиң жаны сары шыбын екен.Дәўлердиң жаны сарайдың ишиндеги бир аршада шүберекке түйиўли тур екенлигин де билип алады.Қыз дәўлерди тағы да алдап:

— Сизлер еки дәўсиз.Мен биреўиңизге тийемен.Сизлер қырық күнлик жолдан жуўырып келесиз. Сонда қайсыңыз озсаңыз,сол озып келгениңизге тийемен, — дейди қыз.

Буған еки дәў де қайыл болып,жуўырып алып өтә кетеди.Дәўлер кетиўден қыз Ешмуратты шақырып дәўлердиң аршадағы жанын услап алып,оны өлтиреди.Дәўлер де сол ўақта өледи.Сөйтип Ешмурат пенен Бермесханым қосылып,елине барып,ата-анасын,туўысқанларын қуўантып мақсет-мурадына жетеди.

## ҒЫРЫС БАТЫР

(Р-278.№84306)

Өткен заманларда Ғырыс деген жигит болған.Ғырыс тилге шешен,жүйрик қыял,дилўар болса да, дүньяға жарлы,гедей болған.Усының салдарынан Ғырыс үйлене алмай көп ўақытқа шекем хаялсыз жүреди.Енди талап излеп,хаял алыўды ойлап,көп аўыл-қалаларды аралайды.Жалланып жумыс ислейди. Көп дослар да табады. Ғырыстың дослары батыр, балықшы, жулдызшы, тыңшы, жүйрик кәсибин ислейтуғын болған. Ғырыс усындай адамларды өз дөгерегине уйымластырып, бирге талап шерик жумыс излеп ислеп жүргенде бир аўылда бир байдың қызының хабарын еситеди. Бай той береди, гүрес туттырады,жүйрик шаптырады,узақтан тың тыңлатады.Усылардан ким озып шықса,қызымды сол адамға беремен деп, узаққа хат, жақынға ат жиберип, бул хабарды Ғырыс та еситеди. Бул хабар Ғырысты үйде қарап жатқара алмады.Ол досларын шақырып:

— Мына той хабарын билип атырған шығрасыз,бай ўәдесине жетсе,қызын мал алмастан гүрестен жеңгенге, жүйрик шаптырғаннан озғанға, сөз жасырғанды билгенге ирикпей беремен деп атырған қусайды. Досларым, бизлер де усы қызға талабан болып барсақ, бахытымыз болса, қолға түсирип алалмасбекенбиз? — деди.

Сонда Ғырыстың дослары:

— Бәри де қолларымыздан келеди, — деди.

Тойға Ғырыс батыр дослары менен бирге барады.Той берип атырған байдың күшли еки палўаны бар екен.Олардың екеўин де де Ғырыс гүресип жығады.Майда палўанларын да Ғырыстың жигитлери жығады. Палўан бәйгисинен Ғырыс жағы женеди. Енди жуўырысыў жағынан да Ғырыстың досты озып келеди.Тыңшы да өз жумысын атқарады.Бай ўәдеси бойынша қызын Ғырыс батырға береди.Ол досларының жәрдеми менен ҳаяллы болады,баяғы аңшылық кәсибин ислеп күн кеширип жүре береди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғырыстың ҳаялын аламан деп сырттан ашық болып жүрген бир бай баласы бар еди. Енди Ғырысты өлтирип алыў жолын изледи. Бай баласы өзи Ғырыс пенен айқасып,я атысып жеңе алмайтуғынын билген соң,ҳийле тауып,бир кемпирге:

— Өлтирип берсең,өлгенше жатып жейтуғын дүнья-мал беремен,— деди.

Сонда кемпир:

— Мен Ғырыс батырды өлтиремен,— деди де,Ғырыс батырдың аң аулап жүрген жолына шықты хәм еки көзине қағаз басып желимлеп,жол үстинде отырды.

Аңнан киятырған Ғырыс кемпирди көрип аяп кетти. Сонда кемпир:

— Мениң хеш кәўендерим жоқ, мен адасып жүрмен, көзим де әззи. Мени, шырағым, кәўендерлдикке ал, маған рейимиң келсин,жәрдем ет,— деп жылап қоя берди.

Сонда Ғырыс кемпирге рейими келип оны аяп,үйине ертип барады.Ҳаялына,усы кемпирди жақсылап күт, деп тапсырды.Ҳаялы да кемпирди жақсылап әлпешлеп күтти.Кемпир бирнеше күн жақсылап күтилгеннен кейин көзиндеги желимли қағазды алып, көзим де ашылды деп, Ғырысты қуўантты. Бир неше ай өтип, әбден усы үйге кемпир сиңискеннен кейин күнде ҳаялдан: — Ғырыстың күши қай жерде? Жаны қайда турады? — деп сорап коймай, «Саған шын жолдас болса, ол саған жанының қайда екенин айтады. Егер айтпаса,сеннен кеўили басқа болғаны» деп кемпир күнде қоймады.Буған инанған Ғырыстың ҳаялы күнде Ғырыстан:

— Батыр,сениң күшиң-куўатың,жаның қай жерде турады? — деп қоймады.

Бир-еки сорағанына Ғырыс жуўап бермеди.Сонда ҳаял:

— Сениң кеўилиң меннен басқа екен, маған шын сырыңды айтпайсаң, меннен жасырын кимге айтасаң? — деди.

Сонда Ғырыс ҳаялы сорап қоймаған соң:

— Мениң жаным мына илиўли сары жайдың ишинде, усы сары жайдан айырылсам, мениң өлип қалғаным,— деди.

Буны еситип жатырған кемпир дәрҳал турды,Ғырыс уйқылағаннан кейин сары жайды алды да,апарып суўға таслады. Сары жай суўға түсиўден үлкен бир шортан жутты да қойды. Азанда жаны кеткен Ғырыс турмады. Ғырыстың өлгенин билгеннен кейин кемпир үйден шықты да кете берди. Өзин жумсаған бай баласына барып,Ғырыстың өлгенин айтып,кемпир Ғырысты өлтиргени ушын бай баласынан көп сыйлық ақша алады.Көптен бери Ғырыстың өлиўин күтип жүрген бай баласы Ғырыс өлди деген соң,ҳаял меники болды ғой деп,жолға шығып,Ғырыстың ҳаялын алыўға киятыр.

Ғырыс өлген соң ҳаялы: Енди мениң аўҳалым қыйынласты,сүйиклим Ғырыстан айрылдым. Күним қалай болар екен, онысық қалай өтер екен,— деп қатты қапада сарсылып отырғанда, бай баласы келеди. Бай баласы ҳаялға қарап:

— Сен мениң ҳаялым боласаң. Ғырыстан айырылдың. Енди мен сени аламан, қәлесең қәлегениң, қәлемесең зорлап аламан,— деди.

Сонда ҳаял:

— Ғырыс еле өлмей атырып маған бундай топылыўың елден,халықтан уят емес пе? Өзиң бай адамсаң, сениң айтқаныңа ҳәмме инанады, дүнья-малың көп, мендей ҳаялды алғанша, қыз ал, маған жақынлама, мен сени қәлемеймен,— деди.

Сонда бай баласы:

— Мен сени қәлеймен,зорлап аламан,— деп гүркиреди.— Мен сениң Ғырыс батырыңды өлтире алмай жүр едим.Ғырысты зордан өлтирдим,— дегенде,ҳаял жылап қоя берди.

Бир күни Ғырыстың досты жулдызшы аспанға қарап отырса,бир жулдыз кем көринди. Бул күни бул жулдыз кимниң жулдызы екенине кеўил бөлген жоқ.Ертең кеште усы жулдыз кимдики екен деп байқаса, бул жулдыз Ғырыстың жулдызы екен. Бүгин де көринбеди. Жулдызшы дәрриў тыңшының үйине барды, тыңшыға:

— Еки күннен бери Ғырыстың жулдызы көринбей тур,— деди.

Сонда тыңшы тың-тыңлап көрип еди,Ғырыс өлип қалыпты.Жулдызшы менен тыңшы батыр достына келип:

— Ғырыс өлип қалыпты,— деди.

Булардың сөзине инанған батыр да буларға қосылып үшеўи Ғырыстың үйине киятыр.Ғырыстың үйине жақынлағанда үлкен шаўқымды еситти. Қулақ салып тыңласа, бай баласы менен Ғырыстың ҳаялының шаўқымы екен. Бай баласы «аламан» дейди, Ғырыстың ҳаялы «тиймеймен» дейди. Усының үстинде үлкен талас кетип атыр екен. Буны көрген Ғырыстың дослары бай баласын беккем услап, аяқ-қолын байлап, бир жайға салып қойды.

Ғырыстың өлгени досларына белгили болды. Тыңшы қалай өлиў себебин тыңлады. Өлиўине кемпир

www.ziyouz.com kutubxonasi

себепкер болған, Ғырыстың жаны турған сарыжай суўға тасланған. Сарыжай балық ишинде жатырғанан тыңшы айтып берди. Булар көп ойланбастан балықшы достын шақырды, балықшы досты да келип жетти. Тыңшы:

— Сениң балықларың сарыжайды жутыпты. Ҳәзир балықларыңнан сорап, сол сарыжайды тез әкел, Ғырысты тирилтемиз, — деди.

Сонда балықшы дәрриў балықларды биримлеп шақырып сорады. Ҳеш балық билдик деп айтпады. Балықшы:

— Қалған балық жоқ па? — деди.

Сонда балықлар:

— Бир шортан жар астында жатыр, — дейди.

Балықшы:

— Сол шортанды ҳәзир қуўып келиң, — деди.

Балықлар сол шортанды әкелсе, ишинде сарыжай бары анықланды. Шортаннан сарыжайды алып үйге келгенде, Ғырыс батыр түргелди:

— Мен көбирек уйқылап кетиппен-аў, — деди.

Ҳәмме досларын көрип Ғырыс қуўанды, болған ўақыяларды Ғырысқа айтты. Сонда Ғырыс:

— Бул мениң өлиўиме ким себеп болған екен? Соны анықлап алып, жазасын берейик, — деди.

Дослары бай баласын Ғырыстың алдына әкелди. Бай баласына:

— Сөйле, — деди.

Сонда бай баласы Ғырысқа кемпир жиберип, Ғырысты өлтирткенин, ҳаялын алмақшы болғанын толық, жасырмай айтты. Ҳәм де бундай ислердиң кәте екенин мойынлады. Бул ислеген ислерди кешириўди Ғырыстан ҳәм оның досларынан өтинди.

— Енди өлтирсеңиз де, азат етсеңиз де өзлериңниң еркиңизде, — деди.

Сонда Ғырыс ҳәм оның дослары бирге ойласып:

— Душпан да ел болады, кәтелигин мойынлап отыр. Буларды өлтирген менен не болады, досласып өмир сүрейик, — деди.

Булар досласып тынышлық өмир сүрген екен.

## ҚУЛАМЕРГЕН

(Р-448. №176391)

Бир бар екен, бир жоқ екен. Бурынғы өткен заманда Қуламерген деген палўан болыпты. Ол палўан болып жүрип Ардашер деген патшаның Қалбийке деген қызына үйленеди. Қалбийкеден бир қыз, бир бала болады. Қызының атын Меҳрихан, ал баласының атын Жоямерген қояды.

Қуламерген бир уйқыласа жети күн, жети түн уйқылайды. Ал Қалбийке болса Қуламерген уйқылаған ўақытта оның атын суўғарып, от-жем салып бағып турады екен.

Бир күни Қалбийке дәръяға ат суўғарыўға барып, шашын жуўып отырғанда еки тал шашы дәръяға ығып кетипти. Еки тал шаш сол ығыўдан бир патшалыққа барып жетипти.

Сол елде бир ғарры аў салып, балық аўлайды екен. Қалбийкениң шашы ғаррының аўына илинипти. Ғарры шашты алып қараса, биресе алтын, биресе гүмис болып дөнип турған қусайды, буған ол ҳайран қалыпты. Сонда ол «бул шашты патшаға алып барсам, маған көп сыйлық бермес пе екен?» деп шашты патшаға алып барып берипти.

Патша шашты көрип ҳайран қалады. Ҳүкимдар алтын шаштың ийесине ашық болып:

— Усы шаштың ийесин кимде-ким маған таўып берсе, бойындай алтын беремен, — деп жар урдырады. Бирақ, елден «мен табаман» деп ҳеш ким шықпайды.

Сол патшалықта арқасы тозған, еки дизеси қулағынан озған бир кемпир бар еди. Ол жарды еситип, ҳеш иркилместен дәрҳал асығып-үсигип патшаның алдына келип:

— Балам, мениң насыбай пулымды жеткерсең, усы шаштың ийесин таўып, қасыңа алып келип берер едим. Жақын жерде бир ҳаял бар, оның шашының бир талы алтын, бир талы гүмис. Бул елатта оннан басқа ҳаял жоқ. Бир болса, соныки болар, — дейди.

Сонда патша:

— Апа, ол қай жерде? — дейди.

— Әй, балам, ол Ардашер деген патшаның журтында, — дейди кемпир.

—Ол ким дегенниң ҳаялы?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сениң сорамыңа жақын жерде Қуламерген деген палўан турады. Ҳаялы күнде дәрья бойына келип, күйеўиниң атын суўғарып, өзиниң шашын жуўады. Ал, Қуламерген болса бир уйқылағанда жети күн, жети түн уйқылайды, — дейди кемпир.

— Оны қалайынша әкелесең? — деди патша.

— Мени Қуламергенниң турған жерине жеткерип таслайсаң. Мен ҳаялын айландырып өзиме қаратаман. Соннан кейин мен саған хабар беремен. Сол ўақытта сен ләшкериң менен келип, Қуламергенниң уйқылап атырған ўақтында байлап өлтиресең. Басқа ҳеш илажы жоқ. Егер сондай ҳийле менен алмасаң, сен түўе, барлық ләшкерлериңниң де күши жетпейди, — дейди.

Көп узамай патша кемпирди Қуламергенниң турған жерине әкелдирип таслайды.

Ендиги сөзди Қалбийкеден еситиң. Қалбийке күндеги әдети бойынша атын суўғарып шашын жуўып отырса, бир кемпирге көзи түседи.

— Әй, апа, не қылып жүрсең? — дейди Қалбийке.

— Балам, мениң немди сорайсаң? Барарға жерим жоқ, батарға суўым жоқ, мен бир жүрген ғәрип кемпирмен, — дейди ол.

Қалбийкениң кемпирге реийими келип:

— Апа, олай болса, бизиң үйге жүре ғой, — дейди.

Қалбийке кемпирди ертип, атты жетелеп үйине қарай кетип баратырса, ат кемпирди тислейжақ болады. Сонда Қалбийке ашыўланып атын урып:

— Сен неге үйге киятырған мийманды тислейсең? — дейди.

Кемпир сол күннен баслап атқа жем берип, от салып, өзине үйрете баслайды. Ат кемпирге үйренисип, тиймейтуғын болады.

Ол Қалбийке менен сөзге кирисип, оны Қуламергеннен айырыўдың жолына түседи. Қулласы, кемпир Қалбийкени гәпке айландырып, патшаға тийиўге көндирмекши болады. Қуламерген усы ўақытта уйқылап атыр екен. Кемпир дәрриў Қуламергенди шынжыр менен байламақшы болады. Сол ўақытта Қалбийке:

— Апа, оны шынжыр менен байлама, үзип кетеди. Өзиниң пилдиң жүн терисинен ескен арқаны бар, соның менен байласаң, үзе алмайды. Соннан кейин барып өлтиресең, — дейди.

Кемпир дәрриў сол арқан менен байлап таслап, патшаға хабар береди. Патша ләшкерлери менен келип, Қуламергенди көтерип байтерекке байлап таслайды. Қылыш пенен шапса, қылышы өтпейди, найза урса найза майысып қала береди. Ақыры ҳеш илаж ете алмай кетип қалады.

Бир күни Қуламерген уйқыдан оянып қараса, өзиниң байлаўда жатырғанлығын көреди. Усы ўақытта Қуламергенниң баласы Жоямерген әжапасына:

— Әжапа, жүр, әкемниң қасына барайық, — дейди.

— Жоқ, бармайман. Мениң әкем ол емес, патша мениң әкем, — дейди қыз.

Буннан кейин Жоямерген жылап, әкесиниң қасына барады. Сонда Қуламерген:

— Балам, қапа болма. Мениң пил соятуғын пышағым бар. Сен апаңа барып, «әкемниң пил соятуғын пышағын бер, таяқ кесип, ат қылып ойнайман» дегейсең, сөйтип мына арқанды кес, — дейди.

Бала пышақты алып келип арқанды кеседи. Қуламерген баласының маңлайынан сүйип:

— Балам, мени бир өлимнен қутқардың, — деп оған разы болады.

Қуламерген байлаўдан босанып, патша ҳәм оның жәллатларын өлтирип, ҳаялына:

— Кийин, кеттик! — дейди.

Қуламерген ҳаялы менен қызын кийиндирип болып атына қараса, аты жоқ. Кемпир Қуламерген байлаўдан босанған ўақытта атты минип кетипти. Кемпир атты көк таўға апарып, аяқларын байлап, үстине тас басып кеткен екен.

Ғайратлы батыр атын таўып алып, ҳаялы менен қызын ертип, атасының үйине алып барады. Барғаннан кейин Қуламергенниң баласы патша дайысына анасының басқа бир патшаға тиймекши болғанын ҳәм әкесине жаманлық еткенлигин айтып береди. Қыз апасының да анасына қосылғанлығын айтыпты. Патша бул хабарды еситкеннен кейин қызын ҳәм жийен қызын тергепти. Мәлим болыўынша, баяғы кемпир мәстан екен. Ол Қалбийке менен қызын дуўалап, сийқырлап таслаған қусайды. Олар усыларды айтып зар жылапты. Елдеги бир дуўахан дуўа оқып екеўин өз қәлпине келтиреди. Бирақ, енди олар патшаның үйинде, өзлериниң туўылып өскен сарайында қалады. Усыннан кейин патша Қуламергенге киши қызын берип, Жоямергенге тай мингизип, көп дүнья менен шығарып салады.

Патшаның киши қызы тырнағына қараса, дүнья жүзин көреди екен. Бир неше күн жүргеннен кейин Қуламерген ҳаялы менен баласына:

— Сизлер кейнимнен бара бериң, — дейди де, өзи алдында озып кетеди.

Қуламерген кетип баратырса, алдынан жылап жатырған бир баланы көреди. Қуламерген баланы көрип «бул бала тири болса, балама жолдас болды-ғой» деп алып киятырса, алдынан бойы минардай,

www.ziyouz.com kutubxonasi

көзлери үңгирдей, кулағы калкандай бир дәў пайда болады. Сол жерде екеўи айқасып кетеди. Қуламерген дәўди жығып өлтирейин деп жарағына қол салса, куралы жок.

Қуламерген сол жерде дәў менен айқасып қала берсин, ендиги сөзди изде қалған ҳаялы менен баласынан еситиң.

Қуламергеннин ҳаялы жолда киятырып тырнағына қараса, Қуламергеннин дәў менен алысып атырған екен. Күйеўине қарағанда дәўдин басым екенлигин көреди. Сол ўақытта ҳаял баласына:

— Балам, сен тез әкеңнин изинен жет. Әкең өлер алдында жатыр. Бар да, дәрриў дәўдин көзинен ат. Ол саған «мәрт болсаң және ат» дер, сонда сен атыўшы болма, егер және атсаң, дәў тирилип кетеди, — дейди.

Жоямерген әкесинин изинен барса, айтқанындай, әкеси ҳәлсиреген екен. Жоямерген дәўдиң көзинен атады. Дәў сонда:

— Мәрт болсаң, және ат, — деп жалынады.

Бала атпайды. Дәў өледи. Қуламерген орнынан ушып түргелип баласын сүйип:

— Балам, сен мени еки мәрте өлимнен қуткардың. Мен саған ыразыман, — дейди жылап.

Ҳаялы да изинен жетип, саў-саламат елине келеди.

Бир күни Қуламерген елине келгеннен кейин аң аўлаўға шықпақшы болады. Сол ўақытта ҳаялы тырнағына қарап:

— Сен аңға шықпай-ақ қой! Сен өлтирген дәўдиң жети баслы анасы бар еди. Сол бүгин сени излеп киятыр. Шамасы, балаң менен екеўинди өлтирмей тынбайды. Сол ушын сен көк таўдын етегиндеги тегис алаңлыққа барып, атынды желдирип жүре бер. Келеғойса, изине салып жибермен. Сен қашып қутыларсаң. Егер қутылмастай шамаң болса, изиннен Жоямерген барып арашалап алар, — дейди.

Ҳаялы Жоямергенди жасырып қояды. Қуламергеннин ҳаялы бир өзи үйинде отырса жети баслы мәстан келип:

— Қуламерген қайда? — дейди ғәзеп оты менен.

— Аңға кетти, — дейди ҳаялы.

— Жоямерген қайда?

— Ол да кетти, — дейди ҳаял.

Жети баслы мәстан кемпир Қуламергеннин изинен кетип, қуўалай береди. Ҳаял тырнағына қараса, кемпир Қуламергеннин изинен жетейин деп тур. Баласын қасына шақырып алып:

— Балам, мәстан кемпир әкеннин изинен жетиўге қарапты. Сен изинен барып, мәстан кемпирдиң ортаңғы геллесинен гөзлеп атқайсаң. Кемпир «және ат» деп жалынады. Сонда атпағайсаң. Атсаң, күш бермейди. Оннан кейин атсаң да, шапсаң да да өлмейди, — деп зинҳарлайды.

Жоямерген әкесинин изинен барып, кемпирдиң ортаңғы басын гөзлеп атады. Кемпир жығылып жатып:

— Мәрт болсаң, және ат, — деп жалынады.

Жоямерген атпайды. Кемпир өледи. Қуламерген келип баласынын бетинен сүйип:

— Балам, мени үш өлимнен қуткардың. Мен саған өлгенше ыразыман, — деп баласынын маңлайынан сүйеди. Сөйтип, олар үйлерине барып, тыныш жасап, мурады-максетине жетеди.

## ОЛЖАХАН

(Р-89. №37578)

Бурынғы өткен заманда Хорезм журтында Әмин хан деген болыпты. Онын Баҳадыр деген бир баласы менен Олжахан деген бир қызы бар екен. Олжахан демектиң мәниси, улы менен қызы ҳәр еллерге кетип, дүньялы, олжалы болып қайтады екен. Ол заманда Дарғанатанын қубласында Бухар ханлығын Боран хан деген басқаратуғын еди, ал Дарғанатадан арқасында Арал теңизине дейинги аралықты Әмин хан басқарған. Бухар ханы менен Хорезм ханы бәрқулла урысып турады екен.

Күнлерден бир күни Әмин ханнын улы Баҳадыр Бухар сорамына атланып барып, ханның көлге бақтырып қойған мың жылқысын қуўып қайтады. Шөлистан менен жылқыларды қуўып киятырып ол қатты шөллейди. Сөйтип бир сексеўилдин түбине барып, аттан өзин таслайды. Жылқылары бас алды кете береди.

Баҳадыр бул жерде жата берсин, енди сөзди Жылқыманнан еситесиз.

Жылқыман Боран ханға барып, Хорезмнин батыры Баҳадырдың мың жылқыны зорлық етип айдап кеткенлигин хабарлайды. Буны еситкен хан патшалықтан керегин берип, сақлап қойған Әсметулла менен Сағыйдулла деген еки батырын жылқыманнын қасына қосып, жылқыларды алып қалыўды тапсырады. Булар кеткен малдың изин қуўып кете береди. Усы ўақытта Бухарадағы Ҳәбибулла Алым

www.ziyouz.com kutubxonasi

дегенниң медресесинде көп бала оқыйтуғын еди. Сол балалардың ишинде Темирий деген жигирма бир жасар батыр жигит бар еди. Хәбибулла Темирийге келип:

— Балам, журт шетине жаў келип, ханның мың жылқысын алып кетипти. Буған бизлер көнип отыра бермейик. Бизлердиң де көмегимиз болсын, бул жаўдың кейнинен сен де барып қайтсаң қалай болады? — дейди.

Темирий «әжеп болады, ата» деп, қара жорғасының белине минип, бир мес суўды бөктиргиге таңып, арқаға қарап аттың басын оңғарады. Жолсыз шөл-қыябаннан он күн жол жүрди. Шөлистанлықта кетип баратырса, бир түп сексеўилдиң түбинде байлаўлы турған бир қара тулпарға көзи үсти. Темирий аттың қасына барды. Ат турған сексеўилдиң түбинде узынына түсип жатырған бир сын-сымбатлы жигитти көрди. Темирий ат үстинде турып:

— Хә, жақсы жигит, орныңыздан турың! — деп бақырды.

Сол ўақытта жатырған жигит көзин ашып, өңменин көтерип, Темирийге карайды. Сонда Темирий:

— Қула дүзде не қылып жатырған жансаң? — деп сорайды.

Бирақ, жатқан жигит буған хеш жуўап қайтармай, қойнына қолын суғып, алақандай бир қутыны алып, аттың үстинде турған Темирийге усынды. Темирий қутыны қолына алып, ашып көрсе, ишинде хешнәрсеси жоқ бос қуты. Бирақ, қутыда тирийектиң ийиси мүңкип тур. Сонда Темирий қыял етти:

— Бул бир тирийекши сорқайнаған екен-аў, тирийегин таўысып, усы жерге келгенде жығылған екен-аў, маған қутыны усынғаны, «тирийегиң болса бер» деген тымсалы шығар. Буған бизге кәжетин таўып бериў лазым болды-аў, — деп, ол ат қойып, еки қырдан асыпты. Жән-жағына көз салып еди, көп қойдың сүрдеўин көрди. Қойдың сүрдеўи менен тағы бир қырды асып еди, бир аўылдың үстинен шықты. Сол аўылдан сорастырып жүрип, бир жегендей тирийекти зордан дегенде таўып алып, жигиттиң жатқан жерине келди. Жигитти оятып, тирийекти берди. Жигит тирийекти жегеннен кейин өзине келди, орнынан турды, Темирий менен ат сорасты.

— Жолаўшы, не кәралысаң, атың ким, қайда барасаң? — деп сорады жигит.

— Мен Бухарада Әмир Тағай дегенниң баласы Темирий дегенмен. Хорезм журтынан бир уры келип, қараўымыздан мың жылқы қуўып алып кеткен. Соның қуўғыншысыман, жора, — деди Темирий.

Бул сөзди еситип жигит:

— Сен Темирий болсаң, мен Хорезм журтының ханы Әминниң баласы Баҳадырман. Мың жылқынды қуўған уры да мен едим. Жылқыларды қуўып шықтым. Арадан жети күн өткенде усы шөлге шықтым. Тирийегимди таўыстым, шөлден таңлайым да кеўип, жүриўге мәдарым болмай, усы сексеўилдиң түбине жығылдым, жора. Жылқыларың қайтып аўылыңа барған шығар,—деди.

Бул сөзди еситкен Темирий бул жигиттиң нағыз душпаны екенлигин билди. Оннан:

— Енди не қылыўымыз керек? — деп сорады.

Сонда турып Баҳадыр айтты:

— Еки батыр бүйтип дусласпас. Дусласқаннан кейин гүреспей таркаў бизлердиң батырлығымызға, палўанлығымызға жараспас. Гүрес тутайық, қай жыққанымыз жығылғанымызды өлтирейик, жора, қалай көресең?

Буған Темирий де қайыл болды. Сөйтип турып Баҳадыр және:

— Бир сөзим бар еди, жора. Он күн болды, суўға бир қанбадым. Маған суўыңнан бир қанғандай суў бер, — деди.

Буған Темирий нәмәртлик етпеди. Артып жүрген суўынан Баҳадырды мейлинше қандырды. Суўға қанғаннан кейин еки батыр гүрес майданына шықты. Булар азаннан кешке шекем тутысты, бирин-бири жыға алмады. Ертеңине Темирий Баҳадырдан зор келди, оны жықты. Темирий оның үстине минип отырды. Баҳадыр жығылғанын мойнына алды. Темирий оған:

— Ал, жора, жығылдың. Енди не қылайын, соны айт? — деди.

— Гүрестен бурынғы айтылған шәрт бойынша мени өлтир, — деп жуўап берди Баҳадыр.

Сол ўақта Темирий Баҳадырдың үстинен түсти де:

— Сен менин менен гүреске түстиң, шәрт айттың, жығылдың. Өлимге өзиңди тайынладың. Бул дүньяда жанынан қорықпайтуғын мақлуқ болмайды. Сен маған жалыныўың керек еди. Мына сөзиңди еситип турып, сени өлтирген менен жер толмас, сениңдей мәрт жигит бул дүньяда табылмас, сени өлтирген адам да оңбас, бар, гүнаңды кештим, не көргениң болса берейин, кете бер, жора, — дейди Темирий.

— Ол айтқаның болмас, — дейди Баҳадыр. — Мен Хорезм елинде асқан палўан, артықмаш баҳадыр едим. Хан сорамында меннен айбынбайтуғын жан жоқ еди. Хеш адамнан жығылып, усы жасыма келгенше арқам жерге тийип көрмеди. Мине, мен сеннен жығылдым. Мениң пайманымның толған күни шығар. Енди сен өлтирмеген менен де,бир себеп таўылып,әйтеўир нәрседен өлемен.Егер де сондай себеплерден өлсем,журтыма әйтеўир бир нәрседен өлипти деген дабылым түседи.Оннан да сен мени өлтиреғойсаң,

www.ziyouz.com kutubxonasi

«Әмир Тағайдың баласы Темирий батыр өлтирипти» деген дабылым журтыма жайылағойса, «хә, өзинен зорына ушырап өлген екен» деген маған жақсы аты қалады, жора. Маған сол дабылы да болады. Енди өлтиреғойсан, ырзаман, — деп жалынады.

Темирий дәлилден утылып, қылышын қынаптан суўырып алып, Баҳадырдың геллесин қақты да алды. Баҳадырдың геллесин үстине қойды. Оның хеш нәрсесин алмады. Темирий атына қайта минип, изине қарай қайта берди.

Бир күнлери ханға келип:

— Ҳеш нәрсе де көрмедим, он алты күн бираз жерди шолып, жылқылардың да, урының да хеш дәрегин табалмадым, — деп жуўап берип, медресеге барып сабағын оқый берди.

Енди сөзди алдында кеткен еки батырдан еситиң.

Ханның еки батыры жылқылардың изин қуўып, тоғыз күнде бирқанша жерден айналып, жылқыдан дәрек таппай, сексеўилликти аралап киятырса, өлип атырған Баҳадырдың үстинен шығады. Буны көрип еки батыр ҳайран болып:

— Ҳаў, бизлер бул урыны таппай, сергизданымыз шығып жүрсек, буны биреў өлтирипти ғой, — деседи. Сөйтеди де, турған жерде булар ойласық салады. Сағыйдулла жолдасына:

— Бул батырды ким өлтирсе, ол өлтирсин. Геллесин найзаға илдирейик. Жаў-жарағын алайық, атын да қосарға қосайық. Ханға барып, «мине, мынаў урың, услап алып өлтирдик, мынаў оның басы, мынаў жаў-жарағы, мынаў аты» деп байрақ алайық, — дейди.

Бул сөз Әсметуллаға да мақул түседи. Сөйтип еки батыр Баҳадырдың жаў-жарағын, атын алып, басын найзаға қыстырып алып ханға келди. Хан урының өлгенин көрип ўақты хош болды. Журтын жыйнап, батырларының руўхын көтерип, еки батырға көп сыйлық берди ҳәм үлкен атаққа ийе етти.

Бул сөз бул жерде тура турсын. Ендиги сөзди Әмин ханнан еситиң.

Арадан бирнеше күн өткенде «Баҳадырды Бухардың батырлары услап алып өлтирипти» деген дабыл Хорезм журтына тарады. Бул сөзди еситкен Әмин хан бала-шағалары менен қапа болды. Сол ўақта Олжахан атасының алдына келип арыз етти:

— Ата, маған ақ пәтияңды бер. Мен Бухарға кетемен. Ағамды өлтирген палўанлар менен бир тәўекел етемен. Қолымнан келсе, ағамның қанын аламан, ал күшим жетпесе, соның қолында өлемен, — деди қыз.

— Айы жеткен айда өледи, күни жеткен күнде өледи дегендей, балам қазасы жеткен жерде өлген шығар. Ал, ендиги жағында сени көрип отырайын, қызым. Мениң қартайған ҳалым бар еди, сен сапарыңды қой, — деди атасы қызына.

Олжахан бул айтқанды ете қоймады. Оның күши ағасының күшинен зорлаў еди. Сонлықтан ол ағасын өлтирген душпанының қолында өлмей, я оны өлтирмей тынбаўға бел байлады. Қайсар қыз:

— Ата, маған руқсатыңды берсең де кетемен, бермесең де кетемен. Енди өмиримди ағамның жолында қурбан етемен. Мениң ағам менен жасасқан шәртим бар. Сол шәртимди орынлаўға бел байлайман, — деди.

Әмин қызына илажсыздан руқсат берди. Олжахан руқсат алып, шашын төбесине түйип, үстине жигиттиң кийимлерин кийип, өзиниң қыз екенин билдирмей Бухараға раўана болды. Бирнеше күн жолда жүрип, бир күни Бухара шәҳәрине үлкен жыйынның үстине жетип барды. Бул не жыйын деп қыз ҳәркимнен сорастырса, ханның еки батыры Хорезмниң атақлы батырын өлтирип, геллесин алып келип, хан соған үлкен той берип атырған жыйын екенин билди. Әне, қыз турған жерде ханның сарайына барып, оған арыз қылды:

— Мен Хорезмде Әмин хан дегенниң перзентимен. Мениң ағам Баҳадырды сизиң батырларыңыз услап алып өлтирген. Мениң мақсет-мурадым — сол ағамды өлтирген батырларыңыз бенен ушырасып, көзим менен көриў еди. Сиз әдил болсаңыз, сол батырларың менен мени гүрестириң. Жықсам, оларды өлтиремен, жығылсам, өлиўге қайылман, — дейди.

Хан бул сөзди еситип буған келисим береди де, қурдың ортасына еки батырын алып келеди. Сөйтип, Олжаханға қарап:

— Мине, ағаңның геллесин алып келген батырларым, — дейди хан.

Сонда Олжахан батырлардың түрине, сын-сымбатына қарап турып:

— Мениң ағамды өлтирген булар емес, Бахадыр бул қусағанлардан өлмейди. Тақсыр, ханым, сиз әдил болсаңыз, қол астыңыздағы аты шыққан палўан ҳәм батырларыңды жыйнаң, оларды мениң алдымнан бир қатар өткериң. Олардың ишинде ағамды өлтирген бар болса, өзим таўып аламан, — деди ханға.

Хан буған да келисим берип, қол астындағы аты шыққан батыр, палўанларды жыйнап Олжаханның алдынан өткерип турды. Адамлардың ең соңынан Темирий өтип баратыр еди, қыз оны шарппа услады. Сөйтип турып ханға:

— Мине, ағамды мына батырың өлтирген, — деди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Хан Темирийден:
— Қәне, Темирий, ырасыңды айт, Баҳадырды сен өлтирдиң бе? — сорады.
Темирий өтирик айтыўды өзине мүнәсип көрмей, «өлтирдим» деп жуўап берди. Қурда жыйналып турған журт буған тәсийин қалды. Сол ўақытта баяғы еки батырдың сөзи өтирик шығып, хан олардың қуры өли денени әкелгенин билип, еки батырды дарғазап етти. Дүньясын патшалыққа қалдырды.
Хан Темирий менен Олжаханды көпшиликтиң ортасында гүреске салды. Екеўи азаннан кешке дейин гүрести, бирақ жығылыса алмады. Ертеңине булар екеўи тағы гүрести. Бир күни Темирий Олжаханға басым келди. Сөйтип жүрип ақырында Темирий жықты. Қыз жығылған ўақта басына кийип жүрген телпеги жерге ушып түсти. Сол ўақта қыздың доланған шашы Темирийге көринип кетти. Енди ўәде бойынша Олжаханды өлтириўи керек еди. Бирақ, Темирий ол палўанның қыз екенин билип, оған турған жерде ашық болды. Олжахан да жығылған орнынан түргелип, үстиндеги жигиттиң кийимлерин шешип таслап, қыз қәддинде Темирийге сәлем берди.
— Жарайды, нағыз палўан сен екенсең. Мениң ағам зорына ушырап өлген екен. Ағамнан күшим бир ярым есе зыят еди, мени жықтың. Мен Баҳадырдың қарындасы Олжахан едим. Мениң бир шәртим бар еди: егер де ағам Баҳадырды жыққан болса, соған өзимди бағышлаў. Мине, сол шәртим орынланды. Енди мен сизикимен. Өлтиремен десең де, я ҳаяллыққа аламан десең де кейпиң гелленде. Сизге өзимди бағышладым, — деди қыз.
Бул сөз Темирийге әбден мақул түсти. Ашық болған палўанына қосылды. Сөйтип Олжахан гүрестен жығылып Темирий палўанға тийген екен. Хорезм журтынан өзине тең таппай, Бухараға келгени екен. «Мени жыққан адам маған күйеў бола алады» деп өзинше пишкен екен. Олжаханның кеўлиндеги мақсети орынланып, Темирий менен дәўран сүреди. Темирийдиң тоғыз ҳаялы болған. Оның үлкен ҳаялы усы Олжахан болған. Әне, соннан Улығбек деген туўылған екен. Ол да әкесине қусаған батыр, мәрт болып, елди әдил басқарыпты. Улығбек әскерий хызметке, халықтың турмыс дәрежесине қызығып ғана қалмастан, билим-илимге де дыққатты аўдарады. Сол тынымсыз мийнетлердиң нәтийжесинде халық абаданшылықта, молшылықта, тынышлықта жасаған екен.

## МЫРЗА БАТЫР
(Р-565, №176508)

Бурынғы өткен заманда Хожамурат деген дийқан адам жасап өтипти. Оның Мырза исмли жалғыз баласы болыпты. Баланың әкеси халқын азаплаған патшаға наразы екен. Күнлерден бир күни патша олардың аўылын шаўып, Мырзаның әкеси Хожамуратты да, анасы Арыўханды да наҳақ дарғазап еттирипти.
Жалғыз басы ғана қалған Мырза атасының ҳадал мийнети менен тапқан дүньясына ийелик етип, өзи де кәсип үйренеди. Мырзаның үйренген кәри шаштәрезлик екен. Усы өнерди өзине абзал билген Мырза бир күнлери сарайға патшаның алдына келип:
— Тақсыр, мен сизиң хызметиңизде ислесем, маған ҳақы бермей-ақ қойыңыз, тек үш мезгил ишип-жемегимди бердирип, тамағымды тоқ қылып қойсаңыз болды, — деп айтады.
Патша бул усынысты мақул көрип, Мырзаны өз хызметшиси етип алады. Мырза патшаның хызметинде болып, тахт ийесиниң исенимине әбден киреди. Ең соңында ол патшаның жеке шаштәрези болады. Сөйтип, тахт ийесиниң сақал-муртын қырып, шашын алып, хызметинде бола береди. Патша жарлық-буйрықты да Мырза арқалы жәриялаттыратуғын болады.
Бир күни Мырза патшаның сақалын қырып атырып:
— Ҳе, не-нелер еске түспейди, алмас нени кеспейди, ата-анамның қаны ушын, қайым келди кеңирдек, — деп, қолында ойнатқан пәкиси менен патшаның алқымынан бир-ақ тартады. Патша сол жерде жан тәслим етеди. Патшаны биржақлы еткеннен кейин қапыны беккем қулпырып, оның ўәзирлерине:
— Патшамыз үстине адам киргизбеўди буйырды. Он күнге шекем жекке қалып ислейтуғын ой жумысы бар екен, он күнге шекем патшаның жайына адам бармасын, — деп дағазалайды.
Усыны айтады да, бир илажын таўып сарайдан сытылып шығады ҳәм узақ-узақларға кетип ғайып болады. Ўәзирлер он күннен кейин патшаның өжиресине кирип барса, тахт ийесиниң узынына сулап, өлип атырғанын көреди.
Мырза бул ўақытта залым патшаның журтынан көшип кеткен ағайинлериниң арасына барып, сарай хызметкерлериниң дузағынан қутылған еди. Усылайынша ол халқын езген патшаның көзин жойып,ата-анасының кегин алыпты ҳәм оннан жәбир көрген журтлардың алғысына миясар болыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# БАЛА БАТЫР
(P-565,№176508)

Бурынғы өткен заманда бир дийқан болыпты.Дийқаннын жалғыз баласы болған екен.Ол он жасқа келгенде ата-анасы қайтыс болып,он жасар бала жетим қалады.Жетим бала ишерине ас,кийерине кийим таппай,жалаңаяқ,жалаңбас хәр жерде жүреди.Бир күнлери қуў тамағы ушын бир байға барып,оның қозыларын өргизип-бағыўшы қозыбағар болыўға соранады.Бай қайыл болады.

Бала сол байдың есигинде он сегиз жасына шейин шопан болып жүреди.Ол дәстиярлы ҳалға келгеннен кейин «мениң бул жүрисим калай болды,усылай шопан болыў менен өмирим өтер ме,буннан азамат болғанымнан не пайда?» деп өзинше ойланатуғын болады.Ақылласыўға адам таппай бир күни «ақылың жетпесе,шөгирмеңе ойлас» деген сөзди қыялына келтирип,қолындағы шопан таяғын жерге шаншып қойып,оның үстине шөгирмесин илдирип,баскийими менен ойласады.

Шөгирмеге ойласқан болып «Қой, мен бул жерден кетейин, медиресеге жетейин. Медиреседеги моллалардан саўатымды ашып,батыр болғым келетуғынын айтып,ойымдағы нийетимди билдирейин» деген шешимге келеди.Бала ебин таўып,байдан жуўап алып,«медиресе қайдасаң?» деп тартып отырады.

Медиресеге келген шопан бала даңмоллаларға өзиниң ҳал-жағдайын түсиндирип болып, өзиниң илим-билим ийелеўди арзыў ететуғынын ҳәм ел-журтқа белли батыр болғысы келетуғынын жасырмай айтыпты.Даңмоллалар баланың минез-қулқын сынап,оны оқытыўға алып қалыпты.

Арадан бирнеше айлар өткеннен кейин шынында баланың зийреклиги сезилип,билим дәрежеси кем-кемнен арта берипти.Буны аңлаған даңмоллалар «Бул бала мына барысынан бизден озып кетер,түбинде бизлерге жақсылық алып бермес,буны қайымын таўып,қайтып келмейтуғын жақларға жиберейик» деп ойласыпты.Ойласық соңынан олар баланы шақырып алып,талабанның келген күни аўзынан шыққан «билимли болғым келеди, батыр болым келеди» деген сөзин қайталап айтып берипти ҳәм соған сай өзлериниң бир қарарға келгенин билдирипти.Оның белине «Бала батыр» деп жазылған кәмар тағыпты. Балаға:

— Сизди басқа бир елге саяхатшы батыр етип жиберемиз,сиз соған барасыз,— депти.

Бала моллалардың ҳийлесин билмей:

— Таў қопар десеңиз,таў қопарайын,айтқан жериңизге барайын,— депти.

Даңмоллалар айтып отырған жердеги патшалықта басқа бир патшалық пенен маўасасыз урыс жүрип атырған екен.Оның үстине,бир жолбарыс оларға күн бермей,тез-тез ҳүжимге өтип турады екен.

Бала сол кетиўден кетип,сол айтқан жерге барып жетипти.Барған ўақытында патшаның сарайының алдында турған жәллатлар баланың түр-түсине қарап:

— Нағып ылағып жүрген баласаң,патшаның алдына сендей адамлар барыўға болмайды,— деп қуўып жибереди.

— Қалай да мени сол патшаның алдына апарың,— деп ол ҳәр күни арыз етип келе берипти.

Тағы келип турғанында,жәллатлардың биреўи баланы тутып алып,қолын артына байлап,патшаның алдына апарыпты. Патша келген баланың аяғынан басына шейин қарап турып, баланың белиндеги алтын кәмарға көзи түсипти.Кәмардағы алтын сыя менен жазылған «Бала батыр» деген жазыўды оқып көрип,жәллатларына:

— Бул баланы моншаға апар жуўындырың, сарайдан ҳасыл кийимлер менен кийиндириң, бир ай бағың,соннан кейин мениң алдыма алып келиң,— деп буйырады.

Олар бәрин патша айтқаншелли етип бәржай қылады. Бир ай анық бағады, бала да пайызлы дем алады.Мүддетли күни азанда баланы патшаның алдына алып келеди.Патша балаға қарап турып:

— Қәнекей,балақай,сен батыр екенсең.Ал бизиң журтымызда еки түрли урыс баратыр.Биреўи — жолбарыс пенен шайқас,екиншиси — иргелес дәўлет пенен жүрип атырған саўаш.Қайсысына барасаң? Саған қандайын қарыў-жарақ керек? — деди.— Егер усы жаўдың биреўин жеңип,биреўин жеңе алмасаң, өзиңниң басыңды аламан. Еки жаўды да жеңсең, өз қызымды некелеп беремен ҳәм бу патшалыққа әскербасы боласаң,— деп шәрт қояды.

Бала ойланып турып,патшаға қарап тил қатты:

— Патшайым,бир аўыз сөзим бар.Руқсат әйлесеңиз,айтайын — деди.Патша руқсат етти.

— Онда сол еки жаўыңыздың ең қәўиплиси қайсысы? Әдеп сол қәўиплисинен баслайын,— деди бала.Патша тыңлап болып:

— Биз ҳәзир сол жолбарысқа жемликке мезгилине бир адамнан берип турмыз,болмаса қояжақ емес, алды менен сол жолбарысқа барыўыңды мәсләҳәт етер едим,— депти патша.

— Олай болса,маған бир айбалта бериңиз ҳәм жолбарыстың мәнзилин көрсетип жибериңиз,ҳәзирден баслап-ақ жолбарысқа атлана берейин,— дейди бала.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Патша баланың қасына бир адам қосып, баланы жолбарыстың хәр мезгилде жемтик ушын келетуғын байтеректиң қасына апарыўын тапсырады. Ол баланы байтеректиң жанына әкелип, өзи кери қарай қайтып кетеди. Бала сол жерде түске шекем турады. Келетуғын жолбарыс жоқ. Баланың әбден уйқысы келеди. Ол «саяда уйқыласам, жолбарыс жеп қояр» деп ойланып турады да, жоқары қараса, байтеректиң басында қарақус салған гөне уяны көреди. Қуўанғанынан байтеректиң басындағы уяға өрмелеп шығады да хәпзаматта-ақ уйқылап қалады.

Бир ўақытта жолбарыс келип қараса, күндеги ўәдели жерде адам жоқ. Қарны аш жолбарыс қәхәрленип жән-жаққа қарайды, хеш жерде дыбыс жоқ. Сөйтип турса, байтеректиң басында жатқан адамның қурылдысын еситеди. Дәрриў терекке өрмелеп барып баланың бетинен тислейжақ болғанда, жолбарыстың аўзынан бурын сояўдай-сояўдай мурты баланың бетине тийип кетип, ол бирден шоршып оянады хәм «ха-аа» деп қулашын сермеп жибергенде, жанайбат пенен силтенген қол оған қатты соққы болып, аңсыз турған хайўан байтеректиң басынан бар салмағы менен ентериле қулап түседи.

Бала жерге қараса, жолбарыстың аўзынан қан кетип өлип қалыпты. Ол жерге секирип түсип жолбарыстың маңлайына айбалта менен бир урады да, оның үстине минип отыра береди. Түс аўа баланың халын билиў ушын патшадан адам келеди. Ол адам келип көрсе, бала жолбарыстың басын жарып, үстинде отырған екен. Қуўанып кетип, баланы қол ушында тикке көтереди. Жолбарысты баланың алдына өңгерип, алып келеди. Күтилмеген жеңис патшаны да, халықты да қуўанышқа бөлейди. Патша қуўанғанынан жети күн той берип, жети күн ойын қурады.

Бала саррас бир ай дем алғаннан кейин патшаның алдына келип:

— Енди бизге бир тулпар ат пенен жаў-жарақ бериңиз. Мен төбеңизден дөнип келип турған жаўыңызға атланаман, — депти.

Патша бәрин тайын етипти. Жас батырға қолға жаңа үйретилген тулпарды әкелип тартыпты. Бала бурын ат минип көрмеген екен. Ол тулпарға миниў бойына бир қамшы урып еди, бурын етине шыбық тийип көрмеген жәниўар бирден шапшып кетип, жан-жаққа таралып өскен жийдениң үсти менен туўра тартты. Кең жайылып өскен жийдениң шақасы ердиң басына илинип қалып, булар жийдени түбир-шүбири менен қопарып алып, сүйрей жөнелипти. Алдын жолбарысты мерт еткен баланың даңқын еситкен жаўлар, енди отаўдай бирнәрсени сыпыра сүйреп, тулпары менен ала-қуйын етип шаўып киятырғанын көрип зәррелери ушады. Әскербасылары болса:

— Бул бала анаў затының бир жағынан услап бир сермесе болғаны, бәримиз де тегис қырылып қаламыз. Қәне, хәммең қол көтериң, бағынайық, — деп бақырыпты.

Оны көрген Бала батыр бағынғанлығын қабыл етип, жаўды тыншытып, патшаға жеңис пенен қайтып барады.

Патша оның шынында да «Бала батыр» екенине әмин болып, қырық күн той, қырық ойын жасап, оған өз қызын некелеп береди. Тилеги қабыл болған Бала батыр аўыл-аймағына да барып той береди хәм мақсет-муратына жетеди.

## АЛАТАЙ БАТЫР

(Р-63, №34661)

Бир бар екен, бир жоқ екен. Бурынғы өткен заманда бир адам жасапты. Оның үш баласы бар екен. Сол адам аўырып, өлер алдында үш баласын шақырып алып:

— Ал, балларым, сонша жыл жасадым, дүньядан әрмансыз өтермен, бирақ, сизлерден бир тилегим бар, мен өлеғойсам, қалай көмесиз? — дейди.

— Ата, сиз өлеғойсаңыз, мал семизин сойдырып, халықты жыйнап, хешқандай кемиссиз етип жайғастыраман, — депти үлкен баласы.

Ортаншысы да үлкенинин айтқанын қайталайды. Енди киши баласынан сорады.

— Ата, сизиң өлиўиңизди мен қәлемеймен. Сизиң өлгениңизди көргим де келмейди, — дейди генжетайы.

Оның бул гәпине толық түсинбеген ағалары:

— Муштай болып айтқан гәпине қара, атаны жайғастырыў хәрбир перзенттиң ўазыйпасы ғой, — деди ашыўланып.

Буны қулағы аўырлаў еситип отырған атасы оншелли түсинбейди. Еки үлкен баласы кишкенесиниң гәпин бурмалап, «сизди жерлемеймен деп атыр» деп жеткереди оған. Буны шала еситкен атасы еки үлкен баласына дүньяны бөлип берип, киши баласына хешнәрсе атамайды. Солай етип жүргенде атасы

www.ziyouz.com kutubxonasi

дуньядан өтеди. Еки үлкен баласы қандай болмасын бир нәрсени сылтаў етип, буннан хабарсыздай болып, атасының намазына келмей қалады. Енши алмаған киши баласы қарызланып, «өлимнен уят күшли» деп, атасын жайғастырады. Күнлерден бир күни генже бала еки ағасына барып:

— Сизлер маған саўыўға сыйыр, миниўге ат бериң, — дейди.

Ортаншы ағасы:

— Атаң бермегенде мен беремен бе? — деди.

Үлкен ағасы бир жаман қотыр ала тайын берди. Кишкене иниси сол ала тайын бағып жүре берди. Жигитке бир ала тай не болады, ала тайды ағасының жылқысына қосып, өзи басқа бир жаққа талап ислеўге кетти. Бирнеше күн жол жүрип, бир орында тоқтап дем алыўға жатып уйқылады. Түсинде ала тайын хәрким минип, арқасын жаўыр, қулағын саўыр қылып таслапты. Оянып «усы жақта ала тайдан артық хешнәрсе болмас» деп қайта елине келди. Және бирнеше күн жүрип, тағы кетти. Неше күн жол жүргеннен кейин бир жерде тигиўли турған ақтан жапқан үйди көрди. Сол үйге ашлықтан барыўға туўра келди. «Ассалаўма-әлейкүм» деп бала ишке кирип барды. «Ҳоп» деп бир соқыр дәў баланы үш мәрте жутып, үш мәрте шығарып таслады. Оннан кейин:

— Ўәлейкүм әссалам, — деп сәлемин әлик алды.

— Балам, неғылып жүрген баласаң? — деп сорады соқыр дәў.

— Мен ата-анам жоқ, жүрген жетиммен, улсызға ул, қызсызға қыз боламан, — деди бала.

— Мениң улым да, қызым да жоқ. Маған перзент бол, алладан сораған алатайым болып қал.

— Яқшы, — деп бала сол үйде жүре берди. Таўдан қулан-кийик атып, атасын асырап жүре берди.

Күнлерден бир күн соқыр дәў:

— Балам, мынаў күнбатыстағы таўдан өтип жүрме, — деп зинхарлады.

— Яқшы, ата, — деп Алатай аталған бала жуўап берди.

Арадан бир неше күн өтти. Бул таўдың арғы жағында не бар екен? Не болса да көрейин, — деп бала қыял сүрди де, таўдан өтти. Қараса, үш отаў қатара тигиўли турған екен. Әсте-ақырын жүрип, күншығар беттеги үйге барды. Барса, ай десе аўзы бар, күн десе көзи бар бир келиншек отырған екен. Сол ўақта келиншек:

— Бул жерге қус келсе, қанаты күйеди, ат келсе, туяғы күйеди. Мына дәўдиң қазанындағы қайнап турған баспақлы сыйырдың гөшин тойғанынша же де, кет. Дәўдиң келер жолы мынаў, кетер жолы мынаў, — деди.

Бала қолын сыбанып, гөштен алып жеп, toймай қалды. Және дәўдиң келер жолына кетти. Бир ўақлары қусы үркип, ийти қаңсылап, аты жүрмей турған дәўди көрди. Сол ўақытта дәў:

— Бул жерге Соқыр дәўдиң баласы Алатай батыр келди ме? — деди бақырып.

— Келсе, келместей жер ме? Жүрсе, жүрместей жер ме? Атыспақ керек пе, шабыспақ керек пе? — деди бала.

— Атыспақ атаңның басына, — деди дәў.

Екеўи сол жерде алысып, ақыры бала дәўди жығып, басын кесип алды. Бала ортадағы үйге де барды. Бунда да ай десе аўзы бар, күн десе көзи бар, бир келиншек отыр.

— Әй, бала, бул жер қәўипли жер, дәўдиң жайы, мына дәўдиң аўқатынан иш те, кет. Келер ўағы болды.

Қараса, қазанда қулынлы бийе қайнап тур екен. Бала буны жеп таўысты. Дәўдиң келер жолын келиншектен сорады. «Келер жолы мынаў» деп келиншек жуўап берди. Бала дәўдиң келер жолында жата берди. Бир ўақлары қусы үркип, ийти қаңсылап аты жүрмей киятырған дәўди көрди. Сол ўақта бала:

— Атыспақ керек пе, шабыспақ керек пе? — деп алдынан шықты.

— Атыспақ атаңның басына, алыспақ керек, — деди дәў.

Олар екеўи алысып, бала буны да жығып өлтирди. Тағы үшинши үйге барды. Бунда да ай десе аўзы, күн десе көзи бар келиншек отыр екен.

— Әй, бала, қайдан келдиң? Бул жерге адам келсе болмайтуғын жер еди. Кетип баратырғанда анаў еки келиншек те келди. Ал, келиншек үшеў болды.

— Сен неғып жүрген баласаң? Күнде келесең. Ким боласаң? — деди келиншек.

— Мен мына таўдың аржағындағы Соқыр дәўдиң баласы Алатай батырман, — деди бала.

Үш келиншек баланы аймалап сүйип таслады.

— Сизлер мени не ушын сүйесиз? — деп бала қолайсызланды.

— Бизлер соқыр дәўдиң қызларымыз. Усы үш дәў атамның көзлерин ойып алып, бизлерди алып кетти, — деди келиншеклер.

Әне дәўдиң «усы таўдан өтпе» деген сөзи ядына түсти. Үш келиншектиң үлкени былай деди:

— Бул дәў зор, күшли. Оны жыға алмассаң. Бизлер көмек беремиз.

Ал,бул дәўдиң сыбағасы — тайлақлы түйе қазанда қайнап тур.Бала қазан басына отырып аўқатты

www.ziyouz.com kutubxonasi

жей баслады. Қызлар «бол-ха-бол»ды салғаннан кейин кетер болды. Әлҳасыл бир табақ сорпа қалды. Жүрди, барды. Дәўдиң келер жолында жатты. Бул дәўдиң қусы үркпеди, ийти қансыламады, өтип баратыр еди.

— Ҳей, заңғар, мен сени неше күннен бери тилеп жатырман. Атыспақ керек пе, алыспақ керек пе? — деди.

— Нәлет жаўғырдын баласы! Урымысаң, шайтанбысаң? Неғып жүрсеӊ? Атыспақ алты атаңның басына! Алыспақ керек, — деп екеўи аласып кетти.

Алатайды арман-берман тартқанда бала дәўге шыдамай, аўзынан жентек-жентек қан таслады. Әне, усы алысыў он жети күнге созылды. Баланы дәў де жыға алмады. Дәўди бала да жыға алмады. Ал, үш келиншек буларды бақлап қарап тур еди. Булардың жығыса алмайтуғынын билип, үшеўи үш қап тары алып келип, дәўдиң аяғынын астына төгип таслады. Дәў тайып кетип аспаннан түсти. Бала үстине минип отырып:

— Мен Соқыр дәўдиң баласыман. Атамның көзлерин ойып, апаларымды алып кетипсиз. Сол ушын еки ағанды өлтирдим. Енди сени өлтиремен, — деп қанжарды қолға алды.

Сол ўақта дәў:

— Атаңыздың көзин берейин, мени өлтирме, — деди өтинип.

— Атамның көзлери қайда? — деди Алатай батыр.

— Үйде бир арша бар, соның ишинде жети арша бар, оң көзи ақ шүберекте, сол көзи көк шүберекте, — деди дәў.

— Оның еми не? — деди бала.

— Оң көзине ақ гәўҳардың нуры, сол көзине көк гәўҳардың нуры ем болады, — деди дәў.

— Дүнья-маллар қайда? — деди бала.

— Көринген таўдың қасында қақпақ тас бар, сол қақпақты ашсаңыз, соның ишинде, — деди дәў.

Бала босатқанда дәў және ҳүжим етпекши болды. Бала алмас қылышы менен дәўдиң басын шаўып жиберди. Әне, үш дәўди де өлтирип, сол қақпақ тасты ашып, қамап қойған адамларды өз журтына босатып жиберди. Түйесин, басқа малларын шығарып, дәўдиң байлығын алып алды. Малдан кейни шаңға толып, әжапаларын алып үйине қайтты. Жолда қиятырып атасының көзиниң еми ақ, көк гәўҳарларды услады. Үйге жақынлағанда апаларынан тез жүрип кетиўге руқсат сорады.

— Атамды қуўандыраман, — деп бурын озып кетти.

Ол атасына сәлем берди. Атасы «баладан айырылып қалдым» деп жылап отыр екен. Бала атасының көзин емледи. Атасы баласын көрди.

— Сизиң барма деген жериңизге барып, үш дәўди өлтирдим, апаларым ҳәзир келеди, — деп айтып болмай-ақ дәўдиң қызлары келди. Булар жыласып-сықласып, маўықларын басты. Қулласы, неше күн, неше ай өтти. Жигиттиң ядына туўған ели түсти. Туўған жерине барып келиўге руқсат сорады. Дәў көп ойланып отырып, ақыры руқсат берди.

— Балам, мына маллардан алып кет, — деди.

— Маған мал керек емес, — деди бала муңайып.

Дәўдиң қызлары атасына:

— Бизге душпан болған үш дәўди өлтирдим деп айтып келгенде сүйинши бердиңиз бе? — деди.

— Яқ, бермедим, — деди дәў.

— Онда бериң, ата, — деди бир қызы.

— Яқшы, — деп баланы дәў жутып қойды.

Бул үш қыз алқымынан алып келип қалды.

— Тасла, тасла, — деди қызлары қорқып.

Атасы таслады. Қызлары ҳайран болып:

— Бул не қылғаныңыз? — деди.

— Не қылдым? Өзлериңиз сүйинши бер дейсиз, берсем, усындай қыласыз, — деди дәў.

— Сүйинши усындай бола ма екен? — деди қызлары.

— Аўа, усындай болады. Балам, силкин, — деди дәў.

Баласы силкинди, ҳәр силкинген сайын ҳәр түрли қус болды.

— Ал, балам, түрли өнер ҳәм батырлық сенде бар. Ҳеш ўақытта ғарры болмайсаң. Саған руқсат, балам, туўған елиңе барып, тез кел, — деди дәў.

Алатай батыр атасынан, әжапаларынан руқсат алып, силкинип қаршыға болып өз туўған елине келди.

Сол елдиң патшасы:

— Пәлен елди шабамыз, соған он сегиз жастан қырық жас арасындағы ер адамлар таяр боласыз, таяр болмасаңыз өзлериңиз өлимдар, малларыңыз патшалық, — деп буйрық берди.

Әне, усы қатарға Алатай батыр да илинди. Патшаның жаўынгерлери жәм болды. Дабыл қақтырып патша

www.ziyouz.com kutubxonasi

жүрип кетти. Қулласы, тоқсан күн жол жүрди. Үлкен бир дәрьяға келип жетти. Патша жылда усы дәрьяға келер еди. Өткел таўдан өте алмай қайтар еди. Бир күни патша усы дәрьяның бойында жар урғызды:

— Мениң үйимде алмас қылышым қалыпты. Соны бир түнде алып келип бергенге қызымды ҳәм ат басындай алтын беремен.

Әне, буны еситкен батыр ала тайын шетирекке байлап, бир баў пишен салып, силкинип қаршыға болып ушып кетти. Патшаның үйине келди. Қызы шашын жуўып атырған екен. Сол қызға атасының дәрья бойында шақырткан жардың мазмунын айтты. Сонда патшаның қызы:

—Тоқсан күнлик жерден бир түнде келгендей сизде қандай өнер бар? — деп сорады.

Сол ўақта жигит дүньяда қандай қус болса, барлығына айланып берди. Ҳәр қус болған сайын қанатының ушынан қыйып алып бир арша толтырды. Сөйтип болып, жигиттиң қолына алмас қылышты берди. Сол қылышты алып келип қылышты астына басып, урыс майданына жетип, ала тайдың қасында уйқылап қалды.

Уйқылап қалғанларды оятып жүрген адамы бар еди. Мына қылышты танып, билдирмей урлап алып, патшаға берди. Әне, сөйтип бул жигит патшаның күйеўи болып жәрияланды. Азанда Алатай батыр оянса, қылыш урланған екен. Патшаның күйеўи басқа ҳешнәрсе менен иси болмады. Сол жерден патшаның бағының қасынан «ғақ» деп ғарға болып ушып, дәрьяның арғы жағында бир байдың арбасына минип, «ғақ-ғақ» деп бақыра берди. Сол ўақта байдың қызы:

— Ата, ғарға шақырып тур, бул жаў усы дәрьядан өтсе қалай болады? — деди. — Сондай болған ўақта мениң қызыл шыбығым бар, бул кәраматлы малды жыйнап, оларды шыбық пенен урсам болды, қумалақ болады да қалады. Кемпир қотыр ешек болады, мен қотыр тайлақ, сен тутқыш, келин кели, бала келсап болады. Оны ким алсын?

— Онда дәрьяның өткели сирә бар ма?

— Анаў көринген ағаштың қубла түбинде билген адамға арбажолдай ғана жол бар.

Бай соны ислеп, ҳәммеси айтқанындай болды. Буларды толық еситип, ала ғарға ушып адам кейпине кирди. Буны ҳеш ким билген жоқ. Алатай батыр атын жетелеп, ағаш қасындағы жол менен дәрьядан өтип кетти. Буны көрип ҳәмме өтти. Алатай батыр барды да малдың тезегин, кели-келсап, тутқыш, қотыр ешек, қотыр тайлақты, кәраматлы шыбықты алып, ертеден қайта берди.

Қулласы, елге ерте келгенлерден ағалары:

— Бизиң Алатай не алып киятыр? — деди.

— Олжасы — малдың тезеги!

— Бул жаманға соның ушын да атам пақыр билип енши берген жоқ еди, — деди ортаншы ағасы күлип.

Алатай батыр аман-саў елге келди, хәр малдың тезегин айырып төкти. Кәраматлы шыбық пенен урып еди, дүнья жүзи мал болып кетти. Бул малларды ғәрип-қәсерлерге бөлип берди. Тутқышқа урды, қыз болды, бул қызды өзиниң сүйгенине берди.

Алатай батыр усылай ҳәлекленип жүргенде патша баяғы қызын узатпақшы болып еди. Қызы:

— Қылышты алып кеткен бул жигит емес, басқа, буған бармайман. Өзиңнин қол астында атланысқа барған адамларды жыйнап алдымнан өткер, өзим таныйман, — деди қыз атасына.

Патша ойланып, оны тыңлап, атланысқа барғанларды жыйнап, қыздың алдынан өткерди.

Қыз баяғы күйеў балаға:

— Сен тоқсан күнлик жолдан өтип келе алмайсаң, уры! — деди.

Басқалар да өтти. Солай етип, қылышты алып кеткен адам табылмады. Патша көпшиликке қарап:

— Енди ким қалды? — деди.

Сонда көпшиликтиң арасынан биреўи:

— Баяғы дәрьядан бурын өткен адам қалды, — деди.

— Жәллат, сол адамды алып келиң! — деди.

Оны тез арада алып келди.

Қыз турып Алатай батырға «түрлен» деди. Көпшилик алдында Алатай батыр елп еткен қустың бәри болып берди. Сол ўақта қыз қылышты алып:

— Кеткен жигит усы, инанбасаңыз, хәр қус болған сайын қанатынан кесип алғаным мынаў, — деп, бир арша толған пәрди шашып жиберди.

Патша көпшиликке қарап:

— Қайсысы дурыс? — деп сорады.

Сонда көпшилик:

— Сизге қылыш берген адам — уры, дурысы усы, — деди.

Солай етип, Алатай батыр патшаның күйеўи болды.

Ендиги гәпти Алатай батырдың туўысқан ағаларынан еситиң.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бул жаўдан мал алып келди. Оны ыслығы артына толған жарлыға берди. Бизге бергени бир қыз, өзи ханның қызын алды, бизди қорлады, усы жүрген, мал берген, ыслығы артына тығылған жарлылар қурақым бизлерди көрмеди, — деп, ортаншы ағасы қолынан келсе Алатай батыр инисин өлтириўди ойлады.

Алатай батыр баяғы қотыр тайлақ, қотыр ешекли келсапты кәраматлы қылыш шыбық пенен адам кебине келтирди. Көп мал берип, мақсет-муратына жеткерип қойды.

Әне, күнлерден бир күн ортаншы ағасы Алатайды өлтириўди ойлап, есигине алмас қылыш байлап, түнде:

— Ал, Алатай, жаў келди! — деп, үйди айландырып, жаў жоқ жерден жаў таўып, жылқыларды қуўа берди.

«Батыр аңқаў, ер гөдек» дегендей, Алатай тура жуўырып еди, еки аяғын алмас қылыш кесип түсти. Әне, еси аўып сол жерде қалды.

Ағалары инисин журтқа таслап, мал-мүлкин, бала-шағасын түни менен айдап, басқа бир патшалыққа көшип кетти.

Алатай батыр есин жыйнап қараса, журтта қалғанын билди. Аяғы жоқ, патшаға барыўға арланып, басының аўған жағына қаршыға болып ушып, бир таўға барып қонды. Солай етип, күн көрип жасай берди.

Күнлерден бир күн еки қолы жоқ адам кийиклерди қуўып услап, емип жүргенин көрди. Сол адамды шақырды.

— Танысайық, жора, қолына не болған? — деп сорады.

— Мен дүньяның искери  хәм халықтың шебери едим. Аға-иним жаманлық етип, еки қолымды кесип алды, — деп жуўап берди.

— Жора, биз де тап өзиңдей, — деп бул да жуўап берди.

Екеўи дос болып күн көрип жүре берди. Бир күни Алатай:

— Аға, бир адам таў арасында жүр, көзи соқыр болыўы керек. Оны да барып алып келейик. Биздей ғәрип шығар, — деди.

Барып алып келди, әне, үшеў болды. Булар да халық болып отыра берди. Күнлерден бир күн Алатай жолдасларына:

— Көз ушымызда бир боз атлы кетип баратыр. Соны шақырып келейин бе? — деди.

— Бар да, шақыр, — деди жолдаслары.

Барды да шақырып келди. Бул атлы турып:

— Пәлен патшаның қызын пәлен патшаның баласына узатайын деп атыр еди. Соның тойына баратыр едим, — деди.

— Олай болса, бизлер де барамыз, патшаға айтып бар, бизлерге де қоныкжай берсин, — деди Алатай.

Бир күни баяғы той болатуғын күн болды. Соқырды минип, шолақты жетелеп, Алатай батыр патшаның тойына барды. Олар барыўдан патша үй, қоныкжай берди. Тойпайын да берди. Ертеңине патша жар урғызды:

— Кимде ким алтын қабақты атып түсирсе, байрағына ат басындай алтын алады!

Әне, Алатай патшаға қарап:

— Тақсыр, маған алтын қабақты атыўға руқсат етиўиңизди сорайман, — деди.

Патша Алатайдың атыўына руқсат етти. Батыр қолына сарыжай алып, алтын қабақты атып түсирип, бас байрақты қолға киргизди.

Ертеңине азанда патша тағы жар салды:

— Кимде ким палўаны болса, палўанын шығарсын!

Бул сөзди еситип, Алатай соқыр палўанды ортаға шығарып, ханның палўаны менен шығыўын сорады. Солай етип, соқыр палўан ханның палўанын жығып, бас байрақты алды.

Ертеңине атлар бәйгиси болды. Алатай шолақты таярлады. Азанда атлар қатарында шолақ ортадан өтти.

— Хаў, конақ, мынаў қандай адам? Ат пенен қалай жарысады? — деп халық күлди.

Патша турып:

— Шолақ кете берсин, өзи шаршап қалады, бара берсин, қайта бизлерге де жақсы, — деди мәс болып.

Атларға қосылып шолақ та кетти. Атқа шығарда сол жерге барды. Шолақ айдаўшыға:

— Атларды қашыра бер. Мен усы жерде дем аламан, — деп сол жерде қалды.

Айдаўшы атларды қашырды. Арадан көп ўақыт өткен соң Шолақ кеткен атларды қуўды. Демде-ақ атларды қуўып жетти. Оның менен турмай атшабар балалардың басқийимлерин басынан түсирип кетти. Шолақ барлық атлардан озып келди. Алатай хан алдына барып байрағын сорады.

Ханның қасындағы адамлар турып:

— Бул мүмкин емес! Себеби,аттан жаяў озып келиў қыйын ис,— дести.

Сонда патша:

— Атларды айдаған айдаўшы келсин,— деди.

Айдаўшы келди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Аттан жаяў адамның озыўы мүмкин бе? Бул қалай, ырас па? — деп патша айдаўшыдан сорады.
Айдаўшы турып:
— Аттан да жүйрик екен. Олар озды, дурыс, байрағын бериў керек, — деди.
Әне, атбайрақты бул да алды. Той тарады. Қызды арбаға мингизип узатты. Әне, Алатай соқырды минип, шолақты ертип, ханның қызынан орамал сорады. Олардың сораўына муўапық қыз жеңгеси орамал түйип берди.
Сонда Алатай:
— Келиншек, орамалды сизден сорағанымыз жоқ, ханның қызынан сорадық, өзи берсин, — деди.
Патшаның қызы орамалды жеңгесиниң қолынан алып, берип атырғанда қыздың қолынан услап, мойнына қағып салды. Булар көзден ғайып болды. Баяғы таў арасындағы өзлериниң жайына алып келди. Бул жайға алып келиў менен үшеўиниң арасында талас кетти. Көп ойланып олар мынадай тоқтамға келди:
— Бул қыз үшеўимизге қыяметлик қарындас болсын.
Солай етип, бул қыз буларға қыяметлик қарындас болды.
Күнлерден бир күн бул үшеўи:
— Бул қарындасымыз неге бирден азып кетти? — деп таң қалысты. Бунық себебин қыздан сорады.
— Күнде сизлер аңға кеткенде бир кемпир келип, «басымның бийтин қара» деп басын қаратады. Кетерде саныма биз суғады. Қанымды жалайды. Мениң азып жүриўим усы, — деди қыз.
Үшеўи ойласып, кемпирди услаўға ўәделести. Әне, бүгин кемпирди услап алыўға Соқыр палўан қалды. Бир ўақта кемпир келип:
— Қызым, басымды қара, — деди.
Үйде жасырынып отырған соқыр палўан:
— Басыңды мен қарайман, — деди.
Кемпир келип, қармаланып жүрген соқыр палўанды көтерип урып, арқан менен байлап таслады. Кемпир күндегидей әдети бойынша ислерин ислеп кетти. Булар келсе, соқыр байланып қалыпты.
— Ал, енди ертең мен қаламан, — деп Шолақ ўәде берди.
Ертеңине Шолақ қалды. Кемпир келип:
— Қызым, — деп даўыслап келгенде, үйде отырған Шолақты көрди.
Кемпир келди, Шолақ тепсинип аяғын көтергенде кемпир аяғынан көтерип жиберип Шолақты да жығып байлап таслады. Кемпир күндеги әдети бойынша кетти. Булар келсе, Шолақ та байланып қалыпты. Ал, енди гезек Алатайға келди.
Ертеңине Алатай қалды. Күндегише кемпир «қызым, басымды қара» деди. Алатай жасырынып турған еди. Дәрхал шығып, кемпирди жағадан услап, жерге таўлап урып, байлап таслады. Барлығы кеште жәм болды. Кемпирди көрди. Алатай кемпирди өлтириўге қолайлады. Сонда кемпир:
— Мени өлтирмен, мен етсизге ет, қолсызға қол, көзсизге көз, аяқсызға аяқ боламан, — деди.
— Ондай болса, мына қызға ет бол, — деди.
— Ҳоп! — деп кемпир қызды жутып таслады.
Қыз бурынғыдай етли болып шықты.
— Жут Шолақты, — деди Алатай батыр.
Шолақ қоллы болды.
— Жут Соқырды, — деди.
Соқыр көзли болды. Енди, Алатай жолдасларына:
— Таяр турың! Кемпир мени жутып тасламайды, сонда жарып алың, — деди.
Кемпир Алатайды да жутты.
— Шығарып тасла, — деди олар.
Кемпир тасламады. Оннан кейин қолы шаққан Соқыр палўан кемпирди шаўып, ишин жарып Алатайды алды. Батыр аяқсыз еди, аяқлы болды. Әне, булар усылай адам қатарына қосылды.
Енди олар ойласып:
— Усы қызды қутлы жайына қондырыў керек, — деп, бул қызды узатылған жерине алып кетти. Барып күйеў балаға:
— Мынаў келиншегиң. Тойды бузған биз айыплы. Кешириң! Алып барып қыяметлик қарындас етип сақладық. Ҳешбир ҳазар бергенимиз жоқ. Мынаў ҳаялың, алмасаң сиз бенен де көрермиз, — деди.
Олар ойласып, кеңесип қайтып келди. Еки жақты шақырып, уллы той берип, баяғыдай етип еки жасты мақсет-муратына жеткерип, енди булар өз душпанларына кетти. Ал, енди ойласып биринши Шолақтың, екинши Соқырдың, үшинши Алатайдың душпанын излеў болды. Әне, булар Шолақтың жаманлық еткен аға-инисине барды. Оларды услап алып, патшаның алдына алып барды. Шолақ бастан

www.ziyouz.com kutubxonasi

аяқ ағаларының жаманлығын баян етти. Патша турып:

— Қәне, ырас па? — деп сорады.

Олар «ырас еди» деп жуўап берди. Патша буларға өлим жазасын берди. Сол ўақта Алатай патшаға арыз етти:

— Буларды дарға асып, қанын мойынға жүклемеңиз. Ортаға табаққа сүт қуйып қойсақ, булар аспанға оқ атсын, кимниң оғы сүтке түссе, сол адам сүтиндей ҳақ.

Әне, усы патшаға мақул болып, ортаға бир табақ сүт қойды. Өз тилеги бойынша алды менен Шолақ тик аспанға оқ атты. Қойып келип табақтағы сүтке түсти. Ал, ағалары да тик аспанға оқ атты. Қайтып келип ағаларының тас төбесинен тийип май табанынан шықты. Әне, булар өз оғы менен өзи өлди. Соқырдың аға-инисин услап алып, оларды да патшаға алып келип, өз оғы менен өзлерин өлтирди.

Алатайдың тутынған атасы келип патшаға арзын айтты. Патша баласы келген соң қуўанып жолдасларын жыйнап, той берип қайда жүргенлигин ҳәм қызын сорады. Сол ўақта Алатай басынан өткенлерди бастан-аяқ баянлады. Сол ўақта патша ашыўланып:

— Жәллат! — деп шақырды.

Жәллат келди Патша жәллатқа:

— Алатайдың ағаларын аспанның астында, жердиң үстинде болса да таўып келесиз, — деп буйырды.

Әне, бул залымлар басқа патшалыққа өтип кеткен екен. Оларды таўып алып келди. Буны да ортаға сүт қойып, алды менен Алатай аспанға оқ атты, оғы сүтке түсти. Ағалары өз оғы менен өлди. Солай етип, үш дос өз еллерине кетти. Алатай батыр бала-шағасына қосылып, мақсет-муратына жетеди.

Күнлерде бир күн Алатай төсекте жатып аҳ урды. Ҳаялы бул жағдайды таң алдында үҳлеўдиң мәнисине түсинбей өз анасына айтты. Анасы турып:

— Аҳ урыўдың мәниси бар шығар? — деп, патшаға айтты.

Патша турып:

— Балам, Алатай, сен неге буншелли қапасаң? Бул қалай болғаны? — деди.

— Ата, руқсат етиңиз, ол былай еди. Мен сизиң қол астыңызда ортаҳал бир адам бар еди. Оның үш баласы болды. Атам аўырып өлеринде үшеўимизди шақырып алып, бизлерге айтты:

— Мен жасарымды жасадым, дүньяда әрманым жоқ, ҳәзир сизлердиң алдыңыздаман, мен өле қойсам, қалай жайғастырасыз?

Ең үлкен ағам «халықты жыйнап, мал семизин сояман, жақсылап жайғастыраман» деп жуўап берди. Ортаншы ағам да солай жуўап берди. Мен «сиз еле өлмейсиз, жасайсыз, мен сизиң өлгениңизди көргим келмейди» деп жуўап бердим. Атам мениң гәпимди басқаша түсинди ме, бақырды. Ол аўырыўынан жазылып кетти. Еки үлкен баласын шақырып алып дүнья-малды екиге бөлди, еки баласына ғана берди, маған ҳеш нәрсе бермеди. Өзи де мениң менен басқа шықты. Күнлерден бир күн атам дүньядан өтти. Еки ағамды шақырып едим, бир нәрселерди сылтаў етип келмеди. «Өлимнен уят күшли» деп, атамды қарызланып болса да жайғастырдым.

Бир күни еки ағама барып, «саўарға сыйыр, минерге ат бериң» деп сорадым. Үлкен ағам бир жаман алатай берди, киши ағам «атаң бермегенде мен беремен бе?» деп нәрсе бермеди. Жалғыз тай ҳеш нәрсе болмай, басқа патшалыққа кетип баратырып, бир билимпаз адамға бала болдым. Сол адам маған жақсылық етип, батырлықты, түрли өнерди үйретти, сол адамға «не жақсылық қылдым» деп ойланып қапа болып «ууҳ» деп суўық дем алғаным ырас, — деп Алатай сөзин таўысты.

Патша баласынан бул гәпти еситип:

— Өз атаңнан да ҳүрметли адам болса, сол мениң нағыз қудам. Жүр, барамыз, — деп атларды алдырып, басқа адам ертпей, екеўи таўлыққа жол алды.

Әне, сол кеткеннен кетип бала атасына жетип, аманлық-есенлик сорасып, маўықларын басты. Оннан кейин Алатай қасындағы патшаны атасына таныстырды. Атасы отырған орнынан түргелип, патшаның қолынан алды. Патша бул адамға хош болды. Бул билимпаз Алатайдың жақсылығын айтты. Патша да Алатайға өз қызын бергенин айтты. Екеўи қуда болып турып, қушақласып, дос болды.

Әне, патша Алатайды бала қылып, билимпаз бенен дос, қуда болып, билиминен пайдаланып, билгенин айтып, билмегенин сорап, мақсет-муратына жетти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТӨРЕХАН ҲӘМ АҚҚОЗЫ

(Р-141. № 50413)

Бурынғы өткен заманда бир бай адам болыпты. Жасы да әдеўирге барып қалған көринеди. Бирақ, сол өмиринде хеш перзент көрмеген екен.

Бир күни бай ҳаялына:

— Қудай қосқан қосағым, жасымыз жары ортадан өтти. Бизлерге аллатаала перзент бермеди. Соншама ийесиз малды берип қойыпты. Усы малдан қудай жолына мал алып, әўлийеге барсақ, пирлер жарылқап жиберсе, бизлер де балалы болармыз ба деген тәңирден тәмем бар, — дейди.

— Ҳәй, алжыған, өзиңди өзиң билесең бе, жасың қайерге барды? Елге күлки боламыз, — дейди кемпири.

Бай ҳаялынын айтқанын тыңламай, жылқыдан айғыр, түйеден бууўра, малдан буға, қойдан қошқар, ешкиден серке алып, ҳаялын изине ертип, әўлийелерди изледи. Үйинен шыққан күни еки—үш мазар бар жерге келип:

—Ҳәй, ғарры, мына әўлийеге бүгин түнейик, — деди ҳаялы.

— Әй, маңлайы қара, «ҳаялдың шашы узын, ақылы келте» деген усы-аў, еки қәбирдин қүдирети бар ма? Көп қәбирлер ортасында мешити бар, үлкен әўлийеге барайық, — деп бай адам жүре берди.

Көп әўлийеге барды. Тек қошқардан басқа малды сойып болды. Бирнеше күн әўлийеде жатты. Бирақ, хештеңе көринбеди. Бай оғыры ашыўланды. Қошқарды соймай алып қайтты. Жолда бир шоқ шеңгелге келди.

— Ҳәй, ғарры, мына қошқарды усы жерде сой. Бүгин усы жерде жатайық, жағдайлы жер екен, — деди.

Бул байға мақул түсти. Дәрҳал қошқарды сойды. Ақшам жатты, түс көрди. Түсинде астында ақ баўыр қара ешеги бар, басында сәллеси бар бир ақ сақаллы қария келип:

— Ҳәй, бала, жай қолыңды, — деп ақ пәтия берди. Берген пәтиясында:

— Балам, хеш қапаланба, бир ул, бир қыз бердим. Улыңның атын Төрехан, қызыңның атын Ханбийби қой, — деп көзинен ғайып болды.

Орнынан турса, түси екен. Дәрҳал ҳаялына «жүр» деп үйине келди. Қудайдың әмири менен кемпир жүкли болыпты.

Бир күнлери айы-күни питип, кемпир босанды. Бир ул, бир қыз — егиз туўған екен. Пирдин айтыўы бойынша ел-халықты жыйнап той қылды. Ел тарқағаннан кейин молланы әкелип, ул менен қыздың қулағына азан айтып ат қойыпты. «Улы Төрехан султан, қызы Ханбийби сулыў» деп моллалар да үйине қайтыпты.

Арадан жыллар өтип, бала ата-ана тәрбиясында болып бес жасына шығыпты. Төрехан атасына:

— Ата, белгили жаўың бар ма? — дейди.

Атасы бул жылы душпанлары туўралы айтпайды. Келер жылы алты жасқа шығады. Бала ойнап жүрип, бир баланың маңлайынан шертип жибереди. Баланың маңлайы қып-қызыл қан болып, жарақат алып қалады. Буны бир мама көрип:

— Ҳә, жүўернемек болғыр, көшеде ойнап, елдиң балларын урғанша, ана жақта әкеңди елинен қуўып жиберген Бақай ханға барып, күш-ғайратыңды соған көрсетсең-о, — деп датлайды.

Бул гәпти еситип бала үйине келип:

— Ата, сениң қандай душпаның бар? — дейди.

Атасы көп ойланып турып:

— Балам, мениң душпаным болса, тек бир адамның бир аўыз айтқан сөзи ядымнан шықпайды.

— Ол саған сонша аўыр сөзди айтқандай ким? Ол не деп айтты? — деди Төрехан.

— Бақай хан деген хан маған: — Балаң жоқ, қуўбас, елден шық, мына ийесиз малыңды қурт, — деп еди. Мен сол ызаға шыдамай Бақайдың елинен шығып, усы елде отын тутып, қырық жыл отырдым. Сол еки арада қудай сизлерди берди. Енди мен оны душпан десем, сеннен айрылып қаларман деп қорқып айтпайтуғыным сол еди. Енди, балам, айтпасам болмады. Егер сен душпаннан кек алғың келсе, сол Бақай ханның бир сулыў қызы бар. Ҳалың келсе, сол ханды өлтирип, қызын алып келсең, мениң душпанымнан кегим алынады, — деди де әкеси сақалын жуўып жылай береди.

Бала әкесине:

— Ата, жылама, маған пәтия бер. Мен Бақай ханға бараман. Пирим яр болса, Бақай ханды өлтирип, сулыў қызын сизге келин қылып беремен, — деди.

Буны әкеси мақул дейди. Балаға пәтия береди. Бала жолын сорап алып, жаяў, қурал-жарақсыз Бақай ханға жүрис қылды.

Бирнеше жыл жол жүрип,Бақайдың журтына жетти.Еки ҳаял отын арқалап киятыр екен.Бала усы

www.ziyouz.com kutubxonasi

екеўине гезлести.Олар баланың жүрисине ҳайран болып,отынын жерге қойып,көрисип турды.Бала да иркилместен сәлем берди.Ҳаяллар баладан жол сорайды.

— Мениң атым Төрехан.Мен мына тустағы қоңсы журттан келдим.Келиўдеги жумысым — Бақай хан дегенди көриў.Соның сулыў қызы бар дейди.Әкесин өлтирип,сол қызды алайын деп аса асығып киятыр едим.Енди бул хан ҳаққында сизлер де билгениңизди айта бериң,— деди жас батыр.

Ҳаяллар бир-бирине қарап күлиседи.Оған Төреханның қатты ашыўы келеди.

— Ҳә,қәйним-аў! Жүрисиң мынаў,келисиң мынаў! «Бақай ханды өлтиремен,сулыў қызын аламан» дейсең,бизлер сени жин бе,я шайтан ба деп ҳайран қалып турмыз,— дейди.

— Яқшы,женгелер,мени еки күннен кейин көресиз,— деп кете береди.

Барып Бақай ханға келеди.Хан баланың сәлемин алмайды.Бала «әкемниң айтқаны ырас екен» деп ойлады.Қайтып шығатуғын адамдай кейин бурыла берип,жудырық пенен ханды бир урды.Оның урғанын хәттеки нөкерлер де сезбеди.Хан тахтынан қулады.Дым үндемей силеси қатып өлип қалды. Бала Бақай ханның ләшкерлерин де өлтирип,Бақай ханды арқалап,қаланы аралады.Қала халқынан бир адам «мынаў не?» деп сорамады.Бала өликти арқалап,хешкимнен сөз еситпеген соң қызының алдына апарады.Қызы әкесин таныи:

— Ўай-ўай,жан атам! — деп жылай баслады.

Сол ўақта Төрехан:

— Сен жылағанша,«бул қалай,оны ким өлтирди?» деп сора,— деди.

Қыз бир мәҳәлде есине келип,әкесиниң өлиў себебин сорады.Бала болған истиң бәрин қалдырмай сөйледи.Сол ўақта қыз аза тутып,әкесин жоқлап жылады.Үш күннен кейин ханды жайғастырды. Арадан әллениеше жыллар өтип,Төрехан Бақай ханның қызын алып елине келди.Келсе,ели жоқ. Ата-анасы да,туўысқаны Ханбийби де жоқ екен.Бала кешке шекем күтти.Ҳеш хабар болмады.Күн батты.Қараңғы түсти.Бир ўақта бир жерде бир адам жалғыз өзи от жағып отыр екен.Бала келип сәлем берди.Қорыққан адам қәўипленип турып илажсыз сәлемин алды.Бул Төрехан кеткен үйиндеги қой шопаны екен.Елин Қарадәў деген шаўып алыпты.Соннан кейин қашып келип,отын жыйнай берипти.

Азанда ҳаялын Төрехан усы жерде қалдырып,өзи Қарадәўди излеп кетиўди мақул көрди.

— Аға,— дейди бала.— Алған мынаў келиниң өзи екиқабат.Аман туўса,ер бала болса,атын Аққозы қой.Қыз бала болса,Ақша сулыў деп қой,— деп,бала аллаға сыйынып жолға түседи.

Бирнеше мәнзиллерди басып,жол жүрип Қарадәўге жетеди.Келип қонақ болады.Буны Ханбийби танымайды.Дәў де,атасы да танымайды.Ақшам қонып,тамақ жегенде бири кем тоқсан адам болады. Буның сексен адамы Қарадәўден туўған Ханбийбиниң балалары еди.Ханбийби негизинде дәў тәрепинен сыйқырлап қойылған болып,хешбир туўысқанын,ата-анасын танымайды.Қараса,әкесин де,шешесин де қул қылып қойған екен.Төрехан буның да бәрин билип отыра береди.Бир мәҳәлде қонаққа тамақ келди.Ата-анасына қарын-жуўмашақ,ашшы ишек,ылғый сондай аўқат берди.Оны көрип отырған Төрехан тамақты азырақ жеп:

— Ҳәй,ғаррылар,мә,мийман сарқыты,жең,— деп табақты көтерди.

Сонда Қарадәў:

— Ҳәй,мийман,жесең өзиң же,жемесең ана жаққа бер.Неге оларға бересең? Оның жүўернемек болғыр баласы бар.Ол Бақай ханға кетти.Кеткели бир қанша ўақыт болды.Өли-тирисин ҳеш ким билмейди.Егер сол баласы тири болып келсе,бизлерди қоймайды.Тек сол келгенше азапты көрсин, деп қойыппан,— деди.

Буны еситкен Төрехан:

— Ҳә,олай болса,сол айтып отырған жалғыз баласы ата-анасын қорлыққа бере ме? — деди.

Сол ўақта Ханбийби сыйқырдан қутылып,есин жыйнай баслайды:

— Ах,ағажан-аў,қаш,болмаса әжелиң жетеди! Уллы дәў,ағама рейим ет,— деген ўақта Төрехан сол турған дәўдиң басын жулып алды.Сексен баласының қулағын кесип қул қылды.Ханбийби сулыў сыйқырдан қутылыўы менен-ақ ата-анасын, туўысқанларын таныды. Ол ата-анасынан, ағасынан кеширим сорап еңиреп жылай берди.Олар бирге ўатанына қуўысты.Сөйтип,душпанын шуўлатып, Төрехан өзиниң елинде қалған шопан ағасына аман келип табысады.

Келсе,ҳаялы Төрехан кеткеннен кейин айы-күни питип,ул бала туўыпты.Оның атын өзи айтқан Аққозы деп қойыпты.Ең өкинишлиси,Төрехан келер мәҳәлинен өткен деп,келинин шопан ағасы некелепти.Енди бул ҳаял шопаннан да еки баласы болыпты.Төрехан аман келди.Барлық душпанды жеңди.Қайтадан булар таза халық болып қуралды.Енди ағасы Төреханға:

— Ҳә,иним,мына ҳаялыңды өзиң ал,— деди.

Төрехан ўәдеси бойынша ҳаялын алыпты.Күнлерден бир күн Төрехан картайғанда балаларды сынаў ушын өзиниң баласын қасына шақырып алып оқ жай аттырыпты.Сонда өз баласы Аққозының

www.ziyouz.com kutubxonasi

жай оғы маңлайының ортасы менен, мурнының үсти менен алдына келип түсипти. Басқа балалардың оғы қаңғып кетипти. Олар оғын излеп көп сергиздан болыпты.

Күнлерден бир күн усындай сыннан кейин Төрехан шопан ағасының еки баласын өзининң жалғыз баласы менен аўыр жолға шығарады. Үш бала жолға шығып кете береди. Көп жерлерди жүргеннен кейин, жол үшке айрылады. Хәр жолға ағаш көмип жазылған: биреўи Барсакелер, биреўи Барсакелер-келмеси гүман, биреўи Барсакелмес. Ал, буны көрип Аққозы:

— Ал, инилерим, биреўиңиз мына Барсакелерге түсесиз, биреўиңиз мына Барса келер-келмеси гүманға, ал, мен қәўиплирек Барсакелмеске түсейин, — деп үш жолға түседи.

Аққозы бираз жол жүргеннен кейин бир даўыс еситти. «Бул не сес?» деп тыңлап отырса бағанағы еки инисиниң бири-бирин шақырып:

— Хәй, мында кел, басқа атаның баласы кетти. Биз екеўмиздиң атамыз бенен анамыз бир ғой, не болсақ бирге болайық, — деген даўысын Аққозы еситеди. Бирақ, кейинге қайтпай, алға қарап жүре береди.

Бирнеше мәнзил жол жүргеннен кейин Аққозы қула дүзде жалғыз үйди көреди. Әстелеп үйге барса, ол үйде жалғыз ғарры отыр екен. Бала келип сәлем берди. Ғарры сәлемин әлик алып, баланы көрип күтә қуўанады.

— Хә, балам, кел, мен сени күтип усы жерде өмиримди өткердим. Ал, енди бүгин келдиң. Мен усы елдеги мына дүньяны саған тапсырдым. Қудай хүкимине қарап көп жыллап күттим. Енди сен бүгин қон. Ертең алла буйырған дүньяны меннен ал. Сөйтип мени бул жерден босат, — деп ғарры солқылдап жылады.

Бала не қыларын билмей аз ўақыт ойланып турып:

— Яқшы, ата, олай болса, сиз маған дурысын айтың, биринщиден, мына гүзар қайда барады? Бул гүзарда гүзетши бар ма, я сыйқыр бар ма, жақсы ма, нендей нәрселер бар? Соны айт. Изин соң сорайман, — деди.

Жәдигөй ғарры:

— Яқшы, балам, мен саған ырасымды айтайын. Мынаў үлкен гүзар кәрўан жолы. Бул Барсакелмес деген жерге барады. Бул жолда хәртүрли сыйқырлы мақлуқлар, хәртүрли пәрийлер бар. Буған барған адамның изине аман қайтқанын мен бул өмиримде көрмедим. Шынын айтқанда, мен сол жәдигөйдиң биримен. Көп көрген адамлар меннен қутылған емес. Сениң де еле бул жерден аман шығып кетиўиң қыйын, — деди.

Бирақ, буннан Аққозы қорықпады. Сол ўақта бала:

— Оны бир қудай биледи, бирақ сен дурысыңды айт, — деди.

Ғарры сөзин даўам ете берди:

— Ал, балам, сыйқыр менен аман кетсең, алдыңда бир кемпир бар. Оннан аман кетсең, он үш жасар үш бала бар. Оннан ары өтсең, еки арыслан бар. Олар арыслан емес, ал, сыйқырлы мақлуқлар. Олардың бәрине болатуғын қурал тек ғана менде, анаў турған көк сандық солардың жарағы.

Сол ўақта ғарры оны алдап, торға түсирмекши екенлигин жас батыр сезип қалды. Бала бар күши менен ғаррының басын қылышы менен кесип таслады. Ғарры дүньятәғдир болды. Бала ғаррыдан тынды. Көк сандықты ашса, иши толы китап екен. Шетинен алып тез-тез оқып, сыйқырдың жолларын үйренди. Ол тилсимди толық меңгерип жолға түсип кете берди. Келип кемпирге дуўшарласады. Кемпир де көп жылап-сықлап күтип алды. Ақшам мийман болды. Азанда кемпир балаға:

— Шырағым, енди жүресең бе? — деди.

— Аўа, жүремен, — деди Аққозы.

Кемпир балаға көп хәдислерди айтты. Бала «яқшы» деп өтирикке инанып отыра берди.

Бир мәхәлде бала өзин өлтириўге таярланып, тислерин тасқа қайрап отырған кемпирдиң басын кести. Ғарры менен кемпирдиң басын қалтаға салып кете берди.

Азырақ жол жүрип үш балаға келди. Балалар күле шырай менен жалпылдап «аға-аға» деп атыр. Негизинде олар да оны жоқ етиўди ойлап атырған екен. Азанда бул үшеўиниң де басын кесип қалтаға салды. Оннан қутылып, арысланларға дус келди. Келиўден арысланның биреўи:

— Қалтаңда бес бас бар, мениң айтқанымды қыл, бизге азап берме, өлтирме, биз саған болажақ ўақыяны айтайық, — деп жалынды.

Бала «яқшы» деди. Сонда арыслан айтты:

— Ана шарбақта хәўиз бар. Сонда перининң үш қызы келип хәўизге шомылып, сол үлкен теректиң көлеңкесинде уйқылайды. Олар уйқылағанда басында бир табақ, аяғында бир табақ турады. Қызлардың үстинде бир перде бар. Соны ал да елиңе кете бер. Басқа хешнәрсе қылма, — деди.

Аққозы айтқанларын орынлап сол пердени елине алып келди. Баяғы еки иниси әлле қашан үйине келген. Бирақ олар талап етиўден, мийнеттен қашып, аңсат ғана байлық топлаў мақсетинде бир байдың үйине кирип тонап, қарсы болғанларын өлтирип, жынаят ислегенлиги ушын патшаның қазылары тәрепинен өлим жазасына хүким етилген екен. Аққозы дәрхал инилерин қамақтан азат етип, өлген байдың адамларын тирилтиўди мойнына алады. Жыйналған халық оның бул хәрекетлерине, сөзлерине



www.ziyouz.com kutubxonasi

күледи. Бирақ күлиў узаққа созылмайды. Барсакелместе үйренген сыйқырдың, тилсимнин сырларын әмелде сынап көреди. Ядлаған дуўаларын избе-из оқып, баяғы пердени барлығының басынан желпип шығып еди, өлген байдың адамлары тирилди. Хәмме аң-таң болып, түси я оны екенлигин билмей қорқты. Қазылар бул ҳәдийседен кейин еки инисин азат етти. Баяғы бийперзент өтип баратырған ғаррыдан Төрехан, оннан Аққозы, бул батырдан да бирнеше мәрт азаматлар туўылып, елинин ең хүрметли тулғалары болып, мурат-мақсетине жетипти.

## ГҮЛБҮЛБҮЛ

(Р-98, № 42923)

Бурынғы өткен заманда Гүлалы деген шәҳәрде дәўлети тасқан, абырайы асқан, өзине душпан жаў менен бир қасық қаны қалғанша санасқан, халқына әдил қараған, даналық пенен сораған, шойыннан қорған салдырып, қаланың сыртын ораған, өзи де батыр Зарымхан деген бир патша болыпты. Ол ҳүкимдар оғада ер жүрек еди. Өзи менен зәңгилес қырық батыры бар. Тоқпақ жилик торы атлы Зарым батыр дер еди. Оның әкесин Дилим хан дер еди. Ол сексен жасында дүньядан көз жумды. Дилим сол жасына дейин перзентсиз болған. Өлмесинен үш жыл бурын ең киши ҳаялынан бир ул туўылады, оның атын Зарым қойған екен.

Перзентсизликтиң азабын, зарын сонша жыл тартып көрген балам деп, атын Зарым қойыпты. Зарым әкесинен үш жасында жетим қалыпты. Дилим хан өлгеннен кейин биринши ўәзири Бегдулла патша болыпты.

Ўәзир патша болып алғаннан кейин «бул бала тири турса, ер жетип камалына келип, меннен патшалықты алып, халыққа шерменде етер, өзим патша ўақтымда қалай болса да Зарымды қаладан жоқ етейин» деген кеўлинде қыял пайда болыпты. Ўәзирлерин шақырып мәсләҳәт етипти. Сарай ҳәмелдарлары, ўәзирлер де патша Бегдулланың айтқанларын мақул көрди. Сол мәсләҳәт пенен баланың кейнине адам салыпты.

Бир күнлери бала далада ойнап жүрген еди. Оны бақлаўға бекитилген адам ойнап атырған жеринен урлап алып, патшаға алып келеди. Патша Зарымды қолға түсирип, ўақтыхош болды. Енди патшаның жолында бир кәрўаны бар еди. Сол кәрўанлардың басшысын шақырып алып, Зарымды кәрўанбасыға зинхарлап дыққат пенен тапсырыпты. Кәрўанлар Зарымды алып жолға түсти.

Бирнеше күн жол жүрип, Шәмбил деген шәҳәрге жетти. Түйелерди шарбаққа түсирип, Зарымды қул базарына салды. Жас баланы үлкен қуллар менен баҳасын тең сатыпты. Бул сатып алған адамның атын Сейит сейис дер екен. Сейит үйине келип елин жыйнап той берип, Зарымға асық жилик услатты. Ол бийперзент адам екен. Сол ўақыттың тәртиби — өгей баланы өзине бала етпекши болса, халықты жыйнап, көптиң көзинше балаға жилик услатар еди.

Ай өтти, жыл өтти. Зарым сол адамның қолында баласы болып жүре берди. Арадан тоғыз жыл өтти. Зарым он еки жасына келди. Баланың кеўли тасқынлап бир жерде турмайды. Әкеси атты суўғарыўға жиберсе, барғанша атқа минип барып, суўғарып болып «гезегинди ал, заңғар» деп қайтарсын қолтықлап қайтар екен. Бул сырды әкеси көрип:

— Бәрекелла, бул бир ғайратлы баҳадыр бала екен. Шағына жетпей-ақ он еки жасында мынаў етип жүрген иси. Шағына жетип күшине тола ғойса, таў болса да арқалар, өзим өлсем, шаңарағымды жоймас. Сатып алып, туўмасам да туўғандай көрип сақлап едим, «ер туўған жерине» деген, «тойған жерим» деп бул жерде жүрмес, туўған жерин табар, «күтин, күтинбесең боларсаң түтин», асырап сақлап, ер жеткенде таслап кетсе, түтиним шығып өлермен. «Ер жигит кегин алар, өзине сәйкес ат-жарақ таба алмаса, жанған отқа өзин салар» деген. Бул нәмәрт жигит емес. Зарымды душпанлық етип базарға салған шығар, жас болса да дана бала. Барлығын да билетуғын шығар, мен арқайын отырмайын, Жығалы байдың жылқысына барайын, «жүзден жүйрик шығады, мыңнан тулпар шығады», аўлағын алып жылқыларын көзден өткерейин. Жарамлы тайы болса, дүнья-малымның бәрин берсем де алайын, өз қолымнан сейислеп жаў-жарағын тайынлап, оннан соң Зарым менен сөйлесейин, — деген қыял менен болды.

Сол елдиң байы Жығалы деген бар еди. Төрт түликли малы бар, ҳәр түлиги мың-мыңнан, Сулаймандай ҳалы бар еди. Әне, Сейит сейис Жығалы байдың үйине сапар тартып жөнепти. Намазшам болған ўақтында бийиклиги он бес гез, мың жылқы қамайтуғын шалдыўарға жетеди. Бул қораның сыртынан тоғыз қабат қарым қазып қойған еди. Сейит атын байлап, ҳешкимге сездирмей, тонын терис жамылып шалдыўарға киреди. Мың жылқы Сейиттен үркип, биринин үстине бири жығылып атыр. Ишинде бир әбеший бир тай он бес гез қорадан, тоғыз қабат қарымнан туймай секирип, аржағына бир өтип,

бержағына бир өтип, секирип жүргенин көрипти.

Ығбаллы Зарым болады,
Дәўлет саған қарады,
Жығалының мың жылқысы,
Ишинен бир тай жарады, — деп Сейит ишинен қуўанып, изине ғырра қайтты.

Арадан үш күнди өткерип, Жығалы байға барады, тәңир сәлемин береди. Бай сәлемин әлик алып, жөн-жосақ сорасады. Сейит не хызмет пенен келгенлигин айтты. Бай тайдың мәнисине түсинбей, сейиске арзан ғана сата ғойды. Сейит торы тайды алып келип, өзи сейис болған соң, күн жүзин көрсетпей алты жыл бағыпты. Алты жыл ишинде Зарымға қылыш, найза, саўыт-сайман, қулласы, батырға не керек болса, барлығын тайынлапты. Зарымды ертип, тоқпақ жилик торы ат пенен жаў-жарағын көрсетипти. Зарым атты көрип, ўақты хош болыпты. Атасы Сейит Зарымға қалайынша келгенин бастан аяқ сайрам-сайрам етип айтыпты. Зарым айтыпты:

— Ата, бәринен де хабарым бар. Сизди өзимниң туўған атамнан кем көрмеймен. Сиз ақыл менен мениң ойлаған мақсетимди өзимнен де илгери ойлап, өзиме сәйкес ат, жаў-жарақ сазлапсыз, талабым оңға айланып, жасымнан анамнан айырып, өзимди қул орнына саттырған Бегдулла ўәзирди өлтирип, өшимди алсам, сизди өз журтыма алып барып, перзентлик ўазыйпамды орынлап жақсылап бақсам, өле кетсең, ақ жуўып, арыў кепинлеп, өз қолымнан жайғастыраман, — депти.

Баласынан бул сөзди еситип Сейиттиң ўақты хош болыпты.

Енди Зарымның жаслай бирге ойнаған қырық баласы бар екен. Қырық балаға бас болып еки таўдың арасында найзаласыў, қылышласыўдың әлўан түрли сырларын үйрене берипти. Олардың күндеги талабы сол екен. Қырқы да нардай күшке толып, саўашқа қарыйдар екен. Сол жигитлердиң хабарын Зарым атасына айтыпты. Сонда Сейит Сейис:

— Балам, қырық жигитиңди жыйна, мен де елден әскер жыйнайын. Әскерлерге бас болып алдында өзим барайын. Жаў көрмеген баласаң, ғапылда қолға түсерсең, — дейди.

Зарым айтады:

— Әскер керек емес, барсаң, өзиң бирге жүр, қырық биримиз саў болсақ, қандай жаў болса да қорықпаймыз.

Сонда Сейит:

— Жоқ, балам, олай деме, сен барып өз журтыңды қырма, өзиңе жаманлық ойлағанларды қыр. Ол ушын өзим кетейин, күн-түн жол жүрип Гүлалы шәхәрине жетейин. Барғаннан кейин ири баслы адамлар менен танысып, сениң сыртыңнан әңгиме етейин. Егер саған жаны ашыса, «бизге керекли адам» десе, халық пенен биригип, саған хабар етейин. Әне, оннан кейин күшиңди шығар, — дейди.

Бул сөз Зарымға да мақул түседи. Сейит атына минип Гүлалы шәхәрине сапар етип жолға түседи. Күни-түни жол жүрип, бирнеше күнде Гүлалыға жетеди. Қорғаннан кирип, қаланың шетинде бир үйге қонытпы. Мийман болып отырып халықтың күн көрисинен әңгиме қозғады. Бул қонған үйиниң адамы Дилим ханның ўақтында қусбегилик хызметин атқарған Юсип қусбеги деген екен. Сөйтип елдиң хал-аўхалын сораған ўақта Юсип қусбеги аўыр гүрсинип отырып сөзин баслады.

—Мийманым, несин айтасаң, мен айтпайын, сен еситпесең де болады, — деп, үй ийеси көзиниң жасын жерге моншақ-моншақ ағызды.

Сонда Сейит:

— Жоқ, олай деме, кеўил дығы айтсаң кетеди. Айта отыр, сөз болсын, — депти.

— Бул ислер тек екеўимизге ғана емес, ал, кейнимизде де дәстан болып қалар. Бурын өтмиште Дилим деген хан болды. Өз заманында оғада әдил патша болды. Қой үстинен торғай жумалады, малың семиз болса, жаның семиз. Дилим өлди, кейнинде үш жасар улы Зарым қалды. Дилим өлген соң баласы жас болғаннан кейин патшалықты Бегдулла ўәзир алды. Арадан көп ўақыт өтпей Бегдулла ўәзир Зарымды бир ақшамда бул елден жоқ етти. Хәттеки, баланы туўған анасы да аш-әптадалықта жүрип, быйыл үш жыл болды, ол да дүньядан өтти. Халыққа ашаршылық күн туўды. Қорада малың, қабында дәниң берсе қолыңнан, бермесе жолыңнан хан әмири деп зорлық пенен тартып алды, — деди үй ийеси өксип жылап.

Буны еситкен Сейит:

— Егер сол Дилим ханның баласы Зарым бар болса, халық ол балаға қандай қайырқомлық етер еди? — деп сорады.

— Әй, өлген қайтып келе ме? Ондай хақ жарылқап күн туўса, халыққа өзим бас болып, Бегдулла ханды өлтирип, патшалықты алып берер едим-аў, — деди.

Сейит турып:

— Мен саған ырасын айтсам,егер жаманлық ойламасаң,мен саған Зарымды таўып беремен,— деген ўақта Юсип қусбеги жылап жиберипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сейит сөзин даўам етип, Гүлалы шәҳәринен барған саўдагерден баланы қул етпей, ал бала сыпатында сатып алғанлығын, той берип, асық жилик услатып өзине бала еткенлигин ҳәм өзиниң перзентсизлигин, сол ушын урыстырмай патшаны қолға түсиретуғынын айтыпты. Юсип пенен Сейит ўәдени бир жерге түйди. Мүддетли күнде Зарымды алып келиўге, соған шекем Юсип қусбеги гүллән халыққа астыртын айтып, патшаға қарсы шығыўға ўәдесин берди ҳәм Сейитти елине қайтарыпты.

Енди Сейит кете берсин. Юсип сол күннен баслап барлық халыққа бул хабарды астыртын мәлим етти. Зарым келетуғын ақшамы дәрўазаны ашып, оған жәрдем бериўге ҳәмме аламан ўәде берди. Бул ўақытты олар асығыслық пенен күтип жүре берди. Сейит сол кеткеннен кетти. Неше күн жол жүрип, Шәмбил шәҳәрине жетти. Не болды, бәрин батырға айтып түсиндирди. Батыр истиң бәри жай болғанын билип, қырық батырын ертип, атасын бас етип, жаслай шығынып кеткен өз журтына сапар етти. Бирнеше күн жол жүрип, аман-есен шәҳәрге жетти. Қаладан шет бир жерге Зарымды жигитлери менен қалдырып өзи қалаға кетти. Барса, Юсип қусбеги таяр тур екен. Шаңқай түс ўақта дәрўазаны ашты. Зарым аллалап сүрен салды. Қапталдан халқы қосылып, патшаның сарайына барды. Бундай аламанның шаўқымын еситип, патшаның әскерлери қарсы шықты. Зарым батыр ҳәм көпшилик халық қойсын ба, көзди ашып жумғанша барлығын қырып болдлы, сарайға басып кирип, тахтта гәрдийип отырған Бегдулла патшаның мойнына шылбыр салып, майданға алып шықты. Жыйналған халықтың алдында гүнасын мойнына қойып, халықтың ықтыярына берди. Көпшилик «өлгенше көзи тоймады, өлериниң алдында бир тойып алсын» деп бир зерен гүмис еритип, тирилей аўзына қуйды. «Ойлағаның жаманлық, өз обалың өзиңе» деп Бегдулла ханды услайынша өлтирди.

Халық уллы тойды бердирип, алысына хат жоллап, жақынына ат жоллап ели-халқын жыйдырып, қырық күн той, отыз күн ойын, жетпис күнде тойды тамамлап, жаслығына қарамай, Зарымды патшалыққа сайлапты. Зарым жигирма жасында атасынан мийрас болып қалған тахтына минип, әдиллик пенен журт сорап отыра берипти.

Енди Сейит Сейис хан атасы болып отыра береди. Зарымның да қырық досты кими ўәзир, кими мәтер болып, хан менен биргеликте дәўран сүре берипти.

Арадан көп ўақыт өтти. Зарым дослары менен кийик-қулан аўлап жүрсе, изинен хабаршы барды.

— Есабы жоқ, саны жоқ, көп әскер қаланың шетинде думандай болып тур. Әскербасы сизди излетип атыр, — деди хабаршы.

Зарым көп турмай қырық жигитин ертип, қалаға келип тахтына отырды. Келген аламанның жөн-жосағын сорастырса, Зарымның атасы Дилим патша ўақтында бир атланысқа шыққанда дос болған Шаббаз хан деген екен. Шаббаз хан еситипти. Дилим хан өлип, орнына ўәзири хан болып, патшадан қалған баланы өлтирипти деп, сол хабар менен әскерлерин жыйнап, қара тобын сүйретип, бирнеше ай жол жүрип, Бегдулланы өлтирип, достымның орнын алайын, деп келген екен. Елши жиберип соратса, усы хабарды еситипти. Зарым хан атына минип, қырық жигитин ертип, излеп келген атасының достына кетти. Қаладан сыртқа шығып, атларынан түсип Зарым алдына атларын байлап, ийилип тәзим етип барып Шаббаз хан менен қушақласып көрисипти. Зарым қаланың сыртына қатар отаў тиктирип, қанша әскери болса да бәрине үй тиктирип, хызметине жигит қойып, мал сойып, әкесиниң достын жақсылап күтип бир ай қонақ етип, Шаббаз ханды жолға салыпты. Шаббаз хан кеткеннен кейин Зарым хан Юсип қусбегиниң Ҳәмира деген қызына үйленипти. Юсип Дилим хан өлген соң қанша азап шексе де, бул да хан атасы болып дәўран сүрипти. Көп кешикпей Ҳәмира жүкли болып, айы-күни толып, ат басындай ул туўыпты. Ели-халқын жыйнап той берип, атын Гүлбүлбүл қойыпты. Гүлбүлбүл балалығынан-ақ сулыў, хошүрей, ақыллы, дана болыпты. Он балаға бас болып, бунын да талабы найзаласыў, қылышласыў болыпты.

Жыллар өтип ханның баласы Гүлбүлбүл он алты жасқа толыпты. Өзиниң жан досты Нарымбет деген екен.

Бир күни кийик-қулан аўлап жүрип, шөллеп суўсын ишейин деп ерегирек тигилген отаўға көзи түсипти. Кирип барса, он бир қыз шарық ийирип, пилте бурап отыр екен. Жигитлер кирип барыўдан қызлардың жеңгеси өрре турып, төсек таслап, жигитлерге отырыўға ишарат етипти. Жигитлер төсекке шығып, аманлық-есенлик сорап, өзлерин таныстырыпты. Сол ўақта алдына шай да келипти. Шайды ишип отырып Гүлбүлбүл қызларға нәзер салып қараса, капталда бир қыз отыр, көзи жигитлерди тесип баратыр. Қызға Гүлбүлбүлдиң көзи түсип, оның жуўабый екенин билди. Шай ишип болып, Гүлбүлбүл қызлардан жуўап сорап мынаны айтты:

— Жол қәдеси жүрмек, киси ҳақысы бермек, жолаўшы жолда керек, барар жеримиз қашықлаў, қарындасларым, сизлерден жуўап болса, бизлер жүрсек.

Қәдимги тум-тусқа көз шарлап отырған қыз ҳәммеден бурын жуўап қайтарды:

— Билиўши билимдар, айтыўшы жаббар, ҳаслымыз нашар, бизлерде не гәп бар?

Гүлбүлбүл қызлардың түр-түсине қарап дилўар көрип, «булар менен көп айтыссам, бир сөзимде

www.ziyouz.com kutubxonasi

жеңип маскарамды шығарар, буларға жуўаптың бир түйинин айтайын» деп жуўмақ шығарды:

— Аўа, қарындасларым, билиўши билимдар, айтыўшы жаббар, ҳаслыңыз нашар болса да, басыңызда патшалық бар. «Қыз патша, жигит ўәзир» деген бар. Сизлердей патшадан биздей ўәзириниз үмитдар.

Гүлбүлбүл усылай деген ўақта қыз жуўапты шеше алмай, орнынан турып, ийилип тәжим етип отырыпты. Сол заманның дәстүри бойынша жигит-қыз жуўап айтысқанда қыз жуўаптан утылса, орнынан турып жигитлерге ийилип тәжим етсе, «мен жуўаптан утылдым, енди не етсең де ықтыяр өзиңде» дегени екен. Қыз жеңгеси Гүлбүлбүлге бир ақшам мийман болыўға мирәт етипти. Гүлбүлбүл ол айтқанға көнбей, қызлардан жуўап алып, жигитлерин ертип майданға шығыпты. Жаңағы жуўап айтысқан қыз қанша жуўабый болса да, ол да майданға шығып, Гүлбүлбүлге ашық болып, атының мойнынан қушақлап, екеўи дәсме-дәс айтысыпты.

— Мениң шәртим ҳәм атамның шәрти — кимде-ким жуўаптан утса, жас болсын, ғарры болсын, сол адамға тийемен, — деген едим. — Мен усы ўақытқа шекем адамнан утылғаным жоқ еди. Сен жуўаптан жеңдиң. Енди мен сеники, — деп Гүлбүлбүлге асылып алды.

Гүлбүлбүл:

— Маған дәркар емессең, егер тийемен десең, мениң мынаў жолдасыма тийсең, — деп екинши жорасын көрсетти.

Қыз Гүлбүлбүлдиң анық алмайтуғынын билип, бийилаж жолдасына тийипти.

Енди шәҳәрге келип, жигитлериниң уқыбын күннен-күнге арттырып, биринен-бирин батыр етип шығарды. Атасы Гүлбүлбүлдиң бул ислерин билип, «балам өзимнен де баҳадыр туўылған екен, мен ғапыл отырмайын, балама жаў-жарақ тайынлайын» деп елден атағы шыққан уста жыйдырып, бирине-бирин салыстырып, ишинен атақлы шебер уста сайлап алып, баласы Гүлбүлбүлге өткир, тасты кесетуғын қылыш соғыўды буйырды. Бул уста сондай шебер екен. Әйдарханың уўынан суў берип, бирнеше күнде қылышты питкерди. Қылышты Зарымханға алып келип берди. Әйдарханың уўынан суўғарылған қылыш тас болса да қайтпайды, адамды өзиниң деми менен тартады. Бунның аты Дембермес деген қылыш екен. Патша устаға көп сыйлықлар берип, елине қайтарды. Енди баласының атына қайтадан ер-турман соқтырып, соларға сәйкес тоқпақ жилик торы атының ең туңғыш төлин көрсетпей сейислеп қойған еди. Сейисти шақырып, атты ертлеп, жаў-жарағын тайынлап, баласы Гүлбүлбүлге берип, атқа миндирип, қутлы болсын айтыпты.

Әне, батыр Гүлбүлбүл сол жүристе нардай күшке толып, жигирма жасына шықты. Бир күни жигитлери менен сейил етип шаршап, бир айда айланып үйине келди. Атасы Зарымхан, анасы Ҳәмира сулыў баласына барып:

— Көп гезип жүресең, көзимиздиң ағы-қарасындай жалғыз баласаң, сәл көзден таса болсаң, дәтимиз болмай, бийқарар боламыз. Бизлер де әдеўир жасқа бардық. Сени қәлеген қызыңа үйлендирип, сеннен ақлық сүйип, мийримизди қандырсақ, — деди.

Сонда баласы Гүлбүлбүл:

— Жоқ, ата, мен көрмеген қыз жоқ, көп елди араладым, неше қызды көзден өткердим. Ҳеш қайсысы да көзиме қонақ бермеди. Сизлер асықпаң, маған да несип еткени бар шығар. Өзим сайлап, бир нәзелимге үйленемен. Оннан кейин ақлық та көрерсениз, қызығына да батарсаңыз, — деп ата-анасының кеўлин қалдырмай әстелик пенен түсиндирди.

Бул жерде оның ата-анасы оған қыз қәлете алмай, улының кеўлин биле алмай ҳайран болып отыра берсин.

Жаз айларының бир күнинде Гүлбүлбүл атасының өзине арнап ектирген бағының ишинде, ҳәўиздиң жағасында, қос гүжимниң астында, мамық төсектиң үстинде уйқылап жатып, сәҳәр ўақта түс көрди. Түсинде бир журтта Нәў деген патшаның қызы Ядыў пәрийди көрди. Қыз сондай перийзат, көргенниң кеўли толғандай, сүймей мийри қанғандай, Гүлбүлбүлдей бес жигит жолында қурбан болғандай, ақыллы зийрек данады, наз бенен жаныңды алады, Ядыў пәрий исми, жүзи гүл-гүл жанады. Усы пәрийзат пенен қол алысып, қушақласып, ўәдени бир жерге түйип, бири тийемен, бири аламан деп қәсем айтып отырып, шоршып ояныпты. Оянса түси екен. Таң атып тур екен. Енди Гүлбүлбүл ышқы отына түсип, атасының алдына барып, дәрегин айтып тур екен. Ол түсинде көрген ашығын айтып, өзиниң сол қызға қәсем айтқанлығын, қалай болса да сол қызды таўып алатуғынлығын сөз етип, атасынан руқсат сорайды. Атасы улын жат журтқа жибергиси келмей:

— Өзимниң патшалығымнан қәлеген қызыңды алып берейин, кетпе, балам, — деди.

Баласы айтқанын тыңламай:

— Пәтияңды берсеңиз бериң, болмаса солай-ақ кетемен, өлсем Ядыў пәрийдиң жолында өлемен, — деп кетермен болыпты.

Зарым хан баласының анық кететуғынлығын билип, елине жарды урғызып, халықты жыйнап,

www.ziyouz.com kutubxonasi

баласы Гүлбүлбүлге бес мың әскер жыйнап берипти. Сөйтип, ата-анасы Гүлбүлбүлди баўырына басып, маңлайынан сүйип, «жолың болсын, аман барып, сүйгениң менен, хәммеңиз аман-есен түўел елге қайтың» деп ақ пәтиясын берди. Соң ол баласына:

— Балам, бул кеткеннен кет, неше айлар жол жүрип, Шаббаз ханның шәхәрине жет. Сол патша мениң достым. Мына хатты оған бер. Әне сол адам саған көп жәрдем береди, — деп, баласын бес мың әскери менен жолға шығарып, өзи ҳақ нийет тилеп кейининде қалды.

Гүлбүлбүл әскерлери менен түсинде көрген ашығы Ядыў пәрийди излеп жолға түсип кете берсин. Ендиги гәпти ашығы Ядыў пәрийден еситейик.

Сол ақшам таң алдында ол да түс көрипти. Гүлалы шәхәринде Зарым ханның баласы Гүлбүлбүл менен дийдарласыпты. Қыздың жан ийнине от тийип, «Гүлбүлбүл қалай болса да мени излеп келеди, Шаббаз ханның журтына келип, мени излеп шықса, жанып күл болып өледи. Буған өзимниң синлим Сәлим пәрийди жиберейин» деп синлисин шақырып, Гүлбүлбүлден хабар айтып, былай деди:

— Сәлим, бүгин түнде түс көрдим. Түсимде Гүлалы патшасының баласы Гүлбүлбүлге ашық болдым. Маған ол турмыс қурыўға кәсем айтты. Қалай болса да мени излеп жолға шығады. Сен буннан кет, Шаббаз ханның шәхәрине жет. Сол қаланың медресесинде оқый бер. Ҳәптесине бир келип, маған хабарын айтып тур. Қашан келгенше, сол жерде бол, — деп синлисин Шаббаз ханның елине жөнелтти. Сәлим пәрий кептер болып ушып жолға түсипти.

Енди Гүлбүлбүл үш ай жол жүрип, не бир жоллардан, не бир шөл-жәзтйралардан, не бир тоғайлардан, не бир көллерден өтип, не-не азаплар менен бир жерге жетип, әскерлерин жыйнап, атларды тусап, сол жерде «жатып, дем алып, аўқатланып, уйқылап алың» деп буйырды. Әскерлер атларының ерин алып, жаўырынын сыйпалап, аяқларын тусап, кир-қонын артып, аўқатланып, уйқыға кирисипти. Әне Гүлбүлбүл әскерлери менен уйқылай берсин.

Енди сол қонған жеринде таўдың астында бир патшаның қаласы бар екен. Қаланың сыртына бес мың аламанның келип жайғасқанын көрип, «бизлер менен урыспаға келген жаў» деп астыртын әскерлерин жыйнап, сол ақшамы үстине келип, уйқылап жатқан жеринде шетинен сыпыртып қылыш пенен шаўа берипти. Гүлбүлбүл уйқыда жатып, ҳеш нәрседен хабары болмапты. Түсинде пийри аян берип, орнынан ҳаўлыға турса, әскерлерин қырып жүрген жаўды көрипти. Гүлбүлбүлдиң қәҳәри келип, атына минип, Дембермес қылышын қолға алып, жаўға тийисипти. Уллы сәске ўақтына дейин қырып, жаўды жеңип, әскерлерин жыйнап есапласа, бес жүз әскери қалыпты. Гүлбүлбүл ғапылда жигитлеринен айырылып қалғанына қапаланып мынаны айтыпты:

— Ата-анам кейнимде зар қалды,
Бағы-бостан мийирманлы ел қалды,
Ғапылда қырдырып сонша жигитти,
Бес мың аламаннан бес жүз ер қалды.

Сөйтип, сол жерде қалған жигитлерин елине қайтарып, өзиниң ең жақсы көретуғын досты Нарымбетти ертти. Екеўи жолға түсипти.

Сол жүргеннен жол жүрип, не бир қыямет жерлерден өтип, бирнеше күн жол жүрип, бир таўға жетипти. Бул таўдан өтиўге ҳеш жол жоқ. Таўды жағалап бир ай жол жүрип, бир жерден жол таўып, еки таўдың қыспағында кетип баратырса, сол батыл жолдағы дәрбентте еки әйдарҳаның урысып атырғанын көрипти. Әйдарҳадан жол сорап мыналарды айтып тур екен:

— Бириң ақдур, бириң қара,
Бир-бирине салмаң ара,
Еккиң хәм боларсыз аўара,
Жол бер, әйдарҳа, үстиңнен.

Жол бермесең, жаман болыр,
Дағдың үсти думан болыр,
Шул күн ақырзаман болыр,
Жол бер, әйдарҳа, үстиңнен.

Дағ ишинде қуў ағашлар,
Қуў ағашқа қонар қушлар,
Лалаўласқан қызыл башлар,
Жол бер, әйдарҳа, үстиңнен.

Әйдарҳалар қозғалмады, қайта тислерин шақылдатып Гүлбүлбүлге айбат шекти. Жас батыр изге шегинди. «Айбат еттим, қайта өшегисти, енди мақтап көрейин, бунда не етер екен?» деп тағы бир аўыз сөз айтты:

— Бир-бириңнен уллысыз,
Еккиң хәм қуданың қулысыз,
Еккиң хәм әйдарҳа ханысыз,
Жол бер, әйдарҳа, үстиңнен.

Бул сөзди еситип, ақ әйдарҳа тайсалып жол берипти. Қара әйдарҳаның қәдимги шегиўи екен, Гүлбүлбүл аттан түсип,тулпарын Нарымбетке берип,қолына Дембермес қылышын алып,әйдарҳаға

www.ziyouz.com kutubxonasi

сермеди, дем шегип турған қылыш қара әйдарханы тең бөлипти. Ақ әйдарха сол ўақта өзиниң адам кәддине келип, әйдарха кебин таслап, Гүлбүлбүлди қушақлап, ислеген ғамқорлығы ушын көп алғыс айтып, батырды үйине мирәт етип алып барыпты.

Барса, сол таўдың қабағында кишкене үңгир бар екен. Үңгирге кирип еди, бир шойын дәрўаза ашылды. Батыр жолдасы менен ишкери кирип, атларын байлап, мийманханаға барды. Хызмет етип жүрип сол адам сөзин баслапты:

— Қара әйдарха жөҳит, ақ әйдарха мусылманман екен. Ақ әйдарханың сулыў қызы бар екен. Қара әйдарха қызға ашық болып, оны алмақшы болыпты, оған қыздың атасы көнбепти. Қызын бермеген соң қара әйдарха келип:

— Қызыңды бер, болмаса урысына шық, — деп жекиринипти.

Сонда ақ әйдарха:

— Саған қызымды бермеймен, алсаң, өлтирип ал, — деп, екеўи де әйдарха кебин кийип, еки таўдың қабағында урысып атырғанына үш жыл болған екен.

Соннан соң ол Гүлбүлбүлге миннетдаршылық сезими менен қарап:

— Сен маған көп жақсылық еттиң. Әзелий тилегим, өзиңдей ер жигитти таўып беремен деп едим. Ойлаған мақсетиме жеттим. Өзиңе мүнәсип Жылдырым деген атым бар. Қашсаң, қутыласаң, қуўсаң, жетесен. Сол атты да саған бердим ҳәм қызымды да сендей батырға бағышладым, — депти.

Бул сөзди еситип Гүлбүлбүл:

— Ата, маған еткен зийнетиңе кеўлим толды. Маған қызың дәркар емес. Өзимниң излеп киятырған ашығым бар еди. Соны таўып алмасам, кеўлим қарар таппайды. Егер кеўлиңизге аўыр алмасаңыз, қызыңызды мынаў жолдасым Нарымбетке берсеңиз, — депти.

Бул сөз қыздың атасына мақул түсип, сулыў қызын Нарымбетке береди. Жылдырымды Гүлбүлбүлге берипти. Үшеўи үш атқа минип, атасы менен хошласып, жолға түсипти.

Көп күнлер жол жүрип, гә қонып, гә түсленип, саррас бир ай жол жүрипти. Сол жүрисинен кетип баратырса, бир топар атлы адамлар басы алтын кийикти қуўып киятыр екен. Кийик сол келиси менен Гүлбүлбүлдиң алдына секирип минипти. Енди кийикти қуўып киятырған адамлар келип, батырға доқ урып, мыналарды айтыпты:

— Бизге ҳәмир етти Шаббаз хан султан,
Патшаға мәлимди алтын баслы аң,
Бергил, жигит, бизге қуўған аңымды,
Егер қарсы турсаң, боларсаң қурбан.

Гүлбүлбүл патшаның адамларының өктемлик етип турғанына қатты ашыўы келип, қаны қайнап, өзиниң ким екенлигин билдирип, патшаның адамларына мынаны айтыпты:

— Атым Жылдырымдур, қылышым Дембермес,
Ушқан қус болса да ҳамалын бермес,
Ханның аты бизиң атқа тең келмес,
Мен саңа бермеймен алған аўымды.

Патшаның адамлары Гүлбүлбүлдиң сөзинен, турпатынан қорқып, әўелгисиндей доқ ура алмапты. Гүлбүлбүл кейин айтыпты:

— Жүр, патшаңызға барамыз, патшаң әдил болса, кимдики екенин айтар.

Бул айтқан сөз ҳәммеге де мақул болыпты. Сол кетистен патшаның сарайына кирип, Гүлбүлбүл патшаға ийилип тәжим етипти. Патша сәлемин әлик алып:

— Не хызмет пенен келдиң, балам? — деп сорапты.

Сонда Гүлбүлбүл турып:

— Биз сизиң алдыңызға даўласып келдик, — депти.

Патша:

— Айтың, еситемен, — депти.

Гүлбүлбүл:

— Әўел өзиңиздиң адамларыңыз айтсын, оннан кейин мен айтаман, — депти.

Патша адамларынан саўал алыпты.

— Тақсыр, өзиңиздиң услап келиң деген кийигиңизди үш күн қуўып, услай алмай жүр едик. Мына адам алдымыздан қарсы киятыр екен. Кийик барды да алдына секирип минди. «Бизлер үш күн қуўдық, сен мийнетин көргениң жоқ, кийикти бизлерге бер» десек, бермей, «патшаның алдында ўәжлесип беремен» деп киятыр, — депти биреўи.

Патша Гүлбүлбүлге сөз берипти.

— Тақсыр, бир аң қашып баратыр. Оны мен көрдим. Сол аңды көрген ала ма, болмаса, услаған ала ма? — деди Гүлбүлбүл.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Патша да әдил хүкимдар еди. Ол түргелип сөйледи:

— Аңның қашып баратырғанын күнине жүз адам көриўи мүмкин. Әлбетте, аңды услаған адам оған ийелик етеди.

— Тақсыр, онда аң бизики ме? — деп сорады Гүлбүлбүл.

— Сизики, — деди патша.

— Ондай болса, сизге инәм еттим, — деп кийик пенен баяғы атасы жазған хатты патшаға берди. Патша мәс болып, батырға мың алғыс айтып, хатты оқыды. Қараса, баяғы досты Зарым патшаның жазған қол жазбасы, дәрриў таныды. Қабыллаўындағы — жорасының баласы Гүлбүлбүл екен. Хатты оқып болып Гүлбүлбүлди баўырына басып, маңлайынан сүйипт. Атасы хатта бәрин жазған екен. «Көзимниң рәўшаны жалғыз балам еди. Айтқаныма көнбей түсинде танысқан Дәўпери журты патшасының қызына ашық болып, кетип баратыр. Сен де ақылыңды айт. Сөзинде турса, елиңнен сүйген қызын алып берип, кейнине қайтар» деп жазған. Патша жас батырды мийманханаға алып барып, түрли тағам қойып, жақсылап күтипти. Үш-төрт күн дем алып, Гүлбүлбүл Шаббаз ханға барып, ашығын излеп кетиўге руқсат сорапты. Патша Гүлбүлбүлдиң атасы Зарым ханның айтқанындай етип айтып, оның сапарын сорапты. Гүлбүлбүл өзиниң тақатсызлығын айтыпты. Патша оның қалай зорласа да турмайтуғынын билип, қыздан хабар айтыпты.

— Үш-төрт жылдың майданы өтти. Бизиң медиресемизде түри бөтен бир қыз оқып атыр. Мәгар болса сол шығар. Сен де медиреседе оқып, сол нашар менен таныс, — депти патша.

Бул сөз Гүлбүлбүлге мақул болып, медиреседе бул хәм оқый берипти. Гүлбүлбүл көз жиберип қараса, бир перийзаттың отырғанын көрди. Қыз да жигиттен көзин айырмай, «мәгар болса усы жигит апамның ашық болғаны» деп оның мүшесинен тымсал етипти. Көп узамай-ақ Сәлим пәрий күнде еки-үш адамнан өтип, кем-кем жақынлап, Гүлбүлбүлдиң отырған жерине жақын отырды. Ретин таўып батыр менен тиллести.

— Ҳаслыңыз ким болады? Нәслиңиз ким болады? Атаңыз ким болады? Атыңыз ким болады? — деп Сәлим пәрий батырдан қосық пенен сорасыпты.

Гүлбүлбүл өзиниң атасының ким екенлигин, яр жолында жанын пидә етип, елинен шығынып кеткенлигин айтыпты. Екеўи көп ўақыт дәсме-дәс айтысып, қыз өзиниң төрт жылдан бери Гүлбүлбүл ушын усы медиреседе оқып, күтип жүргенин айтыпты. Апасы Ядыў пәрий хәптесине бир рет барғанда ашығы Гүлбүлбүлди сорағанында, «таба алмадым» дегенде апасының бийтақат болып, яр ушын еки көзи жолында болып отырғанын гәп етти. Сәлим пәрий турып:

— Ертең күн бата усы шәхәрден сени алып ушаман. Апам саған бийықтыяр өзин иркип, зорға отыр, — дейди.

Гүлбүлбүл атасы Шаббаз ханға келип, кететуғынлығын айтыпты. Шаббаз хан пәтия берип, хақ жол тилеп, батырға руқсат берди. Батыр досты Нарымбетке:

— Мен қайтып келгенше усы жерде бола бер. Аман болсам, сүйгенимди алып, көп узамай келермен, — деп оның менен хошласып, қыз айтқан жерге күн батқан соң келипти.

Келсе, қыз күтип турған екен. Сәлим пәрий айтады:

— Шәрт мынадай. Мен қарақус болып, сени арқама отырғызып ушаман. Егер көзиңди ашсаң, онда еккимиз де ғарқ болып өлемиз.

Батыр ескертиўди мақуллап, басын ийзепти. Әне, сонда қыз дуўа оқыўы менен үлкен қарақус болыпты. Батырға «үстимде отыр» дегендей ишарат етипти. Гүлбүлбүл үстинде отырыпты. Намазшам ўақтында батырды алып ушыпты. Көп ўақыт пәрўаз етти. Бир жерлерге барғанда батырдың батырлығы тутып, «көзимди ашып көрейин, қандай жерлерден өтип баратырған екенмен» деп көзин әсте-ақырын ашты. Қараса, бир жанып атырған көк жалыннан ушып баратырған екен.

Қыз:

— Жум көзиңди, кеттик, — депти.

Сол ўақытта қус көтерилип ушыпты. Сол көзин ашқан ўақта от өзине тартып, көзин жумғанша қанатын жалын шарпыған екен. Тағы ушыўды даўам етипти. Және бир жерлерге барғанда Гүлбүлбүл «тағы бир қарайын» деп және сәл саңлақ берип көзлерин ашса, көгалай-көк теңиздиң үстинде кетип баратқанын көрипти. Қыз тағы:

— Жум көзиңди, ғарқ болдың, — депти.

Гүлбүлбүл көзин жумыпты.Тағы қус өзиниң ушыўын даўам етипти. Әне сол ушыў менен уллы сәске ўақта елине аман-есен қонып, «аш көзиңди» депти. Көзин ашса, хәўли хәремли гүл бақшаның ишинде турғанын көрипти. Бул бағ Ядыў пәрийдиң өз атағына арнап салдырған бағы екен. Сәлим пәрий айтады:

— Сен усы жерде тур, мен апамның сүйиншисин сорап, оннан соң сени көрсетейин.

Сәлим пәрий Ядыў пәрий жатқан сарайға жол алыпты. Барса, апасы қустай таранып, еки көзи

www.ziyouz.com kutubxonasi

таңның атыўы, күнниң батыўы, «ашығым қашан келер екен?» деп, Гүлбүлбүлдиң жолында екен. Сиңлиси Сәлим пәрийди көрип, көзиниң жасын булап, ашығы Гүлбүлбүлди сорап тур:

— Зулпым дағлап, қәдди-бойым дүзмишәм,
Кеше-күндиз жолынан көз үзмишәм,
Тең келмес қәддине ҳеш қандай инсан,
Гүл шайда бүлбүлим сен қайда көрдиң?

Ашық едим оның шийрин сөзине,
Мәрўерттей жайнаған гүлсим жүзине,
Көзим түссе дедим гәўҳар көзине,
Бахытлы бүлбүлим сен қайда көрдиң?

Оның атын қойды шайда бүлбүл деп,
Маўыттай көзиме икрам берсин деп,
Түсимде қосқанды жуптың болсын, деп,
Сурайя бүлбүлим сен қайда көрдиң?

Ядыў пәрий түсинде көрип, бири-бирине ғайбана қосылған ярын көргенше асығып хабарын сорапты. Сонда Сәлим пәрий апасына ҳәзил етип:

— Гүлбүлбүлди көргеним жоқ, апа, сен түсинде көргенине исенип, мени үш-төрт жылдан бери Шаббаз ханның сексен медресесинде бийкар оқытып қойдың. «Түс түлкиниң тезеги» деген. Оған өзинди өзиң қыйнап жүргенсең, — деген ўақта Ядыў пәрий есинен кетип, бийықтыяр өзин жерге таслапты.

Ядыў пәрийдиң естен талып жығылғанын көрип, сиңлиси Сәлим пәрийдиң зәрреси қалмай, оның ашықлығына тәсиийин қалып, жуўырып келип апасының басын дизеси үстине қойып кеширим сорап, Гүлбүлбүлди көргенлигин айтыпты. Ядыў пәрий «Гүлбүлбүлди көрдим» деген сөзин еситип, көзин шайдай ашыпты. Усы жерде яғлы-бәрли айтысып, апасы:

— Гүлбүлбүл қәне, көрсет, — дейди.

Сәлим пәрий айтады:

— Апа, ашығың ықлымда жалғыз бир өзи дегениң ырас екен. Пешенеси келискен, жүзи айдай, өзи баҳадыр жигит екен. Усы айдың бесинде сексен медиресе ишинде таныстым, сени арзыў-әрман менен жолында кеше-күндиз ынтық болып атыр дедим. Сонда жездем маған: «Сен маған бийкар айтасаң, егер мени дегенде, апаң өйтип менменсип, үйинде жатпайды. Сен келген жерге өзи келип, мени күтип жатқан болар еди. Неше айшылық жолдан келдим. Ендиги жағына бармайман. Апана айтып бар, егер мени десе, өзи келсин» деди, — депти.

Сиңлисинен бул сөзди еситип, орнынан ушып турып, Гүлбүлбүлге өзи кетпекши болыпты Кетермен болып жолға шыққан ўақытта Сәлим апасынан сапарын сорап қосық айтыпты. Ядыў пәрий синлисине өкпелеп, «мени ермек еттиң, сениң де басыңа маған туўған күн көп кешикпей туўар» деп қосық пенен айтыпты. Сиңлиси Сәлим пәрий апасынан кеширим сорап, кейнинен сүйинши сорап, буны да қосық пенен айтыпты. Ядыў пәрий сиңлисине көп алғыс айтып ҳәм атасы салдырған гүлбағшасын синлисине сүйиншиге берди. Өзи кийинип, Гүлбүлбүл турған жерге жылўа-наз бенен қәдем басыпты.

Барып, айдан ашық жамалын көрип, еки ашық қосылып, тал жипектей есилип, гезек пенен поса алысып, «оңым ба ямаса түсим бе» деп, еле де бири-бирине исенбей, бир-бирине сездирмей көзлериниң астынан қайта-қайта қарасыпты. Буларды көрип синлиси гә күлипти гә жылапты. Ядыў пәрий қырық кәнизегин шақырып, сарайға түрли ийисли гүллерден безеп, сарайдан Гүлбүлбүл турған жерге шекем гилем төсеўди буйырыпты. Кәнизеклер келип қол қаўсырып Гүлбүлбүлге тәжим етип, Ядыў пәрийге көз айдын айтыпты. Буйрықты алып кәнизеклер сарайға барып, ҳәртүрли көркем гүллерден безеп, Ядыў пәрий айтқанындай сарайдан бағқа шекем гилем төсеп, жигирмасы оңынан, жигирмасы солынан, ортада еки ашық, гә саз, гә сәўбет пенен патша қызы туратуғын сарайға барыпты. Гүлбүлбүлдиң пәрий қызларының еткен ҳүрметине кеўли толыпты. Қызлар Гүлбүлбүл менен Ядыў пәрийдиң алдында қосық айтып, ҳәр мұқамға дөнип ойынлар ойнапты.

Гүлбүлбүл түсинде көрген Ядыў пәрийди ҳәм қырық кәнизегин, олардың еткен ойынын сол отырғанда көз алдында көрип ҳәм сол ақшамын сәнеге жазып келген екен, Ядыў пәрийге көрсетипти. Ядыў пәрий де сол ақшамы түс көрген екен, бул да қайсы күн екенин жазып қойған екен. Қыз ҳәм сәнесин Гүлбүлбүлге көрсетипти. Еки ашық заўқы-сапа менен қанша күн өткенин де билмей қалыпты. Ядыў пәрий айтыпты:

— Мениң атамның шәрти бар. Атамның және бир патша менен урысып атырғанына жети жыл болды. Барсакелмес деп атап атырғаны — еки жақ дуўа менен бир жерлер көк теңиз, бир жерлер көк жалын аспанға шығып шарпып жатырған. Сен атама хабарласпа, усы жерден екеўимиз қашайық, егер атама барсаң, «жаўымызды жеңсең, беремен» дер, егер, жаўыңды жеңемен, деп урысқа шықсаң, бийәжел өлерсең.

Буны еситип Гүлбүлбүлдиң көзлери кәсадай, түклери тебендей шаншылып, «нәмәрт болсам неге туўдым анадан» деп, атасы Нәў патшаға кетпекши болыпты. Қыз Гүлбүлбүлдиң алдына шығып, ашығын өлимге көзи қыймай турған қусайды. Гүлбүлбүл ашығына тәселле айтып:

— Ҳақ нийетли адамға бийәжел өлим дәркар емес, аман болсам, сапарым оңға айланса, атанның

www.ziyouz.com kutubxonasi

жаўын жеңип, ақ жүзли абырайлы болып, оннан соң сени аламан, — депти.

Гүлбүлбүл Ядыў пәрийдиң атасы Нәў патшаға барды. Сарайға кирип, патшаға барып ийилип тәжим етип, әдеп пенен тик турыпты. Патша Гүлбүлбүлди көрип, пешанасына кеўли толып, қай журттын адамы екенин билмей, аты-затын сорастырыпты.

Гүлбүлбүл атасының атын, өзиниң атын, түсинде қызы Ядыў пәрийге ашық болып, Гүлалы шәҳәринен излеп келгенлигин айтыпты. Патша қызының усындай хоширей баҳадыр жигитке бас қосқанына кеўли толып, күйеў баласын өлимге миясар көрмейди.

— Балам, бизиң жаўымыз күш пенен емес, яды менен. Урысып атырған патша шәҳәрине дейин сыйқыр, дуўа менен от-теңиз етип қойыпты. Биз хәм сондай етип қойыппыз. Сени көзим қыймай тур. Сүйгениң өзиңе қутлы болсын, ашығыңды ал да, елиңе қайта бер, — депти патша.

— Жоқ, ата, маған пәтияңды бер, перзентиңди алдым, мен де перзентиңмен, усы жаўыңа қашан да болса бир шығыўым бар, елим жақын емес, мени иркпе, әжелим болса, өлермен, жүримим болса, жаўыңды жеңип, аман-есен келермен, мени иркпен, рухсат бериң, — депти Гүлбүлбүл.

Патша батырдың сапарынан қайтпайтуғынын билип, Гүлбүлбүлди урысқа таярлапты. Нәў патшасы жети жылдан бери урысып, ядыларынан айрылып, азайтып қойған екен. Жети ядысын Гүлбүлбүлге қосып, батыр қалай кийинсе, ядылар да сондай кийинип, батыр қандай ат минсе, ядылар да сондай ат минип, Гүлбүлбүл қайсы, яды қайсы, айырып танып болмас екен. Егер сол қәлипте жасанбаса, онда жаўдың ядысы батырын танып, өртеп жиберер екен. Соның ушын қанша болса да бир көринисте минсиз болып жасанар екен. Гүлбүлбүл ядыларын ертип, Ядыў пәрийге барыпты, ашығы менен хошласыпты. Ядыў пәрий илажсыз батырға «сапарың оң болсын» деп жолға шығарып салыпты.

Әне, Гүлбүлбүл ядылар менен бирқанша күн жол жүрип, шегараға жетти. Сол жерде тоқтап ядылар Гүлбүлбүлге:

— Бизлер не айтсақ, айтқанымызға көн, егер өз басыңа ярым қәдем атсаң, күл болып жанып кетесең, — депти.

Сол ўақта Гүлбүлбүл көз таслап қараса, алдынан дүньяның жүзин қаплап, қара думан аралас көк жалын киятырғанып көрипти. Сонда яды:

— Көрдиң бе, батыр, бизиң келгенимизди билип, үстимизге ядыларын жиберди, — деп Гүлбүлбүлге дем урыпты.

Батыр қара таў болыпты. Қасына үш яды таслап, бес яды дүньяның жүзин қаплаған, бийиклиги сексен гез, толқыны аспанға шарпыған көк теңиз болып, от болып киятырған жаўдың ядысының үстине шапшып ағыпты. Ол өртейди, бул сөндиреди. Сол қәддинде бир ай алысып, жаўдың ядысын жеңип, Гүлбүлбүл турған жерге биреўи келип, дуўаны жаздырып, Гүлбүлбүлди жаўды жеңип, қуўып барған шегарадағы қалған ядының қасына апарыпты. Сол жерде көп ўақ бола берипти.

Бир күни батырдың күн өтсе де ай өткендей, ай өтсе жыл өткендей дәрти шыдамай, ядыларға айтады:

— Бизлер бүйтип жатпайық, жаўдан яды келмеди, енди сизлер қарап жатпаңлар, үстине барайық.

Сол ўақытта бир яды:

— Батыр, асықпа, орынсыз ат қойсақ, аяқтың астында жатыр сегизимиздиң де әжелимиз. Биз үстине барсақ, ап-аңсат қолға түсемиз. Егер олар үстимизге келсе, бизге оңайлаў болады, — депти.

Сол жатыстан тағы бир ай өтипти. Бир күни қараса, жаўдың ядысы көгалай-көк теңиз болып, әлемди алып шарпып ағып киятырғанын көрипти. Дәрриў батырдың ядысы асман менен барабар қызыл қыя қум болып, ағып киятырған теңиздиң алдында бөгет болып, қалған бир яды Гүлбүлбүлди қумның басында терек етип, өзи Нәў патшаға жәрдемге кетипти. Яды патшаға барыпты. Патша ядының бир өзи келгенин көрип, «булар өртенип кеткен екен, Гүлбүлбүлден айрылыппан» деп, батырдан дәрек сорап тур дейди. Яды патшаға батырдың аманлығын айтыпты. Сол күни Ядыў пәрий атасына келип, урысқа барыўға рухсат сораған екен, атасы оған нәйлаж рухсат берипти. Ядыў пәрий урысқа таярланып, ол да үстине келди. Патша тағы он төрт яды берипти. Ядыў пәрийдиң ырас аты Алым еди. Бул қыз сондай күшли хәм дуўахан болып, барлық ядылар да оннан тәлим алады екен. Сол ушын Ядыў пәрий деп атақ берген екен. Әне, Ядыў пәрий ядыларға бас болып, көзди ашып жумғанша Гүлбүлбүл турған жерге барыпты. Қараса, суў қумды кемирип жеп, тап Гүлбүлбүл турған жерге жақынлап қалыпты. Егер азмаз кешиксе, теректиң түбин кемирип жеп, суўға қулатыў алдында тур екен. Ядыў пәрий ақыл менен ойлап атасына яды жиберип, үстине отыз яды алдырып, он төрт яды суўды қум етип, қоршап алдырды. Енди бул бир ортада қалған өли суў болып қалды. Гүлбүлбүлди жүзик етип, қолына салып, қалған отыз ядыны ертип, суўдың шегарасына жетип, жаўды күтип жата берипти. Сол жерде бирқанша ўақыт жатыпты.

Бир күни күн шыға турып қараса, жердиң бети жалтылдаған шаян, булар жатқан жерге киятыр дейди. Ядыў пәрий қасындағы ядыларын ғарға етип жиберипти. Ғарғалар шаянды шоқып,ушып-қонып,башарта алмапты.Ядыў пәрий оғада ҳаўлығып қорқыпты.Қорқканының себеби,жаўдың жиберген шаянлары сол

www.ziyouz.com kutubxonasi

келисинен келсе, өли суў болып жатқан теңизге қосылса, теңиз күш алып қумды басып, соншa ядысы хәм өзлери қолға түсер еди. Сол ўақта ядыларын шақырып, шаянларға қарсы от етип жибереди. Жети күн жанып шаянларды күйдирип, тағы алдыға илгерилепти. Және қырып барған жеринде дем алып отырса, көк-көмбек темир қусаған әскер үстине келе берипти. Олар да дәл солар тақылетте қарсы шығыпты. Сол жерде шақылдаған қылыш, қыямет урысы болыпты. Усы урыста Ядыў пәрийниң ядылары қырылып, өзи менен үш ядысы қалыпты. Енди не servers — ислерин билмей, қус болып қашайын десе, кейниндеги ядылар бар қолға түсирилген. Олар менен қосылса, душпан күшейип кетеди. Қашпаса, душпан баспалатып баратыр. Ядыў пәрий гә қашып, гә қуўып урысып жүргенде қасындағы еки ядысынан да айрылып қалды. «Енди пайманам толды-аў» деп, жандалбас қылыш сермеп жүргенде синлиси Сәлим пәрий атасының қалған ядысының бәрин алып, бул хәм келипти. Келе саўашқа түсипти. Қойсын ба, жаўды кем-кем баспалатып, ақыры душпанлар қашыўға мейил етипти. Буны Ядыў пәрий билип, әскерлердиң тең жартысын алып, уйтқыған самал болып, үстинен өтип, жаўдың алдына шығып қылыш сермепти. Жаў ортада қалып, еки жақлап қырып, буларды хәм алыпты. Ядыў пәрий бир неше айлардан берли урыста қолы тиймей, ярын көрмеге ынтық болып, Гүлбүлбүлди өз кәддине алып келипти. Гүлбүлбүл қасында турған ашығы Ядыў пәрийди көрип, хошаметлеп, хармасын айтып турған қусайды. Сонда Сәлим пәрий:

— Бунының не еткен иси, өзиниң ярын көзге илип, бөтенди писентке алмады-аў? — деп өкпелеп тур дейди.

Гүлбүлбүл өзиниң ислеген исине өзи уялып, балдызынан кеширим сорапты. Сөйтип дәсме-дәс айтысып турса, есапсыз әскердиң киятырғанын көрип, Гүлбүлбүл қылышын алып жуўырды. Сол ўақта Ядыў пәрийдиң жаны қалмай, Гүлбүлбүлге «дөнбе жаўдың үстине» деп тур.

— Дөнбе жаўдың үстине,
Ел жаўлаў мәрт күшине,
Қайыл болғыл хақ исине,
Бул киятқан яды әскер, — деп,

Гүлбүлбүлди зордан иркип алып, ядыларына Сәлим пәрийди бас етип, жаўға қарсы жиберип өзи ярының қасында қалыпты. Ядыў пәрий:

— Әне, палўаным, сен тамаша етип тур, еки жақтың ядысы қалай урысар екен?

Гүлбүлбүл қарап турса, қылыш урылады, қылыш кескен ўақта кесилген адам от болып лаўлап жанып кетеди.

Ядыў пәрий:

— Көрдиң бе? Егер барып усылардың биреўине қылышыңды тийгизсең, тап сондай болып жанып кетесең, — деди ескертип.

Гүлбүлбүл тисин қайрап, «билекке билек алысып, қашан шеримди тарқатаман» деп қанасына сыймай турғанда, Сәлим пәрий басқы таўып қашайын деп турғанын көрип, Ядыў пәрий батырды кәдимгисиндей етип бармағына салып, өзи жәрдемге барды. Сол урысқаннан урысып, жаўдың ядылары менен алысып, урыс көпке созылыпты. Ядыў пәрий «урыс көпке созылды, енди атамда яды қалмады, егер усы ядыдан айрылсам, өлиместен басқа хамал жоқ» деп қапа болып турса, баяғы теңизге қурсаў етип кеткен он төрт ядысы кем-кем суўды қысып, үстине дөне-дөне теңизди көлдей етип, кем-кем тубадай етип, ақыры қурғатып, теңизди жер етип, ядылар өз кәддине келип, булар да Ядыў пәрийге келип қосылыпты. Енди қыздың ўақты хош болып, жүреги тасқынлап, күшине күш қосылып, көп узамай жаўдың ядысын жеңипти.

— Енди кәўип жоқ, қалған жағы күш пенен, — деп, Гүлбүлбүлди кәддине келтирип:

— Енди, батыр, патшаның қаласына аз жол қалды, сен де шериңди тарқат, — деген пайытта гезек Гүлбүлбүлге қарапты.

Ядыў пәрий өртенбей қалған ядыларын елине қайтарып, синлиси үшеўи патшаның қорғанына қарап жол жүрипти. Көп қыйналмай шәхәрге жетипти. Қараса, қала аспан менен барабар екен. Гүлбүлбүл Дембермес қылышын қолға алып, қорғанға тартыпты. Тең-тең бөлип, хәр бөлегин хәр жаққа ылақтырып, қалаға кирипти. Патша әскерлерин жыйнап, тайын отыр екен. Гүлбүлбүлди көрип, батырға қарап ат қойыпты.

Гүлбүлбүл оңынан келгенин оңынан, солынан келгенин солынан аямай қылыш сермепти. Бир неше күн үшеўи урыс етип, қаланы алып, патшасын өлтирип, орнына өзине дос адамды қойып, сол жерде жатып демин алып, шаршағанларын кетирип, Алым пәрий, Сәлим пәрий, Гүлбүлбүл — үшеўи жаўды жеңип, саў-саламат Нәў патшасының елине жүрис етипти. Бир неше күн жол жүрип, елине келипти. Жаўын жеңип аман-саў қайтқанларын көрип, Нәў Гүлбүлбүлди баўырына басып, маңлайынан сүйипти. Ели-халқын жыйнап, патша уллы той берипти. Жыйналған халыққа патша Гүлбүлбүлди таныстырыпты. Халық Гүлбүлбүлге шексиз миннетдаршылық билдирип, алғыслар айтыпты. Той тарқап, Гүлбүлбүл Ядыў пәрий менен сарайына келип, сәнеге қараса, саррас жети жыл болыпты. Батыр мақсетине жетип, енди ата-анасы ядына түсип,Ядыў пәрийге «елге қайтайық» деп турған екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ертеңине таң ата Гүлбүлбүл Ядыў пәрий менен патшаның алдына келип, қайтыўға руқсат сорапты. Патша алды толы мал менен, кейни толы шаң менен Гүлбүлбүлге қызын берип, «бахытлы болың» деп ақ пәтиясын берип қалыпты. Ядыў пәрий синлиси Сәлим пәрийди қушақлап, ҳәр бетинен бир сүйип, хош аллияр айтысып тур дейди.

Гүлбүлбүл менен Ядыў жолға түсипти. Алты ай жол жүрип, Шаббаз ханның шәҳәрине жетипти. Патша аман-саў келгенине, келинли болғанына қуўанып, шын-жүректен қутлықлапты. Досты Нарымбет «Арадан жети жыл, алты ай өтти, достыма бир ис болған шығар, болмаса усы ўаққа дейин келер еди» деп қапа болып отырғанда «Гүлбүлбүл келди» деген хош хабарды еситип қуўанғаннан жүреги тек жарылмай қалып, жууырыуы менен келип, қыяметлик досты менен қушақласып көрисип, еки дос ҳал-аўҳал сорасып, Нарымбет Шаббаз ханға көз айдын айтып тур дейди.

Әне, Шаббаз хан да достының баласы аман келгенлиги ушын халықты жыйнап, уллы той баслапты. Той тамам болғаннан соң Гүлбүлбүл патшадан жүриўге руқсат сорады. Патша нардың үстине күйме орнатып, қасына әскер қосып, Гүлбүлбүлге хақ жол тилепти. Патшаның адамлары туўры жолын билер екен, Гүлбүлбүлди тарықтырмай, гә жерде қонып, гә түсленип кете берипти.

Бирнеше ай жол жүрип, туўылған мәканына жетип, топырағы көзине ысық көринип, батырдың көкиреги тасып турған қусайды. Өзиниң шәҳәриниң адамы Гүлбүлбүлдиң киятырғанын көрип, дәрҳал патшаға келип, улының кеткен сапарынан излеген ашығын таўып алып, аман киятырғанлығын айтып, сүйинши сорап тур дейди.

— Бүлбил еди бағ ишинде сайраған,
Сайран етиў уллы мақсет ойлаған,
Сүйинши бер, халық сораған әдил хан,
Суңқарың айланды кеткен қыядан.

Қырға қарап аң изледи қыядан,
Басына бас қосты зулпы-зиядан,
Сүйинши бер, журт ийеси ханымыз,
Қумыры қусын алып келди уядан,

—деп патшадан сүйинши сорапты.

Патша бул жақсы хабарды еситип, «тири ғайып болып кеткен баласы киятыр» деген соң қуўанып қанасына сыймапты. Сүйинши сораған адамға таўсылмас дүнья берип, кеўлин алыпты. Енди Гүлбүлбүлдиң шәҳәрде қалған досларына хабар берипти. Жигитлер жыйналып, жүйрик атларын минип, олардың алдына шығыпты. Гүлбүлбүл менен көрисип, қолды берисип, аманлық-есенлик сорасып, жигитлер келиншектен көкпар кәдесин сорапты. Ядыў пәрий басы-басына, бул журтта жоқ хасыл затқа орамал түйип, «еки келиншектен көкпар кәдеңиз» деп таслапты. Жигитлер кәде-кәўметин алып, күймениң айналасында ылақ ойнапты, қалаға келгенше биринен-бири алып, келиншекке көкпар таслап, жүдә тамаша ойынлар ойнапты. Шәҳәрге келип, келиншекти күймеден түсирип, қос келиншек халыққа ийилип сәлем берип, елдиң ҳаяллары келип, бетлерине ақ салып, сарайға келгенше жасүлкен адамларға ийилип сәлем бергизип, қос келиншекти сарайға киргизип, оң жаққа шымылдық қурып, еки келиншекти соған киргизипти. Зарым патша баласы менен көрисип, анасы Ҳәмира да перзентин көрип, төбеси көкке жеткендей болыпты.

Зарым патша узағына хат жоллап, жақынына ат жоллап, қалаға жар урғызып, еки достың уллы тойын баслапты. Досты Шаббаз ханнан келген қонақларына үстине отаў тиктирип, атағына мал сойдырып, жигитлер бир ийиннен хызмет етипти. Зарым ханның баласы Гүлбүлбүл Барсакелместеги Нәў шәҳәри патшасының қызы Ядыў перини әкелип, уллы той берип атыр, деген хабар жер-жәҳәнди алыпты. «Той десе қуў бас жумалайды» дегендей-ақ, жети жастан жетпис, тоқсан жасқа шекемги адамлар узақ жоллардан, «қуўанышлы тойдан жегенге саўап» деп келипти. Зарым хан қанша адам болса да, жақсылап күтип, қырық күн ойын, қырық күн тойын берип, халқының еткен хызметине кеўли толып, көп алғыс айтыпты. Зарым Шаббаз ханнан келген мийманларын жолға шығарып салып, хошласып қалыпты. «Көкпар ойын көримлик» деген Гүлбүлбүлдиң тойынан қалған дейди. Әне, Гүлбүлбүл менен Ядыў пәрий қосылып, палдан татлы болып өмир сүрип, мурат-мақсетине жетипти дейди.

## АБДУЛЛА СӘРДАР

(Р-98, № 42923)

Бурынғы өткен заманда бир жигит болыпты. Бул жигиттиң жалғыз қарындасы болған екен. Қарындасын алыс бир қалаға узатыпты. Соннан жаўгершилик болып, кейнинен барып хабар алмаған екен.

Күнлерден бир күн жигит:

— Қарындасымды көрип қайтайын.Қандай күни кешип жүрген екен? — деп күндиз кетиўине жаў

www.ziyouz.com kutubxonasi

бар, түнде кетпекши болыпты. Ғунаннан дөненге айланған аты бар екен. Атын минип, қылышын алып, үйинен шығып кетипти. Қәўипли жерлерден түнде жүрип, күндиз тасалап жатып, сол ҳалда түн иши кетип баратырса, узыннан узақ қумға жолығыпты. Қумның етеги соқпақ екен. Кетип баратырса алдынан бир бөри шығыпты. Бөри жигит пенен қапталласып жүре берипти. Жигит те арқайын, бир бөриниң қолынан не келер дейсең деп, қорқпай кете берипти. Қумның жарты жолын жүргенде бөри жигитке айбат шегип қум шашыпты. Жигит оған да қорқпай жүре берипти. Бир ўақта бөри улыпты. Сол пайыт жолдың еки жағасынан ызғыған бөри шығып, жигитти алмақшы болыпты. Жигит жан айбат атқа «шүў» депти. Ат бөрилердиң арасын қақ жарып атылған оқтай араны ашыпты. Жигит артына бурылып қараса, бөрилерден жүз қәдем араны ашқан екен. Сол қашыў менен қаша берипти. Бирақ, узақ қум жас атты болдыртып, ат кем-кемнен шабысын тосаңлатыпты. Бөрилер де кем-кем жақын келе берипти. Алдына қараса, бир нәрўан тал бар екен, сол талға атты тартып, өзи ат үсти теректиң басына шығып кетипти. Жигит жайғасып отырмай-ақ аттың шырқыраған даўысын еситипти. Отырып төмен қараса, аттың сүйеги де қалмағанын көрипти. Жигит атына қыйналып отырса, бөрилер атты жеп болып, енди жигиттиң өзин алып жемекши болып, теректи геўлеп түбин кемире баслапты. Жигит буны көрип, енди өзиниң басы ғай болыпты. Сол кемириўден кемире берипти. Бир ўақытларда бөрилердиң жулқығанынан терек селк-селк етипти. Жигит өзиниң өлиўине шек-гүман жоқлығына көзи жетип отырса, сол ўақта күнбатар тәрепинен ийттиң үрген даўысы еситилипти. Буны бөрилер еситип теректи кемиргенин қойып, ҳәммеси де тыңлап отырыпты. Екинши рет үрген екен, бөрилер турған жеринен қозғалып шоңқыйысып отырыпты. Енди үшинши мәрте үрген екен, бөрилер бириниң кейнинен бири шубырысып кетип қалыпты. Жигит таң атқанша теректиң басында отырыпты.

Таң атыпты. Күн шығыпты. Теректен жерге түсип, ер тоқымын бир жерден, айылын бир жерден жыйнап алып, ерди арқалап «ийттиң үрген бағдары усы емес пе?» деп жүрип кетипти. Бир жерлерге барса, бир отаў тур. Қасында жумаланған қой-түйе, жылқылар бар.

— Бул қандай адам? Сонша малы менен қасқырдан қорқпай отырған? — деп жигит ҳайран қалыпты. Ол ер-турманын майданға қойып, өзи сәлем берип ишкери кирипти. Кирсе, ақ сақаллы ғарры сәлемин алып, жигитти төсекке ишарат етипти. Жигит отырып тум-тусқа пайқас етип қараса, еки кейўаны болған кемпир, бири-биринен сулыў, биреўиниң мойнына адамның қуў геллеси тағылған. Бунық не мәнисте тағылғанлығына түсинбей қорқыңқырап отыра берипти. Көп кешикпей аўқат тайын болыпты. Аўқатты еки табаққа салып, бир табақты қонақ, ғарры, гелле тақпаған кемпир үшеўи жей берипти. Ал екинши табақты қуў гелле таққан кемпирдиң алдына қойып:

— Ал, Қумай, аўқатың тайын болды, келе ғой, — деген екен, қапталдан жабағының астынан анаў-мынаў өгизшедей келетуғын, жүни жылтыраған бир ийт шығып, гелле таққан кемпир менен табақлас болып аўқатты жеп болыпты. Кейин ғарры жигиттен «жол болсын» сорады. Жигит басынан кеширгенлерин айтыпты. Сөйлеп отырып «усы тәрептен ийттиң үрген даўысы шықты» деген ўақта ғарры:

— Ийт деп айтпа, Қумай де, ийт десең, ары келип, гелленди алады, — депти.

Жигит төмен қарап:

— Яқшы, кешириң ақсақал, — деп сөзин даўам етип:

— Үшинши даўысы еситилгенде бөрилер шубырысып кетип қалды, таң атып күн шыққан соң теректен қорқа-қорқа түсип, дусмал менен сизиң үйге келдим, — депти.

— Хош келдиң, қонағым! Ондай болса, анаў атты услап, ериңди сал, сөйтип Қумайдың мойнына мәделиңди салып, қасқырлар қуўалаған жерге барып, қумайды босатып қоя бер. Қумай изди көрип, кейнинен қуўып кетер, қарасаң көрмей қаларсаң, өзиң изин қуўып бара бер, Қумай бөрилерди таўып алар. Алдыңнан теңкейип өлип жатқан бөрини көресең. Бир тақырлық шөпсиз жерде тағы бир бөриниң жатырғанын көресең. Наданлық етип Қумайдың артына шығып «ҳал-ҳал» деп жүрме. Онда Қумайдан айырыласаң, себеби қырық қасқырлардың ишинде де қумайы бар. Оның да тиси алмас. Қумай менен исиң болмасын. Қасқырдың артына шығып «ал, жәниўар қумай» де. Сол ўақта Қумайдың күшин көресең, — депти ғарры.

Жигит атты ертлеп, Қумайдың мойнына мәделини салып, өзин қасқыр қамалаған жерге апарып босатқан екен, Қумайдың қарасын бир-ақ көрип қалыпты. Жигит Қумайдың ойылып жатқан изи менен барса, ҳәр жерде өлип жатырған қасқырларды көрипти. Қараса, алқымын қыйып кете берген екен. Енди Қумай ҳеш жерде жоқ, тум-тусқа көз жиберип қараса, бир далаң тақырлықта бирин-бири аңлып жатқан Қумай менен бөрини көрипти. Биреўиниң басы күнбатар-арқаға қарап атылатуғын оқтай болып жатыр. Екиншисиниң басы күншығар-арқаға қарап, еки аяғының үстине тумсығын қойып жатыр екен. Бул жигит барып Қумайдың артына шығып, «ҳал-ҳал»ды салыпты. Сол ўақта Қумай сескенип жалт қарапты. Қасқыр тәп берипти. Екеўи шарта айқасып, екеўи еки жаққа қулапты. Жигит Қумайдың өлгенин көрип, ўай-ўайын салып, «енди мениң әжелим жетти, маған айтқан еди, мен ҳаўлығып Қумайдың

www.ziyouz.com kutubxonasi

артынан шығып «ҳал-ҳал» деппен» деп өкинип отырса, Қумайдың ийеси ғарры үстине ақтан кийим кийип аппақ шағаладай болып киятырғанын көрип, жигит өксип жылап отыра берипти. Ғарры Қумайдың өлгенин көрип, өзи де жылап қоя берипти.

— Айтпадым ба саған, сен айтқанымды есиңнен шығарып, Қумайдың артынан шығып дауыслаған соң, Қумай сескенип жалт қараған. Сол қыйтығын таппай жатырған бөри шырп етип алған. Сол ўақта жан айбат пенен Қумай да бөриниң кегирдегин қыйған, — депти ғарры.

Жигит қәтешилигин мойнына алыпты. Ғаррыдан кеширим сорапты. Ғарры турып:

— Кеширим бермегеним менен Қумай орнына келмейди, — деп, Қумайды ат үстине екеўлеп зордан салып, алдына алып, үйине қайтып, тап адамдай етип ақ жуўып, арыў кепинлеп жерлепти. Кейин ғарры:

— Ал, қонағым, кетемен десең, саған руқсат. Мына минген атыңды мине ғой. Қумайды өлтирди деп жаяў жибермеймен, — дейди.

Сөйтип оған ат берипти. Жигит руқсат берген соң атына минип, жолға түсипти. Арман шығып жигит ойланыпты.

— Мен аман елге барсам, усы болған ўақыяны айтсам. Аўылдың жасүлкенлери мени сөгер, сенде жүрек жоқ, самсамсаң, не себеп қуў гелле тағады? Қумай деген не? Буны қай жақтан алған? Неге оның тиси алмас болады? Солардың мәнисин неге сорамадың? — деп мени тынышыма қоймайды ғой. Мен кейниме қайтайын, өлтирсе өлип кетермен, болмаса аман жиберер. Гелле таққан кемпирдиң хәм Қумайдың мәнисин сорайын, — деп жигит кейнине қайтып кәдимги үйге келип, атын байлап ишкериге кирипти.

Кирген ўақта ғарры жигитти көрип жылап қоя берипти.

— Балам, нең умыт қалыпты? — деди ғарры.

— Ата, ҳеш затым қалған жоқ. Руқсат берсеңиз, сизден сорайтуғынларым бар еди, — депти жигит.

— Сорай ғой, балам, — депти ғарры.

—Ата, сорайжағым, еки кемпириңиз бар, бири-биринен сулыў. Биреўиниң мойнында қуў геллеси тағыўлы, тағы сол кемпир Қумай менен табақлас болды. Солардың мәнисин сорамай елге барып, әңгиме етсем, жасүлкенлер кейир ме деп, усылардың мәнисин сорайды деп келдим, — депти жигит.

Сонда ғарры турып:

— Ес-ақылың дурыс жигит екенсең. Саған берген дузыма ырза болдым. Мингизген атқа, өлген Қумайға да ырза болдым. Енди қалың кийимлериңди шешип, арқайын орналас. Екеўмиз таң атқанша әңгиме етемиз. Усыннан сен қайырылмай кеткенде, мен қапалықтан өлип қалған болар едим, — деп кемпирине қайтадан төсек салдырып, әңгимеге кирисипти.

— Балам, — деп ғарры сөзин баслады, — мениң атым Абдулла, лақабым Сәрдар. Сәрдар деўдиң мәниси, мен баҳадыр жигит болдым. Он сегиз жасымда жаўға қарсы қатнастым, жеңбеген жаўым қалмады. Бәрин бирме-бир айтайын. Мен жигирма бесте нардай күшимде едим. Мынаў гелле таққан кемпир өзимниң аўылымда бир байдың қызы еди. Мен буған ашық едим, бул маған ашық еди. Енди алайын деп атырғанымда және бир қалаға жаў келип, мени көмек бер деп алып кетти. Мен кеткен соң сол қалаға тағы бир жақтан жаў келип, ата-анамды, бас көтерген адамларды да өлтирип, қалғанларын бенде етип айдап кетипти. Бирнеше күннен айланып келсем, ел де жоқ, қала әйўан-жәйўан, Әттеген-әй, қыбырлаған адам қалмапты. Тек ақсақ, соқыр адамлар ғана қалған екен. Олар мениң алдымнан шығып:

— Мал-мүлкиңди хәм жесириңди жаў алып кетти, ата-анаңды өлтирди, бизлер ырымын етип жерледик, — деди.

Мен сол күни атқа дем бердим, ертеңине сүр гөшлерден қоржынның еки басын толтырып, саўыт-сайманымды алып, жаўдың изинен қуўып кеттим.

Бирқанша күн жол жүрип, бир суўдың бойында аўқатланайын деп аттағы қоржыннан сүр гөшлерди алып жеп, шай ишип отырсам, бир жылтылдаған қара күшик маған қарап қуйрығын қыймылдатып келе берди. Мен «кел-кел, жәниўар» деп қасыма алып, гөштен берип, күшикти тойдырып, «ал жәниўар, мен асығыспан, мен менен жүремен десең жүр, қаламан десең қал» деп атқа минип жүрип кеттим. Бул күшик те кейнимнен қалмады. Сәл кейинлеп қалса, сыңсып жылағандай түйилди. Күшикке реймим келип, аттың алдына алып кете бердим.

Бирнеше күн жол жүрип, шаңқай түс ўақта бир ыраштың бойында бир түп талдың түбинде қантарыўлы турған бир атты көрдим. Қасына барсам, мениң қуўып киятырған душпанымның бири екен. Талдың саясында уйқылап жатыр, ат үстинде турып оны найза менен түртип ояттым. Орнынан ушып турып, мени көрип «кимсен?» деп сорады.

— Сизлердиң кейниңизден қуўып киятырған жаўыңман, — дедим.

Ол жигит:

— Жаў болсаң, мени уйқылап жатырған жеримде неге өлтирмедиң? — деди.

— Ондай ғапылда өлтириў сизлердей урыға жарассын.Уйқылап жатқанда қатын да өлтиреди.Күшиңди енди шығар, — дедим.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бир ҳадал нийетли ер жигит екенсен. Сениң менен қыяметлик дос болдым, — деп қолындағы қылышын таслап көкирегин ашып жуўырды. Мен де аттан түстим. Екеўимиз құшақласып дос болдық. Сол жерде отырып жесиримниң жаўда кеткенлигин айттым.

— Достым, — деди ол, — бизиң басшымыз болған бир батыр бар. Ойын етип мени бир алақанына мингизип өзиниң тик бойына баладай етип көтереди. Сениң жесириң де сол адамда. Анаў үлкен ақ шатыр соныки. Саған дослығымыз ушын айтайын, айқасқан менен шамаң жетпейди. Енди бир жолы бар, анығында мен де батырман. Сол ушын да мени сақшы етип қойыпты. Түнде «бек бол, сақ бол» деп өтемен. Сол ўақта сен сол шатырға жақын жерде паналап отыр, мен шатырға жақын келген ўақта сениң жесириң майданға шығады. Сол ўақта өзим есабын таўып арманлаў шығарарман. Оннан кейин ал да кете бер.

Маған да мақул болды. Күн батты. Геўгим түсти. Атты сайға байлап, қасына күшикти қойып, өзим көрсеткен шатырға жақын жерге келип, бир түп жыңғылды паналап отырдым. Жатардың алдында сақшының «бек бол, сақ бол» деген даўысы шықты. Сол ўақта бул да майданға шықты. Сақшы қызға:

— Уялмайсаң ба, күнде шатырға жақын жерде отырасаң, өзиң болсаң ишимиздеги жасүлкенниң ҳаялысаң, — деди.

Сол ўақта қыз:

— Өйбей, сорым, солай екен-аў, — деп арырақ отырды.

Мен тосаттан шығып келе қалдым. Бул меннен қорқып жаны қалмады.

— Қорықпа, мен Абдулламан, сени излеп келдим, — дедим.

Қыз:

— Излеп келсең келипсеңдағы, мен сени қойдым, енди бармайман, өз бахтымнан көремен, сен де өз бахтыңнан көре бер, — деди.

Оған:

— Ырас бармайсаң ба? — деп сорадым.

— Ырас бармайман, — деди ол.

Түрин жаман көрдим. Анаў-мынаў десем, бақыратуғын болды. Оннан соң мен:

— Ондай болса, өзиң бил, бир-биреўимизди жаслай сүйип едик, «мени жаў алып кеткенде кейнимнен келип кегин ала алмады» деп айтпа. Мен өш алыў ушын келип едим. Ондай болса өзиң бил, гүнә меннен азлаў болар, — деп қайырыла берип, аўзын тас етип басып, қолтығыма қысып, атқа қарап жуўырдым. Атқа минип тақымға басып, барынша айдадым. Арман шыққан соң обалды деп артыма миндирдим. Кетип баратырып қыздан:

— Сен неге сонша жолдан излеп келгенимде «сени қойдым, енди бармайман» дедиң, — дедим.

Қыз:

— Сени сынамақ ушын айтқан едим, соған өкпе етип, маған сонша азап бердиң-аў, — деп қайта мени уялтып таслады.

Кете бердик. Таң атты, күн шықты. Уллы сәске ўақта кейнимде буўдақ-буўдақ шаң көринди. Хәп заматта қара көриним жақын келди. Оннан соң мен де атты иркип, қызды түсирип, саўытты кийип, найзаны аттың қулағының үстине қойып, өзимди саўашқа тайынлап турман. Сол ўақта ол батыр да еки жүз қәдем жақын келип, «ерден ердиң кәўпи бар деген» деп, туўры атта турып маған қарап сүрен салды:

— Атысасаң ба, шабысасаң ба, тутысасаң ба?

— Өзиң қәлеп айта ғой, меннен жасың үлкен екен, — дедим.

Ол күшине исенди ме:

— Ондай болса, билекке билек айқасайық, — деди.

Аттан ол да, мен де түстим. Атларды қантардық. Белиме аттың жипек шылбырын қабатлап байлап, гүрес майданына шықтым. Келе тутысты, сол айқасыўдан айқастық, песин ўақты болды. Енди мен қай жерге өзимди тасларымды қолайлап, тек соған сүйенип турман. Ал, ол болса меннен де жаман екен. Шыдай алмады. Соңынан ол қызға қарап:

— Ҳей, нашар, сениң менен азғана күн дуз-дәмек болып едик, сәскеден песинге дейин айқастық. Биримизди биримиз ала алмадық, ендиги жағында әўере етип қоймай, екеўимиздиң биреўимизге жаза таптыр, — деди.

Бул гәпти еситип қыз жеңин түре баслады. Оны көрип мен «жаслай кеўил сүйгеним еди ғой, маған жәрдем етер» деп турман. Бир ўақта қолына илмешек ағашты алып, келе мениң аяғыма илдирди. Бир ўақта көзим күшикке түсип кетти. Күшигим еки көзи жалтаңлап маған телмирип тур екен. Күшикке:

— Ҳәй,жәниўар,ырза бол,кемли күн жолдас болдық,енди бүгинги күн мениң пайманамның толған күни,— деп күшигим менен хошластым.

Даўысымды еситип,жәниўар әсте ғана қыздың өкшесинен қымтып еди,«өйбей» деп қыз қашып кетти. Оны мен көрип:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сеннен басқа бул жерде достым жоқ, мына душпанның жамбасына жармас, — дедим.

Күшик ишарат күтип тур екен, душпанымның жамбасына аўыз салды. Аяғын шорта қыйып түсти. Батыр шоңқайып отырып қалды. Жамбасының үстине қуладым. Үстинде жатып, өзиме келип, қанжарды алып, ғарқыратып шалдым. Геллесин кесип алып, бир суўдың бойына келип, көзлерин ойып алып, мийин алып таслап, дузға сиңдирип, ант айттырып, «усы қуў гелледен басқа адам нәзерине түспесин» деп сол күни шәрт айтып, мойнына тағып едим. Сөйтип елге келмей кейниме қайтып, жаўды қырып, малды, бенде болған адамларды азат етип, елге қайтарып, өзим қызды артыма миндирип кеттим. Батырдың тарықпасы көп болады. Бир жаўдан басқы таўып қашқанда паналаў ушын хәр таўдан атым менен жайғасқандай жай геўлеп қойған едим. Сол жайға қызды алып барып, «өзим қайтып келгенимше тарықпа» деп, азық-аўқатын, шөп-суўын қойып, «сеннен пәсин таўсам, жигит болмағаным» деп ел аралап қыз излеп кеттим. Сол жүристен еки жыл жүрип мынаў екинши кемпиримди таптым. Қайтып келип буны шығарып алып, елде болсам кейниме адам салып бир қолайымды таўып өлтирер деп, елден көшип усы елсиз тоғайға келип, усы жасыма дейин мына жерди мәкан етип едим. Оны, балам, қуў гелле мойнына тағылғаны ғәлет болса, өзи де мынаў отыр, айтсын. Енди мына өлген Қумай болса, бунық атынын Қумай болыўы тисиниң алмас болыўынан. Қарақус пенен суймырық қус шағылысса, екеўиннен қумай туўады. Туўған ўақта суўға туўса, жылтыр қара, түри ийтке усайды, егер қумға туўса, онда түри сур, ол қасқырға қосылады. Бирақ бир-бири менен жаў болады. Егер дусласып қалағойса бири-бирин өлтирмей тарқаспайды.

Ғарры жигитке усылардың барлығын избе-из қалдырмастан түсиндирди. Жигит бәринен руқсат алып, қарындасының үйине кетеди. Туўысқанының аман-саў екенлигин көрип, еки күн мийман болып, үйине аман-саў келеди. Жигит өзиниң көрген-билгенлерин қоңсы-қобаларға, ағайын-туўғанларға, таныс-билислерине айтса, олар исенбейди екен. Әне, сол ўақыя-хәдийселердиң ҳақыйқат екенлигин жигит түсиндире алмай, күйип-писип жүрипти дейди.

## ЖАРТЫБАС
(Р-129а. № 39342)

Ерте заманларда бир бай болыпты. Оның үш ҳаялы бар екен. Олардың үшеўи де туўмайды. Арадан бирнеше жыл өтеди. Бай қырық жасқа жетеди. Ол енди перзент деп аҳ шекти, көзинен қанлы жас төкти.

Солай етип, ол үш ҳаялы менен бирге әўлийе қоймай зияратлап келеди. Олар жолда бир жолаўшыға жолығады. Бай жолаўшыдан қай жерден киятырғанлығын сорайды. Жолаўшы қасындағы жетелеп киятырған ешкисиниң аўырғанлығын, ешкисин әўлийеде түнетип, тәўир болғанлығын айтады. Бай да өзиниң арзыў-әрманын төгип салады. Сонда жолаўшы:

— Анаў сырық көринген әўлийеге барып, бир түн түнең, әлбетте, шарапаты тийип, үш ҳаялыңыз да туўыўы мүмкин, — дейди оларға тилеклес болып.

Олар жолаўшыға миннетдаршылық билдирип, жолаўшы көрсеткен әўлийеге барады. Сол жердеги қазанға бир қой салады. Сол күни түнде әўлийеде түнеп шығады.

Ертеңине азанда олар аўылына қайтады. Жолда баратырып бай ҳаялларына:

— Түс көрдиңиз бе? — деп сорайды.

Үшеўи де түс көрипти. Қызығы сонда, үш ҳаялы да бирдей түс көрген екен. Бир ғарры жолда кетип баратырып оларға «тоғайда бир түлкини көресиз, сол түлкини тоғайды үш айландырып қуўасыз, сонда ол үш алтын алма туўар, әне, соны жесеңиз, үшеўиңизге кудайым үш ул берер» деген қусайды.

Бай бул әжайып түсти жақсылыққа жорып, ҳаялларын ертип, үйине келеди. Олар жақсы нийетлер менен отыра береди.

Сөйтип, бай атына минип, тоғайға түлки излеп кетеди. Тоғайдың шетинде турған бир қызыл түлкини көреди. Сол жәниўарды үш айландырып қуўыўдың орнына жети айландырып қуўады. Тоғайдың бир шетинде түлки туўып таслаған үш алманы таўып алып, үйине қайтады. Үйине келип үш ҳаялына үш алманы береди. Ҳаяллар бай келген ўақытта нан жасап отырып еди, үлкен хәм ортаншы ҳаяллар зуўала жасап, киши ҳаял тандыр өртеп тур еди. Киши ҳаял алмасын бир тислеп, қалғанын астақтаның үстине қояды. Ана еки ҳаял өз алмаларын жеп болып, киши ҳаялдың алмасын да бөлисип жейди. Киши ҳаял үйге келсе, алманың жоқ екенин көреди.

Арадан күн өтти, ай өтти, ҳаяллардың үшеўине де ҳәмиле питти. Күнлерден бир күни үш ҳаял да толғатып, көп узамай босанады. Үлкен ҳаяллардың балаларының ден саўлығы беккем, әнейдей, ал,

www.ziyouz.com kutubxonasi

киши ҳаялдың баласы баяғы жарты алманы жегенинен кейин баласының басы жарты болып дүньяға келген. Бай балаларын көрип, қуўанып, үш күн, үш түн той берди.

Арадан айлар, жыллар өтти. Балалары ер жетти. Бай үлкен, ортаншы балаларына жақсы кийим-кеншек пенен кийиндирди, ат миндирди, ал Жартыбасқа қой-ешки, қара малларды бақтырып қойды.

Жартыбас малдың кейининде жүрип, оқжай, сарыжай дүзетип, шымшық, ғарға ататуғын болды.

Күнлерден бир күн Жартыбас малды бағып жүрип, «мениң әкем мынаў еки ағама ат миндирип, жақсы кийиндирип әлпешлейди, мени болса, малдың изине қойыпты, я ат бермесе, я жақсы кийимлерди кийдирмесе» деп қыйналып ах шекти, көзинен қанлы жас төкти. Ол жылап жатырып, ақырында уйқылап қалды. Түсинде бир ғарры келип:

— Ҳәй балам, қапа болма, ертең азанда үш кемпириңнен үш нан ал да жолға түсип кете бер, — дейди.

Жартыбас шоршып оянып еди, түси екен. Сол күни кеште бала малларын айдап үйине келеди.

Ертеңине азанда күндеги әдетинше Жартыбас үш кемпиринен үш нан алып, малларын айдап кете береди. Үйдиң қарасы көринбеген ўақытта бала малларын жайлаўға жиберип, түсинде көрген ғаррының айтқаны бойынша бир гүзар жолға түсип, пиядалап жүрип отырды.

Ол жолда кетип баратырып бир түйиншик таўып алды хәм қалтасына салды. Және бир жерлерге барғанда жолдың шетинде үлкен хәўизди ушыратты. Ҳәўизге барып, ишине түседи. Соң суўдың түбинде бир қудықты көрди. Қудықтың аўзынан үңилип қарап еди, үлкен алтын қапыны көрди. Әне, сол ўақытлары Жартыбастың баяғы еки ағасы келди. Жартыбас ағалары менен көрисип, саў-саламат екенлигине қуўанып, оларға сол қудықтың түбинде үлкен алтын кәнин көргенлигин айтады. Ағаларына:

— Анаў аўылдан узын арқан әкелиң, мен қудыққа түсемен, — деп өтиниш етеди.

Ағалары аўылдан арқан алып келип береди. Сонда Жартыбас:

– Ҳәй, қудайым, мына еки ағамның бахтына түнде де қорықпаўым ушын күндизгидей етип қойғайсаң, — деп тилек билдирди. —Егер мен қудыққа түскеннен кейин, жети күнге дейин арқанды қыймылдатпасам, онда өлгеним.

Иниси ағаларының, ағалары да инисиниң қудықтан аман-саў шығыўын шын кеўилден тиледи.

Жартыбас ағалары менен хошласып, қудыққа түседи. Баяғы көринген алтын қапыны ашып еди, ишинде ай десе аўзы, күн десе көзи бар бир перийзаттың дәўдиң бетин желпип отырғанын көреди.

— Ҳәй, перийзат, не қылып отырсаң? — деди Жартыбас әсте ғана сыбырлап.

Сонда перийзат:

— Мына жатырған дәў мени «аламан» деп, мени қорқытты, соннан кейин оған қайылшылық билдирдим, — дейди.

— Онда маған тийесең бе? — деп ол сулыўдан сорады.

Перийзат:

— Егер мынаў дәўди өлтирсең, тийемен, — дейди.

Жартыбас «дәўди уйқылап атырған жеринде өлтирсем, ол нәмәрттиң иси болар» деп, оны оятады.

— Алыспақ керек пе, шабыспақ керек пе? — деп Жартыбас дәўден сорайды.

Сонда дәў:

— Алыспақ керек, — дейди.

Әне, соннан кейин Жартыбас дәў менен күн айқасады, түн айқасады, арадан еки күн өткенде ол дәўди жығып болып, баяғы жолдан таўып алған түйиншикти ашып еди, ишинен бир жарқыраған алмас қылыш шықты. Сол қылыш пенен дәўдиң басын кесип алады да ҳаялға:

— Барлық затларыңды шығар, — дейди.

Сонда ҳаял:

— Жоқ, еле буның иште иниси бар, соны да өлтир, — дейди.

Үлкен бөлмени ашып, ишкерилеў кирип еди, анаў биринши жайдағыдан да сулыў бир перийзат отыр. Ол да дәўдиң бетин желпип отыр екен. Ол екинши дәўди оятады.

— Сен қаяқтан келген адамзатсаң, мениң татлы уйқымды бузғаның ушын сени өлтиремен, — дейди дәў ғәзепке минип.

Әне, буны еситкен Жартыбас батыр оған қарап:

— Алыспақ керек пе, шабыспақ керек пе? — дейди.

Дәў алыспақ керек екенлигин билдиреди. Екеўи бирден айқасып кетеди, қаншелли урынса да сирә биреў-биреўин жыға алмайды. Арадан үш күн өткенде Жартыбас дәўди жығып, алмас қылышы менен оның геллесин қағып алады.

Жартыбас гөззал қыз бенен жақсылап сөйлеседи.

— Бар, затларыңды жыйнастыр, жүрейик, — дейди ол сулыўға.

— Мынаў дәўдиң төрги жайында және иниси бар. Соны өлтирмесең, мени ала алмайсаң, — дейди гөззал.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жартыбас төрги жайға кирип еди, анаў екеўинен де сулыўырақ бир перийзат дәўдиң бетин желпип отыр еди. Жартыбас дәрҳал дәўди уйқысынан оятады. Шийрин уйқысын бузған адамзатты көрип қәҳәрленеди ҳәм оған қарап:

— Не қылып жүрген адамзатсаң? — деп сорайды.

Жартыбас сулыў қызды қутқарыў ушын келгенлигин айтады.

— Алыспақ керек пе, шабыспақ керек пе? — деп сорайды.

— Маған алыспақ керек, — дейди дәў.

Күн айқасады, түн айқасады, бир-биреўин жыға алмайды. Арадан үш күн өткенде баяғы дәўдиң бетин желпип отырған перийзат дәўдиң аяғының астына бир қап тарыны төгип жибереди. Буннан кейин дәўдиң аяғы тайып кетип, жығылады. Жартыбас алмас қылышы менен дәўдиң басын кесип алады.

Әне, буннан кейин Жартыбас баяғы еки ағасы услап турған арқанды силкип-силкип жибереди. Еки ағасы да арқанды қағады. Жартыбас анаў үш қыздың дүнья-малларын, байлықларын арқанға түйип, жоқарыға тартады. Соннан кейин үш перийзатты да бирим-бирим арқан менен далаға шығарады. Ең соңғысында арқанға өзи асылып, еки ағасына «тартың» деп силкип еди, жоқарыдағы туўысқанлары қәпелимде сумлық ойлайды.

— Жартыбас далаға шықса, дүньяның көбисин, перийзатлардың да ең сулыўын сол алар, оннан да далаға шығармайық, — деп ағалары арқанды кесип жибереди. Жартыбас жерге «гүрс» етип қулайды. Ағаларына оғада қапа болып бираз үнсиз отырады. Сөйтип, ол жан-жағына қараған пайытында бир қапыны ушыратты. Сол есикти ашып еди, бир елатты көрди. Далаға шықса, еки қолы жоқ, еки аяғы бар бир адам тур екен. Және арманырақ жүрсе, еки қолы бар, еки аяғы жоқ адамды көрди. Арманырақ барса, еки қолы, еки аяғы бар, ал, еки көзи жоқ адамға дусласты. Қарап жүргенше ермек болсын, буларға да жақсылық ойлайын деп, жаңағы үш адам менен сәлемлесип, олардан хал-аўҳал сорап болғаннан кейин таныса баслайды.

— Қәне, қандай өнерлериңиз бар? — деп Жартыбас олардан сорайды.

— Мен жер тыңлайман, дүньяда не болып атырғанын билемен, — деди еки аяғы бар, еки қолы жоқ адам.

— Мениң кәсибим — тапқыш, — дейди еки қолы бар, еки аяғы жоқ адам.

— Мен тулпарман, — деди еки аяғы, еки қолы бар, бирақ еки көзи жоқ адам.

Жартыбас еки аяғы бар, еки қолы жоқ адамға қарап:

— Қәне, бир тыңлап көр, дүньяда не болып атырған екен? — деди.

Ол жер тыңлап еди, бир жерлерде еки адам бир қазанға таласып атырған қусайды. Әне, сол қазанды Жартыбас алып, екеўиниң гәпин тыңлап көриўи керек екенлигин, сөйтип тулпарға жайласып отырып алып, қазанды алып қайта бериўин сол адам тапсырады. Жартыбас соқырға минип кете берди. Бир жерлерге барса, ҳақыйқатында да, еки адамның қазанға таласып турғанын көрди. Жартыбас ат үстинде турып:

— Қәне, сизлер не ушын жәнжеллесип атырсыз? — деп сорайды.

Биреўи:

— Бул мениң қазаным еди, — дейди қазанды тартып.

Екиншиси де:

— Қазан меники еди, — дейди қазанды өзине тартып.

Сонда Жартыбас:

— Қазанды маған әпер, мен сизлердиң қайсысыңыздың қазаныңыз екенин айтаман, — дейди.

Олар қазанды Жартыбасқа береди. Ол қазанды аттың алдына алды да, атқа қамшы басып өтә кетти. Сол кеткеннен анаў қалған еки достына жетеди. Жартыбас тапқышқа:

— Қәне, енди сениң ойлаў қәбилетиңди тексерейик, — дейди.

Тапқыш узақ ойланады. Бир ўақытларда тапқыш:

— Бир аўылда биреў қыз әкелип, соның тойы болып атыр. Әне, соған бар, «шылым алыстырып бер» деп үйдиң сыртынан айтсаң, жаңа түскен келиншек саған қоз шоқ алып шығар. Шылымыңды алыстырып, қозды қолына қайтарып берген ўақытта ол қолын созар, сен келиншектиң қолынан тарт та, артыңа мингизип қайта бер, — дейди.

Жартыбас соқырға минип кете береди.

Бир аўылға жеткенинде тойдың үстинен шығады. Жартыбас үйдиң сыртында турып:

— Шылым алыстырғандай қоз әперсеңиз, — дейди.

Үйден бир жас келиншек шығып, қоз әпереди. Жартыбас шылымын тутандырып, қозды келиншектиң қолына қайтып берип атырып, оны тартып алып, артына мингестирип қайта береди. Үйдеги адамлар уў-шуў болып, изинен атлы ҳәм пияда болып қуўып, алыста қала береди.

Жартыбас келиншекти баяғы еки досты турған ылашыққа әкеледи. Сөйтип, ол күнде соқырды минип, бир достын артына мингестирип, кийик-қулан аўлаўға шығып, тапқан аңларын үйине әкелип, писирип жеп жүре береди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Күнлерден бир күн булардың шақмақ тасы таўсылып қалады. Келиншек далаға шығып қараса, бир жерде от шығып турған екен. «Соннан барып отын алыстырыўға қоз алайын» деп келиншек от шыққан жаққа барады. Барса, бул жерде бир мәстан кемпир отыр екен. Келиншекти көрип кемпир:

— Кел шырағым, кел, — дейди.

Келиншек те ийбе менен сәлем берип, соң кемпирге өзинин қозға келгенин айтады.

Кемпир түби тесик табаққа күлди толтырып салып, үстине қоз салады да, сөйтип келиншектиң қолына береди. Келиншек рахмет айтып, қозды алып, үйине қайта береди. Үйине келгенше баяғы табақтың түбинен күл сызланып түсип келген екен. Қулласы, сол күни Жартыбас ҳәм онық досларына аўқатын береди.

Ертеңине Жартыбас аңға бир досты менен шығып кетеди. Баяғы төгилип келген күлдиң изи менен Мәстан кемпир келип, келиншекке өзиниң ҳийлекерлик қүдиретин көрсетеди. Оған шашын қаратады. Кемпир сөйтип отырып, келиншектиң қанын сорыйды. Кеште кетип, ертеңине тағы келип, келиншекке басын қаратады. Және қанын сорыйды, кеште қайтады.

Бирақ, келиншек буны хешкимге билдирмейди, түри аппақ болып кетеди. Үйде отырып еки аяғы жоқ, еки қолы бар:

— Сен неге бирден азып кеттиң? — дейди келиншекке.

Келиншек сондай-сондай, мәстан кемпирдиң күнде келип басын қарататуғынлығын, қанын сорып кетип жүргенлигин айтады.

Ертеңине мәстан кемпир келип, басын қаратып отырғанда, еки аяғы жоқ еки қолы бар адам Мәстан кемпирди бир таяқ пенен урып жибереди. Кемпир аўнап түседи, және түргелип, шашынан бир қыл жулып алып, еки аяғы жоқ, еки қолы бардың еки қолын байлап, аўқатларын ишип кетеди.

Келеси күни Мәстан және келип, басын қаратып отырғанда, еки қолы жоқ еки аяғы бар оны теўип жибереди. Кемпир аўнап түседи де, орнынан өрре турып, шашынан бир қыл жулып алып еки аяғы бар, еки қолы жоқтың еки аяғын байлайды да, аўқатларын ишип кетеди.

Бул аўҳалды еки досты Жартыбасқа айтады. Ол достын атқа мингизип, өзи көрпеге оранып жата береди. Бир мәҳәллери Мәстан кемпир келип, келиншекке басын қаратады. Жартыбас түргелип, кемпирди теўип жибереди, кемпир аўнап түседи. Батыр кемпирди алмас қылыш пенен өлтирмекши болады. Кемпир өлердеги сөзин айтып жалынады.

— Мен аяғы жоғына аяқ болайын, қолы жоққа қол, көзи жоққа көз, басы жартыға бас болайын, — дейди.

— Оны қалай ислейсен? — дейди Жартыбас.

— Бир жутып шығараман, — дейди мәстан.

Буны еситкен Жартыбас батыр кемпирди өлтирмейди. Сонын арасында еки досты аңнан келеди.

— Көзлери жоқты жут, — дейди.

Кемпир жутады, көзли болып шығады.

— Аяқлары жоқты жут, — дейди.

Кемпир жутады, аяқлы болып шығады.

— Қоллары жоқты жут, — дейди.

Кемпир жутады, қоллы болып шығады.

Үш достына, ҳаялына алмас қылышты берип:

— Егер мени жутып болып шығармаса, усы қылыш пенен жарып, ишинен таўып аларсыз, — дейди.

Олар да келисим ҳәм ўәде береди. Кемпир Жартыбасты жутады.

— Тасла, — дейди оған дослары, бирақ Мәстан кемпир оны тасламайды.

— Қылыш пенен өлтиремиз, — дейди төртеўи.

Олар сөйлеп турғанында шаққанлық ҳәм епшиллик пенен кемпир олардан қылышты тартып алады. Солай болса да төртеўи жыйналып, кими таяқ пенен, кими шеңгел менен, кими тас пенен урады. Кемпир сонда да тасламайды. Ақырында кемпир жерге қулайды. Қылышты алып, кемпирди қақ бөледи. Ишинде Жартыбас жоқ. Сүйек пе сүйек, етпе ет қарайды. Жартыбасты таба алмайды. Бир ўақытта кемпирдиң аяғының бас бармағының үстинде турғанын көреди. Жартыбастың басы да пүтин болып, бир сулыў жигит болады. Жартыбас досларын жыйнап:

— Қәне, бундай ҳалларға жетистик, сизлер де жақсы болып кеттиңиз, енди тарқасайық. Хәрким өз күнин көрсин, мен де елиме қайтаман, — дейди.

Олар да буған қайыл болады. Жартыбас бурынғысынша соқырды минип, алдына қазанды алып, баяғы жерге барса, еки адам еле қазанға таласып:

— Сен бердин,мен бердим, — деп атыр екен.

Қазанды таслайды да кетеди. Оннан кейин келиншекке:

— Сениң менен бирге аз ғана күн өмир сүрдик, бизлерге аўқат писирип бергениңиз ушын саған

www.ziyouz.com kutubxonasi

миннетдаршылық билдиремен. Өмир усыларды етиўге мәжбүр етти. Енди, некелескен күйеўиңизге барың, бизлерге қапа болман, — деп оны да атқа мингестирип, баяғы үйге апарса, үй иши «келиннен айырылдық» деп аза тутып, қапаланып отырған екен. Келиншекти таслап қайтып келеди. Қыяметлик үш досты менен гүрриңлесип, өзинин жердиң үстине қалай шығыўын сорайды.

Олар:

— Пәлен деген жерде байтерек бар, сонда қара қустың үш баласы бар, соны бир әйдарҳа жейжақ екен. Әне, соларды өлимнен қутқарсаң, Қарақус сени жер үстине шығарады, — дейди.

Жартыбас дослары менен жыласып хошласып жаңағы байтерекке қарай кете береди. Бир мәҳәли сол терекке барып, оған минип еди, сүйкимли үш палапанды көрди. Қараса, бир палапанның көзинен қан ағып жылап отыр, екиншисинен жас ағып жылап отыр, ал, үшиншиси күлип отыр. Бул үшеўине Жартыбас ҳайран қалып:

— Сен неге көзиңнен қан ағып жылап отырсаң? Ал, сен неге көзиңе жас алып отырсаң? Сен неге күлип отырсаң? — деп үшеўинен сорайды.

Көзинен қан ағып жылап отырған палапан:

— Ҳәй, несин сорайсыз, бизлер Қарақустың балалары едик. Жылда бизиң анамыздың туўған балаларын бир әйдарҳа келип жутады екен. Мине, бүгин мени баслап жутады екен. Соған көзимнен қан ағып жылап отырман, — депти.

— Мени ертең жутатуғын еди, соған бир күн болса да жақты дүньяны көрип қаламан-ғо деп, жылап отырман, — дейди екинши палапан.

— Мени усы екеўинен соң жутатуғын еди, соған еки күн болса да, тиришилик еткеним қуўанып отырман, — депти үшинши палапан.

Жартыбас үшеўинин әңгимесин тыңлап болып:

— Қәне, сизлерди сол әйдарҳадан азат етсем, анаңыз мени жердиң үстине шығара ала ма? — деп палапанлардан сорайды.

— Шығарады, — деп жуўап береди үшеўи бирден.

Жартыбас теректе отыра берди, бир мәҳәли алыстан әйдарҳа ысқырып киятыр екен. Батырымыз жерге түсти. Қылышын еки қолы менен услап, жүзин әйдарҳаның аўзына туўры қаратты. Әйдарҳа жақынлап келип баланы жутпақшы болды. Жартыбастың қылышын туўры қаратып турғанда әйдарҳа ишине тартып еди, қылыш әйдарҳаны тең бөлип кеседи. Сөйтип, Жартыбас терекке минип, палапанларға өлген әйдарҳаны көрсетеди. Қаҳарманлық еткен батыр палапанлардың қанатының астында жата береди.

Бир мәҳәли қатты жаўын жаўады, тынғаннан кейин қатты даўыл турады. Бул да тынып, бир мәҳәли думан түседи.

— Бул нениң белгиси? — деп ол палапанлардан сорайды.

— Жаўын жаўғаны мениң анамның жолда киятырып, бизлерди әйдарҳа жеп қоймаса болар еди, деп жылап киятырғаны еди, — дейди биреўи. —Дүбелей турғаны оның жақынлап киятырғандағы қанатының самалы. Думан түскени анамыз ҳәзир теректиң түбине келгенлиги.

Жартыбас жата береди, Қарақус палапанларына аўқат әкелип береди.

— Балларым, адамзаттың ийиси шығып кетти ғой, — деп палапанларының қанатларын тексерди ҳәм Жартыбасты көрип шоқый баслайды.

Палапанлары анасына:

— Қойың, шоқыман, бизлерди өлимнен алып қалған усы жигит, — дейди үшеўи бирден. — Әне, төменде әйдарҳаны өлтирди.

Қарақус кеширим сорап, Жартыбасқа шыннан миннетдар болып:

— Не тилегиң бар? — деп сорайды.

Батыр:

— Мени жердин үстине шығарсаңыз, — дейди.

Қарақус жигитти үстине мингизип:

— Көзиңди жум, аш дегенде аш, — дейди.

Қус Жартыбасты алып ушады, бир мәҳәли «көзлериңди аш» дейди. Көзин ашса, жигит жердиң үстинде жүрген екен. Қус және «көзиңди жум» дейди. Жумып еди, соңынан «аш» деди, көзлерин ашты. Қус көзден ғайып болып кетти. Жартыбас сарыжайын қолға алып, «досқа тийме, душпанға тий, еки инимниң биреўине тий» деп атып еди, инисиниң биреўине тийипти. Және жаңағыдай етип атып еди, екинши иниси де өледи. Жартыбас баяғы үш сулыўды таўып алып, бирине үйленип, сүйгенине қосылып, мурат-мақсетине жетипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӘЖИБЕК ҲӘМ ҚУБЫЛЫ БАТЫР

(P-98, № 42923)

Бурынғы өткен заманда Абдулла-Заман деген кәмбағал дийқан болыпты. Бул адамның ҳадалдан таўығы, ҳарамнан пышығы да болмапты. Тапқаны тамағына жетпейди екен. Сол ҳалда жүрип, жасы елиўге жеткенше бийперзент болған екен.

Күнлерден бир күни ҳаялы менен екеўи өзлеринин аш-жаланаш ҳәм баласыз өтип баратырғанлығын аўыр қайғырып түни менен уйқыламай отырып, таңның алдында көзлери уйқыға кетипти.

Сол жатыста Абдуллы-Заман түс көрипти. Түсинде сымбаты келискен ақ сақаллы бир баба:

— Ҳәй, мүсәпир, сен жарлылықтан, перзентсизликтен көп сарсылып жүрсең. Саған бир өзи көпке татығандай баҳадыр бир ул берейин, — деп пәтия берип, көзден ғайып болады.

Оянса түси екен. Қуўанышы қойнына сыймай ушып турады. Кеўлине бәнт болып жигирма бес жасында көргенлерин кемпирине жорытып ўақытлары хош болып жүре береди. Арадан көп ўақыт өтпей ҳаялы ҳәмиледар болады. Айы-күни питип, ҳаялы қошқардай ул туўады. Бул қуўанышқа қоңсы-қоба, таныс-билис топланып, атын Қубылы қояды.

Қубылы он сегизинде нардай күшине толып, мереке басқарып, есапта бар жигит болады. Әне, сол жүристен хожалығы да жақсы көркейип, өзинин кәлеген қызына үйленеди. Көп кешикпей ҳаялы жүкли болып, ул туўады. Онын атын Әжибек қояды.

Баласы төрт жасына келеди. Қубылы әкесине:

— Аға, қырық жигитим менен шикарға шығып келейик, кийик атып, сейил етип қайтсақ деген едик, — дейди.

Әкеси азырақ ойланып болып:

— Балам, саған мен бир нәсият айтаман. Соған итибар берсең, руксат беремен, — дейди.

Қубылы нәсиятына қулақ түрип, дыққат аўдаратуғынлығын билдиреди.

— Олай болса, айтайын. Бул кетистен бир ай жол жүрип, Думанлы деген таўға жетесең. Сол таўдың арқа жағынан аўлақта жүрерсең. Бирақ, зинҳарлап айтайын, қублаға өтпе! Егер әке нәсиятына бойсынбасаң, ядында тут, сен маған жоқсаң, мен саған жоқпан, — дейди әкеси.

Сөйтип, Қубылыға қолларын жайып турып:

— Жолыңыз болсын, жортқанда Қыдыр ата жолдасыныз болсын, — деп ақ пәтиясы менен рухсат береди.

Бул да қырық жигитин алып, азық-аўқат пенен керегиниң бәрин алып, ата-енеси, ҳаялы менен хошласып, сапар тартып жүрип кетеди.

Сол жүристен бир ай жол жүрип, әкеси айтқан жерге жетип, шатырларын қурып, мәкан етип аң аўлап жүре береди. Арадан бир неше ай өтип те кетеди.

Бир күни Қубылы узақ ойланады:

— Япырмай, мениң атам мына таўдан арман өтпе, өтсең сен маған жоқ, мен саған жоқ, — деп қайта-қайта зинҳарлап айтты ғой. Не себептен буншелли кәўетерленеди екен? Ол жерде жаў бар ма я дәў бар ма? Қандай нәрсе болса да маған ойланарлық нәрсе екен.

Қубылының баҳадырлығы тутып, «не болса да, айқасса, айқасайын, шабысса, шабысайын, бир шеримди тарқатайын» деп қырық жигитин шақырып, өзинин таўдың қубла тәрепине барып көриўге интасының бар екенлигин билдиреди. Жигитлери атасының баяғы айтқан нәсиятын айтады. Айтқанына турған жигитлерин ертип, таўды алты күн аралап, өлдим-талдым дегенде арғы жағына өтеди. Қараса алма, әнжир, әнар ҳәм тағы да басқа не түрли мийўелердиң барлығы бар екен. Олар қойыў саялы гүжимниң астына төсеклерин салып, бир ҳәпте рәҳәтте жүреди. Сол арада ҳешнәрсе көрмейди.

Бир күни Қубылы жигитлерине қарап:

— Ҳәй, досларым, бул жерге келгендеги мақсетим жатып дем алыў емес, қандай нәрсе барын билиў еди. Келгенимизге сонша ўақыт болды ҳеш нәрсе көрмедик. Бул бағ ешейин көгерип турған жоқ шығар? Бунық бир мәниси болыўы керек ғой. Енди бир қанша тынықтыңыз, шикарда ертең из шарлайық, — деп, жигитлери менен күнниң шығыс тәрепине қарап кете береди.

Бир қанша жол жүргеннен кейин шаршап тынып турады. Әтирапта ушқан қус, шапқан кийик, улыўма ҳеш нәрсе көрмейди де, ҳайран болып және кете береди. Бағдан шет бир даланлыққа шығып еди, бир шөптиң астында жатқан бир қоянға көзи түсти, қоянға қарап Қубылы мыналарды айтты:

— Ҳәй, ор қоян, ор қоян,
Ақылың жоқ сур қоян,
Жатырмысаң уйқылап,
Аяқ-қолың туйықлап.

Бағына келди қырық бир ер,
Хабарласар ҳеш ким жоқ,
Тил-зибаның бар болса,
Бағ кимдики, соны айт,
Сораўыма жуўап бер.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әне, сол ўақлары қоян орнынан ырғып турып, дүр-дүр силкинип, басы алтын, қуйрығы гүмис бир кийик бола қалды.

Сол ўақытта Қубылы:

— Бул бир әндийшели екен, оқ атыўшы болман, қус жибермең, қырқыңыз да сақ болып турың, қол менен услаймыз. Ким де ким кийикти қашырса, өзин өлим жазасына буйыраман, — деп ескертти.

Кийик ортада көзлери жаўтанлап тур. Батыр жигитлери менен қол усласып келе бергенде, кийик Қубылы батырдың төбесинен атылған оқтай зуўлап секирип кетти. Енди батырдың хеш кимге ашыўы жоқ. Ҳазарсыз кийик дүр-дүр силкинип, перийзат бир қыз болды. Бул пери қызы екенине енди түсинди, перийзат турып:

— Сен батыр болғаның менен, тәкаппыр батыр екенсең. Егер менменшилик етпегениңизде, мен сеники едим. Маған ашық болсаң, алты айшылық жолда күнниң батар астында Байшынар деген бар. Әне, сол жерден таўып аласаң, — деп дүр-дүр силкинип, кептер ҳалына түсип ушып кетти.

Енди Қубылы жигитлерине руқсат берип:

— Атама сәлем менен мениң аманатымды тапсырың. Сапарым оң болса, пери қызын алып, он еки айда қайтып келемен, егер айтқан ўақтыма келе алмасам, онда маған бир истиң болғаны, мынаў қус көзликти Әжибек ержетсе меннен нышан болсын, балама берер, — деп хошласып жолға рәўана болды.

Арадан алты ай өтти. Аш-әптада болып, айтқан Байшынарына зордан жетти. Қараса, шынардын астында қус төсектиң үстинде жылўа наз бенен кесте тигип отырған перини көрди. Тағы батырдың дәрти қыйнап, көкиреги ҳаллас урып қызға қарап мынаны айтты:

— Бүлкилдескен жүрегиң,
Бүлкилдеп шубар көйлегиң,
Узын бойлы, қыпша белиң,
Ҳәмме перийден айрықша,
Барайын ба қызгене?
Бармайын ба яргене?
Ақ билегим мойнына,
Салайын ба қызгене?
Салмайын ба яргене?

Сени излеп алты ай,
Жолдасым болды мениң жел,
Сендей пәрий көрмедим,
Ҳинжи тисли, қыпша бел,
Бармайман жүрип қасына,
Ўәдеңде турсаң, перийзат,
Орныңнан турып өзиң кел,
Жақынлап өзиң сәлем бер, — деди.

Сол ўақытта перийзат:

— Әй, адамзат, еле де сениң менменлигиң кетпеген екен-аў. Енди мени излесең сегиз айлық жол күнниң батар жағында Дәрбент таўының қасында гүлзарлар бағынан табасаң, — деп кептер болып ушып кетти.

Қубылы батыр узақ ойланып турып «Батырға қайтпақлық лазым емес, сүйегим сипсе болғанша излеймен» деп өзине-өзи серт етип кейнинен излеп кетти.

Енди бул излей берсин, сөзди Ығлым периден еситиң.

Гүлзарлар бағында уйқылап жатқан жеринде Ерғырыс деген дәў тутып алады. Бул Ерғырыстың мәканы сол таўдың арқа жағында дәўлер қаласында екен. Перини апарып, бир жайға қамап, есигиниң алдына бир сақшыны қойып дәў жата береди.

Енди Қубылы перийдиң айтқан бағына келип, бирқанша күн излеп таппай, дем алайын деп жатып уйқылап кетеди. Батырдың уйқысы қатты, бирнеше күн жатады. Сол жерде буны ҳәм Ерғырыс аяқларын байлап, алып барып темир керегели үйге салып, аўзына сақшы қояды.

— Түрли аўқаттан бериң, жақсылап толысып семирсин, тисимизге азық қыламыз, — деп дәўлер сақшыға тапсырып қоя береди.

Қубылы көзин ашып қараса, бир темир үйде жатыр екен.

— Бәрекелла, «уйқы менен өли тең» деген усы болды ғо. Жатқан жеримнен байлаған екен, ғапылда қалыппан, не болса да көрермен, — деп жатып, өзиниң кисесиндеги алмас ядына түсти, алмасты алып, темир үйдиң керегесин өзи сыйғандай етип кесип, түнде шығып, тың-тыңлап дәўлердиң қай жерде екенлигин, қайсы жерде басшысы бар, соларды билиў ушын бақлап жүреди. Анықлап сер салып, қулақ түрип қараса, үйде дәўлер:

— Бүгин отыз тоғыз күн болды, адамзат қалай да семирген шығар, ертең алып келип, бөлисип жейик, — деп мәсләҳәтлесип атырған екен.

Қубылы дәрҳал кейинине қайтып келсе, сақшы дәўи уйқылап жатыр. Еле оянбаған. Жән-жаққа қарап жүрип бир шоқмар таўып алып, аңлығаны есик болды. Таң атқанда бир дәўди жиберипти.

— Бар, адамзатты алып кел! — деген буйрықты еситти.

Сол дәў есикти ашып ишке кире бергенде «шүй төбең усы ма» деп шоқмар менен қойып қалады. Дәў аўдарылып түседи. Дәўлер жорасының кешиккенине гүманланады:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Кешикти ғой, бизлерден бурын жеп атырған болмасын. Сен барып көрип кел, — деп екинши дәўди жибереди. Қубылы бул дәўди де сондай усыл менен силесин қатырады.

Усы ҳалда барлық қырық дәўди де урып өлтирип, есиктиң бир жағына үйип қоя береди. Енди Ерғырыстың бир өзи қалды.

— Ҳаў, қырқы да кешикти ғой. Егер өзлери бөлисип атырған болса, бәрин қырайын, — деп қәҳәрге минип келсе, жиберген дәўлерин қайсы бир батыр душпаны өлтирип үйип қойыпты. Буларды көрип:

— Бәрекелла, бул баҳадыр адам екен. Оны өлтирмейин, шәрт айтқызып, Дәрбент жолға қараўыл етип қояйын, — дейди.

Көп узамай Ерғырыс Қубылыны услап атып, оның антын алып, қараўыл етип қоятуғынлығын билдирди.

Егер ушқан қус, қашқан кийик болса, атып түсириўди мойнына алып Қубылы Дәрбентке қараўыл болды. Оған дәў атын, өзиниң сарыжайын берди, бирақ, қылыш-найзасын бермеди. Қамақтан қутылғанына қуўанып Қубылы таза ҳаўада, тәбият қойнында сақшы болып жата берди.

Енди сөзди Қубылының баласы Әжибектен еситиң.

Әжибек өсти, камалға келди, нардай күшине толды. Әкесин излемеге пәтия алып, жолға рәўана болды. Неше айлар жол жүрип, әкесиниң иркилип кеткен жерине келип, уйқылап жатырса баяғы баба түсине енип аян берди:

— Әй балам, излеген жоғыңның тусына келдиң. Усы таўдың бир жағында әкең қараўыл болып, дәўге ант етип, «ушқан қус болса да атаман, қашқан кийик болса да атаман» деп жатыр. Сен шаңқай түс ўақытта усы тустан тулпарыңды ушыр, басқа жақтан өте алмайсаң. Түсте әкең уйқылайды, сол ўақытта өтесең. Басқа ўақытта атып өлтиреди, — деди де көзден ғайып болды.

Оянса түси. Бабаның айтқанындай, түсте тулпарды ушырады. Қубылы уйқылы-ояў болып жатырса, аспанда бир нәрсе ушып киятыр. Байқап қараса, өзиниң келген жағынан бир адамзат киятыр.

— Айтқан сертиме тутылмайын, не болса да тулпардың қуйрығын атайын, — деп гөзлеп атып еди, қуйрық желбиреп үзилди.

Әжибек аман-саў жерге түсип, аттан секирип, қол қаўсырып тәжим етип, атын жетелеп келе берди. Жақынлап келгенинде Қубылы:

— Не қарайсаң, оннанша аты-жөниңди айт, доспысаң ямаса душпанбысаң? — деп сары жайын тутты. Бирақ, бул адам оның көзине ысық болып көринди.

— Сиз кеткенде төрт жаста өзиңнен қалған балаңыз Әжибекпен, — деди.

Әкеси:

— Орнында қалған оңалар, сен болмасаң, дәў қолында қалып едим. Мени излеп келген перзентим Әжибексең бе? — деп қушағына қысып, баўырына басып бетинен сүйди.

Сол күни олар жатып дем алды. Ертеңине әкеси баласына:

— Балам, сен бул жерде турма, мени излеп келген пәрийимди өзимнен бир неше күн бурын дәўлердиң басшысы Ерғырыс деген дәў тутып алып, бәнт етип жайға салып, аўзына сақшы қойыпты. Асық, соның менен кет, қалаға әкет, түнниң ярымы болғанда гүмбезли аспан менен барабар үлкен сарайға бар. Сол сарайда Ығлым пери бар. Аўыздағы сақшыны өлтирип, ишке кир, таныстыр, перини алып, сол ақшам усы жерге жет, — деп баласын жолға салды.

Әжибек әкесиниң айтқанындай етип перийди алып жолға шықты. Киятырып жолдан адасып әкесин таппай жүрди, сәске ўақты болды. Олар тоғайда адасып жүре берсин, сөзди дәўден еситиң.

Дәў азанда турса, сақшы өлип атыр, сарайдың темир қапысын қопарып ишиндеги перий қызды алып кетипти. Қатты қәҳәри келип, буны Қубылы ислеген, антын бузған, сениң етиңди жеймен, деп Дәрбентке қарап атланды. Келе сала алпыс батпан шоқмарын көтерип, Қубылының басына урды. Қубылы сәл арылаўда бақлап жатыр еди. Ол ағаштан өзине қусатып исленген, кийимлер менен безелген ағаш сақшы еди, шоқмар ағаш сақшыға тийген ўақытта от шығып аспаны-пәлекке кетти. Батыр басына қалқанын кийди. Бул шыққан көк жолындағы оттың жарқ еткенлигин көрген Әжибек:

— Бәрекелла, дәў азанда көрип, мениң әкемди алды, деп келип, ағаш сақшыны шоқмар менен урған шығар, — деп тулпарға қамшы басып, екинши көтерип ураман дегенде, артынан келип дәўден шоқмарды жулып алып, қайырылып дәўди урды. Дәў аттан түсти, еки батыр қойып па дәўди, өлтирип, жаў-жарағын алып, аман-есен елине қайтып келеди. Үйине келип қуўысқанында дослары, қурбы-қурдаслары, қоңсы-қобалары жыллы жүзлилик пенен күтип алды.

Аманлық-есенлик, тыныспадан кейин Қубылы баласын шақырып алып:

— Балам, мен сонша жыл изине түсип перийди ала алмадым. Қайсы затты болса да «жуўырған алмайды, буйырған алады» деген. Саған несип еткен шығар, сен болмасаң қыз түўе өзимниң сүйегим де сол жерде қалған болар еди, — деп, баласына Ығлым перийди алып берип, үш күн тойын, үш күн ойын берипти. Олар бахытлы турмыс қурып, мурат-мақсетине жетипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚУЛАН БАТЫР ҲӘМ НУРАЛЫ ШЕР
(Р-98, № 42923)

Бурынғы өткен заманда бир батыр болыпты. Онын аты Қулан батыр деген екен. Бул батыр жалғыз қарындасы менен атадан жас жетим қалған екен. Қулан ер жетип камалға келеди.

Күнлерден бир күн ол узақ ойланды:

— Менин қарындасым бой жетип киятыр, бул жерде жасасам, қызға кимнин кеўли кетпейди, жаўым да көбейер, даўым да көбейер, буннан кетейин, елсиз таўлы жерди таўып, мәкан етейин. Соннан кейин өзим қарастырып, бир баҳадыр, кишипейил жигит таўып, өз қолымнан узатайын.

Батыр усылай шешимге келип, сол ақшам ҳеш кимге билдирмей, қарындасы менен елинен шығып кетеди. Бирнеше күн жол жүрип, өзинин кеўлиндегидей бир жерге мәкан етип, кийик-қулан аўлап жүре береди.

Күнлерден бир күн басқа журттың бир патшасы өзинин нөкерлери менен кийик-қулан аўлап сейил етпеге қаласынан шығып, сапар тартады. Бир неше күн жол жүрип, бир дағыстанлыққа келип, кийик аўлап жүреди. Бир күни самал болып, патшаның қусы аспанға шығып сәўирлеп қаласының ығына қарап ушып алып кетеди. Патша буны көрип жолдасларына еки адамды бир шетке шығарып:

— Егер усы қусты таўып келмесеңиз, өлимдар боласыз, малыңыз патшалық, — деп ҳәмир етеди.

Бул еки адам «мақул» деп бас ийзеп излеп кете береди.

Ендиги сөзди Қулан батырдан еситемиз.

Батыр бир күни кийиктиң гөшин қуўырып жеп отырса, үйинин шаңарағына бир қус келип қонады. Пайқас етип қараса, қоңыраўы гүмистен, жығалы патша қусына мегзейди. Батыр:

— Бул қус тегин қус емес, мәгар болса, патшанын қусы, — деп, қусты услап туғырға қондырады. Қарындасына ескертип:

— Өзим үйде барымда келсе жақсы, егер де мен дүздеги ўақтымда жоқты излеп келсе, өзим келмей қусты берме, — дейди.

Күнлерден бир күн батыр аң аўлап кеткен ўақытта уллы сәскеде аш-әптада өлим ҳалатына келип қалған еки адам гейдесин зорға сүйреп, үйге кирип келеди. Буны көрип қыз ҳаўлығып, қорқып орнынан турады. Бул барған еки адам зордан сөйлеп:

— Қорықпа, қарындасым, биз жүрген мүсәпирмиз. Мүмкин болса, бизлерге ас-суў берсеңиз. Бизлер көп күннен берли тамақ ишпей жүр едик, шықпас жанға себеп — сизин үйиңиздиң дуўшар келиўи, — дейди.

Қыз кийик гөшлерин аўқат етип, барған еки адамның алдына қойды. Булар ҳалланып еслерин жыйнаған ўақытта қус салып Қулан батыр келеди. Батырды көрип, булар ийилип тәжим етип орнынан турады. Батыр сәлемин алып, келген мийманлардан жол болсын сорайды.

— Бизлер Зәмбил патшаның нөкерлери едик. Патшамыз бенен кийик-қулан аўлап жүрсек, бир дүбелей самал турып, патшаның қусы сәўирлеп аспанға шығып, самалдың ығына қарап соқты. Соннан соң патшамыз бизлерге «усыннан қусты таўып келмесеңиз өзлерин өлимдар, малыңыз патшалық» деп ғәзеп етти. Мине, қусты излеп шыққанымызға үш ай болды, азық-аўқатларды да таўыстық. Екеўимиздиң еки атымыз бар еди. Аш болғаннан кейин илажсыздан сойып, гөшлерин жеп болдық. Енди өлимге басларымызды байлап, жаннан үмитти үзип киятырсақ, сизин үйиңиздиң үстинен шықтық, — деди биреўи.

— Егер ушыраса қойсаңыз, қусыңызды танийсыз ба? — деп сорады Қулан.

— Егер гезлессек, жақсы таныймыз. Бизлердиң өмиримизди, бала-шағамызды аман алып қалатуғын қусымызды қолымызға берсеңиз, бир өмир сизге мың-мың алғыс айтып жүремиз, — деди биреўи.

Батыр буларды бес-алты күн жақсылап күтип, денсаўлығын беккемлегеннен, өз қәддине келгеннен кейин қусты ҳәм оған қосымша екеўине еки ат берип жолға шығарып салады.

Енди бул екеўи кетип баратырып батырдың қарындасын әңгиме етти.

— Бәрекелла, адам дегенде сондай да мүше бола береди екен-дә, ай десе аўзы бар, күн десе көзи бар, бунындай сулыў перийзатты өмиримде көрмедим. Буннан барайық, патшаға айтайық, ләшкерлери менен ағасын өлтирип, қарындасын патшаға алып барып, ханнан алтын зер алайық, — деп ўәдени бир жерге түйди.

Бул екеўинин биреўи Нәден бақыраўық деген екен. Азанғы сағымда бақырса, даўысы үш күншилик жолға жетеди. Арадан үш күн өтти. Нәден бақыраўық бир төбенин басына шығып:

— Әй, Қулан батыр, бизлер буннан барып патшалыққа сениң перийзат қарындасыңды айтып, патша менен ләшкер жыйнап келип, сени өлтирип, патшаға алып беремиз, — деди.

Бақыраўықтың даўысы азанда қусты алып кийикке кетейин деп тулпарын ертлеп атырған батырдың қулағына тал-тал еситиледи. Буны еситип батыр дәрҳал тулпарға минип, қылыш алып:

— «Жақсылыққа жаманлық» деген усы шығар, сизлердин жазаңызды берейин, — деп қуўып кетеди. Бир жерлерде кейнинен жетип, екеўинин де қулақларын кесип:

— Барың, көрген-билгениңизди патшаға айтып барың. Мен сизлерге рейимим келип, астыларыңызға

www.ziyouz.com kutubxonasi

ат берип жиберип едим. Жақсылықты билмедиңиз, барың, енди билген шығарсыз, — деп жибере берди.

Булар бирнеше күннен кейин елине жетип, патшаның алдына қулақ-мурнынан айырылып журдай болып келди.

— Тақсыр, арзымыз бар еди, — деди олар.

— Кетиң, заңғарлар, сизлер қусты таба алмай, сылтаўға қулақларыңызды кесип келип отырсыз, — деп жәллатты шақырды.

— Жоқ-жоқ, тақсыр, ғарға — өзиң бил, жарылқа — өзиң бил, бизиң еки аўыз арызымызды тыңлап болып өлтириңиз, — деп жалбарынды.

— Тез айтың, — деди патша.

— Айтсақ, тақсыр, қусыңызды излеп жүрип, бир отаўға шықтық. Кирип барсақ, бир нәзелим перийзаттың жүзине көзимиз түсип, бийхуш болып, қулап қалыппыз. Еслеримизди жыйнап қарасақ, сизиң қусыңыз сол отаўда екен. Буның қалай келгенин қыз айтты:

— Сәскеде майданға шықсам, ғайбана қус келип басыма қонды, соннан берли үйде.

Бизлер шай иштик, отырдық, қыздың ағасы қус салып келди. Бизлер қарындасын сизге айттырдық. Барлық ғазнаңды бердик, турмады, мал-мүлкиңди бердик, турмады, әбден жетпеген соң қусыңды хәм екеўимиз қулақ мурнымызды кесип өткердик, — деди биреўи.

Патша:

— Гәплериңиз ырас па? — деп сорады.

— Олла-биллә, ырас, тақсыр, сонда да питим болмады, келиспеди, — деди екиншиси.

— Енди қалайынша ол сулыўға ерисемен? — деди патша турып.

— Тақсыр, хеш қандай машқаласы жоқ. Елдеги барлық адамды, жасын-ғаррысын қалдырмай сол жерге айдайсыз. Болмаса баҳадыр жигит сизге пай бермейди.

Патша ақылгөйи менен ойласып, қалаға жар урғызды.

— Мениң қол астымдағы жаслар да, ғаррылар да ләшкерликке алынады. Пәлен деген жерде Қулан батыр деген бар. Сол батырды өлтирип, қарындасын алыўға жәрдемге, — деп жар салдырды.

Ҳүкимдар айтқанда не турыс, барлығы буйрыққа бойсынып жыйналды. Патша ләшкерлерин жыйнап, Қулан батырға бағдар алып жүре берсин. Ендиги сөзди Қуланнан еситиң.

Батыр қырық күнде бир уйқылайды, уйқыласа да қырық күн уйқылайды екен. Уйқыға жатқанына он күн болған екен. Қарындасы азанда далаға шығып, тум-тусқа қарап турса, күнниң астында думанлы ушы-қыйыры жоқ ләшкер көринди. Қыз хаўлығып келе сала дәрҳал ағасын оятпақшы болып қатты-қатты жулқылайды. Бирақ, оған ағасы оянбайды. Жаў жақынлап қалды, не ислерин билмей ағасының найзасын алып, жамбасына суққан ўақытта:

— Пай, усы жердиң шыбыны уйқыңа маза бермейди, — деп аўдарылып түседи.

Тағы жулқылап:

— Ағажан, турың! Шыбын емес, жаў киятыр! Мен ойран болайын дегеннен соң жамбасыңа найза суқтым, — дейди.

Батыр дәрҳал аўқатланып, тулпарын ертлеп, саўытын кийип, жаў-жарағын алып, душпанның алдына шығады. Сол ўақытта қанлы урыс басланды. Шөпте-шарда есап бар да, аламанда есап жоқ. Бирнеше күн урыс алып барған Қулан батыр қас душпанларын шетинен қырып, жаўды жеңип, қашқан патшаның кейнинен қуўады. Бир жерлерде изинен жетип мойнына шылбыр салып:

— Сени шаўып өлтиргеннен, зинданға таслап, азап пенен өлтирейин, — деп зинданына таслайды. Сөйтип, келип саўытын шешип, жуўынып, жақсы аўқатланып болып, тағы уйқыға кириседи.

Енди қарындасы бираз ойланып:

— Мен болсам ер жеттим. Маған ағамның басы айланбайды. Қыя дүзде елсиз, күнсиз жерде жабынып жүргенше, усы өликлерди излейин. Қолын шаўған я аяқтан айырылған бар болса, дәрилеп келеге келтирип, өзиме жасырын ер қылайын, — деп өликлерди аралап кетеди.

Үш күн, төрт күн излейди, хешқандай шалажансар да таппайды. Бир ўақытлары жүрип бир сүйреткиниң изин табады. Жағалап барса, зинданның үстинен шығады. Үңилип қараса, өли емес, я тири емес, шалажансар биреў жатыр. Қыз қуўанып кетеди. Дәрриў бир кесекти алып, бир урады. Патша көзин ашып қараса, бир перийзат турыпты. Қыз және кесек пенен урып:

— Зинданнан шығарсам, нем боларсаң? — дейди.

Патша «әкең боларман» дейди.

— Әкеден күйген нашарман, — деп және урады. — Нем боларсаң?

— Ағаң боларман.

— Ағадан да күйген нашарман, — деп тағы урады. —Нем боларсаң?

Патша ойланады: — Өзи өлетуғын адамман, «ериң, күйеўиң боламан» деп те айтып көрейин.

— Ақшам ериң, күндиз күниң боларман, — дейди патша.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әне, жаңа жөнлестиң, — деп, үйине барып ағасының тулпарын алып келип, қырық қулаш шылбырын зинданға таслайды. Тулпарға сүйретип патшаны шығарып, үйине әкелип, жақсы аўқатлардан берип, заўқы-сапа сүрип жүре береди.

Енди батырдың оянар ўақты жақынлады. Сонда қыз патшаға:

— Ағам оянып, сени көрип қойса, екеўимизди де өлтиреди. Сен мынаў атамнан қалған геўсандыққа кирип жата бер. Ағам аңға кеткен ўақытында өзим шығарып аламан, — деп геўсандыққа тықты.

Әне, усы ҳалда екеўи сездирмей оңысық етип жүре береди. Бир күнлери патша:

— Мен сениң ушын сонша халқымнан айрылдым, елимнен айрылдым. Егер сен мени десең, ағаңнан без, я меннен без, — деди.

— Ағамнан безсем безермен дә, сеннен безбеймен, бирақ аңсат қутылыўдың жолын тап, — деди батырдың қарындасы.

— Оның жолы аңсат. Барсакелмес деген жер бар. Сол жерде бир әйдарҳа бар, соған жумсаймыз. Сен ағаң келген ўақытта өтирик аўырып, өзиңди есиктен төрге, төрден есикке боз боран болып жылап, өлер ҳалатында бол. Сеннен ол «не болды бунша?» деп сорар, сол ўақта демиңди бөлип-бөлип сөйле, мен усындай аўырыўға дус болдым. Жаңа сениң келер алдында жаным жай таўып уйқылап кеткен екенмен. Түсиме аян берди. «Барсакелместе бир әйдарҳа бар, сол әйдарҳаның қанын алып келип, денеңе жағып, өзиңди жыллы саклап жатсаң, соннан шыпа салып, тәўир боласаң деп айтты» де ҳәм соннан ағаң өледи, — деди патша.

Қыз ағасы келер ўақытты күтип отырды. Ағасы жақынлағаннан баслап өтириктен тап патша айтқандай болып аўнап атты. Қарындасының даўысын еситип, тулпарын байламай, дәрриў үйге кирди. Қараса, жалғыз қарындасы өлер ҳалатта жатыр.

— Шырағым, не таптың, бир өзиң дағыстанлықта болған соң пери салқынын салды ма? — деп батыр қатты қайғырып, басын дизесиниң үстине қойды.

Бир ўақытлары қарындасы көзин аўдарып, әжептәўир болып ағасына қарап:

— Аға, тез атланың, болмаса мен жас басымнан дүньядан өтемен. Жаңа сениң келер алдында жаным жай таўып көзим илинипти екен. Түсиме аян етти, Барсакелмес деген жерде әйдарҳа бар қусайды. Соның қанынан шыпа табасаң деп айтты, — деп, ол патшаның айтқанынан да зыятлаў етип айтты.

— Егер соннан тәўир болатуғын болсаң, тезирек барайын, — деп, сол ўақытта тулпарға минип жаў-жарағын ҳәм қаўсырма зеренин алып, «әйдарҳа қайдасаң?» деп алға жүрип кетти.

Бир неше күн жол жүрип бир бәлент таўға жетти. Таўдың үсти менен де бир неше күн жүрди. Кетип баратырса, алдынан бир ылашық шықты. Батыр «Усы ылашыққа түсейин. Тилге түсингендей мақлуқ болса, жол сорайын» деп аттан түсип ишкери кирди. Қараса, бир ҳаял отыр. Ҳәр ийнинде бир адам отырғандай жүдә толы ири екен. Батырды көриўден «келин» деп көрпеше төседи. Батыр жоқары шықты. Шай-суў ишти. Сол ҳаял батырдан жол болсын сорады. Қулан басынан өткенниң бәрин айтты. Барлығын еситкен ҳаял:

— Мен өзиңдей ер жигиттиң ҳаялы едим. Еримди бир атланыста жаў өлтирип, соннан берли бир өзим жасайман. Енди мен саған қыяметлик апа болайын. Сен мениң туўысқаным бол. Излеп киятырған әйдарҳаң усы жерге үш күнлик жерде турады. Ол жағына да өзим жәрдем беремен, — деди.

Батыр «яқшы» деп, биреўи апа, биреўи ини болып, сол жерде жата берди. Бир күни апасы:

— Бүгин әйдарҳаның уйқылағанына алты күн болды. Усы жатыста қырық күн уйқылайды. Енди сен бар. Үстинде турып қылышың менен қуйрығын кесип, зерениңе қанынан толтырып ал да, тулпардың басын жаздырып, қамшы бас, бираз ўақыттан кейин ашыўына шыдамай әйдарҳа сени деми менен тартар. Сол ўақытта шапқан атың желгендей, желген атың турғандай болар, сен маған «апа, өзиңнен ҳайран болмаса, кеттим» дегейсең. Басқа жағын өзим келистиремен, — деп инисин жолға салды.

Барса әйдарҳа уйқылап жатырған екен. Апасы айтқандай етип қанын алып, тулпарды барынша шаўып киятырса, шапқан аты желгендей, желген аты турғандай болып еди, Қулан батыр:

— Апа, өзиңнен ҳайран болмаса, мен әйдарҳаға жемтик болдым, — деди.

Сол ўақытта апасы далаға шығып:

— Ҳей, әйдарҳа, мен сениң менен бир қанша жыл қоңсы отырып, мениң туўысқаным ел ушын бир уртлам қаныңды алғанға, онша ғәзебиңди тигип, сеники уят емес пе? — деди.

Сол ўақытта әйдарҳа «ондай болса бизики тентеклик болыпты» деп орнында жатып қалыпты. Батыр апасына келип, аттан түсип шай- суў ишемен дегенше инисиниң көзиниң тасасын алып зерендиң орнына тап сол зерендей басқасын қойып, оны алып қалды.

Енди, батыр атланды. Сол жүристен күн-түн жүрип, үйине келди.

Батырдың келгенин қарындасы билип, дәрриў патшаны сандығына жасырып баяғы ағасы кеткен ҳалатында жата берди. Ағасы кирип:

— Келдим, қарағым, қалайсаң, тәўирсең бе? — деп хал-аўҳалын сорады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳей, аға, ҳалымды сорайсаң, тек шықпаған жаным бар, — деди.
— Олай болса, айтқан өшинди алып келдим, — деп қолына берди.
Тула бойына жағып, бастырынып уйқылаған болып жатты. Бираз ўақыттан оянған болып көзин ашты. Ағасы еле бас ушында отыр екен. Көзин ашқанын көрип, қуўанып кетти:
— Шырағым, шыпа салды ма? — деди.
— Аға тәуирмен, — деп орнынан турып, жеңил-желпи хызметине айланысып кетти.
Батыр ҳешнәрседен хабарсыз, қәдимги кәри — қусын көтерип аңға шығып кетти. Буннан кейин патша сандықтан шығып батырдың қарындасына:
— Ағаң әйдарҳадан да аман келди, енди сен арадан үш күн өткен соң бурынғыдан да бетерирек болып кеселлен. Тағы түсимде аян етти де. «Сол барған әйдарҳаңның күнбатар жағында бир булақ бар, сол булақтан суў алып келип, суўға шомылдырса, қалғанын ишсең сол пайда болып, енеден туўған қәддине келесең» деди де. Сол сапардан ағаң аман қайтпайды, — деп ақыл берди.
Қыз арадан үш күн өткеннен соң ағасы келген ўақтында бир түрли адам түсинде болмастай кеселленип болды. Буны көрип батырдың төбесине муз қуйылғандай қапа болды:
— Шырағым, тағы қандай кеселге тап болыпсаң? — деди.
— Ағажан, менин түсимде аян етти, қай ўақытта да сени алатуғын аўырыў бар. Ағаңа айт, туўысқанға жаны ашыйтуғын болса, кеселдиң алдын алсын. Сол барған жериңниң күн батыс жеринде булақ бар, соннан суў алып шомылсаң, қалғанын ишсең, сол шыпа салып, енеден туўған қәддиңе келесең деди, — дейди қарындасы.
Буны еситип батырдың жаны шоршынып, дәрриў тулпарға минип, қаўсырма зеренди алып жаўжарағы менен « булақ қайдасаң?» деп жүрип кетти. Сол жүристен қәдимги апасына келди. Болған истиң бәрин баян етти. Апасы:
— Ҳей, иним, аўыр иске жумсаған екен. Бармасаң болмас, буннан бар, булақтан ат үстинде турып, ыдысыңа суў толтырып, атқа қамшы бас, булақ кейниңнен тасып қуўар, изиңнен шапқан аттың желиси келер, кем-кем изиңе жақынлаған ўақытта «Ал, апа, өзиңнен ҳайран болмаса, мен кеттим» де. Сол ўақытта өзим жәрдем беремен, — деди.
Жигит жолға түсти. Апасы айтқандай, суўды алып атқа қамшы басты, булақ кейнинен тасып қуўды. Аттың жилигине кем-кем жақынласқан ўақта, «ал, апа, өзиңнен ҳайран болмаса, мен кеттим» деди. Сол замат апасы қолына дүмшесин алып:
— Ҳей, кәраматлы булақ, сениң менен сонша жыл қоңсы отырып, мениң инимниң басына ис түсип, бир қасық суўыңды алғанға онша ашыў етип, сеники уят емес пе? — деп еди, булақ:
— Сениң иниң болса, әнтек болған екен ғой, — деп кейнине қайтты.
Батыр апасына келип шай-суў ишемен дегенше есабын таўып, орнына суўы менен басқа ыдыс қойды. Батыр суў алып, үйине кетти. Бир неше күн жол жүрип, жақынлаған ўақытта аттың дүбирлисин еситип, қарындасы ағасынын аман киятырғанлығын көрип «буннан да аман киятыр ғой» деп, дәрҳал патшаны сандыққа салып, өзи есик пенен төрге аўнап жата берди. Кириўден қарындасының басын сүйеп алып, келген суўды қолына берди. Суўды алып батыр сыртта жүргенде «иштим» деп төгип таслап, «хай-хай, ишиўден тәуир болдым» деп турып кетеди. Қарындасының тәуир болғанына батыр мәс болып, атын минип қусын көтерип, аң аўламаға кетеди. Сонда патша:
— Ағаң екеўинен де өлмей келди. Бунын бир өлиў жолы мынаў. Ағаң батыр жигит, билиўи керек. «Шатыраш ойын деген ойын бар, соны маған үйрет, бир өзим ишим писип отыра алмайман. Сен дүзге кеткенде ойнап отыраман» деп айт, саған үйретеди, соннан кейин сени ута берер, сен жыла, жылаған соң жубатаман деп өзи де утылар. Екиншиде «ортаға шәрт қояман, ол да мынадай болсын: ким утылса, шунатайын артына қайырып байлағайлы» де. Сөйтип мениң айтқанымдай утылған ўақытта қолын артына қайырып, тас етип байлап, мени шығар, өзим илажын етемен, — деди.
Қыз ағасы келген ўақытта патшаның айтқанындай етип, ағасынан шатыраш ойынын үйретиўди соранды. «Батыр аңқаў, ер гөдек» дегендей, ол да разы болады.
— Ондай болса жүдә жақсы, үйретейин, саған да ермек керек, ырас айтасаң, қарағым, — деп шатыраш ойынды үйретти.
Ағасы ута береди, оған ары келип қарындасы жылайды. Буны батыр көрип:
— Меники уят болған екен ғой. Кейнимде көзимниң қарашығындай жалғыз қарындасым, буның да кеўлин қабартып, қой, утылайын, кеўлин жубатайын, — деп жортаға утылды.
Қыз сыр билдирмей жәдигөйлик пенен күлимсиреп, ағасы бир-еки утылғаннан соң:
— Аға, ортаға қояйық, ким утылса, оның қолын артына қайырып, еки шунатайынан байлағайлы болсын, сол байлағанды өзи үзип жаздырсын, — деди.
Ағасы қайылшылық билдирди. Тағы қарындасын утты, қолын артына қайырып, аўырсынар деп шүберектиң жыртығы менен байлайды. Олай тартынып, булай тартынып, үзип жаздырылды, тағы бир

www.ziyouz.com kutubxonasi

ўаклары ағасы утылады, кыз «аға, ўәдеде тур» дейди. Ағасы «ўай-буў, шырағым, байлай ғой» деп руқсат береди. Барып қыстырыўлы турған қырық қулаш жипек арқанды алып келип, қолын қайырып, шунатайынан шығанағын қосып ийнине дейин беккем етип байлайды.

— Ал, аға, батырсаң ғой, усы арканды үз, — дейди қарындасы.

Әри тартынады, бери тартынады, үзилмейди, көп ўақыт тартынады, күшине шыдамай ийнинен қолының ушына дейин териси айырылып кетеди, үзе алмайды. Болмаған соң:

— Қарағым, үзе алмадым, мени уттың, енди шеше ғой, — дейди.

— Ырас үзе алмадыңыз ба? Онда аяғыңды байлайман, ең болмаса биреўин үз, — деп аяғын да тас етип байлайды. Буны да үзе алмайды. Топ болып қалды. Анық үзе алмағанын билип сандықтан патшаны шығарады. Патша шығып қылышты алып тең бөлип таслайды.

Сол ўақытта баяғы апасы сыйқырлық пенен қоржын артылған ғашыр болып жетип келди. Патша өлген батырды коржынның еки жағасына салып жибере берди. Ғашыр баяғы ылашыққа барып, өзиниң адам қәддине келип, инисин қоржыннан шығарып, жасырып қалған айдәрханың қанын шабылған жерине жағып, геўдесин бириктирип, кейнинен булақтың суўына жуўындырды. Батыр:

— Қатты уйқылап кетиппен-аў, — деп орнынан турды.

— Жоқ, сен уйқылағаның жоқ, сен үйине қус излеп келген патшаның еки адамының қулак-мурнын кесип един. Соннан жаў болып, патша ләшкер алып үстине келди. Урыс етип жаўды жеңип, патшаны зинданға таслады, қарындасың Гүлсин өзине ылайық ер излеп, өликлерди де излеп жүрип зинданда жатқан патшаның үстинен шығып, зинданнан шығарып алып, сол патшаның силтеўи менен сени әйдарҳаға, оннан соң булақтың суўына жиберип еди. Мен алып келгенлериңди алып қалып едим. Сени патша өлтирген ўақытта үстиме қоржын артып ғашыр болып бардым. Бул тәўир келди, отлап жүрип, бир шөлистанлыққа таслар деп артып жиберди. Үйге алып келип, қанды жағып, кейнинен суўға денеңди шомылдырып тирилтип алдым, — деп көрген азапларын батырдың көз алдына келтирип, апасы сөзин тамам етти.

Енди, Қулан батырдың қатты ашыўы келип, атланып, өзиниң үйине жол тартып барды.

Патша «батырдан қутылдық» деп кәўетерсиз мәзи-майрам болып атырғанының үстине барды. Батырды көрип, дәрриў патша геўсандыққа кирип баратырғанда аяғынан услап суўырып алып, әўели гүнасын мойнына қойып, кейнинен:

— Мынаў соған ылайық жазаңыз, — деп екеўин өлтирип, үйин көширип апасына барды. Қулан батыр бурынғы талабы бойынша кийик-қулан аўлап жүре берди.

Бир күнлери апасы суў алып киятырып, жолдан қундақта жатырған бир бала таўып алды. Баланың бармақлары басқаша, көзлери кеседей әжайып болып көринди.

— Жүдә жақсы болды. Қулан жекке еди, ини болатуғын болды, — деп үйине алып келди.

Қулан қус салып келген соң апасы баланы көрсетти. Батырдың да ўақты хош болды, атын Нуралы Шер деп қойды. Нуралы төрттен беске шығады, алты жасында сарыжайға үйренди. Он төртинде Қулан батыр үстине саўыт кийгизип, найзаласыўдың, қылышласыўдың әлўан сырларын үйретти.

Бир күни Нуралы Шер бир түп гүжимниң астында уйқылы-ояў жатырса, булт басып аспанды қаплап киятырған бир бөлеге көзи түсти. Қәўипленип садақтан оқ алып, сарыжайға салып атып жиберди. Бул оғада үлкен қус еди. Нуралыны сол қус алмақшы болғанда, «жан жериң» деп сары жайды тартты. Қус болса гүжимге түсти. Салмағына шыдай алмай гүжим қулады, Нуралы шақа астынан өзин алып қалды, келип анасына түсиргенин айтты ҳәм қандай жырткыш екенлигин сорады. Анасы:

— Атып өлтиргениң жақсы болған екен. Бул қус емес, бул күнниң батыс астында Зүлпи пәрий дегенди урлап кетип, саклап атырған дәў бар. Сол дәўдиң сақшыда турған бир әйдарҳасы тағы бирқанша дәўи бар. Сол дәўлердиң атасы Зүнәш деген сени қара тастан билип, сыйқырлы жәдигөй кемпирди жиберипти, — деп түсиндирди.

Күнлерден бир күн Қулан батыр майданға шықса, күншығардан бир күн, күнбатардан бир күн шығып тур. Батыр ҳайран қалып, апасына қарап:

— Апа, күншығардан шыққан кәдимги күн, ал, күнбатардан шыққан не күн? — деп сорады.

Апасы айтқысы келмеп еди, Қулан батыр тәкирарлап сорай берди. Айтпаўға да болмады.

— Айтайын, — деп баласы Нуралы Шерге айтқанын қайтадан айтты. Буны еситкен Қулан батыр:

— Сол пәрийге ғайбана ашық болдым. Бармасам болмайды, — деп тулпарын минип, жол жүрип дәў турған жерге жетти. Батырдың келгенин билип, әйдарҳаға хабарлады. Әйдарҳа дем тартып батырды жутып жиберди.

Енди, Нуралы Шер ағасы кеткеннен соң бул да анасынан руқсат алып, кейнинен шыққан екен. Көп узамай ол да жетип келди. Буны да әйдарҳа тартты. Нуралы Шер жеңислик бермеди. Әйдарҳа менен шабысып, ишин жарып, ағасын шығарып алды. Екеўи дәўлер менен урыс алып барып, барлық сақшыдағы турған дәўлерин өлтирди. Зүнәш келип:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сизлер ғапылда әйдарҳамызды, барлық сақшы дәўимди өлтирипсиз, батыр болсаңыз жекпе- жек шығын, — деди.

Нуралы Шер:

— Аға, талабым оңынан болды. Маған усы дәўди саўғаға бер. Мен айқасаман, — деп Қулан батырдан руқсат сорады.

Батыр келисим берди. Дәў менен Нуралы Шер жети күн, жети түн айқасып, бәламат душпанын жығып, өлтирип, пәрийди алып, үйине саў-саламат қайтты.

Бир күнлери иниси менен батыр аң аўлап жүргенинде, пәрий қызды биреўлер урлап кетипти. Үйине келсе, жоқ. Қулан батыр қатты қапа болып излеп кетти. Хеш жерден дәрек таппай, бир ақсақаллы ғаррыны ушыратып, өзиниң излеп жүрген жоғынан дәрек сорады. Ғарры:

— Ашығыңды пәлен таўдың басында турыўшы сақалы үш қарыс, бойы бир қарыс, үш аяқлы байталын минген жәдигөй ғарры бар. Мәгар болса, сол алып кеткен, — деди. — Бирақ оны сен тулпарың менен услай алмайсаң. Себеби, таўдың жолы жоқ, билсең, жәдигөй ғаррының көп жылқысы бар, сәске ўақта таўдың етегинде булақтан суў ишпеге келеди. Сен атыңды минип, бир жерге байлап, пиядалап бар. Суўдың жағасынан өзиң шуқыр қазып, жасырынып жат, тулпарлары суўға келип ишип атырғанда секирип үстине мин, үркип көтерип ушып таўдың басына шығарып таслар, — деди.

Қулан батыр жол жүрди, жол жүрсе де мол жүрди. Ғаррының айтқан таўына барды. Тулпарын алысқа байлап, өзи пияда барып, тап ғарры айтқандай етип таўдың үстине барды. Сер салып қараса, күн менен жарқырап бир отаў тур. Ишине кирип барса, өзиниң ашығы Зүлпи бойы бир қарыс, сақалы үш қарыстың сақалын тартып отыр. Батырды көрип, қушағын аша жүўырды. Сол ўақытта ғарры екеўи айқасты. Әйле-пәйлеге қаратпай аяқ-қолын сақалының бир қылы менен байлап таслады. Солай етип, батыр жата берсин.

Нуралы Шер де ағасын излеп жүрип, ағасы көрген ғаррының алдынан шығады. Ғарры жол болсын сорайды. Батыр бала ағасын излеп жүргенин айтты. Қулан батырға қандай силтеў берген болса, буған сондай етип силтеў берди. Сөйтип, турып:

— Мен ағаңа мынаны айтыўды умытыппан. Мәгар, ағаңды өлтирди яки байлап таслады. Сен таўға шығып, таўды көресең. Отаўға он қәдем жерде егиўли гүл бар. Сол гүлдиң ишинде отыр. Жәдигөй ғарры жеңгеңди «гүл алып кел, ийискеп жатаман» деп гүлге жумсайды. Жеңгең келген ўақытта сени көрип, жәрдемин берер, болмаса ол дуўахан ғарры саған алдырмайды.

Нуралы атын минип, ағасы келген жерге келди. Бул да сондай етип таўға шықты. Гүлдиң ишинде жатады. Жәдигөй ғаррының ийискеўине гүл үзбеге келип, келиншек кәйнисин көрди.

— Азаматым келдиң бе, барып айқасарсаң, жыққан ўағыңда айт: «мен сени таслап кетемен, маған жөниңди айт, болмаса көп азаплап, отқа өртеймен» де, бүгин маған мақтанып, өзиниң жаны бөлек жерде турғанлығын айтты, — деди.

Батыр бала қылышын қолына алып, жәдигөйдиң үстине барды. Ғарры тура айқасады. Нуралы Шер ғаррыны жығып:

— Маған жаның қайда екенлигин айтпасаң, отқа өртеп азаплайман, — деди.

Жәдигөй батырдан қутыла алмайтуғынлығын билип, жанының қайда турғанлығын айтты. Жаны сол отаўдың ишинде қусайды. Төсектиң астынан ашылған қапы бар. Ишкери кирсе, адамның ойлап таба алмайтуғын орнына жай ислеп, ишине шам жағып, хәртүрли баҳалы затлар менен безеп қойған екен. Ғарры бир кишкентай алтын аршаны ашты. Ишинен кишкентай шийшеде турған шыбынды алды.

— Енди мениң ағамды таўып бер, — деди Нуралы ғәзеп пенен.

Ғарры жанынан айырылып қалыўдан қорыққанынан ағасын таўып берди. Қараса, ағасы өлер ҳалында екен. Дәрҳал жаздырып алып, суў берип, келеге келтирди. Соңынан жәдигөй ғаррыға:

— Сени азат етип жиберемен. Барлық дүнья-малыңды, тулпарларыңды бизлер турған жерге алып барасаң, — деди Нуралы.

Ғарры көзди ашып жумғанша айтқанындай етип барлық байлықларын алып барды.

Батырлар апасы менен ҳал-аўҳал сорасып болып, оған басынан кеширген болған ўақыя-ҳәдийселерин айтып берди. Сонда апасы:

— Ол ғарры тек мениң емес, ал, пүткил адамзаттың душпаны. Ол еле қәўип туўдырыўы мүмкин. Сонлықтан да оның жанын езиў керек, — деди хүрейленип.

Ҳаял қолына ғаррының жанын алып, қысып жиберди. Сол пайыт аспан гүмбези қап-қара түтин аралас бултқа толды да, жаўын жаўып, соңынан жарқыраған қуяш шықты.

— Әне, енди жәдигөй ғаррыдан, жаманлық дәрегинен қутылдық, — деди апасы қуўанып.

Сөйтип, Қулан батыр, Нуралы Шер барлық душпанларынан қутылып, пәрий қыз, улыўма барлығы узақ дәўран сүрип, мурат-мақсетине жетипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАРТЫБАС БАТЫР

(Р-98, №42923)

Әййемги өткен заманда бир адам болған екен. Ол ҳаялы менен екеўи ғана жасапты. Бул адам байлардың жумысын ислейди. Ал, ҳаялы солардың дигирманын тартып, мийнетинен тапқаны екеўине аўқатқа зорға жетер екен.

Бир күнлери жарлы адам байдан хорлық, азап көрип, шыдай алмай катты өкинди:

— Дүньяға шығып, қарным тойып ас ише алмай, қайғысыз жасай алмадым. Өмиримнин қызықлы ўақты өтти. Орта жасқа келдим. Бизден я ул, я қыз болмады. Бүйтип азапта жүрип тиришилик еткеннен, басымды алып, қыя майдан елсиз жерде өлгеним жақсы, — деп ҳаялына да билдирмей, етек-женин кесип, «ҳуў-ҳақ» деп елинен шығып кетеди.

Жол жүрди, жол жүрсе де мол жүрди. Жарлы адам аш-әптада болып, жүриўге диңкеси болмай, демалып отырып, ақыры уйқылап кетипти. Сол жатырғаннан түс көрди. Түсинде үстинде меллеси, қолында сырлы ҳасасы бар, сын-сымбаты келискен ак сақаллы бир ғаррыны көрди. Оған сәлем берди. Ғарры сәлемин әлик алып:

— Бул қыя майдан жәзийра шөлде не қылып жүрген адамзатсан? — деп сорады.

— Мен усы жасқа шекем байдан көп азап-ақырет шектим. Орта жасқа келип бийперзент болдым. Сөйтип жүрип жасымның көби кетип, азы қалды. Ендиги өмиримниң қандай қызығы болар деп, өзимди өлим жолына алып шықтым, — деп жуўап берди жарлы адам.

— Олай етпе, перзент пенен дүньяның ерте-кешлиги жоқ. Мына алмаларды ал, апарып жуптыңа бер. Кешикпей жүйреме-жүйре үш уллы боласаң, — деп ғарры оған үш алма берди.

Оянса түси екен. Бирак, қолында үш алма бар. Ол қуўанып кетеди. Сол ўақытта кейнине қайтып, үйине жүрип киятырып, аш болып, көзи қызды.

— Ҳаялым не, өзим не, екеўимиз бир адамбыз ғой. Алманың биреўин алып, жартысын жеп, жүрек жалғайын, — деп алмаларды алып қараса, ишинде бир алма сондай рәўишли екен. Сол алманың жартысын жеп, қалған алмаларды хаялына әкелип береди. Ҳаялы жеп алады. Көп кешикпей ҳаялы жүкли болады. Айы-күни толып, ул туўады. Сол ҳалда бирим-бирим екеўин туўып, үшинши баласынның басын жарты етип туўады. Күйеўи де, ҳаялы да буған хайран болады.

Балалар ержетип, үлкен жигит болды. Бир күни әкесине:

— Бизлер бүйтип тарығып отырмайық. Мынаў Жартыбасты алдастырып алып қалың. Бизлер екеўимиз бир еллерге барып, талап ислеп, напақа таўып қайтайық, — дейди балалары.

Әкеси илажсыз руқсат берди. Балалары жолға шыққанда Жартыбас та кейнинен жетип:

— Сизлер қай жаққа барасыз? — деп ағаларынан сорады.

Ағалары:

— Сен қал, жолда сени қасқыр жеп қояды, — деп қорқытып еди, бул сөзге Жартыбас көнбей:

—Мен де бараман. Сизлерден аз ислемеймен, мени де алып кетиң, — деди.

— Жоқ-жоқ, қал, — деп урып-соғып таслап кетти.

Арадан бир күн өткен соң Жартыбас ағаларының изин қуўып, кейнинен кетти. Бир күнлери еки ағасының уйқылап жатқанының үстине барып, бул да қасында уйқылап қалды. Ағалары оянып қараса, қасында уйқылап жатырған Жартыбасты көрди.

— Бул бизиң айтқанымызды тыңламай, келипти ғой. Қолын арқан менен байлап кетейик, — деп, сол жатқан жердеги қулап жатқан терекке апарып байлап кетеди.

Жартыбас бирнеше күн уйқылап, оянып қараса, терекке байлаўлы жатырғанын көреди. Ағаларым мени сынамаға ислеген шығар деп, теректи арқалап, кейнинен жүрип кете береди. Тағы бир күнлери көшип кеткен халыққа дус келеди. Аралап жүрип, еки ағасының бир гөне жайда уйқылап жатырғанының үстине шығады. Ол да тереги менен жата алмай, тамға сүйенип отырып уйқылап кетипти. Ағалары оянса, Жартыбастың терекке сүйенип уйқылап жатырғанын көрип:

— Мынаў бир түрли бәле шығар, жақсы болғанда бизлердей басы саў болар еди, буны жатқан жеринде тағы байлайық, жин-шайтанлар жесин, — деп, тағы арқан менен тамның бир қапталына байлап кетеди.

Кетип баратырса алдынан бир үлкен бағ шығады. Екеўи бағқа келип қараса, хәртүрли жемис, мийўелер бар. «Елсиз жерде бул қандай бағ?» деп хәр жаққа көз жиберип қарайды. Хеш кимди көрмейди. Бизлердей ашлықтан қыйналған жолаўшы жесин, деп егип қойған шығар, деп алмалардан жей баслайды.

Сол ўақытта жалмаўыз кемпир қызына:

— Бағқа қара, биреўлер келген болмасын, — деп көрип келиўге жибереди. Қыз бағқа жақынлап келди. Еки адамның алма жеп турғанын көрип, дәрхал қайтып кемпирге айтады. Кемпир:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қәйтип жеп тур? — дейди.

— Биреўден үзип алып жеп тур? — дейди қызы.

— Онда аңсат екен ғой, — деп, барып екеўин услап алып, бир тал шашы менен қол-аяқларын байлап, ҳарам қаны шақсын деп бийтли көрпесине орап таслайды.

Бир күни уйқысы қанып Жартыбас оянса, өзинин тамға байлаўлы турғанын көреди. «Ҳап» деп тамнын бир қапталын арқалап, ағаларынын изин қуўып кетип баратырса, жартысы сынған қылыштын жатқанын көреди. «Табылған олжа шығар, бир керек жери болар» деп алып кете береди.

Ол да ағалары барған бағқа жетти. Аш болып қалған батыр еки қоллап жапырағы менен аўзына асай берди. Жалмаўыз кемпир қызына және:

— Қара, бағқа биреў келди ме? — деп жумсап жибереди.

Қызы бағқа барса, биреў арқасында бир теректи, тағы тамнын бир қапталын көтерип алма жеп тур екен. Дәрриў кемпирге келип:

— Апа, бир адам арқасында бир терек, тағы тамнын қапталын көтерип, бағқа келип жапырақлары менен алмаларды еки қоллап аўзына тығып тур, — дейди.

— Бул баҳадыр, палўан екен, оны услаў қыйынлаў турар, — деп, жалмаўыз кемпир қорықса да, бара батыр менен алысты. Көп қыйыншылық пенен Жартыбас жалмаўызды зордан жығып:

— Басынды кесемен, менин еки ағамды тап, изи усы бағқа келип жоқ болды, — деп кемпирди алдына салып келди.

Кемпир ағаларын көрсетти. Ораўын жаздырып қараса, ағаларынын геўдесинде тек жаны бар, сөйлей алмайды. Суў берип есин жыйнатып, жалмаўыз кемпирдин басын қылыш пенен шаўып таслайды. Бирақ геўдеси қалып, басы жумалап қашты. Батыр қылышын алып изинен қуўды. Сол қашқаннан қашып бир үңгирге кирди. Кейнинен еки ағасы да келди. Ағаларына:

— Сизлерди усы шуқырға арқан менен түсирейин, сизлер сол геллени услап, маған мына қапқа салып, арқанға байлап жиберсениз, кейнинен сизлерди шығарып аламан, — деди.

— Яқшы, — деп, алды менен үлкен ағасы түсе баслады. Үңгирдин жарты жолына бармай ағасы:

— Ўай-ўай, мени тарт, ишинде әйдарха бар, — деп даўысынын барынша бақырды.

Оны тартып алып, ортаншы ағасына айтып еди:

— Айта көрме, бәледен қаш та қутыл деген, жүр кетейик, — деди.

— Сизлер қорқсаныз, мен түсемен. Екеўиниз арқанды услан, — деп, белине арқанды байлап, үңгирге өзи түсти. Барса бир қапы бар. Ашып ишине кирип еди, мерўерт таслар, алтын-гүмис мол екен. Шеп жаққа қараса, бир отаў тур. Есигин ашып ишине кирди. Бир перийзат қыз геллени аткөншекке салып, тербетип отыр. Батырды көрген қыз орнынан турып, келип сәлем берди.

— Не қылған адамсан, адамбысан болмаса шайтанбысаң? — деп сорады.

Сонда қыз:

— Мен бир патшанын қызы едим. Усы жалмаўыз кемпир жети жасымда әкемди өлтирип, елимизди жалмап жеп, усы үңгирге жасырып қойыпты. Мынаў алтын зерлер менин атамнын мүлклери, — деди.

Буны еситкен Жартыбас батыр дәрҳал кемпирдин геллесин алып, отқа жағып жиберди. Еки ағасына даўыслады.

— Бармысаң? — деп ағалары даўыс берди.

Алтын-гүмислерди қаплап, арқан менен тартып еди, шамасы келмеди. Сонда қыз:

— Жалмаўыз кемпирдиң түйелери бар, соны услап келсин. Түйеге тарттыр, — деди.

Кемпирдиң түйелеринен қырық түйени алып келип, бир түйенин мойнына арқан байлап Жартыбастың алып берген алтын-гүмислерин тартып ала берди. Ен кейнинен қызды жиберди, қызды көрип ағалары бийҳуш болды.

— Жибер арқанды! Еле де онлаған қап алтын бар, — деген инисинин даўысын еситип, көзин ашып қараса жығылып жатырғанын көрип, өзлеринен уялып кетти ҳәм арқанды Жартыбасқа жиберди. Жартыбас кәўипсинип:

— Жолдағы ислеген ислери маған душпанлық шығар, мен усы реттен қалмайын, мени үңгирге таслап кетер, — деп, өзин бир қапқа салып, «ал, тартың» деп бақырды.

Тартып алып еки ағасы айтты:

— Жартыбас қала берсин, мына алтын-зерди өзлеримиз таптық деп барайық ҳәм мынаў қызды биреўимиз алып, екиншимизге усы алтынларға қыз таўып алармыз, — деп ойласты.

Жартыбас индемей жата берди. Қыз:

— Сизлер неге инициизге арқан таслап шығарып алмайсыз, усы байлықларды тапқан адамға жаныңыз ашымай ма? — деп арқанды таслағанда, арқанды қолынан жулып алды.

— Ол қудайдын жаман көретуғын бендеси. Сол ушын да басы жарты, ақыл-мийи кемис, усыннан

www.ziyouz.com kutubxonasi

атамызға барып, «мына затларды өзлеримиз таптық» дегенде, «ол емес» деп айтсаң, сени өлтиремиз, — деп қызды қорқытып, «айтпайман» дегизди.

Сөйтип, алтынды түйелерге артып, қырық түйе етип жолға түсти. Бир неше күнлерден кейин күни-түни тынбай жүрип, елине жетти. Үйине барып түйелерди шөгирип, алтын-гүмислерин түсирди. Әкеси Жартыбасты сорады. Балалары:

— Билмеймиз, айтпадық па жиберме, еси жоқ, басы ауған ўақта жатып қалады, деп. Онын басы айланып, бир жерде жатып қалған. Үстинен қасқыр шығып жеп қойған. Бизлер буннан кетип бир елге бардық. Сол журттың патшасы және бир журттың патшасы менен урыспақшы екен. Бирақ батыр жоқ екен. Патша менен келисим дүздик.

— Жаўынды женсек, бизге қырық түйе алтын бересен, — деп келистик. Патша қайыл болды. Урыста жаўын жеңип бердик. Қырық түйе алтын хәм қызын берди.

Буны еситкен ата-анасы еки баласына оғада разы болып, тойды баслап жиберди. Елинин жас үлкенлерин жыйнап, тойды дағазалады. Уллы той басланып кетти. Сол той қызған, адамлар жыйналған пайытта Жартыбас қапты жарып, сыртқа шығып, ата-анасы менен сәлемлесип, еки ағасын услап, ағаларының ислеген не бир жаманлығын бирим-бирим айтты. Ағалары инисиниң бул гәплерин жалғанға шығарды.

— Усы жарты бас, жарты мийге исенип отырсыз ба? — деди үлкен ағасы гүңкилдеп.

Жыйналған жасы үлкенлер:

— Үшеўиңиз де отырын. Қолларыңызға үш сарыжай алың. Төбеңизге аспанға оқ атың, қайсыларыңыз ғәррем болсаңыз, өз оғыңыздан өлесиз, — деди.

Үшеўин де отырғызып, қолларына сарыжай берип аспанға оқ атқызды. Еки ағасының оғы төбесинен тийип, өз оғынан өлди. Ал, Жартыбастың оғы маңлайының алдын сыйпап, отырған алдына келип қадалды. «Кимге етсең жаманлық, өзиңе болмас аманлық» деп, тойға жыйылған көпшилик айтты. Қайтадан той баслап, қырық күн тойын, отыз күн ойын, улыўма жетпис күнде тойын тарқатып Жартыбас тоқ жасап, алып келген қызына үйленип, әкеси баяғы түсинде көрген ғаррының айтқанын көз алдына келтирип, басқа да кәмбағал адамларға соны айтып, ақыл берипти деседи.

## ОРАЛ БАТЫР

(Р-98, №42923)

Бурынғы өткен заманда бир бай болған. Байдың бес баласы бар екен. Балалары ер жетип, камалға келипти.

Бир күни әкесине:

— Ата, бизлер ер жеттик, қыз алып бересен, — депти.

— Қандай қызды аласыз? — деп олардан сорады.

— Ол жағын Орал айта ғойсын. Қандай қыз алады екен? Оннан соң бизлер айтамыз, — депти олар.

Орал байдың ең кишкентай баласы екен. Әкеси Оралды шақыртып алып:

— Балам, ағаларың қыз алмақшы, саған қандай қыз керек? — деп сорайды.

— Аға, бизлерди үйлендирмек болсаңыз, бесеўимиз де бир үйдиң қызына үйленемиз, — депти Орал.

Әкеси мақул көрип, атын минип, балаларына қыз излеп кетеди. Күнде бир аўылды излейди. Киминин бир қызы бар, киминиң үш қызы бар, сорастырып бес қызы бар үйди таба алмайды.

Бир күнлери бай солманның патшасының бес қызы бар екенлигин еситип, үйине келип, балаларына айтыпты. Төрт баласы:

— Аға, Орал алмаса қойсын, бизлерге өзи сулыў, өзи ақыллы, кимнин қызы болса да әпер, патша қызларын бериў былай турсын, бизлерди тынышымызға қойса да болар, — дейди.

— Жоқ, балам, сизлерге қарағанда Оралдың ақылы пүтин хәм батыр жигит, ол да бир нәрсени ойлап айтқан шығар, — деп айтады.

Қус салып келген Оралға барып:

— Балам, бир жылдан аслам қыз изледим, не бир қызлар бар, айыбы — биреў, болмаса ақыллы хәм ийбели, — деди.

— Жоқ, аға, бизлерге бесеўи де бир үйдиң қызы болса аламыз, — дейди Орал турып алып.

— Олай болса, патшаның бес қызы барын еситтим. Биз қалай патша менен қуда түсемиз? — дейди бай.

— Таң азанда халық турмай атырып патшаның сарайын сыпырып қайта бер. Бир күни тутар, сонда «мениң балларым сизиң қызларыңызға үйленбекши» деп айтың, дейди Орал.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бай атланып, патшаның қаласына барып, азанда күн шықпай сарайының алдын сыпырып кетти, ертеңине тағы сондай. Патша қараўыл қойып, үшинши күни байды тутып, патшаның алдына айдап апарды.

Патша байдан:

— Неге сарайдың әтирапын сыпырып жүрипсең? — деп сорады.

— Ҳей, уллы дәрежели патшамыз! Мениң бес балам бар еди. Үйлендирейин десем, басқа қызларды алмай, сизиң қызларыңызға жиберди. Туўры келип айта алмай, сарайыңыздың алдын сыпырып жүрген едим, — дейди.

— Ондай болса бес баланды алып кел, — деп байды қайтарып жиберипти.

Бай үйине келип, балларына болған ўақыяларды бирме-бир айтып береди. Соңынан алып кетпекши болады. Төрт баласы ҳасыл кийимлерди кийип, бардамлы шаңарақтан екенлигин билдирип жүриўди мақул көреди. Ал кишкене баласы Орал әкесине келип өзиниң қус көзлигин берип:

— Аға, мынаны апарып, патшаға көрсете ғойың, — депти. — Аға, жолда баратырып яки киятырып пәлени деген жер бар, сол жерге қонбай өтиң, — депти тағы да.

Бай балаларын алып, патшаға барыпты. Қызлары сарайдың әйнегинен қарап:

— Анаў мениң жигитим, анаўсы меники, — деп бақлап турса, кишкене қызының болажақ күйеўи көринбейди.

— Сениң күйеўиң тартыншақ, жаман, болмаса мурны пушық болғаны, келмеге уялып қалған, — деп күлиседи.

Бай патшаға келип, балаларын көрсетеди. Патша турып:

— Бес балам бар, деп едиң, неге балаң төртеў? Сен мени ермек еткиң келди ме? Дарға асайын, — деп қәҳәрленди.

Сол ўақытта бай:

— Жоқ, тақсыр, мениң киши балам баҳадыр, батыр, сол себепли де меннен қус көзлигин берип жиберди, — деп, баласының берген қус көзлигин патшаның алдына қойды.

Патша қолына алып қараса, Орал батырдың сүўрети қойылып ҳәм аты жазылған екен. Патша ашыўдан қайтып, байға:

— Мениң киши қызым қызларымның ишиндеги ең жақсысы еди. Өзине ылайық, күйеў балам да көзиң тойғандай жигит екен, — деп қызларын шақырды.

Уллы той баслап, тарқаған соң үлкен қызын үлкен балаға, кишисин кишисине, ең генжетай қызын қус көзлик берип жиберген баҳадыр жигитке деп сүўретин көрсетип қолына берди. Қыз сүўретин көрип ўақты хош болды.

Патша қырық ғашырға жүк артып, ҳәр қызына бир отаў берип, қасына ләшкер қосып қызларын байдың үйине узатты. Кетип баратырып төрт ағасы Оралдың айтқан жерине келип ғашырлардан жүкти түсире берди. Сол ўақта бай балларына:

— Орал, бул жерге қонбаң, деп еди, сизлер ғашырлардан жүкти неге түсирдиңиз? — дейди.

— Аға, картайып мийден айрылыпсаң, отлақлы жер, ғашырлар да тойсын, өзимиз де мына хәўизге жуўынып, кирлеримизди кетирейик. Саған Оралдың айтқаны айтқан, дегени деген, басқаларын адам демейсең, — деп отаўларын тиге берди.

Ҳәр қайсысы өзиниң отаўларына кирип жатып қалды. Азанда бай қолына қумғанын алып, дәрет алмаға майданға шығайын деп есикти ашса, бир әйдарҳа үйди бес айланып, қуйрығын дастанып айбат шегип жатыр. Бай жол сорайды, әйдарҳа жол бермейди.

— Малы-мүлкимди, барлық байлығымды берейин, бизлерге жол бер, — дейди.

Әйдарҳа жол бермейди.

— Төрт балам, төрт келинимди беремен, жол бер, — дейди бай.

Онда да жол бермейди. Әйдарҳа турып айтады:

— Ең киши балаң Оралды берсең, сизлерди аман қайтараман. Болмаса, бәриңизди жутаман.

Бай илажсыздан «яқшы» дейди.

Әйдарҳа үйди жаздырады. Бай үйлерди ғашырларға жүклеп, жүрип киятырса, алдынан Орал батыр шығады.

— Ҳей, аға, саған айтпадым ба, енди сапар оң болса, аман болсам, жети жылдан қайтарман, — деп оның менен хошласып, өзиниң ашығынан қус көзлигин алып, оның менен де хошласып жолға раўана болады.

Жолда кетип баратырса, кейнинен қышқырған даўыс шығады. Бурылып қараса, патшаның кишкентай қызы екен.

— Тоқтаң,батыр,сизиң менен бир күн де дийдарласа алмадым.Мына жүзигимди қалтаңда сақла.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сағынғанда көрип турарсаң, — деп қасына өзиниң сүўрети қойылған алтын жүзигин Орал батырға берди.

Батырдың қызға кеўли қанаатланып оның менен және хошласып жүре берди. Жол жүрди, жол жүрсе де мол жүрди. Көллерден асты, шөллерден асты. Ақыры әйдарҳа жатқан үңгирдиң аўзына барып «хабарлас» деп даўыслады. Әйдарҳа адам сүлдеринде шығып батыр менен сәлемлесип, оны ишкерлеўге мирәт етти. Орал батыр:

— Жоқ, мен ишкерилемеймен. Мениң хәр күним санаўлы. Қандай жумыс буйырсаң орынлайын, тез айт, — деди.

— Мен әйдарҳа емеспен. Адамзатпан. Үш қызым бар еди, қызларымды үш ағайинли қара дәў, сары дәў, ағаман дәў деген зорлық етип алып кетти. Тағы келип өзинди де өлтиремен деп дуўа менен әйдарҳа кебин кийип жатырман, — деди ол.

Орал батыр силтеўин алып, дәўлер турған жерге жүрип кете берди. Бир неше айлар жол жүрип, ең үлкени — қара дәўге барды. Үйинде дәў жоқ, ҳаялы бир сыйырдың гөшин писирип отыр екен.

— Дәў қайда? — деп Орал оннан сорады.

— Қус салып кетти, кеште келеди, — деди ҳаялы.

Батыр өзиниң неге келгенин ҳәм ким жумсағанын айтып түсиндирди. Ҳаял дәўдиң ишетуғын қазанын батырдың алдына қойды. Батыр қазан толы аўқатты ишип-жеп, тоймай қалды.

Атланып, дәў өтетуғын көпирдиң астына кирип аңлып отыра берди. Кеште дәўдиң ийтлери қаңсылап, қуслары талпынып келе берди. Көпирге минген ўақытта аты үркип, аяқ баспайды. Дәў:

— Неге жүрмейсең, жәниўар? Орал батыр келди ме? — дейди жан-жағына қарап.

Сол ўақта Орал батыр:

— Келместей жер ме? — деп көпирден шыға сала дәў менен айқасады. Дәўди әйле-пәйлеге қаратпай, жығып өлтирип, оның үйине келеди. Ҳаялынан екинши дәўдиң үйиниң силтеўин алып жүрип кетеди. Буған да барса, дәўдиң ҳаялы бир жылқының гөшин писирип атыр екен. Қазанды алдына алып буған қояды. Бәрин жеп қояды. Орал буған тояды.

— Дәў қайсы жолдан келеди? — деп сорап, дәў келетуғын жолда көпирдиң астында аңлып отыра береди.

Дәўдиң ийти үрип, қусы талпынып көпирге минген ўақта аты үркинкиреп кетти.

— Неге сезиклендиң, бул жерге Орал батыр келгенди дейсең бе? — деди дәў кәўетерленип.

— Орал келсе келместей жер ме? — деп Орал шығып, екеўи айқасты. Дәў менен айқасып шоққа дәўди жығып, өлтирип, үйине келип, дем алып ертеңине шықты.

Бир күни аламан дәўдиң силтеўин алып, барса, дәўдиң ҳаялы түйениң гөшин писирип атыр екен. Бунын ҳаялына да не себептен келгенлигин айтты. Түйениң гөши писип турған екен. Алдына қойды. Гөштен азырақ аўысып қалды. Дәўдиң ҳаялы айтты:

— Дәўди өлтириўиң қыйын турар. Саған өзим жәрдемлесемен, — деди.

Орал батыр дәўдиң келетуғын жолына жетип, көпирдиң астына барып жата берди.

Дәўдиң ийти де үрмеди, қусы да талпынбады, көпирден өткенде аты да үрикпеди, сезиксиз өтип кете берди. Сол баратырғанында көпирдиң астынан Орал батыр шығып:

— Ҳәй, баспашы дәў, сени излеп қандарың Орал келди. Атыңды ирк, — деп қатты бақырып сүрен салды.

Дәў аттан секирип түсти. Екеўи бир күн, бир түн айқасты. Сол ўақта дәўдиң ҳаялы бир қап тарыны әкелип, дәўдиң аяғының астына шашып жиберди. Дәў тарыға тайып жығылды. Орал батыр үстинде демин алып, дәўди шалды. Үш қызын да алып, бир неше күнде әйдарҳа жатқан жерге келип, қызларын қолына тапсырып, руқсат алып, үш жылда елине жетип барды.

Барса, ҳаялы уўайым-қайғы менен «жети жыл қашан өтеди?» деп еки көзи жолда екен. Үй-ишин, әкесин, туўған-туўысқанларын көрип қуўанысты. Уллы тойды берип, ҳаялы менен ойнап күлип жүре берди.

Күнлерден бир күн төрт ағасы ойласты.

— Оралдың мәртебеси асып баратыр. Халық Оралды сыйлайды, бизлерди көзге илмейди. Түнде жатқан ўақта есигине қылышты кесе байлайық. Төртеўимиз мылтықты үсти-үстине атып, «жаның болса, шық, жаў келди» деп шаўқым салайық. Уйқылап жатқан жеринен хаўлығып жуўырар. Сол ўақта еки аяғын қылыш шабады. Бизлер үйди жығып, Оралды таслап, жайлаўдан көшип кетейик, — деп келисип алады.

Орал уйқылап жатқанда төрт ағасы есигине қылышты кесе байлап, мылтықты үсти-үстине көширип, «Орал, жаның болса, шық, жаў келди» деп бақырады. Олардың даўысларын еситип жеңил қылышын ала шыққанда, жилигинен қылыш кесип, шонтыйып отырып қалды.

Ағалары сол ўақта үйлерин жығып, малларын айдап, «жаў келди» деп қашып кетти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Оралдың ҳаялы мойнынан қушақлап:

— Саған ағаларың әзелден душпан еди. Сени бийәжел өлтирди, өлсең ырза бол, — деп жасырып, сарыжайын, азық-аўқат хәм қасына бир күшикти ас болсын деп таслап кетти.

Батыр еңбеклеп бир ураның ишине түсип, аяғын таңып, дизелеп отыра берди. Таслап кеткен нанларын бир-еки ай жеп таўысты. Сөйтип, жерде тамақ таппай жатырса, гөне журтқа қырғаўыл жайылып келди. Орал сарыжайын алып, оқлап атады. Оны күшиги алып келип, соннан аўқат етип отырса, еки көзи жоқ бир адам бир кийикти қуўып үстинен өтип баратыр. Орал батыр көрип:

— Ҳей, адамзат, берман қайрыл, — деп шақырып алып, жөн-жосақ сорады.

Ол да Орал қусап еки иниси жаманлық етип, көзлерин тесип алған екен.

— Мениң де өзиндей жаманлық қурбаныман, көрип турсаң, еки аяғым жоқ, тоғайға барайық, қос соғып, тиришилик етейик, — деп Орал арқасына минип кете берди.

Жолда еки қолы жоқ бир адам бир кийикке жетер-жетпес болып қуўып киятыр. Буны да шақырып алып, жөн-жосақ сораса, бул да еки ағасынан жаманлық көрип, еки қолдан айырылған екен.

Енди үшеў болды. Орал биреўиниң арқасына минип, кийик атып, екиншисине атқан кийиклерин жыйнатып, сол жерде күн кеширип жасай берди. Күнлерден бир күн еки қолы жоқ адам айтты:

— Бизиң патшамыздың ақыллы дана қызы бар. Патша қызын узатыў тойын берип атыр еди. Бизлер той тарқамай барып, есабын таўып, сол қызды урлап қашсақ, бизлердиң киримизди жуўып, кийимлеримизди тигип берер еди.

Сол мәсләҳәт пенен үшеўи патшаның қаласына сапар тартып жүрип кетти. Бир неше күн жол жүрип шәҳәрге барып, тойдағы адамларға араласты. Адамлар буларды көрип:

— Адам минген киятыр, адам минген киятыр, — деп таң қалысты.

Бул хабар патшаның қызына жетип, патшаның қызы:

— Адамды да адам минип, тойға келемекен, маған жибериң, мен де көрейин, — деп шақыртып алды.

Бирин-бири арқалып патша қызының көшкисиниң қапталынан өтип баратырғанда, патшаның қызы еңкейип қарай бергенде, Орал батыр қызды қағып алып, алдына өңгерип:

— Барың болса, шап, — деп еди, адамлардың көзи де илмий калды.

Орал қуйындай шаңғытып, қалың тоғайлыққа кирип кетти. Қуўған патша әскерлерин адастырып қыздың қасына келип Орал айтты:

— Бизлер өз ағаларымыздан жаманлық көрип, усындай ҳалға түсип қалдық. Сол ушын да сени өзимизге жәрдемши болар ма, деп услап келдик. Енди сен туўмасаң да туўғаннан зыят қарындас болдың. Көп ойланыўдың пайдасы жоқ. Бизлерге хызмет етсең, — деди.

Қыз қайылшылық билдирди. Үшеўине аўқат писирип отыра берди.

Бир күнлери қыздың оты өшип қалыпты. Арман жуўырды, берман жуўырды, ел жоқ. Қайдан тапсын? Ағалары келер ўақты да жақын қалды. Тум-тусқа қарап турса, тоғайдың бир шетинде түтинди көрди. «Тоғайға от тийген шығар, барып отлық алып келейин» деп қыз түтинниң бағдарын алып барса, жаман ылашықты көрди. Ишкериге кирсе, қулағынан дизеси озған бир кемпир отыр. Қызды көрип:

— Кир, шырағым, төрге өт, үйиң қайда? Маған еслес тәўир болды-аў, — деп қызға әбжиллик етипти.

Қыз:

— Мама, бизлер усы тоғайдың ортасында турамыз. Үш ағам бар еди. Соларға аўқат писирейин десем, отым өшип қалыпты. Сизиң үйдиң түтинин көрип, дусмаллап келдим, — деди.

— Жүдә жақсы болған екен, отың өшкенде келип, алып тура бер, мен бир ғәрип мамаман. Менде ул да, қыз да жоқ. Жалғыз басым усы жерде күн кеширип атырман. Мына күлди етегиңе сал, үйиңе барғанша аздан шашып бара бер. Ертең ағаларың кеткенде барып басымды қаратып қайтайын, — деп, бир етек күлди берип жиберди.

Қыз отты алып, берген күлин үйине шекем шашып келди.

Бул мама емес, жалмаўыз кемпир еди. Қыздың шашқан күли майда шеңгелдики болып, сол шеңгелди жағалап ағалары кеткен ўақытта мәстан барып:

— Қызым, отырмысаң? Пай, тәўир болды-аў! Маған да ғаңғыр-гүңгир керек, сөйлесип кеўлимди жубатайын, деп келдим, балам, — деди ғәрипсип.

Қыз қайдан билсин, ғәрип кемпир екен деп, сом гөшлерди писирип, кемпирди тойғызды. Кемпир аўқат жеп болып:

— Қызым, басыма тырнақ тиймегенине көп заманлар болды. Мениң басымды қарап пәтиямды ал, — деди.

Қыз оның басын қарады. Жалмаўыз кемпир тырнағын суғып, қыздың жамбасының қанын сорып жата берди. Ағалары келетуғын ўақыт та жетип келди.

— Ал, яқшы, балам, берекет тап, — деп жалмаўыз кемпир шығып кетти.

Әне, усындай ўақытта  кемпир күнде келип, қыздың қанын сорып, қыз азып, өлер ҳалына келди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир күни Орал батыр қыздың азып кеткенин билип сорады:

— Қарағым, бунша азып кеткенсең? Үйиңди сағындың ба? Болмаса мына адамлар азаплап, ызаға шыдамай аздың ба? Егер саған бир нәрсе десе, жасырмай айт, геллесин аламан, — деди.

Қыз да бираз ойланып:

— Аға, айтыўға қорқып жүр едим. Бир күни отымды өширип қойыппан. Не ислеримди билмей турсам, тоғайдың шетинен түтин шықты. Сол түтинди таўып барсам, бир кемпирдин үйи бар екен. Сол кемпир күнде сизлер кеткен ўақытта келип, мениң жамбасымның қанын сорып кетеди. Сол себепли азып жүрмен, — деди.

Орал батыр бул сөзлерди еситип, биринши жорасына қарап:

— Сен бүгин қал, кемпир келген ўақта тутып ал, — деп зинхарлап, аңға шығып кетти.

Биринши жорасы аңлып жатырғанында кемпир келди. Қыз екеўи отыр еди. Енди басын қаратып атырғанында сақшы етип қойылған жорасы кемпир менен айқасып қалды. Кемпир оны жерге тартып урып, шашынан бир тал шаш алып, қолларын байлап, оның да қанын сорып кетти.

Орал келсе, биринши досты байлаўлы жатыр. Зорға сөйлейди. Тез жаздырып алып екинши жорасын таслап кетеди.

Әдеттеги ўақытта кемпир келип, қыздың қанын сорайды. Сол пайыт екинши досты оған ҳүжим етеди. Бирақ, жалмаўыздың аты бәри бир жалмаўыз ғой. Оны да алдынғы достының жағдайындай етип, ҳәлсиретип кетеди.

Үшинши күни Орал батырдың өзи қалып, еки достын аңға жибереди. Ўақытты күтип аңлып жатырса, кемпир келип, қызға жуўҳашылық етип баслайды. Оны аңлып жатырған Орал батыр:

— Ҳей, жалмаўыз кемпир, жас нәўшени солытқаныңның жазасын берейин. Берман кел, — деди.

Мәстан оған басқаша даўыс пенен:

— Ҳә, меннен обалыңды алмаған тек сен единң. Саған да мол етип берейин, — деп қорқынышлы болып тисленди.

Әне, бул екеўи айқасып кетти. Орал батыр зордан жалмаўыз кемпирди жығып, қылыш пенен шабайын дегенде кемпир:

— Мени өлтирме, көзсизге көз беремен, аяқсызға аяқ беремен, қолсызға қол беремен, — деди.

Сонда Орал турып:

— Ондай қүдиретиң болса көрермен, — деп, оның қол-аяғын байлап, жолдаслары келгенше услап турды. Жолдаслары аң-қус атып келди.

Орал Мәстанның қолларын шешип:

— Қәне, мынаған қол бер, — деп қолы жоқты көрсетти.

— Яқшы, — деп қолсызды жутып жиберди ҳәм көп кешикпей шығарып таслады. Еки қолы бар болып түсти.

— Енди мынаған көз бер, — деп екиншисин көрсетти. Оны да жутты. Еки көзи бар болып түсти. Гезек Орал батырға қарады. Орал жолдасларына:

— Мени жутар, шапсаң да тасламас, сизлер ишин жарып алмасаңыз болмайды, — деди.

Кемпир Оралды жутты.

— Қәне, тасла, — деди жолдаслары кемпирге.

Бирақ, жалмаўыз тасламады. Сол ўақытта екеўи қойсын ба, дәрриў ишин жарды. Ҳеш жеринен Орал батырды таппады. Жилигин қарады, жоқ, билеклерин қарады, жоқ, таба алмай, ҳайран болып отырса, төбеде бир пошша торғай жақын келип:

— Шун-шунатай, — деп сайрап турды.

Олар не айтқанына түсинбей:

— Бизлер жолдасымыздан айырылып қапа болып отырмыз. Бизлерге бүлбүлдиң кереги жоқ, — деп кесеклеп жиберди.

Сонда да қайтып келип, қәдимги айтқанын айтып шырлай береди. Тағы қуўғанда қыз:

— Сизлер қуўмаң, ағалар, мүмкин бир нәрседен сезикли шығар, шырлаўы бойынша шунатайын қарап көриң, — деди.

Қыздың айтқаны менен шунатайын жарып қараса, шунатайдың ишинде оқ жанып атырған екен. Көп узамай шунатайынан Орал шығып келди. Оның еки аяғы пүтин еди. Үшеўи жүреклери шәўкилдесип, ҳәр ким өз елине кетпекши болып, қызға қарады.

— Қарындасым, сени елиңнен айырып, бахтыңызға көп кесент келтирип едик. Бахытлы болып бизлердиң кемис жеримиз пүтинленди. Енди қайсымызға ерсең де еркиң өзиңде, — деди Орал батыр.

— Сизиң кейниңизге еремен, — деп Орал батырдың қасына келди.

Олар бир-бири менен қушақласып, хошласты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Орал қыз бенен елин излеп, шөллерден асты, көллерден асты. Бир неше күнлерде елине келди. Келсе, үлкен ағасы «ини өлсе келини ағаға мураз деген, жети жыл өтти, инимди жаў өлтирип кетип еди, келинимди жесир қоймайман» деп, елди жыйып, уллы той берип атырған екен.

Орал батыр да ағасының үйленер тойына барды. Ағалары оны көрип, қайда қашарын билмей «тышқан тесиги мың тиллә» болыпты. Дүнья көзлерине сондай тар көринипти. Инисине туўысқан бола тура усындай ислегенине ҳеш ким исенбес еди. Орал жыйналған халыққа басынан кеширген ўақыя-ҳәдийселеринин барлығын қалдырмай айтып береди. Халық төрт ағасын әдалатлы жол менен өлим жазасына буйырып, қарындасын жақсы бир жигитке берип, өзи ҳаялы менен қосылып мурат-мақсетине жетипти.

## БАТЫР ГЕНЕДЕЙ

(Р-98, № 42923)

Бурынғы өткен заманда Генедей деген бир батыр болған екен. Бул батыр жаслай қыз алып, алған қызын жети қабат жайдың ишине салып, қус салмаға кеткенде жайлардың есигин қулыплап гилтин қалтасына салып кетеди екен.

Бир күни отырып, жайының тум-тусына пайқас етип қараса, жоқарғы пәтикте бир адамның қолының изин көреди.

— Япырмай, мына қол нашар адамның қолына қусамайды ғой. Ҳаялымда бир сыр бар шығар? Буны билейин, — деп кеўлине түйип қояды.

Ертеңине таң азанда ҳаялына:

— Мен узақ сапарға кетемен. Соған жол азық таярлап бер, — деп айтады.

Ҳаялы жол азық таярлайды. Генедей атына минип, үйинен шығып кетеди.

Үйинен шетте үш жолдың қосылған жеринде үлкен гүжим терек бар еди. Бул дарақтың астында ҳәўиз бар екен. Сол жерде қалың теректиң ишине атын байлап, жолдан шетлеў жерде күн батқанша жатып, түнде «үйден хабар алайын, ҳаялдың қандай жасырын сыры бар екен?» деп жата берди.

Түс ўақытта бир жолдан бир ҳаял, бир еркек келип, аўқат жеп болып, күйеўи уйқылап қалады. Ҳаялы жағасынан бир тебенди алып, дуўа оқып, бир жигит етип, екеўи ойнап күлип, ери оянар алдында жағасына сол тебенди шаншып қояды.

Екинши жолдан тағы еки жолаўшы келди. Биреўи ер, екиншиси ҳаял адам. Оның да ҳаялы ери уйқылаған ўақта, қолындағы жүзигине дем салып еди, бир жигит болып шыға келди. Ол да ойнап-күлип, ўақты-хошлық етип алды. Күйеўи турмастан қайтадан бармағына жүзик етип, суп-сулыў етип орнына салып қойды.

Жолаўшылар кетейин деп атырғанда Генедей талдың арасынан шығып, олар менен жыллы жүзлилик пенен сәлемлести. Олар да сәлемин әлик алды.

— Мениң менен жүресиз, бир ақшам мийман болып, ертең кетесиз, — деп Генедей жолаўшыларды үйине ертип келди. Ҳаялына палаў писиртип, үш табаққа жасатты.

— Үш әйелдиң алдына ҳәр қайсысы бир табақтан, екеў арадан болсын, — деди Генедей.

— Өзимиз биреўмиз, қалайынша екеў арадан аламыз, — деп сорайды ҳаяллар.

Генедей қынабынан қылышын суўырып қолына алып:

— Бул сөзлериңиз бенен мени алдай алмайсыз. Түстеги жигитлерди тап. Болмаса шабаман, — деп ҳаялларға ғәзеплеңди.

Ҳаяллар қорққанынан қәдимгидей етип жигитлерин таўып, екеў ара болып табаққа жақынлады.

— Енди сен сен де жигитиңди тап, — дейди өзиниң ҳаялына.

— Ҳаў, инсан-аў, мени жаслайымнан алып, далаға, дүзге шығармай қәпесте сақлап қойыпсаң. Сөйтип жүрип мен жигитти қайдан табаман? Мениң жигитим жалғыз өзиң, — деп жуўап берди өмирлик жолдасы.

— Ондай етип алдай алмайсаң. Табасаң! Болмаса шабаман, — деп Генедей кәҳәрленгенде, қорққанынан сандықтан бир байдың баласын шығарды.

Үш күйеў де палаўды жеп болып, ҳаялларының гүнәларын мойнына қойып, жазасын берип, өз-ара татыў дос болып, малы-мүлкин таслап басқа бир елге кетеди.

Бир неше ай жол жүрип, бир жерлерге барып дем алмақшы болады. Өзли-өзи «кимниң қандай өнери бар?» деп бир-биринен сорасады. Биреўи:

— Мениң өнерим соннан ибарат, аспаннан тиреўсиз, жерден сүйеўсиз жай саламан, — деди.

Екиншиси:

— Жети жылғы өликке жан беремен,— дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Үшиншиси Генедей еди. Ол:

— Мениң сизлер сыяқлы айтарлықтай анық ҳеш өнерим жоқ. Бирақ, мени адамлар негедур батыр деп айтады, — деди кишипейиллик пенен.

Негизинде Генедей оғада күшли ҳәм мәрт болып өскен еди.

Олар апақ-шапақ болып сөйлесип кетип баратырғанда алдынан жолбарыстың қуў геллеси шығыпты. Геллени көрип Генедей:

— Мына геллеге жан бер. Сонда сени дууахан деймен, — депти жолдасына.

— Қой, достым, саған зыяны болады. Оннан жөнимизге кете берейик, — деди досты.

Генедей айтқанынан қайтпай, оннан өтиниш ете берди. Ақыры илажсыз жолдасы сүйекке жан берди. Қулласы, геллеге жан бергизди. Бақырған жолбарыс тирилип болып Генедейге айбат шегип жуўырды. Екеўи айқасады. Бирин-биреўи ала алмайды. Батыр жолдасларына:

— Сизлер кете бериң, — деп айтты.

Дослары:

— Кейнимизден жетерсең, — деп жүрип кетипти.

Батыр жолбарыс пенен бир неше күн айқасып, бул жыртқыш ҳайўанды өлтирип жолдасларының кейнинен асығып кете берди. Жол жүрди, жол жүрсе де мол жүрди, шөллерден асты, көллерден асты, бир жерлерге барса, жол үшке айырылыпты. Қайсысына кеткенин билмей батыр да бир жолға түсип жүре берипти. Бир неше күн жол жүрип, түнде кетип баратырса, бир оттың жалтылдап шыққанын көрип қалды.

— Жолдасларым дем алып отыр екен-аў, мен де барып дем алайын, — деп барса, кишкентай ғана үңгир ишинен от жалтылдап тур екен.

Үңгирге кирип барса, жайда ай десе аўзы, күн десе көзи бар бир перийзат қыз отыр. Батырды көрип қыз ҳаўлығып орнынан турды.

— Қорықпаңыз, мен зыянсыз жолаўшыман. Бул жер қайсы патшаның ели, туўған-туўысқаныңнан кимлер бар? Не себепли бир өзиңсең? Үйиңниң адамлары қайда кетти? — деп Генедей сорады.

—Мениң үйимниң ишинде ҳеш ким жоқ. Әкем усы елдиң патшасы еди. Мен бес жасларымда қаланы жаў шаўып, ата-анамды да өлтирип, қалғанларын бенде етип, қул етип айдап алып кетти. Өзим бир үлкен қазанды үстиме төнкерип, жаўдан паналап қалып, соннан берли усы жерде бир өзим жасайман, — деди қыз муңайып.

— Муңайма, ондай болса, мен де өзиңдей жекке жигит едим. Жақсыға басымды қосаман ба деп елимнен шығып киятырман. Екеўимиз қосылып турмыс кеширсек қандай болар екен? — деди Генедей.

— Мениң де ойлағаным өзиңдей жигит еди. Жүдә мақул болар, — деп, екеўи қосылып, турмыс қурыўға бел байлайды. Кейин ала сол жерден көшип, бир адамға жақын жерге барып, мәкан етип өмир сүрипти.

Жаз айы еди. Күн шыжғырып ысып тур.

— Дәрьяға барсам, шомылып киримди кетирсем, — деген қыял менен дәрьяға барды. Салқын суўға ийкемлесип болып шомылды. Жүзип жүрип «бир сүңгип шығайын» деп тереңирек сүңгиген екен. Сол жерде ығыс алып үлкен терек қулап шақаларын қайыр басып қалған екен. Теректиң бир путағына шашы илинип суўдың астынан қызды жибермей қалыпты. Қыз туўланып-туўланып, жан татлы екен, бир ўақлары бурымнан айырылып, суўдың бетине шығыпты. Шашынан айырылып, қыз үйине қайта берсин, енди сөзди шаштан еситейик.

Бир күнлери теректиң астын суў қазып, терек орнынан көтерилип суўға ығып кетти. Сол кетистен кетип, дәрьяның аяғында қыздың әкесин шапқан патшаның елине барып тирелипти. Тарнаў сақшы теректи зордан шаўып, майданға шығарса, бир путақта шашты көрипти. Ҳайран қалысып, узын жылтыраған қап-қара шашты патшаға алып барыпты.

Патша қолына алып қараса, адамға питер шаш емес, узынлығы алты гез, жуўанлығы тоқпақтай. Ҳүкимдар шашқа ашық болып қалады ҳәм қалаға жар урғызды.

— Кимде ким маған мына шаштың ийесин таўып, әкелип берсе, ат басындай алтынды сыйлыққа беремен, — деп патшаның жаршылары халыққа жеткерди.

Сол қаланың шетинде Мәстан кемпир бар екен. Хабар оған да тез барып жетипти.

— Ханымыз ышқы жолына түсипти ғой. Ўақыттан пайдаланып патшайымның қайта қасына сол шаштың ийесин қосып алайын, — деп Мәстан кемпир жылдырымдай патшаның алдына келипти.

— Халықтың ийеси болған уллы ханымыз! Сизиң басыңызға ис түсипти. Қартайған ҳалымда ғарры гейдемди сизиң алдыңызға алып келдим. Қандай ис буйырасыз? Хызметиңизди бәржай етейин, — деди.

— Бизиң тарнаўымызға бир әжайып шаш үлкен терекке илинип келди. Сол шаштың ийесин таўып келсең, ат басындай алтынды сыйлыққа беремен, — депти патша.

— Тақсыр, ат басындай алтының пулыма да жетпейди. Берсең, оңлап бер. Бул исиңди өзим питкеремен, — деп, Мәстан кемпир қасына алты табақ гүмис қостырып, тапсырманы орынлаўға кетпекши болыпты.

Патшадан еки кеме, қасына қырық адам алып, азығы менен дәрьяны өрлеп, шаштың ийесин излеп

www.ziyouz.com kutubxonasi

жүрип кетипти. Бир неше ай жол жүрип, дәрьяның оң капталындағы соқпаққа көзи түсти.

— Мәгар болса усы, сизлер жасырынып жата бериң, хабар өзимнен болады. Шаршымды былғаған ўақта тайын болың, — деп, үстине жыртық шапанларын кийип, кәлендер дийўана көринисинде болып кете берипти.

Арманыpақта батырдың қус салып қайтатуғын соқпағына көзи түсип, сол жерге барып батырды қашан келер екен деп жата берипти. Кеште батырдың қайтып киятырғанын көрип, өзин-өзи жулып, бет-аўзын қып-қызыл қан етип, зар жылап отыра берипти. Батыр келсе, шашы аппақ ғарры мама бет-аўзы қып-қызыл қан болып зар жылап отыр.

— Хә, мама, не себептен өзиңди болдырғансаң? Кимнен хорлық көрдиң, кимнен зорлық көрдиң? — деп сорады Генедей.

— Ҳеш кимнен хорлық та, зорлық та көрмедим. Мениң маңлайымда жалғыз балам бар еди. Сол баламның дүньядан өткенине бүгин қырық күн болды. Күйикке шыдай алмай, өзимди-өзим жулып, «баламнан қалып не боламан, қыя дүзде өлейин» деп шығып едим. Содан бери ассыз- суўсыз жүрмен. Сирә жаным шықпады, — деп кемпир қайтадан өзин жулып, байбайын сала берди.

Батырдың мийрими келип:

— Мама, өйтип өзиңе-өзиң азап берме, бизиң үйге жүр, үйде келиниңниң бир өзи, мен дүзге кеткенде екеўиңиз бириңе-бириң ес болып отырарсыз. Өзим аман жүрсем, сени өзимниң анамдай көрип жүремен. Жылама, мама, үйге жүр, — деди.

— Балам, бахытлы бол, көп-көп рақмет! Барсам барайын, — деп батыр менен үйине келипти.

Мәстан батырдың ҳаялы менен жүдә татыў болып жүре берди.

Бир күнлери батыр уйқылап жатырғанда Мәстан ҳаялына билдирмей Генедейдиң мурнына бийҳуш дәрини ийискетип, өлтирди.

— Жүр, балам, дәрьядан суў алып ҳәм шомылып қайтайық, — деп ҳаялын ертип барып, қыздың көзиниң тасасын алып, аңлып жатқан адамларына қолын былғайды.

Еки көзи жолда болып жатқан Мәстанның адамлары жуўырып келип, қыздың қолынан услап, кемеге салып, ыққа қарап жүзип кете берипти. Мәстан кемпир бир неше күннен кейин патшаға келип, қызды ҳүкимдарға тапсырып, оннан сыйлық алып, үйине кетипти.

Патша үлкен той берип, қызға үйленбекши болыпты. Қыз айтыпты:

— Мынадай шәрт қояман. Соны питкерип, некемди қыясаң. Аспаннан сүйеўсиз, жерден тиреўсиз жай салдырасаң. Содан кейин тийемен.

Генедей батыр өлмесинен бурын ҳаялына «аспаннан сүйеўсиз, жерден тиреўсиз жай салатуғын, жети жыл бурын өлген адамзатты, ҳайўанды, өсимликти тирилтетуғын досларым бар» деп айтқан еди. Ҳаялы әне соннан үмит етип жата берди.

Патша қалаға жар салдырды:

— Кимде-ким аспаннан сүйеўсиз, жерден тиреўсиз жай сала билсе мына сыйлықларды беремен. Қанша алтын керек болса, сонша алады. Талабан уста болса, келип патшаға хабарлассын!

Бул хабарды еситкен усталар:

— Аспаннан сүйеўсиз, жерден тиреўсиз жайды қандай уста салар екен? Патша жолдан шығыпты, ақылдан азыпты, — десипти.

Күнлерден бир күн хабарды және бир шәҳәрде жүрген Генедейдиң жолдаслары еситип:

— Бәрекелла, Генедей тири екен. Бир жерге барып үйленген. Жат журт батырды өлтирип ҳаялын алған. Ҳаялына жәрдем керек болып, қойған шәрти шығар, — деп еки досты жолға түсипти.

Бир неше күн жол жүрип, патшаның қабыллаўына келип:

— Уллы дәрежели ханымыз, сиз айтқан жайды бизлер саламыз. Бирақ, мынадай шәрт қоямыз.

— Қандай шәрт екен? — деди патша.

— Бизлер жай салып атырған жерге ҳеш бир адам бармасын. Егер барса, жай узақ ўақытқа шекем шыдамайды. Сондай шәмшил болады, — депти.

Патша қалаға жар салады:

— Кимде-ким усталардың әтирапына жақын барса, өзи өлимдар, малы патшалық!

Усталар достының ҳаялын аңлып жата берипти. Достының ҳаялы да устаның келген хабарын билип, ериниң досларына қалай шығып, хабарласыўдың есабын таба алмай, патшаға:

— Сиз устаны таўыпсыз. Енди жайды қандай көринисте салдырыўдың тәртибин билесиз бе?

— Қәдимги жайдай шығар, — депти патша.

— Жоқ, олай емес, тақсыр, қәдимги жайдай етип салғанда хәр ким де салған болар еди. Бул жөнинде өзим тәртип берейин. Мени устаңызға жиберип алың, — деп патшадан руқсат алды.

Соң өзиниң жатырған сарайына барып, жол-жобалардың бәрин айтады.

— Әне,қәдирли устамыз,жайыңыз усындай болыў керек,бәрин мына қағазға сызып бердим,— деп изге қайтады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Усталар ҳаял кеткен соң оқып қараса, мынадай хат жазып берип кеткен екен:

«Бүгин аўыр жатарда сарайдан шығаман. Сол ўаққа жайыңызды питкерип қойың».

Және хатта достын Мәстан кемпирдиң дәри берип өлтиргенлиги, өзи өлмесинен бурын өзине айтқан гәплери, еки достының биреўи аспаннан сүйеўсиз, жерден тиреўсиз жай салатуғынлығы ҳәм жайға неше адам болса да салып арқалап кететуғынлығы, екиншисиниң жети жылғы өликке жан беретуғынлығы, сол айтқаны бойынша олардың таўып алыў ушын патшаға қойған шәртиниң мәниси келтирилген. Хаттың ең кейнинде «буны оқып қашан шығасаң?» деп жазған екен.

Қыз күйеўиниң жолдасларының жолына қарап күтип жата берипти. Шынында да, қыз айтқан ўағына шығады. Екинши досты дуўа оқып, ишине екеўин отырғызып, көзди ашып жумғанша досты Генедей жатырған жерге жетип барыпты. Барса, Генедей өлип жатқан екен. Досты мурнына дәри ийискетипти.

— Қаттырақ уйқылап кеткен екенмен-аў, — деп Генедей ушып турады.

— Батырым, ҳасла уйқылағаның жоқ. Ҳақыйқат өлип едиң. Анаң боламан деген мамаң патшадан келген Мәстан кемпир екен. Сол сени өлтирип, бизди патшаға сазыўар етти. Сениң айтқаның ядымда бар еди. Сол бойынша досларыңды таўып, сол себепли досларың сени тирилтти, — деп өткенлериниң бәрин айтып ҳаялы оның мойнынан қушақлап жылады.

Батыр дослары менен қушақ ашып көрисип, аманлық-түўеллик сорасып терең миннетдаршылығын билдирди. Бир-еки күн жатып дем алып болып, патшаның қаласына атланды. Бир неше күн жол жүрип, қалаға барып патшаға хабар береди.

— Қандарың Генедей батыр аспаннан тиреўсиз, жерден сүйеўсиз жайға қутлы болсын айтыўға келди. Үш күн мәўлет беремен. Ләшкерлерин жыйнасын, ғапылда қалмасын, бизлер уры емеспиз, урлық патшаға жарассын, — деген гәплер айтылады.

Буны еситкен патша қәҳәрге минип, ләшкерлерин топлайды. Арадан үш күн өткеннен кейин урыс басланыпты. Төртеўи патшаның ләшкерлерин жеңип, патшаны да тутқынға алып, достының биреўин патша етип, биреўин ўәзири етип, өзи халық батыры болған Генедей опалы қостары менен қайғысыз дәўран сүрипти.

## ГЕНЖЕ БАЛАНЫҢ ЫБАЛЫ

(Р-98. №24641)

Бурынғы өткен заманда бир бай болған екен. Байдың үш баласы болыпты. Бир күни бай балаларын сынаў ушын қасына шақыртыпты.

Дәслеп үлкен баласын шақыртып:

— Балам, көп кешикпей мен бу дүньяны тәрк етемен, жаратқанның берген жасын жасадым, асарын асадым, енди ҳәр бирине еншилериңди бериўим керек. Саған не берейин, — деп сорапты.

Үлкен баласы:

— Мал-дүньяңды маған қалдыр, ата, — депти.

Атасы:

— Балам, саған дүньяның, малдың жартысын беремен, — депти әкеси.

Нәўбети келгенинде, бай екинши баласын шақыртыпты. Бай баласына:

— Балам, көп узамай, жаратқан ийемниң аманатын тапсыраман. Енди сизлерге енши бериўим керек, не қәлейсең? — депти.

Ортаншы баласы:

— Ата, маған мал-дүнья керек, — депти.

Әкеси буған да дүньяның жартысын берипти.

Әне бай үшинши баласын да шақырыпты. Бай баласына:

— Қәне, балам, ҳәзир мениң бир аяғым жерде, бир аяғым гөрде тур. Енди сенде еншиңе тийисли үлесиңди алыўың керек. Саған не берейин, балам? — депти.

Генже баласы:

— Атаның дүньясы мал болмас, деген бар емес пе? Ата, сиз маған ақылыңыз бенен нәсиятыңызды бериңиз. Басқасын несийбемнен көремен, — депти.

Бай генжетай баласының жуўабына кеўили толып, қанаатланып, баласына:

— Балам, сен енди жигит болдың. Мен бул жалғаннан кеткен соң, қәбириме үш күн түне, сениң ығбалың алдыңда, — деп нәсиятлапты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ўақыт-сааты жетип, бай дүньядан өтипти. Әкесин жайғастырып болған соң ағалары өзлерине тийисли дүньяны бөлисип алыпты.

Олар дүньяны бөлисип турып киши инисине:

— Саған не ўәж берейик? — дейди.

Генжетай бала:

— Ағалар, маған мал-дүньяның кереги жоқ, мен сизлердиң малыңызды бағып-ақ күн көрейин, — деп жуўап береди.

Үйдиң киши баласының бул айтқаны ағаларына мақул түсипти. Ол ағаларының айтқанын айдай бежерип, олардың малын бағып жүре берипти. Сөйтип жүргенинде атасының қәбирине барып түнепти.

Бир түнегеннен кейин атасы түсинде аян берипти:

— Балам, пәлений деген жерде бир бийе жылда тулпар туўады, әне сол бийениң туўған тулпарын аспаннан бир қара булт жылда көтерип алып кетеди, — депти.

Екинши түнегенинде:

— Балам, пәлений деген теңизден халық бир кеме менен өтеди, бирақ ҳәр өткенде кемени суўға батырып, адамларды кәреп етип тур. Соларды қутқар, — дейди.

Баласы атасының басына үшинши мәрте келип түнейди. Сонда атасы:

— Балам, пәлений деген жерде бир айдарҳа бар. Сол халықты жалмап, жутып қуртып атыр, соған бар, — дейди.

Әне, мурты жаңа тәп берип киятырған бул жигит ағаларына келип малын тапсырып, атасының шолақ қылышын алып, кете берди.

Ендиги сөзди генже баладан еситиң. Ол «Ер азығы менен бөри азығы жолда» дегендей, жолға азық та алмастан раўана болып кетеди, киятырып бир жер сабалап отырған адамлардың үстине шығады.

Жигит адамларға қарап:

— Ағайинлер, сизлер не кәр етип отырсыз? — дейди.

Адамлар жабырласып:

— Ҳе, инишек, бизлердиң жер сабалап отырғанымыз, жылда бийемиз тулпар туўады, бирақ аспаннан келип бир қара булт келип жулып алып кетеди, бүгин бийениң қулынлайтуғын күни, бизлер бәримиз жабылып бийени қорып отырмыз, — дейди.

Жигит:

— Мен бийеңиздиң туўған қулынын аман алып қалып, сол қара булттан азат етейин, — депти.

Адамлар балаға исенер-исенбесин билмей турады да, өзи де, сөзи де дүзиў бул боласынлы жигиттиң айтқанын қылады. Жигит бийени бағып отырса, бийе туўыпты. Бийе қулынлаған мәҳәл көкте бир қара булт пайда болыпты да, қулынды енди көтерип алып баратырғанында оны қылыш пенен қақ бөлип, аман алып қалады. Әне, бийениң ийеси жигитке тулпардың туяғы болған сол қулынды берипти. Жигит қулынды жетелеп кете береди. Бирнеше күнлерден кейин бир дәрьяның бойында топарласып турған көп адамларға жолығыпты.

Жигит:

— Ҳа, ағайинлер, сизлер бул жерде неге топланып турсыз? — дейди.

Адамлар:

— Дәрьядан өтейик десек, суўдың ортасына барған жерде суў астынан бир қол шығып, кемени төмен басып, батырып жибере береди. Биз сол жалғыз қолдан қорқып өте алмай жыйналысып турмыз, — дейди.

Жигит:

— Онда, сол кемеңиз бенен мен бир өтип берейин, — деп кемеге барып отырады. Жары жолға барғанда, суў астынан бир қол зоңқ етип шығады да кемени төмен қарай басады. Кеме суўға ғарқ болып батып баратырғанда жигит қолды беккем тутып алып, оның ийесин қол-полы менен көтерип тартып алады. «Бул не жандар екен?» деп қараса, көзлери мөлдиреген, шашы белине шоласқан, он төрттеги айдай суўпери екен. Суўпери қыз сол жерде тилге келип:

— Мен алдыма шәрт қойып едим: егерде кимде-ким мени суўдан тартып ала алса, мен соған өзимди бағыш еткеним болсын, деген. Сиз мени суўдан тартып алдыңыз, енди мен сизликпен, — дейди.

Жигит қыздың тилегин қабыл етип, оны өзине қостар етип алады. Бул көриниске таң қалған халайық:

— Бәрекелле, батырым! Берекет тап, арысым! — деп жигитке хошемет көрсетеди.

Жигит жол жүрген сайын оның жетегиндеги қулыны кем-кем кемалына келе береди. Азғана ўақыттың ишинде туўлаған тулпар болып шығады.

Әне, жигит тулпар атлы, сулыў ҳаяллы болып, атасының айтыўы бойынша журтты жалмап жутып атырған айдарҳаға жүрис етеди.

Жигит сол жүристен «Айдарҳалы» деген үлкеге де келеди. Келсе, адамларда ҳүрей жоқ. Ҳәмме

www.ziyouz.com kutubxonasi

азып-тозып кеткен.Ол сол жердиң тоз-тоз болып,ҳәр жерге жасырынып күн көрип жүрген халқынан айдарханың мәнзилин сорап алады. Билсе, айдарха таўдағы бир үңгирди ийелеп жатырған екен.

Жигит қырық күн отын шаўып, үңгирдиң аўзын лыққа отынға толтырып, отынды тесик қалдырмай тығып, ишке қарай от берип жибереди. Сөйтип айдарханы түтин менен ыслап өлтиреди. От жанып айдарханың бақырған даўысы басылған гезде барса, сонша жыл журтты жалмап, жутып турған бәлемат әллеқашан жан тәслим еткен екен. Ал үңгирдиң бир қуўысы толы ғәзийне екен. Айдарҳадан қутылғанына қуўанған халық барлық ғәзийнени балаға тасып берип, оны кәрўан-кәрўан мал-дүнья менен журтына шығарып салыпты. Бала өз журтына жетип, ағайин-туўғанларына қуўысып, алған яры менен бахытлы дәўран кеширипти.

## ҮШ АҒАЙИНЛИ ЖИГИТ ҲӘМ МӘСТАН КЕМПИР

(Р-63, № 34661)

Бурынғы өткен заманда бир бай болыпты. Оның үш баласы бар екен. Күнлерден бир күн балалары ер жетип, ең үлкен баласы үйленбекши болып, «Шәмен патшаның қызын аламан» деп қыз айттырып кетти.

Кетип баратырып бир жерге келгенде қасында қырық қызы бар бир жылқышы кемпир шығып:

— Балам, жол болсын, қайда барасаң? — деди.

— Шәмен патшаның қызын айттырып баратырман, — деп жигит жуўап берди.

— Ондай болса, түсленип кет, — деп кемпир мирәт етти.

Жигит аттан түсип, кемпир менен бир жайға кирди. Бул орын зиндан еди.

Бир күни байдың ортаншы баласы:

— Ағамнан хабар болмады, оны излеп келейин, — деп атасынан руқсат сорады.

— Барма, балам! Оған бир ис болғанды, оны излеп таўып босатып қайта алмайсаң, балам, — деди бай.

— Ата, таўып аламан, алып та қайтаман, — деди бала.

Бай илажсыз баласына руқсат етти. Бул жигит те баяғы кемпирге барды.

— Балам, жол болсын, қайда барасаң? — деди кемпир.

— Буннан көп бир неше күн бурын ағам Шәмен патшаның қызын айттырып кеткен еди. Соннан хабар болмай изсиз кетти. Ағамды излеп киятырман, — деп жуўап берди жигит.

— Ондай болса, излегениң усы жерде, ағаң Шәмен патшаның қызын алып келип, бизиң үйге қонақ болды, шырағым, апарайын, — деп, кемпир жигитти аттан түсирди. Ертип алып барып ағасы жатқан жайға киргизип, аўзына қулп урды. Еки байдың баласы усындай себеп пенен еркинен айрылды.

Арадан бир неше күн ўақыт өтти, олардан хабар болмады.

Күнлерден бир күн байдың ең киши баласы түс көрди. Түсинде ағалары усланып, кемпирдиң зинданында жатқан екен. Азанда бул түсти атасына айтты. Атасы не дерин билмей дағдарып қалды. Атасы жуўап бермегеннен кейин, түсти жорымаған соң бала далаға шығып кетти. Бул баланың қатар бир жорасы бар еди. Ол да бир байдың қойын бағатуғын жарлы еди. Бала үйден шықты да, соған қарап жүрип кетти. Барып көрген түсин, болған аўҳалды айтты. Жорасы турып:

— Айтқаның дурыс, оны өзиң барып босата алмайсаң, еки ағаңды зинданға салған кемпир ҳийлекер, мәккар, мәстан ғой, жора, — деди.

— Ал, онда не қыламыз? — деп сорады бала.

— Не қылғаны сол, мени нағыз дос десең, екеўимиз соған барамыз, айтқанымнан шықпайсаң.

Сонда байдың баласы:

— Айтқаныңнан шыққанда, мен бунда келемен бе, жора? — деди.

— Ал, ондай болса, мына қойды ийесине тапсырайын, сен таярлан, мен де бараман, — деп, қойды хожайынға тапсырды.

Бул қойшыда бир неше өнер бар еди. Ол ашық далаға шығып, өзине керек белгилерин иследи. Еки тулпар ер-турманы, жаў-жарағы менен тайын болды. Ўәдели жерине байдың баласы да келди. Екеўи жүрип кетти. Қойшы байдың баласына:

— Түсинде көрген кемпирди таныйсаң ба? — деди.

— Көзимниң алдында тур, таныйман, — деди байдың баласы.

— Ал, онда сол кемпирди көре қойсақ, сөзге келме, көрген жерде өлтир, шап.

— Яқшы! — деп екеўи кете берди.

Кетип баратырса, қырық қыздың ортасында баяғы түсинде көрген кемпир отыр екен. Байдың баласына жорасы:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бул кемпир менен мен сөйлесемен, сол ўақта сен шап, болмаса, дуўа оқыса, жанып кетемиз, — деди. Әне, олар кемпирге сәлем берди.

— Балларым, жол болсын? — деди кемпир.

Сонда қойшы:

— Еки ағам бар еди, жоқ болып кетти, соларды излеп шығып едим, — деген ўақта байдың баласы кемпирдиң басын шаўып түсирди. Кемпир тым-тырыс болды. Булар кемпирди өлтирип, мәнисине келтирип, еки ағасын зинданнан шығарып алды. Кемпирдиң зулымлық пенен жыйнаған қулларын, малларын тарқатып жиберди. Оннан кейин ойласып, кеңесип жарлының баласы қойшы:

— Жүриң, Шәмен патшаға барамыз, қызын айттырамыз, — деди.

Бул сөз барлығына мақул болып, патша Шәменге келип, өзлериниң не ушын келгенлигин жайпарахат айтты. Сонда патша шәртин орынлағанға қызын бермек болды. Олар биргеликте патшаның тапсырмаларын, шәртин орынлап қызын алды. Патша қырық күн той берип қызын узатты. Олар да елине келип, той-тамаша берип тарқатты.

Сол күнлери усы елдиң патшасы өлип, орнына патша болғандай адам таппай тур еди. Патшалықтан көп адамды жыйнап, дәўлет қусын ушырды. «Кимге қонса, сол патша болсын» деп қарар қабыл алып, дәўлет қусын ушырды. Бул жыйнаққа баяғы қойшы жигитте барған еди. Бул дәўлет қусы балаға келип қонды. Үшке дейин ушырды, үшке дейин қонды. Әне, қойшы сол елге әдил патша болып, мақсет-муратына жетипти.

## ҮШ ТУЎЫСҚАН БАТЫРЛАР

(Р-98, № 3435)

Бурынғы өткен заманда бир елде бир ғарры болыпты. Ғаррының үш улы, бир қызы бар екен. Жыллардан жыл, күнлерден күн өтип ғаррының балалары ержетип камалға келипти.

Бир күни ғарры балаларын жыйнап алып:

— Қәне, балаларым, усы ўақытқа дейин мен сизлерди асырап-саклап камалға келтирдим, халық қатарына қостым. Енди мен қартайып өлер ўақтым жетип қалды. Енди сизлер дүнья таўып мени асыраңлар. Атаның жыйнаған мүлки балаға мүлк болмайды. Соның ушын сизлер маңлай терлетип, мийнет етип, дүнья-мал табың, — дейди.

Солай етип, бир күни балалар бир жаққа талап етип кетип, дүнья табыў мақсетинде ҳәммеси түни менен ойласып, азанда таң алагеўгимде атларына минип, жаў-жаракларын асынып, жолға раўана болыпты.

Олар күни менен жүрип, күн батыўға шамаласқанда жолы үлкен қалың тоғайға келип тиреледи. Сонда балалардың үлкени:

— Инилерим, енди кеш болып, қараңғы түсип кетти. Усы жерде жатып, жүрисимизди азанда-ақ даўам еттире берермиз, — депти.

Бул гәп олардың қалғанларына да мақул түсип, үшеўи де аттан түсип жатпақшы болып қолайласып атырғанда, балалардың үлкени тағы:

— Бул тоғай қалай да қәўипсиз емес шығар. Соның ушын таңға дейин гезеклесип қараўыллыққа турайық, — депти.

Солай етип, ең алды менен олардың ең үлкени қараўыллық етеди де, еки иниси уйқыға кетеди.

Арадан бираз ўақыт өктеннен кейин тоғайдың күн батар тәрепинен бир үлкен жолбарыс булар тәрепке жылысып келе береди. Буны қараўыл турған үлкен ағасы сезип, инилерине сездирмей жолбарыстың алдына шығып, қаша баслайды. Жолбарыс та бар күши менен оны қуўа береди. Бир ўақытта жолбарыс енди жеттим дегенде, қашып баратырған бала қылышын қынабынан суўырып алып, артына қайырылып жолбарысқа бир силтепти. Жолбарыс еки бөлинип аўдарылып түсипти. Бала оның қасына барып, оның терисинен бир бөлек кесип алып, қалтасына салып, инилериниң қасына келип, қараўыл турыў ушын ортаншы инисин оятып, өзи уйықлаўға жатыпты.

Енди туўысқанларының уйқысын ортаншы бала қараўыллай баслапты. Арадан көп ўақыт өтпей-ақ, тоғайдың күн шығар тәрепинен бир үлкен айдарҳа ысқырып дем шегип, булар тәрепке келе береди. Сонда қараўылда турған жигит, «мен усы жерде тура берсем, айдарха үшеўимизди де жутар. Оған туўысқанларымды көрсетпей, алдына бир өзим шығайын» деп, айдарҳаға қарап жүре баслапты. Баланы көрген айдарҳа демин ишине симирип, баланы тарта баслағанда, ол айдарҳаның аўзына қылышын кеселеп бара берипти. Бир ўақытта қылыш оның аўзына кеселеп тирелип, айдарханың басы еки бөлинип, денеси баланың алдына гүрс етип қулапты.

Бала айдарханың терисинен бир белбеўлик кесип алып, белине байлапты да, туўысқанларының

www.ziyouz.com kutubxonasi

алдына келип, киши инисин оятып, өзи уйқыға кетипти.

Генже бала әдеўир ўақыт ағаларын қараўыллап отырады. Бир ўақытта олардың алдында жанып турған от самалдың епкини менен өшип калады.

Бала қайтадан жағайын десе, хеш от таппайды. Сөйтип, не де болса атты минип жән-жаққа көз салайын, жақын жерде жылтыраған от болса, алып қайтайын деген мақсет пенен атын минип, белгисиз тәрепке қарай жол алады. Бираз жүргеннен кейин узақтан жылтырап турған оттың сағымын көреди. Ол көринген отқа қарай шаўып кетеди. От үлкен бир таўдың үңгиринен шығып турғанын көрип, бала әсте оның ишине сығалап қараса, үңгирде шағал мәслигин қурып атырған қырық жигитти көреди.

Бала да дәрхал атын байлап, қылышын сүйретип, сәлем берип жаңағылардың үстине кирип барады. Отырған жигитлердиң хүрейи ушып, қорыққанынан ийманы тас төбесине шығып, буған төрден жай береди. Олардың ишинде жасы үлкен биреўи баладан жол болсын сорайды.

— Мен сизлерди излеп елден шығып кеткениме бүгин бес-алты күн болды. Сизлерди хеш жерден таппай, хәзир усыманда ушыратып отырман. Бираз ўақытлардан бери хабарыңызды еситип, егер таба қойсам, ат қосшы болып хызмет етейин деп, сизлерди излеп жүргеним еди, — дейди.

Сонда баланың батыллығына таң қалған, жигитлердиң жас үлкени:

— Не де болса оны өзимиге қосып алайық, — деп басқа жигитлерге қарапты.

Жас үлкенниң айтқан гәпи хәммеге мақул түсип, баланы өзлерине қосып алып, олар баяғы әңгимесин даўам етипти:

— Япырмай, бала, енди Тысмат байдың дүнья-малын ала алмайтуғын болдық па? Хеш қайсысымыз тисимиз батып, оның сарайына түсе алмадық қой, сирә, — дейди.

Сонда жаңағы оларға қосылған бала:

— Хаў, неге? Оны қолға киргизиўдиң тәсилин мен билемен. Сизлер хәзир атларыңызға минип мениң кейниме ериң. Мен сарайға бәриңизди бирим-бирим киргиземен, — деп хәммесин ертип байдың сарайына жетип келеди.

Сол сарайдың бала билетуғын бир тесиги бар екен, соннан өзи ишке кирип, аз ўақыттан кейин:

— Мен сарайдың ишиниң хәммесин араладым, сақшылардың бәри силеси қатып уйқылап қалыпты. Қәне, бирим-бирим кире бериңлер, — деп, бала иште билдирмей қылышын қолына алып, оларды күтип тура береди.

Хеш нәрседен хабарсыз урылар бирим-бирим ишке кире баслапты. Бала олардың киргениниң басын қылыш пенен қағып алып тура берипти. Солай етип бала қарақшылардың хәммесин өлтирип, олардың басларын сарайдың бир шетине үйип қойып, өзи сарайды аралай баслапты.

Бала сарайды аралай-аралай ақыры байдың қызларының жатақханасына келип қалады. Ол әсте ишке сығалап қараса, байдың биринен бири сулыў үш қызы дүньядан хабарсыз уйқылап жатырған екен. Бала олардың қасына келип, уйқылап атырған қызлардың алды менен ең үлкениниң сырғасын алып, «сен үлкен ағама тийислисең» деп, ортаншысының әребегин алып, «сен ортаншы ағама тийислисең» деп, ең кишкенесиниң қасына барып, қолындағы алтын жүзигин алып, «сен өзимдики боларсаң» деп, ағаларының жатқан жерине билдирмей келип, таң атқаннан соң оларды оятып, азан менен сол үш қыздың елине қарап жүрис қылады.

Ендиги сөзди қызлардың әкесинен еситиң. Бай азанда ерте турып сарайына келсе, думалаған гелле, үйиўли турған геўделерге көзи түсип, қорыққанлығынан жаны шығып кете жазлайды. Барластырып қараса, сол халықтың душпаны қырық қарақшы екенин таныпты. «Буларды қандай батыр өлтирди екен» деп қуўанышы қойнына сыймай, үйине жуўырып келип, халықты хабарландырыў ушын жар урдырады.

— Кимде ким «өлтирген адам — мен» деп көпшиликтиң ишинен айрылып шықса, оның не тилегин қабыл етемен, — депти.

Солай етип, буны еситкен жигитлер байдың үйиниң қасында бир үйге қонып, өзли-өзи бастан-аяқ болған ўақыяны айтысып, хәр қайсысы баяғы алған белгилерин ортаға үйип гүрриңлесип отырады. Буны байдың сақшылары еситип, байға билдиреди де, сүйинши алады.

Бай:

— Булар халықтың хәм мениң ҳадал сүйген перзентлерим екен. Енди не тилесе де, мен орынлаўым тийис, — деп, оларды сарайға шақыртып, үш жигитке үш қызын берип, көп дүнья маллар хәм көп хасыл затлар менен елине қайтарады. Жигитлер елине барып той-тамашалар берип, мурады-мақсетине жетеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

70- ТОМ



# ТУРМЫСЛЫҚ ЕРТЕКЛЕР

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ШЕБЕР ҚЫЗ
(Р-98, № 3435)

Бурынғы өткен заманда бир залым патша болыпты. Ол алпыс бес жасына келгенде қай жерде сулыў қыз болса, ашық болып, аламан деп умтыла береди екен.

Патшаның қараўында бир сулыў қыз болыпты. Оның ата-анасы өлип, бир үйде бир өзи қалады. Қыз ғайры нағыс кестелеп, дүньяда жақсы тақыялар тигип шығарады. Бир күнлери қыздын үйине бир ғарры менен кемпир келип, ата-анасындай сиңисип кеткенликтен, олардың арасында алысық-берисик даўам етип, кемпир қыздың тиккен тақыяларын базарда сатып жүре береди. Арадан бир неше күнлер өткеннен кейин патшаның ўәзири базарлап жүрип кемпирдиң қолындағы тақыясынан бир тақыясын алады. Буны көрген патша ўәзирине:

— Усы тақыяны тиккен адамды мениң қасыма алып кел, — деп тапсырады.

Сонда ўәзир:

— Бул тақыяны алпыс жасар кемпирден алдым, — деп жуўап береди.

Патша:

— Алпыс жасар кемпир болса да алып кел, — деп қатты буйырады.

Ўәзир енди илажсыздан базарға барып, кемпирге патшаның буйрығын жеткереди. Кемпир қызына барып ойласады. Сонда қыз:

— Патша сеннен «тақыяны ким тикти?» деп сораса, «өзим тиктим» деп жуўап бере бер, — дейди.

Оннан кейин кемпир патшаға тап қыздың айт деп тапсырғанындай етип жуўап береди. Бирақ патша инанбайды. Сөйтип кемпир шынын айтпағаннан кейин, тақыяның керек нәрселеринин бәрин таўып берип, кемпирге тақыяны тик деп буйырады. Бирақ кемпир тиге алмайды. Буған патшаның кәхәри келип, кемпирди дарға асып өлтиреди. Енди патша кемпирдиң үйине қайтадан адам жибереди. Ол барып үйде отырған сулыў, шырайлы жас қызды көрип, есенкиреп қалады ҳәм албырап қалып аўзына сөз түспей патшаға қайтып келеди. Жаңағы адам патшаға кемпирдин үйинде көргенлеринин барлығын айтады. Сөйтип екеўи де тақыяны тиккен сол қыз шығар деп шамалайды. Патша қызға қайтадан үш жаўшы жибереди. Булар қызға келип, патшаның тапсырмасын айта алмай иркилип, өлдим-ҳазарда жуўап болғаннан кейин олар өзиниң әзелги сөзине көшеди. Ҳәм қызға патшаның ашық болғанын билдиреди.

Қыз ойланып отырып, шашын бир сыйпайды және «ж» деген ҳәрипти жаўшылардың қолына берип:

— Усыны патшаға апарып берсеңиз, өзи түсинер, — дейди.

Жаўшылар қыздың берген жуўабын дәл өзиндей етип патшасына жеткереди. Сонда патша:

— Зәрре буйығыңқырап отырып, усыған түсинбедиңиз бе? — деп жигитлерге қарап:

— Қыздың шашын бир сыйпап қойып «ж» деген ҳәрипти бергени, қыздың шашындай сүриўлеп мал берсеңиз де, мен саған жоқпан дегени еди, — деп патша тунжырап тынып қалады.

Патша енди қыздан биротала кол жуўып қалмайын деп, тағы да жаўшы жибереди, оларға адамгершиликке байланыслы болған бир сынды қыздан алып қайтыўды тапсырады. Сонда қыз барған адамларға мына сынды айт деп тапсырған еди: «Жақсы еркек жаман қатынды келе қыла алмайды, жақсы қатын жаман еркекти келе қылады».

Шабарман жигитлер ғырра кейнине қайтып, қыздың берген сынын патшасына жеткереди. Буған патшаның ашыўы келип, қараўындағы халықлардан тамақ ише алмайтуғын, саўданың жөнин билмейтуғын, самсам, атқа мине алмайтуғын илекер, бир әззи адамларды таўып келиўди шабарманларға буйырады. Бул кеткен адамлар аўылды, қаланы, даланы излеп бир ақылы зайыл жинлини алып келеди. Енди патша бул самсам жинлини қыздың қолына тапсырып:

— Усыны келе қылып бер, — дейди.

Қыз:

— Әжеп болады, тақсыр, — деп, жинлинин аяқ қолын байлап үйине алып кетеди.

Қыз өз сөзине тутылып, енди тәғдирдиң исине қайыл болып, атқа миниўди билмейтуғын, сәррийген жинлини үш ай бағады. Усы үш ай ишинде баяғы ләмсер жинлиге питегене ес кире баслайды, бурынғы ғүдибузар жинлиликтен айырылады. Бирақ бул тегинлик пенен бола қоймайды. Қыз ләмсер жинлини алты күн ашқа қамап, қолына қойыў аўқат жағып, оны тили менен жалап жеўди үйретеди. Оннан соң жинлиниң қақаман суўықта сырдандай далаға шығарып, үлкен бир бақанға байлайды, сөйтип қолы жеткендей жерге бир қанша иш кийим, сырт кийимлерди қояды. Жинли қыздың бул ҳийлесине де көнип, кийимлерди өзи кийиўге мәжбүр болады. Енди қыз оған бирден жүзге дейин санаўды үйретеди. Жинлиниң қолына бир теңге берип, бир заттың баҳасын айтып, соннан кемге де, артыққа да алма деп тапсырады ҳәм өзи де жинлиге билдирмей сыртынан аңлып жүре береди. Жинли буны да ислейди. Ертеңине жинлиге бир нар түйени алты теңгеден кемге де, артыққа да сатпа деп қолына береди. Ол

www.ziyouz.com kutubxonasi

мақул деп базарға барса, түйени үш-төрт теңгеден асырып сораўшылар болмайды. Оннан соң жинли түйени сатпастан үйине қайтып алып келеди. Келеси базарда қыздың айтыўы бойынша төрт теңгеге сатады. Үйине келгеннен кейин санап көрсе, саны дурыс шығады. Усы шынығыўлардан, сынаўлардан өткен жинли айығып, саў адамлардың қатарына кем-кемнен қосыла баслайды. Бирақ жүдә мөмин үндемес болып, тек ақыллы шебер қыздың басшылығы, силтеўи менен ғана ис етеди. Қыз енди оған атқа қараўды, байлаўды, ертлеўди үйретпекши болады. Тақыя тигип сатқан пулларына базардан бир ат алады, оны семиртип бағады. Сөйтип үлкен сейисханаға атты байлап, жинлини үстине мингизеди. Қыз дәрўазаны иштен илдирип, атты қамшылап-қамшылап жибереди. Ат туўлап ырғыған сайын үстиндеги жинли гә шондыға, гә шоқлыққа минип, өлдим-азарда жүреги басылып, суўық демин алып, енди қорықпайтуғын болады, аттан да өзи түседи. Аттың үстине минип барып, суўғарып та келе беретуғын болады. Қулласы патшаның буйрығын қыз орынлап, қыздың тапсырмаларын жинли орынлап шығады.

Арадан бираз ўақыт өткеннен кейин аўыл арасында бир көкжал қасқыр пайда болады. Буны еситкен патша кимде-ким усы қасқырды тирилей услап келсе, соның не тилегенин орынлайман деп жар урдырады. Әне, бул сөзди еситкеннен кейин хәмменин де арқасы қозып, атларын зәртең-зәбертең ертлеп қасқырды қуўмаға мейил болады. Буған кеселинен тәўир болған жинли де талабан болады. Қасқырдың изинен қуўған адамлар жетсе де, оны тирилей услаўға батына алмай, биразы аттан жығылып, аты алып қашып жүргенде баяғы жинли қасқырды тирилей тақымға басып қызға алып келеди. Қыз да буны мойнына орамалын салып, патшаға алып барады. Сонда патша:

— Буны ким услаған? — дейди.

Қыз патшаға:

— Мениң күйеўимниң услағаны, — дейди.

Патша қыздан:

— Баяғы ләмсер жинли ме? — деп сорапты.

Қыз:

— Аўа, сол жинли, — деп жуўап берипти.

Патша:

— Әй, қой-ә! — деп таңланыпты.

Қыз хайран болған патшаға:

— Жоқ, тақсыр, соның тап өзи, — депти.

Патша:

— Бар, сол адамыңды алып кел мениң алдыма, — деп қызға ийек қағады.

— Әжеп болар, патшайым, — деп, қыз да мыйығын тартып, күлимсиреп шығып кетеди. Сөйтип жинлиниң үйине барып кийиндирип, атқа миндирип ертип келеди. Енди патшаның былай-былай қыйсаңлаўға ыңғайы болмайды. Қулаққа урған танадай ләм-мим тынады да қалады, қыздан да гүдер үзеди. Әдепки ойынан патша биротала ырзаласып, тахтынан да айырылып, орнын ақыллы қыздың күйеўине береди. Қыздың тәрбиялаған адамы халық тилегине сай, бир ғошшақ жигит болып, елди әдил басқарып қала береди.

## КӨРГЕНЛИНИҢ БАЛАСЫ

(Р-98, № 3435)

Қарақалпақлардың Хийўа ханына бағыньшлы ўақты. Қарақалпақтың он төрт бийин Хийўа ханы шақыртып, олар жолда баратырғанда шөлде адасады. Бир қумның етегинде қой бағып жүрген бир балаға гезлесип жол сораса:

— Жетер жерде ел жоқ, бүгинше бизиң ылашықта мийман болағойыңлар, — дейди.

Бийлердиң биреўи дәлкек қылып:

— Ылашығың тар ғой, бизлер он төрт адамбыз, жайғаспаспыз, — деп жуўап береди.

Бала:

— Өзимниң кеўлим тарлық етпесе, ылашығым кең сарайдай, түсе бериңлер — дейди қақшыйып.

— Қой, оңлырақ жер табайық, жүриңлер, — депти сонда бир бий зәңгиге ширенип.

Атлар ала жөнелди, таяғын көтерип бала бақырып қала берди:

— Бара бериң, қараңғы түскен соң «әттегене» дегенниң үйине жетесиз. Сонда хәзлесерсизлер, — деди.

Пысылдасқан он төрт бий атлары қара суў болып, нешше майдан жол жүрди. Қызыл қыя қумнан басқа хеш нәрсе көринбеди. Тастай қараңғы түн басланады. Жол жоқ, жөн алды қарабарақ баратырып:

— Хәй, әттегене-ай, — деди биреўи, — жаңағы баланикинде қонбай...

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул сөз басқаларына да жағып кетти.

— Атларды бурын онда, еле де сол балаға барып, аз да болса жол сорап, кейин жүрейик. Ол бала тегин бала емес, қумды гезген бала, ол барлық жолларды биледи, — деп, хәммеси атларын кейин бурады.

Түн жарпынан аўа, өлип-талып, атлары ақ көбик болып, баланың ылашығын зорға таўып келди. Уйқылап атырған бала ат дүбиринен шоршып оянып, сыртқа шықса, қайтып келген бийлерди көрди. Ләм-мим деместен, көзин уўқалап, атларын жайғастыра баслайды. Бала атлардың бастырықларын алып ылашықтың алдына төседи, бийлер отырып шай ишип атырған ўақытта бала бир ылақты қушақлап бийлердиң алдына келип:

— Отағасылар, мениң қолымдағы барым усы, — деп, жалғыз туўшасын оларға сойып берди.

Сөйтип, бала басын ийип күледи де, барып қазанға айналысты. Қазан деп қазаны бар ма оның, барлық гөшти әдеп үйтпе қылып, соңынан жартысынан кәбап ислеп, қойдың қойыў қаймағы менен қосып табақ тартты.

— Мына қой кимдики, өзиң кимниң баласысаң, атың ким? — деп, тамақ үстинде жабырласып сорай баслайды бийлер.

— Қойлардың бәри де пәленкес байдики. Өзим Қалбай көкжалдың баласыман. Әкем Хийўа ханынан ақ пышақ алған киси, — деди бала сүйекти мүжип. — Әкем жүдә өжет болған екен.

Таңланып қараған бийлердиң биреўи:

— Ал, әкең қайда? Өзиң неге шөлистанда қой бағып жүрсең, иним? — дейди қадалып.

— Ой, отағасы, оның өзи узақ әңгиме ғой, — дейди бала.

— Таң узақ, айта бериң, тыңлаймыз, — деп жыбырласты бийлер.

— Яқшы онда, сизлер жалықпасаңыз, айтыўға еринбейин, қысқа-қысқа айтып берейин, — деп, бала күнге күйген қара көзлери менен бийик қумға қарап қойды да, әңгимеге кирисТи. Бийлер гөшке тойып, гекирисип, тислерин шуқылап, пәр дастықларына жантайысып тыңлай баслады.

— Мениң ата журтым анаў алыстағы теңиз, — деп, бала арқаға қарап қолын шошайтып көрсетти. — Теңизде бир атаўда әкем балық услап, анам шыпта тоқып күнелтип отыратуғын еди. Әкем барып турған өжет еди, — деп тағы қайталады бала.

— Бир күни бийдикине Хийўа ханнан салық жыйнаўшы келипти деген менен, барып жай-жағдайын, арзын айтыў нийетинде аўыл балықшылары менен барса, ол заңғар сәлем берип қолынан алайық деп қолын созған адамларға оң аяғын пешаханадан шығарып, қол орнына усыныпты. Барлық адамлар бунық тутымына таңланса да, бирақ бирнеме деўге бата алмай, усынған аяғына қолын тийгизип сәлемлесип кете берипти.

Көп пенен барған бизиң ағама да бираздан соң гезек келипти, —деди бала күлимлеген қара көзлерин ойнатып.

— Ал, кәне, оннан кейин..., — деп, бийлер де муртларын сыйпап күлимсирей берди.

Ағам барып, «Тақсыр, қолыңызды бериң» деп қолын созса, қол орнына, айтқанындай, пешаханаы көтерип бир аяқ шығып, сәлемин қабыл алыўға таяр болыпты. Өжет адамның буннан басқа енди қайерде ашыўы келеди дейсең?! Қалтасынан шолақ шаққыны суўырып алып, бас бармақтан салып жиберипти де, олжаға түсирген бармағын қалтаға салып, туўры үйге келипти ғой. Аяғы қақсап солқылдаған метерге қосылып, енди мениң исим тамам деп, бий де өкирип жылап, оннан бийдиң ағайин-туўысқанлары да қосылып, бала-шағалары да жылап, аўылды басына көтерипти.

Бала малдасын бузбастан айтып отырып күлимсиреп еди, «ың...», «аў-ўа...» деп отырған бийлер қумды басына көтерип күлип жиберипи. Күндеги жоқ күлкиден үркип кетип, қайта шоқланысқан қойларға бир қарады да, бала әңгимесин айта берди.

— Соннан кейин ашыўына буўлыққан бий «Қалбай көкжалды байлаң» деп он жигит жиберсе, бизиң ағам:

— Сизлер мени байламаңлар, бийдиң алдына өзим бараман, — деп, жигитлерге мингесип бийдиң алдына келеди.

— Бий аға, сиз қапа болмаң, маған бир ат бериң, мен өзим барып Хийўа ханы менен сөйлесип келемен, — дегенде, бий ашыўланып:

— Мә, саған Хийўа ханы! Хаў, сен кимсең, хәм адамын сойып, хәм ханнан жарлық алып қайтатуғын? Кәне, көп былшылдама, жазаңды беремен...

— Хәй, жигитлер, байлаң мына атаңа нәлетти. Бунын ханды бассынғандай не күши бар екен? — деп ғәзепленипти.

Бирақ әкем умтылған жигитлердиң бәрин жығып салып, белдеўдеги бий менен метердиң қос атын бирин минип, бирин жетекке алып, үйге келипти, сырттан турып:

— Хә, қатын, мен Хийўа ханына баратырман, бес айда келмесем, дарға асылғаным. Онда ас-абатымды берип, ишиндеги бала болса, атын Жалғызбай қоярсаң, қыз туўсаң, өзиң бил, — деп, даўысын еситкеннен-

www.ziyouz.com kutubxonasi

ақ жуўырып шығып атын жылаўлап турған ҳаялының бетинен бир сүйипти де, атқа камшыны басып тартып кетипти ғой.

Мениң анам болса жылап қала берипти. Атларды кемеге салып, қурғақшылыққа шыққан соң қос атлы Көкжал атам узақ сапарға шығыпты. Сонда усы қумларды басып өтип..., — деп бала шошайтқан қолын қумның бийигиндеги қуўсырықтың тусына әкелгенде кәпелимде қолын түсирип, қумға қадалып, тунжырай қалды.

Бирақ, бийлер сырыққа қараса да, баланың сырына түсинбей, «ың-ң... аўа-а» десип, балаға қарады бәри. Бала болса, жүзин қумнан аўдарып, аўыр бир гүрсинди де, айта берди...

— Усы қумларды басып өтип, қос атты алма-гезек минип, салқын менен жүрипти де отырыпты. Нешше айлар жол жүрип, ҳарып-талып Хийўаға жетипти. Оны хан сарайы алдында дәрўазаманлар күтип алып, жөн-жосағын сорай баслапты.

— Қарақалпақтың бийимен, хан шақыртқан соң келдим, — депти.

Таңырқаған дәрўазаман:

— Ҳаў, бий болсаң, мына үстиндеги ләттең не? Қой, сен бий емес, уры шығарсаң. Сени бул турысың менен, бий болмақтан, патша болсаң да ханымыз қабыл етпейди, тур айда! — депти.

Ызаланған атам:

— Жолда қалтаманларға жолығып, өлтиретуғын болған соң кийимлеримди, теңгелеримди берип зорға қутылып киятырман. Жибериңлер, дым шаршап келдим, ишке кирип тынығайын, — деп дәрўазаманды алдап, зорға ишке кирипти. Тар қапылы кең сарайлардан өтип, хан алдына барып тәңир сәлемин берипти.

— Тақсыр дат!

— Арзыңды айт! — депти қарнын сыйпалап хан.

— Тақсыр, биз өзиңиздиң анаў алыстағы қарақалпағыңнан келдик... — деп сөзин баслай бергенде хан ғәзепленип:

— Әй, ақмақ, қарақалпақ мениң қарақалпағым емес. Қалпағың өзиңе, маған атама оны, — депти жекиринип.

— Қуллық тақсыр, сол қарақалпағыңызға... кеширерсиз, тақсыр, тағы албырап «қарақалпағыңызға»..., — деп боп-боз болған әкем ханға қараймаң дегенше-ақ «жәллат» деп бақырыпты хан:

— Мына ийттиң баласына таныт! Сегиз таяқ урып, аштан қамап, еки күннен кейин алдыма алып келиң! — депти.

Жалақлаған пашшаплар атам бийшараның етин тилким-тилким қылып урып, қараңғы изей ханаға қамап таслапты. Арадан еки күн өткен соң атам тағы хан алдында сәлем береди.

—Тақсыр, сол қарақалпақларға, — депти атам, тағы алжасып кеттим бе деп қорқып, — бир метериңизди жиберген екенсиз. Сол метериңизди, бириншиден, сиздей уллы ханымыз жиберген ҳәм ислам дининиң орталық шәҳәринен келген уллы адам екен деп зыяратлап барсақ, барлығымыз бенен пешаханада жатып аяғы менен сәлемлеседи. Барған адамға аяғын сүйдиреди, қолын бермейди. Хийўаның дәстүри солаймекен, я өзиниң таўып жүргенимекен? Бул неге пайғамбар сәлемин аяққа басады? деп ашыўланып, усынған аяғының бас бармағын кесип алып, жалғыз өзим келип отырман, тақсыр, — деп, ханның шалғайын сүйип, алдына бас бармақты шығарып қойыпты.

Хан сол күнниң ертеңине қос атлы жасаўыл жиберип, тәкаббыр метерди қуўдырып алып, дарға астырып, бизиң ағама ақ пышақ ҳәм бийлик дәрежесин берип, сарпайлар менен елине қайтарыпты ҳәм қасына еки атлы қосыпты. Халық бурынғы залым бийдиң тахтан түскенине қуўанып қалыпты. Арадан бир жыл өтпей-ақ көп бийлер менен ханға киятырғанда, тап усы жерде баяғы кекли бийдиң гәззаплары аңлып жатып, бизиң ағамды өлтирип кетипти. Соннан қалған Жалғызбай мен едим. Ана жалғыз қәбир — мениң әкем Қалбай көкжалдың қәбири, — деп, бала еңкилдеп жылап қоя берипти.

Бийлердиң биразы көз жасын төгип, «бийшара-ай» дести. Оннан арман бала ентигип сөйлей алмады.

— Балам, оннан соң қалай бунда келдиң, айта бер, — деп бийлер сорап қоймаған соң, бала солығын басып:

— Әкемниң өлген хабарын еситип, излеп шығып кеттим. Келсем, гөшлерин ғарға-қузғын жеп, тек саўсаған сүйеклери қалыпты. Бәрин жыйнап сол төбеге көмип, елиме кеттим. Барған соң еки айдан кейин анам да өлди. Оны да жайғастырып питирип, қайда кетеримди билмей, мына қәбир басына келип түнеп жүрдим. Шөп-шар жеп, бир айдай қәбирди өзиме ес қылып, қасында болдым. Ақыры әкем түсиме аян берип, маған:

— Оң тәрепиңе күнниң шығар астына бир күн жол жүр, бир байға ушырайсаң, соған шопан болып, отлақлы жер таптым деп, усы жерге малларыңды айдап кел. Сөйт те, жата бер, балам, — деди.

Айтқаныңдай, байды таўып шопан болдым. Мына қой-ешкилер сол байдики, — деп, бала сөзин аяқлады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бийлер кула дүзде жападан-жалғыз өмир сүрип жүрген бул баланың ақылына, шешенлигине ҳайран қалды. Баланың көргенли ердиң баласы екенине көзи жеткен бийлер азанда ойласып, баланы өзлери менен бирге алып кетиўди уйғарады. Солай етип, малларын байға тапсырып, баланы алып Хийўаға жол тартады. Нешше күн жол жүрип, Хийўаға жетеди. Қаланың шетине келгенде бала бийлерди тоқтатып, бир мылтық, бир түйе, бир ешки әкелип бериўди сорайды. Солар тайын болғаннан кейин бийлерди сол қалада бир үйде жатқарады да, көше бойлап гезип, ийт қоймай атып шыға береди. Еки күнге шекем «ўаңк» еткен ийт болса, сеспей қатырады. Бул хабар ханға жетип, хан баланы шақыртып алады. Бала түйениң алдына ешкини бөктерип, сарайға кирип барады. Хан қәҳәрленип балаға:

— Қайдан келген баласаң, неге ийтлерди атып жүрсең, ким ийт атыўға буйырды? — дейди.

Сонда бала:

— Мен сол алыстағы қарақалпақлардан келдим. Ийтлериңнниң даўысынан бизлер тыныш уйқылай алмадық. Оннан кейин келип, атып атырман, — дейди.

Хан ашыўланып:

— Ҳаў, ақмақ бала, түў алыстағы сениң елиңе Хийўаның ийтлериниң даўысы қалай жетеди, — деп баланы қатты сөгипти.

Баланың керек қылғаны да усы сөз ғой.

— Тақсыр-аў, бизиң қазақы ябылардың киснегени сизиң алмаўыты байталыңыздың қулағына жеткенде, ийтлериңиздиң даўысы бизлерге жетпей ме? — дейди.

Ол ўақытта хийўалылар қазақы ябынды киснетпе, алмаўыты байталым иш таслайды деп, қарақалпақларды мазақлап хорлайтуғын болған. Баланың мына сөзинен утылған хан не дерин билмей төмен қарапты, сонда ўәзири:

— Әй, бала, сен жеккемисең, ямаса жасүлкениң бар ма? — депти.

Бала түйесин көрсетип:

— Мынаў мениң жас үлкеним, — депти.

Балаға:

— Ҳаў, жасүлкен дегенниң мәнисин билмейтуғын бийшара екенсең-аў, алдында сақалы селкилдеген жасүлкениң жоқ па? — депти ўәзир.

— Ҳә, сақаллы жасүлкенди сорайсыз ба? — деп, ешкиниң сақалынан услап:

— Мине ақсақаллы жасуллымыз, — дейди.

Тунжырап отырған хан күлип жиберип, қасындағы шешен ўәзириниң де баладан жеңилип қалғанына ҳайран қалып, баланы қасына отырғызып, сорай баслапты:

— Бала, сен қарақалпақлардан келген болсаң, ким дегенниң баласысаң, бунда неге келдиң? Ырасыңды айт, — деп сораўлы пишин билдирипти.

Бала жайласып отырып, жайпарахат, тартынбай, қәҳәрли хан менен сөйлесипти.

— Тақсыр, әкем Қалбай көкжал, атым Жалғызбай. Енди мениң сизден арзым, усы ўақытқа шекем қарақалпақларды хорлап, адам қатарына қоспай келип едиңиз. Түп бабамыз Адам ата, Ҳаўа ене болғаннан кейин, кәпир де, мусылман да түби бир. Қайта бизиң қарекенлер де өзлериңиздей мусылман ғой. Сизге бағынышлы, түби бир, дини бир. Соннан келип ханның пухараны хорлаўы жақсы нәтийже болмайды ғой. Жылда салықты да басып салып, халықты қыратуғын болдыңыз. Мине, сонша ғәзийнеханаларыңыз толы алтын, соларды қуры сақлап қоясыз. Өзиңиз өлген соң соннан буйыратуғыны бир кепинлик шыт. Басқасының бәри де усы ялғаншы дүньяда қалмай ма? Егер, тақсыр, ғазаўатқа шықсаңыз, қарақалпақлардан да нөкер аласыз. Мине бүгин сол халқың аш-жалаңаш болып отырғанда, сизиң алтын сақлап отырыўыңыз мусылманшылыққа туўры келер ме?

Хан да, ўәзирлери де бул баланың шешенлигине, мәртлигине ҳайран қалады. Неше күнлер ханның шешенлери менен айтысып, бәрин жеңеди. Оннан кейин хан балаға саўал берипти.

— Аспанда жулдыздың нешеў екенин айтып бере аласаң ба?

Бала:

— Басыңыздағы шашыңызды санасаңыз, жулдызлардың санына туўра келеди, исенбесеңиз, санап көреғойың, — депти.

Усылай тағы бир неше күн хан сарайында болған соң баяғы бийлерин де шақыртып алып, қарақалпақларды бир жылғы алым-салықтан қутқарып, ханнан ақ пышақ алып, әкесиниң бийлик сүрген елине бий болып қайтыпты. Елине келген соң әкесин өлтирген бийди дарға астырып, орнына бий болып, он төрт бийдиң биреўиниң қызына үйленипти.

Көргенли жердиң баласы әдил болғанлықтан, халқы тоқ, қурғын болып, бала менен бирге мурат-мақсетине жетипти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АҚЫЛЫМ БАР, ПУЛЫМ ЖОҚ
(Р-21, № 1075)

Бурынғы заманда бир дийўана болыпты, бул дийўана қай жерге барса да, «ақылым бар, пулым жоқ» дегеннен басқаны айтпайды екен. Бир күни ханның есигине келип, «ақылым бар, пулым жоқ» деп ҳақлап, қудайы сораса, хан оған:

— Пулың болса, не қылар едиңиз? — деп сораў берипти.

Сонда дийўана ханға:

— Пулым болса, ҳәр нәрсе қылар едим, тақсыр, — депти.

Оннан соң хан дийўанаға мын тилла берипти. Ханның өзиниң бир нешше саўдагерлери бар екен, олар ханнан пул алып, кәрўан тартып, ханға керекли затларды әкелип турады екен.

Дийўана ханнан алған мың тилланың ярымына түйе, қалғанына кишмиш жүзим ҳәм үлкен-үлкен бир неше самар алады, түйеге артып, кәрўанлар менен бирге кете береди. Кәрўанлар бир нешше күн жол жүргеннен кейин бир дәрьяға барып жетеди. Дәрьяның жағасына барғаннан кейин дийўана жолдасларына:

— Бизиң менен бирге усы жерде қалатуғын бар ма? — дейди.

— Ханның мың тилласын алып, дәрья бойында қалғанша, бизлер менен жүрип, ханға бир нәрсе алып барсаң болмай ма, сорлы? Болмаса, хан сизди жуўапқа тартып өтиреди, — дейди кәрўанлар.

Олардың айтқанын қылмай, дийўананың бир өзи дәрьяның бойында қалады.

Ал, енди дийўананың талабының болғаны, ҳәр күни кеште алып келген жүзиминен дәрьяның қайырына шашып, өзи аңлып жатады ҳәм ҳәр жерге үлкен самарларды да төңкерип қояды.

Бир гезде суўдан перилер шығып, шашылған жүзимлерди терип жеп жүрип, самардың үстине минип, биресе астына кирип ойнайтуғын болады. Дийўананы көрсе, суўға түсип қашып кетеди. Дийўана да күнде усындай етип аңлып жүре береди. Бир күни periниң патшасы шығып, ойнап жүрип самардың астына киреди. Сол гезде дийўана бирден жүўырып барып, периниң патшасын услап алады. Оннан соң перилер суўдан басын шығарып:

— Бизиң патшамызды босатсаңыз екен, — деп жүдә жалынып сорайды.

Сонда дийўана турып:

— Бул суўдың астында не бар? — деп сорайды.

Перилер айтады:

— Бул суўдың түбинде ақ тас, көк тас, жасыл таслар бар, — дейди.

Дийўана айтады:

— Сол таслардан өзим «болады» дегенше сыртқа шығарып үйиңлер, сонда ғана жиберемен, — дейди.

Соның менен перилер де «болады» дегенше үйеди. Оннан кейин патшасын жибереди. Бул үйдиргенниң барлығы да гәўҳары-шамшырақ деген хасыл тас екен.

Ендиги дийўананың талабы — малдың дәрисин ийлеп, гербиш қуя баслайды. Ҳәр гербиштиң арасына еки гәўҳары шамшырақты салып қуя береди. Шамшырақ түўесилгеннен соң қуры тезектиң өзинен бир қаншасын қуяды. Сөйтип бул тезекти түйелерге артып болған мәҳәлде баяғы кеткен жолдаслары да ондай-мундай алып, кәрўан тартып жетип келеди.

— Маңлайы қурған дийўана дәрьяның бойында қалып, не талап қылып жүр десек, малдың боғынан басқа тапқан ҳеш нәрсеси жоқ ғой, — деп күлисипти кәрўанлар.

Оннан соң кәрўанлар менен бирге тезекти артып, түйесин тартып қайта берипти. Жолда киятырғанда бир нешше күнге дейин изи үзилмеген көп жаўынға ушырасыпты. Бул жаўында кәрўанлар жағыўға отын таппай, дийўананың артып киятырған тезегин жақпақшы болыпты. Дийўана бермейин десе, қорқыпты. Сөйтип дийўана оларға гәўҳары шамшырақ салмаған тезеклерин отынға берипти. Бул жерде кәрўанлар дийўананың ақыллығын бир билипти.

Соннан тағы жүрип отырып, ханның шәҳәрине келипти. Дийўана баяғы гәўҳары-шамшырақтан ҳәр бир қойнына ҳәм қалтасына жуптан-жуптан салып алған екен. Ханға келип, қойнындағы бир жуп гәўҳары-шамшырақты алдына қойыпты.

— Заңғар, бизиң ғәзийнеханадағыны қайдан алдың? — депти.

Оннан соң екинши қойнынан шығарып тағы бир жубын қойып:

— Бул да сизиң ғәзийнеханадан ба, тақсыр? — депти.

Қалталарындағыларды да шығарып:

— Бул да сизиң ғәзийнеханадан ба, тақсыр?

Бир гербиш әкелип бузып:

— Бул да сизиң ғәзийнеханадан ба, тақсыр? — депти дийўана.

— Алып келген гербишлеримниң барлығынан да табылады, ол да сизиң ғәзийнеханадан ба екен, тақсыр? — депти тағы да.

Хан дийўананың ақыллылығын усы жерде биледи. Сөйтип, хан ақырында дийўананы өзине ўәзир қылып алыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАҚСЫ ҲАЯЛ

(Р-22а, № 82401)

Аспанда үш ғаз ушып баратыр екен, бир бай қызын сынамақ ушын:

— Ана ғазлар не деп баратыр? Айтып бер, шырағым, — депти.

Сонда қыз:

— Алдыңғы ғаз «жақсы қатын жаман еркекти келе қылады» деп, ал екинши ғаз «жаман ҳаялды жақсы еркек келе қылады» деп баратыр, үшинши ғаз болса, алдыңғы ғаздың пикирин қуўатлап баратыр, — депти.

Буны еситкен бай:

— Үйиң жаңғыр қыз! Қәне, сениң ҳалыңды көрейин, — депти.

Үйине келип, ҳаялының да дуў-сыйына қарамастан, қызын елдиң шетиндеги, өлеси жаман, орнынан турмайтуғын, тек жалғыз кемпири бар бир жигитке турмысқа берип жибереди.

Қыз да өз сөзи өзине гуўа, басына түскенине қайыл болып, иске кириседи. Ол жигитти орнынан турғызып, сақал муртларын алдырып, әлпешлей баслайды. Үсти-басын, жуўындырып, кийиндирип, көшеге шығарады. Сөйте-сөйте, базардан пахта алдырады, оны ийирип тоқып, бояп, сулыў шапан етип тигип күйеуине:

— Мынаны базарға апарып, баҳасын мың тилладан бер, өзи ийесин таўып алады. Бундай шапан бурын базарда болған емес, ҳәмме қызады. Бирақ, адамлар «буны ким тиккен?» деп сораса, буны ҳеш кимге айтып жүриўши болма, — депти.

Жигит шапанды базарға апарып салады. Бундай сулыў шапанды көрген адамлар оған қатты қызығады, бирақ баҳасын еситип, «қымбат екен» деп кете береди. Соңында бир жигит келип шапанды айтқан баҳаға сатып алады ҳәм «буны ким тиккен?» деп сорайды. Жигит қыздың айтқанындай, «кемпирим тикти» деп, басқа ҳеш нәрсе айтпайды. Үйге келип қызға ақшаны берип, шапанды бир жигиттиң алғанын ҳәм оның шапанды ким тиккенин сорағанын айтады. Жигит ендиги базарда және қыз тиккен шапанды апарады. Шапанды және сол жигит алады ҳәм бул сапары да оның дерегин сорайды. Бирақ жигит бурынғы жуўабынан басқа ҳеш нәрсе айтпайды. Үшинши мәртебе апарғанда, қарыйдар жигит:

— Үйиңе бараман, үйиңди көремен, — депти.

Күйеўи буны қызға айтып барады. Қыз:

— Шатақ болыпты, кемпирди көрсетеғой, мен сандықта жатайын, — дейди.

Қарыйдар жигит келип кемпирди көрип, оның қолынан келмейтуғынын биледи. Аўқаттың ўақтында аўыш жигит, кемпирине:

— Ҳаялыма аўқат қойдың ба? — деп сандыққа қарап қояды.

Қарыйдар жигит гәп неде екенин дәрриў-ақ түсинеди де, түнде сандықты түйеге артып алып кетеди. Аўыш жигитте не қыларын билмей, кәрўанның изинен кете береди. Қыз ҳәр қонған жерде бир қуман суў менен, бир гөммени көмип кете береди. Аўыш күйеўи гөммени жеп, суўды ишип бара береди. Биреўлерден сорап жүрип, баяғы жигиттиң дәрегин таўып алады. Қараса, қыз қырық зәнги менен шығатуғын көшкиниң үстинде отыр екен. Бул да сол көшкиниң изинен жүре береди. Қыз буны танып, еки қоржынның басы толы алтынды көшкиден таслайды. Ишине хат жазып салады. Қыз хатта күйеўине қоржындағы гилтти алып, қаладағы ең үлкен атхананы таўып алып, буны күтип отырыўды тапсырады. Бирақ, буны баяғы жигит сезип қалып, қыздың күйеўин аңлыйды. Атты шешип, шылбырын услап отырып бала уйқылап қалады, қырық қарақшының басшысы — баяғы жигит аттың шылбырын кесип, сыртта тайын турады. Қыз оны күйеўи деп ойлап, «тайынбысаң?» дейди. «Тайынман» деп, қарақшы жигит қыз бенен атларды алып, қырық қарақшы жасайтуғын тоғайға келеди. Қыз сол ўақытта алданғанын билип, жамбасына бир урады.

Қарақшылардың ҳәммеси қызды көрип, оған ашық болып, олардың арасында жәнжел пайда болады. Қыз сонда оларға:

— Ҳәммеңиз қуралларыңызды таслап, анаў байтерекке шекем жуўырысып жарысасыз. Қайсы бириңиз озып келсеңиз, соған тийемен, — депти.

Қарақшылардың ҳәммеси көз ушындағы байтерекке қарай жуўырысып кеткенде, қыз олардың қуралларын, атларын айдап алып кетеди.

Қыз атларды алдына салып айдап, бир шәҳәрге келеди. Өзи жигиттиң кийимин кийип, ер адам болып жүрсе, көп адамлардың қаладан сыртқа шығып ғаўырласып жүргенин көреди. Олардан:

— Патшамыз өлип еди, дәўлет қусы ҳеш кимниң басына қонбай жүр, — дегенди еситеди.

Сөйтип жүргенде дәўлет қусы қыздың басына келип қонады. Қыз патша болады. Халық бул бир жақсы жигит екен деп, патшаның қызын алып береди. Қыз, баяғы жаман буны излеп келер деп, өзиниң сүўретин үлкен етип соқтырып дәрўазаға, қаланың ишине қақтырып:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Кимде-ким усы сүўретти таныса ямаса көп қарап тура берсе, маған әкелиң, — дейди.
Ырастан да, бала бир неше шөлди асып, дәрўазаға келип қыздың сүўретин көрип:
— Хаў, мынаў баяғы мениң хаялым ғой, — деп айланып жүре берипти.
Оның гәпин еситкен пашшаплар тутып алып, сарайға алып келеди. Қыз оны өз орнына патша етип, патшаның қызын алып береди.
Кыз әкесиниң сарайының қапталынан үлкен сарай салдырып, алтын-гүмис пенен жалатады. Әке-шешесин, елин шақырып той береди. Усы тойда қыздың әкеси хәмме гәптен хабар табады хәм өзиниң жеңилгенлигин мойынлайды.

## ДАТ
(Р-89. № 37578)

Бурынғы өткен заманда еки адам талап ислемеге кетип баратырып жолдас болыпты. Олар жолда шаршап, бир жерде уйқылайды. Биреўи оянып жолдасына қараса, бир алтын қанатлы шыбын уйқылап атырған жолдасының мурнына қонып, кейин бир тесикке кирип атырған екен. Бул ўақыяны екинши жолдасы түргелгеннен кейин оған айтып береди.
Сөйтип екеўи шыбынның кирген жеринде бир нәрсениң барын аңлап, тесикти қаза баслайды. Бир ўақытта ол тесиктен бир бөлек алтын шығады. Алдынғы оянған жолдасы екиншисине «сени бул алтынға тең жары етемен» деп, табылған алтынның ярымын береди. Сөйтеди де, булар тесикти қазыўды даўам ете береди. Бир ўақытта тесиктен тағы да бир гүзе алтын табылады. Сонда соңғы оянған жолдасы екиншисине:
— Ал, енди сени бул алтынға шерик етпеймен, себеби, алтын қанатлы шыбын мениң мурныма қонды, мен «тесикти казайық» деп ақыл бердим, — дейди де, даў салады.
Екеўи қызыл муш болып төбелесип те алады. Екинши жолдасы алтынды әдепки көрген жолдасынан басымлаў келеди. Ақырында оны өлтирмекши болады. Сонда ол жолдасына:
— Мени сен өлтирсең өлтир, еки бастан теңликке турмадың. Енди сен бул алтынларды алған соң бай боларсаң. Бирақ, сен өзиңниң қараўыңа мениң хаял, бала-шағаларымды алып ғамхорлық ет, ал, хаялым еки қабат қалып еди. Егер ол ул туўса, атын Дат қойғайсаң, — деп жалынады.
Оннан кейин мурнына алтын қанатлы шыбын қонған адам жолдасын өлтирип, алтынларды алып аўылына қайтып келеди. Арадан көп ўақыт өтпей-ақ бай болады. Жолдасының хаялын шоры етеди. Сөйтип, шалқып өмир сүре береди.
Бир күнлери есигиндеги шоры ул туўады. Баланың атын байдың өзи Дат деп қояды. Бала да жети жасқа келгенде бай оған баспақларын бақтырады.
Күнлерден бир күн бай сол елдиң патшасын үйине қонаққа шақырады. Патша сол үйде қонып отырса, баяғы есигиндеги шоры баласын «Дат!» деп шақырады. Патша буны еситип, шорыны алдына шақырып алып:
— Баланың атын ким қойды? — дейди.
Хаял баланың атын байдың қойғанын айтады. Патша буннан соң байды шақырып алып, не себеп баланың атын Дат қойғанын сорайды.
— Баланың атын әкесиниң айтыўы менен қойып едим. Ол өлеринде баламның атын Дат қой деп еди, сонлықтан усылай қойып едим, — деп жуўап береди бай.
Патша бул сөзди еситип, байдан баланың әкесиниң қалай өлгенин шукластырып сорап қоймайды. Ақырында байға ырасын айтқызады.
— Сен баланың әкесин жазықсыз өлтирипсен. Дат деген ат «гүнасыз өлтирди» деген мәниде, — деп, патша байды турған жеринде Датқа қул етип береди. Дүньяларын оған алып береди. Байдың хаялын болса, баланың кемпириниң орнына шоры етип береди. Сөйтип, Дат байлық-дәўлетке ийе болып, мурат-мақсетине жетипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҮШ УРЫНЫҢ ӘҢГИМЕСИ

(Р-89. № 37578)

Ерте-ерте заманда, Хорезм журтында Марылла деген патша жасапты.

Бир күни Марылла патша:

— Елимде мени мақтап отырған бар ма, айтса арзы питпей, айттырса дады жетпей, меннен хорлық көрип жылап отырғанлар бар ма? — деп, үстине жаман шапан, аяғына шарық, басына жумыр кийип, әйне сәҳәр ўағында қаланы аралап тың-тыңлап жүр еди. Бир ўақта сыбырласып сөйлесип баратырған үш адамның изинен жетти. Булар атайы урылар еди. Сол күни патшаның ғәзийнесине урлыққа түсетуғын күни екен. Ханның кейнинен жеткенин сезип, олар қайрылып «кимсен?» деп даўыслапты. Патша бул сөзди еситип:

— Тап өзлериңдей биреўмен, — деп жуўап берди.

Оннан кейин урылардың биреўи:

— Сениң қолыңнан не келеди? — деп сорады.

Сонда патша:

— Мен оң муртымды таўласам, өлимдар өлимнен қутылады, ал, шеп муртымды таўласам, ҳақ адам өлимдар болады, — деди.

Буннан кейин патша үш урының биреўине қарап:

— Сениң қандай қәсийетиң бар, не сезесең? — деп сорады.

— Мен түнде биреўдиң елеслеген қарасын көрсем болды, күндиз соны жаздырмай таныйман, — деп жуўап берди ол.

Патша екинши урыға да әдепки сораўды берди. Екинши уры:

— Мен ийттиң тилине дейин түсинемен, — деп жуўап қайтарды.

Буннан кейин патша үшинши урыдан да қәсийетин сорады.

— Мен дүньяның қайда турғанын көрмей-ақ билемен, — деп жуўап берди уры.

Патша урылардың қандай қәсийетлериниң барын билип алғаннан кейин, оларға қосылып өзиниң ғәзийнесине қарап урыларды баслап жүрди. Булар төртеўи қосылып кетип баратыр еди, алдынан бир ийт шығып шабаланып келип үрди. Сол ўақта патша ийттиң тилин билемен деген урыға:

— Ана ийт не деп үрип атыр? — деди.

— «Бизиң сорымыз қурысын, кетип баратырғанлардың биреўи патша-ғой» деп тур, — дейди ол уры.

Булар бул жерден де өтеди. Тап ханның ғәзийнеханасының сыртына барады. Патшаға урылар ғәзийнениң туратуғын жерин «сен билемен деп едиң ғой, кәне, көрсет» деп қоймайды. Патша алтын турған жерге апарғысы келмей, урыларды жаман тон, гөне-көкси кийим, тери-терсек турған жердиң тусына алып барып:

— Әне, тап усы жерде алтын бар, тесип көрсеңиз, керегиңизше алтын аласыз, — дейди.

Буны еситкен урылардың ишинен баяғы дүнья турған жерди билемен деген уры:

— Бул жерде алтын жоқ, жаман тон, гөне ыслықтан басқа ҳеш нәрсе емес, — дейди жолдасларына. Сөйтеди де, олардың алтынның турған жерине алып барып:

— Тап мына жерди тессек, қызыл алтынды аламыз, — дейди.

Булар ғәзийнехананың жаңағы айтқан жерин тести. Айтқанындай, алтын менен гүмисти текшелеп жыйып қойған жер екен. Олар көтергенинше алтын алды. Таңның алдында төртеўи алтынларын арқалап қаладан шетлеў шықты. Патша турып жолдасларына:

— Жоралар, алдымыз таң. Енди қаладан буннан былай шетке шыға бермейик, тутылып қалармыз. Сонлықтан да усы жерден тарқасайық. Мениң усы қаланың ишинде үйим бар, үйге барып жатаман. Ал, сизлер алтынды арқалап қаяққа барасыз? Кеште мен қайдан табылайын? — деди.

Үш уры оған:

—Қаланың алдында ярым шақырым жерде жолдың оң жағында әўлийе бар. Әўлийениң алдындағы кишкене өжиреге барып бизлер уйқылаймыз. Сол жерден табысқайлы болсын, — деп булар ўәделесип тарқасты.

Патша таңның алдында сарайына барып, үстиндеги жаман кийимлерин таслап, өзиниң жаңа кийимлерин үстине кийип, басына тажын да кийип алып, тахтына барып отырды. Патша жаңа отырған ўақта:

— Ўай-ўай, тақсыр, маңлайымыз қурып қалды, ғәзийнехананың оң жағынан тесип, ишине уры түсип, алтынды көтергенинше алып кетипти, — деп, алдына қараўыл жуўырып келди.

Патша, ҳеш гәп болмас дегендей, қасына еки жасаўылды шақырып алып:

— Қаланың қубласындағы әўлийениң алдындағы өжиреде үш жигит уйқылап атыр. Алтынды алған солар. Алтынды арқалатып алдыма қуўып келиң, — деп жасаўылларға ҳәмир етти.

Жасаўыллар патшаның силтеўинен өжиреге кирип барды. Айтқанындай-ақ, үш жигит алтынды

www.ziyouz.com kutubxonasi

басларына дәстанып уйқылап атыр екен. Жасаўыллар турған жеринде үш урының колларын арқасына таңып, алтынды да арқаларына арқалатып, патшаның алдына зиңкилдетип қуўып келди. Урылар сарайға кирип келиўден түндеги қандай қараңғы болса да бир көрген адамды күндиз таныйман, деген уры:

— Ўай- ўай, мына патшамыз түндеги бизлер менен жүргенниң өзи ғой! — деди.

Патша урыларға қәҳәрленип:

— Хә, нәлет болғырлар, «ийт қутырса ийесин қабады» деген. Жәҳәнде басқа адамлар қапылып, енди мен қалдым ба? Уялмай, патшалығымнан сескенбей бул не қылып жүргенлериңиз? Барың, буларды дарға апарып асыңлар, — депти.

Сонда патшаны таныған уры:

— Ҳәмириңизге қуллық, тақсыр. Не қылсаң да, қолыңа түстик. Енди оң муртыңды таўлап қағатуғын ўақтың келди, — депти.

Бул сөзди еситип патша күлип жиберди.

— Әй, сор қайнағанлар, сизлер уры емес, ўәлий екенсиз. Усы ақылыңыз бенен бул исти ислеп жүргениңиз сизлерге ылайық емес. Бар, гүнаңызды кештим. Екинши рет бул истен сақ болың, — деп, патша үш урыны үш журтқа ҳәким етти.

## ИЛИМПАЗ БАЛА
(Р-21. № 1081)

Бурынғы өткен заманда бир кәмбағал бар екен. Оны ҳәмме «бийшара адам» деп, үстинен күлетуғын қусайды. Бир тапқаны бир тапқанына жетпей, оғада аўыр турмыс кеширеди. Сонлықтан да жарлы тәуир-ақ жасына келсе де, шаңарақ қурып, бала-шағалы да бола алмайды.

Бир неше жылдан кейин ҳәр кимге күнликши болып жүрип, тапқан ақшаларын жыйнастырып, бир ҳаялға үйленеди. Ҳаялы ақыллы, жақсы екен. Екеўи талаплы, мийнеткеш ҳәм пуқта болыпты.

Күнлерден бир күн кәмбағалдың ҳаялы алтын айдарлы бир ул туўыпты. Кәмбағал ҳаялы менен тапқан ақшаларын, өзлери ишпей-жемей, киймей, баласы ушын жыйнай берипти. Баяғы үстинен күлип жүрген қоңсылары енди оларға қызғаныш көзи менен қарап баслайды. Жыллар өтип, баласы оқыў жасына келипти. Олар баласын жақсы, таза кийиндирип, ўақтын хош етип мектепке береди. Баласы күтә ақыллы, зейинли, тил алғыш, болып өсипти. Атасы менен анасы баласының жақсы оқығанынан оғада қуўанып, тапқанын баласына қаржы ете береди.

— Сонша пулды балаңызға жумсап не қыласыз? — дейди бир қоңсысы күнлеп.

— Баламызды билимли, елге пайдасы тийетуғын азамат етемиз деп жүрмиз, — депти әкеси.

— Оқып илимпаз болар дейсең бе? — дейди тағы бир қоңсысы иши жанып.

— Ким биледи, илимпаз болып кете ме? Елимизге пайдасы тийсе, буннан артық бахыт бар ма? — деди әкеси кетпен менен белиниң сабын қосып услап турып.

Күнлер изинен айлар, айлар изинен жыллар өтеди. Жарлының баласы бурынғысынан да саўатлы, билимли жигит болып жетилиседи. Ол ҳуқықый жақтан да саўатлы еди. Оған көплеген адамлар түсинбеген мәселелер бойынша келип мәсләҳәт сорайды екен. Әлбетте, олар жигитке мийнет ҳақы да береди. Бала жыйнаған пулларын сырт еллерге барыў ушын жумсайды. Ол Түркстанға, Самарқанға, Ҳиндстанға барып оқып, билимли илимпаз болып жетилиседи. Ол күтә алым, улама болады. Илимий тәуипшиликти ийелеп, алдына барған, жаман аўырыўларға шатылған бийтапларға барып, бәрин емлеп, күннен күнге инабаты көтериле береди. Бул хабар патшаға жетип, ҳүкимдар баланы сарайға мирәт етеди. Патша оны сарайдың бас дилмашы етип тайынлап, хызметин жоқары баҳалайды.

Бир күнлери баяғы жарлының үстинен күлип жүрген байлар бул балаға жумысы менен үйине келеди. Қараса, баяғы кәмбағалдың үйи. Жарлы деп жүрген адамның үйи сарайдай, көрип аўзы ашылып қалады. Олар бурынғы кәмбағал, ҳәзирги илимпаздың әкесинен кеширим сорап, жумысларын айтады. Күнлеп жүрген қоңсылары да өзлериниң қәтелескенлигин мойнына алып, кеширим сорап келеди. Кәмбағал, оның ҳаялы ҳәм илимпаз баласы еле бел-кетпенлерин тасламайды екен. Себеби, олардың усы дәрежеге жетиўинде мийнет қуралларының үлеси көп еди. Солай етип, олар келин түсирип, ақлық-шаўлықлы болып, бахытлы турмыс кеширипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨНЕРМЕНТ ЖИГИТ

(Р-21. №1081)

Бурынғы өткен заманда бир бай жасапты. Оның еки баласы бар екен. Бай үлкен баласын саўдагершиликке үйретеди. Киши баласы болса бул кәсипти қәлемейди. Әкеси қанша айтса да, киши улы өнер менен шуғылланыўды ойлайды. Әкеси тыңламаған баласына:

— Маған десең, неге қул болып жүрмейсең?! — дейди ашыў менен.

Бай үлкен баласын күтә жақсы көреди екен. Оған қәлеген нәрсесин, кийимин, зәрүр нәрселерин сатып алып береди. Кишкенесине жаман көзи менен қарап, «өз күниңди өзиң көр» дер екен. Солай етип, бай барлық мал-мүлкин үлкен баласына беретуғын болыпты. Байдың ҳаялы байдың бул қыялының надурыс екенлигин сезипти.

— Хә, шабазым, бизлер киши баланың қолында қаламыз, өлсек, бизлерди көметуғын киши баламыз ғой. Сонлықтан да киши баланы үйлендирейик, мал-мүлкти еки балаға тең бөлип берейик, — депти ҳаялы.

Бай ҳаялының бул сөзлерине итабар бермей, тыңламапты. Мал-мүлкиниң бәрин үлкен баласына берипти. Киши баласы кийимлерин сатып басқа бир қалаға кетип, бир саз үйренетуғын мектепке кирип оқыйды. Оны үш жылда питкереди. Соннан кейин етик тигетуғын мектепке кирип, оны еки жылда питкереди. Сөйтип ел аралап кетип баратырып, басқа бир шәҳәрде салынып атырған ғайрынағыш жайдың үстинен шығады. Ол үлкен устасына жолығады. Жигит соған жумысқа кирип, шәкирт болып бес жыл жүреди. Көркем жай салатуғын шебер уста болады. Усы өнерде жүрип, көп үлкен жайлар салып, көп дүнья жыйнайды. Патшаның да сарайындағы қурылыс жумысларында мийнет етеди. Көп мал-дүньялы болып елине келгенде, әкеси өлген, анасы аўырып, ағасы өлеси жарлы болып, диййўана болып ҳақлап жүргенин көреди. Анасын емлетип, ағасына таза кийим кийгизип, өнер үйретип, турмысы онланыпты. Жигит анасына көмекши болсын деп келин алып береди. Ағасын да үйлендирип, оған жай салып береди. Елинен ҳақлап кеткен бала өнерментболып келгенлигин көрип халық ҳайран қалады. Бақсышылықта, етикшиликте, жай салыўшы усташылықта жигит алдына адам салмайды. Өнер үйренген жигит елин гүллентип, мақсет-мурадына жетеди.

## ӨНЕРЛИ БАЛА

(Р-22а, № 82401)

Бурынғы бир ўақытта бир бай болыпты, ол байдың жалғыз баласы бар екен Бала атасынан жүз тилла сорап алады. Жүз тилланы алып, қоңсы бир моллаға барып:

— Ал, моллам, саған жүз тилла берейин, маған моллалығыңды үйрет, — дейди.

Молла баладан жүз тилланы алып, баланы оқытып, молла қылады, хат үйретеди.

Бала атасынан тағы жүз тилланы алып, сол дөгеректе қарақал ойнайтуғын биреў бар екен, соған барып:

— Ал, қарақалшы, сен ойыныңды маған үйрет, мен саған жүз тилла беремен, — дейди.

Баланың жүз тилласын алып, қарақалшы балаға қарақал ойынын үйретеди.

Бала тағы келип атасынан жүз тилла сорап алып, бир устаға барып:

— Саған жүз тилла берейин, уста өнериңди үйрет, — дейди.

Уста жүз теңгени алып, усташылығын үйретеди.

Бала атасынан тағы жүз тилла алып, бир сазендениң қасына барады, оған:

— Сазенде, мен саған жүз тилла берейин, маған дуўтаршылық өнериңди үйрет, — дейди.

Дуўтаршы баланың жүз тилласын алып дуўтар шертиўге үйретеди.

Қулласы, узақ сөздиң қысқасы, бала әкесиниң таўдай дүньясын таўысып, дөгерек қоңсыларынан тағы мың тилла алып, үлкен қарыздар болады.

Күнлер өте береди. Бир күнлерде қарыз берген адамлар ақшаларын сорап келеди. Оларға бережақларын төлеп қутылайын десе, пул жоқ, дүнья жоқ, бай сасады, бала хәм албырайды. Бала бир күни атасына:

— Ата, мени мойныма жип салып қул етип базарға шығарып сат, солай етип қарызларыңнан қутыл, — дейди.

— Жақсы, болады, балам, — деп, атасы баланың мойнына жип салып байлап қул базарға шығарады. Бир-еки саат өтпей-ақ бир адам келип:

— Бул қулыңды неге бересең? — дейди.

— Мың тиллаға беремен, — дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бес жүз тилла берейин, — дейди қарыйдар.

Сонда баланың ашыўы келип:

— Ўах, атаңа нәлет, усындай жигитке тек бес жүз тилла беремен дей ме? — депти.

Буған карыйдардың ашыўы келеди. Өйткени ол бир басқа жmunт ыедын elшиси екен. Өмиринде ҳеш бир адамнан қарсы сөз еситпеген екен. Сонлыктан баланың сөзине ызаланған қарыздар мың тилланы берип, баланы алып, оны өлтирмекши болады.

— Алың мың тилланы, мен бул бала-қулды аламан да, өлтиремен, — дейди.

Баланы алады, өлтирмекши болады. Бирақ баланы көрген адамлар, онын жақын дослары айтады:

—Бала адам өлтиретуғындай бала емес, ай десе аўзы бар, күн десе көзи бар, бундай баланы бул жерде өлтирме, өлтирсең, елиңе апарып өлтир, — дейди.

Соннан кейин патша баласына хат жазады:

— Көптен көп дуўайы сәлем! Жүсип балам, саған айтатуғын сөзим мынаў: усы барған жигитти қаланың дәрўазасынан кирген жерде өлтирип, қанын бир шийшеге салып маған жибер, геўдесин дәрўазаға асып қой, көргенге көз, еситкенге қулақ болсын, — дейди.

Усы хатты жазып, қасындағы бир ўәзирге берип, баланы ҳәм сол ўәзирге тапсырып:

— Тез балама жеткер, — деп буйырады.

Ўәзир елшиниң хатын ҳәм жигитин алып, сол күни елине қайтыўға шығады. Сол күни жол жүрип, кеште бир таныс үйине келип қонады. Ол таныс үйинде сол күни онлаған жигит зияпат етип отыр еди. Ўәзир алып киятырған жигитти байлап, өзи отыра берди. Зияпатта жигитлердиң ишинде биреўи дуўтар шертип отыр екен. Байлаўлы жигит дуўтарды тыңлап, бир ўақыт өткеннен кейин дуўтар шертип отырған жигитке:

— Сиз дуўтарды жақсы шертеди екенсиз дә, бирақ бир пердесин кем шертеди екенсиз, — деди.

Усы сөзден кейин таныс жигитлер ўәзирге:

— Сиз мынаў байлап қойған жигитти шешип, бизлердиң жанымызға отырғызың, аяқ-қолын байлаўдан босатың, дуўтар шертсин, — дейди.

Ўәзир бул жигитлерди қыймай, алып киятырған жигиттиң қол-аяғын босатып, жигитлер қатарына отырғызады. Бул жигит дуўтар шертеди. Буның дуўтар шертиўи сондай жақсы болып, зәмийни заман бир болады. Бир майдан дуўтар шертилгеннен кейин ўәзир далаға шығып майданлап келиўге кетеди. Сол ўақытта бала ўәзирдиң шөгирмесиндеги хатты алып, оқып көрип, отқа салады да, өзи басқаша етип хат жазады, хатында былай дейди:

— Көптен-көп дуўайы сәлем болсын, Жүсип улым! Усы барған жигитке Бийкежанды неке қыйып бергейсең, — деп жазып, ўәзирдиң шөгирмесине қыстырып қойды.

Ўәзир сол күни ол үйде жатып, ертеңине жүрмекши болды. Зияпатқа жыйналған жигитлер дуўтар шерткен балаға бир ат, жақсы кийимлер берди. Солай етип ўәзир тағы жүрип кетти. Үш күн жол жүрип, қаласына барады. Алып келген хатын ўәзир елшиниң баласына береди. Бала хатты оқып көрип, Бийкежанды некесин қыйып усы жигитке бер, дегенине хайран болып, патшасына барады. Патша хатты оқып көрип балаға:

— Дәрриў елге жар урдыр, жүз батпан гүриш алдырып, гөшин мол етип, палаў таярлатып, той-тамаша қыла бер, — дейди.

Елшиниң баласы патшаның айтқанының барлығын қылады. Үш күн той берип, ылақ шаптырып, гүрес туттырып, некесин қыйдырып Бийкежанды жаңағы жигитке берди. Бийкежан жигитке қосылып кеўли хош болды. Жигит елшиниң жалғыз қызы Бийкежанды күтип, хәз етип жүре берди.

Бир күнлери Бийкежан хәр күни азанда турып кете беретуғын болды. Бир күни жигит:

— Сен күнде ерте турып кетесең, қай жаққа барасаң? — деди.

— Бизиң патшамыздың қызын ким қарақал ойнап утса, сол адам алатуғын болыпты, ал ута алмаса, ол адамның басы кесилер екен, соны қараўға барып жүриппен, — деди.

— Мен патшаның қызы менен ойнайын, — деди жигит.

— Патшаның қызы сизди утады.

— Утса да, мени ойнат, — деди жигит.

— Якшы, — дейди Бийкежан.

Солай етип Бийкежан күйеўин патшаның қызы менен ойнатпаға апарады. Булар барса, патша қасына қазы-мүптисин алып отыр.

— Кимде-ким қарақал ойнап қызымды утса, сол адамға неке қыйып қызымды беремен, — дейди.

Бийкежанның күйеўи қызға барып, қарақал ойнаў ҳаққында айтады. Патшаның қызы ойнамақ болады. Бийкежанның күйеўи патшаның қызы менен ойынды баслады. Жигит патшаның қызын қатарынан еки рет утты. Патшаның ҳеш ким ута алмаған қызы не қыларын билмейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Тағы бир мәртебе ойнайық, — дейди жигитке.

Жигит разы болып тағы бир рет ойнайды. Жигит тағы утады.

Қыз бенен жигиттиң ойынын қарап турған патша қазы-мүптийине:

— Қызымды усы қарақал ойнап утқан жигитке бережақпан, некесин қыйыныз, — дейди.

Соннан кейин елине жар урдырып, тоғыз күн той тамаша қылып, отыз күн ойын етип, алтын қабақ аттырып, ылақ шаптырып, қыз Сулыўжанды баяғы елшиниң өлтир деп жиберген жигитине неке қыйып береди.

Өлимге буйырылып келген жас жигит өзиниң хат билиўи, дуўтар шерте билгени арқасында белгили даңқлы елшиниң қызын хәм қарақал ойынды жақсы билгени арқасында патшаның қызын да алады. Патша бир неше күннен кейин күйеўи болған жигитке тахтын да береди. Жигит патша болып дәўран сүрип ҳәмирин елине жүргизе береди.

Бир күнлерде узақ елге базарлап кетсе, елши елине қайтып келеди. Баласын шақырып алып:

— Балам, саған мен бир жигит жиберип едим, ол жигитти өлтирип, қанын маған жибер деп едим. Сол жигитти не қылдың, мениң жибер деген қаным қайда? — дейди.

Онда баласы атасынан алған хатты оқыйды. Хатта былай жазылған:

— Көптен көп дуўайы сәлем болсын Жүсип балама! Усы барған жигитке Бийкежанды неке қыйып бер.

Бул хатты оқып көрип, елши не қыларын билмейди, баласына не айтарын да билмейди.

Патша елшини шақыртып алып, еткен гүналарын өзине айтып еситтиреди. Елши еткен гүналарын мойынлап, патша болған жигиттен кеширим сорайды. Жигит:

— Жаманлық қылғанға жақсылық етип жуўап бер, деген екен бурынғылар, — деп, қайын атасы болған елшиниң барлық гүнасын кеширип, өзи еки перийзатты алып, мақсет-мурадына жетеди.

## МОЛЛАНЫҢ ҲИЙЛЕСИ
(Р-98, № 76)

Ерте, ерте, ертеде, ешкиниң қуйрығы келтеде байдың зорлығы зор болыпты. Гейбир ақылсыз молла менен ийшанның сөйлегени өтирик, көргени хәм жегени ғәрип-қәсердиң малы болыпты.

Усындай бир ўақытларда бир ғарры менен кемпир болыпты. Ғарры менен кемпирдиң ишерге тамағы, кийерге кийими болмапты. Сонлықтан кемпир менен ғарры жатса да, турса да қудай деп, аўзынан қудайды тасламай налыш етип жүреди екен.

Булар бир күни екеўи отырса, кемпири турмыстан налып:

— Ғарры, бизлер жатсақ та, турсақ та қудайды аўзымыздан тасламаймыз. Бирақ оның бизге бергени қәне? Адамларға тилесе, беребереди. Бизге дым жоқ, — депти.

Сонда ғарры оған:

— Ҳәй, кемпирим-ай, бүйтип ҳәсиге кетпе! Қара жерди қайра-қайра басып жүргенимиздиң өзи қудайдың бизге берген үлкен дәўлети емес пе? Қудайға шүкир, денимиз саў, — депти.

Ертеңине ғарры қолына арқанын алып, қумнан томар териўге кетипти. Бираз томарды терип, енди кетейин деп атырса, қумның арасында жылтылдаған бир нәрсеге көзи түсипти. «Бул не екен?» деп барып қараса, қумда бир неше алтын теңгелер шашылып жатырған екен. Ғарры теңгелерди алып, сол жерди және қолы менен қазып көрипти. Бир ўақытта қолы қатты бир нәрсеге тийипти. Қумды ашып қараса, астынан бир гүзе шығыпты. Оның қақпағын ашса, иши толы алтын теңге екен. Ғарры қудайға мың мәртебе рахмет айтып, гүзени алып үйине қайтыпты.

Соннан баслап ғарры менен кемпирдиң турмысы қурғынласа баслапты. Олардың демниң арасында байып кеткени сол аўылдың ақша десе өзин тамнан таслайтуғын бир молласын қатты тәшўишке салыпты. Ол ғаррының бундай байлықты қалай тапқанын қатты билгиси келип, ғаррының үйине келипти. Ғарры оған алтын теңгелерди қаяқтан тапқанын жасырмай айтып берипти.

Молла ғаррының айтқан жерине келип, жақын әтирaптың бәрин тинтип шықса да, хеш нәрсе таба алмапты. Ақыры ол бир ҳийле ойлап, ертеңине өгиздиң қуўрап қалған геллесин басына кийип, түнде ғаррының есигине келеди де, босағада турып:

— Ҳәй, ғарры! Сен неге мениң алтынларымды орнынан қозғадың? — депти гүңиренген даўыс пенен.

Бийтаныс даўысты еситкен ғарры қорқып оянып кетипти. Сыртқа шығып қараса, хешким жоқ. Сонда ол өзинше:

— Мен билмей, өзиме тийисли емес нәрсени алып, гүнаға қалған қусайман, — деп, дәрриў баяғы жерге барып қалған тилла теңгелерди орнына апарып көмип қойыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғаррыны аңлып жүрген молла ғарры кетиўден тилланы қазып алыпты. Ол үйине келип тилланы мұқыятлап жасырып болып, басындағы қуў геллени шешейин десе, гелле басынан хеш шешилмепти. Молла қуў гелле кийгизилген басын тасқа урып көрипти, балта менен де сындырмақшы болыпты, бирақ гелле сынайын демепти. Керисинше, ол молланың басын бурынғыдан қаттырақ қыса берипти. Ақырында молла буны өзиниң қылмысы ушын жаза екенин түсинип жетипти. Ол түнде ғаррының үйине келип, оның босағасында турып:

— Ҳәй, ғарры, апарып көмген алтынларың меники емес, сеники екен. Ҳадалың болсын! Барып қазып ал, — депти.

Бир ўақытта молланың басындағы қуў гелле өзинен-өзи қақ бөлинипти. Соннан баслап молла қыңырлық көшесинен жүрмеўге ант етипти.

Ал ғарры менен кемпир болса өзлерине тийисли несийбени алып, қалған өмирин қурғынлықта өткерипти.

## ӘМИН БАЙ
(Р-456. №176599)

Бурынғы өткен заманда Қалийла деген бай адам өтипти. Оның жалғыз Әмин атлы баласы болады. Усы бай күнлерден бир күн ҳаялы менен бир ҳәптеден кейин саўда жумысы менен басқа елге баратырған байға қолына бир мың тилла берип Әминди қосып жибериўге ойласты.

— Олар менен барып саўда жумысын үйренип келесең, бир ҳәптеден кейин кетесең. Қолыңа мың тилла беремен, — деди бай ҳәм үстине жақсы шапан, астына жақсы ат берди.

Әмин саўдагерлерге қосылып, жолға шығып кетти. Бир неше күннен кейин баратуғын қаласына жетип барды. Барып бир кәрўан сарайға түсти. Азырақ ўақыттан кейин Әмин карўанның сарай алдына шығып отырды. Бир майдан отырғаннан кейин Әминниң қолына бир адам бир қағаз берип кетти. Әмин усы хатты оқыйды: «Ҳүрметли мийманлар! Бүгин мениң бағыма барып, түрли тереклерди, гүллерди тамаша қылсаңыз, және сол жерде сазы-сәўбет болады. Бирақ, бағдың тамашасына бир теңге төлейсиз. Бағ бир неше сааттан кейин ашылады», — деп жазылған екен.

Ол бир адамға:

— Бағ жақын ба? — деди.

— Анаў көринген бағ қой, — деди бийтаныс адам.

Әмин шапанларын дүзетип, жалғыз өзи бағқа кирип кетти. Бағ ушын бир теңге төледи. Бираздан кейин бағда от жанды, неше жерден ойын басланды. Әмин ҳайран болып тамашалап жүргенде бир жайда үлкен ойын басланды. Ҳәмме сол жайға қарады. Бул жайға Әмин де қарады. Бул жайдың ишинде жигирмалаған жас жигит қолына әскер шертки алып тур. Орталарында бир адам бар, оның да қолында әскер шертки бар. Сол адам усы жас жигитлерди ҳәрекетлерге үйретти. Жас жигитлердиң ҳәр қайсысының басына кийген кийимлерине атлары ҳәм қайсы жерден екенлиги жазылған. Ҳәр қайсысы патшаның балалары. Әмин оларды көрген ўақытта ҳайран қалып, бир адамға:

— Бул патшаның балалары не ушын әскер шепки ойынын ойнайды? — деди.

— Ҳәй, жигит, мен саған буны айтып түсиндириўим шәрт емес, бул жайдың ишине кирип өзиң сора, өзлери айтар, — деди бийтаныс.

— Бул ойынды мен қалайынша үйренемен? — деп сорады.

Сонда ойын хожасы:

— Бир жылға бир мың тилла updatedересең, патшаның балалары не ишсе ишесең, не кийсе кийесең, бир жыл болып үйренесең, — деди.

Әне, Әмин разы болып, мың тилла төлеп, бир жыл әскер шертки ойынын үйрениўге қалды. Ол усы жерде бир жыл болып, әскер шертки ойынын жақсы үйренип алды. Сол ўақытта ойын хожасы:

— Әмин, бир жыл толды, мың тилла бересиз, болмаса шығасыз, — деди.

Әмин ойыннан шығып, өз елине қайтты. Бир неше күн жол жүрип үйине келди. Ата-анасы күтип алып, баласы менен қушақласып көристи.

— Балам, қандай мал алдың? — деди атасы.

— Мен балалық етип, алданып, мың тилланы берип, әскер шертки ойынын үйренип, жумсап қойдым.

Қалийла бул сөзди еситип қапа болып қалады.

— Басқа адамның балаларына көп күлип едим, мине, алдыма келди. Бул баланы киси көзине көрсетпейик, қолына бир алтын берип, тағы бир қалаға кәрўан менен жиберейик, — деди атасы.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Солай етип, Әминнин қолына мың алтын берип:

— Ҳәр не болса да бес түйе, мал алып қайт, бизиң жүзимизди жерге қаратып, қоңсыларға уятқа қойма, бийшара, балам-аў, — деди.

— Саў болсам, мал алып қайтарман, — деп ата-анасынан руқсат алып, жақсы шапанды кийип, жақсы атқа минип, адамларға көринбей кәрўанға қосылып, бир неше күн жол жүрип кәрўан сарайға келип түсти. Азырақтан кейин жолдаслары менен әтирапты тамашалаўға шығып кетти. Сол жүрис пенен адамларға қосылып, зор бир бағшаға кирди. Әмин жолдасларына:

— Бул бағшаны тамаша етейик, — деди.

Сонда жолдаслары онын гәпин тыңламады. Әмин бағды өзи аралады. Онда сондай тамаша көрди. Сөйтип жүргенде ҳәр қайсысынын қолында алтын саплы қәлем менен жазыў жазып турған он жас жигитти көрди. Араларында үлкен сақаллы адам буларды жазыўға үйретеди. Әмин бир адамнан булардың не ислеп атырғанлығын сорады. Бул адам:

— Бул жерде патшазадалар қандай жазыў болса да үйренеди. Устазы адамларға жетпис түрли жазыў үйретеди, — деди.

Буны еситип Әмин жазыўды үйренгенлерге қызығып, мен де үйренсем екен деп, жайға кирди. Әминге орын берди. Жигит отырды ҳәм Әмин оқыў хожасына:

— Мен бул жазыўды үйренсем бола ма? — деди.

— Болады, бирақ, бир жылға мың тилла бересең, — деди устаз.

Әмин мың тилла санап берди ҳәм атын сатып, жағалы кийим сатып алып кийди. Ол да патшанын балаларына қосылып, қолына қәлем алып жазыўға отырды. Бир жыл үйренип неше мәрте жазыў-сызыўды үйренип, оқыў хожайынан он алтын тилла алып шықты. Әминниң жазған хатына ҳәмме ҳайран қалды. Сол жерден Әмин ата-анасына қайтты. Баласы ата-анасына сәлем берди. Олар қуўанып жыласты, дәстурхан жайды.

— Көз нурымыз, не болды, мал қайда? — деди атасы.

Сол ўақытта Әмин:

— Ата, мен мың алтын берип, жазыў үйрендим, — деди.

Атасы Қалийла:

— Сен он сегизге келгенше оқып, жазыўды үйренген един. Балам, ҳәр қандай жағдайда болса да аш қалмайық. Бар, және бир мың тилла беремен. Бирақ, енди ысырап ете көрме. Ең соңғы алтынымыз усы, мал алып қайтагөр, досларымыз қапа болмасын, душпанларымыз күлмесин, — деди.

Солай етип, ата-анасы жылап отырып, бир мың алтын санап берди ҳәм жақсы кийимлерди кийдирип, әреби атқа миндирип, кәрўанға қосып жиберди. Бийшара Әминбай кәрўан менен баратырғанда өз-өзине мынаны айтады: «Аман-саў Бәкирабатқа барсам, ҳеш тамашаға бармайын, ҳәр не болса да мал алайын, атам менен анам жылап көп айтты, «ең соңғы алтынымыз» деди ҳәм «сен алтынды жоқ қылсаң, қартайғанда қалай күн көремиз?» деп көп жылады-ғой».

Алғәрез, Бәкирабат шәҳәрине жетип, кәрўан сарайға түсти. Дем алып сарай алдында Әмин бай отыр еди. Бир адам келип:

— Мийманлар, бир неше жылдан бери сатылмай жатқан зығыр бар. Ақшаға арзан бериледи, — деди.

— Мен аламан, — деп, сол адамға ерип барып көрди. Арзан баҳа менен келисип, Әмин есап-санақ етип көрди. Мың алтынлық болды.

Сол ўақытта жақсы кийим кийген, арбалы еки адам келип кирди. Әмин менен көристи.

— Хош келдиңиз, — деди олар.

Сонда Әмин:

— Мың алтынға зығыр алып едим. Бул келген бай бир неше жылдан берли зығырын сата алмай жатыр еди, — деди.

— Ийшалла, сизге пайда болсын, — деди жаңағылар.

— Өз ўақтым менен зығырды аламан, ақшасын беремен, — деди Әмин.

— Ҳәзир дүканға барамыз. Сонда есабын көремиз, жүр, — деди олар.

Әмин байды арбаға мингизип бир жақсы бағқа алып барды.

— Әмин бай, сизиң жерлерде бундай тамашалар жоқ, буны саған көрсетейин, — деп бармағын сол тәрепке шошайтты. Бағда кәдимгидей сазлар шертилип тур. Әмин бай барлығын көрип жүр.

— Саған тағы бир тамаша көрсетейин, — деп, бир мерўерттен салынған жайға алып келди. Әмин көрди. Жайдың ишинде бир неше орынлық қойылған. Ҳәр орынлыққа еки жигиттен отырған. Олар шатыраш ойынын ойнап атыр. Таслары алтыннан екен.

— Әмин, көр, бул жигитлердин ҳәр қайсысы үлкен патшалардын балалары, шатыраш ойынын үйренип отыр, — деди бай.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сиз бийкар айтасыз, — деди Әмин.

— Жоқ, Әмин бай, ырас айтаман, шатыраш ойыны адамды жәҳәнге патша қылады, адамға бахыт болады, — деди бай.

Сонда Әминбай қызығып:

— Кеңсеси қайда? — деди.

Бай бир имаратты көрсетти. Сонда Әминбай:

— Ҳәй, бай, мен зығыр саўдасынан қайттым, шатыраш ойынын билмей тақатым жоқ, — деди.

Кеңсеге кирип:

— Не хаққында үйретесиз? — деди.

— Патшаның балалары менен ишесиз, бирге кийесиз, ойыннан үйрениў ушын жылына мың алтын бересиз, — деди сол жердеги хызметкер.

Әмин бай «якшы» деп, мың тилла санап берип, кәрўан сарайға барып атты алып келип, атты, шапанды сатып, патшаның балаларының жанына кирип, шатыраш үйрениўге қалды. Бийшара байдың зығыры сатылмай қалды. Сонда бай «сол ўақытта неге ақшасын алмадым» деп өкинип үйине қайтып кетти. Әне, солай етип, Әмин бир жыл шатыраш үйренип, сол ойыннан уста болды. Устазын он еки тас пенен хәп заматта мат қалдырады.

Күнлерден бир күн шатыраш устасы Әмин байды шақырып алып:

— Бир жыл толды, шығасаң,—деди.

Тағы берерге алтыны жоқ Әминбай илажсыз шығып кетти. Туўылған қаласы Инжираға бир кәрўан кетейин деп атыр еди. Әминбай сол кәрўанға қосылып Инжираға қайтып кетти.

Бир неше күннен кейин Инжираға жетип өз үйине келди. Ата-анасы менен көрисип, дәстүрханлар жайылып, хәр түрли аўқатлар қойып, ас жеп отырды.

— Балам, не мал алдыңыз? — деди.

— Мал алмадым, қәте қылыппан, мың алтын берип шатыраш ойынын үйрендим, — деди Әмин.

Ата-анасы бул ислерге қапа болды. Енди өкингеннин не пайдасы бар? Алтынлар жоқ болған.

— Енди аш боламыз, — деп, Қалийла хаялы менен ойласты.

— Енди бизлердиң Инжирада турғанымыз болмас. Дәўлетимиз жоқ болды, адамлар бизге күлер. Бизлер Самарқандқа кетейик, ендиги қалған затларды сатқанша Әминбай үйден шықпасын, қоңсыларымыз кирмесин, «баламыз Самарқандқа шақырды» деп биз халыққа айтармыз. Әне, соның ушын затларды сатамыз, — деп, ақырында қалған барлық затларды сатып, Самарқандқа кетер болды.

Бир неше күн жол жүрип, қалаға келди. Бир жайға кирди. Қараса, Қалийла бай жолда барлық ақшаларды түсирип қалдырған. Нан сатып аларға ақшасы болмай, сол күн аш қонды. Екинши күни және аш болды. Үшинши күни және аш қонды. Дийўана болыў қолынан келмеди. Бийшара Әмин әскер шертки ойнаўға бағ жоқ, жазыў жазыўға орны жоқ, шатыраш ойнаўға патша заўаллар жоқ. Ҳайран болып үш күн аш отырды. Төртинши күни ерте менен Әмин:

— Бүгин қул базарына барып мени қул деп сатыңыз. Бирақ, мың алтыннан кем бермеңиз. Мен өзим қулнамасын жазып қолыңызға беремен. Несип болса, аманлықта көрисермиз, несип болмаса, қыяметте көрисермиз. Сизлер бундай ашлықтан өлмең, — деди.

Ата-анасы илажсыздан көнип, қулнамасын алды. Қалийла бай менен хаялы Әминбайды жетелеп қул базарына алып барып, қуллар қатарына қойды. Сол ўақта Қытай тәрепинен Хиндстанның Қалкут қаласынан үлкен бир бай кәрўаны менен қайтып келеди екен. Өзиниң жанындағы хызмет қылатуғын жас қулы өлген екен. Сол бай қул базарына келип бир арзан қул аламан деп жүргенде көзи Әмин байға түсип, Қалийла байдан:

— Бул ким деген қул, баҳасы неше алтын?

Қалийла бай:

— Аты Әминбай, менин жақсы хызметкерим, менин бир байдан қарызым бар, соның ушын сатарман, баҳасы мың алтын, оннан кем болса бермеймен, — деди.

Бай көп саўдаласты, «қымбат» деди. Ақырында бай мың алтын берип, Әминбайды алып кетип, ешекке миндирип, кәрўан менен кетти. Жигит сол жолда байға ҳәм байдың барлық адамларына жақсы хызмет етти. Бул хызметине ҳәмме ҳайран болды.

Бир неше күн сапар шегип, жолда баратырғанда кәрўан адасып суўсыз қалды, өлиў дәрежесине барды. Сол ўақытта бир қудық табылды.

— Қудық бар, — деп байға айтты.

— Бирақ, бул қудыққа өлсек те түспеймиз, — деп, ҳеш ким бетлей алмады.

— Әмин, сен не айтарсаң? — деди.

Әминбай «бир аллаға хызмет қыларман» деп, шелекке отырып, баўын тутып, қудыққа түсип кетти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шелекке суў толтырып жиберди. Суўды ҳәмме ишти. Ыдысларды толтырып, түйелерди суўғарып, жарты күннен соң кәрўан кетпекши болып, бай өзи қудыққа аўзын қойып шақырды:

— Ҳәй, Әминбай, суў бәримизге жетти. Суў енди жетерли, өзиң шық, — деди.

Әминбай көрди, қудықта еки сандық бар, биришисин ашып көрди, хәр түрли ҳасыл таслардан бир шелек толтырып байға жиберди.

Шелекти тартып шығарса, қәдирли қымбатлы ҳасыл тас, бир шелеги байдың пүтин кәрўандағы малынан артығырақ, және шелекти түсирди. Алғәрез, Әминбай хожасына жигирма шелек толтырып жиберди.

— Ҳәй, хожам, барлығы тамам болды, — деп Әмин бақырды.

Сонда бай:

— Шық, — деди.

Әмин шелекке отырды. Бай шелекти тартқанда шайтан оны азғырды: «Сонша дүньяны жиберген адам қалаға барған соң «мениң дүньямды бер, булар мениқи» десе, патшаға айтар. Барлығын алып қояр деп, бай шелектиң жибин пышақ пенен кесип жиберди. Әмин жоқары шығып жақынлағанда қайтадан қудықтың түбине кетти. Бай болса кәрўаннан бир неше түйеге ҳасыл тасларды жүклеп, жолға раўана болды. Бул ўақыяны хызметкерлер түсине алмай жүре берди. Ҳәмме «Әмин қудықтың басына келген ўақытта жип үзилди» деп ойлаған еди. «Жақсылыққа жаманлық» деген усы» деп, Әмин қудықтағы сандықтың екиншисин ашып көрди. Ишинде сақалы дизесинен өткен, дизеси басынан асқан, қурсағы түйе қурсағы усаған, аттың қулағына усаған қулағы бар, көзин жумған, қолына әскер шепки услаған бир ғарры отыр. Жигит әскер шепки ойынын бир неше ўақыттан бери ойнаған жоқ еди.

Жигит оның менен сәлемлесип:

— Маған әскер әсбабыңызды ойын нама шертиўге берип алың, — деп сорады.

Ҳәзирет уйқылы-ояў дәрҳал берди. Әмин алып неше түрли нама шертти. Бираздан кейин ҳәзирет көзин ашып, Әминге миннетдар кейипте:

— Ҳәй, адамзат, егер сен келип жақсы нама шертпегениңде өлер едим, себеби, дүньяда бир жақсы балам бар еди, ол Ҳәзирети Сулайманға жаманатлы болып өлип кетти. Сол балам есиме түсип, ишимдеги дәрт шығып, аман қалдым. Адамның шери саз бенен шығады. Мениң өлмей қалыўыма сен себепши болдың. Сениң қандай мурадың болса, мен қылайын, — деди.

— Мени қудықтан шығарып, байдың изинен жеткерсеңиз, мен оған қудықтағы ҳасыл тасларды бердим. Ол болса, мени қудықта қалдырып кетти. Солай болса да, және барып ол байға жақсылық қылғым келеди. Себеби, «Тас пенен урғанды ас пенен ур» деген емес пе?! — деди Әмин.

— Егер айтқанларың рас болса, сол жаман байды өлтирип, бар мал-дүньясы менен сени Самарқанға апарып таслайман, — деди ҳәзирет.

— Сиз мени шығарып, байға жеткерсеңиз, соның өзине разыман, — деди Әмин.

Ҳәзирет Әминбайды қудықтан шығарды. Қараса, Әминбайдың ешеги жүр екен. Ешегине минди, ҳәзирет ешеги менен бирге көтерип кәрўан артынан жеткерди. Бир заманнан артына қараса, Әмин ешеги менен киятыр. Бай ҳайран болды. Әминбай неше күн бирге жүрип, өзине жаманлық еткен болса да, ҳеш қандай байға сөз айтпады. Бай оның «мени не ушын қудықта қалдырдың?» деп айтыўын күткен еди. Бирақ, Әмин индемей жақсы хызмет қыла берди.

Усы байдың бир әдети бар еди. Елине қайтқанда бир неше күнлик жерден бир адамды атқа миндирип хат берип, бала-шағасына аман-саў қайтқанлығын, пайда-зыян көргенлерин хат арқалы жазады. Сол пайыт хат жазып, аманатты алып барыўға Әминбайды жиберди. Оны жақсы атқа миндирип:

— Пәлен жулдызға қарап туўры бар, бир күннен кейин Қалқут қаласына жетерсең. Сапар деген бай деп сорасаң, үйин көрсетер, сол үйге барған соң мына хатты хаялыма бер, сүйинши ушын он алтын тилла береди, — деди.

Әминбай хатты алып, атты жолға салды. Қалқут қаласына келди. Ол ойланды:

— Мың алтын берип әскер шертки ойынын үйрендим, ҳәзиреттиң жәрдеминде қутылып, қудықтан шықтым, мың алтын берип жазыў үйрендим, бул хатты оқыўым керек!

Хатты ашты, онда былай жазылған екен: «Журтымызға сағынышлы сәлем! Қәдирли, қымбатлы қызым Зилийҳаға! Және сәлем болсын бизди сорағанға! Бул хатты берген Әминбай атлы қулым себепли бул сапары көп зыян көрдим. Енди қазыдан өтинемен, түн болса да, күндиз болса да биз қайтқанша басын кесиң. Өзим өлтирейин десем, қазыдан уят болар». Сонына бай қол қойып, мөр басқан.

Әминбай ҳайран қалды. Оқып болып бул хатты қалтасына салды. Қалада бир дүканға келип, қағаз алып хат жазады. Сол байдың қолындай етип жазып, Сапарбайдың жайына келип, ҳаялына хатты береди. Байдың ҳаялы хатты оқыды, қуўанып күлди.

Сонда қызы:

— Ҳәй, анажан, даўыслап оқың, — деди өтинип.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Байдың ҳаялы хатты даўыслап оқый баслады. Онда былай жазылған:

«Қәдирли ҳаялым Бийбиге көп сағынышлы сәлем! Сүйикли қызым Зилийҳаға және сәлем болсын! Бизди сорағанларға да! Жолда шадлық пенен қайтып киятырман. Бул жылы көрген пайдам патшаларда да болмас! Бул пайданың себеби усы хатты берген қулым Әминбай арқалы болды. Енди мен қызымды бердим, күн деме, түн деме, бул Әминбайға қызым Зилийҳаны некесин қыйып бер. Мен барғанда қызым Әминбайдың қойнында болсын. Тойды мен барған соң бергиз». Хаттың соңына қол қойылып, мөр басып жиберген.

Сол ўақытта байдың ҳаялы молланы шақырып алып, қызы менен күйеў баласының некесин қыйды. Әминбай жанына қызды алды. Олар ерли-зайып болып моншаға барып қайтқанда Әминбай бир неше қабат жайда шыра жанып турғанлығын көрди. Қыздан бунық себебин сорады.

— Бул кимниң жайы? — деди ол қызға.

— Патшамыздың бир қызы бар. Өзи сулыў, өзи ақыллы. Оннан басқа баласы жоқ. Бирақ, патшамызды шатыраш ойыны деген ойыннан ким утса, патшалығын ҳәм қызын береди, утылса, өлтиреди,—деди қыз.

Сонда Әминбай:

— Мен усы жерде қаламан. Сен үйиңе қайта бер, — деп, патшаның жайына кирип кетти. Әминбай туўры дәрўазаға барып патшаға хабар берди. Ол патшаның жанына келип, дизе бүгип сәлем берди. Сонда патша сөз баслап:

— Ҳәй, жигит, атың ким, қай жерден, не жумыс пенен келдиң? — деди.

— Туўылған жерим алыста. Атым Әминбай. Сиз шатыраш ойнаўға ҳәўес екенсиз. Мен сизиң алдыңызға келдим. Егер мен таң атқанын күтсем, итимал, әжел жетип өлермен. Сизиң менен шатыраш ойнай алмай қалармыз, — деди жигит.

Патша Әминбайдан бул сөзди еситип шад болды.

— Мен шатыраш ты үш мәрте қалдырмай ойнайман. Егер мен үш мәрте утсам, сени өлтиремен, утылсам, қызымды беремен ҳәм патша қыламан. Сол шәртке ыразы болсаң, ойнаймыз, — деди патша.

— Ыразыман, шатыраш ойнайман. Тақат ете алмайман, — деди Әминбай.

Шәрт қағаз жызылып, жигит ҳәм патша қол қойып, шатыраш ойнаўға отырды. Бир ойында патша Әминбайды қалдырды.

— Ҳәй, Әминбай, асықпа, болмаса басың кетеди. Шатыраштың тасларын ақыры сен диз, — деди ҳүкимдар.

Әминбай күлип тасларын дизип және ойнады. Еки мәрте Әминбай патшаны утты. Сонда патша:

— Шәрт бойынша жаңадан үш мәрте ойнайық, — деп, және үш мәрте ойнады, бунда да және Әминбай утты. Патша уялғаннан қызарып, «мат болдым» деп қызын берди ҳәм Әминди патша етип сайлады. Баяғы Сапар байдың барлық дүньясын ғәзийнеге алып мурат-мақсетине жетти.

## ӘДИЛ ШЕШИМ
(Р-456. №176399)

Ҳәзирети Ибрайым, Исмайыл заманларында әдил бир патша жасады. Оның атын Ғаббасшаҳ дер еди.

Сол заманда бир адам биреўден жер сатып алып, шүдигар қылды. Жерди сатып алған адам жерди аўдарып жүрип бир гүзе алтын таўып алды. Ол дәрҳал жер сатқан адамға барып:

— Жериңнен бир ғәзийне алтын шықты. Келип алып кетиң, — деди.

— Мен жерди сизге сатып едим. Бул алтын сизики, мен нешше мәрте шүдигар қылдым. Маған ҳеш қандай алтын шыққан жоқ еди. Бул сизиң несийбеңиз болса керек, — деп алтынды алмады.

— Бул сизики ғой! — дейди жерди сатып алған адам.

— Бизики емес, сизики!

Қулласы, екеўи шатақласып, патшаға арыз қылды. Патша бул екеўиниң инсабына ҳайран қалды. Ҳүкимдар ўәзирлерине қарап:

— Бул алтынды қайсысы алыўы керек? Не қыламыз? Екеўи де алмайды ғой!? Не ислеўимиз тийис? — деп сораў берди.

— Жерден шыққан дүнья патшаның несийбеси болады, — деди бир ўәзир ийилип.

Патша ўәзирдиң бул сөзине қатты ашыўы келди.

— Ҳей, уятсыз! Ийеси алмаған дүньяны мен қалай аламан?! «Мийнетсиз дүнья излеме» деген. Мен қалайынша өзимниң пуқара халқымның несийбесинен қырқаман?!

Сол пайыттың өзинде буны айтқан ўәзирди орнынан босатты. Сол ўақта жер сатқан менен жер алған патшаға арыз етти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бул дүнья бизлерге бәле болды. Усы бәледен бизлерди қуткар, — деп екеўи де ийилди.
Сонда патша:
— Балаларыңыз бар ма? — деди.
— Бир ул балам бар, еле жас, — деди жер сатқан адам.
— Бир қызым бар, ол да жас, — деди жер алған адам.
Бул сөзди патша еситип, ўақты хош болды. Екеўинин ул-қызларын шақырып келип, бир-бирине неке қылды. Бул алтынды ул менен қызға берди. Улдың аты Барун, қыздың аты Салима еди. Күнлерден бир күн қыз:
— Хәй, Барун, менин бир сөзим бар еди, қабыл етсең, айтайын, — деди.
— Айт, — деди Барун.
— Бул дүньяда неше күн өмиримиз бар, билмеймиз, мийнетсиз дүньяның неге кереги бар? Айтайын дегеним мынаў: ата-анамыз алмаған алтынды биз қалай аламыз? Буны патшаға апарып берейик. Бизден алып және биреўге берер, — деди.
Бул сөз Барунға да мақул түсти. Алтынды алып, патшаның қабыллаўына барды.
— Ҳәй, уллы патша, әдил ҳүкимдар! Бизлерге тапсырған алтынларды бизден алып, және биреўге алып берсеңиз. Бизди бул мийнетсиз дүньядан қутқарсаңыз, — деди Барун.
Патша екеўинин инсабына қайыл қалып ўәзирлерден кенес сорап:
— Қалай қыламыз? — деп сораў берди.
Ўәзирлерден биреўи:
— Бул алтынды орнына көмиў керек, — деди.
Және бир ўәзир:
— Бул алтын халыққа әшкара болды. Алтынды көмиў шәрт емес. Бул алтынды хәр ким жақсы мийўалы ағаштан алып келсе, хәр түбине бир алтын тилла бериў керек. Солай етип үлкен бағ етиў керек, оның мийўасын ғәрип-қәсер, жетим-жесир жесин, — деди.
Бул ўәзирдиң сөзи патшаға да мақул түсти. Ўәзирдин аты Әлхасыл еди. Сонда патша:
— Әлҳасыл, сени басқа ўәзирлерден үлкен ўәзир еттим, бул алтынды саған тапсырдым, не қылсаң қыл, бирақ, ғәриплерди ядыңнан шығарма, «алтын көрсе периште жолдан шығады» деген, және жолдан тайып жүрме, — деди.
Барун қолындағы алтынды Әлхасылға берди. Барун менен Салима патшаға ийилди. Патша буларға бир қанша ғәлле, кийим берди. Басқа да малларды бермекши болғанда, олар алмады. Патшадан рухсат алып, үйине қайтып кетти. Әлхасыл ўәзир хәр түп мийўе ағашына бир алтын тилла берип, тоқсан мың түп мийўе ағашын ектирип, жақсы бир орынға бағ дөретти хәм қалған алтынларға бул бағды тәрбиялаўға отыз адамды жумысқа алды. Соннан кейин ўәзир патшаға:
— Ғәзийнениң барлығын жумсадым, тоқсан мың дарақты тоқсан мың алтын тиллаға сатып алып, бир жақсы орынға бағ жараттық, отыз адам сол бағды тәрбиялаўға қойдық. Ғәзийнемиздеги қалғанларын солардың мийнет ҳақысына бердим, — деди.
Ҳүкимдардың буған ўақты хош болып:
— Халық ушын ислеген хызметиңе алланың рахмети жаўсын, — деди.
Әне, ўәзир үш жылдан кейин патшаға келип:
— Ҳәй, уллы патшайым! Ғәриплердиң несийбесине тереклер мийўе берди. Ҳеш бир шәҳәрде бундай мийўелер жоқ. Және бир қәсийети, сол жети мың түп дарақ гәўҳары-шамшырақ болып тур. Ҳәр мийўеси күндиз де, түнде де көринип турады.
Патша бул сөзди еситип хош болып:
— Әлҳасыл, сол бағды еле де шырайландыр! Мен қаланың илимпазлары менен бараман хәм тамаша етемен, — деди.
Әлҳасыл бағды еле де әшекейлеп қойды. Шийшемби кешесинде патша илимпазлар менен бирге келип, тамашалап мийўелерди көрип ҳайран қалды. Илимпазлар да бул бойынша бир қатар мәсләҳәтлерин берди. Кеште де, түнде де, күндиз де мийўелер жақты болып турар еди. Патша әмир етти:
— Ғәриплер мийўесин жесин, гәўҳарын сатып, үй-руўзыгершилигине жумсасын.
Сонда ўәзирлер патшаға:
— Ықтыяр қылсаңыз, мийўеден алып келдик, — деди.
Патша дарғазап болып:
— Ҳей, уятсызлар! Мен бундай гәўҳар египпедим?! Бул ғәрип-қәсерлердин несийбеси ғой! Бул бағ жетим-жесир, ғәриплердиң бағы болсын, — деди.
Әне, усы әдил патша ақыллы ўәзири менен халықтың арын арлап, жырын жырлап мурат-мақсетине жетипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ОПА САЎДАГЕР
(Р-63, № 34661)

Бурынғы өткен заманда бир қалада Опа саўдагер деген бир уллы саўдагер болыпты. Оның дүнья-малы өзине жетерлик мол еди. Ол күнлерден бир күн басқа патшалыққа саўда ислеўге көп түйеге ҳасыл затларды артып жолға шығып кетеди. Жол жүрди, жол жүрсе де мол жүрди. Бул саўдагер азап-уқыбетлер менен мәнзилине жетеди. Ол қарыйдарларға таўарларын қымбаты менен сатып болады ҳәм алатуғын затларын арзан алып түйелердиң жүклерин артады.

Солай етип, қаладан шетке барып қонады. Опа саўдагер өзинен-өзи ой ойлады: «Енди қалаға қыдырып келейин» деп атына минип, қаланы қыдырып қайтты. Жолда киятырып бийик имараттың айнасынан қарап турған аппақ, жупқа додақ, узын бойлы, кең қушақ, ғаз мойынлы бадам қабақлы бир қызды көрип ақылынан айырылып қалды. Арадан көп ўақыт өтти, бир ўақта сол қыз:

— Ҳәй, жақсы жигит, көп турдыңыз ғой! Бул қалай? — деди даўысы сыңғырлап.

— Жақсы қыз, кимниң қызы боласыз? — деп сорады саўдагер.

— Патшаның қызыман, — деп қыз жуўап берди.

— Олай болса, қарындас, екеўсиз бе ямаса биреўсиз бе? — деди жигит.

— Екеў болыў алдымда, ҳәзир биреўмен, — деп жуўап берди қыз.

— Араға адам салып, сени айттырсам қалай болар екен? — дейди.

— Ол өзиңиздиң жумысыңыз, — дейди перийзат.

Бул сөзлерди еситип, Опа саўдагер елине кеткенди қойып, сол қаладан жай, дүкан сатып алып, сол қалада қалып қойды. Арадан күнлер, айлар өткеннен кейин сол патшаның бас ўәзири менен танысып, өзиниң ойындағысын, патшаның қызына ашық екенин айтты. Айттырыўды өтиниш етип көрди.

— Ондай болса патшаға айтайын, — деп ўәзир ўәде етти.

Ертеңине сәршемби күни сәскеде ўәзир патшаға сол мәселени айтты. Патша ойланып отырып:

— Ондай айттырған болса, берейик. Патша болған адамның қызын қара пуқара айттырса, бирден «жалаңаяқсаң, бермеймен» деўине болмайды. Бирақ, патшаның қызын патшаның баласы алыў керек ғой! Бул саўдагерди қашырыў керек, қашырғанда, былай айтып бар. Мың қара бас түйе, мың қара бас жылқы, мың қара бас қара мал, мың қара бас қой, мың қара бас ешки, және тилла, гүмис, теңге берсин. Әне, усыны айтсаң, өзинен-өзи өкпелемес, — деп жиберди.

Әне, ертеңине бас ўәзир Опа саўдагерге патша айтқан қалыңмалларды айтты.

— Жақсы, қалыңлығын табаман, — деди Опа.

Ўәзир үйине кетти. Опа қалың малды табыўдың жолына киристи. Ол күнлерден бир күн айтылған малларды ҳәм ақшаны табады. Бас ўәзирди шақырып, айтқан ўәде бойынша қалыңмалларды тапқанлығын айтады. Бас ўәзир патшаға айтады, патша Опа саўдагерден утылып, қызын береди.

Сөйтип, Опа саўдагер патшаның күйеў баласы болады. Патшаның қызынан арадан бир жыл өткенде бир қыз туўылады. Сол қыз алты жасқа шыққанда анасы қайтыс болады.

— Усы қызым он төрт жасқа шыққанша ҳаял алмайман, — деп Опа саўдагер шәрт қояды.

Әне, күнлерден күн, айлардан ай, жыллардан жыл өтип, сол қызы он төрт жасына келди. Сол жылы Опа саўдагер өзиниң туўылған қаласы Мысырға қыдырып келиўге патшадан руқсат сорады ҳәм:

— Қызыңыздан қалған қызды өз үйиңизде алып қалың, — деди.

Сонда патша:

— Ол қыздың қәдирин билетуғын бизиң үйде адам жоқ. Өлимим жақын, қызымды анаў үлкен ҳәзирет уллы пирге тапсыра ғой. Өзиң келгенше пәрмана болып сақлап берер, — деп кеңес берди.

Әне, патшадан бул кеңести алып, Опа саўдагер үлкен ҳәзирет уллы пирге келип, өзиниң ойлаған ойын айтты. Сонда ҳәзирет уллы пир:

— Усы медиресе жанынан қызыңа жай сал. Өзиң қанша ўақытта келесең, жай ишине азық-аўқатын да сал, — деди.

Опа уллы пирдиң бул кеңесин еситип, медиресе жанынан қызына жай салып, ишине бир жыллық азық-аўқат салады. Уллы пирдиң айтыўы бойынша жайды ашатуғын гилтти екеў етип ислетип, биреўин қызына, екиншисин уллы пирге тапсырып, Опа саўдагер Мысырға сапар шекти.

Күнлерден күн, айлардан ай өтти. Арадан бир жыл өтти, қыз бенен уллы пирге арналған азық-аўқат тамам болды. Қыз қалаға барып азық-аўқат алып келетуғын болды.

Бир күни пийшемби күни песинде базардан азық-аўқат алып киятырған қызға уллы пирдиң көзи түсти. Үлкен ҳәзирет уллы пир қолына суў қуйып турған суўпыға:

— Мынаў мешитке кирип баратырған қайсы нашар? — деп сораў берди.

Сонда суўпы турып:

— Баяғы Опаның қызы ғой, — деди.

Уллы пир буған «ҳим-ҳим» деди де қойды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Арадан көп ўақыт өткеннен кейин сол жерде төмендегидей гәплер айтылды:

— Ҳаў, суўпы Тахмәмбет, хал-жағдайың қалай? Сизиң үйге барыўға бизиң елти хәўес болды ғой, деди.

— Жүдә қуп, тақсыр, барағойсын.

— Онда ертең барады.

Уллы пир мыйығынан күлип қойды. Ол үйине келип:

— Елти, сизди Тахмәмбет суўпы үйине қонаққа шақырады, хал-жағдайың қалай? — деди.

— Тахмәмбет шақырса, барайын, — деп елти жуўап берди.

Әне, елти де қонаққа кетти. Ол кеткеннен кейин уллы пир Бекимбет суўпыны шақырып алып:

— Палаў писирип болған соң еки табаққа сал, бир табақты өзиң же, биреўин маған бер, — деди.

Палаўды писиртип, бир табағын уллы пир қолға алып, қыз жатқан жайға келип жайды ашып, ишке кирди. Атасы уллы пир үйге кирген соң, қыз өрре турып, сәлем берип, қол қаўсырып турды.

— Қызым, мендики айып болыпты, бир жылдан бери хал-жағдайыңнан хабар алмаппан. Палаў астырып алып келдим, соны бирге жеймиз, — деди уллы пир.

Қыз атасының қолына суў қуйып, өзи де қол жуўып палаўды бирге жеди. Пәтия оқып болған соң, қыз атасынын қолына суў қуйды. Атасы қыздың қолынан услап, жоқары жағына да қол созды. Қыз атасы уллы пирден бундай исти көрип, қолындағы қуман менен хәзирет уллы пирдиң қақ маңлайына урды. Уллы пирдиң басы жарылып, еси аўып қалды. Қыз сол жайдан шығып, патша атасының бала-шағасына қосылып отыра берди.

Ендиги гәпти үлкен хәзирет уллы пирден еситиң. Есин жыйып, басын таңып, патшаға келди. Буны көрген патша:

— Ҳаў, тақсыр, саған не болды? — деп сорады.

Сонда уллы пир:

— Сизиң қызыңыздан қалған Опа саўдагердиң қызынан болған ис. Сол қызды Опа саўдагер маған тапсырып кеткенине мине бир жыл болды. Мине, усы бир жыл жасаған жетпис жасыма татыды. Медиресеге бир жигит келсе, бир жигит шықты, сондай бир долы хана болды. «Ҳаў, бул қалай?» деп бақырғанымда сол жигитлердиң қылғаны, — деди өкинип.

Патша дарғазап болып қызды дарға асыўға буйрық берди. Ҳүкимдардың көп ўәзирлериниң ишинде бир ақыллы, дана ўәзири бар еди. Сол ўәзир турып:

— Тақсыр, арзым бар, — деди.

— Айт, қандай арзың бар? — деди патша.

— Айтсам, ондай қызларды дарға асып өлтириў жоқ, инанбасаңыз тарийхты көриң, — деди дана ўәзири.

Патша оннан кейин китапты көрсе, ырасында да солай.

— Енди қалай өлтириў керек? деди патша.

Сонда бир ўәзир былай деди:

— Бул қызды адам қайтып келместей шөлистанлыққа апарып таслаў керек, сонда бул қызды жолбарыс болмаса қасқыр жеп кетеди.

Усы гәп хәммеге мақул болады. Солай етип, сорлы қызды адам бармас шөлистанға апарып таслады. Ол бийшара жазықсыз, аштан хәм шөлден болдырып, бир үлкен ағаштың саясына жете алмай жығылды.

Ендиги гәпти басқа бир патшалықтан еситиң. Басқа патшаның баласы қасына қырық жигитти алып, аўға шығады. Олардың алдынан кийик қашады. Бул кийикке қус салады. Кийик қашып жөнине кетеди. Жиберилген қус ушып жөнине кетеди. Бул қусты үш адам болып қуўа берди. Ал, хасыл атлары жарамай қалып, ақыры патшаның баласы жалғыз қуўды. Арадан көп ўақыт өтип қус үлкен ағашқа қонып отырған жерине патшаның баласы жетти. Қолын көтерип, қусты шақырады. Қустың патшаның баласы менен жумысы жоқ, күн батар жаққа қарай берди.

— Бул жақта не бар екен? — деп патшаның баласы алысқа нәзер таслады. Алыслаўда териси қызарып жатырған нәрсени көрди. Сол қызарып жатырған нәрсе жаққа қорқа-қорқа барса, суп-сулыў қыз жатыр.

— Ҳаў, бул қалай болғаны?! — деп, жигит жақын барып, жатырған қыздың аўзына алмас қылыш тутты. Қыздың жаны бары белгили болды. Соннан кейин ердиң басындағы ыдыста пал бар еди, қыздың басын оң дизесине қойып, қыздың аўзына пал тамызды. Кем-кемнен тамсанып жута баслады. Әлхасыл, қыз бурынғы халына келди. Солай етип, қыз аманлық-есенликке келди. Қыз айтты:

— Жақсы жигит, сиз қыз алып па едиңиз? Егер алмаған болсаңыз, таўып алдым демесең, мен сизге бас қосар едим.

Патшаның баласы:

— Қыз алмадым, еле үйленбедим. Сеннен артық маған қыз да жоқ, — дейди.

Ўәделесип, екеўи де елге қайтты. Қырық күн тойын, қырық күн ойын берип бул қызды патшаның баласы алды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Арадан үш жыл өтти. Бул қыз еки ул балалы болды. Күнлерден бир күн патшаның баласын бир досты қонаққа шақырады. Сол қонақтан хеш билдирмей келеди. Келсе, ҳаялынын бесигин тербетип жылап отырғанын көреди.

Патшаның баласы билдирмей «есикти аш» деп даўыслады. Ҳаялы есикти ашты. Патшаның баласы ҳаялына:

— Сен патшаның келинисең ҳәм патша баласының ҳаялысаң, сени қудайым аяп, еки ул берди, хеш нәрседен кем емессең, не ушын жылап отырсаң? — деди.

— Хеш қандай жылағаным жоқ, — деди келиншеги.

— Жасырмай айт, мен тыңлап турдым, — деди жигит.

Оннан кейин ҳаял ырасын айтып, төмендегилерди баянлады:

— Сен усы күнге дейин «кимниң қызысаң, қай журттансаң, ҳаслы-затың ким?» деп сорамадың, мен айтпадым. Енди сораған соң, айтыўға туўра келди. Сиз тыңлаң, мен айтаман. Мысыр қаласында Опа деген бир жетим бала болады. Күнлерден бир күн ержетип, бай болады. Қасына ылғый барарға жери жоқ, батарға көли жоқ жетимлерди жыйнап, оларды ер жеттирип, жигит етип камалға келтиреди. Бул Опа атақлы саўдагер болып, Мысырдан жигитлери менен бирге Қабыл қаласына келип, алып келген таўар-малларын қымбат сатып алажақ, затларын арзан алып қайтар ўағында сол елдиң патшасынын қызын көрип, сол қызға ашық болып, ҳасыл патшаның қызын алады. Анамның аты Жулдызша, Қабыл патшасының қызы. Сол патша қызынан туўылған мен, атым Қундыз, әкем Опа.

Патшаның баласы усы күнге дейин ҳаялынын кимниң қызы, аты ким, қайсы елден екенин сорамағанына уялды, не дерин билмеди. Азанда бул аўҳалларды атасына айтты. Баласының айтқан сөзлерине атасы:

— Балам, бизлердики уят болған екен. Келин атасына төркинлеп қайтсын, сағынып жылап отырған болар, — деди.

Келинин кешиктирмей, еки ат жеккен күймели арбаға еки баласы менен миндирип, сақшы қосып, барлық жетерлик дүнья-малларын салды, қосарға жорға тиркеди ҳәм жигирма жигитти басшы, отыз жигитти қосшы етип, айдың бир күни төркинлеўге жөнетип жиберди. Он бес күн жол жүрди. Бир күни олар дем алыўға шатыр тигип жатты. Қундыз балаларын уйқылатып, самаллаўға далаға шықты. Айдың он бес күни жарық еди. Қырық жигиттиң басшысы Қундызды көрген жерде ашық болып қалған екен. Оған зорлық көрсете баслайды. Сол жигиттен қутылыў ушын Қундыз:

— Жас балалардың илажын қылып келейин, сен усы жерде турып тур, — деди.

— Балалардың илажын өзим қылып келейин, — деп, жигит жуўырып барып еки баланы жаўызларша шаўып таслады. Қундыз қаншелли өшегискени, оған тасланғаны менен күши де, ҳалы да жетпеди.

— Илажын қылдым. Тез бол енди, — деди жаўыз.

— Балалар өлип атырғанда бул ис болмас, ақ жуўып, ақ кепинлеп жайғастырып келейин. Сиз жата бериң, — деп Қундыз жылап-сықлап жүрип ақ жуўып, ақ кепинлеп жайғастырып алды. Кейин ол қара жорға минип қырық жигитке билдирмей шығып кетти.

Азанда жигитлер караса, патшаның келини ҳәм бала, қара жорға жоқ болып шықты.

— Бул пери екен, — деп барлық жигитлер елине қайтып кетти. Солай деп патшаның баласына айтып барды. Патшаның баласы соннан баслап аўырыў болды, тәўиплер көрип ем тартты. Хеш нәрсе қыла алмады. Басқа палкерлер, тәўиплердиң бәри де көрип емин таба алмады. Қоррандоз патшаға айтады:

— Сол жоқ болған келинин пери емес, перзентин қайдан болса да излеп балаң таўып алмаса, ем жоқ, балаң өледи.

Патшаның баласы қасына исенимли жигитлерин алып, дийўана кийимин кийип, «хүў-ҳақ» деп жол тартып, ҳаялын излеп жолға раўана болды. Ал, патшаның баласы дийўана болып кеткеннен кейин патша басқа патшаларға хат жазды:

— Бизден еки дийўана кетти, олар дийўана емес, мениң балам, дийўана деп жүрмең, сыйлай көриң.

Бул хат барлық патшаларға барды. Қабыл патшасына да келип, бул хатты ҳәмме адамларға жәриялады. Бул хат мазмунын Опа саўдагер де билди.

Ал, баяғы қара жорға минип өз журтына киятырған Қундыз қараңғы түнде жанып атырған жақтыға аўыл деп келсе, қырық урының жайы болып шықты. Олар аттан алды, қоржын толы алтын. «Бир байдың баласы, қуда берди» деп ымласып қояды.

Булар уры екен, енди не қылыў керек? Қундыз олардың жақсылық пенен қутқармайтуғынын билип, қалтасына қол суғып, азмаз зәҳар алып, далаға шыққан болып, қайнап турған қазанға зәҳар таслап кетти ҳәм қайтып келип шай ишип отыра берди. Буны урылар билмеди. Аўқат писти, табақларға салыстырды.

— Иним, аўқат же, — деп урылар оны мирәт етти. Қундыз «шөллеп отырман, жемеймен» деп жемеди. Басқалар жеп болған соң:

— Бизлерди уйқы тартып баратыр,—деп уйқылап қалды. Олар сирә турмайтуғын уйқыға жатты. Қундыз атына минип, бир неше күн жол жүрип, ел шетинде қой баққан шопанға келди. Шопан менен аманлық-есенликтен кейин:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қайсы байдың шопанысыз? — деп сорады.

— Усы елде Опа деген саўдагер бар, соны билмейсиз бе? Сол Опаның қойшысыман, — деп жуўап берди.

— Олай болса, мынаў ат қоржындағы алтын сеники, маған Опа саўдагердин үйин көрсет хәм маған кийимлеринди бер, — деди Қундыз.

Шопан «яқшы» деп кийимлерин берди. Қундыз шопанға:

— Бул сырды жасырын сақла. Опа саўдагердиң үйи қайсы? — деди.

— Анаў үйи, — деп жуўап берди шопан.

Әне, қыз Опа саўдагердиң үйине барды. Опа саўдагер есик алдында тур еди. Шопан кийиминдеги қыз:

— Ассалаўма әлейкум, ата, — деди.

— Ўәлейкум-әссалам, балам, — деп Опа оның сәлемин әлик алды хәм:

— Балам, қайдан келдиң? Жол болсын! — деп сорады.

— Ата, мен Шын ўәлаятынан келдим. Опа саўдагер қайырлы адам деп еситтим. Хызмет қыламан. «Бийкаршыдан тәңири бийзар» деген, ата, — деди Қундыз.

— Ҳә, ҳаял, далаға шық! — деп Опа ҳаялын шақырды.

Ҳаялы далаға шығады.

— Мына бала өзи аўзы таза бала екен, сизиң хызметинде болсын, — деди бай.

— Әжеп болады, — деп ҳаял жуўап берди хәм шопанға жыллы жүзлилик пенен бақты.

Әне, сол күннен баслап отыны менен кирип, күли менен шығып, Опа саўдагердиң ҳаялына хызмет етти.

Күнлерден бир күн Опа саўдагердин үйине «хүў-хақ» деп үш қәлендер келди. Опа саўдагер далаға шығып, «үйге кириң» деп қәлендерлерди үйге киргизди хәм аманлық-есенлик сорасты. Опа «Үйге баяғы айтылған үш қәлендер келди. Соның ушын патша, ақыллы, дана ўәзир, үлкен хәзирет, уллы пир келсин» деп адам жиберди. Әне булар да келди. Қойдың семизин сойдырды, бул отырыспа от жаққыш баланың мийнети менен де болды. Тынымсыз от жағып бәрин де тыңлап отыр. Булар сол отырыс пенен көп ўақыт отырды. Бир ўақта патша журт қыдырып, халық аралаған қәлендер мырзаға:

— Улым, гәп табың, — деди.

Бул қәлендер қасындағы жолдасына:

— Сиз табың, мениң сирә хошым жоқ, — деди.

Бир қәлендер:

— Көпти көрген адам екенсиз, сиз табың, — деп уллы пирге қарады.

Уллы пир дана ўәзирге қарады. Ақыллы дана ўәзир патшаға қарады. Әне, усындай сораў отырыспаны үш мәрте айланды, ҳеш жерден айтар гәп-сөз болмады.

Бир ўақытта есик бетте от жағып отырған бала:

— Ата, руқсат етиң, мен айтайын, — деп сорады.

Уллы пир буған қарсы болып:

— Сеннен қандай сөз шығады?! — деп баланы қағыта сөйледи.

Сонда патша турып:

— «Көп жасаған билмейди, көрген, еситкен биледи» деген. Айта бер, балам, — деп руқсат етти.

— Патша ата, — деп баслады қыз, — Шын ўәлаятында бир жетим бала болады. Сол бала күнлерден бир күн, айлардан ай, жыллардан жыл өтип, ержетип саўда жумысына араласып, бир күнлери бай болады. Буған адам керек болады. Барарға жери, батарға көли жоқ, жетимлерден жыйнап ер жеттирип, өзине бала етип алады. Сол жигитлери менен бир Шын қаласынан көп таўар, мал алып, сизиң журтыңызға усаған басқа бир патшалыққа саўда ислейди.

Сол ўақытта Опа саўдагер:

— Сөзиң дәртиме дәрман екен, айта бер, шырағым, — деп түргелип отырды.

— Алып келген таўар, малларын қымбат сатып, алажағын арзан алып, саўдасын питкерип, қаланың шетине қонады. Сол саўдагер Опа атама усайды, — дейди Қундыз.

— Айта бер, шырағым, дәртиме дәрман болды ғой, — деп қойды Опа.

— Сол саўдагер қаланы бир қыдырып келиўге атына минип көшеде киятырса, патшаның қызын көрип ашық болды. Журтына қайтыўды қойып, сол қаладан жай, дүкан сатып алып саўда ислеп жүрип мына ақыллы дана ўәзир атама усаған бас ўәзирге таныс болып ўәзир арқалы патша қызын айттырған екен.

Сол ўақта патша, ўәзир, Опа саўдагер:

— Айт, шырағым, сөзиң дәртке дәрман екен, — деп үшеўи теңнен түргелди.

— Сол саўдагер ушын қыз айттырған ўәзирге мына патша атама усаған патша «қара пұқараға қыз бермеймен» деўге болмай, сол саўдагерди қашырыў ушын мың қара бас түйе, мың қара бас жылқы, мың қара бас қара мал, мың қара бас қой, мың қара бас ешки хәм мың гүзе тилла теңге берсин, деп айтыпты. Ўәзир саўдагерге айтса, табаман деп саўдагер жуўап берипти. Әлҳасыл, сол айтылған малды таўып сол қызды алыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Опа саўдагер турып:
— Дәртиме дәрман болды ғой, айта бер, шырағым, — деп көтерилип отырды.
— Сол патша қызынан бир жыл өткен соң бир қыз туўылыпты. Сол қыз алты жасына келгенде анасы тосаттан қайтыс болыпты.
Патша, Опа, ўәзир:
— Айта бер, балам, дәртиме дәрман сөз екен ғой, — деп ықлас пенен тыңлады.
— Патшаның қызы қайтыс болғаннан кейин усы қызы он төрт жасқа келгенше үйленбесликке саўдагер шәрт етипти.
Опа саўдагер:
— Ҳәр сөзиң дәртиме дәрман, — деп жылап жиберди.
— Әлхасыл, қыз он төрт жасқа келген екен, сол ўақытта саўдагер өзиниң туўылған жери Мысыр қаласына барып қайтыўға мына патша атама усаған атасынан руқсат сораған ҳәм «қызыңыздан қалған қыз мен келгенше үйиңиздс турсын» деп өтинген. Патша «шырағым, бул қызды бизиң үйге қойма, қыздың қәдирин билетуғын бизиң үйде адам жоқ, өлип кетер, сиз анаў үлкен ҳәзирет уллы пирге тапсыра ғой, өзиң келгенше пәрмана болып сақлап берер» деп кеңес берген екен. Ол патшадан бул кеңести алып саўдагер үлкен ҳәзирет уллы пирге келип, өзиниң ойлаған ойын айтты. Сонда ҳәзирет уллы пир:
— Усы медиресе жанынан қызыңа жай сал, өзиң қанша ўақта келесең, жай ишине азық-аўқат таслап кет, — дейди.
Саўдагер уллы пирден де бул кеңести еситип, медиресе жанынан қызына жай салып, ишине бир жыллық азық-аўқат салады. Уллы пирдиң айтыўы бойынша, жайдың ашар гилтин екеў етип ислетип, биреўин қызға берди, екиншисин уллы пирге тапсырған екен. Саўдагер өзиниң туўған Мысыр қаласына жөнеп кеткен екен. Сол ўақта уллы пир:
— Қойсаңә, бала, усыдан да сөз болып па? — дейди сезикленип.
Саўдагер:
— Айта бер, шырағым, дәртиме дәрман екен ғой, айт, шырағым, айт, — деди.
— Күнлерден күн, айлардан ай өтип, бир жыл да болып, ол қыздың азық-аўқаты таўсылып, көшеден азық-аўқат сатып алыўға шығып аўқат алатуғын болды. Күнлерден бир күн уллы пир дәрет алып отырып көшеден азық-аўқат алып киятырған қызға көзи түсип, қасындағы суўпыдан:
— Ким медиресеге кирип киятырған? — деп сорайды.
Суўпы:
— Тақсыр, бул баяғы Мысыр журтына кеткен саўдагердиң қызы ғой, — деп жуўап берди.
Уллы пир «ҳим-ҳим» деди де қойды. Оннан кейин қасындағы суўпыға:
— Ҳал-жағдайың қалай, бизиң елти сизиң үйге қыдырып бараман деп отыр, қалай болады? — дейди.
— Тақсыр, жүдә қуллық, бара ғойсын, — дейди суўпысы.
Уллы пир буны өз елтисине айтады:
— Сизди суўпы қонаққа шақырып отыр, барасыз ба?
— Тақсыр. жүдә барайын, — деп қонаққа жөнеп те кетеди.
Елти қонаққа кеткеннен соң бир суўпысына палаў писир, деп буйрық берди. Палаў да писти, уллы пир еки табаққа салдырып, бир табақты өз қолына алып баяғы қыз жатқан жайға барып:
— Қызым, ҳал-жағдайыңнан хабар алмағаным уят болған екен, соның ушын палаў писиртип алып келдим, бирге жеймиз, — деди үлкен ҳәзирет уллы пир.
Атасы келген соң қыз ушып турып сәлем берип қол қаўсырып, әдеп пенен турды. Қол жуўғызып атасы менен палаўды жейди, пәтия ислеп қолға суў қуйған ўақта уллы пир қолына суў қуйған қыздың қолын услап, жоқарыға да қол созды.
— Ҳаў ата, ҳаў ата, саған не болған? — дейди қыз шырлап. Болмай баратырған соң қолындағы қуман менен уллы пирдиң қақ маңлайына урады. Уллы пирдиң басы жарылып естен танып қалады.
Сол ўақытта уллы пир:
— Бундай да өтирик бола ма екен? Қойсаңә, бала, — деди.
— Уллы пирди урып болып қыз қашып, — дейди Қундыз патшаға қарап қол шошайтып, — сиз усаған патша атасының үйине қашып барған екен.
Сол ўақытта патша:
— Айта бер, дәртиме дәрман екен. Айт, шырағым, айт, — деп жуўап берди.
— Арадан көп ўақыт өтти. Уллы пир есин жыйнап, басын таңып, сиз усаған патшаға арызға келди. Патша уллы пир «сизге не болған?» деп сораған екен, уллы пир патшаға былай деди:
— Сизиң қызыңыздан қалған ақлық қызыңызды саўдагер маған тапсырып кеткенине бир жыл

www.ziyouz.com kutubxonasi

болып, сол бир жыл менин жасаған жетпис жасыма жарып болды. Медиресеге бир жигит келсе, бир жигит шығады, медиресе үлкен долыхана болды, сол жигитлердиң ислеген иси, — дейди.

Сол ўақта уллы пир:

— Қойсаңә! — деп жекиринип қойды.

— Уллы пирдиң айтыўы бойынша патша дарғазап болып, сол қызды дарға асыўға буйырды. Дәл усы ўақытта патшаның ақыллы мына ўәзир атама усаған бир ўәзири бар екен. Сол ўәзир патшаға қарап «арзым бар, тақсыр» депти. Патша «айт арзың болса» дейди. «Айтсам, патшазадаға өлим жоқ, инанбасаңыз тарийхқа қаран» дейди ўәзир. Патша тарийхқа қараса, ырасында да өлим жоқ, енди қалай өлтириў керек? Сонда бир ўәзир, «адам бармас, барсакелмес бир шөлге апарып таслаў керек, сонда жолбарыс, қасқыр жеп кетсин» деген екен.

Ақыллы ўәзир:

— Айта бер, шырағым, дәртиме дәрман екен, — деп турып отырды.

— Солай етип, бир жүйрик атқа мингестирип, бир шөлистанға апарып таслаған екен. Усы жазықсыз қыз бийшара жалғыз шөлде қалған екен. Шөлден, ыссыдан, аўқат таппай болдырып үлкен ағаштын саясына барыўға жүрип жете алмай жақынлап жығылып қалған екен. Қанша ўақ жатқаны белгисиз. Сол ўақытта мына қәлендер мырза усаған жигит қус салып жүрип, өлип баратырған қызға гез келген. Аўзына пал тамызып, тири қәддине келтирген екен.

Сол ўақта қәлендер мырза:

— Айта бер, шырағым, дәртиме дәрман екен, — деп жылап жиберди.

Усы жылаў басылғанша бир азырақ дем алыс болды.

— Сол қыз тилге келип, «жақсы жигит, үйленбеген болсаңыз, таўып алдым демесеңиз, мен сизди өмирлик жолдас етиўге ықтыяр беремен» деген екен.Сол ўақта қәлендер мырза усаған жигит «үйлегеним жоқ, сизден жақсы маған қыз да жоқ» деп ўәде берип, үйине алып кеткен екен. Сол жигит қызды үйине апарып қырық күн тойын, қырық күн ойын берип, той тарқағаннан кейин ақ неке қыйып алған екен. Арадан үш жыл өткенде қудайым сол қызды аяп, еки ул балалы болды. Күнлерден бир күн қәлендер мырза усаған жигитти дослары қонаққа шақырған екен. Сол қонақтан түн жарпында ҳаялына билдирмей үйине келсе, ҳаялы алдында жылап отырған екен. Жигит ойланып «бул неге жылап отыр екен, мен қусаған жигитине келиншек болса патшаның келини болса, қудайым бул нашарды аяп перзент берсе, ҳеш нәрседен кем болмаса, бул қалай жылаў?» деп билдирмей кейин шегип кеткен.

— Айта бер, шырағым, дәртиме дәрман болды сөзиң, айта бер, — деп қолындағы кесесин төмен қойып қәлендер тыңлады.

— Ол жигит қақырынып-түкиринип, қайта бөлмеге келип, «есикти аш» деп қақты. Ҳаялы көзлеринин жасын сүртип, жыламағандай болып шыра жағып қапыны ашты. Ол «шай қайнат, шөллеп келдим» деген. Ҳаялы шай қайнатып, қәлендер мырза қусағанның алдына қойған. Сол жигит «екеўимиз сөйлесип ишемиз» деп болып, ишип отырып, «мен қусаған жигиттиң ҳаялы, патшаның келини болсаң, қудайым аяп еки перзент берсе, ҳеш нәрседен кем болмасаң, сизиң бул жылаўыңыз қалай?» деген екен, ҳаялы «жылағаным жоқ» дегенде, «жоқ, алдама, жылағаның ырас, оннан да айта бер» депти. «Яқшы, айтайын, жылағаным рас, мен Мысыр қаласынан Қабыл қаласына келип Қабыл патшасының қызына үйленген атақлы пәлен деген саўдагердиң қызыман, сол атамды сағынаман» деген екен. Сол ўақта «үш жылдан берли атың ким, кимниң қызысаң, қай журттансаң?» деп сорамағанына уялып ҳәм қапа болған екен. Азанда патша атасына айтады. Сонда атасы «бизики уят болған екен, ондай болса төркинлеп қайтсын» деп тоқтамға келди. Әне, барлық нәрсесин жетерлик етип, қасына қырық жигит ертип, айдың биринде жолға шықты. Сол айдың он беси күни дем алыўға қонды. Еки баласын уйқылатып самаллаўға шығады. Қырық жигиттиң баслығы, қәлендер қусаған баслығы ҳеш ўақта бул келиншекти көрмеген еди. Көрген жерден ашық болып зорлаған екен. «Жас баламды бир жайлы етип келейин, сен жайында жата бер» десе, сол ўақта сол жигит «өзим балаларынның илажын қыламан» деп жуўырып кетип шатырда уйқылап жатырған еки жас баланы шаўып таслап, және қайтып келип «илажын қылдым» деген екен.

Сол ўақта қәлендер:

— Бунынды қойсаңә, бала, сондай да гәп бола ма? Қой, ондай сөзди, — дейди әлленәрседен сескенип. Қәлендердин бири:

— Тыныш отыр, айтсаң, айта бер, шырағым, — дейди.

— Әне, сол келиншек «еки балам өлип атырғанда бундай болмас, ақ жуўып, ақ кепинлеп қойып алайын» деп, еки баласын сол түнде ақ жуўып, ақ кепинлеп шатыр шетине қойған екен. Келиншек көп ойланып отырмай, ер кийимлерин кийип, қара жорға минип, қырық жигитке билдирмей шығып кетеди. Ертеңине азанда жигитлер «бул келиншек пери екен» деп изине қайтып кеткен. Сол келиншек түнлерде адасып, бир жанған отқа барыпты. Сол барған жери қырық урының жайы скен. Бул урылардан қутылыў

www.ziyouz.com kutubxonasi

ушын далаға шыққан болып қайнап турған қазанға зәхәр таслап кетип, қайтып келип билдирмей шай ишип отыра берген екен. Аўқат писип табаққа салып «қонақ алың» дегенде, келиншек «мен шөллеп отырман, жемеймен» деп жаўға аўқатты берген. Қырық уры аўқатты жеп өлип қалған. Урылардан аман қутылған келиншек сол кеткеннен кетип, ел шетинде бир қой баққан шопанға келген. Шопан менен танысып, сорасып турғанда, шопан өзиниң саўдагер атасының шопаны болып шығады. Оннан кейин сол келиншек барлық кийимлерин сол шопанға берип, шопан кийимин кийип, усы саўдагер атам усаған адамның үйинде жүрген ўағында баяғы қызды тирилтип алған патшаның баласы ҳаялының дәртинен қәлендер болып излеп жүрип, саўдагер атам усаған адамның үйине уллы пир, ақыллы ўәзир, патша, патшаның баласы, онын жолдасы атақлы саўдагер бас қосқан екен. Сол отырғанда адамлардың алдында басынан өткенлерин сөйлеген сол қыздың тап өзи екен, — деп сөзди таўысып, шопан кийимлерин шешип таслады.

Қараса, бул баяғы Қундыз. Сол ўақта қызын танып Опа саўдагер хәм патша, ақыллы дана ўәзир естен танып қалды. Қәлендер сүўретинде жүрген патшаның баласы жылап қоя берди.

Бир ўақлары булар еслерин жыйнап, жылаған жылағанын қойып, қайтадан аманлық-есенлик сорасып, патша үлкен ҳәзирет уллы пирди, қәлендер патшаның баласы қасындағы еки баланы өлтирген мийримсиз жолдасын услады.

Бул отырыспа саўдагер Опаға, ақыллы дана ўәзирге ҳәм патшаға той, уллы пирге ҳәм еки баланы өлтирген қәлендерге ой болды. Соның менен, түн өтти, таң атып, күн шықты. Патша халыққа хабар берди. Жаршылар орайлық орында халыққа хабар берди:

— Халайық! Халайық! Ҳәмме патшаның сарайына жыйналсын!

Айтылған ўақта халық патшаның сарайына жыйналды. Патша жыйналған халыққа ақлық қызының басынан кеширген ўақыяларын толық қалдырмай сөйледи ҳәм халыққа сораў берди:

— Бул ўақыяларға ким айыплы?

Халық «үлкен ҳәзирет уллы пирге, жазықсыз нәрестени өлтирген мийримсиз қырық жигиттиң баслығына өлим жазасы! Оларды жоқ етиў керек!» деп халық шуўлап қоя берди. Халықтың тилеги бойынша үлкен ҳәзирет уллы пирди ҳәм балаларды өлтирген мийримсизди патша өлим жазасына ҳүким етти.

Патша, Опа саўдагер, патшаның баласы, Қундыз ҳәм тағы басқалар мурат-мақсетине жетти.

## ЖАҚСЫ ҲАЯЛ ЖАМАН ЕРДИ ДҮЗЕЙДИ
(Р-63, № 34661)

Бурынғы өткен заманда бир патша болыпты. Онық жақын ўәзири бар еди. Күнлерден бир күн патша менен ўәзир еки атлы болып қонақтан киятыр еди. Аспанда ушып баратырған бир топар ғазға көзлери түседи. Алдынғы ғаз соңғы ғазға «ғаңқ» етти. Сол ўақта патша ўәзирге қарап:

— Ҳәй, ақыллы ўәзирим, алдынғы ғаз соңғы ғазға не деди? — деди.

— Билмедим, тақсыр, — дейди ўәзир.

— Онда саған үш күн мүддет, бунық жуўабын таппасаң, дарға асып өлтиремен, — деди патша.

Әне, ўәзир ғаздың ғаңқылдаўының себебин көп адамнан сорады. Ҳеш ким билмейди екен. Ақыры ўәзир өлимдар болатуғынлығын сезип, баўырын суўық жерге басып жатты. Бул ўәзирдиң бой жеткен қызы бар еди.

— Ата, неге қапасыз, неден наразысыз? — деди қыз ўәзирге.

Ўазир бунық себебин қызына айтты. Қыз узақ ойланып, ақыры патшаның қызына барып:

— Қурдас, сизиң атаңыз бенен бизиң атамыз қонақтан киятырған ўағында аспанда бир топар ғаз ушып киятырған екен. Алдынғы ғаз «ғаңқ» етипти. Оннан кейин атаңыз атама «мынаў алдынғы ғаз соңғы ғазға не деди?»деп сораў берипти. Атам «билмедим» депти. «Онда үш күн мәўлет, усы ўақыт аралығында таппасаң, дарға асаман» депти. Бүгин соңғы күни. Соған сеннен жәрдем сорап келдим, — дейди.

Патшаның қызы оны аяп:

— Қурдасжан, атаңа айт, мени айтты демесин, өзим таптым десин, мени зинҳар айтагөрмесин. Алдынғы ғаз соңғы ғазға айтқаны — «жақсы ҳаял жаман ерди дүзейди» деген еди, деп айтсын, — дейди.

Бул жуўапты ўәзирдиң қызы атасына айтып барды. Ўәзир ўәдели ўағында патшаға барды. Патша орнынан турып:

— Ҳә, ақыллы ўәзирим, алдынғы ғаз соңғы ғазға не деди? — деди гәпти созып отырмай.

— Қуллық тақсыр, алдынғы ғаз соңғы ғазға «жақсы ҳаял жаман ерди дүзейди» деди.

— Буны саған ким айтты? — деди патша.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Өзим таптым, патшам, — деди ўәзир.
— Жәллат! — деп патша бақырды.
— Не буйырасыз? — деди жәллат жуўырып келип.
— Ўәзирди дарға асың! — деп патша буйрық берди.
Жәллат ўәзирди дарға тартпақшы болды, ўәзир «дат!» деди. Патшаға алып келди.
— Айт, арзыңды! — деди патша.
— Куллық тақсыр, бир қасық қанымды хәм қанын кешсеңиз, айтайын, — деди ўәзир.
— Кештим, айт! — деди патша.
— Онда, буны айтқан өз қызыңыз, — деди ўәзир.
— Жәллат, қызды алып келиң! — деди патша.
Қызын дарға алып келди.
— Ата, арзым бар, хеш ўақта хан еки сөйлемейди хәм сөйлемеў керек. Ўәзир сизден сорады. «Қанын кеш хәм қанымды кеш» дегенде сиз «кештим» дедиңиз, — деди патшаның қызы.
Патша гәптен утылғанын билди. Қызды босатыўды буйырды. Патша оғада ғәзепли еди.
— Жәллат! — деп бақырды.
Жәллатлар келди.
— Көшеге барың! Адамның ең жаманын алып келиң! — деп буйырды патша.
Жәллатлар «адамның ең жаманы усы» деп көшеде қаңғып жүрген гезенде бир жигитти алып келди. Патша өзиниң қызын сол гезенде жигитке қосты.
— Сен жақсы хаял болсаң, усы гезендени келе қыл, — деп, екеўин бир таўлы жерге жиберди. Қыз биринши нәўбетте гезендеге мәскүнемлигин қойдырды, үсти-басын, кийимлерин жуўып, таза кийим кийгизип, сөйлеўди, усташылықты, өзи билген өнерлерин үйретти. Күнлерден бир күн баяғы гезенде жигит қалаға барып азық-аўқат алып келетуғын болды. Қыз шулық тоқыды, уршық ийирди, жигит таўда өсетуғын мийўелерди жыйнап, сатып пуллы болды. Базардан керекли буйымларын, азық-аўқат, кийим-кеншеклерин алып келетуғын болды.
— Мени патша саған берди. Екеўимиз ерли-зайыппыз, — деди қыз.
Күнлерден бир күн патшаның қызы күйеўин ертип ат базарына барып, бир сары тулпар сатып алды. Қыз атпаз, сыншы еди. Ер-турман, батырларға керекли жаў-жарақ сатып алды. Усы жигитке ат миниўди, ат ертлеўди, шаўып баратырып аттан түсиўди хәм атқа миниўди, қылышты, найзаны қалай услаўды, жумсаўды үйретти. Сонын менен усы жигит барлық өнерди үйренип, хақыйқый азамат болып шыға келди. Арадан күнлер, айлар өтти. Бир күни қыз күйеўине:
— Бүгин усы таўға қырық жигити менен патша аўға келеди. Сонда булардың алдынан кийик қашады. Олар сол кийикти ортаға алады. Сонда патша «усы кийик кимде кимниң басынан ғарғып өтип кетсе, өзи өлимдар, малы патшалық болады» деп буйрық береди. Сол кийик басқа хеш кимниң басынан өтпей патша басынан ғарғып кетсе, сол ўақта хәмме турып қалады. Усы кийикти патшаның өзи қуўады, бирақ, жете алмайды. Әне, усы атты мин. Мына таўдың пәлен жеринде тур, сол кийик қашып саған келеди. Сен сол жерден шықпа. Патшаға кийикти саўғаға бер. Сонда патша: «улым, меннен тилегиң болса, тиле» дер. Сен «тақсыр, сизден тилегим жоқ» де. Патша үш рет айтар. Үшинши ретинде айт: «Ондай болса, өз қол астыңыз аўқатты күндиз жесин, түнде жақты болмасын, мениң тилегим сол» де.
Айтқандай-ақ, усы таўға патша жигитлери менен аўға келди. Алдынан алтын баслы бир кийик қашты. Соны қуўып хәмме ортаға алып қамап турды. Сол ўақта патша буйрық берди:
— Усы кийик кимде-кимниң басынан секирип кетсе, өзи өлимдар, малы патшалық, — деди.
Кийик тап патшаның басынан секирип кетти. Хәмме жән-жаққа тарқалды. Патша жете алмады, бирақ, қуўғанды қоймады. Бул кийик жигит турған жаққа қашты. Сол ўақта жигит бас салып кийиктиң мойнына белбеў тағып алды. Қайта киятырған патшаға сәлем берип, кийикти саўғаға берди. Патша турып:
— Улым, меннен тилегиң болса, тиле, — деди.
— Тақсыр, сизден тилегим жоқ, — деди жигит.
Патша үш рет «тилегиң болса, сора» деди. Оннан кейин барып жигит:
— Тақсыр, тиле деп қоймадыңыз ғой, тилейин, тилегим мынаў: халқыңызға буйрық бериң, аўқатты күндиз жесин, түнде жақты болмасын, мәўлет үш күн болсын.
Патша буған ўәде берип кетти. Елге барып патша халыққа буйрық берди:
— Айдың биринши, екинши, үшинши күнлери аўқатты күндиз жеп, түнде от, шыра жақбайсыз. Егер жақты болса, өзи өлимдар, малы патшалық.
Халық патша айтқанындай исследи. Усы үш күнниң бир күни «хабарласқандай адам бар ма?» деп, үш адам жигиттиң үйине келди.
— Биз бармыз, — деп жигит шықты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Балам, кудайы қонақпыз, — деди үш адам.
— Жүдә жақсы, қонағойын, — деди жигит

Олар үйге кирди. Аўқат асылып жеп болғаннан кейин қатты даўыслап қыз «әўмийин» деди. Сонда биреўи қабағын көтерип қыз бенен жигитке қарады. Биреўи қол көтерип ас қайырды. Олар Қызыр, Дәўлет, Бахыт еди. Буларға дәўлет қонды, бахыт қарады. Қызырдың дуўасы қабыл болды.

— Усы үш күнде мениң буйрығымды орынламай түнде жақты қылып отырған ким? — деп патша келди.

Сол ўақта жигит далаға жуўырып шығып, патшаға сәлем берди.

— Ҳаў, мырза улым, бул сизиң үйиңиз бе? — деди патша мүлайым болып.

— Аўа, бизиң үй, тақсыр, үйге кириң, — деп, патша менен қасындағыларды үйге киргизди.

Үйге киргеннен соң патшаның қызы сүтгөже писирип патшаның алдына қойды. Патша бир қасық уртлап, естен танып қалды. Қасындағы патша адамлары патшаның басын сүйейди. Патша есин жыйнап алғаннан кейин патшаның адамлары:

— Тақсыр, сизге не болды? — деп сорады.

Сонда патша қасындағы адамларға:

— Өзлериңизге белгили, баяғы мениң жалғыз қызым бар еди ғой, сол қызым усындай аўқат писирип берер еди. Маған ҳеш нәрсе болған жоқ, сол қызым ядыма түсип отыр, — деп жуўап берди.

Сол ўақта патшаның қызы шыдап тура алмай сырткы перде кийимин шешип таслады. Патша, оның қасындағы адамлар ҳәм, қыз ҳәм жылап жиберди. Жылап-сықласып болғаннан кейин патша:

— «Жақсы ҳаял жаман еркекти дүзейди» деген ырас екен. Мынаў баяғы гезенде, мәскүнем еди, мен танымай, «мырза улым» дедим. Енди мен патшалықты қойдым, — деди төменге қарап.

Патша оларды елге алып қайтып, халықты жыйнап, жигитти патша етип қойды. Әне, ақыллы жақсы ҳаялдың себебинен гезенде, мәскүнем жигит усы елге патша болып, қостары менен ел қатары мурат-мақсетине жетипти.

## ӘДИЛ

(Р-141, № 50413)

Бурынғы өткен заманда бир патша болыпты. Бир күни ол пухараларынан арыз сорап отырса, оның алдына арыз бенен бир жас жигит келипти. Патша жигиттен:

— Қандай арзың бар? — деп сорапты.

Сонда жигит патшаға тәжим етип:

— Мен сарайыңыздан өзиме талап излеп келип едим, — депти.

— Ҳаў, балам, талапкер болсаң, бул журтта байлар көп. Солардың бирине хызмет етсең болмай ма? — депти жигитке.

Сонда жигит патшаға:

— Як, тақсыр, мен жолдастан жарлыман, туўған-туўысқаннан жарлыман. Бул жерге келгенимниң себеби: ертең биреў мениң ҳақымды бермесе ямаса зорлық қылса, мениң сүйенер адамым жоқ. Сол себепли сизди сүйениш тутып келип отырман, — депти.

Патша ойланып, «бул дурыс! Ақыллы жигит екен» деп, оған:

— Балам, мейли, сарайда бир-еки күн қонақ бола тур, — депти.

Бала патшаның сарайында еки күн болады, үшинши күни оны шақырып, атын сорапты.

— Атым Әдил, — деп жуўап берипти жигит.

— Атың да жақсы екен, балам, және бир еки күн үйде бола тур, — деп оны миймanханаға жибереди.

Сол күни патша ҳаялына:

— Мына жигиттиң сөзи дүзиў, аты да жақсы екен, сарайда бола берсин. Қызымыз бар, бәрибир биреў алады. Перзентимизди усы балаға берсек қәйтеди. Оны сорап атырған әмелдарлардың пейлин өзиң билесең, — деп ойласыпты.

Бул гәп патшаның ҳаялына да мақул түсипти. Сөйтип Әдил патшаның қызына үйленипти.

Патша күйеў баласын сынап көриў ушын арыз айтқанларды көбинесе оған жиберетуғын болыпты. Бақлап қараса, ҳешким наразы болып қайтып атырған жоқ. Солай етип патшаның жумысы бурынғыдан бираз жеңиллесипи.

Бир күн ол Әдилди шақырып алып, өзиниң орынбасары — ең жақын ўәзири болыўды усыныпты. Бирақ ол бул усынысқа келисим бермепти. Сонда патша патшалықты екиге бөлип, екинши бөлегин оған берипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Арадан бираз ўақыт өткеннен кейин патша халықтан өнетуғын бир жыллық салықты есаплап қараса, оның муғдары бурынғыдан анағурлым кем шығыпты. Себебин сорастырса, халықтың әдеўир бөлеги Әдилдиң кармағына көшип кетипти.

Патша өзиниң пүткил патшалықты күйеў баласына бериў пикирин және бир мәртебе сынап көриў ушын жупыны кийинип алып, Әдилдиң елатына қарай жол алыпты. Кетип баратырса, алдынан бир кәрўан шығыпты. Патша кәрўанбасыдан:

— Қаяққа баратырсызлар? — деп сорайды.

Кәрўанбасы өзлериниң Әдил патшаның журтына баратырғанлығын айтыпты.

— Онда мени де алып кетиң, — дейди патша.

Сонда кәрўанбасы оған:

— Әдил патшаның елине алып барсам, не бересең? — дейди.

— Менде сизлерге бергендей хеш нәрсе жоқ, — деп жуўап берипти патша.

— Ондай болса, сени алып кетпеймиз. Биз биреўди аға деп миндирсек, биреўди ини деп миндирсек, бала-шағамызды қалай асыраймыз?! — депти.

Ашыўы келген патша сонда кәрўан басыға:

— Қоң етимнен кесип бермесем, басқа затым жоқ, — деген екен, ақша десе ҳәмме нәрсеге қайыл кәрўанбасы:

— Мейли, ондай болса, еки қадақ етке ыразыман. Түйеге мин, — депти патшаға.

— Бирақ бир шәртим бар — меннен еки қадақ етти Әдил патшаның алдында кесип аласаң, — депти патша.

Сөйтип, кәрўанбасы оған да қайыл болыпты. Бираз жол басып, ақыры ол Әдилдиң елине жетипти.

— Қәне, еки қадақ етти бер, — депти кәрўанбасы, пышағын қайрап патшаның алдына келип.

— Сен оны Әдил патшаның алдында алыўың керек еди, — депти қорқып кеткен патша.

— Еки қадақ етти қай жерде кесип алғанда не? — деп ол патшаға умтылғанда, патша жан айбатта тура қашыпты. Қашып баратырып бир пәс дийўалдан секирген екен, қырсығына дийўалдың түбинде бир ғарры дем алып жатыр екен, патша туўры оның көкирегине түсип, ғарры сол жерде жан тапсырыпты.

Өлген ғаррының үш баласы бар екен. Олар: «үш жигиттиң әкесин бир ел гезип жүрген дийўана теўип өлтирипти» деген халықтың насақ сөзине қалмайық, дийўананың жазасын берейик» деп, оны услап алып, Әдил патшаның алдына әкелипти. Оларға баяғы кәрўанбасы да ерипти.

Әдил патша дәслеп кәрўанбасының арзын қарапты. Ол айыпкерден:

— Сениң «Еки қадақ етимди беремен» деген ўәдең ыраспа? — деп сорапты.

— Ырас, — деп жуўап берипти айыпкер.

Соның изинше әкеси өлген үш жигит оған:

—Тақсыр, усы адам бизиң ғарры әкемизди де өлтирди, — деп, болған ўақыяны патшаға айтып берипти.

— Мейли, — депти Әдил патша, — мен ертең сизлерге ҳүкимди жәрялайман.

Ертеңине кәрўанбасы, әкеси өлген үш жигит ҳүкимди еситиў ушын патшаның алдына келипти. Патша хызметкерлерине еки қадақ тас пенен тәрези әкелиўди буйырып:

— Мине, мынаў — еки қадақ тас. Сен айыпкерден бир кескенде еки қадақ ет кесесең, артық кессең де, кем кессең де, өлимге буйыраман, — депти.

Кәрўанбасы ойланып, «бул бир қыйын ис екен» деп, патшаға қайтадан арыз етип:

— Тақсыр, мен еки қадақ еттен ўаз кештим, — деп өз жөнине кетипти.

Енди әкеси өлген үш жигиттиң гезеги келеди.

Әдил буларға:

— Мен айыпкерди сениң әкеңниң жатқан жерине шалқасынан жатқараман. Усы киси секирген дийўалдан биреўиңиз тек бир мәртебе секиресиз, тап жүрегиниң аўзына түсиўиңиз керек. Егерде оны өлтирсеңиз өлтиргениңиз, өлтире алмасаңыз, мен сизлерди өлимге ҳүким етемен, — депти.

Сонда үш жигит ойласып келип, патшаға:

— Бизлер оның гүнасынан кештик, — депти.

Сол ўақытта патша басынан жаман бас кийимин алып өзин Әдилге танытып:

— Сен меннен де әдил екенсең, енди пүткил патшалықты сора, балам, — деп оған пәтиясын берипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БИР АДАМНЫҢ БАЛАСЫНЫҢ ҮЙЛЕНИЎИ
(Р-278, № 84306)

Өткен заманлардың биринде бир адам баласына қыз айттырыпты. Сол ўақыттағы дәстүр бойынша, қалыңлықты алып келиўге үйленип атырған баланың өзи барыпты. Онын биржаққа кетип баратырғанын көрип, есигиндеги ийти де ере шығыпты.

Қалыңлығынын журтында жигитке ҳүрмет-иззет көрсетилипти. Жигит қәйин журты менен хошласып, қызды ертип үйине қарай раўана болыпты.

Булар екеўи жолда киятырған ўақытта бир жигит олардың жолын тосыпты. Сырдандай далада еки жигит алыса кетипти. Жолды тосқан жигит пәтлирек келип, қарсыласын енди өлтирдим дегенде, жығылған жигит алып киятырған қалыңлығынан жәрдем сорап бақырыпты. Қыз үндемей тура берипти. Сонда ол жол тосқан жигиттиң бунын қалыңлығынын ашығы екенин сезипти.

Жигиттиң бақырған даўысин булардан узақласып, алдыңға қарай жортып кеткен ийт еситип жуўырып келип, жол тосқан жигиттин алқымына асылыпты. Ол қапталына сылқ етип қулап, жан тапсырыпты.

Жигит қызды үйине әкелип, той-тамаша бергеннен кейин онын басына мал терисинен тақыя тиктирип береди. Тақыя, ҳаял отқа жақынласа кеңейип, ал оттан үзақласа басын қысады екен. Жигиттин хеш ҳаялына иши жылымапты. Ал, оны қутқарған ийт мақпал көрпешенин үстинде жататуғын болыпты. Арадан усылай етип ўақыт өте берипти.

Бир күни жигит бир жумыс пенен узақ сапарға атланыпты. Ол узақ жол жүрип шаршап, жолда ушырасқан бир үйге қудайы қонақ болып барыпты. Ол келген үйде бир ҳаял жалғыз өзи жасайды екен. Ҳаял жигитти төрге мирәт етипти, бир өзи қазан асып, жигитти тойдырыпты.

Үйде ҳешким көринбегеннен кейин, жигит ҳаялға:

— Бала-шағаңыз бир жаққа кетти ме? — деп сорапты.

— Яқ, иним, мен жалғыз жасайман, — деп жуўап берипти де, өзиниң басынан кеширгенлерин жигитке гүррин ете баслапты:

— Мениң әкем жүдә бай адам еди. Онын еки ҳаялы бар еди. Ол кейинги алған ҳаялы менен аўылда қалып, мени анама қосып мал басына жиберди.

Бир күнлери малларды бағатуғын үш ағайинли жарлы жигитлер келип малларды баға баслады. Мен де сол ўақытта ержетип отырған қыз едим. Әкем кейинги алған сүйикли ҳаялы менен машқул болып, бизлердиң бары жоғымыз бенен иси болмады.

Сонда мен «өз ғамымды өзим жейин» деген ой менен, мени көптен бери унатып жүрген шопан жигитлердиң үлкенине сырымды ашып, өз алдымызға хожалық болыўымыз кереклигин айттым. Мениң гәпимди еситкен жигит: «Сени әкең өлсе де, маған бермейди» деп әўеле қатты қарсыласты. Кейин, тәғдирине қайыл болып, екеўимиз неке қыйдырдық.

Қызының шопанға тийгенин еситкен әкем еки хызметкерин ертип, дәрриў жетип келди. Еки хызметкер әкемниң буйрығы менен күйеўимди өлгенше урды. Мен әкемниң аяғына бас урып, жалындым. Онын еки иниси де ағасын арашалап алып қала алмады. Күйеўим таяқ зарбынан өзине келе алмай, өлип кетти. Әкем мени «шопанға тийдиң» деп, хеш қашан байға бермеўге ант ишти. Мине, соннан бери мен жалғыз күн көрип атырман, — деп әңгимесин таўысыпты ҳаял.

Жигит ҳаялдың әңгимесин еситип болып, бир аўыз да сөз айтпай, қапталына қыйсайып уйқыға кетипти.

Ол ертеңине ҳаял менен хошласып, және жолға раўана болыпты. Қалаға барып, барлық жумысларын питкерип үйине қайтыпты. Үйине келгеннен кейин жигит хаялын қасына шақырып алып, онын басындағы тақыясын алып, оны жанып турған ошаққа ылақтырып жиберипти де, ҳаялын әсте баўырына басыпты.

## ИЙТТИҢ НЕСИЙБЕСИ
(Р-455, № 176398)

Бурынғы өткен заманда бир ғарры менен кемпир болыпты. Бир тапқаны бир тапқанына жетпей, екеўи зорға күн кеширеди екен. Олардын ақ ийти бар екен. Ғарры менен кемпир дәрьяның бойына ылашық қурып, балық аўлап, тиришилик етеди. Ҳәр күни аўына үш шабақ түсетуғын қусайды. Балықларды ғарры, кемпир ҳәм ийт үшеўи бөлисип жейди. Бирақ, тамақлары тоймай қалады.

Бир күни кемпир ғаррыға қарап:

— Тамағымыз тоймай жүр, усы ийтти узаққа апарып таслайық. Сонда қалған бир шабақты екеўмиз бөлисип жеймиз, — дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Онда, солай етейик, — деп, ғарры ийтти алыс жерлерге алып барып таслайды.

Ертеңине аўына тек еки шабақ түседи. Геүгим түскенше дәрьяның жағасында отырады. Оның да биреўин шағал келип, қорқытып алып кетипти. Ғарры менен кемпирге тек бир шабақ ғана қалыпты. Тамақлары тоймапты. Кемпир отырып ашыўланыпты:

— Сен ғарры болмай, жерге кир! Бир қатынды асырай алмасаң, өле қал!

— Енди маған не қыл дейсең? Ийт бийшараны да апарып тасладық. Бир шабақ оның несийбеси екен, бүгин өзи тек еки шабақ түсти, оның биреўин шағал жеп қойды, — депти ғарры өкинип.

— Онда ийтимизди алып кел. Оның несийбеси бар екен, — дейди кемпир.

Ғарры ийтин излеп кетеди. Бирақ, излеп-излеп, ҳеш жерден таба алмай қайтып келеди.

Күнлерден бир күн аш болып шағал келеди. Бақырып, ғаррыны қорқытып, бир шабағын алып қашады. Ғарры да изине түседи. Шағал бир жерлерге ой қазып үйе береди, ғарры изинен қалмай қуўа береди. Шабақты таслап, шағал өз жөнине кетеди.

— Мине, енди мен батыр болдым, — дейди ғарры қуўанып, ҳәм үйине қайтады.

Күндеги әдети бойынша шағал келип бақырып ғаррыны қорқытып, шабақты алып қашады. Ғарры изине түседи. Шағал балықты ана жерге, биресе мына жерге бир қойып жүре береди, ол болса изинен қалмай қуўа береди. Бир жерлерге келгенде ғарры шырмаўыққа оралып, үзе алмай атырған қырғаўылдың шөжесин услап алып, бир қойнына салады. Бир жерлерге келгенде қоянның өжегин услап алып, екинши қойнына салады. Сөйтип, шағалдың изинен қуўа береди. Шағал барып тоғайға киреди. Ғарры изинен киреди. Бир жерлерге келгенде үлкен бир байтеректиң түбинде ийтин көреди. Ийт шағалды тутып алып, ийесине алып келип береди.

Түсте ийти менен үйине келеди. Ғарры шағалды сойып, бөрик тигип алады. Сол күни кешке дейин аўға жигирмалаған шабақ, онлаған балық түседи. Олар бәри тойып балық жейди.

Ертеңине ийт ылашықтың қапталын қаза баслайды. Буны көрген ғарры менен кемпир ашыўланады.

— Жит, жит деймен! Мына ийт не қылады-әй! — дейди кемпир күйгелекленип.

Қараса, ийттиң қазған шуқырынан жылтыраған нәрсе шығады. Анықлап көрсе, бир гүзе алтын екен. Олар қуўанғанынан жылап жибереди. Ғарры менен кемпир ийтиниң сезгирлиги нәтийжесинде бай-дәўлетли болып, мурат-мақсетине жетеди.

## АҒАЛЫ-ИНИЛИ
(Р-461. № 176404)

Бурынғы өткен заманда, алыстағы аўыллардың биринде бир ҳаял жалғыз баласы менен жасаған екен. Оның күйеўи ерте өлип, баласына ҳәм әке, ҳәм ана болып жүреди.

Бала ержетип, жигитлик дәўранын сүре береди. Ол ержете баслаған пайытлары анасының да тәрбиялық гәплерин тыңламайды. Буның үстине баланың талабы жақсы емес талап еди. Яғный, өткен-кеткен жолаўшыларды тонап, өзлерине керек тутыныў буйымларын, затларын алып қалатуғын еди.

Күнлерден бир күни ол жолды тосып отырса, бир атлы жигит пенен қыздың киятырғанын көреди. Дәрҳал алдына шығып, атлы жигитти өлтирмекши болғанда:

— Иним, мени өлтириўге ҳәрекет етпе, мен сениң жанажан ағаң болайын, — деп қоймайды.

Дәслеп тонаўшы жигит буған қулақ та аспайды. Атлы жигит аттан секирип түсип:

— Олай болса, келисип алайық. Қылышласпақ керек пе, шабыспақ керек пе? Ямаса атыспақ керек пе? — дейди.

— Алыспақ керек, — деп, қарақшы жигит оған тийисти. Сол жерде екеўи бир күн, бир түн гүрести. Қанша күш жумсаса да бир-бирин жыға алмайды. Ақыры олар дем алыўға отырады. Соңында екеўи ағалы-инили тутынып, туўысқан болыпты. Бала бундай туўысқанлы болғаны ушын тутынған ағасын ҳәм болажақ жеңгесин үйине мирәт етип алып барады. Кемпирине бала ағасын таныстырады. Кемпир еки балалы болғанына қуўанады.

—Иним, сениң мына талабың жақсы талап емес. Соншама күш-қудиретиң бар, буның менен ҳадал пул табыўыңа да болады, — дейди ағасы инисине.

— Маған қандай талап жарасады, айтың, — дейди иниси.

— Сеннен күшли палўан шығады. Сениң менен гүрескенде күшиңди көрдим. Бизлер сарайдың палўанлары менен де күш сынасып көриўимиз керек. Егер оларды жыға алсақ, патшаның бас палўанларына айланыўымыз мүмкин.

Ертеңине екеўи сарайға барады. Патшадан кириўге рухсат сорап, қабыллаўында болады.

— Жигитлер, маған қандай хызмет пенен келдиңиз? — дейди патша тахтына сүйенип отырып.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Уллы патшамыз, бизлер екеўмиз сизиң бас палўанларыңыз бенен гүресип, күшимизди сынап көрмекши едик, — дейди үлкени.

Бул сөзлерге патшаның қасындағы ўәзирлер, хәмелдарлар күлиседи. Үсти-басы кир-кир, кийимлери, сыртқы көриниси сырттан қараған адамға аянышлы ҳәм бир жағынан күлкили болып көринер еди.

— Тыңлаң, — деди патша күлкини тоқтатып, — халықтың аты халық. Елден не бир батырлар шыққан. Бәлким, булар да сондай батырлардын әўлады шығар. Жигитлерге имканият беремен. Егер бас палўанымды жеңсеңиз, сизлерди орнына бас палўанлар етип қояман.

Еки жигит бирим-бирим патшаның бас палўаны менен алысты. Қанша күшли болғаны менен патшаның палўаны еки туўысқанның үлкенин де, кишкенесин де жыға алмайды. Көп узамай аға-инили де турпатынан адам қорқатуғын бас палўанның жаўырынын жерге тийгизип, жыйналған аламанды таң қалдырады.

— Таза жеңис! Бәрекелла, жигитлер! — деди патша қолын көтерип. — Енди екеўиңиз де мениң бас палўаным боласыз.

Усы ўақыя тек елге емес, басқа қоңсы мәмлекетлерге де тарап кетеди. Бара-бара «Бирдей еки аға-инили палўан оншелли ири болмаса да, дәўдей палўанлардың жаўырынын жерге тийгизип атыр» деген хабар пүткил жер жүзине тарап кетеди.

Бир күни қоңсы елдиң патшасы бул елдин ҳүкимдарына хат жоллайды:

«Сизиң елде еки палўан туўралы еситтик. Егер ырас болса, жети күннен кейин бизлерге ортақ Қоңыртаўдың етегинде мениң бас палўаным Қаракүш батыр менен күш сынасып көрсин. Оннан кейин мен бул гәплерге исенемен».

Хатты оқып болған патша еки бас палўанын шақырады ҳәм қоңсы елдиң Қаракүш деген палўаны менен гүресиўи керек екенлигин айтады. Ағалы-инили күшин топлап, жақсылап аўқатланып, сапарға атланады.

Гүрес майданына жеткенде еки елдиң адамлары жыйналып қалған екен. Биринши үлкен жигит Қаракүш пенен алысады. Еки тәрептен «ҳә, бас, бәрекелла, аяғынан шал, тезирек жығыўт» деген жигер бериўши даўыслар еситиледи. Олар сол күш-ғайраты менен кешке шекем гүрести. Бирақ, палўанлардың күши тең келип, бир-бирине имкан бермей-ақ қойды. Ақырында, иниси ағасынан руқсат сорап, Қаракүш пенен алысты. «Үлкени жеңе алмағанда, кишкенеси қалай утады?!» деген сыбырласыўлар болып атыр. Бирақ, бул гәплер орынсыз болып шықты. Жигит Қаракүштиң аяқларының арасына оң аяғын қойды да көтерип урды.

— Жамбас баҳасы, — депти төреши бақырып.

Қулласы, сол гүресте кишкене иниси кимсен Қаракүш палўанның жаўырынын жерге тийгизип, патшаның, әсиресе, халқының абыройын көтерипти. Олар елине келгенде сансыз халық жыйналған еди. Жигитлердиң анасы екеўин де баўырына басып қуўанышы қойнына сыймапты:

— Саған рахмет, балам, сен иниңди туўры жолға басладың, оны ийгиликли ислерге ийтермеледиң.

Еки ағалы-инили де үйли-жайлы болып, келинлери анасының ыссы-суўығына қарап, оның хызметин қылып, мурат-мақсетине жетипти.

## ӘКЕСИН ТАПҚАН ЖИГИТ

(Р-535, № 176478)

Бурынғы өткен заманда жети жигит азықланып, арқаланып талап излеп бир үйге барса, «аҳ-үўҳ» деп жатырған бир ғаррының үстинен шығады. Жети талапкер сол күни усы үйде қонақ болады. Баяғы ғарры түни менен аўырыў адамдай ыңыранып ҳәм гүрсинип шығады. Жети талапкер азанда ғаррыдан түни менен гүрсинип шыққанының мәнисин сорайды. Сол ўақытта ғарры суўық демин ишине бир тартып, ишқысталығының, қапашылығының себебин айтып берипти.

— Мен жас жигитлик ўақтымда бир байдың қызына ашық болып, сол қыз бенен жасырын қатнас жасап жүре бердим. Арадан бираз ўақыт өткеннен кейин қыз мениң менен қашпақшы болды. Усы ўақытлары байдың үйине мал берип, айттырып қойған бир байдың баласы келди. Қызды узатып алып кетпекши болып келген байдың баласының қасында қырық атлы адам бар еди. Қыздың әкеси үлкен той жасап, ылақ ойнатты. Сәршемби күни кешликке қызды узатып кетиўге барлық нәрсе тайын болды. Мен де усы тойдың шетинде адамға сездирмей, жанға билдирмей жүре бердим. Кеш болып қараңғы түсти. Мен үйдиң қапталында жыйнаўлы турған бир арба отынның астына барып жаттым. Бир ўақытлары қасында бес қызы бар мениң унатқан қызым майданға шығып, қайтарсын мен жатқан отынның қапталы менен жүрди. Мен қасындағы қызларға сездирмей сүйген қызымның аяғына жыңғыл менен түрип қалдым. Қыз мениң усы жерде жатқанымды сезгендей, артына бурылып бир қарады да, алдына қарай кете берди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Арадан көп ўақыт өтпей-ақ, қыз айланып менин қасыма келди. Сол жерде отырып екеўимиз ойласып, сол күни түнде қашпақшы болдық. Қыз ўәдени бир жерге қойғаннан кейин кейнине қайтып кетти. Мен сол заматта еки ат таярлап белгиленген жерге келип тура бердим. Түн жарпы болғанда күйеўди атландырыўға киристи. Қәде бойынша қызды узатарда қыз қашты ойынын баслап, қызды бир жерге жасырып қойып излей баслайды. Қыз жасырып қойған жеринен мениң жатқан жериме келип, менин менен сөйлести. Сол жерде екеўимиз еки атқа минип қашып отырдық. Бирақ, бизиң бул қосылыўымыз сәтли болмады. Қашқанымызды билип қойды. Таң саз берип киятырғанда кейнимизден қуўғыншы жетти.

Сол ўақытта мениң қасымдағы қыз кейнимизден жетип қуўғыншыдан аман қутыла алмайтуғынын билди. Қыстың күни еди. Жерде қар бар еди, музлар қатып қалған. Қыз меннен айрылып шықты да, ойыўлы турған үкиге өзин таслады. Соның менен қыз үкиге кетип өлди. Мен түс көргендей үкиниң аўзында бираз отырып аўылыма қайттым. Сол қыздың усындай аўыр өлими мениң есимнен шығар емес. Мениң аҳ-үҳлеп жатырғанымның себеби усы, — деп ғарры сөзин тамам қылды.

Жети талапкердиң ишиндеги бир жигит оның гәплерин еситип болып, «әкежан, жан әкем» деп ғаррының мойнынан қушақлап жылады. Қасындағылар да, ғарры да хеш нәрсеге түсинбейди. Бираздан кейин сол жигит ғаррыға өзиниң ким ҳәм неге жылағанлығын, не себептен «әкежан» деп атырғанлығын айтады.

— Мен, — дейди жигит солығын баса алмай, — сол сизиң сүйиклиңизден туўылған жалғызыңыз Жалғызбай боламан. Мен неше жылдан берли сизди излеймен, бирақ, таба алмай қанша сарсылдым. Бармаған жерим, баспаған шөлим, жүзбеген көлим жоқ.

— Анаң қайда? Тири ме? — дейди ғарры көзинен жас төгилип.

— Анам тири. Ол музға ойылғаннан кейин ығып барып, үки ойып балық услап атырған балықшыларға дус келген екен. Олар дәслеп анамды өлип қалған шығар деп ойлаған. Арасынан биреўи тәўип екен. Сол адам оны үйине алып барып, дем салып, емлепти, балықтың майын берип бағa берипти. Соң көп узамай мен де туўылыппан. Балықшы ағам маған аға болып, балық аўлаўды үйретти. Мен де анама, ағама көмекши болып жүре бердим. Бир күнлери қатар жүрген бир бала менен төбелесип қалдым. Ол «сен жетимсең, әкеңди таўып ал» деди. Кейин анама бул гәплерди айттым. Анам «әкең бар, оның менен ақырғы мәрте пәленше деген көлдиң үстинде ушырастым, жаўлардан қашып, мен үкиге бойымды атып, басымды өлимге байладым, әкеңди излеп таўып ал» деди. Соннан ағамнан, анамнан руқсат сорап, еллерди гезип, шөллерди гезип, ақыры сизди таптым, қудайға шүкир, сизди таптым, — деп жигит әкесин таныпп, анасын да үйине алып келип, жумсаўға келин әперип, мурат-мақсетине жетипти.

## ҚЫДЫР АТАНЫҢ АЛТЫНЫ

(Р-312. № 99428)

Бурынғы өткен заманда бир ғарры болыпты. Ол адам болып дүнья жыйып, шаңарақ қурып, перзентли болыўды да ойламапты. Ўақыттың өтиўи менен ҳал-дәрманы қурып, отырған жеринен тура алмайтуғын болыпты. Жүриўге ҳалы жоқ, кийерге кийими, ишерге аўқаты, жеўге наны жоқ. өзи де жаслығынан жүдә бийталап болып өскен. Жас мәҳәлинде ислемеген талапты енди ғарры ўақтында ислесин бе? Не де болса бул ғарры сол жатысы менен жата береди. Бир неше күннен кейин ашлықтан өлер ҳалға келеди. Тосаттан бир ғарры келип көзине көринеди. Келген ғарры жатқан ғаррыдан:

— Ҳә ғарры сақаллас, не қылып жатырсаң? — деп сорады.

— Ҳәй, маңлайы қараның гөрин сорайсаң ба, мен өзимше өле алмай, қудай алмаған соң жатырман, — деди ол.

Келген ғарры:

— Неге сен маған миннет етесең, мен сени орныңнан турғызыўға келдим. Мен жан алатуғын әзирейлимен. Қәне, тур, сениң жатыўың да, жасаўың болды. Маған руқсет ет, ҳәзир жаныңды аламан, — дейди.

Неше күннен бери жатқан ғарры әзирейлиден қорқып, не қыларын билмейди. Үндемей, әзирейлиге билдирмей, отырған жерин тышқан ини қылып қаза берди. Бир мәҳәлде бағанағы келген әзирейли де көзинен ғайып болды. Ғарры қазған жерин әзирейлиден қутылған соң кеңейтип қазыўға умтылыпты. Сол жерди қазып, әзирейлиден жасырынбақшы болып, тынбай қаза берди. Тәўир-ақ өзи жасырынғандай етип қазған соң қолына бир гүзе тийди. Гүзени алса, аўзы бекитиўли екен. Гүзениң аўзын ашты. Ашса, толы алтын екен. Енди ғарры алтынды алыўға қорқты. Себеби, әзирейли келсе, өлип қалыўы керек. «Алтын далада қалады» деп ойлады. Гүзени қайтарып көмсе, гүзе көмилмейди. Аўзы ашық болған соң, алтын жайылып көбейип кетти. Буны көрген ғарры илажын таппай атырғанда әзирейли келди ҳәм оған:

— Қәне, болдың ба? — деди.

Алтынын жасыра алмай отырған ғарры оғада албырап:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳаў, бала, хаў бала, мен саған қашшан айттым ғой, таярланаман деп, өзиң жинлимисең?! — деп бақырды.

Сонда әзирейли ғарры турып:

— Олай болса, бийшара, көп хорлық көрип едиң. Көп кемлик пенен өмир өткерип едиң. Енди усы жасыңа келгенде мийнетиң менен қазып бул алтынды таўыпсаң. Мен сени ҳәзир алмай кетейин. Тапқан алтының өзиңе буйырсын, — деди де, шығып кетти.

Ҳақыйқатында бул әзирейли емес еди. Ол Қыдыр еди. Мийнетсизге зат түспейди. Бирине-бирин себеп қылып ғаррыға ырысқы жеткерип кетти. Ғарры сол алтынды үнемлеп жумсап, азық-аўқат, кийим-кеншек алып жата берди. Ол сол алтынды таўыспай-ақ о дүньялық азық қылып, өлип кетипти. Сол ўақыядан кейин халықта «Жаслығымда бер мийнет, қартайғанда бер дәўлет» деген даналық гәп қалған екен.

## АҒАЛЫ-ИНИЛИ ТУЎЫСҚАНЛАР

(Р-278, № 84306)

Өткен заманларда бир адамның үш баласы болыпты. Бир күни атасы балаларын қасына шақырып алып:

— Сизлер мен барда дүньяны гезип қайтыңлар. Өзлериңизге садық дос табыңлар, жақсы-жаманды көриң, — деп ,өзинде бар малларын сатып, үш баласына үш ат, үш қоржын ҳәм жолда жейтуғын азық, ақша берип жиберипти. Үш бала да үйинен азат болғанына қуўанысып, жол жүрип кете берипти. Олар бираз жүрип, түрли еллерди, ҳәр түрли адамларды ушыратыпты. Астында көлиги, қолларында пулы болғанлығы себепли, олар ҳәр бир күнин ойын-заўық, тамаша менен тарықпай өткерипти.

Үш жигит және саяхатын даўам еттирип кетип баратырса, олардың алдынан үш айра жол шығыпты. Жигитлер енди үшеўи үш жол менен кете берипти.

Бул үш жолдың кесилискен жеринде Қудайқул атлы ҳийлекер бир қарақшы жасайды екен. Бул қарақшының басқа қарақшылардан парқы, ол усы жолдан өткенлерди қылыштың күши менен емес, ал ҳийлениң күши менен талайды екен. Қудайқул бир ҳәптеден бери усы жолды аңлып, «Көптен бери адамлар жолдан жүрмей кетти-аў, олжа түсиў азайды ғой» деп налып отырғанда узақтан бир атлы көринипти. Қарақшы ол атлы қасына келгенше оннан көзин үзбей отрыпты.

Атлы оның қасына келгенде, ол оның алдына жуўырып шығып:

— Жол болсын, жолаўшы, узақ жүрип, шаршаған қусайсыз. Мениң үйим усы әтирапта. Барып мийманым болың, — деп, жигитти үйине мирәт етипти.

Шаршап киятырған жигит ҳеш нәрседен кәўетерленбей оның мирәтин қабыл етип, Қудайқулдың изине ерипти.

Олар үйге келиўден, Қудайқулдың ҳаялы келген адамның алдына жуўырып шығып, атын байлап, төсекти қалың салып, қатты күтиўге киристи. Шай-тамақ берип болғаннан кейин ҳаял мийманға усы жерде қонып, ертең жолға шығыўды мәсләҳәт берипти. Ҳаялдың көрсеткен иззет-икрамынан кеўли толған жигит ҳаялдың гәпин жерде қалдырмапты.

Бир ўақытта хаял кәнизеклерин шақырып:

— Бүгин мийманды бир сыйлайық. Төледеги алты жыллық шарапты әкелиң, — деп буйырыпты.

Кәнизеклер жуўырып барып төледен алты жылғы шарапты әкеледи. Ҳаял қоярда қоймай жигитке көп шарап иштиреди. Бир ўақытта жигит шараптың күшинен аўдарылып түседи. Сонда ҳаял кәнизеклерине:

— Мына адамды шуқырға апарып таслап, атты атларға қосың. Қоржынын дийўалға қыстырың, — депти.

Кәнизеклери бәрин бийкесиниң айтқанындай етип орынлайды.

Арадан және еки-үш күн өткеннен кейин Қудайқул жолда тағы бир адамның киятырғанын көрипти. Ол күндегидей атлы оның тусына келе бергенде, жолаўшыны сәлем берип тоқтатады. Ол жолаўшы менен ҳал-аўҳал сорасқан болып, кейнинен оны да үйине мирәт етеди. Мийманды үйине әкелип болып, өзи бир мерекени сылтаў етип кетип қалады.

Жолаўшы үйге келиўден, Қудайқулдың ҳаялы оның алдынан шығып, ийилип тәжим етип сәлем берип, атын байлап, өзин үйге киргизип, астына қалың төсек салып, қасына төрт көпшик қойып жүдә иззет етипти. Ҳаял қонақтың алдына ас тартып атырып, кәнизеклерине жигит ушын төледен алты жыллық шарап әкелиўди буйырыпты. Үй бийкесиниң қыстаўы менен ҳәдден тыс көп шарап ишип қойған жигит мәсликтен қапталына аўдарылып түсипти. Ҳаял кәнизеклерине бул мийманды да шуқырға таслап, атын, қоржынын алыўды буйырады.

Ертеңине Қудайқул және жолға барып, жолаўшы күтеди. Кешке жақын көз ушында бир атлы

www.ziyouz.com kutubxonasi

көринипти. Ол «Бул атлының дәскеси үлкен көринеди. Қудайдын маған карасқанын қара» деп қуўанып турғанда, атлы оның қасына жақынласып келеди. Қаракшы дәрриў оның алдына жүгирип барып, колын көкирегине қойып аманласады. Жолаўшы да ийилип сәлем берип атырған адамды қыймай, оның менен аманлық сорасады.

— Узақ жол жолдан шаршаған шығарсыз. Мынаў бизиң үй, үйде ҳаялым, хызметкерлерим бар. Барып дем алып, ўақтыңыз болса, қонып кетиң. Мийман болсаңыз, төбем көкке жетеди, — дейди қарақшы қуўжынлап.

Солай етип, ел қыдырған үшинши жигит те Қудайқулдың үйине мийманға келеди. Олар үйге жақынлағаннан Қудайқулдың ҳаялы дәрриў мийманның алдына жуўырып шығады. Қудайқул мийманның атының жибин ҳаялына услатып:

— Мийманды жақсылап күтиң. Мен аўылдағы тойға кирип шығып тез қайтаман, — деп өзи кетип қалады.

Ҳаял мийманды үйге киргизип, төрге төсек салып, қасына алты көпшик қояды. Ҳаял сыртқа шығып кеткенде, жигит әтирапына қарап отырып, дийўалдағы еки қоржынға көзи түседи. Анықлап қараса, тап ағаларының қоржынына уқсайды. Сонда жигит ишинен: «Бул қандай ҳал болды? Не де болса, өзиме өзим сақ болайын. Мына ҳүрмет пенен иззеттиң бир сыры бар шығар» деп ойлапты. Бир ўақытта ҳаял оның алдына ҳәр түрли тағамлар толтырылған табақларды көтерген кәнизеклер менен кирип келипти.

Ҳаял мың ҳийлени ислеп, жигитке алты жыллық шарапты ишкизиўге ҳәрекет етипти. Жигит мың бир сылтаўды айтып, шарапты ишпепти.

Ертеңине Қудайқул сумлығының ис бермегенин билип, жигиттен қалай болмасын өш алыўды ойлапты. Ол баланың алдына келип:

— Мийман, мен сени сарпайламай жибере алмайман. Ҳәзир өгизимди қалаға апарып сатып, сол пулға саған сарпай аламан, — деп жигитти базарға ертип келеди.

Ол өгизди базарға салып бир майдан турады да кейин жипти жигитке услатып:

— Мийман, мен сизге бир жақсы сарпай көрип келейин. Оған дейин сиз мына өгизди услап турсаңыз. Баҳасын сорағанларға мың тилла дең, — депти де өзи ғайып болыпты.

Бираз ўақыт өткеннен кейин, адамлар жигиттен өгиздиң нарқын сорай баслапты. Сонда жигит оларға:

— Өгиздиң баҳасы мың тилла, — деп тура берипти.

Жигиттиң бир өгизди мың тиллаға көтергени базаршыларға жақпай, олар:

— Не деп турсаң? Ҳеш заманда өгиз мың тилла болған жоқ! Сен базарға қымбатшылық тилеп атырсаң, — деп жигитти ура кетипти.

Жигит адамлардың мушының астынан еплеп жулқынып шығып қаша жөнелипти. Аламан оның изинен қуўыпты. Ол бираз қашқаннан кейин алдында дус келген үйге кирип кетипти. Кирсе, бир кемпир қозақ тоқып отыр екен.

— Мени қутқарың, — депти ол кемпирге.

Кемпир оны жүнниң арасына жасырыпты. Жигитти қуўған адамлар оны таба алмай, кейнине қайтып кетипти. Пайыттан пайдаланған Қудайқул жигиттиң аты менен қоржынын ҳәм өзиниң өгизин жетелеп үйине қайтыпты.

Бала кемпирдиң жәрдеми менен өлимнен қутылғаннан кейин бул да қалай болмасын қарақшының жазасын бериўди кемпир менен ойласыпты. Кемпирдиң мәсләҳәти менен ол базардан нашар адамның кийимлерин алдырып, оларды кийип, салланған бир қыз болып, бир күнлери Қудайқулдың алдынан өтипти. Қудайқул бундай сулыў қыздың қаяқтан пайда болғанын билгиси келип оның алдына адамын жиберипти.

— Мен узақ бир аўылдан келдим. Ағаңның менде гәпи болса, өзи келип сөйлессин, — депти.

Қудайқулдың адамы бар гәпти оған айтып келипти. Сонда Қудайқул: «Қудайқулға қудай берди, аўыл қызы қолға тез түседи. Егер гәпиме көнсе, ҳаялымның үстине алайын» деп, барып қыз бенен сөйлесипти. Қыз оған ҳаял үстине тийиўге мейиллик билдирип:

— Сендей адамға жан-жан деп тийемен. Бирақ сениң ҳаялың менен оңысығым қалай болады? — деп сорапты.

Сонда қарақшы:

— Сен буннан ғам жеме. Мениң еки үйим бар. Сен қаладағы үйимде тура бересең, — депти.

Сонда «қыз» оған:

— Ҳәзир сен мени қаладағы үйиңе апар да, аўылдағы үйиңе кет, бар да ҳаялыңа: «Әкең өлипти, соған сен дәрриў жетип бар. Мен жора-жолдас, ағайинлерди жыйнап кейниңнен жетемен» деп айт. Соған дейин бизлер қалада тойымызды өткерип аламыз. Болмаса, мениң ата-анам маған саған тийиўге рухсат етпейди, — депти.

Қыздан айрылыўды қәлемеген Қудайқул аўылдағы үйине қарай қустай ушыпты. Үйине келип ҳаялына:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әкең өлипти, жаңа маған хабар келди. Тез жыйналып, әкеңнин үйине жетпесең болмайды. Мен ағайин, жора-жолдасқа хабар берип изиңнен жетип бараман, — депти.

«Әкең өлди» деген гәпти еситкен Қудайқулдың хаялы керек-жарағын тез жыйнастырыпты да жолға түсипти.

Ҳаялын жибериуден, Қудайқул қаладағы алған «ҳаялына» асығып жетип келипти. Олар екеўи қарақшының қаладағы үйине келгеннен кейин, Қудайқул жас хаялының алдында байлығы менен мақтанғысы келип, үйдиң ҳәр бөлмесин ашып көрсетип байлықларын көрсете баслапты. Гезек ең соңғы бөлмеге келгенинде, ол екиленип:

— Усы бөлмени көрмей-ақ қояйық, — депти.

— Мен бул бөлмени де көргим келип тур, — депти «қыз» назланып.

Қудайқул оның райын қайтарғысы келмей бөлмени ашыпты. Бөлменин иши ҳәр түрли қурал сайманларға толы екен. «Қыз» Қудайқулды алдастырып, ҳәр қуралды услап көрип, олардан қалай пайдаланатуғынын сорай баслапты. Гезек кисенге келгенде:

— Мынаў не, оннан қалай пайдаланылады? — депти қатты қызықсынған болып.

— Буны тутқынның қолына тағамыз, — депти қарақшы.

— Кәне, қолыңды бер, тағып көрейин, — депти «қыз».

Қудайқул ҳеш ойланбастан қолын кисенге тутыпты. «Қыз» жылдам оның қолын кисенлеп таслапты да:

— Ал, енди күнин питти, қарақшы! Ийманыңды айта бер! Сениң сонша жыл жыйнаған дүньяң енди меники, — деп басындағы орамалын алып, өзин танытыпты.

Қарақшы ҳайран болғанынан силейип қалыпты. Жигит қарақшының бар дүньясын баяғы кемпирдиң үйине тасып жасырып қойыпты.

Ендиги гәпти Қудайқулдың хаялынан еситиң. Қудайқулдың хаялы әкесиниң өлгенлиги ҳаққындағы хабарды еситип, үйине жетип барса, әкеси төрде жамбаслап отыр екен. Ҳаял «Қудайқул бул гәпти қайдан тапты екен. Келсе, билейин» деп әкесиниң үйинде күйеўин еки-үш күн күтипти. Бирақ күйеўинен ҳеш хабар болмапты. Ол енди күйеўинен тәшўишленип, үйине келипти. Күйеўин аўылдағы үйинен таба алмай қаладағы үйине келипти. Келсе, үйде қолға илинерлик нәрсе қалмаған. Ол ҳәр бөлмени бир ашып, зорға күйеўин таўып алыпты. Оның көкирегинде тек шықпаған жаны бар екен.

Ҳаял не қыларын билмей ертеңине патшаның алдына келипти. Қудайқулдың барлық қылмысына шерик патша хаялдан барлық гәпти еситипти. Ол қарақшыға жаны ашымаса да, қолдан кеткен мал-дүнья ушын қатты қайғырыпты. Қаладағы ең күшли тәўиплерди шақырып қарақшыны қалай болмасын емлеўди буйырыпты. Көп күтимлерден соң қарақшы өзине келип, болған ўақыяны патшаға айтып берипти.

Патша енди қарақшыны алдап сонша мал-дүньяны әкеткен адамды қалай болмасын қолға түсириўдиң илажын излестире баслайды. Ол ақыры «Сонша дүньяны қолға түсирген адамды тек оннан да көбирек байлық арқалы услаў мүмкин» деген қарарға келип, тоғыз түйеге қымбат баҳалы затлар тийеп жолға жибериўге буйрық береди. Ҳәр түйени үш адам қараўыллап баратуғын болады.

Қашшан-ақ ҳәмме гәптен хабар таўып, сарайды астыртын аңлып жүрген жигит ҳеш кимге билдирмей кәрўанды аңлып, изине ерип кете береди. Түйелер бир тоғайлыққа келгенде, жигит бир сақшыны арқасынан оқ жай менен атып өлтиреди. Сақшылардың ярымы оқ атқан адамды излеп кетип, қалғаны кәрўанды бағып қалады. Жигит бийик теректиң қалың шақаларының арасында отырып қалған сақшыларды биримлеп атып өлтире береди. Басқа сақшылар оны таба алмай, кәрўанға қайтып келсе, кәрўан орнында жоқ болып шығады. Олар кәрўанды излеп зер-зебил болады. Ақыры олар ҳешнәрсе таба алмай патшаның алдына қайтып барып, ўақыяны баян етеди.

Тоғыз түйе мал-дүньядан айрылғанын еситкен патша енди балаға бәс келе алмайтуғынлығын билип, «Бул ислерди қылған адамның гүнасынан өтемен, алдыма келсин» деп қалаға жар урдырады. Патшаның қарарын еситкен жигит ертеңине сарайға, патшаның алдына келеди. Ол патшаға сәлем берип:

— Бир қасық қанымнан кешсеңиз, мен сизге бар ўақыяны айтып беремен, — депти.

— Айт! Кештим, — депти патша.

— Тақсыр, бизлер үш ағайили жигит едик. Атам бизлерге «дүнья танысын, дослар көбейсин, жақсы-жаманды танысын» деп, барлық дүньясын үшеўимизге бөлип берип жиберип еди. Бизлер аўылдан шығып, көп еллерди аралап, сизиң елиңизге келгенде, Қудайқул қарақшы ағаларымды алдап, олардың бары-жоғын тартып алып, өзлерин жоқ етип жиберди. Мен ағаларымның қуны ушын оған өзиниң еткен ҳийлесин етип, бар дүньясын алдым. Сизге тийисли мал-мүлкти өзиңизге қайтараман. Мен буны сизге сабақ болсын деп ислеп едим, — депти.

Патша жигиттиң ақылына ырза болып, оны сол жерде өзине ўәзир етип тайынлапты. Жигит көп ўақыт өтпей, сонша дүньяны алдырып қойып, үйине бос қайтыўға арсынып жүрген ағаларын да таўыпты. Олар аман есен елге келип, ата-анасын сарайға жақын жерге көширип әкелип, қалған жағында тыныш, татыў өмир кеширипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӘЎМЕТЛИ ДИЙҚАН
(Р-448. № 176391)

Бир дийхан өгиз бенен жер айдап жүр екен. Жерден бир гүзе алтын зомп етип шыға келипти. Ол алтынды алыўға қорқыпты. Сөйтип, узағырақ жерде егин егип атырған бир адамды шақырыпты. Ол адам келипти. Алтын таўып алған дийхан келген адамды шақырған менен расын айтқысы келмей:

— Мына өгизди он теңге, ал, мына өгизди он бир теңгеге алыпты. Усы рас па? — депти сасқанынан сөз таппай.

Келген адам:

— Мен қайдан билейин? — деп кетип қалыпты.

Дийхан қуўанғанынан жүрегин баса алмай, жаңағы адамды және шақырып алыпты.

— Мына жерди үш суўғардым, ал, мына жерди төрт суўғардым, усының қайсысы қанық? — деп сорапты және расын айтқысы келмей.

Келген адам:

— Буны ырасында да жин урған екен, — деп ашыўланып кетип қалыпты.

Дийхан кеште алтынды күнлик шапанның ишине орап, қуўанышы қойнына сыймай «буны патшаға апарып берип, сыйлық алайын» деп үйине келеди. Ол күнлик шапанға оралған алтынды үйине дүрс етип таслады да, далаға шығып кетти. Сол ўақытта дийханның ҳаялы шапанның ишиндеги алтынды алып, орнына үлкен билеў қайрақты салып қайтадан орап қояды.

Дийхан ертеңине шапанды қолтықлап патшаның алдына барыпты.

— Не арзың бар! Айт! — депти патша дийханға.

Сонда дийхан:

— Арзым шапанның ишинде, тақсыр, — депти.

Патша шапанның ишиндеги билеў қайрақты көрип:

— Мынаўың не, заңғар?! — деп жекиринипти.

Сол ўақытта дийхан:

— Тақсыр, бул қайрақты биреўлер қырық ағары, биреўлер сийсери шығады деди. Соның менен сизге қайсысыники дурыс екенин төрелетиўге келдим, — деп жуўап берипти.

Хан буған ашыўы келип бир жайға қаматып:

— Буны өлтириў керек, — деп, түтинлик салып пысқытады.

Сол ўақытта дийхан патшаға қарап биринши рет шашын сыйпайды, екинши рет бөркин көрсетеди. Патша дийханның бул ислегенин көрип:

— Сен туўған анадан мен де туўдым, сен болған әкеден мен де болдым дегени екен. Қой, мен буған азап бермейин, — деп дийханды босатып жибереди.

Дийханның ҳаялының ақыллылығы менен табылған байлық үйинде қалыпты. Олар сол алтынларға жай, ат сатып алып, мурат-мақсетине жетипти.

## КӨРЕГЕН БАЛА
(Р-63, № 34661)

Бурынғы бир заманда Хорезм ўәлаятында ата-анасы жоқ жетим бала болыпты. Мәканы күндиз жолдың бойында, түнде тоғайда еди. Ҳеш ким үйине қондырмайды, оғада азапта еди.

Күнлерден бир күн жол бойында бала отырғанда бир топар адам келди. Оларға бала сәлем берди.

— Бул балаға сизлер не бересиз? — деди бир адам басқаларына қарап.

— Өзиңиз не бересиз? — деди олар.

— Мен балаға қарадым ғой, — деди жаңағы.

Негизинде булар Бахыт, Дәўлет, Қызыр, Билим ҳәм Ақыл еди. Олар усыларды айтты да, кетип қалды.

Сол күни үлкен бир бай Бухарға баратыр еди. Балаға көзи түсип:

— Маған қосшы боласаң ба? — деп сорады.

— Болайын, аға, бирақ, мениң де өтинишимди орынлайсыз ба? — деди бала.

— Ҳаў, жолдас болған соң, жол бирликте болады, — деди бай.

— Онда кеттик, — деди бала оның изине ерип.

Узақ жол жүрип, Бухарға да барды. Бала байға:

— Мына байлар затларын сатып болғанша сиз сатпай турсаңыз, — депти.

Бай «яқшы» деп сатпады. Бай жүктиң басында қалды. Бала түйе бағып кетти.

Ол түйе бағып жүрип бир гөне жайдан көп алтын таўып алды. Байға көрсетиў ушын ярым қап



www.ziyouz.com kutubxonasi

алтын алып келди. Байға айтпай шаққысын баяғы қайрақ тасқа қайрап отырды. Сонда бай турып:

— Қолындағы нәрсе алтынға усайды ғой! — деди.

— Усы алтын ба? Мен буны қайрақ деп шаққы қайрап отырман-аў, — деди бала жортаға.

— Буны қайдан алдың? — деп бай сорады.

— Бай аға, қырық түйеге жүк болады. Мына жолдасларыңыз қайтқан соң бир ҳәптеден кейин қайтайық, себеби алтын артсақ шатақ болар, «түйелерим аўырып қалды» дейсең, илажын өзим қыламан, маған қырық тебен таўып бер, — деди бала.

Жүклерди адамлар сатып болған соң сатып еди, үш есе артық баҳасына өтти. Енди хеш нәрсе алмай, жолдаслары қайтпақшы болды. Бала түйелердиң дизесине тебен сукты. Барлығы да ақсақ болды. Бала жолдасларына «түйелердиң аўҳалы усындай» деди.Оннан кейин жолдаслары қайтып кетти. Олар қайтып кеткен соң түйениң дизесиндеги тебенди алды. Солай етип, қырық түйеге алтын-гәўҳар жүклеп қайта берди. Аман-саў Хорезмге келди.

Арадан бир неше күн өткеннен кейин бай балаға:

— Сени патшаның қызына үйлендиремен, — деп сарайға барды. Бай патшаға ойындағы мақсетин айтты. Патша ойласып:

— Қызымның қалың малы сегиз гәўҳар, соны бересең, — деди.

Бай «яқшы» деди. Үйине келип, он алты гәўҳар алды. Кейин патшаның алдына келип:

— Патшаның қызын пуқараның баласына айттырғаным ушын айыбыма еки гәўҳар, мына гәўҳар қалың мал ушын, алты гәўҳар басқа кәделер ушын, — деди.

Күнлерден бир күн бай менен бала қызды узатып алыўға сарайға барды. Күйеўди үйге киргизди. Қыз қасында көзин жумып уйқылаған болып ояў жатыр еди. Жигитке қыз үңилди, сол ўақта жигиттиң мурнына ийттиң сүтиниң ийиси келди. Қолын сермеп еди, қыздың мурнына тийип, мурны қанады. Сол жердеги адамлар:

— Күйеў бала қызды урып, мурнын қанатты, — деп патшаға жеткерди.

Патшаның ашыўы келип жигитти шақырып алып:

— Сен не ушын қызымның мурнына урдың? — деди ғәзепленип.

— Ата, ол былай болды, көзимди жумып жатыр едим, ийттиң сүтиниң ийиси мурныма келди, қолымды сермеп едим, қызыңыз маған үңилип турған екен, сермеген қолым мурнына тийип кетти. Урайын деп урғаным жоқ, абайсыздан тийди, — деди бала.

— Сонда ийттиң сүтиниң ийиси шықса, бизиң қыз ийт болғаны ма? — деди патша ғәзеп пенен.

— Аўа, тақсыр, қызыңыз ийтти емген, болмаса ийттиң ийиси шығыўы мүмкин емес, — деди бала.

Сол ўақта патша ҳаялын шақырып алып болған аўҳалды айтты. Патшаның ҳаялы:

— Бул гәп ырас. Балаларым өле берген соң, өлмейди деген соң, ийтке емизип аўызландырған екен, — деп жуўап берди.

Жигиттиң сыны рас болып шығып, патша уялып қалды. Баяғы жетим бала патшаның оң қолына айланып, ўәзир болып, ҳүкимдардың қызына үйленип, мақсет-муратына жетти.

## ЫҚЫРАРЫН ЖОЙҒАН ҲАЯЛ
(Р-89. № 24617)

Ерте заманда бирин-бири жүдә тәўир көретуғын ерли-зайыплылар өтипти. Олар тири жүргенде бир-бири менен ықырарласыпты. Ықырар ўәдеси: қайсысы бурын өлсе, өлмей қалғаны дүньядан үйленбей, ерге тиймей өтиўи тийис болыпты. Күнлерден бир күни еринен бурын ҳаялы қаза таўыпты. Ери ўәде-ықырар бойынша бар дүньясын ишип, талапты қойыпты. Ҳаялының қәбириниң басында қуран шығып жата берипти. Айлардан ай, жыллардан жыл өтипти. Жигиттиң кийимлери де тозыпты. Напақасы да таўсылыпты. Күтә жаман аўҳалға ушырапты. Сондай қыйыншылықта та қыйналмастан, ҳаялына қуран шығып отыра берипти. Жигиттиң сүйиспеншилигине қудайдың да рәҳими келипти. Жигиттиң ҳаялын тирилтипти. Екеўи де қуўанғаннан жылап қосылыпты. Ери:

— Бул турысымызда бармайық, елге жек көринишли боламыз. Мен аўылға барып кийим әкелейин, — деп кетипти.

Жигит кеткеннен кейин сол әтирапты патшаның аң аўлап жүрген баласының алдынан қашқан қоян ҳаялдың гөрине қарай қашыпты. Патшаның баласының көзи гөрден шығып отырған сулыў ҳаялға түсипти. Патшаның баласы аларман, ҳаял тийермен болыпты. Ҳаял ерине берген ықырар-ўәдесин ери өлмей-ақ бузып, патшаның баласы менен қашып кете берипти.

Жигит келсе, ҳаялы жоқ. Күтә қапа болыпты. Оны излеп кете берипти, ҳәр кимнен сорап, ҳаялының

www.ziyouz.com kutubxonasi

патшаның баласына ҳаял болып атырғанын билипти. Сол патшаның елине барып, патшаға ҳаялын алып бериў туўралы арзы етипти. Барлық болған ислерди айтыпты. Патша:

— Ертең сизиң ҳаялыңыз екенлигине гүўа таўып келиң, — депти.

Жигит кимди гүўа етерип билмей ҳайраны шығыпты. Ол усылай турғанда жигиттиң қасына сақалы шала-буўрыл болған бир ғарры келип:

— Мени гүўа етеғойың, — дейди.

Ол Қыдыр әлайҳиссалам екен. Жигит ертеңине гүўасы менен патшаға барыпты. Патша баласын, келинин алдырыпты. Келининен:

— Мынаў сениң некели күйеўиң бе еди? — деп үш мәртебе сорапты.

Үш ретте де:

— Бундай адамға жүзим түскен жоқ, көргеним жоқ, — деп ўәдесинен тайыпты ҳаял.

Қыдыр әлайҳиссаламның қатты кәҳәри келипти ҳәм қудайға налыс етипти. Әзирейил келип, турған жеринде ҳаялдың жанын алыпты. Жигит ҳаялынан кеўли қалған соң, қайтадан үйленип заўқы-сапа сүрипти. Соңғы ҳаялынан бала-шағалы болыпты. Мал-дәўлетли болып дүньядан өтипти.

## ҲИЙЛЕКЕР УРЫ

(Р-89. № 24617)

Бурынғы заманда бир ғарры менен кемпирдиң үш баласы болыпты. Үлкениниң аты Ырза, ортаншысы Мырза, кишкене баласының аты Төре екен. Балалар ержеткенде ғаррысы да қартайып өлер ҳалатына жақынласыпты. Ғарры балаларын сынап көрмекши болып, үш баласын қасына шақырып алып:

— Балаларым, қайсысыңыз маған ҳарамнан сорпа ишкизер екенсиз? — депти.

Сонда балалары «мен ишкиземен, мен ишкиземен» деп жабырласыпты. Ғарры турып балаларына:

— Сизлер маған ҳарам сорпа ишкизежақ болсаңызлар, анаў ағаштың басындағы уяда ҳәккениң мәйеги бар. Ол мәйекти ҳәккеге билдирмей әкелип бериңлер, — дейди.

Буған үш бала да қайыл болады. Ең дәслеп мәйекти алыўға үлкен баласы Ырза кетеди. Ол уяға жақынласқанда ҳәкке сезип қойып, мәйекти алдырмайды. Буннан кейин ортаншы баласы Мырза кетеди. Ол ҳәккеге билдирмей барып, туўайын деп атырған ҳәккениң астындағы мәйекти билдирмей алады. Усы ўақта кишкене бала Төре де уяға барып ортаншы ағасына ҳәм ҳәккеге билдирмей, ортаншы ағасы мәйекти алып атырғанда Төре оның путындағы ыштанын сездирместен шешип алыпты. Сөйтип булар ғаррысына келип өзлериниң ислерин баянлапты. Ғаррысы Төрениң оғада ҳийлекер уры болатуғынын абайлапты. Енди ғаррысы балаларын ҳарам сорпа таўып келиўге жибереди.

Дәслеп үлкен баласы кетеди. Ол ҳеш нәрсе таўып келе алмайды. Буннан кейин урлыққа ортаншы баласы кетеди. Ол биреўдиң ылағын урлап келеди. Буған ғаррысы онша ырза болмайды.

Урлыққа енди ең кишкене баласын жумсайды. Төре ел аралап жүрип, бир патшаның шәҳәрине келеди. Қалада бес-алты күн жүрип, патшаның ғәзийнеханасының қай жерде екенин билип алғаннан кейин оған урлыққа түседи. Ғәзийнеден көтергенинше алтын, дүнья алып әкесине әкелип береди. Буны көрген ортаншы ағасы Мырзаның ары келеди де, сол патшаның ғәзийнесине түспекши болып, жолға раўана болады. Бирнеше күн жол жүрип, баяғы патшаның елине келеди. Күндиз ғәзийнениң қай жерде екенин билип, түнде урлыққа түсиўге бел байлайды.

Ғәзийнеден айрылған патша ғәзийнехананың ишинен айналдыра желим жағып, дузақ салып қоятуғын болады. Бул ҳийледен Мырзаның ҳеш хабары болмайды.

Түн болады. Мырза ғәзийнехананың дийўалын тесип, ишине түседи. Сол ўақта оның аяқ-қолы ҳәм кийимлери желимге жабысып қалады. Олай жулқынып, былай жулқынып жүрип басы дузаққа илинип қалады.

Бул аўҳалдың болатуғынын Төре билетуғын еди. Ағасының изине келип қараса, оның өлгениниң үстинен шығады. Көп ойланып турмастан Мырзаның геллесин кесип алады да, бир жерге апарып көмеди. Себеби геллени жасырмаса, ким екенин патша сезип қоятуғын болады.

Ертеңине азанда патша ғәзийнеханада бир адамның қуры геўдесиниң жатырғанын көреди. Бул кисиниң ким екенин айыра алмайды. Патша қасына ўәзирлерин шақырып алып:

— Бул кисиниң ким екенин қалай билиўге болады? — деп сорайды.

Ўәзирлеринен ақыллылаў биреўи:

— Патшайым, бул кисиниң ким екенлигин билиў ушын мынадай ҳийле ислеў керек. Бул геўдени адам көп жүретуғын үлкен гүзар жолдың ортасына апарып таслаў керек. Ким-ким геўдени таныл, қушақлап жыласа, сол адам бул геўдениң әмеңгери болғаны. Оны билиў ушын еки жағында еки

www.ziyouz.com kutubxonasi

пашшап жасырынып турыў керек, — деп ақыл береди.

Бул ақыл хәммеге мақул түседи де, сол күни-ақ гейдени гүзар жолдың ортасына апарып таслайды.

Жолдағы гейдениң хабары арадан көп узамай-ақ Төрениң анасының қулағына шалынады. Ол Мырзамның я Төрениң гейдеси шығар. Баламның биреўине қатар болған екен, балам өлген болса, басына барып, өз көзим менен көрип, бир дебдиўимди шығарып қайтайын деп, жолға шығады. Кетип баратырса, алдынан Төре шығады. Кемпир баласына қайда баратырғанын айтады. Сонда:

— Апа, сен гейдени барып көрмекши болсаң, әдеп қаладан онлаған мәйек сатып ал. Сөйт те гейдеге бара бер. Гейдени таныйғойсаң, қолыңдағы мәйекти жолға тартып ур да, дебдиўиң басылғанша жылап ал. Патшаның адамлары сени услап алар. «Неге жылайсаң?» деп сорар. Сонда оларға: «Мәйегим түсип кетип сынды, соның ашыўына жылап едим» деп жуўап бергейсең, — дейди баласы.

Анасы Төрениң айтқанындай, қалаға барып он мәйек сатып алады да, гүзар жолда жатырған гейдеге келеди. Қараса, өз баласы Мырза екенин таныйды да, қолындағы мәйекти жерге тартып урып, даўысының барынша ўай-ўай салып жылап алады.

Буны патшаның қойған адамлары көрип, кемпирди услап алады.

— Неге жылап отырсаң? — деп сорайды олар.

— Мына қолымдағы мәйеклерим жерге түсип кетип, соның ашыўына шыдамай жылап отырман, — деп жуўап береди кемпир.

Кемпир бул жерден аман қутылып, иштеги дебдиўин шығарып үйине қайтады. Патша болса сол гейдениң ийеси табылмағанына қапа болып отыра береди.

Арадан бир неше күн өткенде Төре астына бир жағы қараға боялған, бир жағы ақ пенен боялған бир атқа минип, жолдағы жатырған туўысқанының сүйегин алып қайтады. Патша енди баланы излейди. Биреўлер қара атлы десе, биреўлер ақ атлы деп, оның ким екенин хешким анық айта алмайды. Сөйтип патша бул урыны таба алмай-ақ қояды.

Бир күни Төре сол патшаның желмаясын урлап, кемпир-ғаррысына сойып береди. Патша бул қарақшыны бурынғыдан бетер излейди.

Қалаға жар урдырады. «Кимде-ким сол урыны услап берсе, оған өзинин турпатындағы алтын беремен» дейди. Бул хабарды сол елдиң бир мәстан кемпири еситип, патшаның алдына барады хәм душпанын услап беретуғынын айтады. Патша оған рухсат етеди.

Мәстан кемпир ел аралап, Төрениң үйине барады. Төре үйинде жоқта кемпирди алдап, түйениң етинен бир асымдай алып, патшаның алдына қарап қайтады. Жолда мәстанның алдынан Төре шығып, желмаяның етинен алып баратырғанын сезип, мәстанды сол жерде жай етеди.

Патшаға келетуғын мәстан болмады. Урының ким екенин таба алмады. Патша урыны табыў ушын тағы да бир хийле етип көреди. Ол мынадай еди. Патшаның оймақ аўыз, қара көз, тал шыбықтай таўланған бир сулыў қызы бар еди. Ерекше отаў тигип, сол қызының бир өзин отаўға салып қойып, сырттан қараўыл қойыў, кимде-ким усы отаўға түнде келсе, соның уры болғаны. Төре буны сезди де, қаладағы қассапшыдан бир асым гөш алды, сөйтип ол қассаптың гөш узатқан қолын кести де алды. Күн батып қас қарайған мәхәлде қыздың отаўына барып, қыз бенен таңның алдына дейин сәўбет қурады. Таң атып киятырғанда Төре отаўдан шығады да кете береди. Қараўыллар буны көрип изинен жуўырады. Сол ўақта Төре қассаптың кесип алған қолды оған тута салады. Қараўыл да бир қолға ийе болып қала береди.

Патша ертеңине елиниң барлық адамын алдынан өткереди. Сөйтип баяғы қолы жоқ қассапты услап алады. Бирақ оның ҳақ екенин сезип, оған зыян бермейди. Бул ретте де нағыз урыны таба алмайды.

Ақырында патша: «Кимде-ким усы сумлықларын жасырмай айтып берсе, оған қызымды беремен» деп қалаға жар урдырады. Себеби, бул қарақшы тегин адам емес, ақыллы адамның қолынан ғанан ондай ис келеди деп ойлаған еди.

Сөйтип, Төре патшаға өзи барып, барлық ўақыяны жасырмай айтып береди хәм патшаның қызына үйленип, мурадына жетеди.

## ЗЕРГЕР ҲӘМ ОНЫҢ ҲАЯЛЫ

(Р-89. № 24617)

Бурынғы заманда Хийўа шәҳәринде аты шыққан бир зергер болыпты. Оның айтыўлы сулыў қатыны бар екен. Булар өмиринше татыў турады екен. Сол зергердиң жигирма алты жылдан бери қумына суў қуятуғын бир суўшысы бар екен. Бир күни баяғы суўшы зергер базарға кеткенде оның үйине арбасын жегип келипти. Қумына суўды толтырып болып, зергердиң сулыў хаялының билегинен услап, қолын

www.ziyouz.com kutubxonasi

қатты қысып, ҳаялдың бетине қарап жылмаңлап бир күлип қойыпты. Ҳаял буған ҳайран болып, жигирма алты жылдан берги суўшыдан бундай исти көрмеген соң, ишинен:

— Суўшыны қудай урды-аў, бунның да бир себеби бар шығар, — деп, суўшыны алдастырып үйинен ысырып салыпты. Кеш болған ўақта зергер дуканын илип үйине келеди, хаялы оннан:

— Шабазым, усы бүгин ҳәр ким көрген ҳәдийсени жасырмай айтқайлы болсын. Көрген-билгенин ҳәр ким жасырса, бир-биримизге талақ болсын, — дейди.

Бул сөзге зергер «жақсы, айтқайлы болсын» деп келисим береди ҳәм екеўи шәрт байлайды. Сөйтип зергер ҳаялға сол күнги көргенин айтады.

— Бүгин Хийўаның базарын бир ҳаял аралады. Ол базарға тәрип болды, сулыўлығы базарды естен айырды. Сол ҳаял алдымнан ҳәр ўақ өткенде оның сын-сымбатына, жүзимнин суўындай жүзине қарап зейним аўып кетти. Бүгин бир жақсы билезик соғып едим, соны алдыма жайып қойғанымда сол ҳаял келип, оған қардар болды. Билезикти ҳаялға берип турып, өз қолымнан онын билегине билезикти салдым. Билеги аппақ екен. Билегин қатты қысып жиберип едим, кеўлим әллеқандай болып кетти, — дейди.

Буны еситкен қатыны:

— Сен ол қатынның билегин қысып атырғанда суўшы келип, менин қолымды уўқалап, зейни аўып атыр еди. Суўшыдан жигирма алты жылдан берли көрмеген исимди көрдим, мен де хайран болып отыр едим. Сеннен «не көрдиң?» деп сорағаным да сол еди. Енди ырза болдым, кеўлимдегини айттың, «ешек қағыспаның есеси, ешек қағысыў менен қайтады» деген сол екен. Екеўимиз тен болған екенбиз, — дейди.

Сөйтип зергер баска ҳаялға көз салмастай болыпты.

## ҚУЎ ЖАЎЫРЫН

(Р-22а. № 82401)

Бир заманларда бир адам жол менен кетип баратырып бир қуў жаўырын көрипти. Қуў жаўырынды алып жолдан илгери жүре береди.

Жолдан жаўырынды таўып кетип баратырса, алдында бир үйди көреди. Сол үйге барып кирсе, бир соқыр ҳаял бир етли жаўырынды асып писирип атыр екен. Қуў жаўырыны бар адам жаўырынын сол қазанға салыпты. Қазанда асылған етли жаўырын пискеннен, баяғы соқыр хаял келип қазанды түсиреди. Сол арада қуў жаўырынды салған адам соқыр хаялға даў салады.

— Етли жаўырын меники, — дейди.

Соқыр хаял:

— Етли жаўырын меники, — дейди.

Бирақ қуў жаўырыннның ийеси соқыр ҳаялға зорлық етип, қазаннан етли жаўырынды алып кете береди. Соқыр хаял қуў жаўырынды услап қала береди.

Етли жаўырыны бар адам жүрип киятырса, алдынан көп қой баққан шопанлар шығады. Ол шопанларға:

— Мен сизлерге мына таяр писken етли жаўырынды берейин, сизлер бир қой берин, — дейди.

Шопанлар жаўырынды алып етин жеп тойып алып, жаўырын ийесине бир қой береди. Ол койды жетелеп бир қойлы байдың аўылына келип, байдын үйине қонатуғын болыпты. Бай менен сөйлесип:

— Мына койымды кайда кояман? — дейди.

— Қойдың ишине косып жибер, — дейди бай.

— Көп кой мениң бир койымды жеп қояр.

— Қойды қой жегенин қайда көргениң бар? Қойдын ишине жибере бер, — дейди.

Қонақ қойын көп қойға қосып, өзи қонақ болып үйде жатады. Түнде ҳәмме уйқылап қалғанда қонақ орнынан турып, корадағы өзиниң қойын услап сояды, гөшин жер қазып көмеди. Қанын тоғыз қойдың аўзына жағады. Солай етип, қайтадан орнына келип жатып уйқылай береди.

Азанда бир қойлы қонақ ҳәм бай бәри орынларынан турады. Бир қойлы адам байға:

— Мениң ақшам сизиң қойға қосқан қойым барма? — депти.

— Қойың жоқ, — дейди бай.

— Көп кой мениң жалғыз қойымды жеп қойған ғой, — деп бир қойлы қонақ зар жылайды.

Бай қойды кой жеди дегенге хеш инанбай, бир қойлы қонаққа:

— Аўызы қанлы кой болса, сен ала ғой, — дейди.

Бир қойлы қонақ түндеги өзи аўызын бояған тоғыз қойды, аўызы қан деп байға көрсетип ала береди. Бай хеш нәрсе айта алмайды. Бир қойлы қонақ енди тоғыз қойды айдап кете береди.

Бир қойлы адам тоғыз қойды айдап киятырса, алдынан бир өлген қызды алып киятырған адамлар шығады, булар өлген қызды көмейин деп баратыр екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Тоғыз қойды айдап киятырған адам:

— Мен сизге тоғыз қойымды берейин, сиз маған мына өлген қызды бериңлер, — дейди.

Қызды көтерип киятырған адамлар куўанысып, өлген қызды тоғыз қойға сатып қайта береди. Тоғыз қойлы адам қойларын берип алған өли қызды арқалап кете береди.

Өли қызды арқалап бир бой жеткен қызы бар үйге келди. Бул адам үйге кирип баратырған да қарсы шығып киятырған қызға соқлығысып, арқасындағы қызды түсирип алады. Соннан «қызды өлтирдиң» деп даў салып, сол үйдиң қызын алады. Солайынша қуў жаўырынды қой етип, жалғыз қойды тоғыз етип, тоғыз қойды өли болса да бир қыз етип, өлген қызды тири қызға алмастырып, хаял етип алды. Соннан кейин өзине өзи қанаатланып:

— Қуў жаўырыным — етли жаўырыным, етли жаўырыным — бир қойым, бир қойым — тоғыз қойым, тоғыз қойым — өли қыз, өли қызым — тири қыз, айланайын сары қыз, — деп, сөйтип бетинен сүйип алған екен.

## БОЯЎШЫ БАЙ

(Р-89. № 37578)

Бурынғы өткен заманда бир бояўшы болыпты. Өмиринше бояў ислеп сатып, мийнетине жараса күн көриси жақсыланыпты. Ҳәттеки, сол кәсип-кәри менен байлыққа ийе болады, дүньясы жер көкке сыймай кетипти. Сонлықтан да ол Бояўшы бай аталыпты. Оның хаялы, бир улы ҳәм бир қызы бар екен.

Бир күни ол хаялы менен ойласып, балаларын оқытыў ушын Қарамолла дегенге хабарласыпты. Оған дүньясының үштен бир бөлимин бермекши болып келисипти.

Бояўшы бай байыған сайын динниң жолына басын тиге берипти. Бай дүньясын екиге бөлип, бир бөлегин өзинде қалдырып, ал, бир бөлеги менен Кәәбаға барып қайтыўды ойлайды. Әне, бай ойланып, Кәәбаға өзи, хаялы ҳәм баласы үшеўи баратуғын, ал, қызын үйинде қалдырып, сыртынан қулпырып, гилтин Қарамоллаға тапсырып кететуғын болыпты.

Бир күни бай, хаялы ҳәм баласы ели менен хошласып, жолға раўана болыпты. Енди булар бул кетистен кете берсин. Ендиги сөзди Қарамолладан еситиң.

Қарамолла бояўшы бай кеткен соң көп узамай әри-бери жатып ойланыпты. Байдың қызын унатып қалыпты. Қыз бенен жақын болыўдың жолын излепти. Сол күни басына мынадай ғана ой сап ете қалыпты: «Байдың қызына барсам, Кәәбадан әкеңнен хат келди, десем, хатында «бизлердиң тилегимиз қабыл болмады, сонлықтан да, моллеке, сен қызымды ал, сөйтип некесин қыйып, хабаршыдан тез хабар жибер. Сол хабар бизге тийсе, тилегимиз орынланады» деп жазыпты десем, қалай болар екен?!». Моллаға бул ой оғада унады. Қызды алдаўдың түрли жолына түсип, бир қағазға жазылған хатты қызға алып келип, өзиниң ойын айтыпты. Сол ўақта қыз молланың ойына түсинип, оған ҳийле табады. Ол моллаға:

— Егер мениң некемди қыятуғын болсаң, елди жыйна, бир қойды сойып, той бер, — депти.

Молла елди жыйнапты да, үлкен той жасапты. Той тарқағаннан кейин Қарамолла қыздың жанына жақынламақшы болады. Қыз молладан қорққанынан сарайдың басына шығады. Молла да қыздың кейнинен сарайдың басына зәңгиден өрмелеп баратырғанда қыз зәңгини ийтерип жибереди. Сол ўақта молланың аяғы сынады. Бул азаптан кейин молла ишинен тынып, бояўшы байдың келиўин күтип, үйине барып жатады. Ал, қыз сарайды иштен қулпырады да жайдың ишинде бола береди.

Бир күни, бай Кәәбадан киятыр, деген хабар келипти. Бул хабарды есите сала молла байдың алдына шығып:

— Тақсыр, қызыңыз сиз кеткен соң жаман жолға түсип, сарайдың жән-жағы жигитке толып кетти. Оннан соң қызға «бундай әдетти қой» деп айтайын деп барғанымда, мине мына аяғымды сындыртты. Қызыңдан усындай азап көрдим, — дейди молла.

Сол ўақытта бояўшы бай қатты ашыўланып:

— Ондай қызы қурысын, мениң көзим көрмесин. Үйге мен бармастан бурын оны қустың қанаты, аттың туяғы жетпейтуғын шөлистанға апарып тасла, — деп қасындағы баласына буйырады.

Бала әкесинен қорқып, қарындасын бир узақ сахралыққа апарып таслайды.

Қыз ел жоқ сахралықта жалғыз өзи қалады. Бахтына не ушырасса да қайыл болмақшы болып, жылап жүре береди. Арадан бир күн өтеди. Сөйтип жүргенде басқа бир елдиң патшасының баласы қырық жигити менен қус салып жүрип, қыздың жылап жүргениниң үстинен шығады. Жигит бул қызды көриўден ашық болып қалады ҳәм елине апарып, қыздың некесин қыйып, өзине ҳаяллыққа алады. Екеўи қосылғаннан кейин арадан бир жыл өткенде бир уллы болады. Бала жети жасын толтырып, сегиз жасқа шығып, балалар менен асық ойнап, қатарларының асығын утса да алады, утылса зорлық етип алады, бермегенинен басып алады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир күни зорлық көрген бир бала бул балаға:

— Сениң ананды даладан таўып алған, — депти.

Бала бул сөзди еситe сала анасына айтады, анасы күйеўине айтады. Буннан кейин балаға:

— Сениң дайыларың бар, сени анаң менен дайыңа жиберип аламан, қапа болма, — деп баласын жубатады.

Ханның баласы әкесинен рухсат алып, анасының қасына баласын, қырық жигит пенен ең жақсы бир ўәзирди қосып төркинине жибереди.

Жолда кетип баратырып баяғы «жақсы» деп жүрген ўәзирдиң кеўли хаялға аўып түседи де, оған өлермен ашық болады. Узақ жол басқаннан кейин олар бир жерге қонады. Сол түнде ўәзир билдирмей қырық жигитти өлтиреди хәм хаялдың уйқылап атырған жерине барып, оған қол салады. Сол ўақытта хаял:

— Егер де маған шын ашық болсаң, мына жалғыз баламның көзинше қол салғаныңды қой, буны өлтирмегенше мен саған исенбеймен, — дейди.

Буны айтқаны, баланы өлтирмейди ғой деп ойлаған еди хаял. Бирақ ол ойлағанындай болмады. Ўәзир хаялдан жаңағы сөзди еситиўден перзентиниң басын шаўып таслады. Баласы өлгеннен кейин хаял не болғанын билмей талып қалады. Есин жыйнап қараса, ўәзир бас ушында отыр екен. Хаял ўәзирди тағы алдай баслайды.

— Мен енди сеники болдым, мына баламның күйиги басылсын, таң атсын, меннен ғам жеме, — деп ўәзирдиң кеўлин еритип, еплеп уйқылатып таслайды да, өзиниң минип шыққан атына минеди де, бул жерден хайт қояды.

Хаял кете берсин. Азанда ўәзир орнынан турып қараса, қасында хаял жоқ. Қатынның қашып кеткенин билип, елине қарай бул да кетеди. Өлдим-талдым дегенде елине барып хаялды ханның баласына жаманлайды. Бул сөзге ханның баласы инанбайды да, астына бир тулпарды минип, хаялын излеп жолға шығады.

Бояўшы байдың қызы сол кеткеннен кетип, әкесиниң қой бағып жүрген шопанына ушырасады. Ол шопанға атын хәм кийимлерин берип, оның орнына шопан болып, қойларды бағып қала береди.

Бир күни қой бағып жүргенде күйеўи атлы келип, бояўшы байдың үйин сорайды. Ол хаялын танымайды. Хаял сыр бермей жол силтейди. Патшаның баласы бояўшы байдың үйине қонақ болады. Қонақ бай менен сөйлесип атырғанының үстине шопан болып жүрген бояўшы байдың қызы кирип барады. Буны әкеси де, күйеўи де, үйдеги басқа отырған адамлар да танымайды. Сонда турып қойшы шопан:

— Мен сизлерге бир ертек айтып берейин деп келип едим, — дейди.

Үйдеги отырған адамлар «айтса айтағойсын» деп оған ертек айттырады. Сондағы шопанның айтқаны усы ертек екен. Ертекти аяқлар-аяқламастан-ақ әкеси өзиниң қызы екенин, оның гүнасыз екенин сезип, қызының мойнынан қушақлап, жылап қоя берипти. Күйеўи де не болғанын билмей сасып қалыпты. Қызына аман-саў қосылған бояўшы бай сол заматында бузақы молланы услап алып, көпшиликтиң ортасында шерменде етип өлтирипти. Қыздың күйеўи елине қайтып келип, душпанлық еткен ўәзирдиң жазасын берип, хаялына қосылып мурат-мақсетине жетипти.

## ТАЎСЫЛАЖАҚ ДЕМ, ҒАЙБАНА ЕМ

(Р-565, № 176508)

Бурынғы ўақытта бир жигит жазылмас аўырыўға шатылыпты. Ол нешше тәўипке барыпты. Қайсысына барса да, хеш айықпапты. Ақыры атайы бир тәўиптиң атын еситип, соған барыпты. Оны тәўипке өзинен үлкен ағасы алып барыпты. Тәўип жигитти қарап болып, басын шайқайды да:

— Аўырыўыңның еми жоқ, азғана күн өмириң қалды, демиң таўсылып турған екен. Енди буған сүттен басқа тамақ бермең, сол ғана аз күнлик өмирине даўа болсын, — деп жуўап береди.

Олар салысы суўға кетип қайта береди. Аўылына қайтып келгеннен кейин аўырыў жигиттиң үйи бир жаққа көшетуғын болады. Олар жигиттиң бул аўырыўдан тәўир болмайтуғынын билгеннен соң:

— Сен бәрибир өлетуғын жансаң, сени бәлеге қалып алып жүргенше, усы жерде қала бер, — деп жигитти жақсылап жатқарыпты да, қасына қабақ толы сүт қойып кетипти.

Үйи көшип кеткеннен кейин жигиттиң қабағының қасына бир қара жылан жақынлап келеди де, сүттен ишеди хәм бир заманнан кейин ишкенин қайтадан қайтарып таслайды. Жыланның қайтарғысы менен араласқан сүт баўырдай уйып қалады. Ашырқаған жигиттиң буған көзи түссе де, оны ишкиси келеди. Бирақ диңкеси қурып оған жете алмайды. Ол дым болмаған соң қасынан бир қамыс алады да, оннан түтик ислеп, қабақтағы сүтти соның менен сорып ишеди. Ишип көрсе, уўыздай болып уйып қалған сүттиң дәми өзгерип қалған екен. Азғантай жутады да, қайтадан жатып қалады.

Кеселбент жигит күнде сол әдетин қайталап, әбден ашыққан ўақытта қабақтағы сүттен азырақ жутып турады. Жигит кем-кемнен тәўир болып, бетине қан жуўыра баслайды. Әри-бериден кейин тикейип жүргендей болады. Бир күнлери толық саўалып шығады. Өзиниң кәддин тиклеген жигит көшип кеткен үй-ишиниң изинен кетеди. Бирнеше күнлерден соң аўылына да барып жетеди. Жигиттиң тәўир болыўынан әллеқашан-ақ үмитин үзген аға-инилери буны саў-саламат көрип ҳайран қалады. Олар қайтадан жыласып көриседи.

Туўған инисин жападан жалғыз қалдырып кеткенине өз-өзинен ыза болған ағасы:

— Бизди тәўип алдады, «бул адамнан гүдерилеринди үзе бериң, үмит етпен» деп еди. Сол сөзди айтқаны ушын тәўипти өлтирип келемен, я өзим өлип келемен, — деп иниси менен екеўи қолына шоқпар алып тәўипке кетипти. Тәўипке келип сондай шәрт қойып киятырғанын айтады. Сонда тәўип:

— Азмаз сабыр етип турың, үкелерим, мен сизге оны бастан-аяқ айтып берейин, — деп оларды сабырға шақырады.

— Бул жигиттиң деми питкен еди. Кеселиниң еми адамзаттың қолынан келмейтуғын еди. Соның ушын ол жақларын мен сизге айтқан жоқ едим. Оның еми мынандай, баста айтқанымдай оның қасында қабақ турыўы тийис, қабақтағы сүтке қара жылан келиўи керек ҳәм ол сүттен ишип, оны қайтарып қусып тасласа, ол сол жерде уйыса, оны бул жигит қамыс түтик пенен күнде сорып ишип жатса, әне сонда ғана буның еми болады. Ондай болмағанда, буның кеселиниң еми жоқ,— дейди.

Аға-инилиер сонда ғана тәўиптиң көрегенлигине көзи жетипти ҳәм бул илаҳий адамның дурыс мәсләҳәт бергенин тән алыпты. Қайтадан қуралған ағайинлер татыў-татлы турмыс кеширип, мурат-мақсетлерине жетипти.

## БИЛГИР ШОПАН
(Р-49, № 66)

Әййемги заманда бир ғарры менен кемпир болады, өзлериниң нәрсеси жоқ, өлермен аш болып, тек жалғыз баласы болыпты. Бала он-он беске келгенше кемпир менен ғарры әлпешлеп асырайды. Бала ержетип, бир байға шопан жүреди. Шопан қой-ешкилерин бағып, қыя майданда жүрсе:

— Мен өлдим, маған адам баласы болсаң, қол бериңлер, — деген даўыс шығады.

Даўыс қаяқтан еситилди екен деп, аң-таң болып қарап турса, даўыстың бир қудықтан шыққанын сезипти. Қудықтың қасына барып ишине үңилейин десе, аўзы үлкен тас пенен бекитилген. Түбинде шырқыраған бир ҳаял:

— Мени шығарып алыңлар, мен мүсәпирмен, — деп бақырады.

Шопан бир аз ойланып турады да, «Қой бул болмас, бийшараны биреў душпанлық пенен, өлсин деп қудыққа таслаған шығар, не де болса, шығарып алайын» деп ойлапты. Ешкилерден, қойлардан жүн қырқып, узын арқан еседи. Қудықтың үстинен тасты алып қойып, ҳаялға арқанның ушын жибереди.

— Ал, усы арқанның ушын белиңе беккем байла, еки қолың менен арқанды усла. Мен сени тартып аламан, — дейди.

Ҳаял арқанды белине байлап еки қолы менен беккем услайды. Шопан ҳаялды сыртқа шығарып алады. Қараса, сын-сымбаты келискен бир жас келиншек екен.

— Кимсең? Сени ким қудыққа таслады, айыбың не? — деп сорапты.

— Мен бир жарлының ҳаялы едим, әке-шешем бир байдың баласына атап қойып еди. Мен оның менен кетпей, бир жарлының баласы менен қашып кетип едим. Кейнимнен байдың баласы қуўып келип, күйеўимнен зорлық пенен тартып алып, усыманға келгенде мына қудыққа таслап, аўзын тас етип бекитип кетти, — депти ҳаял.

Шопан келиншекти қудыққа таслап кеткен адамлардың түр-түсин, қаяқтың адамлары екенин, ҳаслы-затын сорап алады да, келиншекке:

— Жөнекей сен бизиң үйге бар, үйде бизиң кемпир-ғарры бар, солар менен таныс, бизиң ғаррыға айт, мениң қасыма тез жетсин, — депти.

Келиншек кеткен соң узамай-ақ шопанның әкеси келеди. Шопан қой-ешкилерди әкесине таслайды да, «Мен дәрриў қайтаман» деп өтә кетеди. Әкеси түсинбей ҳайран болып қала береди.

Шопан бир неше күн жол жүрип, бир елге барса, көп адамлардың бир жерде топланып турғанын көреди. Барып қараса, еки адам гүресип атыр екен. Бир ҳаял гүресип атырған еки адамның биреўиниң аяғының астына күл, екиншисиниң аяғының астына тары шашып жүр екен. Шопан олардың биреўин ол жаққа, биреўин бул жаққа ийтерип, гүресті тоқтатыпты. Буған қарап турғанлардың ашыўы келип жигитке дәпинипти:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әй, не қылған адамсаң, неге гүрести тоқтатасаң, оларда не исиң бар? — депти.

— Сизлер билмейсиз, ана ҳаялды шақырың, сорайық. Гүресип жүрген адамлардың екеўи де бирдей адам. Не ушын мынаның аяғының астына тары, ананың аяғының астына күл шашады, — депти.

Адамлар хайран болып, гүрес те тоқтапты. Тары менен күлди шашып жүрген ҳаял шопанның қасына келипти. Шопан оған қарап:

— Сен не ушын усындай етип жүрсең? — деп шопан оннан үшинши мәртебе сорағанда:

— Дурыс, сен бир ақыллы бала екенсең, мениң нийетимди билдиң, ендигисин сорамай-ақ қой, — деп күлипти.

— Яқ, мен билген менен, мына адамлар буған түсинбей тур, хәмме билсин, — депти.

Ҳаял ләм-лим деп хеш нәрсе айтпайды. Шопан адамларға қарап:

— Әне, көрдиңиз бе? Үндемей турғанынан аңлаң! Гүресип атырған екеўдиң биреўи жарлы, биреўи бай, мынаў ҳаял да байдың қызы, жарлының аяғының астына, тайып жығылсын деп, тары шашып жүр, сизлер соны абайламадыңыз, — депти.

Бул сөзге биразлар ашыўланады, биразлар қуўанады. Гүреске жыйналған адамлар екиге бөлинеди. Сөйтип қәпелимде жәнжел басланып, биреўлердин қолы сынады, биреўлердиң көзи шығады. Баланың сөзин қуўатлаўшылар көбейеди. Ақырында баланың тәрепдарлары женеди. Жаңағы ҳаял дүрре урылып жазаланады.

Бир нешше күнлерден кейин усы жердеги ҳаяллар:

— Бизлер гүрес туттырып тамаша етип атырғанымызда, бир бала келип шырышымызды бузды, жыйналған адамларды екиге бөлип, төбелестирди, бир ҳаялды дүрре урғызып жазалатты, — деп сол елдиң патшасына арыз қылады.

Патша арызды еситкеннен кейин, «бул бир әхмийетсиз, әйтеўир даў екен» деп, кеўил аўдармайды. Айқаны болмағаннан кейин, арзагөйлер хеш нәрсеге ерисе алмай кетип қалады.

Жигит және жолын даўам етеди. Жолда ол бир кемпирдин үйине қонақ болады. Ол кемпирдиң үйинде қонақ болып отырып, өзиниң жолға шыққандағы мақсетин кемпирге айтып береди. Кемпир оны тыңлап болып:

— Излегениң бизиң патшамыздың баласы, қудыққа тасланған қыз онын пәтия етип қойған қалыңлығы еди. Патшаның жиллисымақ баласын кәлемей, бир жарлы менен қашып кетип еди. Патшаның баласы кейнинен барып зорлық пенен тартып алып, қудыққа таслап келип еди, — депти.

Сонда шопан жигит:

— Патшаның сол баласы хәзир қайда, ҳәм оны қалай көриўге болады? — дейди.

— Мен көрип келейин, егер ол усы жерде болса, оны көриўине жәрдем берейин, — деп кемпир үйден шығып кетеди. Көп узамай-ақ кемпир қайтып келип:

— Балам, бизиң патшаны қудай ғарғапты, ол «жасы алпыстан өткен ғарры кемпирлерди өлтириң» деп буйрық берипти. Мен де жазықсыз өлетуғын болдым, — деп кемпир қатты қыйналыпты.

Жигит сонда оған:

— Жылама, кемпир! Мен бунын шарасын табаман, — депти.

Жигит патшанын алдына барып, «елге жаў киятыр» деп ғалаўыт салыпты. Патша ҳаўлығып, ели-журтын жыйнап, жаў-жарағын сайлап, урыс майданына атланады. Жигит те оларға қосылыпты. Қайнаған ыссыда олар узақ жол жүрипти. Алдынан хеш туў көтерген жаў шықпапты, қатты шөллеген әскерлер жутым суў таба алмай, патша ақылдан сасыпты. Сол ўақта баяғы жигит:

— Патшайым, суў табыўдың жолын бизден бир көйлек бурын тоздырған кекселер биледи, — депти.

Сонда патша жигитке:

— Ондай болса, қайдан болмасын я ғарры, я бир кемпир тап. Қулласы, солардың ақылы менен суў тап, — деп әмир етипти.

Жигит ертеңине патшаның алдына айланып келип:

— Патшайым, бир өгиз табың, сол өгиз суў таўып береди, — дейди.

Сөйтип, жигит бир өгизди алдына салып айдай береди. Бир жерлерге барғанда, жаңағы өгиз бир түп жантақтың түбин аяғы менен тырнап, мөңирейди. Жигит сол жерди қазса, суў шығыпты.

— Саған бул ақылды ким үйретти, кимнен билдиң? — деп сорапты патша шопан жигиттен.

— Мен, — деп сөз баслапты жигит, — буны ғаррылардың берген ақылы менен еткен едим. Олардың бизге жүдә керек екенин, сизге билдириў ушын «елге жаў киятыр» деп алдаўға мәжбүр болдым, бир қасық қанымнан кешиң, патшайым, — депти.

Патша қатты ойланып қалыпты. Берген пәрманына пушайман болыпты. Қайтып киятырып патша жигитке:

— Бир әңгиме айт, жолымыз қысқарсын, — депти.

— Патшайым, көргенимди айтбайын ба, билгенимди айтайын ба, ямаса еситкенимди айтайын ба? — депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Патша ойланып турып:

— Бәринен де айта бер, — депти.

— Не де болса, еситкенимнен айтайын, — деп, патшаның баласы ҳаққында сөз қозғапты:

— Өткен ўақытта бир патша болған екен, патшаның бир баласы болыпты. Бир күнлери оған бир жарлының қызын айттырыпты. Қыз патшаның баласын кәлемей, өз сүйгени менен қашып кетипти. «Аты жүрмеген арбасының арысын төбелейди» дегендей, ол қызды қашып барған жеринен зорлық пенен тартып алып, қуў майдандағы бир қудыққа таслап кетипти. Оның бул исин халық мақулламай, «ертеңги күни усындай адам елге патша болса, халымыз не кешеди» деп қатты қайғырған екен.

Патша сөз өз баласы ҳаққында екенин билипти. Сарайына қайтып келгеннен кейин баласынан бар ҳақыйқатлықты айтып бериўди талап етипти. Ҳақыйқатлықты билген патша жаза сыпатында баласын тахтқа мийрасхорлықтан маҳрум етипти ҳәм ақыллы шопан жигитти өзине ўәзир етип алыпты.

## СОРЛЫ ГЕДЕЙ

(Р-22а. № 82401)

Қарақалпақтың ишинде, бурынғы ерте заманда бир ғарры адам бар еди. Ол ғарры гедейдиң, баласы жоқ, тек бир кемпири бар. Кемпир-ғарры екеўи, мал дегеннен бир ешеги бар еди. Сол ешек пенен отынға барып, қалаға отын әкелип сатып аўқат қылып жүретуғын еди.

Ғаррының отынға барыўдан, отын әкелиўден басқа бир жумысы — ҳәр күни қудайдан мың тилла бериўин сорайды, сөз арасында «мың тилладан бир тилла кем берсең, алмайман» дейтуғын еди.

Күнлерден бир күни ханның бир тыңшысы ғаррының усы тилегин еситип, ханға барып айтыпты. Ханға тилла көп, оған ермек керек, хан қайыр-сақаўат болсын деп, бир күни мың тилланы бир гүзеге салдырып, баяғы ғаррының отын алып жүрген жерине, қырдағы жантақ-жыңғылдың арасына көмдиреди, бирақ ишинен бир тилласын алып қалады.

Ғарры күндеги жумысын ислеп, ешеги менен барып отын шаўып жүргенде бир гүзе тилланы табады. Ғарры, тилланы қудай берди, тилегим қабыл болған екен, деп санайды. Санап көрсе, бир тилла кем. Ғарры санап болып:

— Бир теңгеси кем мың тилланы берген қудайдың бир теңгеси болмай ма, оны да берер, — деп тоңқылдап, тилланы алмай үйине қайта береди. Буны ханның тыңшысы тыңлап турған екен. Ғаррының табылған тилланы алмағанын, кем болған бир тилла туўралы не дегенин ханға келип айтады. Хан, ғаррының тилеги дурыс екен деп, тағы бир тилланы толтырып береди.

Ғарры үйине келип, ашыўланып отыр еди. Қоңсы бир жас жигит келип ғарры менен сөзге алысып, екеўи урысып қалды. Жәнжел үстинде ғарры қудайдан мың тилла сорағанын, оның бир тилла кем бергенин, оны алмай таслап кеткенин жигитке айтып қойды:

— Сен барып соны алағой, — деди.

Буған жигит исениңкиремей турып ғаррының отын алатуғын изи менен жүре берди. Ғаррының отын алатуғын жерин барып бир түп жантақтың түбинде турған гүзени көрди. Гүзени ашып қарады. Ондағы тиллалар бул жигиттиң көзине бақа-шаян болып көринди. Жигит буны көрип:

— Маңлайы қара, бул ғарры мени алдаған екен, — деп гүзени қулағынан тутып, ғаррының үйине келип, үйдиң жабығынан тилланы төгип жиберди.

Ғарры азанда турып қараса, үйдиң иши толған теңге екен. Ғарры қарап турып, қудай енди бир тилланы толтырып берген шығар деп, кемпирин жулқылап турғызып екеўлеп санады. Дурыс бир мың тилла болды. Ғарры кемпирине:

— Пияда жүре-жүре көзим ағарды, бир ат алайын, — деди.

— Атың қурысын, мен көптен берли ағарған ишпей, қырқулақ болдым, бир-еки сыйыр алайық, қатық ишип адам болайық, — деди.

Ғаррыны кемпир жеңип, сыйыр алатуғын болды. Ғарры мың тилланы қойнына салып қалаға жүрип кетти. Қаланың дәрўазасына барған жерде, қайыр сорап турған бир қәлендерди көрди. Қәлендердиң қолында бир шийшеси бар, ғаррының кеўли сол сырлы шийшеге аўды, сатып алмақшы болды. Ғарры:

— Қәлендер, маған шийшеңди сат, — деди.

— Сатпайман, сениң алыўға күшиң жетпейди, — деди қәлендер.

— Баҳасын айт, — деп ғарры қоймады.

— Мың тилласы болмаса, буған хеш кимниң күши жетпейди, — деп қәлендер ғаррыны көкирегинен ийтерип жиберди. Ғарры пәтленип келип қойнында турған мың тилланы қалтасынан шығарып:

— Мине, мың тилла! — деп қәлендердиң басына салып қалды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мың тилланың даўысын еситкеннен кейин соқыр қәлендер ғаррыны тутып алып:
— Мынаў маған зорлық қылды, — деп бақыра берди.
Солкәрада адамлар жыйналып келди.
— Мениң мың тилламды тартып алды, маған зорлық қылды усы адам, — деди.
Жыйналғанлар бул екеўин жетелеп ханға апарды. Хан екеўин қатар қойып олардан:
— Тилла кимдики? — деп сорады.
— Тилла меники, — деди қәлендер.
— Жақ, меники, — деди ғарры.
Патша екеўинин айтқанын тыңлап, ғаррыға:
— Сен бунша пулды қайдан алдың? — деди.
— Өмирим бойынша қудайдан бир мың тилла сорап едим, соны маған кеше жабығымнан таслап кетипти, — деди.
Патша:
— Мың тилланы сен қайдан алдың? — деп қәлендерден сорады.
Қәлендер:
— Мениң қатын, балам жоқ, өзим соқыр қәлендер мүсәпирмен. Пүткил өмирим бойынша жыйнаған тиллам еди, — деди.
Хан тыңлап турса, тилланың түп дереги өзине белгили, ғаррының сөзи ырас. Ырас болса да, сөзиниң жүйеси жоқ. Қәлендердики өтирик, өтирикте болса да, сөзи уйқасып тур, соның ушын патша ойлап турып төрелик берди. Ол ғаррыға:
— Саған қудай тилла берген болса, қудайдың тилласы көп, оннан сорап аларсаң. Қудай саған тағы берер, — деп, қәлендерге қарады да: — Тилла сеники, — деди.
Ғарры маңлайына урып жылай-жылай далаға шықты. Қәлендердиң кейнине түсти. Қәлендер сол күни бираз қайыр сорап, азырақ тамақ кәрежетин алып қосына қайтады. Аңлып турған ғарры оннан алдынырақ келип есик түбинде турды. Соқыр қәлендер келип, есикти таяғы менен ашып кирейин деп атырғанда ғарры зып берип бурын кирип кетти. Бир мүйешке барып жата қалды. Қәлендер жайына кирип от жағып, қазанын асып, қосығын айтып хош кеўил болып, енди тилланы санайман деп қолына алды. Қақшып ойнап еди, ғарры келип қағып алды. Сөйтип тағы орнына барып жасырынды. Қәлендер қақшыған тилланы тутаман деп олай-булай сыйпанып қарады. Қолына хеш нәрсе түспеди. Қәлендер дөгерегин сыйпалап қарайды, тилла жоқ. Соннан қәлендер «ўай-ўайды» салады. Бул жайда келип жатқан басқа да қәлендерлер бар екен. Қоңсы жайдағы қәлендерлер келеди.
— Ҳә не болды? — дейди биреўи.
— Бүгин бир аңсат тилла таўып едим, мың тилла еди. Қақшып ойнап отырған жеримде жоқ болды, ўай-ўайым — соның қапашылығы, — дейди.
— Сондай да бола ма екен? Бизде хәм мың тилладан бар. Бизлер оны қолымыздағы хасаға қуйдырып, таянып жүремиз, хешкимге бермеймиз, — дейди.
— Олай болса, кәне, хасаңды берип туршы, мен көрейин, — деди бир соқыр қәлендер.
Қәлендер берейин деп хасаны созғанда ғарры келип тағы оны қағып алды. Барып тағы орнына турды. Бираз отырғаннан кейин ҳасасын берген қәлендер қайтадан сорады, екинши қәлендер алмағанын айтты.
— Сен өзиң қалай-қалайсаң? Ҳасамды бер, — деп шаўқым шығарып, еки қәлендер төбелеспеге қарады. Бул еки қәлендердиң шаўқымына үшинши қәлендер келди. Булар келген қәлендерге болып атырған аўҳалды айтып берди. Келген қәлендер:
— Па, сондай сөз болып па?! Бизлер тилланы шапанымыздың арасына салып тигип саклаймыз, — деди.
— Ҳаў, бай аға, шапаныңды бизге берип ал, көрейик, — деди бир қәлендер.
— Сен мени де алдағың келген екен, — деп шапанлы қәлендер шапанын бермеди. Бирақ қәлендер жорасы қоймай сораған соң, берейин енди деп усынғанында, шеттен қарап турған ғарры шапанды тағы қағып алды. Сөйтип бираз отырғаннан кейин шапанын усынған қәлендер шапанды сорайды. Оның алдындағы қәлендер ҳасасын сорайды, солай етип қәлендерлер бири бирине:
— Бәрекалла, не деп отырғаныңыз, мен шапан алдым ба? Бермедиң ғой, — дейди.
Енди биреўи:
— Мен ҳаса алдым ба, не деп отырсаң? — дейди.
Қәлендерлер сөйтип шаўқым шығарып төбелеспеге қарайды, бирин бири ура баслайды.
Ғарры дым үндеместен жылыслап, кейин жүрип, соңынан жуўырып, көп тиллалы болып кемпиринин қасына қайтты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## СЫҚМАР БАЙ
(Р-89. № 24617)

Бурынғы өткен заманда Орман бай деген болыпты. Оның Әдилбай атлы бир баласы бар екен. Байдың бес жүз жылқысы, үш жүз түйеси, он бесмың қой-ешкиси болса да, буған қайыл болмай, малым тағы да көбейсе екен дейди. Орманбай барып турған сықмар екен. Баласы Әдилбайды жигирма жасқа келгенше малын көзи қыймай үйлендирмейди. Баласының жалғыз өзи бес жылқысын отарда бағып, отыз жасына шығыпты. Әкеси сонда да баласына қыз алып бериўди ядына алмапты. Жылқы бағып жүрген отарда Өтебей деген адамның үйи болып, оның жалғыз қызы ер жетипти. Әдилбай кем-кем ол үйге үйир болып, кешке дейин жылқы бағып, кеш болғанда сол Өтебайдың үйине келип жатады. Бир күни Орманбай, жылқыны балам қалай етип бағып жүр екен, өз көзим менен көрип қайтайын деп, күн батқанда отарға келеди. Келип қараса, жылқылар дағып кетипти, баласын хеш жерден табалмайды. Бес қасқыр бир ғунанды талап атырғанын көреди. Сол күни бай күйип-жанып, әрманлық пенен таң атқарады, азанда баласы Өтебайдың үйинен шабыўыллап киятырғанын көреди. Орманбай баласының алдына шығып мынаны айтады:

— Жалғызым, тилге гедей, малға жоқсаң,
Мүлкимди өртейтуғын жалын-шоқсаң,
Дүньяда, балам, неден кемисиң бар?
Жылқыңда күндиз барсаң, түнде жоқсаң.

Сонда баласы:
— Атасы бир ядына алмаған соң,
Анықлап бир нәзерин салмаған соң,
Жылқымда күндиз барман, түнде жоқпан,
Баланның бир мақсети болмаған соң.

Сонда бай:
— Жалғызым, әдетиңе қуўанбайман,
Қасқыр алған ғунанға жубанбайман,
Жылқыма шының менен көзиңди сал,
Жылқы малым көбейсе, уялмайман.

Сонда баласы:
— Семиздиң майы тамар шоқлығынан,
Байлардың алтын шығар боқлығынан,
Жалғызың жылқыларға жете алмай жүр,
Былқылдақ бир төсектиң жоқлығынан.

Сонда бай:
— Балам-аў, ол сөзиңе уялсаңшы,
Жылқының алды-артын жыйнасаңшы,
Жылқымның саны асса, қалың төсек,
Қыз алғанша, қуранды билип алсаңшы.

Сонда баласы:
— Әлемге атың шыққан Орманбайсаң,
Баланнан хабарын жоқ, кеўлиң жайсаң,
Бес жүз жылқы, үш жүз түйе хәм қойың бар,
Балаңа қалың байлап, қыз алмайсаң.

Сонда бай:
— Хан қасында болады қара метер,
Тағы да дәўран сүрип ханлар өтер,
Жалғызым, жаман сөзди айта гөрме,
Елиў қой, елиў түйе әўере етер.

Сонда баласы:
— Жүректен ашық зары кетермекен,
Әрман менен отыз жасым өтермекен,
Бес жүз жылқы, үш жүз түйе, көп қой болып,
Жалғызына бир қыз таўып әпермеген.

Сонда бай:
— Балам-аў, усы сөзди қойсаң нетер.
Әлемди усы сөзиң жайлап кетер,
Қыз айттырып қызлы үйге бара ғойсам,
Қалың малды көп айтып әўере етер.

Сонда баласы:
— Атажан, жалғызыңа салмасаң сер,
Бес жүз жылқы, үш жүз түйең басқа жетер,
Мен ушын қалың малды аўырсынсаң,
Дүньяда жалғыз балаң бойдақ өтер.

Сонда бай:
— Жақпайтуғын сөзиңди айтып турма,
Қызлы үйге мойын бурып, алаң болма,
Жылқы толса бир мыңа, хаялын сол,
Қайдағы суўық сөзди ядыма салма, — дейди.

Бай баласына урысып-урысып үйине қайтып кетеди. Әдилбай қайғы-қапада атасына ырза болмай, жылқысын бағып қала береди. Сөйтип, сықмар бай баласына усындай сықмарлық етип, Әдилбайдың өмирин босқа өткерипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БАЙ МЕНЕН ЖАРЛЫНЫҢ ҚЫЗЫ
(Р-98, № 37493)

Бурынғы өткен заманда, сол заманның қәдиминде бир бай болыпты. Ол бай заўқы-сапа қылып, бир жарлының жаңа ғана ер жетип киятырған он алты жасар қызын ҳаяллыққа алады. Қыздың әкесиниң қолына хеш бир мал бермейди. Бай сол қызды ҳаял қылып отырып ҳәр күнине жазықсыз үш рет қамшы менен урады екен. Ҳәр урғанда есинен тандырып, көк-ала қойдай қылады екен. Қыз қамшыға шыдамай, еси-түсин билмей, аўзынан суў ағып кетип қалады екен. Бай кеткеннен кейин жаңағы қыз турып, байдың уратуғын қамшысын алып:

— Өлгир қамшы, тандырың шыққыр қамшы, жоқ болғыр қамшы! — деп қамшыны жерге ура береди.

Сөйтип турғанында үстине бай келип жаңағы, қызды және сабайды. Сол жүрис пенен бай бир жыл ҳаял менен жасайды. Байдың бул ҳаялы бала туўмайды. Арадан бир жыл өткен соң бай ҳаялын «туўмайды» деп үйинен қуўып жибереди. Жас ҳаял байдың уратуғын қамшысын жасырып алып кетеди. Сөйтип жылап-еңиреп қыз бийшара әкесиниң үйине келеди.

— Неге қайтып келдиң, қарағым? — деп әкеси қыздан сорайды.

— Мени өлгир ғана тәккабыр бай ҳәр күни үш рет дыр қамшысы менен урады. Және мениң жазығымды айтып, гүнамды мойныма қоймайды, тек болғаны жөни жоқ, жосағы жоқ, урып-урып етимди көк-ала қойдай қылды. Тула бойымда қамшының тиймеген орны жоқ. Пүткиллей өлер халға келдим, — деп қыз әкесиниң алдында көрген хорлықларын айтып жылайды.

— Қарағым, сени қуўып жибергениниң себеби бар ма, я өзиң қашып кеттиң бе? Және бизди қазыға апарып, сорымызды қайнатып жүрмесин, — дейди әкеси.

— Маған бай «сениң келгениңе бир жыл болды, бир жыл толғанда қандай қатын болса да туўады. Сен туўмайсаң, дүньядағы бир жамансаң» деп қуўып салды. Тапқан бәнесиниң болғаны сол.

— Балам, залым байдың таяғын жеп, хорлығын көрип жүргеннен, дийўана болып жүрген жақсы, өлсек, дийўана болып өлейик, — дейди де, олар екеўи биргеликте дийўана болып кетеди.

Әкеси менен қызына аўқат табыў қыйын болады. Олар елди гезип ала дорбасын арқалап жүре берсин. Ендиги гәпти баяғы тәккаббыр залым байдан еситиң.

Залым бай қызды қуўып жибергеннен кейин күндеги қызды урып жүрген дыр қамшыны жойтады. Әри-бери излеп таба алмаған соң қолына таяқ алып, күндеги қумар тартатуғын әдети бойынша жер сабалайтуғын болады. Мезгилине он еки таяқтан, бир күнде үш рет жер төбелегенде отыз алты таяқ сындырады екен. Бай қамшысын таба алмай, оған таяқ та жетпейтуғын болады. Аўылдағы дийқан жарлылардың бел дәстесине дейин, шопанлардың қайқы таяғына дейин сындырып қоймайды. Ақырында тәккабыр бай хеш нәрсе таба алмайды. Бул байдың өзиниң бир төрт дәрўазалы мал қамайтуғын ҳәреми бар екен. Соның төбесиндеги ағашларын да сындыра береди. Оны да таўысады. Алыўға зат таппайды. Баяғы қамшыны таба алмағанлықтан бай қазыға барады. Қазыға өзиниң жиберген ҳаялының дыр қамшысын алып кеткенлигин ҳәм оған шара қолланыўы туўралы арыз етеди.

— Бай жора, қостарың қандай шаңарақтан еди? — деп сорайды қазы.

— Тек бир әкеси бар еди,тақсыр, — дейди бай.

— Әкесин де, қызын да қул қылып берсем, не бересең? — дейди қазы.

— Қазы тақсыр, не тилесең, соны беремен, — дейди бай.

Буны еситкен қазы пүткиллей йошып кетеди ҳәм байдың ҳаялын излетеди, бирақ, хеш таба алмайды.

Бир күни байдың үйине қазы келеди. Бай менен қазы сөйлесип отырғанда бай:

— Қазы тақсыр, мен мына үлкен ҳәремниң төбесин сындырып болдым-аў, — дейди.

— Оны неге сындырып жүрсең? — дейди қазы ҳайран болып.

— Жер төбелеў менен сынды, — дейди бай.

— Қой, жер төбелегенде де бәри сына ма? — дейди қазы.

— Жоқ, гәпим ырас, қазы тақсыр, инанбасаңыз, жүриңиз, барып көрейик, — дейди бай.

Соннан кейин тәкаббир бай менен қазы екеўи айтқан орынға барады. Дәрўазасының алдына барған ўақытта бай алды менен ишке киреди. Кейнинен қазы да киреди. Сонда қазы «ырас екен» деп ояқ-буяғына қарайды.

— Жүр, кетейик, — дейди бай.

Қазы артына бурыла берген ўақытта жайдың пәтиги ҳәм дийўалы олардың үстине қулап түседи. Сол жерде кесектиң астында қалып бай менен қазы сеспестен қатады. Қазының шыбын қорыў ушын қолына алып жүрген үйрек бас зигириги қазының қапталында жатып жылан болып шығады. Қазы менен тәкаббир байдың жайы, дүнья-мүлки жарлыларға қалады. Дийўана болып жүрген қыз ҳәм оның әкеси де келип дүньядан пайын алып, мурат-мақсетине жетеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТАҲИР ҲӘМ ЗУХРА
(Р-80, № 50411)

Бурынғы өткен заманда бир патша болыпты. Онын ең жақын ўәзири болыпты. Булардың ул-қыздан хеш перзенти болмапты. Булар қартая баслапты. Сөйтип жүрип патша менен ўәзир, биреўимиздин хаялымыз ул туўса, биреўимиз қызлы болсақ, екеўин қосып, қуда болайық, деп келисипти.

Күнлердиң күнинде патша қызлы болады, ал ўәзир уллы болыпты. Қыздың атын Зухра, улдың атын Таҳир қойыпты. Булар жети жасына келгенде мектепке оқыйды. Таҳир менен Зуҳра бир мектепте оқып жүре береди.

Таҳир он бир жасқа шыққанда әкеси қайтыс болады. Ол өлер алдында баласына патша менен ўәделескенлигин айтады.

Бир күни Таҳир мектептен киятырып, Зуҳраға әкесиниң патша менен ўәдесиниң бар екенин айтады.

— Әкең патша болғанды,
Бақ, дәўлет қус қонғанды,
Сизди бизге бермеге,
Әкең ўәде қурғанды, —депти.

Таҳирдың бул сөзи патшаның елине барып, оннан кейин патша еситеди. Буннан кейин патшаның қатты қәҳәри келип, Таҳирди жети жыл зинданға салып жибериўге буйырады. Патшадан ҳәмир болғаннан кейин алпыс ләшкер келип, Таҳирды алдына салып айдайды. Сонда Зуҳра Таҳирға:

Алпыс ләшкер оңында,
Таҳир жүрген жолында,
Қызыл гүллер ашылғай,
Бүлбүл болғай муңласың,
Қыдыр болғай жолдасың, —

деп Зуҳра зар жылап үйине қайтып кетеди.

Арадан бир неше жыллар өтип кетеди. Зуҳра мектепке қатнағанды қояды. Бир күни әйнектен қарап турса, бирнеше кәрўанның өтип баратырғанын көреди. Зуҳра сол кәрўанларға қарап:

— Көшпекен, кәрўанбекен,
Дәртлиге дәрманбекен,
Мен Таҳирим жойыттым,
Таҳирден хабар бармекен,

Сонда кәрўанбасы айтады:
— Көш те көп, кәрўан да көп,
Дәртлиге дәрман да көп,
Сен Таҳириң жойытсаң,
Таҳирде әрман да көп.

Бул хабарды еситкеннен кейин Зуҳра Таҳирде әрман көп екен деп муңайып отырып қалады. Арадан жети жыл өтеди.

Бир күни Зуҳра уйқылап атырғанда Таҳир келип:
— Зиндан шектим жети жыл,
Рәҳәт бергей ийшалла,
Оян Зуҳра султаным, — деп оятады.

Таҳирдың келип Зуҳраға ушырасқанын патша еситип, Таҳирды өлим жазасына, ал Зуҳраны сандыққа салып ләрьяға ығызып жибериўге буйырады. Таҳир өледи. Зуҳраны дәрьяға салып ығызып жибереди.

Бир күни еки жигит қус салып жүрсе, дәрьядан ығып киятырған сандықты көреди. Екеўи сол жерде сандықты алғаннан кейин, биреўи сандықты, екиншиси ишиндегисин алыўға келиседи. Сандықты ашып қараса, ишинде жас баласы бар бир хаялды көреди. Зуҳра сол жигиттиң биреўине тийеди, баласының атын Шыңғыс қояды Шыңғыс өгей әкеси менен келиспей, қаладан шығып кетеди. Зуҳра Шыңғыстан кейин тийген жигиттен еки балалы болады.

Ендиги гәпти Зуҳраның әкеси патшадан еситиң. Зуҳраның әкеси патша өлип, ели-халқы жыйналып, орнына әдил патша сайламақшы болады. Оның менен елинен ҳешқандай адам табылмайды. Соннан кейин Таҳирдың баласы Шыңғысты гөзлейди. Зуҳраны таўып алып, баласын сорайды. Зуҳра баласы Шыңғыстың кеткен жағын силтеп жибереди. Бирнеше күн излеп Шыңғысты таўып алып сайлайды. Шыңғыс әдил патша болып, анасы Зуҳраны алдырып мурат-мақсетине жетеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АҚЫЛЛЫ ҚЫЗ
(Р-98, № 42923)

Бурынғы өткен заманда бир бай адамның баласы болыпты.

Бир күнлери ол баласын шақырып алып:

— Балам, үйленсең есик көргенине үйленбе, бесик көргенине үйлен, — деп нәсият етипти. Перзенти оның айтқанына түсинбей бир сықмар байдың қайтып келген қызына үйленеди. Келини үй ишине жаранып, атасы да келинин өз қызындай жақсы көрип қалыпты.

Күнлерден бир күни дүньядан өтеринде келинине:

— Мен өлемен, мениң бир төле теңгем бар еди. Әне, соны тек саған айтаман. Балаға билдирмегениң мақул. Балам бийталап. Мен өлгеннен соң маллардан айырылып, ишерине тамақ таппай, «енди не қыламан?» деп тарыққан ўақытта көрсет, соған дейин айтпа, — депти.

Бай көп узамай әлемнен көз жумады. Ол өлгеннен соң батпаққа батқан да, өлген де усының малы болыпты. Узаққа бармай олар ишерине тамақ таппай, тарығып отырады. Сонда ҳаялы:

— Мен қалаға барып қайтайын,-деп қалаға кетипти. Барса бир байдың баласы, өзиниң танысы дүкан ашып турған екен. Оның қасына келип, сәлемлеседи, бир-биреўинен ҳал-аўҳал сорасты.

— Мен бир еси жарым байдың баласына тийдим. Бай өлеринде маған бир төле тилләсин көрсетти. «Балама айтпа, ол бийталап, дүньяның қәдирин билмейди. әбден аш түскен ўақытта көрсет» деди. Мен саған айтыўға келдим. Екеўимизге өлгенимизше жетеди. Сол байлыққа қалай ерисиўге болады? — депти келиншек.

Дүканшы ҳайран болып:

— Ырас па? — деп сорайды.

— Ырас! — деп ҳаял ант-суў ишеди.

— Олай болса, саған ақша берейин. Ақшаға гөш, дән сатып апар. «Буларды қайдан таптың?» десе, «бир сақый дүканшы бар екен, ҳал-аўҳалымды айтып едим. Рейими келип, «қудайы» деп берди» деп айт. Әне, сөйтип арадан еки күн өткеннен сон өзин жибер, — дейди бай дүканшы.

— «Сол дүканшыны үйге мирәт ет» деп өзим арақ-шарап апарып, мәс етип, сол тилләны көремен, — деп, ҳаял алған ақшасына бай дүканшының айтқанларын сатып алып, үйине барыпты. ҳақыйқатында да, күйеўи затларды көрип:

— Буларды қайдан таптың? — деп сорапты.

— Қалада бир сақый дүканшы бар екен. Аўҳалымды айтып едим, маған рейими келип, қудайы деп ақша берди. Сен ертеңниң арғы күни сол орынға бар! Мына саўлатлы дүкан қасына барып тура бер. Өзи сезигип, танысар.Сол жигитти үйге мирәт ет. Жүдә сақый екен. Тарыққанда жәрдеми тийер, — дейди ҳаялы.

Күйеўи қалаға барып, силтеў менен мәнзилди таўып алып, дүканның қасында тура берипти. Бир ўақлары дүканшы сол ҳаялдың ери екенин билип:

— Жора, ким боласыз? — деп сорайды.

— Анаў күнги сиз ақша берген ҳаялдың күйеўи боламан, — депти жигит.

— Жүдә жақсы, кәмбағалман деген соң, жаным ашып ақша берип едим, алып барғанын таўыстың ба? — деп сорайды дүканшы.

— Еплеп жетеди-ғо, — дейди жигит.

— Мә, мынаған анаў-мынаў ал, — деп дүканшы тағы ақша береди.

Жигит пулларды алыўға тартынып, зорға алады.

— Ал, достым, себеп пенен таныс болдық. Көп жақсылық еттиңиз. Жақсы адам екенсиз. Бизиң үйге барып қонақ болып кет, — депти жигит.

Дүканшы бир-еки затларын сатып болып:

— Болады, мирәт еткен екенсең, барайын, — деп, арақ-шарап алып жигит пенен үйине қонаққа барады. Ҳаялы да жыллы жүзлилик пенен күтип алады.

Жигит үйинде отырып терең ойланады: «Сонша маған қайырқом болғаны неси? Мен буларды танымасам. Бунын бир бәлеси бар шығар. Берген шарабын ишпейин, сөйтип, аңлыйын!»

Ол усы ой-қыял менен әкесиниң шылым салатуғын қалтасын жағасына аўзын әкелип ишине бәнт етип байлап отырыпты. Аўқат писипти, шарап қуйыла берипти. Жигит бергенин ишпей бир қапталына бурылыңқырап қалтаға қуя берипти. Дүканшы өзи ишпей буған бере берипти, бир ўақлары шарап та түўесиледи. Ол жортаға мәс болып, қонақты да қағыңқырап, майданға шығып арағын төгип қайтып келеди. Үйине тентиреклеп келип, өтирикке тағы қулады. Ҳаялы:

— Масқара болдың ғой, қонақ пенен сөйлеспей майданға шықсаң, теўип өтип, көтере алмасаң, ишип не қыласаң?! Өзиңдей адам жүдә жақсы болып отыр еди, — деп тоңқылдапты.

Жигит оның жортаға күйип-писип атырғанлығын сезип, дым үндемей, тым-тырыс жата берипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир ўақытта дүканшы хаялға сыбырлап:

— Қәне, маған айтқан тилләны көрсет. Мынаўың өлгендей болып қалды, — дейди.

Ҳаял қолына шыра, дүканшы жаба алып, есигиниң алдында үйиўли жатқан самтықты аўдара баслады. Жигит те кейнинен қарап тура берипти. Азырақ ўақыт өткеннен кейин қапыны ашып төлениң ишине кирип кетипти. Ол да барып қараса, төле толы гүмис, ақша екен. Кейнинен қайтып келип, жатқан орнында мәскүнем келбетинде жата береди. Дүканшы дүньяны, байлықты көрип хаялға:

— Мениң өмирлик жолдасым боласаң, — депти.

Ҳаял дүканшыға:

— Сен кеткен соң шатақты саламан. «Маған тамақ таўып бере алмасаң жуўабымды бер» деп айтаман. Өзи-ақ руқсат береди, — депти.

Дүканшы хаял менен ўәдени бир жерге түйип дүканына кетипти. Ертеңине хаялы:

— Қәне, маған тамақ таўып бере алмасаң, руқсатымды бер! Мен кетейин, — деп жәнжел шығарады.

Сонда жигит:

— Мен қалаға бараман. Кешеги дүканшы жигитке барып, жайды алса, өзинди де қосып беремен. Әкемниң жыл асы қалып еди. Асын тарқатып, бул елден шығып кетемен, — депти батыллық пенен.

Ол солай деди де, дүканшыға барды.

— Жора, әкемниң дүнья-малы маған паян бермей, жоқ болды. Оның жыл асы бар еди. Тарқатайын десем, мал жоқ. Саған үй-үскенемниң бәрин сатсам, алсаң, қатынымды да беремен, — депти.

— Жүдә жақсы болды. Барлығын қаншаға сатасаң? — дейди жигит.

— Бәрине мың теңге болса, жетеди, — дейди жигит.

— Яқшы, — деп дүканшы мың теңгени санап береди. Жигит теңгени алып, дүканшыдан он күнге мәўлет алыпты.

— Солай етип, хаялым да сеники. Он күнге шекем әкемниң асын тарқатайын. Он биринши күн үйдиң ишинен өзим шығып кетемен. Кеткенде жайға ийелик ет, — депти.

Үйине келип, хаялын да қуўып жиберди. Өзи, әкесиниң бир жорасы бар екен, сол адамға күн-түн тынбай жүрип барып, әкесиниң қайтыс болғанын, хаялының бир төле гүмис ақшаны жасырып, басқа биреў менен байланыс жасағанын айтып береди. Оның ҳәм басқа он жигиттиң күни-түни ақыл-есин алып жүрген өзиниң жайына келип, үйде жатқан байлықты ашып, ишкери киреди. Ишинде толы шамшырақ. Иши күндиздей жап-жарық. Тез ҳәрекет етип барлық теңгени, гүмислерди қаплап, түйеге артып, жолға түседи.

Енди дүканшы айтқан мәўлетли күни питип хаялы менен келсе, төлениң иши кеўип тур. Дүканшы бирден қызып:

— Сизлер екеўиңиз тил бириктирип, мени алдамақшы болған екенсиз, — деп балта менен хаялдың басын қақ жарады.

«Әкең өлсе де, әкенди көргенлер өлмесин» деген гәп бар. Жигит әкесиниң жорасының үйине келип, сол үйдиң бир баласы болып жүре берипти. Елиниң жигитлери менен танысып, той- тамашада жүре береди.

Бир күнлери сол елдиң жигитлери:

— Бизлер ҳәр жылы қырық түйеге жүк артып, саўда етемиз, сен де бизлер менен барасаң ба? — деп оннан сорайды.

— Барсам барайын, — деп, әкесиниң жорасына келип:

— Аға, усы елдиң жигитлери менен мен де саўда етип, журт көрсем, қалай көресиз? — деп сорапты.

Ағасы бираз ойланып:

— Бара ғой, балам, — деп балаға ҳақ жол тилеп, ақ пәтиясын берди. Қырық түйеге жүк артып, сәрўаншылар менен жигит те жүрип кетеди. Көп күнлер жол жүрип, бир шәҳәрге барады. Түйелерине дем берип, өзлери де ҳәлленип алыў ушын кәрўансарайларды аралайды. Бир кәрўансарайда қолына сипсе услаған бир кемпир кәрўаншыларға қарап:

— Әне, шарбақ, таза жай, усы жерде болып саўдаларынды ислей бериң, — дейди өзгеше даўыс пенен.

Оның қандай кемпир екенлигин кәрўанлардың барлығы жақсы билер екен. Кәрўан басы:

— Кимлерди жандырмаған кемпирсең, — деп қайрылмай өте береди.

Кәрўанлардың ең кейнинде жигит киятыр еди. Оның жаңа кәрўан ҳәм жас екенлигинен пайдаланып:

— Балам, көптен бери сени күтип отыр едим. Маған пәнт берип кетти ғой. Ең болмаса сен бол, балам, — деди.

— Анаў кәрўанлар мийманхананы қымбатсынып кеткен шығар, болсам болайын, — деп жигит ойланды ҳәм түйелерин қайырды.

Сонда жолдаслары:

— Хей, жора, бул кемпир кимлерди жандырмаған дейсең! Қайрылма, бизлер менен жүр, — десе де

www.ziyouz.com kutubxonasi

тыңламай, кемпирдиң шарбағына жүклерин түсирип, конак болды. Барлығын жайластырып шай ишип отырса, кемпир пышығының жамбасынан сыйпап:

— Дәўлетим пышығым, ырысым пышығым, — дей берипти.

Сонда жигит таң калып:

— Кемпир, не етип отырсаң? Пышықтан да дәўлет, ырыс болар ма, қойсеш! — депти.

— Ҳәй, балам, сен билмейсең, бул пышықтың жамбасынан қағып жиберсем, төрт аяғын аспанға көтерип жатады. Бир аяғына шыраны қойсам, түни менен жағып шығады, — дейди.

— Исенбеймен, бир аякта да шыра жанар ма? — дейди жигит.

— Онда бәсекилесесең бе? — деп сорайды кемпир оннан.

— Бәсекилесемен, — деди жигит өшегисип.

Олар енди ортаға бир нәрсе қойып бәсекилесер еди.

Кемпир жылдам патшаның сарайына барып, еки пашшап алып келеди. Екеўи шәртлерин айтады.

Күн баткан ўақытта кемпир пышықтың жамбасынан кағып жибереди хәм шыраны аяғына қояды. Пышық түни менен қозғалмай жағып шығады.

Таң атты. Патша сарайынан келген пашшаплар пышықтың аяғынан шыраны алып қояды. Пашшап жигиттиң кырық түйе хәм барлық затын кемпирге алып береди. Кемпир мәс болып кала береди.

Жигит алып келген затларынан, мал-дүньясынан айырылып, жолдасларына барады. Жолдаслары буны еситип басларын шайқасады.

— Ҳәй, достым, ол кемпирдиң қандай екенлигин айтпадық па? Ҳәттеки патшаны да, қойы көп адамларды да алдаған кемпир ғой. Енди көп қапа болма. Ҳәр қайсымыз бир түйе заты менен беремиз. Барған соң кутыла бересең. Бизиң менен елге жүр, — дейди таныcларының бири.

— Жоқ, бармайман. Бир ўақлары «саған сондай еттик» деп бетиме басарсыз. Оннан да усы қалада қаламан, —дейди жигит. Буны еситкен жолдаслары сонша зарлапты, бирақ, жигит олардың айтқанына көнбепти. Жолдасларының сонша жалынғаны да пайда бермепти.

Сөйтип, жигит сол калада бир палаўшыға барып, өзиниң тамағын, кийимин тапқандай жумыс етип жүре берипти. Жолдаслары саўдасын етип, алатуғын затларын алып, бул жигитти излеп таўып тағы айтыпты.

— Жок, қайтпайман, — деп сол жерде қалып қойыпты.

Сонда жолдаслары:

— Ҳәй, залым кемпир, биреўди елинен айырдың-аў, — деп жигиттиң қалғанына қапа болысып елине қайтыпты.

Бир неше күннен кейин «кәрўанлар қайтып киятыр» деген даўыс елине жетип, кимниң иниси, кимниң ағасы алдыларына күтип алыўға шығады. Бул қалған жигиттиң алдына жигитке ата болған ғаррының қызы шығыпты. Барлық кәрўан бар. Бул жигит жок. Ақырында қыз келген кәрўанлардан жигиттиң дерегин сорапты. Кәрўанбасы жигиттиң сумлықлы кемпирден бәсекилесип утылғанын айтыпты. Қыз үйине қайтып, жигитке не болғанлығын, жолда бир ҳийлекер кемпирден бәсекиде утылып, дүнья-малынан айрылғанлығын, қулласы, оған тийисли хабардың барлығын айтады. Қыздың атасы, анасы қапа болыпты. Қыз ойланып турып, ата-анасына:

— Сизлер ҳеш қапа болмаң. Мениң өзим усындай ўақытта барлығын алып келип беремен. Маған көзин ашпаған тышқанның баласын таўып бериң, — депти.

Қыздың атасы тышқанның көзин ашпаған баласын алып келип берипти. Қыз тышқанның баласын өзиниң қас-қабағына үйретип, баға берипти. Қасын оңға қақса, оңға, солға қақса, солға келетуғын етипти. Қыз азырақ ымласа, жуўырып келип, жеңиниң ишине кирип кететуғын болыпты.

Келеси жылы кәрўанлар тағы сол қалаға кетпекши болыпты. Қыз хабарын еситип, атасына:

— Ата, маған сексен түйе зат артып бер. Кәрўанлар менен мен де бараман, — дейди.

Атасы дәслеп ыразы болмайды. Кейин қызының қайсарлығын билип руқсат етти де, сексен түйеге қымбат затларды артыпты. Қыз еркек кийимин кийип барып, бир байдың бир баласы болып түйелерин жетеклеп, бул да кәрўанларға қосылыпты. Кәрўанбасыға сәлем берипти. Ол да сәлемин алып, жол болсын сорапты. Бул қыз жигит орнына өзин танытпай, басқа бир елдиң атын айтыпты.

Кәрўанлар менен бирге бир неше айларда шәҳәрге жетипти. Барса, қәдимги кемпир сипсесин алып, шарбақтың астында бир шөп қоймай сыпырып, кәрўаншыларға қәдимги сөзин айтып тур. Кәрўаншылар:

— Кимлерди жандырмаған кемпирсең! — деп қайрылмай өте берипти.

Кейнинде бул қыз киятырған екен. Кемпир қызға қарап:

— Ҳәй, жигит, ең болмаса сен бол, мыналар маған пәнт берип кетти ғой, — депти.

— Болсам болайын, мама, — деп түйелерин қайырды.

Сол ўақытта кәрўанлар:

— Ҳәй, жигит, бул жаман кемпир, қайрылма, — деп ескертеди.

Қыз «тәўекел» деп шарбаққа жүклерин түсирип, шай ишип отыра береди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бираздан кейин кемпир:

— Дәўлетим-пышығым, ырысым-пышығым, — деп, пышығы менен ойнап басын сыйпай берипти.

Сонда қыз турып:

— Хәй, мама, келиспеген сөзлерди айтып тынышымды алдың ғой, қойсеш! — дейди.

Кемпир де әдеттегидей:

— Биринши сен бул пышықтың өнерин көр, кейин билесең, — депти.

— Пышығыңның қандай өнери бар? — деп сорады қыз.

— Бир жамбасынан қағып жиберсем, төрт аяғын көтереди. Бир аяғына шыраны қойсам, таң атқанша жағып шығады, — дейди кемпир.

— Кемпир мама, сондай лапты қойсеш, өзи пышық болса, ол таң атқанша шыраны бир аяғының үстине жағып шығады дегениң не? Оған мен исенбеймен! — дейди қыз жортаға.

— Айтқаныма исенбесең, онда мениң менен ортаға не қойып бәсеки етесең? — дейди кемпир сумлық пенен.

— Ондай болса, жүги менен сексен түйемди тиктим! — депти.

Кемпир де қызып кетип:

— Мен де сениң айтқаныңды қойдым. Бирақ, шәрт мынандай. Ким утылса, шатақ етпеў ушын патшадан пашшап шақырамыз, — депти.

Олар патшадан пашшап алып келеди. Күн батқан ўақытта кемпир шыраны жағып, пышығының жамбасынан қағып еди, расында да пышығы шалқасына жатып, аяғын көтерди. Кемпир шырасын аяғына қойған пайытында пышығының аяғының үстинде шыра жанып тура берипти. өзлери соқта ойнап отыра берипти. Түнниң жартысы болыпты. Еле пышық аяғында шыра жағып атыр. Қораз шақырыпты. Еле жағып жатыр. Қыз ойланады:

— Көп кешиксем, таң атып кетип, булар маған шатақ салар. Усы ўақытта әмел етип қалайын!

Ол қалтасындағы қутыдан билдирмей тышқанын алып, кемпир хәм еки пашшапқа сездирмей ым менен диййўалды жағалатып пышықтың арғы жағына жиберипти. Сөйтип отырып тағы көзиниң тасасын алмай, пышықтың үсти менен өзине қарап ымлапты. Тышқан пышықтың қасы менен жуўырып келип, қыздың жеңиниң ишине кирип кетипти. Тышқанның хабары шыққан соң пышықта не турыс. Шыраны тартып урып, тышқанды излеп, өрден-ыққа шаўыпты. Үй иши тас қараңғы болып қалыпты. Қыз хештеңе билмегенсип:

— Кемпир, дәўлетиң қайтты, пышығыңды жин урды, — депти.

Кемпир пышығын ғарғап шырасын қайтадан жағып, азанда қызға сексен түйесин жүги менен берипти.

Қыз кәрўан қатарын бир жүз алпыс түйе етип, басқа бир шарбақ таўып, жүклерин түсирип, жигитти излеп кетипти. Бир жерлерге барғанда жигиттиң бир аспаздың жанында жумыс ислеп жүргенин көрди. Бирақ, жигит ер кийиминде жүрген қызды танымайды.

— Келиң жигит, келиң, жақсы-жақсы палаў бар. Тағы да басқа тамақлар бар, қайсысын жейсең? — депти жигит.

Қыз өзин таныттпай бир бег есабында тутып жигитке:

— Маған өз атағыма жақсылап палаў писир. Оннан кейин бир өзиме бир жай тайынла, — деп, қалтасынан бир қысым теңге береди.

Жигит теңгени устазына берип атырып:

— Бул жигит бир бай жигит екен, мынадай буйыртпалар берди, — дейди.

Кейин бир өзине бир жай тайынлап берип, сол ўақытта палаўды да тайын етип, алып келип қолына суў қуймақшы болыпты. Сонда қыз қолайсызланып:

— Жоқ-жоқ, сизиң қолыңызға мен суў қуяйын. Себеби, сизиң жасыңыз үлкен, — деп қолынан ыдысын алып, жигиттиң қолынан суў алып, палаўды да бирге отырып жепти. Аўқат жеп болып қыз кисесинен тағы бир қанша теңге алып жигитке берип:

— Мынаған кешки аўқатқа жақсылап палаў писирип қойсаңыз, — деп өзи шығып кетти.

Сол жүристен өзиниң бирге келген кәрўанлары болғанша сол жайда жата берипти.

Бир күни қыз жигитке:

— Сизиң менен жөн-жосақ сорассақ мүмкин бе? — деп, кеширим сорап сөзин баслапты.

— Болады, сорай бер, — дейды жигит.

— Жақсы жигит, мен усы қалада нешше күннен бери болып атырман. Содан бери сизге пайқас етип қарайман. Сирә-сирә сизди бул шәхәрдиң адамына усатпайман. Тағы сизде шешилмеген бир сыр бар қусайды. Сизиң жүзиңиз төменге қараған. Тап уўайым-қайғыда жүрген адамдайсыз. Сиз меннен сыр сақламаң. Қандай келдиңиз, нелер себеп болып бул қалаға келип қалдыңыз? — дейди қыз.

— Меннен несин сорайсаң. Мен айтпайын, сен еситпей-ақ қой, — дейди жигит аўыр гүрсинип.

— Сиз олай демең, мен сизден сол жақларын билмекшимен. Егер сизге жәрдем керек болса жәрдем бермекшимен, — депти қыз.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит және суўық дем алып, аўыр гүрсинип болып өзиниң басынан кеширген күнлерин айтып берипти. Буны еситкен қыз:

— Аға, сиз бир ҳақ кеўил адам екенсиз. Жалғаншыдан көп пәнт жеген адам екенсиз! Менде дүнья-мал аз емес. Мен де сизиң елиңиздиң арғы жағында алты күншилик жолда жасайман. Мен қала ҳәкиминиң баласы боламан. Сизиң әйтеўир себеплер менен өз журтыңыздан айрылғаныңызға жаным ашып тур. Егер сизге уттырған қырық түйе затыңызды берсем, бизлер менен елге қайтасыз ба? — дейди.

Жигит таң қалып:

— Ондай маған адамгершилик етсең, әлбетте қайтарман, — депти.

— Олай болса, устазыңнан руқсат ал, сөйтип мениң менен жүр. Саған қырық түйе жүги менен беремен. Соларды алып, басқа бир шарбаққа түсирип, ертең азанда кәрўанлардың үстине түйелериңди жетелеп кел, биримизди-биримиз көрмегендей болып кете беремиз, — дейди қыз.

Жигит қызға:

— Бир ақыллы жигит екенсең. Маған жолдасларым да «Уттырған затларыңдай зат берсек қайтасаң ба?» деп айтқан еди. Мен буған арсынып алған жоқ едим. Егер сизден солардың көз алдында алсам, маған айтар еди, биз бергенде алмаған едиң, енди керек болды ма, деп күлер ме еди. Сиз мениң кеўлимдегини таптыңыз. Усыдан аман барсам, сизден қанша зат алсам бәрин де қайтарып төлеймен, — депти.

Қыз бул гәплерге шыдамай:

— Олай демең, отағасы. Сизге қарыз деп бермеймен. Биротала өзиңдики етип беремен, — депти.

Жигит қатты қуўанып, устазынан руқсат алып, хошласып қыз бенен шарбаққа келип, берген түйелерин алып, ертеңине түйелерин жетеклеп кәрўанларға қосылыпты.

Кәрўанлар буған ҳайран қалып:

— Ҳаў, сен еле усы қалада бар ма едиң?! Бизлер сени басқа бир шәҳәрге кетип қалған шығар деп излегенимиз жоқ еди, — депти.

Жигит қол алысып, аманлық-есенлик сорасып, өзиниң үй- ишлерин сорап, аманлығын билип, кәрўанлар менен бирге елине қайтыпты.

Бир неше күн жол жүрип, елине жақынлапты. Бир күнлик жол қалғанда қыз жигитке:

— Енди мен сизге исенемен. Мына түйелерди өзиңниң үйиңниң алдына түсир, мениң кешеги қонған жерде өзимниң ашық қызымның естеликке берген алтын жүзиги түсип қалыпты. Жүзиксиз барсам, не бетим менен ашығымның жүзин көремен. Сиз кете бериң, кейниңизден жетип бараман, — деп кәрўанлардың алдында түйелерин тапсырып, өзи кейнине қайтып жүрип кетипти. Қыз кәрўанлардың қарасы көринбей кеткеннен соң аттың басын басқа бир жолға салып кәрўанларға көринбей үйине келип, атын байлап, үсти-басын шешинип, өзиниң кийимлерин кийип, ата-анасының қолынан алып, жигиттиң киятырғанын айтып, шай ишип отыра берипти.

Әллен ўақыттан кейин «Кәрўанлар киятыр, кәрўанлар киятыр» деген хабар еситилди.

Қыз ҳеш нәрседен хабарсыздай болып, өзиниң жайына барып, нағыс тигип отыра берди. Бир гезде геўгим ўақытта сырттан «хабарлас» деген бир даўыс еситилди.

Ғарры майданға шықса, баяғы тутынған баласы екен.

— Ҳаў, балам, аман келдиң бе? — деп ҳеш нәрсе билмеген адамдай болып қуўанысты.

— Ҳә, кемпир, бала келди! — деп бақырады ғарры.

Кемпир де құшақлап:

— Аман келдиң бе, балам? — деп жигиттиң бетинен сүйипти. Қуўанышлы хабарды еситип қыз да келип:

— Аға, аман келдиңиз бе? — деп жыллы жүзлилик пенен күтип алды.

Ертеңине уллы тойды да баслап жиберди. Ғарры сол аўылдың жасы үлкенлерине:

— Мынаў мениң достымның баласы еди. Мениң ул балам жоқ, қыз балам бар. Қызымды усы жигитке беремен, — деп қызының некесин қыйыпты. Жигит қәдимги жигитти «бүгин келер, ертең келер» деди, бирақ, сол ҳәкимниң баласынан дерек жоқ. Арадан бир ай өтипти.

Бир күни жигит ҳайран қалып:

— Мына түйелердиң ийеси келмеди ғой! Аманатын тапсырыўым керек еди, — деп қәўетерге түсти.

Қыз ҳеш нәрсе түсинбегендей болып отырды. Жигит болған ўақыяларды айтты. Жигиттиң түйелердиң ийесин излеп кететуғынлығын билгеннен кейин ең ақырында қыз өзиниң қалайынша ақыл менен кемпирди утып, өзин жигитке таныртпай бир қаланың ҳәкиминиң баласы болып таныстып, жигитке ешейин түйелерди бергенин, сөйтип қайтып елге алып келгенин айтыпты. Жигит усындай ақыллы қызға күйеў болғанына жүдә ўақты хош болып, сол қыз бенен өзиниң өмириниң ақырына дейин дәўран сүрипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ЕКИ ЖИГИТ ҲӘМ БИР ҒАРРЫ

(P-28. №3663)

Бир күнлери еки жигит, бир ғарры жолдас болып жол жүреди. Бираз жолларды жүргеннен кейин кеш болып қараңғы түседи. Буларға түни менен жүриўге туўра келеди. Әри жүреди, бери жүреди. Ақыры шаршайды. Уйқылары да келеди. Жигитлер, ғарры ертек айтар-аў, уйқымызды ашар-аў деп ойлайды. Ғарры жумған аўзын ашпай үндемей жүре береди. Бираздан кейин жигитлер:

— Отағасы, сиз көпти көрген адамсыз, көрген-билгенińизден бир нәрсе айтып бериң. Уйқыны ашайық, жол да өнсин, —дейди.

Ғарры ҳеш үндемейди. Жигитлер:

— Ҳаў, отағасы бир нәрсе айтың, гүрриң табың, —деп тағы сорайды.

Ғарры:

— Яқшы, балаларым, ҳәзир сизлер гүрриң табың, кейин мен айтайын. «Ҳасыл тастан шығады, ақыл жастан шығады» деген, сөз сизлерде көп болыўы керек, — дейди.

Биринши жигит:

— Жақсы онда мен бир нәрсе айтып берейин. Көргенимди айтайын ба, еситкенимди ямаса билгенимди айтайын ба? — дейди.

Екинши жигит:

— Еситкен, билгениң өзиңдики, бизлерге көргениңди айтып бер, — дейди.

Биринши жигит:

— Еле ядымнан шықпайды. Жақында аўылдың шетирегинде биреў той берди. Мени де тойға шақырды. Тойға бардым. Той күтә тамаша болды. Түнде жыраў-бақсысы болды. Ертеңине гүреси болды. Кешке шекем сонда болдым. Кеш болғанда үйге қайттым. Ай тастай қараңғы. Маңлайға урса билмейсең. Бир үлкен әўлийениң ортасынан өтетуғын гүзар жол бар. Сол жол менен жүрип киятырман, —дейди.

Қасындағылар:

— Әўлийениң ортасынан өтетуғын жолдан қорықпай не қылып жүрип киятырсаң? — дейди.

— Тоқтап турың тамашасы бар, —дейди биринши жигит.

Адамлар «яқшы-яқшы» дейди. Биринши жигит:

— Ҳеш нәрсени ойламадым, қорықпадым. Әўлийеге жақын келе бердим. Әўлийениң шетине кирдим. Алдымнан от шықты. Кейниме қайтпақшы болдым, кейнимнен от шықты. Мына қапталыма қарансам мына қапталымнан, мына қапталыма қарасам мына қапталымнан от шықты. Ҳеш жаққа қашыўға болмады. Жылтыраған от жан-жағымнан жақынласып келе берди, — дейди.

Адамлар:

— Астаўпыралла-астаўпыралла, мынаның жүрегин-ай, — деседи.

Жигит:

— Турдым да ойландым, жесе аяғымды жесин деген ой болды. Дәрхал сыртымдағы дуўқат шапанымды шешип алдым да басыма жамылдым. Сөйттим де басымды бир гөрге тығып жата қалдым. Бираз жатқан соң аяғымды қозғап көрсем, аяғым қыймылдады. Аяғымды ҳеш нәрсе жемеген екен. Басымды әстен көтерип қарасам, мени қорқытып жүрген өзим менен тойда бирге жүрген жигитлер екен, —дейди.

Қасындағы жолдаслары ўа-ха-ха салып күлиседи.

— Оннан соң тағы тамашасы бар, —дейди биринши жигит.

— Ол қандай тамаша, —дейди жолдаслары.

— Әўлийеде аман-саў қутылып үйге жақын барсам, үйдиң әтирапында ийининде асынған мылтықлары бар көп атлылар көринди. Бизиң үйге баспашылар келип қалған екен деп қорқып кеттим. Қорыққанымнан таң атқанша салманың ишинде жатып, жақты түскен ўақытта үй бетке қарасам, мениң атлы баспашылар екен деп жүргеним үйдиң алдыларындағы қара таллардың геллеги екен. Геллектиң басында қалған бирли-ярым шақалары тап мылтықтай көринип, геллек атлы адамдай көринип турған, — дейди биринши жигит.

Адамлар тағы күле баслайды. Биринши жигит күлкини тоқтатып:

— Соннан албырап үйге барсам, кемпир бийшара ергенекти қыстыратуғын жиптиң илгегин уп-узын етип байлаған екен. Есикти ашып үйге кире бергенимде ергенектиң жиби мойныма илинип қалып ошаққа қарап аяғымды көсиле жығылдым. Кемпир бийшара ақбас жантақты күтә көп жаққан екен. Шоғы өшпеген екен. Аяғымды шоққа тығып алыппан. От тумлы-тусқа шашырап, төсек-көрпелер күйип қалыпты. Кемпир менен ғарры қолымнан тартып турғызды. Түргелип көзимди ашып қарасам, буның бәри түсим екен, —дейди.

Жолдаслары күлиседи. Ҳайран қалады. Соннан соң екинши жигит сөзин баслайды.

— Мен кеше емес, алдыңғы күни бир үйге барып қонақ болып едим. Қонақ болған үйимниң еркеги

www.ziyouz.com kutubxonasi

де, хаялы да гереӊ екен. Тағы сол қонған күни бахытқа карсы бир ешкисин жоғалтып соны таўып алып отырған екен. Соны түнде маған айтып берди. Жоғалған ешкисиниӊ бир қулағы кесик екен. Күнде ыссы екен. Көп жерди излеп ешкисин бес күн дегенде таўып алады. Сөйтип ешкисин жетеклеп киятырса, шөллейди. Енди қаяқтан суў ишер екенмен деп киятырғанда, суў қабағын қасына койып қос айдап атырған биреўге жолығады.

Қос айдап атырған адамға:

— Мен мынаў ешкиниӊ себебинен-ақ өлетуғын болдым, — десе, ол да гереӊ екен:

— Мен ешкиӊди алғаным жоқ. Мениӊ үйимниӊ саған не кереги бар? —дейди.

— Мен шөллеп киятырман, маған бир жутым суў бер, — десе, қос айдап атырған адам:

— Мен сениӊ ешкиӊниӊ қулағын кескеним жоқ. Не, жала жабажақсаӊ ба? Көзиме көринбей кет, — дейди.

Еки гереӊ биреў-биреўиниӊ сөзине түсинбей, екеўи еки жаққа тартып кетиседи. Кейин ала төбелеседи. Қос айдап атырған гереӊ ешкисин жетеклеп киятырған гереӊди жибермей қазыға алып барады.

Қазы да гереӊ болады. Булар арзаға барса, жеп қалған қазы, ешкини маған алып киятыр екен-аў деп ойлайды. Булар арза етсе, қазы қызын шақырып:

— Мына ешкини жайға апарып байла, —дейди.

Қазыныӊ қызы да гереӊ екен.

— Не, аға, биреў келсе, дәрриў мени шақырасаӊ. Не, мен бай таӊлап отырман ба, кимге берсеӊ соған бер. Мен әйтеўир кетип қарамды батырайын, —дейди.

Төртеўи төрт жаққа тартады. Биреўи биреўиниӊ сөзине түсинбей әрре-тәрреликпенен тарқасады, — дейди.

Енди сөз ғаррыға келеди. Ғарры:

— Мен жас жигит едим. Жақсы атым бар еди. Соны жақсылап үстине қарап, жақсы кийимлер кийип жүретуғын едим. Бир күни бир жаққа атлы кетип баратырсам, алдымнан бир көш шықты. Көшке келсем, бир хаял түйениӊ үстинде отыр. Бес-алты түйеге үй, үйдиӊ нәрсе-қарасын жүклеген жалаӊ хасыл зат. Ай десе аўзы, күн десе көзи бар, бели бир қысым бир қыз түйени жетеклеп баратыр. Еӊ алдында бир жигит қара көрим жерде атлы жол баслап баратыр.

Қыз бенен аман-саўлықты сорастым да, көп иркилмей жигиттиӊ қасына бардым. Жигит пенен сәлемлесип жөн-жосақ сорасам, жигит жаӊағы қызды алып қашып киятыр екен.

Жигитшилик — итшилик деген. Қызға қызығып кеттим. Сол жигиттен қалай қызды тартып алыў ойы жүрегимнен шықпады. Үш-төрт күн бирге жүрдим. Үйренистим. Булар кешке шекем жүрип, кеште бир жерге қос тигип жатып, азанда түргелип жүрип кете береди екен.

Бир күни буларды бир жерге қонаққа шақырдым. Хаяллар бөлек, еркеклер бөлек бир жайда отырды. Таӊ атар ўақытта қыздыӊ жигитин бир жерге алдап апарып, кийимлерин нәрсе қоймай сыпырып алып кийдим. Сөйттим де өзимниӊ атымды, кийимлеримди биреўге тапсырдым.

Ал, енди азанда тап сол қыздыӊ жигитиндей болып атқа минип алып, қара көрим жерде жолды баслап жүре бердим. Қыз да күндегисиндей түйени жетеклеп кейнимнен келе берди. Кеште күндегиге қарағанда қосты кеширек бастым. Аттан түстим де, тисим аўырып тур, түндеги жердиӊ тамағы бәле болды деп, аўнап жата бердим. Қыз аяғымды уўқалайды. Қолымды, басымды қысады. Бирақ мен бе ямаса алып киятырған өзиниӊ жигити ме, билмейди.

Арадан бир неше күн өткен соӊ үйге апарып түсирдим.

— Әне, бизиӊ үйге келдиӊ. Сен енди алып киятырған жигитиӊниӊ хаялы емессеӊ. Енди сен мениӊ хаялым боласаӊ, — деп билдирдим.

Қыз хайран қалды. Алданып қалғанын, алып киятырған жигитиниӊ жолда қалғанын билди. Көп ойланды да:

— Яқшы, пешенеме жазылғаны сиз болсаӊыз, илаж не, — деп келисимге келди.

Той бердим, екеўимиз қосылдық. Сол хаялым еле бар. Үш ул, еки қыз туўды. Балаларым ер жетип адам болды. Қызды алып қашқан жигит еки жылдан соӊ келди. Хаялды алып кетпекши болды. Хаял «енди бармайман» деди. Жигит кетип қалды.

Соныӊ менен таӊ атады. Үшеўи шай ишиў ушын жолдыӊ шетинде отырған бир үйге кирсе, бир кемпир, бир ғарры бар екен. Қонақларды күтип алады. Шай қайнатып нан қояды. Тамақ писиреди. Тамаққа палаў асады. Үйдеги конақларыныӊ сөзлерине қарап отырып, булардыӊ «жол өнсин, уйқы ашылсын деп ертек айттық, хәр ким басынан өткенин айтты» дегенди еситип хәм адамлардыӊ «кемпир-кемпир» дегенин мысал етип, палаўды демлеп отырған кемпир көрген билгенин басынан өткенин айтып береди.

— Мен қыз едим, әкем күтә жаман, қызды қатты услайтуғын адам болды. Мени биреўге беремен деп атастырып қойды. Мен ол әкемниӊ қәлеген жигитин қәлемедим. Басқа биреў менен кетпекши болдым.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир жигитти таўып алып, соның менен қыдырдым. Соның менен жүрдим. Бирақ, әкем оны билмеди. Билгенде, мени өлтиретуғын еди. Ол ўақытларда әкениң айтқанынан шықпайтуғын заман. Әкем атастырып қойған адамын шақырып берип жибермекши болды.

Мен тезлик пенен жүрген жигитимди шақырдым. Жигитиме:

— Мени ертең я бүгин келип алып кетеди. Енди сен меннен қаласаң. Соның ушын сен маған атларыңның ерин, жүўенин, толық түзиўин әкелип бер, бир қатар кийимлериңди, қуралларыңды әкелип бер, мен сақлайын өзим. Мен сол үйге түсип шымылдық ишинде отырған ўақытта қалай болмасын жолын таўып кел, — дедим.

Айтқанымдай, жигитим барлық затларын әкелип берди. Боғжамаға салып қоя бердим. Бир күни әкемниң атастырып қойған жигити алып кетиўге келди. Еки күн болып, үшинши күни алып кетти. Келиншек болып шымылдық ишинде отырғанымда хаял кийимин кийип, мениң келиншек болып түскен жеримниң қыз-келиншеклери менен бирге баяғы мениң жүрген жигитим де келди. Шымылдықта отыра берди. Хешким оны билмеди.

Бираздан кейин баяғы отырған адамларды шымылдықтан шығарып, екеўимиз еркек кийимлерин кийип алдық. Қуралларды асындық. Келисиги келген еки жигит болып шымылдықтан шыға келдик. Адамлар қорқып тумлы-туска жығылды. Есиктиң алдында турған атлардан екеўимиз еки атты сайлап минип, нәрсе-қараны арбаға тийеп, жолға түстик. Хеш ким хеш нәрсе демеди. Хеш ким келип услай алмады.

Мени алып келген жигит сырттан қарап қала берди. Мына отырған жигитим сол жигит, әне, екеўимиз қосылып усы жасты жасадық, — дейди.

Ғарры:

— Дурыс, балаларым. Биз нелерди көрмедик. Бәрин де көрдик, усы отырған кемпир менен сөйтип қосылдық, — дейди.

Адамлар:

— Не тамаша көрдиң, айтып бер, — деп сорайды.

Ғарры:

— Бизлер жас жигит ўақтымызда күтә жаман ойнайтуғын едик. Айтмурат деген жорам бар еди. Усы кемпирди алып келген күнлерим. Бул дигирман тартып атырған, мен қора дүзетип атырман. Кемпир бийшара дым аңқаў еди. Гөш асып қайнатып атыр. Бир ўақытта үйге Айтмурат келди. Үйге барып отыра бер, дедим. «Яқшы» деп үйге кетти.

Узамай мен де бардым. Хаял да келди. Шай иштик. Шай ишип болған соң Айтмурат «кетемен» деди. «Жоқ, жора, кетпе, тамақ жеп кет» деп жибермедим. Үйде тас шыра. Үй иши қараңғы. Хаял тамақты писирди. Алды менен шорпа иштик. Кейнинен тамақты әкелип алдымызға қойды.

Айтмурат тамақты жемей, шорпаны ишпей отыр. Кеўлимде хеш нәрсе жоқ. Же деймен, жемейди, иш деймен, ишпейди. Гөшти туўрап атырсам, гөштиң арасынан еки жыртық галош шықты.

— Күниң галош асып жеўге қалды ма, дийдарың қурысын. Көрген күниң қурысын, — деп шығып кетти Айтмурат.

Ойлап турсам, бизлер майданда турған ўақытта кемпирдиң көзин алып, маңлайы қара Айтмурат қазанға галош салған екен. Оны бизлер билмеппиз. Бул бизге күтә үлкен пәнт болды.

Бир күни мен де оған пәнт бериўди ойладым. Бес-алты жигит болып үйине бардым. Үйине барсам, өзи жоқ екен, Урзада деген хаялы бар еди. Бизлерди күтип алды, «аттан түсиң, шай ишиң» деди. Аттан түстик, үйге кирип отырдық.

Хаял майданға шығып кеткен ўақытта қазанды қарасам, қазанды тазалап жуўып, қақпағын бастырып қойған екен. Мен де, кишкене бир күшиги бар екен, соны қазанға салдым да, қақпағын бастырып қойып отыра бердим. Оны өзлеримиз билдик, үй ишинен бир адам да билмеди.

Хаял нан алып келди. Шай қойды. Шайды ишип болған ўақытта үй ийеси Айтмурат келди. Сәлемлесип болған соң:

— Хаял қазан астың ба? — деди.

— Жоқ, аспадым, — деди хаял.

— Онда тез қазан ас, — деди Айтмурат.

От лаўлап жанып тур. Хаял асыққан түрде қақпағын ашпастан қазанды асып жиберди. Мен де күшик әбден күйсин, бақырсын деген мақсетте хаялды иркиў ушын тап қазанды асқан ўақытта хаялға:

— Көпшикти алып бер, —дедим.

Хаял көпшикке айланысып жүрген ўақта отты да таўлап жибердим. Қазандағы күшик қызып бирден ўаңқылдап бақырып жиберди. Хаял бир жаққа, Айтмурат екинши жаққа жығылды. Адамлар күлип жиберди.

— Айтмурат, енди сизлер ийт асып жейтуғын болдыңлар ма, сизлердиң қолынан тамақ жеў харам, — деп түргелдик те кеттик, —деп сөзин ада қылды ғарры.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҲӘР СӨЗИ ЕКИ МЫҢ ТИЛЛА БАЛЫҚШЫ
(P-89. №24617)

Ерте заманда Хийўа шәҳәринде Шаҳы Будыр деген патша жасапты. Бул киси барынша сақый болыпты. Онын оймақ аўыз, қыпша бел, сүлингир, аққуба Шийрин сулыў деген ҳаялы бар екен. Ҳаялынын жүзи тегис болғаны менен, патшаға ылайық ақылы ҳәм адамгершилиги аз болыпты. Шаҳы Будыр сол ҳаялының жетпес ақылын алып, үш жерде сөзден утылып, үш рет зәлел көрипти. Ол мынадай болыпты.

Шаҳы Будырдың заманында Ермен деген бир балықшы болады. Бир күни балықшы дәрьяға аў салып жүрип, аўына үлкен бир сазан түсипти. Сол балықты Ерман Шаҳы Будыр патшаға тартыўға апарады. Буған патшанын ўақты хош болып, балықшыға еки мын теңге бермекши болып, казнашыдан санап ала ғой деп қолына қағаз жазып береди. Балықшы қуўанып сарайдан шығып кеткен соң Будырдың ҳаялы Шийрин сулыў үлкен жәнжел шығарады.

— Жалғыз балыққа еки мың теңге бердин. Ҳәр кимге сөйтип бере бергенде, ғәзийнеханада не қалады. Бир балыққа еки-үш теңге азлық ете ме. Балықшыны қайтарып шақырып ал, сөйт те теңгенди алып қал, — дейди қатын.

Оны еситип Будыр патша «мениң аўзымнан сөз еки шықса уят болады ғой» десе де, қатыны жәнжелди үлкейте береди ҳәм патшаға ақыл береди.

— Балықшыны шақырып ал. Келгеннен кейин оннан «бизге әкелген балығың еркек пе, урғашы ма?» деп сора. «Балығым еркек еди» десе, сен «маған урғашы балық керек еди» дейсең, ал «балығым урғашы» десе, «еркек балық керек еди» дейсең. Сөйтип оны дәлилден утып, теңгелеринди алып қаласаң, — дейди қатын.

Патша ҳаялдың сөзине ерип балықшыны шақыртып алады. Оған:

— Қәне, балықшы, бизге әкелген балығын еркек пе, урғашы ма? — дейди патша.

— Тақсыр, балығым еркек те, урғашы да емес. Ол балық қызтеке балық еди. Балығымның түрли қәсийети бар. Оны жеген адамда түрли қәсийет пайда болады, өмир жасы узақ, несийбеси зыят болады. Кем-кем несийбеси арта береди. Сиз ол балықты ҳаялыңыз бенен бирге жесеңиз, журтқа аға болғандай бир уллы боласыз, — дейди балықшы.

Патша балықшының бул сөзине ерип кетип:

— Бар, бул сөзиңе және еки мың теңге бердим, — дейди.

Сөйтип балықшы төрт мың теңгели болып қалады. Теңгелерин арқалап, патшаның алдына келип, оннан рухсат алып, есиктен шығып баратырғанда, дорбасынан бир теңгеси шоршып жерге түсип кетеди. Балықшы дорбаны жерге қоя салып, бир теңгени сығалап излей баслайды. Ана жерди, мына жерди қарайды. Сөйтип әўереленип жүргенде Шийрин сулыў теңгелерге иши күйип, патшаға гижинип турып:

— Балықшының болып жүргенин қара, обал кеткен төрт мың теңгем. Патшайым, сол сықмарлығын мойнына қойып теңгелерди алып қал, — дейди.

Патша да оны көрип, балықшыға қарап:

— Ҳәй, балықшы, саған берген теңгем өзиң түўе, балаңның баласына дейин қалай жесең де жететуғын еди, бир теңгеңниң түсип кеткенине бунша қыйналып неге әўереленип жүрсен, сол бир теңге бул жерде қала бергенде не қылар еди? — деп сорайды патша.

Сонда турып балықшы:

— Қуллық, тақсыр, арзым бар. Мениң түсип кеткен бир теңгени алып бай болыў емес, ал сол теңгениң изинде патшамыз Будырдын исми тәрийпи бар, әдалатлық ҳүкими бар. Қойған қолы ҳәм сүўрети бар. Мен көзим тириде сизиң сүўретиңизди, исмиңизди, ҳүкимиңизди кисиге бастыраман ба? Ол теңге қара жерге түсти. Егер бес қулаш теңизге түссе де сүңгип таўып алмаққа бараман, — дейди.

Бул сөзди еситип Шаҳы Будыр ишек силеси қатып күлди, ўақты хош болады. Балықшыдан сөзден утылып:

— Пах, заңғардың баласы, гәпинди таўып айттың. Бул сөзиңе де еки мың тилла бердим, — дейди патша.

Әне «Сөз жүйесин тапса, мал ийесин табар» деген. Ерман балықшы бир балық пенен патшаның алты мың теңгесин алған екен. Ҳаялының ақылсызлығынан патша үш рет сөзден утылып, үш жерде зәлел таўыпты. Шаҳы Будыр «ҳәр кимниң ҳаялы ақылсыз болса, бир сөзинен еки мың тилла зыян етсин деп» халқына нақыл таслаған екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ШЕШЕН ҲӘМ ЗИЙБА
(Р-456. №176599)

Бурынғы өткен заманда байлығы асқан, дәўлети тасқан бир бай болыпты. Оның оғада сулыў ҳаялы бар екен. Бай сол ҳаялдың хызметине Зийба деген бир ҳаял, Шешен деген бир еркек қул сатып алады. Олардың өзине тән қәсийетлери бар еди. Қул болса да, алдында не болатуғынлығын болжайды екен. Екеўи байдың үйинде хызмет етип жүре берди.

Күнлерден бир күн бай саўда жумысы менен басқа елге кетпекши болды. Сонда бай қул Шешенге:

— Бул сапары барған жеримнен қалай барып келер екенмен? Сапарым сәтли болар ма екен? — деди.

— Бай аға, қайсы журтқа барасыз? — деди Шешен.

— Ҳиндстанға бараман,—деди бай.

— Усы барған жағыңнан көп пайда табасаң, — деди Шешен.

— Ондай болса, сөзинди алтынға қаплайман, — деп бай қуўанады.

— Ҳиндстан бизиң ўатан, көп адамлардың ортасына барасаң. Сонда сен «менде Шешен деген қул бар, усы жақта туўысқанлары бар, солардың аман-есенлигин билип, хабар алып келиўимди сорады. Аты Шешен, ким таныйды?» деп сора, таныса, атларын жазып алың, — деди қул.

Бай Шешенге қарап:

— Мен саған үйди тапсырып баратырман, аман сақла, — деп, бай саўда-сатық сапарына атланып жүрип кетти. Бай бир неше күн жол жүрип айтылған елге барды. Затларын он есе артық алғаннан кейин көп олжалы болды. Солай етип жүргенде Шешеннин тапсырмасы ядына түсип, көпке қарап:

— Менде бир қул бар, аты Шешен, усы жақтың адамы еди, ким таныйды? — деди.

— Мен таныйман, — деп бир ғарры ҳәм жети жигит шықты. Ғарры — әкеси, анаў жети адам — туўысқанлары еди. Аман-есенлик, саўлық сорасып болған соң атларын жазып алды.

Ендиги гәпти үйдеги асқан арыў, гөззал ҳаялдан еситиң. Бай кетиўден көшениң жигитлери ҳаялды қонаққа шақырды. Ҳаял «бараман» деп қалды.

Кешке жақын ҳаял кәнизеги Зийбаға:

— Мен бүгин қонаққа бараман, сен қалай көресең? — деди.

— Түр-түсиңе қарағанда опалы ярға қусайсаң. Атақлы үлкен адамның ҳаялысаң, көшеде жүрген балалардың да шақырығына бара ма екен? — деди Зийба.

Байдың ҳаялы бул сөзге ашыўы келип, Зийбаға турпайы гәплерди айтты. Ҳаял шақырыққа бармай қалды. Келеси күни кеште Шешенге:

— Мен қонаққа бараман, қалай көресен? — деди.

Сонда Шешен:

— Мен сени ҳеш нәрсениң ҳәзин билмейтуғын жарым шығар, деп едим. Сен олай емес екенсең. «Шақырған жерге бар, шақырмаған жерде не бар» деген. Бирақ, Ҳиндстан патшасының ҳаялына уқсап масқара болып қалма, — дейди.

— Ол ҳаял қалай масқара болыпты? — деп сорады байдың ҳаялы.

— Ҳинд патшасының түри адам қорқатуғындай екен. Оның ҳаялы асқан сулыў, арыў болыпты. Ҳәр күни көшеге қарап, «усындай жаманға тап болдым» деп жылайды екен. Бул аўҳалды түр-түси, турпаты келискен көше жәллаты абайлар еди. Бир күни жигит сулыўдың алдына келип, не ушын бәрқулла жылайтуғынлығын билмекши болады. Сонда бул жигиттиң қәдди-бойын көрип, арыў оған тиймекши болады. Соң патшаның ғәзийнесинен көп алтын алып, екеўи қашады. Алдынан дәрья шығады. Сонда жигит ойланады: — Мениң теңим патша ҳаялы ма еди? Өзимди өлимге байлап бергенше, усы алтынды алып, қалай да болса усы ҳаялдан есабын таўып қутылайын.

Усылайынша жигит дәрья жағасында отырып ҳаялға:

— Дәрьядан жүзип өте аласаң ба? — деди.

— Яқ, — деди сулыў.

— Онда мен мыналарды өткерейин, — деп, дәслеп алтынды өткерип, екинши рет ҳаялды шешиндирип, барлық кийимлерин алып, дәрьяның арғы жағына өтип, байлықларды арқалап артына да қарамастан кетип қалды. Ҳаял әри шақырды, бери шақырды, күн кеш болды. Сулыў жалаңаш ҳалында бир бүк астына кирип жатты.

Таң атып, күн шықты, солай етип отырса, бир түлки балық излеп дәрьяны жағалап келе берди. Сол ўақта бир балық суўда өрлеп киятыр еди, соған түлки өзин атты. Балық түлкиге услатпай кетти. Түлки суўдан өлдим дегенде шықты. Оған ҳаял күлип жиберди. Сонда түлки:

— Неге күлесең? — деди.

— Өзиң түлкисең, балықтан алданғанына күлмей не қылайын? — деди.

Сонда түлки:

— Мен алданған-ақ болайын, сен кийимсиз не қылып отырсаң? Бул қандай отырыс? Ырасынды айт.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда патшаның хаялы жасырмай болған аўхалды айтты. Буны еситкен түлки:

— Сени көп адам излеп жүрген шығар. Хәдемей таўып алады. Оннан кейин патша өлтиреди. Усыннан сен үйиңе қайт, өзиңди жинлидей көрсет. Молла таўып оқытар. Күн күннен жазыла бер. Жетпис күн дегенде жазыл, болмаса өлтиреди.

Сол хаял түлкиниң айтыўы бойынша өлимнен қутылыпты. Соның масқара болмаған жери бар ма?!

Шешенниң бул тәсирли, мазмунлы гәпи менен қонаққа барыўға тийисли ҳаялдың ўақты өтип, бүгин де бармады. Әне, усындай қызықлы әңгимелерди айтып, хаялды бир ай қонаққа жибермей сөзге айландырды. Соның арасында бай да келди. Қонаққа шақырыў қойылды.

— Мениң аманатымды не қылдың? — деди Шешен.

— Көп адамлардың арасында сорадым. Сени танытуғын адамлар табылды. Әкең және жети адам таныйды екен. Сол туўысқанларың үлкен дуўайы сәлем айтып жиберди, — деди бай.

— Саламат болсын, — деди Шешен көзлерине жас алып.

Сол ўақта бай Шешенниң көз жасын есапқа алмай, Зийба менен екеўин атыз жумысларына жумсады. Шешен бир шетке барып:

— Ағайин-туўысқанынан хабары келген адамның өмири тамам болады. Биз елди сағынып қайтыс боламыз, — деп, сол жерде өлди де қалды.

Бай қатты қыйналды. Буннан көп пайда бар еди. Әне, бул бай Шешен қулды мазарстанлыққа жерледи. Бай кетиўден Шешен қәбирден шығып, Зийбаны атқа мингизип, туўылған ўатанына усы ҳийле менен зордан қутылып кетти. Сөйтип Зийба менен мурат-мақсетине жетти. Хәмме де усындай мурат-мақсетине жетсин.

## ӨТИРИКШИНИҢ СӨЗИНИҢ ЫРАСҚА ШЫҒЫЎЫ

((Р-278, № 84306)

Өткен ўақытларда еки өтирикши болған екен. Бара-бара адамлар булардың ырас сөзине де инанбайтуғын болыпты. Бул оларға жүдә батыпты.

Бир күни еки өтирикши ойласып, өзлериниң адамлар арасындағы абройын тиклемекши болыпты. Олар ойласып бир хийле таўыпты.

Ертеңине олардың биреўи бир аўылға барып мийман болыпты. Бул қонған үйге бир талай адамлар мийманды көремиз деп жыйналысыпты. Келген адамлар мийманға:

— Мийман, көрген жаңалықларыңнан айтып отыр, — десипти.

— Кеше усы жерге киятырсам, жолда бир көл қамыс суўы менен қоса өртенип атырған екен, — депти өтирикши.

Сонда адамлар:

— Қамыс өртенсе, өртенген шығар, бирақ суўдың өртенгенин еситкен жоқ едик, — деп оның үстинен күлипти.

Ертеңине екинши өтирикши усы аўылға мийман болыпты. Буның үстине де кешеги адамлар келипти. Олар менен сөйлесип отырып, бул өтирикши де жолда бир көлдиң қамыс, суўы менен өртенип, бирталай балықлардың күйип қалғанын айтыпты.

Сонда адамлар:

— Кеше түндеги мийман дурыс айтқан екен, бизлер оның үстинен бийкарға күлиппиз, — десипти.

Баяғы ортадағы келисиўге муўапық биринши өтирикши және бир аўылға мийман болыпты. Ол кеште мийманды көремиз деп келген адамларға:

— Бүгин сизиң аўылға киятырып, аспанда көшип баратырған көп кәрўанларды көрдим, — депти.

Сонда жыйналған адамлар:

— Мына адамның еси дурыс емес қусайды. Кәрўан да аспанда көше ме екен? — деп оны масқаралапты.

Ертеңине оның изинен екинши өтирикши усы аўылға мийман болып келипти. Ол ишкериге киреден алдын қолындағы бес-алты уўықты қапталға сүйеп қойыпты. Кеште қонақты көремиз деп келген адамлар буны да гәпке тартыпты.

— Кеше усы аўылыңыздың тусынан ешекли өтип баратырсам, қула дүзде хәр жерде бир талай уўықлар жатыр екен. Хайран болып турсам, және бир уўық алдыма жоқарыдан дүрс ете қалды. Жоқарыға қарасам, сизлерге өтирик, маған шын, аспанда узын бир кәрўан көшип баратыр екен. Уўықлар сол кәрўаннан түсип қалған екен, — депти.

Сонда жаңағы адамлар:

— Ўаҳ! Кешеги мийманның үстинен бийкарға күлген екенбиз, — деп пушайман болыпты.

Усылай етип өтирикшилердиң сөзи ырасқа шыққан екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚУДАЙДАН МЫҢ ТИЛЛА СОРАҒАН ОТЫНШЫ
(Р-278, № 84306)

Бурынғы өткен заманда отын сатып күн көретуғын бир адам жасаған екен. Ол ҳәр күни қудайдан мың тилла сорайды екен.

Бир күни тоғайдан кетип баратырса, алдында бир гүзе жатыр. Ишин ашып қараса, иши толы алтын теңге. Санаса, анық мың тилла екен. Отыншы қуўанышы қойнына сыймай, отынды таслап, мың тилланы алып қалаға қарай тартты. Алдынан шыққан адамға: «Қудайдан мың тилла сорап жүр едим. Ол маған мың тилла берди» деп жар салып шығыпты. Адамлар: «Бир тенге таппай жүрген адам еди. Буны қудай урған екен» деп, оның үстинен күлипти. Оның «мың тилла таптым» дегенине ҳешким исенбепти.

Ол усылай етип көше аралап, бақырып жүргенинде қайыр сораған соқыр адамға дус болыпты. Отыншы оған да мың тилла таўып алғанын айтыпты. Сонда соқыр оған:

— Мың тилланың аўырлығы қандай болар екен, маған берип тур, көрейин, — депти.

Отыншы соқырға мың тилланы услатыпты. Соқыр тилланы салмақлап көрип:

— Бәрекелла, — депти де, оны қойнына тығып, —тилланы таўып алғаның жақсы болды, мен оны жойытып жүр едим. Бул мениң ақшам, — депти.

Ҳайран болған отыншы:

— Соқыр жора, ойнама! Ақшамды бер! Кетейин, — депти.

Бирақ соқыр тилланы қайтарып бермепти. Екеўи тиллаға таласып, ақыры төбелеске айланыпты. Сонда соқыр әтираптағы адамларға еситтирип:

— Қайыр сорап тапқан ақшам еди, мына адам келип мениң ақшамды басып алайын деп атыр, — деп қатты бақырыпты.

Оның даўысына дөгеректеги ҳәмме адамлар жыйналып қалыпты. Ҳәмме соқырды аяп, отыншыны сөгипти. Екеўиниң арасындағы жәнжелди қойдыра алмаған адамлар оларды жетелеп қала ҳәкиминиң алдына алып барыпты. Отыншы ҳәкимге:

— Мен қудайдан мың тилла сорап жүр едим. Маған кудай берип, мың тилла таўып алдым. Мына соқыр, «мың тилланың салмағын көрейин» деп алып, енди оны қайтарып бермей тур, — депти.

Сонда оларға ерип келген адамлар:

— Отыншы күнине бир теңге таба алмай жүрип, каяқтан мың тиллалы бола алады. Бул ақша соқырдики, — деп, гүў етипти.

Ҳеш ким отыншыны жақламапты. Ҳәким отыншыға ислеген қылмысы ушын қырық дүрре урдырыпты. Отыншы таяқ зарпынан өзин зорға тиклеп, үйине кетип баратырса, соқыр тилланы алып базарлап жүрген екен. Ол билдирмей соқырдың изине ерипти. Соқыр қаланың шетиндеги ески бир үйге кирип кетипти. Отыншы да билдирмей оның изинен кирипти. Соқыр базардан алған мол базарлығын жеп, қарнын қасып жатыпты. Бир ўақытта соқыр иши писип, ыңылдап қосық айтып отырып, баяғы мың тилла салынған қалтаны жоқары ылақтырып, кейин қақшып алып ойнап отырыпты. Отыншы оны аңлып отырып, қалта жоқарыға ылақтырылғанда оны дәрриў қақшып алыпты да, индемей, аяғын ғаз-ғаз басып үйден шығып кетипти. Соқыр қолын аспанға созып қала берипти.

Сол-сол екен, отыншы сыр сақлаўды үйренипти.

## ПАТША ҲӘМ ШОПАННЫҢ ҚЫЗЫ
(Р-451. № 176394)

Бурынғы өткен заманда жалғыз қызынан басқа ҳеш кими жоқ бир шопан жасаған екен. Бир күни ол мал бағып жүрип, алтын кели таўып алады. Ол ары ойланып, бери ойланып келини патшаға апарып аброй алғысы келипти ҳәм бул ҳаққында қызы менен ойласыпты.

Әкесиниң гәпин еситкен қыз:

— Яқ, аға, сен олай етпе. Келини берсең, патша саған келсабын таўып келиўди буйырып, өзиңе тәшўиш арттырып аласаң, — депти.

Бирақ қызының гәпи жақпаған шопан:

— Яқ, мен бул келини патшаға алып барып, сүйиншисин аламан, сөйтип буған қосымша үлкен абырой да арттыраман, — деп сарайға кетипти.

Ол алтын келини патшаға алып барып:

— Тақсыр, мен сизге саўғаға алтын кели әкелдим, — деп, келини патшаға берипти.

Патша келиге қарап турып:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Келиниңизди алып келгениң жақсы болған, ал енди бунын келсабы қәне? — дейди.
— Келсабы жоқ, тек келисин таўып алдым, — депти шопан.
Сонда патша оған:
— Мүмкин емес, келиниң келсабы да болыўы керек. Сен дәрҳал келсабын таўып кел, — деп буйрық береди.
Шопан патшадан келсапты таўып келиў ушын үш күн мәўлет сорайды.
— Үш күн мәўлеттиң ишинде таўып келмесең, өзиң өлимдар, малың патшалық болады, — депти патша.
Сонда шопан шыдай алмай:
— Жақсылыққа жақсылық жоқ екен-аў, мен усы келини сизге әкелерде қызым «апарма, саған келсабын таўып кел деп жала салады» деп еди. Мен қызымның айтқанын тыңламай алып келип едим. Енди басыма бәле болды, — деп налыпты.
Патша шопанның гәпине ҳайран болып:
— Усы гәпти қызың айтқан болса, оны ертең мениң алдыма алып келесең. Бирақ қызын сарайға келгенде, үстинде кийими болмасын, жалаңаш та келмесин. Қызың усыны орынласа, мен оған үйленемен, — деп шопанға үйине қайтыўға рухсат етипти.
Шопан үйине келип барлық ўақыяны қызына баян етипти.
Бул гәпти еситкен қыз:
— Сен ҳеш ғам жеме, — депти.
Қыз ертеңине бир балық тутатуғын аўды үстине орап, сарайға жол алыпты. Көшкиниң үстинде отырып қыздың киятырғанын көген патша, «Бул қыз ырасында да ақыллы екен, ырасында да балықтың аўы кийим емес, бирақ қызды жалаңаш деп те болмайды» деп ойланыпты.
Қыз патшаның алдына келгенде патша оған:
— Сизге мынадай шәрт қояман: Сиз бизден басқа ҳешким менен сөйлеспейсиз хәм ҳешкимге кеңес бермейсиз, сонда ғана бизге ҳаял боласыз. Болмаса, сиз маған жоқсыз, мен сизге жоқпан, — депти.
Шопанның қызы буған келисим берип, патшаның ҳаялы болады. Солай етип әкесин өлимнен қутқарады.Қыз патша менен турмыс қурып сарайда жасай берипти.
Күнлерден бир күни патшаның бир дийханының жалғыз бийесиниң қулыны шапқылап жүрип патшаның хәремине кирип кетеди. Буны патша көрип қалып, қулынды атханаға қамап таслаўды буйырыпты.
Бийшара дийхан патшанын алдына жалынып келип, қулынды қайтарып бериўди сораныпты.
Сонда қулынды қайтарып бергиси келмеген патша оған:
— Бул қулын мына байталдың қулыны, — деп бир қысыр байталды көрсетипти.
Қолынан ҳеш нәрсе келмеген, сүмирейип кетип баратырған дийханды көрген шопанның қызы оған рейими келип:
— Сен неден қапа болдың? — деп сорапты.
Дийхан оған бар гәпти айтып берипти.
Сонда патшаның ҳаялы болған шопанның қызы дийханға:
— Мениң саған айтатуғын бир ақылым бар, бирақ патшаға айтып жүрме, егер билип қойса, екеўимизди де өлтиреди. Жақында патша шикарға шығады. Сен барып патшаның жолында аў салып отыра бер. Патша келип саған «Не қылып отырсаң?» десе, сен «Балық тутып отырман» дегейсең. Буннан кейин патша: «Суў жоқ жерде балық бола ма, сениң ес-ақылың дурыс па ?» деп жекиринер. Сен сол ўақытта: «Қысыр ат қулынлағанда, қурғақ жерде балық болмай ма?» дегейсең, — депти.
Дийхан ҳаялдың бул гәпин тынлап, ақылын алып үйине қайтады. Патшаның шикарға шығатуғын күни оның жүретуғын жолына аўын қурып отыра береди.
Патша шикарға шығып қайтып киятырып, жолға аў қурып отырған дийханның үстинен шығады.
— Сен қандай адамсаң, далаңлықта аў қурып не усламақшы болып отырсаң? — депти.
— Балық услайын деп отырман, — деп жуўап береди дийхан.
— Қурғақшылықтан да балық услаўға бола ма, сениң есиң дурыс па? — деп жекиринипти.
— Тақсыр, қысыр ат қулынлағанда, тақыр жерден балық шықпай ма? — деп жуўап берипти дийхан.
Патша сөзден жеңилип, ашыўланып:
— Бул ақылды саған ким үйретти? — деп дийханның жанын келиге қамайды.
— Ҳешким үйреткен жоқ, өз ақылым, — деп сөзинде турып алады.
Патша сөзден утылғанын мойнына алып, дийханды изине ертип барып қулынын берип жибереди.
Дийхан қулынын алып кете барсын, ендиги гәп патша менен ҳаялының арасында болады.
Патша ҳаялынан:
— Дийхан мени сөзден жеңип, қулынын алып кетти. Бул сөз дийханның ақылы менен айтылған сөз

www.ziyouz.com kutubxonasi

емес. Бундай ақыл тек сеннен ғана шығады. Шәртимизге муўапық, мен сениң менен ажырасаман. Сарайдан қәлеген мүлкиңди ал да, кетебер, —депти.

— Тақсыр, ондай болса, сиз бенен ақырғы мәртебе табақлас болып отырыўға рухсат етсеңиз, — депти.

Патша буған буған келисим берипти.

Сол күни патша менен шопанның қызы жақсылап безелген дастурханның әтирапында бираз гүрриңлесип отырыпты. Ҳаял патшаға билдирмей, оның шарабына уйқылататуғын дәри салып жиберипти. Патша дәри салынған шарапты ишиўден қатты уйқыға кетипти. Патшаның ҳаялы сарайдан қос ат жегилген арбаны алып келеди де, патшаны ишине салып, баяғы шопан әкесиниң үйине алып келипти де, оны пишен гүдиниң үстине жатқарыпты.

Азанда таң атып, патша оянса, өзиниң пишен гүдиниң үстинде жатырғанын көреди. Патша ҳаялынан бул ўақыяның жөнин сорапты. Сонда ҳаялы:

— Сиз мениң менен айырылсарда, сарайдан қәлеген нәрсеңизди алың деп, рухсат еттиңиз. Мен ушын сарайда ең қәдирли нәрсе — сиз едиңиз, — депти.

Патша сонда ҳаялының өзинен де ақыллы екенлигин мойынлап:

— Сен мени жеңдиң, бүгиннен баслап саған қәлеген ўақтыңда ақыл айтыўға рухсат беремен. Ал, енди әкеңди де өзлеримиз бенен алып сарайға қайтайық, — депти.

Патша үйине келип, тахтына отырып, халыққа әдил басшылық етип, ақыллы ҳаялы менен мурат-мақсетине жетипти.

## ЖУПАРХАН

Р-451. № 176394)

Бурында бир патшаның Жупархан деген ҳаялы болыпты. Күнлерден бир күни патша ҳаялы менен сөйлесип отырғанда, ҳаялы патшаға ғайыптан:

— Ҳаял болмаса, үйдиң шырайы да шықпайды, дүнья да жыйналмайды, — деп салыпты.

Буған патшаның қатты қәҳәри келип, ҳаялына:

— Олай болса, бар, сени жибердим. Дүньяны жыйнаўшы мен бе, ямаса сен бе, оны соңынан көремиз, — деп ҳаялы менен айрылысыпты.

Ҳаял қаңғып кетип баратырып бир қаланың шетиндеги бир жаман ылашықтың қасында отырған бир ғаррыны ушыратып:

— Ата, мен бир жетим едим, маған қәўендердик етсеңиз. Сизге қыз болар едим, — дейди.

Сонда ғарры оған:

— Шырағым, мениң улым да жоқ, қызым да жоқ. Қыз болсаң бола ғой, — деп, ҳаялды өзине қыз етип асырап алады.

Ғаррының күндеги талабы — тоғайдан отын жыйнап сатып, сол отыннан түскен ақшасын ғәрежет етип жасайды екен.

Бир күни қызы атасына:

— Ата, бүгиннен баслап тапқаныңызды маған әкелип берсеңиз, күнделик ғәрежетти мен саўсам, не дейсиз? — депти.

Ғарры буған ыразы болып, бар тапқанын қыздың қолына сала баслапты. Қыз ғаррының тапқанын үнемлеп жумсап, үнемленген пулға қаладан таўар, ийне-сабақ алыпты. Таўардан шапан, тақыя, көрпе-төсек сыяқлы нәрселерди тигип, қалаға сатыўға берип жибере баслапты.

Солай етип, булардың күн көриси кем-кем жақсыланып, олар бир жылдан кейин тапқан пулларына қаладан мал ала баслапты. Арадан бир неше жыллар өткеннен кейин жыйнаған маллары көбейип, өзлери қурғын хожалыққа айланыпты. Қыз бенен ғарры енди маллары ушын кең-жазық жайлаў излей баслапты. Ақыры олар өзлерине қолайлы жайлаў таўып, сол жерге қоныс басыпты. Булар қоныс басқан жерге кем-кем анаяқтан, мынаяқтан хожалықлар көшип келип, жайлаў үлкен аўылға айланыпты. Сол аўылдың адамларының көпшилиги ғарры менен Жупарханның малын бағып күнин көре баслапты. Булар усы жерде тура берсин, ендиги гәпти Жупардың айрылысқан күйеўи, патшадан еситейик.

Бир күни патша аң аўлаў ушын шикарға шығады. Шикарға шығып қайтып киятырып баяғы Жупардың қой-жылқыларын бағып отырған адамлардың аўылына жолығады.

Патша олардан:

— Бул кимниң аўылы? — деп сорайды.

— Жупарханның аўылы, — деп жуўап береди адамлар.

— Қой-жанлық кимдики?

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Жупардики, — дейди.
Патша бул жерден кетип, қара мал бағып отырған аўылға келеди.
— Бул кимниң аўылы? — депти.
— Жупарханның аўылы, — депти адамлар.
— Маллар кимдики?
— Жупардики, — дейди.
Патша бул жерден кетип, және бир аўылға дусласады. Ол аўылдың адамларынын бийелерди саўып, қымыз ишип, атларды бағып мәс болып жасап атырғанын көрипти. Патша сол аўылдың адамларынан:
— Бул кимнин аўылы? — деп сорапты.
— Жупарханның аўылы, — депти адамлар да.
Сонда патша қызықсынып:
— Жупархан дегеннин өзи қайерде жасайды, — деп сорапты.
Адамлар патшаға Жупарханның үйин силтепти.
Патша сол аўылға барады. Ол Жупарханнын үйинде қонақ болады. Жупархан жүзин жасырып, өзин патшаға танытпапты. Ол мал семизин сойдырып, гүзелеп шарап қойдырып патшаны жүдә сыйлап күтипти. Ҳаялдың миймандаршылығынан кеўли толған патша оған үйлениўди кеўлине түйипти. Сарайға қайтыўдан Жупарханды айттырып алыў ушын еки ўәзирин қыздың әкесиниң алдына жиберипти.
Жупарханның әкеси патшаға қызын бериўге қайылшылық билдиреди. Соның менен патша көп дүньялар берип қызды айттырып узатып алады.
Қыз сарайға келгеннен кейин, той күни кешқурын патша қыздың алдына келипти. Олар екеўи сәўбетлесип отырып патша:
— Мениң бурында Жупархан исимли ҳаялым бар еди. Ол кеткеннен кейин бир неше рет ҳаял алдым, бирақ олардың ҳеш қайсысы сол Жупархандай бола алмады. Онын кетиўи менен патшалығымнан берекет кете баслады. Сизиң хызметлериниз, минез кулқыңыз маған сол Жупарханды есиме салды, соның ушын сизге үйленип атырман, — депти.
Сонда қыз:
— Егер мен сениң бурынғы таслаған Жупарханыңыз болсам, не қылар единиз? — деп жүзиндеги пердесин алыпты.
Бурынғы ҳаялын таныған патша қатты қуўанып кетипти. Сөйтип патша ҳаялынын ақылына тән берип, өмиринин ақырына дейин ҳаялы менен бахытлы турмыс кеширип, мурат-мақсетине жетипти.

## ҲАЯЛ МӘККАРЛЫҒЫ

(Р-451. № 176394)

Бурынғы өткен заманда Хорезмниң Хийўа шәҳәринде бир кәмбағал темирши уста болған екен. Бир күнлери усы темирши уста бир байдан мың сом қарыздар болыпты. Ол қарызын таўып бере алмай, оның қысқысынан қорқып Бухараға қашып кетеди. Бухарға барып отырарға орын таппай, жатарға жер таппай әўере сарсаң болып базарда жүрсе, оған адамлар:
— Анаў жерде бир медресе бар, сен сыяқлы үй-күйи жоқ адамлар сонда барып оңысық қылады, — деп силтеп жибереди.
Уста кетип баратырса, жолда бир ийшан дус болады. Уста оған сәлем берип, аманлық сорасып болғаннан кейин өзинин басындағы кемшилик-қайғыларын айтады.
— Бизиң үйде саған пайлы жумыс бар, хызметимди етип жүре бересең, — деп, устаны үйине ертип келипти.
Ийшан үлкен дәрўазалы жайда ҳаялы менен жасайды екен. Ийшан ҳаялына келип:
— Елти, сизге бир айтатуғын гәп бар, — дейди.
— Мейли, айтыңыз тақсыр, — депти.
— Хорезмниң бир шетинен уста кембағал адам келген екен. Ол хәркимнен баспана сорап жүрген екен, ҳешким оған баспана бермепти. Мен оған «Анаў бос турған жайды беремен» деп ертип келип едим, сиз рухсат етсеңиз, сол жайды берсек қалай болар екен? — дейди.
Сонда елти:
— Тақсыр, өзиңиз билесиз. Сизин айтқаныңыз болағойсын. Бир адам көплик етпейди, хызметимизди етип жүреберер, — депти.
Кеште тамақ асылып, ийшан устаны тамаққа шақырады. Ас үстинде ийшан устадан:
— Жасын нешеде? — деп сорайды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Жасым отыз сегизде, — дейди уста.

— Сен бизлер менен жасайбер, өзим сени үйлендиремен, кейин өзиме мүрид етип аламан, — дейди.

Ийшанның елтиси бул гәплердин ҳәммесин иште отырып еситип отыра береди.

Ийшан ертеңине азанда медресеге кетеди. Күйеўи кеткеннен кейин елти устаны касына шақырып танысады.

— Сениң қандай кәриң бар, не кәсип етесең? — деп сорапты ҳаял устадан.

— Мен темиршилик етемен, — деп жуўап берипти уста.

— Бул қалада усташылық еткендей пулың бар ма? — деп сорапты елти.

— Менде ҳеш нәрсе жоқ, тек қара басым жүрмен, — депти уста.

— Ондай болса, мен саған пул беремен, керек затыңды алып, дүканыңды қурып ала ғой, — деп бес алтын тилла береди.

Уста базарға барып көрик алады. Шөккиш, сандал әкелип устаханасына орналастырады. Бир ҳәптениң ишинде ҳәммесин таярлап, усташылық жумысын баслап жибереди. Арадан үш-төрт ай өтеди.

Бир күни елти ийшанға:

— Отырған жайымызды оңлатыўымыз керек, сол ушын үш адам таўып келсеңиз, — депти.

Ийшан күнликши базарына барып үш адам алып келип, ҳаялының қолына тапсырыпты. Ҳаял келген күнликшилерге жайдың ана жер-мына жерин оңлатып болып, өзиниң жайының асты менен устаның жайына шекем жол салдырыпты, аўызын тахта менен бекитипти. Күнликшилердин ҳәр қайсысына бир тилладан пул берипти де, бул сырды ҳешкимге айтпаўды буйырыпты.

Кеште ийшан келсе, үйи бираз жаңаланған екен. Солай етип ийшанның ҳаялы уста менен жер астындағы жол арқалы қатнасып жасап жүре береди.

Арадан еки жыл өтеди. Буннан кейин ийшанның ҳаялы устаға:

— Сениң мениң былай жүргенимиз болмайды, базардан бир түйе ал. Бул жерден кетемиз. Кеште ийшанды шақыр, «ҳаял алып едим, соның некесин қыйып бер» дегейсең, — депти.

Уста ийшанды шақырады. Ол өзиниң ҳаялына усаған хаялдың отырғанын көреди. Ҳаял сәлем берип, жезде деп ийшанның қолынан алады. Ийшан уста менен ҳаялдың некесин қыйып болып, үйине қайтады. Ол үйине келип ҳаялына:

— Бизиң хызметимизде жүрген уста тап сениң дәл өзиң бир ҳаялға үйленипти. Ҳәзир олардың некесин қыйып киятырман, — депти.

Сонда елти ийшанға:

— Аўа, әке-шешемиз атам заманнан берли қатнасықты қойған аталас ағайнимиз бар еди. Маған усаса, соның қызы шығар. Аты өшсин олардың! Егер уста соны алған болса, ертеңнен қалмай көшсин! Соны ҳәзир барып айтып кел, — депти.

Ийшан устаның үйине кеткенде, ҳаялы оннан бурын барып отырады. Ийшан келиўден төсек салып күтип алады.

Ийшан устаның ҳаялына:

— Апаң «сени көрмеймен, бул жерден көшсин» деп айтты, — дейди.

Уста менен ҳаялы ийшаннан көшиўге еки күн мәўлет алады. Базардан түйе әкелип, жүклерин артыстырып жолға шықпақшы болады. Уста ийшанның ҳаялын алып кетеди. Ийшан оны төрт күнлик жолға шығарып салып үйине келсе, үйинде ҳаялы жоқ. Ары-бери оны излеп, ақыры ҳаялы менен устаның буны баплап кеткенин биледи.

Соннан баслап ийшан он бир жыл жатып ҳаялының мәккарлығы хаққында китап жазыпты. Китабы қырық ешекке жүк болыпты. «Бир қатынның мәккарлығы қырық ешекке жүк болады» деген гәп соннан қалыпты.

## ШЫЛЫМ ШЕГИЎДИҢ ҮШ «ПАЙДАСЫ»

(Р-569. № 176512)

Бир киси мудамы «шылым шегиўдиң үш пайдасы бар» деп жүреди екен.

Бир күни оны бир адам услап алып:

— Қәне, айт, шылымның қандай пайдасы бар екен? — депти.

Сонда жаңағы адам оған:

— Шылым шексең, бириншиден, қартаймайсаң, екиншиден, ийт қаппайды, үшиншиден, үйиңе уры түспейди, — депти.

— Қәне, бул гәпиңниң мәнисин түсиндирип бер, — депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда ол:

— Қартаймайсаң дегенимниң мәниси — шылымды көп шеге берсең, қартайып кетпестен бурын өлесең. Ийт қаппайды дегеним — шылымды көп шексең, бүкирейип таяқ сүйенип жүресең, келген ийтти таяқ пенен урасаң, соның ушын ол сени тислей алмайды. Үйиңе уры түспейди дегеним — шылымды көп шеге бергеннен кейин жатсаң да, турсаң да жөтелесең де жүресең. Егер түнде үйиңе уры келип қалса, «мынаў еле уйқыламаған екен» деп үйиңе урлыққа түсе алмайды, — депти.

## ҮШ АҒАЙИНЛИ КӨЗИ АШЫҚЛАР
(Р-89, № 37593)

Бурынғы өткен заманда бир байдың үш баласы болған екен. Әкеси бир күни өлип, үшеўи әкесиниң дүньясын бөлисип алады. «Усы дүньямыз бизге аўқат болды» деп, талап ислемейди. Арадан көп ўақыт өтпей, мол дүнья таўсылады. Жеўге хеш нәрсеси қалмайды.

Олар «енди бул жатысты қояйық» деп, елге шығып кетип баратырса, жолда бир түйе менен ийттиң изин көреди. Жолдың шеп жағындағы жантақ шала желинип қала берген екен. Арманырақ жүрип баратырса, бир ҳаялдың отырған жерин көреди. Ҳаял орнынан қол таянып түргелип кетипти. Сол жерде түйениң ақ жүни түсип қалған екен. Оннан арман жүрип баратырса, алдынан бир адам шығады. Ол жигитлерден:

— Сизлер бул жолда түйе көрдиңиз бе? — деп сорапты.

— Көргенимиз жоқ. Бирақ ақ түйени минип бир адам кетипти. Үстине минген ҳаял екен. Ҳаял жүкли екен. Кейнинде ийти бар, түйениң бир көзи соқыр, тиси кетик, — депти.

— Онда мениң түйемди урлап алған сизлер екенсиз. Түйемди таўып бериң, — деп шаўқым салыпты.

Буның изи үлкен даўға айланып, олар тиртеклесиўи менен ханға барыпты. Түйесин жойтқан адам ханға тәжим етип:

— Мен түйемди жойтып едим. Мыналар оны көрипти, бирақ мойнына алмай отыр, — депти.

— Мына адамның түйесин таўып бериң, — депти хан.

— Тақсыр, бизлер оның түйесин алмадық — депти үшеўи.

— Онда түйениң қандай екенин, үстинде ким бар, изинде қандай хайўан ерип жүргенин қалай билдиңиз? — депти хан.

Жигитлер барлық билгенин ханға айтып берипти.

— Онда мен ҳәзир сизлерди сынап көремен,— депти хан.

Ол ўәзириниң қулағына сыбырлап, кишкене сандықшаға бир дана алманы салып әкелиўди буйырыпты. Ўәзир ҳә демей сандықшаны алып келипти.

— Мына сандықшаны ашпай, оның ишинде не бар екенин айтып бересиз, — деп сандықшаны жигитлердиң биреўине берипти.

Жигитлердиң ең үлкени сандықшаны силкип көрип:

— Сандықтағы нәрсе — домалақ, — депти де, сандықшаны инисине услатыпты.

— Сандықтағы нәрсе — қызыл, — депти, сандықшыны дыққат пенен көрип шығып.

Үшинши жигит сандықшаны ийискеп көрип:

— Сандықтағы нәрсе — алма,— депти.

Сөйтип үш жигит өлимнен аман қутылады.

## ӨМИРГЕ ҚАЙТҚАН ЖИГИТ
(Р-565, № 176508)

Бурынғы өткен заманлардың биринде Хорезм ханлығынан бир жигит узақ бир журтқа жумыс излеп барады. Ол келген елдиң дәстүри бойынша, ери өлсе, ҳаялын, ҳаялы өлсе, ерин жерлеп, тири қалған қостарын әўлийеге тирилей қамап кетеди кетеди екен.

Жигит бул журтқа келип бир байдың дүканын ашып, иси жүрисип, байып кетеди. Сол елден бир қыз алып, жай-мүлкли болады.

Арадан еки-үш жыл өткеннен кейин жигиттиң ҳаялы тосаттан өлип қалады. Дәстүр бойынша сол елдиң халқы ҳаялды жерлеп, жигитти қалың ҳәм бийик етип қурылған дийўал менен қоршалған әўлийеге таслап, әўлийениң дәрўазасын қулыплап кетип қалады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит басына түскенине қайыл болып, сол ақшам әўлийеде түнеп, ертеңине азанда әўлийени аралап жүрип, хәр жерде әжелин күтип, мүлгип отырған ер адамлар менен нашарларды көреди. Және арманырақ жүрсе, бир сыңсып жылаған даўысты еситеди. Жигит даўыс шыққан жерге барып қараса, жылап отырған бир жас келиншек екен. Келиншектен аўҳал сорастырып қараса, ол тойынан еки ай өткеннен кейин жесир болып қалған екен.

Жигит сонда қызға:

— Бул жерде бәрибир екеўимиз де өлемиз. Оннан да сыртқа шығыўдың жолын излестирейик. Егер аман қалсақ, бир өмир бирге жасайық, — депти.

Нашар да оның айтқанына ыразы болыпты.

Сол күни жигит пенен қыз әўлийедеги өзиндей адамлардың бәрин жыйнап, өзиниң мақсетин айтып мәсләҳәт салыпты. Жыйналғанлардың биразы, «қудайдың буйрығына қарсы шығыўға болмайды» деп кетип қалады. Қалғанлары жигитке исеним билдирипти. Сонда жигит оларға:

— Сизлер маған исенгениңиз ушын өз жанымды гиреўге қойып болса да, сизлерди бундай азаптан қутқараман, — деп ант ишипти.

Жигиттиң қасындағы келиншектиң ақылы менен ол жердеги нашарлар өз шашларын кесип, оларға дийўалдан асырылып түсиў ушын кесилген шашлардан арқан есип берипти. Солай етип жигит пенен қыз арқанды дийўалдың арғы жағындағы терекке қарай ылақтырып, дийўалдан асырылып аржағына түсипти де, үлкен шәҳәрге қарай жол алыпты.

Шәҳәрге келгеннен кейин жигит жақсы адамлардың көмеги менен қасындағы нашарды қупыя жерге жасырып болып, өзи бир темиршиге барып өткир қанжар соқтырып, қанжарды етигиниң қонышына тығып, сарайға қарай жол алады.

Сарайға келип, сақшыларға өзиниң ким екенин билдирипти. Сақшылар оны дәрҳал патшаның алдына алып келипти. Патша жигиттен ҳеш нәрсе сорамастан, оны дарға асыўды буйырыпты. Сонда жигит патшаға:

— Бир аўыз арзым бар, соны айтайын, оннан кейин өлтирсеңиз, ырзаман, — дейди.

Патша рухсат береди.

Жигит патшаға жақын келгенде шаққанлық пенен етигиниң қонышындағы қанжарды алып, патшаның көкирегин гөзлеп ылақтырыпты. Өткир қанжар ушып барып патшаның көкирегине қадалыпты. Өмиринде бунда дәўжүрек адамды көрмеген сарай халқының тили кәлиймаға келмей қалыпты. Жигит ҳеш қарсылықсыз сарайдан индемей шығып кетипти.

Ертеңине бул журттың халқы жаўыз патшадан қутылғанына қуўанысып, жигитти тахтқа отырғызыпты. Жаңадан болған патша әўлийедеги жәбиркешлерге берген ўәдесине муўапық, елдеги адамгершиликке жат дәстүрлердиң бәрин бийкарлап, баяғы нашарға үйленип, әдалатлы патша болып мурат-мақсетине жетипти.

## ҚЫРСЫҚТЫҢ КӨМИГИ

(Р-565, № 176508)

Бурынғы өткен заманда жақын бир аўылда бир ғарры жасайды. Оның Қырсықбай деген жалқаў бир баласы болады. Ырасында баласы жалқаў, қырсық, тил алмайтуғын қыңыр болып өседи. Оның тек жалғыз бир әрманы болады. Ол да болса, көмикти излеп таўып алыў ҳәм байыў, сөйтип мал-дүньяға зар болмай, ҳеш жумыс ислемей тыныш жасаўды гөзлейди ол. Арадан жыллар өтеди. Бала сымбатлы, күшли болады, бирақ жумыс ислемей бийкар жүреди, мудамы көмип қойылған дүнья туўралы өтирик гәплер таратады. Сонда әкеси «Бала адам болмай қалыўы мүмкин, оны дурыс жолға салып, аман алып қалыў керек» деп ойлайды.

— Балам, — дейди ол.

— Тыңлайман, аға, — деп жуўап береди баласы жалқаўланып қарап.

— Анаў бизиң жердиң аржағындағы үлкен төмпешикти көрип турсаң ба?

— Аўа, көрип турман.

— Ондай болса, бурын ол жерде бир бай жасаған еди. Оның байлығы туўралы көп жерге хабары жайылған екен. Ол бай қашшан-ақ дүньядан өткен, мудамы сен әрман етип жүрген нәрсе тап сол төбешиктиң астында жатыр. Бай өлериниң алдында өзиниң барлық дүньясын сол жерге көмген. Мине, көрип турыпсаң, бул көмик дүньяны, балам, алланың өзи саған нийетлеген. Сен енди тек қолыңа бел алып, оны қазсаң болғаны.

Қырсықбек бул аўыр мийнетке қол урғысы келмейди, бирақ тезирек дүньяға ийе болыў тилеги

www.ziyouz.com kutubxonasi

хəмме нəрседен күшли болады.

Қырсықбек он күн даўамында хеш дем алмастан, басқа нəрсеге алағада болмастан мийнет етти, ыңқылдап жер қазды. Он биринши күни теп-тегис болып тегисленеди, бирақ Қырсықбек бир тенге де таба алмады.

Ол ашыўланып əкесине жуўырып келеди.

— Сен мени неге бүйтип алдадың? — деп тоңқылданады ол əкесине, — ол жерде алтын да жоқ, гүмис те жоқ.

Əкеси Қырсықбектиң гəпин тыңлап, өтирикке күлип жиберипти.

— Көмик дүнья тап сол жерде жатыр. Бирақ, оны алыў ушын енди ол төбешиктиң орнына пахта егиў керек.

Баласы əкесиниң бул айтқан кеңесине қулақ салады. Сөйтип еккен пахтадан мол зүрəəт алынады. Буған Қырсықбек қуўанады. Əрманы орынланады. Енди ол хəр күни таң атыўдан күн батқанға шекем атызда мийнет ете баслайды. Баслы нəрсе — бул ҳадал мийнет пенен тапқан нанның хəрқандай алтыннан да қымбат, қəдирли екенин жас жигит жақсы түсинеди.

## ГҮЛ ЕСТЕЛИК

(Р-98, № 1615)

Əййемги заманда бир қалада Нур деген бир уста болыпты. Жасы қырыққа келгенде уллы болады. Перзентиниң атын Сəмбий деп қойыпты. Тоғыз жасында баласын мектепке берипти. Он алты жасында оқыўын тамамлапты. Ол əкесиниң усташылық өнерин үйрениўге кириседи. Жигирма жасына келгенде Нур баласын таңлап жүрип, қаладағы бир саўдагердиң қызына үйлендирипти.

Арадан бир неше күн өткеннен кейин Нур, оның изинше хаялы Гүлхатша əлемнен өтеди. Ата-анасынан айрылғаннан соң үй машқаласы Сəмбийдиң мойнына түседи. Баласы атадан қалған дүньяны жеп жата береди.

Сəмбий «үйде жалғыз қалмасын» деп, хаялының қасынан узаққа кетпейтуғын болады. Бара-бара үйден атлап шыққанды да қояды. Соның менен атасынан қалған дүньяны жеп тамамлап болады. Күнлерден бир күн Сəмбийдиң бул ҳалына хаялы шыдамайды. Қандай болса да бир талап ислеўи кереклигин айтады.

— Мен сени жалғыз таслап хеш жаққа кете алмайман. Сондай болғанлықтан талап ислей алмай жүриппен, — дейди Сəмбий.

— Не ушын олай дейсен, жаным? Мен үйде жалғыз қалғанда не қылады? Сонша жылдан бери аяғымды қыя басқанымды көрдиң бе? — деди хаялы.

— Хеш нəрсе көрмесем де, сезбесем де, жүрегимде гүдик пайда болыпты. Үйден атлап шыққым келмейди.

— Қой, олай деме! Мен сениң ушын бир нəрсе ойлап таптым. Мə, сен мына гүлди қолыңа алып, қойын қалтаңа салып жүр, қай ўақ мен ядыңа түссем ямаса бир нəрсени меннен гүманлансаң, усы гүлди қолыңа алып көр. Егер гүл жапырағын солдырса, онда мени аяғымды қыя басқан деп бил. Егер гүл жапырағын солдырмаса, онда мениң хақ екенимди бил. Буны қалай көресең? — деди хаялы.

Сəмбий гүлди алып, ишки қойын қалтасына салды. Орнынан турып кийинип, ийнине шапанды қағып салып, усташылық əсбапларын белине буўып, талап излеп көшеге шығады.

Ол көшеде кетип баратырса, буны көрген адамлар:

— Хаў, мынаў Сəмбий ғой! Бул да көшеге шығатуғын болыпты-ғо, жатаққа жатқанды қойыпты-ғо! — десипти.

Ана жерде де, мына жерде де сыбыр-сыбыр сөзлер Сəмбийдиң қулағына жетеди. Сəмбий қаланы гезип əри жүреди, бери жүреди. Сол күни ужыбатлы жумыс таппайды, тек нан пулы, шай пулын ғана табады. Сөйтип кол ушы талап пенен арадан неше күн өтеди. Тапқаны хаялы менен екеўиниң тамағынан артпайды.

Бир күни хаялы оған:

— Сəмбий, бул қаладан басқа жақларға барып талап етсеңиз қалай болады? Күнелтиў ушын қаяққа барып ислесең де бола береди, — дейди.

Сəмбий ойланып турады. Хаялының айтқаны кеўлине мақул түседи. Азық-аўқатын, затларын алып жолға шығады. Нешше күн жол жүрип бир қалаға келеди. Қалада бир мийман жай таўып алып, жумыс изледи.

Сол қалада бир бай бар еди. Ол өзине жақсы жай салдырып алыў ушын устаға мүтəж еди. Сəмбий



www.ziyouz.com kutubxonasi

сол байдың жайын салыўға барады. Дәрхал қолына қәлемин, қағазын алады, байдың жайынын қандай болып салынса жақсы болыўын ойлайды. Жайдың сызығын сызып, қағазға түсиреди. Бай жайдың қурылыс сызықларын көрип, ҳайран қалады. Жайы питеғойса, ықлымда бир жай болажақ. Сонлықтан да сол жайды кеўлиндегидей етип салыўға не керек болса да, пулды аямай берип, таптырып алыўға гүлլән ықтыярды Сәмбийге береди.

Сәмбий жай салыўдың ықтыярын алған соң, жайға керек кәрежет пулды байдан санап алады. Жайдың барлық керек затларын таярлайды. Сөйтип жайды баслап жибереди. Жайдың диййўалы үш пақса болған мәҳәлде бай жайы ықлымда жалғыз бир жай болып салынып атырғанлығын көреди. Бай буған қуўанып Сәмбийди кеште үйине аўқатқа шақырады. Алдын-ала бир сарпай сыйлық береди. Әне, сөйтип Сәмбий жайды салып болады.

Арадан үш ай өткенде бул жайы салынып питеди. Бай жайды қабыл етип алып үйиниң питкенине арнап той-тамаша береди. Буннан кейин бай және бир жай салыўға қызығады. Сәмбий бул жайдың сүўретин сызып байға көрсетеди. Бай унатты, керек дегенинше пул берди. Сәмбий жайды баслады. Жайды салып жүрип баяғы ҳаялы берген гүлди адамлардың аўлағында көрип туратуғын еди. Буны сол жайдың гербиш хызметинде жүрген бир адам сезетуғын еди.

Бир күни сол адам Сәмбийдин жайына келеди. Ҳармасын сорасып болғаннан кейин:

— Сәмбий аға, сизиң қойын қалтаңызда сақлап жүрген гүлиңиздиң не қәсийети бар? — деп сорайды.

Сәмбий әри-бери уялған болып қысынады. Қайта-қайта сорай бергеннен кейин сырын айтады:

— Үйимде ҳаялымды жалғыз таслап кетип едим, ол маған усы гүлди берди. Егер бул гүл қалтамда жүрип жапырағын солытса, демек, ҳаялым аяғын қыя басқаны.

Бир күни усы хабарды бай да еситеди. Сәмбийди кеште бай қасына шақырады. Сөйтип гүлдиң қәсийетин өз қулағы менен еситеди. Олар ақшам гүрриңлесип, жатақ жайларына қайтады. Бай үйинде қалып ойланады:

— Устаның ҳаялын өзи усы жақта жүргенде шақыртсам қәйтеди?

Ертеңине бир саўдагерди қасына шақырады.

— Сен ҳәзир тез алты түйениң өркешин алтынға орап, бизиң жайды салып атырған устаның ҳаялын көширип алып кел, — дейди бай. —Оған «байың тез көшип келсин» деп атыр де, сөйтип оған мың тилләны бер! Тилләны көргенде ол дәрҳал разы болады.

Байдың саўдагери дәрхал алты түйенин өркешин алтынға толтырып, ҳасыл затларды алады. Сәмбийдин ҳаялы отырған қалаға кәрўан жетип келеди. Саўдагер затларын сатыстырып болып, Сәмбийдиң үйин сорастырып таўып алады. Оның ҳаялы саўдагерди жақсылап күтеди ҳәм қырық күнлик шарапты берип мәс етеди. Саўдагер аўзына не келгенин айтып, ең кейнинде сырды ашып салады. Сырын билип алған Сәмбийдиң ҳаялы саўдагердиң басына табақ пенен урып, сыртынан қулпырып кетеди. Ақшам өтип, азанда саўдагер турса, белгисиз жайда жатырғанын көреди. Орнынан турып есикти ийтереди. Әйнектен ҳаял келип хабарласады. Саўдагер «есикти аш» деп жалынады. Ҳаял есикти ашпайды. Ҳаял әйнектен ишке қарап турып:

— Мә, мына ғаўашаның пахтасын суўыр! Күнине бир батпан ғаўашаның пахтасын суўырмасаң, өлип қалсаң да аўқат бермеймен, — дейди де, әйнектен хабарласып, азғантайдан аўқат берип, жумсап қоя береди.

Ендиги гәпти саўдагерди жиберген байдан еситиң. Оны бир неше күн күтип отырды. Қайтып келмеген соң кейнинен тағы да адам жиберди.

Ҳаял байдың жиберген саўдагерлерин қалайынша күтсе, келген адамларды да сондай етип күтип, ертеңине жумсап қамап қоя берди.

Бир күни бай өзиниң жиберген адамлары келмей, хабар болмаған соң өзи он еки түйеге жүк артып, Сәмбийдиң ҳаялы отырған қалаға жол тартады. Бир неше күн жол жүрип жетип келеди. Жүкти бир кәрўан сарайға түсирип бәрин сатып пул етеди. Сөйтип ҳаялдың үйин таўып алады. Ҳаял байды жақсылап күтип алады. Буған да жақсы аўқат берип, қырық күннен бермаған сақлаўлы турған шарапты буған да қуйып береди. Шарапты ишип, басы айланып есирген бай барлық сырды ҳаялға айтады. Соның менен бул байды да ҳаял бурынғы келген саўдагерлердиң қасына қосады. Азанда бир нан менен еки батпан пахтаны байға береди.

— Мына пахтаны жип етип ийирсең, аўқат жейсең, болмаса, аштан өлсең де тамақ бермеймен, — дейди ҳаял.

Әне, енди бай менен оның саўдагерлери пахта ийирип отыра берсин, ендиги гәпти Сәмбийден еситиң.

Ол байдың жайын питкереди. Хызмет ҳақысын алыў ушын жайды байға тапсырайын десе, бай кетип қалған екен. Байдың келиўин бир неше күн күтеди, бай келмейди. Ақырында «ҳақымды қайтып келип аларман» деп, елине қайтады. Үйине келип ҳаялы менен табысады. Ҳаялы болған ўақыяны Сәмбийге айтып береди. Ол бай менен оның саўдагерлерин жайдан босатып, қасына алдырады. Бай өзиниң басынан кеширген ўақыяларын айтып, ақмақлығына пушайман жейди ҳәм аяғына бас урып кеширим

www.ziyouz.com kutubxonasi

сорайды. Сәмбийдиң мийнет ҳақысын сол жерде төлеп, кетемен дегенше кеширим сорап, ақыры жуўап алып саўдагерлери менен қайтады.

Сәмбий хаялының ҳақлығын, онын күйеўинен басқаны көзге илмейтуғынына исенеди. Сөйтип, екеўи татыў турмыс кеширип, үбирли-шүбирли болып, мурат-мақсетине жетеди.

## МИЙИРМАН ПЕРЗЕНТ

(Р-455, инв №176398)

Бурынғы өткен заманда бир журтта өтирик сөйлеген ямаса урлық ислеген адамнын еки қолын кесиў жазасы болған екен.

Күнлерден бир күни бир адам гүналы болып, усындай жазаға ҳүким етилипти. Жәлладлар гүнакарды гүнлениң алдына алып барған ўақытта жаңағы кисиниң қызы сол елдиң ҳүкимдарының алдына барып, диз шөгип:

— Тақсыр, мениң әкемниң усындай жазаға ылайық ис ислегени ырас. Мен усы адамның перзентимен. Демек, мениң мына еки қолым да әкемниң қолы. Енди, буйырың Ҳүкимдарым! Жәлладлар әкемниң бала-шаға бағатуғын емес, ал мына еки күшсиз, нашар қолларын кессин! — депти.

Қыздың ақылына ҳайран қалған ҳүкимдар:

— Сендей әкесине мийирман, онын үстине жүрекли перзентлер анадан жүдә аз туўылады, соның ушын әкеңниң гүнасынан кештим, — деп, жаңағы гүнакар адамды үйине аман-саў қайтарып жиберипти.

## УСТАЗ ТӘЎИП ҲӘМ ОНЫҢ ШӘКИРТИ ҲАҚҚЫНДА ЕРТЕК

(Р-141, №50413)

Бурынғы өткен заманда  халық арасында үлкен абыройға ийе болған бир тәўип жасаған екен. Усы тәўиптиң қасында оған мудамы ерип жүретуғын бир шәкирти де болыпты.

Күнлерден бир күни узақ шәҳәрде жасайтуғын бир байдың жалғыз баласы аўыр кеселге шатылыпты. Бай баласын узақ-жақындағы тәўиплердиң бәрине қаратыпты. Олардың ҳеш қайсысы баланың дәртине даўа таба алмай, қатты баслары қатыпты.  Сол шәҳәрдиң үстинен кәрўан менен өтип баратырған бир жолаўшы оған баяғы атақлы тәўип ҳаққында айтып, оннан жәрдем сораўды мәсләҳәт берипти. Бай узақ жол жүрип, сол атақлы тәўип жасайтуғын қалаға келип, оны таўып, басына түскен дәртти айтып жәрдем сорапты. Ҳәким баланы емлеўге ыразы болып, изине шәкиртин ертип, бай менен оның елине қарай жол алыпты.

Уллы тәўип баланы көрип болып, пышақ пенен баланың бас терисин төмен сыйырып, бас сүйекти тақыядай дөңгелетип кесип алады. Мийди қарап көрсе, мийдиң қабығына жабысқан өрмекшиниң баласындай құртты көреди. Ол құртты қолы менен алмақшы болып созғанда, устазының ҳәрекетин дыққат пенен бақлап турған шәкирти:

— Устаз! Қалған жағын мен ислейин, — депти.

Ҳайран қалған устазы оның пәтин қайтарғысы келмей:

— Мейли!  Өзиңди сынап көреғой, — депти.

Шәкирт отқа кепкирди қыздырып, оны баланың басындағы қурт турған жерге жақынлатып услап турады. Кепкирдиң қызыўына шыдамаған қурт аяқларын мийдиң қабығынан босатып, жыйрылады. Шәкирт соннан кейин ғана қуртты искек пенен әсте алып таслайды.

Енди шәкиртиниң ҳәрекетин дыққат пенен бақлап турған Ҳәким Улықпан оның ҳәрекетин түсинсе де, билимин тексериў ушын:

— Сен не себеп қызған кепкирден пайдаландың? — деп сорапты.

— Устаз, егер қурт искек пенен алынғанда, мийдиң жуқа қабығы жыртылып, бала өлетуғын еди. Кепкирдиң қызыўына шыдамай, қурттың өзи аяқларын мийдиң қабығынан тартып алды. Искекти соннан кейин ғана пайдаланыў керек деп ойладым, — депти.

— Бәрекелла! Сен әлле қашан жетик тәўип дәрежесине жетипсең! — депти.

Сол күннен баслап устазы шәкиртине ақ пәтия берип, оған өз алдына тәўиплик етиўге рухсат етипти. «Устаздан озбаған шәкирт — шәкирт емес» деген сөз соннан қалған екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

**ЖАЗА**

(Р-1085, №182787)

Түркий ҳақанлар дүньяға ийелик етип турған бир заманларда, Әмиўдәрья жағаларының биринде жайласқан қалада күши көкирегине сыймаған, баратырғанның балтасын, киятырғанның кетпенин алатуғын, бир қудайбийзар жигит жасаған екен. Ол ҳәр күни базарға барып, қарнын тойдырыў ушын базаршылардың сатыўға әкелген нәрселерин тартып алып, жасты да, ғаррыны да аямайтуғын нағыз найсап болыпты.

Күнлерден бир күни ол әдеттегише базарға келип, «кимниң әкелген заты жақсы екен» деп базар аралап жүрсе, шетиректе бир ҳаял балық сатып отыр екен. Жигит балықты алғысы келип, ҳаялдан, оны жақсылық пенен бермесе, тартып алатуғынын айтыпты. Ҳаял:

— Үйимде гөдек үш балам бар. Усы балықты сатып, соларға нан алып бараман, оны саған бийпул бере алмайман, — деп қатты қарсылық етип, балықты әнейилик пенен бере қоймапты.

Ҳаялдың балықты жақсылық пенен бермейтуғынын билип, жигит оны тартып алыў ушын балық салынған ыдысқа қол созыпты. Ҳаял жан-тәни менен ыдысқа жабысыпты. Ол ҳә дегенде ыдысты жибере қоймапты. Жигит бар күши менен ыдысты жулқып тартып жибергенде, ҳаядың қолы ыдыстан жаздырылып кетип, басы менен сол жерде жатқан үлкен тастың үстине жығылыпты. Ҳаял сол жерде сеспестен жан берипти.

Жыйналған халық ҳақанның әскерлерин шақыртып, жигиттиң қолларын арқасына арқан менен байлатып, оған қылмысы ушын жаза бериўге ҳақанның алдына жиберипти.

Елди сол ўақытта қәҳәри қатты, бирақ жүдә ақыллы ҳәм әдил бир адам басқарады екен. Ол хабаршыдан болған ўақыяны еситип, узақ ойланып, соң алдында оның ҳүкимин күтип, диз шөгип отырған жигитке қарап:

— Мен саған қылмысың ушын еки жаза белгилеймен. Оладың қайсысын таңлаўды еркине беремен. Биринши жазам — ҳәзирдиң өзинде дарға асыласаң, екиншиси — өзиң өлтирген ҳаялдың үш гөдек баласы тири жетим қалды. Сол үш баланың ҳәр бирин он сегиз жасқа шыққанға дейин бир шаппат урмай, ҳадалдан табылған нан менен бағып тәрбиялап, кейин мениң қолыма тапсырасаң ҳәм қайтып оларды ҳеш қашан көрмейсең, — депти.

Жигит ҳақанның екинши ҳүкиминиң шәртин еситип жүдә қуўанып кетипти. «Ҳеш болмағанда тири қаламан ғо! Балаларды бағыў өлип кеткеннен жақсы ғо, еплеп оларды келе қылып ийесине тапсырсам болар, барлық бәледен қутыламан» деп ойлапты да, ҳақанның екинши шәртине қайыл болыпты.

Бул ўақыяны бақлап отырған ҳақанның кексе бир мәсләҳәтшиси жигитке:

— Ўах! Қыйын шәртти таңладың-аў, балам! — депти.

Оның бул гәпине таңланған жигит:

— Инсанның жанынан да қәдирлирек нәрсе барма екен, уллы мәсләҳәтши? — депти.

Ҳақанның буйрығы менен қаланың шетинен балалар менен жигитке бир ылашық ажыратылыпты. Сол ўақытта балалардың ең кишисиниң жасы бирде, ортаншысы екиде, ал үлкени үш жаста екен. Жигит бир байдың есигине күнликши болып жалланып, не тапқанын балалар менен бөлисип жеп күнелте берипти. Дәслеп анасын жойтып әдеўир қыңырлық еткен балалар кем-кем үйренисип, оның келиўин күтип, узақ күнди жолға қарап өткеретуғын болыпты. Жигит те баста ҳақанға берген ўәдесине муўапық, тапқанын «балалар аштан өлип қалмасын» деп үйине тасып жүрсе де, ол да кем-кем оларға үйренип, өзинен-өзи үйине асығатуғын болыпты. Ҳадалдан табылған несийбе, оны жеген балалардың қуўанышы, бала тәрбиясына байланыслы машақатлар оған өз тәсирин көрсетип, онда әсте әкелик сезими ояна баслапты.

Балалардың үлкени он жасқа шыққанда жигит қатты кеселленип, орнынан тура алмай төсек тартып жатып қалыпты. Ярым ақшамда оның аўҳалы аўырласып, қатты қыйналыпты. Ананың орнына ана, әкениң орнына әкедей болып қалған адамнан айрылып қалыўдан қорққан балалардың үлкени еки үкесин оның қасында қалдырып, өзи қалаға тәуип излеп кетипти. Ол не-не қыйыншылықлар менен зорға бир тәуипти таўып, ылашығына баслап келипти.

Тәуип жигитти көрип болып, балаларға:

— Бийтаптың емин билемен, бирақ оны өлимнен алып қалатуғын дәри жүдә қымбат турады, оған пулыңыз бар ма? — деп сорапты.

— Бизлер қалай болмасын пул табамыз, сиз оған қандай дәри шыпа болатуғынын бизге айтың, — депти.

Тәуип дәриниң атын айтып, оны қаяктан табыўдың жолын түсиндирипти.

Балалар әри ойланып, бери ойланып, ақыры сол қаладағы ең бай деп есапланған адамның ҳаялының алдына барып, аяғына жығылып, оларға әкесин емлетиў ушын пул керек екенин, сол пулды өтеў ушын

www.ziyouz.com kutubxonasi

қандай жумыс болса да ислеўге қайыл екенин айтыпты. Балаларды катты аяса да, бирақ сонша пулды қурыдан қуры бериўге көзи қыймаған ҳаял олардың шәртине көнип, балаларға керек пулды берип, есесине байдың қойларын бағыўды тапсырыпты.

Тәўип буйырған дәрини ишип өлимнен аман қалған жигит өзине келип ўақыяны еситип, балаларды баўырына басып отырып, езилип жылапты.

Жыллар артынан жыллар зымырап өткен сайын «балаларымды ҳақанның буйрығы бойынша онын қолына тапсырыўым керек» деген ой оған ҳеш тынышлық бермепти. Енди ол «балалардан айрылып қалыў»дан жаманырақ жазаның өзи жоқ екенине анық көзи жетипти. Бирақ ўақыт өз билдигин етип, балалардың үлкени он сегиз жасқа толыпты. Ол енди күн өткен сайын тысыр еткен сеске «ҳақанның адамлары келдиме екен» деп шоршып оянып, әбден жүрегин алдырыпты. Бир күни кешкурын онын есиги алдында аттың аяғының дүсирлиси еситилип, жигит үйинен жуўырып шығыпты.

Атлылардың бири оған олардың ҳақанның «балалардың үлкенин алып келиўге» жумсағанын айтыпты.

Жигит олардың алдына диз шөгип отырып, оны әпиў етип, баланы таслап кетиўин жалынып сорапты. Бирақ атлылар онын дуў-сыйын тыңламай, баланы алып кетипти. Жигит баласын уўайымлап және төсек тартып жатып қалыпты. Бирақ, «мен жатып қалсам, балаларымның ҳалы не кешеди» деген ой оны және төсектен турғызыпты. Ол жылап- сықлап тиришиликти даўам еттирипти.

Арадан бир жыл өткеннен кейин баяғы атлылар және онын есигинин алдында пайда болыпты ҳәм енди екинши баланы ҳақанның алдына апарыўға келгенин айтыпты. Жигиттиң «ҳақан енди мени жылатпас-аў» деген үмити пушқа шығып, атлылар және жигит пенен балаларды зар жылатып, екинши баланы да ат алдына салып айдап кетипти. Сорлы әке жер тоқпақлап қала берипти. Күн өткен сайын енди онын аўҳалы әбден қыйынласып, жеген асы бойына тарамай, таңды пәтикке қарап жатып өткеретуғын аўҳалға келипти. Бирақ жүрегиниң төриндеги «ҳақан бул сапары реҳими келип, гүнамды кеширер-аў» деген үмит ушқыны, қасында қалған бала оны жасаўға және мәжбүр етипти. Бул үмит ушқыны енди ҳәр сапары оны зар жылатып кететуғын атлылар онын есиги алдында үшинши мәртебе пайда болғанда ғана сөнипти. Бул сапары ол әдеттегидей атлыларға жалынып жыламапты да, жерди тоқпақламапты да, тек есинен айырылған адамдай баласын алып кетип баратырған атлылардың изинен үнсиз қарап қала берипти. Ол усылайынша жолға үш күн даўамында қарап отырып, төртинши күни қапталына жығылыпты. Қанша жатқаны белгисиз, өзине келип әтирапына қараса, әтирап айсыз түндей қап-қараңғы екен. Ол сонда өзиниң соқыр болып қалғанын бир-ақ билипти. Онын тәғдирине ашынған жерлеслери кими нан, кими аўқат әкелип, онын ҳалынан хабар алып туратуғын болыпты.

Бир күни бир ғарры қолында бир шөреги менен оны жоқлап келсе, жигит түйиншигин арқалап қаяққадур кетейин деп атыр екен.

— Қаяққа кетейин деп атырсаң, балам? — деп сорапты ол жигиттен.

— Балаларымды барып көрежақпан, — депти жигит.

— Сен өзиңниң ҳақанға берген ўәдеңди умыттың ба? Ол енди саған балаларды ҳасла көрсетпейди-ғо, бул пикириңнен қайт, — деп зарланыпты ғарры.

— Ҳақанның алдына барып онын садық бир пуқарасы сыпатында өмиримдеги соңғы тилегимди орынлаўын сорайман, — депти жигит.

— Ҳақан сени кеширип, балаларыңды да көриўге рухсат етер, бирақ мына соқыр көзин менен енди сен оларды көре аласаң ба? — деп, ғарры оны бул пикиринен қайтарыўға урыныпты.

— Мен соқыр болған менен, балаларымның көзи саў-ғо, олардың тири екенин билсем болды. Маған басқа ҳеш нәрсе керек емес. Сен оннан да мени ҳақанның сарайына баратуғын жолға салып жибер, — депти жигит.

Жигит бәҳәрдиң сел жаўын қуйып турған күнинде, нөсер тынып, аспанның ашылыўын күтпестен, қолына таяғын алып үлкен гүзар жолға түсип, балаларын излеп жолға түсипти.

## МУРАҚОР

(Р-455, №176398)

Баяғы заманда бир ханның жас мурақоры болыпты. Онын жумысы пүткил елийеттиң атын шығарып турған ханның қос тулпарын бағып-күтиў, сейислеў екен. Хан бул мурақор жигиттиң тулпарларды жанынан да артық көрип, жақсылап қарайтуғынын еситип, билип отырады. Мурақорды сыртынан бақлап та, өзи менен сөйлесип те сырын билген хан жигиттиң сөзсиз ҳадал хызметкер екенине көзи жетипти. Хан мурақор жигит пенен ҳәр дуўшакерлескенинде онын исине де, сөзине де кеўили толып, оны ўәзирлерине үлги етип айтып жүреди. Ханның мурақор жигит пенен иш тартып сөйлескенин, оны

мақтағанын ўәзирлери жақтырмайды. Әсиресе, бас ўәзир қалай да бул жигитти ханға жаман көрсетиўдиң жолын қыдырады.

Бир күни ўәзирлер арасында қаназат тұқымы туўралы гәп болғанда, хан өз тулпарларына күн демей, түн демей қарап атырған мурақоры жөнинде де сөз қозғап, оның хошмәмиле жигит екенин, аттың да, адамның да бабын таба билетуғын шынайы маман екенин айтады.

Бас ўәзир ханның бул сөзине наразы кейипте:

— Тақсыр, қам сүт емген бәндениң бир кемшилиги болады ғой. Мурақорға оншама исене бермеңиз. Бәлким, Сизге жараныў ушын хәйле ойлап жүрген шығар?! Жәҳәнде жалған сөйлемес жан бар ма? Әгер менин айтқаным менен келиспесеңиз, бу жигитти бир сынап көрейик. Мүмкин, бир сөзинен болмаса, бир сөзинен жалған табылар? — дейди.

Хан бас ўәзирге қарап:

— Мен адам танысам, тап усы жигит ҳешўақ жал гәп айтпас. Басы кетсе де, айтқан сөзинен қайтпас. Әгерки сен бул сөзимди хош көрмесең, қәне онда шәрт ойнайық. Шәртимиз былай болсын: Набада мурақордың бир сөзинен өтирик табылса, мен тағымды түсип саған берейин. Әгерде, хәкисинше болса, онда сен өз мәнсабыңнан айырылғаның. Ал, бир исти қастан қылған болсаң, онда басыңнан жуда болғаның, — дейди.

Ханның бул шәртине бас ўәзир келиседи. Келипеске илажы да жоқ еди. Енди өзи жаққан отқа өзи жылыныўға мәжбүр. Басы қатқан бас ўәзир үйине барып, бирнеше күн ойланып жатады. Қәпелимде ойындағысы болмай қалса, алды менен мәнсабынан, оннан да жаманы — басынан айырылатуғынын ойлап, бүк түсип жатып алады. Әкесиниң жатқаны-жатқан, оның үстине қабағы салыңқы, онша мәниси жоқ екенин еки қызы да аңлайды. Олар әкесине тил қатып:

— Ата, бирер күннен берли неге кеўилхошыңыз жоқ. Хан Сизге аўыр тапсырма берди ме? Яде бир жериңиз аўырып жүр ме? — дейди.

Әкеси олардың шын жаны ашып турғанын билип, және ишинен түйген ойын иске асырыўдың сәти келгенине қуўанып:

— Ўай, мениң басыма бир ис түсип қалды. Қарап жүрмей, хан менен шәрт ойнамасым бар ма?! Соңғы ўақытта хан мурақорын көп мақтап, оны өзине жақын тартып жүр. Мениң сол жигиттен қәдигим бар еди. Бәлки, ол жигит ханға жақсы көриниў ушын сондай хәйле ойлап жүрген болар. Биз енди сол мурақордың бир шийкилигин таўып, соны ханға жеткериўимиз керек. Я бирде, оның сөзинен өтирик табыўымыз лазым. Соны қылмасақ, мен бар-жуғымнан айырылғаным. Аталарың аман қалсын десеңиз, бирне ойлап таўың! Қәне, буған не дейсиз, қарлығашларым? — дейди.

Бас ўәзирдиң еки қызы да бирден шуў етип:

— Ўәй, атажан! Ол жигитти бизге сыртынан бир көрсетиңиз, оның бир бошаң жерин өзимиз-ақ таўамыз, — дейди.

Бас ўәзир сонда:

— Олай болса, биреўиң сол мурақордың исениминен пайдаланып, оның бағып жүрген тулпарларының басын маған алып келетуғын болың. Мен сонда екеўиңе де ырза болар едим, — дейди.

— Болады, оның жолын табамыз, — дейди бас ўәзирдиң еки қызы да бирдей жарысып сөйлеп.

Бас ўәзир оларға мурақорды туў сыртынан көрсетеди. Мурақор шынында да түр-түси келискен, узын бойлы, шымыр денели, нағыз күшине толысып турған жигит екен. Бас ўәзирдиң еки қызы да шырай-көриктен кәнде емес, көрген жанның есин алғандай хоширей еди. Бул арыўлардың қолын сорап жүрген, қасына жолай алмай жүрген жигит-желең де көп еди. Бирақ, бул еки қыз да ҳешкимге қыя бақпады. Лек әкеси ушын не иске де қайыл болды.

Бас ўәзирдиң үлкен қызы кешке жақын ханның сейисханасының қасына барып, мурақордың тулпарларды ишке алып киргенин, кирип есикти тәмби басып бекиткенин көрип турды. Қыз изине айланып, өзи менен неше түрли ишкилик-жегилик алып, мурақордың жатақжайының алдына келди де, есигин қақты. Бираздан кейин иштен жигит шығып есикти ашты да, алдында үрип аўызға салғандай ҳүрлаңның турғанына лал болып қалды. Ол есикти айқыра ашыў менен болды. Қыз жигиттиң өзине ышқының кеткенин билип, таўланып ишке ене берди. Жигит қыздың сулыўлығын көрип албырағанынан «Неге келдиң, не жумыс еди?» деп те сорамады.

Бас ўәзирдиң қызы ортадағы хантақтаға өзи әкелген базарлықты жайып, оның үстин жайнатып қойды. Мурақордың қолынан суў алып, дәмге шақырды. Жигит өз-өзинен бийиқтыяр қыздың еркине көне берди. Дуз-дәмектен дәм татты, шараптан жутты. Бир заманнан кейин өзин қыз құшағында көрди. Бурын шарапты аўзына алып көрмеген жигит, өзгеше сезимниң жетегинде, өзин бир жәннет бағына кирип қалғандай сезинди. Ол бул қызықтан ҳеш те мақурым болғысы келмес еди. Қызық-қызық пенен таңның саз бергенин де билмей қалды. Орнынан шапшып турған қыз басын төменге салып, бетин басып, есикке қарап жүре берди. Сол гезде жигит қыздың алдын кеселеп:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қәлеўиңди айт! Не айтсаң да, бежерейин, — деп турып алды.

Қыз:

— Әгер мен десеңиз, мени және көргиңиз келсе, қос тулпардың бириниң басын маған кесип бериңиз, — деди.

— «Ер жигиттиң еки сөйлегени — өлгени». Айтқаның болсын, — деди де, жигит қос тулпардың бирин қуйрығынан тартып, жерге таўлап урды да, көзди ашып-жумғанша басын кесип алды. Басты дорбаға салып, қыздың қолына тутқызды.

Қыз аяғын әсте-ақырын басыўы менен есиктен шыға берди. Кетип баратырып «Кешқурын күт!» деп кетти. Жигит сол мең-зең қәлпинде өз орнында қала берди. Үш күннен бир ханға барып, тулпарлардың жағдайын айтатуғын әдети бар еди, оған және еки күн бар болған соң, сол күни ханасынан шықпастан жатты.

Бас ўәзирдиң екинши қызы үлкенинен өткен сулыў болса да, олар суўдың бир тамшысындай бир-бирине айнымай уқсар еди. Кешқурын орамалға түрли-түрли наз-нағметти түйип, үстине хошийис әтирден сеўип, киши қыз да үйден шықты. Ол сырткөзден тасаланып жүрип, сейисханаға да жетти. Күни бойы қыздың келиўин күтип жүрген жигит сыртта тықырлы еситилиўден, есиктиң алдына жетип келип, илдирмекти суўырды. Қыздың кешегиден де сулыўланып, жайнап-жаснап кеткенине әбден кеўили тасып кеткен жигит оның еки бетинен гезек-гезек өпти. Киши қыз да өзин танытпай, жигиттиң қушағына бойын ата берди. Жигит, биринshiден, қыздың сулыўлығынан, екинши, әтирдиң хош ийисинен мәсең болып, пүткил өзин умытты. Ол бул түнди де айшы-ишрет пенен өткизди. Таң алдында турған жигит ўақтыхош болып, жанындағы ҳүрдиң сулыўлығына көзи тоймас еди. Сол пайыт қыз да ояныпкетип, тез-тез орнын жыйыстырды да, кетиўге ҳәзир болды. Жигит оны жибергиси келмей

— «Ер гезеги — үш» деген. Қәне, қәлеўиңди айт! — деди.

Соны айтыўын күтип турған қыз:

— Мени десеңиз, ханның тулпарының басын кесип бериңиз, — деди.

Өз сөзинен қайта алмаған жигит «Дегениңиз болсын!» деди. Ол ойланып турмастан барды да, жалғыз тулпарды жерге жығып салып, басын кесип алды. Басты дорбаға салды да, қыздың алдына қойды. Қыз жумысының питкенине ырза болып, аяғын санап басыўы менен есиктен шыға жөнелди. Жигит қыздың тағы да келиўинен дәмедар болып қала берди.

Мурақор бул күни де ханасынан шықпастан жатты. Кешқурын күткен қыз келмеди. Ары күтти, бери күтти, қыз келмеди. Күте-күте таңды да атырды. Қыздан алданғанын билди. Өзиниң шайтаный иске қол урғанына өкинди, бирақ енди пайдасы жоқ. Сәскеде ханның алдына баратуғын ўақты еди. Ханға қандай себеп айтса болады? Енди соны ойлай-ойлай, әбден басы қатты.

Жигит қалпағын жерге қойып, бир өзи болып, бир хан болып, ойын ойнады:

— Ассалам-а әлейкүм, тақсыр!

— Ўа, әлейкүм, балам! Ал, тулпарларға күтим қалай енди?

— Күтимнен кемис жоқ, тақсыр!

— Бәлли, бәлли!

Жигит ханның өзине шын исенетуғын билгеннен кейин бул сөйлесиўлерге қанаат ҳасыл қылмады. Тағы да қалпақты жерге қойып, бир өзи болып, бир хан болып, сәлем-әлик сорасты:

— Ассалам-а әлейкүм, тақсыр!

— Ўа, әлейкүм, балам! Ал, тулпарлардың ишип-жеми қалай?

— Ишип-жемнен кемис жоқ, тақсыр!

— Бәлли, бәлли!

Жигит бул жолғы сөйлесиўдиң де сәтсиз шыққанын аңлап, қайтадан қалпақты ортаға қойды да, енди ханға туўрысын айтыўға бекинди:

— Ассалам-а әлейкүм, тақсыр!

— Ўа, әлейкүм, балам! Ал, тулпарлардың жай-күйи қалай?

— Қалай дегендей жағдай болмай қалды, тақсыр!

— Не дедиң, неттиң?

— Тулпарлар периниң жылаўында кетти, тақсыр!

— Не пери, не өзи?

— Кессеңиз, мине басым! Солай болып қалды.

Мурақор сол сөзди айтты да, жерге басын қойып, өзине-өзи қапа болып, еңсесин көтерместен бираз жатты. Ол не болса да ханға бар ҳақыйқатты айтпаға бекинди.

Сәскеге шамаласқанда хан алдына барды. Хан ўәзирлери менен жыйналып отырған екен. Есиктен әл қаўсырып кирип:

— Ассалам-а әлейкүм, тақсыр!

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ўа, әлейкүм, балам! Ал, тулпарлар қалай?

— Қалай дегендей тулпарлар жоқ енди, тақсыр!

— Неге, не болды?

Сол гезде бас ўәзир «не айтар екен?» деген ойда мурақордың жүзине бақты.

— Тақсыр, кессеңиз мине басым, бизди қара басты!

— Не қара басты, не болды?

— Тақсыр, мен бир қыз деп еки тулпарды да өлимге қыйдым! Исенимиңизди бир пул қылдым. Енди маған қандай жаза кессеңиз де, өз қолыңызда. Сиз соған қайыл болсаңыз, мен соған тайын, — деди де, басын төмен салып жиберип, ийилиўи менен отырып қалды.

Хан бас ўәзирге қарады, бас ўәзир жерге қарады. Хан мурақорға:

— Көтер басыңды, не болғанын бирим-бирим айт, — деди.

Жигит жүз берген жағдайды бирме-бир айтып берди, ҳеш сыр жасырмады.

Хан:

— Бас аман болса, тулпар табылар. Балам, сен болған ўақыяны жасырмай айтып, мениң ойымнан шықтың. Мен сениң өтирикке жаның қас екенин кашшан-ақ аңлаған едим. Енди бир гәп бар: бириншиси, сен тап бүгин-ақ сарай хызметине алындың. Екиншиси, сен айтқан «перийзат» бизиң сорамымызда болса, соларды таўып бериў мениң мойнымда. Оларды пери қылып жумсасаң да, шоры қылып жумсасаң да, өз еркиңде.

Хан шабарларын жиберип, алды менен шәҳәрдеги барлық қызды жыйнатты, оларды бирим-бирим жигиттиң көз алдынан өткерди. Жигит олардың арасынан бир-бирине уқсас еки қызды тапты, бирақ жанына келген қыз солардың қайсысы екенин анық айыра алмады. Хан бул еки қыз да бас ўәзирдиң қызы екенин танып, бул жерде бир сыр бар екенин билди. Енди олардың барлығын да сораўға тутты. Ақыр-соңында бас ўәзир хәмме иске өзиниң себепши болғанын мойнына алды.

Хан бас ўәзирдиң, бириншиден шәрттен утылғанын, екиншиден, жынаятқа қол урғанын айтып, оны хызметинен босатты, соңғы айыбы ушын оған өлим жазасын белгиледи. Хан енди өз ўәзирлери менен кеңесип, бас ўәзирдиң орнына жақында ғана сарай хызметине алынған мурақор жигитти қойды. Бурынғы бас ўәзирдиң еки қызын да оның ықтыярына тапсырды. Жигит бурынғы бас ўәзирдиң узақ жылғы хызметин айтып, ханнан оны өлим жазасынан азат етиўди соранды. Хан жигиттиң биринши өтинишин жерде қалдырмаўды ойлап, өзиниң бас ўәзирге белгилеген ҳүкимин бийкар етти.

Жигит жазадан азат болған бурынғы бас ўәзирдиң еки қызы менен де некесин қыйдырып, сүйген арыўларына қосылды. Оның барлық иси оңынан келип, қут үстине қут болды, мураты мурт болды.

## АҢҚАЎ ҒАРРЫ

(Р-455, №176398)

Бурынғы өткен заманда бир кемпир менен ғарры турмыс кеширипти. Бир күни кемпир ғаррысына тезек терип келиўди буйырыпты. Ғарры тезек терип жүрип, бир ийне таўып алыпты. Ғарры ийнени тезек қаптың ишине салыпты да, кемпирине келип:

— Кемпир, кемпир, мен бир ийне таўып алдым, — депти.

Сонда кемпири:

— Ол ийне қайда? — деп сорайды.

— Тезек қаптың ишинде, соннан таўып ала ғой, — депти ғарры.

Буны еситкен кемпири «қапқа да ийне сала ма екен» деп шыр-пыры шығып, қапты ақтарып қарай баслайды. Ҳеш жерден ийнени таба алмайды. Әкелген тезеклерин де езип карайды. Бунда да табалмапты. Буннан кейин кемпир:

— Енди таўып алсаң, жағаңа қыстырып кел, — деп, ғаррысын және тезекке жибереди.

Ғарры тезек терип жүрип, бир орақ таўып алады. Кемпириниң «жағаңа шаныш» деген сөзи ядына түсип, «буны ғана тап жағама қыстырайын» деп, жағасына түйреп алыпты. Ғарры қабын ийнине қағып салып, үйине келипти.

— Кемпир-аў, мен бир орақ таўып алдым. Сениң айтқаның бойынша, жоғалтып аларман деп, жағама қыстырып келдим, — деп орақты көрсетипти.

Кемпири «жағаға да орақ қыстыра ма екен» деп күйип-писип, жағасын жыртып, орақты зорға суўырып алыпты.

— Енди орақ таўып алсаң, белиңе қыстырып кел, — деп, ғаррыны және тезекке жиберипти.

Ғарры тезек терип жүрсе, алдынан бир күшик шығыпты. Ғарры күшикти услап алып, кемпириниң

www.ziyouz.com kutubxonasi

айтыўы бойынша тас қылып белине байлап алады. Ғарры қабын арқалап үйине келип:

— Кемпир, мен күшик таўып алдым, — депти.

Кемпир жуўырып келип белбеўин шешип қараса, күшиктиң өлип қалғанын көрипти. Сонда кемпири:

— Ўах, ғаррым-ай, күшикти де белге байлай ма екен, изине неге ертип келмедиң? — деп қыйналыпты.

— Ўах, кемпирим-ай, ядымда бар еди-аў, сени бақырар деп белбеўиме байлап едим, енди барсам ядымда болар, — деп жуўап берипти ғарры.

## ШЫНЗАТ

(Р-565, №176508)

Бурынғы заманда бир залым хан болыпты. Ханның бас ўәзири де бәдҳасыл-бийқәсийет биреў екен. Ханның исениминен пайдаланған бас ўәзир халыққа салықты басып салыпты. Алғы-бергиниң түри көбейгеннен кейин журт өзиниң кәсибин қойып, қол ушы талапқа өтипти. Жер-жерде урлық-ғарлық, урыс-ғаўға, таланшылық көбейип, соның кесиринен халықтың тынышы кетипти, елийет ишин бийберекетшилик жайлапты. Бул жай журтшылық ғамын ойлаған зиялылардың жанына батады екен.

Сол журтта түрли илимнен хабары бар, заты төре тұқымынан Шынзат деген илими-тәлип жигит жасапты. Хан қанша залым болса да, уламалар менен зиялылардың алдында бас ийип, оларды жийи қабыл етеди екен. Хан сыйлаған сондай зиялылардың бири Шынзат болған соң, тез-тезден ол да ханның сарайына келип турады. Бир ис шығып қалса, хан да Шынзатты шақыртады екен. Шынзаттың абырай-мәртебесиниң кем-кемнен көтерилип баратырғанынан бас ўәзир иш-ишинен қыйналып, мәниси болыңқырамай жүреди.

Бас ўәзир бир күни ханға Шынзаттың журт арасындағы абырайы айрықша екенин, халайық оны хан тағына да ылайық көретуғынын жипискилеп отырып жеткереди. Хан бул сөзден шошып түседи. Өз сөзиниң ханға тәсир еткенин билген бас ўәзир:

— Тақсыр, айыпқа буйырмасаңыз, биз Шынзатқа қыйын бир тапсырма берейик, оны бежере алмаса, елийеттен қуўайық, — дейди.

Хан:

— Шынзатты бул арадан қуўсақ, оның абырайы тағы да өседи. Ал изине халық ерип кетсе, қалай қыламыз? — дейди.

Сонда бас ўәзир:

— Онда, алды менен оған аўыр тапсырма берейик, оны да үддeлеп келсе, уў берип өлтирейик, — дейди.

Бас ўәзирдиң бул айтқаны ханға мақул түсип, хан «ўүҳ» деп суўық демин алады. Хан бас ўәзирге:

— Олай болса, бул исти өзиң питир, — дейди.

Бас ўәзир Шынзатты шақыртып:

— Ханымыз Сизге үш саўал берди. Бириншиси, халық арасындағы урлық-ғарлық, өтирик-өсекти қәйтип тыямыз, қалай тыныш жасаймыз? Екиншиси, ханның қазнасын қалай толтырамыз? Үшиншиси, журт ишин жайлаған иргезорлықты, озбырлықты қалай тоқтатамыз? Мине, ханымыз Сизден бул үш саўалды хатқа түсирип, соның шешимин китап етип жазып бериўиңизди сорайды, — дейди.

Шынзат:

— Олай болса, маған үш ай мәўлет бериңиз. Бул мәселе бойынша мениң жазып жүрген китабым бар еди, соның кемшин жери болса көрип, дүзеткендей жерлерин қайта қарап шығайын, — дейди.

Бас ўәзир:

— Үш ай — көп ўақыт, үш хәпте де көп. Китабың тайын болса, саған үш күн мәўлет, — дейди.

«Ханнан буйрық болса, пуқарада не турыс» деп, Шынзат изине қайта береди.

Үш күннен кейин Шынзат хан дәргайына келеди. Бурын Шынзатты туўры қабыл етип жүрген хан бул жолы «Бас ўәзир менен бирге кирсин» деп буйырады.

Шынзат бас ўәзирге барып жолығып, оның менен бирге хан алдына киреди. Хан Шынзатқа:

— Биз Сизди илими-тәлип адам деп, китап жазыўды буйырдық. Сиз бул исти бурыннан-ақ қолға алған екенсиз. Бәлли, бәлли! Оны тағы да қарап шығып, кемис-кутығын дүзеттиңиз бе? — дейди.

— Солай, тақсыр! Мине мынаў сол мийнетим, — деп, ақ шаршыға түйилген китапты шығарып көрсетеди.

Хан:

— Бәлли, бәлли! Сизиң бул хызметиңиз ушын өзим мәрхамат етейин, — деп, бир кесени шүмпилдетип шарап қуйып береди.

Шынзат шарапты қолына алса, онда қандай да өзгерис бар екенин байқайды. Ол шарап толы кесениң жийегин айландырған болып, қолындағы жүзигине жағып келген түссиз дәрини соның

www.ziyouz.com kutubxonasi

ишине түсире береди. Хан «Ал енше, шараптан алыңыз» дегенде кеседеги ишкиликти симирип, өтирикке мәсең түр көрсетеди. Қараса, кесениң түбинде қойыўласқан қалдық шөгип қалыпты.

Хан:

— Қәне, енди Сиз китабыңыздың қайсы бетинде не жаздыңыз, бизге негизги оқыйтуғын жерлерин белгилеп бериңиз, — дейди.

Ханның бул сөзи Шынзатқа қуп түсип, ол ханның көзин ала бере кесениң түбинде қалған зәхәрге суқ бармағын батырып алып, «Сизге ең кереги мына жерде, және мына жерде» деп, бирнеше бетке қолындағы уўды батырып жағады. «Бирақ, алды менен китаптың бас сөзин жақсылап оқып алыңыз», деп ол жерге де зәхәрди молынан жағады. Жортаға көзи булдырап, орнынан қалдаўрап турған Шынзат:

— Онша мазам болмай тур, тақсыр, үш күн бас көтерместен, уйқы көрместен жазыў жазған соң, бираз талықтым-аў. Бизге рухсат берсеңиз, тақсыр, — дейди.

«Рухсат, рухсат!» дегеннен соң Шынзат китапты бас ўәзирдиң қолына берип, өзи аяғын зорға басқан қәлипте есиктен шыға береди.

Шынзат кеткеннен кейин бас ўәзир китаптың басқы бетин оқып көрсе, «Бул китап патшалық ушын, патшалар ушын муқым пайдалы китап. Буны ўәзирлер оқыса, пайдасы оннан да зор. Әгер оқып болып, хәр бетти маңлайына тийгизип, сүйип, ләбин тийгизсе, китаптың күши адамның тәнине өтеди. Онда бундай адамның қуўаты хеш ўақыт кемимек емес» деп жазылған екен. Буны еситкен хан «Әкел китапты» деп, оны маңлайына тийгизип, хәр бетин сүйип, «әбден күшке минейин» деп хәр бетти жоқарыдан төменине дейин қайта-қайта жалап, қуўанышы қойнына сыймайды. Оны көрип турған бас ўәзир хан китапты сүйип, жалап болыўдан «Мәрхаматыңыздан бизге де жуқсын» деп, ол да сол хәрекетти қайталайды.

Китапта хан сораған үш саўалға да жуўап бар екен. Биринshиси, хан өз журтына тыныш-татыў жасаўды рәўа көрсе, онда оларды илим-билимге үйретсин, ийман-инсапты жолға қойсын, тәртипке күш берсин. Екиншиси, ханның қазнасы толыў ушын халық байыўы керек. Халық байыўы ушын оларға алым-салық аз болып, хәрким өз кәсиби менен күнелтсин . Жас-желең өнер үйренип, мийнет тәрбиятын көрсин. Үшиншиси, хан зорлықты, озбырлықты тоқтатқысы келсе, зорекиликти әўели өзи қойсын, журттың зәребесин үйирмесин, — деп жазылған екен.

Бул жазылғанды оқып болған хан да, ўәзир де бойына сиңген зәхәрдиң зардабынан сол жерде-ақ жан тәслим етипти. Халық залым хан менен уўсыйқы бас ўәзирден қутылып, Шынзатты хан сайлапты. Шынзат өзиниң илим-билими, ақыл-парасаты менен узақ жыл хан болып, ел-журтын әдил басқарыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

71- ТОМ



# ДИДАКТИКАЛЫҚ ЕРТЕКЛЕР

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МИЙРАС
(P-98, №3435)

Бурынғы заманда бир адамның еки баласы бар екен. Балалардың анасы еки баласын тең көреди екен. Атасы олай емес, үлкен баласын тәўир көреди ҳәм өзиниң ҳәмме жыйған тергенин үлкен баласына қалдырып, киши баласын мийрастан маҳрум етпек болып уйғарған екен.

Көңилдегисин балалардың анасына да билдирди, ананың жүрегине от түседи. Бул пикиринен қайтпағын сорады, болмады. Ҳеш болмаса бала қапаланбасын деп, бул сөзди билдирмеди. Жасырып сақламағын өтинди, сол мақул болды. Бирақ бул ис жатса да, турса да ананың кеўлинен шықпады, аўлақта ойланып зорығып жылай беретуғын болды. Сол әдети бойынша бир күни адам жоқта жылап отырып еди, ашық пикирли бир қоңсысы келип қалады. Жылағанын көрип себебин сорайды.

Муңлы ана жасырардың есабын да таппады, өткен ўақыяны басынан сөйлеп береди. Қоңсысы буған тәселле берип, орынсыз жылағанын ҳәм жасырғаны орынсыз екенин айтады. Бир саатта иркилмей балаға билдирмеге мәсләҳәт береди.

— Усы бастан билдирсең, мийрастан маҳрум болған бала өз ғамын қылып, келешекке тайынланар, — дейди ҳәм солай қылады.

Үлкен бала малдың көплигине мардыйып, иске қарамай дәўран сүрмек пенен бола берди. Кишкене бала истиң көзин аңлады, өзи ушын өзиниң ғамланыўы керек екенлигин билип, талап қылмаға, ҳәр нәрсениң жөнин үйренбеге, билмеге ҳәм оқымаға айланысты.

Аға өлди, орынсыз сарп етилген мал түўесилмесин бе?

## ДОСЛЫҚ
(P-98, №3435)

Бир адамның досты бар екен. Оның дослығының қандай екенин сынап көриў арзыўы менен қолайын гөзлеп жүретуғын еди. Бир күни ақшам үйинде бир өзи отырып иши дәртке толады. Уйқысы келмейди, биринен соң екинши түрли қыяллар қоршап келеди де турады.

Түн жарысы ўақытында орнынан турады, тәшўишликтен арылайын ҳәм бийҳал ўақыт достымды сынап қайтайын деп жолға түседи. Достының есигине барып есиктиң кулпын қақты.

Уйқыда жатқан досты оянып тыңласа, достының даўысын таныйды. Ойланып-ойланып турды да, сандықтан бир қап пул алады, қолына бир қылыш алып ҳәм өзиниң жасынан саз шертетуғын, қосық айтатуғын уста бир азада ханымы бар еди, соған ишара көрсетип, майданға шықты.

— Ишкери кир, — деп мирәт етип, оған ялған минәсибетлер қылмады. Айтқан сөзи мынаў болды:

— Достым, сениң биймәҳәл келгениңнен үш нәрсениң биреўинен қалы болмас дедим де, соның шарасын етип шықтым. Биреўи — кем қәрежетлиликтен қысылған боларсаң, егерде солай болса, мениң барым мынаў қалтадағы пул, ал да сарп ет, екиншиси — жеккеликтен шығар, егер солай болса, бул өнермент ханымның сазда, жырда, хошҳаўазлықта теңи жоқ, соның сазын тыңла, қапа кеўлиңди аўла. Үшиншиси — бир душпаның бар шығар, өш алмаға меннен жәрдем сорап келген шығарсаң, егер солай болса, кескир алмас қылыш, өзим хызметиңе тайынман, — дейди.

Бул сөзлерден хайран болған достының ўақты хош болып, тутқан достының дослық дәрежеси қандай екенин сынап, миннетдар болып қайтып кетеди.

## ЖАРЛЫ ҲӘМ ҚЫДЫР АТА
(P-71, №50414)

Баяғы өткен заманда бир жарлы болыпты. Ол дийханшылық еткен адамлардың қырманларынан кимисинен аққула, кимисинен кеўсен алып күн кеширеди екен. Бир күни қырманға барса, Қыдыр атаны көреди. Жарлы қарап турса, Қыдыр ата дәни көп қырманнан дәни аз қырманға бир дана бийдай салып турған қусайды. Оның менен дәни көп қырманның дәни таўсылмай, сол турысында турады екен. Ал дәни аз қырманның дәни көбейе берипти. Жарлы Қыдыр атаны танымағанлықтан, буған жүдә ҳайран қалыпты.

Ол қырманлардан аққула-кеўсен алыў ушын екинши рет тағы қырманларға барыпты. Барса, баяғы

www.ziyouz.com kutubxonasi

адамды тағы көреди. Ол және дәни көп қырманнан дәни аз қырманға бир бийдайдан салып турған екен. Жарлы ол адамнан:

— Сен кимсең? — деп сорапты.

— Мен Қыдырман, кудайдан аламан десем, аламан, кисиге беремен десем, бере аламан, — деп жуўап берипти ол.

— Ондай болса, мен бала-шағамды ҳәркимнен үсир-кеўсен алып зорға бағып отырман. Сен маған мол несийбе бересең бе? — деп сорайды.

— Мейли, саған жәрдем бергеним болсын. Сен ертең қорандағы жалғыз өгизинди кассапқа апарып сойдырып, терисин маған алып кел, — депти.

Жарлы бәрин Қыдыр атаның айтқанындай етип, өгизин сойдырып, терисин арқалап Қыдыр атаны излеп жолға түседи.

Жолда терини арқалап кетип баратырса, алдынан қырық қарақшы шығады. Жарлы қараса, қарақшылар өзли-өзи төбелесип атырған екен. Олар тери арқалаған адамды көрип, төбелести тоқтатып:

— Сен кимсең, тери арқалап қайда баратырсаң? — деп сорайды.

— Мен Қыдыр әссаламды излеп баратырман, — деп жуўап берипти жарлы.

— Егер сен шынында да Қыдыр әссаламды излеп баратырған болсаң, оннан бизлердиң қырқымыздың да уры-қарақшы екенимизди, бизлердиң өлгеннен кейинги жайымыз дозақ па ямаса бейиш пе екенин сорап бил, — депти.

Жарлы буны билиўге ўәде берипти де жолын даўам етипти.

Бираз жол жүргеннен кейин оның алдынан егин егип атырған бир дийхан шығыпты. Ол дийханды иркип, оннан жол болсын сорапты:

— Қыдыр әссаламды излеп баратырман, — деп жуўап берипти жарлы.

— Онда сен оннан мениң жылда жүз батпан жүўери егип, пискенде де тек сол еккен жүз батпанымды алатуғынымның себебин сора, — депти.

Жарлы буған да ўәде берипти.

Жарлы тағы кетип баратырып, бул сапары бир үлкен гүжим теректи көреди. Қараса, теректин барлық шақасы гүллеп, бир шақасының қуўрап турғанын көреди. Және бираз жүргеннен кейин оның алдынан бир мешитте намаз оқып, ораза тутып отырған қырық молланы ушыратады. Олар жарлыдан оның не мақсетте жолға шыққанын сорапты:

— Ондай болса, — депти олар, — бизлер бейишке барамыз ба я дозаққа барамыз ба? Соны билип кел, — депти.

Жарлы буларға да ўәде берипти. Аз жүрди ме, көп жүрди ме, белгисиз, бул сапары жарлының алдынан қызы ержетип отырған бир кемпир шығыпты. Бунның кимди излеп сапарға шыққанын сорап билген кемпир:

— Қызымның несийбесин кимге қосқанын билип кел, — деп соранылты.

Жарлы кемпирге де ўәде берип жолын даўам етипти. Көп узамай оның алдынан үлкен бир көл шығыпты. Көлде жайынға айланып кеткен бир ылақа жасайды екен. Ол жарлының Қыдыр атаны излеп шыққанын билип, оны арқасына миндирип көлдиң екинши тәрепине өткерип салыпты.

Ол көлдиң екинши тәрепинен Қыдыр атаны таўып алады. Жарлы оған жолда ушыратқанлардың тилегин бирим-бирим баян етеди. Қыдыр ата оған:

Саған биринши ушырасқан қырық қарақшы урлық етерин етсе де, күнде кеште гүнәсын кешириўди алладан сорайды екен. Соның ушын да олар дозақ емес, бийишке барады. Жылда жүз батпан жүўери егетуғын дийханның ҳәреминиң төрт тәрепинде төрт гүзе алтын теңге бар. Соның екеўин саған берсе, ҳасылы көбейеди. Гүжимниң барлық жапырағы гүллеп, бир жапырағынын қуўрап турғаны, сол қуўрап турған жапырағының азық алып турған тамырының астында бир гүзе теңге бар. Сол себепли ол қуўрап тур. «Бизлер бирдей күни-түни намаз оқып, ўақтында ораза тутамыз. Қудайтаала бизлерди бейишке апара ма?» деп сораған қырық молланың пейлинде тәкаббырлығы бар екен. Соның ушын олар бийишке бармай, дозаққа барады. Алдыңнан шыққан кемпирдиң ержетип отырған қызын оң көзинде гүли бар бир адам өзи қәлеп алады. Қыз бахытлы болады. Ал, көлдиң ишинде көрген ылақаның ишинде еки гәўҳар шамшырақ бар, — депти.

Жарлы Қыдыр атадан миннетдар болып, және үйине қарай қайтып киятырып, оннан еситкенлерин жуўап күтип отырғанларға жеткерипти. Олар инам еткен байлықлар менен қалған өмиринде кемтарлық не екенин билмей, бахытлы өмир кеширипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АТАНЫҢ АҚЫЛЫН АЛМАҒАН БАЛА
(Р-89. №37578)

Бурынғы өткен заманда бир бай адамның жалғыз баласы болыпты. Бай картайған ўағында баласын қасына шақырып алып:

— Балам, мен болсам картайдым. Төримнен гөрим жуўық. Өлмесимнен бурын саған бир ақыл айтайын деп шақырып едим. Саған айтатуғын нәсиятым — сен қыз алсаң, мениң Дошымбет деген достым бар, соның қызын ал. Оннан кейин усы жайдың астында жети түйеге жүк боларлық ҳасыл затым бар. Мен өлген соң усы затларды аларсаң, — дейди.

Бир күнлери бай дүньядан көз жумады. Баласы әкеси өлген соң оның айтып кеткен ақылын алмастан, бир қайтып келген ҳаялға үйленеди. Олар бес-алты ай өмирлик жолдас болғаннан кейин ҳаялы сол қаладағы бир ширкетши менен тил бириктирип болып, баланың барлық сырын, дүньясының қайда турғанын билип алады да сырласына барып:

— Ал, шабазым, мениң менен бүйтип жасырынып жора болып жүргениң жарамас. Бүйтип жүргеннен екеўимиз шынтлап қосылайық. Мениң күйеўимниң жети түйе дүньясы бар. Соны сатып ишип байыйық. Күйеўимизди үйден қуўып жиберемен, — дейди.

Бул сөзге ширкетши қатты қуўанып, оның менен бирге өмир сүрмекши болады. Ҳаял үйине келип күйеўин қуўып жибереди. Сөйтеди де, ойнасы менен қосылып дәўран сүрип жата береди.

Байдың баласы үйи-жайынан, дүньясынан айрылып, әкесиниң айтқан ақылы бойынша Дошымбеттиң үйине барады ҳәм оған басынан өткен барлық ўақыясын қалдырмай айтып береди. Сол ўақта әкесиниң досты балаға рейими келип, қызын берип күш күйеў етип алады.

Бир күни бала атасынан жети түйе алып, өзиниң дүньясын жорасы менен бурынғы ҳаялы жоқ ўақытта алып қайтады. Бала қайтадан шаңарақлы болып, кем-кемнен байыйды.

Баяғы ширкетши ҳасыл затларды алайын деп ҳаялының айтқан жерин қараса, затлардың жоқ екенин көреди. Қатынды шақырып алып:

— Мен сени тек «жети түйе ҳасыл затым бар» деген соң ғана алып едим, енди сениң керегиң жоқ, — деп оның менен ажырасады.

Ал, енди байдың баласы тәўир-ақ үлкен бай болады. Бир күни ол елдиң саўдагерлери менен қосылып, басқа бир шәҳәрге саўдагершилик етип кетеди. Арадан неше күнлер өткеннен кейин бир қалаға барады ҳәм бир шарбаққа барып жайғасады. Бул шарбақтың ийеси оғада қумарпаз екен. Оның кәсип-кәри — шарбағына келген саўдагерлер менен төрт асық ойнап, дүньясын қағып алады екен. Шарбақшы үйине келген саўдагерлерге:

— Ким мениң менен төрт асық ойнайды? — дейди.

Саўдагерлерден ҳеш қайсысы да ойнамайды. Бирақ, байдың баласы «мен ойнайман» деп шарбақшы менен қумар ойнайды. Бала азанға дейин елинен алып шыққан барлық затларын уттырады.

Байдың баласы еки қолын мурнына тығып, далада қаңғырып қалады. Сол қалада қуўырдақшының отын жағып, суўын тасып күнин көре береди. Ал, басқа саўдагерлер затларын қымбатына сатып, арзан зат алып елине қайтады. Байдың баласының аўҳалын ҳаялына айтып барады. Ҳаял сол күннен баслап төрт асық ойнайды, қәйткенде утыўға болатуғынын үйрене баслайды. Төрт асық ойынға жүдә қанық болып алған соң шашын төбесине түйип, үстине еркек кийим кийип, жети-сегиз түйеге зат артып, күйеўиниң кеткен қаласына бул да кетеди. Жолда бирнеше күн қонып қалаға жетип барады. Бул да баяғы қумарпаз шарбақшының үйине түседи. Шарбақшы оған да «төрт асық ойнайық» дейди. Сөйтип екеўи төрт асық ойынға кирисип, арадан үш күн өткенде ҳаял шарбақшының барлық дүньясын утып алады ҳәм от жаққыш болып жүрген күйеўин таўып алып, елине аман-саў қайтады.

Әне, байдың баласы усы жерде атасының ақылының дурыс екенин биледи. Сол садық ҳәм ақыллы ҳаялы менен өмириниң ақырына дейин өмирлик жолдас болып, мурат-мақсетине жетеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БИРЕЎГЕ ГӨР ҚАЗСАҢ, ӨЗИҢ ТҮСЕРСЕҢ
(Р-565, № 176508)

Бурынғы өткен заманлардың биринде бир жарлының баласы сол аўылдың байының есап сансыз жылқыларын бағады екен. Жылқы бағып жүрген балаға бир күни бир ақ сақаллы ғарры ушырапты. Бала ғаррыға сәлем береди.

Сонда ғарры:

— Әй, балам, мен саған үш нәсият айтайын. Оның есесине сен маған бир үйир жылқыңды бересең бе? — депти.

Бала ойланып қалыпты. Бирақ ол сол нәсиятларды жүдә билгиси келипти. Ол ойланып-ойланып, ақыры:

— Ал, ата, бир үйир жылқыдан кештим, айтыныз, — депти.

Сонда ғарры:

— Балам, сен хеш ўақыттада азанғы асты таслап кетиўши болма! Суў ишетуғын қудыққа хеш қашанда түкириўши болма! Сени хақ жолдан шығарыўға умтылған адамлардың сөзине исенбе! — депти.

Шәртлескениндей, ғарры баланың бир үйир жылқысын айдап өз жолына кетипти. Кешке қарай бала қалған жылқыларды аўылға қарай айдады. Аўылға жақынлаған сайын бала байдың жылқылар ушын беретуғын жазасын ойлап қорқа баслапты.

Бай күндеги әдети бойынша жылқыларды санай баслады. Санар алдында бай баладан:

— Жылқылар түўел ме? — деп сорапты.

Бала:

— Тек үш нәсият ушын берилген бир үйир жылқыдан басқасы түўел, — деп жуўап берипти.

Буны еситкен байдың хүррейи ушып, қанасына сыймай баланы тепкиниң астына алып, есинен айырылғанша урыпты. Есинен айрылып жатырған баланы қасындағы шопанлар таўып алыпты. Ертеңине өзине келген бала шопанларға рахмет айтып, басының аўған жағына қарай кете берипти.

Бирнеше күн жол жүргеннен кейин бала бир патшалықтан шығыпты. Ол патшаның алдына келип, оннан сарайдан жумыс бериўин сорапты. Патша баланың келискен сын сынбатына қарап, оны сарайда қалдырыўды мақул көрипти. Солай етип, бала патшаның есигинде хызметкер болып ислей береди.

Бир күни баланы патшаның ҳаялы көрип унатып қалыпты. Ол қалай болмасын оны өзине қаратып алыўды ойлапты. Бирақ бала баяғы ғаррының нәсиятын еслеп, ҳаялға ыңғайлық билдирмепти. Баланы өзине қарата алмаған ҳаял ашыўланып, оның көзин жойыўды ойлапты.

Бир күнлери патша шикардан келгенде, ҳаялы баланы жаманлап:

— Сен кеткенде хызметкер балаң маған қол салмақшы болды. Оны жоғалтпасаң, мен сеннен ырза емеспен, — депти.

Патша ҳаялының сөзине исенип, оны билдирмей өлтирип жибериў ушын көмиршилерин шақыртып:

— Ертең азанда көмирге ким келсе, оны услап алып жағып жибериң, — деп буйырыпты.

Ертеңине азанда патшадан көмир алып келиўге буйрық алған бала көмирханаға қарай кетипти. Ол көмирханаға жақынлағанда алдынан бир кемпир шығып:

— Балам, нан аўыз тийип кет, — деп оны үйине мирәт етипти.

Бала асықса да ғаррының нәсиятына бола кемпирдиң изине ерипти.

Баланың өлтирилиўинен хабардар болған патша ҳаялы, оның өлимин тамашалаў ушын көмирханаға *келипти. Патшаның буйрығы бойынша көмиршилер оны дуў сыйына қаратпай отқа урып жиберипти.* Ал бала көмиршилерге барып, көмирди алады да сарайға келеди. Патша баланың тири қалғанына ҳайран қалыпты да, көп узамай гәп неде екенин билип алыпты. Ол баланың ҳадаллығына сай бир лаўазым берип, оны ең жақын адамы етип алыпты. «Биреўге гөр қазсаң, өзиң түсерсең» деген халық нақылы усы ўақыядан қалған деседи.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АҚЫЛЛЫ ХАН ҲӘМ ОНЫҢ АҚЫЛЛЫ БАЛАСЫ
(Р-98, № 76)

Бурынғы өткен заманда бир патша болыпты. Оның бир баласы болады. Бир күни патша баласына:

—Балам, мен енди қартайдым, өлгенимнен кейин сен мениң орныма хан боласаң. «Ханда қырық кисинин ақылы болады» деген гәп бар, балам. Мен өлместен бурын берген ақылларымды жақсылап тыңлап алып, орынлы жеринде пайдалансаң, хор болмайсаң, — депти.

— Айт, ата, қулағым сенде, — депти баласы.

— Балам, егер жолға шығып баратырып бир жерде қоныўға туўра келсе, ойда емес, дөңде жат. Дуз ишкен үйиңе жаманлық етпе. Азанғы асты таслама, кешки асқа қарама. Нәсияттын үлкен-кишиси болмайды. Буны ядыңнан шығарма, — депти.

Бир күни патша өлип, онын орнына баласы патша болыпты. Сол жылдың бәхәри суўық келип, оның халқы егин еге алмапты. Халық ашаршылыққа ушырапты. Патша бар дәнин халыққа бөлистирип берипти. Келеси жылы егилген егинди суўық урып, адамлар қатты әбигер болыпты. Енди патша халқына берерге дән таппай қыйналыпты.

Ол көп ойланып, ақыры әкесининиң қонсы патшалықтағы бир бай саўдагер достынан дән сатып алыў ушын бар-жоқ байлығын түйелерге артып, жолға шығыпты.

Кәрўан бирнеше күн жол жүреди. Олар жолда кетип баратырғанда қатты жаўын жаўады. Баратуғын жери еле алыс. Жақын жерде ел жоқ. Олар сол жерде жатыўға мажбүр болады. Патшаның қасындағы адамлар ойда, ал патша, әкесиниң берген ақылына бола, бир дөңге жайғасып жатыпты. Патшаның қасындағы адамлар орынларынан турып қараса, дөңнен аққан жаўынның суўынан үсти басы адам қарағысыз ҳалға келген, ал патшаның үстине шық жуқпапты. Күн шыққаннан кейин патшаның үсти кеўип кетипти, ал қасындағылар ылай кийимлери менен жолды даўам еттирипти.

Солай етип, бирнеше күн жол жүрип, олар саўдагердиң үйине жетипти. Барса, саўдагер үйинде екен. Ол достының баласын жүдә жақсы күтип алып, онын ҳүрметине үлкен зияпат берипти. Патша оған келгендеги мақсетин баян етипти. Саўдагер патшаны үйинде қалдырып, өзи оның әкелген байлығын сатып, орнына дән алып қайтыў ушын екинши бир қалаға қарай жол алыпты.

Саўдагердиң еки ҳаялы бар еди. Мине сол еки ҳаялдың кишкенеси жас патшаға ашық болып қалады. Ол түнде патша жатырған жерге келип, өзиниң оған ашық екенин айтыпты. Патша әкесинин ақылын есине түсирип, ҳаялды қасынан қуўып жиберипти. Мақсетине ерисе алмаған ҳаял жигиттен өш алыўды ойлапты.

Соның арасында баяғы саўдагер патшаның берип жиберген затларын сатып, түскен ақшаға дән алып, бирнеше күн жол жүрип елине келеди. Алып келген жүклерин түйелерден түсирип үйине келсе, кишкене ҳаялының жылап отырғанын көреди. Саўдагер оның көз жасының себебин сорапты. Сонда ҳаял оған:

— Шабазым, сиз кеткеннен соң мына үйге таслап кеткен патша маған зорлық етпекши болды. Мен оның айтқанын қылмадым. Мақсети орынланбағаннан кейин мени урып азап берди. Маған бундай исти ислеген адам саған да жаманлық етеди. Бунын көзин ертерек жоймасақ, ақыбети жаман болатуғын түри бар, — депти.

Ҳаялынын гәпин еситкен саўдагер исенерин де исенбесин де билмей, ақылы лал болыпты. Ойлап қараса, ол жигитти жақсы билмейди. «Сондай инсаннан да бундай адам туўылады екен-аў! Қой, ҳаялымның ақылын алып, бунын көзин ертерек жояйын» деп ойлапты саўдагер. Ҳаялына патшаны қалай өлтириўди ойласыпты. Сонда ҳаялы оған:

— Бунын жолы аңсат! Сен патшаға әкелген жүклерди барып көриўди айтасаң. Мен хызметкерлерге жүктиң қасына ким келсе де, оны сол жердеги қудыққа таслаўды буйыраман, — депти.

Саўдагер ҳаялынын айтқанындай етип, патшанын алдына барып, әкелген жүклерин барып көриўди айтыпты.

Патша саўдагерге көп рахмет айтып, өзи азан менен жүклерди барып көриўге кетипти. Асығып кетип баратырса, бир кемпир есигиниң алдын сыпырып атыр екен. Кемпир патшаны көрип:

— Балам, ишке кирип нан жеп кет, — депти.

Патша асығып баратырса да, әкесинин баяғы нәсиятына бола, ишке кирип нан жепти. Енди есиктен шығайын деп атырса, кемпир:

— Балам, қазандағы жарма да писип тур еди, «Пискен астың күйиги жаман», деген бир кесе ишип кет, — депти.

Жигит илажсыз иркилипти.

Соның арасында жигиттиң өлгенин көриўге тақаты шыдамаған ҳаял жүклер турған жерге қарай жуўырып кетипти. Жүктиң қасында турған хызметкерлер оны услап алып, қудыққа ылақтырыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит кемпир қуйып берген жарманы ишип болып, жүкти көрип, кеўли толып, саўдагерге миннетдаршылық билдириў ушын оның алдына барыпты.

Жигитти саў-саламат көрген саўдагер ҳайран қалып, бул истиң жөнин сорастырыпты. Болған ўақыяның анығын билип, жас патшадан кеширим сорапты. Патша дән артылған кәрўанын баслап елине қарай раўана болыпты.

Келеси жылы патшаның қармағындағы адамлардың еккен дақыллары мол зүрәәт берип, халық абадан турмысқа жетисипти. Патша елин әдиллик пенен басқарып, мурат-мақсетине жетипти.

## ЖАҚСЫЛЫҚ ҚЫЛСАҢ ДА, ЖАМАНЛЫҚ ҚЫЛСАҢ ДА — ӨЗИҢЕ

(Р-141, №50413)

Баяғы заманда бир ҳаял данышпан адамға барып:

— Биреўге биреў жақсылық қылса, не болады? — деп сорапты.

Сонда данышпан адам:

— Жақсылық қылсаң — өзиңе, — деп жуўап берипти.

Оннан соң ҳаял оннан және:

— Бир адамға бир адам жаманлық қылса, не болады? — деп сорайды.

Данышпан бул сораўға да:

— Жаманлық қылсаң да — өзиңе, — деп жуўап береди.

Ҳаял ойланып, бул киси «Жақсылық қылса да өзиңе, жаманлық қылсаң да өзиңе» дейди. Мен бир биреўге жаманлық қылып көрейин, өзиме жаманлығым қалай келер екен, деген ой пайда болды.

Кешке жақын жаңағы ҳаялдың үйине ҳуў-ҳақ деп бир сайыл келди. Ҳаял да бир нанды уўға басып оған услата қойыпты.

— Берекет тап, балам, — деп сайыл жөнине кетипти.

Сол кетиси менен ол адасып елдиң шетине шығып кетипти. Қаңғып жүрсе, бир кәрўанға жолығады. Кәрўан азық-түлигин таўысып, жүдә ашырқап киятыр екен. Бас салып дийўананы талап, дийўанашылық етип тапқан нанларын басып алыпты. Дийўананың нанын үлесипти. Уў жағылған нан кәрўан басы менен оның баласына тийисипти. Кәрўан басы менен баласы нанды жеўден сеспестен қатыпты. Бул өлгенлер уўға басқан нанды берген қатынның баласы ҳәм байы екен.

Патшаға усы аўҳал туўралы хабар жетип, ол кәрўандағыларды биримлеп тергей баслайды. Кәрўандағылар болған ўақыяны патшаға айтады. Патша олардың жолда киятырып ашырқағанын, алдынан шыққан дийўананың нанын талағанын, усы нанды жегеннен кейин усындай аўҳалдың болғанын билип, дийўананы таптырады. Дийўана қайсы үйден қандай нан алғанын көрсетеди. Уў салған нанды алған үйин таўып береди.

Патша енди ҳаялды тергейди. Ол өзиниң ислеген ислерин айтыпты. Сөйтип данышпан адамның айтқан «Жақсылық қалсаң да, жаманлық қалсаң да өзиңе» дегени ҳаялдың алдына келеди. «Биреўге гөр қазсаң, өзиң түсесең» деген гәп те соннан қалған екен.

## БҮГИНГИ АШЫЎЫҢДЫ ЕРТЕҢГЕ ҚАЛДЫР

(Р-80, №50411)

Бир бай болған, ол жүдә жәҳәнгезди екен. Бир күнлери ол бай қартайып, малы да азая баслапты. Бир баласы бар екен. Бир күнлери бала:

— Япырмай, бала, мал азая баслады ғой, мен де әкем қусап жәҳән гезсем, маллы болмайман ба екен? «Қашса туўыс қоймайды» деген, бала, пайда қылып кетейин, — деп, басқа бир журтқа шығып кетеди.

Жол бойында қонған үйлерине «жарлыдан бай болғанның жалтаңы қалмас, байдан жарлы болғанның балпаңы қалмас» дегендей, бар ақшасын шашып болады.

Бир күни бала қоржындағы ақшасын есаплап қараса, үш жүз тилладай пулы қалыпты.

— Енди бул үш жүз тилла менен қайда бараман? Халыққа, әкеме masқара болдым ғой, оннан басымды алып өлгеним артық, — деп бир шөлге қарай кетеди. Бир күн, ярым күн жүргеннен соң бала аш болады. Өлер ҳалатқа келеди.

— «Уйқыламаса қабақ жаман, ишпесе тамақ жаман» деген екен-аў. Бир шуқыр жер болса таслайын, — деп бир жерге барса, алдынан бир бийик жер шығады. Бийик жерге:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ассалаўма-әлейкум, мен бир кудайы конакпан, — дейди.

Сол ўақта бир жас жигит жуўырып шығып:

— Қонақ болсаң, түсе қал, — дейди.

Аттан түсип барса, дәстурхан жайыўлы, көк шай демлеўли тур. Сол жерде тамақланып алып, атынан хабар алса, алдында от-жем салыўлы, суў ағып турғанын көреди.

Қонақ жери кешликке бир тоқлыны сойып конақ асы береди. Жигит азанда жуўап алып кетейин деп атырып, қонған жигитиниң жақсы пышағы бар екен, соны сорап алады. Жигит атланып елине қайтады. Жолда астында сары байталы бар бир ғаррыға жолығып сәлемлеседи. Жолдас болып көп жерлерге шекем келеди. Бир жерлерге келгенде бала:

— Ата, сөйлесип жүрейик, — депти.

Ғарры:

— Биз сөйлескенде пәтиўасыз әңгиме айтпаймыз, бир аўыз әңгимеме жүз тилла алып сөйлейтуғын бабанман, — депти.

Бала қалтасындағы үш жүз тилланың жүз тилласын берип:

— Әңгиме айт, — дейди.

Ғарры:

— Ал, шырағым, айтсам, есикте отырып, төрдеги адамға пышақ берме, — дейди.

— Айта бер, ата, — дейди бала.

— Болады, шырағым, мениң бир аўыз сөзим сол, — дейди.

Бала қалтасынан жүз тилла берип тағы «әңгиме айт» дейди.

— Еки адам менен жолдас болсаң, қасындағы адамның атын бил, — депти.

— Айта бер, — депти бала.

— Айтып болдым, — депти ғарры.

Бала жүз тилласын берип, тағы әңгиме айттырады.

— Өз ақылым ақыл-ақ, киси ақылы шоқырақ, сулыў сулыў емес, хәр кимниң кеўли кәлеп алғаны сулыў, — депти.

Бала:

— Айта бер, — дейди.

— Енди сениң жолдас хақын ушын бир аўыз сөз айтайын: Ашыўың бүгин келсе, ертеңге қой, — депти ғарры.

Кешкисин бир аўылға жақынлап келип, балаға:

— Ал, балам, таныс жериң болмаса, мениң менен қонасаң, таныйтуғын жериң болса, бара бер, — депти.

— Жоқ, ата, мен сизиң менен бирге боламан, — депти бала.

Бир үйге барып екеўи қонақ болады. Ол үй мал сояды. Кешке ғаррының қатарларын шақырып, бирге отырып тамақ жемекши болады. Бала «жоқары шығың» деў менен ең төменге, есик бетке шығып кетеди. Аўқат жейин деп отырған адамлар, аўқаттың гөшин туўраўға пышақ таба алмайды. Бала «бизде бар пышақ» деп баяғы достысынан алған пышақты шығарып береди. Адамлар пышақты көрип самсаз болып қалады. Адамлар шетинен далаға шығып кете береди. Далаға шығып адамлар ойласып:

— Бул пышақ бизиң бир адамымыздың пышағы еди, соны өлтирип, пышақты алып кеткен. Соннан бермаған излеп таппай жүрмиз, — деп жала салады.

Сол ўақта баяғы жолдас ғарры балаға:

— Пышақты алған жериңди жасырмай айтып бер, — дейди.

Бала пышақты қалай алғанын айтып береди. Сол жерде ғарры баланы өлимнен аман алып қалады. Ертеңине бир аўылға барып, ғарры баланы жиберип:

— Усы аўылдың патшасы бар, соған мениң киятырғанымды айтып, сүйинши сора, — дейди.

Бала шапқылап патшаға барып:

— Тақсыр, сизди көремен деп бир ғарры киси киятыр, — дейди.

Патша:

— Оның аты ким екен? — дейди.

Бала атын сорамаған екен, атын билмей қалады. Кейнинен бир отыншы киси барып көрип:

— Патша, сүйинши, Хәким Улықпан киятыр, — дейди.

Патша сүйиншиге атын айткан отыншыға жүз тилла берип жиберди.

Ғарры балаға рухсат берип, елине қайтарады. Бала атын да сатып ишип, бир саўдагерге жолдас болып елине қайтады. Кәрўан бир қудықтың басына келип суў алыў ушын қудыққа шелек салса, қудықтың ишинде бир адам шелегин ылақтырып, суў бермейди. Соннан кейин кәрўанбасы қолына шелек берип баланы қудықтың ишине түсиреди. Қудықтың ишиндеги дәў қасындағы бақа менен қыздың қайсысы



www.ziyouz.com kutubxonasi

сулыў деп баладан сорайды. Бала турып ойланады: «мен баяғыда ғаррыдан сатып алған бир нәсият сөзим бар еди, соны айтайын» деген ойға кетеди. Сөйтип дәўге:

— Бақаның көзи сулыў, қыздың өзи сулыў, хәр кимниң сүйгени өзине сулыў, — дейди.

Дәў қарқылдап күлип:

— Суўды ала бер, — дейди.

Бала суўды алып кетейин деп атырғанда дәў «тоқта» дейди. Кәрўанлар жипти қыйып жиберип, баланы қудыққа таслап кетип қалады. Кәрўан кетип қалғаннан кейин дәў балаға:

— Сен мениң сораўымды шештиң, енди мен сени шығараман, — дейди. — Саған бираз алтын беремен. Сен қырық түйе, астына мингендей ат алып елине қайта бер, — деп баланы қудықтан шығарып алады.

Бала кейнине қайтып, шәхәрге барып қырық түйе алып, үстин хасыл затлар менен толтырып, кийим-кеншек алып елине қарай сапар етти. Нешше күн жүрсе сонша күн жүрсин, бир күни түн жарпында үйине жетти. Баяғы қыслаўға келсе, үйи еле отыр екен. Бала отаўды айланып үйге кирсе, хаялының қасында бир он сегиз жасар жас жигит жатқанын көрип, «бул бир хаялымның жорасы екен» деп, сол жерде шаўып тасламақшы болады. Бирақ баяғы ғаррының берген «бүгинги ашыўыңды ертеңге қалдыр» деген нәсияты есине келип, кел, бул болмас, ертең ата-анамды, аўыл адамларын жыйнап келип, гүнасын мойнына қойып өлтирейин, бүгинше сабыр етейин, деп бала үйиниң сыртына шапанын төсеп жатып қалады.

Азанда хаял түргелип далаға шығып қараса, бир адам жатырғанын көрип, өзиниң күйеўине де шырамытып, енесине жуўырып барып хабар береди. Кемпир келип қараса, баяғы өзиниң баласы. Жигит кемпирдиң тамған көз жасынан оянып кемпир менен көриседи. Буннан кейин баласы кемпирине:

— Аўылдағы кемпир-ғаррылардың хәммесин шақырып кел, қаламасын соң сөйлесемиз, — дейди.

Кемпир аўылдың адамларын жыйнап келеди. Бала келген адамларға:

— Мениң бир сизлерге сөзим бар. Мен түнде келсем, хаялымның қасында бир жигит жатқанының үстинен шықтым, сол адамның ким екенин мынаў хаялым айтып берсин, — депти.

Хаял айтады «мен сен кеткенде жүкли қалып едим, сениң кеткениңе он сегиз жыл болды, сол ишимдеги қалған бала онсегизге шығып жигит болды, қасымдағы жатқан сениң балаң, — дейди.

Жигит баяғы ғаррының берген нәсиятының дурыслығын мойынлап, бала-шағасына қосылып, мурады хасыл болған екен. «Бүгинги ашыўыңды ертеңге қалдыр» деген сөз соннан қалған екен.

## НӘСИЯТҚА ӘМЕЛ ЕТПЕГЕН БАЛА
(Р-78, №84306)

Баяғы өткен заманда бир ғарры өлер алдында баласын қасына шақырып алып:

— Балам саған үш нәсият айтаман. Биринши нәсиятым: елдиң кәтқудасы менен дос болма. Екиншиси: жақында байыған адамнан қарыз алма. Үшиншиси: сыналмаған хаялыңа сырыңды айтпа — депти.

Сонда бала атасына:

— Айтқан нәсиятларыңның бәрине әмел қыламан, — депти.

Атасы өлгеннен кейин бала оның үш нәсиятының дурыслығын сынап көрмекши болыпты. Сөйтип, ол сол елдиң кәтқудасы менен дос болады. Қараса, кәтқудадан хеш бир жаманлық шығар емес. Енди ол жақында байыған адамнан мың тилла қарыз алып, оны бир қалтаға салып қара үйдиң гүлдиреўишине илдирип қояды да хаялына:

— Сен мына қалтаға тийиўши болма! Мен бул қалтаға дәўперилерди қамап қойыппан. Егер усы қалта ашылса, мен саған жоқпан, — деп хаялын қорқытып қойыпты.

Солай етип қалта гүлдиреўиште тура берипти. Жаңа байыған адамнан да балаға хеш кәўип болмапты. Сыналыў гезеги оның хаялына келипти.

Бир күни ол хаялына:

— Мына аўылдағы маған душпан бир жигит мени өлтирейин деп жүр, — депти.

Сонда хаялы оған:

— Ондай болса, ол сени өлтирместен бурын сен оны гүм ет, — деп мәсләхәт берипти.

Жигит хаялының сөзин мақуллаған болып:

— Дурыс сениң айтқаныңды етпесем, өзим өлетуғын қусайман, — деп үйинен шығып «душпанын» өлтириўге кетипти.

Жигит өзиниң падасына барып, үлкен бир қойды сойып, оны бир қапқа салып үйине арқалап келипти. Хаялын шақырып:

— Хаял, мына өзиме душпан жигитти өлтирдим. Буны енди не қыламыз? — депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Хаялы екеўи ойласып, үйиниң төринен үлкен ура қазып, қалтаны оған көмипти.

Арадан айлар өтипти. Хешқандай өзгерис болмапты. Ол ҳаялы менен татыў, кәтқуда менен де жүдә дос, ал жаңа байыған адам да пулын сорамай тәшўиишсиз жасай берипти. Жигит атасының нәсияты дурыс келмегенине хайран болыпты. Кейин ол: «Қәне, мен өзим олардың жинине бир тийип көрейин» деп бир нәрсени бәнелеп урыс шығарып, ҳаялына пышақ оқталып изинен қуўып кетипти. Ҳаял үйинен қашып шығып, сол қашыўы менен аўыл кәтқудасының алдына барыпты. Ол кәтқудаға:

— Күйеўим ана бир күни мына бир аўылдан бир жигитти өлтирип еди. Бүгин мени өлтирежақ болып пышақ алып изимнен қуўды. Буның бир шарасын көриң, қайнаға, — депти.

Сонда жигитке дос болып жүрген кәтқуда ҳаялға:

— Олай болса, мен ҳәзир оны қазының алдына апартып, жазасын беремен, — депти де қазының адамларына хабар жиберипти.

Қазының адамлары жигиттиң аяғын жерге тийгизбей, оны қазының алдына сүйреп апарыпты. Жигиттиң қазыханаға әкетилгенин еситкен жаңа байыған адам да «Ол қамалып кетсе, қарызымды ала алмай қаламан» деп ойлап, ол да қазының алдына жуўырыпты.

— Қәне, сениң адам өлтиргениң ыраспа? Буның үстине кәтқуданы да сөгип, қарызға алған мың тилланды да қайтармапсан? — депти қазы оған.

Сонда жигит қазыға қарап:

— Қазы тақсыр, мениң әкем өлеринде маған үш нәсият айтып еди, мен оның ҳақлығын сынап көриў ушын, нәсиятларға керисинше әмел қылып, кәтқуда менен дос болдым, жаңа байыған адамнан мың тилла қарыз алдым, сыналмаған ҳаялыма сырымды айттым. Мине ақыбетин өзиңиз көрип турсыз, — деп болған ўақыяларды бәрин айтып берипти.

Қазы адамларын жиберип, жигиттиң үйин тексерсе, бәри оның айтқанындай болып шығыпты.

Сол-сол екен, жигит әкесиниң тири ўақытта айтқан барлық нәсиятларына пухталық пенен әмел қылатуғын болыпты.

## НӘСИЯТҚА САДЫҚ БАЛА

Р-63, № 34661

Бурынғы өткен заманда бир адам жасапты. Оның жалғыз баласы бар екен. Оған мудамы жылқы бақтырар еди. Ол баласы үлкен жигит болып күнлерден бир күн оны үйлендирди. Бирақ, жигитке қыз унамайды. Келиншегиниң басқа жигитлерге узақ қарап туратуғынлығын анда-санда сезетуғын еди. Арадан алты ай ўақыт өтеди. Бала жылқы бағып жүрсе бир ақ сақаллы ғарры балаға келип:

— Балам, үш аўыз нәсият сөзим бар, бир үйирли жылқыға беремен, аласаң ба? — деди.

— Айтың, аламан, — деди бала.

— Онда яқшы. Дуз ишкен жерине жаманлық етпе! Азанғы асты таслама!. Оң қолың урса, сол қолың арашаласын! Әне, усы үш аўыз нәсиятқа әмел ет, балам, — деп, бир үйирли жылқыны алып өтә кетеди.

Күнлерден бир күн әкеси жылқының есабын алды. Сонда бир үйир жылқы жоқ болып шықты. Әкеси баласына қарап:

— Жылқылар қайда? — деп сорады.

Бала үш аўыз нәсиятқа бергенин айтты.

— Сен оңбайсан, нәлет жаўғыр! — деп, ата бийзар етип баланы журттан шығарып қуўды.

Бала басқа патшалыққа тентиреп қаңғып кетти. Әне, бала көп күн жол жүрип басқа патшалыққа жетип, талап ислеў ушын күнликши базарында турды. Сол күни патшаның есигиндеги қараўыл өлип, орнына қараўыл излеп патшаның ўәзири күнликши базарына келип ўәзирдин көзи усы жигитке түсти:

— Ҳа, жигит, талап ислейсең бе? — деди.

— Ҳә, аға, «суғынсам — жеңим, буғынсам — белим, бийкардан — тәңирим бийзар» деген, неге ислемейин, аға, — деп жигит жуўап берди.

Бул жигит жақсы екен деп, патшаға алып келди. Патша бул жигитти өз есиги алдына қараўыл етип қойды. Күнлерден бир күн патшаның ҳаялы жигитке ашық болды. Жигит патша ҳаялының айтқанын қылмады. Патша ҳаялының айтқанын қылайын десе, сатып алған нәсияттың биреўи — дуз ишкен жерине қаслық қылмаў еди. Ҳаял айтқаны болмаған соң жигитти патшаға жаманлады. Ҳүкимдардың көмир жағыўшы бир адамы бар еди. Сол көмиршини патша астыртын шақырып алып:

— Азанда алдыңа меннен адам барса, отқа жағып жибер! — деп буйрық берди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ертеңине азанда патша жигитти шақыртып алып:

— Көмиршиден көмир алып кел, — деп жиберди.

Жигит қабын қолына алып көмиршиге кетти. Жигиттиң алдынан бир кемпир шығып:

— Балам, тайын писken аўқат бар, ишип кет, азанғы асты таслама, — деди.

Жигиттиң сатып алған нәсиятының биреўи усы еди. Ядына түсип, кемпирдиң үйине кирди. Ол аўқатлана берсин.

Сол ўақлары патшаның ҳаялы «жигитти бир көрип қалайын» деп тура көмиршиниң жайына жуўырды. Көмирши патша ҳәмирин орынлап, патшаның ҳаялын отқа салып өртеп жиберди. Жигит хеш нәрседен хабарсыз көмиршиден көмир алып, патшаның алдына барды. Патша көмиршини шақырып алып:

— Не ушын мениң ҳәмиримди орынламадың? — деп дарғазап болды.

— Тақсыр, сизиң ҳәмириңиз бойынша алдын барған сизиң ҳаялыңыз, соны отқа салып өртеп жибердим, — деди көмирши.

Патша ашыў менен:

— Ҳәй, бала, сиз пери емессиз бе, не көрип, не билдиңиз? — деди.

— Тақсыр, мен көмир алып келгеннен басқа хеш нәрсе билмеймен, — деди жигит.

Усы ўақта патшаның қызы келип:

— Ата, арзым бар, — деди.

— Не айтасаң, қызым? — деп сорады.

— Жигиттики дурыс, анамдыки надурыс еди, — деди қыз.

Бул истен қыз хабардар еди. Барлық болған исти қыз атасына айтып баян етти. Патша ҳайран болып, бул жигиттен жөн-жосақ сорады.

— Тақсыр, мен пәлен патшалықта пәлен деген адамның баласыман. Үш аўыз нәсиятқа бир үйир жылқымды берип едим. «Сен неге сонша жылқыны үш өтирик сөзге бересең?» деп, атам мени үйден қуўып жиберди. Оннан кейин сизиң ғамқорлығыңызда жүрмен, — деди жигит.

— Жүз жылқы беретуғын ол қандай нәсият еди? — деп сорады патша.

— Биринши, дуз ишкен жериңе қас қылма. Екинши, азанғы асты таслама. Үшиншиси, бүгинги ашыўды ертеңге қой — мине усылар еди. Кешегиде ханым маған ашық болды, оның жумысын орынлайын десем, нәсият сөзлер ядыма түсти. Мениң ели-журтымнан айрылып жүргенимниң себепшиси усы үш аўыз нәсият ғой! Дуз ишкен жерге жаманлық қылмаў керек еди. Ханымның айтқанын қылмадым. Сиз «көмир алып кел!» дедиңиз, қап алып баратырсам, бир кемпир алдымнан шығып, «тайын аўқат бар, ишип кет, азанғы асты таслама» деди. Ядыма нәсият түсип, кемпир менен аўқат жеп болып, көмир алып келдим. Мениң билетуғыным усы, — деп жигит патшаға анық басынан кешкен ўақыяларды айтып берди.

Патша қызынан еситкен сөзлердиң анық екенин анықлап, бул жигитти өзине ўәзир етип алды ҳәм усы қызын оған бермекши болды. Бирақ, жигит өзиниң үйленгенин айтты.

Әне, күнлерден күнлер, айлардан айлар ҳәм бир неше жыллар өтип кетти. Бир күни жигиттиң сарайда муңлы ойланып турғанлығын патша сезди ҳәм бунның себебин сорады.

— Мениң әке-шешем бар еди, соларды көрип қайтсам қалай болады? — деп жигит оннан руқсат сорады.

Патша разылық берип, жигитти той-тамаша, үйир-үйир жылқы, пада-пада малы, қой-ешкилери менен жолға шығарып салды. Кейнин шаңға толтырып, жигит елине қайта берди.

Бир неше күн жол жүрип, елине бир мезгиллик жол қалғанда көшти сол жерге түсирип өзи атына минип, «ата-анам, бурынғы ҳаялым қалай екен?» деп асығып кетти. Жигит түн жарпында үйине барды. Билдирмей есикти ашып қараса, ҳаялы бир жас жигит пенен жатыр екен. Сол ўақта жигит не болғанын билмей қылышын қынабынан суўырып, екеўин шабыўға қолайласып атырғанда баяғы нәсият ядына түсип, оң қолын сол қолы услады, солай даўрығып отырғанда ҳаялы оянды. Шыра жағып қараса, күйеўи бас ушында қолына қылыш алып шабайын деп турғанын көрди. Сол ўақта ҳаялы:

— Өзиң неге жоқ болып кеттиң? Кеткениңе неше жыл болды? — деп сорады.

— Он төрт жыл болыпты, — деди жигит.

— Сиз кеткенде мен жүкли едим ғой, — деди ҳаялы.

— Аўа, екиқабат единң, — деди жигит.

— Олай болса, мына жигит өз балаңыз, — деди ҳаялы.

Жигит жатырған жас жигиттиң өзиниң баласы екенин билип, сатып алған нәсиятына ырза болып, ҳаялынан кеширим сорады. Кейин ерте азанда ата-анасы менен жыласып көрисип, жигит үш аўыз нәсият сөздиң шарапатынан мурат-мақсетине жетти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# НӘСИЯТ САТЫП АЛҒАН ЖИГИТ
(Р-89. № 24617)

Бурынғы өткен заманда бир бай саўдагер болыпты. Оның жалғыз баласы бар екен. Бай саўдагершилик пенен күнелтип, ақырында картайыпты. Баласы да ер жетип кемалға келипти. Бирақ баласы басқа саўдагерлердиң баласына уқсап ата жолын қуўмапты.

Бир күни бай баласына:

— Балам, мен болсам қартайдым, енди саўда жумысларын өз қолыңа ал. Басқа байдың балалары менен сен де барып саўдагершилик ет, — депти.

Баласы саўданы билмейтуғынын айтыпты.

Оннан кейин бай баласын саўдагершиликке үйретиўди ойлапты да, оның қолына мың тилла берип, қалаға жиберипти. Бала қалаға барыпты. Қолындағы мың тиллаға не алыўдың есабын билмей, ары-бери жүрип, ақырында қайтарман болыпты. Жол менен киятырса:

— Бир нәсиятым бар, соны сатаман. Кимде-ким сатып алар болса, мың тилла береди, — деп отырған ғаррыны көреди.

Бала үйине қурыдан қуры қайтқысы келмей, ғаррының нәсиятын сатып алыпты. Ол «Узаққа сапарға шықсаң, ойда жатпа, жанбаўырда жат» деген нәсият екен. Бала бир нәсиятты мың тиллаға сатып алып, үйине кеш болғанда сымпыйып келеди. Әкесине нәсият сатып алғанын айтады. Бай буған қапа болып қалады.

Тағы бир базар күни бай баласына және мың тилла берип, қалаға жумсайды.

Жигит қолына мың тилланы алып, базарға баратырса, жолда бир кемпирдиң «мениң бир нәсиятым бар, сатаман» деп отырғанының үстинен шығады. Ол ойланып турып, «не де болса нәсиятты сатып алайын, зыяны тиймес» дейди де, қалтасынан мың тилланы шығарып кемпирге береди. Кемпирдиң нәсияты мынадай екен: «Дуз ишкен жерине жаманлық етпе». Бала нәсиятты мийине түйип алады да, сол жерден үйине қайтады.

Бай бул ретте де баласының хеш нәрсе әкелмей, әйтеўир бир сөзди сатып әкелгенине қапа болады. Және бир базар күни ол «Бир сынаған жаманды еки қайта сынама, сынамай кеўлиң тына ма» деген деп, баласын үшинши рет қалаға жумсайды.

Баласы қолына мың тилла алып базарға барады. Базардан мың тилласына турарлықтай хеш заттың қайымын таба алмай көп жүреди. Сөйтип жүргенде орта жасқа келген бир кисиниң «бир нәсиятым бар, кимде-ким мың тилла берсе, сатаман» деп бақырып жүргенин көреди. Ол «Азанғы жумысты таслаған да, азанғы асты таслама» деген нәсият екен. Жигит үйине келип жүре береди.

Арадан көп ўақытлар өтеди. Бай илажсыздан баласын елдиң саўдагерлерине тапсырып бир қалаға кәрўан тарткызады.

Саўдагерлер жолда кетип баратырғанда қатты бир даўыл болады. Даўылдың кейнинен аспанды булт қаплап, қараңғылық болады. Саўдагерлер кәрўанларын бир таўдың шуқырлаў жерине шөгирип, үстиндеги жүклерин түсирип, өзлери уйықлап қалады. Ал байдың баласы баяғы сатып алған нәсиятты тутып, түйелерин таўдың жанбаўырына шөгирип, жүклерип сол жерге түсирип, бул да уйықлайды.

Азанда орынларынан турып қараса, түни менен жаўған жаўын таўдан ойға ағып, саўдагерлер жаўынның суўының астында қалыпты, затлары да ойран болыпты. Байдың баласының үстине де, затларына да шық жуқпапты. Бала усы жерде биринши нәсияттың кәраматын көреди.

Саўдагерлер бул жерден шығып, бир қалаға жетип барады. Саўдаларын ислейди. Бирақ та байдың баласы саўда етип жарытпайды. Қасындағы жолдаслары балаға қарамай елине кетип қалады. Бала болса затларын, түйелерин сатып, ақшасы менен күн көрип жүре береди. Арадан бираз ўақыт өткеннен кейин баланың ақшасы таўсылады. Аш болады. Сөйтип қаңғырып жүрип, сол қаладағы патшаның сарайына барып, есигиниң алдын сыпырып аўқат ете береди.

Бул елдиң шетине жаў келип, патша әскерлери менен соған атланбақшы болады. Патшаның оғада сулыў ҳаялы бар еди. Бул ҳаялларды бақлап жүргендей бир адам керек болып, патша есигинде жүрген байдың баласын шақырып алып, оны ҳаялларына қараўыллыққа таслап, өзи урысқа кетеди.

Бала ҳаяллардың хызметинде бола береди. Арадан бир-еки күн өткенде патшаның киши ҳаялы балаға ашық болып, оның мойнына ақ билегин салып ойнайды. Жигиттиң «Дуз ишкен жерге жаманлық етпе» деген нәсияты ядында бар, ҳаялдың қасына жантаспайды.

Көп кешикпей душпанын жеңип патша қайтып келеди. Патша келиўден киши ҳаялы бала сырымды ашып қояр деп, оны патшаға жаманлайды:

— Ҳәй, патшайым, сизди ақыллымекен деп едим, бизлерге қараўылға таслап кеткен жигитиңиз барып турған бузақы екен ғой. Сен кетиўден ол бизлерге жаманлық етти. Мойнымызға қолын салып

www.ziyouz.com kutubxonasi

ойнады. Не көрмеген күнлеримиз өтти, бирақ кеўлиндегин орынлай алмады, — дейди қатын.

Патша бул сөзди еситип балаға қатты ашыўы келип, қатынды қайтарып жибереди де, баланы қасына шақырып алып:

— Сен ертең азанда ерте қаланың сыртындағы шайнек-кесе шығаратуғын қумбызға барып от жағасаң. Егер күн шығып кеткен соң барсаң, өлимдар боласаң, — дейди патша.

Бала «қуллық» деп паташның алдынан шықты. Азанда орнынан ерте турып, күн шықпай қумбызға барайын деп жолға шықты. Жуўырып-жортып баратырса, жолдың шетиндеги үйден бир ҳаял шығып нан мирәт етти. Бала үйге кирип барды. Наннан аўыз тийди. Бирақ қазанда жарма қайнап тур екен. Бала кетиўге қолайласқанда ҳаял:

— Азанғы асты таслап кетпе деген, анаў жармадан аўыз тийип кет, — дейди.

Баланың ядына баяғы нәсият түсип, илажсыздан жарманың писиўин күтеди. Жармадан аўыз тийеди де, бала қумбызға қарап жүреди. Бирақ ярым жолға барғанда күн шығып кетти. Бала сонда жуўырыўы менен қумбызға барды. Бунын менен ҳеш кимниң иси болмады.

Патшаның баланы қумбызға жибериўиниң себеби, ол қумбыздан жылына бир рет шайнек-кесе шығарылатуғын еди. Баланы жумсаған күни сол шайнек-кеселерди шығармақшы еди. Шайнек-кесе шығаратуғын күни азанда күн шықпастан бурын ким барса да, бир адамды қумбызға атып жиберип өртейтуғын бул елдиң дәстүри бар еди. Бала менен иси болмаўы — патшаның кишкене ҳаялы бул балаға өлермен ашық болғанлықтан, онын күйигин бир ийискеп иштеги дебдиўимди шығарып қайтайын деп, азан менен қумбызға барған екен. Қумбызшылар оны бас салып услап алып, қумбызға атқан да жиберген. Бала болса бул ҳаялдын кейнинен келгени екен.

Қумбызшылардың онын менен иси болмаған соң, бул да қалаға қайта береди. Патшаның алдына келип, қумбызға барғанын айтты. Сол ўақта патша сескенип, тез қумбызшыларды шақырып алып оларға:

— Бүгин азанда қумбызға кимди аттыңыз, — дейди.

— Бир ҳаялды аттық, тақсыр, — деп жуўап берди олар.

Патша сол жерде өзиниң ҳаялы екенин биледи ҳәм баладан барлық жөн-жосақты сорап, онын ҳақ екенин биледи. Сөйтеди де баланы өзиниң ең жақын ўәзири етип алады. Сөйтип байдың баласы сатып алған нәсияттың пайдасын көрип, мурады-мақсетине жетипти.

## ҚАРАБИЙДИҢ НӘСИЯТЫ

(Р-89. №24617)

Бурынғы өткен заманда Қарабий деген өтипти. Онын менен бир жигит жолдас болыпты. Жолда киятырып Қара бий жигитке:

— Егер қайыл болсаң, мен сени атқосшылыққа алар едим, — дейди.

— Усы айтқаның ырас болса, атқосшың болайын аға, — депти жигит.

Әне, екеўи келисип, илгери қарай кете береди. Жолда тағы да Қарабий жигитке:

— Мениң саған айтар нәсиятым: биринщиден, қонақ жерде мениң қасымда отыр, ал отырған орнынды кисиге берме, екиншиден, қонақ жерде алдыңа ас келер, сонда қалтаңнан пышағыңды шығарыўшы болма. Үшиншиден, қонақ жердиң қызы болса, оған жалтаңлап қарай берме, — деп нәсият берипти.

Сөйтип Қарабий менен ат қосышысы екеўи бир аўылға барып, атағы шығып атырған байдың үйинде қонақ болыпты. Қарабий атақлы адам болған соң, оны сыйлап, жеке үйге киргизипти. Атқосшысы да Қарабийдиң қасынан орын алыпты. Адамлар Қарабийдиң үстине көп жыйылыпты. Ал Қарабийдиң атқосшысы кем-кемнен отырған орнынан айырылып, есикке шығып кетипти. Буны Қарабий көзиниң асты менен қарап көрип отыра берипти. Бул сапары атқосшы онын нәсиятын тутпапты.

Бир ўақлары қой сойған бай қонақларының алдыларына аўқатын тартыпты. Қарабийдиң алдына гелле қойылыпты, ал атқосшы болса от жаққышлар менен табақлас болыпты. Қарабий атқосшысына айтқан нәсиятын тутармекен деп оған қарап отырыпты. Атқосшысы табақтағы гөшти туўраў ушын қалтасындағы пышағын шығарып алып, гөшти туўрай берипти. Бул пышақ үй ишиндеги барлық адамларды қызықтырыпты. Көпшиликтиң ишинен бир бай пышақты алмақшы болып, атқосшыға жала салыпты.

— Мынаў пышақ меники, мен урлатып едим. Уры сен, — деп, бай жигитке жармаса түсипти.

Пышақ үстинде үлкен даў басланыпты. Қарабий даўкес байға қарап:

— Ҳәй, бай, сен бизиң атқосшы менен даўлассаң, азанда қазыға барайық, — депти.

Бул сөз хәммесине мақул түсипти. Сөйтип Қарабийдиң атқосшысы онын екинши нәсиятын да

www.ziyouz.com kutubxonasi

тутпапты. Аўқатты жеп болғаннан кейин Қарабийдиң үстиндеги адамлар тарқасып, үйде Қарабий менен атқосшы екеўи ғана қалыпты. Сонда Қарабий:

— Хәй, жигитим, биринши нәсиятты тутпадың, екиншисин де тутпай, кейнинен даўға ушыраттың. Енди зыяны жоқ. Саған мен бир ақыл айтайын, сен ертен қазыға барғаныңда мынадай де: «Мениң әкем кәрўан тартаўғын еди, таксыр, кәрўан тартқанда әкем келетуғын мезгилли күнин айтып кететуғын еди. Бир күни әкем мезгилли күни келмеди. Мен әкемди излеп Дәрбент деген жерден өлигин таптым. Әкемди биреў өлтирип, көкирегине усы пышақты суғып кетипти ҳәм көп дүньясын алыпты. Мен көп күннен бери ел аралап Қарабий менен бирге жүрмен. Кимде-ким усы пышақты таныса, сол мениң әкемди өлтиргени». Усы сөзди айтып бол да, қасындағы байға: «Сен мениң әкемди өлтирген екенсең» деп асыла кет. Мен де қазыға сениң сөзиңди сөйлеймен. Әне, сонда бай сеннен қутыла алмайды, — дейди.

Азанда атқосшы жигит бай менен бирге қазыға барып даўласыпты. Қазының алдында атқосшы жигит Қарабийдиң айтқан ақылын оған қалдырмай айтып, байға асыла кетипти. Бай жигиттен қашып қутыла алмай, қазы алдында гүналы болып, пышақтың ийесине әкесиниң қуны ушын қырық түйе жүги менен ҳасыл зат берип қутылыпты. Қарабий менен ат қосшы көп олжалы болып аўылына қайтыпты.

## БҮКИР ДЕГЕНШЕ, ТҮКИР

(Р-63, № 34661)

Бир бар екен, бир жоқ екен. Өткен бир заманда алыс аўылда бир байдың ҳәм жарлының баласы болыпты. Олар қатар өсипти. Әдеттегидей жарлының баласы мийнеткеш, байдың баласы ериншек екен.

Жарлының баласы нан табыў ушын бир байдың есигинде аўыр мийнет етти. Таң азаннан геўгим түскенше не жумыс болса, барлығын иследи.

Бир күни жарлының баласына бир бай аўыр қапшықларды көтергизди. Әри шыдады, бери шыдады. Ақыры кеште баланың бели майрылып, бүкир болып қалды. Енди, дурыслы жумыс та ислей алмады.

— Сен не, жап-жас болып алып бүкирсең? — деди байдың баласы менменсип.

— Әй, жора, несин айтасаң? Мен жумыс ислеймен деп майрылдым ғой, — деди жарлы бала.

— Саған сол керек, — деди байдың баласы ишинен мәс болып.

«Күлме маған, күлким келер саған» деген даналық бар ғой. Ертеңине байдың баласы миўйе ағашының төбесине шығып атырып, бирден жығылды. Соннан оның да бели майрылып, бүкирге айланды.

Жарлының баласы хеш жумыс ислей алмағанына арланып, «бир жаққа барып-ақ өлейин» деп басының аўған жағына ылағып кете берди. Сол жүриси менен алды кеш болып, бир адам жоқ тамға қоныўға туўра келди. Сол тамнан қорқа-қорқа ең төрине барып бир қуўысқа жатып алды.

Бир ўақта бийтаныс адамлар тапыр-тупыр етип келип қалды. Олардың баслығы қасындағыларға «төсек салың, от жағың!» деп буйырды. Төсек салып, от жағылды. Сол ўақта баяғы адам:

— Бул жайда адам бар! Ол не қылған адам? Услап алып келиң! — деди.

Там ишинен қарап жүрип бул байғусты услап алды. Бүкир болған жерин пәнжелеп, баяғы адамның алдына таслады. Сол таслағанда бүкир болған жерин жулып алып, тамның бир мүйешине ылақтырды.

Сонда бала қорққанынан бул жерден тура қашты. Бирақ, бул адамлар қуўмады.

Ол усы қашыўдан аўылына келди. Арқасындағы томпақ орны жазылып кетти.

Байдың баласы жарлының баласына:

— Буннан қалай жазылдың, жора? — деп сорады.

— Жора, адамлар күле берген соң, я өлейин, я қалайын деп, басымның аўған жағына кете бердим. Жолда баратыр едим, бир адамы жоқ там тап болды, алдым кеш болған соң сол тамға қондым. Арадан көп ўақыт өтпей-ақ бийтаныс адамлар келди. Ишинде бир адам «от жақ, төсек сал» деп адамларына буйырды. Төсек салынып, от жағылды. Бир ўағында биреў «бул жерде бийгана адам бар, услап алып келиң!» деп буйырды. Хызметкер адам мени услап алып, қуныш жеримди жулып таслады. Мен қорққанымнан қаштым. Ақыры мениң бүкир жерим жазылды, — деди жарлының баласы.

Бул байдың баласы да айтқан орнына кетти. Көп жол жүрип, ол да баяғы жайға келди. Сол жайда жатты. Бир ўақта баяғы көп адамлар келип, төсек салып, от жақты. Адамларға басшы болған адам:

— Бул жерде бийгана адам бар ғой, услап алып келиң! — деп буйырды.

Қарап жүрип бул байдың баласын услап алды. Баслық адам турып:

— Баяғы қуныш қайда? Бар, алып кел! — деди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Байдың баласының қуныш, бүкир жерине анаў күни алып қалған қуныш жерди салды. Сол ўақта байдың баласы да арқасына жүк артқандай болып қашып кетти. Аўылға қайтып келген соң:

— Мен барып жазылмадым, — деди байдың баласы жарлының баласына.

— Жора, не болса да жаман болыпты, мениң қунышымды саған жамапты, — деди жарлының баласы.

«Күлме маған, күлким келер саған» дегендей-ақ, «бүкир» деп күлген байдың баласы бүкир болып қалды. Жарлының баласы болса, өзиниң теңин таўып, мурат-мақсетине жетти.

## ҮШ НӘСИЯТ

(Р-89, №28527)

Бурынғы өткен заманда,
Дин мусылман аманда,
Хорезмниң елинде,
Атақлы бай болыпты.
Дүньяға зәрүр болмаған,
Жыйын-тойдан қалмаған,
Душпаннан қорқып таймаған,
Барлыбай деген болыпты.
Бай қатынды алғанына,
Бирге өмир сүргенине,
Бир нешше жыллар болыпты.
Соңғы алған қатыннан,
Ҳешбир перзент болмапты.
Бурынғы алған қатыннан,
Жаңғыз бала қалыпты,
Ол баласы ер жетип,
Жигирма жасқа келгенде,
Уллы тойды берипти,
Баласына қыз алып,
Бир отаўды тигипти,
Келини менен баласы,
Шадланып дәўран сүрипти.
Барлыбайдың баласы,
Узамай уллы болыпты,
Атын Зергекбай қойыпты.
Толысып күшке жеткен соң,
Барлыбай байға ғаррылық,
Көп кешикпей жетипти,
Бурынғы жаслық дәўирлер,
Умыт болып кетипти,
Баласы менен ақлығын,
Шақырып алып Барлыбай,
Мынадай нәсият берипти.
Сондағы айтқан нәсият,
Халқымыздың ядында,
Сақланып та жүрипти,
Атаның берген нәсияты,
Үш нәрседен турыпты.
Нәсиятты айтқанда,
Баласы уғып алады,
Айтқан ата сөзлерин,
Қалдырмай ядта тутыпты.
— Улым, тыңла, мен кетермен,
Ғаррылық үлкен дәрт екен,
Аўырыў адамға қаст екен,
Айтқан сөзди тыңла, балам, —
Деген ўақта баласы,
Қулағын түрип «якшы» деп,
Келди оның жанына.
— Балам саған айтайын,
Енди мен мынаў жатыстан,
Ертең бир күн өлемен, —
Дедидағы атасы,
Нәсиятын баслады,
Нәсиятым сол деди:
— Сыпайыдан дос тутпа,
Дос тутсаң да көп тутпа,
Нәкаслардан қарыз етпе,
Қарыз етсең де көп етпе,
Яр-достыңа сырыңды айтпа,
Сырыңды айтсаң да, шыныңды айтпа, —
Деп нәсият қалдырды.
Буннан соң көп узамай,
Баллардың атасы өлди,
Той-мереке жыйын болды,
Ақ арыўлап гөрге қойды.
Атасын гөрге қойған соң,
Мал-дүньяға ийе болған соң,
Барлыбайдың ақлығы,
Зергекбай кеўлин жәмледи,
Атаның айтқан сөзлери,
Зергекбайдай балаға,
Беккем ғана орнады.
Атасы барда алғанды,
Сүйикли сүйген бул ярын,
Кеўлин аўлап көриўди,
Бала қыял етеди.
Арадан күнлер өткен соң,
Бир күнлери болғанда,
Нәсият түсип ядына,
Оны сынап көриўге,
Зергекбай белин байлайды,
Тағы да турып ойлайды,
Арадан күнлер өткенде,
Жақсы, жаманды билген соң,
Нәсиятты сынап көреди,
Ойланып сөзин торлады,
Бүлбилдей тили сайрады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Достан досты табады,
Сыпайыдан дос тутып,
Өтирик айтып, уў жутып,
Дослықты беккем өтеди,
Айнала шаўып келгенде,
Тутқан досты сыпайы,
Үйинен шықпай ҳәр күни,
Апақ-шапақ қурады.
Күнде шаўқым болады,
Шаўқымнан басын алалмай,
Бир бәлеге қалады.
Күнлерден бир күн Зергекбай,
Зеригеди достынан,
Сыпайыға «келме» деп,
Қатты-қатты сөйледи,
Әжептәўир сөзлерди,
Айтып еди достына,
Сыпайы келмей кетеди,
Зергекбайдай достының,
Айтқан қатты сөзлери,
Сыпайыға жаман өтеди.
Сыпайыдан қутылып,
Зергекбайдай баланың,
Бойы қустай болыпты,
Арадан күнлер өткенде,
Нәкас деген не нәрсе?
Буны да сынап көрейин,
Жақсы-жаманын билейин,
Деген ой келип басына,
Бай баласы Зергекбай,
Ойланып көп жүрипти,
Ойланып жүрип биреўден,
Қарыз ақша алады,
Қарыздар болып нәкастан,
Буны да сынап көриўди,
Алдына мақсет етеди,
Ол нәкастың ақшасын,
Жумсап егер жиберсем,
Қандай болар екен деп,
Көп ойланып жүреди.
Бир неше күн өткенше,
Ақшаға тиймей қояды,
Нәкастан басым қатар деп,
Төс қалтаға тигеди,
Қатынға да айтпастан,
Өз билгенин етеди.
Күнлерден күнлер өткенде,
Бай шопаны өлипти,
Қой бағыўға Зергекбайға,
Шопан табылмай қалыпты.
Адам табылмаса енди,
Өзим-ақ бағып көрейин,
Деген ой алып кеўилге,
Қой бағыўға Зергекбай,
Азан менен шығыпты.
Үйден алған шөреги,
Тас болып қатып қалыпты,
Қойды бағып жүргенде,
Қыя майдан шөллерде,
Бай баласы Зергекбай,
Қыйыншылық көрипти.
Қазандай мийи қайнайды,
Шаңқай түстиң ўағында,
Бай ҳаўлығып турыпты.
Қула майдан шөллерде,
Шөллеп күйип жүргенде,
Тағы бир шопан қой бағып,
Зергекбайға келеди.
Шақырып баланы қасына,
Басына зәўлим салады,
— Қойларыңды, сен бала,
Араластырып бул қойға,
Неге бағып жүрипсең?
Тезирек шығар бул жерден,
Көринген жайлаў меники,
Не деп жуўап бересең?
Шығармасаң булманнан,
Ҳәзир меннен көресең, — деп,
Бала менен екеўи,
Айқаса түсе кетеди.
Қамшы силтеп Әденбай,
Зергекбайдың басына,
Бирди-екини тартады,
Бай қамшыға шыдамай,
Әденбайдай шопанның,
Жағасына қол салады,
Аўдарып тартып урады,
— Ҳаўлықпа, нәлет, ҳаўлықпа,
Үйиңниң иши саўлық па?
Маған жумсап қамшыны,
Бул исиң сениң жайлық па? —
Дейдидағы Зергекбайдың,
Жел өкпеси асқынды,
Бала менен усласып,
Қыя майдан шөллерде,
Уллы төбелес салысты,
Текедейин тирести,
Қошқардайын дүгисти,
Бир-бирине өш болып,
Қораз киби шоқысты.
Әденбай менен Зергекбай,
Төбелесип болдырды.
Сәскеде болған төбелес,
Ерте песин болғанда,
Тарқаспай да турады,
Еки бирдей бай баласы,
Үсти-басы жырым-жырым,
Қызыл қанға боялды,
Бирин-бири жеңе алмай,
Қораз киби тарқасты.
Төбелестен ис питпеди,
Қойлар зығырды жеп болды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Тоғай ишине киреди,
Ийт жемес боқты жесисип,
Үйине Әденбай қайтады,
Қан-қан болып үсти-басы,
Намазшамда жетеди.
Келгеннен шаўқым салады,
Атынан түсирип хаялы,
Көтерип оны алады,
Атты қантарып қояды,
Әденбай ушын төринен,
Төсекти дизден салады,
Көрпе жаўып үстине,
Жатқарады қояды,
Атты ақырға байлайды,
— Бул не деген аўхал? — деп,
Қатыны турып ойланды,
Жатты-турды алғаны,
Бүгинги таң атпады.
Бир ўақлары болғанда,
Күн шығып, сәске ўағында,
Әденбай да оянды,
Қатыны келип қасына,
Болған исти сорады.
Әденбайдай өр көкирек,
Қатынға сырын айтпады,
Әденбай жатып ойланды:
— Буны ҳешкимге айтпайын,
Масқара етип өзимди,
Журтқа күлки болмайын, —
Деген ой менен ҳешкимге,
Илла деп аўзын ашпады.
Зергекбай қойын изледи,
Киши песин болғанда,
Үркken қойдың изинен,
Ийттей жортып келеди.
Тоғайға кирип қараса,
Селеў менен жантаққа,
Қойлар енип кетипти.
Қойын таклап алған соң,
Зергекбай турып ойланды:
— Үйге барсам усыдан,
Хаялым шығып алдымнан,
Мынаў не? деп сораса,
Оған не жуўап айтаман? —
Деген ойға кетеди.
Ойлап-ойлап ҳәр нәрсе,
Ақыры енди табады,
— Ярымды сынап көрейин, —
Деп ақылға келипти,
Айтайын деп сол ойын,
Жол бойы ойланып келипти,
— Қойларды жыйнап бир жерге,
Биреўин оның сояйын,
Сойып алып бул жерге,
Қойды таслап барайын,
Бир бай менен жәнжелден,
Байды өлтирип далада,
Усындай аўхал болды деп,
Ким сораса айтайын,—
Деген ойға келеди.
Қойды сойып алады,
Ишек-қарнын, геллесин,
Терисинен алып таслайды,
Күн батқан соң қойларды,
Айдап қайта береди.
Қойды сойып қояды,
Айланып келип алыўға,
Беккем қыял ойлады,
Күн батып қас қарайып,
Геўгим түсип кеткенде,
Зергекбайдай бул байың,
Үйине кирип келеди,
Хаялы «бул не?» дегенде,
— Ўай, сорама шабазым,
Қасыма келип бир адам,
Қойынды неге бағасаң,
Писип турған зығырға?
Деп шаўқымды баслады.
Төбелесип екеўимиз,
Қыя майдан шөллерде,
Төбелес болды майданда,
Өлдим-талдым дегенде,
Ондай байда үш қайда,
Өлтирдим де таслдым,
Сол себепли шабазым,
Үсти-басым қан болып,
Мине келип турыппан, —
Деди де бай қулады.
Сол ўақлары хаялы,
Байынын көрип түр-түсин,
Сөзге инанып қалады.
— Ырас шығар бул нәрсе,
Енди не илаж қыламыз? —
Деди де хаял ойланды,
Қорыққанан хаўлығып,
Анда-мында жуўырды.
Сонда турып Зергекбай,
Хаялына тәселле берди,
— Ол адамды әкелип,
Бир илажын етейик,
Егер олай етпесек,
Қыйын болар бизин хал,
Ярым мында кел, — деди.
Бай менен хаял сол жерде,
Көп ойласық қылады,
«Былай етсек қәйтеди» деп,
Зергекбай сөйлей береди,
— Қатын, тыңла сөзимди,
Таўып бер маған бир қалта,
Қапқа салып әкелип,
Түн ишинде билдирмей,
Үйдиң ишки төринен,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Орды терен қазамыз,
Өлген байды жақсылап,
Қада салып көмемиз,
Болмаса бизди қоймайды,
Ертен биреў көргенде,
Бизди жақсы қылмайды,
Егер билсе бир жанлар,
Ханға айтып барады, —
Дедидағы бай баласы,
Ҳаялы менен ойласып,
Үйдиң түпки төринен,
Орды қазып алады,
Үстине қада салады,
Оның үстин жабыўлап,
Топырақ пенен көмиўди,
Ойлайды да қояды.
Қазып алған топырағын,
Тегислеп үйге жаяды,
Ағаштан көпир салады,
Жүй билдирмей қояды.
Қуптан болған мәҳәлде,
Үйинен қап арқалап,
Қойды сойған жерине,
Зиңгеклеп жортып келеди,
Әрли-берли қабына,
Сойған қойды салады,
Қатынға да билдирмей,
Қойыўды да ойлайды,
Қаптың аўзын тас етип,
Беккем ғана байлайды,
Қатынына билдирмей,
Апарып қойыўды ойлайды,
Алып келип үйине,
Қатынына қарады,
—Жантаса гөрме өлиге,
Зыяны жуғар, кет арман, —
Деди де бай Зергекбай,
Есикти ашып үйине,
Арқалаў менен кирди де,
Төрдеги орға қап пенен,
Таслады да қояды,
Үстин беккем жабыўлап,
Төсекти төсеп қояды,
— Бул адамды айтпа сен,
Егер билсе бир адам,
Жақсы болмас бизиң ҳал, —
Деди де бай ҳаялға,
Ҳаўлыққан түр билдирди,
Жатыўға олар ойланды,
Гүбир-гүбир сөйленди.
Зергекбай жатып уйқылады,
Ҳаялы болса бийшара,
Көз илдирместен шығады,
Таң атып күн шыққанша,
Не болғанын билмеди.
Таң атқан соң Зергекбай,
Орнынан зорға турады,
Аўқатланып болған соң,
Белбеўин белге байлады,
Ҳаялға қарап тағы да,
— Кешеги болған ислерди,
Тисиңнен ҳасла шығарма, — деп,
Қатты тапсырма береди,
— Кешегини билдирсең,
Онда қыйын болады,
Күн көристен айырма,
Айтагөрме ҳешкимге, — деп,
Ереберди қойына,
Қайқы таяқ қолында,
Айтып болып ярына,
Зергекбай түсти жолына.
Есапсыз қойдың изинде,
Кешке дейин жүреди,
Күн уяға барғанда,
Айналып бай қайтады.
Шаршап келген Зергекбай,
Қатынға алып топылды,
Сылтаўы шайдан шығады,
— Шаршап келген ўақтымда,
Шайды неге қоймайсаң? — деп,
Қатынға таяқ урады,
Зергекбай атлы бул байың,
Таяқ пенен қатынды,
Еси аўғанша жығады.
Бир ўақлары болғанда,
Зергекбайдың ҳаялы,
Еплеп ғана турады,
Ҳаял ашыўға шыдамай,
Таяқты әбден жеген соң,
Ашыўы әбден келген соң,
Қатты қәҳәри келеди,
«Қанхор ширкин не қылады?»,
Деген сөзди баслады,
— Күнде адам өлтирип,
Көзине қан толған, — деп,
Дөндирип шаўқым салады.
Бала-шаға қонсылар,
Бул не шаўқым екен деп,
Жуўырысып келеди,
Бәри қалмай шубырып,
Тойға келген кисилердей,
Жыйналысып қалады.
— Өшир үниңди, сен ҳаял, —
Деген ўақта ҳаялы,
Иркиледи де қалады.

Күнлердиң бир күнинде,
Баяғыда ақша алған,
Нәкас шығып алдынан,
Зергекбайдай байыңның,
«Ақшамды таўып бер» дейип,
Алқымынан алады,

Зергекбайдың бул ўақта,
Ақшасы болмай қалады,
«Ертең бир күн аларсаң»,
Десе де нәкас қылмады,
Олла-билла айтса да,
Зергекбайдың алдында,
Нәкас турып алады.
— Қарыз алған ақшамды,
Ҳәзир таўып бересең,
Буннан кетсең, Зергекбай,
Мен сени қашан көремен,
Я келесең, я келмейсең,
Ақшамды жеп кетесең,
Бер ақшамды, бер, — деди,
Шаўқымды келип салады,
Зергекбайдай байыңның,
Нәкас жанын алады.
Сол ўақытта Зергекбай,
«Келгеннен соң беремен»,
Десе де оны қылмады,
«Жоражан, жибер» десе де,
Алқымынан алды жибермей,
Қатындай алды бетинен,
Жабысқан аш бийтлердей,
Жибережақ болмады.
Қорыққанынан Зергекбай,
Төсқалтада тигиўли,
Ақшаны шешип береди,
Ҳәм жөнине кетеди,
Ата айтқаны усы екен,
«Нәкастан қарыздар болма,
Қарыз алсаң да көп алма»,
Деген ата нәсияты,
Бүгин алдына келеди.
Сол күн қойларын жайып,
Үйине қайтып оралды,
Үйге келсе қатыны,
Терисине қарады.
Әллен ўақыт болғанша,
Бай менен қатын өзинше,
Гүбир-гүбир гүрсинди.
Уйқыламай олар жатады,
Таң да атып барады,
Зергекбайдың бүгин де,
Ўақтында шайы болмады.
Өкпелеген ҳаялы,
Орнынан сирә турмады.
Аўқатын-шайын ишпеген,
Бул аўҳалды өмири,
Сирә да бир көрмеген,
Зергекбай қыял ойлады,
Кеспелтек алып қолына,
Қатынын тағы урады.
Сабаған соң ол ҳаял,
Байбайын салып жылады,
«Қанхорсаң» деген сөзлерин,
Тағы да ол баслады,
Буны еситкен халайық,
Сөзди ханға жеткерди,
Еситип хан бул сөзди,
Жәллатларын шақырды,
— Ҳәзирден баслап, жәллатлар,
Зергекбай менен қатынды,
Алдыма алып келесең,
Айтқанларды қылмаса,
Жазасын да бересең, —
Деген буйрық береди,
Жәлладлары қуллық деп,
Иркилместен кетеди,
Ҳә демей-ақ жәллатлар,
Бай үйине жетеди,
Байы менен қатынын,
Услап алып сол жерде,
Алдына салып келеди.
Хан шақыртып алдына,
Қатынға сораў қояды,
— Неге айттың «қанхор» деп,
Себебин сөйлеп бер, — дейди.
— Айтпасаң, геллең кетеди,
Басың аман турғанда,
Тез жуўабын бер, — деди,
— Жаныңнан гүдер үзбесең,
Дурысынан кел, — деди.
Еситкен соң бул сөзди,
Қатын жуўап береди,
— Тақсыр әдил ханымыз,
Сөзиме қулақ салыңыз,
Зергекбай атлы байымыз,
Бир адам менен кейискен,
Жағаға қоллар салысқан,
Әззилеў екен ол пақыр,
Өлтирип шерин тарқатқан,
Үйдиң төрги бетинен,
Үлкен ғана ор қазды,
Соған көмип қойыпты.
Қатынның сөзин еситип,
Хан бақырды «жәллат» деп,
Жалаңласып жәллатлар,
Сол ўақта тайын болады,
Зергекбайдың үйине,
Еки жәллат жиберди,
Орды ашып қараса,
Адам емес, қой екен,
Буны айтып жасаўыллар,
Тағы да ханға келеди.
— Ол ордағы, ханымыз,
Адам емес, қой екен, —
Деген жуўап береди.
Хан шақырып ҳаялды,
Тағы жуўап сорады,
Ҳаял айтты мыңқылдап,
«Көрсетпей көмди» дегенди,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Айтты да ҳаял қутылды,
Зергекбай болса тутылды.
Хан шақырып оны да,
Алдына сораўлар қояды,
— Неге бүйтип ҳаялыңды,
Көз көреки алдайсаң? —
Деген сөзди айтады.
Сол ўақтында Зергекбай,
— Атамнан қалған нәсият,
Соны сынап көрейин деп,
Ислеп едим ханымыз,
Не етсең де еркиңде, —
Деген жуўап береди,
Хан алып буннан жуўапты,
Азат етип жиберди.
Зергекбай ханның алдынан,
Кетпей сонда турады,
Ханға жуўап қатады:
— Ҳә, ханымыз, ханымыз,
Атаның айтқан сөзи бар,
Баланың тутқан жолы бар,
Соны сынап көрмекши,
Мендей улының иси бар,
«Достан душпан табылар»,
Деген елде нақыл бар»,
Соның ушын мен оны,
Сынамақшы болып-ем,
Атам мениң билимдар,
Нәсиятшыл киси еди,
— Сыпайыдан дос тутпа,
Дос тутсаң да көп тутпа, —
Деген сөзи бар еди.
— Егер досты көп тутсаң,
Күнде-күнде келеди,
Шубырады жүреди,
Тынышыңды алады, —
Деген сөзи ырас екен.
— Нәкастан, балам, қарыз етпе,
Қарыз етсең де қарыж етпе, —
Дегени оның бул екен.
— Егер қарыз етсеңиз,
Жумсап оны питсеңиз,
Шаўқым кетпес басыңнан, —
Дегени екен хан ата.
Ханға бизди айдағанда,
Хан гүнакар қылғанда,
Ақ үзикли болғанда,
Хан жасаўылы алдында,
Басыңда ис турғанда,
Нәкас шығып алдыннан,
Қарызды қыйнап сорайды,
Әри-бери айтсаң да,
Сөзине қулақ салмайды,
«Келемен ғой, өлмесем»,
Десеңдағы қоймайды.
Болар ислер болған соң,
Жасырып жүрген ақшаны,
Бересең де қоясаң,
Ата айтқан нәсият,
Ҳаслан жалған емес деп,
Жамбасына урасаң.
Атам пақыр өлерде,
Көп нәсият деп еди,
Дос тутпаўға қатынды,
Неше сапар үйретти,
«Досқа сырыңды айтпа,
Егер сырың айтсаң да,
Нағыз шыныңды айтпа»,
Деп ўәсият қалдырды,
«Ошақ басы қатын менен,
Урыс болмай турмайды,
Жаман болса қатының,
Душпан болып алады,
Әшкара етип халыққа,
Бар мииңди айтады,
Соның ушын, досларым,
Бул нәрседен қашық бол,
Сайлап алып сүйгенди,
Ақылынан сынап көр,
Жақсы болса алғаның,
Сырыңды, өлтир, айтпайды,
Күни-күни келгенде,
Маңлайыңа досларым,
Жаман қатын тап болса,
Басғананды жалмайды».
Зергекбайдың бул сөзин,
Хан жүдә мақул тыңлайды,
Зергекбайды сарпайлаўға,
Жасаўылларға ымлайды,
Ата берген нәсиятты,
Сынап көрип Зергекбай,
Мақсетине жетеди,
Сарпай алып ханынан,
Үйине қайтып кетеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖЕТИМ БАЛА
(Р-449. №176392)

Бир жетим бала болыпты. Бала анасынан рухсат алып, аўылындағы саўдагерлерге қосылып саўда ислеўге шығатуғын болыпты. Сонда баланың анасы:

—Балам! Ҳеш ўақытта жалған сөйлеўши болма, — деп нәсият етипти.

Соның менен бала саўдегерлерге қосылып, жолға раўана болыпты. Бир жерлерге барғанда, саўдегерлерге қырық қарақшы жолығып, олардың мал-мүлкин тонайды. Гезек балаға келеди:

— Қәне, бала, ақшаң бар ма? — дейди.

Сонда бала:

— Бар! — деп жуўап береди.

Қарақшылар баланың түрине қарап турып:

— Әй, бала! Сен неге ҳәкис айтасаң? Сенде ақша не жейди, — дейди.

Бала шыннан ақшасының бар екенлигин айтып, белине байлап жүрген ақшасын алып көрсетеди.

Сол ўақытта қарақшылар өзлеринен өзи ҳайран қалысып:

— Ҳаў, бала! Мына бала бизлерден жасырмай бар ақшасын көрсетип атыр. Бул баланы өлтирип ақшасын алсақ, нәмәртлик болар, оннан бунның жасырмаған себебин сорайық, — деседи.

— Маған анам «ҳеш ўақытта өтирик айтпа» деп нәсият етип еди, сол ушын ақшамның бар екенлигин сизлерден жасырмадым, — деп жуўап береди бала.

Буннан кейин қарақшалар:

— Қой, бул жүрисимиз нәмәртлик екен. Мына бала да өтирик айтып, киси өлтирмей-ақ күн кеширип жүр. Бизлер де усы бала қурақым күн кеширемиз ғой, — деп, сол ўақыттан баслап олар киси өлтирип, адам тонаўды қойған екен.

## НӘСИЯТ СЫНАҒЫ
(Р-1076. № 182778)

Бурынғы өткен заманда бир бай жасаған екен. Оның тек бир ғана баласы болған екен. Бай қартайып өлер ҳалына келгенде қасына баласын шақырып алып:

— Балам! Мен қартайдым, менин жыйған дүнья малым енди саған қалады, соның ушын сен мениң ақылымды ал, мен саған үш нәсият айтаман. Бириши нәсиятым — ҳәр бир шәҳәрдиң шетирегинен бир жайдан салдырт. Сол шәҳәрге барып-келиўиң аңсат болады. Екинши нәсиятым — ҳәр он бес күннен жаңадан көйлек-ыштан өзгерт. Үшинши нәсиятым — ҳәр айда бир ҳаял ал.

Бул нәсиятты еситкен байдың баласы қоржынын тиллаға толтырып, атын минип, узақ бир қалаға қарай жөнепти. Ол сол қаланың бир шетинен жай сала баслапты. Кеш түскеннен кейин ол қонақ жер излеп бир ғаррының үйине барыпты. Ғаррыдан бир күн мийман болыўға рухсат сорапты. Ғарры ыразы болыпты. Жигит атынан түсип, ғаррының үйине кирипти. Олар бирге ас жеп отырғанда ғарры жигиттен жол болсын сорапты. Жигит өзиниң әкесиниң исмин айтып, соның баласыман депти ҳәм өзиниң әкесиниң айтқан үш нәсиятына бола бул қалаға жай салыўға келгенин айтыпты.

Жигиттиң айтқан гәплерин дыққат пенен тыңлаған ғарры, оған былай депти:

— Әкең жүдә дана адам екен, бирақ, сен оның айтқан гәплерин дурыс түсинбепсең, — депти ғарры.

— Ҳаў бул қалай болды? — депти жигит ҳайран болып.

— Сен әкеңниң айтқан нәсиятларын сол мәнисинде ҳеш қашан орынлай алмайсаң. Сен оның нәсиятының мәнисин шақ. Әкеңниң «ҳәр бир қалада бир үйиң болсын» дегени — «ҳәр бир қалада ҳеш болмаса бир танысың болсын» дегени, ал «ҳәр он бес күнде кийим өзгерт» дегени — «үстиндеги кийимиңди еки ҳәптеде бир мәртебе жуўып кий» дегени, «ҳәр айда бир мәрте ҳаял ал» дегени — «үйиңе айында бир мәртебе келсең, ҳаялың жаңадан түскен келиншектей болып сениң ҳүрметиңди орнына қояды» дегени, — депти.

Жигит өзиниң наданлығына, ал ғаррының даналығына ҳайран қалыпты. Ол ғаррыға көп рахметлер айтып, хошласып үйине қайтып келипти. Үйине келгеннен кейин әкесине көрген-билгениниң ҳәммесин айтып берипти. Сонда әкеси оған:

— Балам, мен сениң ақылыңды сынап көрмекши едим, ҳәр бир гәптиң алдын мәнисин шағып, кейин ҳәрекет етиўди үйренсин деп едим, — депти.

Сол сол екен, бул жигитке үлкен сабақ болыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖОЛАЎШЫ НӘСИЯТЫ

(Р-1076. № 182778)

Ҳәким Улықпанның заманында мал-дәўлети мол бир бай өткен екен. Оны бир баласы болыпты. Бай дүньядан өткеннен кейин оның есап-сансыз дүньясы баласына қалыпты. Кемлик көрмей өскен бала жүдә бийдәўлет екен. Ол көп ўақыт өтпей-ақ әкесиниң есап-сансыз дүнясын бийҳуда сарп етип таўысыўға қарапты.

Мал-дүньяның ақырлап қалғанын билген жигит бир күни ойланып қалыпты: «Әкемнен қалған дүнья таўсылыўға қарады. Не болса да қалғанын қоржыныма салып, ел аралап, адамлардан ақыл үйренейин» деп жолға шығыпты.

Жигит жолда кетип баратырып бир атлы адамға дус болыпты. Атлы адам жигиттиң жанына келип, оннан жол болсын сорапты. Жигит оған басынан өткенниң бәрин айтып берипти. Ол жигитти тыңлап болып:

— Егер ондай болса, мениң саған берер еки жүз тиллалық бир ақылым бар, —депти.

Жигит қоржынынан еки жүз тилланы шығарып берипти. Сонда жолаўшы жигитке:

— Мың кисиниң жүзин танығанша, бир кисиниң атын бил, — депти.

Жигит, усындай да ақыл болама екен деп, ҳайран болыпты.

Сол кетистен ол бираз жол жүрип, ел аралап жүрсе, баяғы адам және алдынан шығыпты. Ол жигиттен ҳал-аўҳал сорапты. Жигит алдын айтқан гәпин және қайталапты.

— Онда мениң саған сататуғын және бир ақылым бар, — депти.

Жигит оған және еки жүз тилланы санап берипти.

— Көптиң алдында гезлик шығарма, — депти жолаўшы.

Ол жигиттиң және таңланғанын көрип оған:

— Сен ҳәзир қалаға барып, көпшиликтиң жыйналған жеринде турып: «Үй тиксин деп атыр» — деп қайта-қайта бақыра бер, — депти.

Жигит ҳәммесин жолаўшының айтқанындай етип орынлайды. Оның бақырысынан бийзар болған адамлар «Буны жин урган шығар» деп, аяқ қолын байлатып таслайды. Ўақыядан хабар тапқан патша қызықсынып, хызметкерлерине бир үй тигиўди буйырады. Арадан көп ўақыт өтпей, сол қалаға Ҳәким Улықпан мийманға келеди. Ол сулыў тигилген жаңағы отаўды көрип, сонда иркиледи. Қаланың барлық абыройлы адамлары данышпанға сәлем бериўге усы отаўға келеди. Отаўдың ийеси жигит ҳәр кимге орын бере берип ақыры, өзи есикке шығып қалады. Бир ўақытта мийманлардың биреўине гөш кесиў ушын пышақ зәрүр болып қалады. Жигит дәрриў өзиниң әкесинен қалған қымбат баҳалы гезлигин шығарып береди. Гезликке көзи түскен патша оған қызығып,қалай болмасын оны қолға киргизиўди ойлайды. Ол бир сумлық ойлап:

— Мениң жети атамнан мийрас усындай гезлигим бар еди, соны көптен берли жойтып жүр едим, соны сен урлаған екенсең ғо? — депти балаға қарап.

Сонда бала патшаға:

— Мениң әкем көп пул менен саўдаға кеткенинде кимдур оның кәрўанын талап, өзин өлтирип, көкирегине усы қанжарды қадап кетипти. Соннан бери мен «Усы пышақты таныйтуғын адам шығар ма екен» деп таппай жүр едим. Тақсыр! Демек, мениң әкемди сиз өлтирген екенсиз ғой. Енди оның қунын сиз төлейсиз, — депти.

Өз сумлығынан тутылған патша, өз абыройына жараса жигиттиң әкесине жүдә көп қун төлеўге мәжбүр болыпты.

Ел аралап, бираз ақыл жыйнаған жигит усылайынша қайтадан байып кетипти.

## САДАҚА-РӘББИ БӘЛЕНИ ҚАЙТАРАР

(Р-565, №176508)

Бурынғы өткен заманда бир аўылда Йүсип деген бай жасапты. Ол дүньяға шыққалы ҳеш адамға пайдасын тийгизбепти. Йүсип ҳәпте сайын бир ешки сойып, аскатық қылыўды әдетке айландырыпты. Кеште оны писиргеннен кейин ешкиниң гөшин биримлеп тексереди екен.

— Ешкини енди мен сояйын ҳәм өзим-ақ пуштарлайын, — дейди Йүсиптиң баласы.

— Якшы, сен-ақ соя ғой ешкини, — дейди Йүсип.

Бала ешкини сойып, оны пуштарлап атырғанда, бир дийўана келип:

— Балам, ешкиңниң баўырынан азмаз кесип берегойшы... Емге керек еди, — дейди.

Ол дийўананың сөзин сындырмай, баўырдың шетинен шаклап кесип береди. Кеште сойылған ешкиниң гөшин писирип, әкесиниң алдына тартады. Йүсип оны тексерип отырып:

— Балам, баўырдын бир шетинен кимге бердиң? — дейди.

— Бир дийўана жалынып сорап еди, аға, соған баўырдың шетинен кесип бердим, — дейди баласы.

— Ҳәй, балам-аў, өйтип неғылайын деп едиң? Мен усы жасыма келип биреўди жарылқаған емеспен, сен жарылқай қалдың ба? — деп баласына қатты кейийди.

Йүсип ақшаны сондай жақсы көретуғын, ақшаның жолында жанын пидә қылыўға таяр дүньяпараз адам еди. Күнлердиң биринде бир ақ сақаллы адам келип Йүсип байға:

— Сен қойымшылықтың ишинде бир түн жатып шықсаң, мың тилла ақша беремен, — дейди.

Бул усыныс Йүсипке оғада мақул түседи. Ол тап сол күни-ақ түнде қойымшылыққа барып, гөне гөрдиң ишине кирип жатады. Түнде Йүсиптиң көзи илиниўден жыланлар, шаянлар өрип, Йүсипти шағыў ушын тәп береди. Йүсип орнынан өрре турып, қатты қышқырып жибереди. Сол ўақытлары баяғы баласының дийўанаға берген баўыры Йүсипти қорғышлап, дөгерегине жыланларды жолатпай қорғап турады.

Таң атқанша жыланлар қатты ысқырысып, Йүсиптиң зәрресин ушырады. Таң атыўдан олар изтүссиз жоқ болып кетеди. Йүсип азанда үйине жақынлағанда, алдынан кешеги мың тилла усыныс еткен ақ сақаллы ғарры шығып:

— Түнде нелерди көрдиң? — дейди.

— Түни менен өмиримде көрмеген азапты көрдим, бир кишкентай баўыр болмағанда, мен өлип қалар едим, — дейди Йүсип.

— Мен дәўпери едим. Сениң жан баласына пайданды тийгизбей жүргениңди бурыннан билемен. Сени гөрдиң ишинде жыланлардан қорғап турған баяғы балаңның дийўанаға берген баўыры болды. Енди бас пайданды ойлай бермей, журтқа да қайырқом бол, — дейди ақ сақаллы қария.

Қария Йүсип байға ўәде еткен мың тилласын береди де, көзден ғайып болады. Йүсип үйине келе сала қоңсы-қобаларына садақа береди, малларын адамларға тарқатады. Ол соннан баслап сықмаршылықты қойып, қайыр-сақаўатлы адамға айланған екен.

## БАЙНИЯЗ БАЙ

(P-1076. № 182778)

Бурынғы өткен заманда бир бай болыпты. Оның исми Байнияз бай екен, оның есапсыз дүнья-малы болыпты. Ол күнде бир малын сойдырып, шеңгекке илдирип сатып, ал өзи малдың ишек-қарнын ғана жейди екен.

Бир күни аўылының адамлары оны бир бапламақшы болыпты. Олар байға сойылған малдың ишек-қарнын жерге көмип таслап, байға «Малдың ишек қарнын еки есе пулға сатып жибердик» деп байды алдапты. Байнияз бай оларға «мен ишек-қарын жемесем, өлемен» деп, ишек-қарынды сатып алған адамды излеп кетипти.

Ол сол адамды таба алмай қайтып киятырса, алдынан биреўи ақ, биреўи қара, урысып атырған еки жылан шығыпты. Бай олардың қайсысына жәрдем берерин билмей бираз ойланыпты да, ақыры қара жыланды өлтирипти. Сол ўақытта ақ жылан бир силкинип, сулыў жигитке айланыпты. Ол байға қарап:

— Ал, аға, сен мени өлимнен қутқардың, мен сениң жақсылығыңды қайтарыўым керек, изиме ер, — депти.

Жигит байды бир бийик таўдың үңгирине ертип әкелип, оған киреде байға депти:

— Егер үңгирде мениң әкем алдымыздан шығып «адамның ийиси шығып тур» десе, оның гәпине «Тақсыр, қуллық» деп жуўап бер. Егер ол «Балама ислеген жақсылығың ушын не тилейсең?» десе, «Бурынғы өзимниң нәрсемди бере ғой» деп айт, — депти.

Олар екеўи үңгирге кирсе, ырасында да үңгир төринде бир ғарры жатырған болады. Ғарры байдан оның ислеген жақсылығы ушын не тилейтуғынын сорайды. Бай жигиттиң айтқанындай «бурынғы өзимниң нәрсемди бере ғой» деп жуўап береди. Ғарры оған аттың басындай алтын, үстине сарпай береди.

Ол ғаррының бергенлерин алып кетип баратырып үңгирдиң еки тәрепинде қырман-қырман болып үйилген алтынларды көреди. Бай «ўах, ақылсыз басым, мениң буннан бурын нем бар еди. Бир қырман алтын сорасам болады ғо» деп ойланыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Оның ойланғанын көрген жылан жигит:
— Аға, не ойлап баратырсаң? —депти.
— Ҳеш нәрсе ойлап баратырғаным жоқ, қарағым, — депти.
— Яқ, аға, мен билдим сениң не ойлап турғаныңды, сен «бир қырман алтын сорасам болады ғо» деп ойладың, ҳаслында бир қырман алтын сениң өз несийбең еди. Сен бир тислем гөш жемей, өз несийбеңди сықмарлық етип өзиң қыйдың. Мениң әкем мына бир қырман алтынды сениң жемеген несийбеңнен жыйнады, — депти.
— Жылан жигит байды атына мингизип атырып:
— Ҳәзир үйиңе барсаң, бир қазан гөш қайнап турған болады, бул сениң несийбең болады. Бурын сениң несийбе гилтиң мениң әкемниң қолында еди. Бүгин ол оны өзине қайтарды, — депти.
Соннан баслап бай үйине қайтып келгеннен кейин өз несийбесин қырқпай, оннан молдан пайдаланып жасай баслапты.

## МАҢЛАЙҒА ЖАЗЫЛАН ӨМИР
(Р-1076. № 182778)

Бурынғы өткен заманда бир зулым патша болыпты. Күнлерден бир күни патшаның хаялының айы-күни жетип, ул туўыпты. Қуўанған патша барлық хызметкерлерине руқсат берип, перзенти менен жалғыз қалмақшы болыпты.
Бир ўақытта олар отырған бөлмеге биреў келипти. Ақ кийимли бул адамға патша ҳайран болып қарапты ҳәм оннан кимлигин сорапты.
— Мен тәңри жиберген периштемен. Мен дүньяға келген мына нәрестеге өмир бериўге келдим. Оның маңлайына он төрт жыл өмир жазаман. Сениң ислеген әдалатсызлығыңның ҳәм гүнәларыңның кесири перзентиңе тийип, ол тек он төрт жыл ғана өмир сүреди, — деп көзден ғайып болыпты.
Арадан жыллар өтипти. Патшаның баласы он төрт жасқа толыпты. Патша баласын әскерлер менен қоршап, оны қырағылықта сақлайды. Патша сол ўақыядан кейин адамларға әдил болып, халыққа ғамхор болыпты.
Бирақ, бир күни баласы бирден аўырып қалыпты. Патша барлық тәўиплерди жыйнапты. Олардың ҳеш бири де кеселликтиң сырын биле алмапты. Қәҳәрге минген патша улы екеўин жалғыз қалдырыўын сорапты.
Бир пайытта баяғы периште пайда болыпты. Қуўанып кеткен патша оннан перзентин алып кетпеўин жалынып сорапты.
Сонда периште:
— Сениң кейинги адамларға еткен жақсылығың ушын балаңның маңлайына узақ өмир жазаман, бирақ, жақсылық, саўап ислерди ислеўди даўам ет, — деп көзден ғайып болыпты.
Перзенти аяққа турыпты ҳәм олар екеўи де елди әдил басқарып, изинде жақсы ат қалдырыпты.

## АҚЫЛЛЫ БАЙ ҲӘМ НАДАН ХЫЗМЕТКЕР
(Р-1076. № 182787)

Бурынғы өткен заманда бир бай жасаған екен. Оның қолында бир неше хызметкерлер жумыс ислейди екен. Бай хызметкерлерине ҳәр айда жигирма тилладан ис ҳақы беретуғын болыпты.
Бир күни хызметкерлериниң бири байдың алдына арыз етип келипти:
— Ҳүрметли хожам! Мен де басқалар сыяқлы теңдей жумыс ислеймен. Ал, бирақ, басқалардан кем ис ҳақы аламан! — депти.
Бай бираз ойланыпты. Соң хызметкерин сынап көрмекши болыпты ҳәм:
— Ана таўдың артына барып қайт. Не өтип баратыр екен, көрип қайтасаң, — депти.
Хызметкер жумсаған жерине барып келипти.
— Хожам, кәрўан өтип баратыр екен.
— Және барып кел, қай жерге баратырғанын сорап қайт, — депти бай.
Хызметкер және сорап келипти.
— Батыстан шығысқа баратыр екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Олар не алып баратырғанлығын билип кел, — дейди.
Хызметкер және барып келипти:
— Шайы, шай ҳәм басқа да қымбат баҳалы затларды алып баратыр екен, — дейди.
Буннан кейин бай басқа хызметкерин алдына шақырады. Оған да тауға барып келиўди буйырыпты. Хызметкер қайтып келип, не көргенин айтыпты.
— Таўдың артында кәрўан өтип баратырған екен. Кәрўан батыстан шығысқа кетип баратыр. Кәрўан саўда-сатық пенен шуғылланыў ушын шығысқа шайы, шай ҳәм қымбат баҳалы затларды алып баратыр екен, — деп жуўап берипти.
Сонда бай биринши хызметкерине қарап:
— Әне, көрдиң бе? Сен өз қәтелерине түсинген болсаң керек. Сен көп ис хақы алыўдан алдын ең дәслеп тапсырылған жумысты пухта орынлаўды үйрен, — депти.
Хызметкер өз қәтелигин мойынлапты.

## ЖАМАНЛЫҚҚА ЖАҚСЫЛЫҚ
(Р-1076. № 182787)

Бир бар екен, бир жоқ екен, бурынғы өткен заманда бир данышпан ғарры болған екен. Ол ғаррының үш баласы болыпты.
Бир күни ғарры олардың тәрбиясын сынамақшы болып, оларды алдына шақырып алыпты.
— Сизлерге бир ай мүддет беремен. Сапарға шығың. Ўақтыңызды жақсы ислерге сарплаң. Қайсы бириңиздиң қылған жақсылығыңыз уллырақ болса, бармағымдағы қымбат баҳалы жүзикти соған беремен, — депти.
Балалары сапарға шығыпты. Олар бир айдан соң үйлерине қайтып кетипти. Сонда үлкен баласы:
— Ата, мен сизиң айтқанларыңызға әмел қылып, ўақтымды тек жақсы ислерге сарпладым. Олардан ең уллысы, биреўдиң жерге түсип кеткен қымбат баҳалы гәўҳарын алып барып бердим. Ол маған рахмет айтып, қолыма мына алтынды берди, — депти.
— Жүдә дурыс ислепсең, бирақ, сен буны ҳүжданыңнан емес, ал, мен айтқаным ушын ислегенсең, — депти атасы.
Сонда ортаншы баласы:
— Мениң ислеген жақсылығым ағамдыкинен де уллырақ. Себеби, мен шийрин жанымды қәўипке қойып, суўға шөгип баратырған баланы қутқардым. Усы ҳәрекетим менен сизиң сыйлығыңызға мүнәсиппен, — депти.
— Сени қутлықлайман. Тек усы исиң менен кәлбиң заўыққа толғанын сезиўдиң өзи үлкен сыйлық, — депти ғарры.
Кейин генже улы:
— Ата, маған бәрқулла душпанлық етип жүретуғын бир адам бар. Мен оған хеш жаманлық қылмасам да, ол маған зыян келтирип, мени өлтириўге ҳәрекет етеди. Кеше сол душпанымның бир таўдың басында уйқылап атырғанын көрдим. Уйқысырап, аўнап жығылып кетиўи хеш гәп емес. Мен даўыс шығармастан оның қасына жүрип бардым. Әстен өзиме қарай тартып, оны қәўиптен узақластырдым. Кейин жолымды даўам еттим.
Ғарры көзине жас алып:
— Балам, өмириң узын болсын! Сыйлығымды алыўға сен ылайықсаң. Себеби, дүньяда ең уллы пазыйлет — жаманлыққа жақсылық етиў, — деп оған пәтия берипти.

## УСТАЗ ҲӘМ ШӘКИРТ
(Р-1076. № 182787)

Бурынғы өткен заманда бир даңқы шыққан ақыллы устаз болыпты.
Бир күнлери бир бай баласын сол устазға шәкиртликке алыўды өтинипти. Устаз баланы шәкиртликке қабыл етипти.
Арадан күнлер, айлар, жыллар өте берипти. Бир күни байдың баласының алдынан жорасы шығыпты. Аман-есенликтен соң байдың баласы өзи ҳаққында барлық нәрсени айтып берипти. Ал, жорасы оны

www.ziyouz.com kutubxonasi

қызғана баслапты. Сонда ол байдың баласына оның устазын жаманлай баслапты. Ақыр-ақыбетинде оны жолдан аздырыпты. Енди байдың баласы устазының да, әкесиниң де сөзине қулақ салмайтуғын тәртипсиз болыпты. Әкеси баласының бул ҳәрекетин устазынан көрипти. Баласын устаздан алып, басқа устазға берипти. Бәри бир пайдасы болмапты. Әкеси кеселге шалынып, көп өтпей қайтыс болыпты. Бала болса күннен күнге аўыр аўҳалға түсипти. Досты да оннан жүз бурыпты. Бала әкесинен қалған бар мал-мүлкинен айрылып, патшаның малын бағатуғын шопан болыпты.

Арадан жыллар өтипти. Баяғы дана устазы патшаның нәзерине түсип, сарайда ўәзир болыпты.

Бир күни патша шарўашылықтың жағдайларын билмекши болып, шопанларды сарайға шақыртыпты. Сол шопанлардың ишинде байдың баласы да бар екен. Ол сарайға енди кире бергенде сарай сақшылары оны дийўана деп сабап таслапты. Оны сарай ўәзирлери ишке кириўин буйырыпты. Таяқтан иси питкен шопан патшаның алдына жетпей-ақ жерге қулапты. Ўәзир болып кеткен устазы оны тикейтип қараса, баяғы шәкирти екен. Бир-бири менен қушақласып көрисипти. Шәкирти жорасының сөзине ерип усы аўҳалға түсип қалғанын устазына биримлеп айтып берипти. Устазынан қайта-қайта кеширим сорапты. Шопан устазына қайтадан шәкирт болыпты. Илим-билим, өнер үйренип, мурат-мақсетине жетипти.

Ал, оның устазын жаманлап, жолдан азғырған жорасы ақыр-ақыбетинде хор-зар болып әлемнен өтипти.

## АМАНАТ

(Р-98, № 37493)

Әййемги заманларда, сол заманның қәдиминде, бир бай бар жасапты. Оның бир шопаны болыпты. Байдың көп қойын сол шопанның бир өзи бағады екен.

Бир күни шопан қойды бағып жүрсе, қойға бир көкжал қасқыр шаўып, тынышын ала берипти. Шопан күндиз тынбай, түнде жатпай, қасқырға қой жегизбепти. Бирақ, шаршап өлермен халға жетипти. Қасқыр да қой жей алмағанына ызасы келип, шопанның алдына келип:

— Сен маған бир қой бер, оннан кейин қайтып сенин сүриўине келмейин, — дейди.

Шопан буған көнип, қасқырға:

— Ертең келе ғой, қойларды иркип тураман, өзиң шаўып биреўин ғана же, — депти.

Ўәде бойынша ертеңине қасқыр айланып келипти. Шопан қойларды бир жерге иркип турыпты. Қасқыр шапқан ўақытта аўзына илинген қой шопанның жалғыз қойы болып шығады. Шопан қасқырға:

— Қасқыр жора, бул қой мениң жалғыз қойым еди. Жыл бойы қой баққан ҳақыма байдан жаман бир қой алып, алты ай жазы бойы бағып, келе қылатуғын едим. Мен қойды тағы иркип турайын, қайтадан шап, — деди.

Буған қасқыр қайыл болады. Үш ретке шекем қасқыр шабады, үшеўинде де шопанның жалғыз қойы илине береди.

— Қасқыр жора, — дейди шопан, — саған мениң қойым несип еткен екен, не де болса жей ғой, бирақ, терисин сылып алайын, өзиме бер, — дейди бала.

Қасқыр буған да қайыл болады. Шопан терисин сылып алып, етин қасқырға береди, қасқыр жеп алады.

«Байдың көп малының ишинен жарлының жалғыз малына ушпа тийеди» деген мақал да усы шопаннан қалыпты.

Қасқыр қойдың гөшин жеп кете береди. Шопан терисин қолына услап қойын бағып турғанда, жолдан өтип баратырған кәрўанды көреди. Дәрхал кәрўанбасыға жуўырып барып, болған ўақыяны баян етип:

— Аға, сизлер көп елди гезетуғын кәрўансыз, мүмкин, териниң де керек жери табылар, неге өтсе де, усы теримди сатып әкеп бериң, мен усы жолда бирдейине қой бағып жүремен, — деди.

Кәрўанбасы терини алып кете береди. Олар бир қалаға барып, бир-еки күн болып, саўдаларын питкерип, тағы бир қалаға жүрмекши болып турғанда баланың аманаты ядына түседи. Бул ўақытта базар тарқап, кеш болған ўақыт еди. Сөйтип турғанда бир бала киятыр екен, қолында ойнап киятырған пышығы көринеди. Кәрўанбасы:

— Пышығыңды сатасаң ба? — дейди балаға.

— Сатаман, — дейди бала.

Шопан «неге өтсе соған бер» дегеннен соң, терини пышыққа алмастырып, пышықты алып кете береди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кәрўан екинши қалаға барса, сол қаланың халқы тышқаннан зыян көрип, телектеги дәнин, атыздағы егинин қалай қыларын билмей сарсаң болып атырған екен.

Ол қаладағы халық пышықты бир неше алтын тиллаларды берип сатып алады. Кәрўанбасы пышықты сатып, сол ақшаны үлкен бир қапқа салып, саўдаларын да питкерип елине қайтады. Аз жүрип, көп жүрип баяғы шопанның аўылына бир күнлик ғана жол қалады. Сол жерге келип кәрўан түнейди. От жағып, өйер-бүйерден сөйлесип отырғанда бир адам сөз қозғайды.

— Жоралар, — дейди ол, — усы шопанның бизге бергени бир жаман қой териси, оған бизлер бир көп тилла артып киятырмыз, оннан да сол тилланы бөлисип алайық. Шопанға бес-алты қара пул берсек болғаны емес пе?

Бул сөз барлығына да мақул түсип, тилланы тең бөлисип алады. Аўқатларын жеп, артыўлы дүньясы менен түйелерди қасларына шөгирип жатып қалады.

Азанда кәрўанлар оянып қараса, астына төсеген алашаларынан басқа хеш нәрсе жоқ. Олай-былай излейди, хеш жерден таба алмайды. Усылайынша сарсаң болып турғанда булардың үстине бир жигит келип, истиң мәни-жайын сорайды. Кәрўанлар барлық дүньясы менен түйелердиң жоғалғанын айтады.

— Олай болса, — дейди жигит, — кеше сизлер қандай жаман ис еттиңиз?

— Хеш қандай жаман ис ислемедик, — дейди кәрўанлар.

— Жоқ, өтирик сөйлейсиз, — дейди жигит, — кеше-бүгин қандай болса да жаман ис еттиңиз, себеби, биз қырық қарақшымыз, бизлер урлап аламыз, тартып аламыз, әйтеўир, қарақшылық пенен күнелтемиз. Сизлер елден шыққаннан баслап, бизлер сизиң изиңизди аңлыў менен жүрмиз. Сиздеги түйелерди дүньясы менен алыўды ойладық. Сизлер жатқанда хәр күн келип кеттик. Қашан келсек те, сизиң әтирапыңыз темир қала менен қоршаўлы туратуғын еди. Соннан кейин хеш ала алмай кете беретуғын едик. Ал, бүгин келсек, темир қала түўе, хеш нәрсе де жоқ. Сөйтип дүньяңызды алдық та кеттик. Тийкарында, қандай болмасын бир кәрамат бар, жасырмай айта бериң!

Кәрўанбасы бахытсызлықтың қандай келип шыққанын аңлап, шопанның қосқан аманатын айтты. Темир қала болып турған, аман сақлап киятырған шопанның аманаты екен.

— Олай болса, — дейди және сол жигит, — бул не кәрамат екен деп қарақшылар мени жиберип еди, бизлер де райдан қайтайық. Түйелериңизди қайтып берейик, сизлер де тобаға келиң, шопан бийшараның таўып тапсырған аманатын дурыс тапсырың.

Кәрўанбасы тобаға келип, түйелерди алып шопанның да аманатын тапсырып, шопанды кәрўанына қосып алып, баяғы тилланы бөлисип алыўға үгитлеген адамды байға шопан қылып берипти. «Аманат аман сақлайды» деген соннан қалған екен.

## ДИЯНАТЛЫ ХАЯЛ
(Р-459. № 176402)

Ерте әййем заманда бир ерли-зайыплы екеўи бир журтларда өмир сүрипти. Күйеўиниң аты Ерлепес деген екен, хаялы кестели тақыя тигип, күйеўи базарға сатып келетуғын екен. Бир күни Ерлепес тақыяны алып базарға жақынласа, алдынан бир байдың мырзасы шығып, Ерлепеске:

— Қолыңдағы тақыяңды сатасаң ба? — депти.

— Сатаман, тек те нарыңды берсең, беремен, — депти Ерлепес.

— Мейли, нарымды-ақ берейин, әкел тақыяңды, — деп, нарын түсип берипти.

Нарын астына минип алып, Ерлепес базарға қарап жүре берипти. Жүрип киятырса алдынан тағы бир атлы адам шығыпты. Ол:

— Әй, жигит, астыңдағы нарыңды сатасаң ба? — депти.

— Атыңа алмастырсаң, беремен, — депти.

Нарды атқа алмастырып, базарға қарай кетип баратырса, алдынан бир сыйыр жетелеген адам шығыпты. Ол адам:

— Әй, жақсы жигит, атыңды бизиң сыйырға алмастырасаң ба? — депти.

*— Кел, берсем берейин, — деп, аттан түсип сыйырды алып кете берипти.*

Алдынан бир малақайлы адам шығыпты. Ол да:

— Мына сыйырыңды мениң малақайыма бересең бе? — депти.

Ерлепес те хеш ойланбастан, берсем берейин деп, сыйырын берип, қурашты кийип кете берипти. Қайтарсын жолда бир дәрьяны жағалап кетип баратырса, қатты дүбелей турып, қурашын суўға ушырып жиберипти. Оны да ийрим алып, ортаға тартып шүмдирип жиберипти. «Меники бүгин келиспеген талап

www.ziyouz.com kutubxonasi

болды ғой» деп киятырса, баяғы нар берген мырза алдынан шығып:

— Нар қайда? — деп сорапты.

Ерлепес бастан өткен исти бир-бир гүрриң етипти.

— Сениң бул ислериңе ҳаялың урыспай ма? — деп сорапты мырза.

— Ҳаялым хеш қандай урысып көрген емес, — деп жуўап берипти Ерлепес.

— Ондай болса, сизиң үйге барайық, егер ҳаялың урыспайтуғын болса, жети түлик малым бар, соның жартысы сеники, набада қыйланып урысатуғын болса, ҳаялыңды маған бересең, — депти.

Соған екеўи келисип, жанына еки гүўа алып, Ерлепестиң үйине келеди.

Ҳаялы буларды әлик алып, төсек салып, шай қайнатып, аўқат асып мийман етеди. Кеште мырзаға қонақлар менен қапталға төсек салып береди. Сөйтип Ерлепес ҳаялы менен төсекке киреди. Ҳаялы ҳал-аўҳалларды сорап болып, тақыядан гәп қозғайды, олардың гәпин қонақлар қулақ қойып тыңлап жатады.

Ерлепес тақыяның аўҳалынан хабар берип, оны нарға алмастырғанын айтады. Ҳаялы:

— Күтә жақсы болыпты, шабазым, көшкенде көлик, саўғанда сүт болатуғын болыпты, — дейди.

— Оны бир атқа алмастырдым, — депти Ерлепес.

— Күтә мақул, қатарың келип, «Ерлепес атлан, тойға барайық» дегенде, көликсиз туратуғын един. «Бир минсең де жорға мин» деген сол дә, — депти.

— Жоқ, ҳаял, оны бир сыйырға аўмастырып қойдым, — депти Ерлепес.

— Оның даўасына не ис жетсин, буўаз болса туўар, баспағын сатармыз, сүтин ишип онамыз, — депти ҳаялы.

— Бирақ мен оны және бир малақайға алмастырып жибердим, — депти Ерлепес.

— Жүдә жақсы етипсең, «душпан баска, дос аяққа қарайды» деген, душпан көзи, тәўир болыпты, ақылың бар ғой, той болса, кийип барарсаң, кәне, көрсет, қутлы болсын айтайық, — депти.

— Ҳәй, ҳаял-әй ... оны да қуйын ушырып, дәрьяға түсип кетти, — депти.

— Зыяны жоқ, бастан-көзден садақа, жаманлық соның менен кетсин, — депти.

Сол ўақлары мырза орнынан ушып түргелип:

— Ал, енди мен мына ҳаялыңа тәсийин қалдым. Бар, дүнья-мүлкимниң жартысын саған бердим, — деп, сол күни Ерлепести ертип кетип дүнья-малын бөлип берипти.

## АЛТЫН ОРАЛҒАН БАЛТА

(Р-46, № 50416)

Бурынғы өткен заманда бир байдың есигинде бир жарлы дийхан жүрипти. Бай дийханына күтә ғәззап болып, қыйт етсе ура береди екен. Бир күни бай дийханды отынға жиберип, изинен барса, жарлы томар қопарып атыр екен. «Бул томарың отын болмайды» деп урып, узаққа жибереди. Жарлы кеш болғанда кетип, бир дәрьяның жағасынан арбаны толтырып, түнде қайтайын деп атырса, балтасы үкиге түсип кетеди. «Енди қәйтемен, балтасыз барсам, бай өлтиреди» деп, «не де болса дәрьяға түсип, балтаны алайын» деп тартса, балтаның басына үлкен бир бөлек алтын ере келеди. Буны жарлы байға апарып береди:

— Мынаны ал да, маған урысқаныңды қой, — дейди.

Бирақ бай:

— Бул алтының маған жуғым да болмайды, өзим барып көп алтын әкелемен, — деп, алты айбалтаны апарып, үкиге таслап сабынан тартса, алты жылан ере шығады. Жыланлар ысқырысып келип, байды шағады. Бай зәҳәрленип өледи. Жарлы байдың дүнья-малын халыққа тарқатып берип, мурат-мақсетине жетеди.

## ПЫСЫҚ САЎДАГЕР

(Р-1076. № 182787)

Өткен әсирдиң екинши ярымында белгили қалалардың биринде бир саўдагер жасапты. Ол базарда атлас, шайы, мақпал, ақ шыт гезлемелерин сатады екен. Қанша пайда көрсе де, сол бай саўдагер ғәрип-қәсерлерге қайыр-сақаўатлылық көрсетпейтуғын болған. Және, оның ғәзийнесиниң қай жерде

www.ziyouz.com kutubxonasi

жасырынғанлығын хеш ким билмепти. Хәттеки, өзиниң үйиндегилер де пулдың қай жерде турғанлығын сезбейди екен.

Бир күни саўдагердиң үйине урылар келип, байлықларын излепти. Қанша урынса да ғәзийнени таба алмапты. Олар арадан бес-алты күн өткеннен кейин және урлыққа түсипти. Бул сапар да пулларды таба алмай қуры бос қайтады. Ақыры, олар бул үйге келиўден бас тартыпты.

Күнлерден бир күни саўдагердиң қызы үй ишин жыйнастырып, таслandыларды сыпырып алып, әкесиниң бөлмесиндеги ошаққа салып, өртеп жиберипти. Қараса, ошақ қатты лаўлап жана баслапты. Буған қызы хайран болып, жумысын даўам етипти.

Саўдагер кеште үйине киятырып, жайының төбесинен, морысынан түтин шығып турғанын көрипти. Жуўырып үйине кирипти. Қараса, бөлмесиндеги ошақ жанып атыр. Ол демигип, қысылып жығылып түсипти. Қызы оның жанына келип:

— Аға, сизге не болды? — деп жылапты.

— Мынаны ким өртеди? — депти әкеси зорға дем алып атырып.

— Мен-ғо, аға! — деди қызы хеш нәрсеге түсинбей.

— Мениң пул... пулларым! — депти әкеси бөлип-бөлип сөйлеп. Соң қызына бир қарапты да жан тапсырыпты.

Әнекей, дослар! Хеш кимге қайыр-сақаўат ислемей бар байлықларын жасырған, хәттеки, шаңарағының ийгилигине де жумсамаған сықмар бай саўдагердиң пуллары, байлығы ошақта тасланды менен бирге жанып кетти. Сонлықтан да, ата-бабалар «Алтын алма, алғыс ал» деп бийкарға айтпаған.

## ҮЙРЕНГЕН ӘДЕТ

(Р-1085, №182787)

Бурынғы өткен заманда еки жигит бир-бири менен арасынан қыл өтпестей жора болған екен. Олардың биреўи урлық етпесе жүре алмайтуғын уры болса, екиншиси тамағын ҳадалдан таўып жейтуғын жигит болған екен. Олар сонша ўақыт дос болса да, бәрҳа тек ҳадал жигит уры жорасының үйине қыдырып барады екен, ал уры жигит достының үйине хеш қыдырып келмейди екен.

Күнлерден бир күни уры емес жигит уры жорасына:

— Сен де бир бизиң үйге қыдырып кел! Ҳәмме ўақыт мен келе беремен бе? — деп, үйине мирәт етип қоймағаннан кейин, уры жорасы илажсыз жорасының үйине қыдырып келипти.

Еки жора күни бойы жақсылап сәўбетлесипти. Жигит үйине биринши мәртебе келип атырған жорасын мал сойып, жақсылап күтипти. Кеш болып, жатар ўақыт болғанда уры жигит жорасынан үйине қайтыўға рухсат сорапты. Жорасын қондырмай жибериўди мақул көрмеген жигит:

— Өзиң сонша жыл дегенде үйиме бир мәртебе келипсең, енди сени қондырмай жибере алмайман, — деп, оған үйине қайтыўға рухсат бергиси келмепти.

Сонда уры жорасы оған:

— Жора, енди айтпасам болмайды екен. Мен түнде үйге бир нәрсе урлап алып бармасам, түни менен жаталмайтуғын едим, — депти.

— Яқшы, олай болса, сен бизиң үйден-ақ бир нәрсе урла, бирақ бүгин үйде жат, — деп жалыныпты.

— Олай болса, — депти уры жорасы, — сизлер мениң аяқ-қолымды тас қылып буўып төсекке жатқарың, болмаса мен бул жерде жатпайман, — депти.

— Келген қонақтың аяқ-қолын буўып жатқарған уят емес пе? Тап урламақ түўе, бәрин қырып кетсең де ыразыман, — депти.

Бирақ уры жигит достының сөзине көнбей, ақыры аяқ-қолын буўдырып, досты салып берген төсекке жатыпты.

Ертеңине азанда үйдиң ийеси жигит орнынан турып, досты жатырған төсекке қараса, төсекте достысы жоқ. «Ҳаў, бул қалай болды!» деп жигит сыртқа жуўырып шығып мийманды излей баслапты. Қараса, есиктиң алдында еңбеклеп кеткен изди көрипти. Жигит сол изди қуўып баратырса, аўылынан онша узақ емес бир путалықта уры жорасының еки қолы арқасына байлаўлы, ал мойнында қонған үйиниң ошағын илдирип отырғанын көрипти. Ол дәрҳал достының қолын шешип:

— Ҳаў, достым-аў, бул не қылғаның? — депти.

— Сорама, достым, қол-аяғым буўыўлы турса да, урлық етпей жата алмадым. Ақыры мына ошақты еплеп мойныма илдирип кетип баратырғаным еди, — депти.

«Аўырыў қалса да, әдет қалмайды» деген нақыл соннан қалған екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

72- ТОМ



# БАЛАЛАР ЕРТЕКЛЕРИ

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МӨЖЕНЕТАС
(Р-176, № 182778)

Бурынғы өткен заманда бир бай менен байбийке ҳәм олардың жалғыз баласы болыпты. Бай ҳәр базар сайын мың тилла алып базардан зат алады екен де, келеси базар оны қымбатына сатады екен. Бир күнлери бай қайтыс болыпты. Енди байдың ҳаялы хожейининиң ҳәр базар ислейтуғын базарлық жумысларын баласына тапсырыўды ойлапты. Бирақ, баласын сынаў ушын не базарлайтуғынын айтпай, қолына мың тилла берипти. Баласы сол мың тилланы алып, базарға барады. Базарға баратырып жолда бир адамның ешекти сабап атырғанын көреди. Бала сол жерде иркилип:

— Ҳе, буны неге сабап атырсыз? — деп сорайды.

— Әй, бул ешек мениң аяғымды теўип алды, — депти ийеси.

— Онда усыны маған сатасыз ба? — дейди бала.

— Болады, — дейди ешектиң ийеси.

— Бунын баҳасы не болды? — дейди бала.

Ол мың тилла сорайды. Бала мың тилла берип, екеўи қол урысып, ешекти үйине алып қайтады. Анасы баласының ешек алып келгенин көрип «Ешек те түлик, минсең, жексең, жумсасаң — көлик. Ешек алыпты, шеп болмапты. Бир ойлағаны бар шығар» деп, басқа хешнәрсе айтпайды.

Келеси базар күни анасы және мың тилла берипти. Баласы бул сапары берген мың тилланы алып тағы да базарға тартыпты. Базарға баратырса, жолда бир адам бир пышықты кесеклеп жүргенин көреди.

Бала:

— Ҳе, бул пышықтың не жазығы бар еди? — дейди.

— Әй, бул мениң аяғымды тырнап алды, — деп жуўап береди ийеси.

— Усы пышығыңызды маған сатасыз ба? — деп сорайды бала.

— Мың тилла берсең сатаман, — дейди жаңағы киси.

Бала мың тилланы қолма-қол санап берипти. Сөйтип бала пышықты алып үйине қайтып келеди. Баласының пышық алғанына таңырқаған анасы «Пышық бар жерге жин-жыпыр жоламайды. Бул бала бирдеңени биледи екен» деп өзинше ой түйипти.

Кейинги бир базар күни анасы баласына тағы мың тилла береди. Бала сол мың тилланы алып, базарға кетеди. Бала базарға кетип баратырса, жолда бир адамның бир жыланды урып жүргенин көреди. Бала сол адамның қасына барып, жыланды неге урып жүргенин сорайды.

— Әй, бул жылан мениң аяғымды тислеп алды, — деп жуўап береди оны урып жүрген киси.

— Жыланды маған сатасыз ба? — дейди бала.

— Сатаман, мың тилла бер де, алағой! — дейди жаңағы адам.

Бала буған да мың тилла берип, сол жыланды алып үйине қайтады. Анасы баласының жылан әкелгенине және таңланып, «Жылан бар жерге байлық жыйналады. Бул бала бир байлықтың дәрегин билетуғын болды-аў» деп, онын енди не ислейтуғынын күтипти.

Ешек, пышық, жылан бирнеше күн үйде болғаннан кейин бала олардың қасына келди. Үшеўин бир жерге жыйнап бир сөз айтты:

— Мына таўдың аржағында, бир байдың мурнында мөженетас деген тас бар. Оны мен әкем қайтыс болғаннан кейин қапа болып жүргенимде бир ақ сақаллы бабадан еситип едим. Сол мөженетас бәримизди байлыққа, бахытқа жеткереди. Әне, ендиги жумысымыз — сол тасты барып алып қайтамыз, — дейди бала.

Олар буған қайылшылық билдиреди. Сөйтип бала, ешек, пышық, жылан төртеўи жолға раўана бола береди. Жолға шыға бере ешек айтады:

— Үшеўин де мениң үстиме миниң, мен сол таўға сизлерди шығарып, өзим сол жерде отлап қаламан, ал сизлер болсаңыз байдың үйине барып, мөженетасты алып, усыманға келесиз.

— Яқшы, — дейди олар.

Енди бала, пышық, жылан үшеўи ешектиң үстине минип, таўдың етегине келгенде ешек сол жерде қалады, ал басқалары байдың үйине қарап жүре береди. Олар байдың есигине келгенде, есиктиң еки жағында айбат шегип еки айдарҳа тур ҳәм оның дөгерегинде ҳәр түстеги түрли жыланлар қаплап жүр екен. Айдарҳаның қасындағы жыланлар ысылдап келип балаға умтылысыпты. Сол ўақытта жылан ҳәм пышық баланы қорғаў ушын ысылдап келип қалған жыланларды оңнан да, солдан да бир тислеп ылақтырып, өлтире берипти. Пышық пенен жылан сондай жылдам ҳәрекет етип жыланлардың барлығын да хәпзаматта қырып таслапты, ҳәттеки булардың мына әбжиллигинен алыстан айбат шегип турған айдарҳалар да қорқысып қалып, тез-тез жылысып қаша баслапты.

Бала, пышық, жылан үшеўи ишке кирип барса, бай арқайын уйқылап жатыр екен. Сол ўақытта

www.ziyouz.com kutubxonasi

байдың уйқылап атырған төсегинин аяқ ушынан бир тышқан қашып баратыр екен, пышық оны дәрхал тутып алып жеп, тек қуйрығын қалдырады. Сөйтип ол қуйрықты таўлап-таўлап байдың мурнына тыққышлайды, сол гезде бай қатты түшкирип жибереди. Түшкирген ўақытта мурнынан мөженетас ушып түседи. Мөженетасты қақшып алған бала далаға қарай қашады. Пышық та, жылан да баланың изинен сыртқа қарай атылады. Олар сол қашыўы менен таўдың арғы жағына келсе, бағанағы қалған ешеги отлап жүр екен. Ешекке бәри атылып минип алып, аўылына қарай хайт қояды.

Олар аўылға жақынлағанда бала мөженетасқа:

— Сен маған бағ-шарбақлы хәўли дүзетип бер, — дейди.

Бала сол гәпти айтып аўзын жумбай-ақ, өзинин бурынғы үйинин орнында үлкен саўлатлы жайды, қасындағы әжайып бағды көреди. Бағда болса алма, жүзим, ерик көгерип турғанын көрип, мөженетастың кәраматын биледи. Үйине келсе, анасы баласынын алдынан шығып күтип тур екен. Анасы баласының пулды бийкарға сарпламағанын билип, оның өзинше ислеген бул хәрекетлерине сүйсинипти. Сөйтип, мөжетасқа қолы жеткен бала мол байлыққа жетисипти хәм қайыр-сақаўатлы бай болып даңқын шығарыпты.

## КӨК ҚОШҚАР ХӘМ ҚЫЗАЛАҚ

(Р-22а, № 82401)

Әййемги заманда бир бай болыпты. Байдың еки хаялы бар екен. Бир күни еки хаялы да екиқат болып, олардан еки қыз туўылады. Бирнеше күнлерден соң байдың бир хаялы қайтыс болып, туўылған қыздың биреўи анасыз қалады. Ўақыт өте берди, қызлар өсе берди. Бирақ, жетим қызға өгей шешеси жөнли ас бермейди, онлы кийим бермейди, қыз аш болады, жалаңаш болады. Бай бул қызына бийпәрўа болды. Өгей ана болса, қызды қой соңына салып қойды. Бул байдың көп қойы, көп қойдың ишинде көк қошқары хәм үйинде бир ақ күшиги де бар еди. Өгей ана сол күшикке берип жүрген қалдық жуўынды менен қатқан нанды жетим қалған қызға да аўқат орнына берип жүрди. Қыз қарны қалқып тамақ ишпеди, жийи-жийи аш болды. Бир күни ол қой бағып жүрип, өзи жақсы көретуғын көк қошқарға барды.

— Хаў, көк қошқар, көк қошқар! Өзиңиз билесиз, мениң апам жоқ, маған хешким тамақ я кийим бермейди. Аштан өлер болдым, енди не қыламан? — дейди.

Сонда қошқар:

— Ондай болса, қызым, мениң мына шақымды қақ, усыдан аўқат шығар, соны жерсең, кийим түсер, соны кийерсең, — дейди.

Қыз қошқардың шақын қағып, оннан түскен азық-аўқат, мийўелерди жейди, кийим-кеншеклерди кийеди. Солай етип қыз қойды бағып жүре береди. Күннен күнге қыз өзин алады. Ал, бул аўхал өгей анаға унамайды, ол мына жағдайға хайран қалады.

Бир күнлери өгей ана қызды сынап көриў ушын оған бир қап жүн береди.

— Усыны ийирип жумалақлап, кешке алып кел, — дейди.

Қыз илажы жоқ, бир қап жүнди алып, ойласық етиў ушын тағы қошқарға келеди. Қошқарға:

— Мине, өгей анам маған бир қап жүн берди, «кешке шекем усынын ийирип жумалақлап алып кел» деди, — деп айтты қыз.

Қошқар ойланып турып:

— Олай болса, қаптың аўзын сыйырып аш та, менин алдыма қой, — деди.

Қыз бир қап жүннин аўызын ашып, қошқардың алдына қойды. Қошқар әстен жүнди жей берди. Жеген сайын ол жүн қошқардың артынан ийирилген жип болып шыға берди, ал қыз оны әстен жумалақлап орай берди. Көк қошқардың жәрдеми менен өгей шешениң тапсырған тапсырмасы да орынланды.

Қойларды өристен алып келген соң өгей шеше тапсырмасын сорады. Қыз питкергенлигин айтты. Ол буған хайран қалып, «енди не қылсам екен бу бәле қызға?!» деп тағы да ойланды. Қыз қой бағып жүргенде анлып көрсе, қызға аўқатты да, кийимди де көк қошқар таўып берип жүрген екен. Өгей шеше көк қошқардын қыз ушын не хызметке де таяр екенин, хәрне исти бәржай ететуғынын сезди.

Ол енди көк қошқардың көзин жойыўды ойлады. Сол аўылда бир тәўип кемпир бар еди. Сол кемпирди шақырып алып, тилла берип, былай деди:

— Мен жортаға аўырып жатып қаламан. Сөйтип сизди шақыраман. Сиз келип мениң тамырымды көриңиз де, «Е-хе, сизин бул кеселиңизди жазыў ушын анаў көк қошқардың териси керек екен,

www.ziyouz.com kutubxonasi

болмаса бунық еми жок» деп айтың, — деп тапсырды.

Кемпир хәм буны мақул көрди. Бир күни өгей ана аўырды, кемпирди шақырды. Кемпир баяғы кеңеси бойынша келип онын тамырын услады, услап турып басын шайқады. Соннан кейин:

— Е-хе, сизиң бул кеселиңизди жазыў ушын анаў көк кошкардың териси керек екен, болмаса бунық еми жоқ, — деди.

Көк қошқар сойылатуғын болды. Соннан кейин бул аўҳалды билген қыз көк кошкарға барып:

— Тәуип кемпир «көк қошкарды соймасаң, бул дәртиңизден жазылмайсыз» деп айтты. Енди екеўимизге де қыйын болды. Мен ғой аштан өлемен, — деди қыз жылап.

Қошкар қыздың бул аўҳалын еситип:

— Сен өлмейсең. Мени сойған ўақытта қуйрығыма асылып ал да, көзиңди жумып отыра бер, — деди.

Қыз бираздан кейин көзин ашып караса, бир бағлы хәремниң ишинде екенин көрди. Сол бағхәремде азық-аўқат, миййелерди жеп, ҳасыл кийимлерди кийип, абат турмыста жасап, мурадына жетти.

## АСАН ҲӘМ АБАТ

(Р-21. №1081)

Бурынғы өткен заманда Асан хәм Абат деген еки дос жасапты. Асан байдың баласы, Абат жарлының баласы екен. Екеўи бир аўылда өскеннен кейин татыў-дос болады.

Жаз айларының бир күнлеринде екеўи балық аўлаў ушын ийнине қапларын салып, қолларына қармақларын алып көл излеп кетеди. Екеўинен басқа адам болмайды.

Булар екеўи азаннан түске шекем жол жүрип үлкен алма бағынын үстинен шығады. Басында бағманы жоқ. Екеўи алмалардан алып жеп, әбден тояды. Тамақларын тойдырып болған соң ойнайды. Ойынның қызығына түсип кеткен балалар кештиң болғанын билмей қалады. Тек Абат ғана күнниң қызарып уясына кирип баратырғанын көреди. Ол Асанға:

— Ўах, Асан достым, күн батып қалыпты ғой. Енди көлге жете алмаймыз, аўыл алыста қалды ғой, — дейди.

— Енди не қыламыз? — дейди Асан ҳайран болып.

— Бүгинше усы алма бағының ишинде жатармыз. Ертең азанда ерте турып, көлге барып балық услап, биротала қайтармыз, — дейди Абат.

— Ҳаў, өйтип, қорыкпаймыз ба? — дейди Асан хүрейленип.

— Қорқып не бар? — дейди Абат.

Екеўиниң усылайынша ойласып отырғанының үстине бағман келеди. Ол екеўин де услап алып урады. Ол және:

— Сизлер азаннан кешке шекем жеген алмамыздың ҳақысын төлең, болмаса бағдың ийесине услап беремен. Ол сизлерди жумыска салар, — деп қорқытады.

— Бизиң қолымызда ақшамыз жоқ. Өзлеримиз де көп жеген жоқ едик, аламан десеңиз, бир қабымыз бар, соны алағойың, — дейди Асан.

Сонда Абат:

— Ата, бүгинше усы жерде қонығға бола ма? — деп сорайды.

— Қабыңызды бериң! Бирақ, өзлериңиз бул жерден кетип, басқа жерде жатың. Бул мениң бағым емес, Асқар байдың бағы. Ол түнде келип, көрип кетиўи мүмкин. Егер ол сизлерди көреғойса, үйлериңизге жибермей, күни-түни жумыска салып қояды, — дейди бағман оларға.

Бул сөзди еситкен Абат Асанның қабын бағманға берип, өзлери көз көрер, даўыс жетер жерге барып жатады.

Абат қабын астына салып жатады. Ал, Асанның қабы жоқ. Ол узақ ўақыт жатпастан ойланып отырады. Жатқысы келмейди. Қорқады. Оның көз алдынан атасының «аўыллы жердиң урысы болады» деген сөзлери елес-елес өтип, кеўлин әлленәрселер бийлейди. Асанның атасы «Мениң еки жүзли қанжарым бар, дәўлетимниң барлығы сол қанжарымда. Ол қанжарым турған жерге, жин де, шайтан да жоламайды. Егер қанжарымнан айрылсам, дәўлетимниң қайтқаны» дейди екен. Тап сол қанжар Асанға усыманда керек болады. Самал есип, даўыл турады. Даўыл менен шөплердиң, қамыслардың басы қыймылдап, тереклердиң жапырақлары ызылдайды. Асан қорққанынан Абаттың қабына тығылады. Ол өзи зорға сыйып жатырғаннан кейин жанына жатқармайды. Абатқа өкпелеген Асан аўдарылып арқасына қарай бергенде төрт аяқлы, узын қулақлы, жалбыр жүнли, узын қуйрықлы, еки көзи масаладай жанған бир ҳайўан көз алдында турды. Узақ таңды күтип қорқып отырған Асанның көзлери тас төбесине шығады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Уйқыдан ояныn турған қонақ қойдың қумалағын төсегинде көрип:
— Сен тыштың, сен тыштың, — деп урыса баслады.
Урысып атырған еки қызға бай өзи келеди. Әкесине үлкен қызы:
— Мына киши қызың туўды, — дейди.
— Жоқ, ата, мына үлкен қызың туўды, — дейди киши қызы.
Әкеси келип қозыны қарап:
— Әй, қызларым, мынаў қойдың қозысы ғой, — деп, еки қыздың шаўқымын басады. Сол ўақытта қонақлар уялғанынан шайға да қарамай, орынларынан турған бойына төсеклерин атқа бөктерип, хожейинге көринбестен кетип қалады. Қулақ сол үйде қалып,мурат-мақсетине жетеди.

## ҚУЛАҚ
(Р-565, №176508)

Бурынғы өткен заманда бир аўылда қуртақандай ғана Қулақ деген бала болыпты. Адамлар бул баланы оғыры кишкене болғанлықтан «Қулақ» деп атапты. Қулақ аўылдың арасында жүрип дийқанларға жәрдем береди екен. Бир күнлери бир дийқанның қос айдап атырған жерине барады. Дийқанның жерге шашқан туқымын шымшықлар терип жей баслапты. Буған Қулақтың қатты ашыўы келип:
— Дийқанның зорға таўып егип атырған азғантай туқымын сизлер неге жейсизлер, шығың атыздан! — деп шымшықларға қәҳәрлене бақырады.
Шымшықлар Қулақтың сөзин тыңламайды. Қайта көбейип, дәнлей береди. Буған шыдамаған Қулақ қолына кесекти алып шымшықларды ура баслайды. Қулақтың хәрбир ылақтырған кесеги бир шымшықты өлтиреди. Сол жерде көп шымшық өлип қалады. Қалғанлары атыздан шыға ушып кетеди.
Шымшықларды атыздан қуўып шыққан Қулаққа дийқан көп-көп рахмет айтады. Әне-мине дегенше түс те болып қалады. Дийқан қос айдаўды туўарып, өгизлерди усы жерге арқанласам тоймай қалып, түстен кейин қосқа жарамайды-аў деп турғанда Қулақ:
— Ата! Өгизлер ушын ғам жемең, сиз шай ишемен дегенше мен өгизлерди тойдырып бағып келейин, — дейди.
— Ондай бағып келетуғын болсаң, бағып келе ғой, — дейди дийқан.
Қулақ өгизлерди отлақлы жерлерге апарып бағып жүреди. Күн түс ўақты болғаннан соң қатты ысыйды. Қулақ бул ыссыдан қутылыў ушын өгиздиң артқы жағына барып саялап отырады. Өгиз саралап жибереди. Аңсыз отырған Қулақ оның астында қалып қояды. Қулақ әри-бери талпынады, бирақ ол шалманың астынан шыға алмайды. Тез арада тезек қатып қалады. Бул жерге тезек терип жүрген еки қыз келип, Қулақ қатып қалған тезекти қабына салады. Қулақты қызлар ҳешқандай аңламайды. Қызлар тезекти терип болып:
— Қайтайық, қайтайық, — дейди.
Кенептиң ишинде жатырған Қулақ та:
— Қайтайық, қайтайық — дейди.
Қызлар «бул не өзи?!» деп, тезеклерин арқалап үйлерине қайтады. Қызлар шаршап:
— Тынайық, тынайық — дейди.
Кенептиң ишииндеги Қулақ та:
— Тынайық, тынайық, — дейди.
Қызлар қорқып:
— Бул бизлерди ермеклеп турған жин бе, шайтан ба, өзи? Тезеклер қалса, қала берсин, үйге қарата жуғырысайық, — дейди.
— Олай болса жуғырысайық та, — дейди Қулақ.
Қызлар тезеклерин таслап үйлерине барып болған ўақыяларды айтады. Қызлардың апалары келип тезектиң араларын көрип, тезекти арқалап әкелип, үйиниң алдына төгип таслайды. Кеш болады, қараңғы түседи. Бул ўақытта Қулақ тезектиң арасынан шығып, шийге жабысып, үйге қарап тура береди.
Аўқат писеди. Адамлар табақты дөгереклеп отырып:
— Алың, алың, — дейди.
Сыртта турған Қулақ:
— Мен бос қалдым ғой, — дейди.
Үйден бир адам шығып, үйдиң дөгерегин қарайды, ҳеш жерден адам көринбейди. Үйге кирип тамақ жей баслайды. Адамлар тамақты жеп болып қол жуўады. Сыртта турып Қулақ та:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мениң қолыма суў қуйың, — дейди.

Адамлар даўыстың қайдан шыққанын билмей хайран қалады.

Түнде бул үйдиң қызын күйеўдиң артына мингестирип жибереди. Буны Қулақ көрип қалып, атқа мингескен қызды да, жигитти де кесеклей береди. Бул кесек қайдан ылақтырылып турыпты деп жигит аң-таң болады.

— Мени үйден шықпай урып атырсаң, үйине апарғанша өлтирерсең, — деп қыз аттан түсип қалады.

Жигит қызға және барып алып қайтайын деп атының басын бурғанда, Қулақ атты да, жигитти де, кесеклей береди. Жигит алдыға бетлей алмайды. Ақыр-соны жигит үйине қыздан айырылып қайтып кетеди. Қулақ дийқанның өгизлерин қарап таўып береди. Болған ўақыяларды Қулақ диййқанға бир-бир баян етип айтып береди.

— Мениң үйим жоқ, ата, мени бала етип алың, — дейди Қулақ диййқанға.

Диййқан Қулақты бала етип алады. Қулақ диййқанның баласы болып жүре береди. Сөйтип ол да халық қатарына қосылады.

**ҚУЙРЫҚ**

(Р-565, №176508)

Әзелги әййем заманда, сол заманның қәдиминде бир кемпир болған екен. Кемпирдиң жалғыз баласы болып, ол бала дәрьяның арғы жағындағы бир байдың қосын айдап күнелтеди екен. Күнлерден бир күни кемпир «аҳ» шекти, «ўаҳ» шекти, көзинен қанлы жас төкти:

— Қудайым-ай, ҳадал-ҳарамнан бир мал бермедиң, бендем деп көзге илмедиң. Басқа маллы етпесең де, бир ешки-ақ тилеймен, — дейди.

Әне, сол ўақлар тилектиң қабыл ўақты еди. Қудайтааламның ҳәмири менен кемпирди бир ешкили етеди. Күн өтеди, ай өтеди, ешкиниң туўар мүддети жетеди. Сөйтип, бир күни ешки туўады, кемпир белин буўады, аўызқабағын жуўады, әне оннан кейин ешкини де саўады. Бурын саўдырып көрмеген бул ешки шыбыжынлап турмайды. Кемпирди теўип жибереди, кемпир аўнап түседи, арбаның дегершигинен тартып еди, арба кейин жылжыйды, аўызқабақтағы сүт те төгиледи. Кемпир ешкиниң қуйрығынан тартып турмақшы болып еди, қуйрық жулынып, кемпирдиң қолында қалады.

Аўызқабақтағы сүттен төгилмей азырақ қалып еди, оны кемпир жарма писирип, соған қуяды. Кемпир жармаға қатырып тойды, оннан кейин ойлады ҳәрқыйлы ойды.

— Қудайым-ай, және бир кишкене балам болғанда, қос айдап атырған балама мына жармадан апарып берер еди, — дейди.

Керегеде илдириўли турған Қуйрық, Алладан болып буйрық, оған жан енип, кемпирге:

— Шеше, шеше! Жарманы мен-ақ апарып қайтайын, — дегенде, кемпир:

— Балам, сен апара алмассаң, — дейди.

— Жоқ, шеше, жарманы апараман, — дейди.

Сөйтип, Қуйрық жарманы алып, ағасына қарай кете береди. Дәрьяға келсе, үш-төрт ҳаял суў алыўға келип, сөйлесип отыр еди. Қуйрық ҳаялларға:

— Суўларыңды алың! — дейди.

Ҳаяллар «Алмаймыз» деседи. Қуйрық ҳаялларға еки-үш мәрте «суўларыңды ал» десе де, алмайды.

Қуйрық «Тарт қуйрығым» деп еди, дәрьядағы суўдың бәрин қуйрығы тартып алады. Дәрья тап-тақыр болады. Қуйрық дәрьядан өтип, ағасына жарманы апарып береди.

— Аға, қос айдайын, — деп сорап еди, ағасы:

— Қой қарағым, сийгек өгиз сарып жиберсе, дәристиң астында, тышқақ өгиз саралап жиберсе, нәжистиң астында қаларсаң, — дейди.

Қуйрық ағасының айтқанын тыңламай қосты айдайды. Сийгек өгиз сарып еди, ҳешнәрсе қылмады, тышқақ өгиз саралап еди, Қуйрық дәристиң астында қалады. Ағасы дәристиң арасынан Қуйрықты таўып алып, суўға шайып жуўады. Сонда Қуйрық:

— Аға, Пәленше байда бир үй толы тиллаң бар екен, соны әкелейин, — дейди.

Ағасы Қуйрыққа:

— Байда тиллам жоқ, — дейди.

Бирақ Қуйрық ағасының айтқанын қылмай кете береди. Жүре берди, жүре берди, бир жерлерге барғанда, Қуйрық сағалға ушырасады. Сағалға сәлем береди. Сағал сәлемин алады.

— Қайда баратырсаң? — деп сағал Қуйрықтан «жол болсын» сорайды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қуйрық:
— Пәленше байдың үйине бараман, — дейди.
Сағал:
— Жолдас болайық, — дейди.
Қуйрық:
— Болсақ болайық, — деп кете береди.
Бир жерлерге барғанда сағал «шаршадым» дейди. Онда Қуйрық турып:
— Мениң ыссы жайым бар, соған кире ғой, — деди де, «тарт қуйрығым» деп еди, сағалды қуйрығы тартады. Кетип баратырса, қасқырға жолығып, оның менен аманлық-есенлик сорасады. Сөйтип қасқыр Қуйрық пенен бирге жолдас болады. Бир жерлерге барғанда қасқыр да шаршайды. «Тарт қуйрығым!» деп, қасқырды да тартып кете береди. Және бир жерлерге барып еди, жолбарыс пенен ушырасады. Ол да жолдас болады. Бир жерлерге барғанда жолбарыс та шаршайды. Оны да «тарт қуйрығым» деп қуйрығы менен тартып алады. Сөйтип Қуйрық байдың үйине келеди. Байдан тилла сорайды. Бай тилланы бермейди. Бай ҳаялына:
— Мына қуйрықты қорағa тасла, қойлар басып өлтирсин, — дейди.
Қуйрықты қорағa таслайды. Қуйрық қорада жатып «Шық сағал» деп сағалды шығарады. Сағал қойларды тамақлай кетеди. Буны көрип бай «ат басып өлтирсин» деп, Қуйрықты атқорағa апарып таслайды. Қуйрық атқорада жатып «Шық қасқыр!» деп қасқырды жибереди. Қасқыр атлардың шетинен қырады. Буны көрген бай әбден қыйналады. «Енди буны түйе басып өлтирсин» деп, түйениң астына таслап еди, Қуйрық жолбарысты шығарып, түйени жегизеди. «Қой, бул өзин өлимнен қутқара берди ғой, буны отқа салайын, күйип жоқ болсын» деп ошаққа таслап еди, Қуйрық баяғы өзине тартқан дәрьяның суўын жибергенде, үйдиң иши ығып, суўда қалқып жүрди. Қуйрықтың өзи үйдиң шаңарағына шығып отырады.
Сонда бай:
— Суўыңды қуртсаң, бир үй толы алтын беремен, — деп Қуйрыққа жалынады.
Қуйрық қайтарып суўды өзине тартып алады. Байдан бир үй толған тилла алып, оны аман-саў үйине апарып, рәҳәтине жумсап, мақсети-мурадына жетипти.

## АҚЫЛЛЫ БАЛА
(Р-98, № 37493)

Бурынғы өткен заманда бир кемпир ҳәм оның жалғыз баласы болған екен. Бала ҳәр күни мектепке кетип баратырып, дәрьяның көпиринен өтеди екен. Сол дәрьядағы бир үлкен ылақа балық баланың өтетуғын ўақтын күтеди екен. Себеби бала оған күнде бир бөлек нан таслап кетеди екен.
Арадан жыллар өтип, бала он алты жасқа шығып, анасын бағыў ушын жумыс излеп қалаға келипти. Бала қалаға келип, «Бир күнлик ис бар! Мийнет ҳақына қырық күн бағып және мың сом ақша беремен» деп жар урып жүрген адамды ушыратыпты. Оның бул гәпин еситкен бала ҳайран болып: «Тек бир күн жумыс ислеп, қырық күн қарным тоқ болса, оның үстине мың сом ақша алсам, шеп болмаспан» деп тәўекел етип, жаңағы адамның алдына барып, оның хызметине тайын екенин айтыпты.
Бийтаныс киси баланы үйине ертип әкетип, өзи ўәде еткениндей қырық күн бағады. Қырық биринши күни ол балаға бир семиз өгизди жетелетип, жолға түседи. Олар бир күн жол жүрип бийик таўдың етегине тоқтапты. Баланы ертип киятырған адам оған өгизди сойыўды буйырыпты. Бала өгизди сойып, гөшин, терисин өз алдына айырыпты.
Бир ўақытта жаңағы адам балаға:
— Мына терииниң арасына кир! — депти.
Бала терииниң арасына кирипти. Оны ертип келген адам терини тебен ийне менен тигип шығыпты. Тап сол ўақытта ҳаўадан үлкен бир бүркит келип, терини ишиндеги бала менен қосып көтерип ушып, таўдың басына қоныпты. Қус терини өткир пәнжеси менен жыртқан ўақытта, бала терииниң арасынан дәрриў жырылып шығыпты. Бүркит баланың тири екенин көрип, қайтып ушып кетипти.
Бала өзине келип әтирапына қараса, дөгерегинде алтын таслар менен өлген адамлардың сүйеклери жайрап жатырған екен. Таўдың төбесинен төменге қараса, оны ертип келген адам:
— Балам, сол әтираптағы алтынларды төменге таслай бер! Кейин, мен сени төменге түсирип аламан, — деп бақырыпты.
Ол жан айбат пенен дөгерегиндеги алтынларды жыйнап, төменге ылақтыра баслапты. Төменде турған

www.ziyouz.com kutubxonasi

адам оларды қалтаға жыйнай баслапты.

Қалта толғаннан кейин жаңағы адам алтын толы қалтаны арқалап, баланы таўдың басында қалдырып кетип баратырған қусайды. Сонда бала оның изинен:

— Ҳаў, ата, мени төменге түсирип алмайсаң ба? — деп оның изинен бақырыпты.

—Сен де енди анаў жатқан өлилердиң бирисең, — депти ол балаға.

Қорқып кеткен бала жаны көзине көринип, арман-берман жуўырып, таўдан түсетуғын жолды излепти. Таўдан түсетуғын жолды таппай, ақыры: «Бәрибир өлемен ғой» деп, өзин төменде ағып турған дәрьяға таслапты. Ол дәрья суўын жутып мантығып кетип баратырса, оны баяғы өзи нан берип баққан ылақа балық көрип, арқасына миндирип қурғаққа алып шығыпты. Бир өлимнен қалған бала аман-есен үйине, анасының қасына қайтып келипти.

Арадан бир неше жыллар өткеннен кейин, бир күни бала базар аралап жүрип, баяғы буны таўдың басында қалдырған адамды және ушыратыпты. Ол және: «Бир күнлик ис бар! Мийнет ҳақына қырық күн бағып және мың сом ақша беремен» деп қалаға жар салып жүр екен. Бала оның қасына барып сәлемлескен екен, киси оны танымапты. Сонда бала оған:

— Сизиң бир күнлик хызметиңизди ислеўге мен бараман, — депти.

Киси баланы изине ертип, үйине алып келипти де, оны саррас қырық күн жақсылап бағыпты. Қырық биринши күни баяғыдай бир өгизди жетелетип жолға раўана болыпты. Бир күн жол жүргеннен кейин олар баяғы таўдың етегине келипти. Бир ўақытта жаңағы адам балаға өгизди сойыўды буйырыпты. Бала оның айтқанындай етип, өгизди сойып, гөшин терисинен айырыпты.

— Енди мына териниң арасына кир! — деп буйырыпты балаға.

Бала жаңағы кисини аяғынан шалып жығытып, оны еки бүклеп териниң арасына тығыпты. Ол әри-бери балаға қарсыласқан менен, күши жетпепти.

— Енди мени таныдың ба? Мен — баяғы сен таўдың басында қалдырған баламан. Сен ҳәзир таўдың басындағы алтынларды жерге таслайсаң! Сонда ғана сениң гүнаҳыңнан кешемен, — депти.

Бир ўақытта таўдан баяғы бүркит ушып келип, терини ишиндеги киси менен қоса таўдың төбесине алып кетипти. Жаңағы адам баланың айтқанындай етип, жоқарыдағы алтынларды төменге ылақтыра баслапты. Бала дым индеместен алтынларды қалтаға жыйнап, кетип баратырса, жаңағы адам:

— Ҳаў! Мени жерге түсирип алмайсаң ба? — деп оның изинен бақырыпты.

— Сен де енди анаў өлилердиң бирисең, — депти бала.

Солай етип, ол баяғы адамнан өшин алып, бир қалта алтынды арқалап үйине раўана болыпты.

## АҒАЛЫ-ИНИЛИ ТАЛАПКЕРЛЕР

(Р-46. № 50412)

Бурынғы өткен заманда, ел-журт аманда, байы өлип тул қалған бир кемпир болыпты. Сол кемпирдиң еки баласы бар екен. Бир күнлери кемпир балаларынан:

—Не талап қыласаңлар? — деп сорапты.

— Мениң қылып жүрген ҳеш талабым жоқ, — деди үлкен баласы. Киши бала да соны айтты. Кемпир үлкен баласына қарап:

— Талапсыз болмайды, балам, қылатуғын талабыңның атын айт. Молла боласаң ба?

— Молла болмайман.

— Бақсы боласаң ба?

— Болмайман.

— Енди не талап қыласаң?

— Енди мен уры боламан, — деди үлкен баласы.

Кемпирдиң киши баласы да ағасының сөзин қуўатлап:

— Мен де уры боламан,— деди.

— Балам, уры болсаң, мынадай ис қыл. Узақтан көринген қаратаўда өскен узын байтерек бар. Байтеректиң басында қаңғып ушқан қарақустың уясы бар. Сол уяда қустың үш мәйеги бар. Сол үш мәйекти билдирмей урла, сонда ғана сен уры бола аласаң, — дейди.

Соннан кейин киши баласына қарап:

— Қарағым, сен балам, ағаң қарақустың мәйегин урлаўға байтеректиң басына шығып баратырғанда билдирместен ағаңның ыштанын шешип ал, сонда сен уры бола аласаң, — дейди.

Кемпирдиң үлкен баласы урлыққа шығып қаратаўдың басындағы байтерекке барды. Байтерекке

www.ziyouz.com kutubxonasi

барып қарақустың мәйегин көрди. Мәйекти урлайман деп байтерекке өрмелеп минип кетти. Ол байтеректиң басына минип баратырғанда иниси кейининен келип, путындағы ыштанын билдирместен шешип алып қалды. Байтеректиң басындағы мәйекке кеўил берген жигит путындағы ыштанды шешип алғанды сезбей қала берди.

Жигит байтеректиң басына шығып, қарақустың мәйегине қолы тийди. Биринши мәйекти алды, екинши мәйекти алды, ал үшинши мәйекке қол салғанда, қара қус билип қалып шуў шығарды. Урлыққа келген бала үшинши мәйекти ала алмай қалып, илажсыз қайта берди.

Еки бала бир күнлерде аўылына қайтып үйине келди, не қылған жумыслары шешелерине мәлим болды. Шешеси балаларын шақырып алып, үлкен баласына:

— Балам, сен урлық қылсаң, еки рет еткен урлығың билинбес, ал үшинши урлығың билинип қалар. Ал киши балам, сениң урлығың сирә билинбес, — деп, кемпир еки баласына пәтиясын береди. Соннан кейин үлкен баласы ханның ғәзийнесин урлаў қастында болады. Ал кишкене бала:

— Мен ханның есигинде дәрет суўын жылытып, ханның кеўлин хошлап жүре беремен, — дейди.

Сондай болып кишкене бала ханның есигинде жумыс қылады, ал үлкен бала ханның ғәзийнесине түсип урлық етпеге кириседи.

Бир күнлери хан:

— Мен ҳәр күн ғәзийнени барластыраман, ал ғәзийне күн сайын кемип баратырыпты, күннен күнге азаяды, енди не әмел қыламыз? — деди есигинде жүрген кемпирдиң киши баласына. Бул бала:

— Хан тақсыр, мен жәллатлар менен сөйлесип көрейин, не айтар екен, —дейди.

Бул кишкене бала жәллатлар менен сөйлесип, ханға келеди.

— Хан тақсыр, жәллатлар менен сөйлестим, ойласық еттик. Енди өзиңизге айтатуғын бир сөзим бар, сол мениң айтқанымды қыласыз, — дейди.

— Яқшы, сениң айтқаныңды қылайық, не қыл дейсиз? — деди хан.

— Сизге айтажағым мынадай: Сиз ғәзийнехананың алдына бир ураны қаздырың. Сол ураның ишин желим қайнатып, желим менен толтырыңлар. Күнде урлыққа келип жүрген тағы келер. Сол киятырған ўақтында алдындағы урадан хабары жоқ, қараңғыда билмей ураға түсип, желимге батып қатып қалар. Соннан кейин ол урыны услап аламыз, — дейди.

Бул айтқан мақул түсип, хан ураны қаздырып, желимди қайнаттырып қуйдырып, үйине барып жата береди. Баяғы күнде келип жүрген уры тағы келип, ураға жығылып, желимге батып қатып қалады. Иниси ағасының изинен барып, ханның есигиндеги қараўылды уйқылатып, бул не аўҳал деп урадан хабар алады. Ураға келсе, ағасы ураға түсип желимге батып қалған.

— Аға, бүгин де келиппе един? — депти.

— Қарағым, мени ханға билдире көрме. Хан мени зая қылады, — деп инисине жалыныпты. Иниси ҳеш кимге айтпай ағасын урадан шығарып қутқарып алыпты ҳәм олар усыннан кейин урлығын қойып, аңшылықты кәсип еткен екен.

## ХАН СЫЙЛАҒАН ЖЕТИМ БАЛА

(Р-312. № 99428)

Бурынғы өткен заманда үш ағайинли бала болыпты. Бул үшеўи атадан жаслай жетим қалған екен. Ең үлкени азырақ есин биледи екен. Қалған екеўи ҳешнәрсе билгендей емес.

Бир күнлери үлкени бул екеўине тамақ табыў ушын бир үлкен ғаррыға барып, ақыл сорапты. Бала өзиниң ҳалын ғаррыға бирим-бирим баянлапты. Ғарры буған түсинди де, балаға қарап:

— Ҳәй, балам, сениң бул ҳалың ҳешкимде жоқ бир ҳал екен. Сен енди бул еки иниң менен мал бағып келистире алмайсаң. Соның ушын сен былай етесен. Еки инińди өлтирмей бағыўыңа болады. Бизден бурынғылар айтқан, «көл — бай, тоғай — бай, бәринен кән бай» деген. Усы үшеўи еле де болса сени өлтирмес, — дейди.

Буған бала бас ийзегени менен түсине қоймады.

—Ата, бул не дегениң? Маған тоғай не береди? Көл не береди? Кән не береди? — дейди.

Сонда ғарры баланың түсинбегенин билип:

— Шырағым, тоғай — бай деметиң мәниси мынаў. Дүнья мақлуқатына, яғный, ҳайўанатларға, тамамы адамзатқа отын береди. Бунда олжа көп, бунын есабынан ҳешким шығыса алмайды. Ал, «көл — бай» деметиң мәниси мынаў. Дузақ болса, балық-шабағың бар. Екинши, жекен-қамыс бар. Бул адам ҳәм ҳайўанлар ушын оғада керекли болып табылатуғын ең қымбатлы ўәж болады. Ал, кән — бай

www.ziyouz.com kutubxonasi

дегенимниң себеби мынаў. Бурыннан қалған нақыл, «хәр ким қырсықса, көп мүтәжликке ушыраса, кәнге барсын, ашшы заттан пайдалансын» деген. Мине, мен усы үшеўин айтыўымның негизи усылардан ибарат, — дейди.

Бала ойланып, инилеринин жанына келеди. Түни менен ойланып, азанда көлге қарап еки инисин ертип, жүрис қылады. Көп мәхәлден жол жүрип, бир үлкен көлге келеди. Көлдиң жағасында отырып дем алады. Бир мәхәли әўпилдеген жолбарыстың сести қулағына келеди. Инилери өмиринде еситпеген буншелли зор даўысты таң көрип қорқады да:

— Бул не, бизлерди жеп қоятуғын бәламат емес пе? — деп ағасынан сорайды.

Ағасы:

— Қорықпаң, хә, баллар, неге қорқасыз, бул адамзатқа ең бир пайда келтиретуғын дос хайўан, сизлер ол ушын қорықпаң, азырақ дем алың. Бул жерден кетемиз, — дейди.

Ҳешнәрсе билмеген балалар зорға жүрегин басып, масайрап отыра береди. Бир заманнан ең киши иниси «аға кетейик» дейди.

Кеш жақынлап киятырса алдынан бир тоғай көринеди. Кешлетип тоғайға жетип, бир жеринен ылашық дүзетип алады. Ағасы инилерин ылашықтың ишине жатқызып, өзи аўзында қараўыл болып жатады. Шаршаған балалар аш болғанына да қарамай уйқылап қалады. Соның менен ағасы үш күн қараўыл болады. Төртинши күни кишкене иниси айтады:

— Аға, сен шаршаған шығарсаң. Бүгин демиңди ал. Мен қараўыл болайын, — деп ағасынан руқсат сорайды.

Сонда ағасы:

— Қой, қарағым, сен еле жассаң, — дейди.

Бала:

— Жан, аға, мен ылашықтың түбинде уйқыламай отырыўға қорықпайман. Егер маған зиян келтиргендей бир нәрсе көрсем, сизлерди оятаман, — дейди.

Енди көп айтып қайтара бериўге жас баланың сөзин қыймай, «яқшы» деп, ағасы ылашыққа кирип, арқайын уйқылайды. Бала қараўыл болып, майданда отыра берди. Түнниң бир мәхәлинде бала орнынан турып, оқ-буяққа қараса, бир жерде жанып турған шыраға уқсаған бир жақтыны көреди. Бираздан кейин қараса, еле жарық. Енди бала не де болса тәўекел деп, еки ағасына хабарласпастан көринген жақтыға барады. Барса, қырық қарақшы екен. Ханның ғәзийнесине түспекши болып мәсләхәтлесип отырған. Буны еситкен бала:

— Ағалар, мен де сизлерге қосылып, қырық бириншиңиз болайын, — деп сәлем берип кирип барады.

Қарақшылар биймезгил келген баладан қорқып, хүрейи ушып кетеди. Қырық қарақшының биреўи турып балаға «яқшы» деди. Басқалары үндемей отыра берди. Сол ўақытта:

— Ағалар, жүриңиз, не болса хәр исти маңлайдан көрейик, — деп отырған орнынан турады.

Буған ере барлығы да турды. Әне, енди булар ханның шарбағына барды. Оннан өтип, ғәзийнеге киретуғын жерден ҳеш илаж таппай тоқтады. Сөйтип ойласты. Хәммеден кишкенеси бағанағы келген бала еди. Олар:

— Майданда турайық, сени көтерип мына шарбақтан ишке өткерейик, сен бизлерге тасый бер. Соңында сени және аламыз, — деди.

Бала «яқшы» деп ишке түседи. Әнийерге-минийерге барды да, бир ой ойлады. Ойлаған ойы мынадай:

— Биз ағайинли үшеўмиз, булар болса көплик. Ал, булардың талабы жақсы талап емес екен. Мен ханның ғәзийнесин алып буларға берсем, булар алып мени бунда таслап кетсе, мен еки ағамды көрмей, қарақшылардың сөзине қарап, нийетине дуўшар болып өлип кетсем. Бул жаман ойға мен кириспейин, не де болса, хақ нийетимди мен ханға билдирсем, хан мени өлтирмес. Усы қырықтан бири алатуғынды хан маған бермес пе екен?

Бала әсте келип:

— Ағалар, бирим-бирим келиң, мен бәрин де көрдим. Ғәзийне гүзетшиси қатты уйқыда. Хәзир бәрин де аламыз, — деп қарақшыларға хабарлады.

Қарақшылар буған наятый қуўанып, бирим-бирим көтерип, дийўалдан асыра берди. Барғанын барғандай бала басын кесип таслай берди. Ең соңында биреўи келип еди, оған да түрли илаж қылып, бала оның да басын кести. Сол ўақытта таң да атты. Бала қырық бирinши болып қолында айбалта алып тура берди. Шынында да, ғәзийне қараўылының уйқылағаны ырас еди. Айбалта сол қараўылдың балтасы еди. Азанда қараўыл оянса, балтасы жоқ. Не қыларын билмей, кимнен сораўдың есабын таппай турды. Сөйтип турғанда хан жасаўылы келди. Келсе, қараўылда айбалта жоқ. Уйқылағанын жасаўыл билип, ханға айдап барды. Буны сезген бала айбалтаны өлип жатқан қарақшының қасына таслап, елеўсиз болып бара берди. Хан қараўылға уйқылап қалғаны ушын өлим жазасын берди. Бала еситип ханға арыз



www.ziyouz.com kutubxonasi

қылды. Хан баланың арызын сораўды мақул көрди. Жасаўыл қараўылды айдап кетпекши болды. Бала сөзин былай баслады:

— Тақсыр, бизлер үш ағайинли жетим бала едик. Тамақтан да, кийимнен де қор болдық. Соннан соң үлкен ағам бир жас үлкен ғаррыдан ақыл сораған. Сонда ғарры айтыпты:

— Тоғайға бар. Отын жыйсаң, от болады, аў-дузақ қурсаң, аң аласаң, аўысқанын сатсаң, кийим болады, жесең, тамақ болады, — деп еди. Соннан бизлер тоғайға келдик. Ағам удайына үш күн бизлерге қараўыл болды. Жыртқыш ҳайўаннан қорғаў ушын үш күннен кейин мен ағама рейим еттим. Қараўыл болыўды ағамнан сорадым. Ағам тек қыймаслықтан «болағой» деди. Мен қараўыл болып, түнниң бир мәҳәлине шекем турдым. Бир ўақта уйқым келди. Оннан кейин мен ояқ-буяққа қарадым. Сонда маған бир жанып турған шырақ көринди. Сол шыраға барыўға талапландым. Бирақ буны еки ағама айтпадым. Олар уйқылап қалды. Шыраға келсем, қырық адам мәсләҳәт етип отыр екен. Бәри бир-бирине «бүгин сениң гезегиң, қорғанға түсетуғын нәўбетиң» деп, буның не қорған екенин билмей мен кирип бардым, соң «мен түсемен» деп айттым. Олар қуўанысып «жүреғой» деди. Сол жүриўден сизиң қорғанға келдик. Сөйтип мен қорғанға түстим. Олар далада турып қалды. Мен келип шарбақ ишин аралап көрсем, қараўыл уйқылаған екен. Мен қолындағы айбалтаны алдым, бирақ қараўыл сезбей қалды. Сөйтип, «мен усы қырық қарақшыға қосылып ханның ғәзийнесин урлағаным туўры бола ма, я усы қырқын өлтирип ханға барсам, хан өзи де маған көп сыйлық берер ме еди?» деген ой менен шарбақтың түбинде турып бирим-бирим шақырып, бирин бирине көрсетпей айбалта менен басын кесе бердим. Сөйтип, қырқын да жайғастырған ўақта таң атты да, жарық болып кетти. Тақсыр, өтирик болса, анаў жатқан сол қырық қарақшының өлиги, — деди бала.

Буны еситкен хан дәрҳал жасаўалды жиберип:

— Гәп ырас па, егер өтирик болса, бәле усы болады, ырас болса, баланы сыйлықлаў керек, — деп айтты.

Жасаўыл барды. Ырас, қырық қарақшы өлип атыр. Әлбетте, хан биледи екен. Елинде ким жақсы, ким жаман, сезеди екен. Буның анығына жеткен патша усы баланы бас әскербасы етеди. Тоғайда қалған еки ағасының биреўин қусбеги, биреўин ҳәким етеди. Соның менен үш жетим мақсет-мурадына жетеди.

## ӘДИЛ ҚУТЛЫҚ

(Р-1085. № 182787)

Бурынғы өткен заманда бир Әдил деген шопан бала жасаған екен. Ол журдай жетим болып, жүдә кәмбағал жасапты. Шопан ҳәр кимниң малын, қой-ешкилерин бағып күн көреди екен. Бирақ, ол хеш адамлардың малына қыянет етпей, ис ҳақысын ҳадаллап алатуғын болыпты.

Күнлердиң биринде Әдил шопан жайлаўда малларын бағып жүрсе, бир қус ушып келип, оны айланшықлай берипти. Шопан қусты әри-бери қуўса да ол кетпепти. Бир ўақытта топарласқан атлы адамлар шопанның қасына келип қалыпты. Олар шопанға:

— Бизлер дәўлет қусымызды излеп киятырмыз. Жаңа усы дөгеректе оны көргендей болып едик. Қусты сен жасырмадың ба? — дегени сол, жаңағы қус бирден пайда болады да, шопанның басына қонады. Патшаның адамлары болса оған исенбей, қусты қайтадан ушырады. Ол және шопанның басына қонады.

Үшинши рет ушырғанда да қус Әдилдиң басына қонады. Солай етип, патшаның адамдары шопанды елине алып келеди. Дәўлет қусы шопанның басына қонғанын еситкен патшаның балалары қатты қәҳәри келеди. Бирақ, бул дүньядан өтип кеткен әкесиниң ўәсиятын орынлаўға олар мәжбүр болады. Әкеси өлериниң алдында балаларына:

— Дәўлет қусымды ушырыңлар, ол ким бай болсын, ким жарлы болсын, соның басына қонса, сол елдиң патшасы болады, — деп кеткен еди.

Әдил шопан бундай бахытқа исенбей:

— Мен патша болыўға ылайық емеспен, — депти.

— Бул патшаның буйрығы. Сен патша болыўың шәрт! — дейди патшаның ўәзирлери.

Шопан бираз ойланып турып:

— Ондай болса, мениң де шәртлерим бар, — депти.

— Сизиң айтқаныңыз болсын, тилегиңизди орынлаймыз, — деп жабырласыпты ўәзирлери.

— Биринши ден, мениң шопан жүрисимдеги кийимлеримди жайыма илдирип қояман. Ҳәр ўақ оны кийип, бурынғы шопан болған күнлеримди еслеп турыўым керек, — депти бала.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Солай етип, Әдил шопан патша болыпты.

Қоңсы елдиң патшасы «басы таз шопан бала патша болыпты» деген хабарды еситип, оны көрмекши болып, жолға түседи. Патша кәрўан түйе тартып киятырса, алдынан бир бала шығып:

— Мени алып кетиң, бирақ, мениң ақшам жоқ, — дейди.

— Ақшаң болмаса, не бересең? — депти патша.

Бала ойланып турып:

— Санымнан бир кеспе гөш беремен, — дейди.

Патша ыразы болып, оны түйесине миндиреди. Күни-түни жол жүрип, олар Әдил патшаның қаласына жақынлайды. Қараса, қаланың сыртынан үлкен дийўал салынып атырған екен. Бала түйениң үстинде ойланып:

— Егер мына дийўалдың аржағына секирип түссем, кәрўанбасыдан қутыламан ғой, — деп түйениң үстинен дийўалдың арғы жағына ырғып түседи. Ол бағда дем алып жатырған бағман ғаррының дәл үстине түседи. Бағман сол жерде-ақ жан тапсырады. Бағманның балалары оны услап алады. Өзин «кәрўанбасыман» деп жүрген патша да сол ўақытта жетип келип, биргеликте баланы таза хан, яғный, Әдил патшаның алдына алып келеди. Ханға арыз етеди.

Бағманның балалары:

— Мына бала бизлердиң әкемизди өлтирди, — дейди.

— Қалай өлтирди? — деп сорайды патша.

— Дийўалдың аржағынан секирип түсемен деп әкемиздиң үстине түсти, — дейди балалары.

— Онда бул баланы әкеңниң жатырған жерине апарып жатқарыңыз. Сени түйеге мингизип, бир секиргеннен усы баланың үстине түссең, өлсе өлгени, өлмесе, өзиңди дарға астыраман. Соған қайылсаң ба? — депти патша.

Сонда бағманның балалары арызынан бирден ўаз кешипти. Екинши арзагөй кәрўанбасы патшаға арызын айтады.

— Биз Жәнибек ханның елинен кәрўан тартып киятырсақ, бул бала «түйеге миниўге ақшам жоқ, санымнан гөш кесип беремен» деп, мәнзилге жеткеннен кейин қашып кетпекши болды, — дейди.

Сонда патша:

— Сениң қолыңа өткир пышақ беремен. Баланың санынан бир кеспе гөш кесип аласаң. Егер гөш артық ямаса кем болса, өлесең! — дейди.

Өлим саўдасының аўыр екенлигин билип, кәрўанбасы да арызынан бас тартады хәм патшаға:

— Сизди сынаў ушын алдыңызға арыз етип келип едим. Мен де сиздей патша боламан. Сиз бизден де ақыллы патша екенсиз. Тапқырлығыңызға қайыл қалдым, — депти.

Әне, соннан баслап еки патша жақсы танысып, еки ел арасында қатнасықты беккемлейди.

Жәнибек хан қызын Әдил патшаға мүнәсип деп оған береди.

Солай етип, дағыстанда қой бағып жүрген шопан бала бахытлы дәўран сүреди. Елине әдил патша болып, халқы қутлы қоныста, абаданшылықта жасапты. Соннан баслап бул ел «Әдил Қутлық» деп аталып кеткен екен.

## ЕҢ УЛЛЫ КӘСИП

(Р-1085, № 182787)

Бурынғы өткен заманларда бир патшаның бойжеткен қызы бар екен. Патша қызын ақыллы, дана, мийнеткеш жигитке бермекши болыпты. Ол бас ўәзирин шақырып, сораўын айта баслапты:

— Егер де ким дүньядағы ең уллы кәсипти ийелесе хәм таўып келсе, сол жигитке қызымды беремен, — депти.

Ўәзир буны халыққа оқып еситтирипти. Бул гәпти сол ўәзирдиң баласы еситип патшаға барыпты. Патшаның алдында үш жигит турған екен.

Биринши жигит:

— Дүньядағы кәсиплердиң ең уллысы — бул устазлық кәсиби. Себеби, устаз жас әўладты тәрбиялап билим-илим сырларын үйретеди. Мен соның ушын да устазлық кәсибин таңладым, — депти.

Екинши жигит:

— Дүньядағы ең уллы кәсип — бағманшылық. Өйткени, бағман әтирапты көклемзарластырады, түрли гүллер егип, әлемди гөззаллық келбетине бөлейди. Ал, мийўелери болса, халқымыздың дастурханын толтырып турады, — депти мақтанып.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ал, үшинши жигит:

— Дүньядағы ең уллы кәсип бул — тәўипшилик кәсиби есапланады. Тәўип адамларды емлейди. Тәўир болған наўқас адам оған рахметин айтады.

Бул үшеўи де айтып болғаннан соң ўәзирдиң баласы:

— Дүньяда жаман кәсиптиң өзи болмайды. Мысалы, қайсы кәсип үлкен болсын, киши болсын, барлығының да адамлар ушын пайдасы, үлеси бар. Соның ушын да, кәсиплердиң үлкен-кишиси болмайды, — деп жуўап берипти.

Патша бул баланың жуўабына кеўли толып, оған қызын береди. Солай етип, олар мурат-мақсетине жетип, узақ өмир жасапты.

## СЫЙҚЫРЛЫ МАЛАҚАЙ
(Р-1085. № 182787)

Бурынғы өткен заманда бир бала анасы менен тоғайға жақын жерде жасапты. Олардың үйлерине басқа үйлер дым алыс екен.

Бир күни баланың анасы аўырып қалыпты. Бала не қыларын билмепти. Сөйтип ойланып-ойланып, тоғайда жасайтуғын, өзи қақаман қыс күнлери гешир ҳәм тағы да басқа азық берип бағатуғын Ақ қоянды излепти. Басқа барып ойласатуғын, жәрдем сорайтуғын сүйениши жоқ еди.

Бала тоғайды аралап излеп жүрсе Ақ қоян гезлесипти. Бала анасының наўқас екенлигин айтқан екен, Ақ қоян «азмаз тура тур» деп қалың бүк арасына зып етип кирип кетип, ҳәп заматта бир қоянның терисинен исленген малақайды аўзына тислеп алып шығыпты. Балаға берипти.

— Анаң басына усыны кийсе тәўир болып кетеди! — депти Ақ қоян.

Бала қуўанып үйине келипти. Анасына сыйқырлы қоян терисинен тигилген малақайды кийгизген екен, ол бирден жүзине қан жуўырып, диңкеси енип, тәўир болып турып кетипти. Анасы баласын қайта-қайта сүйип, перзентине ырза болыпты.

Солай етип, бала анасы менен узақ ўақыт аўырмай жақсы күн кеширипти. Жыллар өткен соң қартайған Ақ қоянды болса олар үйине алып келип бағыпты.

## ӨНЕРЛИНИҢ ҚОЛЫ АЛТЫН
(Р-1085. № 182787)

Бурынғы өткен заманда Ақсарай деген елде әдалатлы бир патша болыпты. Ол өмириниң ақырына дейин халқына зулымлық етпестен, ақыллылық пенен елин басқарыпты. Патшаның жалғыз улы бар екен. Ол ҳеш тахтқа қызықпас, бирақ, өнерли болып ер жетипти. Өнер болғанда да ол тап тоқымашылыққа қызығып, кесте тоқыйды екен. Буннан патша қатты қапа болыпты. Жалғыз улының жолын даўам етип, тахтқа қызықпағанына ашыныпты. Соған қарамастан патша баласын мәжбүрлеп, тахтқа отырғызбақшы болыпты. Тахт мийрасхоры болса еки аяқлап тахттан ўаз кешипти. Қатты ашыўы келген патша баласын зинданға таслатыпты. Зинданда баласы қарақшылар менен бир неше ай болыўына туўра келипти. Арадан ўақыт өтип, патша улын көрмекши болып, зинданға келипти. Патша не көз бенен көрсин, қараса, баласына қосылып қарақшылар да кесте тоқып атыр екен. Олардың қасында жатырған бир-биринен сулыў тоқылған кестелерди көрип, патшаның аўзы ашылып қалыпты.

— «Өнерлиниң қолы алтын» деп усыны айтса керек. Баламды бийкарға айыплаған екенмен. Қараң, улым өнерин қарақшыларға да үйретипти. Демек, баламнан үлкен үмит етсем болады. Ол өнерин халқына да үйрете алатуғынлығына анық көзим жетти. Балам қарақшыларды да туўры жолға сала алды, — деп патша улының исинен сүйсинипти.

Солай етип, патша баласын ҳәм қарақшыларды зинданнан шығарыўға буйрық береди. Әдалатлы патша буннан соң өнерли баласына кең имканиятларды жаратып береди. Нәтийжеде Ақсарай елинде тоқымашылық, кестешилик өнери ен жайып, раўажланып кетеди. Қонсы еллерден адамлар бул өнердиң даўрығын еситип, ағылып келе баслайды. Саўда-сатық жүрисип кетеди.

Әдалатлы патша буннан кейин де көп жыл елин басқарып, өлиминиң алдында тахтын улына тапсырып кетипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТАС
(Р-1085. № 182787)

Бурынғы өткен заманда бир-бирине жақын еки аўыл болыпты. Бирақ, биринши аўылдан екинши аўылға өтиў ушын адамлар жер астынан қазылған қараңғы үңгирден өтип баратуғын болыпты.

Күнлерден бир күн биринши аўылдан бир топар адамлар екинши аўылға өтиў мақсетинде қараңғы жер асты үңгири менен жолға түсипти. Олардың арасында еки бала үңгирдеги жол қаншама қараңғы болыўына қарамастан тез жүрипти. Сол ўақытта олардың биреўи жығылып бир нәрсеге сүрнигипти. Сүрниккен бала:

— Пай, тасқа сүрниктим-аў, бул жол таслы қусайды, — депти.

— Қолыңа илинген тасты ал, үңгирден сыртқа шығарайық,бизиң изимизде киятырғанлар жығылмасын, — депти биринши.

Бирақ, екинши бала:

— Жығылса жығылсын, — деп тасты алмапты.

Биринши бала үңгирден шыққанша тасты көтерип жүре берипти. Екинши бала оның үстинен мысқыллап күлипти. Олар екинши аўылға өтип қараса, биринши баланың қолындағы тас емес, алтын екен.

## ПЕРИШТЕНИҢ ҚУДИРЕТИ
(Р-1085. № 182787)

Бурынғы өткен заманда бир өжет, қайсар, әдепсиз Жүзимгүл деген бир қыз болыпты. Ол хеш кимниң айтқанын қылмайтуғын жүдә тәртипсиз, сабақларынан таярланбайтуғын салақ қыз еди. Оның ханасы бәрқулла жайрап, патас болып туратуғын еди. Ал, Жүзимгүлдиң үйиниң қасында Нәзийра деген қыз туратуғын еди. Ол жүдә әдепли, тәртипли хәм мийирман қыз екен.

Бир күни көше бойлап бир периште аралап шығыпты. Нәўбет Жүзимгүлдиң үйине жетипти. Хәр бир таза үйдиң өзиниң периштеси болады екен. Ол Жүзимгүлдиң үйиниң усындай патаслығын көрип, оннан қапа болып, кетип қалыпты. Ол үйдиң периштеси кеткеннен соң сол жерден бахыт, дәўлет, берекет те кетипти. Периште Нәзийраның тазалығын көрип ол жерге өзиниң сыйқырлы нурларын шашып кетипти. Нәзийраның үйиниң әтирапы гүлзарлыққа айланып, үйине күннен күнге берекет дарып, бахытлы өмир сүрипти.

## ДҮНЬЯНЫҢ ЗОРЫ
(Р-280. № 87758)

Ертегим ерте болды,
Қулағы келте болды,
Ғаз қараўыл болды,
Тырна жасаўыл болды,
Хәкке бийсымақ болды.
— Хәкке, сен неден бийсымақ болдың?
— Музға тайып шатым айрылды.
— Муз, сен неден күшли болдың?
— Мен күшли болғанда, күн еритермеди?
— Күн, сен неден күшли болдың?
— Мен күшли болғанда, булт басармеди?
— Булт, сен неден күшли болдың?
— Мен күшли болғанда, жамғыр тесермеди?
— Жамғыр, сен неден күшли болдың?
— Мен күшли болғанда, жер сорырмеди?
— Жер, сен неден күшли болдың?
— Мен күшли болсам, тышқан тесермеди?
— Тышқан, сен неден күшли болдың?
— Мен күшли болғанда, пышық алармеди?
— Пышық, сен неден күшли болдың?
— Күшлимен, мен күшлимен,
Аяғымда зерли гәўиш,
Күнине екки мың тышқаннан сәўиш.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДӘЎ МЕНЕН БАЛА
(Р-46, № 50416)

Бурынғы өткен заманда бир кемпир менен ғаррының жалғыз улы болыпты. Олардың қорасында жети ешкиси болып, мудамы оларды бағып жүреди екен. Бир күни бала ешки бағыўға кетерде кемпирине:

— Апа! Маған қатық бер, ишким келип тур, — депти.

— Қатық ишсең, дүзде уйқылап қаласаң ғой, балам, — депти.

— Уйқыламайман, апа, беребер, — депти баласы да.

Анық қоймағаннан кейин анасы:

— Мейли, ише ғой, — деп, оның алдына бир гүзе қатықты әкелип қойыпты.

Бала қатыққа тойып алып, ешкилерин айдап, таўға қарай кете берипти. Бир жерге барғанда бала буйығып уйқылап кетипти. Уйқыдан турса, хеш жерде ешкилер көринбейди. Ушып түргелип, әтирaптың бәрин қарап шығады. Бирақ, хеш жерден ешкилерин табалмайды. Көрдим-билдим деген адам жоқ. Бир ўақытлары узақтан еки ийттиң даўысы шыққан тәрепке қарай кете береди. Бираз жүргеннен кейин таўдың жанбаўырында турған бир үйди көреди. Үйге барып ишине үңилсе, төрде қол-аяғы байланған бес-алты адам жатыр. Олар буны көрип:

— Ҳәй, бала! Сен бул жерде не ислеп жүрсең? Тезирек қаранды батыр! Бул жер дәўдиң үйи, ҳәзир ол келип қалса, бизлер менен қосып сени де жейди, — депти.

— Кетпеймен! Сизлерди жеген дәў, мейли, мени де жей қойсын, — деп жуўап берипти бала.

Бир ўақытлары дәў қойларды айдап келипти, бала дәрҳал адамлардың артына жасырынып тура қалыпты. Дәў әтирапты ийискеп:

— Бүгин бөтен адам келди ме? Бөтен ийис шығады ғой, айтыңлар, — депти.

— Як! Бул жерге хеш адам келген жоқ, көрмедик, — деп жуўап берипти аяқ-қолы байлаўлы адамлар.

Соннан кейин дәў қойларды үйирге қамап, ошақта турған адамның гөшин жеп, уйқылап қалыпты. Бала дәўдиң бир қойын услап алып сойып, терисин тулып етип кийип алып, гөшин адамларға берип, қойлардың арасына кирип кетеди. Дәў уйқыдан турып қойларды қуйыдан суўғарайын деп шелек пенен суў тартып атырған ўақытта қуйының түбинде бир нәрсе көринеди, бул не екен деп үңилип атырғанда, бала арқасынан келип қатты пәт пенен ийтерип жибереди. Дәў қудықтың ишине қулайды.

Дәўден қутылған адамлар қатты қуўанысып, оған рахмет айтып, дәўдиң бар мүлкин балаға берип кетеди.

Бала үйине келип, дәўден қалған дүнья-малды аўылдағы кәмбағалларға бөлип береди. Ол аман саў ата-анасына қосылып, кәмбағаллық не екенин билмей, узақ өмир көрипти.

## АҚЫЛЛЫ БАЛА
(Р-63, №34661)

Бурынғы өткен заманда бир патша болған. Онда көздиң жаўын алатуғын жақсы бир ат бар екен. Сол атқа басқа бир елдиң патшасы қызығып саўғаға сорайды. Әлбетте, бул атты сораған патшаға бермейди. Бермеген соң қонсы патша ҳасыл аты бар патшаның елине урыс ашады. Себеби, сол ат киснегенде урыс ашажақ болған патшаның елиниң он мың бийеси иш таслайтуғын қусайды.

— Урысасаң, болмаса жылда бизлерге он мың тиллә бересең, — дейди қонсы патша.

Бул патша әскерлериниң аз болғанлығы себепли бир жылда он мың тиллә береди.

Күнлерден бир күн патша ҳасыл атының қасына алтыннан арба соқтырды. Сол арбаның баҳасын қойыўға халық пенен ойласыўға жыйналды. Ҳеш адам баҳа қоя алмады, биреў мың, биреў жүз мың деп, бул арбаға баҳа табылмайды. Патша:

— Енди ким қалды? — деп сорады.

— Тек шетки аўылда бир бала ғана қалды, — деди жасаўыл.

— Сол баланы алып келиң! — деди патша.

Олар баланы алып келди. Патша балаға:

— Мына арбаның баҳасын қой, — деди.

Бала ойланбастан:

— Бул арбаның баҳасы ашлықта бир тойып ишкен ас екен, — деп баҳа қойды.

Патша «баҳасы жоқ, өзи алтын, бирақ, ашлықта тойғандай асқа беретуғыны ырас» деп ойланды. Баланың ақыллы екенин сезди. Оны сарайда тойдырып, кийиндирди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир неше күн өткен соң баланы шақырып алып, қоңсы патшаның душпан екенлигин, бир аттың киснегени ушын жылда он мың тилла алатуғынын айтты.

— Балам, бизлерди жарастыр, — деди патша.

— Яқшы, тақсыр, маған бир түйе, бир мылтық, бир теке берин, — деди бала.

Патша барлығын да таяр етти. Бала соларды алып қоңсы патшаға кетти. Ол патша «елши келди» деп жыллы күтип алды. Олар елшини сыйлады, оннан кейин жол болсын сорады. Бала келген жумысын айтты.

— Ондай болса, үлкенинди алып кел, — деди патша.

Бала түйени алып келди.

— Ондай емес, сақаллың бар ма, соны алып кел, — деди патша ашыўланып.

Бала текени алып келди хәм жолда бес ийтти атып өлтирди. Патша қәҳәрленип:

— Бундай нәрсе емес, адам алып кел, — деди.

— Мен адамман, — деди бала.

Сол ўақта елдеги ийтлердиң ийелери патшаға шағым етип келди.

— Мына мийманымыз ийтлеримизди атып таслады, — деди бир ийттиң ийеси.

Сонда патша турып:

— Мийман, бул не қылғаныңыз? — деп сорады.

— Қуллық, тақсыр, атадан үш ағайинли жигит едик. Қудайым еки үлкенин патша етип жаратқан екен. Мен сол екеўинин иниси едим. Мине, олар маған қой баққызды. Қойшы қасқырдан қорғаў ушын уйқы дегенди билмейди. Сизиң елдиң ийтлери тынбай үреди, үре береди. Соған ашыўланып ийтлерди атып едим, — деди бала.

— Бундай да өтирик бола ма? — деди патша таңланып.

— Қуллық, тақсыр, бизиң елдиң аты киснегенде сизиң елдиң он мың бийеси иш таслағанда, ийттиң даўысы бизлерге жетпей ме? — дейди бала нықлап.

Сол ўақта патша сөзден утылып, барлық өкпе-гийнени қойып, еки патша бир жетим баланың ақыллы сөзлери менен дос-татыўлықта жасайды. Баланы өз елиниң патшасы бас ўәзир етип алады. Солай етип, бала теңине үйленип, үбирли-шүбирли болып, мурат-мақсетине жетти.

## ШӘРТТЕН УТҚАН БАЛА

(Р-63, №34661)

Бурынғы өткен заманда үш ағайинли жигит бар екен. Олар жүдә жарлы болыпты. Күнлерден бир күн олар ойласып талап етпекши болыпты. Үлкен ағасы талап ислеўге басқа бир аўылға кетип, бир байдың үйине барды.

— Сен не ислеп жүрген жигитсен? — деди бай.

— Талап ислеўге жүрмен, — дейди жигит.

— Талап ислесең, менде талап бар. Бирақ, бир шәртим бар. Соған көнсең, жумыс беремен, — деди бай.

— Айтың, қандай шәрт? — деди жигит.

— Ким ашыўланса, өлтиргейли болсын, шәртим сол, — деди бай.

— Болады, ислеймен, — деди жигит ойланып турып.

Бай жигитти алдына салды. Ҳәр күни түйениң көзиндей зағара ҳәм бир қуман суў берди. Жигит бир неше күннен кейин ашлықтан малға ере алмайтуғын аўҳалға келди. Бурынғы күнинен де жаман болды. Бай усы ўақыттан пайдаланып жигитти «малға жете алмайсаң» деп азаплады. Сонда жигит:

— Бергениң түйениң көзиндей кишкене нан, қалай малға жетейин, — деп ашыўланды.

Бай шәрт бойынша жигитти ашыўланғаны ушын өлтирди. Өлген жигиттиң ортаншы иниси ағасынан хабар болмаған соң, «ағамды излейин хәм талап ислейин» деп туўысқанын излеп шықты. Бул да баяғы байға тап болды. Шәртке разы болып, ол да байдың ашлығына көнбей өлип кетти. Еки ағасынан хабар болмаған соң ағаларын излеп ең киши иниси де шықты. Жолда баратырып бул жигит бир жасы үлкен адамға жолықты. Сәлемлесип болғаннан кейин бала:

— Ата, мениң еки ағам талап излеп кетип еди, ҳеш қандай хабар болмады, сиз еки жигит ҳаққында еситпедиңиз бе? — деп сорады.

Сонда ол жасы үлкен адам:

— Шырағым, саған бир сырды айтайын. Анаў үйде бир бай турады. Ким талап излеп келсе жумыс таўып береди. Бирақ, оның бир шәрти бар. Яғный, ашыўланса, өлтиретуғын шәрти бар. Еки жигит келип,

www.ziyouz.com kutubxonasi

усы байдың хызметин иследи, ашыўландырып, екеўин де өлтирди. Мәгар солар сениң ағаларын болар. Мени айтты деме, — деди.

Әне, жигит сол сықмар хәм жаўыз байға келди. Бай турып:

— Хә, не қылып жүрген адамсаң? — деп сорады.

— Аға, талап излеп келдим. Сизде жумыс табылар ма екен? — деди жигит.

— Менде жумыс бар, бирақ, бир шәртим бар, соны орынлайсаң, — деди бай.

— Айтың, орынлайман.

—Кимде ким ашыўланса, өлтиргейли.

— Келистик.

Бай жигиттиң алдына еки жүз мал салды.

— Мине, усыларды бағасаң, — деди бай хәм жигитке түйениң көзиндей нан менен бир куман суў берди. Жигит малды айдап, тоғайға барды. Бир жақсы өгизин сойды. Гөшине тойды. Кеште бай келип малларын бирим-бирим санады. Бир өгиз кемис болып шықты.

— Үлкен өгизим қайда? — деди бай.

— Бергениң жалғыз нан, ол не болады, аш болдым, өгизди сойып жедим, — деди жигит.

— Жалаң аяқ, жуўындыхор! Сен мениң малларымды бағыўдың орнына қуртып атырған екенсең ғой, — деп ашыўланды бай.

— Бай аға, ашыўландың ба? — деди жигит.

— Жоқ, шырағым, ашыўланғаным жоқ. Несине ашыўланайын.

Әне, жигит усы әдети бойынша еки жүз малды сойып болды. Байды ашыў қысып ашыўланбаған болып отыр еди. Сол ўақта байдың жас жалғыз баласы бар еди. Сол тентекшилик етти. Бай ашыў менен:

— Усы баланы жерге тартып урар ма еди! — деп айтып аўзын жумбай-ақ жигит баланы пақсаға тартып урды. Бала сеспестен қатты.

— Бул не қылғаның? — деди бай.

— Өзиң ғой, тартып урар ма еди, деген. Бай аға, ашыўландың ба? — деди жигит.

— Жоқ, несине ашыўланайын, — деди бай ашыўын жасырып.

Баланы жайғастырыў ушын әўлийеге алып кетти.

— Бир кетпен, бир бел алып бар, — деп бай жигитке буйырды.

Жигит кетпенди таслап, белди алып барды.

— Кетпен қайда? — деп бай сорады.

— Кемпириң бермеди, — деди жигит.

— Сол кемпирдиң маңлайына уратуғын ким бар?! Кетпенди алып кел, шеңгел шабамыз, — деди бай.

Жигит барып кетпенди алып, кетпен менен кемпирдиң маңлайына урды. Кемпир сеспей қатты. Кетпенди алып барды. Бай үйине қайтып келсе, кемпир де өлип жатыр. Не қыларын билмей турғанда:

— Бай аға, ашыўландың ба? — деди жигит.

— Хаў, саўмысаң?! Буған да ашыўланама екен? Ашыўланғаным жоқ, — дейди бай жылап турып.

Бай анасын жайғастырып болды. Байдың мақтаўлы бир аты бар еди.

— Ат шаншыўлап аўырды. Усы атты қыздырып, терлет, — деп бай жигитке жумыс тапсырды.

Жигит сол атты өрден ыққа шапты. Келип атын байлады. Ат та өлди.

— Бул не қылғаның? — деди бай.

— Аға, ашыўландың ба? — деди жигит.

— Жоқ ашыўланғаным жоқ, — деди бай.

Жигит жортаға уйқылаған болып жатты. Бай ҳаялына қарап:

— Бул бәледен қашып қутылайық. Болмаса, екеўимизди де өлтиреди. Сен баўырсақ писир, аршаға сал, бийеге артып қашайық, — деди.

Байдың ҳаялы айтқанларын орынлады, баўырсақты аршаға салды.

— Ал, не қыламыз? — деди ҳаялы.

— Бир азғантай уйқылап алайық, — деп булар уйқылап қалды.

Жигит өз орнына келини жатқарып, шапан жапты. Өзи билдирмей баяғы баўырсақ салған аршаға кирип жатып алды. Бай ҳаялына қарап:

— Тур, мына бала уйқылап жатырғанда қутылып кетейик, — деп, аршаны көк байталға артып қашып кетти. Екеўи көп жол жүрип бир ағаштың саясына барып отырды.

— Ҳаял, баладан қутылдық, дем алайық, — деп бай аршаны байталдан түсирип алып ашты. Ишинен баяғы жигит шыға келди.

— Хаў, сен де киятырсаң ба? — деди бай ҳайран болып.

— Аўа, жалғыз бир өзим сизлерден қалғым келмеди. Бирге келгениме ашыўландың ба? — деди жигит.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Жоқ, шырағым, ашыўланбайман, — деп бай ишинен ашыўланады.

Тағы бирге кете берди. Бир аўылда көп жыйналған адамды көрди.

— Бай аға, булар не ушын жыйналып атырғанын билип келейин, — деди жигит.

— Бара ғой, — деди бай. Ишинен «барғаныңнан келмегейсең» деди.

Жигит жыйналған аламанға барса, патшаның баласы аўырып, өлим алдында жатырған екен, соған жыйналған адамлар екен. Жигит патшаға қарап:

— Таксыр, балаңызға ем тапсам, балаңыз жазылып кетсе, маған не берерсиз? — деди.

— Ондай бола ғойса, өзиме бас ўәзир етип аламан, — деди патша.

— Анаў баратырған байдың көзлери өткир, балаңызға соның көзи өткен, сол адамды өлтирсеңиз, сизиң балаңызға өткен көзиниң нуры күшин жойтып, тәўир болып кетеди, — деди.

Патша жәллатларын жумсады. Байды дарға асып өлтиреди. Расында да, бала дәрхал жазылады. Солай етип, жигит байдан ағаларының өшин алды хәм патшаға ўәзир болып мурат-мақсетине жетти.

## ЕСАБЫН ТАПҚАН БАЛА

(Р-28. №3663)

Бурынғы өткен заманларда Бухараның ханы наятый зулым болады. Бурын ўақытлары Туран ойпатын хәзиргидей атамайды екен. «Бесқала» деп атайды екен. Бухара ханы усы Бесқала бойынша жылқыны киснетпеўге тәртип береди. Кимниң аты киснесе, ийесин өлтириўге, атын ғазналық етиўге, айлығын журтынан өндирип алыўға хәр он үйге бир адам қойыпты. Адамлардын күн көриўи оғада қыйынласады.

Атлардың аўызларына дорба қыстырады, оның менен де болмайды. Атлардың сеслери шыға береди. Атлардың аўызларын буўады, оның менен де болмайды. Атлар демигип өле береди. Терең төле қазып атты төледе сақлайды. Бунда да болмайды. Хан аты бар, аты киснеген адамларды өлтиреди, атларын алады.

Бул бәледен қалай қутылыў жөнинде халық жыйналып мәсләхәтлеседи. Биреўер ханға қарсы атланыс жасамақшы болады. Биреўлер атларды қырмақшы болады. Биреўлер тағы бир нәрсе етпекши болады. Бирақ хеш биреўи туўры жол таба алмайды.

Халық хорланып, қыйналып турған ўақта бир кишкене алты-жети жасар бала адамлардын қасына келип, бир-еки аўыз сөз айтыўға, мәсләхәтлерине қосылыўға рухсат сорайды.

Адамлар балаға қарап күлип:

— Шаппаттай бала нени билетуғын еди, кетсин, — дейди.

Бала:

— Мениң сөзимди тыңлаң, — дейди.

Биреў баланың сөзин тыңлайық дейди, балаға сөз береди.

— Ағайинлер, маған қырық бала бериң, қырық атты зәртең-зәбертең ертлеп, қурал-жарақ бериң. Бир түйе, бир серке бериң. Бухара ханы менен урысаман. Ханның басын алып келемен — дейди бала.

Адамлар шақалақлап күледи. Биреўлери «бул бала емес бәле шығар» дейди. Биреўлери «балада кәрамат болыўы керек. Айтқанларын таўып берип жиберейик» дейди. Хәммеси келиседи, бир пикирге келеди.

Қырық баланы табады. Қырық атты жақсылап ертлейди. Қарыў-жарақ таярлап береди. Бир түйе, бир серке береди. Қырық бала Бухар ханына кетеди. Бир неше күн жол жүрип Бухарға келеди.

Қырық бала биреў-биреўлери менен сөйлесип ўәдени бир жерге қояды. Хәр ким қаланың бир жағынан «хан қайда, басын аламыз, көринсе ханды шаламыз» деп ат қояды.

Қаланы қорғап турған ләшкерлер балларды услап алып ханға алып барады. Хан қараса ең үлкени жети жасар екен. Хан балаларға қарап:

— Сизлердиң ең үлкениниз ким? — дейди.

— Мен, ханымыз, —дейди бала.

— Сеннен үлкени барма? — дейди хан.

— Бар, —дейди бала.

— Онда, сонынды алып кел, —дейди хан.

— Әжеп, — деп жүгирип кетеди хәм түйени алып келеди.

— Хаў, бул түйе ғой, —дейди хан.

— Түйе де болса үлкенимиз усы, буннан үлкенимиз жоқ, — дейди бала.

— Сақаллың бар ма? — дейди хан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сақаллымыз бар, — дейди бала.
— Бар, онда сол сақаллыңызды шақыр, — дейди хан.
Серкени алып келеди. Хан:
— Қой, бул балларда бир кәрамат бар шығар. Мени жеңе берди. Барың бул балаларды қонақ қылып жақсылап күтиң, — деп бир ўәзирине тапсырады.
Ўәзир балларды жақсылап күтеди. Бир-еки жылдан берли майын көтере алмай жатқан бир қойы бар еди. Соны сояды. Ериктиң тап писип киятырған күнлери еди. Ерик әкелип қояды. Жатыўға жақсылап төсек салады.
Бала етке бармағын тийгизип турады да:
— Бул етте ийттиң ийиси шығады, — дейди, жемейди.
Ерикти алып турады да:
— Бунда адамның қанының ийиси шығады, — дейди, жемейди.
Төсекти көрип турады да:
— Сениң ханың қассаптың баласы қусайды, ата-бабасы хан болған адамның төсеги емес. Төсегинен маллардың қанының ийиси шығады, — дейди, жатпайды.
— Қой сойсам — ийттиң гөши, ерик қойсам — адамның қаны, төсек салсам — бул төсек ханның төсеги емес, ата-бабасы хан болмаған қассаптың төсеги дейди, жемейди, жатпайды, — деп ўәзир патшаға айтып барады.
Хан қонақларын, өзиниң туўған шешесин, бағманды, шопанды, пүткил халқын жыйнап алады. Хан көпшилик алдында кемпирине:
— Мениң әкем ким, мен кимниң баласыман. Айт, болмаса өлтиремен, —дейди.
Кемпири:
— Сениң әкең перзентсиз болып еди. Мен ул туўып беремен деген шәрт пенен сениң әкеңе тоғыз хаялдың үстине тийип едим. Әкең, егер ул туўмай, қыз туўсаң, өлтиремен, — деп еди. Бир күнлери мен қыз туўдым. Мениң бир достым бар еди. Оның күйеўи қассап еди. Ол ул туўды, екеўимиз бир күнде туўдық. Ал енди әкеңнен қорыққанымнан қызымды достыма бердим. Сени мен алдым. Шынында да ата-бабасы хан болған қыз. Сен қассаптың баласысаң, — дейди.
Шопаннан сорайды.
— Ханым, қонақтың айтқаны дурыс болыўы мүмкин. Кешеги сойылған қозының анасы өлип қалып еди. Анасы өлген соң қозы ийттиң сүтин ишип келе болып еди, — дейди шопан.
Бағманнан сорайды. Бағман:
— Буннан бир неше жыл бурын бағқа бир бала урлыққа түскен еди. Соны мен абайламай өлтирип қойып, бир ериктиң түбине көмип едим. Сол ерик басқа ериклерден бурын писеди. Қонаққа сол eриктен қағып берип едим, — дейди.
Баланың барлық айтқаны дурыс келеди. Хан:
— Халықтың алдында мениң қассап баласы болып турып хан болып жүргеним натуўры екен. Мениң орныма бүгиннен баслап мына бала хан болады. Қырық жигит ўәзир, —дейди.
Халық қуўаныш пенен қарсы алады. Хан бала болады.
Бала биринши күннен баслап атлардың киснеўине рухсат етеди. Он үйге қойылған бир адамды босатады. Үй ишлерин көширип алады. Бурынғы ханның балларын үйинде хызметкер етеди. Ханды қой бағыўға буйырады.
Күнлерде бир күни бала хан қус салып шикарға шығады. Бирнеше күнлер қус салып бий таныс аўылға келеди. Кеште бир атақлы бай қонақ алады. Ол ўақта алыстан келгенде ат гездиреди екен.
Бала хан кеш болған ўақта есиктиң алдындағы сыпада дем алып отырса, бир ҳаял:
— Қарағым, Дат, абайлы болагөр. Жаным, Дат, ат жығып кетпесин, беккем болагөр. Жалғыз едиң, ел ишинде басқа баллар қурығандай қонақтың атына сени мингизе қойған екен, — деп бақырады.
Хан дәрҳал қонағы болып отырған байды шақырады.
— Бай, мына баланың атын не ушын «Дат» қойдыңлар, әкеси бар бала ма, жоқ бала ма. Бар, тезден баланы аттан түсир. Орнынан үлкенирек басқа бир баланы мингиз, сөйтип мында кел, — дейди хан.
Бай бәрин орынлап келеди. Келгеннен кейин хан байдан баланың жай-жағдайын сорайды. Неге атын Дат қойдыңлар? — дейди.
Бай олай-булай деп, айтқысы келмейди. Жетим бала, анаў-мынаў дегиси келеди.
— Сен анығын айт. Болмаса сени өлтиремен, — дейди хан байға.
— Бир қасық қанымнан кешсең, айтайын, — дейди бай.
— Кештим, — дейди хан.
— Бир күни усы баланың әкеси, мен және биреў болып үшеўимиз бир жаққа қыдырып кетип едик.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жолдан усы баланың әкеси мойынтырықтай еки басы жуўан, ортасы жиңишке алтын таўып алды. Сол алтынды ийелеў ушын екеўимиз бирлесип алтын таўып алған усы баланың әкесин өлтириўди ойладық. Екеўимизге де мақул түсти. Өлтирейик деп тамағын буўып аўызын басып атырған ўақта:

— Ўах, дослар, алтын ушын мени ғой өлтирейин деп атырсызлар. Зияны жоқ, жолдаслар. Бирақ мениң бир өтинишим бар. Мениң ҳаялым жүкли еди. Жаңа бир перзент көрдим-аў деп едим. Болмады. Бизиң ҳаялға айтын, егер ул туўса, атын Дат қойсын, —деп еди.

Бизлер оны өлтирдик, алтынды екеўимиз бөлисип алдық. Бай болдық. Қатын ул туўды, атын Дат қойдық, — дейди бай.

— Бар, бай, тезден маған сениң менен Даттың әкесин өлтирген адамды таўып әкелип бер, болмаса өзиң өлимдар, малы-мүлкиң ғазналық, — дейди.

Бай, екинши байды шақырып адам жибереди. Ол бай келемен дегенше хан Датты, Даттың кемпирин шақыртып алады. Усы аўылда үйши бар ма, етикши бар ма, базаршылар ма, бәрин қуўдырып алады. Пулын байға төлетип Датты ҳәм оның кемпирин жақсылап ҳасыл затлардан кийиндиреди. Үй дүзеттирип береди. Жай салғызады. Қатарға қосады.

Мине сол ўақта анаў бай да келеди. Хан байлар менен сөйлеспестен Даттың үйиниң алды-артынан еки байдың бағына қарағанда бес-алты есе көплеў жер таярлатты.

— Мине, еки бай, сизлерге он жыл мүддет. Усы он жыл ишинде Даттың усы жерине бағ көгертип, өзлериңиздиң жериңиз ҳәм бағыңыздан анағурлым зыят бақ етип бересиз. Егер орынламасаңлар, басларыңыз өлимдар, малы-мүлкиңиз Даттики, — деди хан.

Байлар:

— Мақул. Ислеймиз, —дейди.

Хан ашыўланды:

— Егер он жылдан кейин мен келген ўақта усы айтқаным исленбесе меннен жақсылық көрмең, жақсылықты күтпең, — деди де, тамақларында жемей атланып кетти.

Орынламаўға болмады. Еки бай күшин бириктирди. Датқа бағ ислеўге киристи. Ханның көрсетип берген жерине бағ көгертти. Әтирапына дийўал орнатты. Бағлар ҳә демей-ақ кемалға келди. Қала болды. Усының арасында он жыл да өтти.

Хан тағы құс салып баяғы айтқан сөзи бойынша Датты излеп келди. Келсе айтылған нәрселердиң бәри исленгенин көрди. Хан түнде Даттың үйине қонақ болды. Азанда ерте түргелип бағларды аралады. Бағдың бир шетинде қудықтың орны бар еди. Соның исленбегенин, бир түп әнжирдиң егилмегенин көрди.

Хан ол кемшиликлерди ҳеш кимге айтпады. Отыра берди. «Бизлер әмириңизди орынладық» деп айтыўға байлар келди. Көристи, аманлық сорасты.

— Бағдың қандай кемиси бар, Дат? — деди хан.

— Ҳеш кемиси жоқ. Рахмет, ханым, — деди Дат.

— Ҳеш кемиссиз иследик. Ықлымда бир бағ болды ханым, —дейди байлар.

— Исле дегенимди ислемегенлериң ушын, қаз деген қудығымды қазбағанларың ушын айыпкерсизлер. Пүткил ҳәўли-хәремиң, бағы-бақшаларың, жери-малларыңыз Даттики. Бағ даттики. Бул жер Бағдаттың қаласы болады. Сизлер Бухараға барасыз, — деди.

Байларды айдап алып кетти. Даттың өскен жери Бағдаттың қаласы болды.

## АЛТЫН ШАҚЛЫ КИЙИК
(Р-71, № 50414)

Баяғы өткен заманда бир кемпир болыпты. Оның перзент дегеннен жалғыз улы, мал дегеннен онлаған ешкиси бар екен. Кемпирдиң баласы күнде жайлаўға кетип ешкилерин бағады екен.

Бир күни бала ешкилерин бағып жүрип, бир топ кийикти көреди. Кийиклердиң арасында бир алтын мүйизли кийик те бар екен. Бала кеште үйине келип:

— Мен далада жайылып жүрген бир топ кийикти көрдим. Кийиклердиң ишинде алтын мүйизли шубар кийик бар екен. Усы кийикти услап, ханға сый етсем, хан маған сый берер ме екен? — депти.

— Балам, сен ол кийикти услай алсаң, ханға сыйға апара ғой. Хан сениң алтын мүйезли кийик апарғаның ушын сый берер, — дейди.

Бала ешкисин бағыўға кетеди. Бағып жүрсе, алтын мүйезли кийик және келипти. Ол көп қыйыншылық пенен кийикти услап алады. Услаған кийигин ханға алып баратырып, жолда ханның ўәзирине дус

келеди. Ол балаға:

— Кийикти маған бер, — депти.

— Мен кийикти ханға атап алып киятырман, — деп, оны бермепти.

Бала кийикти ханға алып барады. Хан кеўли толып, ўәзирин шақырып алып:

— Қәне, балаға қандай сыйлық беремиз? — дейди.

Сонда ўәзири:

— Бундай кийиктиң өзине мүнәсип, бир жағы алтын суўына, екинши жағы күмис суўына малынған тахты болады. Бала усыны таўып келсе, ол саўғаға мүнәсип болады, — депти.

— Ондай болса, сен усы нәрсени таўып келесең, таба алмасаң, басыңды аламан, — депти хан балаға.

Буны еситкен бала жылап анасына келеди.

— Балам, қапа болма! Бир илажы табылар, — депти де, өзи баласының айтқан затының дәрегин излеп, қалаға кетипти.

Ол қалаға келип, барлық өнерментлерден бир жағы алтын, екинши жағы гүмис тахтты қаяктан табыў мүмкинлигин сорастыра баслапты. Ақыры бир ғарры уста оған:

— Бундай уста Мысыр шәҳәринде жасайды. Баланның қолына мың тилла берип, сол шәҳәрге жиберсең, уста мүтәжинди питкерип жибереди, — депти.

Ҳаял үйине қайтып келип, баласына мың тилла таўып берип, оны Мысыр шәҳәрине жибереди. Бала бир кәрўанға қосылып, узақ жол жүрип, ақыры Мысыр шәҳәрине жетип келеди. Ол устаны көп қыйыншылықлар менен таўып алады ҳәм оған келген жумысын айтады:

— Мың тилла берсең, тахтты ислеп беремен, — дейди уста.

Уста үш күннен кейин тахтты таяр етеди. Бала тахттты алып, және узақ жол жүрип журтына келеди.

Хан баланың тапсырманы орынлағанына қанаатланып, және ўәзирин шақырып:

— Енди бул баланы сыйлықласақ бола ма? — депти.

— Бул кийикке мүнәсип және бир нәрсе бар, бул — алтын жапырақлы терек. Бала усыны алып келип, хәўлиңизге орнатса, бәри кеўилдегидей болар еди, — депти.

— Онда, сен сол теректи таўып кел, — депти патша.

Бала енди алтын жапырақлы теректи излеп кетеди. Ол бир неше күн жол жүрип, жолда бир ғаррыға гезлеседи. Бала жол болсын сораған ғаррыға басынан өткенниң бәрин айтып береди. Сонда ғарры оған:

— Усы баратырған жолың менен жүребер. Алдыңнан бир бийик таў шығады. Алдыңнан шыққан қоянның изинен барып, ол кирген үңгирге кир. Үңгирде саған қырық қарақшы дус болады. Өзиңди оларға, хызметке келген аспазбан, деп таныстыр. Қарақшылар исине кеткеннен кейин, оларға аўқат таярлап, ишине үңгирдеги сандықтағы зәҳәрден қос. Қарақшылардың бәри өлгеннен кейин олар қараўыллап отырған алтын жапырақлы терекке ийе боласаң, — депти.

Бала ғаррының силтеген үңгирине келип, қарақшыларға өзин «аспазбан» деп таныстырыпты. Олар балаға аўқат таярлаўды буйырып, өзлери күнделикли талабына кетипти. Ол аўқатты писирип, ишине ғаррының айтқанындай етип, зәҳәр салыпты. Қарақшылар қайтып келип аўқаттан жеп, бәри тил тартпай жан тапсырыпты. Бала алтын жапырақлы теректи алып өз мәканына қарай жол тартыпты.

Ол елине келип, алтын жапырақлы теректи патшаға алып барыпты. Патша балаға қарап:

— Сен жүдә дәўжүрек жигит екенсең! Мениң барлық сынақларымнан өттиң. Мен көп ўақытлардан берли өзимниң иши тар ўәзиримниң орнына мүнәсип адам излеп жүр едим. Бүгиннен баслап мениң бас ўәзирим боласаң. Мениң саған атаған сыйым усы еди, — депти.

Усылай етип бала ханға бас ўәзир болып, анасын қасына алдырып, бахытлы өмир сүрипти.

## ҚУЛАҚ ҚОЙШЫ

(Р-80. №36807)

Бурынғы өткен заманда, сол заманның кәдиминде Мысыр деген шәҳәрде бир кемпирдиң жалғыз баласы болыпты. Кемпир баласының үлкенлиги қулақтай болғаннан кейин, оның атын Қулақ қойыпты. Кемпири күн көре алмағанлықтан, баласын Әлимбай деген байға қойшы етип берипти.

Бир күни ол қой бағып жүрсе, қатты жаўын жаўыпты. Қулақ жаўыннан қашып, бир гөне тамның жарығына кирип кетипти. Жарыққа кирип қараса, тамның иши толған алтын екен. Дәрҳал алтыннан қоныш-қолтығын толтырып, биразын жутыпты. Кеште үйине барып кемпирине қонышы-қолтығындағы алтынды берип:

— Ишимде де алтын бар, мени жармаға тойдырып саба, — депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кемпири оны жармаға тойдырып, сабай баслапты. Таяққа силейген бала ишиндеги алтынды түсирипти. Кемпир алтынды алып турмысын жақсылап алады.

Қулақ қойшы қойын бағып жүре береди. Бир күни және қатты жаўын жаўады. Бала panalaўға жер таппай, жаптың бойындағы атқулақтың астына кирип жата қалады.

Усы ўақытта ол паналап жатырған атқулақты өзинин минип жүрген түйеси Қулақ пенен қосып жеп қояды. Бала түйениң ишинде бақырып кете береди. Түйе ишиндеги даўыстан үркип аўылға желип барады.

Кемпир баласын таппай, түйениң ишинде шығар деп түйени сойса, ишинде Қулақ жоқ. Ол сасқалақлап жүрип, түйениң жуп бүйенинин ишин қараўды умытып кетипти. Сол күни аўыл басқа бир мал жайлаўына көшип кетипти. Қулақ қойшы жуп бүйенниң ишинде, ел көшкен журтта қала береди. Журтта қалған бүйенди қаңғып жүрген аш қасқыр жеп қояды. Қулақ қойшы енди қасқырдың ишинде кете берипти. Қасқыр қойға шабайын десе, ишинде Қулақ қойшы «Қойыңа қасқыр шапты» деп бақыра берипти. Буннан кейин қасқыр не қыларын билмей, аш болғанлықтан өзиниң досты ҳийлекер түлкиге ойласады. Сонда түлки:

— Сен теңиздиң ашшы суўына түсип, таўға барып шамалла, әне сонда ишиндеги қулақ жерге түседи, — депти.

Қасқыр оның айтқанын ислепти. Қасқырдың ишинен түскен Қулақ қойшы таўдың арасында жата береди.

Бир күни ол қалыңлығын алып қайтыўға баратырған байдың баласын жол үстинде көрипти. Бирақ жигит Қулақ қойшыны аңғармай кете берипти. Ол қойнын тасқа толтырып, еки жигиттиң биреўиниң артына минип алады. Жолда алдында киятырған жигитти қойнындағы тас пенен урып жиберип, екеўин урыстырады. Сөйтип олар қыздың аўылына жетипти.

Қыздың үйи күйеў балларға мал сойып, қонақ асы береди. Аш болып қалған Қулақ қойшы табақтағы гөшти қалдырмастан жеп қояды. Еки жигит бир-бирине қарасып, сол күни аш жатыпты.

Қулақ қойшы баяғы жигитлердин артына минип, өзинин үйине аман-есен қайтып келипти.

## ЕРТЕГИМ ЕРТЕ БОЛДЫ...

(Р-455, инв №176398)

Ертегим ерте болды,
Қулағым келте болды.
Бар екен де жоқ екен,
Аш екен де тоқ екен.
Ала ғарға азаншы екен,
Қара ғарға қазаншы екен.
Қара көпек қаўыншы екен,
Сары пышық саўыншы екен.
Қара қаплан қараўыл дейди,
Жолбарыслар жасаўыл дейди,
Түлкилер кәтип болыпты.
Ишкени қатық болыпты,
Қасқырлар әскер болыпты,
Сағаллар ләшкер болыпты.
Қозылар кәбап болыпты,
Патшаға аўқат болыпты,
Тулпарлар елши болыпты,
Сұңқарлар тилши болыпты,
Ҳәккелер күншил болыпты,
Қырғыйлар сыншыл болыпты,
Аққуўлар хатлар жазыпты,
Кептерлер хатлар тасыпты,
Арыслан ҳүкимдар екен,
Айтқаны айтқан екен,
Кимде-ким тыңламаса,
Өзи өлимдар екен.
Малы патшалық екен,
Салығы баршылық екен,
Пейили таршылық екен,
Пейили тар болса да,
Тоғайы молшылық екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АҢҚАЎ БАЛА
(Р-484, №176427)

Бир бар екен, бир жоқ екен, бурынғы өткен заманда бир байдын аңқаў баласы болыпты. Бирақ сол ўақытлары «аўзы қыйсық болса да, байдың баласы сөйлесин» деген заман болғанлықтан, адамлар байдың баласын ақыллы ҳәм дана деп мақтайды екен.

Бир күни байдың баласының иши писип, қатарына жарысып отын әкелиў ушын тоғайға барыпты. Ол отын шаўып көрип пе?! Бара сала бир теректиң уша басына минип, балтасы менен өзи отырған шақаны шаўа берипти.

Сонда бир жарлының баласы оған:

— Ҳәй, жора, өзиң отырған шақаны да шабасаң ба? Шақа менен бирге өзиң де жерге түсип өлесең ғой?! — деп жаны ашыпты.

— Ҳәй, сениң не жумысың бар?! Жөниңе кете бер! Сен маған ақыл бергенше, үсти-басыңа қара, кийимиңниң жыртығын тигип ал! — деп байдың баласы шақаның үстинде күледи.

Жарлының баласы бундай мазаққа шыдай алмай, кетип қалады. Бир гезлери байдың баласы жерге гүрс етип қулайды ҳәм зорға орнынан түргеледи. Сол жердеги барлық балалар оның қасына барып, жәрдем бермекши болады. Ол болса, бағанағы жарлының баласының изинен жуўырады. Сол баланың изинен жетип, оннан кеширим сорайды.

— Ҳәй, жора, сениң айтқаның дурыс екен. Сен көзи ашық екенсең, — деп, жарлының баласына көп ақша услатыпты.

Жарлы бала байдың ақылсыз баласының мақтаншақлығын билсе де, оның менен дос болыўға келисим береди. Себеби, оларды балалық сезим жақынластырған еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

73- ТОМ



# ҲАЙЎАНАТЛАР ҲАҚҚЫНДАҒЫ ЕРТЕКЛЕР

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТҮЛКИ МЕНЕН БӨДЕНЕ

(Р-98. №1072)

Бир бар екен, бир жоқ екен, бурынғы өткен заманда бөдене ҳәм түлки болған екен. Жолы дус келип екеўи жолдас болыпты. Жол қысқарсын деп екеўи қызғын әңгимеге кирисипти.

Түлки қуйрығын таўлап таслап:

— Бөденежан, аш болдық ғой, бир илажын көрсек қәйтеди? — дейди.

Бөдене:

— Болады Түке, жөнекей бирнеме көрермиз-дә.

Түлки менен бөдене жол бойы жегендей жемек гезлеспес пе екен дегендей жан-жағына қаранып киятырса, басларына жаймақ көтерип бир жаққа кетип баратырған ҳаялларды көреди. Бөдене бүлк етипти. Түлки де дәрриў сүзиле қалыпты.

Бөдене дәрҳал ушып барып ҳаяллардың алдына томп етип түсипти. Ол сол қоныўы бойы жол менен жорғалай берипти. Ҳаяллар бөденени усламақшы болып жапа-тармағай умтылыпты. Олар дәстүрханларын жерге қоя сала, бөденени қуўа жөнеледи. Бөдене де әсте-әсте жорғалапты да отырыпты. Ҳаяллар бөденени қуўа баслаўдан түлки дәстүрхандағы тамақларды бир шетинен жей берипти, жей берипти.

Ҳаяллар бөденени тута алмай дәстүрханына қайтып келсе, ишинде нәўийе ҳешн әрсе жоқ, барлығы да ада болыпты. «Ўаҳ» деп қалыпты.

Бөдене сол жорғалаўы менен бираз узап кетип, енди түлкини излеп таба алмай жүрсе, онын жол шетиндеги бир торанғылдың түбинде шалқасынан түсип жатырғанын көре сала:

— Ҳа, Түке, қалайсаң, тойдың ба? — депти оған.

Сонда түлки:

— Ўай, бөденеси бар болғыр-ей, тойдыр дегенде, усыншама тойдыр, — деп пе едим. Тас болмаса, қарным тарса жарылып кете жазлады ғой, — депти.

Түлки менен бөдене және жолға түсип кетипти. Бир жерлерге келгенде түлки:

— Бөденежан, тамақ болса тойды, ўақтымыз еле баршылық, енди бир хәз етип күлдирсең, — депти.

Бөдене:

— Болады, Түке, сени ҳәс ишек-силең қатқанша күлдирейин, — депти.

Екеўи жүрип киятырып, бир аўылға келипти. Аўылдың шетиндеги карашалаў үйдиң қасында кәйўаны кемпирдиң сыйыр саўып отырғанын көрипти.

— Түке, сен усы путаның түбинде буғып жат, — дейди бөдене түлкиге.

Түлки бөдененин айтқанын ислеў ушын буғып жатса да, еки көзин бөденеден айырмайды. Бөдене жорғалап барып кемпирдиң басына қоныпты. Кемпир услайын дегенде, бөдене пыр-р етип ушып кетипти. Биртыма өтпей тағы айланып келип қонады. Кемпир услайын дегенде тағы да пыр-р етеди. Ең ақырында кемпир:

— Бөдене, ҳә, бөдене! — деп бақырады.

Үйден ғарры жуўырып шығады. Кемпир сыйырын саўа баслағанда бөдене тағы да кемпирдин басына барып қонады. Кемпирдиң басына бөдененин қонғанын көре салып ғаррысы:

— Кемпир, ҳа, кемпир, ҳеш қозғалма, — деп бақырады.

Өзи үйге қайтып киреди де сүйеўли турған белди алып келип, аяғын ақырын-ақырын басып кемпирге жақынласады. — Сени урып ғана алайын, — деп, белдиң сабынан услап, онын басы менен керилип турып салып қалады. Бөдене пыр-р етип ушады да кетеди. Ал кемпир болса, сылқ етип қулайды.

Енди ғарры бөдененин изине түседи. Бөдене буғып жатырған түлкиниң қасына келсе, түлкиниң ишек-силеси қатып, жер тырмалап күлип отырғанын көреди. Бөдене:

— Усы, саған не болған? — дейди.

Түлки:

— Не болсын, күлдир дегенде, усылай күлдир деп пе едим, — дейди түлки.

— Бабай келди, қаш! — дейди бөдене.

Ғарры жақынласқанда түлки менен бөдене тура қашыпты. Олар жолды даўам етипти. Жолда киятырып түлки:

— Бөденежан, тамақ та тойды, қызықты да көрдик, енди бир қорқытсаң қәйтеди? — дейди.

— Болады, Түке, жүре бер, жолда көрермиз, —дейди бөдене.

Екеўи жүрип келе береди, жүрип келе береди, бир жерлерге келгенде:

—Түке, енди менин қуйрығымнан тисле де, көзинди тарса жум, сөйт те изиме ерип жүре бер, — дейди бөдене.

Түлки солай ислейди, бөдене ушып отырады, түлки елпилдеп жуўырып отырады. Бир жерлерге

www.ziyouz.com kutubxonasi

келгенде бөдене аўылдың сыртындағы кең майданда тойға жыйналып гүрес туттырып атырған аламанды көреди. Бөдене туппа-туўры сол тойдың ортасына барады. Жыйналған журт:

— Ҳаў, ананы қаран, ўа!?

— Түлки!

— Бөдене!

— Қызықты қара!

— Усла!

— Тут!

— Қуў!

— Жет!

— Жаздырма!, — деп бақырысады.

Бөдене түлкиге:

— Көзиңди аш, — дейди.

Түлки көзин ашса, жан-жағынан қаплап киятырған адамларды көреди. Бөдене:

— Қаш!, — дейди де өзи пырылдап ушып кетеди.

Түлки өлдим-талдым дегенде қутылып бир жерлерге келип отырса, қасына бөдене де келеди. Түлки муңайып отыра берди.

Бөдене:

— Ҳаў, Түке, не болды? — деп сорайды.

— Не болсын түўе, қорқыт дегенде усыншелли қорқыт деп пе едим, —дейди жыламсырап. Ҳәм ол өзине келгеннен кейин:

— Ҳә, бир сени ғана жеп қояйын, — деп, бөденеге тәп берди. Бөденеге аўыз сала бергенде, бөдене де пыр-р етип жерден көтериле берди, бирақ қуйрығы түлкиниң аўзында қалып кеттти. Бөдене пырылдап ушты да кетти. Сол бойы булардың дослығы да тамам болды.

## ТӨППЕЛЕГИШ ТӨРТЕЎ
(Р-444. №176387)

Бурынғы өткен заманда бир ғарры менен кемпир жасапты. Олардың хожалығында бир ешеги болыпты. Ешек пенен отын тасып күн көреди екен.

Бир күнлери ешек қартайып күш-қуўаты қайтады. Ғарры кемпирге:

— Ешек қартайды, бурынғыдай күши жоқ. Мен буны ертең базарға сатаман, — дейди.

Кемпири де ғаррысының ойын мақул көреди.

Ешек буны еситип, түнде қашып кетеди. Жолда киятырса, бир жерде бир таўық отыр екен. Ешек таўыққа:

— Неғып отырған таўықсаң? — дейди.

— Ийем бир жорасын шақырып, мени соған арналған қонақасыға сояжақ еди, — деп жуўап береди таўық муңайып. — Соннан соң соны есите сала қашып кеттим.

— Олай болса, менин менен жолдас бол,—деп таўықты ешек арқасына миндирип жүре береди.

Булардың алдынан бир пышық шықты. Ешек пышыққа:

— Ҳәй, пышық, неғып отырсаң? — депти.

Пышық:

— Мени байдың еки баласы көзимди байлап ертең дәрьяға таслайман, деди. Соны еситип қашып шықтым.

Сонда ешек:

— Екеў едик, енди үшеў болайық, мин арқама, — деп пышықты да арқасына миндирип жүре берди. Алдынан бир көпек ийт шықты. Көпектен жөн-жосақ сорағанда ол:

— Мени ийем ертең адастырып, таслап кетпекши. Соны еситип қашып шықтым, — дейди.

Буны да қасына алып, ешек кете береди. Олар елден шығып кетти. Даланлықта жүрип, азық таппай ашырқады. Бир ағаштың түбине келип ешек пышыққа қарап:

— Мына ағаштың басына мин, ел-елат көрине ме екен? — дейди.

Пышық қарап еди, бул дөгеректе ел көринбеди, тек бир жылтылдаған жарық көрингендей болды. Олар сол жарықты бағдарлап жүрип отырды. Бир жайға келеди. Пышық ҳешкимге билдирмей қараса, үш адам отыр екен. Булар үшеўи ойласып алады. Ешек айтады:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сизлер менин арқама минин, мен терезеден еки аяғымды суғып аңқырайын, сизлер сол ўақытта биреўиңиз шақырың, биреўиңиз үриң, биреўиңиз мияўлаң, соннан кейин булар үйден шығып қашар.

Булар соны ислеп еди, жаңағы үйдегилер қорқып кетип қаша жөнелди.

Ҳәмме қорқа-пыса қашып кеткеннен кейин үйге кирип қараса, үйдиң ишинде не керек, бәри бар екен. Булардың келген жери — урылардың үйи екен. Төртеўи дәстүрхан дөгерегине жайғасып, қарынларын жақсылап тойдырып алды да, жатыўға қарады. Жатарда ешек оларға:

— Мен төрде жатайын, көпек, сен босағада жат, пышық ошақтың үстинде жатсын, таўық мүйеште қонақлап турсын, — дейди.

Жатқаннан кейин баяғы үш адам терезе тусына келип аңлыйды. Ҳешким көринбеген соң, «кетип қалған екен» деп үйге кирмекши болады. Биреўи үйге кирип келе береди, екеўи таяқ алып босағада турады. Жаңағы адам үйге кирип, ошаққа қараса, жылтыраған бирнәрсени көрип, үңиле бергенде пышық бетин жулып алады, ийттиң аяғын басқанда көпек ўәўилдеп үрип, санның етин жулып алады, ешек жаўырынан ыңқылдатып тебеди. Таўық та пәрин үрпийтип, тасланады. Бундайды күтпеген кимсе үйден шыға қашады. Қасындағылар да қашады. Жаңағы адам жолдасларына жолығып:

— Ошаққа үңилип едим, биреўи алмас пенен тилди, биреўи тепти, биреўи аяғымды тиследи, төртеўи әнтек-тентегимди шығарып, төбелеп, тебелеп таслады. Енди қайтып ол үйге алтын берсе де бармайман, — деп зар еңирей берди.

Қалғанлары да буны еситкеннен соң үшеўи сол қашыў менен бәдер кетти. Енди бул үй ешек, пышық, көпек ҳәм таўық төртеўине қалып, олар мәс болып жасай берди. Өз аўызбирлигиниң арқасында төппелегиш төртеўдиң мурады мурт болды.

## АШ ТҮЛКИ МЕНЕН АШКӨЗ ТҮЛКИ

(Р-98, №3435)

Бир тоғайда еки түлки бар еди, еки түлкиниң еки түрли талабы бар еди. Биреўи даланы, тоғайды аралап, көп қыйыншылық пенен тамағын тойдыратуғын еди. Аш-әптада болып жүрген ўақлары көп болып, өзи өле арық ҳәм әбигер еди.

Екиншиси наятый ҳийлекер, шаққан еди, жақын жердеги аўыллардағы журттың таўығын, ылақ-қозыларын алып пәтеңге келтирип қолға түспей жүрип еди. Оның қарны тоқ, әри тығыршықтай семиз еди. Сонда да ашкөзлик әдетин қоймаған еди.

Бир күни еки түлки ушырасып, ҳал-жағдай сорасады, ашкөз түлки:

— Жора, сен оғыры азғынсаң, не, кеселиң бар ма? Неўе болды, өзи? — дейди.

Ашқурсақ түлки күнкөрисиниң қыйын кешип атырғанын айтып шағынады.

Ашкөз түлки өзиниң бир қолайлы жерде мазалы тамақлар көрип қойғанын айтып, аш түлкини сол жерде қонақ етип, таўықтың семиз ақ гөши ҳәм қозының жас ети менен сыйламаға ўәде қылды.

Таўық ҳәм қозылардың майлы, мазалы гөшлери ҳаққында еситип аўзынан силекейи шубырып турған ашқурсақ түлки ашкөз түлкиниң тез арада сол мол-молақайға жерге ертип барыўын сорана берди. Түн болды, екеўи аўылға кетеди, ҳийлепаз ашкөз түлкиниң айтқанындай, олар бир кетектен еки таўық алады.

Ҳийлеси асқан ашкөз түлки таўықтың алқымынан бууўып, сестин шығармай ғана алып кетти. Аңгөдек ҳәм ашқурсақ түлки болса, жемтигин солайына аяғынан тислеп қышқыртып алып шыға берди. Өрре турған адамлар дәрриў хабар таўып, ийтлерге бәс-күш берип қуўды. Қуўа-қуў басланғанда, ашкөз түлки өзин бир салмаға урды, ал топланып қалған ийтлер қышқырған таўықтың даўысы менен барып ашқурсақ түлкиге аўызды салды, сол жерде ол қолға түсип қалды.

Ашкөз түлки узақтан:

— Не болды? — деп даўыслады.

— Қолға түстим, — дейди аш түлки.

— Енди қашан көрисер екенбиз, — деп сорады ашкөз түлки сыңқылдап.

— Ертең азанда тери базарына барсаң, сонда көрисип қалармыз, — деди ашқурсақ түлки.

Соның менен пайманасы толған аш түлки қолға түсип қала берди, ал ашкөз түлки қуўлығын асырып қәўиптен қутылып кетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨГИЗ, ЕШКИ ҲӘМ ҚОРАЗ
(Р-89. №375939)

Бурынғы өткен заманда қораз, ешки, өгиз ийелерине өкпелеп, тоғайға шығынып кетипти. Тоғайға барған соң, булар үшеўи айрылмастай дос болыпты. Тоғайдың ишинде мәс болып қыдырып жүрипти.

Бир күни үшеўи кетип баратырса, жолдың бойында бир жолбарыстың өлип жатырғанын көрипти. Олар көп ойланып отырмастан, оның терисин сылып алып өгиздиң үстине жаўып, жолын даўам етип кете берипти. Бираз жүргеннен кейин олардың алдынан өлип жатырған бөри шығыпты. Үшеўи бөриниң де терисин сыпырып алып, және жолын даўам ете берипти. Және бираз жүргеннен кейин олар бул сапары түлкиниң өлигиниң үстинен шығыпты. Оның да терисин сылыпты.

Сөйтип жүргенде кеш жақынлапты. Дем алыў ушын булар тоғайдан жолсыз жүрип, бир үңгирди таўыпты. Үңгирге кирип барса, үш аң — жолбарыс, бөри ҳәм түлки буларға қарап жалаңласып отыр. Булар да ҳаўлықпастан, қорықпастан олар менен сәлемлесип төрден орын алыпты. Бир ўақытта ешки өгизге қарап:

— Мына жолбарысты бүгин кешки азық етсек, түлки менен бөриниң гөши ертеңги жемегимизге жарамас па еди? — депти.

Сол ўақытта есик бетте отырған түлки сып етип далаға шығып қараса, жолбарыстың, бөриниң, түлкиниң терисине көзи түсип, жолбарыс пенен бөриге:

— Қашып қутылмасаңыз, булар нағыз аңшылар екен, — деп бақырып, өзи ҳайт қойып қаша жөнелипти.

Жолбарыс пенен бөри бул сөзге ҳаўлығып үңгирден далаға шығып қараса, айтқанындай, жолбарыстың, бөриниң, түлкиниң териси үйиўли жатыр екен. Булар да қорыққанынан алды артына қарамай қаша жөнелипти. Бираз жерге барғанда, бөри ашкөз емес пе, ойланып қалыпты: «Пай қораздың гөши қандай мазалы. Ешкини жесем бир аўқат болар еди. Өгизди айтсеш» деп нәпсиқойлық етип, изине қайтыпты.

Үңгирге айналып келип аўыздан қараса, «аңшылар» еле гүрриңлесип отыр. Олар бөриниң келгенин сезипти. Ешки үңгирге кирер аўызда турыпты. Бөри әстен аўыздан кирген ўақытта еки шақының арасына бөриниң басын киргизип алып:

— Ал, өгиз жора! Шөккишиңди ура бер. Қораз жора! Бизиңди суға бер, — деп бақырыпты.

Буны еситкен өгиз кейин шегинип, бөриге тасланыпты. Қораз болса, оның көзин шоқыпты. Бөри жулқынып, таўланып, өлдим-талдым дегенде булардың қолынан қутылыпты. Сол қутылыўдан қашып басқа бөрилерге болған аўҳалды айтыпты. Олар бөриниң өшин алмақшы болып, жолға шығыпты.

Өгиз, ешки, қораз үшеўи ойласып, бул үңгирден кетиўди мақул таўыпты. Өйтпесе, бөрилер булардың мылжа-мылжасын шығаратуғынын сезипти.

Сөйтип, олар тоғайдың иши менен қашып кете берипти. Бөрилер де булардың изинен қуўа берипти. Олардың алдынан үлкен байтерек шығыпты. Сонда ешки еки жолдасына:

— Мына байтерекке минейик. Бөрилер бизлерди қуўып киятыр. Усы теректиң басында отырсақ қутыламыз, — депти.

Бул сөз оларға мақул түсип байтерекке минип отырыпты.

Арадан көп узамай бөрилер де байтеректиң түбине жетип келипти. Байтеректиң басында отырған үшеўин көрип, бөрилерде бириниң үстине бири минип, ең астында баяғы жаралы болған бөри турыпты. Бөрилер байтеректиң басына жақынлағанда ешки:

— Ал, өгиз жора ҳәм қораз жора, мен буларды қысқыш менен қысаберейин, сизлер мийине ура бериң,— депти.

Бул сөзди еситип турған ең астыңғы бөри қаймығып қаша жөнепти. Басқа бөрилер астындағы тиреўден айырылған соң, нәрўан дарақтың түбине жығылып, биразы сол жерде жан тапсырыпты да басқалары зорға дегенде қашып қутылыпты.

Сол күннен баслап бул үш дос тоғайдың ийеси болып өмир сүрип, мақсетине жетипти.

## ӨГИЗ, ТЕКЕ ҲӘМ ҚОРАЗ
(Р-89, №37593)

Ерте әййем заманда бир өгиз, теке ҳәм қораз үшеўи жолдас болып тоғайға барыпты. Жолда өлип қалған үш аңның кеўип қалған үш терисин өгизге арқалатып кете берипти. Тоғайды аралап жүрип киятырса, алдынан бир бүктиң астынан уя гезлеседи. Уяның аўзы әдеўир тар екен. Сонлықтан уяға қораз бенен теке кирип кетеди де, өгиз уяның аўзына сыймай майданда қалып қояды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қораз бенен теке уяға кирип келсе, жолбарыс, қасқыр хәм түлки үшеўи отыр екен. Олар кораз бенен теке кирип келиўден-ақ өгиздиң майданда қалғанлығын билип, жолбарыс:

— Үш түрли жемит өз аяғынан жүрип жетип келди, — деп мәс болады.

Буны еситкен қораз:

— Бизлер тоғайға киргенде тоғайтөре бизлерден алты териге пул алып еди, үш терисин жолдан тапқан едик, үш териси усы жерде екен, — депти.

Соннан кейин түлки ҳаўлығып майданға шықса, уяның аўзындағы өгизди хәм үш терини көреди. «Булардың айтқаны дурыс екен» деп, қайтып уяға кирмей-ақ қашып өте шығады.

Қасқыр да уядан шығып қараса, үш териси қасында, уяның аўзында өгиз жатыр екен. Бул да «Булардың сөзи ҳақыйқат екен» деп қашыў менен болады.

Ең кейнинде жолбарыс шығыпты. Ол да өгизди хәм терилерди көрип болып, қарасын батырады. Солай етип қораз бенен теке уядан шығып өгизге ойласады:

— Олар кетиўин кетти, мен билсем, олар көп болып кележақ. Енди олардан қорғаныўымыз керек, — депти.

Өгиз, теке хәм қораз үшеўи қашып паналайтуғын жер излейди, бирақ хешбир пана жер таба алмайды. Соның арасында қораз ағаштың басына шығады. Ағаштың басына шығып қараса, жолбарыслардың көп болып киятырғанлығын көреди. Қораз дәрриў жердеги теке менен өгизге теректиң басына миниў кереклигин айтып бақырады.

Теке де дәрҳал ағаштың басына өрмелеп шығып кетеди. Өгиз не қыларын билмейди. Ең ақырында бул да көп қыйыншылықлар менен дарақтың бир кесе өскен шақасына шығып алады.

Ал, жолбарыслар болса булардың изин қуўып келе береди. Олардың минген ағашының қасына келген жерде изди жоғалтады. Қай жаққа кеткенин биле алмай хайранлар болады. Өзара ойласады, сөйтип хайран болып ойласып турғанда, түлки турып:

— Мен шалқама жатып қарайман, — деп шалқасына жатып қараса, қалтырап зордан турған өгизди көреди:

— Әне, көрдим, — дегенше болмай-ақ, қалтырап зордан турған өгиз түлкинин үстине қулап түседи. Сонда қораз турып текеге:

— Маңлайы қара, сен түлкини услама, жолбарысты усла, — деп қатты бақырыпты.

Буны көрип турған жолбарыслар алды артына қарамай тым-тырақай болып қашады.

Сол-сол екен, қораз, теке хәм өгиз үшеўи кәўип-кәтерден қутылып, жанлары аман қалыпты.

## ҲӘКЕРИ ЕШЕК

(Р-80, №36798)

Бурында бир кисинин еки-үш ешки-ылағы ҳәм бир ешеги болған екен. Қыс айларының суўық күнлери буларға қора оғыры таршылық етипти. Буны билип жүрген хәкери ешек ешкилерден қутылыўдың жолын излепти.

«Ешкилерди тислеп, пәтеңге келтирсем, бир-екеўин майырсам, бул қорадан оларды алып кетпес пе екен» деген пикирге келипти. Сөйтип ешек хешким жоқта ешкилерди тислеп, улы-шуў да, қум-қуўыт қылып, қораның ишин пәтенге келтирип атырған екен. Оны бақлап турған хожейин ешекти қорадан сүйрелеп шығыпты да арқасына анық отыз таяқты санап турып урып, оны қуўып жибереди. Сол күни ҳәкери ешектиң сумлығы басына жетипти. Отыз таяқтың ҳазары, қыстағы аяздың кәхәри менен ешек пақырдын пайманасы толған екен, пајны сол жерде болған екен.

## ЖОЛБАРЫС ҲӘМ ЖОЛ ГЕЗГЕН ЕШЕК

(Р-141, №50413)

Бир көлдиң бойында отырған ел болған екен. Сол ел басқа жерге көшип, бурынғы журтта биреўдин хәңшер ешеги қалып қойыпты. Ешек не қыларын билмей жол гезип қаңғып жүрсе, қасына бир жолбарыс жетип келип:

— Ҳай, ешек! Мен сени жеймен, — депти.

Ешек оған қорыққанын билдирмей:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ўа, шер аға! Ондай болса екеўимиз бир ақырып көрейик, кимниң даўысы зор шықса, жеўдиң иретин соған берейик, — депти.

Дәслеп жолбарыс ақырыпты. Даўысы оншелли күшли шықпапты. Гезек хәңшерге келипти. Ешек бар күши менен тынбай аңқырған екен, әтирап ләрземге келипти. Ешектиң бундай аңқырысын еситип көрмеген жолбарыс қорқып кетип, алды-артына қарамай қашыпты.

Қашып киятырса, алдынан бир аш қасқыр шығып:

— Ҳа, шерим! Неге қашып киятырсаң? — депти.

— Ўай, ешек деген бир бәле бар екен, соның менен ақырысыўға бәслесип едим, жеңилип қалып қашып киятырман, — депти.

— Пай! Ол бир хәңшер, Сиз болсаңыз шер деген атағыңыз бар тоғайдың ең зор тулғасысыз, сол бир ҳәңиремей хәңшерден де жан сескене ме?! Ол бир аңгөдек, аңқырғаннан басқаны билмейтуғын мәңгүр хайўан ғой. Қой, босқа қорықпаң. Жүр, екеўимиз соған барайық, — депти.

Екеўи ешекти излеп жолға түсипти. Ешек узақтан жолбарыстың қасқырды ертип киятырғанын көрип, олар жақынлағанда сондай етип аңқырыпты, оның даўысынан ана екеўине тышқан тесиги мың теңге болыпты. Қасқыр тоғайдың ең зор ҳайўанының бири болған шердиң де бул жаман хәңшерден қорыққанын көрип, қайтып оның көзине көринбейтуғын болып қашып кетипти.

## ҚУЎ ТҮЛКИ ҲӘМ ҚЫРАҒЫ ҚЫРҒАЎЫЛЛАР

(Р-89. №24657)

Баяғы заманда бир қуў түлки болыпты. Сол түлки тоғайды гезе-гезе әбден аш болды. Тоғайды сонша гезсе де, жүрек жалғағандай хешнәрсе таппады. Кеш жақынлағанда силеси қурып шаршап, тоғайдың ишиндеги бир түп торaңғылдың түбине келип тоқтады. Ол тоғайды сонша шарлап нәуийе жемек таппағанына қапаланып, ҳарығанлықтан торaңғылдың түбинде жатып дем алмақшы болды. Түлки жатырғанда торaңғылдың шақасы сытырлады. Бул тосын сытырлыдан қорқып кетсе де, сыр билдирмеўге ҳәрекет етип торaңғылдың төбесине қараса, оның шақасында отырған үш қырғаўылға көзи түсти.

Күн узаққа аш болып жүрген түлки «усыларды алдап-суўлап төмен түсирсем, сөйтип, хәс, тамағымды тойдырсам» деген ойға кетти. Сол қыядан шыға алмай қырғаўылларға қарап:

— Сизлер неге торaңғылдың басында отырсыз? —деп сорады.

— Бизлер дүньядағы әззи мақлуқпыз. Ҳәмме бизлерге жаў болғанлықтан, жеп қояма деп, торaңғылдың төбесине шығып жатамыз,— деп жуўап қайтарды түлкиге.

Оған түлкиниң ишек—силеси қатып күледи. Күлип болып:

— Ҳаў, сизлердиң кешеги ўаздан хабарыңыз жоқ па еди? — дейди түлки.

— Ўазға бизди ҳешким хабар берип шақырған жоқ, биз ол туўралы еситкенимиз жоқ.

— Егер еситпеген болсаң, мен соған хабаршыман. Кеше пүткил дүньядағы жан ийелерин жыйнап, жәмийзат патшасы ўаз айтты. Ўаздан кейин «дүньядағы хәрбир мақлуқат бир-бирине тиймесин» деген пәрман болды. «Келмей қалған мақлуқлар да оннан хабарсыз қалмасын» деп, мендей бирнешшени хабаршылыққа жиберди. Енди қорықпай жерге түсе бериң, —деди түлки.

Қырғаўыллар жан-жаққа мойынын созып қарай берди.

— Қорықпай-ақ түсе бериң, — деди түлки тағы да қырғаўылларға.

— Қорқып отырғанымыз жоқ. Қасында еки тазысы бар бир аңшы ана жерде киятыр екен, соларға қарап турмыз, — деди қырғаўыллар.

— Онда сизлер ўаздың лийкинин еситтиңиз, қой, енди мен басқаларға да хабар бериўим керек, ал кеттим, — деди де түлки зымыраў менен болды.

Оның аңшыдан қорқып кетип баратырғанын билип турған қырғаўыллардың күлкиси келип:

— Кешеги ўазда айтылған пәрман ҳақыйқат болса, сен неге аңшыдан қорқып баратырсаң? — деп қала берди қырғаўыллар.

Қуў түлки бул сумлығының өтпегенине пәнт жеўи менен қырағы қырғаўыллардан узақласа берди. Қырағы қырғаўыллар болса, қуў түлкиниң шеңгелинен аман қалды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАСЫМКЕР ТҮЛКИ ҲӘМ ҚАМТӘМЕ ҚАСҚЫР
(Р-89. №24617)

Бурынғы өткен заманда бир түлки менен қасқыр дос екен. Бир күни қасқыр түлкиге айтыпты:
— Жора, көп болды, ет-жемит жемедик.
Сонда түлки турып қасқырға:
— Сен үлкен ҳайўансаң, сен жемтик тапсаң молайтып табасаң, мен тапсам ебиндей ғана табаман, сен оған қанаатланбайсаң, — депти.
Сонда қасқыр турып:
— Қәне, ебиндей болғанда қандай, — деп сорапты.
Түлки:
— Хә, бизики тауық-мауық тә, — депти.
Сонда қасқыр:
— Яқшы, сен бир ҳәпте тауық-мауық пенен күт, мен сени бир ҳәпте қойдың ети менен күтейин, — депти.
Оған түлки қайыл болыпты. Сөйтип бир күни түлки биреўдиң ашық турған үлкен қой қорасына келип, жатқан қойлардан:
— Ийелериңнен биреў-миреў жоқ па? — деп сорапты.
Оған қойлар:
— Ҳәзир олардың бәри уйықлап атыр, — деп жуўап берипти қойлар.
— Онда мен бир тауық алып кете қояйын, — деп, қойлардың руқсатына қарамай, қораға кирип шәртекте қонып отырған бир тауықты ала берипти. Сонда жатырған бир қой:
— Уят емес пе? — депти.
Сонда түлки оған:
— Үстилериңе қасқырды әкелип, саған уятты көрсетейин бе? —депти.
Оннан соң қойлар тым-тырыс болыпты. Түлки жайпарахат ғана тауықты алып кете берипти.
Азанда бир тауығының жоғалғанын билген хожейин тәуирақ қыйналыпты. Кеште урлықтың алдын алыў ушын қораның аўзын иштен тас қылып байлап, түлки кирместей етип бекитипти. «Енди түлки кире алмайды» деп қойлар да арқайын жата берипти. Түн қараңғысында түлки тауық алыўға тағы келипти. Қораның тастай етип бекитилгенин сезип, енди тауық ала алмасын билген түлки өзинен-өзи турып сумлық ойлап тауыпты. Қораның аўзына келген қойларға:
— Мына тауықты меннен алып қалың, — депти.
Оның не айтып түсинбеген қойлар:
— Ол не тауық? — деп оннан сорапты.
Түлки және:
— Кешеги алып кеткен тауықты алып келдим, — депти.
Қойлар оған исенип, «қәне тауық?» деп қораның аўзын ашқан ўақытта түлки суўмаң етип қораның ишине кирип алып:
— Мен сизлер менен ойнап едим, бүгин де бир тауық алайын, ертең екеў етип әкелемен, — депти.
Оған қойлар қарсы болып «яғ-ә, болмайды» дегенде, түлки:
— Тек турың, болмаса қасқырды алып келип бәриңди қырдыраман, — депти.
Қойлар тағы қорқып қалыпты. Сөйтип түлки арқайын ғана бир тауықты қолтықлап алып өт-ә кетипти.
Азанда тағы бир тауығынан айырылғанын хожейин қатты қынжылыпты. Бирақ қойлар сонда да ләм-мим демепти.
Келеси кеште қойлар қораның аўызын тас етип тәмбини басып, түлки кирместей етип бекитип, бийқәтер жатады.
Күндеги үйренген түлки сол күни кеште тағы келип қораның аўзын кирместей етип бекитилгенин сезип, қорадағы қойларға қарап:
— Қойлар, қойлар, мә, мына еки тауық кешеги ўәдем бойынша бүгин екеўин алып келдим, — депти.
Буны еситкен қойлар:
— Жетер усы ўаққа дейин алдағаның, әкелген тауықларың да өзиңдики, енди бул жерге келип әўере болмай, қарањды батыр, — депти.
Сонда түлкиниң қәҳәри келип:
— Ҳәзир бир заманнан көресиз, мен сизлерге қасқырды алып келип қырдырмасам, мениң түлки атым қурысын, — деп изине қайтады.

Түлкиниң бул абайтынан қорыққан қойлар өзара ойласып, «ийемизге айтайық, булар шынында да бизлерди қырып жүрер» десипти. Сөйтип барып хожейнине болған жағдайды жасырмай айтыпты.

Қойлардың бул сөзин еситкен үй ийеси дәрҳал қораға келипти де бир пөстекти үстине жамылып алып, қойлардың ортасында бола берипти.

Баяғы қорадан таўық ала алмаған түлки қасқырға қойларды жаманлап барыпты.

— Сизди қойлар масқаралап күлисти. Соған мен ызаланып тура алмай, таўық та ала алмай, қайттым, — депти.

Оған ашыўы келген қасқыр:

— Қәне, жүр, сол қойларға барып көресини көрсетейик, — дейди.

Түлки қасқырдың алдына түсип жорғалаўы менен қой қораға келеди де, ергенекке жақынлап:

— Қәне, қойлар, ашың ергенекти, ҳәзир сизлердиң бәриңизди қыран-топан етемиз, — дейди.

Пөстек жамылып турған хожейин әстен барып есикти ашады. Сол ўақта түлки алды менен кирип:

— Тап усы есикти ашқан қой сени-ий..., — дейди.

Қасқыр да оған жақын келип:

— Сен бе, мени қорлайтуғын..., — дей бергенде жамылған пөстекти сыпырып таслаған хожейин:

— Аўа, мен екеўиңди де қорлайтуғын, — деп түлки менен қасқырды тутып алады. Ол түлки менен қасқырдың аяқларын буўып, қойлардың еркине азанға дейин таслап кетипти.

Азанда үй ийеси келсе, қойлар екеўин де сүзип өлтирип таслаған екен. Сөйтип қасымкер түлкиниң қойларға еткен қаслығы өзи менен де турмай, қамтәме қасқырды да ала кетипти.

## ҚЫРМАН СҮЗИЎ ҚЫЗЫҒЫ

(Р-98, №41533)

Бир түлки сумлық ойлайды. Сөйтип тасбақа менен таскенени шақырып алады. Оларға түлки айтады:

— Үшеўимиз шерик болып дийқаншылық етейик, сизлер маған жәрдемши болсаңлар барлығын өзим ислеймен, — дейди.

Солай деп ўәделескеннен кейин қайыр жер таўып, бир танап жерди өлшеп, төрт бурышына қазық қағып белгилеп болғаннан соң түлки:

— Мен гүнде ағаш, мойынтурық, пазна сорап әкелейин, — деп кетеди.

Сол кеткеннен түлки қайтып айланып соқпастан кетеди. Оны күте-күте, ақыры ол келмеген соң тасбақа менен таскене ойласып, енди бул жерди таслап кетпейик деп, екеўи шерик болып тары египти. Түлки не қылар екен деп бас бағып жүре береди.

Гүз ўақыты болады. Тарылар писип, оны орып, айдап қырманға қызыллап үйип, кеште қырман сүземиз деп тасбақа менен таскене мәс болып отырса, түлки қабын ийнине салып:

— Қырманлар тассын, жоралар, қырманды сүзейик, — деп келеди.

Тасбақа менен таскене:

— Сениң енди не жумысың бар қырман менен?, — дейди.

Түлки сол жерде даў шығарып:

— Мен де шерикпен үлес алыўға, — дейди.

— Қандай шерик, не үлес, сен жыл басында гүнде сорап келемен деп кетип, соннан бәдер кеттиң. Соннан берли усы көрип турғанымыз ғой, сени, — дейди тасбақа менен кене күйип-писип.

Сонда түлки:

— Мен өзим сизлерге бас болып, жерди өлшеп қазықты қағып, атызды белгиледим емес пе?, — деўи менен жерге қағылған қазықты көрсетип:

— Мен болмасам, мынаны ким қақты?, — деп кене менен тасбақаны сөзден қалдырды.

Кене оны тыңлап болып:

— Яқшы, әўели жуўырып жарысайық, қырманды ким озған алсын, — дейди.

Түлки бул усыныска қуўанып:

— Көрерсизлер, мен озып келип, хәммесин өзим аламан, — дейди.

Кене тасбақаға:

— Сен де бир ой тап, мен түлкиден қалай болмасын озыўым керек, — дейди.

Тасбақа түсинип, «яқшы» деп, үшеўи алысқа кетип қашар жерде түлки ортада, тасбақа оң жағында, кене шеп жағында турады. Түлки қашарда оң жағына қарап, шеп жағына қуйрығын таўлап қашады, тасбақа «илаҳий әмин» дегенде түлки тура қашады. Кене дәрҳал түлкиниң қуйрығына жабысып алып,

www.ziyouz.com kutubxonasi

қырманға жеткенше қуймышының аўзына барып қатады.

Түлки жалғыз келип қырманға қуйрығын баса бергенде, кене даўысының барынша «ҳай» деп айҳайлап жибереди де:

— Түлки жора, арман отыр. Тап бир жекке өзиң озып келгендей, көзиң ҳешнәрсени көрмейди ғой. Не, кишкене болғанымыздың жазығы бар ма?, — деп сөйленгенде түлки өрре турып артына қараса, кенениң қырманның үстинде отырғанын көреди. Түлки таңланып:

— Сен қашан келдиң-еў? — дейди.

— Ҳо-о, мениң келип демалып отырғаныма әллемәҳәл болды, — дейди таскене қәтержәм түрде.

Түлки ҳайраннан ҳайран болып, басы қатып отырса, аҳылап-үҳҳилеген ҳалда тырбаңлаған тасбақа да мойны сала қулаш болып жетеди. Пәнт жеген түлки тасбақадан:

— Ал, сен неге кешиктиң жора? — деп сорайды.

Тасбақа:

— Ўәй, түлки жора-ей, бир-биреўге дос болған соң өлимге қыймайды екенсең, мен сен ушын қудайдың көп өтиригин айтып, зорға дегенде бир бәледен қутылып келип отырман. Жолда соған әдеўир егленип қалған едим, — дейди.

Түлки:

— Ол қандай бәле? — деп сорайды.

Тасбақа:

— Ҳе, несин сорайсаң? Астында жүйрик аты, қолында алғыр бүркити, еки жулқар ийти бар аңшы сениң изиңди көрип қуўып киятыр екен. Мени көрип: түлки көрдиң бе? — деп сорады. Мен гөне изге салып жибердим, ийтлери изшил екен, таппай қоймас деймен. Сен басыңның ғамын ет, тез бул жерден кет, — деп тасбақа киятырған жағына қолын көтерди.

Сол ўақта түлки кирерге тесик таппай:

— Қайда кетемен, енди? — деп кенеден ақыл сорады.

Кене «былай қарап кет» деп қолын бир силтеди. Түлки қорыққанынан қабына да қарамай қашты.

Тасбақа:

— Түлки жора, қабыңа азғана кеўсен салып берейик, ала кет, — деп изинен бақырды.

Түлки:

— Қап деп қапылып қаларман, қабы қурсын, — деп қаша жөнелди.

Сөйтип тары қырманды еңбек еткен тасбақа менен таскене екеўи теңара бөлисип алыпты.

## ИЙЕСИНЕН ШИЙТКИГЕН ЕШЕК

(Р-98, №41533)

Бир молла узақ жолға шықпақшы болып «миниўге көлик алайын» деп базарға барыпты. Базар аралап жүрип бир жуўазшының жуўазға қосып отырған тығыршықтай семиз бир ешегине көзи түсипти ҳәм он тиллаға саўдаласыпты да, оны сатып алып үйине келипти. Келген соң ҳаялына:

— Ертең азан менен сапарға кетемен, жол азығымды таярла, кийим-кеншегимди жуўып таклап қой, — деп жатып қалыпты.

Азанда молла ерте турып ешекке азығын, қоржын-қолаңын артып жолға түсипти. Үш күн жол жүрипти, бурын жүк көрмеген ешек әбден шаршап, шөллеп жолда болдырып қалыпты. Молла ешектен түсип, жүгин түсирип, ерин алып жалаңашлап, «дем алсын» деп бир пәс жайылыўға жиберипти. Ешек арылы-берили жүрип, сәл аўлаққа шығыпты да ийесин таслап қашып, шөлистанның арқасындағы бир таўға қарай өте шығыпты. Ийеси оны қуўып жете алмай ақыры шөлде жалғыз қалып қояды.

Ешек алдындағы асыўдан асып түссе, ойда еки қошқар дүгисип атырған екен, ешек қошқарларға сәлем берип барып:

— Ҳа, қошқартайлар, не қылып атырсыз? — дейди.

Қошқарлар:

— «Қошқардүгис» деген ойын бул, ал сиз қайда барасыз? — деп сорайды.

— Алдымызда Жуўсанлы деген таў бар, соған барып демалып, дыйланып кележақпан.

Қошқарлар «биз де барамыз» деп оған ерип өт-ә кетеди. Соннан бирге сапар шегип және бир таўдан асып түссе, ойда еки теке сүзисип атырғанын көрип, ешек сәлем береди:

— Сәлем, текебайлар! Не қылып атырсыз, жоралар?

Текелер:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бул «текетирес» деген ойын. Ал, жол болсын, сизлер қайда баратырсыз? — дейди.

— Биз мына жақтағы Жуўсанлы деген таўға барып отлап, демалып қайтамыз, дейди.

— Ҳаў, онда тура турың, бизлер де барамыз, — деп олар бесеў болып кете береди.

Жол жүрип және бир төбеден асса, еки қораз урысып атырған екен. Оларға да ешек сәлем берип:

— Сәлем, қоразбеклер! Не қылып атырсыз өзи? — дейди.

Қоразлар:

— Йе, бул «қоразқоқылдаспай» деген ойын, ал сизлер қайда жол алдыңыз? — деп сорайды.

Ешек өзлериниң қаяққа кетип баратырғанын айтады.

— Тоқтаң, онда бизлер де барайық, — деп қоразлар да булардың изине ереди.

Енди жетеў болып кете береди.

Тағы бир таўдан асса, ойда еки қоянның жулысып атырғанын көреди. Ешек буларға да сәлем берип:

— Сәлем, сәлем! Ўай, қоянбайлар, не қылып атырсыз тапа-тал түс те? — дейди.

Сонда қоянлар:

— Ҳе, бул «қояншоқырақ» деген, сизлер қайда барасыз? — деп жуўап берип, өзлеринен де жол сорайды.

— Бизлер Жуўсанлы таўға барып бел жазып, дыйланып қайтпақшымыз деп, — жуўап береди ешек.

Қоянлар:

— Яғ-ә, онда биз-әм барайық, — деп олар тоғыз болып кете береди.

Бир күни Жуўсанлы таўға да жетеди, сөйтип мол отлаққа жайылып жүреди. Шынында да бул жер бир көзден таса тыныш ғана қолат екен.

Жан-жақты шолып шыққан теке бир айланып келип, ҳәмме шериклерин жыяды ҳәм оларға айтады:

— Бул таўда еки аш жолбарыс жасайды екен, сол ушын Жуўсанлы таўға жан келмеўши еди. Бизлер келип қалдық, енди ҳешким сес шығармайсыз: ешек ақырмасын, қой-ешки маңырамасын, қораз шақырмасын, қоян бақырмасын! Усыған шәртлессеңиз бирге жүремиз, болмаса биз аўлақ кетемиз, — дейди.

Ҳәммеси сес шығармасқа ўәде қылады, теке менен солай шәртлеседи. Сөйтип жүре береди, олар әбден семиреди, бир күнлери ишлери де писиўге қарайды. Әсиресе, ешек дегбирсизлене баслайды. Ешек шыдамай текеге келип:

— Жора, бир ақырып алайын, ишим жарылып өлетуғын болдым, — дейди.

Теке руқсат бермейди.

— Егер ақырсаң, әжел бесеўмиздики, қораз ушып кетеди, қоян қашып кетеди, сиз бенен биз, қошқарымыз бар — жолбарысқа жем боламыз, — дейди.

Ешек үш мәрте келеди, теке руқсат бермейди. Ең изинде ешек:

— Ҳеш болмаса «ыңқ» деп алайын, — дейди жалынып.

Теке:

— Ақырып қойма, — деп руқсат береди.

Соннан кейин ешек «ыңқ-ыңқ-ыңқ» деп барып, соңынан «аҳый-аҳый-аҳый» деп ақырып келип жибереди. Бул даўыстан қорқып кеткен шериклер барлығы жыйналып келип:

— Ал, енди өлген жеримиз усы шығар, — деп жыласып қоя береди.

Сонда теке көпшиликке қарап:

— Енди қашып қутыла алмаймыз, ақыл табайық, биригейик, жаўды қорқытып қашырыўға болады, — дейди.

Басқалар:

— Не қыламыз?— деп сорайды.

Теке оларға:

— Булмандағы жолбарыслар бурын ешекти көрген емес. Соның ушын, қораз, сен қараўыл болып тур, жолбарыс киятырғаннан хабар бер, ешек, сен жолбарысқа қарсы қарап ақырып, алға қарап шаба бер. Бизлер изиңнен шабамыз, соннан кейин жолбарыс ансыз киятырған соң сескенип, «қай жериңнен жейин?» деп сорар, сен «путымның арасынан же» деп дәрҳал артынды берип бурыл. Қошқар, сизлер сол ўақытта ешектиң путынын арасына жолбарыс басын тыққаннан жолбарыстың артынан келип дүгин. Бизлер екеўимиз еки бүйирден мүйизди урамыз. Қоян, сизлер жерди тырнап қаза бериң, қоразлар, сизлер шаўқымды салып бизлерди айлана бериң, соннан кейин жолбарыс қашпай көрсин! — дейди.

Усы мәсләҳәттен кейин көп узамай-ақ, «ал, жолбарыс киятыр» дейди қораз. Ешек қулақты жапырып, жолбарысқа қарап ақыра шабады. Изинен шаңғытып барлығы да шабады. Бул қарсы киятырған даўыс пенен шаңғыттан жолбарыс ненин не екенин биле алмай, сескенип егленип қалады. Бурын-соңлы

www.ziyouz.com kutubxonasi

көрмеген бир бәле ақырып киятыр, бирақ ашлықтан қорлық көрген жолбарыс тайын олжаны таслап кете алмай иркилип турады. Ешек те келип тура қалады. Сол ўақта жолбарыс ақыра умтылғанда, ешек айлана берип сәддени береди. Жақыннан умтылған жолбарыс ешектиң путының арасына басы кирип кетеди. Басқалары өзлерине тапсырған жумысларды атқарыўға таяр турғаны ушын бәри де умтылады. Бир ўақта жолбарыс қараса, артынан теўип атыр, еки бүйирден соққылап атыр, биреўлери жерди қазып атыр, еки жақта бақырып атыр, соннан қорқып кетип, жан пәт пенен ешекти аўдарып таслап, турра сала қашады. Шериклердиң барлығы шаўқым салып оны қуўып салады. Бул жолбарыс сабылып кетип баратырса, алдынан тағы бир жолбарыс шығады да, киятырған жолбарысқа:

— Сен қайда барасаң? — деп қашқан жолбарыс сорайды.

— Усы жақта бир ири даўыс шықты, соған барып жемтик таўып қайтарман ба деп баратырман, — дейди.

Қашқан жолбарыс:

— Барыўды қойып тур, өзиң жемтик болып кетерсең, мен барып зорға дегенде қашып қутылып киятырман, — дейди.

Киятырған жолбарыс қандайлығын сорайды.

— Ўай-ўай, қандайын сорама, бир қысқышы бар, басыңды қысып турады. еки тоқпағы бар, артыңнан түйип турады, төрт испарасы бар, еки бүйириңнен соққылап суғып турады, еки кимсеси бар, гөриңди қазып турады, және бир екеўи бар, «салаты жаназа» деп жар салып шақырып турады, қулласы, мени тирилей гөрге көмежақ болып атырғанда зорға қашып қутылдым, — дейди.

Киятырған жолбарыс «ондай жемтиги қурысын» деп ол да қаша жөнелди. Сөйтип көптиң аўзы бир болғаны ушын душпаннан аман қутылыпты.

## СУМЛЫҚТЫ ЖЕҢГЕН СУМЫРАП

(Р-98, №41533)

Бир түлки менен бир бөдене дос болыпты. Түлки бөденеге:

— Мени бир жақсылап тойғыз, достым, — депти.

— Жақсы, — деп бөдене үлкен бир зияпат болып атырған жерге ертип барып түлкиге:

— Сен көринбей усы жерде тур, мен адамларды алып кетемен, сен барып писирип шығарып қойған гөшти жеп тойып ал, — деп бөдене адамлардың ортасына барып қонады. Ҳәмме адамлар «әне, бөдене» деп барлығы тура жуўырады. Бөдене гә ушып, гәҳи адамларға жақынлап қонып, оларды ертип алып кетеди. Шардара адамсыз қалады. Түлки гөшти жеп, нықлап тойып алады. Соннан кейин түлки бөденеге:

— Енди мени айрықша бир күлдир,— дейди.

Бөдене «болады» дейди де, қаўын кетпенлеп атырған бир дийқанның қасына барып:

— Сен усы жерде қарап жата бер, — дейди.

Бөдене барып дийқанның ҳаялының басына қонады. Оны көрип турған дийқан ҳаялына:

— Қозғалма, тапжылма, басыңда қонып турған бөденени уқшатып урып алайын, — дейди.

Дийқан бир таяқты алады да, ҳаялының басына бекиштирип турып бир урады. Бөдене лып етип ушып кетеди, дийқан өз ҳаялының басын жарып таслайды. Түлки буған «буншелли де ойсыз адам болады екен» деп ишек-силеси қата күледи. Түлки бөденеге тағы да:

— Мени сен зәп тойғыздың, ҳәз етип күлдирдиң, енди бир қатырып қорқыт, — дейди.

— Әжеп, — дейди бөдене.

Ол түлкини ертип бир көп жығын қазыў басына баратырғанын көрип, сол жерге жақын жолдың шетинде жатады.

Бөдене түлкиге:

— Мен жүрсем, сен де жүр, — дейди.

Түлки келиседи.

Сөйтип, қазыўшылар тарқап, шубырып баратырған адамлардың арасына қарай бөдене жүреди, түлки де изине ере береди. Қазыўшы адамлар «ал түлки» деп қуўып қалады. Ким атлы, ким жаяў қуўып жибермей өлдим дегенде зорға қутылады. Бир жерде бөденени таўып алып түлки:

— Мени онша қорқыт деп пе едим, — деп өкпелеп зорға басылады. — Ал бөдене, мен иштеги бардан айырылдым, аш болдым, маған тамақ таўып бер, — дейди.

Бөдене «жақсы» деп арылы-берили жүреди, ҳешнәрсениң ирети болмайды. Бир ўақта түлки бөденени қарпып тислеп алады. Бөдене:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳаў достым, бунын қалай? — дейди.
— Аш болдым, сени жегим келди, — дейди.
Бөдене оған:
— Ўай-бой, жора, қанша жыл дос болып сениң менен урыў-арыс сораса алмаппан, мени жесең же, бирақ маған арысыңды айт, жора, еситип кетейин, — дейди.
Сонда түлки:
— Арысым маңғыт, — деп аўзын аша бергенде, «Аўзыңа саңғыт» деп бөдене ушып өте шығыпты. Сөйтип сумлықты сумырап жеңип қутылып кеткен екен.

## ПИЛЛЕР НЕ УШЫН ТЫШҚАННАН ҚОРҚАДЫ?
(Р-89. № 37436)

Ерте заманларда тоғай ҳайўанлары бөлек-бөлек болып жасайды екен. Кейин ала тоғайда, елде ашаршылық басланғаннан соң хәр қыйлы хайўанлар өзлериниң топарлары менен биргеликте жасайтуғын болыпты. Ашаршылық пенен бирге елде суўсызлық та басланыпты. Бир топар пиллер суў излеп жолға шығыпты. Жолда олардың алдынан ҳәкке ушып шығып:
— Сизлер әўдийген үлкен ҳайўан болғаныңыз бенен сизлерди өзиңиздиң денеңизден мың есе кишкене мақлуқ өлтире алады, — депти.
Бул гәпти еситкен пиллердиң базылары жүдә ҳаўлығысып, қорқыпты. Ал, базылары болса:
— Сизлер қорқпаңлар, ақыры бизлер ең үлкен ҳайўанбыз. Өзлериңиз-ақ ойланып қараң. Қалайынша бизди кишкене мақлуқ өлтириўи мүмкин. Ҳәкке деген өзи әзелден бизлерге дос емес. Аўзынан тек жаман хабарлар ғана шығады, — депти.
Солай етип, жолын даўам етипти. Жаңа ғана суўға жақынлағанда бир пилдиң өлип жатырғанын көрипти. Пиллер ҳаплығысып барып қараса, өлген пилдиң жанынан бир тышқан қашып баратыр екен. Пиллер:
— Бағанағы ҳәккениң гәпи шын екен. Бизди тышқан өлтире алады екен! — деп қорқысыпты.
Негизинде ол пил ашлықтан суўға да жете алмай өлген екен. Соннан берли пиллер тышқаннан қорқатуғын болыпты.

## АРЫСЛАН ҲӘМ ТҮЛКИ
(№ 182787)

Күнлердиң биринде тоғай патшасы болған Арыслан аңға шығыпты. Арыслан жән-жағына алаңлап киятырса, тумсығының түбине келип қалған Қоянды Түлки шаққанлық пенен тутып алыпты. Сөйтип, Түлки Қоянды ҳәз етип жеп алыпты. Буны бақлап турған Арыслан қатты ашыўланып, Түлкини алдына шақырып:
— Мениң алдыма келген олжаны жеўге сениң қандай ҳақың бар? — деп бақырыпты.
Сонда Түлки:
— Ҳүрметли шаҳым! Бул Қоян кеселликке шалынған екен. Сизге зыяны тиймесин, деп өзим жеўге мәжбүр болдым. Ҳәзир мен аўырып зорға турман, — деп алдапты.
Арыслан болса Түлкиниң гәпине исенип, оның садықлығына қуўаныпты. Бирақ, Түлкиге сыр бермей:
— Екинши бундай қылма, — депти Арыслан ҳөктем даўыс пенен.
Арадан ўақыт өтип, Арыслан менен Түлки және аңда дусласып қалыпты. Түлки тапқан олжасын тек өзи жеўге әдетленген екен. Бул сапары да Түлки Арысланның гөзлеп отырған қырғаўылын дәрҳал услап алып, жеп қойыпты. Түлки бул рет те «Арысланды қәйтип алдасам екен?» деп ойланып турғанда тоғайда аңшыны көрип қалыпты. Түлки ҳийлекерлик пенен аңшының оғына өзин туўрылапты. Оқ даўысын еситкен Арыслан:
— Бийшара Түлки-ай! Мени қутқараман деп өзин оққа тутты-аў! Егер тири қалған болса, әлбетте, оны сыйлықлайман! — депти.
Ал, Түлки болса, Арысланды баплап алдағанына мәс болып:
— Кейинги аңда көрискенше! — деп өз жолына түсипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҲИЙЛЕКЕР ТҮЛКИ
(№ 182787)

Қасқыр менен Түлки суў менен оттай ҳеш келисе алмайды екен. Қасқыр менмен болғанлығы себепли Түлкини өзине бойсындырғысы келеди екен.

Күнлердин биринде Қасқыр Түлкини узақтан көрип қалып:

— Ҳәссений, еле мениң қолыма түсерсең, асықпай тур сен! — деп Түлкиниң жолын аңлый баслапты.

Түлки абайсыздан Қасқырдың қолына түсип қалыпты. Түлки албырағанынан қалай қашып кетиўин билмепти. Сол ўақытта онын өткир көзлери терек шақасындағы өрмекшиниң торына түсипти. Сөйтип Түлки көзлерин өрмекшиниң торынан айырмай, қарап тура берипти. Қасқыр Түлкиниң бул ҳәрекетинен ҳайран болып:

— Ҳе, Түлкижан, саған не болды? — депти.

— Туў анаў турған өрмекшиге қара. Әтирапына сондай тор тоқып алған, жейтуғын азығы өз аяғы менен келип түсип атыр. Өрмекшиге дым ҳәўесим келип тур. Олар бизлерге қусап жейтуғын азығын излеп сарсаң болып жүрмейди. Қәнекей, менин де сондай торым болғанда ма еди! — депти.

Қасқыр да бираз ойланып турып:

— Ырас айтасаң, Түлки жора, бизлер де сондай тор ислеўге ҳәрекет етип көрмеймиз бе? — депти.

Қасқырдың бул усынысы Түлкиге жағып кетипти ҳәм:

— Дәслеп сениң үйиңниң қасына тор ислеймиз, кейин бизикине, — депти.

— Қалайынша тор ислейсең? — деп Қасқыр ҳайран болыпты.

— Буның жолы ансат. Сен үйиңе кир де жата бер. Өзим жақсылап тор ислеп беремен. Кейин тайын азығыңды ҳәз етип жеп жата бересең, — депти.

Қасқыр Түлкиниң тапқан бул ҳийлесине аңқ етип исенипти ҳәм үйине кирип жатып алыпты. Түлки болса, шаққанлық пенен Қасқырдың үйиниң дөгерегин тикенли шат пенен беккем етип орап таслапты. Соң ол:

— Аўың берекетли келсин, Қасқыр жора! — деп қашып кетипти.

Қасқыр өз аяғы менен келетуғын олжасын әри күтипти, бери күтипти. Аўдан болса дәрек жоқ. Ақыры Қасқыр үйинен сыртқа шығып қараса өзиниң дузаққа түсип қалғанын билипти. Түлкиниң сумлығын билген ол қатты пушайман болыпты. Ашлықтан силеси қатқан Қасқыр өзи ыразы болып ислеткен торынан ҳеш қутыла алмапты.

## ТОҒАЙ ТӨРЕСИ
(Р-89, №37410)

Бир күни бир пышық тоғайға барыпты. Барса алдынан бир түлки шығыпты. Оннан дәрҳал пышық:

— Бул тоғайдың төреси ким? — деп сорапты.

Түлки оған:

— Бул тоғайдың төреси — жолбарыс, — депти.

— Онда, маған соны шақырып жибер, «тоғайдың ийеси келди» деп айт, — депти.

Түлки «Әжеп!» деп шаўып кетипти. Барып жолбарысқа айтыпты:

— Сизди усы тоғайдың ийеси шақырып атыр, ол жаңа ғана келипти, — депти.

Түлкиден жолбарыс:

— Түри қандай екен? — деп сорапты.

— Оның да түри тап сизге усаған, — депти түлки.

Жолбарыс, бармасақ болмас, деп кетип, бирақ бармастан бурын, ол қандай екен, өз көзим менен көрейин деп, узақтан жасырынып келип бир шелдиң аржағында жатып қарапты. Буны пышық сезбепти. Пышық бир қараса, атыздың ернегинде жылтырап отырған нәрсени көрип, тышқан шығар деп тәп берип, пәнжелерин басқан екен, бул баяғы жолбарыстың көзи екен, еки көзин ойып алыпты. Буны сезген пышықтың өзи де қорқып кетип, қашып барып бир ағашқа өрмелепти. Ол ағаштың басында түлки тур екен, «олар қалай сөйлесер екен» деп сол теректиң басында аңлып турғандағысы екен. Баяғы жолбарыстың көзин ойып алғанын көрип турған түлки пышықтың өзи минип турған ағашқа өрмелеп минип киятырғанын көргенде, «жаңа жолбарыстың көзин шығарып еди, енди мени де өлтириўге киятыр екен» деп өзин теректиң уша басынан төмен қарап таслайды ҳәм сол жерден қулап кетип, қулаған мәҳәли жан тапсырады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЕШЕК ҲӘМ ТҮЙЕ
(Р-565. № 176508)

Бир адамның бир түйеси менен бир ешеги бар екен. Булардың ийеси ешекке еки батпан, түйеге үш батпан дуз артып әкелип сататуғын болады. Буны ешек еситип, түйеге айтады:

— Түйеке, буннан қалай қутыламыз?, — дейди.

Түйе:

— Мен билмеймен, билсен, өзиң айт, — дейди.

— Оның тәсили бар, бизге дузды артар, қайтып киятырғанда шалшық суў ушырасса, мен мертилген болып жорта жатайын, оннан кейин үстимдеги еки батпан дузды саған артар, сениң жүгиң бес батпан болар, оннан кейин сен де мертилип жығыл, соннан соң қутылармыз, — дейди ешек.

Сөйтип түйе буны мақул көреди.

Ийеси буларды дузға апарып түйеге үш батпан, ешекке еки батпан дузды артып қайтады. Жолда киятырса, бир шалшық суўға келип жетип, ешек жығылады, әри-бери урады, ешек турмайды, Ешекке «қалсаң, қала бер» деп, еки батпан дузды түйеге артып, бес батпан дуз бенен түйени жетелеп кете береди. Олар кеткеннен кейин ешек орнынан турып олардың артынан қара көрим жерде жүре береди. Ешек жолда киятырса, бир таўдың басында бир жолбарыс тур.

— Хә, ешек, мунда кел, — дейди.

Ешекте илаж бар ма, келеди. Жолбарыс айтады:

— Мен сени жеймен, — дейди.

Ешек айтады:

— Жесең же, бирақ саған қоятуғын шәртим бар: екеўимиз аңқырысып алайық, кимниң даўысы күшли болса, сонымыз жегейли, — дейди.

Жолбарыс:

— Болады, — дейди.

Алды бурын жолбарыс ақырады. Сол ўақытта ешектиң жүреги жарылып кете жазлайды. Оннан кейин ешек изин үзбей аңқырады, жолбарыс қорыққанынан «енди мени жейтуғын болды» деп тура қашады. Қашып баратырса, алдынан бир қасқыр шығып:

— Хә, қайдан киятырсаң? — дейди.

— Ешектен қашып киятырман, — дейди, жолбарыс.

— Хаў, ол мениң жерик асым ғой, маған көрсет, — дейди.

Жолбарыс қасқырға:

— Мен бармайман, — дейди.

Қасқыр айтады:

— Егер қорықсаң, мениң мойныма жип тағып ал, бир жағын өзиңниң мойныңа тақ, — дейди.

Сөйтип екеўи бир жипти мойынларына тағып барады. Олар жақынлап келгенде, ешек тағы бир ақырып жибереди. Жолбарыс қасқырды шөп-шар демей сүйреп қашады. Қасқыр өлдим-талдым дегенде зордан жырылып қалады. Өлейин деп жатқан қасқырдың жанына және бир қасқыр келеди.

— Хә, не қылып отырсаң? — дейди.

Қасқыр болған ўақыяны айтады.

— Олай болса, сол ешекти маған көрсет, — дейди.

— Ешек туў ана жол менен кетип баратыр, — дейди қасқыр.

Қасқыр жол менен шаўып отырып, ешектиң артынан жетеди.

— Ешек жора, сени жеймен, — дейди.

— Жесең же, бирақ мениң ишимде бир нәрсе әрман болып баратыр, мен дүньяға келгели ийем мениң үстиме минип бир жорғалатқан жоқ еди, мен дым жорға едим. Сен үстиме минсен, мен бир жорғалап берсем, оннан соң жер един, — дейди.

Қасқыр «мақул» деп ешектиң арқасына минеди, ешек те қулағын жымыйтып жорғалап отырады, қасқыр ешектиң жорғасына қалғып уйықлап кетеди. Ешек жорғалап отырып, қалаға кирип кетеди. Баққаллар ешектиң үстиндеги қасқырды көрип, ким кесеў, ким балта менен қасқырды урып алады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАРЛЫҒАШТЫҢ ҚУЙРЫҒЫ НЕЛИКТЕН ЕКИ АЙРЫ БОЛҒАН
(Р-565, № 176508)

Бурынғы өткен заманда үлкен суў тасқыны болып, көп жерлерди суў басыпты. Бир жерде суў жетпеген жалғыз бир атаў қалыпты. Адамлар кемеге минип, сол атаўға жол тартады. Атаўға жақынлағанда кемениң түби тесиледи. Адамлар не қыларын билмей шуўласады. Сонда бир жылан турып:

— Мениң тилегимди орынласаңыз, мен сизлерди атаўға саў-саламат апараман, — депти.

— Орынлайық, — депти адамлар.

Жылан суўдан шығып, кемениң тесилген жерине ийретилип тығын болып жатады. Адамлар атаўға аман саў жетип барыпты.

— Не тилейсең? — дейди адамлар жыланға.

— Дүньяда228 нениң қаны мазалы? — депти жылан.

— Билмеймиз, — депти адамлар.

Жылан мазалы қанды билип келиў ушын сонаны жибереди. Сона түрли жанлардың қанларының дәмин көрип, қайсысы мазалы екенин жыланға айтыў ушын қайтып киятырғанда, алдынан қарлығаш шығып:

— Кимниң қаны мазалы екен? — дейди.

— Адамның қаны мазалы екен, — дейди сона.

— Адамның қанын сорыған тилиңди көрсет, — депти қарлығаш.

Сона тилин көрсетеди. Қарлығаш дәрриў сонаның тилин суўырып алады.

Сона жыланға ушып барып тек дызылдай берипти.

Қарлығаш жыланға қарап:

— Мен сонаның не айтып туранын билемен. Ол қурбақаның қаны мазалы деп турыпты, — дейди.

— Барлық бәле сеннен болған екен, — деп жылан қарлығашты шақпақшы болып умтылғанда, қарлығаш жан айбатта жаздырылып ушыпты. Сонда оның қуйрығының ортасы жулынып жыланның аўзында қала береди. «Қарлығаштың қуйрығы усыннан баслап еки айры болып қалған екен» деседи адамлар.

## БАЛЫҚЛАР НЕ УШЫН СУЎДА ЖАСАЙДЫ?
(№ 182787)

Балықлар не ушын суўда жасайды екен? Олар қусларға уқсап ушып жүретуғын болған. Яғный, оларды да адамлар қус деп ойлап, аўлап жейтуғын болыпты. Адамлар оның гөшиниң мазалы екенин билип жүдә өш болыпты.

Бир күни балықлардың кәтқудасы қуслар патшасының алдына келип:

— Ҳүрметли патшайым, бизлер қырылып жоқ болыўға келдик. Бул турысымызда демде туқымқурт болатуғын түримиз бар. Адамлар бизге оғада өш болды. Бир илажын ислемесеңиз болмайды, — депти арыз етип.

Сонда қуслар патшасы турып:

— Мен сизлерге бәлентлерде ушып пәрўаз етип жүрсин деп қанат инәм еткен едим. Егер аңшылар сизлерди туқымқурт етип атырған болса, не илаж, онда сизлерди қанатыңыздан махрум етемен. Дурыс, аспанда ушсаңыз адамлардың көзине түсе бересиз. Ендигиден былай жерде-ақ жасай қойың, — деп оларды қанатынан махрум етипти.

Соннан кейин балықлар жерде, тоғайдың ең қалың жерлеринде ин қазып, жасай баслапты. Бирақ, аңға шыққан адамлар буларды көрип, баяғы қус балықларға уқсатыпты. Оларды атып, гөшин жеп көрсе, қус балықлардан айырмасы болмапты. Адамлар және оларға өш болып, тек балықларды атып алатуғын болыпты.

Балықлардың кәтқудасы енди ҳайўанлардың патшасына арыз етипти:

— Ҳүрметли патшайым, адамлар бизлерди аспанға ушсақ та, жерде жасасақ та қоймай атыр. Қырылып, жоқ болыўға шамаластық. Бизлерге реҳимиңиз келсин, бул турысында әўладымыз бенен жоқ болып кететуғын түримиз бар, бир илажын ислей көриң, — деп жалыныпты.

Сонда ҳайўанлар патшасы турып:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мен сизлерге жуўырып-жортсын, душпанларынан қашып қутылсын деп төрт аяқ инәм еткен едим. Оның да пайдасы тиймеген болса илаж қанша! Енди мен сизлерди аяқларыңыздан маҳрум етиўге мәжбүрмен. Бирақ, ендиги жағында өз ғамыңызды өзлериңиз көресиз, — деп оларды аяқларынан жуда етипти.

Аяқсыз, қанатсыз қалған балықлар я аспанда, я жерде жасай алмай, не ислерин билмей турғанда бирден қудайдың кәраматы менен нөсер жаўын жаўа баслапты. Жердиң бетин суў басып кетипти. Қанаты бар қуслар аспанға ушып, аяғы бар ҳайўанлар қашып, өзге журтларға кетипти. Бирақ, аяқсыз, қанатсыз бийшара балықлар жер баўырлап суўдың астында қалыпты. Биразы демигип өлип, биразы көнлигип суўда жасай баслапты. Әне, соннан берли балықлар суўды жасап киятырған қусайды. Бирақ, адамлар балықлар қайда жасаса да, оған өшпенлилигин қоймапты.

## ПЫШЫҚЛАР ҚАШАН ҮЙ ҲАЙЎАНЫ БОЛАН?

(№ 182787)

Ерте заманларда пышықлар тоғайда жасаған. Пышықлар дәслеп қоянлар менен дос болыпты. Олар бирге аўқатланып, бирге дем алады екен.

Бир күни пышықлардың сәрдары қоянлардың сәрдары менен тоғайда жүргенде кийиклердиң жол басшысы менен келиспей қалыпты. Кийик қоянды теўип өлтиреди. Пышық жалғыз қалыўдан қорқып, кийик пенен дос болыпты. Бирақ, кийикти де қаплан өлтирип жеп қояды. Енди пышық қаплан менен дос тутыныпты. Деген менен, дослық узаққа созылмайды. Қаплан арысланның қысымына ушырап, алыс-алысларға кетиўге мәжбүр болады.

Жалғыз қалған пышық арысланның изине ереди. Көп узамай арысланды да бир пиллер басып өлтирип кетипти. «Мен енди дүньядағы ең күшли ҳайўан менен дос болдым» деп ойлапты пышық. Бирақ, пилди де тоғайдағы аңшылар атып өлтирип, тумсықларын алып кетипти. «Дүньяда адамлар күшли екен-ғо» деп, пышық адамлардың изине ерипти. Адамлар оған ғамхорлық көрсетипти.

Әне, соннан берли пышықлар үй ҳайўанына айланған екен.

## ШЫМШЫҚ ТҮЛКИНИ ҚАЛАЙ ЖЕҢДИ?

(№ 182787)

Бир бар екен, бир жоқ екен. Бурынғы өткен заманда бир түлки болған екен. Ол бир күни тоғайда шымшықты көрип қалыпты ҳәм оған билдирместен шайнамай жутып жиберипти. Сонда түлкиниң ишинен саза келипти:

— Ҳәй, түлки, мени жутып жибергениң ушын еле пушайман жейсең!

Түлки индемепти.

Бир күни түлки таўық урлаўға баратырғанда түлкиниң ишинен шымшық шүйкилдеп бақыра баслапты:

— Ҳәй, адамлар, адамлар! Түлки киятыр, абайлаңлар!

Бул даўысты аўылдың ийтлери еситип, түлкиниң изинен қуўып жөнепти. Түлки қанша жуўырғаны менен де шаршап болдырыпты. Бирден аяғы бир томарға сүрнигип оммақазан атып жығылыпты. Ал, ийтлер тарпа бас салыпты. Ҳәп заматта түлкини екиге айырыпты. Бир ўақытта түлкиниң қарнында күни менен қысылып атырған шымшық «пырр» етип ушып кетипти.

## ҚОЙ ҲӘМ ПЫШЫҚ

(№ 182787)

Бир күни ийт қатты аўырып қалыпты. Оның аўҳалын сораўға барлық ҳайўанлар келипти. Бирақ, олардың арасында пышық көринбепти. Ийт пышықтың қайда кеткенлигин сорапты. Сонда қой пышықты жаманлапты. Ашыўы келген ийт қойға пышықты шақырыўын буйырыпты. Пышық келгенде

www.ziyouz.com kutubxonasi

ийт оннан қайда жүргенлигин сорапты. Сонда пышық:

— О, кәдирдан достым, мен саған аўырыўыңның емин излеп жүр едим, — депти.

— Хош, еми қандай екен? — депти ийт.

— Егер сен қойдың артқы аяғын жесең, саппа-саў боласаң, — деп пышық өзинше мардыйыпты.

Буған исенген ийт пышықты алып келген қойдың аяғын тислеп жулып алыпты. Бул ҳалаттан рәҳәтленген пышық қойға қарап мардыйып:

— Мени жаманлағаның ушын бул саған жаза! — депти.

Сонда ийт бул екеўиниң ислеген ҳәрекетинен қатты кәҳәрленипти де олар менен қайтып дос болмапты.

## СУМ ЕШЕК
(Р-484, № 176427)

Бурынғы өткен заманда бир адам ҳайўанлар патшасына барып:

— Маған ҳайўанлар тилин үйрет! — деп өтиниш етипти.

Ҳайўанлар патшасы ол адамға ҳайўанлардың тилин үйретипти. Ол адам еки өгизди қосқа қосыпты. Кеште еки өгизди, бир ешекти бир қораға байлапты. Еки өгиз сөйлесипти. Адам буны аңлып турыпты. Биринши өгиз екинши өгизге:

— Жора, сен қалайсаң, мен жүдә шаршадым, — депти.

Сонда екинши өгиз:

— Ҳей, жора, несин сорайсаң, шаршағанда өлейин деп турман, — депти қыйналып.

Сонда ешек турып:

— Мен бир ақыл айтайын, өгиз жора, — депти.

— Айт, жора! — дейди өгиз.

— Сен бүгин от-шөбиңди жеме, сонда сени хожейин «ҳе, бийшара бүгин аўырған екен» деп қостан азат етер, — депти ешек.

Сол күни өгиздиң биреўи от-шөп жемепти. Адам буны көрип, азанда бир өгиздиң жанына ешекти қосыпты. Ешек жүдә шаршап қалыпты. Кеште ешек өгизге келип:

— Ҳә, бүгин бир сөз еситтим, сен бүгин отыңды жемесең, сояжақ қусайды, — депти.

Соннан өгиз от-шөп жей баслапты. Сөйтип, сум ешек мийнеттен қутылыпты.

## СУМЛЫҚЛЫ ШАҒАЛ
(Р-80, № 36707)

Бир күни қасқыр жолда кетип баратырса, алдынан бир шонтық шағал шығып, қасқырға «екеўимиз жора болайық» депти. Қасқыр «болсақ болайық» депти.

Сөйтип екеўи кетип баратырып, жолда қасқыры шағалға:

— Жора, сениң не кәриң бар? — депти.

Шағал оған:

— Мен постын тигемен, — депти.

Сонда қасқыр:

— Олай болса, маған жақсылап бир постын тигип бер. Неше териден болады? — депти.

Шағал ойланып турып:

— Он еки териден болады, — депти.

Буннан кейин қасқыр әўели бес қойды әкелип:

— Буннан постын шыға ма? — депти.

— Жақ, — депти шағал.

Қасқыр алтыншы қойды әкелипти ҳәм:

— Постын питти ме? — депти.

— Жақ, — депти шағал.

Қасқыр жетинши қойды да әкелип:

— Постын питти ме? — деп сорапты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол ўақытта шағал қасқырға:

— Сен енди екинши рет есиктен қарама, қарасаң, постың бузылады, — деп, және қой әкелиўге жибереди.

Қасқыр тоғызыншы қойды әкелип:

— Постын питти ме? — депти.

— Жақ, — депти шағал.

Қасқыр оныншы қойды да әкелип, және сорапты.

— Ертең келеғой, — деп жущап берипти шағал.

Сөйтип, сумлықлы шағал он қойды да жеп болып, тоғайға барады. Тоғайдан қырық шағалды жыйнап, ҳәммесиниң де қуйрықларын кесип, өзи де солар менен араласып жүре береди.

Қасқыр ертеңине постынын алайын деп шағалға келсе, шағал жоқ. Қасқыр тоғайға излеп барса, шағаллардың ҳәммесиниң қуйрықлары шонтық. Сөйтип, қасқыр баяғы он қойын жеген шонтық сумлықлы шағалын табалмай, пәт жеп қайтыпты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

74- ТОМ



# ЮМОР - САТИРАЛЫҚ ЕРТЕКЛЕР

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚӘЛПЕКИ ПАЛКЕР
(Р-98, №3435)

Бурынғы өткен заманда оғыры бир жарлы адам жасапты. Ҳаялы бул жарлышылықты өмирлик жолдасынан көреди екен. Бир күни ҳаялы күйеўине:

— Ҳәй киси-аў, сен түбинде жамансаң, өйткени, журттың ҳаяллары мендей болып ишпеге, киймеге зар болып отырған жоқ. Пәленше байдың да, төленше байдың да өзиңнен артықшылық жери жоқ. Сен де еркек, ол да еркек, басларыңызға кийгенлериңиз телпек. Мениң үстимди де, солардың ҳаялларының үсти-басындай етип коймайсаң, — деп тулланып, басын жуўып отырған зеренин есикке қарап шыңғытып жиберипти.

Жарлы адам буған шыдамай шапанын ийнине салады да, үйинен шыға жөнейди. Бир көпирге жақынлаған жерде ушы-кыйыры жоқ түйелерге зер артып киятырған бир байдың кәрўанын көреди. Көпирден кәрўанлар өтип шамаласқан ўақтында кейинги түйе суўға умтылып тиркеўден үзилип қалып қояды. Оны кәрўанбасы абайламайды. Ана киси жаңағы түйени жүги менен тоғайдың ишине апарып матап таслайды. Сөйтип өзи көпирдиң үстинде қумалақты алып, аўзын жыбырлатып отыра береди.

Әллен ўақытлардан соң кәрўанбасы түйесиниң жоқлаўын асырып излеп келе береди. Жаңағы қумалақ таслап отырған кисиниң қасына келип:

— Ҳей, палкер түйе көрдиң бе? Бизиң бир түйе жолда жазым болыпты. Соны сен абайламадың ба? — десе:

— Жоқ, — деп басын шайқап қойыпты.

Кәрўанбасы ойланып турып:

— Онда бир пал ашып бер, — деп өтиниш етеди.

Анаў да көп жалындырмай кумалақты пытыратып жая салыпты. Палға түссин-түспесин, әйтеўир сөзди көбейтип отырып, ақырында:

— Түйең урылардың қолына түскен екен, сизди көрип тайсалып тур екен, не қылса да түйең тик аяғынан турмай, шөгириўли жатыр деп ана қос қумалақ айтып тур, бирақ бизди қуры қол қалдырмасаң, көп узамай табылады, — деп палкер мардыйып қояды.

Кәрўанбасы палкердиң сөзине қулдай исенип, «алла-бәрекелла» деў менен оның айтқанына қайыл болады.

Гәптиң посгеллеси, соның менен палкер баслап, кәрўанбасы кейнине ерип, қалың тоғайды қақ жарып аралап кете береди. Бир жерлерге барғанда шөгирип қойған түйениң үстинен шығады. Буны көрип кәрўанбасының жүреги тарса жарылып, палкерге қосыўыс теңге берип, түйесин үстиндеги жүклери менен жетелеп, өзиниң қосшыларына қосылады.

Арадан бираз күнлер өткенде бир патшаның сук бармағына салып жүретуғын қымбат жүзиги жойтылады. Патша өзиниң қарамағынан көп палкерлерди, порханларды, қоррандозларды шақырып пал аштырады, әрўақтан соратады, қорра таслатады, бирақ ҳешқайсысы таба алмайды.

Патша баяғы түйе тапқан палкердиң хабарын, даңқын еситип, оны да шақыртып алдырады. Бул бийшара ҳешнәрсе билмейтуғын болса да, «мен палкер емеспен» деўге батына алмай, патша буйрық еткен соң өтирик те болса, ҳаққа сыйынып пал ашпақшы болыпты. Сөйтип ол ерек үй тиктирип, қулпәреңи шығып үйдиң ишин шаңғытып, жортаға зикир сала береди.

Патшаның жүзигин бир ўәзири алған еди. Ол «мынаның әрўағы жүдә басым екен» деп қорқады да, бир жолдасын палкерге «не қылып атыр екен? Билип кел» деп жибереди. Патша болса палкерге жүзикти табыўға қысқа мәўлет берген еди. Бунық келгенине бир күн өтпей-ақ, ўәзирдиң жиберген адамы палкердиң сөзлерин тыңлап турмаға келген еди. Палкер мәўлетли күнин есаплап отырып:

— Япырмай, бүгин биреўи келип тур ғой, — дей бергенде жаңағы адамның зәрреси ушып, ийт қуўған қояндай зыңғып ўәзирдиң алдына барады. Ентигип турып:

— Бала орасан билгиш көринеди, бирақ жини бар адам екен. Не қылып атыр екен, деп үйден сығалай берейин дегеним де сол, мениң барып турғанымды қашшан-ақ билип қойған екен. Сөйттим де, көп тура берсем, бир бәле болып қалар деп, тура айдадым. Жолда да иркилмей, сизге тез хабарын жеткерейин деп жуўыра-жуўыра өле жазладым, — дейди.

Бул хабарды еситкен ўәзирдиң де төбе шашы тик турады. Мурны салбырап, бираздан кейин бойын тиклеп, еситилер-еситилмес етип жаңағы жолдасына ым қағады:

— Енди маңлайым ашылмай, қарақан қабысып қалғаны. «Дегбиринен сасқанды пайғамбар ҳасасы менен түртеди» деген усы. Қызыр көремен деп жүрип қызыл шақа болып, қамшыға тутылажақпан ба — деп солқылдап зар еңиреп жылай береди.

Сонда жолдасы:

— Маған жүзикти бер, сен патша боламан дегенди қой, «ғазға ерип, ғарғаның шаты айырылады» деп халық бийкарға айтпаған. Сениң сум қыялға кеткениңди бәрибир палкер таўып отыр. Енди сени өлимнен қутқарыўдың шарасын излейин, — деп жүзикти шүберекке бир шетин көрсетип тығып, палкер



www.ziyouz.com kutubxonasi

жатқан үйдиң керегесиниң арасынан қолын тығып жүзикти ишке ылақтырып урады. Өзи шеңгелдин үстинен жуўырған адамдай өкшеси жаўырнына тийип зынғып кеткенде үйдеги палкер түйиншикти көрип қуўанып қалады.

Палкер патшаға бул жүзикти қалай бериўдин есабын таппай ойланып-толғанып жүрип зорға ақыл табады. Жүзикти бийдайдың қамырына орап, патшаның асыраў ғазларының биреўине жуттырады. Патшаның мүддетли күни толғанда:

— Тақсыр жүзигиңизди таптым, сизиң жақсы көретуғын ғазыңыз бар екен. Сиз таң намазын оқыйын деп хәўизге дәрет алыўға барған екенсиз, сонда хәўизге қолыңыздағы жүзик түскен екен. Оны жаңағы ғаз жутқан екен, — дейди.

Палкердиң айтыўы мәттал, патша ғазды сойдырып ишин қараса, жүзик еле жемсегинде тур екен. Патша палкерге мың мәрте ыразы болып, сорағанын берипти. Палкер болса, астына ат минип, үстине тон кийген соң жортып үйине кайта берипти.

## ОРАЗЫМБЕТ ЗОР

(Р-98, №3435)

Бурынғы заманда Оразымбет деген қорқақ адам болған екен. Оның еки ҳаялы болыпты. Оразымбетти сол еки ҳаялы оғыры әлпешлеп, далаға шықса, көтерип шығарады екен. Бир күни Оразымбет ҳаялларына:

— Мени далаға шығарың — депти.

Олар әбден бийзар болғаннан далаға шығарып таслайды да, үйине қашып кирип тәмбисин басып, хеш киргизбейди. Оразымбет те «мен өлетуғын болдым, есикти ашың» деп тыпыршылап бақыра береди. Ақыры ашылмайтуғынын билген Оразымбет енди:

— Дым болмаса мениң шолақ мылтығымды алып бериң — деп даўыслайды.

Ол биресе қапыны, биресе әйнекти урып коймаған соң, ҳаяллары шолақ мылтығын әйнектиң тесигинен алып береди. Енди ишке ҳаялларының киргизбейтуғынын билген қорқақ илажсыздан қолына шолақ мылтығын алып, тоғайға аң аўлаўға кетеди.

Бир күни тоғайда қырғаўыл атып жүрсе, алдынан бир қоян қашады, қоянды көп узамай-ақ силесин қатырады. Атқан қоянын қалтаға салып, үйинен үмитин үзген Оразымбет аўылындағы бир темирши устаның үйине барады. Атқан аңын темиршиге береди. Темирши Оразымбеттиң бурын жүрсе саясынан қорқатуғынын, далаға шықса еки ҳаялы көтерип шығатуғынынан хабары бар еди.

— Ҳаў, Оразымбет бул қоянды биреў атып берди ме саған? — дейди.

— Устеке, өзим атып алдым, — дейди.

— Ондай болса сизиң мылтығыңыздың қундағына батырлық бир белги жазып берейин, — деп «Оразымбет батыр, бир атқанда он дәўди қум қаптыр» деп ойып жазып береди.

Бир күни Оразымбет тағы аң аўлаўға тоғайға шығып кетеди. Тоғайды аралап жүрип бир дәўге жолығады. Дәўди көриўден көшерге жер, кирерге гөр таба алмай, тышқан тесиги мың тилла болып қорқып, қасындағы бир оқпанға жуўырып барып, «жесе аяғымды жесин, дәўди көзим көрмесин» деп басын оқпанға тығып жата береди. Дәў Оразымбеттиң катаң мерген екенлигин мылтықтың қундағындағы жазыўынан билип, оның менен жараспақшы болады. Ҳаўлыққан дәў:

— Оразымбет батыр, мен сизди қонаққа шақырып келип турман, — дейди.

Оның қорыққанлығын билген Оразымбет оқпаннан шығып алып, дәўдиң үйине қарай бирге жүре береди. Дәўдиң үйине жақынлағаннан кейин ол:

— Сен озыңқырап бар да, маған он бир қойдың етин таярлап қой, мен сениң изиңнен бара берермен, — деп, Оразымбет жолда иркилиңкиреп қалады.

Дәў озып кеткен соң Оразымбет не қыларын билмей, кайғырып киятырса, алдынан биресе ушып, биресе қонып жүрген бир қара торғайдың палапанын услап алады. Оны қойнына тығып дәўдиң үйине барады. Ол дәўдиң барлық аўқатларын жерге жайластырып, «енди дәўи болса маған жибериң» деп аспазларға дәпинеди. Батыр айтқан соң табақшыларда жан бар ма, жуўырыўы менен дәўге барып:

— Сизди Оразымбет шақырып атыр, — дейди.

Дәў келгеннен соң Оразымбет:

— Дәўеке, сизди шақырғандағы максетим, «дәўдиң бүргеси кара шыбындай болады» деп бурын биреўлерден еситип едим. Қәне, бизлер бүрге ушырысып көрейик, — дейди.

Дәў сол бойына бүргесин жайдың ишине ушырып жибереди.

— Ал, онда бизиң бүргени де көриң, — деп, баяғы жолдан услап алып қойнына салып үлгерген қара

www.ziyouz.com kutubxonasi

торғайын Оразымбет те ушырады. Бунын қара торғай екенин билмеген дәў оған ҳайраны шыға таң қалады.

Мине, усылай етип жүрип, Оразымбеттин елден шығып кеткенине бир неше күн өтип кетеди.

— Енди аўылға қайтыў керек, сизиң менен танысқанымызға да бираз ўақыт өтти, — деп Оразымбет дәўден жуўап сорайды.

Дәў Оразымбетти түрли ҳасыл затлар менен сыйлап, өзиниң елине қайтарады. Ол бирнеше күн жол жүрип үйине келип, баяғы еки ҳаялын қуўантып, дәўдин берген дүньяларын керек-жарағына жумсап, үлкен бас хожалық болып халық қатарына қосылады. Соннан баслап оның «қорқақ» деген лақабы қалып, «Оразымбет зор» атанылты ҳәм мурады мурт болыпты.

## ОТЫНШЫ БАБА

(Р-565, №176508)

Бурынғы өткен заманда бир киси отын шаўып, оны базарға апарып сатыў менен күнелтеди екен. Сол кәсибине бола бул карияны «Отыншы баба» деп атайды екен. Бир базар еки ешек отынды бир тиллаға берип, қалғанын керек-жарағына жеткенине жумсап жолда киятырса, алдынан бир гүзе алтын жарқырап көринип атырғанын көрип, қуўанғанынан жуўырып барды. Барса, тақыйық гүзе толы алтынды көрди. Ол өз-өзинен ойланып, «бул бир тегин дүнья. Және, бунның түби шийки болып, мына күнимнен де айырылып қалып жүрермен. Қой, не де болса қабырғама барып ойласайын, ол не дер екен» деп, табылған олжаны усламастан-ақ жолына түсе берди. Азырақ жүринкиреп еди, алдынан бир жигит шықты. Ол тәңир сәлемин бериўи менен тусынан өтип баратыр еди, қария оны егледи.

— Ал, иним, ана бир ыраштың ойында бир гүзе алтын көрип киятырман. Сен соны барып ал, — деди.

Жигит аң-таң болған ҳалда инанарын да, инанбасын да биле алмай силтеў берилген жерге келсе, айтқанындай-ақ гүзениң жатырғанын көрди. Гүзени аўдарып қараса, иши быжнаған жылтыраўық ширкейге толып турғанын көрди. Жигит «бул баба не себеп мени алдады екен?» деп жан-жағына қараса, жаңа ғана көрген қария жоқ, әллеқашан кетип қалыпты. Ол не қыларын билмей, гүзени бир тепти де, басын шайқаўы менен кете берди.

Бул ўақытта баба да үйине жақынлап қалған еди. Ол үйине шамаласып қалғанда «буны кемпирге айтсам ба, айпасам ба?» деп ойланып турды да, «Бағанағы жигит алтынды алды ма, алмады ма, тәўекел, тағы барып көрип қайтайын» деген ой менен ғырра кейнине қайтты. Бағанағы өткен жерге келсе, гүзе еле жатыр. Баба гүзени қолтыққа урды да, сол қолтықлаўы менен үйине келди.

Кеўили алып-ушып келген баба сәл-пәл өзин басты да, гүзени далаға қойып болып үйине кирди. Қуўанышын қойнына сыйдыра алмай:

— Кемпир, бизлердиң де халық қатарына қосылар түримиз болар мекен? — деп еди:

— Ҳәй, қайдағы, екеўмиз отасқалы берли күнимизди жоқ-жуқалықта, ғам-қайғыда өткерип киятырмыз. Сирә бир маңлайымыз ағармады. Ҳәзир жасымыз жетписке жармасты. Енди усы кетис пенен пәнийден өтермиздағы, — деди.

— Ҳай, кемпиржан, онда енди ағарар маңлайың, — деп баба далаға шығып кетти.

Бир ўақытта баба бир гүзени көтерип үйине кирди. Гүзениң аўзына шекем толып турған алтын теңге екен. Ғарры:

— Ал, кемпиржан, қудай айдап мен бир гүзе алтын таўып алдым, мынаў сол, — деди.

Кемпири:

— Ырас па, ырас па? — деўден артық сөз таба алмай албырап қалды. Екеўининң қуўанышында шек болмай, сол күнги гүррини өзлерининң «нийети хақ» екенлигин айтысыў менен болды. Баба өзиниң гүзе толы алтынға тап болып турып оны жолында ушырасқан бир жигитке айтқанын, ол жигиттиң силтеген жерде басқа бир гүзени көрип, иши бос болған соң үмити пушқа шығып, теўип сындырып кеткенин сөз қылды. Өзлерине буйырып турған дәўлетке таң қалысты.

Кеште олар ертеңгилик базар-ошарын ойласты. Қудай жеткерген ғәзийнеден жүз тилланы алып, базарлаўға жолға шықты.

Бул аймақта аты шыққан үш соқыр бар еди. Олар өз дәўиринде гүрлеп, қара пуқараны езип, ақыры халықтың қарғысына ушырап, көзлери көр болып қалған еди. Үшеўи де қайыршы болып кетти. Соқырлар дәўлети жүрип турғанында Отыншы бабанын да талай мәрте отынын, гә отыннан түскен пулларын тартып алып, азап беретуғын еди. Енди болса, Отыншы баба ҳәрдайым базарға келиўден солардың бири болмаса, бирине тап болады. Оның биреўининң көзи суў қараңғы болып, ол тап базардың кирер аўзында садақа сорап, тиленшилик қылып жүрер еди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әдетте, базарға келиўшилер киререрде емес, саўда-сатығын ислеп болып, үйлерине қайтып баратырып садақа берер еди. Бул барлық базаршының әдети еди. Ал үш көрдиң биреўи болған көзи суў қараңғы соқыр қайыршы Отыншы бабаны даўысынан танып, садақа сораўы менен етегине жармасты.

Отыншы баба тиленшиниң бул қылығына:

— Тап базаржайдың кирер аўзында саған садақа беретуғын мен ақмақ па? — деп ызасы келди де, өз жолы менен жүре берди.

Бабаның әстен айтқан сөзин еситип қалған тиленши:

— Сен бир кесасы ағармаған адамсаң, тиллаң болмаса нени бересен?! — деп сөз атып қалды.

Өзи ашыў қысып зорға киятырған баба:

— Мынаў тилла емей, атаңның басы ма? — деўи менен қолындағы бир шыжлан теңге менен соқырдың маңлайына берип келип жиберди.

Бабаның шынында да шыжланы бос емеслигин билген соқыр тиленши:

— Хей, яғ-әй, қалтаң комлы болса, тағы ур, кәне! Сенин урғаныңды билмей де калдым, ур енди, — деп ашыўына оннан бетер тийип сөйледи.

Баба шыжланы менен тағы бир ура бергенинде, соқыр оны қолынан жулып алды да, ышқырына тығып жиберди. Баба тилласын алыў ушын соқырға умтылды. Ол бабаның дәпинетуғынын билип, дүс төменине қарап жатып алды. Баба оярынан бир нуқып, буяғынан бир нуқып көрип еди, соқыр орнынан тапжылмады. Базарға келген адамлар Отыншы бабанын бул ҳәрекетлерин бийжөн көрип, ҳәркайсысы бир түйип урып өтти. Олар «Өйтип соқырға асылғанша, көзи барға асылшас» деп айыплады. Базаршылар бул жерде нениң не болып өткенин түсинбеди де. Әбден ашыўы келген Отыншы баба бир урып еди, соқыр оннан сайын бажылдап, ақыры ўай-ўай сала баслады. Адамлар не болғанын сорап еди, ол:

— Мына отыншы мениң көзимниң көрлигинен пайдаланып, тилламды басып алажақ, — деп бәле салды.

Гүўа болған адамлар да буған қосылып, ҳәммеси қазының алдына барды. Қазы Отыншы бабаға сөз берди. Отыншы баба:

— Мен көп жыллардан берли отын сатып күн көремен. Бүгин базардан ол-пул алыў ушын жыйып қойған кәрежетимниң шетинен жүз тилла алып келип едим. Базаржайдың аўзында мына көр қайыр сорап отырған екен, мениң даўысымды еситиўден шалғайыма жабысып, садақа берип кетиўимди өтинди. Мен:

— Тап базаржайдың кирер аўзында саған садақа беретуғын мен ақмақ па? — дедим де, өз жолым менен жүре бердим. Ол болса мениң изимнен:

— Сен бир кесасы ағармаған адамсаң, тиллаң болмаса нени бересен? — деп сөз атып қалды.

Соннан кейин:

— «Мынаў тилла емей, атаңның басы ма?» деўим менен қолындағы бир шыжлан теңгени соқырға атып урдым. Соқыр «Кәне, тағы уршы» деп қылжақлады. Ашыўым келгенинен тағы атып урып едим, ол шыжланды қақшып алды да, ышқырына тығып жиберди. Бизиң даўымыз сол еди. Соның арасынша мына адамлар келип қалды, бирақ олар не болғанын билместен мени айыплап, қайта өзимди төбелеп таслады. Бар гәп усы, — деди Отыншы баба.

Қазы енди тиленшиниң сөйлеўин сорады. Ол:

— Мен отыз жылдан берли қайыр сорап жүрип жыйған жүз тиллам бар еди. Мына отыншыны өзиңиз билесиз, әкелген ешек арқа отыны өзинен аўыспайды. Сол не қыларын билмей, саўдасы жарымай басы аўаланлап маған тийискени ғой. Күппе-күндиз көшеде басымшылық етип, мени арман-берман сүйреп, «қалай етсем де сениң жүз тиллаңды аламан» деп сизге әкелди. Өзиңиз әдил шешип бериңиз, қазеке, — деди тиленши.

Сонда қазы Отыншы бабаға қарап:

— Сизики жөнсиз екен, мына қайыршы бар тапқанын жыйнап отырған. Сизиң табысыңыз өзиңизден аўыспайды ғой. Бир күнде ондай қаржы сизде қайдан жыйылсын, тилла қайыршыники, — дейди қазы.

Екеўи де қазының алдынан шықты. Сыртқа шыққаннан кейин соқыр қайыршы даўының жүрип, жүз тилланы алғанына мәсирип:

— Қәний, мени ким үйиме алып барар екен, ҳақысына он тилла беремен, — деп айқай салды.

Сол ўақытлары бир жигит тайын болды. Жигит оны арқалап үйине апарды. Жигиттиң қолына он тилланы услатты да, қайтарып жиберди. Отыншы баба да ақырынлап олардын изинен келе берген еди. Соқыр үйине барған соң оннан сайын йошып, барылдақ даўысы менен бақырып қосық айта баслады. Қосық айтып отырып, қалған тоқсан тилланы қолы менен қақшып ойнады. Отыншы баба да ҳешким жоғын көрип, соқырдың үйиниң бир қуўысында жасырынып отыра берди.

Соқыр мәс болып, тоқсан тилланы атып-қақшып ойнап отырғанында баба қасына жақынлап барды да қағып алды. Баба тилланы алыўдан қуўысқа барып жасырынып алды. Соқыр болса, сол қолын

www.ziyouz.com kutubxonasi

жайыўы менен «Бала, бул тиллаларым қай жерге түсти екен?» деп қармалана берди, қармалана берди. Айланып қармалана берди, бәрибир таппады. «Тиллам табылмады, қайда кетти?» деп бақырып, баяғы еки соқырдың биреўин шақырды. Ол келип не болғанын сорады.

Суў қараңғы соқыр:

— Бала, тоқсан тиллам бар еди. Соны еригип қақшып ойнап отырып едим, қайтып қолыма түспеди. Тәўир-ақ изледим, сирә бир таба алмадым, — деди.

— Ҳай, ақмақ-ай, тилла менен де еригип ойнай ма екен адам? Менде де жүз тилла бар. Мине, оны гүпиге сырып қойыппан. Сен де сөйтиўиң керек еди, — деди.

Сол ўақытта Отыншы баба гүпидеги тилланы билдирместен ала қойды. Суў қараңғы қайыршы соқыр:

— Қәне, мен бир услап көрейинши, — деп еди, «мә» деп шақырған қоңсысы бере қойды. Суў қараңғы қармаланып ары қарады, бери қарады, таба алмады. Қоңсысы:

— Көрип болсаң, қайтар гүпини, — деди.

— Мә, ал гүпиңди. Ишинде тилла түўе, дымбық та жоқ екен, — деди.

— Ҳаў, не деп турсаң? — деп қоңсысы оған жабыса кетти.

— Өй жаман, мени алдап, сен ким болыпсаң? Өзиңе сиңдирейин деген екенсең-дә жүз тилламды, — деп ол қәҳәрге минди.

— Қараптан қарап бәле жаппаға қарадың ғой, — деп суў қараңғы соқыр қутырды. Екеўи жәнжеллесип, мушласыўға қарады. Буларды шаўқымын еситип, үшинши соқыр қоңсысы да жуўырып келип қалды. Келсе, қып-қызыл төбелес, қызыл шақа мушласпақ. Ол арашаға түсти, соқыр жораларының екеўин еки жерге отырғызып қойып, себеплерин сорады. Әдепки суў қараңғы соқыр болғанды айта баслады.

— Мениң тиллам бар еди. Соны ишим пысып отырып бир қақшығаным еди, табан астында қолымнан ғайып болды. Излеп таба алмадым. «Қарас» деп шақырып едим, бул келди. Келгеннен кейин мениң тилламды қарасыў орнына, «гүпимдеги сырып қойған жүз тилламды алдың» деп қаралай жала жапты. Минекей, демниң арасында усындай аўҳалға жолықтық, — деди.

Екиншиси:

— Ал, бизден ҳал сорасаң, мени өзи шақырды. «Қарас» деди, қарастым. Таба алмады. Соннан кейин «Ҳай, ақмақ-ай, тилла менен де еригип ойнай ма екен адам? Менде де жүз тилла бар. Мине, оны гүпиге сырып қойыппан. Сен де сөйтиўиң керек еди» дедим. Ол гүпимди көргиси келди. Гүпини қолына бердим. Ал ол болса, гүпидеги тиллаларымды қайтып бермеди. Екеўимиздиң жәнжеллесиўимиздиң басы усы болды, — деди.

Буларды тыңлап болған үшинши соқыр:

— Сенлер бир ақмақ болып шықтыңлар ғой. Ҳаў, менде де жүз тилла бар. Оны мен мынаў иши геўек темир таяққа қуйып қойыппан. Сөйтсеңиз болады ғой. Инанбасаңлар, көриң, — деп таяқты көрсетип бергиси келип еди, Отыншы баба оны қолынан алды да, өзи олардың қызығына қарап турды. Үшинши соқыр:

— Қәне, таяқты көрип болсаңыз, бериң, — деди.

Екеўи бирден:

— Бергениң жоқ, нени беремиз? — деди.

— Ишинде жүз тилла бар дедим ғой, қуйып қойған. Соны да. Ендиги ҳийлеңиз жайғаспас, — деп сөйленди.

Олар әўели ерегисти, соң биреў-биреўи менен өлгенше мушласты, ақыры үшеўи де өлимши ҳалатта қалды. Отыншы баба билдирместен үйден шыға берди. Жолда киятырып, путаның түбинде жатырған қундақлаўлы бөпе таўып алды. Бөпени көрип емиренгенде, кемпириниң тас шемен болып қалған шандыр емшегинен сүт шықты. Отыншы бабаның қуўанышы шексиз еди.

Ертеңине олар қайыршы соқырлардың бирин-бири жазым қылғанын еситти. Халық қарғысқа ушыраған бәлеқор көрлерден қутылғанына қуўанды. Отыншы баба менен кемпири болса, картайғанда келген қос-қос несибеден қуўанысып, баласын аялап, әпешлеп өсирип, мурат-мақсетлерине жетипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ПАЛКЕРДИҢ ӨТИРИГИ
(P-535, №176478)

Әййемги өткен заманда,
Жылдың жазғы шағында,
Жер қызып, суў қайнаған,
Күнниң ыссы ўағында,
Балаларына базарлық,
Ҳаялына көйлек-кеншек,
Базардан ешек алыўға,
Адымын берип қарыўға,
Базарға барыпты бир жигит.

Жигит бар жигерин салып жаяўлап киятыр. Түнде оның жалғыз ешегин урлап кетти, енди оның жаяў жүрмеске илажы жоқ. Базарда қумалақтан пал ашып, ҳәркимге ҳәрнәрсени сөйлеп берип отырған палкерди көрип, жоғалған ешегиниң хабарын билейин деп ойлап бул да қумалақтан пал аштырыпты.

Палкер қумалағын ҳәр жерге қойып, тамсанып сөйлей баслапты:

— Әўели қудай, палыңның батығы жаман емес. Сен пақыр көптен бери биреўге сөз салып жүр екенсен, дурыс па? — депти палкер.

Жигит дым үндемей отыра берипти.

— Усы исиң бир ай дейин бе, бир ярым ай дейин бе, әйтеўир жақын арада питеди, — депти.

Сонда жигит:

— Отағасы, қартайған шағында бунша өтирик айтып шерменде болғаның не қылғаның? Бундай өтирикти балалар да айтпайды ғой. Айтып отырғаныңның бәри бийкар. Мениң үйленгениме ҳәзир төрт жыл болды. Қудайға шүкир, ҳәзир ҳаялым да, балаларым да бар, — депти.

Палкер уялғанынан қумалағын қалтасына салып, ешегине минип кетип қалыпты. Базардағы адамлардың бәри де палкерге жеркенишли қарап, оған нәлетий сөзлерин жаўдырыпты.

## АЛДАЎШЫЛЫҚТЫҢ АҚЫБЕТИ
(P-448. №176391)

Бир бар екен, бир жоқ екен. Бурынғы өткен заманда Қоразбай деген болған екен. Бир күни ол тоғайдан отын алып келиўге кетеди. Отын алып жүргенде Қоразбайдың аяғына тикен кирип, жүре алмайтуғын болады. Ол аяғындағы тикенди алыўға ийне таба алмай киятырса, тандырға нан жабайын деп жүрген бир кемпирди көреди. Қоразбай кемпирге:

— Әй, мама, мениң тикенимди алып жибериң, — деп жалынады.

— Қоразбай балам, азырақ шыдап тур, тандырымның отын алыстырайын, оннан кейин тикениңди аламан, — дейди кемпир.

— Яқшы онда, — дейди Қоразбай.

Кемпир отынын алыстырып болғаннан кейин:

— Қоразбай балам, келе ғой, тикениңди алып жиберейин, — дейди.

Қоразбай аяғының ушынан басып, кемпирдиң қасына келеди. Кемпир Қоразбайдың аяғындағы тикенди алып тандырға таслап жибереди. Кемпир тандыр жанғаннан кейин нан жаппақшы болып қолайласқан ўақытта Қоразбай:

— Мениң аяғымнан алынған тикенди таўып бер, — деп жәнжел шығарады.

— Балам, мен саған жақсылық қылып, тикениңди алсам, не ушын жәнжел шығарасаң? — дейди кемпир.

— Жоқ, болмайды, тикенимди таўып бермесең, кетпеймен, я болмаса пискен зағараңнан биреўин бересен, — деп турып алады.

— Жоғал-жоғал, — деп сөйленип жүргенинде Қоразбай бир зағарасын алып қашады.

Ол зағараны алып киятырып бир шопанға ушырасады. Шопанның жейтуғын наны жоқ, еки көзи телмирип аш болып отырған екен. Ол киятырған Қоразбайды көреди. Екеўи сол жерде ушырасып ҳал-жағдай сорасады.

— Дем алып, қарным аш болып отыр едим, келгениң жақсы болды, — дейди шопан.

Қоразбай кемпирден алып қашқан зағарасын ортаға туўрайды. Аш болып отырған шопан тойып алады, екеўи әңгимеге кириседи. Бир ўақытлары Қоразбай кетпекши болып:

— Шопан жора, енди кетемен. Мениң зағарамды да жеп қойдың, енди мен аш қаламан ғой, — деп шатақ шығарады.

— Ҳаў, жора, мениң саған беретуғын наным жоқ. Наныңды өзиң де жедиң ғой, — деп шопан ашыўланады.

— Беретуғын наның болмаса, қойыңның биреўин алып кетемен, — дейди Қоразбай.

— Жора, саған беретуғын қойым да жоқ, наным да жоқ, — деп шопан оннан узақлап, қойларын қайтарыўға кетеди.

Қоразбайға да кереги сол еди, шопан кетиўден бир қозысын алып қашып кетеди.

Қоразбай қозысын жетелеп киятырса, жолда бир ешкини сояйын деп атырған адамларды көреди.

— Ҳей, ағалар, ол ешкини не ушын сояйын деп атырсыз? — деп жаны ашыйды.

— Несин сорайсаң, иним, бүгин келин түсиретуғын едим, соған той ислеўге қой таппай, усы ешкимди сояйын деп атырғаным, — дейди жаңағы адамның биреўи.

— Той қылатуғын болсаңыз, мениң мына қойымды сояғойың, — дейди Қоразбай.

Той қылайын деп атырған үйдиң ийеси қуўанып кетеди.

— Қәне, иним, қойыңды алып кел, саған буны ким берип жиберди? — дейди биреўи.

— Сизлерге бул қойды пайғамбар берип жиберди, — дейди ол.

Той ийеси Қоразбайдың бул сөзине инанып, оны сыйлап төрден орын берипти. Қоразбай қарнын тойдырыпты. Усы ўақытлары келиншек те келипти. Қоразбай турып:

— Енди мен кетемен, маған алған қойыңды қайтып бер, — деп жәнжел шығарады.

— Ҳаў, Қоразбай, саған не болды? Ол қойды пайғамбар бизлер ушын берип жиберген болса, сен неге жәнжел қыласаң? — дейди үй ийеси.

— Жоқ, бул қой мениң өзимниң қойым. Егер таўып бермесеңиз, келиниңизди алып кетемен, — дейди Қоразбай.

Усы ўақытлары ат жеккен арба менен келиншек те келеди. Қоразбай арбаның астына кирип жатады да, келиншек арбадан секирип түскен ўақытта арқасына қағып салып, кетип қалады.

Жолда баратырып, бир ғаррының дуўтар шертип жылап отырғанының үстинен шығады.

— Ата, не ушын жылап отырсыз? — дейди Қоразбай.

— Әй, улым, мениң ҳалымды сорама, — дейди ғарры.

Қоразбай қайта-қайта сорап қоймайды. Буннан кейин ғарры:

— Мениң кемпирим менен балам бар еди, солар жақында өлди. Енди мен жыламай ким жылайды, — дейди.

Сонда турып Қоразбай:

— Ҳеш қандай жыламаң, ата, мине сизге кемпир, — деп арқасындағы қызды ғаррының алдына отырғызыпты. Сөйтип, Қоразбай қызды ғаррыға берип, дуўтарын өзи алып жолға түсипти.

Қоразбай бир қыйсық теректиң басына минип, жүдә беккем етип жайғасып алыпты. Қолына дуўтарды алып:

— Бир тикенге заҒара алмастым, дыңғыр-дыңғыр,
Бир заҒараға бир қой алмастым, дыңғыр-дыңғыр,
Бир қойға бир қыз алмастым, дыңғыр-дыңғыр,
Бир қызға дуўтар алмастым, дыңғыр-дыңғыр, — деп отырған ўақтында теректиң шақасы сынып кетеди. Солай етип, Қоразбай көп адамларды алдап, өзи әжелинен бурын өлип кетеди. Әне, алдаўшылық, ҳийлекерлик усындай болып жуўмақланыпты.

## АҚЫБЕТ

(Р-63, №34661)

Бурынғы өткен заманда барарға жери, батарға көли жоқ бир жетим бала болыпты. Ол балаға байлар мал-қой бақтырады.

Күнлерден бир күн бала бир байдан мийнет ҳақысын сорайды. Байдың ашыўы келип:

— Мына ширкинниң сөзине қара, саған ҳақы қайда?! Хызметиң ишип-жеген тамағыңа да жетпейди. Тур, көзиме көринбе, — деп қуўып жиберди.

Тағы бир хызметин ислеген бай бар еди. Оған да барып мийнет ҳақысын сорап еди, ол да ашыўланып қуўып салды.

Бала жылап-еңиреп кете береди. Басқа бир аўылда бир бай адамға үш жыл дийқан болып хызмет етеди. Және бир адамға еки қысым алтынға бес жыл хызмет етип жүреди. Бай оған кишкене тайын да қосып береди.

Арадан ўақыт өтип, баланың баяғы алған тайы жақсы бир ат болады. Сол атты жетелеп базарға кетеди. Саўдагерлер турып:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Атыңды сатасаң ба? — деди.
— Жоқ, ийеси келген жоқ, — деп айтып, бала сатпады.
Бир ўақта баяғы мал баққызған байлар биргеликте келди.
— Ҳей, жора, атыңды сатасаң ба? — деди байлар баланы таныпмастан.
— Аўа, сатаман, — деди бала.
— Баҳасын айт онда, — деди биринши бай.
— Баҳасы жүз мың тиллә.
— Сениң есиң дурыс па? Жүз мың тиллә дейсең бе?! Өйтип, атыңның қандай қәсийети бар? — деди екинши бай таңланып.
— Бул атымның дәриси алтын. Илажсыздан сатажақпан. Егер инанбасаңыз, мынаў соның дәриси, — деп қолындағы алтынды көрсетти. — Атқа қырық күн палаў бересиз, суў орнына набат суўын бересиз, астына ғалы төсейсиз, және қырық күн жайдың аўзын бекитип, хабар алмайсыз, хабар алсаңыз, онда қыйы алтын болмайды.
Әне, төртеўи ойласып, атты жүз мың тилләға сатып алды. Баланың айтқанындай етип қырық күн бақты. Және қырық күн есикке қулп урып, аттың қасына бармады. Бай адамлар алтын десе өзлерин жойтатуғыны бар гәп. Ўәдели күнинен бир күн алдын булардың арасынан биринши бай басқаларынан бөлек жасырынып аттың қасына барса, ат түўе, ер-турманлары да жоқ. Оннан кейин ат сатқан жигитти байлар изледи. Бала булардың қай аўҳалда жүргенин билип, ҳаялына:
— Байлар мени излеп жүр, олар бизлерди таўып үйге келеди. Атымның ақшасын сорайды, сен сонда бирден шатақ сал. Мына қанға толы ыдысты тамағыңа байла. Ашыўланып мен сениң тамағыңа пышақты тартып жиберемен. Сен жортаға өлип жатасаң. Және тирилтип аламан. Дуўтар шертип, бул саз әсбабын да оларға сатаман.
Усы сөз айтылып та болды. Сол пайыт байлар да үйге кирди.
— Қәне, сен неге бизлерди алдайсаң? — деди биринши бай.
Сонда ҳаял турып:
— Ол гәпиңиз ырас, қайнаға, бул бир гәззап, алдаўшы, оңбаған! Мен де буған тийип кәте ислеппен, — дейди.
— Жаў жағадан алғанда, ийт етектен алады, деген. Не деп турсаң, нәлет жаўғыр? — деп бала қолына қанжар алып, ҳаялдың мойнына салып қалады, ҳаял жығылады.
Байлар қорқып:
— Бул не қылғаның? — деп жигитке қарады.
Жигит қолына дуўтарын алып, ҳаялдың басына келип шерте баслайды.
— Мынаў барып турған ақмақ екен ғой! Ҳаялы өлип атыр, бул болса дуўтар шертип отыр! — деди биреўи.
Бир ўағында жортаға өлип жатырған ҳаял:
— Көп уйқылап кеткен қусайман-аў, — деп ырғып турды.
Байлар буған ҳайран қалысты.
— Бул дуўтарда қандай қәсийет бар? — деди биринши бай.
— Өзлериңиз көрдиңиз ғой. Өлген адамды тирилтеди. Көрип отырсыз ғой, — деди бала.
— Сатасаң ба?
— Сатсам сатайын.
— Баҳасы қанша?
— Еки жүз мың тиллә.
— Онда бизлер аламыз, — деп, олар еки жүз мың тиллә санап берди. Сонынан қуўанысып дуўтарды алып кетти. Булар үйлерине барып, ҳаялларын өлтирди. Кейин дуўтарды шертип еди, бирақ, оның менен де тирилте алмады. Олар баланың үйине келип:
— Дуўтардың кесиринен неше адам өлди. Ақшаны қайтып бер, — деди.
Сонда бала:
— Өз обалың өзине. Дуўтардың айтымы бар еди. Соны сизлер сорамадыңыз.
— Ол қандай айтым? — деди байлар.
— Әтөшкир тамғаны арқаңызға бастырсаңыз ғана айтаман, — деди жигит.
Байлар илажсыз арқаларын тутты. Бала олардың арқаларына тамға басты. Олар өкинип, қазыға, ол тыңламаса патшаға шағым етиўге кетти.
Арадан бир неше күн өткен соң патшадан жасаўыл келип, жигитти сарайға алып барды. Патша турып:
— Мына бай үш жүз мың тилләм бар дейди. Төлеўге шамаң келе ме? — деди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда бала:

— Тақсыр, үш жүз мың тилләны қайта маған бериўи керек. Булар мениң қулларым еди. Ақшамды бермей ҳәзир бий болып отыр. Инанбасаңыз, усы байларды жалаңашлаң. Әтөшкир тамғам бар, — деди.

Байларды патша жалаңашлап еди, айтқанындай, әтөшкир тамғаны көрди. Патша есаплап, үш жүз мың тилләны байдан өндирип, жигитке алып берди. Алдағаны ушын байды дарға астырып өлтирди. Әне, жетим бала байлардан ҳақысын солай етип алып, мақсет-муратына жетти.

## УМЫТШАҚ

(Р-98, №3435)

Бир аўылда умытшақ бир жигит бар екен. Соған бола журт та оны «Умытшақ» деп атап кетипти. Сол бир күнлери үйленипти. Келиншеги аўқатқа олақлаў екен, тамақтың дузын бир күни ашшы етип, бир күни кем етип писире берипти. Умытшақ биразға дейин үндемей ишип-жеп жүре береди. Ақыры болмайды, бир күни:

— Сен неге тамақтың дузын бабында писирмейсең, бир күни ашшы, бир күни кем писиресең, қандай-қандай нашарсаң өзи? — дейди.

— Тамақ писирген адамның шенеўиш дегени болатуғын еди, сол шенеўишим төркинимде умытылып қалыпты, — дейди келиншеги.

— Онда мен соны әкелип берейин, — дейди күйеўи.

«Умытшақ» лақаплы бул жигит шынында да умытшақтың умытшағы еди, келиншегиниң айтқанын умытып қалмаў ушын «шенеўиш», «шенеўиш» деп тәкирарлап кетип баратырса, алдынан бир жап шығады, өтейин десе көпирин таппайды. Түсип өтип баратыр еди, ортасына барған жерге аяғы тайып кетип, «шенеўиш» дегенди умытып қалады, суўдың ишин қолы менен сермелеп қарап атыр еди, жол менен киятырған биреў:

— Не излеп жүрсең сен жигит, шешеңниң шенеўишин жоғалттың ба? — дейди.

Жигит:

— Шешемниң шенеўишин емес, ҳаялымның шенеўишин жойытып алдым, жақсы таўып бердиң, рахмет, — дейди.

«Шенеўиш», «шенеўиш» деп кете береди. Ҳаялының төркинине келеди.

— Неге келдиң? — деп сорайды қайын атасы.

— Қызыңның шенеўиши умытылып қалған, соны таўып бер, асығыспан, тез кетемен, — дейди.

Енеси:

— «Шенеўиш» деген болмайды, тамақты шақлап писирсе — дузын аз салсын, көп писирсе — дузын көп салсын, шенеўиш деген сол болады. Ал енди умытып қалма, «азға аздай, көпке көптей» деп кете бер, — дейди.

Жигит «азға аздай, көпке көптей» деп кетип баратырғанда еки ағайинли жигиттиң буўдай қырманы үстинде төбелесип атырғанын көреди. Тыңлап турса, биреўи:

— Мениң бала-шағам көп, мен буўдайды көп алыўым керек, сениң бала-шағаң аз, сен буўдайды аз алыўың керек, — дегенин еситеди.

Екиншиси:

— Сениң балаңның көплиги маған миннет пе, буўдайды тең бөлисип алайық, болмаса ана адамнан сорайық, — дейди.

Сол ўақытта жол менен баяғы жигит «азға аздай, көпке көптей» деп өтип баратыр еди. Сонда «мениң балам көп, мен буўдайды көп алайын» деген адам:

— Әне, әне, усы адамның сөзине қайыл болайық, — дейди.

Ағалы-инили жигитлер тыңласа, бир жигит «азға аздай, көпке көптей» деп зар қақсап баратырғанын еситти. «Сениң бала—шағаң аз, сен аз алыўың керек» деген жигит аз алыўға көнбей турғанда жолдан өткен жолаўшының «азға аздай, көпке көптей» деп баратырғанына ашыўы келеди. Оны услап алып жатқызып алып сабайды, сонда баратырған жигит:

— Енди не дейин? — дейди.

— Үндемей буққышлап кете бер, — дейди.

«Азға аздай, көпке көптей» деп баратырған жигит үндемей алдына қарап буққышлап кетип баратырып еди. Жолда қаўын қорып отырған биреўге жолықты, қаўыншы:

— Буққышлап, қаўынды урлайын деп киятырған екенсең, — дейди де услап алып, өлтире урады.

Жигит еки жерден таяқ жеп, түн жарпында үйине барады. Үйине барып есикти аш деп еди, ҳаялы:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Кимсең? — дейди.

Умытшақ өз атын умытып үндемейди, ҳаялы есикти ашпайды, таң атқанша үйге кире алмай, есиктиң аўзында турады.

Таң атқан ўақытта «аллаҳыў акбар» деп айтқан бир молланың даўысын еситеди. Умытшақ болса:

— Атымды таптым, молла, атым «Умытшақ», — деп, ҳаялына «есикти аш» дейди, ҳаялы есигин ашады, умытшақ үйге киреди.

Үйге киргеннен кейин таяқ тийген жерлери аўырып, Умытшақ бес күн жатып турады. «Шенеўиш» те, «азға аздай, көпке көптей», «буққышлап кете бер» деўдиң де бәри гүллий умыт болды.

## ЕШАМАҚ ПЕНЕН ДОШАМАҚ

(Р-98, №3435)

Ерте, ерте заманда, ешкиниң қуйрығы келте заманда, еки ағайинли Ешамақ ҳәм Дошамақ деген жигит болыпты. Екеўиниң ортасында арқасы жаўыр, қулағы саўыр бир бийеси жорғалапты да жүрипти.

Бир күни Ешамақ базарға бармақшы болады, кетеринде Дошамаққа:

— Бийени жақсы жерге арқанлап, арқасының жаўырын жуўып, от-суўына қарап тур, — деп тапсырады.

Дошамақ ағасының айтқанын қылып, бийени келте жоңышқаға апарып арқанлап, өзи сол бийениң қасынан былай жылысса, ҳәккелер арқасын шоқып отлатпайды. Буған Дошамақтың ашыўы келип, ҳәккелерди таймадузақ қурып услап алайын деп, бийениң арқасына қазық қағып, дузақ қурады. Өзи тирсеги қағысып зордан турған бийениң арқасына қағылған қазық жанына әбден батып, әри-бери туўлап, аспанға шапшып жан айбат пенен қатты бир шыңғырады да сеспестен қатады.

Сол күни кешқурын базардан Ешамақ келип, Дошамақтан бийени сорайды. Ол күни менен болып өткен ҳәдийсени бәрин де қалдырмастан айтады. Сөйтип, өлген бийениң гөшин деңгене қылып, ишек-қарнын, гелле бас-сыйрағын өзлери асып жемекши болып қазанға салады. Бирақ писип шамаласқанда Дошамақ шыдамсызлық етип, қазаннан бир ишекти шығарып алайын деп атырғанда ошақтың бир путы тайып кетип қазандағы аўқатлары төгилип қалады.

— Буны неге төгесең, жутап өлип баратыр ма едиң, бир майдан шыдап турғанда?! — деп Ешамақ инисин урмақшы болып умтылып, қолайласа бергенде Дошамақ зып береди. Сол кетиў менен таўын жаздырмастан аўылдан шығып кетеди. Ешамақтың пүткил ызасы келип, қолына нәҳән бир кескелтекти алып, изинен қуўа береди.

Дошамақ қашып кетип баратырса, жолында бир ат уйыққа батып атыр екен. Сол атты шығараман деп улы-пысылды болып, ҳәлекленип атырғанда қуйрығын жулып алады. Қуйрықты қойынға урады да жөней береди. Ентигип жуўырып баратырса, алдынан бир мәкийен қырғаўыл пыр-р етип ушады. Оның орнын қарап жүрип, үш мәйек таўып алады. Оны да аттың қуйрығына қосып, қойнына муқыятлап тығып киятырса, секелек атып баратырған бир қурбақаны көреди. Қурбақаны услап қалтасына салады. Сөйтип бир баласы жоқ кемпирдиң үйине барып ешкилерин бағып жүрсе, изинен ағасы Ешамақ та келип сол кемпирдиң жантағын шаўып жүре береди.

Бир күнлери Дошамақ ешкилерди кемпирдиң ерик бағыныңың астына айдап барып ешкилерге қарап айтады:

— Мен ҳәзир ерик қағаман, сизлер соны маған жарыға терип бериң, егер оған турмасаңыз, шетиңизден сояман, — деп, өзи пышықтай өрмелеп ериктиң уша басына шығып, сырықты қолына алып, саўдыратып ерик қағады.

Жоқарыдан түскен ериклерди ешкилер шөпшеп алып өзлери жей береди. Дошамақ бағанағы серти бойынша жерге түсип ешкилерден ерикти талап етеди. Олар жарыға термек түўе, тағы да қақса екен деп маңырасып Дошамаққа қарайды. Бирақ ешкиниң ишинде бир текениң мүйизине бир ерик илинип тур екен. Сол ерикти алып, мына теке еки ерик терип биреўин өзи жеп, биреўин маған қойған екен деп, жаңағы текеден басқасының ҳәммесин де баўызлайды. Сөйтеди де текени жетелеп жантақ шаўып атырған Ешамаққа барады ҳәм болып өткен ислерди усағын түсирместен баянлап, әбден ханасына сыймай жыртылып келип мақтанады.

Соннан кейин ағасы, бул жерде көп турмай тайынбасақ, бизлер екеўимизди гүналы етер, — деп қашып баратырса, алдынан еки дәў шығып:

— Сизлер қайда баратырсыз, мәканыңыз қайда? — деп булардың билегинен услап турып сорайды.

Олардың екеўи де есерсоқланып ҳаўлықпастан:

— Бизлер дәўлердиң қассабымыз, дәў көрсек өлтире беремиз, ал алысажақ болсаңыз, алдыңызға

үш шәрт қоямыз. Сол шәрттен жеңсеңиз, бизлерди өлтириңиз, ал жеңилсеңиз, сизлердиң басыңыз кетеди, — дейди.

Сонда еки дәў Ешемақ пенен Дошамақтан:

— Ол қандай шәрт? — деп сорайды.

— Биринши, жерден май шығарыў, екинши, қолтықтың жүнин жулысыў, үшиншиден, бийт жүўырыстырыў, усы үшеўинде ким басым болса, солар өлтирсин, — дейди еки бала.

Дәўлер таярлық көремен дегенше булар қойнындағы мәйекти аналарға билдирмей жерге көмип үстинен тебеди. Мәйеклер жарылып, ақ уўыз, сары уўызы топыраққа араласып сыртқа шығады. Дәўлер өз гезеги келгенде, жерди қайта-қайта теўип май шығара алмайды. Енди қолтықтың жүнин жулысыўға қарайды, сол ўақытта Дошамақ баяғы аттың қуйрығын қолтығына тығып, қасы-қабағын шытыңқырап турып, иркилмей жула береди. Дәўлер бул сапары да буларға ҳәдди жетпей басылады. Ҳеш болмаса үшинши шәртин орынлармыз деп ойлайды да:

— Бийт жүўырыстырып көрейик, — дейди дәўлер.

Ешамақ пенен Дошамақ буған да қарсы турмай, қалтасынан қурбақаны алып, дәўдиң бийтине қосады. Қурбақа да қалтада жүрип оғыры жалығып қалған екен. Ирәс артқы аяғын топыраққа тиренкиреп, зәрре басын төмен алып бир секиргенде, бийттен анағурлым асып түседи. Және бир секириўге аяқларын қомлап атырғанда, дәўлер тур—а айдайды. Зат-паты қалады, олар сол қашыўдан бәдер кетеди. Булардың тилегени де сол емес пе! Дәўлерден қалған дүнья-мүлкке булар ийелик етип, Ешамақ пенен Дошамақ ҳешбир таршылық көрмей узақ өмир сүреди.

## СУЎЖҮРЕК
(Р-98, №3435)

Өткен заманда бир қорқақ адам болыпты. Қорқақ болғанда да оғыры суўжүрек екен. Оның ҳаялы менен бир баласы болады. Қорқақ мабада майданға шыға қойса да, ҳаялын ертип шығады екен. Ҳаялы болмаса, баласын қолынан услап жүреди екен. Егер екеўи де болмаса, қоңсыларынан биреўди шақырады екен. Күнлерден бир күн қорқақ майданға шығайын десе, үйинде ҳаялы да, баласы да қоңсылары да табылмайды. Майданға шықпай отыра бериўге шыдамайды. Сөйтип майданға өзи шығады. Түн иши. Тастай қараңғы. Қорқақ жатқан орнынан ақырын түргелип, әстен еңбеклеп есикке барады. Есиктен шығып үйдиң алдында турған арбаның астына барып отырады.

Отыра берген ўақытта көзи бир ақ нәрсеге түсип кетеди. Қорқақ түргеле қашпақшы болады, бирақ төбеси арбаның көкирегине сарт ете қалады. «Ўаҳ, төбем» деп басын услай берген ўақытта қуйрығы жерге былш ете қалады. Сөйтип қорқақ арбаның астынан шыға алмай, жүреги жарылып өлиўге келгенде, кәпелимде баласы дуўшар бола кетеди. Әкесин үйге алып келип жатқарады. Қорқақ қорқақ та, болса белли мерген екен. Үйинде аў мылтық сақлайды екен. Аз-маз жатып солығын басқан соң жүрегиниң дүрсилдиси азайып, баяғы көзине көринген ақ нәрсени атпақшы болады. Қорқақ мылтығын қолына беккем услап есикке барып сығалап қарайды. Босағаға отырып алып, жапсарға қабырғасын берип, жақлаў ағашқа сүйенинкиреп, көзине көринген ақ нәрсени ата баслайды. Бираз атқаннан кейин ақ нәрсе желбиреў менен жерге түскендей, жоқ болғандай болады.

Қорқақ:

— Ҳә, сен тамам болдың ғо, сен мениң жарағым болмаған ўақытта ушырасып, састырдың ғой, жарағым менен жаныңды алдым ба сениң, — дегендей етип, еки мурнының тесиги желбиреп, батырға усап жайына келип жатады. Сол ўақытта даладан ҳаялы кирип келип:

— Жатшы, түўе, азанда-ақ айтарсаң, — деп сөзиниң изин айтқызбайды.

Сол күни жатып уйқылайды. Күн шығысы менен ҳәммеси түргелген соң Қорқақ компаҳлап, бир көтерилип, бир басылып, өзиниң кешеги қорыққан ақ нәрсени өлтиргенин ҳаялына айтады. Шайын ишип болып, ол не екен деп ҳәммеси далаға шықса, қорқақтың ҳаялы бийшара қорқақтың көйлек-ыштанын жуўып шеңгел хәремниң басына жайып қойған екен. Қорқақ сол көйлек-ыштанды ата берипти. Екеўиниң де саў жери қалмапты. Қорқақтың «мергенлиги» де, «батырлығы» да усының менен түўесилипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТОҒЫЗ ТОҢҚЫЛДАҚ, БИР ШИҢКИЛДЕК

(Р-98. №1072)

Бурынғы өткен заманда бир бай болыпты. Байдың үлкен ҳаялынан тоғыз улы бар екен. Токалынан бир улы бар екен. Бәйбишеден туўған тоғыз улы зорлықшыл, қуяңқы болыпты. Сонлықтан оларды «тоғыз тоңқылдақ» деп атапты. Тоқалдан туўған улға шырылдатып зорлық қыла берген соң оны «шиңкилдек» деп атапты. Бай өлген соң булар жарлы түсипти. Қалған малларын бөлип, енши алысыпты. Тоғыз тоңқылдақ зорлық етип жуптан өгиз алыпты. Шиңкилдекке тақ өгиз тийипти.

Бәҳәрдиң күни ҳәмме жазлық егиўге шығыпты. Тоғыз жуп өгизди алып тоғыз тоңқылдақ барыпты. Жалғыз өгизин жетелеп шиңкилдек те барыпты. Жалғыз өгиз бенен егин еге алмай, ҳәркимге бир барып, мойыншерик болайық деп жүрген шиңкилдекти көрип тоңқылдақлар:

— Шиңкилдек, сен жалғыз өгиз бенен ҳешнәрсе питкере алмайсаң, оннан да сен бизлерге қосылып шерик бол, — депти.

Шиңкилдек басқадан гөре жақынырақ қой деп ойланып:

— Болсам болайын, — депти.

Егинлерин егип болыўға жақынлағанда, олардың азықлары таўсылыпты. Әри ақылласып, бери ақылласып шиңкилдекке:

— Сениң тақ өгизиң менен ҳәзир онша көп нәрсе ислеўге болмайды. Оннан да сениң өгизиңди сойып жейик, бийдай пискен соң алып берейик, — депти.

Шиңкилдек оған көнипти. Өгизин сойып жепти. Шиңкилдек өгизиниң терисин күнге кептирип қоя берипти. Бир күнлери егис егилип болған соң, тамақ жеп отырғанда тоңқылдақлар өзлериниң өгизлерин мақтасыпты.

— Мениң өгизим күшли...

— Ҳә, мениң өгизим күшли...

— Мениң өгизимниң күшлилиги, анаў күни егин егиў ўақтында белгили болды, ҳәммемиздиң өгизимизден де көп хызмет қылды, — депти биреўи.

— Меники көп хызмет қылды, — депти тағы бири.

— Меникинен көп хызметти ҳешқайсыныздыки ислеген жоқ, — депти және бириси.

Сөйтип өзлери ерегисип, қызыў-қызыў менен қыран-пыш төбелесипти. Ақырында ҳәрқайсысы пайлы егинин бөлип алыпты. Шиңкилдекке ҳешнәрсе бермепти. Шиңкилдек шиңкилдемей даўысы менен:

— Ҳә, маған қайда? — депти.

— Саған не?

— Егиндағы.

— Сен егип пе едиң?

— Ҳә, сенлерге көмеклескеним қайда? Мениң өгизимди жегениңиз қайда, умыттыңыз ба?

— Өгизиңди сойған өзиң, жеген өзиң, сениң өгизиң хызмет ислеген жоқ, — депти тоңылдақлар.

Шиңкилдек оған көнбепти.

— Қазыға барып арыз етемен, — депти.

Тоңқылдақлар Шиңкилдекти сабап-сабап, «көрген-билгениңди айта бер» деп қуўып жиберипти. Шиңкилдек не қыларын билмей, кептирип қойған өгизиниң терисин арқалап базарға кетипти.

Жолда киятырып бир жолаўшыға гезлеседи. Екеўи жолдас болыпты. Жолдасы да қызғаншақ биреў болып шығыпты. Тоқтаған жерлерде я бир затына тийгизбей, я жол азығынан жегизбей, Шиңкилдек қараўыл болып бир шетте отырып қала береди. Ол күни қалаға жете алмапты. Алды кеш болыпты. Енди усы қәрада бир жерде қонайық деп кеңесипти.

Жан-жағына қараса, бир аўыл көринипти. Аўылға келип аўылдың ортасындағы бир байдың үйине қонақ болыпты. Кеш болған соң бәйбише қонақларға қазан аспақшы болады. Қазанға май салыпты. Күни менен жаяў жүрип, шаршап киятырған соң Шиңкилдектиң жолдасы төрде шалқасынан түсип, аўызын ашып уйқылапты да қалыпты.

Қазандағы май күйген ўақытта бәйбише далаға шығып кетипти. Үйде адам қалмапты. Шиңкилдек қазандағы күйип турған майдан бир қасығын алып, шалқасынан жатқан жолаўшының аўзына қуйып жиберипти. Жолаўшының сести шықпастан сеспей қатыпты. Тамақ писерге жақын Шиңкилдек далаға шығып жан-жағына қараған киси болып, үйге көп ўақыттан соң қайтып келипти. Тамақ писken ўақытта жолдасын оятқан болып:

— Жийемурат, ҳә, Жийемурат, тур, — депти.

Сес жоқ. Әри-бери басын қозғап шайқапты, жолдасы турмапты. Бир ўақытта келе сала:

— Ўай-ўай! Инимди өлтирип таслапты, — деп зар қағады. Еки бүйирине таянып байдың үйин басына көтереди. — Инимди сизлер өлтирдиңиз, — деп жағасынан алыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Аўылдың жасүлкенлери жыйналып тәўелле қылыпты. Шиңкилдек көнбепти. — Қазыға барып арыз етемен, — депти. Ақырында көпшилик тәўелле қылып байдан инисиниң қунын алып берипти.

Сөйтип шиңкилдек бирталай ақшалы болыпты. Базарға барып үсти-басына бирқатар кийим алып, сулыў болып кийинипти. Анасына да кийим алыпты. Аўысқан ақшасын қалтасына салып, қосығын айтыўы менен аўылына қайтыпты. Аўылға келген соң қалған ақшасына ат-көлик алып, жай салдырмақшы болыпты. Буны тоңқылдақлар көрип:

— Шиңкилдек, усыншама ақшаны қайдан таптың? — депти.

Шиңкилдек айтпапты. Тоңқылдақлар жалынып:

— Бизлер де соны ислейик, айт, — депти.

— Ой-бой, несин сорай бересизлер, базарға баяғы өгиздиң терисин апарып едим, бир териге төрт өгиздиң пулын алдым, — депти.

Тоңқылдақлар ойласып:

— Ҳаў, олай болса, бизлер де өгизимизди сойып апарып сатайық, — деп ҳәрқайсысы еки өгизин көтерип урып, етиниң жегенин жеп, жемегенин хәркимге берип, терисин базарға алып жөнеледи. Базарға барып:

— Өлген өгиздиң терисин алатуғын бар ма? — деп жар шақырады.

Биреўлер келип:

— Қаншаға бересең? — десе:

— Пәлен тилла, — деп төрт өгиздиң қунын сорапты.

— Мыналардың дени саў ма? — деп базардағы адамлар күлисип, терилерин алмапты. Ары жүрип, бери жүрип терилерин сата алмай аўылына бостан-бос қайтыпты.

Тоңылдақлар өгизинен айырылып, қапа болып, не қыларын билмей, мына Шиңкилдектиң корлығы өтти-аў, буған не қылыў керек, деп кеңесипти.

Биреўи қызыўланып:

— Шиңкилдекти өлтириў керек, — депти.

— Қой, Шиңкилдектиң өзиниң қолынан ҳешнәрсе келмейди. Бул исти ислеп отырған Шиңкилдектиң шешеси, оннан да Шиңкилдектиң анасын өлтириў керек, — депти екинши биреўи.

Ҳәммеси буны мақул көреди. Олар жыйылып келип, Шиңкилдектиң шешесин бир урып өлтиреди. Шиңкилдек келсе, анасы өлип қалған екен. Барлық бәлениң тоңқылдақлардан келгенин билипти.

Шиңкилдек анасын ешектиң үстине тири адамдай етип отырғызып, жан-жағын арқан менен шандып, базарға кете береди.

Жолда кетип баратырса, алдынан бир қызыллаўлы қырман шығыпты. Жаңа сүзейин деп отыр екен. Қырманның қасына барып, Шиңкилдек ешекти жибере берип, өзи суў ишиўге кетипти. Ешек барып қызыллаўлы қырманға аўыз салыпты. Қырманның басындағы адамлар:

— Ҳә, кемпир, ешегиңди тарт, — деп бақырысыпты.

Оған ешек қайтпайды. Барып қырманға аўыз сала береди.

Қырманның басындағы адамлардың биреўи жаба менен ешектиң басына салып кетипти. Ешек жалт берип қаймыға бергенде, үстиндеги кемпир сылқ етип қулапты. Шиңкилдек:

— Ҳәй, көз-көреки анамды урып өлтирдиңлер ғой, — деп бақырыпты. — Қазыға барып арыз етемен, — деген екен, көпшилик араға түсипти. Зорға дегенде келисимге келип, Шиңкилдекке анасының қунын әперипти.

Шиңкилдек анасының қунына алған дүнья-мүлкин арқалап аўылына қайтыпты. «Шиңкилдек көп ақша алып қайтыпты» деген хабарды еситкен тоңқылдақлар:

— Ақшаны қайдан таптың? — деп сорапты.

— Айтпайман, сизлерди туўысқан деп, ағайин деп есаплаўға болмайды, —депти.

— Айта қойса, Шиңкилдек, айт, ақшаны қалай таптың? — деп тоңқылдақлар қоймапты.

— Сизлер мени билмес деп, мениң анамды өлтирип едиңлер. Қудай бизди де қуры қол қоймады. Базарда өлген кемпир де пул екен. Барғаннан айтқаныма алды да кетти. Билмей қалыппан, қымбатырақ айтсам, тағы да көбирек алады екенмен, — дейди.

Тоғыз тоңқылдақ кеңесип:

— Ҳаў, бул ақшадан бизлер де қуры қалмайық, журт билип қойса, кемпирдиң баҳасы арзанлап кетер. Тезирек кемпирди пул қылып алайық, — деп, тоғыз тоңқылдақ кемпириниң басына бир урып өлтирип базарға апарыпты.

— Өлген кемпир алатуғын бар ма? — деп бақырады.

Хешким шықпайды. Журт буларды масқара қылып күледи. Биреўи қаланың ҳәкимине айтып барады. Ҳәким буларды шақырып алып, қаланы үш айландырып урып-урып қуўып жиберипти.

Тоңқылдақлар әри кемпиринен айырылып, әри таяқ жеп, ашыўға шыдай алмай келиўи менен Шиңкилдекти өлтирмек болады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Аўылына келип, Шиңкилдектиң аяқ-қолын байлап бир қапқа салады. Суўға ылақтырмақшы болып дәрьяның жағасына алып келеди. Суўға атайын деп атырғанда сол жердеги аўылдың бир адамы келип:

— Ҳә, бул не? — деп сорапты.

Тоңқылдақлар:

— Усылай да, усылай, соннан соң буны суўға атайық деп алып келдик, — депти.

— Ҳаў, олай болса, бизиң үйге келип дем тартып, шай ишип кетиңлер, оннан соң-ақ атарсыз, — депти.

Тоңқылдақлар яқшы деп, шай-суў ишиўге жаңағы кисиниң үйине кетипти.

Шиңкилдек қаптың ишинде, жағада жатса, қудайдың көп қойын айдаған бир қойшы келе берипти, жағада жатқан қапты көреди. Таяғы менен түртсе қыймылдапты.

— Кимсең?

— Мен.

— Мениң ким?

— Шиңкилдек.

— Хе, не қылып атырсаң?

— Ҳәй, маған уллы журтқа патша боласаң дейди, мениң болғым келмейди. Соның ушын мени дәрьяға атайын деп әкеп қойыпты, — депти Шиңкилдек.

— Ҳаў, жоражан, өлгенше қойды бақ, мен сениң орныңа патша болайын, — дейди қойшы.

— Болсаң бола ғой, онда мына қаптың аўзын шеш, — дейди.

Қойшы қаптың аўызын шешип, Шиңкилдекти шығарып алады. Орнына қойшының өзи киреди, Шиңкилдек қаптың аўзын жақсылап байлап:

— Бир майданнан келип «Шиңкилдек» деўши болар, сен «мен» деп жуўап бер, оннан соң «патша боласаң ба?» деп сорар. Онда «аўа» де, — деп Шиңкилдек қойына таяғын алып қой бағып кете береди. Шай ишип болған соң тоңқылдақлар келип:

— Шиңкилдек, — дейди.

— Ҳә, мен, — дейди қойшы.

Төрт тоңқылдақ қаптың төрт мүйешинен услап, оны дәрьяға атып жибереди.

— Енди Шиңкилдектен қутылдық, — деп тоңқылдақлар үйлерине қайтады.

Күнлерден бир күн тоғыз тоңқылдақтың үстине толып атырған қойды айдап Шиңкилдек келе береди.

— Ҳә, Шиңкилдек, сен қайдан шықтың? — депти.

— Ой-бой, туўысқанлар-ай, сизлер сорамаңлар, мен айтпай-ақ қояйын. Ең болмағанда белиме таяқ та қыстырып ылақтырмағансызлар. Дәрьяның түби толып жүрген қой екен. Қолым менен киш-кишлеп жүрип айдап шыққаным усы ғана. Егер де таяқ қыстырып жибергенде, буннан да көп айдап шыққан болар едим, — дейди.

— Олай болса бизлер де айдап шығайық. Бизлерди дәрьяға ылақтыр, —дейди тоңқылдақлар.

— Жақсы, ылақтырайын. Сизлер қаптың ишине көбирек етип топырақ салың. Болмаса суўдың бетинде қалқый береди екенсең, ал қойлар дәрьяның тап түбинде жүреди екен, — дейди.

Тоғыз тоңқылдақ та буны мақул көреди. Тоғызын тоғыз қапқа салып, бирим-бирим дәрьяға ылақтырады, сөйтип Тоғыз тоңқылдақ дәрьяға ығып кете берипти. Шиңкилдек болса, мурады-мақсетине жетип, өзине жәбир берген ақылсыз туўыссымақлардан бир өмирге қутылыпты.

## ЕСИМ БОЙРАШЫ

(Р-98. №1072)

Бурынғы ўақларда Есим бойрашы деген адам Гөне Үргениш қаласында отырып бойрашылық кәсиби менен күнелтеди екен. Соннан кейин Гөне Үргениш қаласында бойра арзан болып, бойрашылық кәсибинен нан таба алмай, бир күни бойрашы ойланып, «Мен бул Гөне Үргениш қаласынан кетсем, Бухар қаласына барып талап етсем қалай болар екен?» деп өзиниң туўып өскен жерин таслап, Бухара қаласына барады. Бухар қаласының бир шетинде отырған бир моллаға дийқан жүреди.

Молланың ул перзенти де, қыз перзенти де болмайды. Есим бойрашы өзиниң жақсы искерлигиниң арқасында молланың үйинде жети жылға дейин дийқан болып хызмет етеди. Бир күнлери Есим бойрашы қос айдап жүрип ойланады:

— Молланың қостары бир жақсы сулыў ҳаял екен, мен жети жылдан бери молланың есигинде жүрип, оның ҳаялына бир аўыз да сөз айтып көрмедим-аў, — дейди өзине-өзи.

Ойланып отырып, усы бүгин қосты айдап барғаннан кейин бир аўыз сөз айтып көрейин, деп өзинен-

www.ziyouz.com kutubxonasi

өзи қыялланады. Соннан кейин айдап жүрген жерин болып, күнорта ўақытта өгизлерди қостан босатып, қорасына алып барып, өгизлерге от салып болғаннын кейин өзи тамақ ишиўге молланың үйине барады. Молланың ҳаялы Есим бойрашыға бир табақ гөже әкелип берген ўақытта Есим бойрашы молланың ҳаялына қарап:

— Сиз кеўлиңизге аўыр алмасаңыз. Сизге бир айтажақ сөзим бар еди, — дейди төмен қараған халда.

Молланың ҳаялы:

— Қандай сөзиниз бар еди? — деп, Есим бойрашыға карап аз-маз күле шырай береди.

Молланың ҳаялы күле шырай бергеннен кейин, Есим бойрашы ҳаялға жағымпазлық сөз бенен:

— Мен сизиң есигиңизде жети жылдан бери дийқан болып хызмет қыламан. Сизди ҳәр көргенимде бирдейине жақсы кейипте жүретуғын едим. Бирақ, сизиң кеўлиңиздеги пикириңиз қалай екенин билмей, жақсы көрсем де ҳешбир сөз айта алмай жүрип едим. Сонлықтан бүгинги күни сизге өзимниң унатататуғынымды билдирип отырман, — деп еди, молланың ҳаялы:

— Мен де сизди сыртыңыздан жақсы көриўши едим. Соның ушын бүгин күн батқан мәҳәлде сейисханадағы сыйырдың жанына барып тура ғой. Мен сыйыр саўмаға барғанымда сениң менен сөйлесип, кеўлиндеги мақсетинди питкеремен, — дейди де, молланың ҳаялы үйне қарап қайтып кетеди.

Есим бойрашы қуўанып, тамағын ишип, өгизлерди алып қос айдаўына кете береди. Есим бойрашыға сирә күн батпағандай болып турады. Бир ўақытлары күн да батып, геўгим түскен мәҳәлде Есим бойрашы өгизлерди қостан босатып, молланың жайына алып келип байлап, от-жемлерин берип болғаннан кейин баяғы ҳаялдың айтқан ўәдеси бойынша сейисханада барып сыйырдың қасында тура береди. Бир ўақытлары молланың елтиси күйеўине:

— Кеш болып кетти, сиз барып бузаўларды сыйырға жиберип турың. Мен де дәрриў барып сыйырды саўып қайтайын, — дейди.

Бир ўақытта молла орнынан турып бузаўды алып барса, сыйырдың жанында Есим бойрашының отырғанын көреди. Молланың ашыўы келип:

— Биймезгил ўақытта сыйырдың қасында не қылып жүрсен? — деп, бадабатты салып, Есим бойрашыны ҳасасын алып урмақшы болады.

Есим бойрашы:

— Дат, тақсыр, мен бүгин бир адам менен бәс етип едим, бес тилладан. Ол адам маған айтып еди: — Молланың сыйырынын емшеги үшеў, — деп. Мен «төртеў» дедим. Соны келип көрейин деп тур едим, — дейди де, сыйырдың қасында барып емшегин санай баслайды.

— Ҳә, сыйырдың емшеги төртеў екен. Ол бәслескен адамнан бес тилла алатуғын болдым, — деп Есим бойрашы сол дәлили менен молладан қутылып кетеди.

Есим бойрашы өзинин жататуғын жайына барып, «бул қалай болды?» деп қапаланып, азанда турып, тағы өгизлерин алып қос айдаўына кете береди.

Қосты айдап, күнорта болған ўақытта өгизлерди қостан босатып молланың жайына келип, өгизлерге от-жем берип болғаннан кейин Есим бойрашы және аўқат ишетуғын жайына барады. Молланың ҳаялы бир табақ гөжени әкелип турып еди. Есим бойрашы айтты:

— Сиз мени ақшам сыйырдың жанынан барып тура ғой деп, тасмасқара қылайын деп едиңиз ғой. Үстиме молла келип қалып, «сен булманда неғып жүрсен?» деп уражақ болып, еле ҳәм бир дәлил менен зордан қутылып кеттим, — деп еди, молланың ҳаялы:

— Жоқ, мен сизди масқара қылмайман. Молланың өзи барып бузаўды жиберип қойыпты. Сонлықтан бүгин кеш болғанда нан жабаман, сиз тандырдың ишине кирип жата турың. Сол жерге нан жаппаққа барғанда сизиң исиңизди питкерейин, — дейди ҳаял.

Әне, Есим бойрашы бул сөз бенен қосын айдап келгеннен кейин күнбатар алдында тандырға барып, ишине кирип жата береди. Бир ўақытта молланың ҳаялы:

— Моллеке, қамыр ашып кетти. Мен зуўала еткенше сиз тандырға барып бир пәтте жантақ жағып турсаңыз болар еди.

Молла дәрриў орнынан турып, тандыр жаққа барып бир пәтте жантақты салып отты тийгизип, тандырдың ишине тығып жағып жиберди. Есим бойрашы шығайын десе үсти басы өзи отқа күйетуғын болады. Соның ушын тандырды бузып, Есим бойрашы қашып баратыр еди:

— Сен, үйи жанғыр, енди енди тандырды буздын, нәлетий, бул жерлерде неғып жүрсең? — деп молла ашыўланып, ҳасасын қолына алып, бәдбақлап Есим бойрашыны урмақшы болады.

Есим бойрашы:

— Қой, тақсыр, мен бир адам менен бәс ойнап едим. Ол адам маған:

— Молланың ҳаялы ҳәр күни нан жабады. Төрт наннан артық нан жаппайды, — деди.

Мен айттым:

— Молланың ҳаялы ҳәр нан жапқанда он-он бес нан жабады, — дедим.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөйтип мен ол адам менен он тилладан бәс еттим, соның ушын мен тандырдын ишине кирип, нанның орнын санап атыр едим тақсыр. Санап көрсем, мениң айтқаным дурыс екен. Нан жапқанда он-он бес нан жабады екен. Енди мен ол адамнан он тилла алатуғын болдым, — дейди Есим бойрашы ҳәм усы дәлил менен молладан және қутылады.

Соның менен Есим бойрашы өзиниң жумысын ислеп жүре береди де, және бир күни молланың ҳаялы менен дусласып қалып:

— Ҳаў, сиз мени буншелли алдап, тасмасқара еттиңиз ғой, — дейди.

Сонда молланың жубайы:

— Қой, мен сизди алдамайман, бүгин кеште аңлып жүре бер, сәхәр ўақытта молла мешитке азан айтпаға кетеди, сол ўақытта көрмеге кире ғой, —деп ўәде береди.

Есим бойрашы бул ўәде бойынша сол күни уйқыламастан молла қашан кетер екен деп түни менен көз илместен аңлып жата берди. Сәхәр ўақыт болғанда молланың ҳаялы орнынан турып, күйеўиниң мелле шапанын кийип, басына да сәллесин кийип, ҳасаны қолына алып мешитке қарай жөней береди. Мешитке барып азан айтты. Есим бойрашы дәрриў орнынан турып, молла мешитке кеткен екен, деп жуўырып барып молланың жайына келип көрпеге кире баслады. Көрпеге кирип атырса, молланың жатқанын көрип қалды. Молла да дәрриў оянып:

— Ҳә, үйиң күйсин, бәдбақ! Сен бул ўақытта бул жерде не қылып жүрсең? — деп Есим бойрашыны услап алып урмақшы болды.

Есим бойрашы:

— Қой, тақсыр, бир адам менен он бес тилладан бәс еттим. Ол адам маған «моланың жумыртқасы биреў» деди. Мен «екеў» дедим.

Сондай етип молланы басып көре баслайды.

— Ҳә, мениң айтқаным дурыс болып шықты. Мен ол адамнан он бес тилла алатуғын болдым, — деп, Есим бойрашы усы дәлил менен бул сапары да молладан қутылып кетеди.

Әне, Есим бойрашының ҳақыйқат бәле адам екенлигин билип, молланың ҳаялы Есим бойрашы менен жүре баслайды. Есим бойрашы соннан кейин молланың дийқаны болыўдан азат болады. Өзи бурынғы бойрашылық кәсибин етип, Бухараның базарына бойра сатып күн көрип жүреди ҳәм молланың бир жайында отыратуғын еди.

Молланың ҳаялы өзиниң отырған жайынан Есим бойрашының жайына шығатуғын жердин астынан жол дүзеттирип қойып, молла жоқта Есим бойрашының үйине баратуғын еди. Молла есикке келгеннен Есим бойрашының үйинен сол жердиң астындағы жол менен өзиниң үйине келип отыратуғын еди. Сондай етип жүрип, арадан бир жылдай ўақыт өтти.

Бир күни молла үйинде отырып ойланды. — Есим бойрашы бизиң көп хызметимизди қылған дийқанымыз еди. Ол бизден дийқанлықтан шыққанына бир жылға жақын болды, соннан бери ол келип «Моллеке, ҳал-жағдайың қалай?» деп сорамады. Я биз барып ҳал жағдайын сорамадық, — деп молла ойланды да, енди болмас, өзим барып ҳал-жағдайын сорайын деп, Есим бойрашының үйине бармақшы болады. Молла орнынан турып Есим бойрашының үйине барса, өзиниң ҳаялы отырғанын көреди. Молланың қатты ашыўы келип.

— Ҳә, бәдбақ, сен бул жерде неғып отырсаң? — деп ҳаялға умтылып еди, ҳаял да орнынан турып:

— Мен сениң ҳаялың емеспен, — деп, молланың жағасынан алып, сақалын жулып таслайды.

Есим бойрашы дәрҳал орнынан турып:

— Жақ, моллеке, сиз қызбаң, бул ҳаял сизиң ҳаялыңыз емес. Адам адамға уқсайды деген. Ал енди мен бул ҳаялды, бир ай болды, Бухардың қаласынан алып келип едим. Сизди шақырып, зияпат берип, бул ҳаялдың некесин қыйдырайын десем, қәрежетим кемтар болып жүр еди, — дейди.

Сөйтип моллаға тәселле береди. Молла дәрриў үйине қайтып, үйине келсе, үйиниң төринде ҳаялы отыр. Ҳаялына қарап:

— Ўай-бой, елтижан, мен Есим бойрашының үйине бүгин бир бара қойып едим. Тап сизге уқсаған бир ҳаял отырған екен. «Сиз бе екен» деп бир гәп айта қойып едим, мениң келип жағамнан алып, мине мениң сақалымды жулып таслап тасмасқарамды шығарды, — дейди.

Молланың ҳаялы:

— Ҳәй, моллеке, сиз ондай болмаң. Адам адамға уқсайды деген. Бухардың қаласында мениң бир сиңлим бар еди. Сонын ери қайтыс болды, деп еситип едим. Соны Есим бойрашы алып келген шығардағы, — дейди.

Соның менен жүре береди. Есим бойрашыға молланың ҳаялы:

— Енди бул Бухардың қаласынан Үргеништиң қаласына кетейик. Бул жерде көп жүре берсек болмас, — дейди.

Соннан соң ертеңине Есим бойрашы қәрежет таўып, молланы үйине шақырады.

Молла ҳаялына:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бүгин кешке бизди Есим бойрашы қонаққа шақырып отыр, сонын ушын мен бүгин кеште Есим бойрашының үйине бараман. Сиз үйде отыра бериң, — дейди.

Молла Есим бойрашының үйине қарап шығып кете береди. Ҳаял да жердиң астынан дүзетип қойған жол менен молла барар-бармастан бурын Есим бойрашының үйине барып отыра береди. Молла Есим бойрашының үйине барып отырып, Есим бойрашы менен сөйлесип отыр еди. Есим бойрашы моллаға қарап:

— Бул ҳаялды алғаннан берли кәрежеттиң кемислигинен, қолдың қысқалығынан сизди шақыра алмай жүрип едим. Бүгин шақырып отырғаным, усы ҳаялдың некесин қыйдырмақшыман, — дейди.

— Есимжан, ақыры мусылманшылық шәрти де сол-ғо, ҳақыйқат некенизди қыяман, — дейди молла компаңлап.

Тамақты жеп болғаннан кейин, молла өзиниң ҳаялын Есим бойрашыға некесин қыйып береди. Есим бойрашы ертеңине Бухардың базарына барып еки ешек алады. Сөйтип Гөне Үргенишке қайтатуғын болады. Сол күни кеште моллаға:

— Тақсыр, сизиң бирнешше жыл хызметиңизди етип едим. Мен енди өзимниң журтыма қайтқым келеди. Сонлықтан сизден бизге берген жәрдемиңиз болсын, бизди бир-еки күншилик жолға шығарып, хошласып қайтыўыңызды сорайман, — дейди.

— Ҳә, жүдә жақсы. Сизди еки күнлик жолға шығарып қайтаман, — дейди де молла үйине барады. Ҳаялына қарап:

— Есим бойрашы бизиң бир көп хызметимизди еткен дийқанымыз еди. Сол ертең өзиниң журтына қайтпақшы екен. Ол меннен еки күнлик жолға шығарып хошласып қайтсаңыз екен деп соранды. Қәне, елтижан, сен қалай көресең буны? — дейди.

Елтиси айтты:

— Ҳақыйқат, жақсы болар еди. Есим бойрашы көп хызметимизди ислеген адам. Сонлықтан маған кәрежет тутып берсеңиз, мен үйде қала берсем, дәрўазаның сыртынан қулыплап кете бериң, мен сиз келгенше әндамлы болып отыраман, — дейди елтиси.

Сөйтип, молла ҳаялына еки күн оңысқандай кәрежетлерин, гөшин, майын таўып берип еди. Оны ҳаял жердиң астындағы жол менен Есим бойрашыникине алып барып қояды. Ертең азан менен Есим бойрашы еки ешекке өзиниң затларын артып, молла да ешегине минип атырғанда, молланың ҳаялы баяғы жердиң астындағы жол менен Есим бойрашының үйине келип тайын турған еди. Ешектиң бирине Есим бойрашы минеди, биреўине ҳаялы минип, молла өзиниң ешегине минип, дәрўазаны қулыплап, үшеўи жолдас болып кете береди. Арадан еки күн өткеннен кейин молла үйине қайтпақшы болады. Есим бойрашының ҳаялы:

— Дийқанның ушын еки күн жол жүрдиң, балдызың ушын да бир күн жол жүрмейсең бе? — деп, молланы үш күнлик жолға алып келеди. Молла солманда хошласып өз елине қайтады.

Үш күн барыў ҳәм үш күн үйине қайтыўы менен арадан алты күн өтти. Есим бойрашы да алты күнде Үргеништиң қаласына келип түседи. Молла алты күнде өзиниң үйине барады. Үйине барып қараса, ҳаялы үйинде жоқ. Ҳәмме жерди қарады. Қарап жүрсе, өзиниң үйинен Есим бойрашының үйине шығатуғын жер астындағы жолды көрди.

Молла өзиниң ҳаялының еткен исине ҳайран болып бир жайына кирип алады, сол ҳаялдың еткен ислерин, молла хатқа жаза баслайды. Жазған хаты қырық ешекке жүк болады. «Бир ҳаялдың мәкири қырық ешекке жүк болған» деген нақыл мине соннан қалған.

Енди молла солманда қала берсин. Сөзди Есим бойрашыдан еситин.

Есим бойрашы менен ҳаялы Гөне Үргеништиң қаласына келип, бир сарайға кирип, сарайман болып отыра береди. Арадан төрт жыл өтти. Есим бойрашының бир қызы болады. Бир күни ҳаял Есим бойрашыға қарап:

— Қәне, бул отырыстан отырыс болмас. Дүнья табыў керек, — дейди.

— Қалай дүнья табамыз? — дейди Есим бойрашы.

Сонда ҳаял:

— Сен үйде отыра бер. Исле деген исимди ете бер. Мен өзим дүнья табыўдың жолын билемен, — дейди.

Сөйтип ертеңине Гөне Үргеништиң базарына барды. Қызы менен екеўи сол қаланы сорап отырған бир бай бар еди. Барлық дүканлар сол байдың дүканы еди. Таўардың бәрине де сол бай хожейин еди. Ҳаял сол байдың өзиниң отырған дүканының алдына барып, азаннан кешке шекем отыра береди. Бир ўақытлары бай:

— Жеңге, бул жерде азаннан бери отырсыз, өзиң бир еткен саўданыз болмады. Я бир жумысыңыз болып, айтпадыңыз, — дейди.

— Әй, қәйним-ай, мениң байым, үш жыл болды, тири ғайып болып кетти. Содан берли хәр кимниң хызметин етип күн көрип жүрмен. Сонлықтан сизиң алдыңызға келип отырман. Он бес аршын сорайжақ едим. Пулым болса, бере берер едим. Сол себепли азаннан бери уялып, сизди несийге бере ме,



www.ziyouz.com kutubxonasi

бермей ме, деп отырғаным кәйним, — дейди.

Бай ҳаялға қараса, өзи бир сондай сулыў ҳаял екен.

— Ҳәй, женге, сиз түўе, сизден жаманларға да бизиң он бес-жигирма аршын таўарымыз кетип атыр. Сонлықтан сизге бир он аршын таўар күйип кетпес, пулы болса таба-тура бере берерсиз, — деп жақсы ҳасыл таўардан он бес аршын таўар береди.

Таўарды алып болғаннан кейин, ҳаял байға қарап:

— Кәйним, биз пәлен деген сарайда отырмыз. Үйиниз узақ болса, кешке барсаңыз, қолымыздан келгенше хызмет етемиз, — деп еди, бай дәрриў бир хызметкерин шақырып алып:

— Бар, ана ҳаялға қырық ағары гүриш, жигирма ағары май, он ағары гөш ҳәм гешир-пиязы меннен алып келип бер, — дейди.

Хызметкери сол ўақытта тайын қылып ҳаялға береди. Ҳаял кәрежетти алып байға қарап күлимсиреп:

— Кеште ертерек барарсыз, — деп кетип қалады.

Бай өз-өзинен қуўанып, бул бир жақсы ҳаял екен, кеште барсам, бул ҳаял менен жақсылап сөйлессем. Байы болса, үш жыл болыпты, тири ғайып болып кеткен, мақул десе, ҳаяллыққа ала қойсам жақсы болар еди, — деген қыялға түсти. Сөйтип бай барлық затларын таўарларын, пулларын жыйнап ҳәм жақсы ҳасыл жипек таўарлардан бир ғалы қоржынға тығып, пулды да бир қайыс қоржынға салып, бул ҳаялға ҳақыйқат бир байлығымды билдирейин деп, өзиниң жүрип турған дәскелериниң барлық пулын жыйнап-терип, жорғасына минип, жорғасының үстине еки ғалы қоржынды бөктерип, ҳаял отырған сарайға жетип барады. Ҳаял дәрриў шығып байды аттан көтерип, түсирип алды.

Сөйтип қазан асып, палаўын писириўди баслайды. Бир мәҳәли бай отырып ҳаялға қарап:

— Тезирек бола қойыңыз, уйқымыз келип баратыр. Жатсақ жақсы болар еди, — дейди.

— Кәйним, қысына берме, еле терис қарап та жатарсыз, — деп, палаўды аўдарып атыр еди, майданнан биреў:

— Есикти аш, — деп бақырады.

Бай ҳаялға қарап:

— Бул не даўыс? — деди.

Ҳаял:

— Бул үш жыл тири ғайып болып кеткен байымның даўысына уқсайды, —дейди.

Бай қорқып кетип:

— Бай-бай, ондай болса, бизге келип, сен бизиң бала-шағаның арасында не қылып отырсаң деп, ертең патшаға алып барса, патша бизди биреўдиң ҳаялының үйинде неғып отырсаң деп дарға асады. Сонлықтан енди биз өлимге саўазар болдық, — деп албырай баслайды.

— Жоқ, мен сизди өлимге миясар көрмеймен. Сиз үсти-басыңызды шешиң, — деп, байдың барлық үсти-басын шешип алады.

Ҳаялдың үйинде төрт жасар баспақтың териси бар еди. Сол терини алып турып, байды териге орап, есик жақта жатқызып қоя береди. Ҳаялдың байы келип, жыласты, еңирести. Палаўды жеп болғаннан кейин байы ҳаялға қарап:

— Мынаў не жатқан бузаў? — деп сорайды.

Ҳаялы байына:

— Баяғы өзиң кеткендеги қара сыйырдың бузаўы ғой, — дейди.

— Ҳә, ондай болса жақсы болған екен, мен үш жыл тири ғайып болып жүргенимде, усыннан егер үйиме аман барсам, бир баспақ таўып қудай жолы беремен деген қудайға ўәдем бар еди. Маған ана пышақты алып берши, усыны түнде сойып азанға таярлап қояйын, — дейди де, бузаў бетке қарап жүре береди.

Бай қорыққанынан терини жамылып, есиктен шыға қашады. Ҳаялдың байы да қолына таяғын алып, «бул қайда барады, үркек болып кеттип пе» деп, байдың изинен қуўып таяқ пенен урып еди, бай дәрўазадан шыққанын билмей қалады.

— Ҳәй, өзиң-ақ ертең емшек емер ўақытта келерсең, — деп қала берди.

Ертеңине ҳаял және өзге түрли кийим кийип, сол Гөне Үргениш қаласында бир бай қассап бар екен, сол қассаптың өзиниң отырған дүканының кәнарасының тийине барып, ҳаял отыра берди. Азаннан кешке шекем отырады. Бай қассап ҳаялға қарап:

— Жеңге сиз бул жерге азанда келдиңиз, сиз ҳешбир саўда етпедиңиз, я басқа бир жумысыңыз бармеди, — деп ҳаялдан сорайды.

Ҳаял қассапқа қарап:

— Әй, кәйним-ай. Мениң байым быйыл бес жылдан бери тири ғайып болып кетип еди. Содан бери ҳәркимниң хызметин етип күн көрип жүрмен. Сизиң алдыңызға келип отырғаным, бир он ағары гөш алайын десем пулым жоқ еди, несийге бере ме, бермей ме деп, уялып айта алмай отырғаным ғой кәйним, — дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бай қассап ҳаялға қарап:

— Жеңге, сиз түўе, сизден жаманларға да бир он ағары несийе гөшти берип отырмыз ғой, — дейди де, он ағары гөш береди.

Ҳаял гөшти алып болғаннан кейин, қассапқа қарап:

— Қәйним-аў, үйиң сыртырақта болса, кеште бизин үйге барыңыз, хызмет қыламыз, — дейди қассапқа күлимсиреген шырай менен.

Қассап өзинин қараўындағы бир саллақты шақырып алып:

— Отыз ағары гүриш, он ағары май, гешир-пиязы менен алып келип бер мына жеңгеңе, — дейди.

Саллақ барлығын таяр етти. Ҳаял бул қәрежетлерди де алып жайына қайтты.

Қассап сол күнги базардағы сатылған гөшинин пулларын жыйнап алып ҳәм өзиниң барлық жүргизип отырған пулларын да бир ғалы қоржынға салып, бул ҳаялға байлығымды билдирейин деп, қоржынын әкелип, ғалы қоржынды теңгеге толтырып, атқа бөктерип, жорғасын сүрип ҳаялдың сарайына келеди. Ҳаял дәрриў үйинен шығып, бай қассапты қушақлап, аттан түсирип алып, қоржыны менен үйге киргизеди. Қассапқа төр жақтан орын берип, қазан аса баслайды. Қассап шай ишип отырып ҳаялға қарап:

— Палаўды тез писире қойсаңыз, уйқымыз келип отыр. Жатсақ та жақсы болар еди, — дейди.

Ҳаял қассапқа қарап:

— Әй, қәйним-ай, қысына бермен, еле терис қарап та жатарсаң, — дейди де, палаўды аўдарыстырып атырғанында майданнан биреў:

— Есикти аш, — деп бақырады.

Қассап ҳаялдан:

— Бул не даўыс? — деп сорап еди, ҳаял қассапқа:

— Ой-бүў, бул қалай болды. Мениң бес жыл тири ғайып болған байымның даўысына уқсайды ғой, — деп еди.

Қассап ҳаялға қарап:

— Егер бул байын болатуғын болса, бизди ертең хан алдына алып барса, бизди, сен байы жоқ ҳаялдың үйинде неғып отырсаң деп, хан дарға астырады. Сонлықтан енди мен өлимге дуўшар болдым, — дейди.

Ҳаял:

— Жоқ, қәйним, сизди өлимге мияссар көрмеймен. Ҳәзир сиз үсти-басыңды шешиңиз, — дейди.

Қассаптың үсти-басын шешип алып, ҳаялдың биргене қаразы бар еди, сол қаразға алып барып қассаптың мойнына күшен қамытты салып, қаразға қосып қоя береди. Бир ўақытта байы келип қызы үшеўи жыласады, енreceди, сөйтип палаўды жеп болғаннан кейин байы ҳаялына қарап:

— Бул не, түнде каразды тарткызып отырсаң? — деп сорайды.

Сонда ҳаялы:

— Баяғы кеткендеги қара шонтық ешек ғой, соны қаразға қосып қойып, — едим деп жуўап береди.

— Бул ешектиң өзи ҳақыйқат жалқаў болған екен. Бунын еткен хызмети жеген от-шөбине жетпейди. Бир ҳаял менен бир қыздың тамақлық унын күни-түни қараз айландырып питкермейди. Маған ана шоқмарды алып бер. Өзим барып бир көрейин, — деп, шоқмарын алып қаразханаға кирип, жантаса берген ўақытта шоқмар менен бир урып еди, қассап қаразды ғырлап айландыра баслайды. Тусына келгенде қассапты және бир урды, қассап таяққа шыдамай, қамыт күшенди мойыннан таслап есиктен шығып қашқанын билмей-ақ қалады. Сарайдың дәрўазасына шекем қуўып барады да:

— Ертең жем ўақтында өзин-ақ келерсең, — деп қала береди.

Ҳаял ертеңине және өзгеше кийим кийип, сол қалада қаланы сорап отырған бир дүньялы қазы бар деп еситетуғын еди, әне, сол қазыханаға қарап жүреди. Қазыхананың аўызына барса, қазының хызметкерлери ҳаялға қарап:

— Қазы ҳаялдың арызын сорамайды. Ҳаялдың жүзин көрмейди, — деп ҳаялды қазының жанына жибермейди.

Ҳаял қайтып қазы отырған әйнектиң тусында узағырақтан бир жүрип өтеди. Қазы бул ҳаялдың жүзин көрип отыр еди. Қазыға ҳаялдың жүргени тәсир етип, бир жасаўылды шақырып:

— Анаў ҳаял неғып жүр? — деп сорайды.

— Ол ҳаял сизге арызға келген еди. Бизлер, қазы ҳаялды көрмейди деп, киргизбей жибердик, — дейди жасаўыл.

Қазы:

— Бар, онда сол ҳаялды алып келиң, не арзы бар екен, сорайық, — дейди.

Ҳаялды қазының алдына алып келеди. Қазы көзине көзәйнегин салып отырып:

— Қәне, сизиң қандай арзыңыз бар? — деп ҳаялдан сорады.

— Тақсыр мениң байым, жети жыл болды, тири ғайып болып кетти. Соннан бери ҳәркимниң үйинде хызмет етип, күнимди көрип жүрмен. Ал, енди маған күйеўге тийиўге бола ма екен, я болмай ма

www.ziyouz.com kutubxonasi

екен деп, соны сизден сораўға келип едим, — дейди ҳаял.

Қазы орнынан турып үлкен бир китапты әкелип, китабын аўдарып отырып, өз ишинен ойланып отырып, ҳаялым болса, үш ай болды, өлип еди, сонлықтан бул ҳаялды өзим алып, ҳаял қылыў жолын табайын деп, ҳаялды қошеметлеп, ҳаялға қарап:

— Сиз бир жақсы адамның қызы қусайсыз. Жети жылдан бери тири ғайып болып кеткен байыңызға қарап отырғаныңыз — ҳақыйқат мусылман ҳаял екенсиз. Егер де қудай тәрепинен келген китап жалған болмаса, мине китапта айтқан: — Байы өлген болса, ҳаялы үш ай үш күнде күйеўге тийиўге болады. Байы тири ғайып болып кеткен болса, үш жыл он күнде байға тийиўге болады, — деген китапта. Соның ушын сиз ҳақыйқат байға тийиўинизге болады, — дейди қазы, сақалларын сыйпалап, ҳаялға күлимсиреп қарай берип.

Ҳаял да орнынан турып қол қаўсырып тәзим етип:

— Тақсыр, үйиңиз алыс болса, бүгин бизиң сарайдағы үйге барсаңыз, қолымыздан келгенинше хызмет етемиз, — деп ҳаял да қазыға күлимсиреп қарап еди,

— Бул ҳаялдың менде кеўли бар қусайды, — деп қазы да иш-ишинен қуўанып, қазыхананың алдында жүрген бир жасаўылды шақырып:

— Мынаў ҳаялға жигирма ағары гүриш, он бес ағары гөш, он ағары май әкелип бер, — деп буйырады.

Жасаўыл қол қаўсырып:

— Әжеп болады тақсыр, — деп жуўырып базарға барады. Қазының айтқанындай барлығын таярлап алып келеди.

Қазы ҳаялға қарап:

— Сиз бир жетим екенсиз. Сонлықтан қызыңыз бенен аўқатланыңыз, — деп өзиниң баражағын жасаўылға билдирмейжақ болып, қазы қуўжынлап отыра береди.

Ҳаял қазының алып берген кәрежетин алып, қазыға тәжим етип, қазыханадан шығып кетеди. Соннан кейин қазы азғана ўақыт арыз сорап, күн батардың алдында қазы парадан жыйналған пулларды бир ғалы қоржынға салып, сәллени басына кийип, бул ҳаялға өзимниң байлығымды билдирейин деп, бир жасаўылды шақырып алып, жорғасын алып келтиреди. Пул салған қоржынды атқа бөктерип, қазы да мәлле шапанларын кийип, көзине көзәйнек салып, жорға атына минип, ҳаялдың болып атырған сарайына қарап жорғаны сүрип барып туўры кире береди.

Ҳаял қазының келгенлигин билип, үйинен шығып, қазының атын жылаўлап, қазыны аттан көтерип түсирип, үйине алып келеди. Қазыға жайдың төр жағынан орын берилген. Қазы шай ишип отырып ҳаялға қарап:

— Палаўды тезирек писире ғойың. Күни менен арыз сорап ҳарыған адамбыз. Уйқымыз келип отыр, — дейди.

Ҳаял:

— Тақсыр, қысына бермениз. Еле соңырақ артыңызға да қарап та жатарсыз, — деп палаўды аўдарыстырып атыр еди, майданнан биреў:

— Есикти аш, — деп бақырады.

Қазы ҳаялға қарап:

— Бул майданда бақырып турған ким? — деп сорайды.

Ҳаял:

— Бул мениң жети жыл тири ғайып болып кеткен байымның даўысына қусайды ғой, — дейди.

Қазының көзи аларып:

— Егер сол сениң жети жыл тири ғайып болып кеткен байың болса, бизге өлим лазым болады. Неге десең, биз бул Гөне Үргениш қаласын сорап турған қазымыз. Бизге бул ислер миясар емес, еки нашардың ортасында биймезгил ўақытта отырғанымыз. Байың келип, бул нашардың ортасында не қылып отырсыз деп, бизди ертең ханға алып барса, оған не жаўап айтармыз. Егер де мынаў қыз ул болса еди, сол улдың үйине келип отырмыз деп, ханға дәлил айтар едик. Сонлықтан еки нашардың үйинде отырғанымыз ушын бизди хан дарға астырады, — деп қазы қорқып калтырай баслайды.

Сол ўақытта ҳаял дәрриў орнынан турып:

— Қой, тақсыр, сиз қорықпай-ақ қойың, сизди мен өлимге миясар көрмеймен. Ҳәзир үсти-басыңызды шешиң, — деп, қазыны шешиндирип болғаннан кейин, қызының бесигине қазыны қундақлап қоя береди.

Соның арасында байы келип жыласып, енъиресип, палаўды жеп болғаннан кейин, байы төр жаққа қарап бесикти көрип:

— Бул не бесик? — деп ҳаялынан сорайды.

Ҳаял байына қарап:

— Өзиң баяғы жети жыл тири ғайып болып кеткенде ишимде бир бала қалған еди, сол шөгип қалып, соны жақында туўып, бесикке бөлеп қойыппан, — дейди.

— Бул баланы өзим барып көрейин. Өзиме уқсай ма, уқсамай ма? Егер өзиме уқсамаса, баланы да,

www.ziyouz.com kutubxonasi

сени де өлтиремен, — деп байы бесиктиң қасына барады.

Ҳаялына қарап:

— Ҳаял, сениң бала баққаның қурысын, усындай қылып та адам бала бағa ма? Бул баланың сақалы өсип кетипти ғой. Маған анаў искекти әкелип бер. Сақалын жулып таслайын бунын. Соңырақ өсе береди тағы, — деп қазының сақалын жула баслайды.

Қазының аўызы қып-қызыл қан болады. Соннан кейин:

— Бул баланың аяғы да өсип кетипти ғой. Маған анаў қылышты алып кел, аяғын да дизесинен шаўып таслайын, соң өзи өсердағы, — деп, қылышты алып киятыр еди, қазы бесикти арқалап есиктен шыға қашады. Изинен қуўып қалады, дәрўазадан шыққан ўақытта:

— Өзиң-ақ ертең емшек емер ўақытта келерсең, — деп қала береди.

Әне, арадан үш-төрт күн өтип еди. Баяғы бай бир гөне тамның қуяшламасында қапа болып отыр еди. Және бир жақтан баяғы бай қассап келип, ексўи сол жайдың қасында дусласып отырып, қассап байдан сорады:

— Усы Гөне Үргениш қаласында барлық дүканлар сизге қарайтуғын еди. Бул не болды сизге?

Бай:

— Сен де усы қаланың бир бай қассабы един. Барлық қассап сениң пулың менен қассапшылық ететуғын еди. Саған не болды? — дейди.

Қассап:

— Усы қалада бир қатын мениң барлық дүньямды алды ғой, — дейди.

Онда турып бай да:

— Сол қатын мени де үйине шақырып, барлық дүньям менен бара қойып едим, мени де сол қатын қолға түсирди. Соннан бермаған мениң де мынаў қор болып жүргеним, — деп жылай баслайды.

Қассап:

— Олай болатуғын болса, қазыға барыў керек. Қазыдан сорайық. Сол өзимиздиң дүньямызды қазыласып аламыз ба, я болмаса урлап аламыз ба. Соны билейик, — деп, қазыханаға қарап екеўи қазының есигиниң аўзына барса, қазының жасаўыллары:

— Қазы, бүгин бес күн болды, аўырып атыр. Сонлықтан арыз сорамайды, — деп қазыға жибермейжақ болады.

Сонда да булар кетпей, ақырында қазыға барады. Қазыға барып қараса, пешахананың ишинде отырған екен. Қазы буларға қарап:

— Қандай арызларыңыз бар, айтың, — дейди.

Бай менен қассап:

— Бизди усы Гөне Үргениш қаласында бир ҳаял үйине шақырып, барлық дүньямызды алып қалды. Соннан берли биз оғыры қор болдық. Сол дүньяларды қазыласып аламыз ба, я урлап аламыз ба, соны сизден сораўға келдик, — дейди.

Қазы да пешахананы түрип жиберип:

— Мен аўырыў емеспен, мен де сол ҳаялдың үйине бараман деп, барлық дүньямнан айырылдым ҳәм сақал-муртымды жулып таслады. Соннан берли кеселмен деп жатырман. Ал, енди оннан қазыласып, шәриятласып аламыз ба, өзимиздиң малымыз өзимизге ҳадал. Сонлықтан үшеўимиз қосылып урлап алыўымыз керек, — деп үшеўи мәсләҳәтлести.

Сол күни үшеўи қуптан ўақтында ҳаялдың болып атырған жайына барып, жайды тестилер. Жайды тесип болғаннан кейин байға:

— Әўел сеннен баслап дүньяңды алған. Соның ушын әўеле баслап сен кир, — дейдилер.

Ҳаял да буларды аңлып отыр еди. Бай жаңа есиктен басын суғып кирип баратырғанында ҳаял байдың мурнын кесип алады. Бай кейнинде қайтып шығып:

— Бай-бой, бул жерде бир жаман ийислер бар екен, мурнымды сол ийислер қарып кетти, — деп терис қарап турады.

Екинши болып қассап, бир шекелеп кирип болмай ма деп, бир шекелеп кирип баратыр еди, ҳаял бунын да қулағын кесип алады. Қассап та изине қайтып шығып:

— Бул жерде той бар ма, сырнай урылып турып па, қулағыма жағып кетти ғой, — деп, бул да бир шекелеп турады қазыға билдирмес ушын.

Қазы буларға қарап:

— Сизлердиң жаныңыз ашымайды. Буған көткеншеклеп кирип болмай ма? — деп, көткеншеклеп тесиктен кирип баратыр еди, ҳаял қазының енин кесип алды. Қазы сол жерден қайтып шығып жан тәслим етти.

Бай менен қассап қазыны көтерип қазыхананың алдына апарып таслап, өзлери қашады. Бай менен қассап ойласып:

— Бул қатын «жайымды тесип, үйиме урылар келди, урыларға белги салып жибердим» деп, бизди

www.ziyouz.com kutubxonasi

тауып алып ханға алып барса, бизлерди хан дарға асады. Соның ушын бул журт бизге ҳарам болды, — деп екеўи журттан шығып қашып кетеди.

Сөйтип бойрашы менен ҳаялы журттың ҳадал малын алдап алып жүрген молла, қазы, қассап ҳәм байлардың ҳақынан шығып, оларды масқара еткен екен. Есим бойрашы өзи менен дузы қосылған ақыллы ҳаял менен жасап, мурады-мақсетине жетипти.

## БӘҢГИНИҢ ӘНДИЙШЕСИ

(Р-98, №3435)

Бир күни бир адам бәңге мәс болып отырып, жеримди бир айланып келейинши деп, жерине жақын барған ўақытта жатақта жатқан бир қоянды көреди. Ойланып-ойланып турып:

— Қудай маған бир мылтық берсе, мылтықты жақсылап турып окласам, сөйтип турып панқ еткизип қоянды атып алсам жақсы болар еди. Бирақ қоянның ети жаман болады-аў, сол жағы адамды қыйнайды. Әй, мейли, жемесем де, базарға апарып сатсам, қурығанда үш теңге болады ғой, — дейди де, ол жақ, бул жағына қарайды. Сөйтеди де:

— Бул қапылғырды қалай услар екенмен? Егер услай қойсам үлкен дүнья-аў, пай, өзи де үлкен ата қоян екен, турысы май шығар. Қой, қудай тәўекелшиден қорқаман деген, қалай болмасын бул қоянды услап алайын, базарға апарып сатайын. Қоянның пулына төрт таўық алайын, — дейди.

Сөйтеди де, ойланып отырып:

— Буны сатсам, пулының жартысына бәң алсам, жартысына еки шөже алсам, бәңди шегип кәйип етсем, шөжени сақлап өсирсем, үш жылда ол елиў-алпыс таўық болса, бир күни мәйегин сатсам, бир күнги мәйегин жеп семирсем, буған қосымша шөжелеринин де бир азын сатсам, кисем толы пул болады ғой. Пулды қолыма алып базарға барып, жақсы семиз бир кашар баспақ алсам, ол баспақты еки жыл сақласам, ол еки жылда бес-алты сыйыр болса, ең сүтли биреўин алып қалып, басқаларын сатсам, бул пулды да таўық сатқан пулыма қоссам, бурынғыдан да көбейеди ғой, ырас базарға бара қойсам, жақсы жүйрик бир тай алсам, қалған пулға терлик, ер, алақайыс, жүўен, тебинги, тобылғы саплы қамшы алсам, өзим де жақсылап кийинсем, төрели адам болмайман ба, төрели адам болып алған соң, атаң да болса берме деп, тайды барғанша шапсам, гит-гит деп бақырсам, муратқа жеткеним емес пе? — деген ўақытта қоян қашып кетеди, бәңгинин аўызы анқыйып қала береди.

## АЛДАР КӨСЕНИҢ АҚЫЛЫ

(Р-98, №3435)

Бурынғы өткен заманда бир қойшы болыпты. Сол заманда Сәдирбай деген хан болады. Онық ай десе аўзы, күн десе көзи бар бир сулыў қызы болыпты. Қыздың сулыўлығы қараңғы көшени жарық етеди екен. Бойы жетип турған бул арыўды ханлардың, байлардың балалары бир көрмеге зар болып, ҳәр жылы мың тилла берип қыздың жарық жамалын көреди екен.

Әне, сол аймақта бул қызды мың тилла берип көрмеген баяғы қойшы менен тек Алдар көсе қалады. Бул хабарды Алдар көсе еситип, қойшыға барады.

— Хей жора, ҳал қалай? — дейди.

— Ҳалдың несин сорайсаң? Өзиң билместей жағдай бар ма? Күндиз аралап қой бағып, түнде тас дастанып, таўдың бужыр қатты тасының үстинде жатаман. Ишкен асым — айран-шалап.

— Қойшы жора, мен бир қызы бар жердин хабарын еситтим.

— Айт, жора, ол не хабар?

— Сәдирбай ханның арыў, сулыў бир қызы бар екен. Ҳәрким ол қызға талабан болса, мың тилла берип көреди, оны көрген де, көрмеген де әрманда дейди. Журттың бәри барып көрипти, енди көрмей тек сениң менен мен қалыппан. Жүр, сол қызды бизлер де барып көрип қайтайық.

— Қой, жора, жарлының теңи бар ма, балықшының теңи карма дегендей, майға жарысып өкпеде қалқады дегендей, бай, ийшан, ханның балалары, султанзадалар, төрелер менен жарысып бизлерге не жоқ. Өзлеримиз маңлайын күн қағып, табанын тас тилип жүрген шопанбыз, оннан да тегимизге қарап жүрейик. Ханның қызына берип көретуғын мың тилламыз тайын тур ма? Бизлерге ханның қызы қайда? Ғәрип жолы қайдасаң деп, қойымды бағып жүргенимиз абзал ғой — дейди шопан.

— Аспанды жерге түсире бермей мениң кейниме ере бер, илажын өзим табаман, — дейди Алдар көсе.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шопан:
— Қойларымды не қыламан?
Алдар көсе:
— Ийесине тапсыр.
Шопан:
— Ийеси ким?
Алдар көсе:
— Аш қасқырдағы.
Шопан:
— Бай оннан кейин мени бул жағада қоймайды ғой.
Алдар көсе:
— Жүре бер деймен. Өзим бәрининң де есабын табаман.
— Онда өзиң бил, аға, барсақ барайық, немиз кетипти, — деп шопан да Алдар көсеге қосылып, екеўи жолға раўана болады.

Таяғын қолға алып, пешин белине шалып бирнеше күн жол жүрип, аз ғана емес, мол жүрип ханның қызы Қаншайымның бағына барып, бир жеринен секирип ишке түседи. Бағдың ишинде бир ешкининң желкесинен пышақтың қыры менен қыйқалап Алдар көсе сояды. Ханның қызы Ханшайым бағды сайранлап қыдырып киятырса, алдынан ешкини соя алмай атырған Алдар көсе менен шопанды көрип олардың қасына келеди.

— Не қылып атырсыз екеўиң бир ешкини соя алмай? Былай турыңлар, өзим сойып берейин, — дейди де, қасына ерип келген жолдас қызларын қайтарып жибереди. Сойған ешкини бир жайға апарып, ошақ таўып асып береди.

Алдар көсе қазанды ошақтың үстине төңкерип:
— Ал, қойшы жора, суў тасый бер, — деп далаға шығып кетеди.

Қойшы қабақ пенен суў тасый береди. Алдар көсе қазанға суў қуйып ешкининң гөшин асады. Бир мәҳәлде ханның қызы қонақларды көрейин деп келсе, қонақлары қазанын төңкерип асып, үстине суў қуйып, жайдың ишин көллетип жибергенин көрип, қазанды қайтадан оңлап асып береди. Алдар көсе қазанның қасында отырады. Қойшы да отты жағып тамақты писиреди. Қазанды түсирип алдына алып, жемей отыра береди. Ханның қызы және келеди:
— Сизлер тамақларыңызды жемей неге мелшийип отырсызлар? — дейди.
— Бизлерге тамақты ҳаялларымыз жегизетуғын еди, — дейди Алдар көсе қызға.
Қыз ойланып турып:
— Мен жегизсем бола ма? — дейди.
— Оны өзиңиз билесиз, — дейди ол.

Ханның қызы Алдар көсе менен қойшыға тамақты аўызларына қолы менен салып жегизеди. Ҳәммеси жеп болып, қол жуўып питкен соң қыз үйине кетеди. Алдар көсениң бир қалта сөги бар екен, қыз кеткеннен соң жерге шашып жибереди де төмен қарап шөпшеп отырғанда қонақларды көриўге тағы да қыз келеди.

Қыз:
— Не қылып отырсыз шуқыланып, бул жерден тез кетиңиз, енди көре ғойса әкем сизди өлтиреди.
Алдар көсе:
— Сөгимди терип болмай өлсем де кетпеймен.
Қыз:
— Мен сизге бир батпан сөк берейин, соны ал да, тез жолға түс, — дейди.
Алдар көсе:
— Сениң сөгиң керек емес, өзимниң сөгимди терип аламан.
Қыз:
— Сол сөгин ушын мың тилла берейин, бул жерден жылдам кет.
Алдар көсе:
— Тиллаң да керек емес.
Қыз:
— Бар, еки мың тилла бердим, бар, тез кет.
Алдар көсе:
— Жоқ, сөгимди терип болмай ҳаслан қозғалмайман. Мениң шырышымды бузба, — дейди.
Қыз:
— Бес мың тилла берейин, үйден шық дәрриў, — деп жалынады.

Алдар көсе бес мың тилланы алады. Журт ханның қызын мың тилла берип көрсе, Алдар көсе менен қойшы ешейин-ақ көреди. Қайта тамақ астырып жеп ҳәм бес мың тилласын алып қайтады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ГИЖИЛДЕСКЕН ГЕРЕҢЛЕР
(Р-98, №3435)

Бурынғы өткен заманда қулағы еситпейтуғын бир адам болыпты. Оның алты ешкиси болыпты. Ол ешкилердиң алтаўын да сатыў ушын базарға апарыпты. Кетип баратырып көп жол жүрген соң шаршап, азғантай демалайын деп ешкилерин жантаққа жайып, өзи бир саяда дем алып отырады. Сөйтип отырып гереҢ уйқылап қалады. Бираз ўақытлардан соң гереҢ орнынан ушып турып жан-жағына қараса, баяғы ешкилеринен биреўи де жоқ. Анда жуўырады, бунда жуўырады, ақыр аяғында ешкилердиң қоллы болғанын сезеди. Сөйтип гереҢ әбден албырағанлықтан, алты ешкиниң ишинде биреўи «қудайы садақа» дейди. Егер ешкилерим аман табылса, жаңағы атаған ешкимди тапқан адамға сүйиншиге беремен деп, гереҢ излеп жол тартады.

Бул сол жүристен бир қос айдап атырған адамның үстинен шығады. Оннан ешкилерин сорайын деп қасына барса, ол да қулақ пенен хошласқан өзиндей гереҢ екен. Оған өзиниң күни менен басынан өткен аўҳалларын айтып:

— Сондай да сондай, жоқ жойытып жүрмен, сен соны көре алдың ба? — деп сораса, қос айдап жүрген адам:

— Азаннан бери анадан мына жағын айдадым, — деп, әтирапына қол силтеп көрсетипти.

Бул гереҢ де оған керисинше түсинип, «анадан мына жағы азаннан берги айдағаным» дегенде, «ҳә, бизиң ешкилер сол жаққа қарай кеткен екен» деп, арқаға қарай кете береди. Айтқанындай сол жақтан ешкилери де табылып, «жаңағы қос айдаған киси болмағанда бул ешкилеримнен биротала айырылып едим, енди мына мүйизи ала ешкимди қудайы садақа айтқан едим, соны сол кисиге берейин» деп ешкилерин қуўып, қос айдап атырған гереҢ кисиге келеди. Шамаласып келип алты ешкисиниң ишинен баяғы мүйизи ала ешкини қуўып услап, гереҢниң алдына алып келип, жойытқанларын қайтадан айтып ешкиниң мүйизиниң сынығын көрсетип ымлап түсиндирип, «мә, сен ала ғой» деп алдына ийтереди.

Сонда ана турған гереҢ:

— Маған ешкиниң мүйизин урып сындырдың дейди ғой, мен қашан сындырып едим, сындырмақ түўе көргеним де жоқ, бул кимге жала жабады, — деп, жаңағы гереҢниң маңлайына салып жибереди.

Маңлайына муш тийген соң бул да қарап қалмай, бир берип жибереди. Сөйтип қыян-кести төбелесип атырғанда үстинен бир атлы киси шығып, арашаға түсип зордан айырады. Енди баяғы ешкиси бар гереҢ:

— Мениң саған ешки бергеним жазығым ба, ҳәм ешки берип, ҳәм маңлайыма урғызып, қудайға не жазыппан?! Алмасаң бәлени ал, — деп, ол да ешкилерин айдап жөнине кетеди.

Ана гереҢ ашыўы келип:

— Мен ешкиниң шақын сындырып не қылайын? Жала жапқысы келип жүрген адам ғой, ал, мына киси болмағанда, ешки ғой ешки, өзиңниң де шақыңды сындырар едим, — деп мушын түйип гижинип қалады.

Сөйтип қосын айдап атырса, бизиң сор қайнаған шаршап қалған шығар-аў деп, ҳаялы гүзеге жарманы ыссырақ қуйып байына алып келеди. Келген соң гереҢ гүзени көрип қолына услап отырып, күни менеңги саўданы ҳаялына айтып бет-аўызын тырыстырып, гүзедеги жармадан уртлап отырып, жаңағы кисини былай урдым деп, қатынының маңлайына мушын апарып қояды. Бунық қатыны да гереҢ екен, буған түсинбей:

— Бир әкелсем, ыссы дейсең, бир әкелсем, суўық дейсең, мен-ақ саған жақпадым ғой, ишпесең қараңқанның түбин иш, — деп, гүзени байының қолынан жулып алып, жерге тартып урады. — Сен болмасаң, тағы бир гереҢ, — дейди де, қатын үйине қайтады.

ГереҢ бул истиң қалай болғанын түсинбей, ҳайраны шығады. Жарма да төгилди, гүзе де сынды, соның себебин билейин деп гереҢ қосты туўарып үйине барса, қатыны барлық кийим-кеншегин алып үйинен шығып баратырғанының үстинен шығады. Қатыны гереҢ жалынса да турмайды.

— Бул өмиримниң ишинде қанша жарамсақлансам да, сениң бабыңды таппадым, енди мына қараңқалғыр үйиңе өзиң-ақ ийелик ет, — деп төркинине кетпекши болады.

Соның арасында дигирманнан қызы да келип, булардың даўы мениң үстимнен шығып атыр екен деп ойлайды-да:

— Мен бир бай таңлап отырман ба? Биреўди жарлы дейсиз, биреўди бай дейсиз, қайсысына берсеңиз де бериң, енди мен де бой жеттим ғой, — дейди де, колындағы көпшигин қазан-табақ бетке ылақтырып таслап жылай береди.

Сөйтип уллы-шуў, қум-қуўыт болып атырғанда қоңсылары келип, буларды жарастырады. Қулағынан айырылған гереҢлер барлық шатақтың да сәл нәрсе екенин билип, елеге дейин уялып отыр дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖҮЗ АЎЫЗ ӨТИРИК
(Б-13. № 13840)

Баяғыда бир ханның жалғыз қызы болыпты. Қыз бой жетип, кәмалға келген ўақтында қыздың қардары көбейе баслапты. Бир күни хан қалаға жар урдырыпты:

— Кимде-ким жүз аўыз өтирик айтып бере алса, қызымды соған беремен. Ал, айтаман деп келип, айта алмаса, онда өлтиремен» — депти.

Буны еситкен қыздың бирнешше ашықлары талапкер болып, жүз аўыз өтирик айта алмай өлип кетипти.

Бир күнлери хан:

— Жердиң жүзинде ким қалды? — депти.

Соннан бир жигит айтыпты:

— Мен бир жерде қой баққан қойшы көрдим.

Хан жаңағы жигитке:

— Онда соны алып кел, — депти.

Соннан соң жаңағы жигит қойшыны алып келиў ушын кетипти. Барып алып келипти. Қойшы ханның алдына келипти де:

— Тақсыр, менин бир арзым бар, — депти.

Хан:

— Айт арзыңды, — депти.

Қойшы:

— Бир ор қоян қаша берди, оны услап алдым, усламай атырып жаны шықты, баўызламай турып қаны шықты. Соны услап алдым, услап алып сойсам, ишинен батпан май шықты. Соған тойып алып жатыр едим. Етигимди басыма жастанып жатсам, бир етигиме май жақтым, бир етигиме май жақканым жоқ еди. Түнде жатсам, етигим төбелесип атыр екен, «саған май жақты, маған май жаққан жоқ» деп. Соннан май жақпаған етигимди астыма салып жатып, азанда оянсам, май жаққан етигим жатыр екен, май жақпаған етигим жоқ екен.

Азанда етигимди қыдырып, бир етигиме еки аяғымды суғып излеп кеттим. Бир жерге барсам, етигим тойда табақ тартып жүр екен. Қорыққанынан қос табақ, сасқанынан састабақ, бир өзиме бес табақ әкелип берди. Оны жеп тойып алдым. Соннан етигимди алып қайттым.

Алып киятырып етигимнен сорасам, шыбын-ширкейдиң ели екен. Соннан шыбын-ширкейдиң елине бардық. Барсақ, бир қасқа шыбынды сойып той қылып атыр екен. Үйге барып отырдым. Үй ийеси:

— Қазан ас, қасқа түйениң жарты етин ас, — деди.

Бир ўақта қарасам, шегирткениң бир сатаны екен, және басқа етлери бар екен. Жеп болып аўылыма қайттым. Киятырып өле шөлледим. Қудықтан суў ишейин десем, тас болып қатып қалыпты, тепкилесем ойылмады. Хә, басымның жартысын алып музды урып едим, қырық ат суў ишкендей жер ойылды. Суў ишип, соң қайта бердим. Аўылға жақынлаған жерде бир кийик жүр екен. Аш болып, «писирип жейин» деп тезек тердим. Тезек деп жүргеним бөдене екен. Төгип жибергенде трр—трр етип ушып кетти. Соның менен аўылға бардым. Барсам, басымның жартысы жоқ. Хайран қалып:
— Басымның жартысы қайда? — дедим. Сөйтсем, баяғы муз ойған жерде басымның жартысы қалып қойыпты. Барсам, қуслар жыйналып қалған екен. Қусларды ушырып, басымды орнына қойдым. Қайтып атыма келсем, байталым жоқ. Оны излейин деп қарасам, қасымда дәрья бар екен. Дәрьядан өте алмадым. Қынымды қайық етип едим, батып кеттим. Пышағымды қайық қылып, қынымды ескек қылып едим, зуў-зуў етип өте шықтым. Төбениң басына шығып едим, көринбеди.

Бир ўақта жоқары қарасам, байталым булттың артында тур екен. Соннан соң байталымды минип, қулынымды алдыма алып едим, суўға батып кеттим. Оннан соң қулыныма минип, байталымды алдыма алып едим, зуў-зуў етип өте шықтым. Ол суў емес, иркилген қақ суў шығар, бержағынан ушқан қус аржағына қанаты талып зорға өтеди. Ол қус емес, жаңа қанат байлап ушып жүрген палапан шығар. Ол қусты үйдиң ишине қондырғанда басы төбесине шығып турды. Ол үй емес, балалардың ойыншық үйи шығар. Есигинен мөңиреген өгиздиң даўысы төрине жетеди. Ол өгиз емес, ол бир бузаў шығар. Ол бузаў емес, бир майданда алпыс адам мингесип, адам басына алпыс қояннан алдық. Ол өгизиң қурысын, баяғы байталды айтсаңыз-ғо. Байталым булттың арасында турған екен. Оны да таўып алдым. Қасында қулыны тур екен. Қулынды байталға өңгергенде, байтал батып кетти, қулынды минип, байталды алдыма алдым. Зуў-зуў етип өте шықтым. Әне, усының менен сөзим тамам, — депти.

Хан қойшының сөзине қайыл қалып, қызын узатып, өз алдына үй тигип берип, басынан сыйпап жибере берипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АЛДАНЫП ҚАЛҒАН ТӨРТ САЎДАГЕР

(Р-98. № 1615)

Бурынғы ўақытта бир ғарры турмыс кеширипти. Ғаррынын кемпири ҳәм бир баласы болыпты.

Бир күни ғарры баласына:

— Балам, енди сен ержеттиң, оңынды, солынды таныйтуғын болдын, мына сыйырды базарға сатып, керек жарағымызды алып қайтағой —депти.

Баласы сыйырды жетеклеп қалаға кетеди. Жолда саўдагерлердиң биреўи сыйырын арзанға сорайды.

— Арзан сорап турсаң, бул баҳаға сатпайман, — депти жигит.

Азғантай жүргеннен кейин оның алдынан екинши бир саўдагер шығып, оннан да арзанға сорайды. Бала оған да сыйырын сатпай кете береди. Бир ўақытта оның алдынан үшинши саўдагер шығып, сыйырды ана екеўинен де арзан сорапты. Бала:

— Бүгинги базардын саўдасы усындай қусайды ғой, — деп ойлап, алдынан шыққан төртинши саўдагерге сыйырды сораған баҳасына сатыпты. Сыйырды сатқан пулына керек жарағын алып үйине қайтыпты.

Әкеси баласынан базардағы ҳәдийсени еситип, оны саўдагерлер алдағанын билипти. Ол баласына:

— Яқшы, балам, жақсы болыпты, — депти де ишинен: «Сизлерди бир көрермен» депти.

Келеси базарда өзи ешектиң ерине бир неше алтын теңге тығып базарға барып, баяғы баласын алдаған саўдагерлердиң алдынан өте берипти. Сол ўақытта билдирмей ешектиң ериндеги теңгелерди жерге шашып жиберипти.

Алтын теңгени көрген саўдагерлер ғаррының алдына жуўырсып келип:

— Ҳәй, ғарры! Мына алтын тенгелер ешегиңниң қуйрығынан түсти ме? — деп сорапты.

— Аўа, бул ешек алтын туўатуғын ешек, — депти.

— Ондай болса, сен бизлерге ешегинди сат, — деп саўдагерлер ғаррыға жабыса кетипти.

— Яқ, мен бул ешекти сатпайман, — депти ғарры.

Саўдагерлер ғаррыға:

— Бизлер саған қәлеген ақшанды беремиз, ешегинди сат, — деп жалынып қоймағаннан кейин, ғарры ақыры ешегин оларға мың тиллаға сатыўға ыразы болады.

Ғарры оларға ешектиң жибин услатып:

— Ал, енди үйиңизге барып, ешекти аңлып отыра берин, — деп, өзи мың тилланы алып үйине қайтады.

Саўдагерлер ешекти үш күн, үш түн аңлып, өзлериниң ғаррыдан алданғанын бир-ақ биледи.

## ТӨРТ ЕРИНШЕК

(Р-565, №176508)

Бурынғы өткен заманда бир қалада хошжақпаслығы бойынша атағы шыққан төрт ериншек болып, олар бири-бири менен яр-дос екен. Ериншеклер ара-тура тоғайға сейиллеп қайтыўды унатады екен. Булар соншелли ериншек болса да, сейил етиўди жақсы көргенлерине журт таң қалысыпты.

Бир сапары олар және сейиллеўге ҳәзирленип, өзлери менен бирге, нан, қатық алып, тоғайға жол алыпты. Тоғайда бираз сәйир еткеннен кейин дәрья жағасындағы ең бир пайызлы жерди таңлап алып, дем алыўға отырыпты. Молламдөгерек болып жайласып отырғаннан кейин ортаға нанды, қатықты қойып, жүрек жалғап алыўға кириседи.

Тамақ жеўге енди кирискенлеринде, олардың биреўи:

— Бизлер болсақ көппиз, ал қатық азғантай, сол ушын оған суў қуйып көбейтиңкиреў керек, — деди.

Бул усыныс қалған үшеўине де мақул түсти.

— Суў алып келиўге ким барады? — деди усыныс айтқан ериншек.

— Сен өзиң, — деди оған екиншиси.

— Жоқ, сен өзиң алып кел, — деди үшиншиси.

— Жоқ, сизлер екеўиңиз барғаныңыз жақсы, — деди төртиншиси.

Дәрьяның жағасында болса да, олар көп ўақытқа шекем тартысты. Ҳешкимниң суў алып келиўге барғысы келмеди.

— Онда былай келисейик, — деди ишиндеги ақыллырақ биреўи. — Бәримиз де үн шығармай отырамыз. Егер кимде-ким бир аўыз сөз сөйлеп қойса, суўды сол алып келеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәмме усыған келисти.

Олар отырды, отырды, узақ отырды. Бир ўақытта өзиниң ийтлерин ертип аўдан киятырған аңшы булардың үстинен шықты. Ол отырған адамларға көзи түсип, жақынырақ келип:

— Ассалаўма әлейкум, — деп сәлем береди.

Буған жуўап қайтарыў турсын, басларын да көтермеди. Еситпеген шығар деген ойда болған аңшы сәлемин және қайталады. Сонда да отырғанларда сес-семир жоқ.

— Ҳа, сизлер неге үндемейсизлер? — деди ол.

Отырғанлар қозғалмады. Аңшы жақынырақ келип:

—Сизлер қандай адамларсыз? Жаныңыз бар ма түўе? — деп олардың бетине үңилди.

Олар сонда да үндемеди.

Аңшының ашыўы келди ҳәм биреўиниң жағасынан услап алып анда-мында тарта баслады.

— Ең болмаса сес шығарсаң болмай ма?! — деп сөйленди.

Бәрибир жуўап жоқ еди. Ҳайран болған аңшы қолын бир силтеп кетип баратырып еди, ортадағы нан, қатыққа көзи түсти.

— Мен азанлы берли тоғайда жүрип жүдә аш болдым, мыналардан жеўге руқсат етиңиз, — деди ол.

Ериншеклер еситпегендей отыра берди. Аңшы жақсылап тойып алып, қатықтың қалғанын олардың аўзына апарды. Бирақ, онысы бийпайда болды. Қатық олардың бет-аўзына жуғып қалды. Төртеўиниң де аўзы берик еди.

Олар, аңшы нанды жеп, қатықты ишип атырғанында бир-бирине көзлери менен жалтақ-жалтақ қарасып, ишинен жутынып отырғаны болмаса, «илла» деп аўзын ашпаған еди. Аңшы жигит олардың нан-қатық қойғаны ушын рахмет айтты да, қайтадан тоғайға қарай кетип қалды.

Ол тоғайға қарай жүриси менен-ақ ийтлери қалған нанларды жей баслады. Нанларды жеп болып, олардың үстиндеги қатықты жалады. Ең кейинги қара сақаллы ериншектиң сақалындағы қатықтың жуғын жалап, ийттиң тили оның аўзына тийген ўақытта шыдай алмай ол:

— Жит! — деп жекирди.

Қалғанлары буған қуўанып кетип:

— Ал, енди сен барып суўды алып келе ғой, — деп шаўқымласты.

Бирақ, өзлериңиз билесиз, суў қуйғандай қатық та қалмаған еди. Сөйтип төрт ериншек аш ҳалында сүйретилип, үйлерине қайтыў менен болды.

## АЛДАР КӨСЕНИҢ СУМЛЫҒЫ
(Р-565, №176508)

Бурынғы өткен заманда Алдар көсе деген болыпты. Ол бир қуў жаўырынды таўып алып, дастурханына салып, «бунда кәрамат бар» деп журтты исендиреди екен. Күнлердиң биринде Алдар көсе сумлық ойлап, барлық сый кийимлерин кийип, дәстүрханына жаўырынды салып, байлардың үйине қыдырып шығады. Сөйтип, бир байдың үйине барып түседи. Бул бай «бийтти сығып, қанын соратуғын» қыйлы екен. Кийген кийимине қарап, Алдар көсени қондырады. Алдар түнде жатар гезде қуў жаўырынды үй ийесиниң көзинше керегесине илдиреди. Түн жарпы болғанда көсе турса, үйдиң иши тегис уйқыда жатыр. Алдекең қуў жаўырынды алады да, басқа бир жерге апарып жасырып келеди ҳәм қайтадан орнына барып жатып қалады.

Таң атып, үй-иши оянғаннан кейин Алдар көсе кетер болды. Қараса, Алдекеңниң жаўырыны орнында жоқ. Соннан бул жаўырынды жойтады. Түнде не болғанын үйдиң иши билмейди. Бул олардан жаўырынды сорайды. «Алла-жалла, алмадық» деп ҳәммеси ант-суў ишеди.

— Мениң жаўырынымды таўып бермесеңиз, кетпеймен, — деп Алдар көсе де табанлап турып алады.

Басы даўға қалған бай «усы бәледен қутылайық» деп, бир жилик гөш береди, ол бир жилик гөшти алмайды:

— Мен жаўырын болмаса, алмайман, — дейди.

Ақыр-ақыбет бай, буның жаман екен, «жаманнан қашып қутыл, жанлығыңды сатып қутыл» деген, — деп, бир тоқлышаны сойып, соның жаўырынын береди.

Алдар көсениң «есабы пүтин болып» жолын даўам еттиреди.

Алдарекең мәс болып, жол жүрип кетип баратырып және бир үйге қонады. Бул қонған жери де «сойса қан шықпайтуғын» байдың үйи екен. Қона жатып, жаўырынды маңлайшаға қояды. Түн болып ҳәмме жатады. Ярым ақшам ўақтында Алдекең турып, қуў жаўырынды ергенекке байлап қойған қозының

www.ziyouz.com kutubxonasi

аўзына жағады хәм еки бүйирине де тийгизеди. Жаўырында болса, бир жерге жасырып келеди. Сөйтеди де, дым билмегендей болып, орнына келип жатады.

Азанда турып жүрейин десе, жаўырын жоқ, соннан салады төбелести.

— Мениң жаўырынымды ким алды? — десе, хешким жуўап қатпайды. Хешким алмаған. Алдар көсе:

— Онда мына қозы жеп қойған, — деп ергенекте байлаўлы турған қозыны көрсетеди.

Үйдиң ишиндегилер:

— Хаў, қозы да ет жей ме екен? — деп хайран қалады.

Алдекен:

— Хе, ет жемесе, неге мынаның аўзы қызыл бойра қан. Оған тойып болып, бүйирин қасығанын көрдиң бе, бүйирине де қан жуғыпты, — дейди.

Бай:

— Бул бир басқа питкен бәле екен. «Жаманнан машайық та қашыпты»» деген, қой, қалай болмасын буннан тез қутылайық, саў басымызға саўда салатуғын түри бар, — деп, сол қозыны Алдардың қолына услата қояды.

Алдекеңнинин есабы түўелленип, бай менен жыллы хошласып, жолға шығады. Қозысын жетелеўи менен келип, тағы бир үйге келип жатады хәм қозыны байдың қорасында турған тоғыз қойының қасына қосады. Бул да бир «шығайдан шыққан шығымсыз» бай екен.

Алдарекең үйренген әдетинше түнде турып, қозыны мәнисине келтирип сойып, гөшинен бир жилик алып қалып, байдың қолда услап, корадағы бағып отырған тоғыз қойының бәриниң аўзына жағып шығады. Қозының қалған гөшин аўлақ жайға апарып жасырып келеди де, орнына қыйсая кетеди.

Таң да атады, Алдар да кетермен болады. Кетер ўақтында:

— Байеке, балалар бизиң қозыны алып шықсын, — дейди.

Бай баласын қораға жибереди. Баласы қозының жоқ екенлигин айтып келеди.

— Сонда қозым қайда кетти? — деп даў салады Алдекең.

Байдың баласы:

— Аға, аға, бизиң тоғыз қойдың да аўзы-бүйири қан-қан, олар не жеген өзи? — дейди.

Соннан соң Алдар көсе:

— Бизиң қозыны онда солар жеген, — деп қырғынды салады.

Бай Алдардың ырайының жаман екенлигин аңлап:

— «Қазанға жолама — қарасы жуғар, жаманға жолама — жаласы жуғар» деп еди, қой, буннан тезирек қутылайық, — деп, тоғыз қойын да бастүўелң Алдарға береди де, қулағы тынышланады. Алдар да жолға атлана береди.

Алдар тоғыз қойды алып айдап киятырса, алдынан қойымшылыққа баратырған бир топар сүйекшилер шығады.

— Бул кимниң қызы? — деп сорайды Алдар.

Сүйекшилер:

— Турмысхан деген ханның қызы, усыны жерлеўге баратырмыз, — дейди.

— Мен қаршы едим, тап усы қызды маған бериң, өзим жайғастырайын. Орнына мына тоғыз қойды алың, — дейди.

Сүйекшилер «Алла, бәрекелла» деп, тоғыз қойды алып, излерине қайтыў менен болады.

Алдекең өли қызды алып, ешегине артып кете береди. Киятырып, той тәтерригинде жүрген бир аўылдың үстинен шығады. Ол қызды тикейтип отырғызады да, басына ақ жаўлық салып, алдына өңгерип келе береди. «Келиншек келди» деп жуўырысып шыққан қыз-жәўанлар жас келинди түсирейин деп хәмме ешекке қарай умтылды. Олар менен қосыла байдың еркетай қызы да жуўырып шығып, келиншекти беккем услаўы менен бас салып өзине қарап тартып еди, Алдардың еплеп тикейтип әкиятырған қызы жалп етип жерге қулап түсти. Сол жерде ешек байлайтуғын қазық бар еди. Қыздың шекеси тап соған барып тийип, қазық оның басының ояғынан буяғына өте тесип шықты. Буны көрген Алдар:

— Алып киятырған келиншегимди өлтирдиң, — деп байбайды салды. — Қыз өз салмағы менен қулап түсти, — десе де, көнбеди. Ақыры оны түсирмекши болған сол аўылдағы байдың еркетай Сары қызы «айыплы» болып шықты. Аўыл ақсақаллары барлық айыпты өзлеринен излеп, байдың қызын Алдарға бериўге мәжбүр болды. Сөйтип, жары жасқа шекем үйлене алмай жүрген Алдар табан астынан келиншекли болған екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АҢҚАЎ АДАМ
(Р-28. №3392)

Бир күни биреў арбаның үстине шарықты қойып кетип баратырғанда алдынан бир дийхан шығады. Алдынан шыққан дийхан арбаның үстинде шарыққа тигилип қарап турып:

— Мынаў не? — деп сорайды.

Арбакеш:

— Бул арбаның баласы, — деп жуўап береди.

Дийхан хайран болып:

— Жәниўар, бул да түйениң баласындай жуўық арада аяқлана алмайды екен-аў, — депти.

Бир жерде арба қатты бақырып шыйқылдайды. Баяғы дийхан арбакештен:

— Бул неге бақырып шыйқылдайды? — деп сорайды.

Арбакеш оған:

— Белим аўырды деп киятыр, —дейди ашыўы келип.

Дийхан:

— Жәниўарға дем берсеңо, баласын емизип, бойын жазып, тамақланып, дем алар еди, —дейди.

Соның менен дийхан түйесине минип Хийўаға кете береди. Хийўаға барғанда Хийўаның көшесинде сатып отырған ғарбызды көреди. Түйеден түсип ғарбыз сатып отырған адамлардан:

— Мынаў не? — деп ғарбызды сорайды.

Ғарбыз сатып отырған адамлар:

— Бул тулпар, өзи буўаз, жақында бир тулпар туўады, —дейди.

Дийхан қызығып:

— Бунның бахасы не, — дейди.

Ғарбыз сатыўшы:

— Бунның бахасы он тилла, — депти.

Он тилланы бир ийиннен санап береди. Ғарбызды алады. Қуўанып, түйеге минеди. Ғарбыз сатыўшы ғарбызды дийханның алдына алып береди, сөйтип:

— Дийхан аға, беккем усла, қолыңнан жазым болып қашып кетпесин, —дейди.

Дийхан ғарбызды алдына алып беккем услап кете береди. Үш күн жол жүреди, бир күни қалғып кетип, ғарбыз алдынан жерге түсип кетеди. Ол да бир қоянның үстине түсип қақ жарылады. Астынан қоян шығып зыңғыўы менен қашып бәдәр кетеди. Дийхан:

— Ўах, сорлы басым, қулыны қашып кетти-аў. Пай, жәниўар, анық тулпар екен-аў, өзи де жаңа жүнлесип киятырған екен-аў, — деп қала береди.

Соннан жүрип отырып, және бир қалаға келеди. Көшеде сатып отырған сабынды, бурышты көреди.

— Булар не? — деп сорайды.

Сатыўшылар оның садалығына ҳайран қалып:

— Булардың мынаўы «ҳалўа», — деп сабынды көрсетеди. — Мынаўы «Жийде», — деп бурышты көрсетеди.

Дийхан:

— Буны не қылады? — дейди.

Сатыўшылар:

— Буны адам жейди, күт, бир мазалы нәрсе болады, — дейди.

Дийхан:

— Онда маған еки қадақ халўа менен бир қадақ жийде бер, — дейди.

Сатыўшы дәрхал «ҳалўа» деп сабынды, «жийде» деп бурышты өлшеп береди. Дийхан түйеден түсип сол қәрада отырып алып, бәрин жеп алады. Сөйтеди де, түйесине минип кете береди. Кеш болғанда бир молланың үйине қудайы қонақ болады.

Ал енди молла да дийханға бас, ишек-қарын асып береди. Тамақты жеп болып дийхан жатады. Түн жарпысында дийханның иши аўырады. Далаға шығайын десе, үйдиң иши қараңғы, есикти таппайды. Үйдиң үстине қарайды, сол ўақытта жоқарыдағы әйнектен жылтырап бир жақты көринеди. Дийхан басындағы құрашына үлкен дәретке шығып әйнектен далаға ылақтырады. Ол барып әйнекке тийип қайтып жерге түседи. Жайды пүткиллей былғайды. Таң атады, буны молла көреди. Молла:

— Бунның не? — деп ашыўланып, дийханды жатқызып, турғызып сабайды.

Сонда дийхан:

— Енди базарға барманлар, егер де базарға бара қойсаңлар, халўа, жийде алмаңлар, ҳалўа, жийдени, ишек-қарынды жемеңлер, жазатайым жей қойсаңлар, моланың үйине конбаңлар. Егер молланың үйине консаңлар, олла жейсең таяқты, билла жейсең таяқты, — деп түйесине минип үйине қайтады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚЫРЫҚ АЎЫЗ ӨТИРИК СӨЙЛЕГЕН ЖИГИТ
(Р-98, №1615)

Баяғы әййемги заманлардың биринде патша жасапты. Оның ай десе аўзы, күн десе көзи бар бойы жетип турған сулыў қызы бар екен. Ҳәр жақтан қызын айттырып жаўшылар келипти. Ол келген жаўшылардың ҳеш қайсысына қызын бермепти.

Бир күнлери патша:

— Кимде ким қырық аўыз өтирик айтса, қызымды соған беремен. Егер қырық аўыз өтирик айта алмай қалса, басын кесемен, — деп қалаға жар урдырды.

Талай байдың балалары өтирик айтыўды келистире алмай өлип кетипти. Бир неше адам сол қызды деп о дүньяға раўана болады.

Сол елде бир шопан бар еди. Патшаның шәртин еситип сарайға келди. Ол жасаўылларға қарап:

— Мен патшаның жорасының баласыман, маған жол бериң, — дейди.

— Жүрисиң, сықылың мынаў, сен неге өтирик сөйлейсең? — деп оны жасаўыллар қуўмақшы болады. Бул шаўқымды еситип патша келеди.

— Не гәп?

— Уллы шахым, мына гезенде сизиң жораңыздың баласы қусайды. Сизге келипти.

— Уллы патшайым, сизиң шәртиңиздиң бир бөлегин орынладым, себеби, мен ҳәзир бир өтирик айттым, — дейди шопан.

— Бәрекелла, ишкериле, — дейди патша күлип.

Олар сарайға киреди. Патша тахтқа отырып болып:

— Ал, бала, және даўам ет, — дейди.

— Уллы патшайым, мен буннан бир неше күн кейин бир бийемди жойттым. Ертеңниң арғы күни далада қой бағып жүрсем, булт айлананы қаплап көрсетпей тур екен. Дәрҳал жуўырыўым менен бултты олай-булай сермеп, көзимди жумып қарасам, күни менен таба алмай жүрген бийем алты дәрьяның арғы жағында, бес дәрьяның берги жағында айға қарап қулынлап, күнге қарап отлап тур екен. Қулыны ол жаққа бир, бул жаққа бир секирип түседи. Дәрҳал қулынымды қайық қылып, пышағымды ескек қылып, дәрьяға түсип едим, баттым да кеттим. Дәрриў пышағымды қайық қылып, қынабын ескек қылып едим, зуў етип өттим де шықтым.

Қулынымды алдыма алып, бийеме минип дәрьяға түсип едим, баттым да кеттим. Оннан соң бийемди алдыма алып, қулыныма минип едим, жәниўар көзди ашып жумғанша дәрьяның берги жағына өттим де кеттим, — дейди шопан.

Сонда патша турып:

— Ол дәрья деп отырғаның кишкене салма болмасын, — депти.

— Шалшық па, баска ма, әйтеўир, берги жағынан азан менен ушқан қус арғы жағына кеште жетеди. Сөйтип, баяғы бийемди, қулынымды алып тойға бардым. Барсам, той әллеқашан тарқап кеткен екен. Мени ҳәмме күтип алды. Палаў жеп, шарап ишип мәс болып жолда киятырсам, бир пышық көринди. Қулыным менен бийем үрке берди.

— Неге үркесиз? Бул әпиўайы пышық ғой, — деп пышықты тас пенен урмақшы едим, ол пышық емес, ал, жолбарыс болып шықты. Дәрриў бийем менен қулынымды ийниме салып, қашып отырдым. Қарасам, биреўлер суўы жоқ жапқа аў салып атыр екен. Мен де аў салдым. Бир ўақлары гидиман бир балық түсти. Ҳә, соны аўылдың адамлары менен тарттық. Күшимиз жетпеди. Екинши аўылдың адамларын көмекке шақырдық, онда да күш бермеди. Ақыры бир өзим тартып едим, балық жағаға гүмп етти. Дәрриў сойып алдық. Балықтың майы мың табақ, гөши мың табақ шықты. Еки аўыл еки ҳәптеге дейин балыққа тойып жүрди. Патшайым, мен қырық аўыз өтирик айтып болдым, — дейди шопан.

— Ҳаў, айтқан өтиригиң отыз тоғыз болды ғой, — дейди патша ғәзепленип.

— Уллы ҳүкимдар, қырық аўыз болды дегенимниң өзи бир өтирик емес пе? — деди шопан күлип.

— Сен неге шопан болып жүрсең? Бүгиннен баслап сени сарайдың мәсләҳәтшиси етип тайынлайман ҳәм мениң күйеў балам болдың, — депти патша.

Әне, шопан патшаның қызына үйленип, мурат-мақсетине жетипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТИЛЕПБАЙ ТЕНТЕК
(Р-98, №1615)

Бир бар екен, бир жоқ екен, бурынғы өткен заманда бир қалада бир бай бар екен. Ол байдың Тилепбай деген жалғыз баласы болыпты. Бала он жасына келеди. Он жасар бала болса да дым тентек, бийзары кусайды. Балалар менен урысып, күши жеткенин урып, олардың қолындағы ойнап жүрген асықларын тартып алады. Сонда балалар Тилепбайды аңлып турып асык, топ ойнайды екен.

Бир күни бир сақаў бала қараўыл болыпты. Балалар асық ойнап атырғанда Тилепбай жасырынып келипти. Оны ойнап түбине келген ўақта қараўыл көрип, «Тилепбай келди» дегенге тили келмей «ти, ти, ти» депти. Буннан шоршып балалар тура қашыпты. Сол сақаў балаға дослары «неге ерте айтпадың?» деп бақырады. Сол күннен баслап ҳәмме байдың тәртипсиз баласын «Тилепбай тентек» деп атай баслапты.

Тилепбай жигирма жасқа келген ўақытта үйленеди. Әкеси баласын үйли-жайлы еткеннен кейин қайтыс болады. Оның кейининен ҳаялы да дүньядан өтеди. Буннан кейин Тилепбай тентек ҳаялы менен екеўи ғана қалады.

Ҳаялы писирген аўқатына дуз татымайды екен. Сонда Тилепбай тентек:

— Ҳәй, қатын! Сен тамақтың дузын биресе көп саласаң, биресе аз саласаң, неге бабында қылмайсаң? — деп ашыўланды.

— Буған тәўир қасық керек, менин әкемниң үйинде сондай қасық бар, тамақтың бабында болыўын тилесең, сол қасықты әкел, — депти ҳаялы.

Тилепбай тентек қасыққа кететуғын болыпты. Кетер алдында ҳаялына:

— Сен есикти иштен илип отыр. Қақса, атын сора, — дейди.

Тентек жолда кетип баратырып умытып қаларман деп, «қасык, қасык» деп қайталай береди. Жолда бир адам жорасына:

— Палаўға қасықтың не кереги бар? Қол менен жей берсе, — деп атыр екен.

Бул сөзди маған айтып атыр, деп ойлаған Тилепбай жаңағы адамға:

— Сен неге «қасықтың не кереги бар?» дейсең? — деп тутып алып урыпты.

Қасындағы жорасы араласып зорға қутқарып алады.

Тентек қәйин журтына да келипти. Қәйин енеси менен сәлемлесип болып келген жумысын айтады.

— Қызыма айт, дузын азына аз, көп болса көп сала берсин, — депти қәйин енеси.

Ол, умытып кетермен деп, «азға аз, көпке көп» деп кетип баратырса, жолда биреўлер қырман бөлисип атыр екен.

— Тең бөлисип алайық, — деп олар даў етип тур екен.

— Азға аз, көпке көп, — деген сөзлерин усы адамлар еситип, оны услап алып қамшы менен сабайды.

— Сен неге «азға аз, көпке көп» дейсең? Бир жақтан келип неге мурныңды суғасаң, занғар? — депти бир жасаўыл.

— «Берекет берсин, көп болсын» деп айт, — дейди бир адам мәжбүрлеп.

— Берекет берсин, көп болсын, — деп тентек кетип баратырса, бир шопан қойдың үстиндеги бийтлерин қарап ада қыла алмай отыр екен.

— Мына ақмақ не дейди? Өзи бийтин алып бола алмай атырсам, «берекет берсин, көп болсын» дегени неси? — деп, шопан таяғын алып, тентекке қарай жүрис қылады.

— Енди не деў керек? Жолда ишим писип ҳәр нәрсени айтып баратырман, — дейди Тилепбай қорқып кетип.

— Олай болса, бир усыл бар. Соны ислесең зерикпейсең, — дейди шопан ашыўын басып.

— Ол қандай усыл? — деди тентек.

— Бир аяғыңды жоқары көтерип, еки көзиңди жумып, ҳәккелеп кете бер. Сонда зерикпейсең, — дейди шопан.

Тентек соны ислеп, ҳәккелеп кетип баратырса, жолда жарадар болған, соқыр адам жатыр екен. Барып сол адамға аяғы илинип жығылды. Соннан кейин буны ҳаяллар услап алып ура баслапты. Тилепбай тоңқылдап кетип баратырса, көп ийтлер алдынан шығып басып талапты. Ол ийтлерге қарап:

— Сизлерге не жаманлық қылдым? — депти.

Ийтлер сес шығармапты. Сөйтип, ең соңында үйине жетти. Бурынғы өзиниң ҳаялына айткан сөзлери есине түседи. Яғный, атын айтпағанша есикти ашпаўы керек еди. Ол барып есикти қағып «аш» деди. Ҳаялы турып:

— Кимсең? — деди.

— Жаңағы... жаңағы...

Тилепбай өзиниң атын умытып қалған екен. Сөйтип тура бергеннен пайда жоқ екенлигин түсинген тентек ақыры күн батқанда мешитке барып жатты. Ертеңине азанда молла келсе, биреў уйқылап атыр.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Молла барып қараса, Тилепбай тентек екен.

— Тилепбай, не қылып атырсаң? — депти молла.

Соннан соң Тилепбай оянып, ушып турып, атын тапқан соң үйине қарай жуўырыпты. Үйине жетип есикти қақты.

— Кимсең? — депти иштен ҳаялы.

— Мен Тилепбайман, — дейди тентек.

Тилепбай үйине кирип болғаннан кейин төсекке узынына түсип жатып алып:

— Өз үйим — өлең төсегим, — депти.

## ҚЫРЫҚ ӨТИРИК
(Р-535, №17647)

Етик алты, кийим жети, шөгирме сегиз, өзи менен тоғыз болып кете береди, кете береди. Алдынан тоғайлық шығады. Тоғайға кирсе, бойы бир қарыс боянның түбинде туўмаған қоянның баласын көреди. Усы гөжекти еки көзи соқыр, еки қолы жоқ шолақ ағам алып қойнына салады. Жол жүрип, жол жүрсе де мол жүрип кете береди. Алдынан бир жап шығады. Жаптың ишинде үш балық бар екен. Қараса, екеўиниң жаны жоқ, биреўи өлип қалған екен. Оларды алып кете береди. Бир ўақлары алдынан үш қазан шығады. Екеўи сынық, биреўиниң түби тесик екен. Балықты түби тесик қазанға писиреди. Қараса, гөши писпепти, ал сүйеги мылжа-мылжа болыпты.

Балықты жеп, қолының майын бир етигине сүртип отырса, екинши етиги қашып кетипти. Соннан кейин еки аяғын бир етигине суғып, етигиниң биреўин излеп кете береди. Жағасындағы ийнесин жерге қадап, үстине минип қараса, етиги дәрьяның аржағында қос айдап жүр екен. Сөйтип кетип баратырса, алдынан боталы түйе шығады. Түйени минип, ботасын алдына алып дәрьядан өтейин десе, суўға батып кетпекши болады. Соннан кейин ботаға минип, түйени алдына өңгерип дәрьядан өтеди. Дәрьядан өтип киятырса, алдынан бир китап пенен қәлем таўып алады. Қәлемди алып китапты жаза берсе, бағанағының ҳәммеси өтирик екенлиги жазылған екен.

## ҚУЛЫМ ҚОРҚАҚ
(Р-535, №176478)

Ерте заманларда Қулым қорқақ деген өтипти. Ол барлық мақлуқлардан қорқады екен. Қулым балық аўлап күн кеширеди. Оның аўлаған балығын бир түлки күнде келип, қорқытып жеп кете береди екен.

Бир күни түлки Қулым қорқаққа қарай киятырғанда дәўге ушырасыпты. Дәў түлкиден:

— Қайда барасаң? — деп сорапты.

— Қулым деген қорқақ бар, соның балығын қорқытып жеўге баратырман, — депти түлки.

— Онда бизлер Қулым қорқақтың өзин жейик, — депти дәўлер.

Олар түлкиниң қуйрығынан услап жүрипти. Қулым қорқақ узаққа қарап, түлкиниң дәўлерди ертип киятырғанын көрип қорқып кетипти. Қулым олардан қутылыў ушын ҳийле ойлапты.

— Ҳаў, түлки, меннен сен алты дәў қарыздар един. Сениң әкиятырған еки дәўиңе турмайман, әкелсең алтаўын да толық әкел, — деп шаўқым салыпты.

Оны дәўлер еситип:

— Түлки бизлерди қарызына әкелип бермекши болып киятыр екен ғой, — деп түлкини жерге көтерип урыпты. Түлки сеспестен қатыпты. Дәўлер қашып кетипти. Қулым қорқақтың жолы болыпты да қалыпты.

Бир күни дәўлер Қулым қорқақты жақсылап бақлаў ушын тағы келипти. Ол дәўлердиң киятырғанын көрип, писирип жейин деп атырған шабағының ишек-қарнын жерге көмип, шабағын писирип отыра берипти. Дәўлер келип:

— Мына писирип атырған шабағыңды бизлер жеймиз, — депти.

— Буны, ким жердиң мийин шығарса, сол жейди, — депти Қулым.

Сонда дәўлер:

— Жердиң де мийи бола ма? — деп сорапты.

— Аўа, — депти Қулым қорқақ.

Дәўлер жерди әри-бери теўипти, жердиң мийин шығара алмапты. Қорқақ жерди бир тепкен екен,

www.ziyouz.com kutubxonasi

балықтың ишек-қарны шығыпты. Дәўлер оған инанып қорқып кетип қалыпты.

Бир күнлери дәўлер Қулым қорқақтың үйине және келипти. Ҳаялы олардан қорқып кетипти, бирақ, сыр бермейди. Соң ҳаялы:

— Мийманларға не писиремен? Үйде ҳеш нәрсе жоқ ғой, — деп сорапты.

— Үлкен дәўдиң басын ас, ортаншы дәўдиң төсин ас, ол да асым болмаса, киши дәўди қосып ас, — депти Қулым.

Дәўлер және қорқып, албырап қашып кетипти.

Бир күнлери дәўлер ойласыпты.

— Буны қуртпасақ, бизлерди коймас, — депти ең үлкен дәў.

— Қорқақты өлтириў ушын бизлер оны қонаққа шақырайық, — дейди биреўи турып.

Бул ҳәммеге мақул түсипти. Айтылған ўақытқа Қулым қорқақ дәўлердиң үйине барыпты. Аўқат ишип, жеп болғаннан кейин, дәўлер Қулым қорқаққа өз алдына төсек салып береди. Қулым қорқақ дәўлерге билдирмей, келини әкелип, үстине көрпени жаўып қояды. Дәўлер түнде келип келини балта менен урып, мылжа-мылжасын шығарыпты. Дәўлер «қорқақты өлтирдик» деп қуўанып орнына барып жатыпты.

Азанда дәўлер аўқат жеп атырғанда Қулым қорқақ мийман жайына сәлем берип кирип келипти. Дәўлердиң жаны қалмай қатты қорқып қалады. Олар Қулым қорқақты алдап-арбап қайтарып жиберипти. Ол кеткеннен кейин дәўлер ол жағадан кетип қалыпты. Гидиман таўдай дәўлер кеткеннен кейин Қулым қорқынышсыз өмир кеширип, бала-шағасы менен бирге мурат-мақсетине жетеди.

## СЕЙТМУРАТ ҚОРҚАҚ

(Р-98, №42923)

Бурынғы өткен заманда бир балықшы болған екен. Бул адам жүдә қорқақ болыпты. Аў салып услаған балығын бир түлки күнде келип, қорқытып жеп кетеди екен.

Бир күни ақшам майданға шықпақшы болып, ҳаялын изине ертипти. Ҳаялы Сейтмурат майданда отырғанда:

— Әттең, айдың жарығы-әй, қуўармедиң жылқыны, — депти.

Сонда Сейтмурат:

— Ой-буў, қатын-әй, ай киятыр дейсең бе? — деп, тарбаяқлай үйге қашыпты.

Ҳаялы Сейтмураттан бурын үйге кирип, есикти иштен бәнт етип илипти. Сейтмурат келе есикти тартыпты. Есик ашылмапты. Сейтмурат тепсинип «ўай-ўай» салыпты, ашпапты. Түрли тәсилди салып бақырыпты. Онда да ашпайды. Түни менен есик тырнап шығыпты. Таң атып, күн шыққан соң есикти ашыпты. Сейтмурат ишкери кирип:

— Ҳаял, мен батыр болдым, — депти.

Сонда ҳаялы:

— «Қорқақты көп қуўсаң батыр болады» деген. Үйден қуўылып, түни менен майданда болдың. Батыр болсаң болған шығарсаң, — депти.

Сейтмурат буған:

— Инанбайсаң-аў, шын айтаман. Батыр болдым, — деп ҳоппыйып турыпты.

Ҳаялы:

— Мениң де тилегим — сени батыр етиў еди, усы ўаққа шекем мен де сеннен қатты күйген едим, аў салсаң, услаған балығыңды түлки қорқытып жейди. Үйге келсең, түнде жетелеп майданға шығараман. Кеше күйгенимнен сени майданға таслап, иштен илип едим. Енди батыр болсаң, темиршиге бар. Өзиңе ылайық мылтық соқтыр. Мылтыққа «Сейтмурат батыр, ҳәр силтегенде қырық дәўди жапыр» деп ойып жаздыр, — дейди.

Сейтмурат аўқатланып болып, темирши устаға барып:

— Уста аға, маған ылайық мылтық соқ, қундаққа «Сейтмурат батыр, ҳәр силтегенде қырық дәўди жапыр» деп ойып жаз, — дейди.

Уста буйыртпаны алып, батырға бир мылтық соғыпты. Сейтмурат мылтықты алып күнде тоғайдың шет-шебирин аралап, тысыр етсе, түлки келип қалды ма деп, мылтықты таслай өзи бир путаның түбинде буқшынып, жасырынып жатар екен. Бир майдан жатып, ҳеш нәрсе жоғын билип орнынан турып, мылтығын алып, үйине қайтар екен. Сейтмураттың тоғайға көзи үйренисип, кем-кем ишине кирип, тоғайдың ишин аралап жүрсе, бир түрли сес еситеди. Сейтмурат қулақ салып тыңласа, дәўлер екен. Тап Сейтмураттың үстине қарап киятыр екен. Буларды көрип Сейтмураттың тек жаны шықпай қалып, қолындағы мылтығын



www.ziyouz.com kutubxonasi

ылақтырып таслай сала өзи бир путаның түбине бүкшийип жатыпты. Дәўлер келип мылтықты көрипти. Қолына алып, қараса, жазыўы бар, оқыса, «Сейтмурат батыр, хәр силтегенде қырық дәўди жапыр» деген. Булар, айтқанындай, қырық дәў екен. Дәўлердиң жаны қалмапты.

— Бул батыр қолына шоқмарын алып, бизиң биримизди биримизге қоспай урып өлтирейин деп турған шығар. Буннан өлип кеткеннен, дос болып, дүнья берип алдайық, — деп дәўлер қараса, Сейтмураттың тоңқайып жатқанын көрипти.

— Хәй, батыр, тур орныңнан, — депти дәўлер.

Сейтмурат «енди мениң өлген жерим ғой» деп орнынан турып, дәўлердиң жанына келипти. Бир дәў Сейтмуратқа:

— Батырсаң ба? — депти.

— Аўа, батырман, — депти Сейтмурат.

— Батыр болсаң, кел, тораңғыл қопарысамыз, — депти дәў.

Сонда Сейтмурат:

— Мениң менен күш сынасқың келсе, ертең усы ўақта усы жерден табыл, бүгин мениң қыйынқыстаў жумысым бар, қолым босамайды, — депти.

Дәў менен ўәдени бир жерге қойып, Сейтмурат үйине келипти. Хаялына болған ўақыяны айтыпты. Сөйтип хаялын изине ертип, дәў менен ушырасқан жерге келип, түни менен қырық-елли тораңғылды жарғы менен түбинен кесип, жарғыдан түскен майдаларды алып таслап излерин жасырып, үйине қайтыпты. Ертеңине дәўлерден бурын барып, оларды күтип отырыпты. Көп кешикпей белгиленген ўақтына дәўлер де келипти. Сейтмуратқа әдепки гезекти берипти. Өзине белгили тораңғыллар хәр қайсысын бир урып, демде қырық-елиў тораңғылды қулатыпты.

— Енди гезегиңди ал, — депти ол.

Дәўлер тарбаяқлап тартып, хәр қайсысы бир тораңғылды қопарыпты. Сонда Сейтмурат:

— Көрдиң бе мениң күшимди? — депти.

Дәўлер де не ислерин билмей, албырақласып қалыпты.

— Енди қандай ис пенен күш сынасып көремиз? — депти Сейтмурат.

Дәўлердиң басшысы:

— Сен сондай ғайратлы батыр екенсең, сениң менен дос боламыз, күшиңди көрдик, енди хал сынасыўдың кереги жоқ, бизиң үйге жүр, бир ақшам қонақ болып, азанда бир қап гүмис беремиз, — деп Сейтмуратты мәжбүрлеп үйлерине қарай тартыпты.

Сейтмурат бармайын десе қорқады, барайын десе және қорқады. Хеш қандай дәлил таба алмай, дәўлер менен кетеди. Барып үйине қонақ болыпты. Бир өзи бир жайда бола берипти. Күн батыпты, қараңғы түсипти. Сейтмурат ойланыпты:

— Мени қонаққа бир сумлық пенен шақырған шығар. Барып дәўлердиң есигинен тыңлайын, — деп қулақ салыпты.

Биреўи турып:

— Егер бетпе-бетке келсе сексен дәў болсаң да қоймайды, — депти.

Тағы биреўи:

— Ырас айтады, бизлер хәр қайсысымыз зордан биреўден қопардық, ол хәр қайсысын бир урып елиў тораңғыл жықты, — депти.

Үшиншиси:

— Бул аман жүрсе, бизлерди тири қоймайды, батыр уйқылаған ўақта үстине барып қылыш пенен шаўып өлтирмесек, — депти. Усы айтқаны хәммесине де мақул болыпты.

Сейтмурат дәўлер не айтса да, бәрин еситип, жатқан жайына келип, майданнан бир доғалақ, өзиниң турпатындай ағашты алып келип, өзиниң жататуғын жерине жатқарып, басына белбеўин байлап, үстине шекпенин айқыра жаўып, тап өзи уйқылап жатқандай етип жатқарып, өзи дәўдиң келер ўақтына жасырынып тура берипти. Дәўлер «енди уйқылаған шығар» деп Сейтмурат жатқан жайдың қапысын ашып, ишкериге кирипти. Қараса, уйқылап жатыр. Қолындағы қылышы менен тең бөлип есиктен шығып кетипти. Дәўлер кеткен соң Сейтмурат ағашты майданға шығарып таслап, түни менен уйқламай, таңды көзи менен атқарып шығыпты. Азанда күн шықпай қолына қумғанын алып, жөткиринип жүргенин дәў көрип, «бул бир кәраматлы батыр екен, шапсаң қылыш өтпейтуғын, буған алтын-гүмис берип алдап үйине қайтарайық» деп алтын, гүмиске бир қапты толтырып, Сейтмураттың үстине келип:

— Бизлер сениң менен дос болдық, мынаў дослығымыздың нышаны, — деп бир қап алтын, гүмис көрсетипти.

Сейтмурат дәўлер кеткен соң қапты көтерип қараса, қозғалта алмапты. Отырған жерине дәўлердиң басшысын шақырып:

— Маған мынаў алтын, гүмисти берипсиз. Сизлерге рахмет! Мен буны үйге арқалап бармайман, сонша

www.ziyouz.com kutubxonasi

ўақыттан бери «Сейтмурат батыр» деген атағым бар. Қап арқалап баратырғанымды халық көрсе, маған күледи, себеби, батырлығыма ылайық емес. Егер дос десеңлер, бир дәў қапты арқаласын, бир дәў мени арқаласын, — депти.

Дәўлер Сейтмураттан қутылмақ ушын-ақ үш дәў айырып шығарыпты. Бир дәў соқыр екен.

— Соқыр дәў қап арқаласын, биреўиңиз батырды арқалаң, үшиншиңиз соқырды жетелеп, батырды үйине апарып қайтың, — депти.

Биреўи қапты арқалапты, биреўи Сейтмурат қорқақты арқалапты. Үшиншиси соқырды арқалап, елине қарап кетипти.

Бир ўақлары үйине жақынлап, Сейтмурат дәўдиң арқасынан түсип:

— Мен үйге барып ҳаялды таўып, есикти аштыраман, соған дейин усы жерде отырып турың, — деп дәўлерди таслап өзи үйине келипти. Келип ҳаялына:

— Ҳаял, қонақларға аўқат ас дермен, дым үндеме, тек қазанды қырғышың менен шықырлатып отыра бер. Үшинши мәрте айтқанда, «көп ўақыттан бери үйде жоқсаң, сен кеткели бар малларды сойып жеп болдық, үйде ҳеш нәрсе болмаса, нени асаман?» де, қалған жағын өзим келистиремен, — депти.

Майданға шығып дәўлерге қол былғапты. Дәўлер келипти. Үйге киргизип, өзлери еки бүкленип, зордан үйге сыйып отырыпты. Сол ўақта ҳаялына:

— Қазан ас мына қонақларға, — депти.

Ҳаялы қазанды тықырлатып отыра берипти. Тағы айтыпты, және сондай етип отыра берипти. Үшинши мәрте айтқанда, ҳаялы:

— Өзиңниң үйден шығып кеткенине сонша ўақыт болды, содан бери бар малды сойып жеп болдық, үйде ҳеш нәрсе болмаса, неңди асаман? — депти.

Сол ўақта Сейтмурат:

— Ҳәй, надан ҳаялым-аў, төрдеги дәўдиң төсин ас, есиктеги дәўдиң басын ас, оған қазан толмаса, соқыр дәўди қосып ас, — деген екен, дәўлердиң жаны қалмай, «енди өзимизди де жейтуғын болды-аў» деп, көзи бар дәўлер есиктен шығып қашты. Соқыр дәў шаңарақты басына кийдирип, үйди жығып, бул да айраңлап қашты дейди.

Сол қашқаннан қашып баратырса, алдынан баяғы түлки шығыпты.

— Ҳаў, дәў жоралар, биреўиннин мойнында шаңарақ, сонша албырап, қай жаққа барасыз? — депти.

— О, түлкибай жора, биз бир батырды үйине арқалап алып келип едик. Үйине келип болып өзлеримизди де сойып жейтуғын болды. Жан татлы, қара басымызды алып қашып киятырмыз, — дейды дәўлер.

— Сол айтқан батырың бул әтирапта жоқ. Сизлер өзлериңнен-өзлериң даўрығып, қашып киятырсыз, — депти түлки.

— Жоқ, шайтан түлки, сениң гәпиңе исенбеймиз, — деп дәўлер жол тартып жүрипти.

Түлки кейнинен жетип, шалғайынан услап:

— Ҳәй, аңқаў дәўлер, сонша қорқасыз, токтаң, ол айтқан батырыңды мен таныйман. Ол батыр емес, ал, «Сейтмурат қорқақ» деген. Ол балықшы еди, мен оның өзи ушын услаған балығын қорқытып жейтуғын едим. Исенбесеңиз, мениң қуйрығымнан услаң, егер алдасам, мени жиберме, ол айтқан батырыңды өзим көз алдында өлтиремен, — деп дәўлерди қуйрығына асылдырып Сейтмурат қорқақтың үйине ертип жүре берипти.

Сейтмурат майданға шыққанда сум түлки дәўлерди ертип киятырғанын көрипти. Үйине кирип ҳаялына:

— Сум түлки дәўлерди ертип киятыр, егер үстиме келсе, мени тирилей жейди, келместен бурын алдын алып, бир ҳәмелин етейин, — деп, қолына шоқмарын алып майданға шығыпты.

Түлки жақынлаған ўақта:

— Ҳәй, түлки, сениң әкеңниң меннен алты дәў қарызы бар еди, соның үш дәўин ғана әкиятырсаң, анаў соқыр дәўиңди берсең де алмайман, бергениң менен қудыққа таслап өлтиремен, — деп бақырыпты.

Буны дәўлер еситип:

— Ҳәй, сум түлки, бурыннан киятырған атаңның гөне қарызына бермеге ертип киятыр екенсең ғой, — деп түлкиниң қуйрығынан услап жерге таўлап урыпты. Түлки мылжа-мылжа болып, сеспей қатыпты. Сөйтип дәўлер жолдың аңғалын алып, айраңласып қашып, үйлерине барыпты. Барып дәўлерге басынан кешкенлерин айтыпты. Дәўлер:

— Қылыш өтпеген соң-ақ билип едик адам жейтуғынын, бул жерде турсақ, бизлерди тири қоймайды, — деп, отырған жеринен басқа бир жаққа көшип кетипти. Сейтмурат қорқақ өзиниң қорқатуғын түлкисинен ҳәм дәўлерден қутылып, дәў берген бир қалта алтын- гүмисти жумсап, азық-аўқат, кийим-кеншек сатып алып, жеп-ишип, мол-молақай жасап, тыныш өмир сүрипти дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҒАРРЫ, КЕМПИР ҲӘМ ИЙТЛЕР

(Р-129а, №39342)

Бир бар екен, бир жоқ екен, ертеректе бир адам болған екен. Оның улы да, қызы да болмайды. Тек ғана ҳаялы менен зорға күнелтип отырған. Қойдан-ешкиден, сыйырдан маңлайына ҳеш нәрсе питпеген. Ҳәр кимниң жумысын ислеп, жерин аўдарып, малын бағып, қулласы, қара мийнет пенен тиришилик етеди.

Күнлерден бир күн сол тапқан ақшаларын жыйнап, қаладан кишкене бузаў сатып алады. Әне, олар бар тапқан от-жемин сол бузаўға берип отыра береди.

Ай өтеди, жыл өтеди, жаңағы адам ҳәм оның ҳаялы қартаяды. Кисиниң жумысын ислеўге шамасы жетпейди. Баяғы бузаўы да нәҳән тана болып кетеди.

Күнлерден бир күни ғарры ғәрежетлерин таўысып, тананы қалаға апарып сатпақшы болады. Буған ҳаялы да илажсыздан қайылшылық билдиреди.

Ғарры кемпири менен бирге танасын жетелеп базарға келеди. Әри турады, бери турады, булардың танасын ҳеш ким сорамайды. Ақыры ғарры:

— Ҳә, халайық, халайық, сөзлериме қулақ салайық, қәне, берман келиңлер, еситпедим демеңлер, мениң семиз, ири, туўайын деп турған танам бар, ким алса да мың тиллә ға сатаман, — деп жар салады.

Буны еситкен адамлар:

— Ҳаў, өзи тана болса, ол қалай туўайын деп турған екен? — деп таңланады.

Сонда биреўлер:

— Алжыған адамның сөзи қурысын, — деседи.

Базар тарқайды. Усы мәҳәл ғарры кемпири менен бирге тананы жетелеп, үйине қайтады. Үйине келген соң «неге танам өтпеди екен?» деп көп ойланады. Қыйналғанынан аўқатты да умытады. Кемпири менен және ойласады. Енди тананы сойыўға келиседи.

Тананың он еки жилигин бөлек етип, келеси базарға апарып турады. Оның алып келген гөшлерин ҳеш ким сорамайды. Ол:

— Ҳаў, халайық, өзи семиз, еркек малдың гөши бар, алмайсыз ба? — деп бақырады.

«Еркек малдың гөши» дегеннен кейин буған қарап турған адамлар бурынғыдан да бетер қашты. Буннан кейин ол қапа болып турғанда базарда ийисин алып жүрген ийтлер жақын келип ырылдайды.

— Неге ырылдайсыз, гөш аласыз ба? — деп ғарры ийтлерден сорай баслайды.

Ийтлер және ырылдайды. Ол:

— Пулыңыз бар ма? — деп сорайды.

Ийтлер және «ырр» дейди.

— Аўа дейсиз бе?

Ийтлер тағы «ырр» деседи. Ғарры ендиги базар ақшаңды беремен деп атырған шығар деп, ийтлердиң ҳәр қайсысына бир жиликтен — он еки ийтке он еки жиликти берип жибереди. Ийтлер де мол гөшке жолығып, тойып алып кете береди. Ғарры үйине келип, ҳаялына сондай гөшлерди ийтлерге несийеге берип жибергенлигин, олар келеси базар ақшасын беретуғынлығын айтады. Сонда ҳаялы:

— Геллең қурысын, ийтлер ақша бере ме екен? — дейди.

— Сен үндемей тура бер, ийтлерден ақшамды тыйынын да қалдырмай аламан, — дейди.

Ҳәр күни ғарры кемпири менен усылай тартыса берди. Күнлерден бир күни базар келди. Ғарры да базарға барып, баяғы ийтлерге барып:

— Қәне, ақшамды бер, — деди.

Ийтлер «ырр-ыр» деп жуўап қайтарды.

— Ақшам жоқ дейсиз бе? Келеси базар таўып берейин дедиңиз бе? — деп еди, ийтлер және «ыр-ыр» дести.

Ғарры үйине келип, кемпирине ийтлер ақшаны келеси базар беретуғынлығын айтады. Кемпири ғаррысына:

— Алжыған ғарры-аў, қартайғанда не деп турғаныңды да билмей қалдың ба? — деп қатты-қатты күлип алды. Кейин күлкисин басқаннан кейин ийтлердиң ақша бермейтуғынлығын айтты. Ғарры «ийтлерден қарызымды өндирмей қоймайман» деп үйден шығып кетеди.

Әне, келеси базар күни де келди. Ол базарға барды, ийтлер баяғыдай «ырр-ырр» деўин қоймайды. Оннан соңғы базарда да ийтлерден ақшасын ала алмайды. Арадан үш-төрт базар өткен соң ғарры баяғы гөш жеген ийтлердиң биреўине «ақшамды бер» деп қуўа береди. Ийт базардан шығып қашады, ол да қуўа береди, қуўа береди. Ийт ақыры бир гөне тамға тығылып қалады. Ғарры гөне тамның аўзында ийттиң шығыўын күтип тура береди. Ийт тамның түбин алдыңғы еки аяғы менен қазып шығайын деп

www.ziyouz.com kutubxonasi

атырғанда, астынан он мың тилле шығады. Сонда ғарры ийтке:

— Баяғыдан бери неге бермей жүр десем, ақшамды басқа ийтлер алады, деп жүр екенсен ғой, — дейди де, он мың тилледен тек өзине тийисли мың тилләны ғана алып қайтады. Ол өзиниң танасының гөшин мың тиллаға сатқан еди-дә. Әне, ғарры сол мың тилләны алып үйине қайта береди.

Үйине келип, хаялына узақ мақтанып алады. Кемпири оның сөзлерине итибар бермей отыра береди. Тек «аўа-аўа» дегендей мысқыл менен күлип қояды.

— Қәне, сениң ийтлер ақшанды бермейди дегенин? Мен ийтлерден ақшамды алдым, — деп ол мың тилләны кемпирине көрсетеди. Кемпири онша исенинкиремей:

— Ийтлердиң басқа ақшасы жоқпекен? — деп күледи.

Сонда ғарры бир ийттиң он мың тилләны гөне тамның түбинен қазып таўып бергенлигин, соннан өзи тек танасының қунын — мың тилләны алғанлығын айтады. Кемпири гәплерге оншелли исенбесе де:

— Сен неге сол он мың тилләнын бәрин алып қайтпадың? — деп ғаррысына бақырады.

Ғарры:

— Маған ийтлердиң ақшасы керек емес, өзимнин танамның пулы болса болды, — дейди де қояды.

Кемпир әри ойланады, бери ойланады. Ийтлердиң қалған тоғыз мың тилләсин алыўды ойлай баслайды.

Бир күни кемпир ғаррысы менен бирге ағайинлеринин үйине қыдырмақшы болады. Баўырсақ писирип, дәстурханларын кемпир менен ғарры бир ешекке артып минип кете береди. Олар баяғы ийттиң ғаррыға тилле алып берген гөне тамының қасынан өтетуғын еди. Ғаррының артына мингескен кемпири дәстурханнан бир баўырсақты ғаррысының алдына жолға таслап бара береди. Ғарры да ешектен түсип, жолдағы баўырсақты алып жей береди. Гөне тамның тусына келгенде ғарры кемпирине баяғы өзинин ийттен тилләны алған жери екенин айтады. Кемпир ешектен түсип, гөне тамның түбинде көмиўли жатқан тоғыз мың тилләны таўып алып, қыдырыўды кейинге қалдырып, үйине қарай қайтады.

Көп узамай гәптен гәп шығып, олардың тилле таўып алғанлығын аўылының адамлары еситеди. Сөзден сөз шығып, бул хабар патшаға жетеди. Патша ҳәмелдарларын шақыртып, ғаррыға жибереди. Ғаррыны кемпири менен бирге патшаға әкеледи. Патша олардан:

— Тилләны таўып алғаныңыз рас па? — деп сорайды.

Кемпир:

— Алла-жалла, таўып алғанымыз жоқ, — дейди.

Ал, ғарры:

— Тақсыр, тилле таўып алғанымыз ырас. Анаў күни аспаннан баўырсақ жаўғанда бизлер тилле таўып алдық, — дейди.

Кемпир болса:

— Тақсыр, бунының сөзи қурысын, аспаннан да баўырсақ жаўа ма екен? — дейди күлип.

Сонда патша турып:

— Бар, екеўинизздиң де сөзлериниз қурысын, — деп оларды қуўып жибереди.

Солай етип, хақ кеўилли ғаррыны сум қыяллы, ҳийлекер кемпири патшаның қәҳәринен қутқарып алыпты. Олар екеўи тилләларды үнемлеп, керек орынларда жумсап, өзлерине бала асырап алып, олардан ақлық-шаўлық көрип, мурат-мақсетине жеткен екен.

## БӘҢГИ БАТЫР

(Р-129а, №39342)

Бурынғы өткен заманда бир бәңги болыпты. Ол тапқан ақшаларына бәң сатып алып шегеди екен. Күнлерден бир күн бәңгиниң ақшалары таўсылып қалады. Сөйтип, базарға барып, бәң алыўға ақша табалмай отырса, бәңгинин бай қонсысы бәңгиге:

— Менин бир гүзе палым бар. Соны базарға апарып берсен, он теңге беремен, —дейди.

Бәңги байға «палынды апарыўға барайын» деп қайылшылық билдиреди. Сөйтип, Бәңги байдын пал салынған гүзесин қолына алып кете береди. Бир жерлерге барғанда қолы талады. Соннан кейин гүзени төбесине қойып, көтерип кете береди. Кетип баратырып:

— Байдың он теңгесин алсам, қалаға барсам, бир таўық пенен онлаған мәйек сатып алсам, таўығымды үйге барып қурық бастырсам, шөжелери де көбейип, таўығым мыңға жетсе. Енди он таўығымды сатып, бир ешки алсам, ол да егиз-егизден туўа берсе, оның саны да мыңға жетсе, еки ешкимди сатып, бир қой

алсам, қойларым да жылына еки реттен егиз-егизден туўса, сөйтип, мыңға жетсе, бес қой сатып, бир сыйыр алсам, қудайым оны да мыңға жеткерсе. Енди, мен еки сыйырымды сатсам, еки ат алсам, олар да өнип-өрбип мыңға жетсе, он атымды сатып, қос түйе алсам, оларды да жақсылап бақсам. Сөйтип, түйелерим де мыңға жетсе. Япырмай, бала, байып кетемен ғой. Бәри де мыңнан бола берди. Бул кимнин малы, Дошнияз бәңгиниң малы. Ҳаялым да оңлы емес еди. Усы маллы болған шағымда бир жас қыз алсам. Кимниң қызын алсам екен? Аўылдағы пәленше байдың қызы томпақ, төленше байдың қызы сықылсыз. Енди, кимнин қызын алсам екен? Меннен ақмақ адам жоқ сирә! Хийўадағы Мәдирейим ханның қызын неге алмайман? Ол усыншама байлығыма қызын бермес пе екен? Әлбетте, береди! Енди басқа кимге береди?! Сол Мәдирейим ханның қызы менен ойнап, оның оң бетинен бир поса, шеп бетинен бир поса алсам... — деп қыял сүрип киятырып басын бир шайқап еди, төбесиндеги гүзе аўдарылып, ондағы пал бәңгиниң енсесинен сорғалады.

Бәңгиниң айтқан сөзлерин изде киятырған бай еситип киятыр еди.

— Ҳә, атаңа нәлет, гүзени аўдардың ғой, — деп бай бақырып қалады.

Бәңги де тура қашады. «Қой ноғайда, сипсе тоғайда» деген нақыл сол бәңгиден қалған екен.

Сол кеткеннен бәңги қаладан шығып, бир шуқырдың ишине барып, үстине төгилген палларды жалап, тойып алады. Бәңгини шире қысып, сол күни кешке дейин шуқырда уйқылайды. Оянып еди, кеш болып қалыпты. Үсти-басына қараса, ғаўлаған қара шыбын екен. Қолын бир сермеп еди, мыңлаған, он мыңлаған шыбынды қырды. Сөйтип отырып бәңги:

— Бәрекелла, өзи батыр. қаланың қубла тәрепиндеги бир қоғырданда жатыр. Күнде қолында мыңлап, он мыңлап әскер қырылып атыр, — деп бир қағазға жазып, ол қағазды жантақтың үстине қойып, қайтадан уйқылап қалады.

Қубладан даўыл турып, бәңгиниң қағазын ушырып, қаланың ишине түсиреди. Ерте азанда патшаның сипсекешлери оқып қараса, хатта «өзи батыр, қаланың қубласындағы қоғырданда жатыр, күнде қолында мыңлап, он мыңлап әскер қырылып атыр» деген сөзлери бар екен.

— Бул қағазды патшаға алып барайық, сөйтип сыйлық алайық, — деп, сипсекешлер қағазды патшаға алып барып тәжим етти.

— Арызың болса, айт, — дейди патша.

Сипсекешлер қаладан бир қағаз таўып алғанын, сол қағазда қаланың қубла тәрепиндеги бир қоғырданда бир батырдың жатырғанын айтады ҳәм қолындағы қағазды усынады. Қағаздағы жазыўды оқыған патша ҳәмелдарларын жиберип, батырды алдырмақшы болады.

Патшаның тапсырмасы бойынша ҳәмелдарлар батыр жатқан қоғырданға келеди. Олар батырдың уйқылап атырғанын көреди. Олар «сен бар, сен бар» деў менен батырға барыўға қорқады. Биреўлери:

— Бул батыр емес, әйтеўир жатқан адам ғой, үсти-басы жыртылып қалған, — дейди.

Гейбиреўлери:

— Батыр болса, батыр шығар, талай урысларда болып, үстиндеги кийимлери жыртылып қалған болыўы итимал, — деседи.

Қулласы, ҳәмелдарлар батырға барыўға қорқып, изине қайтып патшаға келип, тәжим етип көрген-билгенлерин айтады. Буны еситип, патша қара үйдиң керегесиндей етип, темир тор дүзетип, ҳәмелдарларына усы тор менен батырды услаў керек екенлигин айтады.

Ҳәмелдарлар торды апарып, батыр жатқан қорғанның үстине кийдирип қояды. Сөйтип, батырды тирилей услап патшаның алдына алып келеди.

Сонда патша:

— Сен не қылып жүрген батырсаң? Жаўмысаң ямаса душпанбысаң? Егер достымыз болсаң, мениң бас әскербасым боласаң. Егер душпан болсаң, басыңнан жуда болдым дей бер, — деп қәҳәрленеди.

Батыр бәңги көп ойланбастан:

— Мен сизге, елиме садық әскермен, өмиримнин ақырына дейин хызмет етиўге таярман, — деп жуўап береди.

— Қолында мыңлаған, он мыңлаған әскер қырылып атырғаны рас па? — деген патшаның сораўына ол:

— Аўа, тақсыр, қырылғаны ырас, — деп жуўап қайтарады.

— Ондай болса, — дейди патша иркилиңкиреп, — мен бир патша менен урыс алып баражақпан. Душпанларымыз ўатанымызға бастырып келетуғын еди. Усы саўаш майданында ерлик көрсететуғын бизде күшли батыр болмай тур еди.

— Уллы патшайым, — деди батыр бәңги, — сол урысатуғын патшаңыздан урыстан алдын қырық күн мәўлет сораңыз. Әне, қырық күннен кейин урысамыз дениз. Соған дейин мен бир ат алып, соны жақсылап бағайын.

Буған патша разылығын билдиреди. Дийўанға хат жаздырып, кейнине мөр басып, урыс ашатуғын

www.ziyouz.com kutubxonasi

патшадан қырық күн мәүлет сорап жибереди. Қоңсы душпан тәрептиң патшасы да сол дәуирдиң дәстүрлери ҳәм шәртлери бойынша бул усынысқа разы болады.

Сарай хызметкерлери батырды жақсылап жуўындырады, кийиндиреди. Әскерий бөлим батырға урыс әнжамларын, саўыт-сайманларын, найза-қылыш, оқжайларын таяр етеди. Бәңги батыр патшаның тулпарларын бирим-бирим көзден өткереди. Бирақ, бир де бир ат оның кеўлине унамайды. Жүйрик атларды бағатуғын жылқыманлардан да излестиреди, өзине сай атларды қарайды, хеш бир атты қәлемейди. Ақыры бәңги батыр ешек базарына келип, бир ешекти таңлайды ҳәм соны ғана сатып алады. Сонда патшаның ҳәмелдарлары:

— Сен неге ешек сатып алдың? — деп сорайды.

Батыр өзине ылайық ат табылмай, ешекти таңлағанлығын, усы ешек пенен жаўға қарсы шығатуғынлығын айтады. Батыр ешекти әкелип, оны бир қараңғы жайға салып, күн көргизбей қырық күнге дейин от-жемин, суўын берип баға береди.

Әне, қырық күн толғанда батыр ешекти далаға шығарып, ерлеп, жүўен салып, саўытын кийип, қурал-жарақларын алып турады ҳәм қасындағылардан ешектиң үстине жығылмастай етип байлаўды өтиниш етеди.

— Егер жығылсам ешек пенен қосыла жығылайын, — дейди батыр.

Патшаның ҳәмелдарлары батырды ешектиң үстине беккем етип байлайды. Сөйтип, ешекти оларға қарап киятырған душпанға қарсы айдайды. Урысқа киятырған әскерлер буннан алдын өмиринде көрмеген ат орнында жүрген ешекти көрип албырап қалады. Ешек қырық күнге дейин күн көрмеген соң, аңқырып, қос аяқта әскерлерге қарай жуўырады.

Буны душпанның әскерлери көрип:

— Алдымызда бир бәле киятыр, қашып қутылмасақ болмас, — деп, атларын кейин қайтарып, қашады.

Батыр қашқан душпанларының үстине қарай ешекти айдап, қуўа береди. Әскерлер бир көпирге келип, атлары топарласа зорға өтеди. Солардың ишинен бир әскер қалып, аттан түсип, өзи көпирдиң астында жасырынып турады. Батырдың астындағы ешек келе атқа жуўырады. Сөйтеди де кейин қайтады. Батыр кеткеннен соң көпирдиң астындағы әскер атына мине сала қашады. Илгериде кеткен көп әскер бир жерлерге барып, буны күтип тур екен. Жаңағы жалғыз қалған әскер жолдасларына:

— Киятырған адамның өзинен астындағы «бәлеси» батыр ма деймен, ол келе сала атымның кейни бетинен алдыңғы еки туяғын суғып, мени қайда кетти, деп қарады. Мен буны көпирдиң астында турып көрип едим, — деп жуўап қайтарады.

Буны еситкен басқа әскерлер «қудай көрсетпесин» деп қорқып елине қайтып, көрген хәдийсени патшасына, сарай ҳәмелдарларына, таныс-билислерине айтып барады.

Батырдың урыс майданынан аман-саў қайтқанлығын ҳәмелдарлар патшаға айтып келеди ҳәм душпанларынан елин азат еткенлигин айтады. Бундай хош хабарды еситкен патшаның кеўли толып, батырға өмиринше жететуғын дүнья-мал береди ҳәм оған қызлардың ишинен ең сулыў қызды алып берип, «бизиң батыр» деп атайды. Баяғы бәңги болған жигит нәшебентликтен қутылып, батыр деген атағын көтерип, мийнетиниң ҳәм патшаның дәўлетиниң нәтийжесинде келиншеги менен бирге өзиниң тапқырлығы, тереӊ ойы менен дәўран сүрип, мурат-мақсетине жеткен екен.

## ҚОС ЛАПГӨЙ

(Р-278, №84306)

Өткен ўақытларда еки өтирикши болған екен. Бара-бара адамлар булардың ырас сөзине де инанбайтуғын болыпты. Бул оларға жүдә батыпты.

Бир күни еки өтирикши ойласып, өзлериниң адамлар арасындағы абыройын тиклемекши болыпты. Олар ойласып бир хийле ойлап таўыпты.

Ертеңине олардың биреўи бир аўылға барып мийман болыпты. Бул қонған үйге бир талай адамлар мийманы көремиз деп жыйналысыпты. Келген адамлар мийманға:

— Мийман, көрген жаңалықларыңнан айтып отыр, — десипти.

— Кеше усы жерге киятырсам, жолда бир көл қамыс суўы менен қоса өртенип атырған екен, — депти өтирикши.

Сонда адамлар:

— Қамыс өртенсе, өртенген шығар, бирақ суўдың өртенгенин еситкен жоқ едик, — деп оның үстинен күлипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ертеңине екинши өтирикши усы аўылға мийман болыпты. Бунның үстине де кешеги адамлар келипти. Олар менен сөйлесип отырып, бул өтирикши де жолда бир көлдиң қамыс, суўы менен өртенип, бирталай балықлардың күйип қалғанын айтыпты.

Сонда адамлар:

— Кеше түндеги мийман дурыс айтқан екен, бизлер оның үстинен бийкарға күлиппиз, — десипти.

Баяғы ортадағы келисиўге муўапық, биринши өтирикши және бир аўылға мийман болыпты. Ол кеште мийманды көремиз деп келген адамларға:

— Бүгин сизиң аўылға киятырып, аспанда көшип баратырған көп кәрўанларды көрдим, — депти.

Сонда жыйналған адамлар:

— Мына адамның еси дурыс емес қусайды. Кәрўан да аспанда көшеме екен? — деп оны масқаралапты.

Ертеңине оның изинен екинши өтирикши усы аўылға мийман болып келипти. Ол ишкериге кирерден алдын қолындағы бес-алты уўықты капталға сүйеп қойыпты. Кеште қонақты көремиз деп келген адамлар буны да гәпке тартыпты:

— Кеше усы аўылыңыздың тусынан ешекли өтип баратырсам, қула дүзде хәр жерде бир талай уўықлар жатыр екен. Ҳайран болып турсам, және бир уўық алдыма жоқарыдан дүрс ете қалды. Жоқарыға қарасам, сизлерге өтирик, маған шын, аспада узын бир кәрўан көшип баратыр екен. Уўықлар сол кәрўаннан түсип қалған екен, — депти.

Сонда жаңағы адамлар:

— Ўаҳ, кешеги мийманның үстинен бийкарға күлген екенбиз, — деп пушайман болыпты.

Усылай етип өтирикшилердиң сөзи ырасқа шыққан екен.

## СУҒАНАҚ МОЛЛА ҲӘМ ПЕРИШТЕЛИ БАЛА

(Р-565, №176508)

Бурынғы өткен заманда бир молла болыпты. Ол қуран-ийманды толық билмесе де, билгенинше айтып, адамларды алдап күн көрипти. Ал қолайы келгенде урлық ислеўден де қайтпайды екен. Оның жалғыз бир баласы болыпты.

Бир күни ол баласын ертип барып, қоңсы отырған дийқанның қаўынына урлыққа түспекши болыпты. Урлық дегенниң жаман екенлигин бала билсе де, әкеси айтқаннан кейин илаж ете алмай, изине ерип жүре береди. Молла дийқанның қорасының қасына келгеннен кейин баласына қарап:

— Балам, сен усы жерде қараўыл болып тур. Хабардар бол, биреў-миреў көрип қоймасын. Көрсе, маған тезден хабар бер, — дейди.

Баласы «Болады» деп қора түбиндеги тасада қалады. Молла қорадан атлап түсип, қаўынды сайлап жүрип қапшыққа сала береди. Бала әри-бери турып шыдамы таўсылады. Оған бул хәрекетлер хеш унамайды. Ақыры әкесине жақынлап барып сыбырлап:

— Аға, тез бол, ана жерде бизди биреў аңлып тур, — дейди.

Моллада жан бар ма, қапшыққа салған қаўынын атызға төге сала қорадан зытқып шығып, зып береди. Қорадан шығып, үйине жақынлап қалғанда:

— Кәне, балам, қай жерден, қалай көрдиң? Қай жақтан келди, қай жаққа кетти? — деп баласынан асығыслық пенен сорай баслайды.

— Ол адам кеткен жоқ аға, еле көрип тур, — деп жуўап береди баласы.

— Ол ким? Кәне? — деп молла албырағанынан баласынан қайта-қайта сорай береди.

Бала:

— Ол қудай емес пе, аға?! Өзиңиз ғой, «кимде-ким урлық етсе, қудайға гүнакар болады, ол бәрин көрип турады» дейтуғын. Онда ол сизиң де урлық еткениңизди көрип қойды. Енди өзиңиз де оған гүнакар боласыз, — деп жуўап береди.

Молла баласының сөзине жуўап таба алмай қалады ҳәм перзентинен жеңилгенин жаңа билип, оғыры уялады. Соннан баслап ол өзиниң қолысуқлығын бир өмирге қойып кеткен екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## КӨРСЕБАСАР

(Б-13. № 13840)

Бурынғы өткен заманлардың биринде, бир қалада тышқан оғыры көбейип кетипти. Қаланың адамлары тышқанды қалай қуртыўдың жолын билмейди екен.

Бир күни басқа қаланың бир адамының усы тышқаны көп қалаға иси түсип, жолға шыққанда ол бир пышықты қолтығына қыса келипти. Базар-ошары питкеннен кейин бир танысының үйинде қоныў ушын тоқтапты.

Үй ийеси оған жатарда бир таяқты берип:

— Мына таяқ пенен өзиңди қорғап отырмасаң, бизиң журтта «тышқан» деген мақлуқ көп, олар түнде қулақ-мурныңды жеп кетеди, — депти.

Келген мийман оларға:

— Сизлер, қорықпастан шыраны өширип уйықлай бериңлер. Мен бир илажын етемен, — депти.

Булар жатып қалғаннан кейин пышық үйдеги тышқанлардың бәрин ныпкырт етипти. Азанда олар орынларынан турып қараса, пышық тышқанларды жегенинше жеп, қалғанларын қырып таслаған екен. Үй ийеси де, қоңсы-қобасы да ҳайран қалысып, дәрриў бул хабарды қала ҳәкимине жеткерипти.

Қалабасы бул хабарды еситиўден қуўанып, дәрҳал бир адам жиберип пышығы бар мийманды шақыртыпты да:

— Ҳа, мийманым, мына қасыңда алып жүрген ҳайўанның аты не? — деп сорапты.

Сонда мийман ҳәкимге:

Бул ҳайўанның аты Көрсебасар, барлық тышқан питкенниң жаўы, қалаңызда тышқан қалдырмай қырып береди, — депти.

Қала ҳәкими бул жаңалыққа шады-қуррам болып:

— Олай болса, Көрсебасарды бизге сатыңыз. Баҳасы қанша болса да аламыз, — депти.

Мийман келисипти. Көрсебасар ушын қала ҳәкими бир табақ алтын тилла ҳәм бир табақ гүмис ақша берипти де:

— Көрсебасардың қандай минез-қулқы бар, билип қойғанымыз жақсы, — депти.

— Оны ашыўландырыўға болмайды, егер ашыўлана қойса, пүткил қаланы қыран-топан етиўге қүдирети жетеди. Ол ашыўланса, әдетте жүнин үрпейтип мырылдайды, — депти.

Пышық ийеси ҳәким менен хошласып өзиниң аўылына кетипти. Ҳәкимниң сарайында қалған пышық дәслеп сарайдағы, кейин қаладағы тышқанлардың бәрине қырғын тийгизипти.

Бир күни қала ҳәкими жылқы сойып, гөшин писирип жеп отырып қасында отырған пышыққа да гөштен кесип таслаған екен, пышық гөшти ҳәкимнен қызғанып, қатты абай етип мырылдап гөшке умтылыпты. Бундайды көрмеген қала ҳәкими қаланың халқына «Көрсебасар ашыўланып атыр. Дәрриў қәўипсизлеў жерге барып турың» — деп буйырыпты. Соннан кейин қала халқы қаланы таслап бир көлдиң бойына барып жайғасыпты.

Арадан еки үш күн өткеннен соң ҳәким қаланың жағдайын билип қайтыў ушын Қалқаман хәм Еламан деген еки батыр жигитлерин жибереди. Батырлар қалаға келсе, қала бурынғы турысында турғанын көрип, көшелерди аралап қала ҳәкиминиң жайына келеди.

Адамлардан айырылып, бир өзи қалған пышық қала ҳәкиминиң дийўалының басына минип отыр екен. Дийўалдың түбине келген еки атлы адамларды көрип, ол дийўалдан батырдың биреўиниң атының арқасына секирип минипти.

Қос батыр қатты қорқып кетип, қашыў пайында болғанында атларынан жығылып қулап қалады. Еки ат келген жағына қарай қашыпты. Пышық аттың ерине жабысып кетеди. Қала адамлары «Кеткен еки батыр қашан келер екен?» деп жолына айдай қарап отырған екен. Олар узақтан шабысып киятырған еки атты ҳәм ердиң үстинде отырған пышықты көрип: «Бул ана еки батырды қуртып, енди бизлерге киятырған екен» деп ойлап, алды-артына қарамай қашыпты. Усыннан баслап «Болды-я бир пышықбасты» деген нақыл сөз қалған екен.

Көрсебасар сол кеткеннен өз аўылынан бир-ақ шығып, ийесиниң сүйикли пышығына айланыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## КӨКНАРДЫҢ КӘСАПАТЫ

(Р-565, № 176508)

Бурынғы өткен заманда бир көкнаршы адам болыпты. Көкнаршының жүдә пайызлы ҳәўли-ҳәреми ҳәм бағы болған екен. Көкнаршы усы бағдағы сыпада отырып, нәше етип көкнар ишиўди жақсы көреди екен. Ол көкнарды езип болып, шөбиресин сыпаның алдына таслай береди екен.

Буны дән излеген бир шымшық көрип, көкнар шөбиресин шоқып жеп көрипти. Шөбире шымшыққа унапты. Енди ол ҳәр күни көкнаршы көкнар ишкенде усы жерге келип, ол таслаған шөбирени шөплей беретуғын болыпты.

Бир күнлери көкнаршы көкнарды қойып, тирийек жейтуғын болыпты. Баяғы шымшық үйренген әдети бойынша тағы келип, көкнаршыны аңлып отырғанда, оған көкнаршының көзи түсипти. Ол сонда қолындағы тирийектен бир шымшым алып, шымшыққа ылақтырыпты.

Шымшық енди көкнардың шөбиресин шөплегендей мүлгип отырмай, жин урғандай жуғырлай баслапты.

Шымшықтың бул қылығы көкнаршыға қызық көринип, ол бир жумалақ тирийекти алып шымшыққа таслапты. Шымшық тирийекти қағып алып жеп қойыпты.

Тирийекке тойған шымшық көзи аларып, пәрлери үрпейип, жини қозып, ушып кетипти. Ол ҳаўада ушып баратырған қырғый қусты көрип, оның дал-далын шығарыў ушын соған тасланыпты. Қырғый оның менен көп тасласып отырмай-ақ жеп қояды. Шымшықты жеген қырғый қустың бир ўақытта түси өзгерип, ол да баяғы шымшық қусап қутырып, ылағып, бир теңизге шығып кетеди. Тениз үстинде ушып жүрсе, бир үлкен жайын балыққа көзи түсипти.

Ол усы жайынды тутып алыў ушын өзин жайынның үстине таслапты. Қырғыйдың тырнағы арқасына батқан жайын қуйрығын қайырып серпип, үстиндеги қырғыйды қағып жибереди. Қырғый жалп етип суўға түсипти. Жайын да қарап турмастан, қырғыйды бир жалмап жутыпты.

Енди мәс қырғыйды жутқан жайын қутырып, басқа балықларды қуўып, тенизди пәтеңге келтирипти. Ақырында өрден ыққа шапшып, жағаға шығып қалыпты.

Жағада жатырған жайынды бир топар балықшылар көрип, оны арбаға тийеп аўылына алып келипти. Сол күни балықшылар аўылы жайынның гөшин аўқат етипти. Олар жайынның гөшине тойып болған ўақытта баяғы тирийек «кәраматын» енди буларға көрсете баслапты. Жайын балықтың гөши адамлардың булшық етин қыздырып, түни менен жатқызбайды. Олардың биреўлери жин урғандай ишек-силеси қатып күлисипти, биреўлери екиншилерине алып топылып, таң атқанша аўыл иши қыян-кестен болыпты. Олардың шаўқымын қоңсы аўыллар да еситипти.

Ертенине мазасы қашқан балықшылар тенизге шыға алмай, аўыл бир неше күнге дейин аш қалыпты.

## АЛДАР КӨСЕ ҲӘМ БАЙ

(Р-565, № 176508)

Әйемги өткен заманда бир сықмар бай болған екен. Ол үйине қонақ қондырмайтуғын қатты сықмар болған екен.

Сол заманда Алдар көсе деген, өзи ақыллы, буның үстине қуўақы адам болыпты. Бир күни ол узақ жолға сапар шегип кетип баратырып, баяғы байдың үйине келип байға:

— Бай аға, үйиңе қудайы қонақ болайын деп едим, — депти.

— Ҳәй, бала, билмедим, бизиң үй тар-аў, — депти бай сықмарлығы тутып.

Сонда Алдар көсе атына қайтып минип:

— Минсем, минис бермейди бул ақмақ, қонайын десем, қондырмайды бай ақмақ, — деп, атын сабалай кетипти.

Оның бақырысын адамлардың еситип, масқара болыўдан қорққан бай:

— Мейли, қонағой, — депти илажсыздан.

Алдар көсе аттан түсип байдың үйине кирипти. Кирсе, байдың ҳаялы ғазды, ал келини бир қоразды пәринен тазалап отыр екен. Олар Алдар көсенин кирип келгенин көрип, қолларындағы ғаз бенен қоразды дәрриў астларына басыпты.

Алдар көсе буны көрсе де, көрмегендей болып тым-тырыс отыра берипти.

Бираз ўақыттан кейин бай есиктен кирип келип, Алдар көсеге:

— Қалайсыз, мийман, жақсы отырсыз ба? — депти.

— Қудайға шүкир, мен жақсы отырыппан-аў, бирақ анаў ҳаялыңыз бенен келиниңиздиң астындағы ғаз бенен қоразға дым қыйын болды, — депти.

Гәптен жеңилген бай ғаз бенен қоразды Алдар көсеге писирип бериўге мәжбүр болыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## САДАҚА
(Р-565, № 176508)

Бурынғы өткен заманда бир адам өмиринде дәрьядан муз арқалы өтип көрмеген екен. Бир күни дәрьядан муз арқалы өтиўге туўра келипти. Дәрья бойында узақ турып тоңып:

— Усыдан аман өтсем, бир қой қудай жолына садақа, — депти де, тәўекел етип, еплеп муз үстинен жүре баслапты.

Орта жерге келгенде, «Қудай да алдағанға исенеди екен-аў» деп бир-еки адым атқанда, аяғы тайып кетип жығылыпты. Сонда ол:

— Ҳаў, Аллатаала, беремен деген соң, беремен ғой, — деп орнынан турыпты.

Аман-есен жағаға шыққан соң ол:

— Мен усы жасыма келгели қанша мийнет етсем де, қой түўе бир таўық та аўыстырып жыйнай алмадым, егер бир қой тапсам, қозылатып көбейтип, үйленбес пе едим, — деп гүбирленип жүргенде аяғын бир томар қағып кетип жығылыпты. Сонда ол:

— Қарызлансам да берейин, Қудайтаала, ең болмаса бир жума мәўлет бер, — деп тәўбе етипти.

## ҚАРА ҚОЙ
(Р-280, № 87758)

Бурынғы ўақытларда бир молла болыпты. Усы молла адамларға:

— Кимде-ким ораза айында дүньядан қайтса, ол адамның орны о дүньяда жәннетте болады, ал ораза тутпағанлар дозаққа барады. Ораза тутпаған адам өлип қалса, оған намаз шығарыў гүлли гүна, — деп, адамларды қорқытып жүреди екен.

Оның гәпине бола, хәмме бейиштен орын алып қалыў ушын талапланып, мәзи ораза тутыўға кириседи екен.

Адамлар бир күни молланың усы гәплерин бир сынамақшы болыпты. Олар моллаға келип:

— Моллеке, бизиң аўылдағы Өмекең бир жақсы адам еди. Сол кеше ақшам дүньядан қайтты, — деп хабарлапты.

— Ҳәзир ораза айы ғой, ол өзи ораза тутатуғын ба еди? — деп сорапты молла хабаршыдан.

— Оның бир кемиси — ораза тутпайтуғын, намаз оқымайтуғын еди. Бирақ ҳаялы Өмекеңниң жаназасына үлкен бир қара қой байлап қойыпты. Маған сизди шақырып кел деп жиберип еди.

— Қудай рәҳим етсин, өликтиң үйде көп жата бергени дурыс емес, оны тезирек жерине жеткизиў керек. Қәне, тезирек барайық, — деп молла асығып сәллесин орай баслапты.

Сонда жаңағы адам:

— Ҳаў, молламыз, бул қалай? Ораза айында ораза тутқан адамды ғана жерлеўге болады. Ал, ораза тутпағанның жаназасын шығарыў былай турсын, хәтте көмиўге болмайды дегениңиз қайда? — депти хабаршы.

— Жақсы адамды ҳаялының кеўлине қарап-ақ шығара бериўге болады, — дейди сонда молла.

— Тақсыр, Өмекеңнин ҳаялы да ораза тутқан адам емес.

— Оның зыяны жоқ. Олардың барлық гүнасы қара қойдың мойнына өтип кетеди, — депти молла.

## ДӘЎМЕН УЎАЙЫМШЫЛ
(Р-98, № 3435)

Өткен заманда Дәўмен деген бир жигит болады. Ол үлкен атақлы байдың баласы екен. Дәўмен дүньяға шығып, есин билгели уўайымсыз күни ямаса түни өтпепти. Не болса соның уўайымын жей береди екен. Бир күни Дәўмен уўайымшыл өзинен-өзи аспанға қарап гүбирленип:

— Япырмай, аспанды тиреп турған нәрсе жоқ, бул жерге түсип кетсе, адамлар астында қалса, жургтың күни қалай кешеди?! — дейди.

Соның менен бирге мудамы буған аспан жерге түсетуғындай, таң атпайтуғындай, ай туўмайтуғындай, күн шықпайтуғындай, күн батпайтуғындай, жүрген жери ойылатуғындай, аштан өлетуғындай, көштен қалатуғындай, өз қатарынан кем болатуғындай, дүньяда жалғыз өзи қалатуғындай, үйи-жайы. жери, суўы,

www.ziyouz.com kutubxonasi

малы болмайтуғындай көринеди де турады.

Бир күни өзи қатарлы жигитлердиң ҳаялын, баласын көрип үлкен уўайымға қалады. Дәўмен уўайымшыл:

— Әкем енди маған қашан қыз алып береди? Қашан үйленемен? Жасым жигирма беске келди. Қашан балалы боламан? Ол бала қашан кәмалға келеди? Журтларда бала бар, балалары ер жетип қалды, менде бала жоқ, үй де жоқ, дүнья да жоқ, — дейди.

Бир күнлери әкеси баланы үйлендиреди. Бир жарлының қызын алып береди, сөйтеди де ҳешнәрсе бермей, «өз күнлериңди көриңлер, тис шыққан балаға шайнап берген тамақ болмайды» дейди де, оларды басқа шығарады.

— Әкемниң бул маған не қылғаны? Маған сақал-мурт шығып баратырған жоқ еди, ямаса белим бүкирейип, бетиме әжим енип қартайып баратыр ма едим? Маған неге қыз алып берди? Буны қалай ҳаял етемен, қалай асырайман, қалай кийим-кеншек таўып беремен? Менде ҳеш нәрсе жоқ, бунысы бурынғыдан бетер ақыр заман болды-аў, — деп гүбирленип отырса, ҳаялы:

— Не деп гүбирленип отырсаң, шабазым? — деп сорайды.

Жигит:

— Әй, шабазым, несин сорайсаң, олай-булай деп отырман, — депти де, ишинен «ҳаялдың бул не дегени? Есиктен келмей атырып төр меники дегендей маған үстем болайын дегени ме? Бул бара-бара маған үстем болып алады ғой. Өзи бир жарлының қызы, маған ақыл береди. Баланы жастан, қатынды бастан деген, буның басынан таяқ айырмайын» деп ойлапты.

Ҳаялы ақыллы, ҳәр нәрсеге зейини жететуғын, қолынан түрли ис келетуғын күтә қарыўлы ҳаял еди. Ериниң кеўлин алып:

— Шабазым, кеўлиңе ҳеш нәрсе алма, уўайымды жеме, мен саған ақыл берейин деп жүргеним жоқ, мениң саған ақыл бериў түўе, ақылым өзиме жетпейди. Сонда да биреўдиң дигирманын тартарман, келисин түйермен, суўын алып келип, отынын арқалап апарып берермен, — дейди.

— «Ешки баслаған қой оңбас, ҳаял баслаған жол оңбас», сениң арқаңнан күн көремен бе?! Жоқ, ол болмайды, — дейди.

Ҳаял:

— Болмаса да айта берейин, быйыл дийқаншылық етейик. «Жер қудайдың ғәзийнеси» деген. Дийқаншылық ете қойсақ, қудай берсе, бир көтерилип қалармыз, — дейди.

Сонда ол ҳаялына:

— Енди мен сениң дасмалыңды сығып жүремен бе? Ислегиң келсе, өзиң исле, ислемесең, өзиң бил, — деп кетип қалады.

Ҳаял өз бетинше дийқаншылық етеди.

Бир күни Дәўмен үйине келип:

— Усыны неге ектиң? Енди бул егин қаяқтан суў ишеди? Суўы қайда? Ол қалай писеди, оны ким күтеди? Саў басыңа саўданы сатып алып, усының аўырманлығы мениң басыма түседи-аў, — депти ҳаялының басын қатырып.

Ҳаялдың еккен дийқаншылықлары писеди. Қыс азығы пүтин болады. Жай салады, мал алады. үсти-баслары, үй ишлери дүзетилип қалады. Ҳаял ул туўады.

Ҳаялы бир күни оған:

— Шабазым, мениң айтқаныма енди исенген шығарасаң, биреўден илгери, биреўден кейин адам болдық. Енди сен усы уўайымыңды қой, — дейди.

— Бурын «биреў еди хәңгилим, екеў болды шәңгилим» дегендей, бул баланы ким бағады, малларға ким қарайды? Булар аштан өледи ғой, ҳеш жерде мал оты да жоқ, — депти.

Ҳаялы:

— Шабазым, енди қоя ғой, усы күнге дейин уўайым жегениң болар. Енди екеўимиз бирге ислейик, — дейди.

Жигиттиң басын, енди гүз киятыр, қатты суўық болары бар, қар жаўып қалары бар, үйде бир түйир отын жоқ, буны қаяқтан алып келемен, деген дүньяның уўайымы басады.

Ҳаял оны және жубатып:

— Бәриниң де илажы болар. Шабазым, сен уўайымды қой, — депти тағы.

Жигит бир күни түс көреди. Түсинде күни-түни жеген уўайымы көринеди. Ол шоршып ояныпн, көрген түсинен қатты қорқып, өзине келе алмай-ақ аманатын қудайға тапсырыпты.

Сонда ҳаялы оның басында жылап отырып:

— Әне, шабазым. «Уўайымның түби ойран» деп айттым ғой саған, — деп жылаған қусайды. Соннан берли усы сөз халық арасында нақыл болып қалған екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АДАМ БОЛҒАН ЕШЕК
(Р-89. № 24617)

Ерте заманда қарақалпақ журтында бир адам базардан ешек сатып алып, сол ешектиң арқасынан күнин көрипти.

Бир күни ол күнликшилик етип, ешегине биреўдиң жүгин артып, узақ шөлистанлық пенен киятырса, изиндеги ешеги тоқтап қалыпты. Сонда жаңағы адам «хә, ҳарам өлгир» деп, кейнине қараса, жетеклеп киятырғаны ешек емес, бир адам. Зәрреси қалмаған ол ешектиң жибин таслай сала, алды-артына қарамай қашады. Адам болған ешек оның кейнинен:

— Ҳә, адам, сен неге мени сүйреп, шаршаған жеримде қашып баратырсаң? — деп оның изинен бақырыпты.

— Қашпай не қыламан, ешектиң адамға айналғанын қаякта көрдиң?! — депти ешектиң ийеси артына қарап.

Бул сөзди еситип адам болған ешек:

— Ҳә, жора, сен мениң аўҳалымды сорасаң бойма? Мен ўақтында мәс болып өткен жигит едим. Бир күни үйимдеги анамның кеўлине тийип алдым. Ол ғарғаса, ғарғысы қәте кетпейтуғын еди. Анам маған ашыў етип, «хә ешек» деп еди. Сол ғарғыстан мен ешек болып, сениң қолыңа түстим. Көп ўақыттан берли ешек едим. Бүгин анам ғарғысын қайтып алған болыўы керек. Қәпелимде адам сүўретине келдим, — депти.

Буған ешектиң ийеси инанып, үйине кете береди.

Сол ўақытта ешекке айланған урының шериги жаңағы адамды баплаған урыға:

— Сен шынында да өз исиңниң устасы екенсең, мен оны бүйтип алдай алмас едим, — деп бәсекиге қойған пулды қалтасынан шығарып берипти.

Солай етип, еки уры жолларын даўам етип кетеберипти.

Ешектиң ийеси қолына ноқтасын алып үйине барып, көрген-билгенин ҳаялына айтады. Бул сумлықты еситип ҳаялы ҳайран қалады. Ол аш қалмаў ушын, бийшара, үйиндеги барын сатыстырып, ешек алыў ушын келеси базар күни қалаға барады. Барса, базарда баяғы еки уры буның ешегин базарға салып тур екен. Ол ешегин таныпп:

— Ҳәй, нәлет болғыр! Анаў күнги меннен қутылған адам үйине бара сала және анасының зейнине тийген екен-дә, анасынан ғарғыс алып, және ешек болып базарға түсип турғанына қара, — деп кетип баратыр дейди.

## ЕКИ ДОС
(Р-98, Қ 3435)

Әййемги өткен заманда еки жигит биреў-биреўи менен қыяметлик дос болады.

— Мен өлсем, сен көм, егер сен өлсең, мен көмейин. Биреў-биреўимизден өлмей айырылмайық, қайда барсақ, бирге барайық, бир тислем нан тапсақ, бөлисип жейик, — деп нан усласады.

Бир күни екеўи егиз қозыдай тиркесип бир елге қыдырып кетеди. Бир жерлерге барған ўақытта алдынан бир жолбарыс шығады. Екеўине де тышқан тесиги мың тилла болады. Жолбарыс буларға жақынласа береди. Биреўи:

— Сен усыманда тур. Мен жолбарыстың сырт бетинен барып билдирмей келип жолбарысты урып өлтирейин. Сөйтип екеўимиз де өлимнен қутылайық, — деп, жолдасын алдап қашып кетеди.

Әри-бери күтеди. Жолдасынан дәрек болмайды. Жолбарыс жақынласып келе береди. Ал енди жолбарыстың алдына келген жигит:

— «Жаман жолдасын жаўда қалдырады» деген усыдағы. Ырас тораңғылдан болған достымыз екен дә. Мейли, не болса көрермен, — деп жолбарыстың алдында тура береди.

Бир ўақытта жолбарыс келип жигитти услап алып:

— Жолы болар жигиттиң жеңгеси шығар алдынан дегендей, алдымнан шыққанның жақсы болды-аў. Дым аш болып киятыр едим. Сени жеп тамағымды тойдырып алайын, — деп аўызын сала бергенде жигит:

— Достым, тоқтап тур, достымнан пәнт жеп турғанда мени жеп қойып, пәнтқумар етпе, — деп жалынады.

Жолбарыс кейин шегинип:

— Ол ким саған пәнт берген? — дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит жаңағы қыяметлик достынын жолбарыстың артынан келип өлтиремен деп алдап қашып кеткенин айтады. Жолбарыс:

— Онда сени жеп карным тоймас. Сени жемегеним менен өлип калмаспан. Сени пәтқумар етпейин, сен мәрт жигит екенсен. Узақ жаса, мен қашып кеткен достыңды тауып алып жейин, — дейди де, кетип қалады.

Жигиттиң еки наны бар екен. Достым жемесе бәлени жесин деп, жолбарыстан аман қутылғанына садақа берип, баратырған жағына қарап кете береди. Азмаз жүргеннен кейин бир түп торанғылдың басында отырған баяғы достын көреди. Достынын киятырғанын көрип торанғылдан секирип түсип:

— Ассалаўма-әлейкум, достым, аман киятырсаң ба? — деп қолынан алады.

Жигит:

— Қой, сендей достың, оның қолынын маған кереги жоқ, — деп қолын бермейди.

Қашып кеткен жигит:

— Достым, мен қашып кеткеним жоқ, жолбарыс саған не қылар екен деп торанғылдың басына шығып қарап турдым. Инансан усы, егер инанбасаң, «ер шекиниспей бекинспейди» деген ғой, жарасып кетермиз. Бурынғыдан да бетер дослығымыз артар, қолыңды бер, достым, «үлкен әўлийе болғаныңнан не пайда, кеширимин болмаса» деген, — деп кеширим сорайды.

Жолбарыстан аман қутылған жигит:

— «Бир сынаған жаманды еки қайтара сынама» деген нақыл бар еди. Бирақ сенин сөзиң «шошқадан қорқып турғаным жоқ-аў, жарып кетер ме деп турман» дегендей болды. Мейли, жақсылығымды билсең билерсең, билмесең қоярсаң, «тас пенен урғанды ас пенен ур», — деп қолын береди. Екеўи қайтадан дос болады. Сөйтип елге қарай жүрип кетеди.

Бир жерлерге барғанда жолбарыстан қашып жүрген жигит:

— Достым, бетиме бир сүйир шыбын қонып шағып баратыр, соны өлтирип жиберши, — дейди.

Жолбарыстан аман қалған жигит достының бетине қараса, сүйир шыбынның қонып турғанын көреди. Тезден:

— Ҳә, жаўыз сүйир шыбын, сен жейтуғын адамды тапқан екенсең. Сени урып өлтирейин, — деп достының шыбын қонып турған жағына шаппат пенен қатты урып жибереди. Шыбын менен бирге достының еки тиси жерге ушып түседи. Досты:

— Мейли, достым, мениң берген пәнтиме қайтардың ғой, — дейди анаў досты.

— Ер шекиниспей бекиниспес деген, дослығымыз беккемлесер, — дейди.

Екеўи алға қарап жүре береди. Жүрип-жүрип бир жерге барып дем алады, жамбаслап жатады, жолбарыстан қутылған жигиттиң бетине сона қонып шағады, бул қасындағы достына:

— Бетимдеги сона шыбынды өлтирип жиберши, — дейди.

Досты тезден орнынан түргелип, дигирмандай бир тасты әкелип достының бетиндеги сонаны урып жибереди. Достының маңлайы жарылып өлип қалады. Сөйтеди де достын өлтирип, баратырған жағына кете береди.

Бир ўақытта бир әўлийениң қасына барғанда тумлы-тусынан жалтырап от көринеди. Қашайын десе, от қоршалап жақынлап келе береди. Жигит қорыққанынан басына шапанын жамалып, белбеўине дейин бир гөрдиң ишине тығылып жатады.

Бираз ўақытттан кейин, япырмай, аяғым гөрдиң сыртында қалып қойған еди, ҳешнәрсе жеп қойған жоқ па екен деп, аяғын қыймылдатып көреди. Аяғының аман екенин биледи. Әстен гөрден басын суўырып алып, жән-жағына қараса, ҳешнәрсе көринбейди. Әстен орнынан турып:

— Қой, достым болса өлип қалды, өзим болсам көрмеген бәлелерди көрдим, енди ҳеш қайда бармай-ақ, үйге қайта берейин, — деп үйине қайтады.

Үйине жақынлап келсе, есигинин алдында ийинлерине мылтығын асынып турған жигирмалаған атлыны көреди.

— Япырмай, «бийдәўлет базарға барса, түйе үстинде ийт қабады» деген, мен сорлы. Бизиң үйге баспашы ямаса жаў келип қалған екен, — деп, үйине бармастан, жаптың ишине түсип қашады.

Былайырық барып, таң атқанша усы кәрада жатайын, үйге тан атқан соң барайын деп, жаптың ишинде жатады. Бираздан кейин ай туўады, үй бетине басын көтерип қараса, баспашы деп жүргени геллеклеп қойған қара тал болып шығады. Мылтық деп жүргени геллектиң басындағы бирли-ярымлы кесилмей қалған қада болып шығады.

Жигит түргелип үйине барады. Қара үйдиң есигин ашып үйге кире берген ўақытта ергенектиң басындағы ергенекти байлап қоятуғын жип мойнынан түсип, үйдиң ишине қарап жығылады. Қолын ошақтағы қоламтаға тығып алып, қолы күйип қалады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МЕНМЕН БОЛСАҢ КӨГЕРМЕЙСЕҢ
(Р-484, № 176427)

Бурынлары бир бай өзиниң ҳәўлисинде улыўма күндиз ҳәм кеште айбат етип үрдирип қойдырыў ушын арнаўлы түрде бир жерден ийт әкелдиреди. Күнлерден күн өтип, байдың бир дийқаны байда жумысы болып, есигине кире бергенде аңсыз дийқанға есиктиң аўзындағы байдың байлаўлы ийти «ҳап» деп жана асыла бергенде ийттен қорғаныў ушын дийқан белбеўине илдириўли турған қынаптан қанжарын суўырып алып, ийттиң өкпе-жүрегине бир урады. Қанжар ийттиң қарнына кирип кетеди. Ийт сол жерде өледи. Буны сезген мақтаншақ жаўыз бай не қыларын билмей, дийқанға пәтленип:

— Ўә, есерсоқ, сениң кимнен тиреўиң бар, ийтти өлтиргендей?! Айт тезирек, есерсоқ, есерсоқ?! — деп бир сөзди қайталай береди.

— Бай аға, сизге жумысқа киятырғанымда ийтиңиз маған асыла «ҳап» деди. Сонлықтан да оны өлтирдим, — дейди дийқан.

Усы сөзлерди айта бергенде ызаға шыдамаған бай:

— Қысқарт, енди тилиңди кесемен, тилиңди! Қәне, айт, ийттиң қунын төлейсең бе? Ямаса ийттиң орнына ийт боласаң ба? Қайсысы мақул? Ийт болғың келсе, күндиз де, түнде де үресең, аўқат ишесең, қайсысы дийдиңе қолай? — дейди бай салпы муртларына қолын апарып атырып.

Әлбетте, ийттиң қунын төлеўге шамасы жетпегенликтен, дийқанның өмир бойы байдың жарытпасын, аўқатын ишип жүриўге илажсыздан көнеди. Ол әўелги күнлери үргенде, адам болғанлықтан, даўысы адамның даўысындай болып шығады. Оның кейин ала, «басыңа түссе, баспақшы боласаң» дегендей-ақ, үрген даўысы ийттиң үргенине уқсай баслайды, үйренеди.

Бир күнлери ол жети қарақшының киятырғанын көрип, шабаланып байдың тамын айланып үре береди. Бул ўақ түн еди. Жети қарақшы байдың үйине кириўден дийқан үриўин пәсеңлете баслайды. Жети қарақшы байдың жайына кирип, хеш кимге билдирмей, баҳалы затларын урлап қашып кетеди.

Менмен бай азанда оянып қараса, өзиниң жерде жатырғанын, төсенип жатырған пәр төсегиниң ҳәм жамылып атырған көрпесиниң өзин түсинде көрмесе, оңында көрмейди. Буларды көрип, бай бет-қолын да жуўмастан, жайының екинши бөлмесине кирип кетеди. Ҳәтте ол бул рет ол намаз оқыўды да ядтан шығарады. Жайына кирип келсе, мылтығын, баҳалы сандықларын, көрпе-төсеклерин ҳәм ағаш кәтин көре алмайды. Бай дийқанды урлаған шығар десе, дийқанның ҳақ екенлигин бурын билетуғын еди. «Не де болса дийқан ийтиме барып, «неге затларды урлатасаң?!» деп ойланып, ийти турған жерге келеди ҳәм «ийтине»:

— Ҳәй, сен не бағып жүрсең?! Затларды неге урлатасаң? — дейди бай қабағынан қар жаўып.

Дийқанның урылардың келгенинен хабары болып, байды бапламақшы еди. Ол көп иркилмей:

— Бай аға, менде қандай гүна бар? Тамды айланып шабаланып үрдим ғой, еситпедиңиз бе? — дейди.

— Неге сен үриўдиң орнына маған урылардың келгенлигин хабарламадың? — дейди бай ашыўланып.

— Бай аға, мени ийт орнына теңгерип қойыпсыз, тамағым болса ийттиң тамақларынан басқашалаў, нанның күйиги, азырақ айран, муздай суў ҳәм сондай аўқаттың төмен қыйлысы. Ийтиңиз бурын өзиң менен сөйлесетуғынбеди?! Урыларды хабарландыратуғынбеди? Сиз мени ийт орнына қойғанлықтан тилим жоқ болады ямаса сөйлемеймен. Ал, бай аға, ойланың! — дейди дийқан кеўилленип.

Сол ўақытта бай ойланып қараса, өзиниң менменликке, жаўызлыққа, алдаўшылыққа кеткенлигин сезип, дийқанның гәпине түсинип, оны ийтлик ўазыйпасынан босатқан екен. «Сөз жүйесин тапса, мал ийесин табады» деген халқымыздың нақыл сөзи усыннан қалған екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БҮРГЕ ДЕҢГЕНЕ
(Р-1085, №182787)

Туттым бүргениң ағыны,
Тутқа байладым тағыны,
Алты батпан ақ яғыны.
Өткен базар сатпадым ба?

Мен достымдикине бардым,
Бүрге де жыбыр-жыбыр,
Мен де жыбыр-жыбыр,
Турдым да қаштым,
Алты айшылық жол астым.
Ал кейниме қарасам,
Тумсығы ала бир бүрге,
Жетисти, хә, жетисти.
Тутысты, хә, тутысты,
Бүрге мени бир жықты,
Бүргени мен еки жықтым,
Бүргениң мурнын тестим,
Ала шунақ жип естим,
Жеңгем менен мингестим,
Әмиўдәрьясын кештим.
Гүрленниң дәрўазасын аштым,
Бастым да, бүргени сойдым,
Қассаплар баҳа қойды,
Баҳасына пулы жетпеди,
Алпыс батпан гөш еттим,
Жетпис батпан май еттим,
Гөшин қассапқа бердим,
Майын майшыға бердим,
Терисин қолдан ийледим,
Алтмыш әренде болды,
Жетмиш түренде болды,
Қалқаны усы отырған ағабий ағамның,
Шолақ пышағына,
Қын шығады, я шықпайды.

* * *

Туттым бүргениң анасын,
Тутқа байладым танасын,
Жер сүдигар етпедим бе?
Бир бүрге тепти диземе,
Келдим алты айда өзиме,
Инанбас адам сөзиме,
Алты ай кәсте жатпадым ба?

## САЎЫСҚАН ДЕҢГЕНЕ
(Р-1085, №182787)

Дүбир-дүбир, дүбир хан,
Дүбир ханның өзи хан,
Өзинен соң улы хан,
Улынан соң Буўра хан менен бурысқан,
Олай хан да, былай хан,
Қос пышақлы Қурбан хан,
Қулағы шонтық Наўрыз хан,
«Периштелер әўмийин» деди Ешимхан,
Алдымыздан шыға келди саўысқан,
Оң бүйиринен оқ тийип,
Шеп бүйиринен ақты қан,
Атадан туўған алтаўмыз,
Алтаўымыз да палўан,
Бастық да баўызладық,
Бүйрек майы бир батпан.
Шарпы майы сийсери,
Пышақ алды затынан,
Былтырғы жеген гөшинен,
Еле де излеп барсаң,
Бизиң үйге майынан.
Бүрге менен бийт қуда,
Екеўи де кәтқуда,
Бүрге кетти аяққа,
Бийтти қойды таяққа,
Хә, бүргелер, бүргелер,
Бүргениң изин көргенлер,
Кәкилин үштен өргенлер...

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

75- ТОМ



# ТЫМСАЛ - ЕРТЕКЛЕР

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАС БӨЛИСТИРИЎ

(Р-89. №37578)

Ерте, ерте заманда Жаратыўшы ең әўели төрт маклукат жаратыпты хәм олардың хәркайсысына отыз жастан жас берипти. Оның бириншиси — адам, екиншиси — ешек, үшиншиси — ийт, ал төртиншиси — маймыл екен.

Күнлерден бир күни бул маклуклар жыйналып, өзлерин не себеп жаратканын сораў ушын Уллы Жаратыўшы алдына барыпты.

Биринши болып сөз алған адам:

— Я, Уллы Ийем, сиз мени не ушын жараттыңыз? — деп сорапты.

Сонда Жаратыўшы:

— Хәй, бендем, енди өзиме бағынасаң, мениң хәрне айтканыма көнесен. Маған ийман келтирип, жолымды соңғыларға үйретесен, сонлыктан да сени ақыл-если етип жараттым, —деп жуўап берипти.

Жаратыўшының бул жуўабына адам канаатланады, бирак та отыз жастың өзине азлык ететуғынлығын ескертипти. Жаратыўшы адам менен сөйлесип турғанының үстине ешек кирип келип:

— Ўа, Жараткан Ийем, мени неге жараттыңыз, мен сизиң не дәртиңизге жарайман? — дейди.

— Ха, мийнетлим, сени адамның мүшкили аңсат болсын, деп жараттым. Ол сени узак жолға минеди, жүк артады. Жүрмесең, мойнына биз суғады, коска да, арбаға да косады. Еркиң адам баласында болады, сени соның ушын жараттым, — дейди Жаратыўшы.

Сонда ешектиң бойын ашыў бийлеп:

— Ўа, Жараткан! Онда мениң көрген күним курысын, мениң өмирим сондай болатуғын болса, жылаў менен өтеди екен ғой. Берген отыз жасың адыра калсын, кой, оның жигирма жасын кайтып алың, бизге он жас-ақ болар, — дейди.

Жаратыўшы ешектиң айтканына келисим берипти. Сонда адам:

— Ўа, Кудиретлим, ешектен аўыскан жигирма жасты маған бериңиз, мен жасап көрейин сол жасты — дейди.

Жаратыўшы бендесиниң тилегин қабыл алып, аўысқан жигирма жасты адамзаттың тәғдирине жазыпты. Енди адамға елиў жас жасаў миясар болыпты.

Үшинши ийт сөз алып:

— Ўа, Тәңиритаала, мени неге жараттыңыз, мен не күниңизге жарайман?—дейди.

Оған Жаратыўшы:

— Ха, жандарым! Сени адам баласына сақшы болыў ушын жараттым. Сен уйықламайсаң, адам әўладын мудамы бағып турасаң. Зыян келтиретуғын душпаны менен өлгенше айқасасаң. Мудамы куўыс-колтыкта жатасаң. Ийең берсе, ишип-жейсең, бермесе, жата бересең. Ырысқың — нанның күйиги, астың суйығы болады. Усыларға көнесең, — деп жуўап берди Жаратыўшы.

Бул сөзди еситип ийт катты капаланады. Көзинен жас та шығып кетеди.

— Ўа, Тәңирим, Мениң күним бундай болатуғын болса, көргеним күним азап-акырет екен ғой, берген отыз жасыңыздың жигирма жылын кайтып алсаңыз да болады, маған калған он жас та жетер, — дейди ийт.

Жаратыўшы буған да келисим береди.

— Ўа, Жаратыўшы Ийем, шеригим ийттен алған жигирма жасты да маған берсеңиз бендеңизди куўантар едиңиз, кәнекей, жетпис жас жасап, дүньяның кызығын тағы да бираз жыллар көрсем, — дейди.

— Онда сорағаныңды бердим, — дейди Жаратыўшы.

Сөйтип, адам жетпис жасайтуғын болады.

Бул хәдийселер болып атырғанының үстине маймыл да келипти. Ол да Жаратыўшыдан өзин не себеп жаратканын, не хызметке жарайтуғынын сорайды.

— Сен адам баласының алдында ойнап хәз бересең, — деди кудай. —Адамның алдында ырғыйсаң, секиресең, еркиң адамда болады. Егер ойнамасаң сабайды. Аштан-аш торға камап кояды. Еки көзиң төрт болады. Берсе, ишесең, бермесе, өлесең. Сениң керек жериң сол. Өз күниңди өзиң көрип жүре бересең, — дейди Жаратыўшы.

Бул сөзди еситкен маймыл:

— Ўа, Жасаған ийем, мениң өмирим солай өтетуғын болса, берген отыз жасыңыздың жигирма жасын қайтып ала бериңиз, бизге қалғаны да болады, — дейди.

Жаратыўшының жанында турған адам маймылдың да жигирма жасын сорапты. Жаратыўшы бендесиниң бул өтинишине де қайылшылык берипти. Сөйтип, адам баласы токсан жыл жасайтуғын болыпты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳаслында, Жаратыўшының адамға өлшеп бергени отыз жас екен. Отыз жаста адам ертлеўли аттай болады. Төрт жағы қубла, барған жери базар болады екен.

Отыздан елиўге дейин «мына жер питсин, мынаў дүзелсин» деп дүнья қуўып, күни-түни тыным жоқ, жортады да жүреди екен. Бул ешектен алған жас екен.

Елиўден ары қарап кеткен соң, биреў буйым сораса бергиси келмей, үйге қонақ конса, ишип-жеп кетеди деп, иши жылап, күйип-жанып отырады екен. Бул ийттен алған жас екен.

Жетпистен ары қарап кеткен соң адамның көзи қызарып, ийеги қалшылдап, мурнынан суў ағып, бели бүкирейип, қулағы тикирейип, биреўдиң үйине барса дәстүрханнан оны-муны салып алып, күлкили жағдайға түседи екен. Бул ақырғысы — жас маймылдан алған жасы екен.

Жаратыўшының усындай жақсылығы арқасында адам баласы басқа жанзатлардың жасын қосып алып, узақ жасаў муратына ерисипти.

## ХОШ КЕЎИЛЛИ ШОҚ ШЫМШЫҚ
(Р-63. №34661)

Бурынғы өткен заманда қайсыбир елде бир шымшық болыпты. Сол шымшық күнлердиң биринде бир ғөрек пахта таўып алды.

— Мына ғөректи ашып алып, пахта етип бер, — деп бир қызға береди.

Қыз пахта етип берди. Шымшық және бир қызға барып:

— Пахтаны сабап бер, — деди.

— Әкел, — деп, қыз пахтаны сабап та береди.

Шымшық және бир қызға барып:

— Пилтелеп, ийирип бер, — деди.

Қыз пилтелеп ийирип береди. Және бир қызға барып:

— Келеплеп бер, қайнатып түрге бояп бер, — деп айтады.

Қыз келеплеп, пәтлеп бояп берди. Және бир қызға:

— Тоқып бер, — дейди.

Ол қыз бөз етип берди.

Шымшық бөзди тислеп базарға барады. Онын қалаға гезлеме тислеп келгенин патша да көреди.

— Бул қалаға бөзди шымшық та алып келе ме?! — деп шымшықты атып алмақшы болады. Бирақ, кишкене қусқа оның оқлары тиймейди.

Бир қақпаншы бар еди. Сол шымшықты услап алды ҳәм патшаға саўға етти.

Патша шымшықты сойыўға қарады. Сонда шымшық:

— Япырмай, бала, патшаның пышағының өткирин-әй! — деди.

— Әй, заңғар шымшық! — деди патша ашыўланып.

Шымшыққа патшаның пышағы өтпеди ме ямаса ҳүкимдардың еби келмеди ме, соя алмады. Оны қазанға салды. Шымшық төбеге ушып баратырып:

— Патшаның қазанының қайнағанын-әй! — деди.

Азанда патша шаңырыққа қараса, шымшықтың қонып отырғанын көрди. Патша қолына қылышын алып шымшыққа сыр бермей жақынлады. Шымшыққа қылышы тиймей, өзине тийди. Сонда шымшық:

— Шымшық сойса да қассап сойсын, — деп ушып кетеди.

Сөйтип өз әўметиниң арқасында әжел тырнағынан аман қутылыпты.

## АЎЫЗБИРЛИК
(Р-462. №176405)

«Жалғыз ҳәрре палға жарымас» деген нақылдың дөрелиўининң мынандай тарийхы бар екен.

Бурынлары ҳәррелер ҳәрқайсысы өз алдына бөлек-бөлек жасайды екен. Булардың жыйған затын басқа мақлуқлар жеп, ҳәррелер оларға қарсыласыўға ҳәлсизлик етип қала береди екен.

Күнлерден бир күни олар екеў-үшеў болып биригип пал жыйнап көрипти. Қараса, жыйнаған палы да көплеў ҳәм көп болып қорғаныўдың да онатайлы екенин аңлапты. Соны сезинип баслағаннан соң олар басқа ҳәррелерди де жыйнап «Бизлер бүйтип шашаў болып жүргенше, бир жерге биригейик, бир-

www.ziyouz.com kutubxonasi

биримизге күш қосайық» деп гүррińлесип отырып уйқылап қалыпты.

Хәммеси уйқыдан турса, олар уйқыға бас қойған ўақытта қаңғымай жәниўарлардың бири келип, олардың уясын басып-женшип, ишиндеги палын жегенинше жеп кетипти.

Олар және ойласық қурып, ендигиден былай қараўыл керек екенлигин ортаға қойыпты. Бул ойласық хәммеге мақул түсип, келеси күни түнде олардың биреўлери уяға қараўыллық етипти. Түнде палдан және де дәмеленип келген қаңғымай жәниўар, сол күни хәррелердиң күшли қарсылығына ушырап, оларға таланып, өлдим-азарда қашып қутылыпты.

Хәррелер сонда «күш — бирликте» екенлигин өз тәжирийбесинде көрипти. Сол күннен баслап, олар бир жерде жасап, табысты да бир жерге жыйыўды мақул көреди. Хәр күни биреўи сақшы болып, биреўи хан болып буйрық береди. Азанда хәмме пал жыйнаўға кетеди. Кеште қараўылға әкелген гүлдиң ширесин көрсетеди. Қараўыл хәррелер қайсы хәрре шире әкелмесе ямаса оған басқа зат араластырса, өлимдар болатуғынын қатаң ескертип, исти де қадағалап, уяны да қорып отырған.

Сол себепли халық аўзында «Жалғыз хәрре палға жарымас» деген сөз нақылға айланыпты.

## ИСЖАҚПАС ЕШЕК ХӘМ ИСКЕР ӨГИЗЛЕР

(Р-98. №1072)

Бурынғы заманда биреўдиң ешеги хәм өгизлери бар екен. Өгизлерин қосқа қосып жер сүрип, егин егип күн көреди екен. Бир күни ешек өгизлерге келип сумлық үйретеди. Өгизлерге:

— Бүгин сизлер отыңызды жемей жорта аўырың, сонда қосқа қосылыў миннетинен қутыласыз, — депти.

Өмир бойы ийесиниң айтқанын еки етпей келген өгизлер ешектиң сөзине ерип, алдына салған отын жемей, жортаға өтирик аўырады. Бул ешек пенен өгиздиң иси, ертеңине өгиздиң орнына ешекти қосқа қосады. Сол күни сүретуғын жер катты соқпақлық екен. Ешек кешке дем алайын деп үйине зорға келеди. Ешектиң сумлығы өзиниң басына жетеди. Мийнетти өзи шекти. Кеште өгизлерге келип:

— Сизлер тез тәўир болың, отыңызды да тез жең, болмаса хожамыз қассаплар менен сөйлесип келди, егер өгизлер бүгин отын жемесе, қассапқа берип сойдыраман деп отыр, — деп оларды инандырды.

Өгизлер қорыққанынан тез тәўир болғансып отларын жей баслайды. Ийеси өгизлерди күндеги кәсибин қылып қосқа қосты. Ешек қылған сумлықларына тоба қылып қостан қутылыпты.

## ЕКИ ПАЗНА

(Р-98, №3435)

Шойын менен усталық етип, түрли ыдыс хәм қурал әсбаплар қуйып дүзететуғын бир шойыншы уста бир күни еки пазна қуйып шығарған екен. Пазнаның биреўи кешикпей сатылып, қалған биреўине қарыйдар келмей, зәң басып дүканда жата берипти.

Қарыйдарын тапқан пазна недур себеплер менен устаның дүканына келип қалады. Бул жердеги өзиниң бирге қуйылған сыңарын көрсе, еле сатылмастан турған екен. Сатылған пазна дийқанның қолында жер айдағаны себепли жарқырап ашылысып, гүмистей жалтылдап тур. Дүкандағы пазна болса, қарап жатқаны себепли зәңлеп жаман болып қалған еди. Зәңлеген пазна жорасының шырайына қызығып:

— Сен қалайынша ашылысып, бундай саўлатқа ийе болдың? — дейди.

Жалтылдап турған пазна:

— Сен ис қылмай, бир жерде жата берген соң тат басып қалыпсаң, мен күнде ислеген себепли татым кетип жарқырағанман, — дейди.

Сатылмай турған пазна өзиниң усы ўақытқа шекем талапсыз жатқанына өкинипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТҮЛКИ МЕНЕН ҚОРАЗ
(Р-98, №3435)

Бир түлки өзиниң күндеги әдети бойынша бир аўылға келип аў қыдырып жүрип, қораның уша басында отырған бир қоразға көзи түседи. Қоразды көрип көзи қызды, бирақ бойы жетпес жерде екенлигин билип өкинди. «Не де болса ҳийле қылып көрейин» деп, қыйпақлап түбине барып сәлем берип, ҳал сорасты.

Қораз өзиниң саўлығының жақсы екенлигин, мәс болып жүргенин айтты. Түлки бундай сөзлерди еситпегенге салып:

— Жора, мен картайыппан, қулақларым еситпейди, сениң менен бир гүрриңлесип сәўбет қылайын деп едим, сен болсаң дым жоқарыда отырған екенсең, сөзлериңди есите алмай атырман. Төменге түс, жора, екеўимиз муң-зарымызды айтысып, бир заман гүрриңлесейик, — дейди.

Төменге түссе бир сойқанның болажағын аңлаған қораз онша асықпай, сырын гизнемей айтты:

— Төменге түскенде сеннен қәўпим болмаса да, басқа жабайы жәниўарлардан қорқаман, соның ушын жоқарыдан турып сөйлесе берейик, — дейди.

Түлки:

— Олқәрасынан қорықпа. Жақында патшадан буйрық болды, «ҳешбир жәниўар басқа әзи биреўине дақыл қылмасын» деген. Бүгинде ҳәмме арқайын, ол буйрықты еле сен еситпеген екенсең ғо, — деди.

Қораз:

— Түлки жора, анаў киятырған еки ийттен сениң тайсалмай турғаныңа қарағанда, сөзиңниң ырас болғаны, сәл сабыр ет. Солар келсин, биротала қосыла гүрриңлесейик, — деди.

Түлки қуйрығын қысып қашып баратырса:

— Хаў, буйрық қайда? — депти қораз.

Түлки:

— Еле олар еситпеген шығар, — деп айдай берипти.

## АШ ҚАСҚЫР ХӘМ АҢҚАЎ ТЫРНА
(Р-98, №3435)

Бир аш қасқыр ашлықтан буратылып жүрип ақыры бир өлимтикти таўып алыпты да, әбден ашырқағанлықтан апыл-ғупыл асай береди. Аш болғанлығы соншелли, сүйек болса да, талғамай жута берипти. Усақ-түйек сүйеклерди қылғытып жутып турғаны менен де, бир қылтанақ тамағында тығылып қалыпты. Сүйекти түсириў ушын ҳәрекет етип көрип еди, болмады, қайта кепленип турып қалып, жутындырыўға да мурша бермейди. Ақыр-ақыбетинде көзиниң алды қараңғыласып, оның үстине дем жетпей қалып, қасекең узынына түсип сулап жата кетеди. Көзи аларып жән-жағын шолып қарап еди, бунның ығбалына бир тырна келип ҳал-жағдай сорайды.

Қасқыр өзиниң дәртин айтып шағынды. Тырнадан аўзына тумсығын суғып сүйекти алып таслаўын өтинди. Тырна әдебинде бул хызметтен бас тартса да, сүйек алынып, қасекең аман қалса, хақысын көп етип бериўге ўәде бергеннен кейин хәм өлердеги сөзин айтып жалынып-жалпайғаннан соң, көкжалдың қасына барып, аўзына тумсығын бир суқты да дем бермей турған сүйекти алып таслады.

Бурынғы ҳазардан қутылған қасқыр:

— Жаның өзиңе олжа, кете бер, — деди тырнаға.

Тырна хызмет қылғанын, өлимнен қутқарғанын, хақы бериўге өзи ўәде қылғанан айтты.

Қасқыр:

— Сен өз ҳәддиңнен асқан екенсең. Бағана аўзыма тумсығыңды тыққанда ғашыр-ғушыр шайнамағаныма қуўанбай, тағы хақы сорайсаң, — деди.

Тырна ўәдениң мәнисин, қысметин айта баслап еди, қасқыр тәп берди. Хақы аламан деген тырна зордан ушып қутылды.

Сонда барып тырна «Саўда — сақал сыйпасқанша» деген сөздиң мәнисин уғып, өз өкинишиниң бийпайда екенлигин түсинди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ШАЙҚУС ҲӘМ БАҚА

(Р-98, №3435)

Бир шайқус ағын суўдың қапталындағы жарқабаққа уя салған екен. Шайқус палапанларына азық әкелип, күни-түни тынбай ҳәрекет етеди. Шайқустың уясына жақын жерде бир бақа да бар болып, ол шайқус пенен танысыў тилегинде жүреди. Бир күни шайқус пенен ушырасып, екеўи ара-тура шүйиркелесип туратуғын болады.

Бақа шайқустың ҳәр күни көкте пәрўаз еткенине қызығып:

— Мени өзиңдей болып ушпаға үйрет, — депти.

Шайқус оған:

— Ҳаў, сен туўды-питти ушпаға жаралған емессең, ушпақ ушын сениң қолларың — қанат, қуйрығың — пәр болыўы керек, — дейди.

Бақаның ушыўға қызыққанлығы соншелли, шайқустың қыр-соңынан қалмай ушыўды үйретиўин сорана береди.

Ақыры бақаны да өзи менен көкке көтерип алып кетеди. Ертеңине тағы, арғы күни тағы, қулласы күнде-күнде өзин көкте пәрўаз еттириўди бақа сорана береди, шайқус та оның тилегин жерде қалдырмайды.

Бир күни шайқус бақаны көгалай көк аспанда бираз ушырып жүрип:

— Мине, бул сени ушпаға үйреткеним, енди үйрендиң бе? — деп сорайды.

Бақаның қыялына ушыў ап-ансат болып көрине баслаған еди.

— Аўа, үйрендим, — дейди кеўили тасқан бақа.

— Жақсылап үйренген болсаң, өзиң-ақ бир ушып көр, — деп оны солайына қоя береди.

Бақа төменге қарай қулдырай зымырайды да, пәт пенен бир тасқа тийип пәрше-пәрше болады.

Әне, «ҳалын билмеген ҳәлек болар» деген сөз усыған айтылған екен.

## АТА ҚОРАЗДЫҢ АҚЫЛЫ

(Р-565, №176508)

Есте жоқ ерте заманда бир шағал болған екен. Ол күндеги әдетинше жемтик излеп киятырса, бир ата қораз ағаштың басына қонып алып, таң алагеўимнен шақырып турған көринеди. Қораздың аўлақлаў шетиректе шақырып турғанын шағал көрипти де, оның қонып отырған ағашының астына келип:

— Хе, қораз жора, таң азаннан жар салып, кимлерди шақырып турыпсыз, — депти жортаға.

— Ҳаў, бизлер кеше жолдасларымыз бенен таң намазды бирге оқыўға келисип едик. Олар менен жәмәәтлесип намаз оқыўды келисип қойғанымыз ушын енди ертелеў молланың қасына жетиўимиз кереклигин ескертип, соларды шақырып турғаным, — депти ата қораз.

— Олай болса, қораз жора, жерге түссең-о, екеўимиз-ақ жәмәәтлесип намаз оқыйық, — депти шағал.

Қораз оған:

— Ҳәзир жерге түсиўге дым-әм ўақтым жоқ, уйқыда жатырған жолдасларымды усы шақырыўым менен оятаман ҳәм олардың алды моллаға бара баслағанда, мен де соңынан бараман. Мениң баслы жумысым усы. Егер сиз де жәмәәтке қосылып бизлер менен намаз оқығыңыз келсе, анаў алдыңызда көринген жайдың қасында моллекең барлық таўықларды күтип отыр, соның қасына бара бериң, ҳәзир таўықлар да барып қалған болар, бирақ ҳешнәрседен сескенбеңиз, таўықлар молланың қасында тым-тырыс отырады. Мен де изиңизше жетемен, — деп жуўап берипти қораз.

Қораздың силтеўине қуўанған шағал ўақты хош болып, «шамасы, бираз таўықтың үстинен шығатуғын болдым ғой» деген қамтәме менен айтылған жерге асыға-үсиге жетип келсе, тап сол жерде әўдийип бир дәў көпек жатырған екен. Өзиниң көпекке дым жақын барып қалғанынан ҳүрейи ушып кетип, бирден кери қарай тасырлап қашып еди, шағалдың тасыр-тусыр қаша жөнелгенин көрген көпек те изинен қуўып жетип, тутып алды ҳәм оның белин енди үзейин деп атырғанда, «Дат, көпек аға, сизге айтатуғын бир аўыз арзым бар» деп шағал жалына баслады.

— Не еди, айта ғой, — деди көпек шағалдың белин жаздырып.

— Мени мына қоңсыңыздың қоразы кеше «жәмәәтлесип намаз оқыўға таң ата ерте кел» деп мирәт етип еди, соның айтқаны менен шығып едим. Қоразға хабарлассам, «сиз кешиктиңиз ғой, таўықларға тез жетпесеңиз болмайды, моллекең де күтип отыр» деген соң соның сөзи менен асығып шыққаным еди. Ал енди, таң намазға тәўир-ақ кешигип баратырман, сизге Алла рәҳим етип, иймanлы болғайсыз, мени жибериңиз, — деди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Көпек оның сөзин тыңлап болып:

— Сени бизге силтеген қоразға рахмет, мениң жайнамазымның тозып жүргенин билген ғой, сөйтип өзиңди жибере қойған екен-дә, хә?! Онда, сол тауықларды қорғап жүриўши ҳақыйқый молласы биз боламыз, — депти де, басқа сөзге келтирместен шағалға бас салыпты ҳәм оның бел омыртқасын үзип, терисин жайнамаз етип алыпты. Буны көрген тауықлар көпек пенен ата қоразға наятый миннетдар болып, дөнип турған қәўиптен қутылған екен.

## СУҒАНАҚ ПЫШЫҚ

(Р-565, №176508)

Бурынғы өткен заманда бир қарияның теңиз жағасында ылашығы болып, онда тек кемпири екеўғанасы жасайды екен. Олар екеўи теңиздиң шабағын аўлап, пишенин орып, арадан бирнешше жыллар өткеннен кейин бир сыйырлы болыпты.

Бир күни сыйыр отлап болып үйине қайтып киятырса, алдынан бир пышық мияўлап шығыпты.

Сонда сыйыр:

— Неге аянышлы түрде мияўлап киятырсаң, — деп сорапты пышықтан.

Сонда пышық:

— Өзиңе мәлим, ҳәзир адамларға кийер кийим, ишер тамақ уўайым. Сөйтип жүргенде бизлерге қайдан нан болсын. Хожейнимниң үйинде «қонақ келсе асып берермиз» деп қойған бир асымдай гөш бар еди. Аш болғанлықтан сол гөшти урлап жегеним ушын үйдиң адамлары мени келтекледи, кесекледи. Өзимниң де урлық ислеген гүнам мойнымда болған соң, ол үйде артықша турыў мүмкин болмады, — деп жуўап берипти.

Сонда сыйыр:

— Өзиң болса кишкентай ғана пышықсаң, ал қылған урлығың мынандай. Илаж қанша, енди сен ҳеш жаққа кетпей-ақ қой. Мениң бузаўым бар. Сениң менен үшеў болып, бизиң қорада бола берейик, — деп пышықты ертип қайтыпты.

Сөйтип сыйыр, оның бузаўы ҳәм пышық үшеўи қорада бола берипти.

Қария сыйыр менен бузаўға пишен салады, ал пышық болса пишенди жемейди. Аш болған пышық сыйырға:

— Сизлер болса пишен жейсиз, ал мен не жеймен? — депти.

Сонда сыйыр:

— Сен баяғыдай бул жерде де урлық қылыўшы болма. Қорада не көп, тышқан көп, мениң жеген пишенимниң араларында да тысырлап жүргени, соларды услап алып жеп тамағыңды тойдыр, — депти.

Пышық та қорадағы тышқанларды жеп бола берипти.

Кемпир сыйыр саўмаға келгенде пышықты көреди ҳәм оны үйине айтып келеди. Буны еситкен қария пышықты услап алып, үйине әкеледи. Адамнан таяқ жеп қорқып қалған пышық ол үйде турмай қораға қашып кете береди. Сонда үй ийеси кемпирине:

— Бул пышықтың адамнан қорыққан жери бар екен. Қорада болса, бола берсин. Мезгили менен нан апарып сал, бир ыдыс апарып қой. Сол ыдысқа саўған сүтиңнен күнде қуйып тур, — дейди.

Қостарының сөзин тыңлаған кемпир:

— Әттең, үйде жас бала болар ма еди, онда оны үйге үйретип асыраған болар еди, — деп пышыққа нан салып, сүт қуйып жүре береди.

Бир күни азанда кемпир сыйыр саўып атырса, қораның түбинде төрт аяғын бүгип қурылдап отырған пышық:

— Усы кемпир сыйырды саўып болып мениң табағыма сүтти азғантай қуйып кетеди, мен оны кешкилик сыйырды саўғанша емес, ҳәзир-ақ ишип қояман, сол ушын кемпир өз гүзесиндеги сүтти табағыма қуймастан бурын-ақ тойып алайын, — деп, кемпир сүт толы гүзесин қойып, баспақты шешип атырғанында пышық секирип барып гүзеге шығып алып, сүтти тили менен жалап бес-алты жутады. Оны көрген кемпир:

— Ҳа, пыш! — деп умтылады.

Кемпирден қорыққан пышық гүзеге аяғын қатты тиреп секиреди де қорадан шығып қашып кетеди. Пышықтың пәти менен гүзе жығылып, ишиндеги сүтиниң барлығы төгилип қалады. Кемпир қатты қыйналып, бос гүзесин алады да үйине салпаўсып қайтады.

Сүтти урлап ишип, әри төгип, қораға қайтып келе алмайтуғын дәрежеге жеткен пышық «сыйырға

www.ziyouz.com kutubxonasi

және де бир мәрте хабарласып көрейин, мениң өлмей тири жүриўим ушын қандай кеңес айтар екен» деп, сол күни отлап жүрген жеринен сыйырды таўып алып сөйлеседи.

Жерде қар бар, күн суўық, өзи дүзде зорға отлап жүрген сыйыр:

— «Урлықтың түби — қорлық» деген. Мине сен қорлықлы аўҳалға келдиң. Мен саған «урлық қылма» дедим, ал сен айтқанымды қылмай урлық еттиң. Мен енди саған кәўендерлик ете алмайман. Сен билесең бе? Баяғы гөшин урлап жеген үйиң ҳәзир байып кетти, егер урлық етпей шыдап жүре бергениңде, усы күнлери тамаққа тойып, үйиңде аркайын жүрген болар едиң. Мениң үйимде де бундай болдың, енди өз күниңди өзиң көр, урлық еткениң ушын сени ҳешким де жақсы көрмейди, — деп пышықты сүзип кеп, қуўып жибереди.

— Мен урлық еттим, еткен урлықларым мени ийесиз дүзде қалдырды, урлық қылмағанымда бундай болмас едим, мен қәтешилигимди жаңа сездим, енди қайда бараман, — деп ўайымлап отырғанда қалғып кетеди ҳәм суўыққа тоңып өледи.

## АҚЫЛЛЫ СЕРКЕ ҲӘМ АҚМАҚ АРЫСЛАН
(Р-1077. № 182778)

Бир бар екен, бир жоқ екен, узақ бир жайлаўда үлкен сүриўди басқарған бир серке болыпты. Күнлердиң күни болғанда сүриўге қасқыр шаўып, күнде бир көтерем ылақты жеп кете беретуғын болыпты. Бул жағдайдан тәшўишке түскен серке илажсыздан арысланнан жәрдем сорамақшы болып оның алдына барып, жағдайды айтыпты:

— Яқшы, саған жәрдем беремен, —депти арыслан.

Арыслан қасқырлардың тодасына барып, оларды өлгейлиден қорқытып, енди қайтып сүриўге жақынламастай етип, аяқ жетпейтуғын узақларға қуўып жиберипти. Кейин серкениң қасына қайтып келип:

— Кәне, енди мениң хызметим ушын сүриўден хәр күни бир семиз ешки ямаса бир қой берип турасаң, — депти.

Серке илажсыздан сүриўден күнде бир қой ямаса ешки бериўге мәжбүр болыпты. Қасқыр бурын күнде ақсақ-тоқсақ ылақтан биреўин тартып жеп кетип турған болса, енди булар арысланған сүриўдеги қой-жанлықтың ең семизин берип баслапты.

Енди серке арысланнан қалай қутылыўдың жолын излеп күни-түни ойланыпты. Ақыры бир қыялды ойлап, оны әмелге асырыў ушын арысланның мәканына қарай жол алыпты. Келсе, арыслан төрде көсилип жатыр екен. Серке арыслан менен сәлемлесип болып:

— Ал, арыслан тақсыр, мен бүгиннен баслап саған күниге бир семиз қой яки ешки алып келе алмайтуғын болдым.

— Неге алып келе алмайтуғын болдың?— депти арыслан ашыўланып.

— Сизден де пәтлирек бир арыслан пайда болып, ол «Сүриўдеги жанлықлардың бәри меники болады» деп атыр. Соған не қыларымды билмей, сизиң алдыңызға келдим, — депти.

— Меннен үстем боламан деп жүрген ол қандай әлеп екен, — деп ол қатты ашыўланыпты. Серкеден тезлик пенен оның алдына апарыўды буйырыпты. Серке изине арысланды ертип бираз жол жүрип, бир терең қудықтың қасына жетип барыпты.

Ол арысланға қудықты көрсетип:

— Мине, ол мына қудықтың ишинде жасайды, — депти

Арыслан қудықтың қасына айбат шегип, ақырып жетип барып, ишине үңилипти. Қараса, қудықтың ишинде тап өзиндей бир арыслан ақырып тур. Оның өзиниң сәўлеси екенине ақылы жетпеген арыслан душпанын ғайзап таслаў ушын, өзин қудыққа таслапты ҳәм суўға ғарқ болыпты.

Ақыллы серке өз сүриўин жыртқышлардан усылай сақлап қалыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ПӘНТҚУМАР ТҮЛКИ
(Р-565. № 176508)

Бурынғы өткен заманда бир түйе, бир жолбарыс, бир бөри, бир түлки — төртеўи дос болыўға келсипти. Соның менен төртеўи шөл-жәзийраға кетипти. Бир жерлерге келгенде түлки айтыпты:

— Жолбарыс аға, биз аштан өлетуғын болдық, сиз түйеге «сен жасүлкен едиң, ақырзаманда пул берейик, бизге деңгене бол» деп айтсаңыз, — депти.

Түйеге айтқан екен:

— Ўай, жора, ақырзаманда алдарсаң, — депти.

— Жора, сени алдамай, пулынды өзим алып беремен, — депти түлки.

— Ондай болса, сойсаңыз сояғойын! — депти түйе.

— Жақсы, — деп, түлки менен қасқыр екеўи түйени сойып алыпты. Соннан соң етин жолбарыстың алдына жайып берипти. Түйени сойып атырған ўақтында жақсы жерлеринен түлки жей берипти.

Буны көрип қасқыр:

— Мен де бир майлырақ жеринен бир асайын, — депти.

— Жақсы, — депти түлки.

Соннан қасқыр майлырақ жеринен бир-ақ асаған екен, түлки дәрриў жолбарысқа жуўырып келип:

— Ўай-ўай, жолбарыс аға, қасқыр түйенин гөшинин бәрин жеп қойды! — деп бақырыпты.

Буған жолбарыстың ашыўы келип қасқырды қуўып кетипти. Түлки жолбарыс қасқырды қуўып кетиў бойына түйенин гөшин шуқырға тығып таслапты. Бир ўақлары жолбарыс келипти. Жолбарыс келип бағанағы жатқан жеринен түйени таппай, ҳайран болып түлкиге:

— Ҳаў, түйе қайда? — депти.

Түлки:

— Сен ақырзаманда пулымды бермейсең деп, түргелип кетти, — депти.

Соннан соң екеўи ҳәр жаққа кетипти. Бираздан соң түлки айланып жасырынып келип, баяғы көмген түйенин гөшин жеп таўысыпты. Бир кишкентай ишеги қалған екен. Сол ўақытта жолбарыс келип қалыпты. Жолбарыс түлкиге қарап:

— Ишекти қайдан алып жеп отырсаң? — депти.

— Мен жүдә аш болып кеттим. Илажсыздан өзимнин ишегимди суўырып алып жеп отырман, — депти.

Сонда жолбарыс азғана ойланып турыпты да:

— Мен де аштан өлетуғын болдым, маған ишегимди суўырып алып бер, мен де жейин, — депти.

Соннан соң түлки айтыпты:

— Сен бир гиддиман күш ийесисен, ишегиңнин аўырғанына шыдамай тағы маған ашыўың келип, мен бийшараны өлтирип қоярсаң, — депти.

— Яқ, жора, өлтирмеймен, онда төрт аяғымды буўайын өзим-ақ деп, аяғын буўыпты. Соннан түлки жолбарыстың артына басын суғып ишегин жеп баслапты. Бирақ жолбарыс аўырғанына шыдамай ыңыранып жиберипти, түлки де қорқып кетип басын суўырып алыпты.

Жолбарыс:

— Жора не қылдың? — депти.

Түлки:

— Жаңа босатып едим, — депти.

— Ондай болатуғын болса, қайтадан басынды суғып ала ғой, — депти жолбарыс хешнәрседен хабарсыз.

Түлки және тумсығын суғыпты. Ишегин жеп болып, тумсығын тартып алса, жолбарыс әллеқашшан өлип қалған екен. Соннан соң түлки жолбарыстың да етин жеп алыпты. Жолбарыстың гөши түлкиге бирнеше күн азық болыпты.

Бир күнлери түлки және ашырқапты. Үлкен жолдан базаршылар өтеди екен. Енди түлки базаршылардың жолын аңлып жатыпты. Бир кемпирдиң баласы бир арба шабақ тийеп алып киятыр екен. Буны көрип түлки арбажолда өлген түлкиге уқсап сулап жата берипти.

Арбадағы бала қараса, арбажолда бир «өлген» түлки жатыр... Ол көре сала қуўанып кетипти. Анамның тумағы тозып жүр еди, бир жақсы тумақ қылып берейин, — деп түлкини арбасына салыпты. Сөйтип атын айдай берипти. Түлки бала үйине жетемен дегенше шабақты арбадан бирим леп түсирип кете берипти.

Кемпирдиң баласы таўып алған олжасына кеўилленип:

— Ҳа, жаныўарым, шүў! — депти атына. Аты аўылға жақынлаған сайын қатты жүрип үйине асыға барыпты.

— Апа, — депти баласы, — тумағынды отқа тық, мен тумаққа түлки алып келдим, — дейди қуўанғанынан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Арбасына қараса, я түлки жоқ, я қаладан алып киятырған шабағы да жоқ.

Түлки жол бойы шабақларды таслап келе берип, кейнинде өзи де арбадан түсип қалып, жол бойы түсирген шабақларын бир жерге үйипти. Шабақларды жеп болып биреўи қалған ўақытта баяғы қасқыр келипти.

— Әй, жора, шабақты қайдан алып жеп отырсаң?, — депти көзи жаўтаңлап.

— Мен мынаў аўылға бардым, — депти түлки, — қуйрығымды үкиге суғып отырдым, қуйрығыма шабақ илинип шықты.

Соннан соң қасқыр:

— Түлки жора, мен қатты аш болып турман, маған бир шабақ қарыз бер, — депти.

— Жақсы, — деп түлки бир шабақ қарыз берипти.

Түн жарпы болған ўақытта қасқыр үкиге барып қуйрығын суғып отырыпты. Бир ўақытлары суў қаймақланып муз қата баслапты.

Қасқыр шабақ көбирек түсинкиресин, деп отыра берипти. Көп илинген шығар, деп бир ўақытлары орнынан турыпты. Қараса, қуйрығы музға қатып қалыпты. Қасқыр әри-бери қуйрығын тартып көрипти. Бирақ тоңғанынан онша динкеси де болмапты.

Азанда сол аўылдың бир келиншеги үкиге суў алайын деп келсе, бир қасқыр қатып қалғанын көрипти.

— Ўай-буў, үкиге қасқыр қатып қалған екен, — деп үйине барып күйеўине айтыпты.

Күйеўи қасына баласын алып келип, қасқырдың басына бир урып өлтирипти. Сөйтип терисин алыпты, етин ылақтырып таслапты. Солай етип бул қасқырдың да етин түлки келип жеп алыпты. Әне, түлкиниң мурады мурт болыпты, соның менен ертек таўсылыпты.

## ШАҒАЛДЫҢ ПАТШАЛЫҚ ДӘЎРАНЫ

(Р-565, №176508)

Бурында бир ҳийлекер шағал жасаған екен. Ол бирдейине аўылға келип, таўық услап жеп, әбден дәмигеди. Күнлерден бир күни аўзынан мазалы таўық гөшиниң дәми кетпеген шағал, аўылға жасырынып келип, шетиректеги үйлердиң кетеклерин әри қарап, бери қарап жарытыўлы хешнәрсе таба алмайды. Аштан буратылып киятырғанда, биреўдиң тамының қапталына қойылған бояў толы ыдысқа түсип кетеди. Қорқып кеткен шағал ыдыстан атылып шығып тоғайға қарай зып береди.

Ертеңине тоғайлықта жасаўшы ҳайўанатлардың ҳәммеси «әжайып» аңды көреди. Олар таң қалысып, буны тоғай патшасы арысланға айтыў ушын жуўырысып келипти:

— Тақсыр! Бүгин ерте азаннан бери сизиң сорамыңызда «әжайып» бир аң пайда болды. Ол ҳеш бир, бизде жасаўшы аңларға усамайды. Түр-түси басқа, өз алдына бир бөлек, ақ па, қызыл ма, билип болмайды. Әйтеўир, аңлардың түриндей емес. Бирақ жүрис-турысы шағалға уқсайды, — депти.

Буған патша арыслан аң-таң болып, оны көриўге қуштар болыпты. Арыслан аңлардың айтқан жерине келип қараса, ырасында да өмирде көрмеген аңы емин еркин тоғайды аралап жүр. Тоғайдағы басқа аңлардың бәри оны көрген жерде ҳүрмет иззет пенен сәлемлесип жүрген қусайды.

Бул «әжайып» аңнан қорыққан арыслан сорамындағы барлық ҳайўанатлар менен мәсләҳатласып, оны патша етип тайынлайды. Бурынғы патша арыслан — ўәзир, қасқыр — екинши ўәзир болып қалады. Солай етип, шағал тахтқа отырыпты.

Арадан бир-еки ай өтеди. Бир күни басқа аңлардан жәбир көрген шағал жаңа болған патшаға арыз етип келеди. Оның арызын тыңлаған патша өз туўысқаны екенин билип, ўәзир етип тайынлайды. Арыслан, қасқырлар сарайдан узақластырыла баслайды.

Арадан тағы бир ай өтеди. Бир күни шағал патшаның алдына және бир шағал басқа ҳайўанлардың үстинен арыз етип келеди. Шағал патша оған:

— Нағыз бизиң сарайға жарасатуғын ҳайўан екенсиз, — деп марапатлап, оны да өзиниң ўәзири етип тайынлайды.

Баяғы арыслан, қасқырлар бурынғы абырайынан журдай болады. Сарайды шағаллар ийелеп алады. Олар тоғайда өзлерининң кәлегенинше ҳүкимин жүргизе баслайды.

Қатты наразы болған ҳайўанлар бир күни арысланды шақырып алып мәсләҳәтлеседи. Қасқыр ортаға шығып:

— Ағайинлер! Бул қандай аўҳал болды? Патшалықты шағаллар ийелеп, билгенин қылып атыр. Усы, патшамыздың өзи шағал емес пе екен? Буған енди қандай шара табамыз, — депти.

Барлық аңлар жабырласып билген ақылын ортаға таслапты. Бирақ жарытыўлы бир тоқтамға, келе алмапты. Сол ўақытта, қуйрығын таўлап, ортаға түлки шығыпты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Дослар! Ағайинлер! Менде мынандай пикир бар: Егер сизлер мақул көрсеңизлер, мен сол патшаның шағал ямаса шағал емес екенин билип берейин,— депти.

Ҳәмме аңлар бир ауыздан, ғауырласып:

— Сөйт қарағым, түлкижан, — деп қуўатлапты.

Түлки сол ўақытта иркилместен патшаның алдына барыпты. Патша оған:

— Кел, түлкижан, отыр, төрлен, — деп жүдә жақсы қарсы алады.

Түлки патшаға бирнеше мәртебе ийилип сәлем берип, жайғасып отырып алған соң:

— Тақсыр! Сизге бир нәрсени айтыў ушын келип едим. Айтыўға руқсат етсениз,— депти.

— Айтың, түлкижан, сизге руқсат, — депти патша.

— Тақсыр, ҳүрметли патшайым, айтайын дегеним: Сизден бурынғы патшалар ҳәпте сайын көл бойына барып ойын-сауық қуратуғын еди. Сиз ондай нәрсени жақтырмайтуғынға усайсыз, — депти.

— Жоқ, түлкижан, соған ўақыт болмай жүрип еди. Енди ойын-сауық қурамыз, — депти.

Түлки ийилип, тәжим берип шығып кетеди. Ертеңине көл бойында ойын-сауық қурыўға ҳәмме ҳайўанларды шақырып, жар урдырады.

Ертеңине «шағал патша» сорамындағы барлық аңлар: арыслан, қасқыр, түлки, шағал, қоян, тайдатуяқ қалмай, барлық аңлар көлге қарай келеди. Көлдиң бойында үлкен ойын-сауық басланады.

Ҳәр ҳайўан өз өнерин көрсетеди. Арыслан ақырады, қасқыр улыйды, тышқан шүйкилдейди, қоянлар гүйкилдейди. Патша дәслеп өзин зорға иркип отырады.

Түлки:

— Қәне, патшайым, сизиң де ҳаўазыңызды бир еситейик, — дегеннен кейин, патша өзиниң шағал екенин умытып, шағалшалап улып жиберипти. Сол жерде патшаның сыры ашылып, ол тоғайдан қуўылады. Арыслан қайтадан патша болып, ҳийлекер түлки ўәзир болып тайынланады.

Әне, усы ўақыттан баслап шағаллар көл бойында, қалың қамыслық арасында өмир сүрип қала берипти.

## ЗАЛЫМ ПАТША ҲӘМ ЗУЛЫМ ЎӘЗИР

(Р-89. №24617)

Бурынғы заманда барлық мақлуқатқа жолбарыс патша, түлки ўәзир болыпты. Жолбарыстың аяғына шеңгел кирип, көп жыллар қәсте болып жатыпты. Жолбарыстың алдына арыз айтып келгенлер жақсылықта қайтпапты. Кимиси өлимге дуўшар болыпты. Кимиси таяқ жеп бир мүшесинен айрылып қайтыпты. Ол хабарды еситкен мақлуқлар ақырында биреўден жәбир-ситем көрсе де, арыз айтып келгенди қойыпты.

Патшаның аўрыўы да өзине батыпты. Ўәзири түлки менен аўрыўын емлетиў туўралы ойласыпты. Түлки жолбарысқа «тәўиптиң еми бойынша емлеў керек» деп кеңес берипти. Ал түлкиниң өзи тәўиптен емин сорап келмекши болып кетипти. Түлки пүткил жолбарыстың пуқарасын гезип шығыпты. Арадан көп күнлер өтипти. Түлки кеткеннен кейин жолбарыс пүтин бузылыпты. Жәллатлары арқалы пуқарасын пәтенге келтирипти. Бир күни жолбарысқа жағынып түлкиниң орнына ўәзир болыў ушын қасқыр келеди. Түлкини жаманлайды.

Сол арада ҳарып-шаршап түлки де жетеди. Қасқырдың жаманлап атырғанын қулағы шалған түлки далада тыңлап тура береди. Бәрин еситип болғаннан кейин, түлки кирип келеди.

Жолбарыс түлкиге:

— Емин таптың ба? — дейди.

— Аўа, кеселиңиздиң еми — биреўге жағынған мақлуқтың геллесин кемирип мийин жесеңиз, соннан жазылады, — дейди.

— Онда, сеннен басқа ҳешким де ем емес екен, — депти де, қасқырды өлтирип, басын кемирип, мийин жепти. Соннан кейин жолбарыс аўрыўынан жазылып кетипти. Залым жолбарыс пенен түлки халыққа жәбир-зулымлығын өткерип дәўран сүрипти.

Әне, «ҳәр ханның тусында бир сурқылтай» деген сөз соннан қалыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## САҒАЛДЫҢ ҚОСЫҒЫ

(Р-278, №84306)

Күнлердиң күнинде қара аспанда булт қаплап, күн түнерип турғанда бир тода аң адасып, ески қудыққа түсип қалады. Аңлардың ишинде жолбарыс, қасқыр, доңыз, порсық, шәлтирмек, сағал, түлки ҳәм басқалар бар екен. Олар әри-бери қуйыдан шығыўдың жолын излеп, әбден шаршапты. Оның үстине, қатты аш болыпты. Сонда жолбарыс ҳайўанларға:

— Әңгиме таўып отырың, зериктик-ғо, — депти.

Сонда сағал турып:

— Менде азырақ бир қосық бар. Мақул көрсеңиз, айтайын, — депти.

— Айт, айт, — деп дем берипти ҳәмме аңлар.

Сонда сағал мынандай қосық баслапты:

— Жолбарыс бизиң — жолым бий,
Жолым бийге ким тийер?
Қасқыр бизиң қаламыз,
Қаламызға ким тийер?
Доңыз бизиң тоңқы бий,
Тоңқы бийге ким тийер?
Порсық бизиң порсы бий,
Порсы бийге ким тийер?
Шәлтирмек бизиң шәлтир бий,
Шәлтирбийге ким тийер?
Түлки бизиң Түмен бий,
Түмен бийге ким тийер?
Қырғаўыл бизиң немиз?
Қарпып басып жеймиз, —

депти де, ҳәмме аңлар қырғаўылды бөлисип жеп қойыпты.

Арадан және бираз ўақыт өткеннен кейин жолбарыс сағалды шақырып, «қосық айт» депти.

Сағал және баяғы қосығын баслайды:

— Жолбарыс бизиң — жоллы бий,
Жоллы бийге ким тийер?
Қасқыр — бизиң қаламыз,
Қаламызға ким тийер?
Доңыз бизиң — тоңқы бий,
Тонқы бийге ким тийер?
Порсық бизиң — порсы бий,
Порсы бийге ким тийер?
Шәлтирмек — бизиң шәлтир бий,
Шәлтир бийге ким тийер?
Түлки бизиң немиз?
Тарпа басып жеймиз, —

дегенде, аңлар түлкини бөлисип жейди.

Жолбарыс және бир күни сағалды шақырып алып, қосық айт, — дейди. Сонда сағал тағы қосықты баслайды:

— Жолбарыс бизиң — жоллы бий,
Жоллы бийге ким тийер?
Қасқыр — бизиң қаламыз,
Қаламызға ким тийер?
Доңыз бизиң — тоңқы бий,
Тоңқы бийге ким тийер,
Порсық бизиң — порсы бий,
Порсы бийге ким тийер?
Шәлтирмек бизиң немиз?
Шарта басып жеймиз, — депти.

Ҳәмме аңлар шәлтирмекти бөлисип жейди. Және бир күни жолбарыс сағалды шақырып қосық айтқызады. Сонда сағал:

— Жолбарыс бизиң — жоллы бий,
Жоллы бийге ким тийер?
Қасқыр — бизиң қаламыз,
Қаламызға ким тийер?
Доңыз бизиң — тоңқы бий,
Тоңқы бийге ким тийер?
Порсық бизиң немиз?
Басып алып жеймиз,—

деп, аңлар бул сапары порсықты жейди. Жолбарыс және бир күни сағалды шақырып алып қосық айттырады.Сонда сағал:

— Жолбарыс бизиң — жоллы бий,
Жоллы бийге ким тийер?
Қасқыр — бизиң қаламыз,
Қаламызға ким тийер?
Доңыз бизиң немиз?
Дүпеп басып жеймиз, —

дегенде, хайўанлар «Пах, өзи де семиз екен!» деп, доңызды бөлисип жеди.

Бир күни жолбарыс сағалға:

— Қосық басла, — дейди.

— Жақшы, — деп, сағал косық баслайды:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Жолбарыс бизиң — жоллы бий,
Жоллы бийге ким тийер?
Қаскыр бизиң немиз?
Қәйтсек те, басып жеймиз, —

деп сағал қосығын тамамлапты да, жолбарыс пенен сағал екеўи зорға күши жетип, қасқырды да жеп алады.

Бирнеше күн өткеннен кейин жолбарыс аш болады. Сағалды шақырып қосық айтыўды буйырады. Сонда сағал:

— Тақсыр, барлық аңларды жеп болдық. Қосықтың бәрин қалдырмастан айтып таўыстым. Енди айтатуғын қосық қалмады, — депти.

Сағал жолбарыстан қәўипленип, шуқырдың ишинен өзине терең ин қазып, бөлек жататуғын болыпты. Бир күни сағал әўелги қырғаўылдан қалған бир шуқым гөшти жеп отырса, жолбарыс көрип:

— Сағал жора, не қылып атырсаң? — депти.

— Жолбарыс жора, ашлыққа шыдамай, өз ишегимди суўырып алып жеп отырман, — депти.

— Сағал жора, мен де қатты аш болдым. Мениң де ишегимди суўырып алып бер, —депти.

— Ишегиңди алып берер едим, бирақ қасыңа барсам, мени жеп қоясаң дә, — депти сағал.

— Ишегимди аўыртпай алып берсең, сени жемеймен, — дейди жолбарыс.

— Ондай болса, мына мен жатырған шуқырға қарныңды тут,—депти сағал.

Аңқаў жолбарыс қарнын шуқырға тақапты. Сол ўақытта шуқырда жатырған сағал бар күши менен жолбарыстың қарнынан тислеп, бир пәрше етин жулып алыпты. Аўрыўға шыдай алмаған жолбарыс даўысының барынша бақырыпты. Сағал қорыққанынан ининиң төрине кирип кетипти. Ол жолбарыстың сести шықпай қалғаннан кейин ининен шығып қараса, жолбарыс ишеги шығып, өлип жатыр екен. Сағал жолбарыстың гөшине тойып алып, енди сыртқа қалай шығыўды ойлай баслапты.

Ол шуқырды бир шетинен уныратып, пайда болған топырақты аяғының астына жыйнай берипти. Топырақ кем-кем көбейип, ақыры сыртқа шығып алыпты да қалың путалыққа кирип кетипти.

Әне, «күши көп емес, ақылы көп жеңер» деген гәп соннан қалған екен.

## ҲӨКТЕМ ҚОРАЗ
(Р-280, №87758)

Баяғыда бир баярдың таўықларының арасында бир ҳөктем қораз болыпты. Ол шынында да басқалардан күшли екен. Өзининиң күшине исенип, басқа таўықлардың алдына шашылған дәнди де басып алып жеп қояды екен.

Бир күни ол қораз жийделикке кеткенде басқа таўық-қоразлар өзара ойласып, оны «Батыр қораз» деп атаўға келисипти. Ол қайтып келсе, ҳәмме оны «Батыр қораз» деп атай баслапты. Оған бул атақ оғада унап қалыпты. «Батыр қораз» өзиниң батырлығын көрсетиў ушын күн демей, түн демей шақыратуғын болыпты.

Бир күнлери түнде оның шақырып турған даўысын еситип, бир аш қасқыр келипти ҳәм қораздың сыртқа шығыўын аңлыпты. Ҳәмме таўықлар:

— Батыреке, сиз енди ғайратыңызды салың, ерлигиңизди көрсететуғын пайыт келди, — деп оған жел берипти.

Бундай мақтаў сөзлерди еситкен қораз кетектеги текшеден қанатын қағып түсиўи менен келип, қасқырдың көзин бирден шоқып алыпты. Көзден айырылған қасқыр ҳәр жерге бир дүгип, басының аўған жағына ылағып кете берипти.

Бул ўақыядан кейин «Батыр қораз»дың абырайы бурынғыдан да артыпты. Ол енди түни бойы тынбастан шақыратуғын әдетти шығарады. Оның биймезгил шақырған даўысынан жанындағы таўықлар да, қоразлар да бийзар болып, биртыма болса да көз шырымын ала алмайтуғын жағдайға түседи. Таң намазға туратуғын намазханлар да алжасып, өзлериниң қай ўақытта азан айтып атырғанлығын билмей қалады. Намазханлар өзлерин алжастырып жүрген қораздың қылўасын баярға айтып келеди. Негизи қораздың жолсыз-жосақсыз шақырыўынан баярдың да уйқысы қашып жүрип еди. Ақыры шыдамаған баяр түнде қораның қасына келип, шақыра беретуғын қоразның қайсысы екенин аңлыйды. Ийесиниң тың-тыңлап турғанын билген таўықлар «Баяр келгенде бир шақырып қал» деп Батыр қоразды түртеди. Ол да хожейинге бир мақтанып қалайын дегендей бир даўысын шығарып қышқырады. Соны күтип турған баяр да дәрҳал оны услап алып, тап сол жерде шалып таслайды.

Сол күннен баслап басқа таўықлар паң-паң қоразнан қутылып, мезгилинде тынығатуғын ҳәм тыныш жасайтуғын болыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ИНСАПСЫЗ БАҚА
(Р-46. № 50408)

Бир бақа тышқан менен дос болып, узақ жыллар өмир сүрипти. Бақа тышқанды үйине мийманға шақырыпты. Тышқан бақаның шақырған жерине келсе, үлкен көл шалақтың арасында қудайдың көп бақалары бақалап жүргенин көрипти. Тышқанды бақа қурт-қумырсқа менен аўқатландырады. Тышқанның мийи айланып, зорға үйине жетеди. Енди гезек пенен тышқан бақаны үйине шақырыпты. Бақа барса, бирнеше бөлме жайлар: биринде жүўери, биринде тары, биринде бийдай нан т.б. нәрселер жайларда толып тур екен. Тышқанның үйиндеги бунша байлықты көрген бақа, бул жер маған қолайлы екен деп, шықпай жатып алады. Сүйреп шығарыўға ҳалы келмеген тышқан ақыры бақаға жайды таслап кетипти.

## АЛДАНҒАН БӨРИ
(Р-98. № 37493)

Түнде жылап мазасын ала берген соң, бесиктеги жас баланың анасы қорқытып жубатпақ ушын:

— Әне, бөри киятыр, жылай берсең, бөриге шығарып таслайман, жеп кетсин өзиңди, — депти.

Қасақана тап сол ўақытта бир бөри үйдиң қапталынан өтип баратыр екен. Буны еситип, тарса турып, баланы шығарып таслаўын күтип отыра берипти.

Таң жақынлапты, бөри еле үмитин үзбепти, бала болса жоқ. Бир ўақытта баланың анасы баласын сүйип:

— Қой, бөриге береди деген не, тасты берейин, бөри келсе, урып жиберейин, — депти.

Буны еситкен бөри өзиниң алданғанын билипти, баладан үмитин үзип турып кетипти.

## АҢҚАЎДЫҢ АҚЫРЫ ТУЙЫҚ
(Р-98, №41533)

Бир жолбарыс, бир қасқыр, бир түлки, бир түйе төртеўи узақ жолға жолдас болыпты. Жолда киятырып түйеден басқасы оғыры аш болып жүре алмапты. Жолбарыс түйени сойыўға мейил етипти. Соны билип түлки:

— Тақсыр, сиз бирден ашкөзлик етпей, бизге тамақ табыўды буйырып отыра бериңиз. Мен түйени мәлелсиз ырза етип сойып, сизге жедиремен, — депти.

Жолбарыс «мақул» деп:

— Қәне, қасқыр, түлки, бизлер узақ жүрдик, енди аўқатланыў керек. Сол ушын жақсы аўқат табыңлар, дем алайық, — депти.

Қасқыр түлкиге қарапты, түлки айтыпты:

— Тақсыр, мен көп ўақыттан бери-ақ сизиң аўқатыңызды ойлап хешнәрсени таба алмай бир ойлап жүргеним бар еди, — дейди.

— Қандай ой? — деп сорайды жолбарыс.

Түлки айтады:

— Тақсыр, бул жерде төртеўимизден басқа хешким жоқ, мен сизлерге басымды берер едим, бирақ хешкимге аўқат болмайман, соның ушын түйе ири қаба еди, өзи келмесе, келер жылы ҳәркайсымыз бир түйе төлеў шәрти менен сойып жесек, егер өзи төлемесе де, биз үшеўмизден үш түйе алса, өзи менен төртеў болады. Тақсыр, соған сиз төрелик бериниз, түйе қалай көреди? — дейди.

Сонда барлығы жабырласып түйеге «сиз оғыры көбейип кетеди екенсиз» дегенге марапатланып, түйе «бар, келистим» дейди. Сол-ақ екен, жолбарысқа:

— Тақсыр, сизиң күшиниз жетеди, хызмет болмасын, жығып бериң, — дейди түлки.

Сол ўақта жолбарыс түйениң желкесинен алып ылақтырғанда күлопат болып қулайды.

— Ал, енди ишин жарып, өкпе-баўырын шығарып маған бериң, — деп, жолбарыс кейин отырады.

Қасқыр менен түлки түйениң ишин жарып, ишек-қарнын далаға шығарып, өкпе-баўыры көринген ўақта қасқыр шыдамай бир асап алады. Түлки оны көрип дәрхал жолбарысқа арыз қылады:

— Тақсыр, сизден бурын қасқыр өкпеден аўыз тийип жеп қойды,— дейди.

Буны еситип, өзи аштан шыдамай ашыўлы отырған жолбарыс қасқырды желкеден алып ылақтырғанда қасқыр сеспей қатады. Түлки «бул да ас жоқта бир күнге жарайды» деп әкелип түйениң етине қосады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөйтип:

— Ал, тақсыр, сизден болсын, — деп, түлки кейин шығып отырады.

Жолбарыс тойғанша жеп, түлкиге «керегиңше жей бер» деп руқсат етеди. Түлки жеп тойып болып, қарын-ишегин жерге көме береди, сөйтип сол жерде, сол түйениң, қасқырдың гөшин жеп болғанша жатады. Жолбарыс «кетейик» десе, түлки:

— Тақсыр, усыдан басқа таяр асты табыў қыйын, хәзирше усында тура турайық, — деп сөзге айландырып жата береди.

Еттиң сүйегине шекем жеп таўысады, оғыры аш болады. Түлки баяғы көмген ишек-қарынның үстинде жатып, бүйириниң астынан суўырып жей береди. Жолбарыс жүдә аш болып:

— Түлки, сениң аўзың қыбырлайды, не жеп атырсаң? — дейди.

Сонда түлки:

— Ой-бой, тақсыр, адам аш болса жемейтуғын жерден ас табылады екен. Мен бүйиримди тесип, ишегимди алып жеп атырман, — дейди.

Оған жолбарыс инанып:

— Ондай болса, мен өзим аўырсынарман, маған ишегимниң ушын алып тислетип жибер, өлетуғын болдым, — дейди.

Түлки:

— Айтагөрме, тақсыр, сизиң денеңизге қол тийгизип болмайды, ҳәм аўырсынып ашыўыңыз келсе, мени зыңғытып жиберсеңиз, мен жәҳәннемге кеткеним ғой,—дейди.

Жолбарыс:

— Мен өзим ыразылық бердим ғой, тезирек айтқанымды қыл, — дейди.

Түлки:

— Онда аяқларыңызды байламасаңыз, мен қорқаман, тақсыр,—дейди.

Жолбарыс:

— Өзиң тез байла, ишегимди шығар, ушын аўзыма жеткер, өлиўге қарадым, —дейди.

Түлки дәрҳал жолбарыстың аяғын тас қылып байлап таслап, аш бүйирге аўзын урады. Жолбарыс бир ақырып тамам болады. Сол жерде түлки сумлық пенен түйени, қасқырды, жолбарысты барлығын жеп жолдасларын қуртқан екен.

## МЕШКЕЙ ЕШЕК

(Р-21. №1081)

Бурынғы өткен заманда бир тойымсыз мешкей ешек болыпты. Күнлерден бир күн ол ҳийле ойлайды. Ойлаған ойын қыялынан шығара алмай, журтты қорқытыў ушын қасқырдың терисин кийеди де, аўылларға басып кириўге кириседи. Киятырған көкжалдың көринисин көрген адамлар «қасқыр келди-ха, қасқыр келди!» деп үйлерин таслай-таслай қашады. Ешектиң қозы-ылақ, бузаў-баспақлар менен иси болмай, үйлерге емин-еркин кирип, қаптағы ғәллени жей баслайды.

Адамлардың арасынан биреўи ойланып турып, «Ҳаў, бул қасқыр болғанда ылақ-қозыны жер еди, бул болса, бас салып ғәллени жеп атыр ғой, қасқыр дән жемейди, қәне барып билейик» деп келип көрсе, қасқыр деп қорқып жүргени аўылдағы тойымсыз ешек екенин аңлайды. Ҳәрким бас-көз демей бир-бир таяқ урып, ешекти ийт бастырып, аўылдан қуўып шығады. Ийтлерден қаша-қаша әбден болдырған ешектиң бир аяғы уймаға кирип кетип, соңында оны ғарғалар шоқый баслайды. Ешек аяғын зорға тартып алғанда, үстинен бир тода аш қасқыр дүпеп келип, оған тасланады. Сол жерде мешкей ешектиң гөрқаўлығы қара басына жетип, күни питкен екен.

## КӨКЖАЛ МЕНЕН КӨПЕК

(Р-98. №3435)

Бир көкжал менен көпек екеўи күнлердиң биринде ушырасып қалып, сөйлесипти. Көкжал өлеси арық ҳәм жүнлери сабалақ-сабалақ, зордан-зорға тилге келетуғын еди. Ийт болса биреўдиң тәрбиясында турған, өзи семиз, көзи тас төбесинен қарап, жүнлери жылтылдап турып еди.

Булардың арасындағы сөз де сол атышуўлы көкжалдың арықлығы менен көпектиң семизлиги

www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳаққында болды. Көпек:

— Сен өзиң ғайратың бар, шаққансаң, тислерин өткир, не себептен буншелли арық болдың?— дейди.

Көкжал:

— Журт сақ, аңлып алайын деп турған аўыңды да алдырмайды, қайта изиңнен түсип қуўады. Өлдим-талдым дегенде зордан қутыласаң, ара-тура биреўин алағойсаң, қызылтумсық қылып айырып алады. Соның ақыбетинде күнде қуўғынға жарығандай, аўызға маза бергендей бир тамаққа жарымай сүргинниң ишинде жүрмен, мен арық болмай ким арық болсын, ал өзиң қалай семиз болдың?

Көпек:

— Биреўдиң есигиндемен, ол өзи не жесе, маған да соны береди. Тамағым тоқ, қайғым жоқ, мен семиз болмай, енди ким семиз болсын.

Көкжал:

— Сен өйтип не хызмет қыласаң?

Көпек:

— Тек есигин қорыйман, басқа қылар исим жоқ.

Көкжал:

— Мен қорысам, маған да тамақ бере ме екен?

Көпек:

— Берер.

Көкжал:

— Олай болса, мени де алып бар.

Көпек:

— Жақсы, бирге жүре ғой.

Бирге жүрермен болып жақын келип қараса, ийттиң мойнында қарғыбаўы бар. Оны көрген көкжал:

— Мойнындағы не? — деди.

Көпек:

— Қарғы.

Көкжал:

— Оны не қылады?

Көпек:

— Күндиз байлап қойып, түнде ғана босатып жибереди.

Көкжал:

— Бәнтте бенде болып семиз болғаннан, өз аяғыма арқайын жүрип, арық болғаным абзал, қой қурысын, кештим бундай рәҳәтиннен, — деп өз жөнине кетипти.

## ТӨРТ ҚОДИРЕҢ

(Р-89, №37593)

Ерте әййем заманларда ешек, баспақ, қораз ҳәм пышық — төртеўи ийелерине айыплы болып, қуўылып, соннан тоғайға кетиўге мәжбүр болады. Бурын байлаўда турған ҳайўанлар енди тоғайға келгеннен соң өз еркинше жайылып, аяғының жеткен жерине дейин барып, отлап жүдә семиреди ҳәм өзлери де қодиреҢ аңға айланады. Бирақ, олар бул жерде бир-бири менен дос-инақ болып, барлығы бирге жүре береди.

Бир күнлери оғыры толысып, семирип кеткен ешек қасындағы шериклерине қарап:

— Мениң қатты аңқырғым келип тур, аңқырайын ба? — деп сорайды.

Жолдаслары:

— Жа-ақ, хасла аңқырыўға болмайды, ҳаў, жақын жерде «қасқыр» деген жаўымыз бар, ақыры, — дейди.

Бирақ әбден семирген ҳәм мәсирген ешек:

— Я-ақ, мен аңқырмасам тура алмайман, шыдай алмай баратырман, маған сондай йош келип тур, — депти.

Соннан кейин шериклери илажсыздан аңқырыўға руқсат береди. Өзи зордан турған ешек даўысының барынша қатты аңқырып жибереди. Буның қодиреҢ даўысын қырда жүрген бир тода қасқыр еситеди.

— Ҳаў! Бул не қылып жүрген жемтик екен, я. Сен барып көрип қайт, — деп ишинен биреўин айғақшы етип жибереди. Басқалары қырда қалады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кеткен қасқыр тоғайға келип қараса, тоғайда ешек, баспақ, қораз, пышық төртеўинин емин-еркин жүргенин көреди. Көзи қуўаныштан жарқ ете қалған қасқыр ешектиң қасына жетип келип:

— Ҳа, ешек, өзиң-ақ айта ғой, қай жериңнен баслап жейин, — депти жоқ жерден жемтигинин тап болғанына қуўанып.

— Жамбасымнан баслап жей ғой, — дейди ол да арқайын түрде.

Қасқыр оңай табылған олжасының артқы жағына бара бергенде, ешек онын басын артқы еки аяқтың арасына қысып қалады да, жаздырмай турады. Сол гезде ешки оны бүйирден бир сүзеди, бузаў бар пәти менен дүгеди. Қораз катты қыйғырып, қышқырады, ал пышық болса тырнақлары менен жалма-жан жер каза баслапты.

Қасқыр ешекти жеў түўе, қара жаны қайғы болды. Ол өлдим-талдым дегенде ешектиң тақымынан жаздырылып шығады. Бүйирден урып турған ешкиден де қутылып, алды-артына қарамастан қашыў менен өзин күтип отырған уяласларына келеди. Келип, болған ўақыяны айтып береди. Ол бийтаныс хайўанлардың биреўинин кәлеген анды өлтириўге таяр турғанын, және биреўинин гөрқазғыш екенин, олардың ҳәмме миннетти өзара бөлисип алғанлығын айтады. Буны еситкен көкжаллар бундай уйымшыллықты көрип, оларды ҳешқашан да жеңе алмаслығын аңлайды да жөн-жөнине кетеди.

«Төртеў түўел болса, төбедегини түсирер» дегендей, ешек, баспақ, қораз ҳәм пышық усылайынша әжел тырнағынан аман қалыпты ҳәм бир-бири менен татыўлықта жасай берипти.

## ҲИЙЛЕКЕР ТҮЛКИ ҲӘМ ҚЫЯЛШЫЛ ҚОЯН

(Р-565, №176508)

Бурынырақта бир кишилеў тоғайда бир қыялшыл қоян жасайды екен. Бир күни қоян жолдан ат минип өтип баратырған жолаўшыны көреди.

Ол өзинше таңырқанып: — Пай, бул қандай батыр адам екен, я? Аттың үстине минип, шалқайып-шалқып жүрисин қараң ә! Мен де сондай бир хайўанның үстине минип жүрсем, бул дүньяда әрманым жоқ еди, — деп қоян қыяллай баслайды.

Бир гезде ол қойыў саяманлы терек өскен жерге барып, нәрўан бир байтеректиң шақасына минип отырады. Көп узамай қоян отырған байтеректиң астынан бир түлки өте бергенде, ол бирден атлығып түлкиниң арқасына минип алады.

Сонда түлки:

— Ҳаў, бала, сен қоянбысаң? — дейди.

— Аўа, қоянман, — деп мәз болады узынқулақ пақыр.

— Мен қоян менен бийиў ойнағанды жақсы көретуғын едим. Кел, қоян жора, бир бийиў түсейик, — деп түлки қуйрығын қыймылдатыпты.

Қоян түлкиниң алдаў сөзине ерип жерге түсиўден түлкинин алдына жетип барады.

— Ал онда ойнасақ, ойнайық, — деп түлкиниң тап алдына келип қыйылып отырады. Түлки қолдаўын ойнатқан ҳалда аўзын керип ашып турып:

— Әне саған бийиў, мине саған бийиў, — дейди де, қоянды қылғытып жута баслайды. Қыялшыл қоян «бийиў—бийиў» деп бықылдаўы менен түлкинин қурсағына түсип, әжел қушыпты.

## ҚАРА НИЙЕТЛИ ҚОРАЗ

(№ 182787)

Тас қаласының қубласындағы үлкен тоғайдың қақ ортасынан ағыслы сай өтер екен. Сайдың шеп жағасындағы шырша таў дизбеклерине тутасып кетеди. Оң жағада болса, үлкен аймақты баўырына алған мийўели дарақлардан ибарат тоғай жап-жасыл далаларға қосылып кеткен. Усы тоғайды мәкан еткен жабайы хайўанлар төрт мәўсимде де тереклердиң мийўелерин жеп, бир-бири менен дос-татыў жасайды екен. Атап айтқанда, қүдиретли бүркитлер барлық жәниўарлардың палапанларын, балаларын бийикке ушыўға үйретсе, жабайы ғаз бенен үйреклер палапанларды суўда жүзиўге таярлайды. Айыўлар тоғайдағы аўыр жумысларды мойнына алды. Олар қурғақ, қуўраған тереклерди қопарып алып, жаңадан нәл егиўге жерлерди таярлайды. Жылан тәўип жәниўарларға тәўипшиликтен сабақ береди. Бийтапларды емлеп те жүреди. Тоғай жәниўарларының ерке мәлийкасы — сулыў таўыс желпигиш қуйрығын жайып,

www.ziyouz.com kutubxonasi

басын тик услап, барлық жәниўарлардың күнделик жумысларын қадағалайды.

Сайдың үстине еле көпир қурылмағанлықтан хәр еки тоғай жәниўарларын мийўехор крокодиллер нағыз қайықтай үстине миндирип, мына жағадан арғысына миннетсиз өткерип қояр еди. Бирақ, оларға буны өтиниш пенен орынлатыў керек екен. Оларға буйрық пенен айтса, дәрхал крокодиллер жыртқыш жәниўарларға айланады.

Тоғайда барлығына арыслан басшылық етеди.

Бир күни тоғайға нәмәлим қораз келеди. Оны адамлар қуўып келген еди. Қораз пышық мурны батпайтуғын тоғайға жасырынып кетеди. Ол хайўанлардан усы жерде жасаўға руқсат сорапты. Айырымлары буған ыразы болмаса да, арыслан руқсат етипти. Қораз әдеттегидей өзинин хийлекерлигин қолланып хайўанларды алдайды. Буған бәри бир таўыс исенбейди. Барлық хайўанлар оның мақсетин сезеди. Соң қораз сай жағасында әптапқа жылынып жатырған крокодиллердиң қасына барады. Оларды да басқа хайўанларға қарсы шығыўға шақырады. Мийўе жейтуғын крокодиллерге гөш жеўди усыныс етеди. Оның нийетин сезген бир крокодил:

— Бизлер мийўе жеймиз. Бизлер де мәйектен жарылып дүньяға келемиз. Мениң тисимниң арасында ғозаның қалдықлары қалып қойған. Соны алып жибер, кейин сенин айтқаныңды қыламан, — дейди.

Қораз оның аўзына кирип, тислерин тазаламақшы болғанда крокодил оны жутып жибереди. Солай етип, тоғай халқы нийети қара қораздан қутылыпты.

## ШАЯН ХӘМ ҒАЗ
(№ 182787)

Бурынғы өткен заманда бир шаян менен ғаз болыпты. Бир күни ғаз шаянды шоқып жейин деп аўзына салған ўақытта шаян ғазға:

— Ғаз аға, сиз сондай сулыў хәм ақыллы қуссыз. Жумсақ пәрлериңизди айтпайсыз ба! Хәтте, адамлар да сизди қуслар ишинде ең сулыўы деп мақтасады, — деп оны марапатлай баслапты.

Бирақ, ғаз оның гәпине индемепти. Сонда шаян сөзин даўам етип, және мақтай баслапты:

— Сиз қуслардың ишиндеги ең әжайыбысыз, суўда балықтан да жақсы жүзесиз. Даўысыңыз ше, даўысыңыз дым жағымлы. Сиздей болып хеш бир қус жағымлы сайраған емес. Соның ушын бир сайрап жибериң, мен хәз етип бир тыңлайын, — депти.

Ғаз бул сөзлерден қатты қуўанып:

— Аўа дә! — деп жиберген еди, аўзынан шаян торс етип жерге түсип кетипти. Шаян пайыттан пайдаланып қашып үлгерипти. Ал, ғаз болса өзинин ańгөдеклигинен пәнт жепти. Мине, соннан баслап ғазлар шаянды жаман көретуғын болыпты.

## МЫҢ ЖЫЛ ЖАСАҒАН ЗОҢ ҒАРҒА
(Р-98, № 3435)

Бурынғы өткен заманда көп ғарғалардың ишинде мың жыл жасаған, тумсығы узын зоң ғарға болыпты. Ол пүткил өмирин күл таслаған шуқанақларда, өлимтиктиң басларында, егин писик күнлери атыз шелди қоймай аралап, жүўери қамыр болғаннан баслап, шоқып жеп күнин кеширип, хәр жылда бир түлейди екен.

Бир күнлери зоң ғарғадан басқа киши ғарғалар:

— Сен усы мың жыллық өмиринде есте сақлап қаларлықтай нелерди көрдиң? — деп сорапты.

Сонда зоң ғарға турып былай дейди:

— Бир күни үлкен дарақта қонақлап отырып уйқылап кетиппен. Көзимди ашып қарасам, қуйрығым жаўған қарға ярым белинен батып қалған екен. Жылдам қанатымды сермеп, жоқары путаққа барып қондым. Ишим қалтырап, арман-бермен теңселип қалғып отырып, тағы уйқылап қалыппан. Қуйрығыма бир нәрсе жабысқандай болды, содан бирден сескенип кетип, бир силкиндим де арқамдағы үйилип қалған қарды түсирип, теректиң ушабасына барып отырдым. Бир ўақытта арқадан гүўлеп ескен самал бағанадан бери жаўған қарды бир майданда сыпырып алғандай еритип жиберди. Буны тек мен көрдим. Меннен басқа хешким көрген жоқ. Ол ўақытта хәмме уйқылап атыр еди, — депти зоң ғарға көкирегин керип мақтанып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАҚТАНШАҚ ТЫШҚАН
(Р-98, № 3435)

Бурында бир тышқан өзиниң инине жақын жерден иши дәнге толы ура таўыпты. Қуўанып кеткен тышқан дәрриў ура менен ининиң арасынан жердиң асты менен жол салып алады.

Тышқан енди ураны меншиклеп алып, түўесилмейтуғын ғәзийнеге ийе болып, дәўран сүре баслапты. Ол сол жерде жасайтуғын тышқанлардың бәрин қонаққа шақырып мәзи-майрам болады да қалады.

Бунын мийманы болған басқа тышқанлар онын хүрметин жайына койып, оған «бай аға» деп, хәр сөзине «ләббай», «бәлли» деп туратуғын болды.

Баяғы тышқан болса күтә ғоддаслап менменсип кетеди.

Бир күни бай тышқан көп қонақ шақырады, хәмме жыйналғаннан соң хызметкерлерине бийдай келтириўди буйырыпты.

Хызметкерлери урадан бийдай таппай келеди. Қорқып кеткен тышқан өзи ураға жуўырып барыпты. Қараса, ура бос, иши минтаздай етип сыпырылған екен.

Бийдай ийесиниң қабындағы ғәллеси түўесилип, ураны ашып, ишкендей бийдай алайын деп ураны ашса, дән кемип қалыпты. Ураны тышқан ашқан екен деп, барлық дәнди қалталап үйине алып кеткен екен.

Бай тышқан қонақларының алдында шерменде болыпты. Миймандаршылыққа келген тышқанлар «хәддиңди билмей, саған қонақ шақырыўды ким қойыпты» деп оның үстинен қатырып күлип кетипти.

Сол күннен баслап «бай тышқан»ның базары тарқап, қасында оның сөзин сөйлейтуғын тышқан қалмапты. Оннан соңғы өмири «әттегене-ай!» менен өтипти.

## ҚЫС ПЕНЕН ЖАЗ ҚАЛАЙ ЖӘНЖЕЛЛЕСТИ
(Р-565, № 176308)

Бул ўақыя бурын болған еди. Бир сапары қыс пенен жаз далада бир-бири менен ушырасады. Ол гезде олар бир-бири менен татыў дос екен. Еки дос бир-бири менен ушырасқанына қуўанысады. Бир-биринен хал жағдай сорасады. Соның арасында бир атлы ғаррының аңнан киятырғанын көреди. Қыс өзиниң күшли екенин айтып мақтанғысы келеди хәм ол жазға қарап:

— Анаў ғаррыны көрип турсаң ба? — дейди.

— Аўа, көрип турман.

— Мен дәрхәл оның басындағы түлки малақайын үплеп ушырып түсирейин бе, буны сен көресең бе?

— Қәне, онда күшиңди көрсет маған.

Сөйтип қыс бар күшин салып үплей баслайды. Сонда ғарры басындағы малақайын тағы төмен түсирип еңкейеди. Қыс тағы да қәхәрленип, қар аралас боранға айланады. Ал ғарры болса, суўықты хашқандай писент тутпай киятыр. Дөгеректи қараңғы басты, жақтылық көринбейди. Суўық боран адамның бетине музлаған жапалақлары менен урады. Бул да ғаррының басынан малақайын түсире алмайды. Сонда жаз күлип жибереди.

— Әй, сен! Күшиң жетпейтуғын нәрсени ислеймен деп хеш ўақытта мақтанба!

— Қәне, онда сен көрсет күшиңди.

Жаз үндемейди, ол тек өзиниң жарқыраған нурын таратады. Далаларға булақ суўы ағады, айлана дөгерек жасыл палас кийеди. Ғарры жанға жағымлы ыссыға күлимсиреп қуўанады. Қуяшқа рахмет айтқандай қолын былғайды. Басынан малақайын алады, терлеген маңлайын бет орамалы менен сыпырады. Бул бәсекилесиўде қыс жазға уттырғанлығын түсинеди. Ол тағы мудамы күш пенен жениўге болмайтуғынлығында түсинеди. Бирақ өжетликтиң себебинен ол мойынлағысы келмейди. Ол уялғанынан кейин қарамай қашады.

Адамлар соннан берли қысты хәм жазды бирге көрмейди екен.

## СЫҚМАР МОЛЛА
(Р-565, № 176508)

Бурынғы өткен заманда бир қора малы бар болса да, адамға зат бермейтуғын, малы көбейиўи ушын басқаларға өлим тилейтуғын бир молла болыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир күни усы молланың ийти көшеде жүрип, бир арық ийтти көрип, оған рехими келип:
— Сен не себептен буншама арықсаң? — деп сорапты.
— Мениң үйим жоқ, кимниң үйине барсам да, мени таяқлап қуўып салады. Сонлықтан мен арық болмай, ким арық болсын, — деп налыпты арық ийт.
— Ондай болса, ертеңге дейин шыда. Мениң хожайыным — молланың бир ешкиси менен бир өгизи аўырып өлейин деп атыр. Солардың биреўи өлсе, гөшине бир тойдыраман, — деп жубатыпты молланың ийти арық ийтти.
Бирақ ертеңине ешкисиниң өлетуғынын билген молла оны базарға саттырып жиберипти.
Ертеңине арық ийт келип:
— Хожайыныңның ешкиси өлди ме? — деп сорапты.
— Хожайыным ешкисиниң өлетуғынын билип, сатып жиберди. Бирақ сен қапа болма, хожейинимниң өгизи бүгин-ертең өлсе, сени тойдырарман, — депти молланың ийти.
Ертеңине арық ийттиң және алданып, пысы қурып қалыпты. Молла өгиздиң аўырып турғанын билип, оны деңгенеге берип жиберипти.
Арық ийт енди молланың малларынан гүдерин үзип кетип баратырса, оның изинен баяғы молланың ийти жуўырып жетип алып:
— Ал, жора, бул сапары сүйекке тоярың анық. Хожейиним молла тап ҳәзир аманатын қудайға тапсырды, — депти.
Ертеңине еки ийт молланың ас-абатына сойылған маллардың сүйеклерине тойып, мәс болып қалады.

## АҢШЫ ҲӘМ ТҮЛКИ

(Р-1076. № 182787)

Бурынғы өткен заманда бир аңшы болыпты. Ол өмир бойы аң аўлаў менен шуғылланады екен. Әдеттегидей аңшы бүгин де қақпанын қурып, қасына гөш бөleклерин таслап, өзи жасырынып жатыпты.
Бир ўақытта қақпанның қасында түлки пайда болыпты. Оның аш болғанлығы соншелли, тамсанып, гөшке умтылыпты. Бирақ, түлки гөшке жетпей-ақ қақпанға илинипти.
— Ҳәссений, «Шийрин аўқаттың ашшы кекириги болады» деген усы екен дә, — деп түлки қақпаннан қутылыў жолын ойлай баслапты. Түлки сондай сумлықлы еди.
Ол өлгенге қусап, көзин ақшыйтып жата берипти. Аңшы қақпанына олжа түскенине қуўанып, жуўырып келип қараса, қақпанда түлки өлип жатыр. Дәрҳал олжаны қақпаннан босатқаны сол, түлкиге жан енип, қашып кетипти. Аңшы аңырайыўы менен қала берипти ҳәм сумлықлы түлкиге дус келгенин билипти.
Түлки қақпаннан қутылғанына мәс болып қашып киятырса, алдынан және бир түлки шығыпты.
— Хе, түлки жора, бул жерлерде не қылып жүрсең? — деп сорапты сумлықлы түлки.
— Не қыларымды билмей жүрмен жора, бир жутым аўқатқа зарман! — депти аш түлки.
— Пай, сен де келиспейтуғын гәпти айтасан-аў! Усындай молшылықта аш боласаң, ашлықта ҳалың не кешеди? Сени аўқаттың мол жерине алып барайын, — депти сумлықлы түлки.
Сөйтип, түлки аш түлкини ертип, бағанағы қақпанға баслап келипти. Аңшы дөгеректе көринбепти. Аш түлкиниң аўзының силекейи ағып, гөшти көриўден аўзын бас салыпты. Сөйтип, ол да қақпанға түсипти. Ал, сумлықлы түлки болса гөшти алып қашып кетипти.
«Айран ишкен қутылады, шелек жалаған тутылады» дегендей, аш түлки аңшының нәўбеттеги олжасына айланыпты.
Әне, соннан баслап аңшы қақпаннан олжасын аларда, олжасының өлгенине әбден көзи жеткеннен соң ғана алатуғын болыпты.

## КЕПТЕРЛЕРДИҢ БИРЛИГИ

(Р-1076. № 182787)

Бир заманларда бир топар кептерлер топарласып ушып баратырса, жерде шашылып атырған көп жүўериге көзи түсипти. Олардың арасында биреўи сол жүўерини жеўди усыныс етипти. Кептерлер түскен жерге адамлар темирден тор қурып қойған екен. Олар жүўерини шоқып баслағанда, тор жабылып қалыпты. Сонда жерге түсип жүўерини жеўди усыныс еткен кептер: «мени деп сизлер де торға түсип

www.ziyouz.com kutubxonasi

қалдынлар—аў» деп қатты қыйналыпты. Кейин «бүйтип қыйналғаннан енди пайда жоқ. Бул тордан мыналарды қутқарыўды ойлайын» депти. Ол ойланып-ойланып, ақыры кептерлерге:

— Қәне, хәммемиз бирден жоқары көтерилейик. Торды көтерип барған жеримизге дейин барайық. Кейни бир гәп болар, — депти.

Кептерлер жәмлесип, бәри бирден торды көтерип ушыпты. Олар ҳалы келгенше ушыпты. Ақыры тышқанлар жасайтуғын бир мәканға келип түсипти. Кептерлердиң басшысы тышқанлардың басшысына өзлериниң басына түскен саўданы айтып берип, олардан жәрдем сорапты.

Тышқанлар басшысы кептерлерди аяп, барлық тышқанларды жыйнап, темир торларды бириктирип турған жиплерди шайнаўды буйырыпты. Олардың көмеги менен кептерлер өлимнен қутылып қалыпты. «Күш бирликте» деген сөз соннан қалған екен.

## ҚАСҚЫР МЕНЕН ДОҢЫЗ

(№ 182787)

Бир бар екен, бир жоқ екен, бурынғы өткен заманда қасқыр менен доңыз жасапты. Олар оғада татыў дос екен. Бәрқулла бирге жүреди, не тапса, бөлиседи.

Бир күни доңыздың үйине және бир доныз досты келипти. Олар ўақ-шақ болып кешке шекем ўақтын кеўилли өткерипти.

— Доңыз жора, — депти бир гезде досты оған, — сен қасқыр менен дос болмай-ақ қой!

— Неге?! Не ушын?!

— Себеби, ол жыртқыш, гөшхор ҳайўан. Аш болса, олжа таппаса, сени де жеп қойыўы мүмкин, — депти досты.

Буған доңыз ҳайран қалыпты. Ол бул сөзге исенбей күлипти.

Ертеңине азанда доңыз қасқыр менен аң аўлаўға шығады. Кешке шекем жүрип, ҳеш олжа болмады. Ашлықтан димарын жойтқан қасқыр доңызға:

— Сен меннен қапа болма, бирақ, мен ашлыққа шыдамайман. Сени жеўге мәжбүрмен. Әлўидағ, достым! — деп оны жемекши болыпты.

Сол пайыт доңыздың досты жетип келип, бар күши менен қасқырдың қарнына өзин урыпты. Қасқырдың қарны жарылып,сол ўақытта-ақ жан тапсырыпты.

— Сениң гәпиңе қулақ салмағаным ушын мени кешир! — деп доңыз ҳақыйқый достын қушақлап жылапты.

Әне, дослар! Сизлер де өзиниздиң ҳақыйқый достыңызды табыўдан алжаспаң! Достыңыз сизди, сиз достыңызды қоллап-қуўатлаўға ҳәрекет етиң! Дослық — мәңгилик!

## МАҚТАНШАҚ ЕШКИ

(№ 182787)

Бурынғы өткен заманда бир ат пенен ешки болыпты. Ат жүдә ақ көкирек, кишипейил болыпты. Ал, ешки болса мақтаншақ, ериншек екен.

Бир күни екеўи дусласып қалыпты. Сонда ешки атқа:

— Ҳәй, гедей, қаяққа баратырсаң? Сәлем жоқ, әлем жоқ, басынды төмен алып өтип баратырсаң ғой, — депти.

— Ҳаў, бул қалай? Мен сеннен еки жас үлкенмен, қайтама сен сәлем бермейсен бе? — депти ат.

— Тоғайда мени хәмме ҳүрмет етеди. Ал, сен ким болыпсаң? — деп ешки мурнын гиржийтипти хәм мақтаныўды баслапты.

— Мен, мен бир оқ пенен еки қоян аттым. Ҳәмме меннен қорқады. Басқа ҳайўанлар да қорққанынан мени ҳүрметлейди, — деп ешки кеңкилдеп күлипти.

Сол ўақытта тоғайды гүнирентип хәп заматта олардың жанында жолбарыс пайда болыпты да ешкиге тасланыпты. Ешки «мә-мә»леўи менен жан тәслим етипти. Ал, ат болса қуйындай ушып зып берипти.

Әне, дослар! Мақтаншақлық жақсы әдет емес. Сонлықтан да, мақтаншақ болмаң!

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ШЫМШЫҚ ПЕНЕН ПЫШЫҚ
(Р-455, инв №176398)

Жоқары бастырманың төбесинде отырған шымшық төменде қолайын таппай, тапса шабайын деп буққышлап аңлып турған бир пышықты көрип айтты:

— Әй, залым қанышер, сени үйинде сақлаған киси өзи менен бирге саған да аўқат береди. Соған қанаат қылмай, және жанлы жәниўарларға азап берип аўлап аласаң, — депти.

Сонда пышық оған:

— Мен қапты тесип, ишиндеги ғәллесин қуртып тасып жүрген тышқанды аўласам, бунның неси қанаатсызлық? Қанаатсыз деп шымшықты айтса болар. Кепсин деп күнге жайып қойған бийдайды, дәнди көрсе, «киси ҳақы» демейди, жейди де кетеди. Қылатуғын бир пуллық хызмети жоқ. Сондай жаман әдети болған соң, қолайы келсе, шымшықты да услап жаза беретуғыным ырас, — депти.

Оның бул сөзине шымшық:

— Мениң адамға ислеген жақсылығымның қасында сениң жақсылығың ҳеш нәрсе емес, — депти.

— Сен инсанға не жақсылық етипсең? — депти пышық оның сөзине ҳайран болып.

— Бизлер адамлардың еккен егинлерин коймайтуғын қурт-қумырысқаларды жеп қуртпағанда, олардың жемегине дән қалмаған болар еди, — депти.

Пышық басқа ҳеш нәрсе демей өз жөнине кетипти.

## АРЫСЛАН МЕНЕН ТҮЛКИ
(Р-455, инв №176398)

Бир арыслан қартайып, қуўаты азайып, бурынғыдай көрингенди бас салып тутып жеўге әззилик қылатуғын жағдайға келипти. Сонда ол өзинше бир ҳийле ойлап таўыпты. Өзине ылайық бир жантақ жай қурып алып, сол жердеги бәрше ҳайўанларға: «Мен енди қартайдым. Енди жанлы мақлуқатларға азар бергенди қойып, тәўбеге келмекшимен. Ҳал сорап келген жанзат болса, ырзаласып қалмақшыман» деп жар салыпты.

Буны еситкен ҳайўанлар оның сөзине исенип, ҳал-жағдай сорасыўға келе берипти. Бирақ олардың көбиси ғарры арысланға жемтик болып, изине қайталмапты.

Бир күни сумлықта арысланнан да қалыспайтуғын түлки келип, арысланның үйиниң қасында турып, сырттан хабарласып, оннан ҳал сорапты.

Арыслан ишкериден:

— Ҳалым жаман, қәдирданым түлки. Неге ишкериге кирмейсең? — депти.

Сонда түлки даладан турып оған:

— Тақсыр, ишкериге кирген из жүдә көп екен дә, бирақ сыртқа шыққан из көринбейди. Соның ушын «Сақлықта хорлық жоқ» деген нақылға әмел қылып, сырттан-ақ хабарласыўды мақул көрдим, —деп өтә кетипти.

## ЕШКИ МЕНЕН ТҮЛКИ
(Р-455, инв №176398)

Қырда ҳәр жаққа алаң болып, аяғының астынан хабарсыз киятырған бир түлки аңламастан бир шуқырға түсип кетипти. Соннан шыға алмай турғанда, бир ешки отлап келип, шуқырға үңилип, түлкини көрипти.

— Ҳаў, түлки мырза! Сен бунда не қылып турсаң? — депти ешки түлкиниң үстинен күлип.

— Несин сорайсаң, — деди түлки, — күнниң ыссысынан күйип-жанып ҳалықлап өлейин деп жүрип едим. Шөллеп, суў таппай жүргенимде усы қудықтың үстинен шықтым. Қудықтың түби жүдә салқын, түбиндеги суўы да муздай екен. Суўдан ишип, жаным жай таўып, ҳәз етип турыппан, жора, — депти.

Ешки де қатты шөллеген екен. Түлкиден бул сөзди еситиўден, бул да ҳеш ойланбастан қудықтың ишине секирип түсипти.

Усыны күтип турған түлки дәрриў ешкиниң үстине минип, қуйыдан секирип сыртқа шығып:

— Ал, ешки жора, сен усында ҳәз етип отыра бер, — деп өтә кетипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТҮЛКИ МЕНЕН ШАҒАЛ

(Р-80, № 36807)

Бурынғы өткен заманда бир түлки менен шағал дос болыпты. Екеўи бирге кетип баратырса, алдынан бир бөлек тоңмай шығыпты. Майды түлки де, шағал да жегиси келипти. Сөйтип, шағал түлкиге:

— Сен жей ғой, жора, — деп мирәт етипти.

Түлки сумлық ойлап:

— Мениң аўзым ораза ғой, жора, майды сен жей ғой, — депти.

Соннан кейин шағал майды жейин деп тумсығын соза бергенде, мойнына қақпан түсип қалыпты да, тоңмай ушып кетипти. Түлки майды қағып алып жеп қойыпты. Сонда шағал:

— Ҳаў, түлки жора, сениң аўзың ораза емес пе? — депти.

— Оразам сениң мойныңа түсти, — деп, түлки жөнине кете берипти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

76- ТОМ



# ЖУМБАҚ - ЕРТЕКЛЕР

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАТЫП ЖЕГЕН БАЛА
(Р-298, №37493)

Өткен бир заманда бир ғарры болған екен. Ол ғаррынын бир баласы болыпты. Бала жумыс қосжақпас, жатып жей беретуғын екен. Бир күнлери ғарры баласына:

— Ҳа, балам, сен хәр жерлерге бар, хәр жерлерден қоныс бас, жай сал. Таза кийим кийип, таза аўқат же. Ҳәптеде бир қыз қушақла, балам. Тарықсаң, албырасаң, қысылғандай болсаң, келиннен кеңес сора, — дейди.

Бала, әкем маған дурыс кеңес берди ғой деп, күнлик жерлерден, узақ қалалардан көп пул шығарып жай салады. Әкесиниң айтқанын қылып, еки-үш күнде бир жаңа шапан кийеди, жатып жей береди. Ҳәптеде бир қыз қыдырып, қыз ала береди.

Бир күнлерде баланың әкеси өледи. Ҳәрекет қылмай жатып ишкенге не шыдасын?! Мал-мүлкти ишип жеп қуртады, бала жарлы болады, аш болады. Өлер ҳалға жетеди. Сөйтип бала ҳаялы менен жетеклесип ел-журтынан шығып, майданға қаңғып кетеди. Ерли-зайып екеўи жетеклесип жүрип-жүрип, бир күнлерде бир дәрьяға келеди. Сол дәрьяның бойына орналасады. Бала дәрьяға аў салады. Онын аўына күнде бир шабақ түседи. Сол шабақты ерли-зайып екеўи аўқат қылып күнелте береди.

Бир күнлери аўларына бир шабақ та түспейтуғын болады. Ашлықтан өлетуғын болады. Сол ўақытта бала ойланады. «Япырмай, әкемниң бир нәсиятын умытқан екенмен» дейди. Әкем маған «тарыққан, албыраған, қысылғанда келиннен кеңес сора» деп еди, соны ислейин, — дейди.

— Не қыламыз? Аўҳалымыз жаман болды, — дейди ҳаялына.

Сонда ҳаял:

— Шабазым, сениң ҳеш ақылың жоқ екен. Әкеңниң саған узақ жерлерден жай сал, хәр жерлерден қоныс бас дегени — хәр жерлерден тамыр-таныс тут, хәр кимлер менен таныс бол, балам, дегени еди. Сениң оған пәмиң жетпеди. Саған таза кийим кийип, таза ас иш дегени — кийимиңди жуўдырып кий, таза жүр дегени еди. Сен оны да анламадың. Ҳәптеде бир қыз қушақла дегени — үйиңе ҳәптеде бир кел, сонда келин қыз болып көринер дегени еди. Сениң оған ақылың жетпеди. Ендиги мениң мәсләҳәтим: Мен бир шапан тигейин, соны алып барып базарға сат, аўқатлық бир нәрселер аларсаң, — деди.

Шапан тигилди, оны бала базарға апарып сатып, азық аўқат алды, солай етип тағы бир неше күнлер күнелтип жасады. Бир күни ҳаялы күйеўине:

— Енди сен бул кәсипти қой, базардан айна-тарақ ал, майда-шүйде сәдеп ал, сөйтип төрт жолдың дәрбентине барып отыр. Журт базардан алыўға умытқанын қайтқан жолдағы сеннен алар, — деди.

Бала «Яқшы» деп, ҳаялының сөзин мақул көрди. Базарға барып айна-тарақ, түйме-сәдеп алып төрт жолдың дәрбентине барып, үш ағаштың басын буўып, ылашық қылып, айна-тарақ, түйме-сәдеп сатып отыра берди. Бала сөйтип саўда қылып отырса, жолдан бир үлкен кәрўан өтеди. Кәрўанның алды азанда өте баслаған болса, соны песинде өтип болды. Ең кейининде киятырған бир қара нар буйдасын үзип сол жерде қала берди. Сол қара нарды жүги менен бала услап алып, шөгирип караса, үстиндеги жүги бир жағы алтын, бир жағы гүмис нәрселер екен. Бала буны не қыламан деди де, нарды күн шығар беттеги бир терең сайға апарып шөгирди де таслады, өзи баяғы кәсибин ислеп жүре берди.

Үш күн өткеннен кейин басына тумағын басып кийип, асаўды минген бир қазақ келип:

— Ойбай, үш күн тусында усы кәрадан өткен кәрўаннан бир жағы алтын, бир жағы гүмис жүкли қара нар буйдасын үзип қалып қойыпты. Соны көрген-билген бар ма? — деп келеди.

Жоқшы тағы келип:

— Бул жерде палкер бар ма? — дейди.

Жоқшыға жолыққан бала:

— Жоқ, — деп жуўап береди.

— Өзиңниң ондайдан хабарың жоқ па? — деп жоқшы баладан сорайды.

Бала турып:

— Жаўырын қарайтуғын әдетим бар еди, — дейди.

Жоқшы:

— Ойбай, қарағым, онда, кәне, жаўырынды қара, — дейди.

Солкәрада жигит жаўырынды жағып қарап:

— Арқа бетке кеткен екен, — дейди.

Қазақ аты менен арқаға шабады, онда ҳеш нәрсе жоқ. Қайтып тағы жаўырынды қаратады. Жигит жаўырынды тағы қарап:

— Ҳаў, күн батар бетке кетти дейди ғой, — дейди.

Жоқшы тағы шаўып күн батар бетти қарап келди. Ол жақта да қара нар жоқ болды. Тағы жигитке келди. Жигит тағы жаўырынын қарады.

— Ҳа, қара нарды күн шығар бетке кеткен дейди ғой, — деди.

Жоқшы күн шығар бетке барып қарап қара нарын таўып алды. Кейин қазақ палкер балаға келип оған айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ал, палкер жигит, сен ғой бул қара нарды таптың, бир жағы алтын, бир жағы гүмис жүги де бар. Енди сен алтынды аласаң ба? Гүмисти аласаң ба? — деди.

Палкер жигит:

— Қанаатқа берекет, гүмисинди алайын, — деди.

Сөйтип палкер жигит бир түйе жүктиң ярымы гүмисти алып хожалығын жөнледи.

Усы елге қатар бир хан бар екен. Сол ханның қызының алтын жүзиги жоғалыпты. Хан дөгерек елге жар шақырып, «қызымның жүзигин тапқан палкерге қызымды, мал—дүньямды беремен» депти. Көп адамлар, көп палкерлер жүзикти таппақшы болады, бирақ таба алмайды.

Баяғы түйесин жоғалтып, сол түйесин палкерге жаўырын қаратып тапқан қазақ сол ханның қоластьı екен. Бул қазақ ханның жарлығын еситкен соң:

— Қоңсы елимизде бир палкер жигит бар, жети жыл жоқ болып синип кеткенди табады, — депти.

Хан дәрхал сол жигитке адам жиберип алдырады. Жигитке:

— Ал, жигит, сен жаўырынды қара, мениң қызымның жүзигин таўып бер, — дейди.

Ҳақыйқатында бул жигит ҳеш нәрсе билмейтуғын еди. Хан буйрығына не шара деп, ҳеш нәрсе айта алмай, жигит ханның алдына бас ийип:

— Хан тақсыр, маған үш күнге мәўлет бер, — деп сорады. — Үш күннен кейин жүзиктиң қайда екенин айтаман, — деди.

Ерек жерге отаў тиктирип, жигитти соған орналастырды. Жигит ҳеш нәрсе билмесе де, илаж жоқ, ханның тиктирген үйинде отыра берди.

Ханның қызының жүзигин сол қаладағы бир үш жигит урлаған екен. «Палкер келди, пал ашады» деген хабарды еситип, бул жигитлерге үлкен қәўип кирди. Қорыққан урылар үшеўи жыйналып өз—ара сөйлесип кеңеседи. Сөйтип биреўин еректе, отаўда отырған палкерге жибереди:

— Сен барып тыңла, палкер не деп, не қылып отыр екен, — дейди.

Бул жигит келип үйдиң сыртында тыңлап турса, палкер үйде «екеўи қалды, биреўи келди» деп отыр екен. Буны еситкен уры жигит, «әстапуралла, бул палкер бизди айтып отыр екен, мениң келип, екеўимиздиң қалғанын айтып отыр ғой» деп, дәрриў келип майданда қалған жолдасларына қайтып барады, майдандағы еки жолдасы:

— Не бар екен, палкер не қылып отыр? — дейди.

— Ҳаў, жоралар, ол қоятуғын бәле емес, бизиң жүзикти алғанымызды билипти, мен барсам, «екеўи қалды, биреўи келди» деп отыр екен, — дейди.

Үш жигит тағы жаман қорқады. Ертеңине тағы күн өтип, кеш болады. Үш жигит кеңесип:

— Енди биреўимиз қалып, екеўимиз барып тыңлайық, — дейди.

Сөйтип урылардың екеўи кетип биреўи буларды күтип қалады. Еки жигит палкер жатқан отаўға келип сыртынан тыңласа, «екеўи келди, биреўи қалды» деп айтып отыр екен. Буны еситип уры еки жигиттиң зәрреси ушып, қорқып қайтады. Булар ҳәм палкерди «бул қояр бәле емес, айтып отырғаны биз» деп ойлайды.

Таң атты, тағы кеш болды. Урылар бул қалай болды деп таңланып, енди бүгин үшеўимиз де барып тыңлап көрейик деп, кеште үшеўи бармақшы болды. Кеште үшеўи барып тыңлап турса, палкер жигит:

— Үши келди, үши келди, — деп отыр екен.

— Ўаҳ, бул қалай болды, үшеў екенимизди де биледи екен. Үшеўимиз келгеннен кейин, үшеўи келди, үши келди деп отыр. Енди не қыламыз деп, үшеўи тағы кеңести.

— Енди патшаға бизди айтады, услап береди, патша бизди өлтиреди ғой, биз ҳәзир усының өзине барайық, танысайық, жалынайық, бизди қутқар деп сорайық, — дейди.

Сөйтип үшеўи бирге палкер жигитке кирип барады. Жигитке барып үшеўи жағдайды айтып, бир табақ тилла берип:

— Ал, енди бизди бул бәледен қутқар, жүзикти ҳәм берейик, — деди.

Палкер жигит бир табақ алтынды алады ҳәм жүзикти де алады. Жигитлерден тилланы, жүзикти алғаннан кейин:

— Қәне, жигитлер ханның ғаллығалағы бар ма?

— Ханның бир қора ғаллығалақлары бар. Көп, — деди жигитлер.

— Сол ғаллығалақлардын биреўин урлап алып келиңлер, — деди.

Урылар дәрриў түнде барып бир ғаллығалақты урлап алып келди. Палкер жигит ғаллығалаққа жүзикти жуттырды. Сол ғаллығалақтың бир пәрин кесип алып белги салды да:

— Оны енди көп ғаллығалақларға қосып жибериңлер, — деди.

Сөйтип палкер жигит урыларға жуўап берди:

— Енди арқайын үйиңизге қайта бериң, — деди.

Ўәдели үш күн өтип, төртинши күни хан палкерди алдына шақырып алады.

— Қәне, палкер жигит, жаўырыныңды қарадың ба? Жүзиктен хабар бер, — деди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Тақсыр, кеширерсиз, жүзик бир ғаллығалақтың ишинде көринеди, ғаллығалағыңыз жутқан екен, — дейди.

Хан ойланып турып:

— Бир қора ғаллығалақ бар, оның барлығының ишин қараў керек, оларды қалай қыраман? — деди.

— Тақсыр, барлық ғаллығалақты қырмаңыз, сиз барлық ғаллығалақты алдымнан өткериңиз, мен жүзик жутқан ғаллығалақты өзим көрсетейин, соны ғана сойып, ишинен жүзикти аласыз, — деди.

Патшаның буйрығы менен ғаллығалақлар топланды. Бәри палкер жигиттиң алдынан өткизилди. Палкер жигит баяғы қанатын кесип жиберген ғаллығалақ келгенде:

— Мына ғаллығалақты услаң, — деди.

Ғаллығалақ усланды. Сойылды. Оның ишинен ханның қызының жүзиги шықты. Сөйтип жүзик табылды. Ханның ҳәм оның қызының кеўли хош болды.

Енди хан ҳайран болды. Жүзикти тапты. «Бул қаңғыған балаға қызымды қалай беремен, халқым не дейди, бул хорлық болады ғой» деп ойланып отыр еди. Алдына бир шекшек келип қонды. Шекшек ырғып ханның алдына келгенде хан шекшекти услайман деп бир басты, услай алмады, еки басты, услай алмады, үшинши басқанында услап алды. Сөйтип отырды да, хан палкер жигитти шақыртты. Жигит ханның алдына келди хан қолын көрсетип:

— Мына қолымда не бар, айтып бер, — деди.

Бала ҳеш нәрсе билмейди ҳәм ханға не айтарын да билмейди. Ойланып қалады. Жигит бурын жолы болып, айтқанлары туўра келип еди, енди бул сапары қапылып ҳеш қутылыс жоқ екенин көрип ханға:

— Тақсыр хан, биринде қутылдым, екиншиде қутылдым, ал үшиншиде тутылдым, — депти.

Сол кәрада хан ойланды. Бул мениң қолымдағы шекшекти айтып отыр. Мен бир бастым, тута алмадым, екинши бастым, тута алмадым, ал үшиншиде туттым, соны айтқаны ғой, — деди. Дурысында жигит өз аўҳалын айтып еди. «Биринши рет жаўырын қарап нарды таптым, екинши рет жүзикти таптым. Бул ислеримде қутылдым, ал енди мине үшинши сапарда не айтарымды билмей, қутылыўдың илажын таппай тутылдым» дегени еди. Буннан кейин хан «палкер жигит бәрин билди, шын әўлийе екен» деп, ел журтын шақыртып, ойын-той берип, неке оқытып қызын берди. Мал-мүлкин, тағын берип, орнына хан көтерди. Жигит сөйтип мурадына жетти.

## ОҚЫП АТЫРҒАН ҚЫРЫҚ ЖИГИТ

(Р—278, № 84306)

Бурынғы өткен заманда үлкен қалалардың биринде оқып атырған қырық жигит демалыс күнлердин биринде аңға шығады. Қырық жигиттиң ишиндеги байдың баласы аңға шыққан жигитлерге басшы болады. Жигитлердиң бул күни аўы сәтине түспей қайтып киятырғанда, булардың алдынан бир кийик шығады. Сонда қырық жигиттиң басшысы бай баласы қасындағыларға:

— Кийик қасынан өткен жигит оны услай алмаса, ол өлимдар болады, — депти.

Қырық жигит кийикти қамап, тирилей услаўға кириседи. Бир ўақытта кийик тап бай баласының басынан атлап өтип қашады. Жигитлер бағанағы келисилген шәрт бойынша бай баласын өлимдар етиўдиң орнына, қашқан кийикти және қуўып кетеди. Кийик буларға жеткермей таўға шығып кетеди. Бай баласы таўға шығып кеткен кийик кейнинен қалмай қуўа береди. Кийиктиң услатпайтуғынын билген басқа жигитлер әсте-ақырын бай баласынан қалып кетеди.

Бай баласы таў басындағы кийикти қуўа-қуўа услай алмай шаршап, таўдан түсип, таў түбинен ағып турған үлкен дәрья бойына келип, атын отлақ жерге жиберип, қырық жигит келгенше дем алайын деп жатса, бир кеме буған қарай ығып келе береди. Кеме жақынлағанда қараса, иши толы қыз. Олар сырнай, дәпләрди шертип, қосық айтып, ойын ойнап жүдә кеўилли киятыр екен. Кеме жигиттиң тусына келгенде бай баласы жылдам орнынан турады да, қалтасындағы бир алманы алып, кемедеги қызларға қарай ылақтырады. Қызлардың ишинен бир қыз турып, алманы қақшып алады да оны бай баласына қайтып ылақтырады. Бай баласы қызлардан белгили жуўап алмағанлықтан, алманы қызларға екинши мәртебе ылақтырады. Бул ылақтырылған алманы да жаңағы қыз қақшыйды. Қыз бул сапары алманы алыўы менен аспанға қарай ылақтырып жиберип, қайтадан қақшып алды да, тисине бир урып, қайтадан алманы бай баласына ылақтырып жиберди.

Усы ўақытта кеме де жағыстан узақласады. Ол болған иске ҳайран болып турған ўақытта, кейниндеги жигитлер келип жетеди. Қырық жигит дем алып отырғанда бай баласы болған ўақыяны қасындағы жигитлерге айтып береди. Буны еситкен жигитлер де ҳайран болады, бирақ ҳеш ким бунын мәнисин түсиндирип бере алмайды. Қырық жигиттиң ишинде бир жарлы баласы да бар еди. Бит ўақытта ол байдың баласына қарап:

— Бул қызлар жүдә ақыллы қызлар екен, — депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Олардың неси ақыллы екен? — депти байдың баласы.

— Сиз ылақтырып жиберген алманы еки қоллап қақшып алып, қайтарып ылақтырып жибериўи — «Сәлемиңди алдық, ғош жигит, сиз де саламат жүрсиз бе?» дегени. Сиз қыздың бул жуўабына түсинбей, екинши мәртебе алманы ылақтырып жибергенде, баяғы қыз және турып, еки қоллап қақшып алманы аспанға қарап ылақтырып және өзи қақшып алып, тисине бир урып сизге ылақтырыўы — «Ҳаў, жигит, аманлығымызды айтып едик, сиз буған түсинбедиңиз бе? Түсинсинбеген болсаңыз, бизлер дәрьяда сайран етип жүрмиз, енди теңизге қыдырып баратырмыз. Бизлердиң кимлигимизди билмекши болсаң, Дәндан деген қаладанбыз» дегени, — депти жарлының баласы.

Сонда қалған жигитлер оның ақылына ҳайран қалыпты.

Арадан көп ўақыт өтпей, қырық жигит оқыўын тамамлап үйлерине қайтады. Олардың ҳәммеси де питкерген оқыўына жараса жумыс ислей баслайды. Бирақ бай баласы көп жыл оқығанын себеп етип, шаршадым деп жумыс ислеўден бас тартады. Бай баласын өзлерине сай, бай адамның қызына үйлендириў ҳәрекетине түседи. Бирақ байдың баласына қаладағы ҳешбир қыз унамай, оның ес-ақылын баяғы кемедеги қыз алады. Ол сол қызды ойлап, ақыры кеселленип жатып қалады. Әкеси баласын емлетиў ушын қолынан келген барлық ҳәрекетти ислейди. Небир атақлы тәуиплер оның дәртине шыпа таба алмай, ҳайран болады.

Байдың баласының кеселлиги ҳаққындағы хабар ақыры баяғы жарлының баласына дейин жетип барады. Ол бир ешекке минип, үстине мелле шапан кийип, басына сәлле орап, бай баласы жасайтуғын қалаға қарай жолға раўана болады. Байдың үйине келип оған:

— Аўырып атырған балаңды көрейин, — депти.

Бай:

— Балам «Енди маған емниң кереги жоқ, өлиўге жақынладым»деп, ҳеш ким менен сөйлеспей, хабарласпай жатыр, — депти.

Жарлының баласы қоймағаннан кейин, бай үмитленип, оны баласының алдына әкелипти. Жарлы жигит оның қасына отырып, тамырын басып көрип:

— Пай, бул аўырыўды суўдан тапқан ба деймен, — депти.

Сонда бай баласы бир қыймылдап қойыпты.

— Бул аўырыўды теңиз я дәрья бойынан тапқан екен, — дегенде, бай баласы:

— Дурыс, — деп, берман қарап қозғалып, аўдарылып түсип, жигитке қарапты.

Жарлы жигит және бир майдан отырып:

— Теңиз ямаса дәрья бойында жүргениңде бир кеме қызды көрипсең, сол қызлардың ишинде бир қызға ашық болыпсаң. Егер сол қызды алмасаң, тез арада өлесең, — дегенде, бай баласы орнынан ушып турыпты да жигитке:

— Сол қызға ашық боолғаным ырас, менде басқа аўырыў жоқ. Сол қызды көре алмай, жүрек-баўырым күйгени ырас. Сен маған сол қызды табыўға жәрдем ет, — деп жылап қоя берипти.

Жарлының баласы оны аяп, қызды бирге излеўге ырзашылық билдирип, бай баласына:

— Сол қыз жасайтуғын Дәндан қаласына барыў ушын көп әскердиң, көп дүнья-малдың, қурал-жарақтың кереги жоқ. Бул ушын тек әдис, ҳийле, еп ҳәм тапқырлық керек, — депти.

Солай етип, жарлының баласы менен бай баласы бийтаныс қызды излеп Дәндан қаласына қарай жолға шығыпты. Жолда киятырып жарлы баласы бай баласына:

— Дәндан қаласы жүдә үлкен. Усы қаладан бир жай сатып алып, сол жайда екеўимиз боламыз, қыздың үйин тапқанша диийўанашылық етемиз, — депти.

Сонда бай баласы:

— Сол қызды алмай кетсем де, дийўанашылық етпеймен, — депти.

Олар бир неше айлар жол жүрип, жолдың көп қыйыншылықларын көрип, ақыры екеўи Дәндан қаласына жетип келеди. Келиўден бир жай сатып алып, екеўи бир неше күн дем алды. Жақсылап дем алып болып, жарлының баласы дийўана киймлерин кийип, көшеге шығып адамлардан қайыр сораўға кириседи. Ол қайыр сорап тапқан ақшаларын сол жерде баспанасыз, қаңғырып жүрген балаларға бөлистирип береди. Жарлының баласы қыздың дерегин көп адамлардан сорастырады. Бирақ, оны көрдим—билдим деген адам болмайды. Ақыры жигит қаладағы үйлердиң бәрине бирим—бирим кирип шығыўды ойлайды. Солай етип, ол дәслеп қалаға үйренискенше қаланың жарлылар жасайтуғын бөлегинде ҳәр үйге кирип қайыр сорайды. Ҳәр күни тапқан ақшасын жарлы—жақыбайлар менен бөлисип жүре береди.

Олар сол жүристе қалада еки жыл өмирин өткереди. Бирақ, қыздан еле дәрек болмайды. Бир күни жарлының баласы байдың баласына:

— Егер дийўанашылық етиўди ар көрсең, ертеңнен баслап мен көшеде ғәззел айтқанда, қасымда жүрип түскен ақшаларды жыйнап жүр, — депти.

Еки жыл қарап жатып, қатты иши пискен бай баласы буған ыразы болыпты. Ертеңине биреўи ешекке минип, биреўи оны жетелеп кала бойлап ғәззел айтып жүребереди. Байдың баласы кем-кем бул

www.ziyouz.com kutubxonasi

турмысқа үйренисип, бул да арасында жарлының баласының орнына ғәззел айтатуғын болады. Арадан үш-төрт жыл жыл өтип, қала халқының ярымы буларды таныйтуғын болады. Олар қаланың көпшилик бөлегиниң үйлерине кирип шығып, бирақ қыздан еле дәрек таба алмайды. Енди тек патшаға дәрек әмелдарлардын үйлери ғана қалады. Еки жигит дорбасын арқалап, олардың үйлерин бирим—бирим аралай баслайды.

Байдың баласы бир күни патшаның сарайының қасынан өтип баратырса, излеген қызы сарай айнасынан қарап тур.Қыз да буны дәрриў таныпты. Ол жигитке қайыр садақаны молдан берип болып, айнаның алдынан индемей жоқ болып кетеди. Бир ўақытта ол етегин топыраққа толтырып қайтадан шығады. Етегиндеги топырақты айнаның алдына балалардың қаўын-қаўын ойынындай етип хәр жерге үйеди де ишке кирип кетип, қайтып шықпайды. Жигит оны күтип-күтип, қайтып қарасын көрсетпегеннен кейин, үйине қайтып кетеди.

Кеште ол жарлы баласына:

— Мен баяғы кемедеги алма атқан қызды таптым. Бахтымызға, ол еле ойын баласы қусайды. Қыз мени көрип, етегин топыраққа толтырып шығып, әкелген топырағын айнаның алдына балалардың қаўын-қаўын ойынындай етип үйип, маған хеш нәрсе демей кетип қалды, — депти.

Сонда жарлының баласы оған:

— Қыз топырақты қандай етип үйди? Маған соны көрсет, — депти.

Бай баласы даладан етегин топыраққа толтырып келип, қыздың ислегенин көрсетипти. Сонда жарлы баласы:

— Ол жүдә ақыллы қыз екен. Бул хәрекеттиң мәниси: «Хаў, жигит, келипсиз ғой! Демек, мениң алма менен сөйлескен жумбақларымды түсинипсиз. Бизди излеп келгениңиз ушын рахмет. Мен усы Дәндан қаласының патшасының қызыман. Мениң менен сөйлесетуғын болсаң, ярым ақшамда ески сарай қаразының қасына бар» дегени, — депти.

Ертеңине кеште бай баласы қыз айтқан каразды таўып алып, күннен бурын барып қызды күтип отыра берипти. Арадан бираз ўақыт өткеннен кейин оны уйқы қыса баслапты.

Бул ўақытта патшаның қызы кийинип, таранып, айнаға мың мәртебе қарап, салланып ески қаразға келсе, бай баласы тыррыйып уйқылап атыр.

Сонда қыз қалтасынан он асықты алады да, жигиттиң еки қалтасына бес асықтан бөлистирип салып кетип қалады.

Бай баласы усы уйқыдан қуяш төбеге келгенде ғана оянады. Орнынан турып, қапа болып үйине келеди. Келип жарлының баласына:

— Бүгин патша қызы келмеди, мени алдаған қусайды, — депти.

— Олай болыўы мүмкин емес. Сен уйқылап қалған шығарсаң. Қалталарыңды көр. Ол бир белги қалдырыўы керек еди, — депти.

Байдың баласы дәрриў қалталарын көрсе, еки қалтасынан бес-бестен он асық шығыпты.

— Қыз сен уйқылап қалғаннан кейин келген. Қалтаңдағы қыз салған асықлар: «Сен әўеле уйқыңды питкер, оннан кейин асығыңды ойна, еле ойын баласы екенсең, саған үйлениўге еле ерте» дегени, — депти жарлы баласы.

— Енди патша қызын қашан көремен? — депти бай баласы қылған исине пушайман болып.

— Менинше, енди оны бир айдан кейин көрсең, болмаса адамлар билип қояды. Хәзирше бурынғы дийўанашылығыңды ислеп, келер иске қайыл болып жүре бересең, — депти жарлы жигит.

Бай баласы қыз бенен тиллесиў ушын және сол дийўанашылық кәрин ислеп, бар тапқанын қаланың жарлы жалаң аяқларына берип үш ай ўақытты өткерипти.

Ол отызыншы күни сарайдың қыз жасайтуғын бөлмесиниң айнасына келипти. Бир ўақытта қыз айнаның алдында пайда болыпты. Ол жигитти көрип, изине қайтып кетип, және етегин топыраққа толтырып келип, баяғы «қаўын-қаўын» ойынын тәкирарлапты. Байдың баласы және оны түсинбей, қапа болып үйине қайтыпты. Келип болған ўақыяны жарлының баласына айтып берипти. Сонда жарлы баласы оған:

— Бул қыз сизге «Сиз соңғы мәртебе ушырасқанымызда уйқылап қалдыңыз. Бизиң ата-бабадан киятырған тоғыз қабатлы үлкен мешит бар. Сол мешиттиң жетинши қабатында бүгин мени күтиң» демекши болған, — депти.

Кеш болыўдан байдың баласы қыз айтқан жаңағы мешитти таўып алып, ишинде қызды күтип отыра береди. Қыз хә дегенде келе қоймапты. Таңғы уйқы және жигитти жеңип, ол уйқыға кетипти.

Таң саз берип киятырғанда қыз мешитке келсе, жигит уйқылап атыр. Қыз оның ояныўын әри-бери күтипти. Бирақ жигит оянбапты. Сонда ол қасынан бир нанды алып, жигиттиң қойнына салыпты да индемей изине қайтыпты.

Жигит ертеңине моллалардың азан айтқан даўысынан оянып кетипти. Қараса, таң атыпты. Қасында хеш ким жоқ екен. Байдың баласы және үйине сымпыйып қайтыпты. Келип болған ўақыяны жарлының баласына айтыпты. Сонда жарлының баласы оған:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ана қойнында томпайып турған нәрсе не? — деп сорапты.

Бай баласы қолтығына қол сукса, бир дана нан шығыпты.

— Сен бүгин де қыз айтқан жерге барып, уйқылап қалыпсаң. Бул бир дана нан арқалы қыз саған «Сен еле хеш нәрсени түсинбейтуғын жас бала екенсең. Әўеле уйқыңды уйқыла, наныңды же, үйлениўге жаслық қыласаң» депти, — дейди.

Сонда бай баласы жарлы баласына:

— Уйқылағаным ырас. Енди қызды қашан көремен? — депти.

— Енди ол қызды алты айдан кейин көре аласаң, — депти оған жарлының баласы.

Байдың баласы және алты айлық өмирин дийўанашылық пенен өткериўге мәжбүр балады. Ол және баяғыдай тапқанын басқалар менен бөлисип жеп, жарлының баласының изине ерип жүре береди.

Ҳә демей, арадан алты ай өтип, бай баласы және патшаның есиги алдында пайда болыпты. Қыз жигитти көрип айнаның алдына келипти. Ол және баяғы әдетин қайталап, етегине топырақ толтырып әкелип, «қаўын-қаўын» ойынындағыдай етип үйип болып, хеш нәрсе айтпастан кетип қалады. Байдың баласы қыз бенен және тиллесе алмай қалады. Ол үскини қуйылып, тағы үйине қайтып келеди.

Ўақыяны еситкен жарлы баласы оннан және қыздың топырақты қалай үйгенин сорапты. Бай баласы бәрин көрсетип берипти.

— Бунның мәниси, — депти сонда жарлының баласы, — «мен сизди биринши мәртебе қаразда, екинши мәртебе мешитте сөйлесиўге шақырдым. Екеўинде де уйқылап қалдыңыз. Бүгин кеште қаланың қубла бетинде үлкен әўлийе бар, сол әўлийе ишинде үлкен гүмбез бар, сол гүмбез ишинде сөйлесемиз. Егер бүгин де уйқылап қалсаңыз, мен сизге жоқпан» дегени еди. Бүгин де уйқылап қалсаңыз, усы ўақытқа шекем көрген мийнетиңиздиң күйгени. Мәбада, гүмбезде қыз бенен ушырасқанда қыз сеннен бүгин уйқылап қалмағаныңның себебин сораса, «сени сынап көрмекши едим» дерсиз.

Енди бай баласы бүгин қалай болмасын уйқыламаўға ант ишип, қыз силтеген әўлийедеги гүмбезди таўып алып, ишине кирип отыра қалады.

Бул ўақытта жарлы баласы, усы бай баласы бүгин де уйқылап қалып, қыздан айрылып қалармыз, бир хабар алып қайтайын, — деп гүмбезге келсе, бай баласы сәррийип уйқылап атыр. Оятайын десе, оянбайды, жулқыласа да турмайды. Қараса, патша қызының келетуғын ўағы жақынлап қалыпты. Жарлы баласы көп ойланып турмастан, бай баласының шунатай бармағын пышақ пенен тилип жибереди де, үстине азмаз дуз себелейди. Бармағының ашыўына шыдамаған бай баласы орнынан ушып турыпты. Қараса, қасында жарлы баласы тур.

— Ал, бирадар, усыдан басқа илажым қалмады, — депти ол.

Сол ўақытта патша қызы гүмбезге кирип келе берипти. Жарлының баласы зорға қашып үлгерипти. Қыз кирип келип бай баласына:

— Ҳаў! Жақсы жигит, бүгин уйқыламапсыз ғой? — депти.

Бай баласы қасындағы жолдасының үйреткениндей етип:

— Патша қызы, мен сизди сынап жүр едим, — дейди.

Сонда патша қызы ишинен: «Бул жигит мен ойлағандай ақылсыз емес қусайды» деп ойлапты. Солай етип бирин-бири көре алмай жүрген ашықлар әўлийе ишиндеги гүмбезде ушырасыпты. Олар бир-бириниң дийдарына тоймай, әўлийеде еки-үш күн қалып кетипти.

Соның арасында олар халықтың әўлийеге зияратлайтуғын пийшемби күнининң келип қалғанын да сезбей қалыпты. Әўлийеге зияратлаўға келген адамлар гүмбезге келсе, патша қызы менен бир дийўана екеўи апақ-шапақ болып отырған қусайды.

Сол күни пүткил Дәндан қаласына «Патшаның қызы бир дийўана менен ашық-машық болып, әўлийедеги гүмбезде ушырасып жүрген қусайды» деген гәп таралады. Бул гәп патшаның қулағына да жетип барады. Буған ғәзепленген патша жасаўылларына қыз бенен жигит сол гүмбезде өлип кетпегенше, әўлийени қоршап караўыллар қойыўды буйырыпты. Олар патшаның буйрығын булжытпай орынлап, әўлийени қоршап,адым сайын бир қараўылдан қойып шығыпты.

Патша қызы енди үйине қайтайын деп далаға шығып қараса, жасаўыллар оны әўлийеден шығармапты. Ол гүмбезге қайтып келип бай баласына:

— Билиўимше, сениң қыйын жағдайдан жол таўып шыға алатуғын ақылың бар, өйткени мениң барлық жумбақларымды шеше алдың. Әкем екеўимиздиң ушырасыўымыздан хабар тапқан қусайды. Енди ол бизди өлтирместен бурын бунның бир шарасын тап, — депти.

Оның гәпин еситкен жигит, қорққанынан өзин қоярға жер таба алмай қалыпты. Оның бул ахўалын көрген қыз оннан:

— Усы ўақытқа шекем сениң қасыңда жолдасың бар ма еди? — депти.

Бай баласы сырының ашылып қалыўынан қорқып:

— Жоқ, — дейди.

Сонда патша қызы:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳеш болмаса, атқосшы ямаса хызметкериң жоқ па? — депти.

— Аўа, қосбағарым бар еди, — деп жуўап берипти бай баласы.

Сонда патша қызы шешилген жумбақлар, табылған ақыллар сол қосбағардан шыққанын сезипти.

Енди гәпти қаладағылардан еситиң. Қаланың баяғы жалаңаяқ, жарлы-жақыбайлары күнде оларға азық таўып беретуғын байдың баласын жоқлапты. Соның арасында әўлийедеги ўақыяны еситкен көшедеги жалаңаяқлардың ишинде естиярлылаў биреўи «Бул сол баяғы дийўана емес пе екен?» деген ойға барып, қасына бирталай көше балаларын жыйнап алып, әўлийедеги тутқынның ким екенин анықлаўды буйырыпты.

Бир талай жыбырласқан балалар әўлийеге қарай жол алыпты. Олардың бир топары қараўылларды шалғытып турғанда, бир-екеўи ишке қарай кирип кетеди. Қараўыллар балаларды қуўып жүргенде, биреўи зымп етип гүмбездиң ишине кирип кетеди.

Гүмбезге кирип келген баланы көрип патша қызы оның алдына жуўырып келип:

— Қарағым, мына ақшаны саған беремен. Сен ҳәзир туўры барып қаланың шетиндеги көк қапылы еski үйди таўып ал. Үйде бир жас дийўана турады, сен оған: «Жақыннан баслап бир қозылы, бир қошантайлы болған екенсең. Ҳәзир олар өлейин деп атыр» дегейсең, — депти.

Бала ақшаны алыўдан алды-артына қарамай зымыраўы менен кетип, баяғы қыз айтқан үйди таўып алыпты. Қапыны қаққан екен, иштен жарлының баласы шығыпты.

— Жақында бир қозылы, бир қошантайлы болған екенсең, солар ҳәзир өлейин деп атыр, — депти де, көшеге қарай жуўырып кетип қалыпты.

Жарлының баласы гәп неде екенин дәрриў-ақ түсинипти. Ол сол көшедеги әменгери жоқ бир кемпирдиң үйине барып, оның жупыны кийимин сатып алыпты да, оларды кийип, патша сарайына қарай жол алыпты. Патшаға барып:

— Тақсыр, сизге арзым бар, — депти.

— Арзың болса, айт! — депти патша.

— Тақсыр! Сизиң заманыңыз бир әдил заман болды. Елде парахатшылық, тыньшлық орнады, жетим—жесирлердиң күн көриси жақсы болды. Жетимлер мың қой айдап, халық тоқ, ел абадан болды. Ҳеш нәрседен кемисим жоқ, тек кемисим — картайғанда туўған бир балам өлип еди. Сол баламның қәбирин күниге бир мәртебе зиyaратлап, маўқымды басатуғын едим. Қараўыллар мени сол әўлийеге киргизбей атыр, — депти.

Сонда патша жасаўылларына:

— Мамаға баласының қәбирин зиyaратлаўға рухсат беремен, — депти.

Жарлы баласы рухсат хатты алады да, әўлийеге қарай зыңғыйды.

Рухсат хатты көрген қараўыл баслық мамаға әўлийеге кириўге рухсат берди. Мама әўлийеге кирип, көп ўақытқа шекем, ҳәр қәбирди бир қушақлап жылап жүреди. Маманың сыртынан қарап турған көп қараўыллар «Мама баласының қайсы қәбирде екенин билмей атыр—аў» деп, оның сыртынан күлип турады. Мама ҳәр қәбирди қушақлап жылап жүргенде, күн де батады. Усыны күтип турған жарлы баласы гүмбезге жуўырып киреди. Барса, бай баласы менен патша қызы аштан буралып, бир уртлам суўға зар болып жатырған екен. Ол арқасындағы дорбасын алып, ишиндеги нан менен бир гүзе суўды ортаға қояды. Жигит пенен қыз тойып алады.

Жарлы баласының мәсләҳәти менен қыз кемпирдиң жупыны кийимин кийип, басына орамал тағады, қолындағы рухсат қағазды қараўылларға көрсетип, әўлийеден шығып кетеди. Ал патшаның қызының кийимин кийген жарлының баласы байдың баласы екеўи әўлийеде қала береди.

Бул ўақытта патшаның сарайындағы әмелдарлар патшадан қыз бенен жигитти сарайдың абыройын төккени ушын дарға асып өлтириўди қатты талап етеди. Патша оларды тыңлаўға мәжбүр болып, екеўин сарайға әкелип, дарға асыўға буйрық береди.

Сарай жасаўыллары көзди ашып жумғанша екеўин сарайға алып келип, қурыўлы турған дардың астына алып барады. Сарайда адам қалмай дар қурылған майданға жыйналады. Сонда патшаның қызының кийимин кийген жарлы баласы патшаға қарап:

— Қудиретли патша! Сизиң елге бизлер дийўана сайыл болып келип едик. Бизиң елдиң дәстүринде пийшемби күни зиyaратқа барғанда, зиyaратшылар тек еркек адамлар болса, олардан бири ҳаял кийимин кийиўи шәрт еди. Соның ушын мен үстиме ҳаял кийимин кийип, мына уллы әўлийеңизди зиyaратлаўға келип едим. Неге бизлерди әўлийеден шығармай қараўыллап отырғаныңызды түсинбедим, ямаса бул сизиң журтта айып па? — депти де, басындағы орамалын алыпты.

Патша бул ўақыяға ҳайран қалып, хызметкерлерине өз қызын әкелдириўди буйырыпты. Қыз да сол ўақытта жетип келипти.

— Сен буған не дейсең? — депти патша қызына.

— Әкежан, мен усы ўақытқа шекем сарайдан бир адым шықпадым. Буны анам да, хызметкерлерим де тастыйықлайды. Усы өсекти еситкенимде алдыңызға бармақшы едим, кейин, бәрибир анығы шығатуғынын

www.ziyouz.com kutubxonasi

билип, өзимди ирктим. Усы ўақыя арқалы қайта дос-душпаныңызды анықлап алатуғын болдыңыз, — депти.

Бул гәпти еситкен патша қатара дар қурдырып, баяғы қызды жаманлаған әмелдарлардың бәрин дарға астырып, бай баласы менен жарлы баласын азат етип жиберипти.

Бай баласы менен жарлы баласы жайларына барып бир неше күн дем алғаннан кейин, енди қызды қалай алып кетиўдиң жолын излестире баслапты. Сөйтип жарлының баласы және бир ақыл таўыпты. Ол көшеде жүрген, әменгери жоқ, буған бурыннан таныс бир кишкене баланы изине ертип келипти де, оған өзиниң қылажақ ҳийлесин жақсылап түсиндирипти ҳәм ертеңине оған қыз баланың кийимлерин кийгизип, сарайға, патшаның алдына ертип барып оған:

— Тақсыр! Мен анаў күни сизиң даналығыңыз себепли дар алдынан қайтқан дийўанаман. Мен ертең Кәәбаға зиярат етиў ушын жолға шықпақшы едим. Сизден өтинишим, мениң мына жалғыз қызымды мен келгенше сарайыңызда сақлап турсаңыз. Сизден басқа бул қалада мен исенетуғын адам жоқ, — депти.

Патша қызды алып қалыўға ыразы болыпты. Қыз кийиминдеги бала патша қызын таўып алып, оған жарлының баласының гәплерин жеткерипти.

Арадан бир неше күн өткеннен кейин патшаның қызы сарайда аманат етип қалдырылған «қыз»ды қатты кейипти. Қыз өкпелеген болып, сарайдан шығып кетипти. Буны еситкен патша:

— Бул қыз бизге аманат еди. Әкеси қайтып келип сораса, мен неше пуллық адам боламан, — деп қызды излеўге әскерлерин жиберипти.

Қызды үш күн излеген әскерлер оның тек орамалын ғана дәрья бойынан таўып келипти. Сарайдағылардың ҳәммеси қыз суўға кетип өлипти деген қарарға келипти.

Ал жарлы жигит болса, бул ўақытта бай баласы менен бирге бир купыя жерге барып, ҳешкимге көринбей бир ай ўақытты өткерипти. Анық бир айдан кейин, ол аппақ кийимлерди кийип, ҳажы болып қайтқан киси қусап сарайға келип қызын сорапты.

Не қыларын билмеген патша қыздың суўға кетип өлгенин айтыпты. Буны еситкен жигит:

— Ўаҳ! Жалғызым—ай! Енди не қыламан? — деп жылап, сарайды басына көтерипти.

Абройынан айрылып қалыўдан қорққан патша оған:

— Мен ҳәмме шәртиңе ыразыман, тек абыройымды төкпе, — депти.

— Ондай болса, қызымның орнына өз қызыңды бересең, — депти.

Патша оған қызының орнына көп дүнья-мал, алтын ўәде етсе де, ол өз сөзинде турып алыпты. Ақыры патшаның оның шәртине көниўден басқа илажы қалмапты.

Усылай етип жарлы баласы урыссыз, жәнжелсиз патшаның қызын сарайдан ертип шығып кетипти. Олар баяғы бай баласы отырған жерге келипти. Келсе, ол булардың жолына айдай қарап отырған екен. Көп узамай үшеўи узақ жол жүрип, өзлериниң елине келип жетипти.

Бай әлле қашан баласынан гүдерин үзип отырған екен. Ол баласының қайтып келгенин көрип, қатты қуўанып, қырық күн той берипти. Ал жарлының баласы байдың қызына үйленип, қасындағы байдың баласына күйеў бала болыпты. Олар көп жыллар даўамында бахытлы өмир сүрипти.

## НАЗАРХАННЫҢ ПЕРЗЕНТЛЕРИ

(Р—455, №176398)

Бурынғы өткен заманда Назархан деген хан болыпты. Ханның алты ҳаялы болса да, ол көп ўақытқа шекем бийперзент болыпты.

Күнлерден бир күни ханның есигиндеги бир хызметкери жүкли болыпты. Оның изинен ханның ең киши ҳаялы да қурсақ көтерипти. Тоғыз ай, тоғыз күн толып, баланың туўылатуғын ўақты жеткеннен кейин хан:

— Жасым алпыстан асқанша жылаған баланың даўысын еситкен жоқ едим. Жүрегим жарылып кетер, — деп, қырық жигити менен аңға шығып кетипти.

Ўақты—сааты жетип, ханның хаялы ул перзент дүньяға келтирипти. Шоры ҳаял да уллы болыпты. Ханның бас ўәзири ханға сүйинши сорап барып, сүйиншисине ярым патшалықты алыпты.

Назархан «Мына шорының аяғы қутлы келди» деп, өзиниң, шорының баласына да теңдей тәрбия берипти. Еки бала он беске шыққанша тең кийинип, тең атқа минип, ойынды бирге ойнап, басқа әмелдарлардың балалары менен жумысы болмапты. Бул ханның қол астындағы әмелдарларға жақпапты. Олар шорының баласының келешекте сарайда қалыўынан қорқыпты. Әмелдарлар шорының баласын ханға қайта—қайта жаманлап, оны ханның баласынан узақлатып қойыпты.

Бир күни хан баласын ертип барлық ўәзирлери менен бирге аңға шығыпты. Олардың алдынан бир топар кийик қашып, ҳәммеси олардың изинен жабылып қуўыпты. Сонда ханның баласы бир кийиктиң изинен қуўып, басқалардан бөлекленип қалыпты. Ол кийикти қуўып жүрип адасып, бир дәрьяның

www.ziyouz.com kutubxonasi

жағасынан шығыпты. Сол ўақытта дәрьяның ортасында бир қайық ығып келе берипти. Қайық ханның баласының тусына келгенде, жигиттиң көзи кемедеги бир сулыў қыз бенен кемпирге түсипти. Қыз жигиттиң өзине қарап турғанын көрип, он бурымын артына таслап, ортаншы бармағын маңлайына тийгизип ишара берипти. Бирақ жигит қыздың не демекшилигин биле алмай аңқайып қала берипти.

Ханның баласы үйине келгеннен кейин, сол бийтаныс қызды есинен шығара алмай кеселленип төсек тартып жатып қалыпты. Ханның қол астындағы тәўиплер жигиттиң дәртине шыпа таба алмай ҳайраны шығыпты. Баласының кеселинен тәшўишке түскен хан онын қасына келип, кеселиниң себебин сорапты. Баласы әкесине бар гәпти айтып берипти. Хан бул жумбақты шешиў ушын сарайдың барлық әмелдар хәм ақылгөйлерин алдына шақыртыпты. Бирақ ҳешким бул жумбақты шеше алмапты.

Сол ўақытта жасында бирге тәрбияланған шорының баласы ханның баласын көриўге рухсат сорап сарайға келипти. Хан:

— Жасында бирге өсип еди, мейли көрсин, — деп рухсат берип, олардың сыртынан тыңшы қойыпты.

Ханның баласы жасынан бирге ойнап өскен шорының баласын көргенде, кеўилленип кетип, оған барлық ўақыяны айтып берипти. Сонда шорының баласы:

— Бул жумбақтың сыры оншелли қыйын емес. Сен көрген қыз дәрьяның сағасындағы бир мәмлекеттиң ханының қызы екен. Ол дәрьяның аяғындағы екинши бир ханның баласына узатылып баратырған екен. Оң бурымын алдына, шеп бурымын артына салғаны, «Бир ханның елинен екинши ханның елине баратырман» дегени еди. Ортаншы бармағын маңлайына тийгизгени, «Мени излесең, маған арналып салынған сарайдың есигиниң алдында бийик байтерек бар. Мен сол жерден табыламан» дегени, — деп жумбақты шешип берипти.

Ханның қойған тыңшысы бул хабарды ханға жеткерипти. Хан баланы алдына шақыртып:

— Мениң баламның дәртин ҳеш ким таба алған жоқ еди. Енди ол пүткиллей саўалып кетиўи ушын не қылыўым керек? — депти.

Сонда шорының баласы оған:

— Балаңыз сол өзи ашық болған қызға үйлениўи керек. Сиз рухсат берсеңиз, бизлер сизиң балаңыз екеўимиз сол қызды излеп таўып әкелер едик, — депти.

— Мейли, — депти хан, — мен сизлерге сол қызды табыў ушын жолға шығыўға рухсат беремен. Егер сен бул истиң үддесинен шықсаң, саған ярым патшалығымды беремен.

Хан баласы менен шоры баласы қасына керек жарағын алып, жолға түсипти. Олар узақ жол жүрип, баяғы дәрьяның аяғындағы ханның елине жетип келипти. Екеўи жол жүрип шаршап, бир бағдың ишине кирип уйқыға кетипти.

Ертеңине азанда олар бир мәстан кемпирдиң даўысынан оянып кетипти. Кемпир жигитлерге:

— Сизлер кимсиз? Бул бағда хәр жума күни ханымыздың баласы ҳәм келини қыдыратуғынлығынан хабарыңыз жоқ па? — деп бақырыпты.

Шорының баласы кемпирге бир қысым алтын берип, кемпирден қыз ҳаққында барлық хабарды билип алып кемпирге:

— Шеше, мен саған ҳәзир бир буўат гүл буўып беремен. Қыз сеннен «Бул гүллерди ким буўған?» деп сораса, баяғы өзиң көрген жигит деп айтарсаң, — депти.

Қыз бағқа келиўи менен кемпир шорының баласы буўып берген гүлдәстени қызға берипти. Қыз бүгинги гүлдәстениң әдеттегиден сулыўырақ буўылғанын сезип кемпирге:

— Мына гүлдәстени ким буўды, ырасын айт? — депти.

Кемпир шорының баласы үйреткениндей:

— Баяғы өзиң көрген жигит, — деп жуўап берипти.

Келеси жума күни жигитлер және гүлдәсте буўып, оны кемпирге берип, қызға өткен жума күнги гәпти тәкирарлаўды сорапты. Кемпир гүлдәстени қызға берипти. Қыз сонда кемпирге:

— Мына гүлдәсте алдыңғысынан да сулыў екен. Буны ким иследи? — депти.

— Баяғы өзиң көрген жигит, — депти және кемпир.

Усы ҳалат үшинши мәртебе тәкирарланғанда қыз кемпирдиң бетине бир урып, ишке кирип кетеди де, бир қамтым көмирди алып шығып, кемпирге:

— Мынаны есиктиң алдындағы шуқырға көм, — деп буйырыпты.

Кемпир оның буйрығын орынлап, жигитлердиң алдына келипти.

— Қыз саған не деди? — деп сорапты жигитлер.

— Қыз ҳеш нәрсе деген жоқ. Тек бир қысым көмирди есигиниң алдындағы шуқырға көмиўди буйырды, — депти кемпир.

Кемпирден буны еситкен шорының баласы ханның баласына:

— Өткен қыс қатты келип, олар баяғы саған қасында ушырасайық деген терек тамырына дейин кесилип, отқа жағылған екен. Қыз саған сол теректиң тамырының орнындағы шуқырға ушырасыў белгилепти, — депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ханнның баласы кешқурын сол шуқырға келип, қызды күтип отырыпты. Ярым ақшамда оның қатты уйқысы келип, капталына қыйсайып уйқылап кетипти.

Қыз шуқырға келип ханның баласының уйқылап атырғанының үстинен шығыпты. Ол уйқылап атырған баланың қалтасына төрт асық салып, изине қайтып кетипти.

Бала уйқысынан оянып қараса, таң атқан екен. Ол үйине келип, шорының баласына қыздың ушырасыўға келмегенин айтыпты. Сонда шоры баласы:

— Бундай болыўы мүмкин емес, — деп, ханның баласының қалтасын қараса, төрт асық шығыпты.

— Бул төрт асық арқалы қыз саған «Сен еле ойын балысы екенсең» демекши болған, — депти шорының баласы ханның баласына.

Ханның баласы екинши мәртебе баяғы шуқырға келип қызды күтипти. Түнниң ярымында оны және уйқы басып, тағы уйқылап қалыпты. Бул сапары қыз оның қалтасына еле писпеген бир алма салып кетипти. Ханның баласы және сүмирейип қайтып келип, болған ўақыяны шорының баласына айтыпты.

Үшинши күни шорының баласы ханның баласына қызды күтип отырып уйқылап қалмаў ушын өз табанын тилип, оған дуз қуйыўды мәсләхәт берипти. Ханның баласы шорының баласының айтқанын ислеп, сол күни қыз бенен ушырасыпты.

Еки ашық бир—бирининң дийдарына тоймай, телмирисип отырғанда, ханның бас ўәзири өзиниң хызметкерлери менен булардың үстинен шығып қалыпты. Бас ўәзир дәрҳал қыз бенен жигитти услап алып зинданға қамап таслайды да, ўақыяны ханға хабарлаўға адам жибереди.

Бул ўақытта ханның баласының қыздың қасында узақ қалып кеткенинен қәўетерленген шорының баласы баяғы шуқырға келип, қыз бенен жигитти ўәзирдиң адамларының алып баратырғанын көрип қалады да, билдирместен олардың изинен келе береди. Ўәзир кетиўден ол зинданның қараўылына көп пул берип, қызды шығарып жиберип, өзи қыздың кийимин кийип, ханның баласы менен зинданда қала береди.

Ўәзирдиң адамы ханға келип:

— Сизиң келиниңизди бүгин бир бийтаныс жигит пенен услап алдық, — депти.

Бул хабарды еситип, ғәзепленген хан оларды сарайға алып келип, дарға асыўды буйырыпты. Сақшылар дәрриў зинданға барып, ханның баласы менен қыз кийимин кийип алған шорының баласын сарайға, дардың астына алып келипти. Патша қараса, алынып келинген нашар келини емес.

— Тақсыр, бир аўыз арзы айтыўға рухсат етсеңиз, — депти сонда ханның баласы. — Мен мына қарындысым менен узақ сапарға кетип баратыр едим. Сизиң ўәзириңиздиң адамлары бизди услап алып зинданға қамады. Бизлер зинданға салынғандай қылмыс ислемедик, — депти.

Ғәзепленген хан ўәзирдиң өзин зинданға таслаўға буйрық берипти. Сонда ханның баласы патшаға:

— Тақсыр, мен сонша еллерди аралап сиздей әдалатлы ханды көрмедим. Егер рухсат етсеңиз, қарындасымды сапардан қайтқанша сизге аманат етип қалдырсам,—депти.

Хан оның қарындасын ағасы сапардан қайтқанша сарайда сақлаўға ыразы болыпты. Қыз кийимин кийип алған шорының баласы арадан қырық күн өткеннен кейин, хеш кимге билдирмей сарайдан шығып кетипти.

Ертеңине ханның баласы сапардан қайтқандай болып ханның алдына келип, оның рухсаты менен қарындасын алып кетиўди сорапты. Бирақ ханның хызметерлери ҳеш жерден оның карындасын таба алмапты.

Аманатқа қыянет етип, абыройының төгилиўинен қорққан хан жигитке «қарындасы»ның қуны ушын көп дүнья—мал бермекши болыпты. Бирақ жигит: «Маған тек қарындасым керек» деп сөзинен қайтпай турып алыпты. Қыз перзенти болмаған патша келинин оған бериўге ыразы болған екен, жигит буған көнгендей болыпты. Еки жигит қызды алып, ханның журтына келип, қырық күн той берип, хан шорының баласын өзине ўәзир етип алыпты. Шорының баласы ханның ең жақын адамы болып, мурат-мақсетине жетипти.

## ОРЫНЛЫ СӨЗДИҢ ӨРНЕГИ

(Р—312. №99428)

Бурынғы өткен заманда Аспаҳан менен Ҳиндияда бир патша өтипти.

Күнлерден бир күни патша нөкерлери менен тоғай аралап аўға шығады. Аң аўлап тоғай аралап киятырса, жасы жеткен, күши кеткен, белинде қуўаты жоқ, дизесиниң дымары жоқ бир ғарры тоғай сақшысынан руқсатсыз келип, тоғайдан ағашларды шаўып, отын алып жүрип, тоғайдың ийеси саналған патшаға гезлесипти. Патша отыншы ғаррыны көрип:

— Ҳәй, ғарры, не ислеп жүрген адамсаң? — деп сорады.

— Отын шаўып жүрмен, — деп жуўап берипти ғарры.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Яқшы, олай болса, сақшыға гезлестиң бе? — деп сорапты патша.

— Яқ, сақшыға гезлеспедим, — депти жасы үлкен.

Сонда патшаның ашыўы келип:

— Ҳә, сен усы жасты қайда жасадың? Не деп турыпсаң? Сақшыға гезлеспеген болсаң, бул тоғайдың ағашын кесиўге ким руқсат етти саған? — деп патша ашыў менен сорады.

— Маған хеш ким руқсат берген жоқ, өзим кестим, — деди отыншы.

— Хаў, мына ғаррының гәпи қалай—қалай? Хәй, ғарры, руқсатсыз отын ал, деп ким саған айтты? — деп сорады патша.

— Мен хәзир айтқандай, хеш қандай руқсатым жоқ, — деп, ғарры ағаштың бурынғыдан бетер жуўаныраґына балта урды.

Патша бундай өжет, есер хәм хүкимдардан қорқпайтуғын адамды биринши мәрте көрип тур. Ол әсте—ақырын:

— Аға, неге өшегисе бересең? Былайынша түсиндирип айтсаңыз, — деди.

— Хә, бунын дурыс, ақылына енди кирдиң. «Жыллы—жыллы сөйлесең, жылан ининен шығады, қатты—қатты сөйлесең, мусылман дининен шығады» деген рас гәп. Мениң бул тоғайға еркин болыўымның себеби, усы елдиң патшасы қурдасым еди. Сонлықтан мен хеш кимге хабарласпай ағашты кесип, отын алып атырған едим, — дейди ғарры.

Патша буған хайран болып:

— Бул отынды не қыласаң? — деди.

— Мен бул отынды шәхәрге апарып сатаман, — деди ол.

— Сатып не қыласаң? — деди патша.

— Отынды сатып, пулын төртке бөлемен. Бир бөлегин қарызға беремен, бир бөлегин қарызыма беремен, бир бөлегин суўға таслайман, бир бөлегин өзим жеймен, — деп жуўап берди ғарры.

Патша басқа сораў бере алмай сарайына кетти. Соннан шәхәрге келди. Жәллат жиберип отыншы ғаррыны алдырды. Хәмме ўәзирлери де келди.

— Қәне, анаў күнги тоғайдан отын шаўып алған пайыттағы гәпиңди өзиң шешип бер. Мен соннан берман ойланып, қыял сүрип, хеш қарар таппадым. Соның мәнисин айт, — деди тахттағы патша.

— Тақсыр, мениң патша қурдасым дегеним, сизди туўғанда сол ўақыт ишинде анамыз мени де туўыпты. Бирақ, мен көп қыйыншылық көргеннен кейин сизден әдеўир қартайдым. Ал, енди отынның пулын төрт бөлиўимде, қарызға беремен дегеним, балларыма бергенимди айтып едим. Балаға берген қарыз есабында кеткени, адам қартайса бала болады деген сөзим. Қарызыма беремен дегеним, атам мени бағып адам қылды, соған бергеним, ал суўға таслайман дегеним, бир қызым бар, соған бергеним. Суўға таслағандағы себебим, ол мени бағып үйимде отырмайды. Мен бағып адам қылған соң тағы бир танымайтуғын жерге кетип, киси есигинде дүнья жыяды. Бул суўға таслағаным емес пе? Тақсыр, енди қалған биреўин жеймен дегеним, хәзир балларым менен күн көргеним, — деди ғарры.

Патша бундай дана пикирлерди еситип, орнынан турып, оған тәжим етип, алтын тахтқа ғаррыны да көтерип мингизди.

— Ал, достым, олай болса енди хеш отын шапқанды қой. Хәзирден баслап сениң азық—аўқатың, кийим—кеншегиң бизиң ғәзийнеден, сениң ўазыйпаң — елимиздеги жасларды әдеп—икрамлылыққа, данышпанлыққа таярлаў, — деп патша оған хүрмет—иззет көрсетти. Ғарры ақыл—зейини менен усындай мәртебеге ерисипти.

## АҚЫЛСЫЗ АДАМ

(Р-535, №176478)

Баяғыда бир хан бар екен, ханнын қырық ўәзири бар екен. Бир күни хан қырық ўәзирине жумыс буйырады, ол жумыслары мыналар екен:

— Биринши, дүньядағы адамның жаманын таўып келиң. Екинши, дүньядағы қустың жаманын таўып келиң. Үшинши, дүньядағы шөптиң жаманын таўып келиң, — деп, қырық ўәзирин жибереди.

Қырық ўәзири кетип тоғайларды аралап киятырып, бир түп шеңгелди таўып алады. Дүньядағы шөптиң жаманы усы деп ойлайды. Себеби, жаяў жүрсең, үстиңди жыртады, жалаң аяқ жүрсең, аяғыңа киреди, усласаң, қолыңа киреди, деп ойласыпты.

Екинши, бир қырғаўыл алдынан ушады, оннан атлары үркип, көбиси аттан жығылып азапланады. Соннан соң дүньядағы қустың жаманы усы деп, оны да атып алады. Соннан кейин киятырса, алдынан бир қой бағып жүрген жасы алпыслар шамасы ғарры шығады. Қырық ўәзир ғаррыдан өмир тарийхын сорайды. Ғарры өмир тарийхын айтқанда:

— Усы жасқа келгенше үйленгеним жоқ хәм жети жасымнан бери қой бағаман, — дейди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Соннан кейин қырық ўәзир, дүньядағы адамның жаманы усы екен деп, еки қолын артына байлап, алып кете береди. Сонда ғарры ҳайран болып, қырық ўәзирге қарап:

— Мени қайда апарасыз? — дейди.

Сонда қырық ўәзир айтыпты:

— Патшамыз бизлерге, бириншиден, адамның жаманын тап, деп еди, оған сени таптық. Екиншиден, қустың жаманын тап, деп еди, оған мына қырғаўылды таптық. Үшиншиден, шөптиң жаманын тап, деп еди, оған мына шеңгелди таптық.

Сонда ғарры айтты:

— Шырақларым, ханның үш жумысының биреўин таўыпсыз, қалған екеўин таба алмапсыз, — депти.

Сонда қырық ўәзир:

— Неге олай дейсиз? Шеңгел болса адамның үстин жыртып зыян береди, қырғаўыл болса ушып ат үркитип зыян береди. Сен болсаң усы жасқа келгенше үйленип, дүньяның қызығын көрмей, өмириңше қой бағыў менен киятырсаң, — деп ғаўырласыпты.

Соның менен қырық ўәзир тапқанларын ханның алдына алып келип қояды. Биринши ғаррыны алдына шақырып алып, өмир баянын айттырып қарап:

— Дүньядағы адамның жаманы усы екен, дүньяның қызығын көрмеген, бунның қолын босатып, жарма-жаўған берип қойың, — депти.

Ғаррының қолын босатып, бир жер төлеге апарып қамапты. Соннан кейин қырық ўәзир қалған екеўин көрсетеди, буны хан дурыс таппайды:

— Дүньядағы шөп пенен қустың жаманы бул емес, — дейди.

Сонда ўәзирлерден биреўи:

— Ҳа, ҳа, бағана адамның жаманы ҳәм соны айтып еди, — деп айтып салады.

Буны хан еситип:

— Усы сөзди адамның жаманы билетуғын ба еди? Дәрриў алдыма алып келиң, — дейди.

Баяғы адамның жаманы хан алдына келгенде:

— Қәне, айт, дүньядағы адамның жаманы ким? — депти.

Сонда ғарры айтыпты:

— Дүньядағы адамның жаманы — күш күйеў, — депти.

Хан:

— Ондай болса, дүньядағы қустың жаманы қандай болады? — дейди.

Сонда ғарры:

— Дүньядағы қустың жаманы — саўысқан дейди, себеби, жеп ети жоқ, алып жүни жоқ.

Хан оның бул жуўабына қанаатланыпты.

— Ал, дүньядағы шөптиң жаманы не? — дейди.

Сонда ғарры:

— Дүньядағы шөптиң жаманы — қара өлен. Себеби, оның жалыны, я қозы болмайды, — депти.

Соннан кейин патша бунның айтқанына таң қалып:

— Сен қайдан билесең, өзиң жамансаң? — депти.

Сонда ғарры:

— Сынап билемен, — депти.

Хан:

— Ондай болса, мен неше атамнан бери ханман? — дейди.

Ғарры:

— Сиз, тақсыр, тек өзиниз хансыз, атаңыз хан болған емес, — депти.

Сонда хан ашыўланып:

— Мен жети атамнан бери ханман, — деп, ғаррыға қылышын алып жуўырыпты.

Ханды қырық ўәзир зордан жибермей услап қалады. Бул сөздиң анығына жетиў ушын хан анасын алдырып:

— Қәне, айт, мениң атам хан болған ба ямаса болмаған ба? — деп сорапты.

Сонда шешеси айтты:

— Шырағым, сениң атаң хан емес, бир ўәзир еди, себеби, сениң алдыңдағы ханның тутымы қатты болып, ҳаял алғанда шәртлесип алатуғын еди, бир күни мени әкем, қызым ул туўады деп, ханға берген, егер ул туўмаса, қызыңды өзиң менен қоса өлтиремен деп, мени алып еди. Соннан мен бир күнлери жүкли болдым, сол күннен баслап бир ўәзирдиң де ҳаялы ҳәмиледар болды, соның менен келисип, егер сен ул туўсаң, мен қыз туўсам, екеўимиз алмастырайық деп, оған көп дүнья берген едим. Соннан кейин мен туўатуғын күни ханды алдап, өмиримде ул баланың даўысын еситкеним жоқ, егер мен ул туўсам, сиз оның жылаған даўысын еситип, жүрегиңиз жарылып кетер, соның ушын мен туўып болған соң сүйиншиге адам жиберемиз, сонда келерсиз деп, ханды таўға қус салдырыўға жиберип болғаннан

www.ziyouz.com kutubxonasi

кейин, мен қыз туўдым, ал ўәзирдиң хаялы ул туўды, сени соннан кейин ханға билдирмей, екеўимиз алмастырып, сондай ҳийле қылған едик, шырағым, — дейди анасы боз-боран болып.

Хан бул гәплерди еситип әбден хайран қалады. Соннан соң қайтадан баяғы ғаррыны шақыртып ғаррыға қарап:

— Сен оны қайдан билесең? — дейди.

Сонда ғарры:

— Мен келген ўақытта сиз «қолын шешип, жарма-жаўған бериң» дедиңиз. Сизиң атаңыздың пухара екенин соннан билдим, — деп ғарры жуўап береди.

Соннан кейин ғаррыны патша қасына бас ўәзир етип алады. Күнлерде бир күн ғарры «Биреўдиң бир қызы бар, ол ҳеш кимге тиймей отыр, кимниң ақылы өзимниң ақылымнан басым келсе, соған тийемен дейди екен» деген сөзди еситип қызға барады. Бул барған соң қыз аманласпастан-ақ ғаррының қолына бир табақтың ишине салып бир егеў, бир тас қайрақ, бир гәўхар тасты береди. Ғарры затларға қарап турып:

— Булардың әсбабын бер, — деп қыздан сорайды.

Қыз ғаррыға бир шөккиш, бир төс береди. Ғарры оңаша бир жайға барып, гәўхар тастың ортасын тең екиге бөледи, егеўдиң тисиниң бәрин шөккишлеп жапырады. Тас қайрақты майдалап, қайтадан қыздың қолына береди. Соннан кейин қыз:

— Саған тийемен, мениң үш шәртимди де орынладың, — дейди.

Қыз әўел баста усы ойды ойлаған екен. Биринщиси, тас қайрақты майдаласа, өзим өлгенше жолдас болар, екинши, егеўдиң жүзин жапырса, ғарры келген жаўды сондай жапырса, үшинши, гәўхар тасты ортасынан қақ бөлсе, мениң ақылымды жеңгени, деген пикирин ғарры тапқан соң, қыз ғаррыға тийеди.

Күнлерде бир күн ханның басқа ўәзирлери бул ғаррының ҳаялын көрип ханға айтады:

— Тақсыр, сизиң ўәзириңиздиң ҳаялындай ҳаял дүньяда жоқ шығар?! — деп патшаның кеўлине ғулғула салыпты.

Соннан кейин хан ғарры ўәзирди шақырып алып:

— Сен Барсакелместеги гәўҳар тастан тас алып кел, — деп буйырады.

Соннан кейин ғарры астына ат минип, Барсакелмеске кетеди. Жолда баратырып ғарры ақыл менен ойланып, ханның жаман ой менен жибергенин биледи де, үйине қайтып келип, жер астынан жай қазып, сонда ҳаялы екеўи жасай береди.

Бир күни хан ҳаялға келип, «Аға өлсе, қәйнисине мийрас» деп, ҳаялға өзиниң кеўлин билдиреди. Соннан кейин ҳаял үш айға мәўлет алады, арадан еки ай өткеннен кейин ғарры ханның алдына барады, хан ашыўланып:

— Гәўҳар тасым қайда? — дейди.

Сонда ғарры:

— Тақсыр, мен усы арадан шыққаннан кейин алдымнан бир жолбарыс шығып, мени алмақшы болды. Мен үш айға мәўлет алдым, не қылсаңыз өзиңиз билиң, — депти.

Соннан кейин патша ойланып, ғаррының астарлы айтқанын билип, өзиниң ислеген ислерин ғаррыға айтып:

— Енди сиз бул арада турмай-ақ қойыңыз, мени мына қырық ўәзир азғырды, — деп, ғаррыға жуўап береди.

Соннан кейин ғарры көшип, басқа бир патшаның қараўына өтеди. Күнлерде бир күн патша қырық ўәзири менен бирге қус салып, бир таўдың басында қой баққан ғаррыға жолығады. Сәлемлесип болғаннан кейин патша шопанға:

— Усы таўдың басын қыраў шалғанына неше жыл болды? — дейди.

Сонда ғарры:

— Жигирма бес жылдай болды, — дейди.

Соннан кейин хан тағы:

— Етегин қыраў шалғанына неше жыл болды? — дейди.

Ғарры:

— Оған жигирма жылдай болды, — деп жуўап береди.

Патша:

— Мениң қырық қозым бар, соны пышақсыз баўызлап, қазансыз асып-писирип беретуғын адам бар ма? — дейди.

Ғарры:

— Бул жағадан табылмас, басқа патшаның қараўынан табылар,— дейди.

Соннан кейин патша сарайына келип, ўәзирлерин шақырып алып:

— Мен бағана ғарры шопанға не дедим ҳәм оның жуўабы не? Мағанасы не? Усыны сизлер он бес күн ишинде табасыз, болмаса өлтиремен, — деди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Соннан кейин қырық ўәзир ойланып:

— Енди не де болса патша бизди өлтиреди, соның ушын баяғы ғаррыны табайық, — деп, баяғы ақыллы ғаррыны излеп кетеди.

Күнлерден бир күн қырық ўәзир ғаррыны басқа бир патшаның қараўынан табады, соннан кейин ғаррыға қырық ўәзир жалынып, бизин үш сораўымыз бар, соған жуўап сорап келдик сизден деп, ғаррыға жалынады. Сонда ғарры қандай сораўлығын сорайды.

— Биринши, бир қара таўдың басын қыраў шалғанына неше жыл болды? Екинши, сол таўдың етегин қыраў шалғанына неше жыл болды? Үшинши, ханнын қырық қозысын пышақсыз сойып, қазансыз асып бериў деген не? — деп, ханнын шопанға берген сораўларын қайталапты.

Соннан кейин ғарры:

— Буны хан қандай жерде айтты? — деди.

Сонда ғаррының сораўына қырық ўәзир көргенинин бәрин айтты. Соннан кейин ғарры ойланып, мен өзим барып жуўап беремен деп, қырық ўәзирди алдына салып айдап баяғы ханның алдына жақынлағанда, қырық ўәзирдиң кийимлерин шешиндирип, қолларын өзлерине байлатып, ханның алдына апарып сәлемлесип болғаннан кейин:

— Тақсыр, қара таўдың басын қыраў шалғанына жигирма бес жыл болғаны — ол ғаррының шашының ағарғаны екен. Етегин қыраў шалғанына жигирма жыл болғаны — сол ғаррының сақалының ағарғаны, үшинши, сизиң қырық қозыңыз пышақсыз сойылып, қазансыз писирилип алдыңызға келди. Енди не қылсаңыз, өзиңиз билесиз, — дейди.

Ханның ойлағаны да сол екен. Соның менен қырық ўәзирин өлтирип, өзи орнына ғаррыны хан қойып, өзи ғаррыға ўәзир болады. Соның менен ғарры халықты әдил сорап мурадына жетеди.

## ТАЛАС
(Р-98, №3435)

Ағаш устасы, зергер, молла үшеўи узақ сапарға шығыпты. Елсиз, жолсыз жерлерди басып, неше күнлер жүреди. Күнде кеште биреўи от жағып қараўыллап отырып, екеўи уйқылай береди екен. Бир гезеги келген түни ағаш устасы иси еригип отырып, ағаштан бир қуўыршақ жоныпты. Азанда оянып молла менен зергер ҳайран қалып, қуўыршақты алып жолға түсипти. Ертеңине кеште зергердиң қараўыллық гезеги келип, оттың жақтысында қуўыршақты жақсылап тегислеп жонып үстине түрли ҳасыл кийимлерден кийиндирип, қуўыршақты бир сулыў қыз сыпатына келтиреди. Азанда оянған молла менен ағаш устасы буған ҳайран қалыпты. Булар қуўыршақты алып тағы да жолға раўана болады. Ертеңине кеште молланың гезеги келипти. Молла түни менен таң атқанша қудайтаалаға жалбарып, қуўыршаққа жан бериўди сорапты. Азанда үш жолаўшының алдында бир гөззал хызмет қылыпты, енди бул ғайбана сулыўға үшеўинин де кеўли кетип, аңсары аўып, алды менен ағаш устасы сөз баслап:

— Бул қызды мен ағаштан жасап шығармағанда, кимниң ойында бар еди. Сизлер соғыў түўе, есиңизге де алмас едиңиз. Соның ушын мен алыўым керек, — депти.

Буған зергер шоршып түсип:

— Ҳаў, бул қалай? Егер мен кийиндирип, жақсылап тегислеп жонып, безендирмегенде, буған жан да тилемес едиңиз, жан әперген менен, бундай сулыў болмай, бурынғы турысында қала бергенде сизлер таласпас та едиңиз. Мийнет меники. Мен аламан, дейди.

Сонда молла сөйлепти:

— Ҳаў, шырағым-аў, сизлердики не? Ал сен соға ғой, зергер жора, сен көрик берип жасандыра ғой, сонда ағаш қуўыршаққа мен жан әпермесем, не қылар едиңиз? Қолыңызға алып жүрип-жүрип, бир балаға берип кетер едиңиз. Тийкарғы мийнет меник ғой, соның ушын мен алыўым керек, — депти молла.

Мине усылайша тап сол жерде, сол оттың басында ағаш устасы, зергер, молла еле таласып отыр дейди.

Қайсысыники жөн екен?

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЗЕЙНЕП ҲӘМ ЗАЙЫП ҚЫЗ
(Р-98, №3435)

Бурынғы өткен заманда, Бесқала сорамында Шорахан хан болып, халық сорап турған бир ўақытта бир патша болыпты. Ол патшаның ул баласы болмай, жасы елиўден асып, енди «дүньядан баласыз өтетуғын болдым» деп әрман қылып жүргенде ҳаялы жүкли болып, мезгили күни жеткен соң, бир қыз туўады. Патша жубайының аман-саў саламат туўғанына қуўанып, өз ҳәмелдарларын шақырып, уллы той берип қызына ойланып отырып ат қояды. Зейним қапа болып жүргенде зейин-кеўлиме ес болған қызымның аты Зейнеп болсын деп, өз пикирин билдиреди. Барлық жыйналған ҳәмелдарлар, қусбеги, беглер бул атын мақул көрип, қыздың аты Зейнеп болады.

Күнлерден бир күн қыз алты жасқа шықты, бул қызды мектепке берип оқытты, он төрт жаста қыз алық саўатлы, китап оқыйтуғын молла болады. Қыздың шырайы, сулыўлығы, оның ақыл-еси көрген адамларды таңландырады.

Зейнеп қыз өз қатарларының ишинде тез көзге түсип және де «ақыллы, зийрек қыз» деген ат көтереди. Патша бул қыз он бес жасына шыққан соң өз алдына бир үлкен сарай салдырып, ол сарайды ҳәр түрли нағышлар менен безеп, әтирапына адам өте алмайтуғын ор қаздырып, бир жерден есик-дәрўаза қойдырады. Соның менен бирге Зейнеп қыз жалғыз болмасын деп елден қызына тең болған бир жүз елиў қыз таңлап алады. Усындай тәрбия алып Зейнеп қыз он сегиз жасқа шығып, қыз болып көзге көринип, өз қатарлы жигит-желең менен ойнап күлиўди есине ала баслайды. Қасына қызларды ертип ҳәр күни сайранлап өзиниң бағына, жоқарыда исленип қойылған көшкисине шығып, әтирапына көзин салып турар еди.

Күнлерде бир күни Зейнеп жоқарыдан төменге қарап турғанда көшеден өтип баратырған, арбасына қос ат жеккен, пүткил ҳасыл жипек кийген, белине алтын дегмент, басына пана бөрик, аяғында алтын геўиш, мәси кийген бир бай, арбасын тоқтатып жоқарыда турған Зейнепке көзи түсип, сол жерден талтайып қарап тоқтап қалады. Зейнеп бул жигиттиң тоқтап қарап турғанынан уялып, ишкери кирип кетти, жаңағы бай сол қараўында қарап турып қыздың сулыўлығына ҳайран қалып, тағы да бир шықпас па екен, деген ой менен кешке дейин күн батып қараңғы түскенше қарап тура береди. Ақырында қайтып шықпағаннан соң, барлық базар жумысынан бос қалып, еки қулағы салбырап кеште үйине қайтып келеди.

Баяғы патша үйине келиў менен бирге әке-шешесине хеш бир де сөз айтпай, өзиниң болатуғын үйине келип, қатынына да хеш сөз айтпай, Зейнептиң ышқында жер баўырлап жатып алады. Байдың Зайып деген қатыны бар еди, бул бир кембағал ғаррының қызы еди. Әкеси күтә кембағал ғарры еди, өлиўге жақынлағанда, қатыны да қартайып майып болып зайыпланған ўақытта көргенликтен қызының атын Зайып болсын деп ат қойған еди. Зайып қыз наятый зийрек болып шықты. Байдың атасы ол қызды бағына келген соң өзиниң қолына алып бой жеткен соң баласына келин қылып бергенине еки жыл болған еди. Зайып байдың жанына келип, қапа болған аўҳалын сорап:

— Сизге не болды? Турыңыз, сырыңызды айтыңыз, бәлки дәртиңизге даўа табылар, — десе де, бай сол күни таң атқанша сөйлеспей жатып алады. Ертеңине таң атып күн шыққан соң қос атлы арбаны қостырып, бай патша қызы Зейнептиң сарайына қарап жүрип кетеди. Баяғы келген жерине келип, жоқары көшкиден көзин айырмай қарап тура береди. Зейнеп қыз байдың келгенин көзи менен көрген болса да, кешке дейин бул жерге шықпады. Күн батыўға жақынлаған ўақытта Зейнеп қыз көшкиге келип, байға қарап оралған бир нәрсени таслайды да, қайтып үйине кирип кетеди. Басқа хешқандай сөз айтпады. Бай бул таслаған ораўлы нәрсени алып қараса, кишкене орамалға оралған бир дана қақпақлы шайнек екен. Бул шайнектиң не мәнисиниң барына түсинбей, мени шайнеги жоқ, шай ишсин деп бердиме екен, мен шайнекке зар емес едим, деп ойланып үйине қайтады. Байдың ҳаялы Зайып тағы да байдың қапа болып келгенин көрип аўҳалын сорай баслайды. Сол ўақытта бай қатытына ашыўланып, жекиринип:

— Сен мениң аўҳалымды билгениң менен, дәртиме даўа бола алмайсаң, — дейди.

Зайып байдың қысылғанын көрип, өзиниң ақылының қандай қыйын мүшкил ис болса да шешетуғынына көзи жетип былай дейди:

— Сиз айтың, есабын мен табаман, — дейди.

Сол ўақытта кеше бай көрген қызының сарайына барғанын, күни менен турғанын, Зейнептиң қайтып шықпағанын, үйге қайтып келип барғанын, күн батыўға жақынлағанда Зейнептиң көшкиге шығып бир шайнек қақпағы менен төменге таслағанын айтып:

— Мынаў берген шайнеги, басқа хеш нәрсени мен түсинбедим, — дейди.

Зайып тез шайнекти қолына алып көрип турып сырдың барлығына түсинеди. Жуўабын айтыўы да жүдә қыйын еди. Солай болса да, шешимин таўып беремен деген ўәдени берип қойғаны ушын Зайып бул шайнектиң мәнисин айта баслайды:

— Қудай қосқан қостарым, сизиң кешеги көргениңиз патшамыздың қызы екен, халықта нақыл бар

www.ziyouz.com kutubxonasi

еди, «ханның қызын ким бурын көрсе, сол алады» деген. Хан қызы сизди жақсы көрип сүйген болса керек. Мынаў берген алтын шайнек — әкемниң алтын қақпақлы қудығы бар дегени, сол жерге бүгин кеште келиңиз, сол жерде ушырасамыз деп, сизге жумбақ қылып берипти, — дейди.

Бул сөзди еситкен бай жуўабын айтқан  жердеги қудыққа барып патшаның қызын күтти. Бир саат күткен соң уйқысы бөлинген бай көзине уйқы тығылып, күтип отырыўға мәдери қалмай, қалғып отырып уйқылап кетеди. Бай уйқылап қалған ўақытта қасына еки қыз алып Зейнеп қыз ўәде берген қудық басына ел аяғының басылған ўақытында жетип келеди. Келсе бай уйқылап жатыр. Зейнеп қыз байдың қасына келип бес-алты сааттай күтип отырады. Бай уйқысынан турмады, қыз келгенине бираз қапа болса да, қыздың берген жумбағына түсинип айтқан жерине келгенине байдың ақылы бар екен деп және бираз күтти. Бунда да бай турмады, ақырында Зейнеп қыз кетиўге таярланды. Бирақ өзиниң келгенин билдирейин деп, байдың қойнына бир жуп алтын теңге салып өзи кетип қалады. Бай таң атқанша жатып азанда уйқысы қанған соң түргелип қараса, қасында қыз да жоқ, адам да жоқ. Бай ойланып, «мениң қатыным алдаған екен, мени алдап жиберип басқа биреў менен жақынлық алып жүр екен, усыдан барып қатынымның жазасын берейин» деп, үйине ашыўланып кетеди. Үйине келип ҳаялына ашыўланып:

— Сен мени алдапсаң, кеште патшаның қызы келмеди, — дейди.

Сол ўақытта ақыллы Зайып қыз:

— Булай болыўы мүмкин емес, қәнекей, белбаўыңды шеш, патша қызы келген болса, бир белги берген шығар, — дейди.

Бай белбеўин шешип атырғанда еки алтын теңге жерге түседи. Буны көрип бай ҳайран болып, қатынынан себебин сорайды. Зайып жуўап береди:

— Мынаў алтын теңгени патша қызы салған, бунын мысалы, екеўимиздиң де басымыз алтын еди, усы теңгедей қосылып сөйлесемиз ғой деп келип едим дегени. Ал мынаў ишиндеги салған данасы жаңағы күтип келген үмитим усындай болып қайтты дегени, — дейди.

Бай бул аўҳалға ҳайран болып:

— Енди не қыламан? Көзиме уйқы тығылып уйқылап қалғаным ырас еди, — дейди.

Зайып қыз байға ақыл берип:

— Сиз бүгин тағы да қыздың көшкисине барыңыз, тағы бир нәрсе берер, соны алып келиңиз, тағы да не дер екен? — дейди.

Бай қос атты жегип күймели арбасына минип баяғы патша қызының көшкисине тағы барады. Азаннан кешке дейин қарап тура береди. Кеш болғанда қыз шығып, тағы да бир ораўлы нәрсени таслайды да, қайтып үйине кирип кетеди. Бай буны ашып қараса, бир тарақ пенен бир алма салған, буны қолына алып, хә дегенше түсинбей, үйине келе сала қатынына көрсетеди:

— Ал, бул тарақ пенен алманың себебин ҳәм шешиўин тап, — дейди.

Зайып алма менен тарақты қолына услап турып былай деди:

— Мениң әкемниң бағының сыртында бағқа ҳешким кирмесин деп қолдан жасалған тоғайы бар, ол тоғайдан қалай да болса өтерсең, оннан соң бир үлкен алма бағы бар, соған келип мени күтиңиз, соған өзим келемен деген сөзи, — дейди.

Бай күн батқан соң сол айтылған тоғайдан өтип, айтылған алмалы бағты таўып барып күтип отырады. Бир-еки саат күтип отырыўға шыдай алмай, тағы да уйқысы келеди. Арадан төрт саат өткеннен соң, патша қызы Зейнеп қыз қасында үш қыз бенен тағы да ўәде еткен жерге жетип келеди, бағтың ишин аралап жүрип уйқылап жатқан байды таўып алады. Зейнеп қыз жанында тағы бир-еки саат күтип отырады, бай ҳеш оянатуғын түри болмады, буннан соң Зейнеп қыз қасындағы қызлары менен отырып, әстелеп намаға салып қосық айта баслайды. Бунда да бай оянбайды, буннан соң Зейнеп қыз байдың қасына келип, қойнына бир гүмис, бир мыс теңге салады да үйине қайтып кетеди. Бай уйқылап азанда турса, қасында ҳеш ким жоқ. Белбеўин шешип қойнын көрсе, бир мыс теңге менен бир гүмис теңгени көреди. Буннан соң бул сырдың не екенин түсинбей қайтып келип, қатынына болған аўҳалды баян қылады. Ҳаялы Зайып гүмис ҳәм мыс теңгени колына алып отырып, бунын шешими былай дейди:

— Мениң басыма теңгерген күйеўим, сизиң кешеги алтын басыңыз бүгин мыс болыпты, себеби мынаў мыс теңгеге сизди уқсатып, өзим излеп келген сизден артық гүмис қылып тағы қайтып кетипти, — дейди.

Буннан соң бай:

— Енди не қыламан? — деп сорайды.

— Енди сиз тағы бир мәрте кешеги жерге барың, «қыз халқы жигитти үш мәрте сынайды» деген бар еди, тағы бир нәрсе берер, соны алып кел, оннан сон тағы бир илажын ислеп көрермиз, — дейди.

Буннан соң бай қос ат қосқан күймели арбасын минип тағы да Зейнеп қыздың көшкисине қарап жүрип кетеди. Көшкисиниң астына келип тағы күтип турмақ пенен болды. Қыз бүгин жүдә кеш шығып, бир нәрсени ораўлы таслайды да ,қайтып үйине кирип кетеди. Орамалды алып қараса, бир айна менен бир қара тасты жиберген екен. Бунын не мәнисиниң бар екенине түсинбей, бай үйине келеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Зайып қыз қолына айна менен тасты услап турып былай дейди:

— Мынаў тас былай деген мысал екен. Қара тастай қатып, буннан былай қанша күтип қалсаң да, екинши шықпайман, деген сөз екен. Мынаў айна болса, мениң усы көшкиме жақын көринип турған жерде ишинде суўы бар үлкен хәўиз бар, соның қасына кел, деген сөзи екен. Себеби, айна суўға уқсас хәм айна бергени — айнада хәрбир адам өзин көрсе, сол хәўизден усы жерден көринип турады деген сөзи.

Бай тағы да сол хәўиз бойына кетпекши болады, өзиниң уйқылап қалатуғыны есине түсип, ойланып, қатыны Зайыпқа қарап турып еди, Зайып қыз өзиниң ақыллылығы менен байының бир жәрдем сорап турғанлығын билип былай деди:

— Мен сиз уйқылап қалмаў ушын бир илаж жасасам, сиз соны ислеп барсаңыз, бүгин Зейнеп қыз бенен дийдар көрисер едиңиз, — дейди.

Бул айтылған сөз байға мақул түседи:

— Қалай қылсаң да бир илажын қыл, әйтеўир мен уйқылап қалмайын, — дейди.

Зайып қолына бир өткир ништер алып, байдың бармағының үстинен азғана жерин кесип азырақ дуз салады, бармақтың кескен жери ашып, бай ойбайын салады. Сол ўақытта Зайып былай дейди:

— Бираздан кейин ашығаны тынады. Сонда жаның рәҳәт таўып, тағы уйқың келеди, сол гезде мына дуздан тағы да сал, — деп дуз береди. — Бул дуздың ашыўы менен уйқың ашылып кетер, соның арасында Зейнеп қыз да кешикпей келип қалар, сол ўақытта көрип, аман саўлық сорасып болған соң патша қызы сарайына шақырар, қыз бенен бирге ерип барғанша бул дуздың ашыўы да қалмас, солай қылып бүгин әрманың орынланар.

Бул ҳийлелердиң барлығын билип алып, бай тағы да жүрип кетеди. Айтылған хәўизин таўып алып, күтип турып күндеги уйқылайтуғын ўақтында уйқысы келеди. Қатыны Зайыптың айтқанындай етип бармақтың кесилген жерине дуздан салып еди, бармағы ўдай ашып, көзиндеги уйқысы шайдай ашылады. Усындай қылып күтип турғанда, Зейнеп қыз жанынан өзиниң ең жақын досты бир қыз бенен жетип келеди. Зейнеп қыз көптен бери әрман қылған байдың күтип турғанын көрип әдеп пенен сәлем берип, қол алысып көрисип, аман-есен сорасады. Аман-есен сорасып болған соң байды өз сарайына шақырып мирәт қылады. Бай да Зейнеп қыздың шақырыўына таяр турған емес пе, изине түсип жүре береди. Зейнеп қыздың сарайына келип қыз бенен бирге күлип ойнап, дем алып, сол жерде жатып қалады. Үш күннен бери уйқысы бөлинген Зейнеп қыз хәм үйинде шыдамлылығы жоқ бай сол ойын-күлки менен таңның атқанын, күнниң батқанын, сәске түсип, түс болғанын билместен жата береди.

Ендиги сөзди қыздың атасынан баслаймыз.

Қыз атасы Темир деген патша өзиниң қараўында он мыңға жақын хожалығы бар патша еди. Сол күни өз жанына қырық жигитти ертип, пайтахтын таслап, бир тойға сейил қылып, қыдырып кетип еди. Сол тойда отырып патша бир даўлы исти шешиўге кетеди, даўды шешип болып, бийликке мөрин басыў ушын қараса, мөри пайтахта қалғаны мәлим болады. Буннан соң патша мөрди тез алып келиў ушын өзиниң бас ўәзири Бахрам ўәзир дегенге буйырады. Бахрам пайтахтқа келип мөрин алады. Бул ўәзир бурыннан патшаның қызына сырттан ашық еди, өзинше патшаның қызы Зейнеп меннен басқа кимге барады, меннен басқа ким менен ойнап күледи, деп ойлар еди. Соның ушын ашықлық отына шыдай алмай, Бахрам ўәзир усы бүгинги оңашада Зейнеп қыз сарайда бир өзи отырған ўақытта барып көрип сөйлесип бираз күлип ойнап кетейин деп сарайға келип, әстелеп кирип қараса, Зейнеп қыздың бир жигит пенен бир үйде жатқанын көреди. Зейнепти өзим аламан деп жүрген ўәзирдиң ишине от түседи. Не қыларын билмей, ўәзирде бир ой пайда болады. Сол замандағы ески үрип-әдет бойынша күйеўге шықпаған қыз кимниң қызы болса да биреў менен ойнап-күлип отырғаны билинсе, ол өлим жазасына тартылатуғын еди. Оның үстине қыз атасы патша, бундай гүнакарлар болса ақ-қарасына қарамай, қызды да, жигитти де зинданға салып қойып, халықты жыйнап дарға асып жазалайтуғын еди. Ўәзир уйқылап жатқан Зейнеп қызды да, байды да көтерип алып зинданға таслап, зиндан басына үш баланы қараўыл қылып қойып «өзим келмей шығарманлар» деп, патшаға қарап жүрип кетеди.

Ендиги сөзди Зейнеп қыздан еситиң. Зейнеп қыз байды оятып:

— Сизиң үйде кимиңиз бар? — деп сорайды.

Бай болса өзиниң бир ақыллы Зайып қатынының жумбақларды таўып бергенин бастан-аяқ айтып береди. Зейнеп қыз өзиниң жасаған тымсалларына бай өз ақылы менен емес, үйиндеги ақыллы қатыны Зайыптың таўып отырғанына, байдың ешейин ақылсыз жигит екенин түсинеди. Және де өзи үш күннен бери уйқыдан қалған болса, уйқысы бөлинген байдың бундай аўҳал болып зинданға түсип, қулып салып қамалып қалғанынша билмегенине үлкен өкиниш қылып ойланып отырады. Тағы да байдың атын Абдулла деп айтып береди. Зейнеп қыз ақыл табады, зиндан аўзында турған балаларды алдай баслайды, балалардан сорайды:

— Балалар, сизлер усы қаладағы Абдулла деген байдың үйин билесизлер ме?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Балалар «билемиз» деп жуўап береди. Буннан соң Зейнеп айтады:

— Мен сизлерге бир уўыс теңге берсем, сол теңгени алып базардан мазалы шийрин затлар алып жер едиңизлер, — дейди.

Балалар бул сөзге оғада қуўанып кетип:

— Қәне, тенгеңизди бериңиз, — дейди.

Зейнеп қыз:

— Сизлер теңге алатуғын болсаңызлар, мениң бир жумысым бар, соны питкересизлер ме? — деп сорайды.

Балалар қуўаныш пенен:

— Қандай жумыс? Айтыңыз, — дейди.

Зейнеп қыз былай дейди:

— Мен қолларыңызға бир-еки тас беремен, сол тасты алып Абдулла байдың үйине барасызлар, оннан соң бир тас пенен урып бир айнаның көзин сындырыңлар, оннан соң тамның үстине шығып, тамның төбесинен ишине екинши тасты таслаңлар, буннан соң тамның үстин үш мәрте тепкен соң қайта бериңлер, басқа хешнәрсе айтпаңлар, — дейди.

Бул сөзди еситкен балалар бираз ойланып турып, өзи аңсат жумыс екен ғой, барсақ барып келейик деп, ишинен биреўи сайланып шығып, өзиниң орнына үшинши бала қалып, үстиндеги шапанын қарақшы қылып еңкейтип қойып, қолына бир-еки тасты алып, байдың үйине қарап жуўырып кетеди. Байдың үйине келиў менен бирге күншығар жақтағы тамның айнасының бир көзин урып сындырады, тамның үстине шығып, бир тасты ортасына таслайды, буннан соң тамның төбесин үш теўип кейин қарап жуғырып қайтып келип, Зейнепке ислеген жумысларын айтып ақшасын алып өз орнында тура береди.

Ендиги сөзди Зайыптан еситиң. Зайып қәйин атасының жанына барып:

— Атажан, жаңағы баланың қылып кеткен исине түсиндиңиз бе? — деп сорайды.

Ғарры атасы:

— Шырағым, мен болсам ақылдан сасқан бир ғарры адамман, қайдан билейин балалардың не қылып кеткенин? — деп жуўап береди.

Буннан соң Зайып:

— Атажан, ол баланың келип айнаны урып сындырғаны — жалғыз көзиң, белиңниң қуўаты, көзиңниң мәдары жалғыз балаң Абдулладан айрылдың, жалғыз көзиң шықты деген сөзи. Тамның үстине шығып, ишине еки тасты таслағаны — балаң биреў менен усланып, қараңғы зинданға түсти дегени. Тамның үстин үш мәрте тепкени — тез үш саат ишинде бир илажын көрмесеңиз басқа хеш илаж болмайды дегени еди, — депти.

Ғарры буны еситип жылай береди, буннан соң ғаррыдан хеш қандай жәрдем болмайтуғынын билген Зайып бир табақ сүт сатып алып, гүриштен бир табақ аўқат писирип үстин дәстүрхан менен жаўып, зинданның басына қарап жүрип кетеди. Зиндан басына келип қараса, зиндан басында үш бала тур, балаларға келип былай дейди:

— Шырақларым, бүгин мен бир түс көрип, сол түсимнен қорқып ояндым, азан менен турып қамақта жатқан мүсәпирлер ушын бир-еки табақ аўқат берейин деп нийет қылып едим, сол аўқаттың еки табағын анаў қамақханада жатқанларға бердим, енди бир табақ аўқатым қалды, усы зинданда адам бар ма екен деп келип турман, — дейди.

Балалар:

— Биз сизди танымаймыз, бетиңиз болса перде менен жабылған, бул жерге адам жибериўге болмайды, бунда өлим жазасындағы адамлар жатыр, — дейди.

Зайып сөзди тағы баслайды:

— Шырағым, мен де сизлерди танымайман, бетимди ашсам үлкен гүнаға батаман, тек мениң кийимимди белгилеп қалыңлар, мен киремен де бир табақ аўқат жеп болғанша отыраман да қайтып шығаман, — дейди.

Балалар Зайыптың бул сөзине қулақ салады, бир-биреўи менен ойласып:

— Жиберсек жиберейик , киреди де шығады, биреўди алып шықпаса болғаны, — дейди.

Ақырында балалар келисим берип, Зайыпқа зинданға кириўге рухсат береди, Зайып ишкери кирип бай хәм патша қызы Зейнеп пенен қосылып, аман-есен сорасып сөйлесип отырады. Еки ақылдың ийеси Зейнеп менен Зайып қосылған соң патшаның ҳүкиминен, Бахрам ўәзирдиң жаўызлығынан қутылыў жолын излейди. Ақырында булар ақыл табады. Зайып өзиниң үстиндеги, басындағы, аяғындағы барлық кийимин шешип патша қызы Зейнепке кийиндиреди, өзи патшаның қызының кийимин кийеди. Солай қылып патша қызын қәпестен шығарып жибереди. Өзи күйеўи менен зинданда қала береди. Патша қызы қолында табағы менен зинданнан шығып жөнелип кетеди. Балалар болса жақсылап қарады. Барлық бойы, үстиндеги кийими, барлығы кирген қатынның өзи болғаннан соң, хеш нәрседен гүманланбай қала берди.

Ендиги сөзди Бахрам ўәзирден еситиң. Бахрам ўәзир патшаның мөрин изинен тойға алып барады, хәм қалада қандай аўхал болғанын, қызының бир жигит пенен жатқанын, оларды услап алып барып

www.ziyouz.com kutubxonasi

зинданға салғанын патшаға айтып береди. Бул аўҳалды еситкен Темир патша қатты ашыўы келеди. Буннан бурын халықтан бундай аўҳал табылса, өлим жазасына тартатуғын еди. Бул жерде бираз ойланып:

— Ўәзирим Бахрам, дурыс қылыпсаң, ертең екеўин де дарға асып өлтиремиз, — дейди.

Патша халық алдында отырып айтарын айтса да, улдан, қыздан болған жалғыз бала болғаны ушын, бул аўҳалдың болып қалғанына, қызының бундай аўҳалға түскенине қатты қыйналып, ишинен суўдай тынып көп ўақыт сөйлемей отырады. Кеште тойдан патша жигитлери менен қайтады. Патша үйине келип, ишкериге кирип, ҳаялы алдында өкирип жылап қоя береди. Патшаның ҳаялы патшаға не болғанын билмей, не ўақыя болғанын сорай баслайды. Патша болған аўҳалдың барлығын, қызының қамалғанын айтып береди. Патшаның ҳаялы да бул иске ҳайран болып, қызының узақ жерде, тағы да бөлек жайда турғанына, ақыбетинде бундай аўҳал болғанына оғада қапа болады. Буннан соң патша қатынына буйырады:

— Бул қалай болғаны, қатын? Сен барып қызымның сарайын бир қарап кел, қызым Зейнепжан өз аяғы менен кеткен болса, ишим тағы бир мәрте суўысын, — дейди.

Патшаның жубайы бул сөзден кейин Зейнеп қыздың отырған сарайына жуўырады. Сарайға жетип келип, отырған жайына кирип қараса, Зейнеп қыз алтын тахттың үстинде ҳасыл кийимлерин кийип, қатар қызлар менен ойнап-күлип отырғанын көреди. Анасы бул аўҳалды көрип, қызының бетинен сүйип хеш бир сөз айтпай кейин қарап жуўырады. Жуўырып келиўи менен қуўанғаны соншама, патшаның басындағы сәллесин сүйиншиге жулып алады. Қызының аман-саў саламат, өз сарайында ҳеш нәрседен хабары жоқ отырғанын, оны өзиниң көзи менен көргенин патшаға баянлап айтып береди. Темир патша буған да инанбай қызын көриў ушын өзи кетеди. Зейнеп қыздың сарайына барса қызы өз орнында отырғанын көрип оғада қуўанып қалады. Сол ўақытта Зейнеп қыз әстелеп жылап атасының алдында қамықты. Атасы қызының басын сыйпап, «шырағым, не болды? Не ушын қамықтың?» деп сорай баслайды. Зейнеп қыз сол ўақытта былай депти:

— Атажан, мен қамықпай не қылайын, усы жасыма келгенше мениң сарайыма еркек баласы келген жоқ еди. Сизиң патша болып отырған айбатыңыздан қорқып па ямаса сыйлап па, хеш ҳәмелдарлардан да үстимди басып кирмейтуғын еди, кеше түс ўақытта мен бақшада ойнап жүрсем, сизиң бас ўәзириңиз залым Баҳрам ўәзир келип болмаған сөзлер менен маған ҳәзил қылды. Мен ашыўым келип сарайдан қуўып шықтым. Мен қуўғаннан соң Баҳрамның ашыўы келип маған «көрермен, әкеңе дарға астыраман» деп абай қылып сөгип, ақыретлеп кетти. Атажан, сизиң көзиңиз тири ўақытта усындай қылып жүрген Бахрам, егер де сизиң көзиңиз жумылып кетсе, бизге не қылмайды, мени балам дейтуғын болсаңыз, Бахрам ўәзирге өлим жазасын бериўиңизди сорайман, — дейди.

Патшаның бул сөзди еситип қатты ашыўы келеди хәм қалтырап кетеди. Буннан соң патша Темир үйине қайтып келип таң атқанша шыдап отырады. Таң атыўы менен тахтына барып отырып, қырық жигитин шақырып алып, Баҳрам ўәзирди бас қылып:

— Кешеги қамап қойған қызым менен нәмәлим адамды алып келиңлер, залымларды дарға асып өлтиремен, — деп буйрық береди.

Бахрам ўәзир ўақты хош, қасына қырық жигитти ертип зинданның басына қарап жөнеледи. Жолда жигитлер менен киятырып төмендеги сөзлер менен мақтанады:

— Мен Бахрам залым — патша ўәзири,
Адамлардың ең ишинде залымы,
Не қылсам да, ислеймен мен бул жерде,
Көп адамның болды меннен өлими.

Билсең, мениң атым ўәзир Бахрам,
Айтқаныма ким көнбесе, ол надан,
Зейнеп қыздай айтқанымды қылмаған,
Бүгин ағар мойынынан қызыл қан.

Мен Бахрамман талай қызды алдаған,
Ҳеш бир жан жоқ айтқанымды қылмаған,
Ерегискен маған хеш тең келе алмас,
Көп әззилер бул қолымда зарлаған.

Мине, бул сөзлерди айтып қасындағы қырық жигитке мақтанып, зиндан басына келеди. Зинданды ашып, гүнакарларды шығарып қараса, өзи салған патша қызы емес, усы қаладағы бай өз қатыны менен турғанын көреди. Үстиндеги кийимлерине көз жиберип қараса, кешеги өзи таслаған ўақыттағы кийимлердиң өзи екенин биледи. Қасындағы жигитлер:

— Қәне патшаның қызы? Енди не қыламыз? Патшаға не деп барамыз? — дейди.

Бираз турғаннан соң бул еки ер-қатынды патшаның алдына алып барады, патша қасында ҳәмелдарлары менен ашыўланып отырған еди. Қараса, өзиниң қызы емес, басқа адамларды әкелип турғаны мәлим болады. Патша ўәзирден:

— Қәне мениң зинданға таслаңған қызым? — деп сорайды.

Бахрам ўәзир хеш сөйлемей, төмен қарайды. Патша байдан:

— Қалай қылып сиз зинданға түстиңиз? — деп сорайды.

Бай не айтарын билмей сасады. Егерде патша қысып сорай басласа, кешеги болған аўҳалды туўрысынан

www.ziyouz.com kutubxonasi

айтайын деп турғаны мəлим болды. Байдың қатыны Зайып бул нəрсеге тезлик пенен түсинип, патшаға қарап сөйлей баслайды:

— Тақсыр, ханым, сизге айтатуғын арзым бар. Мениң мынаў турған байдың ақ некели қатыныман, мениң байға түскениме еки-үш жыл болды. Бир күни сизиң мынаў Бахрам атлы ўəзириңиз мени өз үйимде отырғанда, көрип қалып маған ашық болды. Соннан кейин бир жылдан бери маған болмаған намақул сөзлер айтып, меннен ырасы нəпсин қандырмақшы еди. Мен айтқанын қылмай жүретуғын едим, сол себептен болса керек, кеше биз күйеўим менен екеўимиз хешнəрседен хабарымыз жоқ, арқайын жатқан ўақытта көп адам болып келип, зинданға салып кетти. Бүгин мине сизиң алдыңызға алып келип тур. Ханым, сизиң пайтахтта халық сорап турған ўақтыңызда усындай əззилер үстинен зулымлық болғанына хеш көнип болмас деп ойлайман. Бул залым ўəзириңизге қатты жаза көрсетпесеңиз, көп залым хəмелдарлар əззи пухараларыңызды бүлдирип жоқ қылыўы мүмкин, — дейди.

Бул сөзди еситкен патша хəм оның қасындағы хəмелдарлар уялып төмен қарайды. Ўəзирдиң хүрейи ушып, не айтарын билмей қатты сасады. Сол ўақытта патша:

— Бул шерменде залым исин көриңлер,
Қатты жаза аямастан бериңлер,
Салып шынжыр еки қолын байлаңлар,
Жəллатларым, тезден жетип келиңлер.

Алып барып дарға хəзир асыңлар,
Қанын суўдай көз алдында шашыңлар,
Тыңламаңлар айтқан сөзин, арызын,
Өлимтигин ийт алдына атыңлар.

Мине усындай қылып залым ўəзирди дарға асып жибереди. Буннан соң бай менен хаялына жуўап береди, булар патша алдынан босағаннан соң аман-саў саламат үйлерине қайтады. Надан байдың қылған ислери арқасында өлим жазасына тартылатуғын жеринен Зейнеп хəм Зайып қызлардың тымсал менен ислеген ақылы арқасында өлер өлим жазасынан қутылады.

Соның ушын бул ертек сол еки қыздың атына қойылып, Зейнеп-Зайып деп халық аўзында үлкен дəстан сөз болған.

## БАЙЛЫҚТЫҢ СОҢЫ

(Р-98, № 3435)

Бир күни бир бай «мен өлсем қалай көмеди екен, сол хаққындағы балаларымның, қызымның пикирин билейин» деп, кемпирин, үш баласын, еки қызын шақырып, өз ошағының басында мəслəхəт жасайды. Бай:

— Балаларым, енди мен бир күн болмаса бир күни бул дүньяны тəрк етемен. Мен өлген ўақытта мени қалай жайғастырасаң? — деп кемпиринен сорайды.

Кемпири:

— «Жаман айтпай, жақсы жоқ» деген, егер сен өлеғойсаң, шүкир, қолда жан бар, қуданың берген бағы-дəўлети бар, пүткил дүньяны жаныңа сарп етемен. Қараңа қос өгиз, жетиңе жети өгиз, қырқыңа ғунан өгиз, жүзиңе, жылыңа жақсы семиз еки өгиз сояман. Сүйегиңе пүткил кийимлериңди саламан. Жақсылап жайғастыраман. Басыңа ықлымда жоқ жай салдыраман. Гүмбезиңе алтын жалаттыраман, кепиниңди ақ жипектен тиктиремен. Қырық күнге шекем қырық моллаға басыңда қуран шығарттыраман, жылыңа шекем қара кийип, аза тутаман, — дейди.

Бай:

— Сениң бул айтқанларың дурыс емес, сен мени жайғастыра алмайды екенсең, — дейди.

— Мени сен қалай жайғастырасаң? — деп үлкен баласынан сорайды.

Үлкен баласы:

— Мен пүткил адамды жыйнайман, молла бар ма, ийшан бар ма, ахун бар ма, қазы бар ма, бай бар ма, бий бар ма, беглербеги бар ма, басқа хəмелдарлар бар ма, бəри менен ойласаман. Солар қалай жайғастыр деп ақыл берсе, солардың айтқанлары бойынша жайғастыраман, — дейди.

— Бул да болмайды, — дейди бай.

Ортаншы баласынан сорайды. Ортаншы баласы:

— Ойда бар ма, қырда бар ма, дүньяның жүзинде ким əкесин жақсы етип жайғастырыпты деп еситсем, соның жайғастырғанын сорап алып, тап сондай етип жайғастыраман, — дейди.

Бай:

— Бул да болмайды. Сен қалай жайғастырасаң? — деп кишкене баласынан сорайды.

Кишкене баласы ойланып-ойланып отырып:

— Аға, өзиң атам өлгенде жайғастырдың ғой, тап сондай етип жайғастыраман, — дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бай:
— Сен де болмадың, — дейди.
— Сизлер не қыласыз? — деп үлкен қызынан сорайды.
Үлкен қызы:
— Сен өлген соң үйде бир үш жылдан бери бағып қойған қошқар бар, соның менен он батпан гүриш, он батпан буўдай, он батпан гүнжи әкелемен, — дейди.
Бай:
— Сен де болмадың, — деп кишкене қызынан сорайды. Кишкене қызы:
— Бизиң үйде де бир өгиз бар, соны алып келемен. Соның менен бирге қолымнан келген хызметимди ислеймен, — дейди.
Бай:
— Сен де болмадың, қызым, — дейди.
— Сизлер мени жайғастыра алмайды екенсизлер. Мен қорланып өледи екенмен, көмиўсиз қалады екенмен. «Бар жақсы жарлыдан шығады» деген сөз бар еди. Дийқанларды, шопанларды шақырып келиң, мүмкин мениң саўалыма олар жуўап берер, — дейди.
Кишкене баласы жуўырып барып хызмет етип жүрген дийқанларды, шопанларды, падашыларды шақырып келеди.
— Ассалаўма әлейкүм, — деп бәри кирип келеди.
Бай:
— Мен «өлеғойсам қалай жайғастырасызлар?» деп кемпиримнен баслап ең кишкене перзентиме шекем сорап едим, хешбиреўи дурыс жуўап бере алмады. Сизлер де онлаған жылдан бери қолымнан тамақ жеп, өзимниң балаларымның бириндей болып қалып единлер. Мен өлеғойсам сизлер қалай жайғастырасызлар? — дейди.
Дийқан, шопан, падашылар көп ойланады. Биреў-биреўине қарайды. Биреў-биреўине сен айт, сен айт дейди. Сол ўақытта шопанлардың ишинен кишкене бир жас бала орнынан түргелип:
— Баярым, сол саўалыңызға маған жуўап бериўге руқсат етиңиз, — дейди.
Бай руқсат береди.
— Баярым, өлим деген хәмmениң де басында бар. Биреў кеш өледи, әйтеўир өледи. Бул саўал аса аўыр саўал. Бул саўалға жуўап бериў наятый қыйын. Солай да болса жуўап берсем, оны сизиң өлиўиңиз, бизлердиң көмиўимиз биледи, — дейди.
Бай ашыўланып:
— Сизлердиң қай жерлериңизде ақыл жүреди, сықылыңыз сол, сыяғыңыз сол, сизлер қалай жуўап бере аласыз. Сизлерге саўал берип жүрген мен. Менде сонша бағы-дәўлет, дүнья-мал, абырой бар, екинши, көрип отырып, сениң өлиўиңди бизлердиң көмиўимиз биледи дейсизлер, жуўапларыңыз дурыс емес. Турың, шығып жоқ болың, — дейди.
Бала:
— Баярым, байман деп байлығыңа исенбе. «Әмиўдәрья ағысыңа қуўанба, күниң питсе қара жердей боларсаң» деген сөз бар. Онда биз билмедик, өлеғойсаң майданда қалмассаң, кейниң көрермиз, — дейди де, бәри шығып кетеди.
Арадан бир неше жыл өтеди. Байдың балалары, қызлары кемпири өледи. Байдың қақайып жалғыз басы қалады. Барлық бағы-дәўлети, дүнья-маллардан, хәўли-хәремнен, бағы-бақшалардан айрылады. Күйикке шыдамай бай қаңғырып кетеди. Қаңғырып қазаланып, майданда көмиўсиз қалады. Кейнинде баяғы шопанның айтқаны дурыс келеди. «Сениң өлиўиңди бизлердиң көмиўимиз биледи» деген нақыл соннан қалады.

## АҚЫЛ АРЫМАС, АЛТЫН ШИРИМЕС

(Р-98, № 3435)

Бурынғы өткен заманда жалғыз баласы бар бир бай болыпты. Бала әкесиниң перзентим бар екен-аў дегендей кеўлин толтырмапты. Сонлықтан бай, мениң перзентим жоқ, деп ойлайды екен хәм ол баласының жарытыўсызлығынан түңилип, адам қатарына да санамайды екен. Бала жигирма жети жасына шыққанша үйленип, өз алдына турмыс қурыўдың жөнин де билмепти. Қулласы, әкесиниң берген ақылына, астарлы сөзлериниң мәнисине баласының қылған иси, қайтарған жуўабы уғрас келмепти.
Бир күни бай баласына бир сүриў қойды шопаны менен тапсырып:
— Усы қойларды базарға сатып, пулын әкел, сатпай өзин әкел, — депти.
Бала қойларды шопанға айдатып қалаға баратуғын гүзар жол менен мойнына қурық түскендей

www.ziyouz.com kutubxonasi

болып қайғырып кете береди. Алдын кешлетип, қалаға жақынлағанда тыныс алыў мақсети менен бир жарлы адамның үйинде қонады. Ол үй де байдың баласы менен қасындағы шопанға тапканын асып берип жатқарады. Бирақ бала түнде уйқылай алмай, ыңырсып аўдарылып түсе береди. Өзиненөзи сарсылып аўыр гүрсинеди. Усы аўҳалды сезген жарлының қызы:

— Қонақ, сиз неге уйқыламайсыз, неге қайғылана бересиз, бизиң қонақасымызға кеўлиңиз толмай атыр ма? — дейди.

— Жоқ, олай емес карындасым. Уйқымның бөлинип атырған себеби, мениң әкем маған бир сүриў қой берип, сатып пулын әкел, сатпай өзин әкел, деп еди. Соны не қыларымды билмей ҳайран болып отырман, — дейди бала.

— Қойың бурын қырқылмаған болса, ертең қырқып жүнин апар, ол өзи болады, сатып пулын апар — ол қойыңның қуны болады, — дейди қыз.

Бала азан менен қолына қырықлық алып қойлардың жүнин шетинен қырқып шығып, барлығын жыйнап үлкен бир ала қапқа салып аўзын буўады да, қойларды базарға апарып өткенине сатып келеди. Сөйтип еки аўыз сөздиң мәнисин кеўилдегидей етип шешкенлигине мардыйып қайта береди. Бирақ үйине барғаннан кейин бай баласының сөзине инанбай, жаңағы жарлы қызының аўылына жол тартады. Қыздың үйине келип, оған баласының басын шатпақшы болып айттырып, ақырында дүнья-малға жығып алып қайтады.

Бир күнлери бай атланып малға қолайлы жайлаў излеп жүргенде көп қарақшыларға дусласады. Қарақшылар байды тутып алып, өзин өлтирип, астындағы атын, үстиндеги кийимлерин тонап алмақшы болады. Сонда бай қарақшыларға:

— Мени сизлер өлтирип, кийимлеримди ҳәм атымды алған менен не болмақшысыз? Мениң төрт түлик малым бар, соның бир түлигин алғанда ҳәзирги қолыңызға түсип турған затлардан неше есе артық болады ҳәм бәриңизге толық жетеди. Сизлер екеўиңиз барып айдап алып қайтың, мен хат жазып берип жиберейин, — депти.

Буған урылар да көнипти. Қарақшылар менен мақулласқаннан кейин бай үйине мынадай хат жазыпты.

— Қырық қара нарды алдына салып, қырқ қызыл нарды кейнине салып, желмая менен тайлақты ортасына салып айдап қайтың. Олар алдыңызға түсип жүрмесе, есиктиң алдындағы еки байтеректиң биреўин түбинен шаўып жоқ етип, биреўин геллеклеп шырпып келиң, — деп, хатты еки атлының қолына тапсырыпты.

Олар байдан жолдың силтеўин алып, кеш болғанда дийдилеген жерге де жетип, байдың жазған хатын келинине берипти. Баланың ҳаялы оқып көрип бир қойды сойдырып, қуптан шамасында аўылдың жас үлкен ҳәм жаскишилерин, ғырыстай жас жигитлерин шақырып, колларыңызға пышақ алып турың деп, барлығын да тамақландырыпты. Байдың келини аўқаттан соң, атамның тарығып жазып жиберген хаты мынаў деп, толайым адамға оқып көрсетипти. Хаттың мәнисине хешким де түсинбепти. Оннан соң байдың келини «бизден бийәдеплик болмаса, мен шешип берейин, қайнаға, қурдаслар» деп, хатты қайтадан оқыйды.

Атам бийшара мынаў қарақшылардың қолына түскен екен. Қырық қара нарды алдына салып дегени — аўылдың қырық батырына жол баслатып, қырық қызыл нарды кейнине салып дегени — қырық жигитти кейнине салып, желмая менен тайлақ дегени — бизлер екеўимизди шақырып, есиктиң алдындағы еки байтеректиң биреўин қырқып биреўин шырпып кел дегени — мынаў еки қарақшының бирин өлтирип, екиншисиниң қулақ-мурынын кесип алдыңызға салып, жолды көрсетип келер дегени екен, — дей бергенде, үйдеги жигитлер қашшан биреўин өлтирип, биреўиниң қулақмурнын кесип жүрдай етип, қолын артына байлап турған екен.

Азанда шырпылған қарақшыны алдына салып, қуўа-қуўа ҳәпзаматта бай турған жерге келсе, булардың дүбирин еситиўден қарақшылар тоғайға сиңип қашып кеткен екен. Сөйтип байды өлим қурығынан ақыллы келини азат етипти. Буған дейин айтылып жүрген «Алтын баслы ҳаялдан бақа баслы еркек артық» деген нақыл бийкарға шығыпты. Ал, «Ақыл арымайды, алтын шиtogether'мейди» деген нақыл дурысқа шығыпты.

## КӘМИЛ АҚЫЛ ИЙЕСИ

(Р-369, № 127277)

Бурынғы өткен ўақытта бир патшаның ақыллы қызы болыпты. Қыз бой жетип кемалға келипти. Бирақ, патшаның қызы болған соң хеш ким патшаға барып айттыра алмапты.

Бир күни қыз атасына:

— Ел-халқыңды жыйнап той бер, — деп сораныпты.

Патша пүткил елин жыйнап, үлкен той берипти. Қыз жыйналған көпшиликке қарап:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мениң бир жумбағым бар, кимде ким жумбағымды шешсе, оның үлкен-кишисине, бай-жарлысына, қандай минине қарамастан, басымды қосаман. Мениң сизлерге беретуғын жумбағым мыналар: он ийт, жигирма қасқыр, отыз айыў, қырқ жолбарыс, елиў нокта, алпыс ақта, жетпис тусаў, сексен бул дүньяда жоқ, тоқсан торғай, жүз жумыртқа, — депти.

Бул жумбақты жыйналған көпшилик ишинен ҳеш ким шеше алмапты.

Бул хабарды бир қой баққан тазша бала еситип, үш күнлик жолдағы жүз жасап отырған бир ғаррының дәрегин еситип, бир билсе сол билер деп излеп келипти. Бала ғаррыға сәлем берип кирип, өзиниң келген жумысын, қыздың жумбағын айтып шешип бериўин сорапты. Сонда ғарры:

— Ўай, балам-ай, ол оғада аңсат жумбақ ғой, он ийт дегени — он жасың, онда адам жортады да жүреди. Жигирма қасқыр дегени — жигирма жасың. Жигирмада нени болса да қасқырдай қазып түсесең, отыз айыў дегени — отыз жасың, отызда айыўдай күшке толасаң. Қырық жолбарыс дегени — қырқ жасың, қырықта жолбарыстай айбатлы қайтпас ер жүрек боласаң. Елиў нокта — елиў жасың, елиўде ноқталанған асаўдай боласаң, жигитшилик ноқталанып, ғаррылыққа көшесең. Алпыс ақта дегени — алпыс жасың, алпыста мысалы ақтадай боласаң. Жетпис тусаў дегени — жетпис жасың, жетписте узақ жерлерге бара алмай, пияда жүриўге жарамай, тусаўланған аттай боласаң. Сексен — дүньяда жоқ деген сексен жасың, сексенге шыққаннан кейин бул дүньяда бар болдың не, жоқ болдың не, мысал сондай боласаң. Тоқсан торғай — торға түскен жасың, тоқсанда торғайдай тек сөйлеген тилиң болмаса, ҳеш қыймылдар ҳалың болмайды. Ал, жүз жумыртқа дегени — жүз жасың, жүзде адам мысал жумыртқадай болады. Мәйек сәл жерге түсип кетсе, былш етип жарылады. Жүз жасаған адам да сол тақылетте болады. Әне, соны айтқыл балам, — депти.

Тазша бала жумбағын шештирип алғаннан кейин, жуўырып патшаның қызының алдына келип жумбағын шешип берипти. Бирақ тазшаның жумбақты шешкенине ўәзирдиң балалары қарсылық етипти. Қыз өзиниң ўәдесинде, турып, жумбақты шешкени ушын балаға басын қосыпты. Патша үлкен той берип, қызын узатыпты. Тазша бала патшаның қызын алып мақсетине жетип жасай берипти.

## БАҒЛАН ТАЗ
(Р-369, №127277)

Бурынғы өткен заманда бир қыздың жети ағасы, алты иниси, әкеси, шешеси ҳәм бир сиңлиси болған екен. Жети ағасы бир урыста, алты иниси бир урыста өлипти. Сонда қыз әке-шешесин бағып отырып, халыққа былай деген екен:

Желлеп кеткен жети атан,
Буны табар бармекен?
Ықлап кеткен алты атан,
Буны табар бармекен?
Қайрылып шөккен қара нар,
Буны табар бармекен?
Баўыры сүтли сур инген,
Буны табар бармекен?
Жез буйдалы нар тайлақ,
Буны табар бармекен?
Егиз қозым сүйексиз,
Буны табар бармекен?
Палапан ғазым байлаўлы,
Буны табар бармекен?

Усыны тапқан кисиге үлкен-киши демеймен, бай-жарлы демеймен, турмысқа шығаман, — дейди.

Буны бир-еки жылға шекем ҳешким таба алмайды. Бир күни бир бай үйинде қонақларына усыны айтып отырса, от жағып отырған Бағлан таз деген шопанның қулағы шалып кетеди. Бағлан:

— Мен барайын, аға. Буны мен шешемен, руқсат берсеңиз, — дейди.

Бағлан таз байдан рухсат алып қыздың үйине келсе, қыз үйинде екен. Келген жумысын айтқаннан кейин, қыз оны аўқатландырып болып, жумбағын айтады. Бағлан таз былай шешеди:

Желлеп кеткен жети атан,
Жети ағаңыз болмасын,
Ықлап кеткен алты атан,
Алты ағаңыз болмасын,
Қайрылып шөккен қара нар,
Ол атаңыз болмасын,
Баўыры сүтли, боз инген,
Ол анаңыз болмасын,
Жез буйдалы нар тайлақ,
Ол сиңлиңиз болмасын,
Егиз қозы сүйексиз,
Еки көскиң болмасын,
Палапан қазық байлаўлы,
Еки көзиң болмасын, — деп,

Бағлан таз жумбақты дурыс шешеди. Қыз оған турмысқа шығыўға қайыл болады.

Сөйтип Бағлан бул қызға үйленип, мурады-мақсетине жетипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# СЫНШЫЛАР
(Р-89. № 37578)

Бурынғы өткен заманда бир байдың үш баласы болыпты. Балалары кәмалға келгенше бай оларды хәрқыйлы сынаўлардан өткерипти ҳәм олардың келешекте қандай адам болып жетилисетуғынына қызығыпты.

Бир күнлери бай балаларын шақырып алып, өзинин жақын күнлерде өлетуғынлығы туўралы айтыпты.

— Ал, балаларым, мен жақында өлемен. Мен өлгеннен кейин сизлер аш-әптада боласыз. Мениң бир жақын бай достым бар. Сизлер талап етиўге шықсаңыз, сол бай жорамның үйинен дуз татпай, бир нәрсе ишпей кетиўши болмаң. Егер сол үйден дуз татпай кетсениз, ҳасла жолыңыз болмайды, — деп нәсиятлайды.

Арадан жыл өтпей-ақ бай өлипти. Әкеси өлгеннен кейин үш бала байдан қалған дүньяны анаған жумсап, мынаған жумсап жоқ етеди. Көп узамай балалар аш-әптада болып, талап ислеўдиң жолына шығады. Талапқа кетип баратырғанда әкесинин баяғы айтқан сөзлери есине түсип, әкесиниң достынын үйине барады. Бирак, бул адам оғада сықмар екен. Балаларға хәтте нан да қоймапты. Сөйтип, балалар пәнт жеп, үйине тағы қайтып кетипти. Екинши күни үш бала байдың үйине тағы барыпты. Олар сол күни де дуз тата алмапты. Оның ертеңине үшинши рет барғанында сықмар бай балаларға үш зерен айран берипти. Айранды ишип болып, ағайинли үшеўи талап ислеўге шығыпты. Жөн алды қарабарақ, басының аўған жағына кете береди.

Арадан неше күн өткенин ким билсин, бир күни бир патшаның шәхәринин үстинен шығып, олар қонаға жер излейди. Бирак, буларды хеш үй қондырмапты. Балалар буған оғада қапа болып, қаланың сыртынан өзлерине болғандай бир қос соғып, оған казан-табақларды жыйнапты. Сөйтип, үшеўи ойласыпты. Ханның қырық жигитке бақтырып койған тулпар атын урлап алып, оның өзине қуўырып бериўди уйғарыпты ҳәм буған үшеўи де келисипти. Тулпарды урлаўға ең кишиси баратуғын болыпты.

Киши бала сол күни түнде қырық жигиттиң уйқылап атырғанының үстинен шығып, тулпарды алып келеди. Үлкени ҳәм кишиси атты сойып, ортаншысы ханды шақырып келиўге кетипти. Ханға бала ишарат еткен менен, патша «бармайман» деп жуўап берипти. Буны ханнын хаялы еситеди. Оның ҳаялы оғада ақыллы ҳәм сыншы екен. Ол патшаға:

— «Шақырған жерге бар, шақырмаған жерде нең бар» дегендей, тақсыр ханымыз, шақырған жерге барыўыңыз керек, — депти мүләйимлилик пенен.

Хан қайыл болып, бир ўәзири менен үш жигитин қасына ертип, балалардың қосына барыпты ҳәм хан қуўырдаққа мықлап тойып отырып, жигитлерден ат сорасыпты. Сонда үлкенине:

— Балам, атың ким болады? — депти хан.

— Мениң атым «Елди көрип қуўандық» деп жуўап береди үлкен бала.

Ал, екиншисине ат сорасыў ўақты келгенде ол:

— Тақсыр, мениң атым «Елди көрип түңилдик», — депти.

Кишиси:

— Патшайым, мениң атым «Ханның атын қуўырдық» дейди.

Хан буған түсинбестен, үшеўине ҳақ көкиреги менен ақ пәтиясын берип сарайына қайтыпты.

Балалар ханды жақсылап ғана пәнтлегеннен кейин, түни менен ол елден қашып кетипти. Олар кете берсин.

Азанда ханның алдына қырық жигити тулпардың урланғанын айтып, бир қасық қанынан кешиўди сoранып келеди. Хан не ислерин билмей, шыр-пыры шығып, қырық жигитке атты излетейин деп атырған ўақытта ханның ҳаялы келип:

— Патшайым, сиз кешеги барған жериңизде сол жигитлер менен ат сорасып едиңиз, олардың атлары ким екен? — дейди.

— Аўа, сорасып едим, үлкениниң аты «Елди көрип қуўандық», ортаншысының аты «Елди көрип түңилдик», ал, кишкенесиниң аты «Ханның атын қуўырдық», — дейди хан.

— Олай болса, — дейди ханшайым, — үлкенинин аты «Елди көрип қуўандық» болса, узақ жол жүрип, ел көрмеген жигитлер ел көрип қуўанған. Ал, «Елди көрип түңилдик» дегени сизиң пуқараларыңыз қондырмаған соң түңилгени. Үшиншиси, «Ханның атын қуўырдық» десе, өз атыңды өзиңе қуўырып бергени ғой, оның несине өкинесең, атты излегенше, кешеги гөш жеген жериңе барып көр.

Хан бул сөзди еситиўден үш пашшапты балалардың қасына жиберип хабар алдырады. Олар тулпардың териси менен жары гөшин таўып алып ханға апарады. Сол ўақта хан өзиниң зулым болып баратырғанын сезип, елин басқарыўда ҳаялы менен ойласып басқаратуғын болады.

Түни менен қашып кеткен үш жигит сол кеткеннен бәдар кетип, бирнеше күн жол жүреди. Кетип баратырып бир түйениң изин көреди ҳәм сол түйениң шөгип түргелип кеткен жерине дусласады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бул түйенин бир көзи соқыр екен, — дейди үлкени
— Бул түйенин алдыңғы тиси кетик екен, — дейди ортаншысы.
— Түйениң үстине мингени ҳаял екен, ол да екиқабат, — дейди ең кишкенеси.
Бул сөзди түйе жойтып жүрген киси еситип турған екен. Ол келе сала үш жигитке:
— Сизлер мениң түйемди урлағансыз, — деп оларды ханға апарады.
Жигитлер ханға түйени көрмегенин, әтирапқа қарап сезгенлигин айтады. Ол елдиң ханы бул жигитлерди сынап көрмекши болып, бир үйдиң ишине төсектиң астына қара тас, тағы бир жерине гәўҳар тас қояды. Сөйтеди де, үш баланы шақырып алып:
— Мына үйде не бар? — деп сорайды.
— Үйдиң ишиндеги төсектиң астында қара тас бар, — дейди үлкени.
— Сол төсектиң арқа мүйешинде гәўҳар тас бар, — дейди кишиси.
Хан буған ҳайран болып:
— Буны қалай билдиңиз? — деп сорайды.
Сонда үшеўи де:
— Бурын кийиз қара еди, ал, ҳәзир түсин өзгертип жылтырап тур, — дейди.
Сол жерде хан түйениң ийесин қуўып жибереди.
Хан буларды тағы бир рет сынап көриў ушын үйине қонаққа шақырады. Буларды бир үйде қалдырып, өзлери екинши үйде болады ҳәм үшеўиниң хызметине бир жигит береди. Хан хызметкерге:
— Булардың аўзынан не шықса, соны қалдырмай жеткерип тур, — деп тапсырады.
Қонақты күтеди, алдына дәстурхан қояды, кейининен шай менен қант келеди. Сонда турып үлкени:
— Бул хан таза хан екен. Буның әкеси бурын нанбай болған екен, — дейди.
Ортаншысы:
— Бул ханлықтың қант ислейтуғын жери дар түбине жақын екен, — дейди.
Ал үшиншиси:
— Ханның ҳаялы туўмай, нанбайдың ҳаялы туўып, соннан өзиниң аўырлығындай алтын берип алған екен, — дейди.
Мине, бул айтылған сөзлер ханға тез жеткериледи. Буннан кейин хан үш жигитти де алдына шақырып алып:
— Мениң әкем жети атасынан берли хан, ал сен мени нанбайдың баласы депсең, ондай өтирикти қайдан таптың? — деп сорапты.
— Сениң әкеңниң нанбай екенин, — дейди үлкени, — дәстурхан жайғаннан билдим ҳәм нанның мазасынан сездим.
Хан буған жуўап қайтармастан екиншисине:
— Қант ислейтуғын жердиң дар түбине жақын екенин қайдан билдиң? — дейди.
Сонда ол:
— Алдымызға қойылған қантта адамның қанының ийиси шығып тур екен, соннан билдим, — дейди.
Үшинши балаға гезек келеди. Хан оннан:
— Мениң ҳәзирги анам мени туўмай, нанбайдың ҳаялы туўып, өзиниң аўырлығындай алтын берип алғаны туўралы өтирикти қайдан таптың? — деп сорайды.
Киши бала турып:
— Сизди ҳәзирги анаң туўмағанын, ата-тегиңизде ханлықтың болмағанын анаңнан сорап көриң, — деп жуўап берипти.
Бул сөзге хан қәҳәрленип, турған жеринде анасын шақырып алыпты.
— Ал, анажан, маған тек дурысын айтың, мени сиз туўдыңыз ба ямаса нанбайдың ҳаялы туўды ма? — деп сорапты.
Сонда анасы муңлы түрде:
— Сениң ата-тегиң хан емес, балам, ал нанбайдың тұқымынансаң. Мен жанымнан қорқып, тәрезиниң бир жағына алтын, екинши жағына сени салып, туўған қызымды нанбайшының ҳаялына берип, сени алып едим. Енди не қылсаң өзиң бил, — деп жуўап береди.
Хан қант ислеўшилерди шақырып алып:
— Қантта адамның қанының ийиси бар, себеби неде? — деп сорайды.
Олар сонда:
— Тақсыр, өзиңиз әпиў етиңиз, қант исленетуғын жер адам асатуғын дар түбинде, — деп жуўап береди.
Буннан кейин хан сыншыларды күтеди ҳәм қайтадан сынай баслайды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ханның бир тулпары бар екен, соны үлкенине сынатады. Сонда ол турып:

— Тулпардың кемиси жоқ екен-дә, бирақ сыйырдың сүтин емипти, себеби, суў ишип шыққанда аўзынан билинди, — депти.

Ортаншысына хан жеп отырған аўқатты сынатыпты.

— Аўқаттың кемиси жоқ екен, бирақ, аўқат ушын сойылған қой ийтти емген екен, — дейди.

Кишкене балаға хан өзиниң ханлығын сынатыпты:

— Ханлығында ҳеш кемис жоқ екен, — дейди киши бала, — бирақ, жетпис жылда елинди бир айдарҳа жутады екен, онын ўақты толыпты.

Әне, хан бул әңгимелерди еситип болып, жылқыманды шақырып алып сорапты. Сонда турып жылқыман:

— Бул тулпардын анасы ерте туўды, туўылыўынан өлип қалды. Оннан кейин тайыншаққа сыйырдың сүтин берип асырап едим, — деп жуўап береди.

Хан қойшыны шақырып алып сорайды. Бул да қозынын анасы өлип, ийттиң сүти менен баққанлығын айтады. Хан енди үшинши баланың айтқанына ҳайран болып, сол айдарҳаны қалай өлтириўге болатуғынлығын айтып, ойласады. Бала турып ханға:

— Ханлығында бир қылыш бар, сол қылыш бас дәўлетин. Маған сол қылышты берсең, әйдарҳаны өлтирип, елинди азат етемен, — дейди.

Буған хан ары-бери ойланып, ақырында бас дәўлет қылышты кишкене балаға береди. Ол бала әйдарҳаны усы қылыш пенен өлтирип, сол елге өзи патша болып, мурады-мақсетине жетеди.

## ҮШ СЫНШЫ

(Р-460. № 176403)

Бурынғы өткен заманда бир байдын үш баласы болған екен. Бир күни әкеси қайтыс болып, үшеўи қалған мал-дүньяларды бөлисип алады.

— Усы дүньямыз бизге азық болады, — деп, олар улыўма талап ислемей жата береди.

Арадан бирнеше ай өткеннен кейин үшеўи де пул таба алмай аш қалады.

— Бул жатысты қояйық, — деп, үшеўи де елге шығып өтип баратырса, бир түйе менен ийттин изин көреди. Жолдың шеп жағындағы жантақтын жарты жағы қала берипти. Арманырақ жүрип баратырса, бир ҳаялдың отырған жерин көреди. Қол таянып түргелип кетипти. Сол жерде түйенин ақ жүни түсип қалыпты. Оннан арман жүрип баратырса, алдынан бир адам шығады.

— Сизлер бул жолда түйе көрдиңиз бе? — дейди бийтаныс адам.

— Көргенимиз жоқ, бирақ, ақ түйени минип бир адам кетипти. Үстине минген ҳаял екен, ҳаял жүкли екен, кейнинде ийти бар екен. Түйениң бир көзи соқыр, тиси кетик, — дейди ағалы- инилилер.

— Онда мениң түйемди урлап алған сизлер екенсиз. Түйемди таўып берин, — деп жаңағы бийтаныс адам тиртеклесиў менен олар менен бирге ханға барыпты. Ханға барып арыз етипти.

— Арзыңды айт, — дейди хан.

— Мен түйемди жойтып едим, сөйтип урыларды таўып келип отырман. Мына үшеўи алған түйемди. Мениң түйемнин түр-түсин, көринисин толық биледи екен.

Сонда хан:

— Мына адамның түйесин таўып берин, — дейди.

— Жоқ, билмеймиз, — дейди ағалы-инилилер.

— Ондай болса, сизлерди сынап көремиз, — дейди хан.

Ўәзирине бир алманы табаққа салып келиўин сорайды.

— Мына ишиндеги не? — деп хан сорайды.

Биринshiси:

— Бул домалақ нәрсе, — деп айтады.

Екиншиси:

— Бул қызыл реңли екен, — дейди.

Үшиншиси:

— Бул алма екен, — дейди.

Патша буған таң қалады. Жала жапқан адамға елиў дүрре жаза береди. Сөйтип, ағалы-инилилер өлимнен қутылады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТҮС ЖОРЫТЫЎ
(Р-91, № 34658)

Бир киси корқып ояныпты. Ол түсинде көрген нәрселерин жорытыў ушын сол аўылдағы бир түс жорығыш адамға барыпты да түсин айта баслапты:

— Түсимде бир бийик таў көрдим, сол таўға қарай жуўыра бердим, жуўыра бердим, жете алмадым. Шаршап отырып он жағыма қарасам, таў жоқ болып кеткен. Соннан қайтып киятыр едим, бир алтыннан исленген ләген жолдың бойында жатыр екен. Алып жүриўге «биреў көрип қояр» деп қорықтым да, «Көмип кетейин, кеште аларман» деп ойлап, ләгенди көме баслалым. Қанша көмсем де, оны жасыра алмадым. Оннан кейин оны сол жерге таслап жүрип кеттим.

Сол кетистен бир сыбыр жолға тап болдым, сол жол менен зорға, көп қыйыншылық пенен жүрип отырдым. Жолдың еки жағы шеңгел, онын үстине оғыры тар еди. Ярым жолға келгенде үлкен адамның дәрисине тап болдым. Оннан атлап өтпей, еплеп көмип, тағы сол сыбыр жол менен жаңа шыға бергенде, бир жараған түйе тап болып, изимнен қуўып қалды. Мен де қашып отырдым. Жаңа жетти дегенде бир қудыққа тап болдым, соған өзимди урып жибердим. Қудыққа түсип баратырып бир тамырға қолым тийип услап, жығылмай қалдым. Төменге, қудықтың түбине қарасам, бир айдарҳа аўзын ашып турыпты, түссем, жутады. Жоқарыға қарсам, услап турған тамырымды бир ақ тышқан менен қара тышқан кемирип тур. Тамыр да үзилейин-үзилейин деп тур. Соларды ойлап шып-шып терге түсип турғанымда оянып кеттим. Усыны жорың, — депти.

Түс жорығыш сөз баслапты:

— Бийик таў — ол адамның ашыўы, оған ҳешкимниң ақылы жетпейди. Оның шегине жетиў мүмкин емес. Шаршап отырып оң жағыңа қарағанда көринген миййе ағашы — ол ақыл. Ақыл келсе, ашыў турмайды. Таўдың жоқ болып кеткен себеби сол.

Жолда көрген алтын ләгениң — кисиге ислеген жақсылығың. Жақсылықты ҳеш ўақытта жасырып болмайды, ол умытылмайды.

Оннан кейин ушырасқан сыбыр жол — ол жигитлик өмириң, тартыссыз қыйыншылықсыз болмайды. Сол тар жолда ушырасқан адамның дәриси — кисиге ислеген жаманлығың. Оны да жасырыў қыйын, бирақ айырым ислеген жақсылығың менен оны жасырып кетиўге болады.

Сыбыр жолдан шыққаннан изине түскен түйе — әжелиң, ол мудамы сени аңлып жүреди. Жараған түйеден қашып баратырып түскен қудық — өмириң, тамыр — өмириңниң урқаны, оны кемирип турған еки тышқан — күн менен түн, олар таўсылса, тамыр да үзиледи, өлесең.

Қудық түбиндеги аўзын ашып турған айдарҳа — гөр, ол қашып барсаң, жута береди. Өмириң узақ болсын, шырағым, инсаплы бол! Түсинниң мазмуны усы, — депти түс жорыўшы.

## АРЫЗДЫ ӘДИЛ ШЕШКЕН АПАШЫ ҚЫЗ
(Р-565, № 176508)

Бурынғы өткен заманда бир бай болған екен. Байдың үш баласы болыпты. Күнлерден бир күни бай үлкен баласын шақырып алып:

— Мен болсам картайдым. Ҳәзир бир аяғым жерде, бир аяғым гөрде. Өзиң мениң идиралды перзентимсең. Енди олай-былай болып кетпей турып, саған айтар сырым бар. Анаў гөне тамның түбине бир қап алтын көмип қойыппан, соны инилериңе билдирмей алғайсаң, — дейди.

Ортаншы баласын шақырып алып:

— Балам, үш улымның ишинде өзиңди айрықша жақсы көремен. Мен енди асарымды асап, жасарымды жасап болдым. Ертең бир күни Алланың аманатын тапсырарым анық. Енди ана ағаң менен инińнен қыпсалап, саған бир сыр айтажақпан. Мен мына гөне тамның түбине бир қап алтын көмип қойыппан, соны ағаң менен иниңе билдирмей алып, өзиң жумсарсаң, — дейди.

Кишкене баласын шақырып алып:

— Балам, сен ең жақсы көретуғын перзентимсең, генжетайым един. Мен қашанғы жасайман. Алла жанын алса, ҳәзир таярман. Сол ушын саған усы бастан айтып қояйын, әнеўбир гөне тамның түбине бир қап алтын көмип қойған едим. Соны еки ағаңа да билдирмей өзиң алып, қәрежет етерсең, — дейди.

Арадан бирнешше күнлер өткеннен кейин атасы дүньядан өтеди. Үш бала атасының ас-абатын берип, оны ақ жуўып, арыўлап шығарады. Арадан бир ҳәпте өтер-өтпестен алтынды излеў басланады. Бирақ, қазылған жерден алтын шықпайды. Бир-биринен сорастырса, ҳешқайсысы алмаған болып шығады.

Үш ағайинли ойласа отырып, қазыға барып арыз бериўге келиседи. Қазыға барады. Оған өзлериниң



www.ziyouz.com kutubxonasi

арызын баянлай баслайды:

— Бизиң атамыз дәўлетли, дүньялы адам еди. Өзи өлмесинен бурын ең үлкен баласы мени шақырып алып, «Балам сен идиралды перзентим един, өзиңе ғана айтайын, анаў тамның түбине бир қап алтын көмип қойыппан, соны еки инине билдирмей алғайсаң» деп еди.

Ортаншы баласы мен едим. Маған да сол сырды айтып, «алтынды ағаң менен иниңе билдирмей өзиң ал» деп еди, — дейди.

Кишкене баласы да атасының ўәсиятын тәкирарлайды.

Сонда ағалы-инилилердин үлкени:

— Қазыке, атамыз өлгеннен кейин усы алтынды излестирсек, хешбиримиз таба алмадық. Оны үшеўимиздиң биреўимиз алғанымыз анық. Соны таўып, ҳақыйқат ким алған болса, биреўимиздиң мойнымызға қойып бериң, — деп сөзин тамамлайды.

Қазы көп ойланып отырып:

— Балаларым, бул ис аўыр мәселе екен, мен биреўиңизге «сен алдың» десем, оныңыз алмаған болып шықсаңыз, онда мениң қазы болғаным қайда қалады. Соның ушын Хийўа ханына барыңыз, буны бир шешсе, хан шешеди, — дейди.

Үш жигит Хийўа ханына барады. Ханға да сол арызды айтады. Хийўа ханы бул иске үш күн мәўлет алады. Бирақ үш күн ойланып, хеш дәдимал айта алмай, буларды Бухара ҳүкимдарына силтейди.

Бирнешше күн жол жүрип Бухар ҳүкимдарына барады. Олар Бухар ҳүкимдарына да баяғы арызын айтады. Бухар ҳүкимдары жигитлердиң берген бул арзын тыңлап болып, буны шешиўдиң жүдә мүшкил екенин биледи. Сол ушын булардан бир ай мәўлет сорайды.

Үш жигит буған да қайыл болады ҳәм бир айға патшалықтан қәрежет алып, ишип-жемнен уўайымсыз ҳалда жуўап күтип жата береди.

Бухар ҳүкимдары жигитлер берген саўалға жуўап айтыў ушын түн ойланады, күн ойланады, күнде ойланады, бирақ буны шешиўдиң хеш жолын таба алмайды. Күннен күнге өзи де сарғайып, аза баслайды.

Оның Перихан дейтуғын он төрт жасар бир ақыллы қызы бар екен. Перий қыз атасының күннен күнге азып-тозып баратқанын байқайды.

Атасына:

— Ата, сен күннен күнге сарғайып, азып-тозып баратырсаң. Не болды саған, я болмаса кеселмисен? — дейди.

— Қызым, мен кесел емеспен. Бир ҳәпте ўақыт болды, бир үш жигит келип еди. Олар маған мынандай саўал берди, — деп патша үш жигиттиң арызын айтады. — Мен сол саўалды қалай шешиўдиң жолын таба алмай, күн-түн ойланып сарғайып баратырғанының мәниси сол, — дейди. — Егер буны шеше алмасам, мениң патшалық тахтында отырғаным бийкар, — дейди.

Перий қыз атасына қарап:

— Әй, ата, әйтеўир нәрсеге де азып-тозып басыңды қатырып жүргениң бе? Сол жигитлер келетуғын күни маған тажы-тахтыңды бер, өзим-ақ шешемен де беремен, — дейди.

Әне, қыз мәўлетли бир ай питкеннен кейин атасының тажын кийип, тахтқа минеди. Сол күни «Ассалаўма әлейкүм» деп үш жигит те жетип келеди.

— Тақсыр не билдиңиз? — дейди.

Қыз жигитлерге қарап:

— «Жумбақ шешилмей қалмас» деген, оның да бир илажы болар. Отырып дем алың, бир айдан берли әбден зериккен де шығарсыз. Бир заман гүррин болсын, отырып гәп барлаң, — дейди.

Жигитлер қызға қарап:

— Тақсыр, сизден болсын, — дейди.

«Әжеп болар» деп, тахтқа отырған Перихан сөз баслайды:

— Ал жигилер қарап отырғанша бир азырақ гүрриң болсын:

Бурынғы өткен заманда бир бай болыпты. Байдың жалғыз қызы бар екен. Бай қызын бес жасынан берли Байжан деген моллаға оқытады екен.

Қыз он төрт жасына келеди, қыз болып бой жетип, оның сондайын сулыў келбетин көргенлер бир қараўдан-ақ ашығыў бийкарар болып қалады. Байдың өзи қызына хешкимди рәўа көрмей, оны бир патшаның баласына бермекши болып, патша менен нан сындырысады. Патша да байға қалыңмалды аямай берип, қудалықтың салтанатын асырады.

Арадан жыл өтти. Қызға оны оқытқан Байжан молла да өлгенше ашық еди. Қыздың жеңгелерине қос-қостан шайыкөйлек кийдирип, «бийкешиңизди маған алып бериң» деп қыздың кейнине ол да түседи. Қулласы, Байжан молланың тапқаны усы қыздың жолында сарп етиледи.

Елдиң шетинде бир өзи бир тоғайды жайлаған, байлағанда баў кескен Ештай қанхор деген бар екен, «я өлемен, я қаламан, қалай да усы қызды мен аламан» деп сыртынан ол да бир пай болып жүрген екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыз он жети жасына келди, таўланып қыз салтанатын қурды. Бай ўәдели ис бойынша қызын патшаның баласына узатпақшы болды. Сонда Байжан молла қыздың жеңгелерине барып: — Япырмай-ә, жеген аўыз уялар деген еди, ең болмаса маған бир аўыз жақсы сөзин де айтпай кеткени ме? — дейди.

Әне, бийбиштиң жеп үйренген жеңгелери қызға барып, «Байжан молла менен қаш» деп үгитлейди. Сонда қыз жеңгелерине:

— Байжан моллаға айтып барың. Мен патшаның баласы менен кете берейин. Бирақ, ол изимнен барсын. Мен патшаның баласының руқсаты менен Байжан моллаға қосыламан, — дейди.

Буны еситип Байжан молла қуўанып жата береди.

Арадан бирнеше күнлер өткеннен кейин патшаның баласы келип, барлық сән-салтанаты менен қызды узатып алып кетеди. Ол қалыңлығын өз ордасына апарып, қырық күн ойын, қырық күн тойын береди. Тойы тарқайды, ақ отаўда қыз бенен патшазада екеўине арналып, айтөсек салынады. Қыз патшаның баласына:

— Мен бир адамға ўәде берип едим, сол ўәдеме тутылмайын, — дейди.

Патшазада:

— Ол қандай ўәде? — деп сорайды.

— Ўәде сол, мени жети жасымнан баслап Байжан молла деген оқытып еди. Сол ўақыттан баслап ол маған ашық еди. Мен оның менен ўәделесип едим, сол ушын руқсат етсеңиз, мен Байжан моллаға кетемен, — дейди.

Патшаның баласы қатты ойланып турып:

— Бул қалай ис, кейни не болмақшы екен? — дейди де, — Мейли, не де болса руқсат, жолыңнан қалма, сертиңе тутылма, — деп жибереди.

Қыз руқсат алып Байжан моллаға келеди. Молла қызды көрип:

— Хаў, он еки жылғы ашығым, келдиң бе? Сени патшаның баласы қалай жибере қойды? — дейди.

— Мен сениң ашықлығыңды ҳәм саған берген ўәдемди хәмде сол ўәдемди орынлаўды сорадым. Соннан кейин маған руқсат етти, мине сол ўәдеге бола келип турғаным, — дейди қыз.

Байжан молла:

— Астапуралла, сонша берген малы анаў. Үйине апарып қанша күн той берди, және сонша шығынға қарамай, сени қолынан қалай шығарды. Инсап патшаның баласында екен. Сен мениң сүйикли шәкиртим болып қала бер, сүйгениңе аман қосыл, — деп Байжан молла да қызға жуўабын береди.

Қыз қуўанышы қойнына сыймай жуўырып баратырса, баяғы кейнинде жүрген баскесер Ештай қанхор қызды тутады да алады. «Бундай қолыма түспессең» деп қызды арқалап ала қашады. Бир таса жерге апарып:

— Хаў, қарындас, сен патшаның баласынан қалай азат болдың? — дейди.

Қыз қанхорға патшаның баласы түўе, сонша жыл изинде зары-гирияң болған Байжан молладан да қутылып, оның сүйикли шәкирти болып қалғанын айтады.

Сонда Ештай қанхор:

— Астапуралла, Байжан молланың қолына түсермисең, ол да сени жиберер ме? Ол саған барлық тәлимин, билимин, өзиниң өмирин, меҳирин берип, сени өзгеге қыймай, өзи ғана ғайбана ийелеп келген еди ғой. Оның қалай жибергенине таңым бар. Сениң жолыңда қанша кәрежет те сарплап еди-аў, байғус! Имм, инсап Байжан моллада екен, онда мен сени қыяметлик қарындас еттим. Бар, өз сүйгениңе қосыл, — деп ол да қызға руқсат етеди.

Қыз бул екеўинен де аман-есен қутылып, ақ некеси қыйылған патшаның баласына саў-саламат барып қуўысады.

Сонда патшаның баласы қызды қанхордың қалай жибергенине хайранлар қалып:

— Өзи болса баскесер қанхор екен. Сен оның қолына түсермисең, ол да сени жиберер ме?! Не де болса ол шын мәрт болып шықты. Инсап қанхорда екен, — дейди.

Қыз өзиниң шын қәлеўлиси патшаның баласы екенин айтып, ишки ойын ашық билдирипти. Олар бир-бирин жүректен түсинисип, бахытлы дәўран кеширипти.

Перихан сөзин тамамлап:

— Әне, жигитлер, усылардың қайсысы инсаплы? — дейди.

Сонда үш ағайинли жигиттиң үлкени:

— Патшаның баласы инсаплы болмаса, сонша мал берип, қырық күн той берип, өзи жаңа қосылғанда, қолынан жиберер ме? Патшаның баласы инсаплы дә, — дейди.

Ортаншысы турып айтады:

— Сеники дурыс емес, он еки жылдан берли ашығы қолына бир түскенде, көз қыйып жиберер ме?! Оның да бар тапқаны сол қыз ушын сарп етилди. Инсап Байжан моллада екен, — дейди.

Кишкене бала еки ағасына қарап:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Екеўиңиз де дурыс шеше алмадыңыз. Себеби, Ештай қанхор байлағанда баў кескен қарақшы. Оның қолына түсер ме? Ол да жиберер ме? Инсаплы — қанхор екен, — дейди.

Сол ўақытта Перихан турып:

— Бәрекелле! «Бай байды ақлар, молла молланы жақлар, хәрким өз кәсибин мақтар» деген, сол жойытқан бир қап алтыныңыз мына кишкене баладан қашық емес, — дейди.

Әне, сөйтип, ханның ақыллы қызы Перихан саўалды дурыс шешип, алтынды «шаққанлық» қылып киши баланың алғанын бултартпастай етип мойнына қойып береди ҳәм оны өзара тең бөлисиўди мәсләҳәт етеди. Жигитлер ыразы болып аўыл-елине жол алыпы, ал қыздың «апашы» деген аты қалыпты.

## ПАТША МЕНЕН ҒАРРЫ

(Р-455. № 176398)

Бурынғы өткен заманда бир елдиң қәҳәрли патшасы ўәзирлери, бийлери ҳәм атақлы адамлары менен құс салып аў аўлап ордасына қайтып киятыр екен. Алдында томар қопарып отын алып атырған бир ғаррыны көреди. Патша қасындағы ўәзирлери бийлери менен ғаррының қасына келип патша ғаррыға:

— Ҳа, ғарры, ентелеген екенсең, ертелей алмаған екенсең.

Ғарры басын көтерип патшаға қарап:

— Тақсыр патшам, ертелеп едим, ертелесем не қылайын, турдым да жығылдым, турдым да жығылдым, — деди.

— Ҳа, ғарры, екеў менен биреўмисең, үшеў менен биреўмисең? — деди тағы патша.

— Тақсыр патшам, үшеў менен зордан биреўмен. Екеў менен биреў бола алмайман, — деди ғарры.

— Ҳа, ғаррым, алыс пенен жырақпысаң, жақын менен жырақпысаң?

— Тақсыр патшам, алысқа да, жақынға да жырақпан, — деди ғарры.

Сол кәрада патша атын бурып тағы қайрылды да

— Егер, егер, — деди.

— Тақсыр патшам, мәгер, мәгар, — деди ғарры.

Патша жақын адамлары менен жолына түсип жүре берди. Ал ғарры әстен тағы томарын қопара берди.

Патша ордасына келди, тағына минип ўәзирлерин, бийлерин, жақын кеңесшилерин жыйнатты, қазылары тайын болды. Патша жыйналған көпке қарап:

— Уллы ўәзирлерим, бийлерим, әдил қазыларым. Мен жолда ушыраған, томар қопарып атырған ғарры менен не сөйлестим. Мен оған не дедим, ол маған не деп жуўап берди? Соның жуўабын таўып маған айтыңыз. Жуўабын табасызлар. Егер таппасаңлар, кимиңиз дарға асыласыз, кимиңиз минардан тасланасыз, — деди.

Ўәзирлер, бийлер, әдил қазылар сасқалақлады. Не айтарын, не қыларын билмеди. Көп ойлады, көп толғанды, ақырында бәри кеңесип патшадан мәўлет сорамақшы болды. Бас ўәзир патшаға келип:

— Жақсы тақсыр, үш күн мәўлет бериңиз, сол үш күнде жуўабын табайық. Ал таба алмасақ, онда ықтияр сизде, — деди.

Патша үш күнге мәўлет берди. Мәўлет алғаннан кейин уллы ўәзирлер, бийлер, әдил қазылар ҳәм қырық нөкер жыйналып кеңес ашты. Патша менен ғаррының сөзин ҳешким шеше алмады, биреўи де жуўабын таба алмады. Жыйналған көп илажсыз ғаррыны излеп кетти. Тобы менен бәри ғаррыға келип:

— Ал, ғарры ата, патша менен не гәплестиниз, соның шешиў жуўабын бизге айтып бересиз, — деди.

Жыйналған топ ғаррыға он тилла берип, жипек шапан жапты. Бирақ ғарры буған наразы болды. Ғарры көпке:

— Шырақларым, бул бергениниз аз. Жеткиликсиз. Патша менен ўәдемиз бар. Егер буны алып, гәпимиздиң жуўабын айтсам, ўәдени бузған боламан, оны қәйтемен? — деди.

Келгенлер ғаррының қәлегенин беретуғын болды, соннан кейин ғарры сөзге киристи:

—Ҳа, жас уллылар, ўәзирлер, қазылар. Патшаның маған «ентелеген екенсең, ертелей алмаған екенсең» дегени — «ерте үйлене алмаған екенсең» дегени еди. Ал мениң «ертелеп едим, ертелесем не қылайын, турдым жығылдым, турдым жығылдым дегеним — «ерте-ақ үйленип едим, ал жаңа үйленгенимде қатыным өле берди» дегеним еди. Ал патшаның маған «екеў менен биреўмисең, үшеў менен биреўмисең» дегени маған «ғаррылығың қандай?» дегени еди. Мениң «үшеў менен зордан биреўмен» дегеним — «қол таянбай тура алмайман» дегеним еди. Патшаның «алыс пенен жырақпысаң, жақын менен жырақпысаң» дегени маған «көзиңниң нуры қандай?» дегени еди. Мениң «алысқа да, жақынға да жырақпан» дегеним — «көзим көрмейди» дегеним еди. Патшаның «егер, егер» дегени — «бул сөзимди аңсатлық пенен ҳеш кимге айтпа, айтсаң қунын алып айт» дегени еди. Ал мениң «мәгар, мәгар»

www.ziyouz.com kutubxonasi

дегеним — «бул гәплердиң шешим жуўабын қунымды берсе ғана айтарман» дегеним еди, — дейди.
Солай етип уллы ўәзирлер, байлар, әдил қазылар ғаррыға қунын берип айтылған гәплердиң шешимин таўып патшаға келипти. Патшаға айтып берипти. Патша ўәзирлери, бийлери қазылары ҳәм көп нөкерлериниң жуўабына қанаатланып, кеўли хош болып өмир сүре берипти.

## АҚЫЛЫ ДАНА ҚЫЗ ПАТША
(Р-63, № 34661)

Бурынғы ерте заманда бир журттың патшасы қыз екен. Сол заманда тағы бир журттың патшасы жас жигит екен. Екеўи бир күнде, бир ўақытта аўға шығыпты. Солай етип, бир таўда екеўи бир-бирине жолығып, түсте түслениўге атларынан түсип, бирге отырып аўқатланып отырды. Жигит патша мына патшанын қыз екенин билип:

— Мен бойдақпан, егер сен де турмыс қурмаған болсаң, руқсат етсең, мен саған бас қоссам деп едим, — деп қойды.

Сонда қыз патша:

— Бул айтқаның дурыс. Бирақ, мениң бир шәртим бар, сол шәртимди тапсаң ғана турмыс қурамыз, — дейди.

— Мейли, шәртиңди айт, — деди жигит патша.

— Бир қозым бар, гөши көп пе ямаса майы көп пе? — деп қыз патша сораў берди.

Жигит патша көп ойланды, табалмайтуғынын билип, жумбақ шешетуғын адам табыўға руқсат алып кетти. Патша қыз жети күн руқсат еткенлигин айтты. Әне, жигит патша гүллән халықты жыйнап:

— Қозым бар, майы көп пе ямаса гөши көп пе? — деген сораўды берди.

Жыйналғанлар қайсысын айтарын билмей дағдарыс болды. Биреў «гөш көп» десе, бири «майы көп» деп тартысты. Бирақ, «бул қалайынша?» деген сораўға жуўап бере алмайды. Қулласы, буны хешким билмеди. Патша халықты үйлерине тарқатып жиберди. Патша «жәллат» деп шақырды, жәллатлар келди. Ҳүкимдар турып:

— Мен хәммеден сорап болдым. Енди шөптиң, қустың, адамның жаманын алып келиң, соннан сорайман, — деди.

Жәллатлар шөптиң, қустың, адамның жаманын излеп кетти. Шөптиң жаманы деп ажырықты, қустың жаманы деп байыўлыны, адамның жаманы деп бир байдың қулы бар еди, соны алды. Киятырған ўақта қара қул жәллатларға:

— Бизлерди қайда апаратырсыз? — деди.

— Патшаға, — деп жәллатлар жуўап берди.

— Бизлерди не қылады? — деди қара қул.

— Бизлерге патша «шөптиң, қустың, адамның жаманын алып келиң, оннан сораў сорайман» деди. Соның ушын, сизлерди алып барамыз, — деди бир жәллат.

— Онда сизлер тоқтап турың. Мен бир нәрсе айтайын.

Жәллатлар тоқтап турды.

— Сизлер қәте қылыпсыз. Шөптиң жаманы ажырық емес, қумдағы епелек деген шөп болады. Жанғанда жалыны болмайды, өшкенде шоғы болмайды. Адамның жаманы мен емес, ал, адамның жаманы күшкүйеў, мен сизлерге бармайман, себеби, мениң хожайыным бар, мениң баҳам мың тиллә, әне, соны патша төлесе, оннан кейин бараман, — деди қара қул.

Ҳүкимдардың хызметкерлери патшаға усы болған аўҳалларды айтып келди. Патша ойланып отырып мың тиллә санап берди. Сол ақшаны қулдың ийесине берип, сатып алып келди. Патша қулдан кәдимги сораўын сорады. Қара қул патшаға:

— Тақсыр, бул сораўды сораған адамға өзим айтаман, — деди.

Солай етип, қара қулды алып патша, патша қызға кетти. Патша қыз бир үйде отыр екен. Жигит патша қыз патшаға:

— Өзим таба алмадым, бирақ, табатуғын адам алып келдим, — деди.

— Онда маған қарай жибер, — деди қыз патша.

Әне қара қул қыз патшаға барды. Қыз патша қулға қарап:

— Қозым бар, майы көп пе, гөши көп пе? — деп сораў берди.

— Тақсыр, қозыңның майы көп, — деди ол.

— Май көп болса, себебин айт.

— Тақсыр, қозы дегеним өзиңиз, майы көп дегеним, сизиң халыққа қылған қайырыңыз деп болжайман.

Сол ўақта Қызпатша жалпақ табаққа бир ғарбыз салып, алдына пышақ шаншып қойды. Солай етип,

www.ziyouz.com kutubxonasi

патша қыз далаға шығып кетти. Қыз кеткеннен кейин жигит патша келип:

— Ол не деп сорады? Сен не деп жуўап бердиң? — деп қара қулдан сорады.

— Меннен қыз патша хешнәрсе сораған жоқ, мен де хешнәрсе айтқаным жоқ, — деди қара қул.

Жигит патша қара қулға ашыўы келип, «жәллат» деп шақырды. Жәллатлар жетип келди.

— Мына заңғарды дарға асып өлтириң, — деди жигит патша.

Енди өлдим дегенде баяғы қыз патша дар астына ғарбызды тең бөлип жарып таслады. Сол ўақта қара қул «дат» деди, оны патшаға алып барды. Патша «не айтасаң?» деди.

— Мен сизиң буйрығыңыз бойынша патша қызға бардым. Меннен «бир қозым бар, гөши көп пе, майы көп пе?» деп сорады. Мен «майы көп» деп жуўап бердим. «Май көп болыўының себебин айт» деди. Мен «қозы өзиңиз, майы көп дегеним, сизиң халыққа еткен қайырыңыз» дедим. Оннан кейин табаққа пышақ шаншып бир ғарбыз әкелип қойды. Мен отыра бердим. Оннан соң сиз келдиңиз, сорадыңыз, айтпадым. Сиз ашыўланып мени дарға буйырдыңыз. Мен өлер алдымда қыз патша ғарбызды қолы менен дар астында жарды. Егер жармағанда, мен өлер едим. Себеби, «усы ғарбыз жарылмағанша айтпа» дегени еди, ғарбыз жарылды, енди сизге айтыўым керек, — деди қара қул.

Патша қара қулдың жумбықты тапқанын билип, оны қуллықтан азат етти. Сол ўақта қыз патша:

— Шәртимди орынладыңыз. Сөз-сөз, ўәде-ўәде, — деди.

Әне, қыз патшаны жигит патша алып, еки елди қосып, тынышлық абаданшылықта жасап, дүньядан бийәрман өткен екен.

## ӘГАР — МӘГАР
(Р-63, № 34661)

Бурынғы өткен заманда бир патша болыпты. Ол мудамы астарлы сөйлейтуғын еди. Буған ўәзирлери «патша бир хәкис адам, сөзине адам түсине алмайды. Тағы да адам менен сөйлеспейди» деп налыйды.

Әне, сол патшаның ақыллы ўәзири бар еди. Күнлерден бир күн патша дүньядан өтеди. Патша жайғастырылып болғаннан кейин орнына он еки жасар баласы патша етип қойылады. Бул патша жас болып, патшалықты меңгере алмай, көп ўәзирдиң жаманлаўы менен ақыллы ўәзирди сарайдан шығарып жибереди. Қалған ўәзирлер патшаны баласынып, патшалықты терисине қарай көп пайдаланады. Патшаға бағынбай «атасы да сөзине адам түсинбейтуғын сондай бир хәкис еди» деп жаманлайды.

Бир күнлери баяғы ақыллы ўәзирдиң бала-шағасы бирнеше күн ишинде аўыр жуқпалы кеселликтен өлип кетеди. Ақыллы ўәзирдиң жалғыз өзи қалады. Ишерге аўқат таба алмай оғада тарығады. Ол узақ ойланып турады. «Патша жақсы адамның баласы еди. Соған барып, азырақ азық-аўқат сорайын» деп, хасасын қолына алып, басы қалтырап сарайға келеди.

— Ассалаўма әлейкум, — деди ўәзир.

— Ўәлейкум әссалам, қария! Ентилипсен, тентелепсен, ертелете алмадың ба? — деди патша.

— Ентелесем қайтып, тентелесем қайтып турдым, жығылдым, турдым, жығылдым, — деди ғарры бурынғы ўәзир.

Патша басын шайқап көп-көп ойланып:

— Аласа теректен қар жаўғалы күнде ме? Айында ма? Жылында ма? — деди.

— Күнде, хәптеде, айында да, жылында да жоқ, — деди ғарры.

Ҳүкимдар басын шайқап, ойланып отырып:

— Алыс пенен жуўықпысаң, жақын менен жырақпысаң? — деп сорады.

— Алыс пенен жырақпан, жақын менен жуўықпан, — деди ғарры.

Патша ойланып отырып, хожалық ислери бойынша орынбасарын шақырып:

— Мына ғаррыға бир ләген алтын бер, — деп буйрық берди.

Бир ләген алтынын алып ғаррыға берди. Сонда патша бурынғы ғарры ўәзирге:

— Әгар, әгар, — деди.

Қария:

— Тақсыр, бирақ мәгар, — деди.

Қария кетти. Ол кеткеннен кейин патша:

— Ақыллы ўәзир ғарры не деди? Мен не дедим? Үш күн мәўлет беремен. Жуўабын тапсаңыз жақсы, таппасаңыз, сизлерди дарға асаман, — деди ғәзеп пенен.

Ўәзирлер үш күн мәўлет алып, хәр адамнан «әгар, мәгар» деп сорай берди. Буны ким биледи? Ҳешким билмейди екен. Соның менен еки күн өтти. «Енди не қыламыз?» деп ойласып «иймансыз ғарры, келемен деп бизлер өлимге сазыўар болдық ғой, еле де өзине барайық, есабын өзи табар» деп ғаррыға келди. Алпысы алпыс ләген алтынды ғаррыға берди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Не қылсаң да бизлерди өлимнен қутқар, — деп жалынды олар.

Алпыс ләген алтынды ғарры алып, үйине салып қойып:

— Мени патшаға алып барың, сол жерде айтаман, — деди бурынғы ўәзир.

Соның менен ғаррыны патшаға алып барды. Сәлем-әликтен кейин патша турып:

— Ғарры, — деди.

Бурынғы ўәзир:

— Еситемен, тақсыр, — деди.

— «Агар, агар» деп едим ғой!

— Тақсыр, бирақ, мен де «мәгар» деп едим ғой!

Патша ўәзирлерге қарап мысқыл менен күлип алып:

— Ақыллы ўәзир, өзиң түсиндире ғой, — деди.

— Әжеп болады, тақсыр, — деди бурынғы ўәзир. — Тал таяққа сүйенип келип турдым. Сол ўақта патша маған «ентелепсең, тентелепсең, ертелете алмадың ба?» деди. Бунын мәниси мынаў. «Усыншама жасап, үйленип бала-шағалы болмадың ба?» дегени еди. Сол ўақта айтқан едим. «Ентелесем кәйтейин, тентелесем қайта турдым, жығылдым, жығылдым» деп едим, ол мынаў. Мен ерте үйленип, бала-шағалы да болдым, өле берсе, не қылайын, деп едим. Оннан кейин патша мени аяп, қыз алып беремен деп, «күнде ме, хәптеде ме, айында ма, жылында ма?» деди. Мен «күнинде де, хәптеде де, айында да, жылда да жоқ» дедим. Патша айтты: «аласа терек қар жаўғалы алыс пенен, жақын менен жуўықпысаң?», мен айттым: «алыс пенен жыраклап, жақын менен жуўықпан» дедим. Ол сөздиң мәниси мынаў еди. Патша сорағанда «шашың ағарғалы көзиң жақынды көре ме я узақты көре ме?» деп сорады, «алысты көрмейди, жақынды көреди» дедим. Патша соннан соң мени аяп, бир ләген алтын берди. Өлгенше жеп жатар деп еди. Руқсат алып шығып баратырғанымда «ғарры, әгар, әгар» деди, мен «бирак, мәгар, мәгар» дедим. Патша «әгар, әгар» дегени «айтсаң өлтиремен» дегени еди. Мен қайрылып жуўап бердим, «бирақ қунымды берсе мәгар» дедим. Алпысы жыйналып, алпыс ләген берди, қуным питти, сонын ушын жуўабын айтып турман, қунымды бермегенде, өлсем де айтпас едим.

Ғарры шығып кетип баратыр еди, оны патша тоқтатты.

— Уллы ақыллы ўәзир, сиз енди мениң бас ўәзирим боласыз, — деди патша.

Ўәзирлер өлимнен қутылып қалғанына қуўанып, патшаға да, бас ўәзирге де, елге де теңнен ҳадал хызмет етипти. Ақыллы ўәзир бала асырап алып, оны ақыллы, зийрек етип тәрбиялайды. Онын сол баласы бурынғы патшаның орнына патша болып, мурат-мақсетине жетипти.

## ЗИЙРЕК ЖИГИТ

(Р-280, № 87758)

Бир бар екен, бир жоқ екен, бурынғы өткен заманда бир хан болыпты. Бул ханның қол астындағы халықлар ислам динин тутады екен. Күнлерден бир күн бул ханның алдына ғайрыдинли еки гүнелек адам келип, «Егер пуқараларыңыз бизиң жумбағымызды дурыс шешсе, мусылманшылықты қабыл етемиз» деп арза жазып берипти.

Пайғамбер заманынан қалған шәрият тәртиби бойынша кимдур ғайрыдинли адамды ислам динине, мусылманлық жолына енгизсе, ол айрықша ҳүрметке ийе болады екен. Журт ҳүкимдары еки гүнелектиң тилегин инабатқа алып, ҳәммени жыйнайды ҳәм ғайрыдинли мийманлардың жумбағын дурыс шешиўди буйырады.

Ғайрыдинлилер ҳәртүрли жумбақлар жасырып көреди. Көп ғана билимли, ақыллы адамлар жумбақ шешиўге қатнасады. Бирақ ҳешқайсысы олардың ым-ишара менен жасырған жумбақларын дурыс шеше алмайды. Сонда ҳешкими жоқ бир дийқан жигит гүнлердиң қасына келип, олардың жумбағын шешиўге тайын екенлигин ханға билдиреди. Хан кембағал жигиттен мәпит күтпейди. Хан бул жигитке:

— Егер усыннан жумбақты дурыс шеше алмасаң, онда жаныңнан гүдериңди үзе бер, — дейди.

Жигит ҳәммесине де қайыл болады. Хан гүнлерге жумбағын жасырыўды буйырады.

Гүнлерден биринshиси жигиттиң алдына келеди де, бес пәнжесин жартылай бүрген ҳалда жоқары қарап көтереди. Дийқан жигит оған қарсы бес пәнжесин төмен қарай түсиреди де және уўысын көрсетеди. Сонда гүн:

— Пуқараңыз дурыс шешти, мен сизиң дининизди қабыл еттим, — деп ханға жазып береди.

Екинши гүн жигитке бармақларын тарбайтып көрсетеди. Жигит оған қарап мушын түйеди. Екинши гүн де өзиниң жеңилгенин мойынлап, «мен де сизлердиң диниңизди қабыл еттим» деп жазып береди.

Хан дийқан жигитти сыртқа шығарып жибереди ҳәм биринши гүннен оның қандай сораў-жумбақ қойғанын жазып бериўин сорайды. Сонда биринши гүн оған былайынша жуўап береди:

— Мен оннан жаўынның қалай жаўатуғын аңлаттым. Жигит бармакларын жоқары көтерип, «жаўын көктен жаўады, жерден көк өсип шығады» деп дурыс түсиндиргенин мәлимлейди.

Хан екинши гүннен жағдайды сорайды. Ол:

— Мен дийқан жигитке бес бармағымды көрсеттим, бул мениң хәр күни бес ўақыт намазды қаза етпей оқыйсаң ба? дегеним. Жигит мушын түйип көрсетти, оны өзиңиз де көрдиниз. Жигиттиң жуўабы «Тутқанда қандай, тап мынандай қатты тутаман. Хешқайсысын да қаза қылмайман» дегени еди. Енди мен де сизлердиң диниңизге өттим, — деп жазып береди.

Мийманлар кеткеннен кейин хан дийқан жигитти шақыртып алып, оннан сораўлардың хәм жуўаплардың мәнисин айтып бериўди сорайды. Сонда жигит «Биринши кирген гүңелек мийман қолын қаўышлаўы менен жоқары қарата көтерип көрсетти. Онысы, «Тап тамақтан буўындырып өлтиремен» деген еди. Ал мен болсам оған бес бармағымды төмен қарай бүгип турдым да, және жоқары көтердим. Бизиң жуўап «Мен төбеңнен басып өлтиремен хәм тикке көтерип әкетемен» дегеним еди. Екиншиси бес бармағын тарбайтып, бетиме урмақшы болды. Сонда мен оған мушымды көрсеттим. Бизиң жуўап «Бул муштан аман қалыўың мүшкил» дегеним еди. Хан дийқан жигиттиң қалай шешсе де, тапқырлық еткенине қайыл қалып, оны өзине бас ўәзир етип алыпты.

## СЫРБИЛГИШ

(Р-535, № 176478)

Әййемги өткен заманда бир сырбилгиш адам жасапты. «Ол танымаған адамның да атын, әкесиниң атын, шыққан тегин, бай ямаса жарлы екенлигин сорамай-ақ, биле береди» деген гәп пүткил елге жайылады. Бул сөзди биреўден биреў еситеди. Хәмме сырбилгиш адамды көриўге қумар болады.

Бир күни елдиң патшасы сырбилгиш адамды таўып, алып келиў ушын жасаўылларын жибереди. Буннан кейин патша сырбилгиш адамды сынаў ушын өзиниң кийимлерин басқа адамларға берип, дөгерегине жақсы кийинген адамларды жыйнап, өзи үстине гөне кийим кийип, басына жумыры, аяғына қырық жамаў тыштабан, қолына бир таяқ алып белгили таз шопан болып отыра береди. Бир ўақытта жасаўыллары сырбилгишты таўып келеди. Сырбилгиш патша отырған жайға киреди. Адамлар «келиң» деп сырбилгишты күтип алады. Ол әсте-ақырын адамлардың бетине қарап, патша кийимин кийип тахта отырған, тағы басқа адамларды былай қоя турып, ең алды менен ийилип, тәжим етип таздың қолынан, оннан кейин жақсы кийимли адамлардың қолынан алады. Отырған адамлардың биреўи:

— Сен неге патшаның қолынан алмай, таз шопанның қолынан алдың? — деп сораў береди.

Сырбилгиш:

— Тахта отырған патша емес, ол мени сынаў ушын отырған патша, анық патша — мына отырған, басына кийген жумырысы, аяғына кийгени басқа биреўдики. Соның ушын мен шопанның қолынан алдым, — дейди.

Отырған адамлар бир-биреўине қарайды, биреўлер сырбилгишке қарайды. Сөйтип турып:

— Шынында да сырбилгиш екенсиз. Шын патшаның ким екенин таптың, енди сен басқа бир нәрсени тап, — деп сораў береди.

Сырбилгиш:

— Яқшы, нени табыўды буйырасыз? Буйырың, табайын, — дейди.

Адамлардиң екинши биреўи:

— Сен ғой патшаны таптың, енди патшаның аты, әкесиниң аты ким, ол қашаннан бери патша болып киятыр, соны тап. Соннан кейин патшаның неше хаялы, неше баласы бар, соны тап, — дейди.

— Патшаның жасы отызда, үш хаялы, еки ул, бир қызы бар. Патшаның аты Тас, әкесиниң аты Мийримсиз, — дейди.

— Шынында да бул анық сырбилгиш екен. «Ер гезеги үш, үштен қалсаң пуш» деген, енди бир сораў берейик, — дейди.

Сырбилгиш:

— Сораўларыңызды бериң, қолдан келгенше табайын, қам сүт емген адам баласыман ғой, «Жаңылмас жақ, сүринбес туяқ болмас» деген, қәте кетсе, кешириңлер, — дейди.

— Усы отырған адамлардың ишинде ким атайы бай, ким соң бай болған, ким жарлы, соны тап, — дейди.

Сырбилгиш ойланып хәр биреўиниң бетине тигилип қарап:

— Сизиң атаңыз Алламурат, әкеңиз жарлы, өзиңиз бай, сизиң атыңыз Мәрт екен, әкеңиз бай, өзиң жарлы, кеўилиң бай. Сениң атың Ўах-ўах, сениң әкең де, өзиң де бай, сизиң дүньяға көзиңиз тоймайды. Сизиң атыңыз Жомарт, сизиң әкеңиз де, өзиниз де бай, бирақ, өзиң де, әкең де хешкимге

www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳешнәрсе бермепсиз. Патшайымның аты Тас, әкесиниң аты Мийримсиз, атайы бабасы киятырған бай, Әлий әўлады патша болған. Кеўли келгенин күлдирген, кеўили келмегенин бүлдирген, мудамы халық үстинен күн көрген, ашшы менен душшыны көрмеген, қолын суўық суўға урмаған, аўыр ис ислемеген, саядан күнге шықпаған, өмиринше жатып жеген, ақ көйлек, әне, мениң билгеним усы, — дейди.

Адамлар бир—бирине қарайды, биреўи:

— Барлық айтқаның дурыс, бәрин таптың, аныгында сырбилгиш екенсең, — дейди.

Патша:

— Бәрекелла, бунын табыўына әлҳәббиз бунын ойына, ақылына. Усының менен сынағанды қойдық, барың, анаў үйге апарып аўқат бериң, сыйлаң, сарпай жаўып ат миндириң, — дейди.

Адамлар патша айтқан үйге апарып қонақ қылады, жақсылап сыйлайды. Азанда сырбилгиштиң ийнине жипек шапан жаўып, астына ҳарлаған ат миндирип атландырады. Сырбилгиш кетип баратырып:

— Бунын бәрин қалдырмай айтып берген патшаның мени шақыртып жиберген адамына рахмет, — деп патшаның берген сарпайын кийип жолға түседи.

## ШЕШЕН ҚЫЗ
(Р-535, № 176478)

Бурынғы өткен заманда бир патша қырық ўәзирин шақырып алып:

— Мен сизлерге жумбақ айтаман, кимде ким шешсе, алтын беремен, егер шеше алмаса, турған жеринде басын аламан, — дейди.

Буған ўәзирлер оғада қапаланып, тәшўишке түседи.

Сол патшаның есигиниң алдын сыпыратуғын кембағал ғарры бар еди. Бул хабарды еситип «мен де барайын, патшаның жумбағын шешсем, өзимди көметуғын алтын алсам, бул азаптан қутылып, бай болмайман ба?» деп бул да қырық ўәзирге қосылып патшаның алдына барыпты.

Патша жыйналған адамларға:

— Дүньяда не қатты, не татлы, не аўыр? — деп жумбағын айтады.

Бул жумбақты қырық ўәзир де, ғарры да шеше алмайды. Ғарры енди «мен әжелимнен бурын өлимге дуўшар болдым, не де болса патшадан руқсат сорап, кемпирим менен жалғыз қызымды көрип келейин» деп үйине кетеди. Ўәзирлердиң биреўи «тас қатты», биреўлери «темир қатты», биреўлери «май татлы», биреўлери «гөш татлы» деп, ҳәркайсысы ҳәр түрли айтып, ҳешқайсысы шеше алмайды. Ғарры болса, үйине барып, өлимниң қурығы мойнына түсип, ах-уўҳлеп, гүрсинип кемпири менен қызына жөнли сөз айта алмайды.

Қызы әкесиниң түси қашып, кеўилсиз екенлигин билип, себебин сорайды. Ақырында болмағаннан кейин ғарры өзиниң патшаның өлим жазасына тартылғанын айтады. Сол ўақытта ғаррының он үш жасар қызы:

— Сиз буған қапа болман, «дүньяда не қатты?» десе, «жоқшылық» дегейсиз, «не аўыр?» десе, «жылқы аўыр» дегейсиз, «не татлы?» десе, «муҳаббат татлы» дегейсиз, патшаның жумбағының шешими усы болады, — дейди.

Ғарры патшаның сарайына келеди.

— Тақсыр, бир қасық қанымнан кешиңиз, кешеги жумбағыңыздың шешимин айтып берейин, — депти ғарры.

Патша руқсат етеди. Ғарры жумбақты қызының айтқанындай етип айтып берди.

Сол ўақта патша:

— Сен неге кеше сорағанда шешип бермедиң? Яқшы, не ушын жоқшылық қатты, не ушын жылқы аўыр, не ушын муҳаббат татлы, усының себебин айтып бер, — дейди.

Ғарры себебин айтып бере алмай тутлығып қалады.

— Тақсыр, мени кешириң, негизинде бул жумбақты он үш жасар қызым шешип берип еди, — дейди ғарры қорққанынан.

Буны еситкен патша:

— Бар, қызыңды алып кел, бизге себебин айтып берсин, — деп оны үйине жибереди.

Ғарры қызына келип, барлық ўақыяларды бир-бир баян етип, патшаның сарайына алып келеди. Патша қыздан жоқшылықтың қатты, жылқының аўыр, муҳаббаттың татлы болыў себебин сорайды. Сол ўақта қыз былай деп жуўап береди:

— Тақсыр, биз жаман ылашықта мына әкемиз, анамыз бенен үшеўимиз туратуғын едик. Бир күн таўып ишсек, бир күн таппаймыз. Бир күни әкемниң яр-дос бир адамы қыдырып келди. Сол күни әкем келген қонағына ҳеш жерден қонақасы таўып бере алмай отырған орнынан үш турып, үш отырды. Сол ўақта мен

www.ziyouz.com kutubxonasi

дүньяда жоқшылық қатты екен деп пәмледим. Дүньяда жылқы аўыр дегенимнин себеби былай еди. Бизиң жаман ылашығымыз байдың малының өристен қайтар жолында еди. Түнде жатқанымда байдың қырық түйеси үйдиң қасынан қайтқанда оның жүрген жүрислери сезилмейтуғын еди. Ал, бир аттың жүрисиндеги дүрсилдиси шырт уйқыда жатқанымда оятатуғын еди. Сол ушын жылқы аўыр шығар, деп ойладым. Ал, муҳаббат татлы деўимнин себеби, мен бир үйдеги кемпир менен ғаррының ортасындағы жалғыз қызы едим. Түнде жатарда ҳәр қайсысы баўырына тартып, таласып ортаға алып жататуғын еди. Ал, азанда турсам, шетте жатқанымды көремен. Сол ушын муҳаббат татлы деўимниң себеби усы еди.

Патша қыздың ақылына ҳайран қалып, жумбағын дурыс шешкени ушын ўәдеси бойынша, көмсе, бир адамды жасыратуғын алтын берип, қызды ғаррының қапталына қосып үйине қайтарады.

Қыз үйине кеткеннен кейин патшаның ўәзирлери жалпылдап:

— Бул қыз сизге қайым қыз екен, айттырып ҳаяллыққа алыңыз, тақсыр, — дейди.

Сонда патша:

— Жасым болса жетип қалды, ғарры маған жап-жас қызын бере ме? — дейди.

Сонда ўәзирлери жағымпазлық пенен:

— «Қудайдың қурығы узын, патшаның буйрығы узын» деген, сизге бермей кимге береди дейсиз? Әкесин шақырып алып қызын сораныз, — десипти.

Патша ғаррыны шақыртып алып:

— Қалыңлығына не алсаң ол ал, бизге қызыңды бересең, — дейди.

— Қызым менен сөйлесип, қалыңлығын өзинен сорап көрейин, — деп ғарры қапа болып, үйине қайтады. Оның түр-түсинен қапа екенлигин қызы сезеди хәм буның себебин сорайды.

— Әй, пақыр әкем-аў, бул ушын ҳеш ғам шекпе, мениң қалыңлығыма он бес орақ, жигирма бес кетпен, елиў ғарға, алпыс шымшық берсин. Усыны айтып барағойың, — деп, қызы әкесин патшаға жибереди.

Патша қыздың қалыңмалын еситип, «бул бир таптырмайтуғын мут қыз екен» деп жасы үлкен адамларын шақырып ойласыпты. Сол ўақытта бир ғарры:

— Тақсыр, мениң бир қасық қанымнан кешсеңиз, бул сөздиң мәнисин айтаман, — деп руқсат алыпты ҳәм сөзин даўам етипти:

— Бул айтып бергени қалыңмал емес, он бес орақ дегени — адам он бес жасында орақтай кескир, жигирма бес кетпен дегени — адам жигирма бес жасында кетпендей өткир, кескир болады, елиў ғарға дегени — адам елиўге толғанда ғарғадай-ақ халы болады, алпыс шымшық дегени — адам алпыс жаста шымшықтай-ақ ҳалы болады дегени. Сиз болсаңыз хәзир алпыс жасқа келипсиз. Енди хәзир сизиң шымшықтай-ақ ҳалыңыз қалды, — деп төмен қарапты.

Патша қанша бул сөзлерге ғәзепленсе де, сол жерде өзинин кәтелескенин түсинип, буны мойнына алып, қызға өзи барып, кеширим сорап, еки ләген алтын берип, ҳүрмет-иззет көрсетеди. Қыз ата-анасына ҳадал хызмет етип, перзентлик ўазыйпасын атқарып, теңи менен қосылып, мурат-мақсетине жетеди.

## АЯЗ ХАН

(Р-1229а, № 39342)

Ерте заманда, ели-халық аманда, қарақалпақ халқында дәўлети тасқан, ақылы журттан асқан бир хан өткен екен. Оның қырық ўәзири болып, олар да өз заманында ақыллы адамлардан есапланған. Бир күни хан қырық ўәзирин шақыртып алып:

— Ўәзирлерим, сизлердиң бәриңиз де ақыллы данышпан болдыңыз. Енди мен сизлерди дүньядағы адамның, қустың, шөптиң жаманын таўып, әкелип бериўге жумсайман. Буларды излеп табыў ушын сизлерге он бир ай мәўлет беремен. Егер де усы ўақыт ишинде бул шәртимди орынламасаңыз, сизлерди жазалы етемен, — депти.

Сонда ўәзирлердиң барлығы ойласып, «хан буйырса, не турыс» деп, ҳүкимдардың буйрығын орынлаўға кетип баратырған усайды. Жол-жөнекей ўәзирлер өсип турған шеңгеллерди көрип, «арасынан жүрген адамды тикенлери тырнайды, малға берсең, мал да жемей таслайды. Сирә усы шөптиң жаманы болар» деп шеңгелди шаўып алады. Және де кетип баратырса, олардын алдынан қырғаўыл шығады. Усы «қус жаман болыўы итимал, түр-түси де келиспеген, жүни де барлы-жоқлы» деп буны атып алып кете береди. Бир таўдың етегинде үстинде жаман тоны бар, басында жыртық жатақ малақай, үстинде жыртық-жыртық кийим, аяғында гөне етиги бар, түри қашқан, аяғын зорға басқан, аш болып жүреги сазған, өзи де болдырып азған, сансыз қойлар қасында, аўыр мийнет басында болып жүрген бир шопанды көреди. Шопан да бул киятырған ўәзирлерди көрип:

— Хә, ўәзирлер, сизлер неге маған таңланып турсыз? — дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әне, сол ўақытта ўәзирлер келген жумысын бир-бир баянлайды. Сонда шопан:

— Адам жаманы мен боламан, мени ханыңызға апарыңыз, сонда оның кеўли толар, — деп жуўап береди.

Ўәзирлер шопанға:

— Сен өзиңди неге жаман дейсең? Бунын себебин айт, — дегенде, шопан:

— Бунын себебин хан алдында айтып беремен, — дейди де жүре береди. Және де шопан:

— Сизлер адам жаманын таптыныз. Бирақ, қустын, шөптиң жаманларын табалмапсыз. Сизлер шеңгел менен қырғаўылды таслаң, сөйтип шөптиң жаманына қара өлеңди, ал, қус жаманына хәккени алың, — дейди.

Ўәзирлер өзлериниң «шөп жаманы шеңгел, қус жаманы қырғаўыл» екен деп неге ойлағанлығын гүрриңлеседи хәм шопаннан неликтен шөптиң жаманы қара өлең, қустың жаманы хәкке екенлигиниң себебин сорайды. Шопан «буны да хан алдында айтып беремен» дейди. Сөйтип ўәзирлер шөптиң жаманы қара өлеңди жулып алып, қустың жаманы хәккени атып алып, шопанды да ертип, хан алдына келеди.

Хан буларды көрип ғарқылдап күледи, соңынан даўысының барынша тағы да күлип жибереди:

— Пах, енеғардың баласы, дүньядағы адамның ең жаманы усы болады дейсиз бе?

Ханға хешким қарсы гәп айта алмайды. Ўәзирлердиң биреўи енди сөйлемекши болғанда хан бир ўәзирге:

— Бар, мына жаман адамды асханаға апарып, гөже менен нанға тойғыз. Ертең оны халық ортасында тамаша етемиз, — деп шопанды оның менен бирге асханаға жибереди.

Бираздан кейин хүкимдар ўәзирлерге:

— Сизлер дүньядағы адамның жаманын таўыпсыз, бирақ қус пенен шөптиң жаманын таўмапсыз, — дейди.

— Әй, ханымыз, бизлер қустың жаманы — қырғаўыл, шөптиң жаманы — шеңгел деп алып киятыр едик, жаңағы жаман бизлерге «адам жаманын таптыныз, қус пенен шөптиң жаманын табалмапсыз, қустың жаманы хәкке, шөптиң жаманы қараөлең болады» деп бизге айтқан еди. Буның мәнисин сорағанымызда жаңағы жаман, «булардың мәнисин ханның алдында айтаман» деген еди.

Сонда хан бир ўәзирине:

—Бар, жаңағы жаманды әкел! Не ойлағаны бар екен? Сөйлесип көрейик, — дейди.

Ўәзир жаңағы шопанды шақыртып алып, ханға әкеледи. Хан оған:

— Қәне, сениң не ойың бар? Биз қус жаманы — қырғаўыл, шөп жаманы — шеңгел деп жүр едик. Сен неге ўәзирлериме «қус жаманы хәкке, шөп жаманы қараөлең» деп алдырдың? — дейди.

Шопан ханға қарап:

— Ханымыз, хәкке қустың, қараөлең шөптиң жаманы екени де мынада: хәккениң түри де ала, өзлери де ала, себеби, олардың топарласып ушқанын көрмейсең. Ал, қырғаўылдың жаман емеслиги оның пәриниң барлы-жоқлы, түриниң де ондай сулыў емеслиги хақтың буйрығы. Мениң жасым хәзир елиўден асты. Усы жасыма дейин хәркимниң үйинде отжаққыш болдым. Ошаққа шеңгелди жаққанымда оның шоғы азанға дейин сөнбей туратуғын еди. Сонда шеңгелдиң жаман болғаны ма? Ал, қара өлеңди отқа жақсаң, сол мәхәлде шоғы өшип қалады. Енди қараөлең жаман емей, не жаман? — дейди.

Ханның жаманға кеўли толып:

— Жақсы, сен қустың, шөптиң жаманларын дурыс айтып бердиң. Енди, өзиңниң жаманлығыңды айтып бере аласаң ба? — деп сорайды.

— Мен усы елиў жасқа келгенше кисиниң есигинде суў тасып, от жақтым. Еле де хәркимниң атына минип, қулшылықта жүргеним. Журтлардың жанында хаялы, алдында ақлықлары бар. Ал, мениң болса хаялым да, кейнимде сүйрейтуғын перзентлерим де, ақлығым да жоқ. Енди, мен жаман емей, ким жаман? — деп жуўап береди шопан.

Ханның бул сөзлерге кеўли толады хәм оны сарпайлап қайтарады.

Ертеңине хан сол ақыллы, дана шопанды және шақыртады. Ол келгеннен кейин:

— Мениң бир тулпар атым бар. Сен оннан мин таба аласаң ба? Кемшиликлери бармекен? Соларды билип бер, — депти.

Шопан ханның атының алды-артына шығып қарады, сыйпалап, жалын тарап көрди хәм хеш мин таба алмады. Ақыры ол хүкимдарға:

— Ханымыз, атыңыздан мин таба алмадым. Енди атыңызды минип, ары-бери гездирейин, суўдан өткерейин, — дейди.

Руқсат алғаннан кейин шопан атты әри-бери гездиреди, мин табалмайды. Суўдан еки-үш рет өткерип көреди де шопан ханға келеди.

— Тақсыр, атыңыздың сыйырға жантасы бар екен, басқа хеш мин табалмадым, — деп жуўап береди.

— Оны қайдан билдиңиз? — деп сорайды хан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Жаңа суўдан арман-берман өткизгенимде сизиң атыңыз суўға аўзын басып өте берди. Әдетте сыйырды суўдан неше рет өткизсеңиз де, бул жәниўардың әдети — аўзын суўға басып өтеди. Әне, тулпарыңыздың сыйырға жантаслығы сонда, — деп ол жуўап береди.

Хан буған ҳайран болып, буның сырын кәсибинин маманы болған жылқыманлардан да сорайды. Сонда олардың биреўи:

— Бул гәпиңиз дурыс, Ақшаханның тулпар туўатуғын бийеси бар еди. Сол бир күни өлейин деп атырғанда оны сойып, ишиндеги қулынын алып, сыйыр сүтин берип баққан еди, — дейди.

Сонда хан билгиш шопанды және сарпайлап ҳүрмет-иззет көрсетип қайтарады.

Бир күн өткеннен кейин патша және шопанды шақыртады. Ол келгеннен кейин хан гәўҳар тасын қазнадан алдырып:

— Япырмай, бала! Мениң ғәзийнемде бир гәўҳар тасым бар еди. Бул ҳасыл тас пайғамбарларымыз Сулейманның жүзигиндей, Муўсаның ҳасасындай, Ҳәзирети Даўыттың қоржынындай қәсийети бар еди, қәне усы тастың қәсийетин айтшы, — дейди.

Жаман адам деп тән алынған шопан ханның гәўҳар тасын әри-бери қарап көрди. Көп ойланды, қолына алып салмақлап көрди ҳәм шайқап турып:

— Ҳүрметли ханымыз, сизиң тасыңыз кәриятлы екен. Бирақ, енди тасыңыздың еки жылдан кейин бул қәсийети кемейеди, себеби ишин еки аққарабас қурт геўлеп атыр. Гәўҳар тастың өзине ылайық салмағы болыўы керек, — деп жуўап береди.

Жыйналған көпшилик оның сөзине таңланып, бир-биреўине қарады. Патша хызметкерлерине гәўҳар тасты сындырып, тексерип көриўди буйырады. Қарыўлы адамлар гәўҳар тасты сындырып, бөлеклейди. Расында да, шопан айтқанындай ишинде еки аққарабас қурт бар екен. Сонда хан оның даналығына, өткир зейнине қайыл болып және сарпайлап, ҳүрмет-иззет көрсетип жибереди.

Арадан бир ҳәпте өткеннен кейин және патша сол шопанды сынап көрмекши болады. Шопан келгеннен кейин оған өзгеше бир нәзер менен қарап:

— Япырмай, бала! Сен ҳақыйқый дана болдың ғой. Қустың, шөптиң, өзиңниң ҳәм тулпарымның минлерин айтып, гәўҳарымның сырын да аштың. Сен бир журттан асқан ақыллы адам болдың ғой. Енди мениң өзимди сынап көрсең деп едим.

— Сизди қалайынша сынаўым мүмкин, ханымыз? — деп шопан тәжим етипти.

— Дурысын айта бер, меннен қорқпа. Мен неше атадан кейинги хан болған екенмен? — деп сорапты патша.

Жаман деген атқа ылайық болған шопан ханның сөзине қайыл болып, ол тахтқа минип отырғанда түр-түсине, отырыс-турысына қарап оған:

— Тақсыр, сиз дүньядағы ақыллы адамлардың биринен екенсиз. Бул жағынан мин жоқ. Бирақ, бир қасық қанымнан кешсеңиз, бар ҳақыйқатты айтыўым керек, — депти шопан.

— Бир қасық қаныңнан кештим, айт, не өзи? — деп сорайды патша.

— Уллы ҳүкимдар, сизиң ата-бабаңыз қара пуқара болған. Тек те сизиң өзиңиз хан екенсиз, — деп жуўап қайтарады шопан.

— Мына есаўан не деп тур?! Мен усы күнге дейин жети атамнан бери хан болып турман, жоқ, сен қәте ойлайсаң, — дейди хан жаманға қәҳәрленип.

Жаман төмен қарап «мен дурысын айттым» дегендей тура береди. Ақыры, хан анасының қасына барып, жаманның сөзин анасына айтады.

— Ҳәй, шырағым-аў, жасым да жетпис, сексенге барып қалды, қартайғанда биреўдиң қанын жүклеп нетейин. Жасырын бир сыр бар еди. Оны Аллатаалам билетуғын, оннан қалса, тек өзим билер едим, мине бул сырды Жаман деген де билипти. Енди, усы сырды саған айтайын, тыңла балам. Ол ўақларда мен бойжеткен қыз едим. Сениң әкең зулым хан бурында он тоғыз ҳаял алып, олар қыз туўа берген соң, ҳаялларын өлтирип, жигирманшы ҳаяллыққа мени алды. Күнлерден бир күн, айлардан ай өтип, мениң бойыма ҳәмиле питип, ул туўар ма екенмен деп тәўипке көринген едим. Сонда тәўип мени көрип «сен қыз туўасаң» деген еди. Ханның аспазының ҳаялы мениң жақын достым еди, мениң менен сол тәўипке көринип еди, оған тәўип « сен ул туўасаң» деген еди. Сонда мен аспаздың ҳаялына бир талай тилла алтын берип, «сен ул туўсаң улыңды маған бер, қыз туўсам мен саған берейин. Болмаса хан «сен қыз туўдың» деп мени өлтиреди» дедим. Әне, соннан кейин ол мени аяп улын бермекши болды. Екеўимиздиң толғағымыз бир келди. Хан да аңға шығып кеткен еди. Ҳақыйқатында да, мен қыз туўдым, ол ул туўды. Адам билмеўи ушын сол жайға адам киргизбедик. Сөйтип, мен оң қолым менен аспазшының ҳаялына қызымды, ол маған оң қолы менен улын берди. Биреўимиздиң киндигимизди биреўимиз кестик, ўәде бойынша аспазшының ҳаялына көп тилла инәм еттим. Алланың ҳәмири менен сыр ашылып, оны мынаў Жаман билип отыр, — деп ханның анасы сөзин даўам ете алмай жылап жиберди.

Сол ўақта хан анасын жубатып оның бетинен сүйип оны еле де өз анасы деп билетуғынлығын түсиндиреди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Патша булардың бәрин ой-пикири менен дәл тапқан Жаманға:
— Сен тахқа ылайықсаң, мен қара пуқараның баласы екенмен, сени патша деп жәриялайман, — дейди.
Сонда шопан Жаман лақабына ийе болған ол:
— Жоқ, мен тахқа минбеймен. Кеше «жаман адам керек» деп мени атқа мингизип әкелдиңиз. Бүгин тахқа минсем, журт «Жаман тахқа минди» деп күлисер, — дейди хәм тахтан ўаз кешеди. Буннан кейин хан өз тахтында отырып оннан:
— Мениң қара пуқара баласы екенимди қайдан билдиң? — деп сорайды.
— Мен сизге келген қонақ едим. Жаман болайын, жақсы болайын, сиз маған ханның жейтуғын аўқатын айтпай, әўели «гөже менен нанға тойғыз» деп мени өз ғамқорлығыңызға тарттыңыз.Әне, сизде усы жерде бурыннан киятырған хан баласы емеслигиңизди билдим, — деп Жаман жуўап береди.
Тамашаға жыйналған халық бир-бирине аң-таң болып қарайды. Хан әдеттегидей ханлық дәўранды сүре береди. Жаман усы күннен баслап ханның ең жақын ақылгөй ўәзири болады, ал баяғы қырық ўәзири бурынғысынан шетлеп қалған деседи.
Жаман ханға жақын ўәзири болып жүре береди. Бир күни Жаман далаға шығып қараса, қаланың ортасындағы алты қанат қара үйдиң қасында адамлардың биресе ишке, биресе сыртқа шығып турғанын, адамлардың топар-топар болып үйилисип турғанын көрди де, қайта ишке кирип, ханға айтқанда хан:
— Усы қалада ханға байлығы теңлес Ўәлий деген бай бар еди. Оның Меңли деген қызы он бес жасында күйеў таңлап, «өзимнен кимниң ақылы артық болса, соған тийемен» деп усы күнге дейин ҳешкимге тиймей отыр. Ҳәзир отыз бес жасында болса да, соған жигитлер жыйналып атырған, — деп жуўап береди.
Оннан кейин Жаман да «қызды көрсем» деп ынтық болады. Сөйтип, кешқурын жаман қыздың үйине барып, үйдиң есигин қағады. Сол ўақта иштен бир сулыў жас келиншек шығып:
— Не жумысыңыз бар? — деп сорайды.
Сонда жаман:
— Мениң жумысым сизде емес, қызда, — дейди.
Қыздың жеңгеси ишке кирип, бийкешине:
— Көп жигитлер сени айттырып келди. Не бир байдың, не бир ханның балалары сен деп келди. Бирақ, сен олардың биреўин де унатпадың. Ал, енди далада бир түри жаман адам сени сорап тур, — дейди.
Жеңгесиниң сөзине қыз күлди де:
— Оның жүзи бир көрген адамға жаман болған менен, оның минезин, не мақсетте екенин сен билмейсең. Сол адамға мына пышақты, гәўҳарды, табақ пенен қайрақ тасты апарып бер, — деп қыз жеңгесин жибереди.
Жеңгеси усы айтылған затларды хәп заматта Жаманға апарып бергенде, ол:
— Жеңгеси, буны әкелген соң қуралы менен әкелиў керек, — деди.
— Өйппей бийкеш-әй, даладағы жаман затларыңды қуралы менен әкел деп айтты, — дейди.
— Яқшы, мә, мына шөккиш пенен темирди бер, — деп жибереди.
Жаман қуралын әкелген соң, қайрақтасты темирдиң үстине қойып, шөккиш пенен бир урып, қайрақтасты тең бөледи. Табақты да пыт-шыт етеди. Пышақты да сындырып, гәўҳартасты да бөлеклеп таслайды. Сөйтип келиншекке:
— Мә, мына затларды бийкешиңе апар, — деп қолына береди.
Келиншек те буларды қызға апарады. Сонда қыз бирден:
— Жаңағы адамды шақыр бунда, — деп шақыртып алады.
Қызды буннан бурын айттырып келген жигитлерге жаңағы затларды бергенде олар «бизиң үйлерде пышақ жоқ па екен ямаса қазнамыздан гәўҳар тасы табылмай ма? Тас қайрақты да таппай жүрмиз бе? — деп ашыўланып таслап кетеди екен.
Бир күнлери қыздың ағалары:
— Қарындасымыз болса отыз бес жасқа шықты. Усы ўақытқа дейин өзи биреўди сүйип қосылмады. Енди ол қандай адамға тийеди екен? — деп, қызға келген жигитлерди аңлыўға қараўыл қояды. Жаман ерте менен турып, кетип баратырып жаңағы қойған қараўыл балаға усланып, байдың балаларының қолына тапсырылады. Олар да Жаманды урып-соғып ханның алдына әкеледи.
— Сизиң ўәзириңизди усладық. Бизди сыйламай, халықтан уялмай қыз алыўға келип жүр, — дейди жигитлер.
Хан да ўәзиринен қолайлы ўақытта:
— Қыздың үйине бардың ба? — деп сорайды.
— Яқ, бармадым.
— Мыналар неге услап әкелди?
— Олар өтириктен, жала жаўып жүрипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Баяғыда мен сени шақыртып алғанымда, сен ақыллылығыңды билип, тахтымды бердим, алмадың, оннан соң ең жақын ўәзир етип қойыппан, дурысын айта бер, ол қызды алып беремен. Сеннен Ўәлий бай маған жақын емес. Сонда да Жаман дурысын айтпады. Ақыры, хан жәлладларды шақыртып, оны дарға асыўға буйырады. Ханның ҳәмири бойынша жәлладлар Жаманды дарға апарды да мойын дузақ салып, жипти тартып жибереди. Жаманның өзи ийманын зорға айтып, тамағы қырылдап атырған ўақытта адамлардың ортасынан ақ боз ат минген, үстинде ақ кийими бар, бетине перде салып келип, бир адам дардың жибин қылыш пенен кеседи де жибереди. Оннан соң Жаман жерге торс етип жығылады. Қылышты Жаманның үстине кесесине таслайды да жаңағы адам өз жолына кете береди. Жаман сол жерде бир заман қырылдап жатады да кейнинен басын көтереди. Сонда хан жәлладлары Жаманды және де дарға аспақшы болғанда ол енди «мени ханға апарың» дейди. Жәлладлар жаманды хан алдына әкелгенде:

— Неге буны өлтирмедиңлер? Мениң сөзимди еки етесизлер ме? — дейди хан.

Сонда жәлладлар еле де дарға асыўға тайын екенин айтады. Хан Жаманға:

— Бағана дарға неге қайыл болдың? Енди айтпай турған шынлықты маған айтайын деп келдиң бе? — деп сорайды.

— Аўа, ханымыз, соны айтыўға келдим, — дейди Жаман.

— Сениң Ўәлий байдың қызының үйине барғаның шын ба еди?

— Шын еди, тақсыр.

— Қызды аламан деп ўәде бердиң бе?

— Аўа, берген едим.

— Сонда бағана неге айтпадың?

— Тақсыр, ханымыз, онда айтпағанымның себеби мынаў еди. Ўәлий байдың қызы менен сыртта хабарласқанымда ол маған «бир табақ, бир қайрақтас, бир пышақ ҳәм бир гәўҳартас берген еди. Оның буларды бергендеги мақсети — қайрақтай болып майдаланғанша, табақтай пыт-шыт болғанша, пышақтай болып басы кесилгенше сыр айтпайтуғын адам, мынаў гәўҳартастай жарып мени алады, дегени еди. Бул сырды пышақтай болып басым кесилгенше деп, пышақты сындырып, қайрақтай болып майдаланғанша деп, қайрақты майдалап табақтай пыт-шыт болғанша деп, табақты күлдей етип майдалап сыр шашпай, гәўҳартастай жарып, сени аламан деп, гәўҳартасты қақ бөлип ўәде берген едим. Усы себепли сизге айтқан жоқ едим, — дейди Жаман. — Қыздың мени аяп ақ боз атқа минип, бетине перде жаўып, дар жибин кесип, «мен ушын гүналы өлиўге қайыл ерлигиңди көрдим. Қылыш үстинде шәрт жүрмеўши деп еди, антыңды қайтып ал» деп, қылышты көкирегиме кесесине қойғаны усы еди. Қыздың өзи руқсат берген соң мен де шынымды айтқан едим, — деп Жаман сөзин таўысты.

Хан Жаманның сөзиниң шынлығына жетип, Ўәлий байдың қызын алып берип, оның ақыллы ойлары жағып, екеўи қайта қушақласып-көрисип дос болып, отыз күн ойын, қырық күн тойын берипти.

Ендиги сөзди баяғы қырқ ўәзирден еситиң.

Қырқ ўәзир бир күни ойласық қурып, Жаман менен ханды аразлы етпекши болады. Кешеги бизиң атымызды минип келген Жаман бүгин ханның ақылгөй Жаман ўәзири болды ҳәм оған қаладағы аты шығып атырған Ўәлий байдың қызын алып берди. Бизлердиң барлығымызды да сыртқа таслады, деп олар ханға қатты өкпе етти.

— Енди Жаманның ҳаялын ханға мақтайық, сөйтип оны ханға алып берейик. Сөйтсек, Жаман менен хан аразласыўы мүмкин, — деген ойласыққа келеди. Ўәде бойынша ўәзирлер ханға Жаманның ҳаялын мақтап, хан да оның үйине жайша қыдырған адамға усап барып, оның ҳаялын көрип, хан ҳаялды оғада жақсы унатады. Сөйтип хан келеди де тахтына отырып, қырқ ўәзирине:

— Қәне, сизлер әўели сөз салған единиз. Оның ҳаялын маған алып бериң. Ҳаял тек те ханға ылайық екен, оның сулыўлығы, хызмети мениң ышқымды бурыңғыдан бетер арттырды.

Сөйтип, хан Жаманның ҳаялын көриўге бир жигитти жибереди. Жигит есиктен сығалап турса, Жаман төрде жатыр екен, ал, ҳаялы болса шарайнаға қарап отыр екен. Усы ўақытта жигит ишке кире бергенде ҳаялдың сулыўлығынан еси аўып жығылады. Ҳаял жигиттиң бетине суў бүркип, турғызады. Жигит есин жыйнап, ханға барып, болған ўақыяны баян етеди. Бул сөзди хан еситкен соң, оның ҳаялға деген муҳаббаты еле де артады.

Жигит кеткеннен кейин Жаман ҳаялына:

— Ханға барсам ба? — дейди.

— Ханға барың, ол сени «Барсакелмес»ке жумсар, үш күншилик жолға дейин сени қырқ ўәзири шығарып салар, ўәзирлер қайтқан соң, сен де қайта бер. Оннан соң саған жүйрик ат берсе де, жорға берсе де ҳеш алмаң. Тек ғана семизден келген, саўрысына қамшы урсаң жүретуғын атты миниң, — дейди ҳаялы.

Жаман үй-иши менен хошласып, ханға барады. Сонда хан:

— Мен жумсайжақпан. Мақсет, сениң күшиңнен пайдаланыў емес, ал ақылыңнан. Егер де баратуғын болсаң, айтаман, — дегенде, Жаман:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Неге буйырсаңыз да бараман, — дейди.

—«Барсакелмес» деген жерде «инжили қой», «инжили үйрек» хәм «дәў инжили» деп аталатуғын тулпар атлар бар. Қойдың бир түги алтыннан, бир түги гүмистен, ал, оны сойсаң териси бир адамға тон болады, әне соны кийгим келеди. Үйректиң қанаты гүмис, басқа жери алтын, дейди, буны таж етип кийгим келеди, ал, «Дәў инжили» бир шапқанда жүз шақырым жерди шабады екен. Буны мингим келеди, — дейди.

Хан усылай Жаманды гилең өтирикке жумсайды. Жаман да ханның жылқыларынан бир семиз атты таўып алып, минип, жолға раўана болады. Қырқ ўәзир де Жаманды үш күншилик жолға шығарып салады. Олардың қарасы көринбей кеткен соң, Жаман да өзинше үйине қайта береди, жолда атты сойып алып, оның гөшлерин үйине тасып алады. Үйинде жататуғын жеринен қулаш созымдай жерди қазып, соның ишинде күндиз аттың гөшин жеп жата береди. Түнде болса, хаялы менен бирге жатады.

Бир күни хан Жаманның үйине келип, жеңгесиниң хал-аўхалын сорайды.

— Биз анаў күни Жаман адам деп әкелгенимизде ол жүдә ақыллы адам болып шықты. Қустың, шөптиң жаманларын тапты, гәўхартасымды, тулпарымды хәм өзимди сынап берди. Оның данышпан болғаны ушын сени әпердик. Енди ол «Барсакелмес»ке кетти, сонлықтан да, «Аға өлсе, жеңге мураз» дегендей, сени хаяллыққа алғым келеди, депти.

Хаял ойланып:

— Жаман сизиң үйиңе келгенде гәўхар тасыңыз бар, оның кәсийети кетип, ақыры сындырып таслададыңыз, ал, хәзир пайдаға аспайды. Усы сыяқлы мен де хаял болған соң, енди сизиң хызметиңизге болмайман. Егер қыз болғанда, басқаша еди, — дегенде хан хаялдан уялып, қайтып кетеди.

Хан тахтына барып отырады, хаял да болған ўақыяны күйеўине айтып, «ендиги жағын өзиң сөйлесе бер» деп ханға жибереди. Жаман да ханға сәлем бериси менен кирип келеди.

— Хаў, сен қашан келип қалдың? — деп хан таңланады.

— Тақсыр, «Барсакелмес»ке кетип баратыр едим, жолда бир аш арысланға жолықтым. Оны қылыш пенен урмақшы болғанымда, арыслан бизиң аўылға қашып кетти. Мен де изинен қуўдым, ол аўылдан шығып, сизиң ордаңызға қарай тығылды. Әне, «Барсакелмес»ке барғаннан аўылдағы душпанды қуртайын, деп келдим, — дейди Жаман.

Хан гә қызарады, гә бозарады. Ақыры-соңында:

— Мениң гүнамды кешириңиз, мен баяғы қырқ ўәзирдиң сөзине ерип едим. Енди олар сениң менен мени бир жерде қоймайжақ. Сен Ақшаханның елине көшесең бе? — дейди.

Жаман қайыл болады, сөйтип, Ақшаханның елине Жаманды бирнеше түйелер менен көширип жибереди. Жаман буяқта да мәс болып отыра береди.

Хан Жаманнан айырылып, үйде иши писип, төбеге қарап жатыр еди. Сонда қырқ ўәзир кирип келеди. Хан:

— Елди жаў шапты, журт бүлинди, апатқа ушырады. Мине, усыны табыңлар, болмаса геллелериңди аламан, — дейди.

Ўәзирлер баяғы Жаманды излеп таўып алып, ханның сөзлерин айтады.

— Мен кеткеннен соң қапаланған, сизлерди де жек көрген. Енди сизлер «үйиңиздиң ергенеги тайынып кетти, соны салып берейик» десеңиз, қутыласыз, — дейди Жаман.

Ўәзирлер Жаманның сөзлерин ханға айтып келеди.

— Буны ким айтты? — дейди хан.

Ўәзирлер ханға шынлықты айтады хәм үйдиң ергенегин салып береди. Сонда хан:

— Биреўге гөр қазба, өзиң түсерсең, — дейди.

Хан қырқ ўәзири менен бирге ойын-заўық қурып жата береди. Бирақ, ўәзирлер Жамандай бола алмайды. Оны хан сағынады. Күнлерден бир күни хан ўәзирлери менен аңға шықса, бир таўдың етегинде қой бағып жүрген шопанды көреди. Оған хан сәлем берип:

— Ата, мынаў таўдың басын қыраў басқалы неше жыл болды? — деп сорайды.

Сонда шопан:

— Жигирма жыл болған шығар, — деп жуўап береди.

Хан:

— Усы таўдың етегин қыраў басқалы неше жыл болады?

Шопан:

— Оған да онбес жыл болған шығар, — деп жуўап береди.

Хан:

— Таўдың басынан булақ аққалы неше жыл болды?

Шопан:

— Он бир жылдай болды.

Хан аз ойланып:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ата өзиң нешеўсиз?

Шопан:

— Шырағым, жатқанда екеўмен, жүргенде төртеўмен.

Хан:

— Ата, менин үйимде қырк ғазым жасаў бар, сонын жүнин билдирмей, күйдирмей писирип хәм қанын шығармай сойып беретуғын адам бар ма?

Шопан:

— Адамына тап болсаң, айтқаныңнан бетер ислеп берер, — деди.

Хан шопанның сөзине кеўли толып, үйине келип:

— Ўәзирлерим, мен не дедим, шопан не деди? Буны табыўға он бир ай ўақыт беремен. Егер де таппасаңыз, бәриңиздиң де басыңызды аламан, — дейди.

Ўәзирлер буны шеше алмай, баяғы Жаманды излеп таўып алады. Болған ўақыяны оған айтады.

— Бул наятый жуўапкерли жумыс. Таппасаңыз, геллеңиз кетеди екен. Енди сизлер қырк атыңыздың отыз тоғызын сойың, барлығыңыз кийимиңизди шешиң, — дейди.

Буған ўәзирлер қайыл болады. Отыз тоғыз атты сойып, қырк ўәзирдиң кийимлерин шешип, ол кийимлерди өртеп, бир аттың гөшин писирип жеп, бир атқа Жаман минип, қырк ўәзирди жалаңаш, жалаңаяқ, жалаңбас аттың алдына салып ханның алдына айдап келеди. Хан «киятыр» дегенди еситип, алдына ярым мезгиллик жолдан қырық жигит жибереди. Қырқ жигит Жаманды жыллы жүзлилик пенен күтип алады. Хан отыз күн ойын, қырық күн тойын береди. Баяғы айдаўда жүрип келген қырқ ўәзир:

— Ханның бизлер менен иси болмады, берген ўәдесинде турмай ма екен? — дейди.

Буны Жаман еситип, оларға былай дейди:

— Баяғы ханның алдынан шыққан шопанға хан «Бул таўдың басын қыраў басқалы неше жыл болды?» дегени — «Сениң шашыңа ақ киргели неше жыл болды?» дегени еди. Шопанның «мениң шашыма ақ киргели жигирма жыл болды» дегени. Ханның «Бул таўдын етегин қыраў басқалы неше жыл болды?» дегени — «сақалыңа ақ енгели неше жыл болды?» дегени. Шопанның «Сақалыма ақ енгели он бес жыл болды» дегени еди. Хан «бул таўдан булақ аққалы неше жыл болды?» дегени — «көзиңнен жас аққалы неше жыл болды?» дегени. Шопанның «оған да он бес жыл болды» дегени еди. Ханның «Ата, өзиң нешеўсиз?» дегени — «Үйиңде неше адам бар?» дегени еди. Шопанның «Жатқанда екеўмиз, турғанда төртеўмиз» дегени — «Мениң бурынғы ҳаялым өлип еди, ҳәзирги ҳаялымның күйеўи өлген, түнде жатқанда екеў боламан, күндиз қой бағып жүргенде мен өлген ҳаялымды сағынаман, ҳаялым үйде отырып, өлген байын сағынады» дегени еди. Ханның «қырқ жасаў ғазым бар, соны билдирмей жүнин жулып, күйдирмей писирип, хан шығармай сойып беретуғын адам бар ма?» дегени — «Мениң ақылсыз қырк ўәзирим бар, соны урмай, соқпай, жөнге салатуғын адам бар ма?» дегени еди. Шопанның «адамына жолықсаң, айтқаныңнан бетерирек етер» деп шешиў ушын маған жибергени еди. Сизлер мени излеп барғанда кийимлериңди шешип, отқа жаққаным — билдирмей жулғаным, атларыңды сойғаным — күйдирмей писиргеним, ал, алдыма салып жалаңаш пияда айдап ханға әкелгеним — қан шығармай сойғаным еди.

Усы менен ханның жумысы питеди.

— Мен енди ўәзирлеримнин гүнасын кеширемен. Себеби, сен ўәзирлеримди жалаңаш айдап келдиң. Ислеген гүнасын мойнына алды. Олар екеўимиздиң арамызға талай от салды. Сени өлимге гириптар етпекши болып, басқа елге көшиўине себеп болды. Енди булардың ислерин өтедим. Сен де тартынба, усы ўақытқа шекем дос болып келдик. Тахқа миниўге ўақыт жетти. Мен хан болған дәўиримде не қызықлар, не тамашалар көрдим. Ендиги жағына ханлыққа мен миясар емеспен, мынаў достымды хан етемиз, — деген ўақытта буны жыйналған көпшилик мақул көреди.

Сөйтип, Жаманды ақ кийизге орап, көпшилик халық тахтқа мингизеди. Оннан кейин Жаман ели-халқын жыйнап, отыз күн ойын, қырық күн тойын береди.

Жаман урыс-қағыссыз бес елди өзине қаратып алған. Басқа еллерден жәбир көрген халық Жаманның елине келип, бахыт таўған деседи. Ал, Жаман болса, баяғы жыртық тоны менен етигин ҳәм малақайын есигиниң маңлайына қағып қойған екен. Бурынғы ханды жақын ўәзир етеди. Өзи гейде «ханман» деп асып-тасқан ўақытта баяғы гөне кийимлерин көрип, райдан қайтады екен. Халық «Аяз хан заманында әдил хан болды» деседи екен. Ол хан болып турғанда баяғы Ақшаханның елиндеги үйин көширип алады. Байлықтан байсынғанда ол өзине-өзи «Аяз хан ҳалыңды бил, қумырысқа жолыңды бил» деп нәсият айтады екен.

Сөйтип, Аяз хан өзиниң тапқырлығы, ҳаялынын да ақыллылығы менен мурады-мақсетине жетипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АҚЫЛ ЖАСТА ЕМЕС
(Р-98, № 42923)

Бурынғы өткен заманда бир бай болыпты. Оның бир ақылсыз баласы бар екен. Бай баласынан түңилип, «қаттылық көрсе писер» деп мал бақтырып қоя берипти.

Бир күнлери сол ауылдың жигитлери байдың баласын тутып алып:

—Ҳәй, байдың баласы, көрген күниң қурысын! Атаңның сонша малы болса да, жылына шопанға бериуге бир баспағын қызғанып, сени мал кейнине салып қойыпты. Өзиң менен қатар жигитлердиң еки-үш баласы бар, сен болсаң мал кейнинде жүрсең, — деп көп ызасын келтиретуғын сөзлерди айтып, арын келтирипти.

Байдың баласы кеште малды айдап келип, аўқат ишпестен жатып қалыпты. Азанда малды да падаға айдамапты. Әкеси ҳаялынан сорапты:

— Мал усы ўаққа шекем айдалмады. Бала қайда кетти?

— Билмеймиз, кеште тамағына да келмеди, — деди ҳаялы.

Бай баласының жатқан үйине келип қараса, баласы жатыр.

— Малды неге айдамай қойыпсаң? — деп әкеси сорады.

— Усы ўаққа шекем баққаным болар. Енди шопан таўып бақтыр, мен бақпайман. Өзим қатарлы жигитлердиң бәри үйленген. Кеминде еки-үш баласы бар. Мен үйленгеним де жоқ, — депти.

— Жаңа есиңди жыйнапсаң. Ондай болса, қолыңа қырық серке беремен. Серкелерди базарға апарып сатып, пулын алып кел. Сатпай, өзин алып кел, — депти бай.

— Яқшы,—депти баласы.

Қолына қырық серке берип, әкеси баласын базарға жиберди. Баласы базарға серкелерин салыпты. Алыўшы келип:

— Әй бала, серкеңе не айтасаң? — деп сорады.

— Серкениң баҳасы жоқ. Сатып пулын аламан, сатпай өзин аламан, — дейди бала.

Алыўшылар:

— Мына баланың еси пүтин бе, бизден серкениң пулын алса, және қунын алса! Бизиң пайдамыз қайда? — деп ҳайран болып кете берипти.

Базар тарқап, баланың бир өзи қалыпты. Сол қаладағы бир ғарры үйине келипти. Оның он бестеги қызы бар екен. Қызына айтты:

— Мен базарда бир байдың баласын көрдим. Қырық серке алып келипти. Алыўшылар сораса, «Баҳасы жоқ, сатып пулын аламан, сатпай өзин аламан» деди. Базар да тарқап кетипти, тек өзи қалды.

Сонда қызы:

— Ата, тез барың, бир жаққа кетип қалмасын, үйге алып келиң. Әкеси сынаў ушын жиберген. Келер базарға шекем үйде болсын. Серкелеринин дәрисинен пайдаланың. Өзим сатыўдың жолын айтаман, — деп атасын базарға жибереди.

Атасы байдың баласына барып, қызының айтқанларын түсиндирди ҳәм үйине шақырды. Баланы көргенде қызы:

— Келер базарға шекем серкелерди қырықтырып, жүнин қаплатып бар. Енди сата бер, үйиңе барып, атаңа «мынаў сатқандағы пулы, мына қаптағы өзи» деп айт, — депти.

Байдың баласы серкелерин сатып, үйине барып, атасына:

— Мынаў айтқандағы пулың, мынаў қалтадағы өзи, — депти.

Сонда турып бай:

— Бул ақылды ким тапты? — деп сорады.

— Өзимниң ойлағаным, — дейди баласы қас қақпай.

— Жоқ, өзиң болғанда сол кеткен базарыңда-ақ сатасаң. Айт, айтпасаң, барыңнан жоғын, өлтиремен, — депти.

Бала қорққанынан:

— Бир жарлының қызы айтты, — деди.

Бай өзиниң адамларын жиберип, жарлының қызын баласына алып берипти.

Бир күнлери жазғы жайлаў излеп жүрсе, қырық қарақшы байды тутып алып, өлтирмекши болыпты. Сонда бай:

— Сизлер мени өлтирип, бир атымды аласыз. Оннан да еки адамыңызды жибериң. Егер исенбесеңиз, мени сизлер еки адамыныз келгенше жибермей турың. Егер өтирик айтсам, соннан кейин өлтириң, — депти.

— Айт, баратуғын адам тайын, қандай дүньяң бар? — деп қарақшылардың баслығы сорады.

— Дүнья-малым баршылық. Келискен болсаңыз, аманат қосайын, соны айта барың. Сандықта билеў



www.ziyouz.com kutubxonasi

қайрағым бар, балтаны қайраққа жонсын. Қайрақты балтаға жонсын. Есиктиң алдында еки терек бар. Бирин қоймай путасын. Елде қырық нарым бар, күн демей, түн демей жеткерсин, сол қырық нар түйе сизлерге жетпей ме? — депти бай.

Қарақшының сәрдары:

— Сизлер екеўиңиз барың. Келгенше услап отырамыз.

Екеўин байдың үйине жиберипти. Узақ жол жүргеннен кейин сорастырып байдың есигине келди де, «хабарласың» деди.

Келини далаға шығыпты.

— Байдың үйи усы ма? — деп сорады биринши қарақшы.

— Аўа, усы, келиң, — деди келини үйине мирәт етип.

— Сиз кими боласыз? — деп сорады екинши қарақшы келининен.

— Келинимен. Атам жумыслары менен кетип еди. Аманлық па?

— Бай бизлер менен қоңсы болатуғын болды. Бизлер малымызға баратыр едик. «Бизиң үйдиң үстинен жүрип өтиң. Мениң аманатымды айтып кетиң» деп еди, — дейди биринши қарақшы.

— Айтыңыз, қандай аманат екен? — деп сорады келини.

— Сандықта билеў қайрақ бар, қапталда өтпес балтам бар. Балтаны қайраққа жонсын, қайрақты балтаға жонсын. Есиктиң алдында еки ақ терек бар. Бирин қоймай путасын. Елде қырық нарым бар, күн-түн демей жеткерсин, — деди.

Келини әсте ғана сыбырлап байдың баласын, яғный күйеўин шақырып алып:

— Атамды қарақшылар тутыпты. Сандықтағы билеў қайрақ — мен, қапталдағы өтпес балта — сен, балтаны қайраққа жонсын, қайрақты балтаға жонсын дегени — келиним балам менен ойлассын, дегени. Есиктиң алдында еки ақ терегим бар, бирин қоймай путасын дегени — мынаў еки адам қарақшылардан, екеўиниң қулақ-мурнын кесип, өзлерине жегизсин дегени. Елде қырық нарым бар, күн-түн демей жеткерсин дегени — елден қырық адам жыйна, мени қырық қарақшы тутты, дегени. Сен тез жигитлерге хабарландыр. Соған дейин өзим иркемен, — деп түсиндирипти.

Сөйтип, байдың ақыллы келини далаға шығып, келген еки адамға қарап:

— Мийманлар, мына отаўға түсип, шай-пай ишип турың, мына баласын ҳәзир жиберип қырық нарын алдыраман, хызмет болмасын, усы нарларды атама апарып кетиң, берекет тапқайсыз, — деп қарақшыларды үйине киргизип, шай бере берди.

Көп кешикпей елиниң адамлары келип, урыларды тутып алып, қулақ-мурнын дужырып кесип алдына салып жүрди.

— Қәне, бизлерге байды таўып бер! Айтқан қырық нары бизлер боламыз. Бай қырық деген екен, бизлер қырық бирмиз, несийбең шығар, — деп, жыйналған халық байдың баласын да ертип тутқынларының силтеўи менен мәнзилге жетип, қырық қарақшыны өлтирип, байды өлимнен қутқарып алыпты. Усы мүнәсибет пенен бай халықты жыйнап, жети күн, жети түн той берип, жасүлкенлердиң пәтиясын алды, жетим-жесирлердиң алғысын алды.

Күнлерден бир күн бай қартайып, өлер алдында баласын шақырып алады:

— Балам, мениң дәўлетим саған паян болмайды. Малым барында бәлент жерлерден қоныс бас. Усы гәплеримди зинхар умытпа, — дейди.

Баласы басын ийзеп мақул деп турады. Бай көп кешикпей дүньядан өтипти. Баласы:

— Атам жерден мал таўсылмай бәлент-бәлент қоныс бас, деген еди, — деп, аўылының адамларын көмекке шақырып, дүзде жүрген жеринен малларын айдап алып кетип, сойып, қай жерде төбе бар, қай жерде қум бар, басллы орнына жай сала береди. Сөйтип жүрип барлық малын сойып жоқ етипти.

Ҳаялының жайға деп сақлап қалған ешкиси бар екен. Ақырында соны сорады. Ақыллы ҳаялы:

— Дүзде сонша мал болып, үйдеги жайға сақлап отырған ешки көзиңе көринди ме? — деди.

— Дүзде мал қалды ма? — дейди күйеўи.

— Хаў, сонша маллар қайда? — деп ҳаялы ҳайран болып сорайды.

— Сойып жоқ еттим. Әкем өлмесинен алдын айтқан еди.

— Атам не деп айтқан еди өзи?

— Мениң малым саған паян болмайды деген еди. Маллар таўсылмай турып, бәлент-бәлент жерлерден қоныс бас, деп айтқан нәсияты бойынша ашық жер қоймай жай салып болдым. Бир төбениң басындағы жайдың пәрдийўалы қалып еди. Соған соярға малымыз қалмады, — деди жигит.

— Ҳәй, маңлайым қурысын, маған неге бурынырақ айтпадың? Сонша төбеге, қумға жай салып, байыўлы қамайсаң ба? Атам саған бәлент-бәлент төбелерден қоныс бас дегени — малдың барында аты шыққан айбатлы жигитлер менен дос бол, малдан айырылып аш түскен ўақытта солар сени қорламайды дегени ғой, — дейди ҳаялы.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит әкесиниң астарлы гәплерине түсинбегенине оғада пушайман болып, өкинеди. Бирақ, енди жүдә кеш болған еди. Олар барлық малдан айырылып аш түсип қалыпты.

Бир күнлери жигиттиң хаялы бир ул туўыпты. Баласы бир жасына келгенде әкеси қайтыс болады. Ери өлген соң хожалық ҳаялдың бир өзине түсип қалады. Ол базардан бир туўша сатып алыпты. Ешкиси егизден туўып, еркек ылағын нашар ылаққа аўыстырып, бир жылда бирқанша ешки болыпты.

Арадан бес-алты жыл өтипти. Баласына ешкилерди бақтырып қоя берипти. Енди, сол қаланың патшасына тағы бир елдиң патшасы елши жиберипти. Елши мына гәплерди айтып келипти:

— Жылқысын киснетпесин, киснеген хаўазынан бизиң елдиң байталлары иш таслап атыр. Егер киснете берсе, урыс майданына шықсын!

Патша ҳайран қалып, сарай ўәзирлери менен ойласыпты.

— Бул қандай зорлық? Усы елдиң айғыры алты айлық жолдағы және бир елдиң байталына даўысы жетип, иш салар ма екен? Тек урысыўға сылтаў таппай атырғаны болды ғой. Бирақ, бизлерде күш кем, бир нәрсе ойлап табыў керек, — дейди патша тәшўишке түсип.

— Урысыўға қураллы күшимиз аз, ләшкерлеримиз де кем. Буған ақыллы, дана, сөзге шешен елшини таңлап алып жибериў керек. Сол елши жат елдиң патшасын қандай да бир гәплер менен жылытып, ўақытша болса да урыстың алдын алып турыўы тийис. Бизлер соған шекем бир илажын көрип турамыз, — депти бир ўәзири.

Бул сөз патшаға мақул түсип, елине жар қышқыртып, узағына хат жоллап, жақынына ат жоллапты:

— Кимде-ким ақыллы, дана болып, бизиң жаўымызға барып, урыспай-ақ, тынышлық жолы менен, жыллы сөз бенен қәўипти бастырып, тоқтатып қайтса, сол адам патшаның ең қәдирли ақылгөйи болады!

Арадан көп ўақыт өтипти. Елден буған ыразы болған ҳешкимди таба алмапты. Соннан кейин адамның санын көбейтип, аўылма-аўыл, елат па, елат излетипти.

Бир күнлери баяғы байдың ақлығы, шопан болып жүрген бала қой-жанлығын жайып жүргенинде еки ат минген адам келипти. Сол ўақытта бала бир өзекше суўдан етигин кийип өтип баратырған екен. Бунын гүўасы болған еки адам балаға ҳайран болыпты.

— Қырда етигиңди шешип жүресең, ал, суўда етигиңди кийип өткениң неси? — деп сорапты биреўи баладан.

— Қырда мың бәле болса, суўда мың да бир бәле бар. Қырдағыны көзиң көрсе, суўдағыны көрмейсең. Сол ушын суўдан етик кийип өттим, — деп жуўап берди бала.

Еки адам баладан бул сөзди еситип, «бунда бир гәп бар екен, бунын үйине барайық» деген қарарға келеди.

— Ҳәй, бала, үйиң қайда? — деп сорайды патшаның адамы.

— Үйим туўылған жеримде, — деп жуўап берди бала.

— Бизге жөнин айта ғой, бала, — дейди биреўи.

— Бизлерге жөнин айт. Қойды қайдан айдап шықтың? — депти екиншиси.

— Қорадан айдап шықтым, — деп бала жуўап берипти.

— Ҳәй, бала, бүгин бизлер үйиңде қонамыз. Қонақ асымызға не соясаң? — деди бириншиси.

— Тапсам биреўин сояман, таппасам екеўин сояман, — деп жуўап берди бала.

— Хаў, сениң есиң дурыс па? Тапсаң биреўин, таппасаң екеўин қалай соясаң? — деп екиншиси таңланып сорайды.

Шопан бала бул сораўға жуўап бергиси келмей:

— Күни менен «үйиңде қонамыз» деп айтсаңыз болады-ғо, әне, анаў көргениңиз бизиң аўыл, — деп силтеп жибереди.

Бала кеште қой-жанлығын айдап келсе, үйинде бағанағы жолда көрген адамлар қонақ болып отырған екен. Қораға ешкилерин қамап, келген мийманларға соятуғын қонақ асы излейди. Ишинен қысыр таппайды. Илажсыздан бир буўаз туўша сояды. Ишинен жалқы ылақ шығады. Ылағын да сойып екеўин қазанға асып, гөшин писирип алдына еки гелле қояды. Олар менен апақ-шапақ сөйлесип отырады.

— Әне қонақларым, сизге айтып едим-ғо, тапсам биреўин сояман, таппасам екеўин сояман деп. Таппадым, буўаз туўшамды сойып, алдыңызға еки геллени сол ушын қойыппан, — депти.

Бул еки патшадан келген адам оның гәплерине ҳайран қалысады бас ийзеседи. Азанда баланың анасына:

— Елимизге басқа бир патша үстемлик еткиси келип атыр. Сол патшаны урыс кәҳәринен, гәптен қайтаратуғын адам излеп жүргенимизге көп ўақыт болды. Бизлер кешеден берли байқас етип отырмыз. Сизиң балаңыздың ақыл-ойы, өткир пикири бизлерге мақул келип отыр. Сол ўазыйпа балаңыздың қолынан келсе керек. Сиз балаңызды бизлер менен жибериң, патшаға апарамыз, — депти.

Патша айтқан болса, пуқарада не турыс? Анасы не илаж етсин, баласын патшаның адамларына

www.ziyouz.com kutubxonasi

берип жибереди. Баланы патшаға алып барады. Патша оған қарап:

— Бизлер зорлыққа ушырап атырмыз. Бизге алыс жurттың ҳүкимдары душпанлық ойлап жүр. Ол қанлы урысты қәлейди, бизлер урыстан қорқып атырғанымыз жоқ. Бирақ, бизлерде әскерлер аз. Сол саўашты тоқтатып қайтарсаң ба? — депти.

Бала патшаға ийилип:

— Әлбетте, бараман. Ўатаным ушын жанымды пидә етиўге таярман, — депти.

Ҳәмме оның кишкене болыўына қарамастан үлкен адамлардай болып айтқан сөзлерине таң қалысыпты.

— Саған не керек болса, айта бер, тайын етемиз, — дейди патша.

— Маған ондай көп зат керек емес, барғанша-келгенше азығым, оннан соң қырық әскер, үлкен түйе, тағы сақаллы ақ серке берсеңиз болды, — депти бала.

Сарай хызметкерлери оның айтқанларының бәрин алып келеди. Патша ҳақ жол тилеп, ақ пәтиясын берип жибереди.

Бала жолға шығыпты. Бирнеше ай жол жүрип, душпанлық ойлап атырған патшаның қаласына кирип барыпты. Барып түйесин жетеклеп, көшеме-көше жүрип, үрген ийт болса өлтирте берипти. Бес-алты күнде қаланың ийти әдеўир сийреклениипти. Ийтлердин ийелери «ийтти өлтиртпеймен» десе, «патша ҳәмири, бизге патша «үрген ийт болса өлтир» деп буйрық берди», — депти.

Адамлар патшаға шағым етипти:

— Кишкентай бир баланың қасында қырық әскери бар. Үрип шыққан ийт болса, өлтиреди. Бул неңиз, бул қалай болды? десек, патша ҳәмири, бизге патша «үрип шыққан ийт болса өлтириң» деп буйрық берди деп айтып атыр, — депти.

Сонда патша:

— Ҳаў, ол қандай бала? Мен ҳешкимге ондай буйрық бермедим. Барың, мениң алдыма алып келиң, — деп қараўындағы жәллатларын жиберипти.

Жәллатлар баланы әскери менен патшаға алып келипти. Бала қасындағы жәллатларына «патшаға өзим жуўап беремен, сизлер индемең» депти. Патша баладан:

— Қәне, балам, мениң атымнан буйрық шығарып, қаланың ийтлерин неге өлтирип болдың? — деп сорапты.

Бала орнынан турып:

— Тақсыр, бизиң патшамыз буйрық берди. Сизиң елдин үрген ийтиниң даўысына бизиң елдиң буўаз ийтлери иш таслап атыр. Сол ушын да хан ҳәмири менен өлтирип жүрмен, — депти.

Патша ғәзепленип:

— Ҳәй, бала, сен жиллимисең? Бизиң елдиң ийтиниң даўысы алты айлық жолдағы сизиң елге барып болып па? — дейди орнынан турып.

— Қуллық тақсыр, төрелигиңе, бизиң елдиң айғырының даўысы сизиң елдеги байталлардың қулағына жетип, үркитип атырғанда, ийтлериңиздиң даўысы бизлерге жетпей ме? — дейди бала иркилместен.

Патша не дерин билмей, албырап қалады. Ол жас баладан бундай гәплерди күтпеген еди. Ол баладан гәптен утылғанына ары келип:

— Ҳей бала, үлкениң жоқ па, мен сениң менен сөйлеспеймен, — дейди.

— Үлкеним бар, тақсыр, — депти бала.

— Бар болса, усы жерге алып кел, — дейди патша қәҳәрленип.

— Яқшы, — деп, бала майданға шығып, үлкен нарды алып минип кирип келеди.

— Тақсыр, бизиң усыдан үлкенимиз жоқ, — дейди бала.

Патшаның әбден ашыўы келип:

— Мен саған ақсақалыңды алып кел дедим ғой, — депти.

— Ақсақалымыз бар, — деп, майданнан сақалы үш қарыс ақ серкени жетеклеп келип:

— Мине, тақсыр, жумысың усының менен питсе, — депти.

Патша гәптен утылып, не етерин билмей, өзиниң еткен қәтелигин мойнына алыпты.

— Патшаңа айтып бар, бизики қәте болған екен, қәтелигимди мойынладым. Ендиги жағында тыныш жасаймыз, — деп, елине жақсылап сарпайлап шығарып салады.

Бир неше күнлерден кейин бала елиниң патшасына келип болған исти айтып береди. Патша балаға миннетдар болып, алғысын айтып көп сыйлықларды берип, өзиниң ойласатуғын мәсләҳәтгөйи етипти. Бала анасын қасына алып, оған ылайықлы келин алып берип, мурады-максетине жетипти. «Ақыл жаста емес, баста» деген даналық сөз соннан қалған дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДҮНЬЯДА НЕ МАЗАЛЫ ҲӘМ НЕ АШШЫ?
(№182787)

Бир бар екен, бир жоқ екен, узақ бир елде данышпан патша болып, ол елди әдил басқарыпты. Ҳәттеки, душпанлары да бул елге урыс ашыўға қорқады екен. Патша тек бир нәрседен қорқады екен. Ол да болса, өзиниң бийперзентлиги. Ол көп ойланыпты.

Арадан жыллар өтип, ол қартайыпты. Енди елди әдил басқаратуғын адамды табыў үстинде көп ойланып, соң бир шешимге келипти. Соң өз халқына жар салдырып, былай депти:

— Дүньяда ең мазалы ҳәм ең ашшы затты таўып келген адам мениң тахтымды ийелеп мийрасхорым болады.

Патшалықтағы барлық адамлар ойланып жуўап таба алмапты. Ҳәр ким ҳәр нәрсени алып патшаға әкелип көрсетипти. Бирақ, патшаның адамлардың әкелген нәрселерине, олардың айтқан жуўапларына кеўли толмапты.

Арадан бир неше күн өтипти. Бирақ, ҳеш ким бул сораўға жуўап таба алмапты. Сонда патша ўәзирлерин шақырып:

— Патшалықтағы барлық адамлар келип болды ма? — деп сорапты.

Ўәзирлери барлық адам келгенлигин айтыпты. Сонда адамлардың ишинен бир адам шығып, патшалықтың душпан менен шегаралас бир аўылында бир жигиттиң келмей қалғанлығын айтыпты. Патша ўәзирлерин сол жигитке жиберипти. Барса, жигит ўәзирлерине өзи бара алмайтуғынлығын, ал, патшаға малдың бир бөлек тилин апарып бериўин сорапты.

Ўәзирлер жигиттиң берип жиберген малдың тилин патшаға көрсетипти.

Патша жигиттиң неге келмегенине, не ушын тилди берип жибергенине түсинбепти. Патша ўәзирлерин жигиттиң алдына жиберип оның келиўин буйырыпты. Бирақ, жигит келмепти. Патша жүдә ҳайран болыпты. Соң ол жигитти өзи барып көриўге қарар етипти. Патша ўәзирлери менен жигиттиң үйине келипти. Жигит үйинен сыртқа шығып патшаны күтип алыпты. Патша не ушын бармағанын сорағанда, жигит үйинде төсек тартып жатқан анасын көсетип:

— Мағаn дүньяда ең қымбатлы инсан — анамды таслап кете алмас едим. Ал, берип жиберген малдың тилине келсек, тил бул дүньяда ең мазалы ҳәм ең ашшы нәрсе. Адамның бир аўыз шийрин сөзи өмирден гүдерин үзген адамды қайтадан өмирге қайтарыўы, ал, бир аўыз ашшы сөзи адамды өлимге гириптар етиўи, тил арқалы бир ел менен екинши ел досласыўы ямаса душпан болып қалыўы мүмкин, — депти.

Патша бул жигиттиң ақыллылығына кеўли толыпты ҳәм оны елине патша етипти. Жигит елди әдил басқарып, халық арасында үлкен абырайға ийе болып, бахытлы өмир кеширипти.

## КӨСЕ, САҚАЛЛЫ ҲӘМ МУРТЛАШ
(Р-80, №350411)

Бурынғы заманда бир патша ўәзирлерине:

— Сақал шықпаған көсе, сақалы қара, шашы ағарған ҳәм муртының бир жағы ағарған үш адамды таўып келесиз, — деп буйрық берипти.

Ўәзирлер елге шығып кетип көсе, сақалы қара, шашы ағарған, муртының бир жағы ағарған үш адамды таўып келеди. Патша шашы ақ, сақалы қара адамнан шашының ағарған себебин сорапты.

— Шашым сақалымнан жигирма бес жасқа үлкен. Шашымның сақалымнан бурын ағарған себеби сол, — депти сақалы қара, шашы ақ киси.

Патша буннан кейин муртының бир жағы ағарған адамнан себебин сорапты.

— Ат жаман болды, қатын шатақ болды, ызасы жүрегиме түсти. Сол ушын жүрегим тәрептеги муртымның ағарған себеби сол еди, — депти.

Гезек көсеге келеди.

— Мениң әкем—шешемнин ҳеш перзенти болмаған екен. Бир күни мени туўыпты. Туўылғанда қыз болсам, әкем өкпелер деп, ер бала болсам, шешем өкпелер деп, бет әлпетим шешеме, төменги жағым әкеме усап туўылыппан, — дейди көсе.

Патша булардың айтқан дәлилине қанаатланып үшеўине алпыс тилладан берип жиберипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҮШ БАЙЛЫҚ
(№182787)

Бурынғы өткен заманда «Торғайлы» деген елатта бир залым хан болған екен. Ол сондай қатал, адамларға хеш мийрими келмейди екен. Хан қараўындағы ўәзирлерге көп жумыс буйырар, егер орынламаса, қатты жазалайды екен.

Күнлердиң биринде хан ўәзирлериниң саўатлылығын тексерип көриў мақсетинде ўәзирлерин алдына шақырып:

— Байлық деген не? Ол қандай мәнисти билдиреди? Соны билип келиң! Сизлерге алты күн мәўлет беремен. Егер туўры жуўап таба алмасаңыз, бәриңиз де жазаланасыз, — депти.

Ўәзирлер әри ойланып, бери ойланып, дурыслы жуўап таба алмапты. Сөйтип олар аўылдағы ең жасы үлкен ғаррының алдына барып, келгендеги мақсетин айтыпты. Ғарры жүдә саўатлы екен. Оның сөйлеген хәр бир сөзинен-ақ аңлаўға болады екен.

Ғарры оларға:

— Дүньяда байлықлардың өзи көп. Соның ишинде ең қәдирли үш байлық бар. Бириншиси — бул денсаўлық, себеби, сениң денсаўлығың болмаса, бул дүньяда хеш нәрсеге ерисе алмайсаң. Екиншиси, бул ата-анаң үлкен байлық есапланады. Өмирде ата-анаң бәрқулла сениң сүйенишиң болады. Соның ушын, ата-ана қәдирине жете билиўиң керек. Үшиншиси болса, бул ақыл. Ақыл бәрқулла адамларға туўры жол көрсетеди. Мине, усыларды ханға айтып барың! — деп ғарры сөзин жуўмақлапты.

Ўәзирлер патшаның алдына келип, ғаррының айтқан жуўапларын қалдырмастан айтып берипти. Хан бул жуўаплардың дурыслығына ҳайран қалып:

— Сизлерге буны ким айтты? — деп сорапты.

Ўәзирлер қорққанынан расынан келип, бәрин жасырмай айтып берипти. Хан дәрхал ғаррыны сарайға алдырыпты хәм оны сыйлы қонақ етип, жақсылап күтипти. Ғаррының хүрметин орнына қойып, мол-молдан саўға берипти. Солай етип, хан сол күннен баслап қәхәринен қайтып, халқына жақсы қарым-қатнаста болатуғын болыпты. Халқы абадан турмыс кеширипти.

## ЖАҢЫЛТПАШ ЕРТЕК
(Р-22, № 82401)

Ертегим ерте болар, қулағы бөрте болар, қошқар аўыл болар, тырна жасаўыл болар, хәкке бийдымақ болар, бөдене шойнақ болар, терини ийлесең, ултан болар, кимди қудай қәлесе султан болар.

Әнтәлебиў-тәнтәлебиў. Айланышты қойып, туўры жолды төтелеп, постынды минип, шекпенди жетелеп, әдияны-әндиян, әндияннан шыққан алты жан, алтаўы хәм палўан.

Атып алдық бир қоян, бесеўимиз бастық, биреўимиз баўызладық. Алтаўымыз терисин сыйырып, ишин жарып сойдық, шорбасын пышық жеди. Пышық кетти таў басына, биз хәм кеттик таў басына.

Сейилханның қаласын от алды деп еситтик, еситтик те жетистик. Бүрге менен билек тутыстық. Бүрге бизди мың жықты, бүргени биз өлип талып бир жықтық.

Бүргениң мурнын тестик. Шубар ала жипти естик. Бүргениң мурнына тақтық. Достымыз екеўимиз мингестик, Әмиў дәрьясынан кештик. Гүргил дәрўазасын аштық. Қассап пенен кеңестик. Қассап баҳасы шықпады. Урдық көтерип бүргени жерге. Алпыс батпан майы шықты, жетпис батпан гөши шықты. Майын сабыншыға бердик, гөшин қассапқа бердик. Терисин теришиге бердик. Өзимизге бас териси қалды. Бас терисин хәм ийлеп, пишип едик, алпыс аҳана шықты, жетпис жәҳана шықты, қырындысы-пырындысы қырық пышаққа қын шықты.

Буннан асып кетип баратыр едик, алдымыздан үш жап шықты, екеўи қуры, биреўинде дым суўы жоқ.

Буннан хәм асып кетип баратыр едик, дым суўы жоқ жаптың ишинен үш балық шықты, екеўи өлип қалыпты, биреўиниң жаны жоқ.

Буннан хәм кетип баратыр едик, алдымыздан үш қазан шықты. Олардың екеўи сынық, ал биреўиниң дым ғана саў жери жоқ.

Баяғы үш балықты астық, алпыс арба отын жақтық. Ҳарам болсын, сонда да бир бүлкилдеп қайнаған жоқ.

Өйттик-бүйттик, үш балықты қайтып жедик, ишимиз дырдай болды, мойнымыз қылдай болды, аяғымыз шийдей болды, сонда да дым ғана жарығанымыз жоқ.

Дәрьядан шықты бир қабан, көзлери яман-яман.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАҢЫЛТПАШ ЕРТЕК

(Р-22, № 82401)

Атадан туўғанда алтаў едик, өле-өле жетеў болдық. Әкем мени енши берип басқа шығарды. Еншиме бир теңге берди, оның да мөри жоқ. Мөри жоқ теңгени алып баратыр едим, алдымнан үш жап шықты. Екеўи кеўип қалыпты, биреўинин ултанында хөли жоқ. Хөли жоқ жаптың ишинде үш балық жатыр екен. Екеўи өлип қалыпты, биреўинин жаны жоқ. Жаны жоқ балықты алып кетип баратыр едим, алдымнан үш қазан шықты. Екеўи бөлек-бөлек сынып қалыпты, биреўинин түби жоқ. Түби жоқ қазанға жаны жоқ балықты асып едим, майының аўырлығы алтмыш батпан шықты. Бир етигимди майлап едим, бир етигиме жеткени хәм жоқ.

Бир заман қарасам, еки етигим урысып атыр екен. Қуў етигимнин қулағына урдым, жас етигимниң жанбасына урдым, екеўин айырдым. Енди бир заман қарасам, қуў етигим қашып кетипти. Еки аяғымды бир етигиме суғып алып, диңк-диңк, зиңк-зиңк, излеп кете бердим. Барсам, бир жаптың аяғында дийханшылық етип жүр екен. Пақал дегени балтырдай, бас дегени ат торбадай, өмирде дәни жоқ. Сол егинлерди аралап тамаша қылып жүрсем, етигим тағы қашып кетипти. Және бир етигимди кийип алып излеп кете бердим, барсам, бир тойда табақ тартып жүрген екен. Мени көрип, маған қорыққанынан қос табақ, сасқанынан сас табақ, бир өзиме бес табақ берди. Бәрин жеп тойып алдым, шөлледим. Бир көп суў көринди. Суў ишейин деп барып едим, тас болып қатып қалыпты, өмирде ишкендей хәм суўы жоқ. Аяғымнан услап, басым менен салып қалдым. Муз қақ айырылды. Суўды ишип тойып алдым. Енди қарасам, уртыма бақа-шаян толып қалыпты, оны таслағандай жер хәм жоқ.

Сонда биреў:

— Көл дегениң көлмек шығар, — депти.

— Көлмек болса болғандай еди. Ол шетинен ушқан қус бул шетине талып түскендей еди.

— Қус дегениң хәкке шығар.

— Хәкке болса болғандай еди, бир қанаты жүз бас үйге хәм туўырлық хәм үзик болғандай еди. Бир жағында сегиз жүз қой, сексен нар боталап-қозылап жатқандай еди, — депти.

## БИР КЕСЕ АНАР СУЎЫ

(Р-565, № 176508)

Бурынғы өткен заманда бир патша болған екен. Ол бир күни шикарға шығып қайтып киятырып бир сулыў бағды ушыратыпты хәм сол бағда иркилип дем алыўды мақул көрипти. Ол бағда түрли жемислерди жеп отырып, бир анарды кесеге сығып көрген екен, анардың суўына бир кесе толыпты. Патша буны көрип, бағманнан:

— Сиз усы бағдың салығы ушын жылда патша ғәзийнесине қанша салық төлейсиз? — деп сорапты.

Бағман патшаға:

— Елиў тилла, — деп жуўап береди.

Патша буған наразы болып:

— Сизиң бағыңыздың өнимине салыстырғанда бул салық муғдары жүдә аз. Бүгиннен баслап мың тилла төлейсиз, — депти.

Сөйтип патша және бир сондай анарды алып, суўын сығып ишпекши болыпты. Бул сапары кесе ярым болыпты.

Буған патша хайран болып:

— Мейли, ырайдан қайттым. Бурынғыдай елиў тилладан төлейбериң, — депти де, және бир анарды кесеге сығыпты. Кесе анар суўына толыпты.

Сонда патша бағманнан:

— Бул қалай, әўелги кесе толды, екинши ярым болды, үшинши кесе де толды? — деп сорапты.

Бағман патшаға:

— Тақсыр, сиз әўелги кесе толғанда қыялыңыз бузылды, соның ушын екинши кесе ярым болды, оннан кейин және ырайдан қайтып едиңиз, үшинши кесе тағы толды, — деп жуўап берипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҲАҚГӨЙ АДАМ
(Р-63, № 34661)

Бурынғы өткен заманда бир патша бар еди. Күнлерден бир күн патша ҳүкимдар кийимин таслап, күнликши кийимин кийип, халықтың турмысын өз көзи менен көриўге шығады. Жол жүрди, жол жүрсе де мол жүрди. Бир жерлерге келгенде бир байдың атызын аўдарып атырған күнликшини көрди.

— Ассалаўма-әлейкум! Ҳарман! — депти.

— Бар болың, — депти күнликши.

— Ҳаў, жора, бир күнге неше теңге алып аўдарып атырсаң? — деди патша.

— Бир теңге аламан,—дейди күнликши.

— Мийнет ҳақың дым көп ғой, жора, — деп патша ҳайран қалды.

— Көп емес, күнимизге зорға жетеди, — депти күнликши.

— Сонша теңгени не қыласаң? — депти патша.

— Бир теңге төрт шайы болады, оны өзиң билесең. Бир шайыны қарызыма беремен, бир шайыны қарызға беремен, бир шайыны ҳаялымыз бенен аўқатланамыз, бир шайыны суўға таслайман, соның менен төрт шайы орнын табады, төрт шайы бир теңге, көп емес ғой, жора, — деп жуўап берди күнликши.

Әне, патша турып ойланды:

— «Бир теңгени көп емес» деди. Қарызына береди ҳәм қарызға да береди. Және суўға таслайды. Мен қайтайын, ертең шақыртып алайын, мен буның мәнисин сорайын, айтпаса өлтирейин.

Ертеңине патша жасаўылларын жиберип, кешеги күнликшини шақырып алды. Күнликши кешеги сөйлескен адамының патша екенин билди. Ҳүкимдар орнынан турып:

— Кеше күнликши кийинип барғанда қол қаўсырмай сөйлесип един. Бүгин не ушын қол қаўсырып турсыз? — деди.

— Тақсыр, кеше патша менен сөйлескеним жоқ, бүгин патша алдында тәртип сақлап турғаным, — деди күнликши.

— Мейли, буны қояйық. Кешеги сөзлериңниң мәнисин айт: өзиң төрт шайы жетпейди дейсең. Солай болса да, бир шайыны қарызыңа, бир шайыны қарызға, және бир шайыны суўға таслайсаң, жетпесе, не ушын олай етесең? — депти патша.

— Қуллық тақсыр, бир теңге төрт шайы. Бир шайыны қарызыма беремен дегеним, мениң үйимде ата-анам бар, олардан қарызым көп, бир шайыны солар ушын жумсайман. Бир шайыны қарызға бергеним — ул-қызларым бар, өзим қартайғанда қайтып алыў ушын соларға жумсайман. Бир шайы ҳаялымыз екеўимизге зорға жетеди. Ал, қалған бир шайыға дуз сатып аламан, суўға саламан, татымайды, сизиң дәўириңизде дуз қымбат, жетпейди, — деп жуўап берди күнликши. — Ал, кеше қол қаўсырмағаным, сизде патшалық тажы жоқ еди. Сиз де мендей күнликши единиз, күнликшиге күнликши бас ийе ме, ал, бүгин бас ийиўге мәжбүрмен, себеби, патшалық тажыңыз бар.

Патша бундай жуўапты күтпеген еди. Ол өзиниң халық пенен иси болмай жүргенин түсинди. Күнликшиниң сөзин тыңлап қараса, барлығы дурыс. Сол мәҳәлден баслап базарда дузды арзанлатып, қалған өмирин халық пенен ислескен екен. Халық абаданшылықта, молшылықта жасапты.

## ҮШ АҒАЙИНЛИ АЗАМАТ
(Р-98, № 41533)

Өткен заманның бир бурылысында Асқар, Басқар, Айдар деген үш ағайинли жигитлер болған екен. Бул үшеўиниң жыйған малы бир өгиз болыпты. Сол өгиздиң оты, суўы, тәрбиясы ушын үшеўи тақ турыпты. Өгиз дәрьядан ылай суў ишпейди, сол ушын үлкен бир көл ислеп, соған суў әкелип қуйдырып тындырып, айында бир мәрте суўғарады екен. Бир айға шекем отын жуўып берип бағa береди. Өгиз жүдә турпатлы болып, суўға апарғанда ағасы жетеклейди, ортаншысы қапталлап барады, кишкенеси изинен айдайды екен. Жолда баратырғанда айдаўшы иниси «суўға жеттик пе?» деп даўысы барынша бақырса, белдеги ағасына зорға жетеди. Белдеги ағасы бақырса, жетеклеўши ағасына даўысы зорға жетеди екен. Өгиз ҳәр ишкенде сол көлди таўысып қайтады екен, көл айында бир толады екен. Бир күни өгиз суў ишип турса, көлден бир жайын шығып, өгизди қуйрығы менен қағып алып жутып қойған. Жайын суўдан шығып үсти кеўип жатырғанда, аспаннан бир қара қус келип өгизди жутқан жайынды көтерип алып кетеди. Қара қус қонарға кең төбе қолайлап жүрсе, бир шопан ғарры қой-ешкилерин үйирип таслап жатырған екен. Соның ишинде қойды баслаўшы үлкен бир серкеси бар екен. Сол серкениң еки мүйизиниң арасына серкениң басына қонады да, қара қус жайынға тумсықты урып жей береди. Қус

www.ziyouz.com kutubxonasi

жайынды жейди, ишинен өгиз шығады, буны да жейди, сол серкениң көленкесинде шопан ғарры уйқылап атырған екен. Көзин ашып-жумып атырғанда қустың жулып жеп атырған қыймылы менен өгиздиң жаўырын сүйеги ғаррының көзине түсип кетеди. Ғарры көзин уўқалап кешке дейин жүрип, кеште үйине барып кемпирине:

— Көзиме шөп түскен қусайды, тилинди салып алып тасла, — дейди.

Кемпир ғаррының көзине тилин салып, шөптей бир нәрсени алып түкирип таслайды. Сөйтип ғарры малының жайы ушын тағы бир жерге көшип кетеди. Ғаррының журтында көзден шыққан жаўырын сүйек қала береди, бул қуўрап жатады.

Сол заманда көшпели «тоқсан үйли тама» деген бир руў көшип жүреди екен. Бир күни қумның ишинде айдай бир тақырға гезлесип, «жаз айы, усы тақырға қонайық» деп қонады. Сөйтип ертеликеш малға шығып жүрип тақырдан түскен жерден бир түлкиниң изин көреди, сөйтип тақырды жағалап қақпан салып сол түлкини аўлайды. Ал булардан басқа бир он еки жасар бала түлкинин өзин көрип, бул да келиў-кетиў жолына қақпан салып аңлып жүреди екен.

Бир күни азанда ерте «қақпанларын көрейин» деп тоқсан үйли таманың адамлары киятырса, баланың түлкини сойып отырғанын көреди. Булар шабысып барса, баланың қақпанына түлки түсип, бала түлкини алып сойып отырған екен. Тамалар балаға даў шығарады:

— Бул түлки бизики, себеби, бизиң отырған аўылымыз — мынаў айдай тақыр жер, бул тақыр ҳақыйқатта тақыр жер емес, сүйек. Бул сүйекти күнде ғайзай берген соң, түни менен оңғарып тиккен үйлеримиз айланып кете беретуғын еди, байқасақ, усы түлки аўыл қонған жаўырын сүйекти сүйреп кемиреди екен. Соның ушын бизлер буған тоқсан қақпан салып аўлап жүргенимизге көп күн болды. Түлкини бизлер аламыз, — дейди.

Бала көнбейди:

— Мен бир қақпан салдым, сизлердиң тоқсан қақпаныңыздың аўзын жаўып қойғаным жоқ. Мен де талапкермен, қақпаныма түсти, меники болады. Егер сүйегиң емес, етинди жесе де бермеймен, — дейди бала.

Тамалар көпшилик етип кейнинде ағайиншиликке келип:

— Биз де талап еткен едик, бос қалмайық, — дейди.

Сөйтип түлкиге бала жары, тоқсан тамалар жары болып, түлкиниң терисин екиге бөлип алысады. Сол түлкиниң жарты териси тоқсан үйли таманың барлық жанына бир ишик бир тумақ болыпты. Ал қалған жарысы он еки жасар балаға тумақ болмай, бир дегелей зорға шығыпты.

Сөзди тыңлаўшылар, сизлерден саўал мынаў:

Бастан аяққа алайық: 1. өгиз үлкен бе? 2. көлшик үлкен бе? 3. жайын үлкен бе? 4. қара қус үлкен бе? 5. серке үлкен бе? 6. шопан қария үлкен бе? 7. кемпир үлкен бе? 8. түлки үлкен бе? 9. Он еки жасар бала үлкен бе?

Жуўап бериң.

## ҮШ АҒАЙИНЛИ СЫНШЫ

(Р-91, № 34658)

Бир саўдагердин үш баласы болады. Ол киси үш баласын үйлендирмейди, олардың еншилерин де бөлип бермейди. Бир күнлери бай саўдагер қартайып өлер халатқа келипти. Сонда ол өзиниң үш баласын шақырып алып:

— Мен көп кешикпей өлемен. Сизлерге көп дүньяға қалады. Сизлер усы дүнья менен қызығып кетип, ненин не екенин билмей жүресизлер. Бирақ меннен қалған дүнья сизлерге ҳештене болмайды. Ол тез таўсылады. Сизлер тағы тарығасызлар. Сонда сизлер үйдиң арқа бетиндеги гүжимнин түбине көмилген бир гүзе алтынды таўып алып, тез бөлисип алың. Сонда сизлер қатарға қосыласыз, тоқ турмыслы хожалыққа айланасыз, — депти де, өзи де көп кешикпей дүньядан қайтыпты.

Балалар атасын жайғастырып, атадан қалған дүньяны емин еркин жумсап, мәс болып жүре береди. Тап әкеси айтқандай, дүнья тез таўсылады. Тез күн ишинде ата дүньясынан ҳештеңе қалмайды. Ең кейинги қалған нанды жеп отырып, үш ағайинли ойласады:

— Баяғыда әкемиз өлейин деп атырып, «гүжимнинг түбине бир гүзе алтын көмдим» деп еди. Соны бүгин ашып алайық, — десипти.

Еки үлкен ағасы турып:

— Бүгин ғой жейтуғынымыз бар, усының менен оңыса турайық. Ертең көрермиз, — депти.

Кишкене инисиниң шырылдағаны менен, оның нийети иске аспай қалыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәммеси уйқылаған ўақытта ең кишкене жигит орнынан турып, гүжимниң түбине барып, қазып қараса, ырасында да бир гүзе алтын бар екен. Ол алтынды алып, басқа жерге орнын алмастырыпты да, орнына келип жатыпты. Азанда үш ағайин жеўге тамағы болмағанлықтан, баяғы алтынды алыў ушын гүжимниң түбине келеди. Ашып қараса, алтын жоқ, бирақ гүзениң орны қалған. Бир адамның алғанын билип, үшеўи ойласыпты. Бирақ, ҳешқайсысы «мен алып едим» деп айта қоймапты.

Сонда үшеўи ойласып, өзлерининг арзын ханға айтыўға мақул таўыпты. Солай етип, үшеўи ханның сарайына жүрис қылыпты. Хан қаласына келгеннен кейин олар тағы ойласыпты. Бирден ханға кирип барыўды бийәдеплик деп билип үлкени:

— Ханға мийман болайық, — депти.

— Хан хызметин көрейик, — депти ортаншысы.

— Ханның хызметинен оның әдиллигин ямаса әдил емеслигин билиўге болады, — депти кишкенеси.

Сондай қыял менен олар ханның мийман күтетуғын мийманханасына келип, өзлериниң ханға мийман екенлигин билдирипти. Ханның хызметкери булардың хабарын ханға барып:

— Бир үш жалаңаяқ келди, «ханға мийманбыз» дейди, — деп жеткерипти.

Хан ўәзирине келген үш жалаңаяққа қойдың шыбық тиймегенинен, нанның жақсы жабылғанынан берип иззет етиўди буйырады.

Хан ҳәмири еки бола ма, қонақлар айтылған тапсырамадан да зыят болып сыйланыпты.

Ең дәслеп нан менен шай келипти. Үшеўи жей баслағанда, бир жигит:

— Суўда шубҳа жоқ, — депти.

— Нан да ҳадал, — депти екиншиси.

— Бизге бул нанды инам еткен адамның атасы нанбайшы екен. Мейли, қайыр-сақаўат дәстурханға, — депти үшинши жигит.

Сөйтип, үшеўи нан менен чайды ишип тойып алады. Арадан көп ўақыт өтпей дәстурханға жүзим келтирилипти. Үшеўи жүзимди алдына алып жаңа жей бергенде, биринши жигит:

— Мен жүзимди жемеймен, — депти.

Екинши жигит те жүзимди татып көрип:

— Жүзимде шубҳа бар, — депти.

Үшинши жигит те жүзимди татып көрип:

— Бул жүзим адамның қанына суўғарылған екен, — деп, жүзимди жемей қайтарыпты.

Буннан соң сойылған қой тутасы менен әкелинипти Жигитлер қой гөшин енди жейин деп атырғанда, олардың үлкени алдына қойылған гөшти жемей ысырып қояды. Екиши жигит оны татып көрип:

— Мына қойдың гөши шубҳалы екен, — депти.

Ең кишкенеси болса ағаларына қарап:

— Шубҳасы сол, бул исектиң атасы ийт, ал анасы қой екен, — депти де, ол да қойдың гөшине қол урмапты.

Сол күни олар ханның мийманханасында қонып шығады да, ертеңине тағы ойласады. Олар «бундай ханға арзымызды айтпайық» деген ойға барады. Сөйтип олар таң атыўдан жолға шығыўға талапланады.

Хан булардың үстине тыңшы қойған екен. Булар кетиўден, үшеўиниң не айтқанын, не қылғанын ханға жеткереди. Хан жасаўылларын жиберип үш жигитти де жолдан қайтарып, ханның алдына алып келеди. Олар ханның алдына алып келингеннен кейин, хан жигитлерден түндеги айтылған гәплердиң мәнисин сорапты. Сонда жигитлер жүзимниң түбине адам көмилгенин, қойдың анасы қой, атасы ийт екенин, өзиниң әкеси нанбай екенин айтады.

Жигитлердиң бул гәпине қатты қәҳәрленген хан бар ҳақыйқатлықты билиў ушын алдына бағманды, қойшыны ҳәм өз анасын шақырыўды буйырады ҳәм оларға бар ҳақыйқатлықты айтпаса, қатты жазалайтуғынлығын айтады. Сонда бириши болып бағман ханға тәжим етип:

— Тақсыр, бир қасық қанымнан кешсең, ҳақыйқатлықты айтаман, — депти.

Хан оған сөйлеўге рухсат берипти.

— Әй, тақсыр, мен бир күни бағды қорып тур едим, бир ўақытта бир уры сизиң бағыңызға түсти. Ашыўым келип оны қаттырақ урыппан, қарасам, жаны шығып кетипти. Қорққанымнан не ислегенимди де билмеппен, өлген урының денесин усы жүзимниң түбине көмип едим, — депти.

Сақшылар ханның буйрығы менен жүзимниң түбин ашып қараса, ҳақыйқатында да адамның сүйеклери шығыпты.

Ендиги сөз қойшыға берилипти. Ол да алды менен ханнан өзиниң бир қасық қанынан кешиўин сорап болып:

— Әй, тақсыр, бир қойымның падамды бағып жүрген көпегимнен қашқанын билетуғын едим. Ким билер дейсең деп, пададағы ҳәмме қойлардан семиз болғанлықтан, оны мийманларыңызға берип жибере қойып едим, — депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Үшинши сөз хан анасына берилипти. Ол да ханынан бир касық канын сорап алып, сөз баслапты:

— Әй, балам, дурыс, сен нанбайдың баласысаң, бирақ ҳарамы емессең. Бунын тарийхы мынандай болып еди: Сениң әкең көп ўақытқа шекем ул перзентли болмады. Әкеңнин жүдә ҳүрмет ететуғын нанбайы бар еди. Ол да бийперзент еди. Бир күни қуданың ҳәмири менен еки ана да бирдей ўақытта жүкли болдық. Айы күнимиз толғаннан кейин екеўимиз де бир жерде туўдық. Мен қыз туўдым да, нанбайдың хаялы ул туўды. Соннан кейин бизлер ханға «қыз перзентли болдың» деп айта алмай, ойласып, балаларымызды алмастырып, «ханнын ҳаялы ул туўды, нанбайшының ҳаялы қызлы болды» деп ханға хабар жиберттик. Ҳақыйқатлық усы еди, шырағым, — депти.

Хан анасының гәпине ашыўланбапты. Оған енди перзентин ҳеш қашан алдамаўды айтыпты да, хызметкерлерине нанбайшының қызын таптырып әкелип, оны өзиниң орнына отырғызып, өзи нанбайшының баласы болып кетипти.

Үш ағайинли сыншы «енди ҳақыйқый ханның өзи келди ғой, соннан әдиллик сорайық» деп ойласып, үшеўи әдиллик сораў ушын қыз ханның алдына барыпты.

— Әй, ханымыз, бизлер үш ағайинли жигит едик. Атамыз өлип баратырып, бизлерге бир гүзе алтынды көмип қалдырғанын, оны өзи өлгеннен кейин ашып алыўды нәсият етип еди. Биз ғарры өлгеннен кейин оннан қалған дүньяны таўыстық, ишиўге-кийиўге ҳештеңе қалмағаннан кейин көмилген гүзени аштық. Қарасақ, гүзениң тек орны ғана қалыпты. Соны ким алғанын бизлер билмей турмыз, соған төрелик берсеңиз. Алтынды алған үшеўимиздиң биреўи, бирақ ким екенин биле алмай турмыз, — деп арыз етипти.

Қыз патша олардың арзын тыңлап болып:

— Мен сизлердиң арзыңызды шешип беремен, бирақ оннан алдын сизлерге бир гүрриң айтып берейин, сизлер оған жуўап айтың, — депти.

Үш ағайинли жигит шәртке ыразы болыпты.

— Бир заманларда, — деп сөзин баслапты патша қыз, — төрт түлиги сай бир бай болыпты. Оның ақ көкирек, ҳадал бир шопаны бар екен. Байдың қызы менен шопанның улы да бир күнде туўылған екен. Олар аўыл молласына оқыўға да бирге барыпты.

Арадан жыллар өтип, олар аўылдағы мектепти питкергеннен кейин бай қызын қалаға оқыўға жибермекши болыпты. Шопанның баласы жарлы болғанлықтан, қалаға барып оқыўға шамасы келмепти.

Байдың қызы өзиниң қалаға оқыўға кетпекши екенин, илажы болса шопанның баласын да алып кетпекши екенлигин айтыў ушын жигит пенен ушырасыпты. Бирақ, шопанның баласы өзиниң жарлылығы себепли қалаға оқыўға бара алмайтуғынлығын қызға айтыпты.

— Егер сен мениң менен бирге бармайтуғын болсаң, онда мениң де бармағаным болсын. Мен ата-анамды сени мениң менен жибериўге көндиремен, — депти.

Қыз сөзинде турып, ата-анасына қалаға оқыўға шопанның баласын ертип кететуғынын, егер олай етпесе, оқыўға бармайтуғынлығын айтыпты.

Ата-анасы ерке қызының сөзин еки қыла алмай, оның шәртине көниўге мәжбүр болыпты.

Олар қалаға келип бирге оқып жүре берипти. Ўақыт өткен сайын қыз жүдә зийрек, ақыллы болып ержетипти. Жигит те күтә сымбатлы, шаққан жигит болып жетисипти.

Қыздың аўылынан оның гөззаллығы, ақыллығы ҳаққындағы тәрип узақларға таралыпты. Бегдин, ханның, бегзаданың баллары қыз үйине айттырып адам жибере берипти.

Қыздың әкеси ҳәмμениң кеўлин қалдыра бериўден қорқып, қызын өзиндей бир байдың баласына бериўге келисим береди де, қызына оқыўды қойып, елге қайтыўы кереклигин айтып қалаға адам жибереди.

Атаның қайтсын деген хабары қызға тез күн ишинде жетип келеди. Қыз қатты қапа болып жигитке өз сырып айтады. Сонда жигит қызға:

— Бәрибир сениң әкең сени ҳеш қашан маған хаялыққа бермейди. Себеби, мениң қалынлыққа төлейтуғын малым жоқ, — депти.

Екеўи бирдей қапа болып көп ойласыпты. Ең кейнинде екеўи «Егерде кимде ким денесине сүймеген басқа адамның денесин тийгизсе, сол гүналы өзин-өзи өлтиргейлиден болсын» деп бир-бирине шәрт етипти. Солай етип, екеўи сол күни бирге қонып шығып, ўәдени бир жерге қойып, жүрек ҳәмири менен бас қосыпты. Ертеңине қыз елине жөнеп кетип, жигит қалада оқып қала берипти.

Қыз аўылына келип, ата-анасына қосылғаннан кейин, көп кешикпей атасы қызды биреўге берип қойғанын айтыпты. Қыз ойланыпты, бирақ әкесиниң гәпин еки қыла алмай, илажсыз қайылшылық берипти.

Бир күнлери қыз елине күйеў бала келипти. Ол қызды үлкен той-тамашалар менен өз журтына алып кетипти.

Қыз әкелингеннен кейин жигит аўылында он-он бес күн той болып, тамашаның изи басылғанда жас жубайларға арналып тигилген отаўда жигит пенен қыз жеке қалыпты. Жигит енди қызды баўырына

www.ziyouz.com kutubxonasi

баспақшы болғанда, қыз жигитке қарап:

— Мен хәм перзент, хәм әкемниң мүлкимен. Оның абыройын ойлап, сениң менен турмыс қурыўға ыразы болдым. Енди сениң ықтыярыңдаман. Маған көрсеткен ҳүрмет-иззетиңе де ырзаман. Бирақ, кеўлим еле сеники емес. Мен жас ўақтымда бирге өскен шопан баласы менен «Кимде ким басқа адамға денесин тийгизсе, азанда өлиси шықсын» деп ўәделесип едик, енди не қылыўды өзиңе қойып бердим, — депти.

Жигит әри ойланып, бери ойланып, қызға жақсы ат таўып берип, «өз ярыңды таўып алағой» деп қызды жолға шығарып салыпты.

Қыз атты минип өз жөнине кетипти. Арадан көп өтти ме, аз өтти ме, ким билсин, қыз таўсылмас сахралыққа дус болыпты. Ол шөлди гезип өлермен ҳалға келипти. Бир ўақытта қараса, көз ушында, қумның ортасында турған шатырға көзи түседи. Ҳалдан кеткен қыз шатырға жақынлайды да, қырық аттың ер-жуўени менен турғанын көреди де, аттан қулайды.

Дүрсилдеген сести еситкен адамлар иштен жуўырысып шықса, есиктиң алдында перидей бир қыздың ҳушсыз жатырғанын көреди. Олар қызды ишке, шатырға киргизеди де, аўзына суў тамызады. Қыз есин жыйнайды. Қыздың сулыўлығын көрген олар көп узамай-ақ өз-ара қызды ким алыўы ҳаққында ойласа баслайды.

Қыз өзи жолыққан адамлардың дүньяға белгили қарақшылар екенин, ҳәзир олардың өзи ушын таласып атырғанын билипти. Қыз әдеп саклап, олардан бир аўыз сөз айтыўға рухсат сорайды хәм қарақшыларға басынан өткен ўақыялардың бәрин айтып береди.

Қырық қарақшы әри ойланып, бери ойланып, «Қыздың гәпи ырас болса, оны ҳеш қайсымыз ала алмаймыз, биреўимиз алғанда да, азанда өлип шығатуғын болса, буннан қандай пайда. Оған мал берип, той берген, үй тиктирген жигит оннан кешкенде, бизде не турыс» деген қарарға келеди ҳәм қызды өз еркине жибереди.

Қыз көп қыйыншылықлар менен сүйген жигитин излеп, оны бир жерде моллашылық етип жүрген жеринен табады. Еки ашық табысқанына қуўанысып қалады. Қыз жигиттен аманлық-есенлик сорасып болғаннан кейин өзиниң сөзин баслайды:

— Мен сизден айырылып кеткеннен кейин үйге бардым, әкем ырасында да, бизлердиң ойлағанымыздай, мени биреўге бериўге ўәделесип қойған екен. Оның менен некемиз қыйылды. Мен бирақ оған екеўимиздиң ўәдемиз ҳаққында айттым. Ол сен ушын меннен кешип, мени азат етти. Сени излеп жүрип қырық қарақшыға дус келдим. Саған берген ўәдемди еситип, олар да мени өз жолыма жиберди. Мине, енди алдыңда турман. Қәле, ата-енемниң кеўилин, нийетин қый, ямаса берип алса да, муҳаббаты сыйлаған жигитти қый, ямаса өзиңниң муҳаббатыңды қый. Мен сениң алдыңда сүттен де тазаман, — депти.

Сонда жигит олардың исине қайыл қалып, узақ ойланып:

— Олар басқаның мәпи ушын өз мәплеринен ўаз кешкен екен, мен де мени ойлаған сол жигит ушын маған ең қәдирли болған нәрсе — муҳаббатымды қыяман, — депти.

Қыз әке-шешесин көрип, қалыңын төлеген адамы менен турмыс қурып, өмир сүрип кетипти.

Қәне, айтыңызлар, қыз мәрт пе, мал берип алған жигит мәрт пе, қырық қарақшы мәрт пе, өз муҳаббатынан кешкен ҳадал шопан баласы мәртпе? Усыған жуўап бериң, — деп, қыз патша өзиниң сөзин тамамлапты.

Жигитлер бир бирине қарасып отырыпты да үлкен жигит:

— Бизлердиң үшеўимиздиң де айтысып, тартысып келип отырғанымыз мал-дүнья ушын емес пе? Сонша дүньяны берип, қызға зыян жеткизбей, өз жайына қоя берген бай баласы мәрт, — депти.

Сонда ортаншысы:

— Ҳәмме нәрседен де кешиў мүмкин, бирақ муҳаббаттан кешкен шопан баласы мәрт, — депти.

Кишкене бала:

— Ҳәр бир адам өзиниң жеке басындағы мүшкилди шеше алады. Ал, қырық жигиттиң бир аўыз болып, қызды қутқарып жибериўи ҳақыйқый мәртлик, — депти.

Олардың гәплерин дыққат пенен тыңлап отырған қыз патша киши балаға қарап:

— «Ҳақ ҳақты мақтайды, уры урыны мақтайды» дегендей, алтынды сен алыпсаң, әкел, — депти.

Бала бир гүзе алтынды әкелипти. Қыз қазнадан тағы еки гүзе алтын алдыртып:

— Мына алтынлар меннен сизлерге саўға, — депти.

Жигитлер ханнан алтынды бөлип бериўди өтинипти. Қыз үш гүзе теңгени бир жерге үйип, қылыш алдырып, еки жерден урып, теңгелерди үшке бөлипти. Жигитлер теңгени санап қараса, олар теппе-тең бөлинген екен. Олар қыз патшаның әдиллигине тән берип, үйлерине қайтып кетипти.

Солай етип, жигитлер әдил төрелик алып, қурғын хожалыққа айналып, өмир сүрипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## Ертеклердеги гейпара сөзлерге түсиниклер

**ағары** — *аўырлық өлшеми, шама менен 67 грамм*
**азғырық** — *азғырыў, кери үгит*
**айығыў** — *саўалыў, тәўир болыў*
**ақбас** — *шөп аты*
**аққула** — *қырманнан алынған бир кепшик бөлек дән*
**ақыр** — *атқа от-жем бериўге арналған аслаў*
**алаша** — *қолдан тоқылған гилем, палас*
**алдарқатыў** — *алдастырыў, кеўлин алыў*
**аның** — *оның*
**жанға ара болыў** — *жәрдемлесиў, көмеклесиў*
**аршын** — *0,71 метрге тең аўырлық өлшеми*
**арыс** — *б/ж: ел, руў-тайпалық бирлеспе, қәбийле*
**ас-абат** — *марҳумның ҳүрметине берилетуғын садақа*
**атайлап** — *айырықша мақсет пенен, жортаға*
**ат қойыў** — *топылыў, қарсы шабыў*
**атпаз** — *б/ж: сейис*
**аўызқабақ** — *мал саўыўға арналған, суўқабақтан исленген ыдыс*
**ашқурсақ** — *аш, тоймаған, аўқат жемеген*
**ашығыў** — *аш болыў*
**аядай** — *кишкене, алақандай*
**әбжил** — *епшил, шаққан, мийзамкеш*
**әжел қушыў** — *өлиў, өлимге гириптар болыў*
**әлеп** — *жағымсыз, жарамас адам яки зат*
**әменгер** — *қәўендер, ғамхоршы*
**әскер шепки** — *саз әсбабы*
**әўара** — *әўере*
**байқас етиў** — *байқаў, аңлаў, абайлаў*
**балақай** — *балажан, нәресте, гөдек*
**бараткан** — *баратырған*
**бас бағыў** — *изин ойлаў, қара басының ғамын тилеў*
**башартыў** — *күши жетиў, бойсындырыў, басқарыў*
**бәнде** — *бенде, мөмин*
**бийжай** — *бийжағдай, бийқолай*
**биржақлы етиў** — *б/ж: өлтириў*
**бир қызыл** — *шама менен мың тилла*
**болыр** — *болар*
**бошаң** — *босаң, әззи*
**бөтен** —*басқа, өзге*
**буйынтықлаў** — *жасырыў, қымтаў, қыпсырыў*
**булағай** — *1. шатақ, жәнжел, даў; 2. даўыл, боран*
**бурыш** — *мүйеш, шет*
**геллелеў** — *басын алыў, гелле қағыў*
**гиддиман** — *жүдә үлкен, тайнапыр*
**гүби** — *қатықтан май алыўға арналған ағаш ыдыс*
**гүдер үзиў** — *дәмеленбеў, қол үзиў, үмитленбеў*
**гүлдиреўиш** — *отаў шаңырағының дәскеси*
**ғаллығалақ** — *ғаз ямаса оның шөжеси*
**қарғыў** — *секириў, ырғыў, қатты атлаў*
**ғәлбир** — *дән елеўге арналған ыдыс*
**дағ** — *таў*
**дадын бериў** — 1. *жазалаў, қыйнаў;* 2. *өлтириў, қырыў*
**дәм** — *б/ж: аўқат*
**дәнлеў** — *дән жеў*
**дәстияр** — *егеде, ересек, жасүлкен*
**дәўиркус** — *дәўлет қусы, бахыт қусы*
**дәўлет** — *мәмлекет*
**дегмент** — *белбеў түри*
**доқ урыў** — *қорқытыў, абай-сиясат*
**дусмал** — *шама, болжам*
**дуўайыбәт** — *жаманлық нийетиндеги дуўа, ғарғыс*
**дуў-сыйын тыңламаў** — *сөзге турмаў, писент етпеў*
**дүзетиў** — *б/ж: қурыў, дүзиў, жасаў*
**дүнья тәғдир болыў** — *пайманасы толыў, өлиў*
**дүт тоғай** — *қалың, пышық мурны батпастай тоғай*
**дыйланыў** — *қунтыйып семириў*
**екиқат** — *еки қабат, жүкли, аяғы аўыр, ҳәмиледар*
**елийет** — *ел, мәмлекет*
**есалаң** — *ақылынан адасқан, ҳәўликпе*
**жабағы** — *қойдың түлеўге келген, бәҳәрги жүни*
**жазыў** — *б/ж: емлеў, даўалаў*
**жай** — *жағдай, аўҳал*
**жай етиў** — *б/ж: өлтириў*
**жаймақ** — *төбелик ыдыс*
**жал** — *жалған, лап, өтирик*
**жаңдалбас** — *тынышсызланыў, қорқыў, жан таласыў*
**жаны алқымына келиў** — *өлер ҳалатқа келиў, қатты қыйналыў, ҳәлсиреў*
**жаңғыз** — *жалғыз*
**жапатармақай** — *ҳәмме бирден, жабыла*
**жарға қабыў** — *жарға келип тоқтаў (кеме)*
**жас-желең** — *жас әўлад*
**жектай** — *жайдары жағалы, узын етекли ерлер көйлеги*
**желқайық** — *әпсанаўий ушар көлик (ҳаўа кеме)*
**жемит** — *жемтик*
**жентек-жентек** — *түйир-түйир, қатқалақ-қатқалақ*
**жетеғаба** — *шамалас*
**жиписки** — *сыпсың, сыбыр*
**жолландырыў** — *жолға таярлаў, атландырыў*
**жоллық** — *жолашар қәде*
**жөҳит** — *б/ж: ғайрыдинли*
**жумақ** — *пахта, жипек тобы, шуўмақ, түйдек*
**жупты-ҳалал** — *нызамлы ерли-зайыплар*
**жығын** — *жыйын, топлым, аламан*
**жымқырыў** — *билдирмей алыў, урлаў*
**зағама** — *дәнди шөп-шардан тазалаўға арналған ыдыс*
**зақым** — *зыян, кесент, зәлел*
**зигирик** — *зиңгирик, қуйрық ушы*
**зинҳарлаў** — *айырықша, муқыятлап тапсырыў*
**зуўала** — *бир нан яки гүртикке жайыў ушын таярланған қамыр бөлеги*
**ийин аў** — *уўықтың ийилген жерине байланатуғын жип*

www.ziyouz.com kutubxonasi

**ийритаяқ** — *шопантаяқ, қыйсық таяқ*
**илгир** — *б/ж: саўатлы, зейинли*
**илдирмек** — *илдиргиш*
**илик** — *жабық*
**ис** — *нышлы темир*
**исек** — *пиштирилген қошқар*
**испара** — *ҳасаның ушына кийдирилетуғын ушлы темир, ис*
**кәнде** — *кемис, олқы*
**кәса** — *кесе*
**келеп** — *ийирилген жип шуўмағы*
**кепехана** — *жертөле, күрке*
**керши** — *балық аўлаў қуралы, ягный ылақа, сазан услаўға арналған қармақ*
**кеўсен** — *қырмандағы дәннен гәрип-қәсерлерге берилетуғын үлес*
**кирейкеш** — *арба менен жалланып, жүк тасыў менен шуғылланатуғын адам*
**көгалай** — *көгилдир реңли*
**көлмек суў** — *жаўын-шашыннан топланған суў*
**көски** — *қос әнар*
**күлопат** болыў — *пыт-шыт болыў, қуртылыў*
**қаза** — *талдан, қамыстан жасалған балық аўлаў қуралының бир түри*
**қайтарғы** — *қусық, қусынды*
**қалтыс** — 1. *қәўипли, ақыбети жаман*; 2. *ойламастан, билместен исленген, қолайсыз. 3. алжас, жаңылыс*
**қарақал** — *ойын түри*
**қарасын батырыў** — *жоқ қылыў, өлтириў*
**қара таў** — *б/ж: бийик таў*
**қараша халық** — *қарапайым, бағынышлы халық*
**қарпыў** — *1. тислеў; 2. орынсыз мазасын алыў*
**қарым** — *сарайды, үйди орап қазылған ор*
**қарын-жуўмашақ** —
**қасақана** — *қастан, әдейи, билқастан*
**қас қаққанша** — *жүдә тез, шаққан*
**қаўға** — *ағаштан исленген суў ыдыс, шелек*
**қәдик** — *гүман, қәўип*
**қоғырдан** — *оқпан, терең шуқыр*
**қозақ** — *бөз тоқыйтуғын үскене*
**қол жуўып қалыў** — *қуры алақан, бос қалыў*
**қоллы болыў** — *урланыў, биреўдиң қолында кетиў*
**қол салыў** — *б/ж: урлаў*
**қосент** — *қосымша, демеў, жәрдем*
**қубылмалы** — *турақсыз, өзгермели*
**қуймыш** — *қуйымшақ*
**қулаққа урғана танадай** — *тып-тыныш, жым-жырт*
**қум** — *ылайдан исленген үлкен гүзе (суў ыдыс)*
**қуўыстырыў** — *әкелип бериў, тапсырыў*
**қыпса сақлаў** — *қупыя, жасырын сыр сақлаў*
**қырық ағары** — *аўырлық өлшеми, 5 кг*
**қытгершилик** — *ашаршылық, қыйын ўақыт*
**лақабы жер жарған** — *атақлы, көпке белгили*
**лаппа** — *бирден, тезден, ойламағанда, тосаттан*
**лапыш** — *кишкене ылақа*
**лаш** — *өли дене*
**ләҳзе** — *көз ашып жумғанша, жүдә тез*
**лек** — *лекин, бирақ*
**мақсетин ҳасыл етиў** — *мақсетин иске асырыў*
**мақтаўын әбден нығызлаў** — *асыра мақтаў*
**масала** — *от, шырақ*
**мәдели** — *нағыслы гезлеме*
**мәкиреж** — *гәптиң мәниси, жөн-жосағы*
**мәмиле болыў** — *келисиў, бирлесиў, ўәделесиў*
**мәпелеў** — *әлпешлеў, қәстерлеў*
**мәпит** — *түйирли ой, үмит*
**мәсең** — *кейпи асқан, мәслик тутқан*
**мәттал** — *сол заматы, сол*
**мәўлик болыў** — *ынтық болыў*
**мейтин** — *қатты, беккем (тасмийтин)*
**мес** — *териден исленген суў ыдыс*
**мойныжуўан** — *қыңыр, тирсек*
**мөженетас** — *сыйқырлы жылтыр тас*
**муқ қабыў** — *өлиў*
**муқым** — *оғада, оғыры*
**мурақор** — *б/ж: атбағар*
**нағып** — *не ислеп, не қылып*
**найсап** —*ҳуждансыз, инсапсыз*
**наятый** — *оғада, жүдә, ҳədден тыс*
**нәтинде** — *дым болмағанда, ең болмағанда*
**нәўийе** — *ҳеш, наў, дым*
**нәҳәрлениў** — *аўқатланыў*
**не кәралы** — *қай жерли*
**нешик** — *қалай, қандай*
**ойпаўыт** — *ой жер*
**оққыстан** — *күтилмегенде, тосаттан, абайсыздан*
**он сери** — *аўырлық өлшеми, батпанның 1/4 бөлеги*
**оңатайлы** — *қолайлы*
**оңлық** — *оңлы ис*
**ораз** — *ығбал, бахыт*
**өктемлик** — *б/ж: күш көрсетиў, зорлық*
**өңмен** — *көкирек, төс*
**өте** — *жүдә, аса, орасан, оғада, наятый, оғыры*
**пайтон арба** — *ат арба (фаэтон)*
**пана бөрик** — *қулақ жапқышы бар бөрик*
**пәжмүрде** — *кишкене, келте, пәкене*
**пәмлеў** — *ойлаў, түсиниў, уйғарыў, болжаў*
**пәттек** — *жабайы кептер*
**пилле бураў** — *шарықта ийирилген жипти шуўмақлаў*
**рәўишли** — *б/ж: сүйкимли, көримли*
**сайыл** — *дийўана, гезбе*
**сақаллас** — *б/ж: қатар-қурбы, заманлас*
**сала қулаш** — *узын, үлкен, нәҳән*
**самар** — *керсен*
**саңа** — *саған*
**сарыў** — *киши дәрет жолының жүриўи*
**саралаў** — *үлкен, киши дәретке шығыў*
**сас табақ** — *дәстүрий гүлал табақ*

www.ziyouz.com kutubxonasi

**саябырсыў** — *әсте-ақырын тынышланыў, пәсеңлеў*
**серт** — *ант, ўәде, ықырар*
**сийсери** — *аўырлық өлшеми, батпанның 3/4 бөлеги*
**усы сорамақта** — *усы мәнзилде, усы сорамда*
**сулама сексеўил** — *шақалары жерге жайылып өскен сексеўил түри*
**сурайя** — *шайда, ашық*
**суўоты** — *суўшигин*
**сүйгилик** — *сүйген яр*
**сүлдер** — *1. дене келбети; 2. бағдар, из; 3. елес, сағым*
**сүрдеў** — *мал изи, тапланған жер*
**тақыйық** — *анық, нағыз, ҳақыйқат*
**тамақлаў** — *жеў, азықланыў, тислеў*
**тамақса** — *мойынтырық жиби*
**таўдың қабағы** — *таўдың жарығы, жыра*
**тәмедар** — *талабан*
**тәтәррик** — *таярлық, ҳәзирлик*
**телек** — *дән сақлайтуғын жай*
**тене** — *дене, геўде, беден, тән (тен)*
**тийиспе** — *дегишпе, қағытпа*
**тилли** — *1. шешен, дилўар; 2. бийҳая*
**тобылғы** — *қамшының сабы*
**тоғын** — *арба дөңгелегине, шаңыраққа ийип исленген ағаш*
**тода** — *пада, топар*
**тозғақ** — *жекенниң үпилдириги*
**торба** — *дорба*
**төрт асық** — *асық ойынының түри*
**төс** — *сандал*
**туба** — *жән-жағы питеў суўлы жер, қолтық*
**туғыр** — *асыранды аңшы қусларды қондыратуғын орын*
**туқымқурт етиў** — *жоқ қылыў, өлтириў*
**туманат** — *сан-санақсыз адамлар, аламан, халайық*
**туўша** — *еле туўмаған тымса ешки*
**түнемелик** — *түнги қонақасы*
**тыныў** — *б/ж: қутылыў*
**тығыршық (дығыршық)** — *б/ж: пәкене, дуғыжым*
**тырмышлаў** — *беккем байлаў, таңыў*
**убырлы-шубырлы** — *изли-изинен, шубырыў, шожыў*
**узынқуйын** — *ала-тозаң, ала-шаңғыт*
**улан той** — *б/ж: уллы той, даңғаралы той*
**уршық** — *жип ийириў әсбабы*
**усқынсыз** — *сымбатсыз, әбеший, түри келиспеген*
**уўсыйқы** — *қуяңқы, жарамас*
**уўыс** — *қол бармақларын бүккендеги алақан шуқырлығы*
**уятсыныў** — *уялыў, ийбениў*
**үддесинен шығыў** — *орынлаў, бежериў, еплеў*
**үзир** — *кеширим*
**үсир** — *қырманнан моллаға берилетуғын үлес*
**ўәжипли** — *б/ж: тил алғыш, епшил*
**ўәкил бала** — *асыранды бала*
**халайықшылық** — *жәмийетшилик, журтшылық*
**ҳәдди сыйыў** — *бир ис-ҳәрекетти ислеў имканына ийе болыў, жүрексиниў, батыныў*
**ҳәйле** — *ҳийле, сумлық*
**ҳәзирлеў** — *таярлаў*
**ҳәлек болыў** — *б\ж: өлиў, набыт болыў*
**ҳәңги (ешек)** — *биймаза, тентек, аңқырғыш (ешек)*
**ҳүрлан** — *ҳүр туқымы, ҳүрзада*
**шабалаў** — *шабаланыў, тәп берип үриў*
**шажыратыл** — *емлик шөп түри*
**шайпурыш** — *шай сатыўшы, тасыўшы адам*
**шайы** — *ески пул бирлиги*
**шала** — *толық жанып питпеген отын*
**шалажансар** — *өлим ҳалатында, өлеси*
**шалдыўар** — *ҳәрем, шалы*
**шалқар** — *жүдә кең, шексиз, көз жетпес*
**шардара** — *шардәре, көшки*
**шарық** — *жип ийиретуғын әсбап*
**шәлтирмек** — *қарақулақ*
**шәмшил** — *көз тийгиш, көз өткиш*
**шоқланысыў** — *топарласыў, уйлығысыў, жыйналысыў*
**шоқлық** — *аттың ыйығы, жал менен тутасқан жери*
**шолақ қылыш** — *қысқа, келте қылыш.*
**шонды** — *жамбастың ортаңғы жумсақ жери*
**шөңге** — *шөгир, тикен*
**шубҳа** — *исенимсизлик, гүман*
**шубырынды** — *б/ж: үрим-путақ, үбир-шүбир*
**шул** — *сол*
**шығыныў** — *адасыў, кетиў, ылағыў*
**шығыршық** — *айланғыш әсбап, қурал*
**шынай** — *ҳақыйқый, нағыз, шынайы*
**ықлым** — *дүнья, жәҳән*
**ықырар етиў** — *ўәде бериў, серт етиў*
**ылғый** — *барлық, тек, гилең*
**ымырт** — *иңир, геўгим*
**ыслық** — *б/ж: патаслық*
**яде** — *ямаса, яки, я*
**яды (ядыў, жадыў)** — *сыйқыршы, дуўахан*

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

*Көп томлық*

67-76-томлар

*Нөкис «Илим» 2014*

Редактор *А. Альниязов*
Художник *Б.Айтмуратов*
Тех.редактор *В. Султангулова*
Компьютер дизайны *Б. Исмаилов*

Баспахана лицензиясы: AI №137,27.04.2009.Басыўға 10.02.2014-ж.рухсат етилди.
Қағаз форматы 60x84 1/8. Tayms гарнитурасы.Офсет усылында басылды.
Шәртли б.т.49,29.Есап б.т.53,5. Жәми 2000 нусқа.Буйыртпа № 3334.

«Илим» баспасы.Нөкис қаласы,Бердақ гүзары,41-үй.Шәртнама 8/284.

**«Шарқ» баспа-полиграфия акционерлик компаниясының баспаханасында басылды.**
**100000. Ташкент қаласы, Буюк Туран көшеси, 41-үй. 2014**

www.ziyouz.com kutubxonasi